# New Testament



Avar Language

# Avar - Bible - New Testament


| | |
|---|---|
| Матфей | 3 |
| Марк | 98 |
| Лука | 159 |
| Иоанн | 260 |
| Чапарзабазул ишал | 335 |
| Якъубил | 432 |
| 1 Пётрил | 443 |
| 2 Пётрил | 454 |
| 1 Иоаннил | 461 |
| 2 Иоаннил | 471 |
| 3 Иоаннил | 473 |
| Ягьудал | 475 |
| Румазухъе | 478 |
| 1 Коринфиязухъе | 520 |
| 2 Коринфиязухъе | 561 |
| Галатиязухъе | 588 |
| Эфесиязухъе | 602 |
| Филиппиязухъе | 616 |
| Колоссиязухъе | 626 |
| 1 Фессалоникиязухъе | 636 |
| 2 Фессалоникиязухъе | 644 |
| 1 Тимофейихъе | 649 |
| 2 Тимофейихъе | 660 |
| Титихъе | 668 |
| Филемонихъе | 673 |
| ЖугьутIазухъе | 675 |
| Загьир гьарурал | 706 |


Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

Institute for Bible Translation

# Avar - Bible - New Testament

## Матвей

### Матфей 1

1 Ибрагьимил наслуялъул Давудил кьибилалъул вас ГӀиса МасихӀил
умумузул цӀаразул рахас гьадинаб буго:

2 Ибрагьимие гьавуна ИсхӀакъ, ИсхӀакъие гьавуна Якъуб, Якъубие
гьаруна Ягьуда ва гьесул вацал.

3 Ягьудае Тамарица гьаруна Перецги Зараги, Переције гьавуна ХӀецрон,
ХӀецроние гьавуна Рам,

4 Рамие гьавуна ГӀаминадаб, ГӀаминадабие гьавуна НахӀшон, НахӀшоние
гьавуна Шалмон,

5 Шалмоние Рагьабица гьавуна БогӀаз, БогӀазие Рутица гьавуна Йобед,
Йобедие гьавуна Йишай,

6 Йишаие гьавуна парччахӀ Давуд. Урияl йикӀарай чӀужуялъ парччахӀ
Давудие гьавуна Сулайман;

7 Сулаймание гьавуна Регьобоам, Регьобоамие гьавуна Абиягь, Абиягьие
гьавуна Аса;

8 Асае гьавуна Иегьошапат, Иегьошапатие гьавуна Иегьорам, Иегьорамие
гьавуна Уззия;

9 Уззияе гьавуна Иотам, Иотамие гьавуна Агьаз, Агьазие гьавуна
Гьезекиягь;

10 Гьезекиягьие гьавуна Манассегь, Манассегьие гьавуна Амос, Амосие
гьавуна Иосиягь;

11 жугьутӀал Вавилоналде гочинарилалде Иосиягьие гьаруна Йехониягь
ва гьесул вацал;


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 Вавилоналде гочун хадув Йехониягьие гьавуна Шеалтиэл, Шеалтиэлие гьавуна Зеруббабел,

13 Зеруббабелие гьавуна Абиуд, Абиудие гьавуна Элиаким; Элиакимие гьавуна Азор;

14 Азорие гьавуна Садок, Садокие гьавуна Ахим, Ахимие гьавуна Элиуд;

15 Элиудие гьавуна Элиазар, Элиазарие гьавуна Маттан, Маттание гьавуна Якъуб;

16 Якъубие гьавуна жинда МасихIилан цIар лъурав ГIисал эбелалъул – Марямил – рос Юсуп.

17 Гьедин Ибрагьимидасан Давудиде щвезегIан анцIилаункъо наслу лъугьана; Давудидасан байбихьун жугьутIал Вавилоналде гочинаризегIанги лъугьана анцIилаункъо наслу; Вавилоналде гочараб заманалдаса МасихIиде щвезегIанги лъугьана гьебго анцIила ункъо наслу.

18 ГIиса МасихI дуниялалде вачIин гьадин ккана: гьесул эбел Марям йикIана Юсупие абурай яс; амма гьес гьей ячиналдего Аллагьасул Илагьияб РухIалдалъун гьелъул ургьибе лъимер ккун букIин лъана.

19 Гьелъул абурав Юсупица, яхI-намус бугев чи вукIиндал, хIукму гьабуна гьей халкъалда суризе бокьичIого, балъгого гьелъулгун ригьин хвезабизе.

20 Гьединаб пикруялда гьев вукIаго, макьилъ тIаде вачIун Бичасул малаикас абуна: – Я, Давудил наслуялъул вас Юсуп! Марям лъадилъун ячине мун хIинкъуге. Гьелъул ургьибе ккараб лъимер Аллагьасул Илагьияб РухIалдалъун букIин лъай дуда.

21 Гьелъ дуе вас гьавила; ГIисаян цIарги лъезе ккола дуца гьесда, гьес жиндирго халкъ мунагьаздаса хвасар гьабизе бугелъул.

22 Гьеб кинабго ккана цо аварагасда Аллагьас абураб гьадинаб калима ритIухълъизе:


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 «Гьале ясгIаданалъул ургьибе лъимер ккела ва гьелъ вас гьавила.
Гьесда цIарги лъела Имануэл». (Гьелъул магIна ккола «Аллагь нилъгун
вуго» абураб.)

24 Гьале Юсуп макьидаса вигьана, Бичасул малаикас абураб гьабун,
жиндирго бахIарайги рокъое ячана.

25 Амма гьелъ вас гьавизегIан, аскIов вегун, гьелда квер хъвачIо
Юсупица. Васасда цIарги ГIиса абун лъуна.

**Матфей 2**

1 Ягьудиялъул Бетлегьем шагьаралда ГIиса гьавуна Гьерод ханлъун вугеб
заманалда. Гьебмехалъ бакъбаккул рахъалдасан Иерусалималде рачIана
цIвабзазул гIелму лъалел гIадамал. Гьез абуна:

2 – ЖугьутIазул ПарччахIлъун вукIине гьавурав дов вас кив вугев?
Зобалазул бакъбаккул рахъалда баккун бихьана нижеда гьев гьавунилан
бицунеб цIва. Гьесие сужда гьабизе рачIун руго ниж.

3 Гьерод ханги, гьесдаго цадахъ Иерусалималъул тIолабго халкъги бихха-
хочун лъугьана гьеб хабар рагIидал.

4 Гьеб халкъалъул киналго чIахIиял кашишзабиги диниял гIалимзабиги
данде ракIарун, Гьеродица гьезда гьикъана МасихIилан абулев парччахI
кив гьавизе кколевилан.

5 Гьез абуна МасихI Ягьудиялъул Бетлегьем шагьаралда гьавизе
кколилан, цо аварагас Аллагьасул калима гьадин хъван бугилан:

6 «Мунги, Бетлегьем, Ягьудал наслуялъул ракьалдайин бугеб, Ягьудал
наслуялъул ракьалда ругел аслиял шагьараздаса къураб жо щибниги
гьечIебин дур. Дур гьенив вахъина Дир хирияб Исраилил халкъалъул
тIалаб гьабулев Цевехъан».

7 Гьебмехалъ Гьеродица, цIвабзазул гIелму лъалел гIадамал балъго
жиндихъего ахIун, гьезда цIехон, мухIканго лъазабуна доб цIва кида
баккун бихьарабали.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Цинги гьел Бетлегьемалде ритӀана, гьеб лъимадул хӀакъалъуль кинабго хӀакъикъат лъазабеян. Гьеб Лъимер батараб мехалъ жинда лъазабизе рачӀайиланги абуна Гьеродица. Жиндиеги бокьун бугила гьеб Лъимералъе сужда гьабизе.

9 Ханасулгун хабар-накъит лъугӀидал, рахъун ана цӀвабзазул гӀелму лъалел гӀадамал. Бакъбаккуда доб мехалъ бихьараб цӀваги унеб букӀана зодисан гьезда цебе-цебе. Кутакаб рохел лъугьана гьезул рекӀелъе гьебмехалъ. Ахирги доб лъимер бугеб бакӀалда тӀад чӀана гьеб цӀва.

11 Рокъоре жанире лъугьиндал, лъимерги батана, лъимадул эбел Марямги ятана. Нодо гӀодоб цун сужда гьабуна гьесие цӀвабзазул гӀелму лъалел гӀадамаз. Цере рахъун, гьесие цӀакъго хириял сайигъаталги кьуна: меседги, мирраги, кьеккен гьабулеб гьуинаб махӀалъул пицӀги.

12 Гьезда макьилъ лъазабуна Гьеродихье унгейилан. Гьелги батӀияб нухалъ тӀадруссун ана жидерго улкаялде.

13 Гьел нахъе индал, гьале Бичасул малаик вачӀун вуго Юсупихье макьилъ. – Гьеб лъимерги бачун, гьесул эбелги ячун, мун вахъун Мисриялде лъуте, – ян абуна малаикас. – ТӀадвуссайилан дица абизегӀан гьенив чӀа. Гьеродида ракӀалда буго гьеб Лъимер балагьизе ва чӀвазе.

14 ГьебсагӀат тӀаде вахъана Юсуп; васги вачун, гьесул эбелги ячун, сардилъго Мисриялде ана.

15 Гьерод хвезегӀан Мисриялда чӀана. Гьеб гьедин ккана, цо аварагасда Аллагьас абураб гьадинаб калима ритӀухълъизе: «Мисриялдаса нахъе айилан амру гьабуна дица дирго васасда».

16 Дол цӀвабзазул гӀелму лъалел гӀадамаз живго гуккаравлъи лъайдал, Гьеродил ццин гьалаглъана. Бетлегьем шагьаралдаги ва гьелда сверухъ ругел бакӀаздаги кӀиго соналде бахинчӀеб бихьинабщинаб лъимер цо течӀого чӀвазе чагӀи ритӀана. ЦӀвабзазул гӀелму лъалел гӀадамаз бицун, мухӀканго лъан букӀиндалха гьесда доб Лъимер гьабураб заман.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

17 Гьедин ритIухълъана Иеремия аварагасда Аллагьас абураб гьадинаб калима:

18 «Рамаялдасан рагIулеб буго кутакаб магIил гьаракь. Ракел гIодилей йиго жиндирго лъималазухъ, ракI-макI гьабуниги, гIенеккулей гьечIо гьей. ТIокIал гьечIелъулха гьел!"

19 Гьерод хвараб мехалъ, Мисриялда вукIарав Юсупихъе Бичасул малаик вачIана макьилъ.

20 Гьес Юсупида абуна: – Васги вачун, гьесул эбелги ячун, вахъун ГIизраилалъул ракьалде а. Гьеб Лъимер чIвазе къасд гьабулел рукIарал чагIи хун руго.

21 Васги вачун, гьесул эбелги ячун, ГIизраилалъул ракьалде ана Юсуп.

22 Амма Гьеродил бакIалда Ягьудиялъул ханлъун гьесул вас Архелай вугин рагIидал, гьениве ине хIинкъунги вукIана Юсуп. Макьилъ лъазабун хадуб,

23 Галилея улкаялде вачIун, Назарет абулеб шагьаралда чIана. Гьедин ритIухълъана назареталдасевилан абилин хадуб гьесдаян аварагзабазда Аллагьас бицун букIараб калимаги.

**Матфей 3**

1 Гьеб заманаялда Ягьудиялъул гIицIаб авлахъалде вачIуна ЯхIя аварag.

2 – Нуж кантIе, Аллагьасде русса, Зобалазул ПарччахIлъиялъул заман тIаде гIунтIун бугебин! – абун лъазабулеб букIана гьес.

3 «Цо ахIи буго авлахъалда рагIулеб: БетIергьанасе нух къачIай, битIизабе гьесда цебе шагьра!» – Гьединал рагIаби Аллагьас Ишая аварагасда жиндир хIакъалъулъ абурав чи вукIана ЯхIя.

4 ЯхIяцайин абуни, варанидул квасул ретIел ретIунаан, рачлихъ борчунги букIана хьвацIил рачел. Гьес кваналеб жоги букIана гарцIги гIалхул гьоцIоги.

5 Гьесухъе рачIунел рукIана Иерусалим шагьаралдаса, Ягьудия
улкаялдаса, Иордан гIурул тIолабго сверухъльиялдаса гIадамал.

6 Жидерго мунагьал рехсон хадур, Аллагьасде руссун, гьезул мунагьал
чуризе, Иордан гIурул льадаль ччун рахъулаан ЯхIяца гIадамал.

7 Льадаль ччун рахъизе гIемерисел фарисеялги саддукеялги жиндихъе
рачIунел рукIин бихьидал, ЯхIяца гьезда абуна: – ГIай, нуж чIегIераб
борхьил наслу! Нужеде гIагарльун бугеб Аллагьасул тамихIалдаса
льутизе льица малъараб?

8 Нужерго мунагьаздаса руссун, кантIиялъул гьотIода пихъ барщизабе.

9 Ниж Ибрагьимил наслуялъул льимал ругилан гаргадизеги ракIалде
ккоге. Гьале дица нужеда абулеб буго: жиндие бокьани, гьал
ганчIаздасанги Ибрагьимил наслуялъул льимал льугьинаризе кIола
Аллагьасда.

10 ГьутIбузда гьоркь гIащтIи льун тун бугебльи льай нужеда. ЛьикIаб
пихъ тIад бижичIеб гьветI кьотIун цIадаб льезе бугебха!

11 Дица нуж кантIизельун, мунагьал чуризе льадаль ччун рахъун,
рацIцIад гьарулел руго. Амма дида хадув вачIунев вуго гIемерго дидаса
кьудрат цIикIкIарав чи. Гьес тIаса рахъарал хьитал кодоре росизецин
мустахIикъав гьечIо дун. Льадаца гуреб, Илагьияб РухIалдальун ва
цIаялдальун чурун рацIцIад гьарила гьес нуж.

12 Гьес бугьун хъатикь ккун буго, жиндирго гьоцIиб рольги бацIцIад
гьабун, гьеб цагърахъе буссинабизе, наккуги ссвинго гьечIеб цIадабе бан
бухIила.

13 Гьеб заманаялда Галилеялдаса вахъун ГIисаги вачIана Иорданалде
ЯхIяца льадаль ччун вахъизе.

14 Амма ЯхIя разильулев вукIинчIо, гьес ГIисада абуна: – Льадаль ччун
вахъизе дун духъе вачIине кколеб бакIалда, мун дихъе щай вачIарав? –
ан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Гьесие жавабалъе ГІисаца абуна: – Цин гьадин букІине те. Гьадин щвалде щун тІубазабизе ккола нилъеца Аллагьас нилъедаса тІалаб гьабулебщинаб жо. ГІисаца абухъе гьабизе разилъана гьебмехалъ ЯхІя.

16 Лъадалъ ччун вахъун гьебсагІат къватІиве лъугьун вачІана ГІиса. Гьебмехалъ зобги кІибикьизабун, миккидул суратталда боржун бачІун, Аллагьасул РухІ ГІисахъе рещтІунеб бихьана.

17 Гьале гьаракьги рагІана зобалаздасан: – Гьав вуго дие вокьулев дир Вас. Гьесдаса вохун вуго дун!

**Матфей 4**

1 Цинги гьеб РухІалъ ГІиса гІицІаб авлахъалде вачана. Илбисалъ хІалбихьана гьев къосинавизе кІвелародайилан.

2 Гьенив кІикъого къоялъ ва кІикъого сордоялъ кІал ккун вукІарав ГІиса ахирги вакъана.

3 БачІун илбисалъ абуна гьесда: – Мун Аллагьасул Вас ватани, чадазде сверайилан амру гьабе гьал ганчІазе.

4 Гьелъие жаваб гьабун, ГІисаца абуна: – ТІехьалда хъван буго: «ЦохІо чадица гуребин чиясе чІаголъи кьезе бугеб, Аллагьасдасан бачІараб щибаб рагІиялъин».

5 Цинги Мукъадасаб шагьар Иерусалималде вачун, илбисалъ ГІиса Мукъадасаб Рукъалъул сиялда тІад лъола.

6 Гьелъ абула: – Мун Аллагьасул Вас ватани, гъоркье кІанцІе! ТІехьалда хъван бугелъул: «Аллагьас малаикзабазе дур рахъалъ амру гьабун буго» ва: «Гьез мун кодов ккун восила, ганчІидацин дур хІетІе тункичІого букІине».

7 ГІисаца абуна: – «Дурго БетІергьан Аллагьасул хІалбихьуге!» – янги хъван буго ТІехьалда.

8 Гьанже илбисалъ ГІиса цІакъго борхатаб мегІералъул тІогьиве вачуна
ва дунилялалъул киналго пачалихъалги ва гьезул кинабго кІодолъи-
къудратги бихьизабула гьесда.

9 Цинги ГІисада абула гьелъ: – Гьаб кинабго дуе кьела дица, бетІер
къулун дуца дие сужда гьабуни.

10 ГІисаца гьелда абула: – ТІагІа дида цебеса, шайтІан! ТІехьалда хъван
буго: «ЦохІо Аллагьасе – дурго БетІергьанасе – гурони сужда гьабуге.
ЦохІо Гьесие гьабе гІибадат!”

11 Гьебмехалъ илбисалъ ГІиса живго тола. Гьале малаикзаби рачІана
гьесие хъулухъалъе.

12 ЯхІя гвандинив тІамун вугилан рагІидал, ГІиса Галилеялде ана.

13 Амма Назареталда чІечІо гьев. Забулонил ва Нафталимил ракьалда,
Галилеялъул ралъдал рагІалда бугеб Капернаум шагьаралде ун, гьенив
чІана.

14 Гьеб гьедин ккана Ишая аварагасда Аллагьас абураб гьадинаб калима
ритІухълъизе:

15 «Забулонил ракь ва Нафталимил ракь! Ралъдахъе унаго нухда бугеб
ракь! Иордан гІурул доб рахъалда бугеб ракь! Галилея – цогидал
халкъазул ракь!

16 БецІлъуда букІараб нужер халкъалъе гвангъараб нур загьирлъана,
нужер улкаялда хвалил рагІдукь рукІаразе рогьалил бакъ баккана».

17 Гьелдаса хадуб халкъалъе вагІза-насихІат гьабизе байбихьана ГІисаца.
– Нуж кантІе, Аллагьасде русса! – ян абулеб букІана гьес. – Зобалазул
ПарччахІлъиялъул заман тІаде гІунтІун бугебин!

18 Галилеялъул ралъдал рагІалдасан унаго, ГІисада вихьана ччугІие гьин
рехулев кІиго вац: Пётр абун гьес тІокІцІар лъурав Симонги гьесулго вац
Андрейги. Гьел рукІана ччугІихъаби.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

19 – Дида цадахъ рилълъа, – ян абуна гъезда ГIисаца. – Дица нуж лъугьинарила гIадамал кколел ччугIихъабилъун.

20 Гъенибго гьинги тун, гъебсагIат гьел ГIисада цадахъ уна.

21 Гъениса унаго кIиго чи вихьана гьесда. Гьел рукIана Зебедайил вас Якъубги гьесулго вац Иоаннги. Жидерго эмен Зебедайгун цадахъ лъугьун ччугIа кквезе гьин къачIалел рукIана гьел росода тIад. Дида цадахъ рилълъайилан ахIана гьездеги ГIисаца.

22 Росода тIад эменги вукIаралъув тун, гъебсагIатго гьелги ана ГIисада цадахъ.

23 Цинги гьев хьвадана тIолабго Галилеялда: гьезул синагогабазда гIадамазе вагIза-насихIат гьабулаан, Зобалазул ПарччахIлъиялъул хIакъалъулъ Рохалил хабар лъазабулаан, кинабго унта-щокълъиялдаса гIадамал сахлъизарулаан.

24 ТIолабго Сириялда тIибитIана гьесул цIар. Гьесухъе рачун рачIунаан унтуца гIазаб кьолеб бугелги, шайтIабаца ккуралги, унти бачIунелги, палижалъ ккуралги, – батIи-батIияб гIузру бугел гIемерал гIадамал. Гьел киналго сахлъизаруна ГIисаца.

25 Гьесда хадур рачIунел рукIана Галилеялдасаги, АнцIшагьаралдасаги, Иерусалималдасаги, Ягьудиялдаса ва Иордан гIурул добаб рахъалдаса цIакъ гIемерал гIадамал.

**Матфей 5**

1 ГIемераб халкъ жинда хадуб бачIунеб бихьидал, ГIиса магIарде вахана. Гьенив гIодов чIун гьев вукIаго, тIаде рачIана гьесул муридал.

2 Гьезие вагIза гьабун, гьадин абуна ГIисаца:

3 – Гьардарал гурищ гьел, Аллагьасда цере жал мискинго рукIин лъалел, – гьезие бугелъул Зобалазул ПарччахIлъи.

4 Гьардарал гурищ гьел, гIодулел ругел, – гьел рохизаризе ругелъул.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Гьардарал гурищ гьел, хIалимаб гIамал бугел, – гьезие щвезе бугелъул
дуниялалъул кверщел.

6 Гьардарал гурищ гьел, ритIухълъиялъухъ ракъарал-къечарал, – гьел
гIорцIизе ругелъул.

7 Гьардарал гурищ гьел, гурхIел-рахIму бугел, – гьездаги гурхIизе
вугелъул.

8 Гьардарал гурищ гьел, ракI бацIцIадго бугел, – гьезда Аллагь вихьизе
вугелъул.

9 Гьардарал гурищ гьел, ракълие рачел къалел, – гьезда Аллагьасул
васалилан цIар лъезеги бугелъул.

10 Гьардарал гурищ гьел, ритIухъго хьвадунилан гIадамаз гIакъуба
кьолеб бугел, – гьезие бугелъул Зобалазул ПарччахIлъи.

11 Гьардарал гурищ нуж, – дун сабаблъун нужеда рогьо балеб мехалъги,
нужее гIакъуба кьолеб мехалъги, гьечIеб рагIи нужеде абулеб мехалъги –
рохизе ругел.

12 Роха-хинлъун рукIа, разиго рукIа, Зобалазда кIудияб шапакъат щвезе
бугин нужее. Цересел аварагзабазеги кьедал гIадамаз гьедин гIазабги
гIакъубаги.

13 Нуж руго гьаб дуниялалъул цIам. Амма гьелъул цIамгIаллъи холеб
бугони, гьеб кин кIиабизе цIамгIаллъизабилеб? Халкъалъ хIатIикь
мерхьине гIодобе бани гурони, сундуениги къваригIунаро гьебмехалъ
цIам.

14 Нуж руго дуниялалъе нур. Борхатаб магIарда бугеб шагьар кин
бахчизе кIолеб?

15 КIалагъоркье гьабун сахI тIад лъезе гуро чирахъ бакулеб, рокъор ругел
киназего канлъи кьезе борхатаб бакIалда лъезейин.

16 Гьедин нужер нуралъги канлъи кьеги гIадамазе, нужер лъикIал ишал
гьезда рихьизе, зобалазда вугев нужер Инсуе гьез реццги гьабизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

17 Нужеда ракIалде ккоге дун Мусал къанунги аварагзабазул динги хвезабизе вачIарав чийилан. Гьел хвезаризе гурев, гьел щвалде щун тIуразаризе вачIун вуго дун.

18 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: зобалги ракьалги тIагIун инегIан, къануналдаса цониги хIучч, цониги тIанкI тIагIине гьечIо, Аллагьасул къадаралда рекъон кинабго тIубазегIан тIагIинаро гьеб.

19 Гьединлъидал къануналъул бищунго гьитIинабгицин амру жинцаго хвезабуравги гьеб хвезабизе гIадамазда малъаравги бищунго гьитIинавлъун рикIкIине вуго Зобалазул ПарччахIлъиялда. Амма тIубазабулевги ва тIубазабеян цогидазда малъулевги бищунго кIудиявлъун рикIкIине вуго.

20 Гьале дица нужеда абулеб буго: фарисеязулалдасаги диниял гIалимзабазулалдасаги нужер ритIухълъи цIикIкIинчIони, Зобалазул ПарччахIлъиялде кин рорчIилел нуж?

21 Нужеда лъала: некIо рукIарал гIадамазеги Аллагьас амру гьабун букIараблъи: «Чи чIваге!» – ян ва: «Чи чIварав чи судалде вачине вуго», – ян.

22 Дицани нужеда абулеб буго: жиндирго вацасда ццин бахъаравги судалде вачине вуго. Жиндирго вацасда: «Рака! (Вахьна!)» – ян абуравги вачине вуго тIадегIанаб судалде. «ГIабдал!» – ан абуравги жужахIалъул цIадаве ккезе бегьула.

23 Къурбаналъе жоги бачун, къурбаналъул гьан лъолеб бакIалде унаго, дуда ракIалде щвани дуца вацасул ццин бахъинабун букIараблъи,

24 дурго къурбанги гьеб бакIалда тун, мун а дов вацасулгун рекъел гьабизе, цинги нахъвуссун вачIун хадуб хъве дуца къурбан.

25 ДагIбадулас вачун, судалде унаго, нухдаго рекъел-бакъалдалъун гьев тIаса вихьизавизе гIедегIе. Гурони, гьес мун судиясухъе щвезавила, судияс гIеласухъе кьела, цинги гвандиниве рехила.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

26 ХIакълъун абулеб буго дица дуда: дур ахирисеб шагьи-пара лъугIичIого, гьениса къватIиveги ворчIиларо.

27 Нужеда лъала: «зина гьабуге», – ян амру букIараблъи.

28 Дицани нужеда абулеб буго: чIужугIаданалъухъ хъублъи-хъахIбалъи ракIалде ккун валагьаравщинав чиясул рекIелъ гьелдехун зина лъугьанин.

29 Дур кваранаб бералъ мун мунагьалде цIалев вугони, бахъун рехе гьеб. Цо лага камиго лъикI дуе, тIолабго черх жужахIалъул цIадабе рехизегIан.

30 Дур кваранаб квералъ мун мунагьалде цIалев вугони, къотIун рехе гьеб. Цо лага камиго лъикI дуе, тIолабго черх жужахIалъул цIадабе ккезегIан.

31 ЧIужу йиччан толев чияс гьелда цIар тIамиялъе нугIлъи гьабулеб кагъат кье гьелъухъеян хъван букIана.

32 Дицани нужеда абулеб буго: хъахIбалъи хутIун, цогидаб гIиллаялъе гIоло чIужу йиччан таравщинав чи ккола зинаялда хьвадизе гьей тIамулев чилъун. Цогидас йиччан тарай гIадан ячарав чиги зиначи ккола.

33 Цоги нужеда лъала некIо рукIарал гIадамазеги: «Бараб гьа биххуге, нагагь мун гьедани, Аллагьасукьа хIинкъун гьеб гьа тIубазабе» – ян амру букIараблъи.

34 Дицани нужеда абулеб буго: киданиги гьедаруге. ЗобалхIаянги гьедуге – зодисанин Аллагьасул амру рещтIунеб.

35 РакьалхIаянги гьедуге – ракьалдайин Аллагьасул кверщел тIибитIун бугеб. Иерусалималъул цIаралдалъунги гьедуге – гьеб буго кIудияв ПарччахIасул шагьар.

36 «Дир бетIералхIа», – янги гьедуге, дурго бетIералда цоники рас я хъахIлъизабизе, я чIегIерлъизабизе кIоларо дуда.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

37 Бугелда бугин абе, гьечIелда гьечIин абе, хутIарабщинаб рагIи илбисалдасан бачIараб буго.

38 Нужеда лъала: «Бералъухъ къисасалъе бер бахъе, гIусалъухъ гIус бахъе», – янги амру букIараблъи.

39 Дицани нужеда абулеб буго: квешлъи гьабурасда дандечIоге. Дур кваранаб кIаркьеналда кьабуни, квегIаб кIаркьенги кква гьесда цебе.

40 Къадиясухъе вачун, духъа гурде бахъизе бокьарасе, тIаса бахъун дурго гIабаги кье.

41 Цо километралъ мун хIалица вачарасда цадахъ кIиго километралъги а.

42 Гьарарасе гьарарабги кье, налъуда кьеян вачIаравги нахъчIваге.

43 Нужеда лъала: «Дуда аскIов вугев чи вокьа» – ян ва «дурго тушман риха», – ян амру букIараблъи.

44 Дицани нужеда абулеб буго: нужерго тушбаби рокьа, нужее гIазаб-гIакъуба кьолелги дугIадулъ рехсе.

45 Зобалазда вугев нужер Инсул васаллъун лъугьина нуж гьебмехалъ. Щайгурелъул гьес бакъ баккизабула лъикIазеги квешазеги, гьес цIад базабула рацIцIадазеги хъубазеги.

46 Нуж рокьулел гIадамал нужее рокьиялъул кири кинаб букIинеб? Гьебго жо гурищ магъало бакIарулел чагIазгицин гьабулеб?

47 Нужерго вацазе гурони нужеца салам кьолеб гьечIони, кири кинаб букIинеб? Гьебго жо гурищ Аллагь лъаларезги гьабулеб?

48 Гьединлъидал нужги камилаллъун рукIа, Зобалазда вугев нужер Эмен камилав вугев гIадин.

**Матфей 6**

1 Воре, нужерго муъминлъи гIадамазда цебе загьир гьабуге, гьезда бихьизелъун, Зобалазда вугев нужер Инсуца нужее кири хъваларебин.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

2 Садакъа кьолеб механ, гІадамаздасан цІар-рецц бокьун, синагогабаздаги къватІахъги жидедаго сверухъ ахІи-хІур бахъинабулел, ххвелал гьаризе бокьулел чагІаз гІадин, кьоге нужеца садакъа. ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: гьезие гьелъухъ мухь гьанибго щвана.

3 Дуца садакъа гьабулеб механъин абуни, кваранаб кверанъ кьолаго квегІаб кверaлдацин лъазе биччаге.

4 Балъго хутІизе те дурго садакъа, балъгоябги лъалев нужер Инсуца кири кІодо гьабила дуе гьелъухъ.

5 ДугІа гьабизе бокьани, гІадамазда бихьизе гІоло, синагогабаздаги къватІахъги рахъун чІун Аллагьасде ахІдолел, ххвелал гьаризе бокьулел гІадамаз гІадин, гьабуге нужеца дугІа. ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: гьезие гьелъухъ мухь гьанибго щвана.

6 Дуца дугІа гьабулеб механъин абуни, къан нуцІагун жанивги чІун, гьаре вихьулаpедухъ дуда аскІов букІунев дурго Инсуда. Балъгого гьабулебги бихьулев дур Инсуца кири хъвала дуе.

7 ДугІа гьабулаго, гьересиаллагьзабазе гІибадат гьабулел гІадамал гІадин, гІемерав гъулгъудизеги гъулгъудуге. Гьезда ккола халат гьабунагІан дугІа къабуллъулебилан.

8 Гьезда релълъун лъугьунге: нужеца гьарилалдего лъала нужер Инсуда сунде хІажалъун нуж ругелали.

9 Гьединлъидал дугІа гьадин гьабе: Я, Зобалазда вугев нижер Эмен, дур цІар гІадамаз мукъадасаблъун рикІкІаги, дур ПарччахІлъи тІаде щваги.

10 Зобалаздаго гІадин ракьалдаги дур амру билълъанхъаги.

11 Жакъа нижер бетІербахъиялъе хинкІ-чед кье нижее.

12 Нижер налъи-хІакъалда тІасаги лъугьа, нижерго налъулазда тІаса нижги лъугьарал ругин.

13 Нижер хІалбихьизеги биччаге, Квешалдаса цІуне ниж.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

14 Квешлъи гъабурал гIадамазда нуж тIасалъугъани, Зобалазда вугев
нужер Эменги нужеда тIасалъугьина.

15 Нуж гIадамазда тIасалъугьинчIони, нужедасан ккараб мунагь-
хатIаялда тIасалъугьинаро Зобалазда вугев нужер Эменги.

16 КIал ккураб мехалъги нуж, дол ххвелал гьаризе бокьулел чагIи гIадин,
тату хун рукIунге. Жидеца кIал ккун букIин гIадамазда бихьизе,
букIкIинабун гьумергун, рукIуна гьел. ХIакълъун абулеб буго дица
нужеда: гьезие гьелъухъ мухь гьанибго щвана.

17 Мунин абуни, кIал ккураб мехалъ, махI гьуинаб нахги бетIералда
бахун, гьумерги чурун, чIинкьа-кIитIун вукIа.

18 ГIадамазда бихьизе гIоло гурелъул дуца кIал ккун бугеб,
вихьуларедухъ дуда аскIов вукIунев дурго Инсуе гIололъидал. Балъгого
гьабулебги бихьулев дур Инсуца кири хъвала дуе.

19 Ицицаги кунеб, кьавуги чIвалеб, къед борлъун вачIун цIогьорасги
бикъулеб гьаб дуниялалъул хазина данде гьабуге нужеца.

20 Ицицаги кунареб, кьавуги чIвалареб, къед борлъун вачIун цIогьорасги
бикъулареб зобалазул хазина данде гьабе.

21 Дур хазина бугеб бакIалда букIине бугелъул дур ракIги.

22 Бер – гьеб буго черхалъул чирахъ. Дур берал канал ругони, дур
тIолабго черхги канлъила.

23 Берал канлъукъал ругони, тIолабго черхги бецIлъила. Дулъ бугеб
канлъиги бецIаб бугони, кигIан бецIабха жибго бецIлъи букIинеб!

24 Лъиданиги кIоларо кIиго бетIергьанасе лагълъи гьабизе; цояв гьесда
рихина, цогидав вокьила; яги цоясе лагълъи гьес ракIбацIцIадго гьабила,
цогидасе тIаса-масаго гьабила. Гьедин нужедаги кIвеларо Аллагьасеги
дуниялалъул боцIи-рикъзиялъеги лагълъи гьабизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

25 Гьединлъидалин дица нужеда абулеб: щибдай кваналаян чохьое
гIологи, щибдай ретIинаян чорхое гIологи хъалхъадуге. Квандаса
цебесеб гьечIищ рухI, ратIлидаса цебесеб гьечIищ черхги.

26 Зобалазул хIанчIазухъ ралагье нуж: гьез я бекьуларо, я лъилъуларо, я
царгъахъе баларо. Зобалазда вугев нужер Инсуца хьихьун руго гьел.
Гьездаса гIемерго хириял гьечIищ нуж?

27 Лъида кIвезе бугеб, кигIан хъалхъаданиги, жиндирго гIумру цо
къоялъниги халалъизабизе?

28 РатIлие гIологи щай нуж хъалхъадулел? ТIугьдузухъ ралагье нуж, кин
гьел рижун ругелали. Гьел я хурир хIалтIуларо, гьез я кун дургъуларо.

29 Амма дица нужеда абулеб буго: жиндирго машгьурлъиялъул
завалалдаги Сулайман парччахIасул букIинчIо бокьараб тIогьол гIадинаб
ретIел.

30 Ле, божи дагьаб уммат! Жакъа гIалахалда бугони, метер цIадабе
рехулеб тIегь-хералдагицин Аллагьас гьединаб берцинаб ретIел ретIунеб
бугеб мехалъ, кигIан берцинабдай нужер букIинеб!

31 Гьединлъидал щибдай кваналаян, яги щибдай гьекъелаян, ялъуни
щибдай ретIинаян абун хъалхъадуге.

32 Гьеб кинабго бугелъул Аллагь лъаларезги тIалаб гьабулеб жо.
Зобалазда вугев нужер Инсуда лъала гьеб кинабго нужее
хIажалъулеблъи.

33 Нужеца цин тIалаб гьабе нужго Аллагьасул ПарччахIлъиялде рорчIизе,
гьесул амру тIубазабизе. ХутIараб кинабгойин абуни нужее тIадеги
кьела.

34 Метерисеб къоялъул ургъел гьабуге. Метерисеб къоялъ жинцаго
гьабила жиндирго милат. Щибаб къоялъ нужее гIунги тIокI букIина гьеб
къоялъ гьабизе жо.

**Матфей 7**

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

1 Нужеца чияда гІайиб чІваге, Аллагьас нужедаги гІайиб чІваларо.

2 КигІанасеб гІайиб нужеца гІадамасда чІваниги, гьедигІанаб гІайиб Аллагьас нужедаги чІвазе буго. Кинаб сахІалъ нужеца борцаниги, гьединабго сахІалъ борцине буго нужееги.

3 Дурго бадиб бугеб чІалу бихьичІого, дур вацасул бадиб бугеб сум щай дуда бихьулеб?

4 Яги дуда кин кІолеб: «Ворея, вац, дур бадиса сум бахъизе биччай», – ян гьесда абизе, дурго бадиб чІалу букІаго?

5 Ле, ххвелал гьарун ругьунав чи, цин дуца дурго бадиса чІалу бахъе, цинги бичІчІила дуда вацасул бадиса сум кин бахъилебали.

6 Нужерго хирияб-мукъадасаб жо гьабзазе баге, жавгьар-якъут болъоназда цебе рехуге. Болъоназ гьеб малакь мерхьина, тІаделъун нужги тІутІун рала.

7 Гьаре нужеца – нужее кьечІого толаро; балагье нужеца – батичІого хутІуларо, нужеца нуцІа бухе – гьеб рагьичІого толаро.

8 Гьарарасе кьола, балагьарасда батула, бухарасе нуцІаги рагьула.

9 Нужеда гьорлъ вугищ цониги чи, васас чед гьарараб мехалъ, гьесухъе гамачІ кьолев?

10 Яги ччугІа гьарани, гьесухъе борохь кьолев?

11 Нужго квешал ругониги, нужеца лъималазе лъикІабщинаб кьолеб мехалъ, жинда гьарарасе лъикІабщинаб жо кигІан цІикІкІундай кьелеб зобалазда вугев нужер Инсуца!

12 ГІадамаз нужеего гьабизе бокьулеб жо, нужеца гІадамазеги гьабе. Гьеле гьебин Мусал Кьануналдаги аварагзабазул ТІухьдуздаги бугебщиналъул аслу-кьучІ.

13 ЧІедераб нуцІихъан лъугьа нуж жанире, – гІебал кавабазги гІатІидаб нухалъги гІадамал хвалде рачунелъул. Халкъалъул руккелалги гьенисан унел ругелъул.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

14 Абадияб гIумруялде гIадамал рачуна чIедераб нуцIицаги къваридаб нухальги, амма дагьазда батула гьеб.

15 Гьересиаваргзабаздаса цIуне! Гьел нужехъе рачIуна чахъдал цIокоги тIад ххун. ХIакъикъаталда гьел руго хъантIарал бацIал.

16 Гьезул ишазда тIад кинаб пихъ бижулеб бугебали халгьабун, лъала нужеда гьел. Зазил хъархъидаса цIибил бетIарабищ нужеца, тIетIелоялдаса инжирги бетIарабищ?

17 ЛъикIаб гъотIоца лъикIаб пихъ кьола, турараб гъотIода бижараб пихъ квешаб букIуна.

18 ЛъикIаб гъотIода квешаб пихъ бижизе рес гьечIо, турараб гъотIоца лъикIаб пихъги кьоларо.

19 ТIад лъикIаб пихъ бижулареб гъветI къотIун цIадабе рехула.

20 Гьедин, гьезул ишазда тIад кинаб пихъ бижулеб бугебали халгьабун, лъала нужеда гьел гьересиаваргзаби.

21 «Я, БетIерчIахъад! Я, БетIерчIахъад!» – абун дида кIалъанщинав чи гуро Зобалазул ПарччахIлъиялде ворчIизе вугев. Гьениве ворчIила зобалазда вугев дир Инсул амру тIубазабурав чи.

22 Доб къоялъ гIемерав чияс абила дида: «БетIерчIахъад! БетIерчIахъад! Дур цIаралдалъун гурищ нижеца Аллагьасул амру халкъалъе загьир гьабураб? Дур цIаралдалъун гурищ шайтIаби рачахъарал? Дур цIаралдалъун гурищ нижеца гIемерал хIикматал ишал гьарурал?”

23 Гьебмехалъ дица гьезда лъазабила: «Дида рихьарал чагIицин гуро нуж. ТIагIа дида аскIоса, квешлъиялда хьвадараб уммат!”

24 Гьединлъидал дир гьал рагIабазухъ гIенеккарав ва гьел тIуразарулевщинав чи релълъуна, тIалде щвезегIан къучIги бухъун, мина барав цIодорав чиясда.

25 ЦIадал рана, иххал щвана, гьурал пуна, – доб минаялде тIаделъана гьел. Амма мина биххичIо, тIалда тIад букIиндал гьелъул къучI.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

26 Амма дир гьел рагIабазухъ гIенекканиги, гьел тIуразаричIевщинав чи
рельълъуна салуда тIад мина барав ахIмакъав чиясда.

27 ЦIадал рана, иххал щвана, гьурал пуна, – доб минаялде тIаделъана
гьел. Мина биххана, щущан ана, чIваднал хутIана.

28 Гьале ГIисаца жиндирго вагIза лъугIизабуна. Халкъ гIажаиблъун
хутIана, гьес вагIза гьабулеб куц бихьун.

29 Гьезул диниял гIалимзабаз гIадин гуреб, цо хIалкIолъи жиндилъ бугев
чияс гIадин малъулеб букIана гьес.

**Матфей 8**

1 МагIардаса гъоркье гIемераб халкъ бачIана ГIисада хадуб.

2 Гьале барасалъ унтарав цо чи, гьесда аскIовеги вачIун, накабаздаги
чIун, гьардезе лъугьана: – Я, БетIерчIахъад! Дуе бокьани, дуда кIолаха
дун вацIцIалъизавизе.

3 ГIебеде битIун гьесда кверги хъван, ГIисаца абуна: – Дие бокьун буго
мун вацIцIалъизе. ВацIцIалъе мун! ТIад букIараб чанхъги гьенон ун,
гьебсагIат вацIцIалъана гьев чи.

4 ГIисаца гьесда абуна: – Вореха, гьаб ишалъул хIакъалъулъ дуца
лъиданиги бицунге. Мусал Къануналда рекъон, мунго вацIцIалъун
вукIин гIадамазда лъазе, кашишасухъеги ун, гьесда дурго черх бихьизабе
ва дудасаго къурбанги хъвезабе.

5 ГIиса Капернаумалде щведал, румазул рагъухъабазул цо нусилбетIерас,
аскIовеги вачIун, гьарана:

6 – Я, БетIерчIахъад! Дир цо рагьтIател вуго палижалъ ккун вагъаризе
кIоларого. Кутакаб гIазабалда вуго гьев.

7 Гьев сахлъизавизе вачIинин абуна ГIисаца гьесда.

8 НусилбетIерас абуна: – Я, БетIерчIахъад! Мун къавулъе лъугьине
мустахIикъав чи гуро дун. Цо рагIи абе дуца, гьелдалъун сахлъила дир
рагьтIател.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

9 Дунги вуго тIадехун ругезул амру тIубазабулев, дир ихтияралда ругел рагъухъабазе рагIудалъун амру-буюрухъ гьабулев чи. Айилан цоясда абуни, гьев уна. ВачIайилан цогидасда абуни – вачIуна. Пуланаб иш тIубазабейилан абуни, рагьтIателас гьеб тIубазабула.

10 Гьединал рагIабаз гIажаиблъизавуна ГIиса. Жиндаго хадур рачIунел рукIараздехун вуссун, гьес абуна: – Гьале дица нужеда абулеб буго: Исраилил халкъалда гьоркьобгицин лъилниги дандчIвачIо дида гьединаб божи-иман.

11 Машрикъалдаса ва магърибалдаса гIемерал гIадамал рачIина ва Зобалазул ПарччахIлъиялда Ибрагьимидаги, ИсхIакъидаги, Якъубидаги аскIор квана-гьекъезе гIодор чIела.

12 Аллагьас ПарччахIлъиялъе рижун рукIарал гIадамалги гьениса бецIаб къотIноре рехила. ГIодилел ва цаби къерщезарулел хутIила гьел.

13 Дов нусилбетIерасда ГIисаца абуна: – Гьанже дурго рокъове а. Мун божун вугеб жо лъугьина дуе. РагьтIател гьебсагIатго сахлъанила.

14 Цинги Пётрил бакIалде щведал, гьесул якьад цIа-кан бахун бусада егун ятана ГIисада.

15 ГIисаца гьелъул квер ккуна. ЦIа-канги ун, якьад тIаде яхъана ва гьесие квен-тIехалда квалквадизе лъугьана.

16 МаркIачIубер рукIкIарабго, ГIисахъе рачун рачIана жундуз ккурал гIемерал гIадамал. Амру гьабун рачахъана гьес жундул. Киналго унтаралги сахлъизаруна.

17 Гьеб гьедин ккана Ишая аварагасда Аллагьас абураб гьадинаб калима ритIухълъизе: «Гьесин росун арал нижер гIузраби, нижер унтабиги раччун ана гьес».

18 Жиндаго сверухъ халкъалъул руккел бихьидал, ГIисаца муридазда абуна ралъдал доб рахъалде рахине кколин нилъилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

19 АскIове вачIун цо динияв гIалимчияс абуна гьесда: – Я, НасихIатчи,
мун киве аниги, дуда цадахъ вилълъина дунги.

20 ГIисаца гьесда абула: – Царал жиндирго рукIун буго, хIанчIил бусен
буго, амма ГIадамил Лъимадул бетIер бегьизе бакI гьечIо.

21 Цоги муридас абуна гьесда: – Я, БетIерчIахъад! Дир хварав эмен
вукъизе ине изну кье дие.

22 ГIисаца гьесда абуна: – Хвараца рукъизе хварал чагIиги тун, мун дида
цадахъ вилълъа, – ян.

23 ГIиса росода рекIараб мехалъ, муридалги ана гьесда цадахъ.

24 Гьале кутакаб гьури бахъана, ралъад гьалаглъана, карачалабаз раса
тIерхьинабизехъин букIана. Гьебмехалъ ГIиса кьижун вукIана.

25 – Я, БетIерчIахъад! Нилъ гъанкъизехъин руго! Хвасар гьаре! – янги
абун, муридаз ворчIизавуна гьев.

26 ГIисаца гьезда абуна: – Я, иман дагьаб уммат! Щай нуж хIинкъулел?
ТIадеги вахъун амру гьабун гьес гьури къотIизабуна. Ралъад гIодобе
буссана. ТIубанго сихI къотIун дуниялги хутIана.

27 Гьуриги ралъадги жиндие мутIигIав гьавго кинав чийилан
гIажаиблъун хутIана гIадамал.

28 Ралъад бахун добехун бугеб гадареназул ракьалде щведал, ГIисада
ватана жундуз ккурав кIиго чи, хабалазул нохъаздаса къватIиве вачIунев.
Гьеб рахъалдасан ине лъиданиги кIолареб хIалалда гIасилъун рукIана
гьел.

29 Гьале гьел ГIисаде ахIдезе лъугьана: – Ле, Аллагьасул Вас, нижедасан
щиб дуе къваригIараб? Заман щвелалдего нижее гIакъуба-гIазаб
кьезейищ мун вачIун вугев? – абун.

30 Болъоназул кIудияб рехьедги бугоан доба рикIкIадегIан кваналеб.

31 КIиявго чиясулъ ругел жундуз ГIисада гьарана: – Дуца ниж рачахъулел
ругел ратани, гьадаб болъоназул рохьдолъе ритIе, – ян.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

32 Айилан абуна ГІисаца гьезда. Гьедин ун болъоназулъе лъугьана гьел жундул. Гьале тІолабго рехьед цо борхатаб бакІалдасан ралъдалъе кІанцІун, лъадалъ гъанкъана.

33 Болъоназул гІухьби гьениса лъутун ана. Шагьаралдеги рачІун, жундуз ккурав дов кІиявго чиги рехсон, гІадамазда бицана гьеб кинабго.

34 Гьебмехалъ шагьаралъул тІолабго халкъ ГІисада аскІобе бачІана. Гьев вихьаравго, жидер ракьалдаса нахъе айилан гьарана гьез.

**Матфей 9**

1 Добго росодаги рекІун, ралъадги бахун, ГІиса жиндирго шагьар Капернаумалде тІадвуссана.

2 Гьале туртида лъун гьесухъе восун вачІана палижалъ ккурав чи. Гьезул божи бихьун, ГІисаца унтарасда абуна: – ХІинкъуге, дир вас, мунагьаздаса вацІцІалъилин мун!

3 Гьебмехалъ цо-цо диниял гІалимзабаз пикру гьабуна, Аллагьасде гІасилъун вугин гьавилан.

4 Гьезул пикруги бичІчІун, ГІисаца абуна: – Щай нужеца квешаб пикру нужерго рекІелъе биччалеб?

5 Кинаб бигьаяб: «Мун мунагьаздаса вацІцІалъанилан» абизейищ, яги: «ТІаде вахъун вилълъанхъейилан» абизейищ?

6 Амма нужеда лъан букІа: ГІадамил Лъимадул ихтияр буго гьаб ракьалда гІадамазул мунагьал тІасалъугьун тезе. Цинги гьес унтарасда абуна: – ТІаде вахъа. Дурго турутги босун, рокъове а, – ян.

7 ТІадеги вахъун, жиндирго рокъове ана гьев чи.

8 Гьеб бихьидал, халкъалъул руккел кутакалда хІинкъула, инсанасе гьединаб ихтияр кьурав Аллагьасе рецц гьабизе лъугьуна.

9 Гьениса нахъе унаго, ГІисада нухлул хІакъ бакІарулеб бакІалда гІодов чІун вихьана Матфей абулев цо гьеб ишалъе тІамурав чи. ГІисаца гьесда абуна: – Дида цадахъ вилълъа, – ян. Вахъун ГІисада цадахъ уна гьев.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

10 Гьале гьесул рокъов кваналев вукӀана ГӀиса. РачӀун гьесда ва гьесул
муридазда цадахъ гӀодор чӀун рукӀана гӀемерал магъало бакӀарулел
чагӀи ва цогидабги мунагь-хӀакъалъул агьлу.

11 Гьеб бихьидал, фарисеяз ГӀисал муридазда абуна: – Магъало
бакӀарулел чагӀаздаги ва цогидаб мунагь-хӀакъалъул агьлуялдаги цадахъ
гӀодовги чӀун щай гьав нужер мугӀалим кваналев?

12 Гьеб рагӀидал, ГӀисаца гьезда абуна: – Сахазе гурев тохтир
хӀажалъулев, унтаразейин.

13 Гьанже нуж ун лъикӀ, Аллагьасул гьадинал рагӀабазул магӀна
лъазабизе: «Нужер къурбанал рокьун гьечӀо дие, нужедаго гьоркьоб
гурхӀел-рахӀму бокьун буго». Аллагьасде руссине муъминзаби ахӀизе
гуро дун вачӀун вугев, мунапикъзаби ахӀизейин.

14 ЯхӀял муридал рачӀана ГӀисада аскӀоре: – Нижецаги фарисеязги кӀал
ккола, гьал дур муридаз кӀал щай кколареб? – ан гьикъана гьез.

15 ГӀисаца гьезда абуна: – БахӀарав аскӀов вугебгӀан мехалъ гьес берталъе
ахӀарал гьудулзаби къваридго-пашманго рукӀине бегьилищ? РачӀина
бахӀарав гьезухъа вахъун арал къоялги, гьеле гьебмехалъ кквела гьез
кӀалги.

16 ЦӀияб ххамил рукъи басрияб ратӀлида баларо лъицаниги, – цӀияб
букъун хадуб, басриябги бихъун ина, каратӀги дагьабги кӀодолъила.

17 Гьединго басрияб рахълъеналъубе цӀияб чагъирги тӀоларо. Гьелъ
рахълъен багьизабила, чагъирги гӀодобе чвахила, рахълъенги хвела.
ЦӀияб чагъир цӀияб рахълъеналъубе тӀуни, цонигиялъе зарал ккеларо.

18 Гьедин гьезие хабар бицунев ГӀиса вукӀаго, аскӀовеги вачӀун, цо
хӀакимас накалда чӀун гьарана гьесда: – ГьабсагӀат хвана дир яс. ВачӀун
дуца цо квер хъвани, чӀаголъила гьей.

19 Вахъун гьесда цадахъ ана ГӀиса, муридалги рахъана гьесда хадур.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

20 Анцlила кlиго соналъ би къотlичlого ва черх бацlцlалъичlого йикlарай цо чlужугlаданалъ къотlносан унев вукlарав Гlисал гlабаялдасан далун букlараб цо гlертелалда нахъасан ячlун квер хъвана.

21 Гlисал ратlлидагlаги квер хъвазе щвани, жий сахлъилин ракlалде кколаан гьелда.

22 Нахъехун вуссиндал гьей йихьарав Гlисаца абуна: – Хlинкъуге, дир яс, дурго божи-иманалъ хвасар гьаюнин мун. Гьебсагlатго сахлъана гьей гlадан.

23 Дов хlакимасул бакlалде гьал щведал, щвантlих пулел чагlи рачlун ратана гьенире. Руччабиги ругоан магlаби гьарулел.

24 Гlисаца гьезда абуна: – Нуж нахъе а. Гьей яс хун гьечlо, кьижун ккун йиго, – ян. Гьел гьасда тlад релъанхъизе лъугьана.

25 Гlадамал къватlире ритlидал, гьей ясалда аскlовеги ун, Гlисаца гьелъул квер ккуна, – яс тlаде яхъун ячlана.

26 Гьеб лъугьа-бахъиналъул хабар тlибитlана гьеб рахъалъул кинабго халкъалда гьоркьоб.

27 Гlиса гьениса тlадвуссун унаго, кlиго бецав чи вачlунев вукlана хаду-хадув. – Я, Давудил Вас Гlиса! Гурхlа мун нижеда! – ян ахlулеб букlана гьез.

28 Рокъове щведал, кlиявго бецав чи вачlана гьесда аскlове. Гlисаца гьезда гьикъана: – Нужеца гьарараб жо дида гьабизе кlвеялда божулищ нуж? – ан. – Божула, Бетlерчlахъад, – абун жаваб кьуна гьез.

29 – Нуж божараб жо лъугьаги нужее, – янги абун, гьезул беразда квер хъвана Гlисаца.

30 Канлъи бихьун, берал рагьун рачlана гьезул. Воре, лъиданиги бицунгейилан лъазабуна Гlисаца гьезда.

31 Амма гьеб рахъалъул тlолабго халкъалда гьоркьоб тlибитlизабуна гьез Гlисал хlакъалъулъ хабар.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

32 Гьел къватӀире индал, ГӀисахъе вачун вачӀана жундуз ккурав мацӀ
лъаларев чи.

33 ГӀисаца жен бачахъидал, гаргадизе кӀвана гьесда. Исраилил халкъалда
гьоркьоб гьединаб лъугьа-бахъин киданиги ккун букӀинчӀилан
гӀажаиблъун хутӀана гӀадамал.

34 Фарисеязни абулеб букӀана жундул рачахъизе гьесие жундузул ханас
кумек гьабулеб бугилан.

35 ГӀиса шагьаразде ва росабалъе хьвадулев вукӀана. Гьезул
синагогабазда гӀадамазе вагӀза-насихӀат гьабулаан, ПарччахӀлъиялъул
хӀакъалъулъ Рохалил хабар лъазабулаан, кинабго унтиялдаса, кинабго
щокълъиялдаса гӀадамал сахлъизарулаан.

36 Халкъалъул руккел бихьун, гьев гурхӀана, чара хун ва бакъхӀан, вехь
гьечӀеб гӀи гӀадин, гьел рукӀиндал.

37 Гьебмехалъ жиндирго муридазда абуна гьес: – Хуриб хӀалухъен гӀемер
бижун буго, хӀалтӀухъаби дагь руго.

38 Гьеб лъилъизе кверщел кодоб бугев БетӀергьанасда гьаре
лъилъарухъаби ритӀеян.

**Матфей 10**

1 АнцӀила кӀиго муридги ахӀун, ГӀисаца гьезие ихтияр кьуна жундул
рачахъизе ва кинабго унти, кинабго щокълъи гӀадамазда тӀаса инабизе.

2 Гьале гьев анцӀила кӀиявго чапарасул цӀарал: Пётр абун ГӀисаца
тӀокӀцӀар кьурав Симон ва гьесул вац Андрей, Зебедайил Якъуб ва гьесул
вац Иоанн,

3 Филипп ва Бартоломей, Фома ва магъало бакӀарулев чи Матфей,
Алфейил Якъуб ва Фаддей,

4 Симон Кананит ва хадув ГӀисае хилиплъарав Ягьуда Искариот.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Гьев анцIила кIиявго чапар витIана ГIисаца, гьадинаб насихIатги
гьабун: – Гьересиаллагьзабазе гIибадат гьабулел гIадамазухъе унеб
нухдеги лъугьунге нуж, самариязул шагьараздеги хIетIе чIоге.

6 Нуж а нух къосун хутIарал чахъаби гIадин бугеб Исраилил
халкъалъухъе.

7 Инеги ун лъазабе Аллагьасул ПарччахIлъи тIаде гIунтIун бугилан.

8 Унтарал сахлъизаре, хварал чIаголъизаре, барасалъ черх бацарал
рацIцIалъизаре, жундул рачахъе; нужееги чIобого щвана, нужецаги
чIобого кье.

9 Я месед, я гIарац, я пахьул шагьаби цадахъ росуге;

10 таргьа-къвачIаги босуге, хисизе ретIелги босуге, хьиталги росуге,
гIунтIизе гIунсбиги росуге. ХIалтIухъанасе квен хIалалаб бугелъул.

11 Пуланаб шагьаралде яги росулъе щведал, нужго тIад рещтIине
мустахIикъав чи валагье ва нахъе инегIан гьесухъ гьоболлъухъ чIа.

12 Рокъоре жанире лъугьунаго саламги кье.

13 Саламалъе мустахIикъаб рукъ гьеб бугони, биччанте салам гьезде
щвезе, гьечIони – гьеб нужедего буссине биччанте.

14 Ваамма нуж къабулги гьаричIони, нужер рагIабазухъ гIинги
тIамичIони, гьеб рокъоса яги шагьаралдаса къватIире рахъунаго нужерго
хьитаздаса хIурги кIутIун те.

15 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: къиямасеб къоялъ Содомалъул ва
Гоморраялъул халкъ гIемерго лъикI букIина гьеб шагьаралъул
халкъалдаса.

16 БацIазда гъорлъе чахъаби гIадин ритIулел руго дица нуж. Борхьал
гIадин цIодорго рукIа, маккал гIадин хIеренго рукIа.

17 ГIадамаздаса цIуне. Гьез нуж тIадегIанаб судалде ахIила, жидерго
синагогабазда жанир цIалаца рухила.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

18 Дун сабаблъун нуж наибзабазухъе ва парчахIзабазухъе рачина, гъезда цебеги цогидал халкъазда цебеги дир муридал рукIиналъе нугIлъи гъабизе.

19 Судалде ахIидал щибдай бицинаян ургъел ккоге нужеда. ГъебсагIат нужерго рекIелъе бачIараб жо абе.

20 Щайгурелъул, нуж гуро гъебмехалъ кIалъазе ругел, нужер рекIелъе нужер Инсудасан рещтIараб РухIин кIалъазе бугеб.

21 Вацас вац кьезе вуго чIвазе, инсуца вас кьезе вуго; жидерго эбел-инсуда данде рахъун лъималаз гьелги кьезе руго чIвазе.

22 Дун сабаблъун киналго гIадамазда рихина нуж. Амма ахиралде щвезегIан сабру гIурав чи хвасарлъила.

23 Цо шагьаралда нужее гIазаб-гIакъуба кьуни, цоги шагьаралде лъуте. ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: ГIадамил Лъимер къудратгун вачIинегIан ГIизраилалъул киналго шагьаразде щвезе бажариларо нужехъа.

24 Жиндирго мугIалимасдаса тIадегIанав вукIунаро мутагIил, лагъги вукIунаро жиндирго бетIергьанасдаса тIадегIанав.

25 Жиндирго мугIалимасда ващалъани, гIола мутагIиласе, жиндирго бетIергьанасда ващалъани, гIола лагъасеги. Рукъалъул бетIергьанасда жундузул ханилан цIар лъун бугони, гьесул рукъалъул агьлуялда кигIан квешаб цIардай лъела.

26 Гьедин бугониги, гьезукьа хIинкъуге нуж! Щайгурелъул кинабго балъгоябщинабги загьирлъулелъул, бахчун тарабги тIатунелъул.

27 Гьаб сардил бецIлъукье дица нужеда бицунеб бугеб рагIи бакъул канлъухъе бице нужеца; нужер гIинзукье дица щурулеб бугебабги тIохаздеги рахун лъазабе нужеца.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

28 Нужер черх чIвазе кIолезукьа хIинкъуге нуж, – рухI чIвазе кIоларелъул гьезда. Нуж хIинкъа нужер рухIги черхги жужахIалъубе рехизе кIолев Аллагьасукьа.

29 Цо пахьул шагьиялъухъ гурищ щолеб кIиго къадако. Амма нужер Инсул хIукму гьечIони, гьезул цонигияб хун ракьалде бортун бачIунаро.

30 Нужер хIакъалъулъ абуни, бетIералда чан рас батаниги, гьелги рикIкIунин ругел.

31 Гьединлъидал нуж хIинкъуге: киналго къудкуздаса хириял руго нуж.

32 ГIадамазда цебе дир рахъ ккурав чиясул дицаги зобалазда вугев дир Инсуда цебе рахъ кквезе бугебха.

33 ГIадамазда цебе диде инкар гьабурав чиясдаса зобалазда вугев дир Инсуда цебе дицаги инкар гьабила.

34 Нужеда ракIалде ккоге дун ракьалде рекъелги босун вачIун вугевилан. Рекъелги босун гурев, хвалченги босун вачIун вуго дун.

35 Дун вачIун вуго васасдаги инсудаги гьоркьоб, ясалдаги эбелалдаги гьоркьоб, нусалдаги якьадалдаги гьоркьоб рикьи ккезабизе.

36 Инсанасул тушман ккола гьесул рукъалъул агьлу.

37 Дидаса цIикIкIун жиндирго эбел-эмен рокьулев чи ярагьунаро дие. Дидаса цIикIкIун жиндирго лъимал рокьулев чиги ярагьунаро дие.

38 Живго тIад вазе хъанчги баччун, дида цадахъ вилълъунарев чиги ярагьунаро дие.

39 Жиндирго гIумру цIунун чIарав чи гьелдаса махIрумлъила; дие гIоло гIумруялдаса махIрумлъарас гьеб хвасар гьабила.

40 Нуж къабул гьарурав чи ккола дунги къабул гьавурав чилъун, дун къабул гьавуравги ккола дун витIарав Аллагь къабул гьавурав чилъун.

41 Гьев авараг вугилан абун, авараг къабул гьавурав чиясе аварагасе гIадинаб кири щвела. Гьев муъминчи вугилан абун, муъминчи къабул гьавурав чиясе муъминчиясе гIадинаб кири щвела.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

42 Дир мурид вугилан абун, цо пуланав, пакъирав чиясе гел цIун
цIорораб лъим кьуравги, хIакълъун абулеб буго дица нужеда,
кириялдаса махIрумлъиларо.

## Матфей 11

1 АнцIила кIиявго муридасе насихIат гьабун лъугIараб мехалъ, ГIиса гьеб рахъалъул шагьаразде ана халкъалда дарс малъизеги вагIза гьабизеги.

2 Туснахъалда вукIарав ЯхIяда рагIана МасихIил ишазул хIакъалъулъ.

3 – Мунищ дов нижехъе вачIине кколев чи, яги цогидав вачIинегIанищ ниж ралагьун чIезе кколел? – абун гьикъизе жиндирго муридзаби ритIана гьес ГIисахъе.

4 ГIисаца гьезие жаваб кьуна: – Инеги ун, нужеца ЯхIяда бице нужеда рагIулеб бугебги бихьулеб бугебги:

5 бецазда канлъи бихьулеб бугин, бохдулъа ракъварал рилълъанхъулел ругин, барасалъ унтарал рацIцIалъулел ругин, гIинкъазда рагIи рагIулеб бугин, хварал чIаголъулел ругин, мискинзабазда Рохалил хабар бицунеб бугин.

6 Дир рахъалъ щакдаричIев чи талихIав вугиланги абе.

7 Гьел нахъе араб мехалъ ГIисаца гIадамазда бицана ЯхIял хIакъалъулъ: – Щиб бихьизе нуж добмехалъ гIицIаб авлахъалде ун рукIарал? Гьороца хьвагIезабулеб муцIи бихьизейищ?

8 Щив вихьизе ун рукIарал? Беричаб ратIлилъ вугев чи вихьизейищ? ЧIухIараб ретIел ретIарал гIадамал дора парччахIзабазул кIалгIабазухъ руго.

9 Щив вихьизеха ун рукIарал? Авараг вихьизейищ? Аварагасдасагицин кIудияв чи вихьизе ун рукIанилан абулеб буго дица нужеда!

10 Гьесул хIакъалъулъин ТIухьдузда хъван бугеб: «Гьале, мун вачIиналде дуе нух къачIазе дирго илчи вуго дица цеве витIулев».


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: эбелалъ чехь къинлъун
гьаруразда гьоркьов ЯхІя авараг бищунго кІудияв вуго. Амма Зобалазул
ПарччахІлъиялда ругезул бищунго гьитІинавгицин гьесдаса кІудияв
вуго.

12 Жидерго мурадалде щвезе хІалица нух бахъулезе ЯхІя аварагасул
заманаялдаса бахъараб жакъа къоялде щвезегІанги бокьун буго
Зобалазул ПарччахІлъи кверде босизе.

13 ЯхІя авараг вахъинегІан халкъалъе нухлъун рукІана Мусал Къанунги
аварагзабазул вагІзабиги.

14 Гьез бицунелда нуж божулел ругони, ЯхІя вуго кІиабизе тІадвуссун
вачІине кколев вукІарав Иляс авараг.

15 ГІундул ругезда рагІизе биччанте гьеб!

16 Лъида релълъарал ругилан абилеб дица гьаб заманаялъул гІадамал?

17 Нижеца зурма пуна – Нуж кьурдизе рахъинчІо, МагІил бакънал рачана
– Нуж гІодизе лъугьинчІо, – ян къотІноре рахъун жидерго
гьалмагъзабазде ахІдолел лъималазда релълъуна гьел.

18 ВитІун вачІана я кваналарев, я гьекъоларев ЯхІя авараг. ШайтІабаз
ккурав чи вугилан абуна гьез гьесде.

19 ВачІана кваназеги кваналев, гьекъезеги гьекъолев ГІадамил Лъимер.
Гьез абулеб буго: «Гьале чехьквеш, гьекъолдухъан, магъало бакІарулел
чагІазулги мунагь-хІакъалъул агьлуялъулги гьудул», – абун. Амма
Аллагьасул ГІакъиллъи жиндирго ишаздалъун ритІухълъана.

20 КигІан гІемерал мугІжизатал жиндица рихьизаруниги, кантІун
Аллагьасде руссинчІел шагьаразул гІадамазда гІайиб чІвазе лъугьана
ГІиса:

21 – Балагьги гІазабги дуе, Хоразин шагьар! Балагьги гІазабги дуе,
Байтсаида шагьар! Тиралъулгун Сидоналъул гІадамазда рихьун
рукІаралани нужеда рихьарал гІадинал мугІжизатал, тІутІу-хъухъураб

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

парталги ретIун, ботIроде рахъуги бан, церего руссинаан гьел Аллагьасде.

22 Дица нужеда абулеб буго: Тиралъулги Сидоналъулги халкъалъе
къиямасеб къоялъ нужееялдаса бигьа букIине бугебха!

23 Дудаги, Капернаум, зобалазде бахине гьабилиниш ракIалде кколеб
бугеб? ЖужахIалъул кIкIалахъе рехила мун! Дуда рихьарал гIадинал
мугIжизатал Содомалда рихьун рукIаралани, жакъаги букIинаан гьеб
шагьар.

24 Амма, дица абулеб буго, Содомалъул халкъалъе къиямасеб къоялъ дур
халкъалъеялдаса бигьа букIине бугебха!

25 Гьебмехалъ ГIисаца абуна: – Дуе рецц буго, дир Эмен, зоб-ракьалъул
БетIергьан, дуца, цIодораздаса ва гIакъилаздаса балъгоги гьабун, лъимер
гIадиназе гьаб кинабго загьир гьабуралъухъ.

26 Уха, дир Эмен, гьелъулълъидалха бугеб дур цIобалъул гIатIилъи!

27 Кинабго дие дир Инсуца кьураб буго. Инсуда гурони, лъиданиги
лъаларо жиндирго Вас. Васасда ва Эмен жидее загьир гьавизе Васасе
бокьарал гIадамазда гурони, лъиданиги лъаларо Эмен.

28 ХIалтIул захIмалъи баччаралги гьир бакIлъаралги, дихъе рачIа нуж,
дица хIалхьи кьела нужее.

29 Дие гIоло горбода рукь лъезе рачIа, дидаса мисал босе: дун вуго
хIеренаб ва хIалимаб ракIалъул чи. Гьебмехалъ нужер рекIееги хIалхьи
бачIина.

30 Нужер горбода дица лъолеб рукьги бигьаяб бугелъул, нужер мугъзада
дица лъолеб гьирги тIадагьаб бугелъул!

**Матфей 12**

1 Гьеб заманаялда, пуланаб шамат къоялъ, цо хурзабахъан унев вукIана
ГIиса. Гьесул муридал ракъун рукIана. РетIун тIоралгун, ролъул мугьал
квине лъугьана гьел.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

2 Гьеб бихьарал фарисеяз ГІисада абуна: – Балагье, Мусал къануналъ шамат къоялъ гьабизе гьукъараб иш гьабулеб буго дур муридаз.

3 ГІисаца гьезда абуна: – Унго, цІаличІебищ нужеца, живгоги цадахъ рукІаралги ракъун хутІидал, Давудица щиб гьабурабали?

4 Аллагьасул рокъове жаниветги лъугьун, Давудица кванана гІицІго кашишзабаз гурони, я гьес, я гьесда цадахъ рукІараз кваназе гьукъараб чед.

5 Яги Къануналда цІаличІебищ нужеца, шамат къоялъ гьабизе гьукъараб иш кашишзабаз шамат къоялъ Мукъадасаб Рокъоб гьабуниги, гьезие хІакъ букІунарилан?

6 Дица нужеда абулеб буго: гьале гьаниб бугебаб гІемерго тІадегІанаб буго гьеб Мукъадасаб Рукъалдаса.

7 «Нужер къурбанал рокьун гьечІо дие, нужедаго гьоркьоб гурхІел-рахІму бокьун буго», – ян абурал рагІабазул магІна бичІчІулебани, гІайибго гьечІезда гІайиб чІвалароан нужеца.

8 Шамат къоялъул ихтияр ГІадамил Лъимадухъ буго.

9 Гьениса вахъун ун гьезул синагогаялъуве лъугьана ГІиса.

10 Гьенив вукІана цояб квер бакъварав чиги. ГІисаде гІайиб гІунтІизабизе бокьун, гьесда гьикъана шамат къоялъ гІадамал сахлъизаризе къануналъ изну кьолебищилан.

11 ГІисаца гьезда абуна: – Жиндирго цохІо бугеб чахъу шамат къоялъ гъваридаб гвандинибе бортани, квер бегьун къватІибе бахъиларищ гьелъул бетІергьанас гьеб?

12 Чахъдадаса чи кигІан хириявха вугев! Гьединлъидал къануналъ изну кьола шамат къоялъги чиясе лъикІлъи гьабизе.

13 Квер бакъварав чиясда ГІисаца абула квер гІебеде битІейилан. Гьес квер гІебеде битІула, ва гьебсагІат гьеб сахлъун, добцояб квер гІадин, лъугьуна.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

14 КъватІире рахъун фарисеял дандельула ГІиса тІагІинавизе тадбиралъе
ургъизе. Гьебги лъан, ГІиса гьениса нахъе уна.

15 Гьесда хадуб гІемераб халкъ бачІуна. Киналго унтарал гьес
сахлъизарула.

16 Жиндир хІакъалъулъ лъиданиги бицунгейиланги лъазабулаан.

17 Гьеб гьедин ккана, Ишая аварагасда Аллагьас абурал гьадинал рагІаби
ритІухълъизе:

18 «Гьале гьав вуго дица тІаса вищарав дир рагьтІател. Гьав дие вокьула,
дир ракІги бохун буго гьасдаса. Дица гьасулъ дирго РухІ лъолеб буго.
Дир амру лъазабила гьас халкъазда.

19 Гьав дагІбадизе лъугьинаро, ахІдезе лъугьинаро, къватІахъ лъиданиги
гьасул гьаракьги рагІиларо.

20 Бекараб муцІидул чІорцин тІун рехиларо, гІодобе кьурараб чирахъул
билтаялда хутІараб загІипаб цІагицин свинабиларо. Гьедин букІина
ритІухълъиялъул къо гьас дуниялалде рещтІинабизегІан.

21 Гьасул цІаралда базабила халкъаз жидерго анищги хьулги».

22 Гьебмехалъ ГІисахъе вачун вачІана жундуз ккурав цо чи. Бецлъунги
вукІана гьев, мацІги лъалеб букІинчІо. ГІисаца сахлъизавун, гьесда
кІалъазеги кІвана, беразда канлъиги бихьана.

23 Гьелда гІажаиблъун-хІикмалъун тІолабго халкъалъ абулеб букІана: –
Давудил Вас МасихІцин гурищ гьав? – абун.

24 Амма гьеб рагІидал, фарисеяз абуна: – Жундузул хан Беэлзебулил
кумекалдалъун гурони, тІокІаб сундалъунниги гуро гьав чияс жундул
рачахъулел ругел.

25 Гьезул пикрабиги лъан, ГІисаца гьезда абуна: – Цо пуланаб
ханлъиялда жаниб кьал ккани, гьеб ханлъи биххула. Цо пуланаб
шагьаралда яги хъизаналда жаниб кьал ккани, гьелги риххичІого
хутІуларо.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

26 Илбисалъ жибго илбис бачахъулеб бугони, жиндаго жаниб къал букIине ккола гьелъул. БиххичIого хутIилищ гьебмехалъ гьелъул ханлъи?

27 Дица жундул Беэлзебулил кумекалдалъун рачахъулел ратани, нужер умматалъул гIадамаз лъил кумекалдалъунха гьел рачахъулел? Гьеле гьел гIадамаз нуж мекъи рукIин чIезабила гури.

28 Амма дица жундул Аллагьасул РухIалъул къуваталдалъун рачахъулел ругелъул, Аллагьасул ПарччахIлъи нужеде гIагарлъун букIин бичIчIула гьелдасан.

29 Цо къуватав чиясул рокъове лъугьун, гьесул боцIи-рикъзи бикъизе лъида кIвелеб, цин гьев вухь-вухьун рехун хадуб гурони. Гьебмехалъ кIвела гьесул рукъ бикъизе.

30 Дунгун цадахъ гьечIев чи, гьев вуго дида дандечIарав чи. Дида цадахъ хIалухъен бакIаруларес гьеб рахъ-рахъалде щущазабила.

31 Гьединлъидал дица нужеда абулеб буго: киналниги мунагьалги ва иманалда лъурал бугьтаналги тIасалъугьун тезе руго БетIергьанас. Амма Илагьияб РухIалда лъураб бугьтаналда тIасалъугьине гьечIо.

32 ГIадамил Лъимада дандечIун рагIи абурав чиясдаса Аллагь тIасалъугьина, амма Илагьияб РухIалда дандечIун рагIи абурав чиясе тIасалъугьин букIине гьечIо.

33 Пихъ лъикIаб бугин абулес гъветIги лъикIаб бугин абе, яги гъветI турараб бугин абулес пихъги турараб бугин абе. Пихъихъ балагьунин гъветI лъалеб.

34 ГIай нуж чIегIераб борхьил наслу! Нужго квешалги рукIун, лъикIал рагIаби кIалалъ абизе кин нужеда кIолеб? РакIалда бугеб гурони кIалалъ бицунарелъул.

35 ЛъикIав чияс лъикIаб хазинаялъул гъансиниса къватIибе лъикIлъи бахъула, квешав чиясин абуни квешаб хазинаялъул гъансиниса къватIибе квешлъи бахъула.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

36 Гьале дица нужеда абулеб буго: къиямасеб къоялъ инсанас жаваб кьезе
буго лъикIлъиялъе гурони жиндир кIалдиса къватIибе бачIараб щибаб
рагIиялъул.

37 Щайгурелъул, Аллагьас мун витIаравлъунги рикIкIина дур рагIабазухъ
балагьун, дуе тамихIги гьабила дур рагIабазухъ балагьун.

38 Гьебмехалъ цо-цо диниял гIалимзабаз ва фарисеяз ГIисада абуна: – Я,
МугIалим! Дуца цо гIаламат бихьизабизе бокьилаан нижее.

39 ГIисаца гьезие жавабалъе абуна: – Квешлъиги хъахIбалъиги
гIемерлъараб умматалъин гIаламат тIалаб гьабулеб. Юнус аварагасул
гIаламат гурони, цогидаб гIаламат гьаб умматалъе букIине гьечIо.

40 Юнус аварагас ччугIил чохьониб бана лъабго къоги лъабго сордоги,
гьелда релълъун ГIадамил Лъимацаги ракьул чохьониб базе буго лъабго
къоги лъабго сордоги.

41 Ниневиялъул халкъги бахъина къиямасеб къоялъ гьаб умматалда
цадахъ ва гьезги гIайиб чIвала гьазда, Юнус аварагасухъ гIенеккун гьел
Аллагьасде руссиндал. Гьале гьанив вугевав гIемерго тIадегIанав вуго
Юнус аварагасдаса.

42 Гьаб умматалда цадахъ яхъина къиямасеб къоялъ Къилбаялъул
парччахIги. Гьелъ гIайиб чIвала гьазда, гьей дуниялалъул рагIалдаса
яхъарай ячIиндал Сулайман аварагасул гIакъилаб рагIухъ гIенеккизе.
Гьале гьанив вугевав гIемерго тIадегIанав вуго Сулайман аварагасдаса.

43 Инсанасул чорхолъа бачахъараб хъубаб жен ракъдалал авлахъазда
терелеб-женжедулеб букIуна, жиндиего рахIат-хIалхьи балагьулаго.

44 Амма рахIат-хIалхьи батуларо женалда. Гьелъ абула: «РачIа, дун цебе
дунго букIараб рокъобе тIадбуссина», – ян. ТIадбуссун щведал, гьелда
рукъ батула лъухьун, къачIан, чIобого.

45 Женалъ жиндасаги гIасияб анкьго женги бачуна жиндаго цадахъ гьеб
рокъобе. Рахъун гьенир чIола гьел. Гьебмехалъ дов чи цебе

букIаралдасаги квешаб хIалалде ккола. Гьедин ккезе буго гьаб квешаб умматалъеги.

46 Халкъалдехун кIалъалев ГIиса вугев мехалъ, гьесда кIалъазе бокьун, къватIир чIун рукIана гьесул эбелги вацалги.

47 Доле дур эбелги вацалги, дуда кIалъазе бокьун, дора къватIир чIун ругилан абуна гьесда цояс.

48 Гьесие жавабалъе ГIисаца абуна: – Дир эбел щий кколей? Дир вацал щал кколел?

49 Квер битIун жиндирго муридалги рихьизарун, гьес абуна: – Гьале дир эбелги дир вацалги.

50 Щайгурелъул, Зобалазда вугев дир Инсул амру тIубазе гьабулев чи щив вукIаниги, гьев ккола дие вацги, яцги, эбелги.

**Матфей 13**

1 Гьебго къоялъ рокъоса къватIиве вахъун ралъдал рагIалде ун гIодов чIун вукIана ГIиса.

2 ГIадамазул кIудияб руккел бакIарун букIана гьенибе. Гьединлъидал гьев росоде вахине ккана, тIолабго халкъин абуни ралъдал рагIалда чIун букIана. БатIи-батIиял мисалалги рачун, гIемераб хабар бицана гьезие ГIисаца:

3 – Хуриб хьон хьазе вахъун вукIанила цо чи.

4 Хьалаго-хьалаго цо-цо мугьал нухде рортанила, роржун рачIун хIанчIаз рищанила гьел.

5 Цо-цо мугьал ракьул хъал гурони тIад гьечIеб тIалде кколел рукIанила. Ракь тIеренаб букIиндал, гьел гьенир хехго тIирщанила ва тIаде раккизе лъугьанила.

6 Амма бакъ тIад речIчIарабго речIан анила гьел ва, гъваридго ракьулъе къалбал риччан рукIинчIелъул, хеккого ракъванила.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Цогиги мугъал заз-хъарахъалде гъорлъе ккантла, хIалигъун бижараб
чIахIицаги зазицаги гъел гъанкъун реханила.

8 Цогидал мугъал кканила лъикIаб ракъалда тIаде, гъезул цоязда
лъугъанила нусго мугъ бугеб тIор, цогидазда – лъабкъого мугъ бугеб
тIор, цогидазда – лъеберго мугъ бугеб тIор.

9 ГIундул ругезда рагIизе биччанте гъеб!

10 ГIисада аскIоре рачIун муридаз гьикъана щай мун дозда мисал бачун
кIалъалевилан.

11 Гъезие жавабалъе ГIисаца абуна: – Нуж руго Зобалазул
ПарччахIлъиялъул балъголъи лъазе рес щварал гIадамал, амма гъезие
гъеб рес щвечIо.

12 Кодолъи бугесе гIунги тIокIлъиледухъ тIадеги кьезе буго, кодолъи
гьечIесухъа бугебги бахъизе буго.

13 Мисалал рачун бицуна дица гъезие, ралагьун ругониги гъезда
бихьуларелъул, гIенеккун ругониги гъезда я рагIуларелъул, я
бичIчIуларелъул.

14 Гъезухъ балагьун ритIухълъула Ишая аварагасда Аллагьас абураб
гьадинаб калима: «ГIиналда рагIаниги, нужеда бичIчIиларо, beралда
бихьаниги, нужеда лъаларо.

15 Щайгурелъул гьаб халкъалъул ракIалги согIлъун руго, гIундулги
гъугълъун руго, бералги къанщун руго гъез. Гъез гьедин гьабулеб буго
беразда канлъи бихьунгутIизе, гIундузда рагIи рагIунгутIизе, рекIелъе
щибго босунгутIизе, дица сахлъизаризе дихъе нахъруссунгутIизеги».

16 Гьардарал гурищха нужер берал, гьезда бихьулеб бугелъул. Гьардарал
гурищха нужер гIундул, гьезда рагIулеб бугелъул.

17 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: гIемерал аварагзабазеги
вализабазеги бокьун букIана нужеда бихьулеб бугеб бихьизе, амма


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

гьезда бихьичIо. Нужеда рагIулеб бугеб рагIизеги бокьун букIана, амма гьезда рагIичIо.

18 Гьанже гIенекке, хуриб хьон хьалев вукIарав чиясул хIакъалъулъ дица бачараб мисалалъул магIна бицинин нужеего.

19 Аллагьасул ПарччахIлъиялъул хIакъалъулъ бицаралъухъ гIенекканиги, гьеб бичIчIичIев чиясул рекIелъе лъугьарал рагIаби бачIун илбисалъ рикъун ина. Гьеб ккола нухде рортарал мугьазул магIна.

20 Ракьул хъал гурони тIад гьечIеб тIалде рортарал мугьал – гьел ккола Аллагьасул рагIи рохун къабул гьабурал гIадамал.

21 Амма рекIел гъварилъуда кьалбал гьечIелъул, гьеб халат хутIуларо. Къабул гьабураб рагIи сабаблъун хIинкъабиги къварилъабиги тIаде ккараб мехалъ, гьединав чияс къо хIехьоларо.

22 Заз-хъарахъалде гъорлъе рортарал мугьал – гьел руго Аллагьасул рагIухъ гIенеккулелал. Амма гьаб дуниялалъул тIалаб-агъазалъ ва бечелъизе бугеб гьираялъ гъоркькъинарула гьел мугьал, гьезда тIорги баларо.

23 ЛъикIаб ракьалде рортарал мугьал – гьел руго гьеб рагIи рагIулелал ва бичIчIулелал. Гьезул тIоразда бижила цоязда нусго нухалъ, цогидазда лъабкъого нухалъ ва цогидазда лъеберго нухалъ цIикIкIун мугь.

24 Мисал бачун цоги хабар бицана ГIисаца гьезие: – Зобалазул ПарччахIлъи релълъуна жиндирго хуриб лъикIаб хьон хьарав цо пуланав чиясда.

25 Амма гIадамал кьижараб мехалъ вачIун тушманас гьесул ролъул хурибе чIахIил хьон хьан буго ва нахъе ун вуго.

26 Ролъ тIаде баккун, тIор балеб мехалъ, хуриб чIахIги загьирлъун буго.

27 РачIун хурул бетIергьанасда абун буго гьесул рагьтIателаз: – Я, бетIерчIахъад, лъикIаб хьон гурищ дуца хуриб хьан букIараб? ЧIахIица бацун буго гури доб.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

28 Тушманас гьабун батилин гьеб ишилан абун буго хурул бетIергьанас.

29 Доб чIахI бахъизе инищилан абун буго лагъзадерица.

30 Унгейилан абун буго гьас. ЧIахI бахъулаго цадахъ ролъги бахъизе
гурин нужеца. Хур лъилъизе заман щвараб мехалъ, дица
лъилъарухъабазда абила батIаго лъилъун, бухIизе чIахIил гулал
къайилан, ролъги дир цагърахъе байилан.

31 Мисал бачун, цоги хабар бицана ГIисаца гьезие: – Зобалазул
ПарччахIлъи релълъуна жиндирго хурибе цо пуланав чияс хьараб
горчицаялъул хьодул мугьалда.

32 Гьеб буго киналго хурдузул хьоназда гьоркьоб бищунго гьитIинаб
хьодул мугь. Амма гьелдасан лъугьуна хъархъаздасаги кIудияб гъветI.
Роржун рачIун хIанчIаз бусаби гьарула гьеб гъотIол гIаркьалабазда.

33 Цогиги мисал бачана ГIисаца гьезие: – Зобалазул ПарччахIлъи
релълъуна цо пуланай чIужугIаданалъ ханждал лъабго къалиялда
гъорлъе рехараб ва тIубанго гьеб беччизабураб реччеялда.

34 ГIисаца гьеб кинабго мисал бачун бицана халкъалъе, мисал гъорлъ
гьечIеб каламго букIунароан гьесул.

35 Цо аварагасда Аллагьас абураб гьадинаб калима ритIухъ гьабулеб
букIана гьелъ: «Дунял бижаралдаса балъго хутIарал ишал, Харбилъ
мисалал рачун, рицина дица нужей».

36 Цинги, гIадамалги нахъе ритIун, рокъове щвана ГIиса. АскIоре рачIун
гьесул муридаз гьарана ГIисада доб хуриб бижараб чIахIил мисалалъул
магIна бицеян.

37 Гьес бицана: – Хуриб лъикIаб хьон хьалев чи ккола ГIадамил Лъимер.

38 Хур ккола дуниял. ЛъикIаб хьон ккола ПарччахIлъиялъул агьлу. ЧIахI
ккола илбисалъул агьлу.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

39 ЧIахIил хьон хуриб хьарав тушман ккола илбис. Лъилъаризе заман
щвараб мех ккола ахир къиямасеб къо. Лъилъарухъаби ккола
малаикзаби.

40 Хуриса чIахI бецун цIадабе балеб гIадин букIина къиямасеб къоялъги.

41 ГIадамил Лъимаца жиндирго малаикзаби ритIила, ва гьез гьесул
ПарччахIлъиялдаса чIарала жидеца гIадамал мунагьалъукье
ккезаруралги квешлъи гьабуралалги – киналго.

42 Цинги гьел цIадул коронире рехила. ГIодилел ва цаби кьерщезарулел
хутIила гьел гьенир.

43 РитIун ккаралал гьебмехалъ рукIина жидерго Инсул ПарччахIлъиялда
бакъ гIадин кенчIелел. РагIизе гIундул ругезда гьеб рагIила!

44 Зобалазул ПарччахIлъи рельлъуна цо пуланав чиясда чияр хуриб
батараб хазинаялда. Гьесги гьенибго бахчун тун буго гьеб. Гьелдаса
вохиялъ, инеги ун, кинабго жиндирго боцIи-рикъзиги бичун, гьеб хур
босун буго гьес.

45 Зобалазул ПарчахIлъи рельлъуна бищунго берцинаб жавгьар
балагьулев вукIарав цо базарганасда.

46 Батун буго гьесда бищунго къиматаб жавгьар. Инеги ун, кинабго
жиндирго букIанщинаб боцIи-рикъзиги бичун, босун буго базарганас
гьеб жавгьар.

47 Зобалазул ПарччахIлъи рельлъуна ччугIа ккезе ральдалъе рехараб
гьиналда. Гьиналъ гIемераб батIи-батIияб ччугIа ккун букIун буго.

48 ЦIураб мехалъ ччугIихъабаз гьин рагIалде цIан буго. ГIодорги чIун,
лъикIаб ччугIа батIа гьабун гьез гьагьинибе бан буго, квешаб нахъе бан
буго.

49 Гьедин букIине буго къиямасеб къоялъги. РачIун малаикзабаз
лъикIалги квешалги гIадамал ратIа гьаризе руго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

50 Цинги квешал цIадул коронире рехила. ГIодилел ва цаби къерщезарулел хутIила гьел гьенир.

51 БичIчIулеб бугищ нужеда? – ян гьикъана гьезда ГIисаца. Бугилан абуна гьез.

52 Цинги гьес абуна: – Гьединлъидал Зобалазул ПарччахIлъиялда муридлъун лъугьанщинав динияв гIалимчи релълъуна жиндирго гъансиниса цIиябги басриябги хазина цадахъ къватIибе бахъулев рукъалъул бетIергьанасда.

53 Гьел мисалал рачун лъугIараб мехалъ, ГIиса гьениса нахъе ана.

54 Живго гIураб шагьаралдеги вачIун, гьениб гьезул синагогаялъуб Аллагьасул рагIи малъизе лъугьана ГIиса. ГIадамал гIажаиблъун хутIун рукIана, гьадинаб гIакъиллъи-цIодорлъи гьесие кисадай щванаян, мугIжизатал рихьизаризе киндай гьеседа кIолаян.

55 – Гьадав цIулал устарасул вас гурищ гьав? Марям гурищ гьасул эбелалда цIар? Гьасул вацал гурищ Якъубги, Юсупги, Симонги, Ягьудаги?

56 Гьанир нилъеда аскIор гурищ гьасул киналго яцал ругел? Цинги гьаб гIакъиллъиги карамалъиги кисаха гьасие щвараб?

57 Гьедин, васвасаца ккун, гьесда божичIо гьел. Гьебмехалъ ГIисаца гьезда абуна: – Къимат-къадру гьечIев авараг цоиги вукIунаро, амма жиндирго инсул росдацаги, жиндирго рукъалъул агьлуялъги гьев рикIкIунаро.

58 Гьел божулел рукIинчIелъул, дагьал гурони мугIжизатал рихьизаричIо гьенир ГIисаца.

**Матфей 14**

1 Гьеб заманаялда Галилеялъул ханлъун вукIарав Гьеродида рагIана ГIисал хIакъалъулъ.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Гьес жиндирго нукарзабазда абуна: – ЯхІя авараг ватизе ккола гьев,
хваралъуса вахъун вачІун, гьединлъидал гьес рихьизарулел руго гьел
мугІжизаталги.

3 Гьев Гьеродица кквезеги ккун, рахсалги ран, гвандиниве рехун вукІана
ЯхІя авараг. Гьелъие сабаблъун ккана Гьеродил вац Филиппил йикІарай
чІужу Гьеродиада.

4 ЯхІяца гьесда абулеб букІиндалха дуца гьей ячине бегьуларилан.

5 ЯхІя чІвазе бокьун букІана Гьеродие. Амма халкъалъукьа хІинкъана,
киназго гьев авараглъун рикІкІунев вукІиндал.

6 Гьерод гьавураб къо кІодо гьабулеб рохалилъ Гьеродиадал яс цее яхъун
кьурдана. Гьелдаса разилъарав Гьеродица 7 гьей ясалда гьедун абуна,
дуе бокьараб сайигъат кьезе хІадурав вугин, цІар чІвай дургоян.

8 Эбелалъ малъун гьей ясалъ абуна, гьаниб гъадрида жаниб лъун, ЯхІя
аварагасул бетІер кьейилан.

9 Хан пашманлъана. Амма гьалбадеридаги рагІун гьедараб гьа хвезабизе
бокьичІого, кьейилан амру гьабуна гьес.

10 Гвандиниве чи витІун ЯхІял бетІер къотІизабуна Гьеродица.

11 Гъадриниб лъун босун бачІана бетІер ва ясалъухъе кьуна, гьелъги
жиндирго эбелалъухъе босун ана.

12 Цинги ЯхІял муридаз гьесул жаназа, нахъеги босун, хабалъ букъана,
ва лъугьа-бахъаралъул хІакъалъулъ ГІисада бицине ана гьел.

13 Гьеб хабар рагІидал ГІиса, росодаги рекІун, гІадан-чи гьечІеб бакІалде
ана халкъалдаса ватІалъун. Гьев аравлъи лъараб мехалъ шагьараздаса
гІадамал ракъдадасан ана гьесда хадур.

14 Ракъдаде лъугьараб мехалъ ГІисада гьениб бихьана гІемераб халкъ.
ГІиса гьезда гурхІана ва унтарал сахлъизаруна.

15 Бакъанимех гІагарлъулеб букІана. ГІисада аскІоре рачІун гьесул
муридаз абуна: – ГІадан-чиго гьечІеб бакІ бугин гьаб, сордоги тІаде

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

щолеб бугин, нахъе айилан абе гьал гIадамазда, росабалъе ун жидеего квен-тIех босизе.

16 ГIисаца гьезда абуна: – Гьел кирениги ине ккеларо. Нужеца кваназаре гьел.

17 Муридаз абуна жидехъ щуго чедги кIиго ччугIаги гурони гьечIилан.

18 Гьеб жиндихъе босун рачIаян абуна ГIисаца гьезда.

19 Харда тIад гIодор чIаян гьел гIадамаздаги лъазабун, ГIисаца щуябго
чедги кIиябго ччугIаги кодобе босана, зобалаздехун вуссун квантIе дугIа
гьабуна ва бек-бекун муридазухъе кьуна. Гьезги гIадамазе бикьана.

20 Киналго гIорцIизегIан кванана, нахъе хутIарал кесказулги анцIила
кIиго гьегь цIезабуна.

21 Руччабиги лъималги малъичIого, щуазаргогIанасев чи вукIана гьенив.

22 Гьеб халкъ нахъе биччалалде ГIисаца муридал ритIана, росодаги
рекIун, ралъдал добцояб рахъалде цере-цере айилан.

23 Халкъги нахъе биччан, ГIиса живго цохIо магIарде вахана Аллагьасе
гьари-дугIаялъе. МаркIачIубер рукIкIараб мехалъги живго цохIо гьенив
вукIана ГIиса.

24 Дозул раса хIорил рагIалдаса чанго километралъ рикIкIалъун букIана.
Данде гьури букIун карачелаз раса хьвагIезабулеб букIана.

25 Жеги хъахIлъи рехилалдего ралъдал лъеда тIасан вилълъун ГIиса
гьезда хадув ана.

26 Лъеда тIасан вилълъун вачIунев гьесда бер чIвайдал, муридал
хIинкъун хаган хутIана. Хваразул рухI бугин гьебиланги абун, гIемерго
хIинкъиялъ ахIдезе лъугьана.

27 – Дун вуго! Нуж расги хIинкъуге! КъвакIун чIа! – ян ахIана гьебсагIат
гьезде ГIисаца.

28 – Я, БетIерчIахъад! Нижеда цеве вугев чи мун ватани, лъеда тIасан
дуда данде вачIине амру гьабе диеги, – ян абуна Пётрица гьесда.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

29 – ВачIа! – ян абуна ГIисаца. Росониса къватIиве вахъун, лъеда тIасан
ун ГIисада аскIове щвана Пётр.

30 Амма кутакаб гъури речIчIун бачIунеб бихьун, гъев хIинкъана,
гъанкъизехъин вукIана. – Я, БетIерчIахъад! Дун хвасар гъаве! – ян
ахIдана гъев ГIисаде.

31 – Ле иман дагъав инсан! Щай дур рекIелъе щаклъи лъугъараб? – анги
абун, гъебсагIат квер бегъун ккуна ГIисаца гъев.

32 Гъел кIиялго росонире лъугьиндал, гъури къатIана.

33 – ХIакъикъаталдаги мун Аллагъасул Вас вуго! – ян, гъесие бетIер
къулана росода рукIараз.

34 Добаб рагIалдеги рахун гъел щвана Геннесареталъул ракьалде.

35 Гъеб бакIалъул гIадамазда ГIиса лъана. Гъев вачIун вугилан тIолабго
сверухълъиялда лъазабизе чагIи ритIана. Киналго унтарал росун, рачун
рачIана гъесухъе.

36 Дур гIабаялъул гIерталалда квер хъвазегIаги тейилан гъарулеб букIана
гъез. Гъелда квер хъваралщиналги сахлъулел рукIана.

**Матфей 15**

1 Гъебмехалъ ГIисахъеги рачIун, Иерусалималдаса диниял гIалимзабаз ва
фарисеяз абуна:

2 – Дур муридаз нилъер умумузул динияб гIадат щай цIунулареб?
Кваналелде кверал чурулел гьечIогури гъез.

3 ГIисаца гъезда абуна: – Нужерго гIадат цIунизе бокьун, нужецаго щай
Аллагъасул амру тIубазабулареб?

4 Аллагъас абун буго: «Дурго инсулги эбелалъулги адаб-хъатир гъабе!»
Хадубги: «Жиндирго инсул яги эбелалъул хIакъалъулъ квешаб рагIи
абурав чи чIвазе ккола», – ян.

5 Нужеца малъулеб буго: «Дидасан нужее щвезе кколеб букIараб жо дица
Аллагъасе назру гъабунилан жиндирго инсуда яги эбелалда абурав чияс


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 инсулги эбелалъулги адаб-хъатир гъабизе кколаро», – ян. Гъедин
нужеца нужерго гӀадаталдалъун хвезабулеб буго Аллагьасул амру.

7 Вай, нужее ххвелал гьаризе бокьулеб куц! Нужер хӀакъалъулъ Ишая
аварагасул тӀехьалда цӀакъ битӀун абун бугебха:

8 «Гьел гӀадамазул кӀалалъ Дир цӀар гӀемер рехсола, Амма гьезул
ракӀални рикӀкӀад руго Дидаса.

9 ГӀадада ккела гьезул Дие гьабураб тӀагӀат, ГӀадамазул гӀадатал цӀунизе
халкъ тӀамидал».

10 Нахъеги халкъги аскӀобе ахӀун, ГӀисаца абуна:

11 – Дихъ гӀенекке нуж: кӀалдиса жанибе аралъ гуро инсан
хъублъизавулев, кӀалдиса къватӀибе бачӀаралъин. Гьеб бичӀчӀа нужеда!

12 Гьебмехалъ, аскӀоре рачӀун, муридаз абуна ГӀисада: – Дур рагӀабаз
фарисеял ццидахинарун рукӀин лъалищ дуда?

13 ГӀисаца гьезие жаваб гьабуна: – Зобалазда вугев дир Инсуца ахикь
чӀечӀебщинаб гъветӀ кьолболъа бахъун рехизе буго.

14 ЖахӀалго те гьел. Гьел руго бецал чагӀи, квер ккун хадур цӀалел
бецукал. Бецукас ккун бецук вачунев вугони, кӀиялгоги гвандинире
рортила гьел.

15 Пётрица гьарана дол рагӀабазул магӀна бицеян.

16 – ГьедигӀанго жо бичӀчӀуларел чагӀийищха нужги, – ян хӀикмалъана
ГӀиса.

17 Нилъеца кӀалдибе босараб жо чохьонибе ккоleблъи ва гьенисан
къватӀибе унеблъи лъаларебищха нужеда?

18 Амма кӀалдисан къватӀибе бачӀуна рекӀелъ бугеб жо. Гьеле гьелъин чи
хъублъизавулев.

19 Щаян абуни, инсанасул рекӀелъан рачӀуна квешал къасдалги, чӀвай-
хъвейги, зиначилъиги, хъахӀбалъиги, цӀогьги, гьересинугӀлъиги,
бугьтанги.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

20 Гьеб киналъго хъублъизавула инсан. Амма кваналелде кверал чуричIогойилан гьев хъублъуларо.

21 Гьениса вахъун ГIиса унев вукIана Тиралъул ва Сидоналъул улкабазде.

22 Ханааналдаса цо гIадан ячIана ГIисада аскIое ва гIодилаго ахIдезе лъугьана: – Я, БетIерчIахъад! Я, Давудил Вас! ГурхIа мун дида. Дир яс йиго шайтIабаз ккун кутакаб гIазабалда гъоркь.

23 Гьелъие жаваб гьабун цо рагIицин абичIо ГIисаца. АскIоре рачIун муридаз гьарана, гьадай гIадан ахIделаго нилъеда хадуй ячIуней йигин, дой нахъе йитIеян.

24 Гьезие жаваб гьабун ГIисаца абуна: – Дун Исраилил умматалъухъе витIун вуго вехьасухъа риларал чахъаби гIадин ругел гьелъул гIадамал ралагьизе.

25 АскIое ячIун, ГIисада цее накабаздаги чIун, гьарулеб букIана дой гIаданалъ: – Я, БетIерчIахъад! Кумек гьабе дие, – ян.

26 – Лъималазул кIалдиса бахъун чед гьабзазе базе бегьуларо, – ян абуна гьелда ГIисаца.

27 Гьей гIаданалъ абуна: – Я, БетIерчIахъад! Гьебни битIараб буго. Амма жидерго бетIергьабазул столалдаса рортарал кескал рукъалъул гьабзазеги щолагури.

28 Гьебмехалъ ГIисаца гьелда абуна: – Я, чIужугIадан! Кутакаб божи-иман буго дур рекIелъ. РекIел мурад тIубайги дур! ГьебсагIат сахлъана гьей гIаданалъул яс.

29 Гьениса вахъун ун, Галилеялъул ральдал рагIалдасан вачIун, цо магIарде вахана ГIиса ва гьенив чIана.

30 ГIемераб халкъ бачIана ГIисада хадуб гьенибеги. Гьезда гъорлъ рукIана рекъал, гIажизал, бецал, мацI лъаларел ва цогидабги гIузру-сакъат бугел гIадамал. Гьесул хIатIазда цере лъолел рукIана гьединал гIадамал, ва гьес гьел сахлъизарулаан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

31 МацI лъаларел кIалъалел ругелъул, бецазда канлъи бихьулеб
бугелъул, гIажизал сахлъулел ругелъул, рекъал лъикIго рилълъанхъулел
ругелъул, тIолабго халкъ гIажаиблъун хутIун букIана. Исраилил
Аллагьасе рецц гьабулеб букIана гьез.

32 Жиндирго муридалги аскIоре ахIун, ГIисаца гьезда абуна: – Гьал
гIадамазда гурхIун вуго дун. Гьале лъабабго къоялъ дида аскIор чIун
руго. Кваназе жоги хутIун гьечIо гьазухъ. Гьал кваначIого риччазеги
бокьун гьечIо дие: нухда рухI дагьлъун гIодор ккезе бегьула.

33 Муридаз гьесда абуна: – ГьадигIан гIемераб халкъ гIорцIизе гIураб чед
гьаб гIалхуда киса бахъилеб нижеца?

34 Чан чед нужехъ бугебилан гьикъана ГIисаца гьезда. Анкьго чедги цо
чанго ччугIаги бугилан абуна гьез.

35 Цинги ГIисаца гьел гIадамазда абуна кваназе гIодор чIайилан.

36 Доб анкьабго чедги чанго ччугIаги кодобе босун, тIаде дугIаги гьабун,
ГIисаца бек-бекун жиндирго муридазухъе кьуна, гьезги халкъалъе
бикьана гьеб.

37 Киналго гIорцIизегIан кванана гьенир, нахъе хутIарал чадил
мочIабазулги анкьго гьегь цIуна.

38 Руччабиги лъималги малъичIого, ункъазарго чи вукIана гьенив
кваналев.

39 Халкъги нахъе биччан ГIиса, росодаги рекIун, Магаданалъул ракьалде
ана.

## Матфей 16

1 ГIисахъе рачIана фарисеялги саддукеялги. Гьесул хIалбихьизелъун гьез
тIалаб гьабуна зодисан гIаламат бихьизабеян.

2 Жавабалъе гьес абуна: – Къаси нужеца абула зоб багIарлъун бугин,
метер роцIараб къо букIинин.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 Радал нужеца абула жакъа кьерхараб къо букӀинин, багӀарсияб ва
накӀкӀуяб кьер лъугьун бугин зодил. Зобалазул хиса-басиязда хадур
гӀунтӀула нуж, амма гьаб тӀаде гӀунтӀун бугеб заманаялъул гӀаламатал
щайха нужеда лъаларел?

4 Квешлъиги хъахӀбалъиги гӀемерлъараб гьаб умматалъе къваригӀун буго
зодисан гӀаламат бихьизе. Амма Юнус аварагасул гӀаламат гурони,
цогидаб гӀаламат гьазие букӀине гьечӀо. Цинги, гьелги жалго тун, ГӀиса
нахъе ана.

5 Ралъдал добцояб рагӀалде унаго, чед цадахъ босизе кӀочон тун батана
муридазда.

6 ГӀисаца гьезда абуна: – Вореха, фарисеязулги саддукеязулги
реччеялдаса цӀунун чӀа нуж. Жидедаго гьоркьоб хабар ккана гьезул:

7 «Нилъеца чед цадахъ босичӀилан абураб магӀна букӀине ккола гьел
рагӀабазул».

8 Гьезул пикру бичӀчӀун, ГӀисаца абуна: – Чед гьечӀилан гаргадизе
бегьилищ нуж? Нужго кинал гьединал иманги дагьал,

9 бичӀчӀиги гьечӀел! Щуазарго чиясе щуго чед гӀураблъи ракӀалда гьечӀищ
нужеда? ХутӀарал чадил мочӀабазул чан гьегь нужеца цӀезабураб?

10 Яги ункъазарго чиясе анкьго чед гӀураблъи ракӀалда гьечӀищ?
ХутӀарал чадил мочӀабазул чан гьегь нужеца цӀезабураб?

11 Чадил бицунеб гьечӀеблъи щай нужеда бичӀчӀулареб? Амма
фарисеязул реччеялдасаги саддукеязул реччеялдасаги цӀунун чӀа нуж!

12 Гьанже гьезда бичӀчӀана фарисеязулги саддукеязулги реччеялдаса
гуреб, гьезул малъа-хъваяздаса цӀунеян абулеб бугеблъи.

13 Филиппил Къайсариялъул ракьалде щведал, ГӀисаца муридазда
гьикъана: – ГӀадамил Лъимер щивлъун рикӀкӀунев вугев гӀадамаз?

14 Гьез абуна: – Цояз абулеб буго ЯхIя авараг вугилан. Цояз абулеб буго
Иляс авараг вугилан, Иеремия яги цогидав авараг вугилан абулел
чагIиги руго.

15 – Нужеца щивлъунха дун рикIкIунев? – ан абуна ГIисаца.

16 Пётр абун тIокIцIар бугев Симоница жаваб кьуна: – Мун вуго хIакъав
Аллагьасул Вас МасихI!

17 Гьесдехун вуссун ГIисаца абуна: – Гьардарав гурищ мун, Юнусил вас
Симон. Инсанас гуро мун гьелде кантIизаврав, зобалазда вугев дир
Инсуца кантIизавуна.

18 Цоги дица дуда абулеб буго мун Пётр (Кьуру) вугилан, гьеб кьурда
тIад бала дица дирго Килиса, ва хвалил къуваталъе къуркьиларо гьеб.

19 Дица духъе кьела Зобалазул ПарччахIлъиялъул кIул, ракьалда дуца
гьукъарабщинаб зобалаздаги гьукъила, ракьалда дуца изну
кьурабщиналъе зобалаздаги изну кьела.

20 Цинги ГIисаца жиндирго муридазда лъазабуна жив ГIиса МасихI
вугилан лъиданиги бицунгеян.

21 Гьелдаса хадуб ГIисаца гьезда бицине байбихьана жив Иерусалималде
ине вугин, чIухIби-хIакимзабазги, чIахIиял кашишзабазги, диниял
гIалимзабазги жиндие гIазаб-гIакъуба кьезе бугин, чIвазе вугин ва
лъабабилеб къоялъ Аллагьас чIаголъизавизеги вугин.

22 ДовегIанги вачун Пётр лъугьана гьедин абугейилан гьесда дандечIун
кIалъазе: – Аллагьас цIунаги, БетIерчIахъад! Дуе гьеб лъугьине рес
гьечIо!

23 Кьурун вуссун, Пётрида абуна гьес: – ТIагIа дида аскIоса, илбис! Дуца
дун къосинавулев вуго! Аллагьасулаб тун инсанасулаб лъугьун буго дур
рекIелъе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

24 Цинги жиндирго муридазда ГIисаца абуна: – Дида цадахъ вилълъине
бокьарав чи ватани, гьес жиндирго напсалдаса инкар гьабе, жиндаго
тIаде ккараб хъанчил гIазабги бачче ва дида хадув вачIа.

25 Щаян абуни, жиндирго гIумру цIунизе бокьулев чи гьелдаса
махIрумлъила, дие гIоло гIумруялдаса махIрумлъизе разилъарасда гьеб
цIидасан батила.

26 Жиндирго рухIги рецIалие кьун, тIолабго дуниялалъул кверщел
хъатикье щвеялъул щиб пайда бугеб инсанасе? Жиндирго рухIалъухъ
хисун кьезе щиб бугеб инсанасул?

27 Жиндирго Инсул къудраталдалъун, ГIадамил Лъимер дуниялалде
вачIине вуго жиндирго малаикзабигун цадахъ. Щивасул амру-ишалда
рекъон кьела Гьес гьебмехалъ.

28 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: ГIадамил Лъимер ПарччахIлъун
вачIун вихьичIого жидеца хвалил лълъар гьекъезе гьечIел гIадамалги
ругелха гьанир эхетаразда гьоркьор.

**Матфей 17**

1 Гьелдаса хадуб анлъго къоялдасан Пётрги, Якъубги ва гьесул вац
Иоаннги гурони тIокIав чиги цадахъ вачинчIого, ГIиса цо борхатаб
магIарде вахана.

2 Гьелги ралагьун рукIаго, хиса-басун лъугьана ГIиса. Гьесул гьумер бакъ
гIадин гвангъана, хъахIлъун лъугьараб ретIел нурлъун кенчIелеб
букIана.

3 Гьале Мусаги Илясги рихьана гьезда гьевгун гара-чIварулел.

4 Пётрица ГIисада абуна: – Я, БетIерчIахъад! ЛъикI буго гьаниб нилъее!
Дуе бокьани, дица лъабго хъощ бала гьаниб: цо дуе, цо Мусае, цо
Илясие.

5 ГIисадехун Пётр гьедин кIалъалев вукIаго, гьале цо гвангъараб накIкIул
парча бачIун рахчизаруна гьел. Гьале гьеб накIкIуда гьоркьосан бахъана


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

цо гьаракь: – Гьав вуго дие вокьулев дир Вас, гьасдаса вохун вуго Дун! Гьасухъ гӀенекке нуж!

6 Гьеб рагӀидал гӀасиго хӀинкъун кӀалагъоркье ккана муридал.

7 АскӀове вачӀун, гьезда кверги хъван, ГӀисаца абуна: – ХӀинкъуге! ТӀаде рахъа! – ян.

8 Эхеде рорхун ралагьидал цохӀо ГӀиса тун батӀияв чи гьезда вихьичӀо.

9 Гьеб магӀардаса гӀодоре рещтӀунеб мехалъ ГӀисаца гьезда лъазабуна ГӀадамил Лъимер хваралъуса вахъинегӀан гьаб нужеда бихьараб гӀаламаталъул лъиданиги цӀар бахъугейилан.

10 Муридаз ГӀисада гьикъана: – Щайха диниял гӀалимзабаз абулеб цин цеве Иляс авараг вачӀине кколилан?

11 Гьезие жаваб гьабун ГӀисаца абуна: – БитӀараб буго, Иляс вачӀине кколаан ва гьес кинабго къачӀан тезеги кколаан.

12 Дица нужеда абулеб буго: Иляс вачӀун вукӀана, амма гӀадамазда гьев лъачӀо, жидее бокьанщинаб гьабуна гьесие, ГӀадамил Лъимадуеги гӀазаб кьезе буго гьез.

13 Гьебмехалъ муридазда бичӀчӀана гьес ЯхӀя аварагасул хӀакъалъулъ бицунеб букӀин.

14 Халкъалда аскӀоре тӀадруссун гьал щведал, аскӀове вачӀун накабазда чӀун, цо чи гьардана ГӀисада:

15 – Я, БетӀерчӀахъад! Дир васасда гурхӀа мун. Унти бачӀун лъугьуна гьев, кӀудияб гӀазаб буго гьесие: цин цӀадулъе вортула, цин лъадалъе вортула.

16 Дица вас дур муридазухъе вачун вукӀана, амма гьезда кӀвечӀо гьев сах гьавизе.

17 Гьебмехалъ ГӀисаца абуна: – Гьай, нуж иман гьечӀеб ва пасатаб наслу! КидалъагӀан дун нужеда цадахъ вукӀинев ва кидалъагӀан дица нуж хӀехьелел! Гьаниве ваче гьев дида аскӀове.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

18 ГIисаца амру гъабидал, васасул чорхолъа къватIибе лъугьана жен.
ГьебсагIат сахлъана гьев.

19 БатIаго аскIореги рачIун, муридаз ГIисада гьикъана: – Нижеда щай
кIвечIеб доб жен бачахъизе?

20 ГIисаца гьезда абуна: – Божи-иман дагьаб бугелъулха нужелъ!
ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: горчицаялъул хьодул мугьгIанасеб
божи нужелъ бугони, нужеца гьаб мегIералда абила гьаниса бахъун
добегIан айилан, ва бахъун добегIан ина гьеб. Гьедин нужеда кIолареб
жо щибниги букIине гьечIо.

22 Гьениса рахъун Галилеялде унаго, ГIисаца муридазда абуна: –
ГIадамил Лъимер кьезе вуго гIадамазда кодове.

23 Гьез гьев чIвала ва лъабабилеб кьоялъ чIаголъизеги чIаголъила. Гьел
цIакъ пашманлъана.

24 Гьал Капернаумалде щведал, Мукъадасаб Рукъалъе магъало
бакIарулев чи вачIана Пётрида аскIове: – Дур МугIалимас кIиго диргьам
магъалоялъе кьоларебищ? – ан гьикьизе. – Кьола! – ян абуна Пётрица

25 ва ГIисада аскIове жаниве лъугьана. Пётрица кIал рагьилалдего,
ГIисаца гьесда абуна: – Дуда кин кколеб, Симон, дуниялалъул
парччахIзабаз магъало яги налог лъихъа босулеб? Жидеразухъагойищ
яги чияразухъайищ?

26 Чияразухъа, – ян жаваб кьуна гьесие Пётрица. – Гьедин батани,
жидерго гIадамазда тIадаб гьечIогуриха гьеб кьезе, – ян абуна ГIисаца.

27 Амма гьал къварид гьарун щай нилъее. Вахъа, мун хIорил рагIалде а,
гъармахъ рехун ччугIа кквезе. ТIоцебе ккураб ччугIил кIалдиве вакке.
Гьениб батила дуда ункъо диргьамалъул гIарац. Цинги гьеб дуего
гIологи дие гIологи магъалоялъе кье.

**Матфей 18**

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

1 – ПарччахIлъиялда ругезул гъоркьов бищун кIудияв щив? – ан гьикъана
гъебмехалъ, ГIисада аскIоре рачIун, муридаз.

2 ГIисаца, аскIобе ахIун, цо лъимер гъезда гъоркьоб эхетизабуна.

3 Гъес абуна: – ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: гIакълу-пикру
хисичIони ва лъимал гIадин лъугьинчIони, Зобалазул ПарччахIлъиялде
лъугьинаро нуж киданиги.

4 Живго гьитIинлъизавурав ва гъеб лъимер гIадин лъугьарав чи бищунго
кIудиявлъун вукIине вуго Зобалазул ПарччахIлъиялда.

5 Цо гьадинаб лъимер, дие гIоло, лъицаниги къабул гьабуни, гъеб
бащалъизе буго дун къабул гьавиялда.

6 Амма диде иман лъуразда гъоркьоса цониги лъимер гIадинав пулан
мунагьалде цIалев чиясде балагь бачIина. Гъесие лъикIаб букIинаан,
гъобоги горбода бухьун, гъваридаб ралъдалъ гъанкъизавуни.

7 Вай, инсан мунагьалде цIалеб жоялъул дуниялалда бугеб балагьги
гIазабги! Щаян абуни, мунагьалде цIалеб жо камун дуниял
хутIуларелъул. Гьединго балагьги гIазабги жив сабаблъун цогидав
мунагьалде цIалев чиясеги!

8 Дур квералъ, яги бохалъ мун мунагьалде цIалев вугони, къотIун нахъе
рехе гъеб. Цояб квер камун, яги цояб бох камун абадияб рокъове лъугьин
лъикI дуе, кIиябго квергун, яги кIиябго бохгун свин гьечIеб цIадаве
рехизегIан.

9 Дур бералъ мун мунагьалде цIалев вугони, бахъун нахъе рехе гъеб. Цо
бергун абадияб рокъове лъугьин лъикI дуе, кIиябго бергун жужахIалъул
цIадаве рехизегIан.

10 Воре, нужеца сан гьавичIого тоге лъимер гIадин вугев гIадатияв
цониги пулан. Щаян абуни, дица нужеда абулеб буго: гьединазул
малаикзабазда кидаго кIола зобалазда вугев дир Инсуда бадире
ралагьизе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 Кин нужеда ракIалде кколеб: масала, цо пуланав чиясул буго нусго
чахъу. Гьезул цояб билани, доб ункъоялда анцIила ичIабгоги магIарда
тун, гьеб билараб чахъу балагьизе инарищ гьев?

13 Нагагь гьесда гьеб батани, хIакълъун абулеб буго дица нужеда,
риличIого ругел дол ункъоялда анцIила ичIго чахъдадаса цIикIкIун
вохула гьев батараб чахъдадаса.

14 Гьедин зобалазда вугев нужер Инсуеги бокьуларо лъимер гIадин вугев
гIадатияв цониги пулан тIагIине.

15 Дурго диналъул вацасухъа ккани мун къварид гьавулеб мунагь, чи
гьечIеб бакIалда бадибчIвай гьабе гьесие. Гьев духъ гIенеккани, дуе
дурго вац нахъе щола.

16 Гьев духъ гIенеккичIони, цо яги кIиго чиги вачун, а мун гьесухъе.
ТIехьалда хъван бугелъул: «Лъилниги рагIи ритIухълъизе ккани,
къваригIуна кIиго яги лъабго чиясул нугIлъи».

17 Гьезухъги дур вац гIенеккичIони, иман лъуразул агьлуялда бице.
Гьезухъги гьев гIенеккичIони, дуца гьев рикIкIе Аллагь лъаларевлъун яги
магъало бакIарулев чилъун.

18 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: ракьалда нужеца гьукъарабщинаб
зобалаздаги гьукъила. Ракьалда нужеца изну кьурабщиналъе
зобалаздаги изну кьела.

19 Цоги абулеб буго дица нужеда: нужер кIигояв рекъон дуниялалда
нужеца щиб гьараниги, Зобалазда вугев дир Инсуца тIубазабила гьеб.

20 Щай абуни, дир цIаралъе гIоло кIиго яги лъабго чи данделъани, гьезда
гьоркьов дунги вукIуна.

21 АскIовеги вачIун, Пётрица гьикъана ГIисада: – Дун къварид гьавулел
мунагьал дир вацасухъа гIемер ккани, чан нухалъ дун гьесда
тIасалъугьине кколев? Анкьго нухалъищ?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

22 ГІисаца гьесда абуна: – Дица дуда абулеб буго: анкьго нухалъ гурин, анкьцІали нухалъилан.

23 Зобалазул ПарччахІлъиги рельлъинабизе бегьула жиндирго лагъзадерихъа налъи бакІаризе лъугьарав цо парччахІасда.

24 Налъи бакІаризе байбихьараб мехалъ, гьесухъе вачун вачІун вуго анцІазарго талант гьесие налъуда бугев цо пуланав лагъ.

25 Налъи бецІизе гьесул рес гьечІеблъиги лъан, парччахІас буюрун буго гьев живгоги вичейин, гьесул чІужу-лъималги ричейин, бугебщинаб боцІи-рикъзиги бичейин, жиндие гІарац чІезабеян.

26 Гьебмехалъ лагъ, кІалагъоркье гьесда цевеги речІчІун, гьардезе лъугьун вуго: – Сабру гьабе! Дица бецІила гьеб кинабго.

27 ПарччахІ гьев лагъасда гурхІун вуго, гьеб налъиги бецІичІониги гьесие хІалал гьабун буго.

28 Гьениса вачІунаго, гьев лагъасда ватун вуго жиндие нусго динар кьезе букІарав живгогІадав цоги лагъ. Налъи бецІизе кколилан, щекъерги ккун, гъанкъулев вукІун вуго гьас дов.

29 КІалагъоркье гьасда цевеги речІчІун, гьарун буго дов налъулас, сабру гьабейин, жинца бецІилин дуе налъи.

30 Амма гьав разилъун гьечІо, гвандинив тІамизавун вуго, тІубанго налъи бецІизегІан жанив чІезавун вуго.

31 Дов жанив тІамурав лагъасул гьалмагъзаби цІакъ пашманлъун руго гьеб бихьидал, инеги ун жидерго бетІергьанасда бицун буго ккарабщиналъул хІакъалъулъ.

32 Гьебмехалъ дов лагъги ахІун, гьесда абун буго парччахІас: – Ле, хІалихьатав лагъ, дуца гьарараб мехалъ дуда букІараб тІолабго налъи тІасалъугьун тана дица.

33 Дун дуда гурхІарав гІадин, мунги гурхІизе ккелароанищ мунго гІадав лагъасда?

34 Ццин бахъун гьев парччахIас буюрун буго тIолабго налъи бецIизегIан
досие гIазаб кьейилан.

35 Гьедин гьабила нужееги Зобалазда вугев дир Инсуца, нужер щивав чи
ракI-ракIалъго вацасда тIасалъугьинчIони.

**Матфей 19**

1 Гьанже гьеб хабар бицун бахъиндал, Галилеялдаса нахъе ана ГIиса ва
Иордан гIор бахун доб рахъалда ругел Ягьудиялъул бакIазде щвана.

2 ГIемераб халкъ бачIунеб букIана ГIисада хадуб, унтарал-щокъал
сахлъизарулел рукIана гьес.

3 РачIун фарисеяз, ГIисал хIалбихьизе, цIехана: – Бокьараб гIиллаялъе
гIоло росас чIужу йиччан тезе бегьулейищ? – ан.

4 ГIисаца абуна: – Нужеца цIаличIебищ: ГIалам Бижарас тIоцере «рижана
бихьинчиги чIужугIаданги»?

5 Цинги гьес абуна: «Гьединлъидал эбел-эменги рехун тун, бихьинчи
чIела жиндирго чIужуялде вуссун, ва гьел кIиялго цолъун, цого
лъугьина”

6 Гьелдаса хадур кIиго рукIунаро гьел, цого рукIуна. Аллагьас
цолъизабураб инсанас батIалъизабизе бегьуларо.

7 Фарисеяз абуна: – Щайха Мусаца изну кьун бугеб цIар тIамиялъе
нугIлъи гьабулеб кагъат кодобе кьолеб бугони, чIужу йиччан тезе?

8 ГIисаца абуна: – Нужер чанкIкIи сабаблъун кьуна Мусаца нужее лъудби
риччан тезе изну. Амма аваланлдасанго гьедин букIинчIо.

9 Дица нужеда абулеб буго: хъахIбалъи хутIун батIияб гIиллаялъе гIоло
чIужуги йиччан тун, цогидай ячарав чи жиндирго йикIарай чIужуялда
цеве мунагьалъукье ккола. Гьеб мунагьги зиналъун рикIкIуна.

10 Муридаз ГIисада абуна: – ЧIужуялъул рахъалъ бихьинчиясул иш
гьедин бугеб батани, чIужуго ячинчIого чIани лъикI букIина.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Гьезда ГІисаца абуна: – Ригьин гьабичІого тезе Аллагьас бажари кьураз гурони къабул гьаруларо гьел рагІаби.

12 Щаян абуни, цо-цо ругелъулха эбелалъул ургьирго ахтаяллъун рижарал; цогидалал ахтаяллъун гІадамаз лъугьинарула; Зобалазул ПарччахІлъиялъе гІоло лъудби рачинчІого чІаралги руго. Къабул гьабизе бажарулес къабул гьабе гьеб.

13 ГІисахъе лъимал рачун рачІана, гьезда тІад квер бахъеян ва дугІа гьабеян гьарун. Мурида3 гьел риччалел рукІинчІо.

14 ГІисаца абуна: – Риччанте лъимал дихъе рачІине, гьезие квекІен гьабуге. Гьединазейин Зобалазул ПарччахІлъи щун бугеб!

15 Цинги, гьел лъималазда тІад кверги бахъун, ГІиса гьениса ана.

16 Гьале цо гІолохъанчияс ГІисада гьикъана: – Я, МугІалим! Абадияб рукъалъул бутІа щвеялъе щиб лъикІлъи дица гьабизе кколеб?

17 ГІисаца гьесда абуна: – ЛъикІлъиялъул хІакъалъулъ щай дуца дида гьикъулеб? ЛъикІав вуго цохІо Аллагь. Абадияб рукъалъул бутІа щвезе бокьани, Аллагьасул амруял тІуразаре.

18 – Кинал? – абун гьикъана дос. ГІисаца абуна: – «Чи чІваге», «зина гьабуге», «цІогьодуге», «гьересинугІлъи гьабуге»,

19 «эбел-инсул адаб-хъатир гьабе». Цоги: «мунго гІадин вокьа дуе дуда аскІов вугевги».

20 Гьев гІолохъанчияс ГІисада абуна: – Гьел амруял дица гьанжелъагІанги тІуразаруна. Цоги щиб дие камун бугеб?

21 ГІисаца гьесда абуна: – ТІубанго камиллъизе бокьани, дурго бугеб кинабго боцІи-рикъзи биче ва мискин-пакъирасе садакъаде кье. Гьелъухъ дуе насиблъила зобалазул хазина. Цинги дихъе вачІа, дида цадахъ вилълъине.

22 Гьеб рагІидал, гІолохъанчи къваридго нахъе ана. Гьев вукІун вуго кутакалда бечедав чи.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 Жиндирго муридазда ГІисаца абуна: – ХІакълъун абулеб буго дица
нужеда: Зобалазул ПарччахІлъиялде ворчІизе цІакъ захІмалъула бечедав
чиясе.

24 Гьале цоги нухалъ абулеб буго дица нужеда: рукІкІадул ролъиялъусан
лъугьине варанияльего бигьа букІина Аллагьасул ПарччахІлъиялде
ворчІизе бечедав чиясеялдаса.

25 Гьеб рагІидал, гІажаиблъун-хІикмалъун хутІарал муридаз гьикъана: –
Гьедин батани, хвасарлъизе кІолев чигІаги щивдайха?

26 Гьезухъги валагьун, ГІисаца абуна: – ГІадамазда гьеб кІоларо, амма
Аллагь сундуего хІалкІолев вуго.

27 Гьебмехалъ Пётрица абуна: – Гьале, кинабго рехун тун, ниж дуда
цадахъ рильльана. Щибха нижее гьелъухъ букІинеб?

28 ГІисаца гьезда абуна: – ХІакълъун абулеб буго дица: гьедин дида
хадур рачІиндал нуж, цІияб дуниялалда ГІадамил Лъимер жиндирго
къудраталъул тахида гІодов чІараб мехалъ, анцІила кІиябго тахида дида
аскІор гІодор чІезе руго. Исраилил анцІила кІиябго наслуялъе суд
гьабизе.

29 Дие гІоло мина-рукъги, вацал-яцалги, эбел-эменги, лъимал-хъизанги,
хур-ахги рехун таравщинав чиясе нусго нухалъ цІикІкІун щвела ва
абадияб гІумру насиблъила.

30 Цере рукІарал чангиял тІарамагъаде ккела, тІарамагъада рукІаразул
чангиял цере ккела.

**Матфей 20**

1 Зобалазул ПарччахІлъи релълъуна, радал хехго вахъун, жиндирго
цІолбол ахикь хІалтІизе гІадамал ралагьизе арав цо бечедав чиясда.

2 Къое цо-цо динар кьезе къотІиги гьабун, хІалтІухъаби ккун руго гьес ва
цІолбол ахикье ритІун руго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

3 Лъабго сагIаталдасан нахъеги базаркъотIносан унаго, цоги чагIиги
ратун руго гьенир, хIалтIи щвелародайилан рахъун чIун.

4 Нуж разияб мухьги кьелин, дир цIолбол ахикье хIалтIизе айилан ритIун
руго гьас гьелги. Ун руго гьел гьенире.

5 Къалъул гIужалдехунги ва къалъудаса лъабго сагIат араб мехалъги
базаркъотIнове ун, додинго ритIун руго гьес хIалтIухъаби.

6 Бакъанидехунги ун вуго гьав чи базаркъотIнове. Дагьалги гIадамал
ратун руго гьенир рахъун чIун. – Кьойица гьанир чIалгIаде рахъун чIун
щибулел нуж ругел? – ан гьикъун буго гьас гьезда.

7 Жал лъицаниги хIалтIизе рачунел гьечIилан абун буго гьез. Гьездаги
абун буго гьес жиндир цIолбол ахикье айилан.

8 МаркIачIубер рукIкIараб мехалъ, жиндие хъулухъ гьабулев чиясда гьес
абун буго дол хIалтIухъабиги ахIун, ахиралда ритIараздасан байбихьун
тIоцере ритIаразде щвезегIан гьезие мухь кьейилан.

9 Бакъанимехалда хIалтIизе байбихьаразеги цо-цо динар щун буго.

10 Радалго хIалтIизе квер баразда ракIалда букIун буго жидее цIикIкIун
кьелилан. Амма гьезиеги цо-цо динар гурони щун гьечIо.

11 Гьебмехалъ ахил бетIергьанасде гъулгъудизе лъугьун руго гьел:

12 – Ахикье ахиралда рачIарал гIадамал цо сагIаталъ гурони хIалтIичIо.
Нижин абуни, радалалдаса бакъинегIан бухIараб бакъукь хIалтIана.
Гьезиеги нижееги бащад кьуна дуца мухь.

13 Гьезул цоясдехун вуссун ахил бетIергьанас абун буго: – Ле, гьудул!
Дуе гьабураб къотIи хвезабунищ дица? Мун разилъун вукIинчIищ цо
динаралъухъ хIалтIизе?

14 Дуего кьураб мухьги босун нахъе щай унарев? Дие бокьун буго дуе
кьуралда бащад тIарамагъада витIарасеги кьезе.

15 Дирго буголъиялда бокьараб гьабизе ихтияр гьечIебищ дир? Яги дир
сахаватлъиялда бер бахилльунищ мун вугев?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

16 Гьедин цере рукIарал ахиралде ккела, ахиралда рукIарал цере ккела.

17 Иерусалималде унаго нухда ГIисаца анцIила кIиявго мурид батIаго
ахIана ва гьезда абуна:

18 – Гьале нилъ Иерусалималде унел руго. Гьенив ГIадамил Лъимер
чIахIиял кашишзабаздаги диниял гIалимзабаздаги кодове кьела, гьезги
чIвазе къотIила.

19 Цинги инжит-хIакъир гьавизе, цIалаца вухизе ва хъанчида вазе
цогидаб халкъалъул гIадамазда кодове кьела гьев. Ва хун лъабабилеб
къоялъ чIаголъила.

20 Гьебмехалъ ГIисада аскIое ячIуна Зебедайил васазул эбел. Гьелда
аскIор рукIана кIиявго васги. Гьелъ гIодое къулун цо жо гьарулеб
букIана.

21 – Щиб дуе бокьун бугеб? – ан гьикъана ГIисаца. Гьелъ абуна: – Мун
ПарччахIлъун ккараб мехалъ, гьав дир кIиявго вас дуца дудаго аскIор
цояв кваранаб рахъалда, цогидавги квегIаб рахъалда, гIодор чIезарилин
рагIи кье дие.

22 ГIисаца гьелъул васазда абуна: – Нужедаго лъалеб гьечIо нужеца
гьарулеб бугеб жо. КIвеладай нужеда дица гьекъезе ккараб лълъар
гьекъезе? КIвелилан жаваб кьуна гьез.

23 ГIисаца абуна: – Дица гьекъезе ккараб лълъар гьекъезе ккезе буго
нужеца. Амма дир кваранабги квегIабги рахъалда гIодор чIезариялъул
иш дида бараб гьечIо, дир Инсул хIукмуялда бараб буго.

24 Гьеб хабар рагIарабго, хутIарав анцIавго мурид дов кIиявго вацасде
ццидахун лъугьана.

25 АскIореги ахIун, ГIисаца гьезда абуна: – Нужеда лъалагури цогидал
халкъазул парччахIзабаз халкъалда тIад ханлъи гьабулеблъи, чIухIби-
хIакимзабаз гIадамазда тIад жидерго ихтияр билълъанхъизабулеблъи.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

26 Амма нужеда гьоркьоб гьедин букIине бегьуларо. Нужеда гьоркьоса лъиениги бищунго кIудиявлъун вукIине бокьани, гьев цогидазе хъулухъалъе чIа абе.

27 Нужеда гьоркьоса бищунго цеве вукIине бокьаравги цогидазе лагълъун вукIа абе.

28 ГIадамил Лъимерги жиндие лъицаниги хъулухъ гьабизелъун гуро вачIарав. Гьев вачIун вуго цогидазе хъулухъ гьабизе ва гIемеразе гIоло рецIалие жиндирго рухI кьезе.

29 Иерихон шагьаралдаса къватIире гьел рахъунеб мехалъ, халкъалъул руккел букIана ГIисада хадуб бачIунеб.

30 Гьале нухлул рагIалда гIодов чIун вукIарав кIиго бецав чи, ГIиса аскIосан унев вукIин рагIун, ахIдезе лъугьана: – Я, БетIерчIахъад! Я, Давудил вас! ГурхIа мун нижеда! – ян.

31 ГIадамаз абуна гьезда руцIцIун чIайилан, амма гьел дагьабги гьаракь борхун ахIдезе лъугьана: – Я, БетIерчIахъад! Я, Давудил вас! ГурхIа мун нижеда! – ян.

32 Гьенив лъалхъун, ГIисаца гьел аскIоре ахIана ва дица щиб гьабизе нужее бокьун бугебилан гьикъана.

33 Гьез абуна: – Я, БетIерчIахъад, нижер берazда канлъи бихьизе бокьун буго.

34 Гьев кIиясдаго гурхIун, ГIисаца гьезул берazда квер бахъана. ГьебсагIат берazда канлъи бихьун, ГIисада цадахъ рилълъана гьел.

## Матфей 21

1 Гьел Иерусалималде щолел рукIана. Зайтуналъул магIарда бугеб Бетфагия росулъе гIагарлъидал, кIиго муридги аскIове ахIун, ГIисаца гьезда абуна:


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 – Гьудуб нилъеда цебе бугеб росулъе а нуж. Росулъе лъугьаралго, цо бакIалда рухьун ратила хIамаги кIертги. Рухьадасаги ричун, гьелги рачун рачIа.

3 Лъицаниги щибниги абуни, нужеца бице, гьел ТIадегIанав ГIисае къваригIун ругилан. КIалъачIого риччала гьес гьел рачине.

4 Гьеб кинабго ккана цо аварагасда Аллагьас абураб гьадинаб калима ритIухълъизе:

5 «Сионил ясалда абе нужеца: Дур хIалимав ПарччахI вачIунев вугин Гьир баччун ругьунаб хIамида рекIун, ХIамица гьабураб кIартида рекIун!"

6 Инеги ун, ГIисаца абураб гьабун,

7 хIамаги кIертги бачун рачIана гьел. ГIиса тIад рекIине муридаз гьезул гьодиде жидерго партал рехана.

8 Халкъалъул кIудияб руккелалъ, тIаса бахъун, ретIел букIана нухда тIибитIулеб. ГьутIбуздаса рекун, гIаркьалаби рукIана гьесда цере тIиритIулел.

9 Гьесда цебе-цебе унеб халкъалъул руккелалъги хадур рачIунез туркиги ахIулеб букIана: – Гьошанна! Давудил васасе рецц! БетIергьанас витIун вачIунев вугесда баркат лъеги! Гьошанна! ТIадегIанав Аллагьасе рецц!

10 ГIиса Иерусалималде лъугьиндал, тIолабго шагьар бихха-хочун лъугьана: – Гьав чиго щив? – ан гьикъулеб букIана гIадамаз.

11 – Галилеялъул Назарет шагьаралдаса ГIиса авараг вуго, – ян жаваб кьуна гьезие гьесда хадуб бачIунеб букIараб халкъалъул руккалилъан.

12 Мукъадасаб Рокъове лъугьун, ГIисаца гьениса къватIире гъуна даран-базаралда рукIарал гIадамал. ГIарац хисулел чагIазул столал ва къурбаналъе хъвезе маккал ричулел чагIи тIад гIодор чIолел бакIал кIалагъоркье чIвазаруна.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

13 ГІисаца гьезда абуна: – ТІехьалда хъван буго: «Гьаб Дир рукъалда цІар
букІине буго как-диналъул рукъ», – абун. Нужецайин абуни гьаб
«хъачагъазул нохъоялде сверизабун буго».

14 ГІисахъе Мукъадасаб Рокъоре рачун рачІана бецалги рекъалги
гІадамал. Гьес сахлъизаруна гьел.

15 ГІисал хІикматал ишал рихьидал ва гІисинал лъималазги Мукъадасаб
Рокъоб: «Гьошанна! Давудил васасе рецц!» – абун ахІулеб рагІидал,
чІахІиял кашишзабазги диниял гІалимзабазги ццидахун абуна гьесда:

16 – Гьез абулеб бугеб жо рагІулеб гьечІищ дуда? – ян. – РагІулеб буго, –
ян абуна ГІисаца гьезда. – Нужеца киданиги цІаличІебищ:
«ГІисинлъималги керен хахулелги тІамуна Дуца Дуего рецц гьабизе» –
ян.

17 Цинги ГІиса, гьелги рукІаралъур тун, шагьаралдаса къватІиveги
лъугьун, Бетаниялде ана ва сордо бан гьенив чІана.

18 Нахъисеб къоялъул радакье Иерусалималде вачІунаго, ГІиса вакъана.

19 Нухда цо инжиралъул гъветІ бихьана гьесда. Амма аскІове ун
халгьабидал, тІанхал гурони, пихъил гороцин батичІо гъотІода. – ТІокІаб
киданиги дуда тІад пихъ бижугеги, – ян абуна ГІисаца гъотІода. Гьеб
параялда бакъвана гъветІ.

20 ХІикмалъун хутІарал гьесул муридаз абуна: – Балагье, инжиралъул
гъветІ хекко бакъвараб куц!

21 ГІисаца гьезда абуна: – ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: нужер
рекІелъ божи-иман бугони ва рекІелъе щаклъи лъугьине течІони, доб
гъотІода гуребги, гьаб мегІералдаги нужеца абуни, гьаниса бахъун ун
ралъдалъе кІанцІеян, мегІер нужее мутІигІлъизе буго.

22 Божи-имангун нужеца дугІадулъ гьаранщинаб щвезе буго нужее.

23 Иерусалималъул Мукъадасаб Рокъове вачІун халкъалъе вагІза-
насихІат гьабулев ГІиса вугеб мехалъ, гьесда аскІоре рачІана чІахІиял

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

кашишзаби, диниял гІалимзаби ва чІухІби-хІакимзаби. – Гьаб хІалтІи гьабизе ихтияр бугебищ дур? Лъица дуе гьеб ихтияр кьураб? – абун гьикъана гьез ГІисада.

24 ГІисаца гьезие жавабалъе абуна: – Дицаги кьела нужее цо суал. Нужеца гьелъие жаваб кьуни, гьебмехалъ бицина дица нужеда лъица дие гьаб ихтияр кьурабали.

25 Лъадалъ ччун рахъун гІадамал рацІцІад гьаризе ихтияр ЯхІяе кисан щун букІараб: зобалаздасанищ яги гІадамаздасанищ? Цоцазда гьоркьоб хабар ккана гьезул. «Зобалаздасан букІанин абуни, гьес нилъеда абилагури, гьедин батани, щайха нуж ЯхІяда божичІелилан.

26 ГІадамаздасан букІанин абизеги халкъалъукьа хІинкъун руго нилъ, щайгурелъул киназго ЯхІя авараглъун рикІкІунев вукІиндал».

27 Жидеда лъаларилан жаваб кьола ГІисае гьез. ГІисаца гьездаги абула: – Дица нужедаги бицинаро лъил ихтияралдалъун дица гьаб хІалтІи гьабулеб бугебали.

28 – Гьаб мисалалъул рахъалъ щиб нужеца абилеб? Цо пуланав чиясул вукІун вуго кІиго вас. «Векере, дир вас, нилъерго цІолбол ахикье а жакъа хІалтІизе», – ян абун буго гьес, аскІовеги вачІун, цояв васасда.

29 Ина, дир эмениланги, абун, ун гьечІо гьев.

30 АскІове вачІун, цогидав васасдаги абун буго гьединго. Инарилан абун буго гьес, амма гьедин абиялдаса ракІ бухІун, ун вуго гьев ахикье.

31 Кинав васасха инсул амру тІубазабураб? КІиабилесилан абуна гьез. Гьебмехалъ ГІисаца гьезда абуна: – ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: магъало бакІарулел чагІиги хъахІбабиги нужеда цере-цере унел руго Аллагьасул ПарччахІлъиялде.

32 Щайин гьикъани: битІараб нухдасан вачІун вукІана нужехъе ЯхІя авараг. Нуж гьесда божичІо. Амма магъало бакІарулел чагІиги хъахІбабиги божана. Нужин абуни, – гьеб кинабго бихьаниги, нужер ракІ бухІичІо ва кинго гьесда божичІо.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

33 Цоги мисалалъухъ гІенекке. Цо бечедав чияс цІолбол ах гьабун буго, сверун чали къан буго, чагъир жаниб цІцІуйзе чаналъе гвендги бухъун буго, хъаравуласе борхатаб хъощги бан буго. Цинги ахихъабазухъе ижараялъе гьеб ахги кьун, гьев ун вуго.

34 ЦІибил барщараб мехалъ, гьес дол ижарачагІазухъе рагьтІателал ритІун руго жиндиего кколеб бутІа босизе.

35 Амма ижарачагІаз, кквезеги ккун, гьезул цояв вухун вуго, цояв чІван вуго, цогидав ганчІал речІчІун хвезавун вуго.

36 Нахъеги ритІун руго гьес рагьтІателал, доздаса гІемерго цІикІкІун. Амма гьезиеги додинго гІакъуба кьун буго ахихъабаз.

37 Цинги жиндирго вас витІун вуго ахил бетІергьанас, жиндир васасулгІаги хІурмат гьабилародайилан.

38 Амма гьесул вас вачІунев вихьараб мехалъ, ижарачагІаз цоцазда абун буго: «Гьале гурищ ирсилав. РачІа гьав чІвазе, ирсги нилъеего хутІила».

39 Кквезеги ккун, гьез гьев ахикьа къватІиве рехун вуго ва чІван вуго.

40 ХІасил, ахил бетІергьан тІадвуссун вачІараб мехалъ, гьел ижарачагІазе щибдай гьабила гьес?

41 Гьелъие жавабалъе ГІисада абуна: – Квешал гІадамал гьес квешго чІвала. ЦІибил барщарабго жиндие кколеб бутІа босун рачІунел ижарачагІазухъе ахги кьела.

42 ГІисаца гьезда абуна: – ТІехьалда цІаличІищ нужеца: «Къадалъ лъезецин ярагьунарилан къадахъабаз нахъе рехараб гамачІ битІахъе цололъ лъун буго. Гьединаб букІун буго БетІергьанасул хІукму. Нилъер берда цебе лъугьараб кІудияб мугІжизат буго гьеб!”

43 Гьале дица нужеда абулеб буго: нужехъа бахъун Аллагьасул ПарччахІлъи кьела гьелъул пихъ барщизабулеб халкъалъе.

44 Гьеб ганчІиде вортаравги щущан ине вуго, бортун бачІун гамачІ тІад речІчІаравги чІинтІизе вуго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

45 Гьел мисалал рагIидал, чIахIиял кашишзабаздаги фарисеяздаги
бичIчIана ГIисаца жидер хIакъалъулъ бицунеб букIин.

46 Гьезие бокьун букIана ГIиса ккун вачине, амма гIадамазукьа
хIинкъана. Халкъалъ гьев авараглъун рикIкIунев вукIиндал.

**Матфей 22**

1 Мисал бачун, цоги хабар бицана ГIисаца гьезие:

2 – Зобалазул ПарччахIлъи релълъуна жиндирго васасе бертин гьабулев
вукIарав цо парччахIасда.

3 Берталъе гIадамал ахIизе рагьтIателал ритIун рукIун руго гьес, амма
гьенире рачIине бокьун гьечIо гIадамазе.

4 Нахъеги ритIун руго гьес цогидал рагьтIателал, гьезда абейин, квен
хIадурун бугин, мачIадалъе хьихьарал оцалги бусбиги хъун ругин,
кинабго къачIан бугин, берталъе рачIаян.

5 Амма гьеб ахIиялъул агъазги гьабичIого, рахъ-рахъалъ ун руго гьел:
цояв жиндирго хуриве ун вуго, цояв даран-базаралъ ун вуго.

6 Цогидаз парччахIасул рагьтIателал, кквезеги ккун, инжитги гьарун,
чIван руго.

7 ГьебмехалЪ парччахIасул кутакалда ццин бахъун буго гьезда.
Жиндирго боги битIун гъурун руго гьес дол рагьтIателал чIварал
гIадамал ва гьезул шагьарги бухIун буго.

8 Цинги гьес жиндирго рагьтIателазда абун буго: – Бертадул тIутI
тIибитIун буго, амма тIотIоде ахIарал гIадамал гьелъие мустахIикъал
ратичIо.

9 Гьанже къватIахъе-нухазде ун, цеве вата-ватарав чи ваче берталъе.

10 КъватIахъе-нухазде ун гьел рагьтIателаз квешалги лъикIалги – цере
рата-ратарал рачун рачIуна. Гьедин ахIарал гIадамазул цIун буго
бертадул рукъ.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

11 Берталъе рачIарал гIадамазухъ валагьизе парччахI жаниве лъугьараб
мехалъ, гьесда гьенив вихьун вуго берталъе ретIунеб хасаб партал
ретIинчIев цо чи.

12 ПарччахIас гьесда абун буго: «Ле, гьудул, берталъе ретIунеб партал
ретIинчIев мун гьаниве жаниве кин ворчIарав?» Гьев чи вуцIцIун чIун
вуго.

13 ПарччахIас гьебмехалъ рагьтIателазе амру гьабун буго гьев чи,
кваралги бохдулги рухьун, дове бецIаб къотIнове рехеян. ГIодулел ва
цаби къерщезарулел рукIина дора гIадамал.

14 АхIарал гIезегIан ругониги, тIаса рищарал дагь гурони гьечIелъулха!

15 Гьениса къватIире рахъун фарисеял данделъана ГIисал кIал
таризабизе щибдай ургъун лъикIилан.

16 Гьез жидерго муридалги гьеродилалги ритIана ГIисахъе. Гьез абуна: –
Я, МугIалим! Нижеда лъала мун ритIухъав чи вукIин. Аллагьасул
хIакъаб нух буго дур малъиги. Лъилниги мурад цIунун, гьесие хIелиги
дур пикруялда рекъоларо. Чи вихьун иш гьабулеб гIамалги дур гьечIо.

17 Гьединлъидал, бице нижеда. Дуда кин ракIалде кколеб: Мусал
Къануналда рекъон бегьулебищ къайсарасе магъало кьезе яги
бегьуларебищ?

18 Гьезул хIилла-макру бичIчIун, ГIисаца абуна: – ГIай, нуж ххвелал
гьарулел чагIи! Щай нужеца дир хIалал рихьулел?

19 Магъалоде кьезе кколеб цо гIарац босе гьанибе дихъе. Гьез гьесухъе цо
динар босун бачIуна.

20 ГIисаца абуна: – Лъил суратги хъвай-хъвагIайги гьалда бугеб?

21 Къайсарасул бугилан абуна гьез. – Гьедин батани, къайсарасулаб
къайсарасе кье, Аллагьасулаб Аллагьасе кье, – ян абуна ГIисаца гьезда.

22 Гьеб жавабалъ хIикмалъизарурал гьел, живго гьевги тун, нахъе ана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

23 Гьебго къоялъ ГIисахъе рачIана саддукеял абулел, къиямасеб къоялъ
хварал тIаде рахъине рукIиналда божуларел гIадамал, ва гьез ГIисада
гьикъана:

24 – Я, МугIалим! Мусаца абун буго: «Лъимер-бетIерги гьечIого цо
пуланав чи хвани, гьесул вацас ячине кколин жиндирго вацасул
къоролай, дов хварав вацасул наслу къинчIого букIине».

25 Нижер вукIана анкьго вац. ЧIужу ячун хадув хвана бищун кIудияв вац.
Гьезул лъимер-бетIер лъугьун букIинчIелъул, хадусев вацас ячана гьесул
йикIарай чIужу.

26 Гьединго ккана иш кIиабилесулги, лъабабилесулги, анкьабилесде
щвезегIанги.

27 Ахиралда хвана гьей гIаданги.

28 Къиямасеб къоялъ гьев анкьавго вацасда гьоркьоса лъил чIужулъун
гьей йикIине йигей? Анкьасулго лъади йикIиндалха гьей.

29 Гьезие жавабалъе ГIисаца абуна: – Я ТIухьдузда бугеб лъангутIиялъ, я
Аллагьасул къудраталда божунгутIиялъ къосинарун руго нуж.

30 Къиямасеб къоялъ чIаголъаразул я лъудби, я росал рукIине гьечIо,
зобалазда ругел малаикзабазул гIадинаб гIумру букIине буго доба
гьезулги.

31 Хварал чIаголъизе рукIиналъул хIакъалъулъ цIаличIебищ нужеца
Аллагьас нужеда абураб гьадинаб калима:

32 «Дун вуго Ибрагьимил Аллагь, ИсхIакъил Аллагь, Якъубил Аллагь»?
Аллагь – гьев хваразул Аллагь гуро, чIагоязул Аллагь вуго.

33 Гьесухъ гIенеккараб халкъ гIажаиблъун хутIана ГIисал рагIабазда.

34 ГIисаца саддукеял руцIцIун чIезарунилан рагIидал, фарисеял
дандеlъана.

35 Гьезда гьоркьоса цо динияв гIалимчияс, ГIисал хIалбихьизелъун,
гьесда гьикъана:


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

36 – Я, МугIалим! Къануналда бищунго аслияб амру щиб кколеб? – абун.

37 ГIисаца гьесда абуна: – «Дурго БетIергьан Аллагь дуе вокьа дур
тIолабго ракIалдалъун, дур тIолабго рухIалдалъун, дур тIолабго гIакълу-
пикруялдалъун».

38 Гьеб ккола бищунго аслияб ва тIоцебесеб амру.

39 Гьелдаго релълъараб буго кIиабилебги: «Мунго гIадин вокьа дуе дуда
аскIов вугевги».

40 Гьеб кIиябго амру буго тIолабго Мусал къануналъулги аварагзабазул
ТIухьдузулги кьучI.

41 Фарисеял гьенире данделъараб мехалда, ГIисаца гьезда гьикъана:

42 – МасихIил хIакъалъулъ щиб пикру нужер бугеб? Лъил вас гьев?
Давудил василан жаваб кьуна гьез.

43 ГIисаца гьезда абуна: – Илагьияб РухIалъ малъун, Давудица щайха
гьев жиндир БетIергьанлъун рикIкIунев вугев? Давудица абуна:

44 «ТIадегIанав Аллагьас дир БетIергьанасда абуна: „Дир кваранаб
рахъалда гIодов вукIа, дица дур тушбаби дур хIатIазда цере
чIезаризегIан“».

45 Гьедин Давудица жинцаго МасихIиде жиндир БетIергьанилан абулеб
бугеб мехалъ, Давудил вас кин гьев кколев?

46 Лъиданиги кIвечIо ГIисае жаваб кьезе, ва гьеб къоялдаса нахъе
лъилниги бахIарчилъи гIечIо гьесда щибниги гьикъизе.

**Матфей 23**

1 Гьебмехалъ халкъалдехунги жиндирго муридаздехунги ГIисаца абуна:

2 – Муса аварагасул михIрабалде рахун кIалъалел руго гьанже диниял
гIалимзабиги фарисеялги.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 Гьединлъидал гьезухъ гIенекке ва гьез абурабщинаб гьабе нужеца.
Амма гьез гьабураб гьабуге. Гьез абулебги гьабулебги данде
кколарелъулха.

4 Гьез раччи бакIлъизабулеб буго ва гьеб гIадамазул мугъзада лъолеб
буго. Жидецагойин абуни гьелда биччун килищцин хъвалеб гьечIо.

5 Хириял рагIаби тIад хъварал чалуялги гIеблъизарун, гIабаялъул
гIертелалги халалъизарун, кинабго гьез гьабулеб буго гIадамазда
бихьизелъун.

6 Гьезие бокьула гьоболлъухъ кванил тIотIода нахъа бищунго хIурматияб
бакI кквезе ва синагогабазда жанир киназдасаго церегIан гIодор чIезе,

7 базаркъотIноб халкъалъ жидеего салам кьезе ва гIадамаз жидеда
мугIалимзабийилан абизе.

8 Амма нужедаго мугIалимзабийилан абизе биччаге нужеца. Щайин
абуни, МугIалим цо вуго нужер, нуж киналго вацал руго.

9 Гьаб ракьалда лъиданиги эмениланги абуге, цо вуго нужер Эмен –
зобалазда вугев Эмен.

10 Нужедаго насихIатчагIийилан абизеги биччаге, гIицIго МасихI вуго
нужер НасихIатчи.

11 Нужер бищунго кIудияв нужее хъулухъалъе чIа абе.

12 Жинцаго живго тIадегIанлъизавурав гIодовегIанлъизе вуго,
гIодовегIанлъизавурав тIадегIанлъизе вуго.

13 Балагьги гIазабги нужее, диниял гIалимзаби ва фарисеял! Ххвелал
гьаризе бокьула нужее! Зобалазул ПарччахIлъиялъул нуцIа рахана
нужеца гIадамазда цебе: нужгоги лъугьунел гьечIо гьенире, лъугьине
бокьаралги риччалел гьечIо.

14 Балагьги гIазабги нужее, диниял гIалимзаби ва фарисеял! Ххвелал
гьаризе бокьула нужее! Ралъадалги ракьалги тирула нужеца, цогIаги чи
диналде вуссинародайилан. Амма диналде вуссун ходув, нужеца гьев,


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

нуж кIигогIан цIикIкIараб даражаялда, жужахIалъул агьлулъун лъугьинавула.

16 Балагьги гIазабги нужее, бецал чагIи квер ккун хадур цIалел бецукал! Нужеца абула: «Мукъадасаб Рукъалъул цIар рехсон бараб гьа бихханиги бегьулилан, амма Мукъадасаб Рокъоб бугеб меседалхIайин бараб гьа биххизе бегьуларилан».

17 Бецал гIабдалзаби руго нуж. Мукъадасаб Рукъищ хирияб бугеб, яги Мукъадасаб Рукъалъ жиб хиралъизабураб меседищ?

18 Нужеца цоги абула: «Къурбаналъул гьан лъолеб бакIалъул цIар рехсон гьедараб гьа бихханиги бегьулилан, амма гьениб лъураб къурбаналхIаян гьедараб гьа биххизе бегьуларилан».

19 Бецукал руго нуж! Къурбаналъул гьан лъолеб бакIищ хирияб, яги гьеб бакIалъ хиралъизабураб къурбанищ?

20 ХIакъикъаталдаги къурбаналъул гьан лъолеб бакIалъул цIар рехсон гьедулаго, гьев чияс гьелдаго цадахъ гьениб лъун бугебщинабги рехсолеб бугогури.

21 Мукъадасаб Рукъалъул цIар рехсон гьедулаго, гьев чияс гьелдаго цадахъ гьеб рукъалъул БетIергьанасул цIарги рехсолеб бугогури.

22 ЗобалхIайилан гьедулаго, гьев чияс гьелдаго цадахъ зобалазда бугеб тахги тахида вугевги рехсолел ругогури.

23 Балагьги гIазабги нужее, диниял гIалимзаби ва фарисеял! Ххвелал гьаризе бокьула нужее! Нужеца садакъаде кьола сагIаналъул, анисалъул ва мучариялъул анцIил бутIа, амма Къануналъул бищунго аслиял ритIухълъиги, рахIму-хIелмуги, Аллагьасде иман лъейги нужеца рехун тун руго. Гьебги гьабизе ккола, гьабцоябги рехун тезе бегьуларо.

24 Бецал чагIи квер ккун хадур цIалел бецукал руго нуж! КIкIара ургьибе ккелебилан хIинкъун, лъим цIцIула нужеца, амма варанаби къулчIулел руго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

25 Балагьги гІазабги нужее, диниял гІалимзаби ва фарисеял! Ххвелал
гьаризе бокьула нужее! Нужеца суркІа-щуруналъул тІасахун рахъ
бацІцІад гьабун чураниги, гьелъул жаниса рахъ цІун буго
зулмуялдалъунги хъантІиялдалъунги бакІараральул.

26 Ле бецав фарисеяв, цин дуца суркІа-щурун жаниса бацІцІад гьабе,
гьелъул къватІисахун рахъги бацІцІалъизе.

27 Балагьги-гІазабги нужее, диниял гІалимзаби ва фарисеял! Ххвелал
гьаризе бокьула нужее! ХъахІаб лажбар бахараб хобалда релълъуна нуж.
КъватІисахун гьеб берцинго бихьула, амма гьелда жанибин абуни,
хварасул ракьа-макъарги цогидаб хъублъиги букІуна.

28 ТІасан ралагьун, гІадамазда ккола нуж,ализаби ратилилан, амма
жаниса нуж ххвелазул ва пасалъиялъул цІун руго.

29 Балагьги гІазабги нужее, диниял гІалимзаби ва фарисеял! Ххвелал
гьаризе бокьула нужее! Цересел аварагзабазул хобазда тІад мазарал
гьарулел руго нужеца, вализабазул хобазда занал чІвалел руго.

30 Нужеца абулеб буго, дол умумузул заманаялъ ниж рукІаралани,
аварагзабазул би гІодобе тІеялъулъ нижеца гІахьаллъи гьабилароанилан.

31 Гьелдалъун нужеца нугІлъи гьабулеб бугогури дол аварагзаби
чІваразул васал нуж рукІиналъе.

32 Умумузул мунагьазул къолода тІаде рикьиги балеб буго нужеца.

33 Гьай, чІегІераб борхьил наслу! ЖужахІалъуре рехизе бугеб
хІукмуялдаса кире нуж рорчІилел?!

34 Гьале дица нужехъе ритІулел руго аварагзабиги, гІакъилзабиги,
гІалимзабиги. Гьезул цоял нужеца чІвазе ва хъанчида разе руго. Цогидал
нужерго синагогабазда жанир цІалаца рухизе руго, цо шагьаралдаса
цогидалде лъутизаризе руго.

35 Дуниял бижаралдаса нахъе гІодобе тІураб тІолабго бацІцІадаб бидул
хІакъ нужеда тІаде ккезе буго. ВацІцІадав Гьабилидаса байбихьун, цинги

Мукъадасаб Рукъалъул минаялдаги къурбан хъолеб бакIалдаги гьоркьов шагьидлъарав Барахиял вас Закарияде щвезегIан нужеца чIварал аварагзабазул би буго гьеб.

36 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: гьаб умматалде тIаде ккезе буго дозул бидул хIакъ.

37 Вай Иерусалим, Иерусалим! Аварагзаби чIвалеб ва духъе ритIарал Аллагьасул илчизабазда ганчIал речIчIулеб шагьар! Чан нухалъха дие бокьун букIараб, къурщица тIанчIи гIадин, дур гIадамал дирго кваркьиялда гъоркье рачине, амма нужее гьеб бокьичIо.

38 Балагьея, нужер Хирияб Рукъ чIобого хутIила.

39 «БетIергьанас витIун вачIунев вугесда баркат лъеги», – ян нужеца абизегIан вихьиларо нужеда дун гьанжеялдаса хадув.

**Матфей 24**

1 ГIиса Мукъадасаб Рокъоса къватIиве лъугьун нахъе унаго, муридал гьесда аскIоре рачIана гьаб Мукъадасаб Рукъалъул кIодолъи бихьуларищилан.

2 ГIисаца гьезда абуна: – Гьаб кинабго бихьулищ? ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: ганчIида лъураб цониги гамачI хутIиларо гьаниб кIалагъоркье чIвачIого.

3 Цинги Зайтуналъул магIарда гIодов чIун ГIиса вугеб мехалъ, батIаго гьесда аскIоре рачIун, муридаз гьарана: – Гьаб дуца абулеб бугебщинаб иш кида лъугьине бугебали ва мун вачIиналъулги дуниял ахирлъиялъулги гIаламатал кин загьирлъулелали бице нижеда.

4 ГIисаца абуна: – Воре, цо лъицаниги къосинаризе гурин нуж!

5 Чанги вукIине вугелъулха жив МасихI вугилан вачIунев чи. Чангиял гьез къосинаризеги руго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 Рагъал ккун ругилан ва ккезехъинги ругилан рагIизе буго нужеда.
Воре, нуж хIинкъуге гьелдаса. Гьеб цебеккунго лъугьине ккола, ва гьеб
жеги ахирзаман гуро.

7 Цо халкъ цоги халкъалде, цо ханлъи цоги ханлъиялде тIаде кIанцIила.
БакI-бакIалда ракъи баккила, ракь багъарила.

8 Гьеб кинабго ккола лъимер гьабизе хIара чIваялъул гIадинаб
унтиялъул байбихьи.

9 Гьебмехалъ нуж рачина гIазаб-гIакъуба кьезе ва чIвазе. Дун сабаблъун
тIолабго гIаламалда рихина нуж.

10 Гьебмехалъ гIемерисел гIадамал къосина, цоцазе хилиплъила, цоцазда
рихина.

11 ГIемерал гьересиаварагзаби рахъина, гьез гIемерисел къосинарила.

12 Пасалъи цIикIкIиндал, гIемерисезул рокьи ссун ина.

13 Амма ахиралде щвезегIан сабру гIурав чи хвасарлъила.

14 Ва ПарччахIлъиялъул хIакъалъулъ гьаб Рохалил хабар тIолабго
дуниялалдаго лъазабила, киналго халкъазе нугIлъун букIине.
Гьебмехалъин ахир букIунеб.

15 Даниял аварагасда Аллагьас бицараб чIунтелалъул къабихIлъи хирияб
бакIалда бихьила нужеда, – цIалулесда лъалин гьелъул магIна –

16 гьебмехалъ мугIрузде лъута абе Ягьудиялда ругелал.

17 Гьеб къоялъ тIохда вугев, рокъоса къваригIараб-тараб босизе, гъоркье
рещтIунгеян абе.

18 Хурив вугевги жиндирго ретIел босизе нахъвуссунгеян абе.

19 Вай, къинал руччабазе ва каранда хахулел лъимал ругел улбузе
букIинаха дол къояз кIудияб къварилъи-гIазаб!

20 Хасало яги шамат къоялъ лъутизе ккогегиян гьари-дугIа гьабулел
рукIа нуж.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

21 Щаян абуни, гьебмехалъ рещтIине буго дуниял бижаралдаса
гьанжелъагIан букIинчIеб ва хадубккун букIине къотIиги гьечIеб кIудияб
балагь.

22 Гьел къоял къокълъизаризе Аллагьасул къадар букIинчIебани, цониги
рижи хвасарлъизе букIинчIо. Амма жинцаго тIаса рищарал гIадамазе
гIоло гьел къоял къокъ гьаризе хIукму буго.

23 Гьебмехалъ нужеда лъицаниги абуни, МасихI гьале гьанив вугилан,
яги дова вугилан, воре, нуж гьелда божуге.

24 Щаян абуни, гIемер рукIине руго гьебмехалъ гьересимасихIалги
гьересиаварагзабиги. Чанги кIуди-кIудиял гIаламатал ва мугIжизатал
рихьизарила гьез, бажарани, тIаса рищарал муъминзабигицин
къосинаризе бокьун.

25 Гьеб кинабго цебеккунго лъазабун толеб буго дица нужеда!

26 Доле МасихI гIицIаб авлахъалда вугин абуни, гьенирéги унге нуж,
гьале рокъов жанив вахчун вугин гьевилан рагIани, гьелдаги божуге.

27 Бакъбаккудаса бакътIерхьуде щвезегIан тIолабго зоб гвангъизабулеб
пири гIадин вачIина ГIадамил Лъимер.

28 Балкан бугеб бакIалде чудкал ракIарула.

29 Дол къоязул гIакъуба-къварилъиялдаса хадуб гьебсагIатго бакъул нур
тIагIун ина, ва моцIрол канлъиги ссун ина. ЦIваби зодиса гIодоре гьенон
рачIина, ва къвакIарал зобалги гьаргьадила.

30 Ва гьебмехалда зодиб лъугьина ГIадамил Лъимадул гIаламат. Ва
дуниялалъул киналго халкъал гIодила, гьезда вихьила накIкIазда
гьоркьосан бергьараб къудраталда ва кIодолъиялда ГIадамил Лъимер
вачIунев.

31 Гьебмехалъ ссур пулеб гьаракь бахъина. Жинца тIаса бищараб агьлу
зобалазул гьаб рагIалдаса бахъараб добцояб рагIалде щвезегIан –
ункъабго рахъалдаса бакIаризе жиндирго малаикзабиги ритIила гьес.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

32 Нужеца мисалалъе босе инжиралъул гъветI. Гьелъул гIаркьалабазда гIекI базе ва тIамах бижизе байбихьараб мехалъ, нужеда лъала рии тIаде щолеб бугеблъи.

33 Гьелдаго рельълъун, гьел гIаламатал рихьараб мехалъ, нужеда лъала гьеб нуцIикIалтIе щун бугеблъи.

34 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: дуниялалда гьаб наслу букIаго лъугьине буго гьеб кинабго.

35 Зобалги ракьалги тIагIаниги, дир рагIаби нахъе хутIизе руго.

36 Амма цониги инсанасда лъаларо гьеб къо, гьеб сагIат кида тIаде щвезе бугебали. Я зобалазул малаикзабазда лъаларо, я Васасда лъаларо, гьеб лъала гIицIго Инсуда.

37 НухI аварагасул заманаялда букIараб гIадин букIине буго ГIадамил Лъимер вачIараб мехалъги.

38 ТIупан тIелалде, кваналел-гьекъолел, лъудби рачунел, россабазе унел рукIана дол къоязда гIадамал, НухI гамида жаниве лъугьинегIан.

39 ТIупан тIун, гьелъ росун инегIан, щибниги лъалеб жо букIинчIо гьезда. Гьедин букIина ГIадамил Лъимер вачIиндалги.

40 Гьебмехалъ хурив векьарилев вугев кIигоясул цояв вачина, цогидав хутIила.

41 Гьабихъ гIатI ххенолей йигей кIиго чIужугIаданалъул цояй ячина, цогидай хутIила.

42 Гьединлъидал нуж рорчIуда чIа, нужеда лъаларелъул нужер ТIадегIанав кида вачIиневали.

43 Рукъалъул бетIергьанасда лъалеб бугони цIогьор вачIунеб заман, рорчIи ккун, гьес цIогьор жаниве лъугьине виччаларевлъи лъала нужеда.

44 Гьединлъидал нужги хIадурго рукIа, ракIалдаго гьечIеб заманаялъ вачIине вугелъул нужехъе ГIадамил Лъимер.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

45 Жиндир рагьтIателазе бетIерлъи гьабеян ва гьезие ригь-ригьалда квен-тIехги чIезабеян тарав рагьтIател,

46 гьесул бетIергьан тIадвуссун вачIараб мехалда ритIухъго ва цIодорго хIалтIулев вукIин гьесда лъани, – гьардарав гурищ гьединав рагьтIател.

47 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: бетIергьанас гьединав рагьтIателасда божун тела жиндир тIолабго магIишат.

48 Амма гьедин тарав квешав рагьтIател, жиндирго бетIергьан тIадвуссун вачIине гIезегIан заман бугин ракIалдеги ккун,

49 живго гIадал рагьтIателал рухизе-кьабизе лъугьани ва гьекъолдухъабигун кваналев-гьекъолев чIани, щиб ккелеб?

50 Гьесда ракIалдаго гьечIеб къоялъ ва вачIиниланго ккечIеб сагIаталъ тIаде рехун вачIина гьесул бетIергьан.

51 КIихIи хъвалхьина гьес гьев рагьтIател. Ххвелал гьарулесул можоро бахъараб гIадин ккела гьесул иш. ГIодилел ва цаби къерщезарулел хутIила гьединал гIадамал.

## Матфей 25

1 Гьебмехалъ Зобалазул ПарччахIлъи рельлъине буго бахIарасда дандчIвазе сардилъ нахул чирахъалгун бахIаралъул бакIалде арай анцIго ясалда.

2 Гьезул щугояй тохай йикIун йиго, щугояй цIодорай йикIун йиго.

3 Тохал ясаз чирахъал росун руго, чирахъазухъе тIезе нах цадахъ босун гьечIо.

4 ЦIодоразин абуни, пурччби цIун нахги босун буго чирахъазда цадахъ.

5 БахIарав кватIун вуго, гьесда дандчIвазе арал киналго ясалги гъапулллъун ккун руго, цинги кьижун ккун руго гьел.

6 Сордо бащалъараб мехалъ, цо ахIи бахъун буго, гьале бахIарав вачIунев вугин, гьесда дандчIвазе рахъаян.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Гьебмехалъ, тӀаде рахъун, киналго ясал чирахъал рекъе-решезаризе
лъугьун руго.

8 Тохал ясаз цӀодоразда абун буго жидер чирахъазухъе тӀезе нах кьейин,
гьел свинехъин ругилан.

9 ЦӀодорал ясаз гьезда абун буго, кӀиязего хвараб гьабичӀого, нужерго
чирахъазе нах босизе нуж тукаде ун лъикӀилан.

10 Нахуда хадур гьел араб мехалъ, бахӀарав вачӀун вуго. ХӀадурго чӀун
ратаралги цадахъ рачун, бахӀарав бертадул рокъове лъугьун вуго.
Нахъасан нуцӀаги рахан буго.

11 Цинги рачӀун руго дол ясал. – Я, бетӀерчӀахъад! Я, бетӀерчӀахъад!
НуцӀа ричӀе нижее, – ян ахӀдезе лъугьун руго гьел.

12 – ХӀакълъун абулеб буго дица нужеда: дида лъалел чагӀи гуро нуж! –
абун жаваб кьун буго бахӀарас.

13 Гьединлъидал, рорчӀуда чӀа нуж: я къо, я сагӀат лъаларелъул нужеда.

14 Цоги гьеб рельлъинабизе бегьула сапаралъ иналде, ахӀун
рагьтӀателалгун, гьезухъе цӀунизе жиндирго боцӀи-рикъзи кьурав цо
пуланав чиясда.

15 Цоясухъе гьес кьун буго щуазарго месед, цогиясухъе – кӀиазарго
месед, лъабабилесухъе – азарго месед, – щивасухъе гьесул бажари-
гьунаралда рекъон. Цинги сапаралъ ун вуго.

16 Щуазарго месед щварас, гьебсагӀат инеги ун, гьелдасан щуазаргоги
месед хайирлъизабун буго.

17 КӀиазарго щварас гьединго кӀиазаргоги месед хайирлъизабун буго.

18 Азарго месед щварас, инеги ун, бухъун гвендгун, ракьулъ бахчун буго
жиндирго бетӀергьанасул месед.

19 Гьелдаса гӀемераб заман индал, тӀадвуссун вачӀун, гьезул бетӀергьанас
рагьтӀателал ахӀун руго доб меседалъул хӀисаб-суал гьабизе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

20 Щуазарго месед жиндихъе кьун букIарав рагьтIателас, вачIун гьесда
абун буго: «Гьале, бетIерчIахъад, дуца дихъе кьун букIараб щуазарго
месед, гьале гьелдасан хайирлъараб щуазарго меседги».

21 Гьесул бетIергьанас абун буго гьебмехалъ: «ХIалчIахъаги дур, дир
лъикIав ва ритIухъав рагьтIател, гьитIинаб божилъиялъе дуца дида цебе
ритIухълъи бихьизабидал, кIудиябги божун тела дуда. Дурго
бетIергьанасулгун рохел гIахьал гьабе».

22 КIиазарго месед жиндихъе кьун букIарав дов рагьтIателас вачIун
гьесда абун буго: «Гьале, бетIерчIахъад, дуца дихъе кьун букIараб
кIиазарго месед, гьале гьелдасан хайирлъараб кIиазарго меседги».

23 Гьесул бетIергьанас абун буго гьебмехалъ: «ХIалчIахъаги дур, дир
лъикIав ва ритIухъав рагьтIател, гьитIинаб божилъиялъе дуца дида цебе
ритIухълъи бихьизабидал, кIудиябги божун тела дуда. Дурго
бетIергьанасулгун рохел гIахьал гьабе».

24 Азарго месед жиндихъе кьун букIарав рагьтIателас вачIун гьесда абун
буго: «Я, бетIерчIахъад! Дида лъалаан мун дуцаго бекьичIеб лъилъулев,
дуцаго кIутIичIеб бищулев, согIав чи букIин.

25 Дукьа хIинкъун, дица доб азарабго месед ракьулъ бахчун тун букIана.
Гьале нахъе босе дурго гьаб».

26 «Гьай, квешав ва кIвахIалав рагьтIател! – ан абун буго гьесул
бетIергьанас. – Дуда лъалеб букIун буго дицаго бекьичIеб лъилъулев,
дицаго кIутIичIеб бищулев чи дун букIин.

27 Гьединлъидал дуца гьаб дир месед базаргабазухъе къарзалъ кьезе
кколаан. Жакъа тIадвуссун вачIараб мехалъ, хайиргун цадахъ нахъе
щвелаангури гьеб дихъе».

28 Цинги абун буго, гьасухъаги босун, гъоб азарабго месед дов
анцIазарго месед бугесухъе кьейилан.

29 «Кодолъи бугевщинасе, гIунги тIокIлъиледухъ, тIадеги кьезе буго,
кодолъи гьечIесухъа бугебги бахъизе буго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

30 Гьев пайда гьечIев рагьтIател дове бецIаб къотIнове рехе. ГIодилел ва цаби къерщезарулел рукIина дора гIадамал».

31 Киналго малаикзабигун цадахъ жиндирго хIалкIолъигун ГIадамил Лъимер вачIараб мехалъ, къудраталъул тахида гIодов чIела гьев.

32 Киналго халкъал данделъила гьесда цере гьебмехалъ, ва вехьас чахъабиги цIцIаниги ратIа гьарулел гIадин, цоцаздаса ратIа гьарила.

33 Чахъаби гьес жиндирго кваранаб рахъалда чIезарила, цIцIани квегIаб рахъалда чIезарила.

34 Гьебмехалъ ПарччахIас кваранаб рахъалда ругезда абила: «Ле, дир Инсул баркат лъурал гIадамал, дуниял бижаралдаса нахъего нужее къачIан букIараб ПарччахIлъи босизе рачIа.

35 Щайин абуни, дун вакъун хутIидал – нужеца кваназавуна, къечон хутIидал – гьекъезавуна, сапаралда вукIун, къотIнов хутIидал – рокъове вачун, гьоболлъи гьабуна.

36 ТолохIочон хутIидал – нужеца дие ретIел кьуна; дун унтараб мехалъ – нуж диде раккизе рачIана; дун туснахъалъуве ккедал – нуж дихъе хьвадана».

37 Гьел муъминзабаз абила: «Я, БетIерчIахъад! Вакъун ватун – кида нижеца мун кваназавурав? Къечон ватун – кида гьекъезавурав?

38 КъотIнов ватун – кида нижеца мун рокъове вачарав? ТолохIочон ватун – кида нижеца дуе ретIел кьураб?

39 Унтун яги туснахъалъув ватун – кида ниж духъе рачIарал?”

40 ПарччахIас, гьезие жаваб кьун, абила: «ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: дир бищунго гIисинал вацазул цоясениги нужеца гьабурабщинаб, гьеб буго дие гьабураб лъикIлъи».

41 КвегIаб рахъалда ругезда абила гьес гьебмехалъ: «Дида аскIоса нахъе а, нагIана кьураб агьлу! Илбисалъеги гьелъул рахъ ккурал малаикзабазеги къачIан бугеб абадияб цIадулъе а.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

42 Дун вакъун хутӀидал – кваназавичӀо нужеца, къечон хутӀидал – гьекъезавичӀо.

43 Сапаралда вукӀун дун къотӀнов хутӀидал – рокъове вачун, гьоболлъи гьабичӀо нужеца, дун гӀицӀтолохӀоч хутӀидал – ретӀине ретӀел кьечӀо, дун унтараб мехалъ ва туснахъалде ккедал – дихъе рачӀинчӀо нуж».

44 Гьебмехалъ дозги гьесда абила: «Я, БетӀерчӀахъад! Вакъун хутӀун – кида мун нижеда ватарав? Къечон хутӀун – кида ватарав? КъотӀнов хутӀун, яги гӀицӀтолохӀоч хутӀун, яги унтун, яги туснахъалде ккун – кида мун нижеда ватарав? Кида нижеца дуе хъулухъ гьабичӀеб?”

45 Гьес жаваб кьела: «ХӀакълъун абулеб буго дица нужеда: бищунго гӀисиназул цоясениги гьабичӀебщинаб, гьеб буго нужеца дие гьабичӀого тараб лъикӀлъи».

46 Гьединазе букӀина абадияб тамихӀ, ритӀухълъаразе букӀина абадияб гӀумру!

**Матфей 26**

1 Гьеб хабар бицун лъугӀараб мехалъ, жиндирго муридазда ГӀисаца абуна:

2 – Нужеда лъалаха кӀиго къоялдасан Пасхаялъул байрам букӀине бугеблъи. Гьеб къоялъ ГӀадамил Лъимадуе хилиплъизе руго ва гьев хъанчида вазе вуго.

3 Кайафа абун жинда цӀар бугев бищунго кӀудияв кашишасул кӀалгӀаялъуре дандельун рукӀана гьебмехалъ чӀахӀиял кашишзабиги халкъалъул чӀухӀби-хӀакимзабиги.

4 Гьез хӀукму гьабуна, хӀилла-рекӀкӀалдалъун ккквезеги ккун, ГӀиса чӀвазавизе кколилан.

5 Амма байрамалъул къоялъ бегьиларин, халкъалъул дандечӀей багъаризе бегьулилан абулеб букӀана гьез.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 Барасалъ унтарав Симон абулев чиясул бакIалда Бетаниялда кваназе
гIодов чIун ГIиса вугеб мехалъ,

7 цIакъ къиматаб ва бацIцIадаб махIгьуинаб нахул цIураб щагIил
сурахIиги босун ячIарай цо пуланай чIужугIаданалъ, гьеб гьесул
ботIроде чIехьола.

8 Гьеб бихьараб мехалъ, ГIисал муридазул ццин бахъана: – Щай
гьабгощинаб нах гIадада хвезабулеб?

9 Гьеб нахги хирияб багьаялде бичун, гьелъухъ щвараб гIарац
мискинзабазе садакъаде кьезе бегьилаан.

10 Гьезул пикру бичIчIун, ГIисаца гьезда абуна: – Щай нужеца гьей
къварид гьаюлей? Дие лъикIлъи гьабулейлъидал гьей йигей.

11 Мискинзаби кидаго ратила нужеда аскIор. Дунин абуни, кидаго гуро
нужгун вукIунев.

12 Дир черхалда тIаде махIгьуинаб нахги тIун, гьей чIужугIаданалъ
хабалъейин дун къачIалев вугев.

13 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: тIолабго дуниялалда гьеб
Рохалил хабар лъазабунщинаб бакIалда бицен букIине буго, гьай
гIаданги ва гьалъ дие гьабураб лъикIлъиги ракIалде щвезабун.

14 Гьебмехалъ анцIила кIиявго чапарасда гьоркьов вукIарав Ягьуда
Искариот абулев чияс, чIахIиял кашишзабазухъе ун, гьезда гьикъана:

15 – ГIиса дица нужер кверде кьуни, щиб нужеца дие кьелеб? – ан.
Лъеберго гIарцул гъурущ кьезе къотIи гьабуна гьез Ягьудае.

16 Гьелдаса нахъе Ягьудаца балагьулеб букIана ГIиса гьезул кверде кьезе
санагIалъи бугеб бакIги заманги.

17 РеччичIел Панкъазул Байрамалъул тIоцебесеб къоялъ, ГIисахъе рачIун,
муридаз гьикъана: – Пасхаялъул квен киб кваназе дуе бокьилеб? Нижеца
хIадур гьабила гьеб.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

18 ГIисаца абуна: – Шагьаралда вугев цо пуланав чиясухъе ун, гьесда абе
нужеца, жиндир болжалги гIагарлъун бугелъул, Пасхаялъул байрам
жиндирго муридазда цадахъ дур бакIалда тIобитIилин абизе ритIанин
ниж нижер МугIалимасилан.

19 ГIисаца абурабги тIубазабун, гьез пасхаялъул квенги хIадур гьабуна.

20 Дуниял рукIкIараб мехалъ вачIун, анцIила кIиявго мурдасда цадахъ
кваназе гIодов чIана ГIиса.

21 Кваналел рукIаго, гьес абуна: – ХIакълъун абулеб буго дица нужеда:
нужер цояв дие хилиплъила.

22 Кутакалда пашманлъана гьел. Цин-циял рахъун цIехана: – Я,
БетIерчIахъад! Дун гуро гурищ? – абун.

23 ГIисаца гьезда абула: – Дида цадахъ гьаб гъадринибе квер бегьулев
вугев чи хилиплъизе вуго дие.

24 ГIадамил Лъимадул иш ккезе буго ТIухьдузда хъван бугеб куцалда.
Амма квешаб балагь рещтIине бугебха ГIадамил Лъимер тушбабазул
кверде кьурав чиясде. Дуниялалда вижичIевани лъикIан гьесие.

25 Гьесие хилиплъарав Ягьудаца гьикъана гьебмехалъ: – Дун гуро гурищ,
Рабби? – ян. ГIисаца гьесда абуна: – Дуца абулеб бугоха гьедин.

26 Гьедин кваналел рукIаго, ГIисаца, цо чедги кодобе босун, тIаде дугIаги
гьабун, бек-бекун муридазухъе кьолаго, абуна: – Босе, кванай. Гьаб буго
дир черх.

27 Цинги, чогърол цIураб щурунги кодобе босун, Аллагьасе рецщги
гьабун, гьезухъе кьолаго, ГIисаца абуна: – Кинацаго гьекъе гьаб
щурумалъуса.

28 Гьаб буго киназулго мунагьал чуризе гIоло тIолеб дир би – ЦIияб
КъотIи щулалъиялъе тIолеб би.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

29 Дица нужеда абулеб буго: дир Инсул ПарччахIлъиялда цIияб чагъир нужеда цадахъ гьекъолеб къо тIаде гIунтIизегIан, дица гьаб цIолбол цIураб жа тIокIаб гьекъезе гьечIо.

30 Цинги гьез туркаби ахIана, гьениса рахъун ун, Зайтуналъул магIарде рахана.

31 Гьебмехалъ ГIисаца гьезда абула: – Дида аскIоб яхI рехараб жо гьабизе буго къаси нужеца кинацаго. ТIехьалда хъван бугелъул: «Дица вехь чIвала, гIиял рехъенги рахъ-рахъалде тIурун ина».

32 Хун тун хадув чIаголъараб мехалъ нужедаса цеве щвела дун Галилеялде.

33 Пётрица гьесда абуна: – Киназго яхI реханиги, дица киданиги яхI рехиларо.

34 ГIисаца гьесда абуна: – ХIакълъун абулеб буго дица дуда: гьанже радакье хIелеко бахъиналде лъабцIул инкар гьабизе буго дуца дидаса.

35 Пётрица гьесда абуна: – Дуда цадахъ хвезе кканиги, дица дудаса инкар гьабизе гьечIо, – ян. Гьедин абулеб букIана киналго цогидал муридазги.

36 Цинги ГIиса гьезда цадахъ Гетсемания абулеб бакIалде уна. Гьес муридазда абула: – Нуж гьанир гIодор чIун рукIа, дове ун, Аллагьасе гьари-дугIа гьабун дун вачIинегIан.

37 Пётрги Зебедайил кIиявго васги рачана ГIисаца жиндаго цадахъ, ва гьев ккана къваридаб ва пашманаб ургъалилъе. Гьебмехалъ ГIисаца гьезда абула:

38 – Хвалил гIазаб буго дир рекIее. Нуж гьанир дида цадахъ рукIа ва рорчIуда чIа.

39 Цинги, дагьав довегIанги ун, кIалагъоркьеги речIчIун, гьари-дугIаялда абулеб букIана гьес: – Я, дир Эмен! Бегьулеб батани, гьеб хвалил лълъар

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

гьекъезабуге дида. Амма дие бокьухъе гуреб, дуего бокьухъе букӀине биччанте.

40 ТӀадвуссун вачӀиналде, муридал кьижун ратана. Гьес Пётрида абуна: – Цо сагӀаталъ дида цадахъ кьижичӀого чӀезе кӀолеб букӀинчӀебищ нужеда?

41 Воре, нуж рорчӀуда чӀа! Гьари-дугӀаялде русса, нужго къосинарунгутӀизе. Инсанасул рухӀ – лебалаб, черх – загӀипаб.

42 Нахъеги довегӀанги ун, гьари-дугӀа гьабуна: – Я, дир Эмен! Гьеб хвалил лълъар дица гьекъечӀого гӀолареб батани, дуе бокьухъе букӀине биччанте.

43 Гьанжеги тӀадвуссун щведал, ГӀисада гьел ратула, беразул тӀелхал бакӀлъун, кьижун ккун.

44 Гьелги жалго тун, нахъеги довегӀанги ун, лъабабизеги гьари-дугӀаялда долго рагӀаби абизе лъугьана ГӀиса.

45 Цинги тӀадвуссун вачӀун, гьес муридазда абуна: – Нуж жеги рахӀаталда кьижунищ ругел? Гьале тӀаде гӀунтӀана доб ГӀадамил Лъимер мунапикъзабазул кверде кьолеб сагӀат.

46 Гьа, рахъа, доле хиянатчи тӀаде щолев вугин.

47 ГӀисаца гьедин абулаго, гьале тӀаде щвана Ягьуда – дол анцӀила кӀигояздасан цояв. Гьесда цадахъ хвалчабигун, тӀилалгун тӀаде бачӀунеб букӀана чӀахӀиял кашишзабазги чӀухӀби-хӀакимзабазги битӀараб гӀемераб халкъ.

48 Хиянатчияс гьезда лъазабун букӀана: «Дица убач гьабурав чи ГӀиса вукӀина. Цинги кквe нужеца гьев».

49 Ягьуда битӀун ГӀисада аскӀове уна. – Ассаламу гӀалайкум, Рабби! – янги абун, ГӀисада убач гьабула.

50 ГӀисаца гьесда абула: – Дурго мурад тӀубазабе, гьудул, гьанже. ГьебсагӀат тӀадречӀчӀун гӀадамаз ГӀиса къан ккола.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

51 Гьебмехалъ ГІисал цо муридас лъалиниса бахъун хьвагІараб хвалчаца цо чиясул (гьев вукІана бищунго кІудияв кашишасул рагьтІател) гІин къотІун рехула.

52 ГІисаца гьев муридасда абуна: – Хвалчен лъалиниб лъе! Хвалчен бахъарав хвалчадалъун хвезе вуго.

53 Дие кумекалъе гьабсагІат малаикзабазул анцІила кІигоялдаса цІикІкІун бо битІеян дирго Инсуда гьаризе дида кІоларебиланищ дуда ракІалде кколеб?

54 ТІухьдузда хъвавухъе лъугьинарогури гьебмехалъ.

55 ГьебсагІаталъ ГІисаца гьел гІадамаздехун вуссун абуна: – Хвалчабигун, тІилалгун хъачагъасде гІадин кІанцІанагури нуж дун кквезе. Щибаб къоялъ халкъалъе вагІза-насихІат гьабулев Мукъадасаб Рокъов гІодов чІун вукІунаангури дун, гьениб нужеца диде квер борхичІо.

56 Амма гьаб кинабго лъугьунеб буго аварагзабазул ТІухьдузда хъвараб ритІухълъизелъун. Гьебмехалъ киналго муридал, вукІаралъув гьевги тун, лъутун уна.

57 Гьез ГІиса вачана Кайафа абулев бищунго кІудияв кашишасул бакІалде. Гьенир данделъун рукІана диниял гІалимзаби ва чІухІби-хІакимзаби.

58 Пётрги вукІана нахъа-нахъа чІун вачІунев, ва гьездаго хадув цун, бищунго кІудияв кашишасул азбаралъухъе щвана гьев. Жаниве лъугьун, гІодов чІана.

59 Гьебмехалъ чІахІиял кашишзабазги тІолабго тІадегІанаб судалъги балагьулеб букІана ГІиса чІвазе къотІиялъе гІураб гІайиб гьесде гІунтІизабизе гьересинугІлъи.

60 Амма гьеб гьезухъе щолеб букІинчІо, гьересинугІлъиялъе гІезегІанго гІадамал гьенире рачІунел рукІаниги. Амма ахиралда кІиго чи вачІун,


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

61 гьез бицана, гьас абулеб букӀанин Аллагьасул Мукъадасаб Рукъ щущазабизе ва лъабго къоялде цӀидасан гьеб базе кӀолин жиндаян.

62 Гьебмехалъ, тӀаде вахъун, бищунго кӀудияв кашишас ГӀисада гьикъана: – Дуда данде нугӀлъи гьабун гьаз бицунеб бугеб жоялъе жаваб кьезе рагӀигойищ дур гьечӀеб?

63 ГӀиса вуцӀцӀун чӀун вукӀана. Бищунго кӀудияв кашишас гьесда абуна: – ХӀакъав Аллагьасул цӀар бахъун гьарулеб буго дица дуда: Аллагьасул Вас МасихӀ мун ватани, вугилан абе нижеда.

64 ГӀисаца гьесда абуна: – Дуцаго абулеб бугоха гьедин, амма дица нужеда абулеб буго: гьанжеялдаса хадув ГӀадамил Лъимер нужеда вихьила Къудратав Аллагьасул кваранаб рахъалда гӀодов чӀун ва зобалазул накӀкӀул парчабазда тӀад вачӀунев.

65 Гьебмехалъ бищунго кӀудияв кашиш, жиндаго тӀад букӀараб ретӀелги тӀутӀун балаго, ахӀдезе лъугьана: – Гьас гӀасиял-пасикъал жал рицунел руго. ТӀокӀалги сундуе нилъее нугӀзал къваригӀарал? Гьале гьабсагӀат рагӀанагури гьасул гӀасиял-пасикъал рагӀаби. Щиб пикру нужер бугеб?

66 Киназго абуна гьев чӀвазе къотӀизе кколилан.

67 Цинги гьел ГӀисал бадире тударизе, гьев вухизе лъугьана.

68 – Мун авараг ватани, лъица кьабурабали бице, МасихӀ! – анги абун, гьесул кӀаркьен чӀвалаан.

69 Азбаралъув гӀодов чӀун вукӀарав Пётрида аскӀое ячӀун, цо гъаравашалъ абуна: – Мунги вукӀанагури Галилеялдаса ГӀисада цадахъ.

70 Киназдаго цебе нагӀадала ккун, Пётрица абуна дуца бицунеб жо щибилан.

71 Пётр кавудухъехун унаго, гьений йикӀарай цоги гъаравашалда вихьана гьев. Гьенир аскӀор ругезда гьелъги абуна гьав чи Назареталдаса ГӀисада цадахъ вукӀанилан.

72 Гьев чи жинда лъаларилан гьедун нагӀадала ккуна Пётрица гьанжеги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

73 ГIемер мехго балелде гьенир рукIарал гIадамаз, аскIоре рачIун,
Пётрида абуна: «Гьайгьай, мунги дозул чи вуго. МацIалъухъ балагьун
лъалеб буго мун ватIа вахъизе».

74 Гьебмехалъ Аллагьасул цIар бахъун гьедаризе лъугьана гьев чи жинда
лъаларилан. ГьебсагIат рагIана гIегIедулеб хIелкил гьаракь.

75 Пётрида ракIалде щвана радакье хIелеко бахъиналде, лъабцIулго
инкар гьабилин дуца дидасайилан ГIисаца жиндаго абун рукIарал
рагIаби. КъватIиве ун гIек-гIекиялда гIодана Пётр.

**Матфей 27**

1 Дуниял рогьарабго, чIахIиял кашишзабазги халкъалъул чIухIби-
хIакимзабазги – киназго ГIисада дандечIараб хIукму гьабуна гьев чIвазе
къотIизе.

2 Вухь-вухьун вачун ГIиса кьуна Пилат сардарасухъе.

3 ГIисае хилиплъарав Ягьудаца, гьев чIвазе хIукму гьабун букIин
лъайдал, жинцаго гьабуралдаса ракI бухIун, доб лъеберабго гIарцул
гъурущ чIахIиял кашишзабазухъеги чIухIби-хIакимзабазухъеги нахъе
кьуна.

4 Гьес абуна: «ГIайибго гьечIеб бидул хIакъги мунагьги ккана диде». Гьез
абуна: «Нижеца щиб гьабеянха мун вугев? Дур иш буго гьеб».

5 Мукъадасаб Рокъобе рехун гьеб гIарацги тун, Ягьуда нахъе ана ва
живго жинцаго гъанкъана.

6 Гьеб гIарацги кодобе босун, чIахIиял кашишзабаз абуна чиясул бидухъ
щвараб гIарац, Къануналда рекъон, Мукъадасаб Рукъалъе садакъаде
кьезе бегьуларилан.

7 Цинги гьез, цоцазда дандбан, хIукму гьабуна гьеб гIарцухъ
«ЩагIихъанасул хур» абулеб бакI бичун босизе ва гьеб апарагзаби
рукъизе хабалазе тезе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Гьединлъидал гьеб бакIалда жакъа къоялделъагIанги «Бидул хур» абун
цIар хутIун буго.

9 Гьедин ритIухълъана Иеремия аварагасул гьадинал рагIаби: «Ва гьезие щвана лъеберго гIарцул гъурущ, гьез багьа чIезабурасухъ кьураб мухь, гьединаб букIана Исраилил наслуялъул цо-цо гIадамаз гьесухъ чIезабураб багьа. Гьеб гIарцухъги щагIихъанасул хур босана гьез.

10 Гьедин лъазабуна дида БетIергьанас».

11 Сардарасда цеве чIезавуна ГIиса. Сардарас ГIисада гьикъана: – Мунищха кколев жугьутIазул ПарччахI? ГIисаца жаваб кьуна: – Дуца абулеб бугоха гьедин.

12 Амма чIахIиял кашишзабазги чIухIби-хIакимзабазги жинде гIайиб гIунтIизабулеб мехалъ, ГIисаца жаваб кьечIо.

13 Гьебмехалъ Пилатица гьесда абуна: – Дуда рагIулеб гьечIищ гьаз, дуде гIайиб гIунтIизабун, гьабулеб бугеб нугIлъи?

14 Цо рагIи абунцин ГIисаца жаваб кьечIелъул, сардар цIакъ гIажаиблъун-хIикмалъун хутIана.

15 ГIадат букIана халкъалъе бокьарав цо туснахъ сардарас байрамалъул къоялъ къватIиве виччалеб.

16 Гьеб заманаялда туснахъалъув вукIана Барабба абун цо цIар рагIарав такъсирчи.

17 Халкъ бакIарараб мехалъ Пилатица гьикъана: – Нужехъе къватIиве щив виччазе нужее бокьилеб: Бараббайищ яги МасихIилан жинда абулев ГIисайищ?

18 (Пилатида лъалеб букIиндалха жахIда-хIусудалъ хIал гьабун жиндихъе кьурав чи гьев вукIин.)

19 ХIукму къотIизе тахида гIодов чIун Пилат вугеб мехалъ, чIужуялъ чи витIун вачIана, нолъ ГIисал рахъалъ бихьараб квешаб макьуялъ гIазаб


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

кьолеб бугин жиндие, дуца гьев щибго гIайиб гьечIев валиясе расги гьабугейилан абизе.

20 Амма чIахIиял кашишзабазги чIухIби-хIакимзабазги халкъ мукIур гьабун букIана Варабба къватIиве виччаян ва ГIиса чIвазе къотIеян гьаризе.

21 Сардарас гьезда гьикъана: – Гьел кIиязулго кинавав къватIиве виччазе нужее бокьилеб? – Варабба, – ян абуна гьез.

22 Цинги Пилатица гьезда гьикъана: – Гьедин батани, МасихIилан жинда абулев ГIисада щибха гьабилеб? Гьел киназго абуна: – Хъанчида вазе ккола гьев!

23 Пилатица гьебмехалъ абуна: – Гьас гьабураб квешлъигIаги щиб? Амма гIадамал тIадеги цIакъ ахIдезе лъугьана: – Хъанчида вазе ккола гьев!

24 Гьабизе кIолеб жо гьечIеблъи бихьун, хIатта гьалмагъир ккезехъин букIин бичIчIун, Пилатица, лъимги бачIинабун, кверал чурана, гьел гIадамазда бихьуледухъ. Цинги гьес абуна: – Щибго гIайиб гьечIев гьав чиясул бидул хIакъ дида тIад гьечIо. Гьаб иш нужер буго.

25 Кинабго халкъалъ жаваб кьуна: – Гьесул бидул хIакъ нижедаги нижер лъималаздаги тIад буго.

26 Гьебмехалъ Пилатица Варабба гьезухъе виччана. ГIиса цIалаца вухеян ва хъанчида ваян амру гьабуна.

27 Цинги сардарасул рагъухъабаз ГIиса вачана претория абулеб кIалгIаялъул азбаралъуве. Рагъухъабазул тIубараб полк бахъинабун букIана гьенибе.

28 ТIаса ретIелги бахъун, бецIбагIараб ххамил гIаба ххола ГIисада тIад.

29 Зазил хьухьун гьабураб тажги лъола гьесул ботIрода, кваранаб кверальухъе гIансаги кьола. Цинги, гIад-хочIие гьавун, гьесда цере накабазда чIола: «ЖугьутIазул парччахI чIахъаги!» – ян ахIулаго.

30 Гьел ГIисаде тударула, гIонсоца бетIер бухула.


Institute for Bible Translation

31 ХIалхьезегIан инжит-хIакъирги гьавун, доб гIабаги тIаса бахъун,
жиндирго ретIел ретIуна гьесда тIад. Ва хъанчида вазе вачун уна.

32 Гьев вачун унаго, хуриса вачIунев вукIарав Киренеялдаса цо Симон
абулев чи данде ккана. Гьесда баччизабуна гьез ГIисае гьабураб хъанч.

33 Гьел щвана Голгота абулеб бакIалде. Гьелъул магIна ккола «Гвангвара
гохI».

34 КьогIлъизабураб чагъир кьуна гьесие гьекъезе. Цо кIалдибеги босун,
ГIисаца инкар гьабуна гьелдаса.

35 Гьевги хъанчида ван, можоро тIамун гьесул ретIел жидедаго гьоркьоб
бикьана рагъухъабаз.

36 Хъаравуллъи гьабун гьенирго чIана гьел.

37 «ЖугьутIазул парччахI ГIиса», – абун, гьесде гIунтIизабураб гIайиб тIад
хъвараб хъарщиги чIвана гьесул бетIералда тIадехун.

38 КIиго хъачагъги вукIана гьесда цадахъ хъанчида ван: цояв кваранаб
рахъалда, цояв квегIаб рахъалда.

39 Цересан унел гIадамаз, гьев хIакъир гьавун абулеб букIана: – Ле,
щущазабун Мукъадасаб Рукъгун, лъабго къоялде гьеб цIидасан балев
багьадур, мунго хвасар гьаве!

40 Мун Аллагьасул Вас ватани, хъанчидаса гIодове рещтIа!

41 Гьединго чIахIиял кашишзабиги, диниял гIалимзабиги ва чIухIби-
хIакимзабиги, гьев хIакъир гьавун гаргадулел рукIана:

42 – Цогидал хвасар гьарилилан вукIанин, живго хвасар гьавун
бажаруларев чи. Исраилил умматалъул парччахIила жив! РещтIа абе
гьанже хъанчидаса гъоркье, гьебмехалъ божила нилъ гьесда.

43 Аллагьасе живго аманат гьавун вукIанин, Аллагь гьасдаса рази
ватани, гьанже гьес хвасар гьавеян абе. Аллагьасул Вас вугилан гурищ
гаргадилев вукIарав?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

44 Гьесда цадахъ хъанчида рарал хъачагъалги рукIана гьединго ГIисаде хьанделел.

45 Къалъул гIужалда тIолабго ракь бецIлъана. Гьеб бецIлъи тIаса инчIо сагIат лъабго тIубазегIан.

46 СагIат лъабго тIубалеб мехалъ, цо гучаб гьаракь гьабун, ахIана ГIисаца: – Эли, Эли! Лема шевактани! – абун. (Гьелъул магIна букIана: «Дир Аллагь! Дир Аллагь! Щай дуца дун рехун тарав?»)

47 Гьенир рукIарал цо-цояз, гьеб рагIараб мехалъ абулеб букIана Иляс аварагасде ахIи балеб бугин гьесилан.

48 Гьебмехалъ векерун ун гьезул цояс, цIекIаб чагъиралдаги ччун, чIорто босун бачIана ва, гIорол тIогьибги бухьун, бегьана гьесухъе.

49 Цо-цояз абулеб букIана: «ЧIа, гьанже бихьилин гьев хвасар гьавизе Иляс авараг вачIунищали».

50 Цоги нухалъ гучаб гьаракьги гьабун, хвана ГIиса.

51 Гьале Мукъадасаб Рокъоб хирияб бакIалда бигъун букIараб пардав тIарадаса ахаде щвезегIан кIихIи бихъун ана, ракь багъарана, кьураби риххун ана,

52 хабал кьватIун ана, хваралъуса чIаголъун, гьениса къватIире лъугьун рачIана церего хварал гIемерал вализаби.

53 ГIиса хваралъуса вахъараб мехалъ, гьесда цадахъ Мукъадасаб шагьаралде рачIана гьелги, ва гьенир гIезегIан чагIазда рихьана гьел.

54 Ракь багъариги цогидал хIикматал ишалги рихьараб мехалъ, аскаралъул нусилбетIерги ГIиса цIунун гьесда цадахъ рукIарал рагъухъабиги цIакъ хIинкъана. Гьез абуна: – ХIакъикъаталдаги гьав чи Аллагьасул Вас вукIун вуго.

55 Галилеялдаса рахъарал гьесда цадахъ рачIун, ГIисае хъулухъалъе чIарал гIемерал руччабиги рукIана гьенир, нахъегIан чIун ралагьун. Гьезда гьоркьор рукIана:


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

56 Магдалаялдаса Марямги, Якъубил ва Юсупил эбел Марямги,
Зебедайил васазул эбелги.

57 МаркIачIубер рукIкIараб мехалъ, гъениве вачIана Ариматея
шагьаралдаса Юсуп абулев цо бечедав чи. ГIисал мурид вукIана гьевги.

58 Пилатихъе ун гьес гьарана ГIисал жаназа букъизе кьеян. Пилатица
изну кьуна.

59 Юсупица ГIисал жаназа нахъе босула, бацIцIадаб хIебтил мусруги бан,

60 гьеб букъула кьурулъ бикIун жиндиего хIадурун букIараб хабалазул
нохъода цIияб хабалъ. Нохъодул кIалтIе цо кIудияб гамачIги гиризабун
тун, гьев нахъе ана.

61 ГIиса хабалъ лъолеб мехалъ, дандритIухъе гIодорчIун рукIана
Магдалаялдаса Марямги ва дойцояй Марямги.

62 Гьеб букIана рузман къо. Нахъисеб къоялъ данделъун чIахIиял
кашишзабиги фарисеялги Пилатихъе ана ва гьез абуна:

63 – Я, бетIерчIахъад! Нижеда ракIалде щвана гьанже: чIаго вугеб мехалъ
гьадав гьерсихъанас абулаан хун лъабго къоялдасан хваральуса вахъине
вугилан.

64 Гьединлъидал лъабго къо инегIан досул хоб цIунизе хъаравулзаби
тIаме. Досул муридаз, бикъун гьеб жаназагун, гIадамазда абизе бегьула
ГIиса чIаголъун вугилан. Досулалдасаги кIудияб гьереси букIина гьеб.

65 Пилатица гьезда абуна: – Гьаниса рачун хъаравулзабигун, нужеего
бокьухъе цIуне гьеб хоб.

66 Инеги ун, гьез хоб цIунизе тадбир гьабуна: ганчIида мугьру чIвана ва
гьенир хъаравулзаби тана.

**Матфей 28**

1 Шамат къо индал, анкьил тIоцебесеб къоялъул рогьалилъ, ГIисал
хабаде рахине рачIана Магдалаялдаса Марямги ва дойцояй Марямги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Зобалаздасан гьениве рещтIун вуго Бичасул малаик. Хабал картIида цун лъун букIараб гамачIги нахъе босун, гьелда тIад гьев гIодов чIедал, кутакалда ракь багъарана.

3 Пириялъул гIадаб сурат букIана гьев малаикасул, гIазухъахIаб ретIелги букIана гьесда тIад.

4 Гьесукьа хIинкъун хъаравулзаби сородана ва хварал чагIи гIадин лъугьана.

5 Гьел руччабазда малаикас абуна: – Нуж хIинкъуге! Хъанчида ван хвезавурав ГIиса нужеца валагьулев вукIин лъала дида.

6 Гьев гьанив гьечIо. Гьес абухъе, хваралъуса вахъана ГIиса. Гьанире рачIа гьев вукъун вукIараб бакIалде ралагьизе.

7 ГьабсагIат ун нужеца ГIисал муридазда абе, гьев хваралъуса вахъун вугин, нужедаса цеве Галилеялде щвезе вугин ва гьенив вихьилин нужеда гьев. Гьале гьадин абулеб буго дица.

8 Гьеб хобалдаса рикIкIалъизе гIедегIана гьел, ва хIинкъиялъги рохиялъги куркьбал гъурал руччаби рекерун ана муридазда гьеб хабар лъазабизе.

9 Гьале, рорчIамиянги абун, гьезда данде вачIана ГIиса. АскIоре ун, гьел руччаби, ГIисае сужда гьабун, гьесул хIатIазда хурхана.

10 ГIисаца гьезда абуна: – Нуж хIинкъуге! Инеги ун, дир вацазда абе Галилеялде аян. Дова вихьила гьезда дун.

11 Гьел руччаби нахъе аралго, дол хъаравулзабазда гьоркьоса цо чанго чи шагьаралде ана ва чIахIиял кашишзабазда бицана доба ккарабщиналъул хIакъалъулъ.

12 Гьебмехалъ чIахIиял кашишзабиги чIухIби-хIакимзабиги дандельана щиб гьабилебали дандбазе. Цинги, гIурабгIан гIарацги хъаравулзабазе кьун,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

13 гьезда абуна: – Нужеца бице: «Ниж кьижун ккараб мехалъ сардилъ
рачIун ГIисал муридаз жаназа бикъун ана», – ян.

14 Нагагь сардарасде гьеб хабар щвани, нижеца рекъезабила гьесулгун
иш ва нужее гьелъул щибго къварилъи ккезе биччаларо.

15 Босун гьеб гIарацгун, гьел рагъухъабазги жидеда малъухъе гьабуна. Ва
жугьутIазда гьоркьоб жакъа къоялде щвезегIанги тIибитIун буго гьеб
хабар.

16 ГIисал анцIила цо мурид, Галилеялде ун, гьес бихьизабун букIараб
магIарде рахана.

17 ГIиса вихьидал, гьел суждаялда чIана, цо-цоязул рекIелъ щаклъиги
бижана.

18 АскIове вачIун ГIиса гьезда гаргадизе лъугьана. Гьес абуна: –
Зобалазул ва ракьалъул тIолабго ихтияр дихъе щвана.

19 Гьединлъидал киналго халкъазухъе ун, дир рагIи тIибитIизабе, ва
Инсулги, Васасулги, Илагьияб РухIалъулги цIаралдалъун, лъадалъ ччун
рахъун, гьезул мунагьал чуризаре.

20 Дица нужее гьабунщинаб амру тIубазабизе малъе гьездаги. Дуниял
ахирлъизегIан щибаб къоялъ дун нужеда цадахъ вугевлъиги лъай. Амин!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# Марк

## Марк 1

1 Аллагьасул вас ГІиса МасихІил хІакъалъулъ Рохалил хабар гьадин
байбихьулеб буго.

2 Ишая аварагасул тІехьалда ругел Аллагьасул рагІаби ритІухълъана:
«Гьале, мун вачІиналде дуе нух къачІазе дирго илчи вуго дица цеве
витІулев»;

3 «Цо ахІи буго авлахъалда рагІулеб: – БетІергьанасе нух къачІай,
битІизабе гьесда цебе шагьра!”

4 Гьедин вачІана ЯхІя авараг авлахъалде. Нужерго мунагьал чуризе гІоло,
кантІун Аллагьасде руссаян ва лъадалъ ччун рахъаян лъазабулеб букІана
гьес.

5 Гьесухъе бачІунеб букІана Ягьудиялъул улка-ракьалъулги
Иерусалималъулги тІолабго халкъ. Жидерго мунагьал рехсон хадуб,
Аллагьасде руссун, гьезул мунагьал чуризе Иордан гІурул лъадалъ ччун
рахъулаан ЯхІяца гІадамал.

6 РетІунеб ретІелги ЯхІял варанидул квасул букІана, рачлихъ борчунги
букІана хьвацІил рачел. Гьес кваналеб жоги букІана гарцІги гІалхул
гьоцІоги.

7 Гьес гІадамазда лъазабулеб букІана: – Дида хадувго вачІунев вуго
дидаса гІемерго къудрат цІикІкІарав. ГІодове къулун гьесул хьитил
рухьен бичизецин мустахІикъав гьечІо дун.

8 Лъадалъ ччун рахъун, рацІцІад гьаруна дица нуж. Гьес нуж рацІцІад
гьарила Илагьияб РухІалдалъун.

9 Гьел къоязда Галилеялъул Назарет шагьаралдаса гьениве вачІарав
ГІисаги Иордан гІурул лъадалъ ччун вахъана ЯхІяца.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 ГӀиса лъадалъа къватӀиве лъугьунаго, бихьана гьеб лахӀзаталда,
зобалги кӀирикьизарун, Илагьияб РухӀ, миккидул сураталда боржун
бачӀун, гьесухъе рещтӀунеб.

11 Цинги гьаракьги рагӀана зобалаздасан: – Мун вуго дие вокьулев дир
Вас! Дудаса вохун вуго дун!

12 ГьебсагӀат гьеб РухӀалъ ГӀиса гӀицӀаб авлахъалде ине гьесизавула.

13 Гьеб авлахъалда кӀикъого къо бана ГӀисаца. Илбисалъги хӀалбихьана
гьениб гьев къосинавизе кӀоларищали. Гьенив гӀалхул жанавараздa
гьоркьовги вукӀана ГӀиса. Малаикзабиги рукӀана гьенир ГӀисае
хъулухъалъе.

14 ЯхӀя авараг гвандинив тӀамун хадув Галилеялде уна ГӀиса. Гьес гьениб
лъазабула Аллагьасдасан Рохалил хабар.

15 Гьес абулеб букӀана: – Болжал щвана! Аллагьасул ПарччахӀлъи тӀаде
гӀунтӀун буго! Нуж кантӀе, Аллагьасде русса! Гьеб Рохалил хабаралде
иманги лъе!

16 Галилеялъул ралъдал рагӀалдасан унаго, ГӀисада рихьана ччугӀие гьин
рехулел Симонги гьесулго вац Андрейги. Гьел рукӀана ччугӀихъаби.

17 – Дида цадахъ рилълъа, – ян абуна гьезда ГӀисаца. – Дица нуж
лъугьинарила гӀадамал кколел ччугӀихъабилъун.

18 Гьенибго гьинги тун, гьебсагӀат гьел ГӀисада цадахъ уна.

19 Гьениса гӀемерго рикӀкӀалъилалде, ГӀисада рихьана Зебедайил вас
Якъубги гьесулго вац Иоаннги. ЧчугӀа кквезе гьин къачӀалел рукӀана
гьелги росода тӀад.

20 Гьездеги ахӀана ГӀисаца, жинда цадахъ рилълъаян. Жидерго эмен
Зебедайги гьесул хӀалтӀухъабиги росонир тун, гьев кӀиявгоги ана ГӀисада
цадахъ.

21 Цинги гьел щвана Капернаум шагьаралде. Шамат къо тӀаде щварабго,
синагогаялъувеги вачӀун, гьениб гӀадамазе вагӀза гьабизе лъугьана ГӀиса.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

22 ГІисал вагІзаялъ хІикмалъизарун рукІана гьел. Диниял гІалимзабаз
гІадин гуреб, цо хІалкІолъи жиндилъ бугев чияс гІадин малъулеб
букІана гьес.

23 Синагогаялъуве лъугьун вачІана хъубаб женалъ ккурав цо чи. Гьев
ахІдезе лъугьана:

24 – Нижедасан дуе къваригІараб щиб, Назареталдаса ГІиса! Ниж
гъуризейищ мун вачІун вугев! Дида лъала мун щивали. Илагьияв чи вуго
мун! Аллагьас витІун вуго мун!

25 Амма ГІисаца жен чІезабуна: – КІал къай дуца! Нахъе а мун гьесул
чорхолъа!

26 Гьев чиясул нусабго лага сородизабуна шайтІаналъ. Цинги гІасияб
гьаракьги гьабун, лъутун ана гьеб гьесул чорхолъа.

27 Гьелда гІажаиблъун-хІикмалъун хутІана гІадамал. Гьез цоцазда
гьикъулеб букІана: – Гьабго щиб хІикмат? ЦІияб гІелмуцинищ гьаб?
Хъубал жундузецин амру гьабизе кІолеб къудрат кинаб, гьесул амруялъе
мутІигІлъулел жундулги кинал?

28 ТІолабго Галилеялда хехго тІибитІун ана ГІисал хІакъалъулъ хабар.

29 ГьебсагІат синагогаялъуса къватІиве вахъун, цадахъ Якъубги Иоаннги
рачун, гьев ана Симонилги Андрейилги бакІалде.

30 ЦІа-каналъул унтуца бусаде ккун ятана Симонил якьад. ГьебсагІат
ГІисада бицуна гьей унтун йигилан.

31 АскІове ун, ГІисаца гьей, кверги ккун, йорхизаюла. ЦІа-канги ун, якьад
гьазие квен-тІехалда квалквадизе лъугьуна.

32 Бакъ тІерхьун, маркІачІубер рукІкІарабго, киналго унтаралги хъубал
жундуз ккуралги рачІана ГІисахъе рачун.

33 ТІолабго шагьар бакІарун букІана гьеб сордоялъ Симонил кавудахъе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

34 ГIисаца сах гьаруна батIи-батIияб гIузруялъ унтарал гIемерал
гIадамал. Чанги чиясул чорхолъа бачахъана хъубаб жен. Гьес хъубал
жундул кIалъазе риччалароан, гьезда лъалеб букIиндалха гьев щивали.

35 Нахъисеб къоялъ хъахIлъи барабго тIадеги вахъун, ГIисаца нух босана
гIадан-чи гьечIеб бакIалде ва гьенив Аллагьасе гьари-дугIаялде вуссун
чIана.

36 Гьесул лъалкIда хадур рахъарал Симонидаги гьасда цадахъ
рукIараздаги ватана ГIиса.

37 ГIисада гьез абуна киналго мун валагьулел ругилан.

38 ГIисаца гьезда абуна: – Рилълъа сверухъ ругел росабалъе ва
шагьараздe, гьенибги халкъалъе Рохалил хабар бицине ккола дица.
Гьелъие гIололъидалха дун гьаниве вачIарав.

39 ТIолабго Галилеялъул ракьалде щун, синагогабазде ун, гIадамазе
вагIза гьабуна гьес ва чангиязул чурхдулъа жундул рачахъана.

40 Барасалъ унтарав цо чи вачIана ГIисахъе ва накабазда чIун гьардезе
лъугьана: – Дуе бокьани, дуда кIолаха дун вацIцIалъизавизе!

41 Гьесда гурхIун ГIисаца, гIебеде битIун квер хъвана гьесда. Цинги
абуна: – Дие бокьун буго мун вацIцIалъизе. ВацIцIалъе мун!

42 ТIад букIараб чанхъги гъенон ун, гьебсагIат вацIцIалъана гьев чи.

43 Нахъе витIулаго, ГIисаца гьесда лъазабуна: – Вореха, дуца лъиданиги
бицунге гьаб хIалтIи! Мусал къануналда рекъон, мунго вацIцIалъун
вукIин гIадамазда лъазе, кашишасухъеги ун, гьесда дурго черх бихьизабе
ва мунго вацIцIалъаралъухъ къурбанги хъвезабе.

45 Амма гьениса нахъе аравго, гьев чи лъугьана ккараб иш киназего
гьурщизе. Гьединлъидал ГIисада кIвечIо тIатун шагьаралде вачIине,
гIадан-чи гьечIеб бакIалда вахча-хьван чIезе ккана. Амма киса-кисагоги
гIемераб халкъ бачIунаан гьесухъе.

**Марк 2**


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

1 Чанго къоялдасан ГІиса нахъеги Капернаумалде вачІана. ГъебсагІат
гІадамазда лъана гъев рокъове тІадвуссун вукІин.

2 Гъесухъе бачІараб халкъалъул гІемерлъиялъ нуцІикІалтІацин хутІун
букІинчІо гІадамазе чІезе бакІ. Гъезие Рохалил хабар бицунев вукІана
ГІиса.

3 Гъебмехалъ ункъояс восун гъениве вачІана палижалъ ккурав цо чи.

4 КІалтІе ракІарун рукІарал гІадамазул гІемерлъиялъ ГІисада аскІове
восизе санагІат ккечІелъул, гъев вугеб рукъалъул тІохги бичун, гъениса
гъоркье биччазе ккана унтарав тІад лъураб турут.

5 Гъел гІадамазул божи бихьун, ГІисаца унтарасда абуна: – Мунагъаздаса
вацІцІалъана, дир вас, мун!

6 Гъенир гІодор чІун рукІарал цо-цо диниял гІалимзабаз пикру гъабуна:

7 «Аллагъасде гІасилъунцин гурищ гъав вугев? ГІицІго Аллагъасда
гурони, лъида кІолеб инсанасул мунагъ чуризе?"

8 ГІисада гъебсагІат лъана жиндир хІакъалъулъ гъезул гъединал пикраби
рукІин. Гъездехун вуссун, ГІисаца абуна: – Щай нужеца нужерго рекІелъе
гъединал пикраби риччалел?

9 Кинаб бигъаяб: унтарасда «Мун мунагъаздаса вацІцІалъанилан»
абизейищ, яги «ТІаде вахъун, дурго турутги босун, вилълъанхъейилан»
абизейищ?

10 Амма нужеда лъан букІа: ГІадамил Лъимадул ихтияр буго гъаб
ракьалда гІадамазул мунагъал тІасалъугъун тезе, – янги абун, ГІиса
унтарасдехун вуссана: – 11 Дица дуда абулеб буго: тІаде вахъа, дурго
турутги босун, рокъове а!

12 Ралагъун гІадамалгун гъев чи гъебсагІат тІаде вахъуна, жиндирго
турутги босун, къватІиве уна. Киназго хІикмалъун Аллагъасе рецц
гъабуна. Гъез абулеб букІана гъадинаб иш киданиги бихьичІилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

13 Гьениса къватIиве вахъун, ГIиса нахъеги Галилеялъул ралъдахъе ана.
Гьенибеги тIолабго халкъ бачIана гьесда хадуб. ГIисаца гьезиеги гьабуна
вагIза-насихIат.

14 Нухлул хIакъ бакIарулеб бакIалда гIодов чIун вихьарав Алфейил
Левий абулев гьеб ишалъе тIамурав чиясда цевесан унаго, ГIисаца гьесда
абула: – Дида цадахъ вилълъа, – ян. Вахъун ГIисада цадахъ уна гьевги.

15 Гьале Левийил бакIалда кваналев вукIана ГIиса. Гьесда ва гьесул
муридазда цадахъ гIодор чIун кваналел рукIана гIемерал магъало
бакIарулел чагIи ва цогидабги мунагь-хIакъалъул агьлу. ГIисада цадахъ
ругезда гъорлъ гIемер рукIана гьеб тайпаялъул гIадамал.

16 ГIисада аскIор гIодор чIун кваналел гьел рихьидал, фарисеязул
диниял гIалимзабаз гьесул муридазда абулаан: – Магъало бакIарулел
чагIаздаги цогидаб мунагь-хIакъалъул агьлуялдаги цадахъ квана-гьекъон
вукIине бегьилищ гьав?

17 Гьеб рагIун, ГIисаца гьезда абуна: – Сахазе гурев тохтир хIажалъулев,
унтаразейин. Аллагьасде руссине муъминзаби ахIизе гуро дунги вачIун
вугев, мунапикъзаби ахIизейин.

18 ЯхIял муридазги фарисеязги кIал ккураб заман букIана гьеб. АскIоре
рачIун гIадамаз ГIисада гьикъана: – ЯхIял муридалги фарисеязулалги
кIал ккун ругеб мехалъ, гьал дур муридаз щай кIал кколареб? – абун.

19 ГIисаца гьезда абуна: – БахIарав аскIов вугебгIан мехалъ, гьес
берталъе ахIарал гьудулзаби квана-гьекъечIого кIал ккундайха
рукIинел? БахIарав аскIов вугебгIан мехалъ гьез кIал кквезе бегьуларо.

20 РачIина бахIарав гьезухъа вахъун арал къоялги, гьеле гьел къояз
кквела гьез кIалги.

21 Лъицаниги баларо басрияб ратIлида цIияб рукъи: цIияб букъулаго
басрияб бихъун ина, каратIги дагьабги кIодолъила.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

22 Лъицаниги тIоларо басрияб рахълъеналъубе цIияб чагъирги. Гъелъ
рахълъен багъизабула, гъебмехалъ чагъирги рахълъенги хола. ЦIияб
чагъир тIезе ккола цIияб рахълъеналъубе.

23 Пуланаб шамат къоялъ ГIиса унев вукIана цо хурзабахъан. Гъенисан
унаго, ролъул тIорал ретIизе лъугьана гьесул муридал.

24 Гьебмехалъ фарисеяз ГIисада абуна: – Балагье шамат къоялъ гъоз
гьабулеб бугеб жо: Мусал къануналъ гьабизе гьукъараб иш гьабулеб
буго.

25 ГIисаца гьезда абуна: – Унго, киданиги цIаличIебищ нужеца, живгоги
цадахъ рукIаралги рес къотIун, ракъун хутIидал, Давудица щиб
гьабурабали?

26 Бищунго кIудияв кашишлъун Абиатар вугеб заманаялда, Аллагьасул
рокъове жаниве лъугьун, гьениса босун Давудица жинцагоги кванан
буго, цадахъ рукIаразеги кьун буго гIицIго кашишзабаз гурони кваназе
гьукъараб чед.

27 Цинги ГIисаца гьезда абуна: – ГIадамал шамат къоялъе гIоло гуро
рижун ругел, шамат къо гIадамазе гIоло бижун буго.

28 Гьединлъидалин шамат къоялъулги ихтияр ГIадамил Лъимадухъ
бугеб.

**Марк 3**

1 Цоги нухалъ синагогаялъуве вачIиндал, ГIисада гьенив ватана цояб
квер бакъварав чи.

2 ГIисада хадуб хал ккурал гIадамалги рукIана, гьес гьев чи
сахлъизавуни, шамат къоялъ гьабураб хIалтIиййилан, гьесде гIайиб
гIунтIизабизе бокьун.

3 Квер бакъварав чиясда ГIисаца абуна: – ТIаде вахъун, рукъ бакьулъе
вачIа! – ян.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

4 Гьел гІадамаздехун вуссун, ГІисаца гьикъана: – Шамат къоялъ лъикІлъи
гьукъун бугебищ, квешлъи гьабизе изну бугебищ? Чиясул рухІ хвасар
гьабизейищ кколеб, яги гьев хвезавизейищ кколев? Гьел руцІцІун чІана.

5 Цо ццидалаб берги гьезда речІчІизабун, гьезул ракІазул согІлъиялдаса
пашманлъарав ГІисаца дов чиясда абуна: – Квер гІебеде битІе, – ян.
Гьесги квер гІебеде битІула, гьебсагІат гьебги сахлъула.

6 Гьебмехалъ синагогаялъуса къватІире рахъаралго, фарисеялги
гьеродилалги дандельула ГІиса киндай тІагІинавилаян тадбиралъе
ургъизе.

7 ГІиса жиндирго муридалгун цадахъ Галилеялъул ралъдал рагІалде ана.
Гьесда цадахъ добе багъарана Галилеялъул халкъалъул кІудияб руккел.
Ягьудиялдасаги, Иерусалималдасаги, Идумеялдасаги ва Иордан гІурул
доб рахъалдасаги гІемераб гІалам бачІана гьенибе, ГІисал
хІалкІолъиялъул хабар рагІун. Тиралъул ва Сидоналъул ракьалдаса
рачІаразулги чІахІиял руккалаби гІуна гьенир.

9 Гьениб муридазда гьес тІадкъана жив тІаде вахине раса хІадур гьабеян:
гІадамазул гІемерлъиялъ, гьел тІаде къан рачІине гурилан хІинкъун
вукІана гьев.

10 ГІемерал унтарал гІадамал сах гьарун рукІана ГІисаца, гьединлъидал
черхалда унти-гІузру бугел чагІи гІедегІулел рукІана гьесухъе, гьесда цо
квергІаги хъвазе щвелародаян.

11 ГІиса вихьараб мехалъ, хъубал жундуз ккурал чагІи гьесда цере
накабазда чІолаан ва ахІдолаан, мун Аллагьасул Вас кколилан.

12 Амма ГІисаца жундузда лъазабулаан жив щивали бицунгейилан.

13 Гьале ГІиса магІарде вахана. Гьес гьенире ахІана жиндиего рокьарал
муридал. Гьелги ГІисада аскІоре ана.

14 Гьес анцІила кІигояв чапарзабилъун гьаруна, жиндаго цадахъ
рукІинеги, Рохалил хабар лъазабизе ритІизеги,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

15 гӀадамазул чорхолъа жундул рачахъулеб къудрат кьезеги.

16 Гьел рукӀана: ГӀисаца Пётр абун тӀокӀцӀар жиндие кьурав Симон,

17 Зебедайил вас Якъуб, гьев Якъубилго вац Иоанн (гьев кӀиясего ГӀисаца
кьун букӀана Боанергес абураб цӀар – гьебги ккола «Гъугъадиялъул
васал» абураб магӀнаялъул рагӀи),

18 Андрей, Филипп, Бартоломей, Матфей, Фома, Алфейил вас Якъуб,
Фаддей, Симон КӀанъанаъ,

19 хадув ГӀисае хилиплъарав Ягьуда Искариотги.

20 ГӀиса тӀадвуссун рокъове щвана. Нахъеги гьенибе бакӀарараб
халкъалъул гӀемерлъиялъ, ГӀисаеги гьесул муридазеги санагӀалъи ккечӀо
гӀодорчӀун чадил мочӀу кӀалдиб лъезе.

21 Гьев вуссун вукӀин лъан, гьесул бетӀер сверун бугилан абулебги
рагӀун, ГӀисал цебесеб гӀагарлъиялъул чагӀи рачӀана гьев нахъе вачине.

22 Иерусалималдаса рачӀарал диниял гӀалимзабазни абулеб букӀана
жундузул хан вугин ГӀисал чорхолъе лъугьун, ва гьеле гьев жундузул
ханас кумек гьабулеб бугин гьесие жундул рачахъизеян.

23 Гьебмехалъ аскӀореги ахӀун, ГӀисаца гьезда, мисал бачун, бицана: –
Кин кӀолеб илбисалда жибго бачахъизе?

24 Цо пуланаб ханлъиялда жаниб кьал ккани, гьеб ханлъи биххичӀого
хутӀуларо.

25 Цо хъизаналда жаниб кьал ккани, гьеб хъизанги биххичӀого хутӀуларо.

26 Гьединго илбисги жибго жиндаго дандечӀун кьалда бугони, гьеб
къечӀого хутӀуларо. Гьелъул иш лъугӀулагури гьебмехалъ.

27 Цо къуватав чиясул рокъове лъугьун, гьесул боцӀи-рикъзи бикъизе
кӀоларо, цин гьев вухь-вухьун рехун хадуб гурони. Гьебмехалъ кӀвела
гьесул рукъ бикъизе.

28 ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: гІадамазул киналниги мунагьал ва кигІан кІудиял рукІаниги гьесда лъурал бугьтанал тІасалъугьун тезе руго БетІергьанас.

29 Амма Илагьияб РухІалда бугьтан лъурав чиясе тІасалъугьин киданиги букІине гьечІо. Абадиялъги тІаса ккеларо гьесдаса гьеб мунагь.

30 (ГІисаца гьедин абуна, гьез абулеб букІиндал гьев жундуз ккун вугилан.)

31 Цинги ГІисахъе рачІуна гьесул эбелги вацалги. Дора къватІир жалгоги чІун, гьев ахІизе чи витІула гьез.

32 ГІемерал гІадамал рукІана гьебмехалъ ГІисада аскІор. Гьесда абуна: – Доле дора къватІир духъ ралагьун чІун руго дур эбелги вацалги. Мун цІехон рачІун руго дол.

33 ГІисаца гьезда абуна: – Эбеллъун щий дие кколей ва вацаллъунги щал кколел?

34 Цинги жинда сверухъ гІодор чІун ругезухъ берги тІамун, ГІисаца абуна: – Гьале дир эбелги дир вацалги.

35 Щайгурелъул Аллагьасул амру-нагью тІубазе гьабулев чи щив вукІаниги, гьев ккола дие вацги, яцги, эбелги.

**Марк 4**

1 Нахъеги ралъдал рагІалда гІадамазе вагІза-насихІат гьабизе лъугьана ГІиса. ГІемераб халкъ бакІарун букІана гьесухъе. Гьединлъидал, ралъдалъ бугеб росодеги вахун, гьенив гІодов чІун вукІана гьев. ТІолабго халкъин абуни ралъдал рагІалда эхетун букІана.

2 ГІемераб хабар бицана гьезие ГІисаца, батІи-батІиял мисалалги рачана.

3 – ГІенеккея: хуриб хьон хьазе вахъун вукІанила цо чи.

4 Хьалаго-хьалаго цо-цо мугьал нухде рортанила, роржун рачІун хІанчІаз рищанила гьел.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Цо-цо мугъал ракьул хъал гурони тӀад гьечӀеб тӀалде кколел рукӀанила. Ракь тӀеренаб букӀиндал, гьел гьенир хехго тӀирщанила ва тӀаде раккизе лъугьанила.

6 Амма бакъ тӀад речӀчӀарабго, речӀан анила гьел, ва гъваридго ракьулъе кьалбал риччан рукӀинчӀелъул, хеккого ракъванила.

7 Цогиги мугъал заз-хъарахъалда гъорлъе кканила, хӀалигъун бижараб чӀахӀицаги зазицаги гьел гъанкъун реханила, ва гьезда тӀад тӀорги бечӀанила.

8 Цогидал мугъал кканила лъикӀаб ракьалда тӀаде, гьездасан рижанила ва гӀун рачӀанила тӀорал: гьезул цоялда букӀанила лъеберго, цогидалда – лъабкъого ва цо-цоялда – нусгоги мугъ.

9 Цинги ГӀисаца абуна: – ГӀундул ругезда рагӀизе биччанте гьеб!

10 Жалго хутӀидал, дов анцӀила кӀиявго чапарасги цогидал цадахъ рукӀаразги ГӀисада гьикъана, мун мисал бачун кӀалъаялъул магӀна щибилан.

11 ГӀисаца абуна: – Нуж руго Аллагьасул ПарччахӀлъиялъул балъголъаби
лъазе рес щварал гӀадамал, амма цогидазе кинабго мисалаздалъун
бицуна, – 12 ралагьун ругониги гьезда бихьунгутӀизе, гӀенеккун ругониги
рагӀунгутӀизе, бичӀчӀунгутӀизе. Гьедин букӀинчӀебани, гьел Аллагьасде
руссинаан ва гьезул мунагьалги чурилаан.

13 Цинги гьес абуна: – Унго бичӀчӀичӀебищ нужеда доб мисалалъул магӀна? Гьеб бичӀчӀуларел нужеда цогидал мисалал кинха ричӀчӀилел?

14 Хьон хьалев чи ккола рагӀи хьалев чи.

15 Цо-цо чиясул иш ккола нухде рортарал хьодул мугьазда релълъун. Гьесул гӀинда рагӀани Аллагьасул рагӀи, гьебсагӀатго бачӀун илбисалъ бикъун уна гьесул рекӀелъе ккун букӀараб рагӀи.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

16 Гьединго цогидал гIадамал рельлъуна ракьул хъал гурони тIад гьечIеб
тIалде рортарал мугъаздасан бижаралда. РагIини гьездаги рагIула ва
гьебсагIат рохун къабулги гьабула.

17 Амма рекIел гъварилъуда кьалбал гьечIельул, гьеб халат хутIуларо.
Къабул гьабураб рагIи сабаблъун хIинкъабиги къварилъабиги тIаде
ккараб мехалъ, гьединав чияс къо хIехьоларо.

18 Цогидал рельлъуна заз-хъарахъалда гъорлъе рортарал мугъаздасан
бижаралда.

19 РагIини гьездаги рагIула, амма гьезул рекIелъе лъугьарал гьаб
дуниялалъул тIалаб-агъазалъ ва бечелъиялдаги тIагIам-лазаталдаги
хадур хачадиялъ гьеб рагIи гъоркь къинабула. Гьединазул хIалухъенги
букIунаро.

20 Амма руго лъикIаб ракьалде рортарал мугъаздасан бижаралда
рельлъарал гIадамалги. РагIиги гьезда рагIула, къабулги гьабула.
ХIалухъенги бижула цоязе лъеберго, цогидазе лъабкъого, цо-цоязе нусго
нухалъцин цIикIкIараб.

21 Цинги ГIисаца гьезда абуна: – СахIида гъоркь яги хьонбакIалда гъоркь
лъезейищ чирахъ бакун рокъобе жанибе босулеб? Борхатаб бакIалда
гурищ гьеб лъолеб?

22 Балъгоябщинабги тIатунеб, бахчарабщинабги загьирлъулеб.

23 ГIундул ругезда рагIизе биччанте гьеб!

24 Цоги гьес абуна: – Балагьея, гIинтIаме гьаб дир калимаялъухъ: кинаб
сахIалъ нужеца борцаниги, гьединабго сахIалъ борцине буго нужееги, ва
нужее тIадеги жубазе бугеб.

25 Кодолъи бугесе тIадеги кьезе буго, кодолъи гьечIесухъа бугебги
бахъизе буго.

26 Цоги ГIисаца абуна: – Аллагьасул ПарччахIлъи рельлъуна цо гьадинаб
ишалда. Масала, пуланав чияс ракьулъе рехула хьодул мугъ.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

27 Цинги къаси кьижун, къад вахъун, жиндирго яшавалда вукӀуна гьев, ва гьесда лъаларо кин гьеб мугь тӀиргщулебали, тӀаде баккулебали.

28 Ракьалъ жинцаго тӀалаб гьабула мугьалъул: цин гьеб тӀаде баккула, хадуб тӀор бала, тӀоралда мугь цӀубала.

29 Гьале, тӀоралда мугь барщарабго, босун нилъгун вачӀуна гьев лъилъаризе, хур бакӀаризе заман щун бугелъул.

30 Цоги гьес абуна: – Сунда рельълъунеб Аллагьасул ПарччахӀлъи? Яги кинаб мисал бачун гьелъул сипат цебе чӀезабилеб?

31 Масала, гьеб рельълъуна горчицаялъул хьодул мугьалда. Гьеб буго ракьалде хьалел киналго хьоназда гьоркьоб бищунго гьитӀинаб хьодул мугь.

32 Амма гьеб мугь ракьулъе ккани, гьелдасан лъугьуна бищунго кӀудияб хъарахъ, ва гьелъул чӀахӀиял гӀаркьалабазул рагӀдукь хӀанчӀаз бусабицин гьарула.

33 Гьедин гӀемерал мисалалги рачун, гьезда бичӀчӀуледухъ бицунаан ГӀисаца Рохалил хабар.

34 Мисал гьорлъ гьечӀеб каламго букӀунароан гӀадамаздехун гьесул. Цинги жалго хутӀараб мехалъ, жиндирго муридазда бичӀчӀизабулаан гьес гьеб киналъулго магӀна.

35 Гьебго къоялъ маркӀачӀул гӀужалъ ГӀисаца муридазда абуна ралъдал доб рахъалде рахине кколилан.

36 Халкъги нахъе битӀун, ГӀисаги вачун, гьел рахана гьев тӀад вукӀараб доб росоде. Цогидал русбиги рукӀана гьезда цадахъ.

37 Кутакаб гьури бахъана: речӀчӀун рачӀарал карачалабаз раса лъадал цӀолеб букӀана.

38 ГӀиса гьебмехалъ, цо къаданибжоги лъун, росол нахъисеб рахъалда кьижун вукӀана. АскӀоре ун, муридаз ворчӀизавуна гьев: – Я, МугӀалим! Нилъ гъанкъизехъин рукӀиналъул ургъелгойищ дуе гьечӀеб? – абун.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

39 Тlаде вахъун гъес гьорода лъазабуна, тlокlаб пугейилан,
карачалабазеги: «РуцIцIун чIа!» – ян амру гьабуна. ГьебсагIат гьури
къотIана, тIубанго сихI къотIун дуниялги хутIана.

40 Цинги ГIисаца жиндирго муридазда абуна: – КигIан хIинкъарал чагIи
нужго! Кибе араб нужер божи-иман?

41 Гьебмехалъни цIакъго-цIакъ хIинкъана гьел, гьуриги карачалабиги
жиндие мутIигIав гьавго кинав чийилан цоцазда абулеб букIана гьез.

**Марк 5**

1 Гьале гьал щвана Галилеялъул ральдал добаб рахъалда бугеб
герасеназул улкаялде.

2 ГIиса ракъдаде рещтIараб мехалъ, цойидасанго гьесда дандчIвана
хабалазул нохъаздаса къватIиве вачIунев хъубал жундуз ккурав цо чи.

3 Гьениб хабалазухъ букIана гьесул чIейи, ва гьанже щивниги вукIинчIо
рахас бан гьев вухьине кIолев чи.

4 Кверазда рахсал ран, бохдузда маххал ран, чанцIулго вухь-вухьана
гIадамаз гьев, амма рахсалги гьес тIутIун ралаан, маххалги гьурун
рехулаан. Лъиданиги кIолеб букIинчIо гьев квегъизе.

5 Къасиги къадги – кидаго гохIал, нохъал тирулаго ахIдолев-
чIчIичIчIидулев вукIунаан гьев, ганчIазда тункун лъурал ругъназул цIун
черхги букIунаан.

6 РикIкIадасанго ГIиса вихьидал, векерун вачIун гьев гьасда цеве
кIалагъоркье речIчIана 7 ва ахIдезе лъугьана: – ТIадегIанав Аллагьасул
Вас ГIиса! Щиб дуе дидасан къваригIараб? Аллагьасул цIар бахъун
гьарулеб буго дуда, дие гIазаб кьоге! – ян.

8 (ГIисаца шайтIаналъе амру гьабун букIиндалха гьесул чорхолъа
къватIибе лъугьаян.)

9 Цинги ГIисаца гьикъана дуда цIар щибилан. Жаваб кьуна: – «Бо» буго
дида цIар. Щайгурелъул ниж гIемерал руго гьанир.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 Цинги ГІисада цІакъ гъардезе лъугьана, гьаб улкаялдаса жал нахъе гъогейилан.

11 Гьениб цо мугІрул ссанда кваналеб букІана болъоназул кІудияб рехьед.

12 Жундуз ГІисада гьарана жал гьел болъоназда гъорлъе риччайилан.

13 Гьес изну кьуна. Гьев чиясул чорхолъа къватІиреги рачІун, хъубал жундул болъоназулъе лъугьана. ГьебсагІат тІубараб рехьед – кІиазаргогІанасеб болъон цо борхатаб бакІалдасан цадахъго ралъдалъе кІанцІун ана ва гьенир гъанкъана.

14 Болъоназул гІухьби гьениса лъутун ана, ва шагьаралдаги росабалъги гьез бицана ккараб жо. Цинги лъугьа-бахъараб иш бихьизе гІадамалги рачІана гьенире.

15 ГІисада аскІоре щведал, гьенив гІодов чІун ватана дов жундузул боялъ гьалаглъизавун вукІарав чи: тІад ретІелги буго гьесда, камилаб гІакълу-лъаялдаги вуго. ГІадамазул рекІелъе хІинкъи лъугьана.

16 Гьенир рукІараз бицана жундуз ккун вукІарасул лъугьарабги дол болъоназул ккарабги.

17 Гьебмехалъ гьел гІадамаз ГІисада гьарана жидер ракьалдаса нахъе айилан.

18 ГІиса росоде вахиндал, дов жундуз ккун вукІарав чияс гьесда гьарана живги цадахъ вачейилан.

19 Амма ГІисаца изну кьечІо. Гьес абуна: – Гьанже мун рокъове а ва дурго агьлуялда бице БетІергьанас дуего гьабураб лъикІлъиялъулги, гьев дуда гурхІараб куцалъулги хІакъалъулъ.

20 Инеги ун гьев чияс АнцІшагьаралъул гІадамазда гьоркьоб тІибитІизабуна ГІисаца жиндие гьабураб хІалкІолъиялъул хабар. Киналго гьелда хІикмалъун хутІун рукІана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 Нахъеги росодаги рекIун, ГIиса ральдал добцояб рагIалде щвараб
мехалъ, гIемераб халкъ бакIарана гьесухъе. Гьев вукIана ральдал
рагIалда эхетун.

22 Гьале, гьениве вачIуна синагогаялъул хIакимзабазул цояв. Яир букIана
гьесда цIар. ГIиса вачIун вихьидал, гьев гьасда цеве накабазда чIола,

23 ва кутакалда гьардезе лъугьуна: – Дир яс холей йиго, вачIун дуца цо
квер хъвани, сахлъила гьей, чIаго хутIила гьей.

24 ГIиса гьесда цадахъ уна. Гъуркъун хадур рачIунел гIадамазул
руккелалъ гьоркьов вазавун вукIана гьев.

25 АнцIила кIиго сональ би къотIичIого ва черх бацIцIалъичIого
йикIарай,

26 жиндир бугебщинаб боцIи-рикъзи тохтирзабазе кьуниги, дагьайги
квеш лъугьун гурони, гьезда мадар лъугьинабизе кIвечIей цо пуланай
чIужугIаданалъ,

27 ГIисал хабар рагIидал ячIун, халкъалъул гурулъ вугев гьесухъе нух
бахъула ва нахъасан гьесул ратIлида квер хъвала.

28 ГIисал ратIлидагIаги квер хъвазе щвани, жий сахлъилин ракIалде
кколаан гьелда.

29 ГьебсагIатго къотIана гьелъул чорхолъа чвахулеб букIараб би, ва гьеб
гIазабалдаса жийго хвасарлъарайлъи бичIчIана гьелда.

30 Гьебго заманаялда ГIисадаги лъана цо чи сахлъизавизе кIолеб къуват
жиндир чорхолъа араблъи. – Лъица дир ратIлида квер хъвараб? – абун
гьикъана гьес, халкъалдехунги вуссун.

31 Гьесул муридаз абуна: – Дуда сверухъ гъуркъун бачIунеб бугеб гIалам
бихьулагурищ дуда. Гьединги букIаго, жинда хъварав чи щивилан
абулеб буго дуца.

32 ГIисайин абуни, жиндир ратIлида квер лъица хъварабали лъазе,
сверухъе валагьахъдилев вукIана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

33 Жиндиего лъугъараб ишги бичIчIун, хIинкъун сородилаго ячIуна дой
чIужугIадан ГIисада аскIое ва, кIалагъоркье гьесда цееги речIчIун, гьелъ
бицуна тIолабго хIакъикъат.

34 ГIисаца гьелда абула: – Дурго божи-иманалъ хвасар гьаюна, яц, мун.
Гьанже а дурго, сах хутIагиййин мун!

35 Гьелдехун кIалъалев ГIиса вукIаго, синагогаялъул хIакимасул
бакIалдаса ругьел бачIуна, дур яс хванилан, гIадада МугIалимасул
рахIат хвезабун щайилан.

36 Гьел рагIабазул сан гьабичIого, ГIисаца ясалъул инсуда абула: – Мун
хIинкъуге, божун вукIа!

37 Пётрги, Якъубги, Якъубил вац Иоаннги гурони, цогидав чиги цадахъ
вачинчIого,

38 ГIиса щола синагогаялъул хIакимасул бакIалде. Гьенир гьесда ратула
ахIи-хIуралда гIодилаго ва магIу гьабулаго рихха-хочун ругел гIадамал.

39 ГIисаца гьезда абула: – Щай нуж гIодулел? Щай рихха-хочулел? Гьей
хун гьечIогури. Кьижун ккун буго лъимер.

40 Гьел гьасда тIад рельанхъизе лъугьуна. ГIисаца киналго къватIире
гъола. Ясалъул эбел-эменги ва жиндаго цадахъ рукIаралги рачун, гьев
лъугьуна яс егун йигеб рокъове.

41 Ясалъул кверги ккун, ГIисаца гьелда абула: – ТIелитаъ, кIум! (Гьелъул
магIна букIана – «Дуда буго абулеб: ТIаде яхъа, ясай!»)

42 ГьебсагIат тIадеги яхъун хьвадизе лъугьана гьей яс. (Гьелъул букIана
анцIила кIиго сон.) ГIемерго гIажаиблъун-хIикмалъун, битIахъе хаган
хутIана гIадамал.

43 ГIисаца абуна гьей ясалъе квен кьеян, ва, воре, нужеца гьелъул
хIакъалъулъ лъиданиги бицунгеянги лъазабуна.

**Марк 6**


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

1 Гьениса вахъун ГІиса ана живго гІураб шагьаралде. Цадахъ гьесул муридалги рукІана.

2 Шамат къо тІаде щварабго, ГІисаца байбихьана синагогаялъуб халкъалда Аллагьасул рагІи малъизе. Гьесухъ гІенеккаразул гІемерисел гІажаиблъун хутІун рукІана. Гьез цоцазда абулеб букІана: – КисагІаги гьасие гьаб щвараб? Гьасулъ бугеб гьабго кинаб цІодорлъи-гІакъиллъи? КингІагидай гьасул квердасан гьадинал мугІжизатал лъугьунел?

3 Марямил вас цІулал устар гурищ гьав? Якъубил, Юсупил, Ягьудал ва Симонил вац гурищ гьав? Гьанир нилъеда аскІор гурищ гьасул яцал ругел? Гьедин васвасаца ккун гьесда божичІо гьел.

4 Гьебмехалъ ГІисаца абуна гьезда: – Къимат-къадру гьечІев авараг вукІунаро; амма жиндирго инсул росдацаги, жиндирго гІагарлъиялъги ва жиндирго рукъалъул агьлуялъги гьев рикІкІунаро.

5 Гьениб ГІисада кІвечІо цониги мугІжизат бихьизабизе. (Квер хъван цодагьалго чагІи сах гьари гурони, батІияб хІалкІолъиги гьесдасан тІатинчІо.)

6 ХІикмалъун вукІана ГІиса гьел божунгутІиялда. Цинги гьев хьвадана сверухъ ругел росабалъе, гьенибги халкъалда Рохалил хабар бицине.

7 Хадуб гьес, ахІун анцІила кІиявго чапаргун, кІи-кІиккун гьелги ритІана. Хъубал жундузда тІад ихтиярги кьуна ГІисаца гьезухъе.

8 ЦохІо гІанса гурони, цадахъ щибниги: я квен-тІех, я таргьа-къвачІа, я рачлихъ бараб чвантиниб лъун гІарац босугеянги лъазабуна ГІисаца гьезда.

9 Хьитал ретІеян абуна, амма хисизе ретІел цадахъ босугеянги малъана.

10 ГІисаца гьезда абуна: – Нуж тІад рещтІарав гьоболги хисуге, гьеб шагьаралдаса къватІире рахъинегІан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Ваамма нуж къабулги гьаричIони, ва нужер рагIабазухъ гIинги
тIамичIони, гьениса къватIире рахъунаго, нужерго хьитаздаса хIурги
кIутIун те. Аллагьасда цебе гьез жаваб кьезе букIине хутIа абе гьеб.

12 Гьел чапарзаби ана кантIун Аллагьасде руссаян гIадамазда лъазабизе.

13 Чанги чиясул чорхолъа жундул рачахъана гьез. Даруяб нах бахун
гIемерал унтарал гIадамал сахлъизаруна.

14 ГIисал цIар киса-кибего машгьурлъун букIиндал, Гьерод ханасухъеги
щолел рукIана гьесул хIакъалъулъ харбал. Цояз абулеб букIана,
хваралъуса вахъун вачIарав ЯхIя авараг вугин гьев, ва гьединлъидал гьес
рихьизарулел ругин гьал мугIжизаталги.

15 Цогидаз абулеб букIана Иляс авараг вугин гьевилан. НекIо заманаялда
рукIарал аварагзабиго гIадинав авараг вугин гьевилан абулел чагIиги
рукIана.

16 Амма гьеб рагIидал, Гьеродицани абуна, жинца бетIер къотIизабурав
ЯхIя авараг вугин, хваралъуса вахъун вачIун.

17 Гьеродица жинцаго кьун букIана кквезеги ккун ЯхIя гвандинив
тIамейилан буюрухъ. Гьелъие гьадинаб гIиллаги букIана: Гьеродица
лъадилъун ячун йикIана жиндирго вац Филиппил чIужу Гьеродиада.

18 Амма ЯхIяца гьесда абулеб букIана вацасул йикIарай чIужу дуца ячине
бегьуларилан.

19 Гьединлъидал гьесда ццин бахъун йигей Гьеродиадае бокьун букIана
ЯхIя чIвазе. Амма гьелда гьеб гьабизе кIвечIо.

20 Щайгурелъул Гьерод ЯхIякьа хIинкъулаан. Гьесда лъалаан ЯхIя
вацIцIадав ва мукъадасав чи вукIин. Гьединлъидал цIунун вукIана гьев
Гьеродица. КигIанго гьесул рагIабаз рекIел рахIат хвезабулеб букIаниги,
Гьеродие бокьулаан ЯхIяхъ гIенеккизе.

21 Ахирги цо санагIатаб къо тIаде щвана. Живго гьавураб къо кIодо
гьабун Гьеродица кIудияб квана-гьекъей гьабуна, кинабго Галилеялъул


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

къо-ас бугел чIухIбиги, бодул церехъабиги, бищунго хIурматиял хIакимзабиги ахIун.

22 Гъений тIаде ячIун Гъеродиадал яс кьурдана, Гъеродги гъесда аскIор
рукIаралги цIакъ рази гьаруна гьелъ. Гъеродица гьей ясалда абуна: –
Щиб дуе бокьаниги, гьаре дида, дица дуе кьела гьеб.

23 Цинги гьев гьелъие гьедана: – Щиб дуца гьараниги, гьеб дуе дир
сайигъат буго, хIатта дир ханлъиялъул бащдаб букIа абе гьеб.

24 Инеги ун, гьелъ жиндирго эбелалда гьикъана щибдай гьарилаян.
Эбелалъ малъана ЯхIя аварагасул къотIараб бетIер гьарейилан.

25 ГьебсагIат, екерун ханасухъеги ун, ясалъ гьесда абуна: – Дие бокьун
буго ЯхIя аварагасул бетIер, гъадрида жаниб лъун, гьабсагIат дуца дихъе
кьезе.

26 Хан цIакъ пашманлъана. Амма гьалбадеридаги рагIун гьедараб гьа
хвезабиларилан гьелъие инкар гьабизе бокьичIо.

27 ГьебсагIат ханас гIащтIичиясе амру гьабуна, ЯхIял къотIараб бетIерги
босун вачIайилан.

28 Вортун ун, гвандинив вугев ЯхIял бетIерги къотIун, гъадриниб гьебги
лъун вачIана гIащтIичи. Цинги ясалъухъе кьуна гьес гьеб. Гьелъги босун
жиндирго эбелалъухъе кьуна.

29 Гьеб хабар рагIидал, ЯхIял муридаз гьесул жаназа, нахъеги босун,
хабалъ букъана.

30 Дол чапарзаби ГIисахъе тIадруссана, ва жидецаго гьабурабщинабги
халкъалда малъарабщинабги бицана гьез гьесда.

31 РачIунелги унелги гIадамазул гIемерлъиялъ кIалдиб квен лъезецин
заман букIинчIелъул, ГIисаца гьел чапарзабазда абуна: – Гьанже нилъ
гьазда аскIоса цо гIадан-чи гьечIеб гIалахалде рилълъина цодагьалъ
хIухьбахъи гьабизе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

32 Халкъалдаса ратIалъун, росодаги рекIун, цо гIадан-чи гьечIеб бакIалде
ана ГIисаги гьелги.

33 Амма гIемерисел гIадамазда рихьана гьел унел ва щал ругелали
лъана. Гьединлъидал ралъдал рагIалчIван рекерун, киналго
шагьараздаса гIадамал ракъдадасан рекерана гьенире, ва, гьаздасаги
цере дореги щун ратана.

34 ГIиса ракъдаде лъугьараб мехалъ, гьесда гьениб бихьана гIемераб
халкъ, ва гьев гурхIана вехь гьечIеб гIи гIадин ругел гIадамазда; гьезда
гIемераб жо малъизе лъугьана гьев.

35 МаркIачIумех щолеб букIиндал, ГIисада аскIоре рачIун гьесул муридаз
абуна: – ГIадан-чиго гьечIеб бакI бугин гьаб, сордоги тIаде щолеб бугин,

36 нахъе айилан абе гьал гIадамазда, гьанир сверухъ ругел росабалъ
жидеего квание гIамал гьабизе.

37 ГIисаца гьезда абуна: – Нужеца кванazare гьел. Гьез абуна: – Гьал
гIорцIизаризе чадихъ кIинусго динар кьезейищха ниж инел?

38 ГIисаца гьезда абуна: – Чан чед нужехъ бугебали хал гьабун рачIа, –
ян. Хал гьабун рачIун гьез абуна: – Щуго чедги кIиго ччугIаги буго, – ян.

39 Гьебмехалъ ГIисаца гьезда лъазабуна гьел гIадамал гIурччинаб харда
тIад, кьера-кьерал гьарун, гIодор чIезареян.

40 Гьелги нус-нусккун ва кIикъоялда анцI-анцIккун гIодор чIана.

41 ГIисаца щуябго чедги кIиябго ччугIаги кодобе босана, зобалаздехун
вуссун кванде дугIа гьабуна ва бек-бекун муридазухъе кьуна, халкъалъе
бикьейилан. Цинги кIиябго ччугIаги бикьана киназдаго гьоркьоб.

42 Киналго гIорцIизегIан кванана.

43 Нахъе хутIараб чадилги ччугIилги кесказул анцIила кIиго гьегь
цIезабуна.

44 Бихьиназулцин кинавниги щуазарго чи вукIана гьенив кваналев.

45 Цинги ГІисаца жиндирго муридал ритІана, гьеб халкъ жинца нахъе
биччалалде, росодеги рахун, ралъдал добцояб рахъалда бугеб
Бетсаидаялде цере-цере айилан.

46 Халкъги нахъе битІун, ГІиса Аллагьасе гьари-дугІаялъе магІарде ана.

47 МаркІачІубер рукІкІараб мехалъ раса ралъдал бакьулъе щун букІана.
Цинги ралъдал рагІалда живго цохІо вукІарав ГІисада бихьана бадибехун
пулеб кутакаб гьорода данде лъим ххазе ккун, гьезул тату хун букІин.
Жеги хъахІлъи рехилалдего ГІиса ралъдал лъеда тІасан вилълъун гьезда
аскІове ана. Гьале гьев цоги рахъалдехун унев ватана гьезда хьолбохъан.

49 Лъеда тІасан вилълъун вачІунев гьесда бер чІвайдал, хваразул рухІ
бугилан ккун, росода рукІаразул чІахІиял гьаркьал кІанцІана.

50 Киназдаго вихьулев вукІана гьев, ва киналго хІинкъунги рукІана.
ГьебсагІат ГІисаца гьезда абуна: – Дун вуго! Нуж расги хІинкъуге!
КъвакІун чІа!

51 Цинги гьев гьезда аскІове росоде вахана. ГьебсагІат гьуриги къатІана.
Дагьалги гІажаиблъун, хІикмалъун хутІун рукІана гьел.

52 Доб чадил мугІжизатгицин бичІчІун букІинчІелъулин гьезул ракІ
бицатго хутІун букІараб.

53 Ралъдал добаб рахъалде рахун, гьел щвана Геннесареталъул ракьалде
ва якорь рехана.

54 Цинги росодаса рещтІун гьел ракъдаде лъугьана. ГьебсагІат ГІисаги
лъан,

55 гьенир рукІарал гІадамал рахъ-рахъалде рекерун ана, ва гьев вугин
рагІараб бакІалде туртида лъун росун рачІана гьез унтарал чагІи.

56 Гьедин, киве гьев щваниги – шагьараздаги, росабалъги, кулабаздаги, –
росун рачІун базар къотІнор лъолаан унтарал чагІи. Гьесул гІабаялъул
гІерталалда квер хъвазегІаги биччайилан гьарулаан гьез. Гьесда квер
хъванщинав чиги сахлъулаан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

**Марк 7**

1 Гьале ГІисахъе рачІун, гьенир данделъана фарисеялги
Иерусалималдаса цо чанго динияв гІалимчиги.

2 ГІисал цо-цо муридал «хъубал» квераз, ай квералги чуричІого, кваналел
рихьана гьезда. ( 3 Фарисеялги ва цогидал киналго жугьутІалги,
умумуздасанго бачІараб динияб гІадат цІунун, цин кверал чуричІого
кванaзе гІодор чІоларо.

4 Базаралдаса руссараб мехалъги гьел кверал чуричІого кваналаро.
Цогиги гІемер руго гьез цІунарал гІадатал. Масала, мухІканго чурула
суркІа-щурун, парччи-гулгун, пахьул хьагал.)

5 Гьединлъидал фарисеязги диниял гІалимзабазги ГІисада гьикъула: –
Умумузул динияб гІадатги цІуничІого щай дур муридал чуричІел квераз
кваналел ругел?

6 ГІисаца жаваб кьуна: – Нуж гІадинал ххвелал гьаризе бокьулел чагІазул
хІакъалъулъ цІакъ битІун абун бугебха Ишая аварагасул тІехьалда: «Гьел
гІадамазул кІалалъ Дир цІар гІемер рехсола, Амма ракІални гьезул
рикІкІад руго Дидаса.

7 ГІадада ккела гьезул Дие гьабураб тІагІат, ГІадамазул гІадатал цІунизе
халкъ тІамидал».

8 Аллагьасул амруги рехун тун, гІадамазул гІадат цІунула нужеца.

9 Цоги гьес абуна: – Нужерго гІадат цІунизе бокьун Аллагьасул амру
нахъчІвазени махщел щун буго нужее!

10 Мусал къануналда гурищ абун бугеб: «Дурго инсулги эбелалъулги
адаб-хъатир гьабе!» Хадубги: «Жиндирго инсул яги эбелалъул
хІакъалъулъ квешаб рагІи абурав чи чІвазе ккола».

11 Амма нужеца малъулеб буго: масала, пуланав чиясул ихтияр бугила
инсуда яги эбелалда абизе нужее дидасан кколеб напакъа дица
Аллагьасе къурбан, ай назру гьабунилан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 Гьелдалъун нужеца чӀезабулеб буго гьев чияс жиндирго инсуеги эбелалъеги кумек гьабичӀониги гӀолилан.

13 Гьедин нужеца умумуздасан бачӀараб гӀадаталдалъун хвезабулеб буго Аллагьасул амру. Гьелда релълъаралги гӀезегӀан жал гьарулел руго нужеца.

14 Нахъеги халкъги аскӀобе ахӀун, ГӀисаца абуна: – Дихъ гӀенекке нуж киналго:

15 къватӀиса жанибе аралъ гуро инсан хъублъизавулев, гьев хъублъизавула гьесда жаниса къватӀибе бачӀаралъ. Гьеб бичӀчӀа нужеда!

17 Гьеб халкъалда аскӀоса ун рокъоре щвараб мехалъ ГӀисада муридаз гьикъана доб кициялъул магӀна щибилан.

18 ГӀисаца гьезда абуна: – ГьедигӀанго жо бичӀчӀуларел чагӀийищха нужги? КъватӀиса жанибе аралъ инсан хъублъизавулаއевлъи лъаларебищха нужеда?

19 КӀалдисан чорхолъе жанибе араб жо инсанасул рекӀелъе гуро унеб, чохьонибе уна, цинги гьенисан къватӀибеги уна. (Гьел рагӀабаздалъун ГӀисаца бичӀчӀизабуна инсанас кваналебщинаб квен бацӀцӀадаб, хӀалалаб букӀин.)

20 Хадубги гьес абуна: – Амма инсан хъублъизавула гьесда жанисан бачӀун къватӀибе аралъ.

21 Щаян абуни, инсанасда жанисан, гьесул рекӀелъан рачӀуна квешал къасдалги, хъахӀбалъиги, цӀогьги, чӀвай-хъвейги, зиначилъиги, хъантӀи-къарумлъиги, ццинги, хӀилла-макруги, пасалъиги, жахӀда-хӀусудги, бугьтанги, чӀухӀи-пахрулъиги, жагьиллъиги.

23 Гьеле гьеб инсанасда жанисан къватӀибе бачӀунебщинаб квешлъиялъ хъублъизавула гьев.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

24 Гьениса вахъун ГІиса щвана Тир шагьаралъул ракьалде. Пуланав
чиясул бакІалда рещтІарав гьесие бокьун букІинчІо жив вачІун вукІин
гІадамазда лъазе. Амма вахчун гьев хутІичІо.

25 Цо чІужугІаданалда рагІана гьев вачІун вугилан. Гьелъул яс йикІана
жундуз ккун. (Гьей йикІана мажусияй, Сириялъул ракьалдаса
финикияй.) ГІисахъе ячІун, гьесул хІатІазда цее накабаздаги чІун, гьелъ
гьарана жиндир ясалъул чорхолъа шайтІан бачахъейилан.

27 Гьес гьелда абуна: – Цин лъимал гІорцІизегІан чІа, лъималазул
кІалдиса бахъун чед гьабзазе базе бегьуларо.

28 ГІисае жавабалъе гьелъ абуна: – Я, БетІерчІахъад! Гьебни битІараб
буго. Амма лъималазухъа рортарал чадил кескал столалда гъоркь регун
рукІунел рукъалъул гьабзазеги щолагури.

29 Цинги ГІисаца гьелда абуна: – Гьеб рагІи дие рекІее гІуна, гьанже
дурго рокъое а; дур ясалъул чорхолъа шайтІан нахъе арабин.

30 Рокъое щведал, гьелда жиндирго яс ятана, шайтІанги чорхолъа ун,
парахатго бусада егун.

31 Тир улкаялдаса вахъун, Сидон шагьарги къотІун, АнцІшагьаралъул
ракьалдасан нахъеги Галилеялъул ралъдал рагІалде щвана ГІиса.

32 Гьесухъе вачун вачІана хІалица гурони кІалъазе кІоларев гІинкъав чи,
гьесда цо квер хъвайилан гьарун.

33 ДовегІанги вачун, ГІисаца гьев чиясул гІинзунир килщал къазаруна,
ту-тузеги ту-тун гьесул мацІалдаги хъвана килищ.

34 Цинги, зобалазде бералги тІамун, угьун хІухьелги биччан, гьес абуна:
– ЭтпатахІ! (Гьелъул буго «Рагье!» абураб магІна.)

35 ГьебсагІат гъов чиясул гІундул рагьун рачІана, ва мацІалда букІараб
гарацІги бичун ун, бацІцІадго кІалъазе лъугьана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

36 Гьелъул хIакъалъулъ лъиданиги бицунгейилан лъазабуна ГIисаца гьел
гIадамазда. Амма гьедин цIикIкIун гьукъанагIан, дагьабги цIикIкIун
тIибитIулеб букIана халкъалда гьоркьоб ГIисал хабар.

37 Ва дагьабги цIикIкIун гIажаиблъун, хIикмалъун хутIарал гIадамаз
цоцазда абулаан: – Сунда квер баниги, кинабго лъикI лъугьунеб буго
гьесухъа. ГIинкъаздаги рагIи рагIизабулеб буго, мацI лъаларелги
кIалъазарулел руго.

## Марк 8

1 Гьел къоязда нахъеги цIакъ гIемераб халкъ бакIарана ГIисада аскIобе.
Квен-тIехги гьечIого гьел хутIидал, жиндирго муридалги аскIоре ахIун,
ГIисаца гьезда абуна:

2 – Гьал гIадамазда гурхIун вуго дун. Гьале лъабабго къоялъ дида аскIор
чIун руго. Кваназе жоги хутIун гьечIо гьазухъ.

3 КваначIого дица риччани, рокъоре унаго, рухI дагьлъун ккезе бегьула
гьел, цIакъго рикIкIадаса рачIаралги ругелъул гьезда гьоркьор.

4 Муридаз гьесда абуна: – Гьаниб гIалхуда гьазие гIураб чед лъица
балагьилеб, киса бахъилеб? – абун.

5 Чан чед нужехъ бугебилан гьикъана ГIисаца гьезда. Анкьго чед бугилан
абуна гьез.

6 Цинги ГIисаца гьел гIадамазда абуна кваназе гIодор чIайилан. Гьеб
анкьабго чедги кодобе босун, тIаде дугIаги гьабун, ГIисаца бек-бекун
жиндирго муридазухъе кьуна, халкъалъе бикьейилан. Гьезги гьеб
халкъалъе бикьана.

7 Дагьа-макъаб ччугIаги букIана гьезухъ. Додинго тIаде дугIаги гьабун,
гьебги кьуна ГIисаца муридазухъе, халкъалъе бикьеян.

8 ГIорцIизегIан кванана гьел гьенир; нахъе хутIарал чадил мочIабазулги
анкьго гьегь цIуна.

9 Гьенир кванарал гIадамазул вукIана ункъазаргогIанасев чи.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

10 Гьелги нахъе ритІун, ГІиса гьебсагІаталъ жиндирго муридалгун
цадахъ, росодаги рекІун, Далманутаялъул ракьалде ана.

11 Гьенир ГІисахъе рачІун, цо-цо фарисеял лъугьана гьевгун дагІбадизе.
Гьесул хІалбихьизелъун, гьез тІалаб гьабуна зодисан гІаламат
бихьизабеян.

12 Угьун хІухьелги биччан, ГІисаца абуна: – Щай гьаб умматалъ гІаламат
тІалаб гьабулеб? ХІакълъун абулеб буго дица: гьаб умматалъе гІаламат
букІине гьечІо.

13 Гьел гІадамалги рукІаралъур тун, ГІиса нахъеги росоде вахана ва
ралъдал добцояб рахъалде ана.

14 Квен цадахъ босизе кІочон тун батана муридазда; цо гурони чед
батичІо гьезухъ.

15 ГІисаца гьезда лъазабуна: – Вореха, фарисеязулги гьеродилазулги
реччеялдаса цІунун чІа нуж.

16 Цоцазда гаргадизе лъугьана гьел: – Нилъехъ чед гьечІилан абураб
магІна букІине ккола гьелъул.

17 Гьезул пикру бичІчІун, ГІисаца абуна: – Чед гьечІилан щай нуж
гаргадулел? Нужго кинал гьедигІан бичІчІи гьечІел ва нахъгІунтІуларел?
КигІан согІлъун нужер ракІал ругел?

18 Берал ругониги бихьулареб кин? ГІундул ругониги рагІулареб кин?
Нужеца ракІалде щвезабе: дица щуазарго чиясе бек-бекун щуго чед кьун
хадуб хутІарал чадил мочІабазул чан гьегь цІураб? АнцІила кІиго гьегь
цІунилан жаваб кьуна гьез.

20 – Анкьго чед ункъазарго чиясе бикьараб мехалъ, хутІарал мочІабазул
чан гьегь цІураб? Анкьго гьегь цІунилан жаваб кьуна гьез.

21 – Гьанжеги бичІчІичІебищ нужеда? – ян гьикъана ГІисаца гьезда.

22 Цинги гьел щвана Бетсаидаялде. Вачун вачІуна цо бецав чи. Гьесда
квер хъвайилан гьарула гьез ГІисада.

23 ГIисаца кверги ккун гьев чи росулъа къватIиве вачана ва гьесул кIиябго бадибеги ту-тун, беразда квералги рахъун, гьесда гьикъана щибниги бихьулеб бугищилан.

24 Сверухъ хал-шалги гьабун, гьес абуна: – АскIосан унел гIадамал рихьулел руго дида гъутIби гIадин.

25 ГIисаца нахъеги беразда кверал рахъараб мехалъ, гьев чи цеве валагьана, – бералги сахлъун, кинабго жо баянго бихьулеб батана гьесда.

26 ГIисаца гьев гьенисанго рокъове витIана ва гьадаб росулъан унгеянги лъазабуна.

27 Гьениса вахъун жиндирго муридалгун цадахъ ГIиса ана Филиппил Къайсарият шагьаралда гIагарлъухъ ругел росабалъе. Нухда ГIисаца гьезда гьикъана: – Щивлъун дун гIадамаз рикIкIунев? – абун.

28 Гьез жаваб кьуна: – Цояз абулеб буго мун ЯхIя авараг вугилан, цояз абулеб буго Иляс авараг вугилан. Цогидаз абулеб буго аварагзабаздасан цояв кколилан.

29 Цинги ГIисаца гьезда гьикъана: – Нужеца щивлъунха дун рикIкIунев? – абун. Пётрица жаваб кьуна: – Мун вуго МасихI.

30 Лъиданиги гьеб бицунгейилан лъазабуна ГIисаца гьезда.

31 Цинги гьес бицине байбихьана ГIадамил Лъимаца гIемераб гIазаб-гIакъуба хIехьезе ккезе бугин, чIухIби-хIакимзабазги, чIахIиял кашишзабазги, диниял гIалимзабазги гьесдаса инкар гьабизе бугин, чIвазе вугин ва лъабабилеб къоялъ хваралъуса вахъинеги вугин.

32 Гьеб кинабго ГIисаца гьезда рагьун бицана. Амма довегIанги вачун Пётр лъугьана гьедин абугейилан гьесда дандечIун кIалъазе.

33 Гьебмехалъ, кьурун вуссун, жиндирго муридазухъ валагьана гьев. Цинги, Пётрги вуцIцIинавун, абуна: – ТIагIа дида аскIоса, Илбис! Аллагьасулаб тун, инсанасулаб лъугьун буго дур рекIелъе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

34 Гьениб букIараб халкъги жиндирго муридалги аскIоре ахIун, ГIисаца
абуна: – Дида цадахъ вилълъине бокьарав чи ватани, гьес жиндирго
напсалдаса инкар гьабе, жиндаго тIаде ккараб хъанчил гIазабги бачче ва
дида хадув вачIа.

35 Щаян абуни, жиндирго гIумру цIунизе бокьулев чи гьелдаса
махIрумлъила, диеги Рохалил хабаралъеги гIоло гIумруялдаса
махIрумлъизе разилъарас гьеб хвасар гьабила.

36 Жиндирго рухIги рецIалие кьун, тIолабго дуниялалъул кверщел
хъатикье щвеялъул щиб пайда бугеб инсанасе?

37 Жиндирго рухIалъухъ хисизе жо щиб бугеб инсанасул?

38 Гьаб мунагьаб ва пасатаб умматалда цеве дунги дир рагIабиги сан
гьаричIев чи ГIадамил Лъимацаги сан гьавизе гьечIо, жиндирго Инсул
нуралъ гвангъун, мукъадасал малаикзабигун цадахъ гьев вачIунеб
мехалъ.

**Марк 9**

1 Цоги ГIисаца абуна: – ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: тIубараб
къуваталда Аллагьасул ПарччахIлъи рещтIунеб куц бихьичIого, жидеца
хвалил лълъар гьекъезе гьечIел гIадамалги ругелха гьанир эхетаразда
гьоркьор.

2 Гьелдаса хадуб анлъго къоялдасан, Пётрги, Якъубги, Иоаннги гурони
тIокIав чиги цадахъ вачинчIого, ГIиса цо борхатаб магIарде вахана.
Гьелги ралагьун рукIаго, хиса-басун лъугьана ГIиса.

3 Гьесул ретIел лъугьана, гIазухъахIаб кьерги чIван, кунчI-кунчIизе;
кигIан цIакъ чураниги кIвелароан гьеб гьедин хъахIлъизабизе.

4 Цинги гьезда рихьана Илясги Мусаги. ГIисагун гара-чIварулел ругоан
гьел.

5 Гьениб Пётрица ГIисада абуна: – Я МугIалим! ЛъикI буго гьаниб
нилъее! РачIа, лъабго хъощ базин гьаниб: цо дуе, цо Мусае, цо Илясие.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 Гьедин абуна Пётрица, щиб абилебали лъаларого хутӀидал.
ХӀакъикъаталдаги хӀинкъун лъугьана муридзаби гьенир.

7 Гьебмехалъ цо хъахӀаб накӀкӀул парча бачӀун рахчизаруна гьел ва
накӀкӀуда гьоркьосан бахъана цо гьаракь: – Гьав вуго дие вокьулев дир
Вас. Гьасухъ гӀенекке нуж!

8 Цинги гьебсагӀат сверухъе ралагьидал, цохӀо ГӀиса тун батӀияв чи
гьезда гьенив вихьичӀо.

9 МагӀардаса гӀодоре рещтӀунаго, ГӀисаца гьезда лъазабуна хваралъуса
вахъун ГӀадамил Лъимер вачӀинегӀан, гьаб нужеда бихьараб ишалъул
лъиданиги бицунгейилан.

10 Гьениб бихьарабщинаб жиделъго цӀунана гьез. Амма «хваралъуса
вахъун вачӀиналъул» магӀна щибдайилан цоцазда цӀехолдулел рукӀана.

11 Цинги гьез ГӀисада гьикъана: – Щайха диниял гӀалимзабаз абулеб цин
цеве Иляс аварагъ вачӀине кколилан?

12 ГӀисаца гьезда абуна: – БитӀараб буго, цин цеве Иляс вачӀуна ва гьес
кинабго къачӀанги тола. Щайха ТӀухьдузда хъван бугеб ГӀадамил
Лъимада гӀемераб гӀазаб-гӀакъуба бихьилилан ва гӀадамаз гьев инжит-
хӀакъир гьавилилан?

13 Гьале дица нужеда абулеб буго: ТӀухьдузда хъван бугеб куцалда, Иляс
вачӀана; ва жидее бокьанщинаб гьабуна гьесие гӀадамаз.

14 ГӀиса дол жиндирго муридазда аскӀове тӀадвуссиндал, гӀемераб халкъ
бакӀарун батана гьенибе. Диниял гӀалимзабиги ругоан гьасул
муридалгун дагӀба-рагӀиялда.

15 ГӀиса вихьидал, тӀолабго халкъ хӀикмалъун хутӀана, данде рортун
гьесие салам кьезе лъугьана.

16 ГӀисаца жиндирго муридазда гьикъана гьазулгун нужер бугеб дагӀба
щибилан?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

17 Халкъалда гьоркьоса вачIун цо чияс абуна: – Я МугIалим! Дун духъе
вачIун вуго женалъ кIал-мацI ккурав, кIалъазе кIоларев васги вачун.

18 Гьеб жен киб кваланиги, дир вас гIодов ккола, кIалдиб полоп бала,
цаби къерщезарула, цинги гьев цIоро-гьорон лъугьуна. Гьал дур
муридазда абуна дица гьесул чорхолъа жен бачахъеян, амма гьезухъа
бажаричIо.

19 Гьездехун ГIисаца абуна: – ГIай, нуж иман гьечIеб уммат! КидалъагIан
дун нужгун вукIинев? КидалъагIан дица нуж хIехьезе кколел? Ваче
гьаниве дурго вас.

20 Вас гьесухъе вачун вачIана. ГIиса вихьаравго, хъубаб женалъ васасул
щукIдул рукIкIинаруна; гьев гIодов ккана, гевегахъдизе лъугьана ва
гьесул кIалдисан полоп бурана.

21 ГIисаца гьесул инсуда гьикъана: – Вас гьедин лъугьаралдаса кигIан
мех бараб? – ГьитIинаб мехалдаса нахъего вуго гьев гьедин, – абун жаваб
кьуна инсуца.

22 – Чанги цIадавеги рехана женалъ гьев, лъадалъеги рехана, хвезавизе
бокьун. Дуда щибниги гьабизе кIолеб батани, нижеда гурхIун, кумек
гьабе нижее.

23 ГIисаца гьесда абуна: – Дагьабниги божизе дудаги кIолеб батани, божа
мунги. Божулев чиясда хIалкIолареб жо букIунаребин!

24 ГьебсагIат васасул инсуца ахIана: – Дун божула, кумек гьабе дие –
божуларесе!

25 ТIаде гурун бачIунеб халкъги бихьун, гьеб женалъе амру гьабун,
ГIисаца абуна: – Ле, мацI лъалареб ва гIинкъаб жен! Дица дуе амру
гьабулеб буго гьев васасул чорхолъа тIагIаян ва тIокIаб киданиги
гьенибеги къагеян.

26 Цо гьаракьги гьабун, кутакалда гьев васги сородизавун, шайтIан
къватIибе кIанцIун бачIана. Цинги хварав чи гIадин лъугьана вас, хIатта
гьев хваниланцин абулеб букIана гIемерисез.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

27 Амма ГIисаца квер цIан тIаде вахъинавидал, вас вахъун чIана.

28 Рокъоре щун, жалго хутIидал, муридаз ГIисада гьикъана: – Нижеда
щай кIвечIеб доб хъубаб жен бачахъизе?

29 ГIисаца гьезие жаваб кьуна: – Доб тайпаялъул жундул рачахъизе кIола
гIицIго дугIаялдалъун.

30 Гьениса рахъун Галилеялъул ракьалдасан унел рукIана гьел. ГIисае
бокьун букIинчIо жив вачIунев вукIин лъиданиги лъазе.

31 Жиндирго муридазе насихIат гьабулев вукIана гьев. ГIисаца гьезда
бицана: – ГIадамил Лъимер кьезе вуго гIадамазда кодове, цинги гьез гьев
чIвала ва лъабабилеб къоялъ хваралъуса вахъина.

32 Амма гьезда бичIчIичIо гьел рагIабазул магIна, ва гьесда гьеб
гьикъизеги хIинкъана.

33 Цинги гьел Капернаумалде щола. Рокъоре щведал, ГIисаца гьезда
гьикъана: – Гьанире рачIунаго нухда сундул бицун дагIбадулел нуж
рукIарал? – абун.

34 Гьел руцIцIун чIана. Щайгурелъул гьел дагIбадулел рукIиндал жидеда
гьоркьов бищун кIудиявлъун щивдай кколеван.

35 ГIиса гIодов чIана, ва жиндаго аскIове анцIила кIиявго муридги ахIун,
гьес абуна: – Бищунго кIудиявлъун лъугьине бокьарав чи цогидазда
гьоркьов бищунго гьитIинавлъун вукIа ва гьезие хъулухъалъе чIа.

36 Кодобе босун, ГIисаца цо лъимер гьезда гьоркьоб эхетизабуна ва, гьеб
лъимада къвалги бан, абуна:

37 – Цо гьадинаб лъимер, дие гIоло, лъицаниги къабул гьабуни, гьеб
бащалъизе буго дун къабул гьавиялда. Дун къабул гьавурав чияс, цохIо
дун гуревги, дун нужехъе витIарав Аллагьги къабул гьавулев вуго.

38 Гьебмехалъ Иоанница абуна: – Я МугIалим! Нижеда ватана цо чи дур
цIаралдалъун жиндул рачахъулев; амма гьев чи нилъеда


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

нахъвилълъунев гъечIо. Нилъеда нахъвилълъунев гъечIелъул, нижеца гъукъана досие гъеб иш гъабизе.

39 ГIисаца абуна: – Гъукъуге гъесие гъеб. Дир цIаралдалъун хIикмат
бихьизабурав чиясда кIвезе гъечIо гъелдаса хадуб гъебсагIат дир
хIакъалъулъ квешаб рагIи абизе.

40 Нилъеда дандечIоларев чи ккола нилъер рахъалда вугев чи.

41 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: нуж МасихIил муридал рукIинги
лъан, дие гIололъун нужее гъекъезе гел цIун лъим кьурав чи кириялдаса
махIрумлъиларо.

42 Амма диде иман лъуразда гъоркьоса цониги лъимер гIадинав пулан
мунагъалде цIалев чи ккани, гъобоги горбода бухьун, ралъдалъе рехиго
лъикIаб букIинаан гъесие.

43 Дур квералъ мун мунагъалде цIалев вугони, къотIун рехе гъеб. Цояб
квер камун, алжаналде ин лъикI дуе, кIиябго квергун жужахIалъул свин
гъечIеб цIадаве рехизегIан.

45 Дур бохалъ мун мунагъалде цIалев вугони, къотIун рехе гъеб. Цояб бох
камун, алжаналде ин лъикI дуе, кIиябго бохгун жужахIалъуве рехизегIан.

47 Дур бералъ мун мунагъалде цIалев вугони, бахъун рехе гъеб. Цо
бергун Аллагъасул ПарччахIлъиялде ин лъикI дуе, кIиябго бергун
жужахIалъуве рехизегIан.

48 ЖужахIалъул борхьазе хвелги букIунареб, жужахIалъул цIадуе свинги
букIунареб!

49 Къурбаналъул гьан, тIаде цIам щван, бацIцIад гьабулеб гIадин, щивав
чи цIадудалъун вацIцIад гъавизе вуго.

50 ЦIам лъикIаб жо буго. Амма гъелъул цIамгIаллъи холеб бугони, кин
нужеца гъеб нахъеги цIамгIаллъизабилеб? ЦIам цIуне нужелъго, ва
цоцазда гъоркьор ракълида рукIа.

## Марк 10


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

1 Гьениса вахъун Ягьудиялъул ракьалде щола ГIиса ва Иорданалъул добцояб рахъалда бугеб улкаялде уна. Нахъеги бакIарула гьесда аскIобе гIемераб халкъ. ГIисаца, жиндирго гIадаталда рекъон, гьенибги гьабуна гIадамазе вагIза-насихIат.

2 ГIисал хIалбихьизе рачIун, фарисеяз гьесда гьикъана: – Динияб къануналъ изну кьолебищ росас чIужу йиччан тезе? – абун.

3 Мусал къануналда кин бугебилан гьикъана гьезие жавабалъе ГIисаца.

4 Гьез абуна: – Мусаца изну кьун буго, «цIар тIамиялъе нугIлъи гьабулеб кагъат кодобе кьолеб бугони, чIужу йиччан тезе бегьулилан».

5 ГIисаца гьезда абуна: – Мусаца нужее гьеб Къанун хъвана нужер чанкIкIи сабаблъун.

6 Дуниял бижараб мехалдасаго Аллагьас рижана бихьинчиги чIужугIаданги.

7 «Гьединлъидал эбел-эменги рехун тун, бихьинчи чIела жиндирго чIужуялде вуссун, ва гьел кIиялго цолъун, цого лъугьина». Гьелдаса хадур кIиго рукIунаро гьел, цого рукIуна.

9 ХIасил, Аллагьас цолъизабураб инсанас батIалъизабизе бегьуларо.

10 Цинги рокъобги гьикъана муридаз гьелъулго хIакъалъулъ.

11 ГIисаца гьезие жаваб гьабуна: – ЧIужуги йиччан тун, цогидай ячарав чи, жиндирго йикIарай чIужуялда цеве мунагьалъукье ккола. Гьеб мунагьги зиналъун рикIкIуна.

12 Росасдаса ятIалъун цогидасе арай гIаданги зиначIужу ккола.

13 Жидерго лъимал рукIана гIадамаз ГIисахъе рачун рачIунел, гьезда цо квер хъвайилан гьарун. Муридаз гьел риччалел рукIинчIо.

14 Гьеб бихьидал, ГIисал щцин бахъана. Гьес абуна: – Лъимал дихъе рачIине риччай, гьезие квекIен гьабуге нужеца. Гьединазейин Аллагьасул ПарччахIлъи щун бугеб!


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: Аллагьасул ПарччахIлъи лъимаца
гIадин къабул гьабичIев чиясе гьенибе нух гьечIо.

16 ГIисаца гьел лъимал каранде къана, тIад кверал рахъун, гьезда баркат
лъегиян дугIа гьабуна.

17 ГIиса гьениса унаго, цо чи вачIана векерун ва, гьесда цеве накабаздаги
чIун, гьикъана: – Я лъикIав МугIалим! Абадияб рукъалъул бутIа щвеялъе
щиб дица гьабизе кколеб?

18 ГIисаца гьесда абуна: – Щай дуца дида лъикIавилан абулеб? Щивниги
лъикIав вукIунаро, цохIо Аллагь гурони!

19 Дуда лъалагури Аллагьасул амруял: «чи чIваге», «зина гьабуге»,
«цIогьодуге», «гьересинугIлъи гьабуге», «даран-базаралъулъ хIилла-
рекIкI гьабуге», «эбел-инсул адаб-хъатир гьабе».

20 Дов чияс ГIисае жаваб гьабуна: – Я МугIалим! ГIолохъанаб
мехалдасаго тIуразарулел руго дица гьел амруял.

21 Гьев чи рекIее гIедал, гьесухъги валагьун, ГIисаца абуна: – Цо жо буго
дуе камун: инеги ун, дурго бугеб кинабго боцIи-рикъзи биче ва мискин-
пакъирасе садакъаде кье, гьелъухъ дуе насиблъила зобалазул хазина.
Цинги дихъе вачIа, дида цадахъ вилълъине.

22 ГIисал рагIабаз ракI лъукъарав гьев чи къваридго нахъе ана.
Щайгурелъул гьев вукIун вуго кутакалда бечедав чи.

23 Гьебмехалъ сверухъ ругел гIадамазухъги валагьун, ГIисаца жиндирго
муридазда абуна: – Бечедав чиясе Аллагьасул ПарччахIлъиялде ворчIизе
захIмалъулеб куц!

24 Гьелъ муридал хIикмалъизаруна. ГIисаца нахъеги гьезда абуна: – Ле
дир лъимал! Аллагьасул ПарччахIлъиялде лъугьине захIмалъизе бугеб
куцха!

25 РукIкIадул ролъиялъусан лъугьине вараниялъего бигьа букIина,
Аллагьасул ПарччахIлъиялде ворчIизе бечедав чиясеялдаса.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

26 ЦIакъго хIикмалъун хутIарал гьез цоцазда абулеб букIана: – Гьедин
батани, хвасарлъизе кIолев чигIаги щивдайха?

27 Гьезухъги валагьун, ГIисаца абуна: – ГIадамазда гьеб кIолареб, амма
Аллагьасда кIолебха! Аллагьасда хIалкIолареб жо щибниги гьечIелъул!

28 Гьебмехалъ Пётрица гьесда абуна: – Гьале, кинабго рехун тун, ниж
дуда цадахъ рилълъана...

29 ГIисаца гьесие жаваб кьуна: – ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: дие
гIоло ва Рохалил хабаралъе гIоло мина-рукъги, вацал-яцалги, эбел-
эменги, чIужу-лъималги, хур-ахги рехун тарав цониги чи хутIизе гьечIо,

30 гьелъухъ хIатта гьанже дуниялалъул рокъоб гIазаб-гIакъубаялдаго
цадахъ, – гьелдаса нусцIулго цIикIкIун мина-рукъги, вацал-яцалги, эбел-
эменги, лъимал-агьлуги, хур-ахги щвечIого, ва доба ахираталъул рокъоб
абадияб гIумруги насиблъичIого.

31 Цере рукIарал чангиял тIарамагъаде ккела, тIарамагъада рукIаразул
чангиял цере ккела.

32 Иерусалималдехун ралагьун унел рукIана гьел. ГIиса цеве-цеве
вукIана. Гьесда хадур рачIунаго, гьесул муридал рахIат хун рукIана.
Гьесда хадуб бачIунеб халкъги хIинкъун букIана. АнцIила кIиявго
чапарги аскIове ахIун, нахъеги байбихьана гьес жиндиего ккезе бугелъул
хIакъалъулъ бицине:

33 – Гьале нилъ Иерусалималде унел руго. Гьенив ГIадамил Лъимер
кьезе вуго чIахIиял кашишзабаздаги диниял гIалимзабаздаги кодове ва
гьезги гьев чIвазе къотIила. Цинги гьев кьела цогидаб халкъалъул
гIадамазда кодове.

34 Гьезги инжит-хIакъир гьавила, тIаде тударила, цIалаца вухила, цинги
чIвала ва лъабабилеб къоялъ хваралъуса вахъина гьев.

35 Гьебмехалъ гьесда аскIове вачIуна Зебедайил кIиявго вас – Якъубги
Иоаннги. Гьез абула: – Я МугIалим! Нижее бокьун буго нижеца гьарараб
жо дуца тIубазе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

36 ГӀисаца гьикъана: – Дица щиб гьабизе нужее бокьун бугеб?

37 Гьез абуна: – Къудраталъул тахиде мун вахараб мехалъ, цояв кваранаб
рахъалда, цогидавги квегӀаб рахъалда, дуда аскӀор гӀодор чӀезаре ниж.

38 ГӀисаца гьезда абуна: – Нужедаго лъалеб гьечӀо нужеца гьарулеб бугеб
жо. КӀвеладай нужеда дица гьекъезе бугеб лълъарги гьекъезе, дица
бахине бугеб гӀорги бахине?

39 КӀвелилан жаваб кьуна гьез. ГӀисаца абуна: – Дица гьекъезе бугеб
лълъарги гьекъезе ккезе буго нужеца, дица бахине бугеб гӀорги бахине
ккезе буго.

40 Амма дир кваранабги квегӀабги рахъалда гӀодор чӀезариялъул иш
дида бараб гьечӀо, БетӀергьанасул хӀукмуялда бараб буго.

41 Гьеб хабар рагӀарабго, хутӀарав анцӀавго муридасул ццин бахъана
Якъубидаги Иоаннидаги.

42 АскӀореги ахӀун, ГӀисаца гьезда абуна: – Нужеда лъалагури цогидал
халкъазул парччахӀзабиййилан рикӀкӀунел гӀадамаз халкъалда тӀад
ханлъи гьабулеблъи, чӀухӀби-хӀакимзабазги гӀадамазда тӀад жидерго
ихтияр бильлъанхъизабулеблъи.

43 Амма нужеда гьоркьоб гьедин букӀине бегьуларо. Нужеда гьоркьоса
лъиениги бищунго кӀудиявлъун вукӀине бокьани, гьев цогидазе
хъулухъалъе чӀа абе.

44 Нужеда гьоркьоса бищунго цеве вукӀине бокьаравги киназего
лагълъун вукӀа абе.

45 Щайгурелъул ГӀадамил Лъимерги лъицаниги жиндие хъулухъ гьабизе
вачӀун гьечӀо. Гьев вачӀун вуго цогидазе хъулухъ гьабизе ва гӀемеразе
гӀоло рецӀалие жиндирго рухӀ кьезе.

46 Гьале гьел Иерихоналде щола. Цинги, жиндирго муридалгун цадахъ
ГӀиса гьениса къватӀиве вахъунеб мехалъ, гӀемераб халкъ букӀана гьесда


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

хадуб бачIунеб. Гьенив нухлул ракьанда кIусун ватана Бартимай (Тимайил вас) абулев цо бецав гьардухъан.

47 Назареталдаса ГIиса жинда цевесан унев вукIинги лъан, ахIдезе лъугьана гьев: – Я, Давудил вас ГIиса! ГурхIа мун дида!

48 ВуцIцIун чIайилан абуна гьесда гIадамаз. Амма гьев дагьабги гьаракь борхун ахIдезе лъугьана: – Я, Давудил вас! ГурхIа мун дида!

49 Гьенивги лъалхъун, ГIисаца абуна гьев чи жинда аскIове вачейилан. ГIадамаз Бартимайида абуна: – Гьа, ракI гIодобе биччай гьанже! Вильлъа, мун жиндихъе вачеян абулеб бугин дос.

50 ТIад букIараб гIабаги гIодобе рехун, гьев кIанцIун тIаде вахъана ва ГIисада аскIове вачIана.

51 ГIисаца гьесда гьикъана: – Дица щиб гьабизе дуе бокьун бугеб? Бецас жаваб гьабуна: – Я, Раббуни! Беразда нахъеги канлъи бихьизе бокьун буго.

52 ГIисаца гьесда абуна: – А гьанже. Дурго божи-иманалъ сахлъизавуна мун. ГьебсагIат беразда канлъиги бихьун, ГIисада хадув къокъана гьев чи.

**Марк 11**

1 Гьел Иерусалималде щолел рукIана. Зайтуналъул магIарда аскIор ругел Бетфагиялде ва Бетаниялде гIагарлъидал, кIиго муридги аскIове ахIун,

2 ГIисаца гьезда абуна: – Гьудуб нилъеда цебе бугеб росулъе а нуж. Росулъе лъугьаралго, цо бакIалда бухьун батила жеги чи тIад рекIинчIеб кIудияб кIерт. Рухьадасаги бичун, гьебги бачун рачIа.

3 Нужеца гьабулеб щибилан гьикъулев чи ккани, гьесда абе нижер ТIадегIанав ГIисае къваригIун бугин гьеб; кватIичIого нахъе биччазе бугиланги абе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

4 Гьел ана. Гьениб гьезда батана къотІноб цо чиясул кавуялда бухьараб кІудияб кІерт. Рухьадаса гьеб бичулел рукІаго, гьенир рахъун чІун рукІарал гІадамаз гьикъана: – Нужеца гьабулеб щиб? Щай нужеца гьеб кІерт рухьадаса бичулеб?

6 ГІисаца малъухъе кьуна муридаз гьезие жаваб. Цинги доз гьалги риччан тана.

7 КІерт ГІисахъе бачун бачІана. Гьелъул гьодиде рехана гьез жидерго партал, ва ГІисаги гьелда тІад рекІана.

8 ГІемерисез, тІаса бахъун ретІел букІана нухда тІибитІулеб. Цогидаз абуни, магъилъ ругел гъутІбуздаса къотІун, гІурччинал гІаркьалаби рукІана гьесда цере тІиритІулел.

9 Гьесда цере-цере унезги хадур рачІунезги турки ахІулеб букІана: – Гьошанна! БетІергьанасул къудраталдалъун витІун вачІунев вугесда баркат лъеги!

10 ТІаде гІунтІулеб бугеб нилъер эмен Давудил ПарччахІлъиялда баркат лъеги! Гьошанна! ТІадегІанав Аллагьасе рецц!

11 Иерусалималде щваравго, ГІиса Мукъадасаб Рокъове лъугьана ва, киса-кибего бер щвезабун, хал-шал гьабуна. МаркІачІубер рукІкІинехъин букІиндал, анцІила кІиявго чапарги вачун, ГІиса Бетаниялде тІадвуссана.

12 Нахъисеб къоялъ радакьго вахъун Бетаниялдаса вачІунаго, ГІиса вакъана.

13 РикІкІададасанго гьесда бихьана тІад тІамах бараб цо инжиралъул гъветІ. ГъотІода пихъ гьечІодайилан аскІове индал, тІамах гурони, цониги инжир батичІо: инжир барщизе заман щун букІинчІо жеги.

14 Цинги ГІисаца гъотІода абуна: – Дуда тІад бижун пихъ тІокІаб лъиcаниги киданиги квине хъван батугеги. Гьеб рагІана гьесул муридаздаги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Гьале Иерусалималде щвана гьел. Мукъадасаб Рокъове лъугьун,
гьенир даран-базаралда рукIарал гIадамал къватIире гъезе лъугьана
ГIиса; гIарац хисулел чагIазул столал ва къурбаналъе хъвезе маккал
ричулел чагIи тIад гIодор чIолел бакIал кIалагъоркье чIвазаруна.

16 Мукъадасаб Рукъалъул азбаралъусан гIадамаз къайи баччизеги
гьукъана гьес.

17 Цинги ГIисаца, гьезие малъа-хъвай гьабун, абуна: – ТIехьалда хъван
гьечIищ: «Гьаб Дир рукъалда цIар букIине буго киналго халкъазул как-
диналъул рукъ», – абун. Нужецайин абуни гьаб хъачагъазул нохъоялде
сверизабун буго.

18 ГIисал гьеб калам рагIидал, диниял гIалимзабиги чIахIиял
кашишзабиги ургъизе лъугьана гьев тIагIинавизе рес киндай батилаян.
Гьесукьа хIинкъун рукIана гьел, щайгурелъул ГIисал гIелмуялъ тIолабго
халкъ хIикмалъизабун букIиндал.

19 Бакъ тIерхьунеб гIужалда шагьаралдаса къватIире рахъана ГIисаги
муридзабиги.

20 Нахъисеб къоялъ радал тIадруссун рачIунаго балагьидал, доб
инжиралъул гъветI кьолболъанго бакъван бугоан.

21 ГIисаца абун рукIарал рагIабиги ракIалде щун, Пётрица гьесда абуна:
– Я МугIалим! Балагье, сон нагIана кьураб инжиралъул гъветI бакъван
бугеб куц.

22 ГIисаца гьезда абуна: – Аллагьасде божи-иман цIуне нужеца.

23 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: рекIелъе щаклъиги ккезе
биччачIого, жинца абухъе лъугьине букIиналдаги божун, пуланав чияс
гьаб мегIералда абуни, гьаниса бахъун ун ралъдалъе кIанцIеян, мегIер
гьесие мутIигIлъизе буго.

24 Гьединлъидалин дица нужеда абулеб бугеб: дугIадулъ нужеца
Аллагьасда щиб гьарулеб бугониги, нуж божа гьес нужер гьари тIубан
бугилан. ТIубазеги бугебха гьеб!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

25 Гьари-дугІаялъе Аллагьасда цере чІараб мехалъ, нужер щцин бугел гІадамал ратани, гьезда тІасалъугьа, гьебмехалъ Зобалазда вугев нилъер Эменги лъугьине вуго нужер къосиналда тІаса.

27 Нахъеги Иерусалималде щвана гьел. Мукъадасаб Рокъов жанив тирулев ГІиса вугеб мехалъ, гьесда аскІоре рачІана чІахІиял кашишзаби, диниял гІалимзаби, чІухІби-хІакимзаби.

28 Гьез ГІисада гьикъана: – Гьаб хІалтІи гьабизе ихтияр бугебищ дур? Лъица дуе гьеб ихтияр кьураб? – абун.

29 ГІисаца гьезие жавабалъе абуна: – Дицаги кьела нужее цо суал. Нужеца гьелъие жаваб кьуни, гьебмехалъ бицина дица нужеда лъица дие гьеб ихтияр кьурабали.

30 Лъадалъ ччун рахъун гІадамал рацІцІад гьаризе ихтияр ЯхІяе кисан щун букІараб: зобалаздасанищ яги гІадамаздасанищ? Кье дие жаваб.

31 Цоцазда гьоркьоб хабар ккана гьезул. «Зобалаздасан букІанин абуни, гьес нилъеда абилагури, гьедин батани, щайха нуж ЯхІяда божичІелилан.

32 ГІадамаздасан букІанин абуни...» Гьедин абизеги, халкъалъукьа хІинкъун рукІана гьел, киназго ЯхІя хІакъав авараглъун рикІкІунев вукІиндал.

33 Жидеда лъаларилан жаваб кьола ГІисае гьез. ГІисаца гьездаги абула: – Дица нужедаги бицинаро лъил ихтияралдалъун гьаб хІалтІи гьабулеб бугебали.

### Марк 12

1 Мисал бачун, гьезие гьадинаб хабар бицине байбихьана ГІисаца: – Цо чияс, цІолбол ахги гьабун, сверун чали къан буго, чагъир жаниб цІцІуйзе чаналъе гвендги бухъун буго, хъаравуласе борхатаб хъощги бан буго. Цинги ахихъабазухъе ижараялъе гьеб ахги кьун, гьев къватІиве ун вуго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 ЦІибил барщараб мехалъ, гьес дол ижарачагІазухъе цо рагьтІател витІун вуго жиндие кколеб бутІа босизе.

3 Доз ккվезеги ккун гьев рагьтІател вухун вуго ва чІового нахъе хъамун вуго.

4 Гьанже ахил бетІергьанас цоги рагьтІател витІун вуго. Гьесулги бетІер лъукъун буго, инжит-хІакъир гьавун вуго.

5 Нахъеги витІун вуго цоги батІияв. Гьевги доз чІван рехун вуго. ГІемерал цогидалги ритІун руго. Гьелги доз цоял рухун, цогидал чІван руго.

6 Цинги гьесул хутІун вуго гьениве витІизе цохІо чи – гьесие вокьулев вас. Ахирги гьев витІун вуго ахил бетІергьанас, жиндир васасулгІаги хІурмат гьабилародайилан абун.

7 Амма ижарачагІаз цоцазда абун буго: «Гьале гурищ ирсилав. РачІа гьав чІвазе, – ирсги нилъеего хутІила».

8 Ккվезеги ккун, чІвала гьез гьев, гьесул жаназаги ахикьа къватІибе рехула.

9 Гьанже щиб гьабилеб дов ахил бетІергьанас? ВачІинеги вачІун, чІвала гьес гьел, ахги цогидазухъе ижараялъе кьела.

10 Унго нужеца киданиги ТІехьалда цІалунгойищ букІинчІеб гьадинаб калима: «Къадалъ лъезецин ярагьунарилан къадахъабаз нахъе рехараб гамачІ битІахъе цололъ лъун буго.

11 Гьединаб букІун буго БетІергьанасул хІукму. Нилъер берда цебе лъугьараб кІудияб мугІжизат буго гьеб!”

12 Гьеб мисал жидер рахъалъ бачараб букІин бичІчІана чІахІиял кашишзабазда. ГІиса ккվезе хІаракат бахъулеб букІана гьез. Амма халкъалъукьа хІинкъун тезе ккана. Живго гьевги тун, нахъе ана гьел.

13 Цинги гьез цо-цо фарисеялги гьеродилалги ритІула ГІисахъе, гьесул кІал таризабизе кІоларищали бихьизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

14 РачIун гьез ГIисада абула: – Я МугIалим! Нижеда лъала мун ритIухъав
чи вукIин. Лъилниги мурад цIунун, гьесие хIелиги дур пикруялда
рекъоларо. Чи вихьун иш гьабулеб гIамалги дур гьечIо. Аллагьасул
хIакъаб нух буго дур малъиги. Бице нижеда: къануналда рекъон,
бегьулебищ къайсарасе магъало кьезе яги бегьуларебищ? Гьа, кьелебищ
гьеб нижеца яги кьеларебищ?

15 Гьезул хIилла-рекIкIги бичIчIун, ГIисаца абуна: – Щай нужеца дир
хIалал рихьулел? Бихье, цо динар босе гьанибе дихъе.

16 Гьез гьеб босун бачIуна. Гьебмехалъ ГIисаца гьикъула: – Лъил суратги
хъвай-хъвагIайги гьалда бугеб? Къайсарасул бугилан абуна гьез.

17 – Къайсарасулаб къайсарасе кье, Аллагьасулаб Аллагьасе кье, – ян
абуна ГIисаца гьезда. Гьесул жавабалъ хIикмалъизаруна гьел.

18 Цинги ГIисахъе рачIана къиямасеб къоялъ хварал тIаде рахъине
рукIиналде инкар ккун чIарал саддукеял абулел гIадамал. Гьез ГIисада
абуна:

19 – Я МугIалим! Мусаца нилъее бихьизабун буго: «Цо пуланав чиясул
вац хвани, гьесдасан лъимерги нахъе хутIичIони, гьесул вацас яче абе
жиндирго хварав вацасул лъади, дов хварав вацасул наслу къинчIого
букIине».

20 Масала, анкьго вац вукIун вуго. ЧIужу ячун хадув, лъимерги нахъе
хутIичIого, хун вуго кIудияв вац.

21 Цинги гьей ячун йиго хадусев вацас, амма лъимер лъугьиналдего,
гьевги хун вуго. Гьебго жо лъугьун буго лъабабилев вацасулги.

22 Гьедин анкьавго вацас ячун йиго гьей, ва цонигиясе лъимерги лъугьун
гьечIо. Ахиралда жийгоги хун йиго.

23 ХIасил, гьей анкьго росасул лъадилъун йикIарай гIадан къиямасеб
къоялъ лъил чIужулъун йикIине йигей?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

24 Гьезие жавабалъе ГІисаца абуна: – ТІухьдузда бугеб лъангутІиялъ, яги
Аллагьасул къудраталда божунгутІиялъцин гурищ нуж къосинарун
ругел?

25 Къиямасеб къоялъ тІаде рахъаразда гьоркьор я лъудби, я росал
рукІине гьечІо, зобалазда ругел малаикзабазул гІадинаб гІумру букІине
буго доба гьезулги.

26 Хварал тІаде рахъине рукІиналъул хІакъалъулъ цІаличІебищ нужеца
Муса аварагасул хІакъалъулъ бицараб тІехьалда? ЦІа рекІун бугониги,
бухІунго лъугІулареб хъарахъалда аскІоб Аллагьас гьесда абурабила:
«Дун вуго Ибрагьимил Аллагь, ИсхІакъил Аллагь, Якъубил Аллагь».

27 Аллагь – гьев хваразул Аллагь гуро, чІагоязул Аллагь вуго. Кутакалда
къосун руго нуж!

28 Гьезул бахІсалъухъ гІенеккун вукІарав ва ГІисаца къураб камилаб
жаваб рагІарав цо динияв гІалимчияс, аскІове вачІун, гьесда гьикъана: –
Къануналда бищунго аслияб амру щиб кколеб? – абун.

29 ГІисаца гьесие жаваб къуна: – Бищунго аслияблъун ккола гьадинаб:
«ГІенекке, Исраилил уммат! Нилъер БетІергьан Аллагь цохІо вугев
БетІергьан вуго!

30 Дурго БетІергьан Аллагь дуе вокьа дур тІолабго ракІалдалъун, дур
тІолабго рухІалдалъун, дур тІолабго гІакълу-пикруялдалъун, дур
тІолабго къуват-жаналдалъун».

31 КІиабилебги: «Мунго гІадин вокьа дуе дуда аскІов вугевги». Гьеб
кІиялдасаго тІадегІанаб амру гьечІо.

32 Динияв гІалимчияс абуна: – ЛъикІ буго, МугІалим! ХІакъаб рагІи
абуна дуца, Аллагь цо вугилан ва Аллагь тун батІияв цоги бетІергьанги
гьечІилан.

33 Жиндир тІолабго ракІалдалъун, тІолабго гІакълу-пикруялдалъун,
тІолабго къуват-жаналдалъун Аллагь вокьулев вугони ва жинда аскІов

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

вугевги вокьулев вугони, инсанасе гьеб цIикIкIине буго гьесул киналго батIи-батIиял къурбаназдаса.

34 Гьесул гIакъилаб калам рагIараб мехалъ, ГIисаца гьесда абуна: – Аллагьасул ПарччахIлъиялдаса мун рикIкIад гьечIевин. Гьелдаса хадуб тIокIаб лъилниги бахIарчилъи гIечIо ГIисада щибниги гьикъизе.

35 Хадубги Мукъадасаб Рокъоб вагIза гьабулаго, ГIисаца абуна: – Диниял гIалимзабаз щай абулеб МасихI Давудил вас вугилан.

36 Илагьияб РухIалъ малъун Давудица жинцаго гурищ абулеб бугеб: «ТIадегIанав Аллагьас дир БетIергьанасда абуна: „Дир кваранаб рахъалда гIодов вукIа, дица дур тушбаби дур хIатIазда цере чIезаризегIан“».

37 Гьедин Давудица жинцаго МасихIиде жиндир БетIергьанилан абулеб бугони, Давудил вас кин гьев кколев? ГIемераб халкъ букIана ГIисал гьединал вагIзабазухъ гъира-цIаялда гIенеккун.

38 ГIисаца гIадамазда малъулаан: – Воре, гьал диниял гIалимзабаздаса цIунун чIа нуж. Гьезие бокьула халатал гIабабиги ретIун хьвадизе, базаркъотIноб халкъалъ жидеего салам кьезе,

39 синагогабазда жанир киназдасаго церегIан гIодор чIезе ва гьоболлъухъ кванил тIотIода нахъа бищунго хIурматияб бакI кквезе.

40 Рос хун хутIарал къоролзабазул боцIи-рикъзиги кванала гьез, рихьдаего халатал дугIаби гьарула. Гьеб кинабго цIикIкIун гьабунагIан, гIасияб букIине буго гьезие тамихI.

41 Мукъадасаб Рокъоб садакъаде гIарац лъолеб бакIалда дандвитIун гIодовги чIун, ГIиса валагьун вукIана гьенибе гIарац рехулел гIадамазухъ. Чанги бечедал гIадамаз гIемераб гIарац рехулеб бугоан гьенибе.

42 ЯчIун цо мискинай къоролалъ рехана бащдаб капекалъул багьаяб кIиго пахьул гIарац.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

43 Жиндирго муридалги аскIоре ахIун, ГIисаца гьезда абуна: – ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: гьанибе садакъаде гIарац рехаразул бицани, гьадай мискинай къоролалъ бищунго цIикIкIунин кьураб.

44 Цогидаз садакъа гьабуна жидерго боцIи-рикъзи тIокIлъун, долъин абуни жиндиего хIажат букIаниги, садакъаде кьуна жиндирго бетIербахъиялъе хутIун букIарабщинаб.

**Марк 13**

1 ГIиса Мукъадасаб Рокъоса къватIиве лъугьиндал, гьесул цо муридас гьесда абуна: – Я МугIалим! Гьал къадазулъ лъурал ганчIазул чIахIалъи, гьаб минаялъул кIодолъи!

2 Гьесие жавабалъе ГIисаца абуна: – Гьаб кIудияб кIалгIа бихьулагури дуда? ГанчIида лъураб цониги гамачI хутIиларо гьаниб кIалагъоркье чIвачIого.

3 Мукъадасаб Рукъалда дандбитIухъе, Зайтуналъул магIарда гIодов чIун ГIиса вугеб мехалъ, батIаго гьесда аскIоре рачIун, Пётрицаги, Якъубицаги, Иоанницаги, Андрейицаги гьарана:

4 – Гьаб дуца абулеб бугебщинаб иш кида лъугьине бугебали ва гьеб лъугьинехъин букIиналъе кинаб гIаламат загьирлъизе бугебалиги бице нижеда.

5 Гьезие жаваб гьабун, ГIисаца байбихьана: – Воре, цо лъицаниги къосинаризе гурин нуж!

6 Чанги вукIине вугелъулха, жив дун вугилан абун вачIунев чи. Чангиял гьез къосинаризеги руго.

7 Рагъал ккун ругилан ва ккезехъинги ругилан рагIани, гьелдаса нуж хIинкъуге. Гьеб цебеккунго лъугьине ккола, ва гьеб жеги ахирзаман гуро.

8 Цо халкъ цоги халкъалде, цо ханлъи цоги ханлъиялде тIаде кIанцIила. БакI-бакIалда ракь багъарила, ракъи баккила. Гьеб ккола лъимер гьабизе хIара чIваялъул гIадинаб унтиялъул байбихьи.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

9 Нужеца нужеего гIамал гьабе: щаян абуни, дун сабаблъун нуж судалде ахIила, синагогабазухъе рачун рухила, наибзабазда ва парччахIзабазда цере чIезарила, дир муридал ругилан нугIлъи гьабизе.

10 Амма ахирзаман тIаде щвелалде киналго халкъазда Рохалил хабар лъазабун букIина.

11 Судалда цере чIезе нуж рачараб мехалъ, щибдай бицинаян цебеккунго ургъел ккоге нужеда. ГьебсагIат нужерго рекIелъе рещтIараб жо абун биччай. Щайгурелъул нуж гуро гьебмехалъ кIалъазе ругел, нужер рекIелъе рещтIараб Илагьияб РухIин кIалъазе бугеб.

12 Вацас вац кьезе вуго чIвазе, инсуца вас кьезе вуго. Жидерго эбел-инсуда данде рахъун, лъималаз гьелги кьезе руго чIвазе.

13 Дун сабаблъун киналго гIадамазда рихина нуж. Амма ахиралде щвезегIан сабру гIурав чи хвасарлъила.

14 БукIинего бегьулареб бакIалда чIунтелалъул къабихIлъи бихьила нужеда, – цIалулесда лъалин гьелъул магIна, – гьебмехалъ мугIрузде лъута абе Ягьудиялда ругелал.

15 Гьеб къоялъ тIохда вугев гъоркье рещтIунгеян абе, къваригIараб-тараб босизе рокъове жаниве лъугьунгеян абе.

16 Хурив вугевги жиндирго ретIел босизе нахъвуссунгеян абе.

17 Вай, къинал руччабазе ва каранда хахулел лъимал ругел улбузе букIинаха дол къояз кIудияб къварилъи-гIазаб!

18 Хасало лъутизе ккогегиян гьари-дугIа гьабулел рукIа нуж.

19 Щаян абуни, гьебмехалъ рещтIине буго Аллагьас дуниял бижаралдаса гьанжелъагIан букIинчIеб ва хадубккун букIине къотIиги гьечIеб гIадинаб балагь.

20 Гьел къоял къокълъизаризе БетIергьанасул къадар букIинчIебани, цониги рижи хвасарлъизе букIинчIо. Амма жинцаго тIаса рищарал гIадамазе гIоло гьел къоял къокъ гьаризе хIукму буго гьесул.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

21 Гьебмехалъ нужеда лъицаниги абуни МасихI гьале гьанив вугилан, яги
дова вугилан, – воре, нуж гьелда божуге.

22 Щаян абуни, гIемер рукIине руго гьебмехалъ гьересимасихIалги
гьересиаварагзабиги. Бажарани, хIатта тIаса рищарал муъминзабигицин
къосинаризе бокьун, чанги гIаламатал ва мугIжизатал рихьизарила гьез.

23 Воре, нуж цIодорго чIа; гьале дица цебеккунго лъазабун толеб буго
нужеда!

24 Дол къоязда, гьеб гIакъуба-къварилъиялдаса хадуб, бакъул нур тIагIун
ина, ва моцIрол канлъиги ссун ина.

25 ЦIваби зодиса гIодоре гъенон рачIина, ва къвакIарал зобалги
гьаргъадила.

26 Ва гьебмехалда вихьила накIкIазда гьоркьосан бергьараб къудраталда
ва кIодолъиялда ГIадамил Лъимер вачIунев.

27 Зоб-ракьалъул цо рагIалдаса цоги рагIалде щвезегIан үнкъабго
рахъалдаса жинцаго тIаса бищараб агьлу данде бакIаризе жиндирго
малаикзабиги ритIила гьес.

28 Нужеца мисалалъе босе инжиралъул гъветI. Гьелъул гIаркьалабазда
гIекI базе ва тIамах бижизе байбихьараб мехалъ нужеда лъала рии тIаде
щолеб бугеблъи.

29 Гьелдаго релълъун, гьал дица рицарал гIаламатал загьирлъараб
мехалъ, нужеда лъала гьеб нуцIикIалтIе щун бугеблъи.

30 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: дуниялалда гьаб наслу букIаго
лъугьине буго гьеб кинабго.

31 Зобалги ракьалги тIагIаниги, дир рагIаби нахъе хутIизе руго.

32 Амма цониги инсанасда лъаларо гьеб къо, гьеб сагIат кида тIаде щвезе
бугебали. Я зобалазул малаикзабазда лъаларо, я Васасда лъаларо, гьеб
лъала цохIо Инсуда.

33 Воре, нуж рорчIуда чIа, кида бачIунебали лъаларелъул гьеб заман.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

34 Масала, пуланав чи сапаралъ унев вугони, гьес щивасе хIалтIи бикьун
рукъалъул иш рагьтIателазда тIадкъан тола ва кавудул кIалтIа вугев
хъаравуласдаги абун тола ворчIуда чIайилан.

35 Гьедин нужги рорчIуда чIа! Нужеда лъаларелъул рукъалъул бетIергьан
кида тIадвуссун вачIиневали: маркIачIумехалъищ, яги сордо бащалъараб
мехалъищ, яги радакье хIелеко бахъараб мехалъищ, яги рогьа-роцIараб
мехалъищали.

36 Гурони, тохлъукье тIаде рехун гьев вачIараб мехалъ, кьижун ратила
гьесда нуж!

37 Нужеда гуребги, цогидаздаги абулеб буго дица: воре, нуж рорчIуда
чIа!

**Марк 14**

1 КIиго къо хутIун букIана Пасхаялъул ва РеччичIел Панкъазул
Байрамалъул анкь тIаде щвезе. ЧIахIиял кашишзабиги диниял
гIалимзабиги ургъулел рукIана хIилла-рекIкIалдалъун ккезеги ккун
ГIиса чIвазавизе рес кколарищали.

2 Амма абулеб букIана байрамалъул къоялъ лъикI гурилан, халкъалъул
дандечIей багъаризе бегьулилан.

3 Барасалъ унтарав Симон абулев чиясул бакIалда Бетания росулъ
кванaзе гIодов чIун ГIиса вугеб мехалъ, тIаде ячIуна махI гьуинаб цIакъ
къиматаб ва бацIцIадаб нахул цIураб щагIил сурахIиги босун, цо пуланай
чIужугIадан. СурахIиги бекун, гьелъ гьеб нах ГIисал ботIроде чIехьола.

4 Гьенир рукIарал цо-цо гIадамал ццин бахъун лъугьуна. Гьез цоцазда
абулеб букIана: – Щай гьабгощинаб нах гIадада хвезабулеб?

5 Бичун букIарабани, лъабнусго динаралдаса цIикIкIараб гIарац щвелаан
гьелъухъ, цинги мискинзабазе садакъаде кьезе бегьилаан гьеб. Гьедин
гьей чIужугIаданалдаса рази гьечIого гаргадилел рукIана гIадамал.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 ГІисаца гьезда абуна: – Те гьей жийго! Щай нужеца гьей къварид гьаюлей? Дие лъикІлъи гьабулейлъидал гьей йигей.

7 Мискинзаби кидаго ратила нужеда аскІор, бокьанщинахъе нужеца садакъа кьезе. Дунин абуни кидаго гуро нужгун вукІунев.

8 Гьелъ гьабуна жиндихъа бажарулеб иш; цебеккунго дир черхалда тІаде махІ гьуинаб нахги тІун, хабалъейин гьелъ дун къачІалев вугев.

9 ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: тІолабго дуниялалда Рохалил хабар лъазабунщинаб бакІалда бицен букІине буго гьай гІаданги ва гьалъ дие гьабураб лъикІлъиги ракІалде щвезабун.

10 АнцІила кІиявго чапарасда гьоркьов вукІарав Ягьуда Искариот ана гьебмехалъ чІахІиял кашишзабазухъе, ГІиса гьезда кодове кьезе разилъун.

11 Гьеб хабаралдаса дол цІакъ рохана, ва Ягьудае гІарац кьезе къотІиги гьабуна гьез. Цинги Ягьудаца балагьулеб букІана ГІиса гьезул кверде кьезе санагІалъи бугеб бакІги заманги.

12 РеччичІел Панкъазул Байрамалъул тІоцебесеб къоялъ, Пасхаялъул къурбаналъе кьегІер хъолеб къоялъ, муридаз ГІисада абуна: – Пасхаялъул квен киб кваназе дуе бокьилеб? Инеги ун, нижеца хІадур гьабила гьеб.

13 Гьебмехалъ ГІисаца жиндирго кІиго муридасда тІадкъала: – Нуж а гьанже шагьаралде. Лъел гІеретІги цІун вачІунев цо чи ватила нужеда. Нуж гьесда хадур а.

14 Цинги гьев жаниве лъугьараб рукъалъул бетІергьанасда нужеца абе: «МугІалимасе лъазе бокьун буго жиндирго муридалгун цадахъ Пасхаялъул квание рукъ киб бугебали».

15 Гьес нужеда бихьизабила чІухІизабун къачІараб гІатІидаб тІасарукъ. Гьеле гьениб гьабе нужеца нилъеего Пасхаялъул квен.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

16 КIиявго мурид шагьаралде ана ва гьенире щведал, ГIисаца абухъе,
ишги тIубана. Цинги Пасхаялъул квенги хIадур гьабуна.

17 Дуниял рукIкIараб мехалъ анцIила кIиявго чапаргун цадахъ ГIиса
гьенив парахалъула.

18 ГIодор чIун кваналел рукIаго, ГIисаца абула: – ХIакълъун абулеб буго
дица нужеда: дида цадахъ гьанир кваналел ругел нужер цояв дие
хилиплъила.

19 ЦIакъ пашманлъун лъугьуна гьел. Цин-циял рахъун цIехола: – Дун
гуро гурищ? – абун.

20 ГIисаца гьезда абула: – Дида цадахъ гьаб гъадриниб чед ччулев вугев
анцIила кIиявго чапарасда гьоркьов вуго гьев.

21 ГIадамил Лъимадул иш ккезе буго ТIухьдузда хъван бугеб куцалда.
Амма квешаб балагь рещтIине бугебха ГIадамил Лъимер тушбабазул
кверде кьурав чиясде. Дуниялалда вижичIевани лъикIан гьесие.

22 Гьедин кваналел рукIаго, ГIисаца, цо чедги кодобе босун, тIаде дугIаги
гьабун, бек-бекун гьезухъе кьуна: – Босе, кванай. Гьаб буго дир черх!

23 Цинги, чогърол цIураб щурунги кодобе босун, Аллагьасе реццги
гьабун, гьезухъе кьуна ГIисаца. Кинацаго иргадал гьекъана гьеб
щурумалъуса.

24 Гьес абуна: – Гьаб буго гIемерав чиясе гIоло тIолеб дир би – ЦIияб
КьотIи щулалъиялъе тIолеб би.

25 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: Аллагьасул ПарччахIлъиялда
цIияб чагъир гьекъолеб къо тIаде гIунтIизегIан дица гьаб цIолбол
цIцIураб жа тIокIаб гьекъезе гьечIо.

26 Цинги гьез туркаби ахIана, гьениса рахъун ун, Зайтуналъул магIарде
рахана.

27 ГIисаца гьезда абула: – ЯхI рехизе буго нужеца кинацаго, ТIехьалда
хъван бугелъул: «Дица вехь чIвала, гIиги рахъ-рахъалде тIурун ина».

28 Хун хадув чIаголъараб мехалъ нужедаса цеве щвела дун Галилеялде.

29 Пётрица гьесда абуна: – Киназго яхI реханиги, дица яхI рехиларо.

30 ГIисаца гьесда абула: – ХIакълъун абулеб буго дица дуда: гьанже радакье хIелеко кIицIул гIегIедилалде лъабцIулго инкар гьабизе буго дуца дидаса.

31 Амма Пётрица цIакъ ракIчIезабун абулеб букIана ГIисада: – Дуда цадахъ хвезе кканиги, дица дудаса инкар гьабизе гьечIо, – ян. Гьединго абулеб букIана киналго цогидазги.

32 Гьале гьел щвана Гетсемания абулеб бакIалде. ГIисаца жиндирго муридазда абуна: – Нуж гьанир гIодор чIун рукIа, дун Аллагьасе гьари-дугIа гьабун вачIинегIан.

33 Пётрги, Якъубги, Иоаннги рачана ГIисаца жиндаго цадахъ. РакI хIинкъараб ва къваридаб ургъалилъе ккана гьев.

34 ГIисаца гьезда абуна: – Хвалил гIазаб буго дир рекIее. Нуж гьанир рукIа! РорчIуда чIа!

35 Цинги, дагьав довегIанги ун, кIалагъоркьеги речIчIун, Аллагьасда гьардезе лъугьана, бегьулеб батани гьеб хвалил сагIат рикIкIад гьабейилан.

36 Гьес абулеб букIана: – Абба! Я дир Эмен! Мун сундуего хIалкIолев вугелъул, гьеб хвалил лълъар гьекъезабуге дида. Амма дие бокьухъе гуреб, дуего бокьухъе букIине биччанте!

37 ТIадвуссун вачIиндал, ГIисада гьел кьижун ратана. Гьес Пётрида абуна: – Симон! Кьижунищ мун вугев? Цо сагIаталъ кьижичIого яхI гьабизе кIвечIеб къагIидаха дуда?

38 Воре, нуж рорчIуда чIа! Гьари-дугIаялде русса, нужго къосинарунгутIизе. Инсанасул рухI – лебалаб, черх – загIипаб.

39 Нахъеги довегIанги ун, додинго Аллагьасда гьардезе лъугьана ГIиса.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

40 Гьанжеги тIадвуссун щведал, ГIисада гьел ратула, беразул тIелхал бакIлъун, кьижун ккун. Щиб жаваб кьелебали лъаларого хутIана гьел.

41 Лъабабизеги додинго тIадвуссун щведал, ГIисаца гьезда абула: – Нуж жеги рахIаталда кьижунищ ругел? Гьале, тIубанагури кинабго! ТIаде гIунтIана доб ГIадамил Лъимер мунапикъзабазул кверде кьолеб сагIат.

42 Гьа, рахъа! Доле хиянатчи тIаде щолев вугин!

43 ГIисаца гьедин абулаго, тIаде щвана Ягьуда, дол анцIила кIигояздасан цояв. Гьесда цадахъ хвалчабигун ва тIилалгун тIаде бачIунеб букIана чIахIиял кашишзабазги, диниял гIалимзабазги, чIухIби-хIакимзабазги битIараб гIемераб халкъ.

44 Хиянатчияс гьезда лъазабун букIана: «Дица убач гьабурав чи ГIиса вукIина. Цинги ккве нужеца гьев. Вореха, хъаравуллъи кутакаб чIезабе!”

45 Ягьуда битIун ГIисада аскIове уна, «Рабби!» – янги абун, гьесда убач гьабула.

46 ГьебсагIат тIад речIчIун гIадамаз ГIиса къан ккола.

47 Гьебмехалъ ГIисал цо муридас бахъун хьвагIараб хвалчаца цо чиясул (гьев вукIана кIудияв кашишасул рагьтIател) гIин къотIун рехула.

48 Гьездехун вуссун ГIисаца абула: – Хвалчабигун, тIилалгун хъачагъасде гIадин кIанцIанагури нуж дун ккверзе.

49 Щибаб къоялъ нужее вагIза-насихIат гьабулев Мукъадасаб Рокъов вукIунаангури дун. Гьениб нужеца диде квер борхичIо. Амма ТIехьалда хъвараб ритIухълъизе биччанте!

50 Гьебмехалъ ГIисал киналго муридал, вукIаралъув гьевги тун, лъутун уна.

51 ГIицIаб черхалда тIад шаршавги жемун, цо гIолохъанчи вукIана гьесда хадув вачIунев. Амма рагъухъабаз гьев къан ккуна.

52 Шаршавги гъоркьго тун, толохIочго лъутун ворчIана гьев.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

53 ГIиса вачана бищунго кIудияв кашишасухъе. Гъенир данделъун рукIана чIахIиял кашишзаби, чIухIби-хIакимзаби ва диниял гIалимзаби.

54 Пётрги вукIана нахъа-нахъа чIун вачIунев. Бищунго кIудияв кашишасул азбаралъувеги лъугьана гьездаго хадув цун. Цинги рагъухъабазда аскIов кIусун, цIадухъ хинлъулев вукIана.

55 Гьебмехалъ чIахIиял кашишзабазги тIолабго тIадегIанаб судалъги балагьулеб букIана ГIиса чIвазе къотIиялъе гIураб гIайиб гьесде гIунтIизабизе цогIаги нугIлъи. Амма гьеб гьезухъе щолеб букIинчIо.

56 ГIемер рукIана гьересинугIлъи гьабулел чагIи, амма гьез бицараб жо данде кколеб букIинчIо.

57 Цере рахъун цо-цо гьересинугIзаз гьадин абулеб букIана:

58 – Нижеда рагIана гьес абулеб гьаб инсанасул квераз гьабураб Мукъадасаб Рукъ щущазабила дица ва лъабго къоялде, лъицаниги квер хъвачIого, цIидасан банги кьелаян.

59 Амма гьелъие нугIлъи гьабулел гIадамаз бицунебгицин данде кколеб букIинчIо.

60 Гьебмехалъ тIаде вахъун бакьулъ эхетун бищунго кIудияв кашишас ГIисада гьикъана: – Дуда данде нугIлъи гьабун гьаз бицунеб бугеб жоялъе жаваб кьезе рагIигойищ дур гьечIеб?

61 ГIиса, микъан кIалъачIого, вуцIцIун чIун вукIана. Бищунго кIудияв кашишас цоги суал кьуна гьесие: – Бице, мунищ кколев РахIманасул Вас МасихI?

62 – У, – ян абуна ГIисаца. – Нужеда вихьила ГIадамил Лъимер, Къудратав Аллагьасул кваранаб рахъалда гIодов чIунги ва зобалазул накIкIул парчабазда тIад вачIуневги.

63 Гьебмехалъ бищунго кIудияв кашишас, жиндаго тIад букIараб ретIелги тIу-тIун балаго, абуна: – ТIокIалги сундуе нилъее нугIзал къваригIарал?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

64 Нужеда ргаIанагури гьасул гIасиял-пасикъал рагIаби. Щиб пикру нужер бугеб? Киназго абуна гьев чIваэе къотIизе кколилан.

65 Рахъун цо-цоял гьесде тударулел рукIана. Беразда чIортоги бухьун, кьабулеб букIана гьесда: – Ле, авараг, лъица кьабурабали бице! – янги абулаго. Цинги рагъухъабиги лъугьана гьев вухизе.

66 Азбаралъув гъоркьа вукIарав Пётрида аскIое ячIана бищунго кIудияв кашишасул цо гъараваш.

67 ЦIадухъ гIодов чIарав гьесухъги ялагьун, гьелъ абуна: – Мунги вукIанагури Назареталдаса ГIисада цадахъ.

68 НагIадала ккун инкар гьабуна Пётрица. Дуца бицунеб жо щибилан, гьеб жинда бичIчIуларилан чIана гьев. Цинги Пётрица къватIибехун нух босана. Гьебмехалъ бахъана хIелеко гIегIедулеб гьаракь.

69 Нахъеги гьев вихьун, гъаравашалъ гьенир рукIаразда бицана гьавги дозул чи вугилан.

70 Гьанжеги нагIадала ккуна Пётрица. Цо заманаялдасан нахъеги тIаделъана гьесде дол гIадамал хIакъикъаталдаги мун дозул чи вугин, мунги Галилеялдаса вукIине кколин.

71 Амма Пётр Аллагьасул цIар бахъун гьедаризе лъугьана гьев нужеца бицунев чи жинда лъаларилан.

72 Гьебмехалъ кIиабизеги гIегIедана хIелеко. Пётрида ракIалде щвана ГIисаца жинда абун рукIарал рагIаби: радакье бахъун хIелеко кIицIул гIегIедилалде лъабцIулго инкар гьабилин дуца дидасайилан. ГIек-гIекиялда гIодана гьебмехалъ Пётр.

## Марк 15

1 Дуниял рогьарабго, чIахIиял кашишзабиги, чIухIби-хIакимзабиги, диниял гIалимзабиги ва тIолабго тIадегIанаб судги дандельун хIукму тасдикъ гьабуна ва, вухь-вухьун вачун, ГIиса Пилатихъе кьуна.

2 Пилатица ГІисада гьикъана: – Мунищха кколев жугьутІазул парччахІ?
ГІисаца жаваб кьуна: – Дуца абулеб бугоха гьедин.

3 ЧІахІияял кашишзабаз гьениб гІемер батІи-батІияб гІайиб гІунтІизабуна
ГІисаде.

4 Пилатицайин абуни нахъеги гьикъана ГІисада: – Дуца жавабго
кьолареб кинаб? Дуде гьаз гІунтІизабулеб бугебщинаб гІайиб
бихьуларищ?

5 Гьел суалазеги ГІисаца щибго жаваб кьечІелъул, Пилат гІажаиблъун-
хІикмалъун хутІана.

6 ГІадат букІана халкъалъ цІар чІварав цо туснахъ Пилатица
байрамалъул кьоялъ къватІиве виччалеб.

7 Пуланаб питнаялда гІахьаллъун чи чІварал гІадамазда цадахъ гьебго
заманалда жанив тІамун вукІана Варабба абулев цо чи.

8 Кидаго гІадин жидер мурад тІубаян гьаризе рахъун ахІи базе лъугьана
гІадамал, гьун-чІван Пилатихъе рачІунаго.

9 Пилатица гьезда абуна: – ЖугьутІазул парччахІ виччалищ, нужее
бокьун батани?

10 (Пилатида лъалеб букІиндалха чІахІияял кашишзабазул жахІда-
хІусудалъ хІал гьабун жиндихъе кьурав чи гьев вукІин.)

11 Амма чІахІияял кашишзабаз халкъ тІамуна Варабба къватІиве
виччайилан гьаризе.

12 Гьебмехалъ Пилатица гьезда гьикъана: – ЖугьутІазул парччахІилан
абурав чиясе дица щиб гьабизеха нужее бокьун бугеб?

13 – Хъанчида вазе витІе! – ян ахІдана гьебмехалъ гІадамал.

14 – Гьас гьабураб квешлъигІаги щиб? – абун гьикъана Пилатица гьезда.
Амма гІадамал тІадеги цІакъ ахІдезе лъугьана: – Хъанчида вазе витІе! –
ян.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Халкъ рази гьабизе бокьун, Пилатица Варабба къватIиве виччана. ГIиса цIалаца вухеян ва хъанчида ваян амру гьабуна.

16 Рималъул рагъухъабаз ГIиса вачуна сардарасул претория абулеб кIалгIаялъул азбаралъуве. Рагъухъабазул тIубараб полк бахъинабун букIана гьенибе.

17 БецIбагIараб ххамил гIаба ххола ГIисада тIад. Зазил хьухьун гьабураб тажги лъола гьесул ботIрода.

18 Жидеца ГIиса кIодо гьавулев вугев гIадин: – ЖугьутIазул парччахI чIахъаги! – ян ахIдезе лъугьуна гьел.

19 Цинги гIонсоца бетIер бухула ГIисал, тIаде тударула, суждаялда чIун, гьесие бетIер къулулеб ххвел гьабула.

20 Инжит-хIакъир гьавун хадуб, доб багIараб гIабаги тIаса бахъун, жиндирго ретIел ретIуна гьесда тIад. Ва хъанчида вазе вачун уна.

21 Хуриса вуссун вачIунев данде ккана Киренеялдаса Симон абулев цо чи – Александрилги Руфилги эмен. Гьесда баччизабуна гьез ГIисае гьабураб хъанч.

22 Цинги ГIиса вачана Голгота абулеб бакIалде. Гьелъул магIна ккола «Гвангвара гохI».

23 Мехтизе гьарулеб гьекъолеб жоялъул цIун щурун кьуна гьесухъе. Амма ГIисаца гьеб гьекъечIо.

24 ГIиса хъанчида вана, ва лъица щиб босилебали можоро тIамун, ГIисал ретIел жидедаго гьоркьоб бикьизе лъугьана рагъухъаби.

25 Радал сагIат ичIго тIубан букIана ГIиса хъанчида вараб мехалъ.

26 Гьесде гIунтIизабураб гIайиб рехсараб хъвай-хъвагIайги гьабун букIана хъанчида, «ЖугьутIазул парччахI» абун.

27 КIиго хъачагъги вукIана гьесда цадахъ хъанчида ван: цояв кваранаб рахъалда, цояв квегIаб рахъалда.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

28 Цересан унел гIадамаз, гьев хIакъир гьавун, абулеб букIана бутIрулги
хьвагIулаго: – Ле, щущазабун Мукъадасаб Рукъгун, лъабго къоялде гьеб
цIидасан балев багьадур!

30 Мунго хвасар гьаве! Хъанчидаса гIодове рещтIа!

31 Гьебго къагIидаялда гьев хIакъир гьавун, цоцазда гаргадулел рукIана
чIахIиял кашишзабиги диниял гIалимзабиги: – Цогидал хвасар
гьарилилан вукIанин, живго хвасар гьавун бажаруларев чи!

32 Исраилил умматалъул парччахI – МасихI гьев ватани, рещтIа абе
гьанже нилъеда вихьизе хъанчидаса гъоркье, гьебмехалъ божила нилъ
гьесда. Гьесда цадахъ хъанчида рарал хъачагъалгицин рукIана ГIисаде
хьанделел.

33 Къалъул гIужалда сверухъе тIолабго дуниял бецIлъана. Гьеб бецIлъи
тIаса инчIо сагIат лъабго тIубазегIан.

34 СагIат лъабго тIубараб мехалъ, цо гучаб гьаракьги гьабун, ГIисаца
ахIана: – Элои, Элои! Лема шевактани! – абун. (Гьелъул магIна букIана:
«Дир Аллагь! Дир Аллагь! Щай дуца дун рехун тарав?»)

35 Гьенир рукIарал цо-цояз, гьеб рагIараб мехалъ, абулеб букIана:
«ГIенекке, Иляс аварагасде ахIи балеб буго!» – ян.

36 Гьебмехалъ векерун ун гьезул цояс, цIекIаб чагъиралдаги ччун, чIорто
босун бачIана, гIорол тIогьибги бухьун, гьесухъе бегьана. Гьев чияс
абулеб букIана: – ЧIа, гьанже бихьилин хъанчидаса гьев вахъизе Иляс
авараг вачIунищали.

37 Цоги гучаб гьаракь гьабуна ГIисаца. Ва гьесул рухI босун ана.

38 Мукъадасаб Рукъалъул хирияб бакIалда бигъун букIараб пардав
тIарадаса ахаде щвезегIан кIихIи бихъун ана гьебмехалъ.

39 Рагъухъабазул нусилбетIер вукIана ГIисал хъанчида дандвитIун
эхетун. Гьедин ГIисал рухI босараб куц бихьидал, гьес абуна: –
ХIакъикъаталдаги гьав чи Аллагьасул Вас вукIун вуго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

40 Гьенир нахъегIан чIун ралагьун руччабиги рукIана. Гьезда гьоркьор
рукIана Магдалаялдаса Марямги, гьитIинав Якъубил ва Юсупил эбел
Марямги, Саломеяги.

41 Гьел рукIана ГIиса Галилеялда вугеб мехальго гьесда хадур рачIун,
гьесие хъулухъалъе чIарал руччаби. Гьел гурелги, гьесда цадахъ
Иерусалималде рачIарал цогидал руччабиги гIезегIан рукIана гьенир.

42 Гьеб букIана рузман къо. Шаматалда цебесеб къо букIиндал, бакъ
щинкIилалдего вачIун тIаде щвана тIадегIанаб судалда гьоркьов
гIахьаллъулев ва халкъалда жаниб жиндир къадру-къимат бугев
Ариматеялдаса Юсуп абулев чи. (Аллагьасул ПарччахIлъиялде хьул
лъурав чи вукIана гьев.) Гьев хIинкъичIого Пилатихъе ана ГIисал жаназа
кьеян гьаризе.

44 ГIиса хванилан рагIидал, гIажаиблъун хутIана Пилат. Дол
рагъухъабазул нусилбетIерги ахIун, гьесда гьикъана цевегойищ
хваравилан.

45 Гьев нусилбетIерасдасан ГIисал хвалил хIакъикъат лъарабго,
Пилатица изну кьуна гьесул жаназа нахъе босизе.

46 Бичун босун бацIцIадаб хIебетгун, Юсупица ГIисал жаназа хъанчидаса
бахъана ва, хIебтил мусруги бан, гьеб букъана кьурулъ бикIун къачIан
букIараб нохъодул хабалъ. Нохъодул кIалтIе цо кIудияб гамачIги
гиризабун тана.

47 Магдалаялдаса Марямги Юсупил эбел Марямги рукIана ГIиса хабалъ
лъолеб бакIалъухъ ралагьун.

## Марк 16

1 Шамат къо индал, Магдалаялдаса Марямицаги, Якъубил эбел
Марямицаги, Саломеялъги бичун босана ГIисал мусруялда бахине
гьуинал махIазул нах.

2 Цинги анкьил тIоцебесеб къоялъ цудунго рахъун ун, гьел ГIисал хабаде
щолеб мех букIана гьанжего-гьанже бакъ баккулеб гIуж.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 Нохъодул кIалтIаса гамачI лъицадай нахъе гиризабилаян ургъел
бикьулел рукIана гьел.

4 Амма гамачI нахъе гиризабун батана. (ЦIакъ кIудияб гамачIни букIана
гьеб.)

5 Жанире лъугьиндал, гьезда гьенив кваранаб рахъалда гIодов чIун
ватана хъахIаб гIаба ретIарав цо гIолохъанчи. РакI гъанцIун лъугьана
гьел.

6 – ХIикмалъуге нуж, – ан абуна гьес руччабазда. – Хъанчида ван
хвезавурав Назареталдаса ГIисайин нужеца валагьулев вугев. Гьев
хваралъуса вахъана. Гьев гьанив гьечIо. Гьале гьесул жаназа лъун
букIараб бакI.

7 Нужеца, инеги ун, гьесул муридаздаги Пётридаги абе Галилеялде ГIиса
нужедаса цеве щвезе вугилан. ГIисаца цебеккунго лъазабун букIараб
куцалда, дова вихьилин жидеда гьев.

8 Кутакалда хIинкъарал ва хIикмалъарал гьел руччаби, сородилаго гьеб
нохъодаса къватIире кIанцIун, рекерун нахъе ана, гьелъул хIакъалъулъ
лъиданиги бицинеги кIвечIо гьезда.

9 Анкьил тIоцебесеб къоялъ бакъ баккилелдего хваралъуса вахъарав
ГIиса гьебго къоялъ тIоцеве вихьана анкьго шайтIан гьес жиндир
чорхолъа бачахъун букIарай Магдалаялдаса Марямида.

10 Инеги ун, гьелъ ккараб иш бицана цере ГIисада цадахъ рукIаразда –
гьесда хадуб ракI бухIун гIодилел рукIаразда.

11 Амма гьел божичIо ГIиса чIаго вугин ва гьев жинда вихьанин абураб
Марямил рагIиялда.

12 Гьелдаса хадуб цоги батIияб сипаталда ГIиса вихьана шагьаралдаса
росулъе унев вукIарав кIиго муридасдаги.

13 ТIад руссун рачIун цогидаздаги бицана гьез жидедаги ГIиса
вихьанилан, амма цогидал муридал гьездаги божичIо.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

14 Ахирги ГІиса тІаде вачІуна анцІила цо чапар кваналев вукІараб
бакІалде. Гьес гьезие бадибчІвай гьабула ракІ согІал чагІи ругин
нужилан ва жив чІаголъун вихьарал гІадамазда божичІилан.

15 ГІисаца гьезда абуна: – Гьаб дуниялалда киса-кирего щун, тІолабго
Аллагьас бижанщиналда лъазабе нужеца гьаб Рохалил хабар.

16 Диде иман лъурав ва лъадалъ ччун вахъун жиндир мунагьал чурарав
чи хвасарлъизе вуго. Амма иман лъечІезе тамихІ букІина.

17 Диде иман лъурал ратІа гьарулел гІаламатал гьадинал рукІина: дир
цІаралдалъун гьезда кІвела жундул рачахъизе ва гьезухъа бажарила
батІи-батІиял мацІазда кІалъазе.

18 Борхьал кодоре рачаниги, загьру гьекъаниги, тІириги зарал
лъугьинаро гьезие; унтаразда квер хъвани, гьелги сахлъила.

19 Гьедин гьезие хабар бицун лъугІараб мехалъ, ТІадегІанав ГІиса
зобалазде восун ана ва Аллагьасул кваранаб рахъалда рещтІана.

20 Муридалин абуни, гьениса рахъун ана киса-кибего Рохалил хабар
лъазабизе. ТІадегІанасги квербакъулаан гьезие, ва гьез бицарабщинабги
мугІжизатаздалъун ритІухълъулаан. Амин!


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

# Лука

## Лука 1

1 Нилъер агьлуялда гьоркьор Аллагьас тIуразарурал ишазул хIакъалъулъ
къисаби, байбихьудаса бахъараб гьеб кинабго жидеда бихьарал ва
Аллагьасул РагIиялъе жидеца хъулухъ гьабурал гIадамаз рицухъе хъвазе
гIемерав чияс хIалбихьана.

3 Гьединлъидал, бетIерчIахъаяв Теофил, дидаги лъикI бихьана,
авалалдасанго цIех-рех гьабун, тартибалда кинабго дуе хъвазе.

4 Гьаб цIалараб мехалъ дур ракIчIела дуда малъанщинаб жо хIакъаб
букIиналда.

5 Гьерод Ягьудиялъул ханлъун вугеб заманаялда вукIана Абиял
тухумалъул чилъун кколев Закария абулев цо кашиш. Гьесул чIужуги
йикIана Гьарун аварагасул наслуялъул гIадан. Гьелда цIарги букIана
Элисабет.

6 Гьел кIиялгоги рукIана Аллагьасул ваਲизаби. БетIергьанасул тIолабго
амру-нагью ракIбацIцIадго тIубазабулаан гьез.

7 Амма гьезул лъимал рукIинчIо. Элисабет йикIана лъимер гьабуларей
гIадан. Гьел рукIана гIолохъанлъиялдаса арал гIадамал.

8 Гьале гьанжеги гьезул тухумалде ирга щола Мукъадасаб Рокъоб
хъулухъ гьабизе.

9 Кашишзабазул гIадаталда рекъон, можоро тIамидал, Закарияде тIаде
ккола, Аллагьасул Мукъадасаб Рокъове жаниве лъугьун, махIгьуинаб
нахул кьеккен гьабизе.

10 Нахуда цIа бакулев гьев вугеб мехалъ, киналго хутIарал гIадамал
рукIана къватIирехун чIун какал ралел.

11 Кьеккеналъул кIкIуй тIад беролеб хирияб бакIалъул кваранаб
рахъалде Бичасул малаик рещтIана гьебмехалъ Закарияхъе.

12 Малаик вихьараб мехалъ, Закария вихха-хочун лъугьана ва кутакалда хIинкъана.

13 Малаикас гьесда абуна: – Мун хIинкъуге, Закария, Аллагьас къабул гьабуна дур гьари-дугIа. Дур лъади Элисабетица дуе вас гьавизе вуго. ЯхIя лъе дуца васасда цIарги.

14 Дуе талихIги рохелги босун бачIина гьес, цогидал гIемерал гIадамалги рохила гьев гьавиялдаса.

15 Аллагьасда цебе кIодолъи щвела гьесие, чагъирги цогидаб жаги гьекъеларо гьес, эбелалъул ургьив вугеб мехалъго Илагьияб РухIги лъугьина гьесулъе.

16 Исраилил лъималазул гIемерисел жидерго БетIергьан Аллагьасде руссинарила гьес.

17 Иляс аварагасул хIалкIолъигун ва къудратгун ТIадегIанасдаса цеве вачIун, эбел-инсулги лъималазулги ракIал цоцалъ журазарила гьес, къосун Аллагьасде мугъ рехаралги тIадруссинарила муъминазул гIакъиллъиялде. ТIадегIанав вачIиналде къачIала гьес хIадур гьабураб халкъ.

18 Гьебмехалъ Закарияца малаикасда гьикъана: – Сундалъунха дида гьеб лъалеб? Дунги ригь арав чи вуго, дир чIужуги гIолохъанго гьечIо.

19 Малаикас гьесие жаваб кьуна: – Дун вуго Аллагьасда цеве вугев ЖабрагIил малаик. Гьес дун витIана дуда кIалъазе ва дуда рохел бицине.

20 Жиндир болжалалда тIубазе бугеб дица бицараб рагIиялда мун божичIелъул, гьале дур кIал-мацI кквела ва гьеб иш тIубазегIан кIалъазе кIвеларо дуда.

21 Закария къватIиве вачIиналъухъ балагьун чIун букIана халкъ гьебмехалъ. Щайдай гьев Мукъадасаб Рокъов жанив кватIаравилан хIикмалъун рукIана гIадамал.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

22 КъватIиве вачIараб мехалъ, Закарияда кIвечIо гъезда кIалъазе. Гъезда
бичIчIана Мукъадасаб Рокъоб жаниб гьесие Аллагьасул илгьам
лъугьараблъи. Гьелдаса хадуб, килщаз ишанал гьарун гурони, кIал
бичIун тIокIаб рагIи абичIо Закарияца.

23 Мукъадасаб Рокъоб хъулухъ гьабизе тIадаб заман лъугIидал, Закария
жиндирго рокъове тIадвуссана.

24 Цинги Элисабетил ургьибе лъимер ккана, ва щуго моцIалъ, къватIи-
рокъое яхъинчIого, яхчун чIана. Гьелъ абулаан:

25 – Гьале, Аллагь гурхIараб мехалъ, дие гьес гьабураб лъикIлъи, лъимер
гьечIолъиялъул бугьтан гIадамазда цебесан дида тIаса ине.

26 Анлъабилеб моцIалъ Аллагьас ЖабрагIил малаик витIана Галилея
улкаялъул Назарет шагьаралде Давудил наслуялъул Юсупилан цIар
бугев чиясе абурай цо ясгIаданалъухъе. Гьелда цIар букIана Марям.

28 Гьелъухъе вачIун ЖабрагIил малаикас абуна: – ЙорчIами, Аллагьасул
баркат рещтIарай яс! БетIергьан вуго дуда аскIов.

29 Малаикас гьедин абидал, йихха-хочун лъугьана гьей, ва гьел
рагIабазул магIна щибдайилан йикIана.

30 – ХIинкъуге, Марям! – ан абуна гьелда малаикас. – Бичасул рахIмат
насиблъана дуе.

31 ГIенеккея, дур ургьибе лъимер ккела, ва дуца вас гьавила. ГIиса абун
лъела дуца гьесда цIарги.

32 ЦIакъ кIудияв чи вахъина гьесул. ТIадегIанав Аллагьасул Василан
абила гьесда. Жиндирго эмен Давудил тах кьела Аллагьас дур васасе.

33 Абадиялъего вукIина гьев Якъуб аварагасул халкъалъул ПарччахIлъун,
ва гьесул ПарччахIлъиялъе ахирго букIине гьечIо.

34 – Росасецин инчIей дие гьеб кин лъугьунеб? – ан гьикъана гьесда
Марямица.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

35 Малаикас абуна: – Илагьияб РухI рещтIина духъе. БетIергьанасул
хIалкIолъиялъул накIкIул парчаялъ яхчила мун. Гьединлъидал
Аллагьасул Васлъун рикIкIина гьеб Илагьияб Лъимер.

36 Лъимер-бетIер лъугьунарей гIадамилан рикIкIуней йикIарай дур
гIагарай чIужу Элисабетги, гьанже гIолохъанго гьечIониги, лъимаде
йиго. Анлъабилеб моцI буго гьеб ккаралдаса.

37 Аллагьасда хIалкIолареб жо щибго букIунарелъулха!

38 Гьебмехалъ Марямица абуна: – Гьале, дун БетIергьанасул лагъ! Дуца
абухъе ккезе биччанте дие! Цинги малаик Марямида аскIоса нахъе ана.

39 Гьел къоязда Марям гIедегIун ана Ягьудиялъул мугIрузда бугеб
шагьаралде.

40 Закариял бакIалде щведал, гьелъ Элисабетие салам кьуна.

41 Марямил салам рагIарабго, гьебсагIат Элисабетил ургьиб лъимер
кIанцIезе лъугьана. Илагьияб РухIалъул цIуна гьей.

42 – Руччабазулъ бищунго баркат кIудияйлъун лъугьана мун, – ан ахIун
гьаракь гьабуна Элисабетица. – Баркат кIудияблъун лъугьана дур ургьиб
хулараб лъимерги.

43 Дир ТIадегIанасул эбел къавулъе ячIинегIанасеб даражаялъул
гIаданищха дун!

44 Гьале дур салам рагIарабго, бохун кIанцIезе лъугьана дир ургьиб
лъимер.

45 БетIергьанасдасан дуде бачIараб ругьел тIубазе бугелъул, гьелда
божарай мун гьардарай гурищ.

46 Марямица ахIана: – Аллагь кIодо гьавизе лъугьун буго гьинал ракI.

47 Гьес дун хвасар гьаюлин бохун буго дир рухIги.

48 Дун пакъирай лагъалда Бичасул бер речIчIидал, Баркат бугей
гIаданлъун гIаламалъ рикIкIина дун.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

49 Жиндир цIар мукъадасав къудратав БетIергьанас КIудаб даражаялде
яхине гьаюна дун.

50 ГIибадат гьабуразул наслабазда гурхIана.

51 Гучаб гьесул къуваталъ чIухIарал къезарула, Гьезул квешал къасдалги
къинарула киналго.

52 БетIергьанас пахруял тахидаса рехула, Пакъирал, кIодо гьарун,
тIадегIанлъизарула.

53 Ракъаразе Аллагьас къваригIанщинаб кьола, Бечедал рачахъула,
щибго жоги кьечIого.

54 Дол нилъер умумузда абун букIараб куцалъ, Ибрагьимил лъугьарал
киналго наслабазда Абадул абадиялъ гурхIилин кьураб рагIи РакIалде
щун, Аллагьас жиндирго лагълъун кколеб Исраилил халкъалъе кумек
гьабуна гьанже.

56 Гьениб лъабго моцIги бан, Марям тIадюссун жиндирго рокъое ана.

57 Къо тIаде щвараб мехалъ, Элисабетие вас гьавуна.

58 Аллагь гурхIун гьелъие лъимер гьабун бугин рагIараб мехалъ, гьелда
рахьи базе рачIунел рукIана Элисабетил мадугьалзабиги гIагарал
чагIиги.

59 Микьабилеб къоялъ васасе сунат гьабизе рачIарал чагIазе бокьана,
инсудаго гIадин, васасда цIарги Закария лъезе.

60 Гурин, васасда цIар ЯхIя лъезе кколилан абуна Элисабетица.

61 Гьез гьелда абуна: – Нужер гIагарал чагIазда гьоркьов гьединаб цIар
бугев чи гьечIо гури, – ян.

62 Цинги, квераз ишан гьабун, Закарияда бичIчIизабуна васасда щиб цIар
лъезе дуе бокьун бугебилан.

63 Цо хъарщиги бачIинабун, Закарияца гьелда тIад хъвана: «Васасда цIар
ЯхIя лъезе ккола», – ян. Киналго гIажаиблъана гьебмехалъ.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

64 Гьеб лахIзаталда Закариял кIал ричIун бачIана, мацIалдаса гарацI бичун ана ва Аллагьасе рецц гьабун кIалъазе лъугьана.

65 Мадугьалзабазул рекIелъеги кутакаб хIинкъи лъугьана гьебмехалъ, Ягьудиялъул киналго мугIрузда тIибитIана гьелъул хIакъалъулъ хабар.

66 Гьеб рагIанщинас, гьелъул пикру гьабулаго, абулеб букIана: – Щив чидай вахъина гьадав васасул? ХIакъикъаталдаги Бичасул хIалкIолъи букIана гьесулъ.

67 ЯхIял эмен Закария Илагьияб РухIалъул цIуна, Аллагьасдасан рачIарал гьадинал рагIаби абуна гьес:

68 – Исраилил халкъалъул БетIергьан Аллагьасе рецц гьабилин, Нилъехъе вачIун гьес нилъ тархъан гьаридал.

69 Гьес жиндирго лагъ Давудил кьолбодасан нилъее кьела Нилъ хвасар гьаризе къудрат бугев чи.

70 НекIо заманаялда жиндирго аварагзаби ритIун, Гьес нилъее рагIи кьун букIана:

71 Нилъер тушбабаздаса ва нилъ рихаразул квердаса Жинца хвасар гьарилилан,

72 Нилъер умумузда гурхIилилан Ва мукъадасаб къотIи тIубазабилилан.

73 Нилъер умматалъул эмен Ибрагьимие гьес гьа гьедун букIана, Тушбабазул квердаса хвасарлъун,

74 ХIинкъичIого тIубараб гIумруялъ

75 РитIухъго ва бацIцIадго Жиндие тIагIат гьабизе изнуги ресги букIинабилин.

76 Мунги, дир лъимер, рикIкIина Къудратав Аллагьасул авараглъун, ТIадегIанав МасихIидаса цеве вахъина мун, Гьесие нух къачIазе

77 Ва, мунагьал чурун, нуж хвасарлъилилан Халкъалда лъазабизеги.


Institute for Bible Translation

78 Аллагь гурхIун, гьес нилъее зодисан рогьел рещтIинабила, Хвалил бецIаб рагIдукь ругезе канлъи букIине, Ракълиде рачунеб нухги бихьизабила нилъеда.

80 ЯхIя кIудияв гIолев вукIана, гIакълу цIубалеб букIана. Исраилил халкъалда цеве вахъинегIан гьес гIумру гьабуна гIицIаб авлахъалда.

**Лука 2**

1 Гьеб букIана кинабго халкъалъул хъвай-хъвагIай гьабейилан Август къайсарил амру бачIараб заман.

2 Сириялда сардарлъун Квириний таралдаса хадуб халкъалъул тIоцебесеб хъвай-хъвагIай букIана гьеб.

3 Жиде-жидер шагьаралде хъвай-хъвагIаялъе унел рукIана гIадамал.

4 Галилеялъул Назарет шагьаралдаса вахъун Юсупги ана Ягьудиялда бугеб Бетлегьем абулеб Давудил шагьаралде хъвай-хъвагIаялъе, гьев вукIиндал Давудил наслу-зуриятальул чи.

5 Цадахъ ячун йикIана гьесие магьари лъурай, лъимер гьабизе мех щварай Марямги.

6 Гьале гьадаб шагьаралде щвараб мехалъ, лъимер гьабизе хIара чIвана гьелда.

7 Марямица гьавуна жиндирго тIоцевесев вас. Петералда гьезие рещтIине бакI щун букIинчIелъул, кьуща-рущан цо руссниб лъуна гьелъ лъимер.

8 Сардилъ жидерго рехъен цIунун рорчIуда чIарал гIухьби рукIана гьенир цо гIалахалда.

9 Гьезухъе рещтIана Бичасул малаик. БетIергьанасдасан бачIараб гвангъараб нуралъ къалъ-къалъизаруна гьел гIухьби, гIасияб хIинкъиялъ къахIан ккуна гьел.

10 – ХIинкъуге, – ян абуна гьезда малаикас. – ТIолабго гIаламалъего гIахьалаб кIудияб рохел бицине вачIун вуго дун нужехъе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Давудил шагьаралда жакъа гьавуна жинца нуж хвасар гьаризе вугев ТIадегIанав МасихI.

12 Гьелъие гIаламатги буго нужее: руссниб лъун батила нужеда кьущараб лъимер.

13 Цойидасанго зобалаздасан малаикзабазул бо рещтIана гьев малаикасда аскIоб. Аллагьасе рецц гьабулаго гьез ахIулеб букIана:

14 – ТIадегIанал зобалазда – Аллагьасе рецц! ГIодоб ракьалда – разилъаразе рекъел!

15 Малаикзаби зодире тIадруссун роржун индал, гьал гIухьбуз цоцазда абуна: – БетIергьанасдасан нилъехъе бачIараб гьаб хабаралъул хIакъикъат лъазе, Бетлегьемалде рилълъине рачIа, – ян.

16 ГIедегIун доре щведал, гьазда Марямги ятана, Юсупги ватана, руссниб лъун Лъимерги батана.

17 Лъимер бихьарабго, гIухьбуз бицана малаикасдасан гьеб Лъимадул хIакъалъулъ жидеда рагIарабщинаб.

18 Гьеб рагIанщинав чи хIикмалъизавуна гIухьбузул хабаралъ.

19 Марямицани гьел киналго рагIаби хазина гIадин рекIелъ цIунана, ва гьелъул пикрабазда йикIунаан гьей.

20 Малаикас жидеда бицухъе иш ккун батидал, бихьаралъухъги рагIаралъухъги Аллагьасе тасбихIги рецццги гьабулаго нахъруссун ана гIухьби.

21 Микьго къо байдал, Васасе сунат гьабураб мехалъ, гьесие кьуна эбелалъул ургьив гьев хулилалдего малаикас абун букIараб ГIиса абураб цIар.

22 Мусал къануналда рекъон, лъимер гьабун хадуб гьел рацIцIад гьаризе кколел къоял тIаде щведал, гьез Вас Иерусалималде вачана БетIергьанасе назру гьавун кьезе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 (БетІергьанасдасан бугеб къануналда рекъон тІоцебе гьабураб
бихьинаб рижи БетІергьанасул назрулъун рикІкІунаан.)

24 Гьебго къануналда рекъон, къурбаналъе хъвезе кколаан кІиго рохьил
микки яги кІиго миккидул тІинчІ.

25 Доб заманаялда Иерусалималда вукІана Симеон абурав цо чи. Гьев
вукІана жиндилъ иманги варагІиги бугев, Исраилил халкъ
хвасарлъиялъухъ урхъарав чи. Илагьияб РухІ жинде гІагарлъарав чиги
вукІана Симеон.

26 Илагьияб РухІалъ гьесие илгьам гьабун букІана Бичасул МасихІ
вихьичІого гьев хвезе гьечІилан.

27 Илагьияб РухІалъин гьев доб къоялъ Мукъадасаб Рокъовеги вачун
вачІарав. Эбелалъги инсуцаги гьитІинав вас ГІисаги вачун вачІана
гьениве, къануналъул гІадат тІубазабизе.

28 Симеоница, гьевги кодове вачун, Аллагьасе рецц гьабун, гьадин
абуна:

29 – Я, дир БетІергьан, дун дур лагъ, дур къотІи тІубан, гьанже парахатго
къадаралде щолев вуго, дирго беразда бихьидал дуца хІадурун букІараб
хвасарлъи. Гьаб буго киналго халкъал кантІизарилеб Нур ва дурго
Исраилил халкъалъул къадру-рецц!

33 Симеоница васасул хІакъалъулъ абурал гьел рагІабаз
гІажаиблъизаруна Юсупги Марямги.

34 Симеоница гьезие дугІа гьабуна ва гьесул эбел Марямида абуна: –
Гьале гьаб Лъимер сабаблъун Исраилил халкъалъул гІемерисел гІодор
ккела ва гІемерисел тІаде рахъина.

35 Дурги рекІелъ ханжар къазе буго. Гьаб Лъимер лъугьина Аллагьасул
гІаламатлъун, амма гІемерисез гьелда дагІба базе буго, гьелдалъун
гІемерисезул рекІелъ ругел къасдал загьирлъила.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

36 Гьений йикIана Ашерил наслуялъул Пенуэлил яс ХIаннат, жиндилъ
кашпу-карамалъи бугей, цIакъго херай гIадан. Анкьго соналъ гурони
росасда цадахъ гIумру тIамичIо гьелъ.

37 Гьелдаса хадуб ункъоялда ункъо сон къороллъуда арай гьей, къасиги
къадги кIал ккун, какал ран, кидаго Мукъадасаб Рокъоса къватIие
яхъинчIого, БетIергьанасе тIагIат-гIибадаталда чIун йикIана.

38 Гьебмехалъ, аскIоеги ячIун, Аллагьасе реццги гьабун, гьеб Лъимадул
хIакъалъулъ бицана гьелъ Иерусалим хвасарлъиялъухъ урхъун
рукIаралщиназда.

39 БетIергьанасдасан бугеб къануналда рекъон кинабго ишги тIубазабун,
гьел Галилеялде, жидерго Назарет шагьаралде, тIадруссана.

40 Вас кIудияв гIолев вукIана, гIолохъанлъиялде вахунев вукIана, гIакълу
цIубалеб букIана. Аллагьасул баркат бессун букIана гьесулъ.

41 Щибаб соналъ гьесул эбелги эменги унаан Иерусалималде Пасхаялъул
байрамалде.

42 АнцIила кIиго соналде ГIиса вахиндалги, гIадаталда рекъон,
Иерусалималде байрамалде ана гьал, гьевги вачун.

43 Байрамалъул къоял индал, ал тIадруссана, гьитIинав ГIиса
Иерусалималдаго чIана. Юсупидаги васасул эбелалдаги лъачIо гьев
гьенив чIаравлъи.

44 Цогидазда цадахъ ун ватилин гьевилан тана гьаз. Цо къойил нух
тедал, гIага-божаразда гьоркьов гьев валагьизе лъугьана гьал.

45 Гьевги ватичIого, тIадруссун гьев валагьизе Иерусалималде ине ккана.

46 Гьале лъабабилеб къоялъ гьазда гьев Мукъадасаб Рокъов ватана
мугIалимзабазда гьоркьов, гьезухъ гIенеккун ва гьезда цIехолдулев.

47 ГIенеккаралщинал хIикмалъизарун рукIана гьесул гIакъиллъиялъ ва
жавабазул камиллъиялъ.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

48 Гьев вихьидал, гІажаиблъун хутІана Юсупги Марямги. Эбелалъ гьесда абуна: – Я, дир лъимер, дуца нижее гьабураб щиб? Гьав дур эменги дунги чІезе къадар тІагІун рукІана мун валагьулел.

49 Гьес гьазда абуна: – Дун валагьиго щай нужее букІараб? Нужеда лъачІебищ дун дирго Инсул рокъов вукІине кколевлъи?

50 Амма гьазда бичІчІичІо гьел рагІабазул магІна.

51 Вахъун гьазда цадахъ Назареталде вилълъана гьев ва гьазие мутІигІлъун чІана. Амма гьесул эбелалъ рекІелъ цІунун рукІана гьел рагІаби.

52 Сонал анагІан, ГІисал черх цІубалеб букІана, гІакълу камиллъулеб букІана, Аллагьасулги гІадамазулги рокьи цІикІкІунеб букІана гьесдехун.

**Лука 3**

1 Тиберий къайсарлъун ккун анцІила щуабилеб сон букІана; Ягьудиялда сардарлъун вукІана Понтий Пилат; Галилеялда ханлъун вукІана Гьерод; гьесул вац Филипп вукІана Итуреялда ва Трахонит вилаяталда ханлъун, Лисаний вукІана Абиленаялда ханлъун;

2 бищунго кІудиял кашишзабилъун рукІана Гьанна ва Кайафа. Гьеб заманаялда Закариял вас ЯхІяе гІицІаб авлахъалда Аллагьасул илгьам лъугьана.

3 Иордан гІоралда сверухъ ругел бакІазде щун, нужерго мунагьал чуризе гІоло, кантІун Аллагьасде руссаян ва лъадалъ ччун рахъаян лъазабулеб букІана гьес.

4 Гьелдалъун ритІухълъана Ишая аварагасул ТІехьалда ругел гьадинал рагІаби: «Цо ахІи буго авлахъалда рагІулеб: – БетІергьанасе нух къачІай, битІизабе гьесда цебе шагьра!

5 Щибаб кІкІал-хъитІ бацизабе, щибаб гохІ-щоб тІуцлъизабе, свераби лъугІизаре, эхедераялги лабаллъабиги гьечІеб, цІвакараб нух букІа абе,


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 щибаб рижиялда бихьа абе Аллагьасдасан хвасарлъи!”

7 Гьале лъадалъ ччун рахъизе рачIунел рукIана халкъалъул руккелал.
Гьезда ЯхIяца абулаан: – ГIай, нуж чIегIераб борхьил наслу! Нужеде
гIагарлъун бугеб Аллагьасул тамихIалдаса лъутизе лъица малъараб?

8 Нужерго мунагьаздаса руссун, кантIиялъул гъотIода пихъ барщизабе,
ниж Ибрагьимил наслуялъул лъимал ругиланги гаргадуге. Гьале дица
нужеда абулеб буго: жиндие бокьани, гьал ганчIаздасанги Ибрагьимил
наслуялъул лъимал лъугьинаризе кIола Аллагьасда.

9 ГъутIбузда гъоркь гIащтIи лъун тун бугеблъи лъай нужеда. ЛъикIаб
пихъ тIад бижичIеб гъветI къотIун цIадаб лъезе бугебха!

10 – Нижеца щибха гьанже гьабизе кколеб? – ан гьикъулаан гьесда
гIадамаз.

11 Гьес жаваб кьолаан: – КIиго гурде бугес цояб гьечIесе кье, квен бугесги
гьединго гьабе.

12 Лъадалъ ччун рахъизе рачIарал магъало бакIарулел чагIазги гьикъана
гьесда: – Я, МугIалим, нижеца щибха гьабизе кколеб?

13 Гьезие жаваб кьуна ЯхIяца: – Нужеда бихьизабуралдаса цIикIкIун
бахъуге лъихъаниги магъало.

14 Гьединго рачIун рагъухъабаз гьикъана: – Нижеца щибха гьабизе
кколеб? Гьезда абуна: – ХIал-зулмуялдалъун ва гьечIеб гIайиб
гIунтIизабун лъихьаго гIарац бахъуге, нужеего щолеб харжалда
разилъун чIа.

15 МасихI вачIиналъухъ урхъун балагьун чIун букIараб халкъалда
ракIалде кколеб букIана ЯхIяцин гуродай гьевилан.

16 ЯхIяца киназдаго абуна: – Лъадалъ ччун рахъун, рацIцIад гьарулел
руго дица нуж, амма вачIунев вуго дидасаги гIемерго къудрат
цIикIкIарав. Гьесул хьитил рухьен бичизецин мустахIикъав гьечIо дун.
Гьес нуж рацIцIад гьарила Илагьияб РухIалдалъун ва цIаялдалъун.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

17 Гьес бугьун хъатикь ккун буго, жиндирго гьоцIиб ролъ бацIцIад гьабун,
гьеб цагърахъе буссинабизе, накку гьес ссвинго гьечIеб цIадабе бан
бухIила.

18 ГIадамазе Рохалил хабар бицун, гьединал ва цогидалги
рагIабаздалъун гIемерал насихIатал гьарулел рукIана ЯхIяца.

19 Гьерод ханас жиндирго вацасул чIужу ячинги ва гьеб гурелги гьесул
квешлъаби ЯхIяца какулел рукIиндал, цогидал жиндирго цересезде тIаде
жубана гьев ханас ЯхIя гвандинив тIамиялъул квешлъиги.

21 Гьале ЯхIяца киналго лъадалъ ччун рахъулел рукIараб заманаялда
гьениве вачIарав ГIисаги лъадалъе лъугьун дугIа гьабулев вукIана.
Гьебмехалъ зобалги кIирикьизарун,

22 миккидул сураталда Илагьияб РухI рещтIана гьесухъе ва зобалаздасан
гьаракьги рагIана: – Мун вуго дие вокьулев дир Вас! Дудаса вохун вуго
дун!

23 Аллагьасе хъулухъ гьабизе байбихьулеб мехалъ, ГIисал букIана
лъебергогIанасеб сон, ва гьесул умумузул силсила гьадинаб бугилан
рикIкIунаан: гьесул эмен Юсуп, гьесулги эмен ГIели, цинги

24 Маттат, Леви, Малки, Яннай, Юсуп,

25 Маттитья, ГIамос, НахIум, Гьесли, Наггай,

26 МахIат, Маттитья, ШимгIи, Йосех, Йода,

27 ЙохIанан, Реса, Зеруббабел, Шеалтиэл, Нер,

28 Малки, Адди, Къасам, Элмадам, ГIер,

29 ЙешуагI, ЭлигIезер, Йорим, Маттат, Леви,

30 ШимгIон, Ягьуда, Юсуп, Йонан, Элякъим,

31 Мелеа, Менна, Маттата, Натан, Давуд,

32 Йишай, Йобед, БогIаз, ШелахI, НахIшон,

33 ГIаминадаб, Админ, Арам, ХIецрон, Перец, Ягьуда,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

34 Якъуб, ИсхIакъ, Ибрагьим, ТерахI, НахIор,

35 Серуг, РегIу, Пелег, Эбер, ШелахI,

36 Къейнан, Арпакшад, Шем, НухI, Ламек,

37 МетушелахI, ХIенок, Йаред, Магьалалеэл, Къейнан,

38 Энос, Шит, Адам, Аллагь.

**Лука 4**

1 Илагьияб РухIалъ цIурав ГIиса Иорданалдаса тIадвуссана ва гьеб
РухIалъ гьев гIицIаб авлахъалде вачана.

2 Гьениб кIикъого къо бана ГIисаца. Илбисалъги хIалбихьана гьев
къосинавизе. Гьебщинаб заманаялъ богIоллъи кIалдибе босичIо.
КIикъого къо индал, ракъул хIал бергьана гьесие.

3 Илбисалъ гьесда абуна: – Мун Аллагьасул Вас ватани, гьаб ганчIие
амру гьабе чедлъун лъугьайилан.

4 ГIисаца гьелъие жаваб кьуна: – ТIехьалда хъван буго: «ЦохIо чадица
гуребин чиясе чIаголъи кьезе бугеб».

5 Цинги борхалъуде вачун, гьенисан цохIо лахIзаталда жаниб
дуниялалъул киналго пачалихъал рихьизаруна гьесда.

6 Гьелъ абуна: – Гьал киналго пачалихъазул парччахIлъиги къудратги
кьела дица дуе, гьеб киналъулго ихтияр дихъе щун бугелъул. Диего
бокьарасе кьела дица гьеб.

7 Дуца дие сужда гьабуни, гьеб кинабго дур букIине буго!

8 ГIисаца жаваб кьуна: – ТIехьалда хъван буго: «ЦохIо Аллагьасе – дурго
БетIергьанасе гурони сужда гьабуге. ЦохIо гьесие гьабе гIибадат!”

9 Илбисалъ ГIиса Иерусалималде вачун, Мукъадасаб Рукъалъул сиялда
тIад лъуна ва гьесда абуна: – Мун Аллагьасул Вас ватани, гьаниса
гъоркье кIанцIе!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

10 ТIехьалда хъван бугелъул: «Аллагьас малаикзабазе амру гьабун буго
мун цIунейилан”

11 ва: «Гьез мун кодов ккун восила, ганчIидацин дур хIетIе тункичIого
букIине».

12 Гьелъие жавабалъе ГIисаца абуна: – «Дурго БетIергьан Аллагьасул
хIалбихьуге», – янги абун буго ТIехьалда.

13 ГIисал хIалбихьун лъугIарабго, санагIатаб заман тIаде щвезегIан,
гьесда аскIоса нахъе ана илбис.

14 Жиндилъ Илагьияб РухI цIубарав ГIиса цинги Галилеялде тIадвуссана.
ТIолабго сверухълъиялдаго гьасул хIакъалъулъ хабар тIибитIун батана.

15 Гьезул синагогабазде ун, гьас вагIза гьабуна, халкъалда гьоркьоб
гьасул цIар машгьурлъана.

16 Жиндиего тарбия-лъай щвараб Назарет шагьаралде вачIана ва
гьенивги, кидаго гIадин, шамат къоялъ синагогаялъуве ун, минбаралде
вахана гIадамазе Илагьияб ТIехь цIализе.

17 Ишая аварагасул ТIехь кьуна гьесухъе. Гьадинаб калима бугеб бакIги
батун, цIалана гьес:

18 «Дилъ БетIергьанасул РухI буго, гьес дие ихтияр кьуна мискиназда
Рохалил хабар бицине. Гьес дун витIана асирлъуда ругезда нуж
тархъанлъанилан лъазабизе, нужеда канлъи бихьанилан бецаздаги
лъазабизе, зулмуялда гьоркь ругелалги хвасар гьаризе,

19 Аллагьасул рахIмат рещтIунеб мех тIаде щолеб бугиланги лъазабизе».

20 Цинги Илагьияб ТIехь гьес, дандеги чIван, динияб хъулухъалъул
чиясухъе кьуна, ва насихIат гьабизе гIодов чIана. Синагогаялъур
дандеярал киназулго берал гьесдехун руссун рукIана.

21 Гьебмехалъ ГIисаца байбихьана: – Жакъа гьеб калимаялъухъ гIенеккун
нуж рукIаго, ритIухълъана гьелда рехсараб амру.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

22 ГІадамазе гьеб рекІее гІуна ва гьел гІажаиблъизаруна ГІисал кІалдисан
рачІарал баркат бугел рагІабаз. Амма гьез абуна: – Юсупил вас вуго
гурищ гьав?

23 ГІисаца гьезда абуна: – Гьайгьай, «тохтирас цин живго сахлъизавизе
ккола», – ян кици тІамила нужеца дие. «Капернаумалда дуца гьабунилан
нижеда рагІарабщинаб иш гьаниб инсул ракьалдаги гьабе», – янги абила
нужеца дида.

24 Хадуб гьес абуна: – ХІакъаб рагІи буго нужее: цониги авараг
рикІкІунаро жиндирго инсул ракьалда.

25 ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: Иляс аварагасул заманаялда,
лъабго соналъги анлъго моцІалъги зодисан цІадал къатІра тІинкІичІого
тІолабго ракьалде гІасияб ракъи рещтІараб мехалъ, Исраилил халкъалда
гьоркьор гІемерал къоролзаби рукІаниги, Сидон улкаялъул Царепат
шагьаралдаса цо къоролалъе гІоло гурони витІун вукІинчІо Аллагьас
Иляс.

27 Элиша аварагасул заманаялда, барасалъ унтарал гІадамал Исраилил
халкъалда гьоркьор гІемер рукІаниги, Сириялдаса цо Наъман абулев чи
гурони, вацІцІалъизавичІо гьес.

28 Гьеб рагІарабго синагогаялъур рукІарал гІадамал ццидаца
гьалаглъизаруна.

29 ТІаде рахъун гьез ГІиса шагьаралдаса къватІиве вачана жидерго
шагьар тІад бараб магІарда бугеб кьурулъа гъоркье рехизейилан.

30 Амма, гІадамазул руккалилъа ворчІун, нахъе ана ГІиса.

31 Цинги Галилеялъул шагьар Капернаумалде ана ва шамат къояз гьезие
вагІза гьабизе лъугьана.

32 ГІисал вагІзабаз хІикмалъизарун рукІана гьел. Цо хІалкІолъи жиндилъ
бугев чияс гІадин малъулеб букІана гьес.

33 Синагогаялъув вукІун вуго хъубаб ва квешаб женалъ ккурав цо чи.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

34 – ВахI! Нижедасан дуе къваригIараб щиб, Назареталдаса ГIиса! – ян
ахIдезе лъугьана гьев. – Ниж гъуризе вачIун вуго мун! Дида лъала мун
щивали, мун вуго Аллагьасул мукъадасав илчи!

35 Амма ГIисаца жен чIезабуна: – КIал къай дуца! Нахъе а мун гьесул
чорхолъа! – янги абун. Синагогаялъул бакьулъ гьев чиги гIодов ккезавун,
гьесие щибго заралги гьабичIого, гьесул чорхолъа къватIибе ана жен.

36 Киналго гIажаиблъун хутIана. Цоцада гаргадулел рукIана гьел: –
Гьесул рагIабазул магIна щиб? Гьесулъ буго жундузе амру гьабизе кIолеб
хIалкIолъиги къудратги, гьелги инсанасул чорхолъа къватIире лъугьунел
руго.

37 Сверухълъиялда киса-кибего тIибитIана ГIисал хIакъалъулъ хабар.

38 Цинги, синагогаялъуса къватIиве лъугьун, Симонил бакIалде ана
ГIиса. Кутакаб цIа-каналъул унтуца бусаде ккун ятана Симонил якьад.
Гьей сахлъизаеян гьарана ГIисада.

39 ТIаде къулун гьес гьелъул цIа-кан инабуна. ГьебсагIат тIаде яхъун
якьад гьазие квен-тIехалда квалквадизе лъугьана.

40 Бакъ тIерхьунеб гIужалъ гIадамаз гьесухъе рачун рачIана батIи-батIиял
гIузрабаз унтарал чагIи. ТIад квер лъун, гьел киналго сахлъизаруна гьес.

41 Гьебмехалъ гIемерисезул чорхолъа жундул нахъе унел рукIана: «Мун
Аллагьасул вас вуго!» – янги ахIулаго. Гьезда лъалеб букIиндал ГIиса
МасихI вугевлъи, гьез гьеб бицунгутIизейин ГIисаца гьел руцIцIун
чIезарулел рукIарал.

42 Сордо рогьарабго шагьаралдаса къватIиве вахъун, ГIисаца нух босана
гIадан-чи гьечIеб бакIалде. Халкъалъул руккелал гьев валагьизе рахьана.
Гьесда хадур гъедал, гьел гьардана гьениса нахъе унгейилан.

43 Амма ГIисаца гьезда абуна: – Аллагьасул ПарччахIлъиялъул
хIакъалъулъ Рохалил хабар бицине цогидал шагьараздеги ине ккола дун,
гьелъие гIололъидалха дун витIун вугев.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

44 Гьедин, Ягьудиялъул синагогабазде ун, вагIза-насихIатал гьаруна гьес.

**Лука 5**

1 Аллагьасул калам рагIизе гIащикъал гIадамазул кIудияб руккел
букIана цо нухалъ гъункун гьесда сверухъе бакIарун. ГIиса гьебмехалъ
Геннесарет абулеб хIорил рагIалда вахъун чIун вукIана.

2 ХIорил рагIалда кIиго раса бихьана ГIисада. Русбуздаса къватIире
рахъун ччугIихъабаз жидерго гьин чурулеб букIана.

3 Симонил расаялъуве лъугьун ГIисаца гьесда гьарана раса дагьаб
жанибегIан бачейилан. Росонив гIодов чIун гIадамазе вагIза-насихIат
гьабизе лъугьана гьев.

4 ВагIза-хабар лъугIидал, Симонида абуна: – Добе хIорил
гъварилъудегIан расаги бачун, рехе дурго гьин.

5 Симоница гьесие жаваб гьабуна: – Я, НасихIатчи! Нолъ сордо
рогьинегIан хIалтIаниги, цохIониги ччугIа кквечIо нижеца. Амма дур
рагIи гIадахъ босун дица гьин рехила.

6 Гьес малъухъе гьабидал, гьезие хIаталдаса ун гIемераб ччугIа щвана.
Гьин тIутIун унеб букIана ччугIил бакIлъиялъ.

7 Доб цояб росонир рукIарал гьалмагъзабаздеги ишан гьабуна гьез
кумекалъе рачIайилан. РачIун дозги кумек гьабун, кIиябго раса ччугIил
цIезабуна. Давлаялъул гIемерлъиялъ лъадалъе тIерхьун ине дагьалъ
хутIана гьел русби.

8 Гьебмехалъ Симон-Пётрица, ГIисал накабазда цеве чIун, суждаги
гьабун, абуна: – Я, БетIерчIахъад! Дида аскIоса нахъе а мун! Дун вуго
мунагьазул цIурав чи!

9 Абиларищ, гьевги гьесда цадахъ гьин рехаралги кутакалда хIинкъун
рукIиндал, ккураб ччугIил гIемерлъи бихьун.

10 Гьеб ишалъ гьединго кутакалда хIинкъизаруна Симонил
гьалмагъзабилъун рукIарал Зебедайил васал Якъубги Иоаннги. Цинги


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

ГIисаца Симонида абуна: – ХIинкъуге! Гьанжеялдаса нахъе дуца, ччугIа гуреб, гIадамалин кквезе ругел.

11 КIиябго раса хIорил рагIалде цIараб мехалъ, кинабго жоги гьениб тун, гьел ГIисада цадахъ уна.

12 Гьале ГIиса цо шагьаралда вугеб мехалъ, гьев вихьаравго, кIалагъоркье ккана ва гьардезе лъугьана тIолабго черх барасалъ бацарав цо чи: – Я, БетIерчIахъад! Дуе бокьани, дуда кIолаха дун вацIцIалъизавизе!

13 ГIебеде битIун гьесда кверги хъван, ГIисаца абуна: – Дие бокьун буго мун вацIцIалъизе. ВацIцIалъе мун! ГьебсагIат барасалдаса сахлъана гьев чи.

14 Живго сахлъизавиялъул хабар лъиданиги бицунгейилан лъазабуна ГIисаца гьесда: – Мусал къануналда рекъон, мунго вацIцIалъун вукIин гIадамазда лъазе, кашишасухъеги ун, гьесда дурго черх бихьизабе ва мунго вацIцIалъиялъухъ къурбанги хъвезабе.

15 Бугониги, ГIисал хIакъалъулъ хабар халкъалда гьоркьоб дагьабги цIикIкIун тIибитIана. Гьесухъ гIенеккизеги ва жалго сахлъизаризеги рачIунаан халкъалъул руккалаби.

16 Гьевин абуни, гIадан-чи гьечIеб бакIалде ун, Аллагьасе гьари-дугIаялда вукIунаан.

17 Цо къоялъ ГIисаца вагIза-насихIат гьабулеб мехалъ, гьесухъ гIинтIамун чIаразда гьоркьор рукIана Галилеялъул щибаб росулъа, Ягьудиялдаса, гьединго Иерусалималдаса рачIарал фарисеял ва динbackiял гIалимзаби. Унтарал сахлъизаризе кIолеб БетIергьанасул къудраталъ къвал бан вукIана гьев.

18 Гьале цо чагIаз туртида лъун восун вачIана палижалъ ккурав чи. ГIисада цеве лъезе гьев чи рокъове жаниве восизе хIаракат бахъулеб букIана гьез.

19 Амма гІадамазул гІемерлъиялъ нуцІихъан восун бажаричІого, тІохги
бичун, гьенисан туртида лъовухъего рукъ бакьулъе ГІисада цеве тІаса
гъоркье виччана гьез гьев.

20 Гьев восун рачІарал гІадамазул божи бихьун, ГІисаца абуна: –
Мунагьаздаса вацІцІалъана, гьудулав чи, мун.

21 Дол диниял гІалимзабиги фарисеялги жалго жиделъго гаргадизе
лъугьана: – Гьединал гІасиял-пасикъал рагІаби абизе ккани, гьавго щив
чи! ГІицІго Аллагьасда гурони, лъида кІолеб инсанасул мунагь чуризе?

22 ГІисал хІалада лъана гьезул пикраби. Гьес гьикъана: – Щай нужеца
нужерго рекІелъе гьединал пикраби риччалел?

23 Кинаб бигьаяб: «Мун мунагьаздаса вацІцІалъана», – ян абизейищ, яги:
«ТІаде вахъун, вилълъанхъе», – ян абизейищ?

24 Амма нужеда лъан букІа: ГІадамил Лъимадул ихтияр буго гьаб
ракьалда гІадамазул мунагьал тІасалъугьун тезе. Цинги ГІисаца
унтарасда абуна: – Дица дуда абулеб буго: тІаде вахъа, дурго малиги
босун, рокъове а.

25 Ралагьун гІадамалгун, гьебсагІат тІаде вахъана гьев, живго тІад лъун
букІараб турутги босун, рокъове ана, Аллагьасе реццги гьабулаго.

26 ГІажаиблъун-хІикмалъун лъугьун, киназго Аллагьасе рецц гьабуна.
ХІинкъиялъ къвал бан ругел гьез абулеб букІана: – Тамашаяб иш бихьана
жакъа нилъеда! – ян.

27 Гьениса къватІиве вахъун унаго, нухлул хІакъ бакІарулеб бакІалда
гІодов чІун вихьана ГІисада Левий абулев гьеб ишалъе тІамурав чи. –
Дида цадахъ вилълъа, – ян абуна гьесда ГІисаца.

28 БукІаралъуб букІарабги тун тІаде вахъун, гьесда цадахъ ана Левий.

29 Жиндирго бакІалда Левийица кІудияб гьоболлъи гьабуна ГІисае.
Гьенир рукІана гІемерал магъало бакІарулел чагІиги ва гьебго
тайпаялъул цогидал гІадамалги.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

30 Фарисеялги гьезул мазгьабалъул диниял гIалимзабиги ГIисал муридаздехун гъулгъудизе лъугьана: – Щай нуж гьал магъало бакIарулел чагIаздаги цогидаб мунагь-хIакъалъул агьлуялдаги цадахъ гIодор чIун квана-гьекъолел?

31 Гьезие жаваб гьабун ГIисаца абуна: – Сахазе гурев тохтир хIажалъулев, унтаразейин.

32 Муъминзаби ахIизе гуро дунги вачIун вугев, мунапикъзаби тавбуялде ахIизейин.

33 Гьез ГIисада абуна: – ЯхIял муридал гIемерисеб мехалъ кIал ккун рукIуна, какал ралел рукIуна, фарисеязулазги гьабула гьединго. Гьал дуралин абуни квана-гьекъолел руго.

34 ГIисаца гьезда абуна: – БахIарав аскIов вугебгIан мехалъ гьес берталъе ахIарал гьудулзабазда квана-гьекъечIого кIал ккун рукIайилан абизе бегьилищ нужеца?

35 РачIина бахIарав гьезухъа вахъун арал къоялги, гьеле гьебмехалъ кквела гьез кIалги.

36 Цинги гьес гьезие гьадинаб мисал бачана: – ЦIияб ратIлидасаги бахъун басрияб ратIлида рукъи баларо лъиданиги. ЦIияб ретIелги хвела, басриялдаги цIияб рукъи рекъеларо.

37 Лъицаниги тIоларо басрияб рахълъеналъубе цIияб чагъирги. ЦIияб чагъиралъ гьеб багьизабила. Гьебмехалъ чагъирги гIодобе чвахун ина, рахълъенги хвела.

38 ЦIияб чагъир тIезе ккола цIияб рахълъеналъубе.

39 Басрияб чагъиралда тIаде гьебсагIатго цIияб чагъир гьекъезе лъиениги бокьуларо. Басриябго лъикIаб бугилан абула гьес.

**Лука 6**


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

1 Пуланаб шамат къоялъ ГІиса унев вукІана цо хурзабахъан. Хуриса
ретІун тІоралги хъатинир кІвекІун, хІалухъадул мугъал кунел рукІана
гъесул муридаз.

2 Гъенир рукІарал фарисеяз гъезда абуна: – Шамат къоялъ гъабизе
гъукъараб иш щай нужеца гъабулеб? – ан.

3 ГІисаца гъезие жавабалъе абуна: – Унго, цІаличІебищ нужеца, живгоги
цадахъ рукІаралги ракъун хутІидал, Давудица щиб гъабурабали?

4 Аллагьасул рокъове жанивеги лъугьун, гъениса босун Давудица
жинцагоги кванан буго, цадахъ рукІаразеги къун буго гІицІго
кашишзабаз гурони кваназе гъукъараб чед.

5 ГІисаца гъезда абуна: – Шамат къоялъул ихтияр ГІадамил Лъимадухъ
буго!

6 Цоги шамат къоялъ ГІиса халкъалъе вагІза-насихІат гъабизе
синагогаялъуве ун вукІана. Гъенив вукІана кваранаб квер бакъварав цо
чи.

7 ГІисада хадуб мухІканго хал ккун чІун рукІана динիял гІалимзабиги
фарисеялги, гъес гъев чи сахлъизавилародайилан. Шамат къоялъ
гъабураб хІалтІийилан ГІисаде гІайиб гІунтІизабизе бокьун букІана
гъазие.

8 Гъазул пикруги бичІчІун, ГІисаца дов квер бакъварав чиясда абуна: –
ТІаде вахъун рукъ бакьулъе вачІа, – ян. ТІаде вахъун, рукъ бакьулъе
вачІана дов чи.

9 ГІисаца гъезда абуна: – Дица нужеда цо жо гьикъила: шамат къоялъ
лъикІлъи гъукъун бугебищ, квешлъи гъабизе изну бугебищ? Чиясул рухІ
хвасар гъабизейищ кколеб, яги гъев хвезавизейищ кколев?

10 Гъезда берги речІчІизабун, ГІисаца дов чиясда абуна: – Квер гІебеде
битІе, – ян. Гъес абухъе гъабуна дов чияс ва кверги сахлъана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Ццидаца гьалаглъарал гьез цоцазда дандбалеб букIана ГIисае щибдай
гьабун лъикIилан.

12 Гьел къоязда ГIиса Аллагьасе тIагIаталъе цо магIарде вахана ва
тIубараб сордоялъго гьари-дугIаялда вукIана.

13 Нахъисеб къоялъ радал ГIисаца жиндирго муридал аскIоре ахIана ва,
тIаса вищун, анцIила кIигоясда чапарзабиййилан цIар лъуна. Гьел
рукIана:

14 Пётрилан гьес тIокIцIар кьурав Симон, гьесул вац Андрей, Якъуб,
Иоанн, Филипп, Бартоломей,

15 Матфей, Фома, Алфейил вас Якъуб, Зелотилан тIокIцIар бугев Симон,

16 Якъубил вас Ягьуда ва хадув ГIисае хилиплъарав Ягьуда Искариот.

17 Жиндирго муридазда цадахъ магIардаса гъоркье рещтIун, авлахъалде
щвана ГIиса. Гьев сверун ккуна муридазул руккелалъ ва тIолабго
Ягьудиялдаса, Иерусалималдаса, хIорил рагIалда ругел Тиралъул ва
Сидоналъул улкабаздаса рачIарал таманал гIадамазги.

18 Гьел рачIун рукIана ГIисал вагIза-насихIаталъухъ гIенеккизеги, унта-
щокълъиялдаса гьес рорчIизаризеги. Хъубал жундузул гIазабалъулъ
рукIарал гIадамалги сахлъизаруна ГIисаца гьенир.

19 ГIисада квер хъвазегIаги щвелародайилан тIаде гьунун бачIунеб
букIана халкъалъул руккел, – гьесдасан бачIунеб букIиндалха киналго
унтарал сахлъизарулеб цо къуват-рухI.

20 ТIаса бер босичIого муридазухъги валагьун, ГIисаца байбихьана: –
Гьардарал гурищ нуж, мискинал-пакъирал, нужее бугелъул Аллагьасул
ПарччахIлъи.

21 Гьардарал гурищ нуж, гьанже ракъун ругелал, Аллагьас нуж
гIорцIизаризе ругелъул. Гьардарал гурищ нуж, гьанже гIодилел ругелал,
нуж релъанхъизе ругелъул.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

22 ГӀадамил Лъимер сабаблъун нуж халкъалда рихиндал, нуж нахъе
рачахъидал, инжит-хӀакъир гъаридал, нужеда квешаб цӀар чӀвайдал, –
гъебмехалъги гъардарал гурищ нуж.

23 Гъеб къоялъ роха нуж, рохун кӀанцӀезе лъугъа нуж, зобалазда кӀудияб
шапакъат щвезе бугелъул нужее. Цересел аварагзабаз гъазул
умумуздасанги хӀехьарабин гъеб кинабго.

24 Балагьги гӀазабги гурищ нужее, бечедал, гъанибго лъикӀаб гӀумру
бугелъул нужер.

25 Балагьги гӀазабги гурищ нужее, гъанже гӀорцӀун ругелал, нуж ракъизе
ругелъул. Балагьги гӀазабги гурищ нужее, гъанже релъанхъилел ругелал,
магӀу тӀун гӀодизе ругелъул нуж.

26 Балагьги гӀазабги гурищ нужее, киназго нужее рецц-бакъ гъабулеб
бугеб мехалъ! Цересел гьересиаварагзабазе гъазул умумузги гъабурабин
гъедин рецц-бакъ.

27 Дихъ гӀенеккун ругел нужеда абулеб буго дица: нужерго тушбаби
рокьа, нуж рокьуларезе лъикӀлъи гъабе.

28 Нужее нагӀана кьолездаги баркат лъегиян абе, нуж къабихӀ гъаруралги
дугӀадулъ рехсе,

29 Дур кӀаркьен чӀварасда цебе цояб кӀаркьенги кквe, дудаса чухъа-гужгат
бахъарасе гурде бахъизеги квалквал гъабуге.

30 Гъарараввщинасе гъарарабги кье, кьурабги нахъе тӀалаб гъабуге.

31 Цогидаз дуего гъабизе бокьулеб жо дуца гъезиеги гъабе.

32 Нужго рокьулелал нужее рокьиялъул кири кинаб букӀинеб? Мунагь-
хӀакъалъул агьлуялъеги рокьулелъул жалго рокьулелал.

33 Нужее лъикӀлъи гъабулесе бецӀун гъабулеб лъикӀлъиялъулги кири
кинаб букӀинеб? Мунагь-хӀакъалъул агьлуялъгицин гъабулелъул гъебго
жо.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

34 Нахъе кьеялде хьул лъун чияхъе къарзалъе кьураб боцIул кири кинаб букIинеб? Мунагь-хIакъалъул агьлуялъги кьолелъул цоцахъе къарзалъе боцIи, тIаса бекичIого, камичIого тIадбуссине букIиналда ракIги чIун.

35 Нужеейин абуни нужерго тушбаби рокьа, садакъаби гьаре, нахъе щвеялъул пикру гьабичIого къарзалъе боцIиги кье. Гьебмехалъ кири гIемерлъила нужее, ва ТIадегIанав Аллагьасул васаллъун лъугьина нуж. Жидее гьабураб лъикIлъи лъаларезеги квешазеги лъикIлъи гьабулевлъун вугелъул гьев.

36 Нужер Эменго гIадин гурхIел-рахIму бугеллъун рукIа нужги.

37 Нужеца чияда гIайиб чIваге, – Аллагьас нужедаги гIайиб чIваларо; нужеца тамихIалде цIаге, – нужги тамихIалде цIаларо. Нуж тIасалъугьа, – нужедаги тIасалъугьина.

38 Нужеца кье, – нужееги кьела. Дагьабги цIикIкIун жанибе инелъун хьвагIезабун, цинги бугIун ва бетIер гьабун цIезабураб хIалалаб сахIалъ борцун бала нужер квенчIелтIе. Кинаб сахIалъ нужеца борцаниги, гьединабго сахIалъ борцине буго нужееги.

39 Гьадинаб мисалги бачана ГIисаца гьезие: – Цо бецав чиясухъа бажариладай цоги бецав чи квер ккун вачине? КIиялго цадахъ гвандинире рортилародай гьел?

40 Жиндирго мугIалимасдаса тIадегIанав вукIунаро мутагIил. Амма, цIалун вахъараб мехалъ, бокьарав чи ващалъула мугIалимасда.

41 Дурго бадиб бугеб чIалу бихьичIого, дур вацасул бадиб бугеб сум щай дуда бихьулеб?

42 Яги дуда кин кIолеб: «Ворея, вац, дур бадиса сум бахъизе биччай!» – ян гьесда абизе, дурго бадиб бугеб чIалуги бихьичIого? Ле, ххвелал гьарун ругьунав чи, цин дуца дурго бадиса чIалу бахъе, цинги бичIчIила дуда вацасул бадиса сум кин бахъилебали.

43 ЛъикIаб гъотIода тIад турараб пихъ букIунаро, турараб гъотIода тIад лъикIаб пихъги букIунаро.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

44 Пихъихъ балагьун лъала гъветI батIа гьабизе. Зазида тIад инжир барщуларо, гIинтIидул хъархъидаса цIибил бетIуларо.

45 ЛъикIав чияс жиндирго рекIелъ бугеб лъикIаб хазинаялъул гъансиниса къватIибе лъикIлъи босула, квешав чиясин абуни квешаб хазинаялъул гъансиниса къватIибе квешлъи босула. РакI цIун тIасан араб гурони гьесул кIалалъ бицунарелъул.

46 «Я, БетIерчIахъад! Я, БетIерчIахъад!» абун щай нужеца диде ахIулеб, дица абураб жо нужеца гьабулеб гьечIеб мехалъ?

47 Дида аскIове вачIун, дир рагIабазухъ гIенеккарав ва гьел тIуразарурав чи лъида рельълъуневали мисал бачина дица нужее:

48 гьев рельълъуна тIалде щвезегIан гъваридго кьучIги бухъун, мина барав чиясда. Щун бачIараб гIурул лъим речIчIаниги, щущан инчIо гьеб, щулаго бан букIиндал.

49 Амма дихъ гIенекканиги, дица абухъе гьабуларев чи рельълъуна, кьучIго бухъичIого, ракьалда тIад мина барав чиясда. Щун бачIараб гIурул лъим речIчIарабго, доб мина биххана, щущан ун, чIудби хутIана.

**Лука 7**

1 ГIенеккун букIараб халкъалъе гьабулеб вагIзаги лъугIизабун, гьениса вахъун ГIиса Капернаумалде вачIана.

2 Гьенив Рималъул рагъухъабазул цо нусилбетIерасул гьесие цIакъ хирияв рагьтIател вукIана кутакаб унтиялъ хвалил боснов лъун.

3 ГIиса вуссун вугин рагIидал, гьес жугьутIазул чIахIиял чагIи ритIана жиндир рагьтIател сахлъизавизе вачIаян гьесда гьаризе.

4 ГIисахъе рачIун кутакалда гьардезе лъугьана гьел, дуца кумек гьабизе мустахIикъав чи вугин гьевиланги абуна.

5 Гьесие нилъер халкъ цIакъ бокьулила, нижер гьаниб синагогагицин гьес бараб бугила.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 ГIиса гъезда цадахъ ана. Досул бакIалде щолел рукIаго, нусилбетIерас данде жиндирго гъудулзаби ритIун рачIана вачIинчIониги кIваричIилан ГIисада лъазабизе, ТIадегIанав ГIиса къавулъе лъугьинегIанасеб къадруялъул чи гурин живилан абизе.

7 Духъе вачIине мустахIикъав чиги гурин жив, жиндир рагьтIател сахлъизе кIолеб къуваталъул цо рагIи абеян гъаризе ритIун ругоан гьес гьел.

8 Живги вугила тIадехун ругезул амру тIубазабулев, жиндир ихтияралда ругел рагъухъабазе рагIудалъун амру-буюрухъ гьабулев чи. Айилан цоясда абуни, гьев унила. ВачIайилан цогидасда абуни, гьев вачIунила. Пуланаб иш тIубазабейилан рагьтIателасда абуни, гьес тIубазабулила.

9 Гьединал рагIабаз гIажаиблъизавуна ГIиса. Жиндаго хадуб бачIунеб букIараб халкъалдехун вуссун, гьес абуна: – Гьале дица нужеда абулеб буго: Исраилил халкъалда гьоркьобгицин лъилниги дандчIвачIо дида гьединаб божи-иман.

10 НусилбетIерас ГIисахъе ритIарал гIадамал тIадруссун рачIиналде, рагьтIател сахлъун ватана.

11 КватIичIого ГIиса ана Наин абулеб шагьаралде. Муридалги рукIана цадахъ. Халкъалъул руккалабиги рачIана гьесда хадур.

12 Шагьаралъул кавудахъе щолеб мехалъ, гьале къватIибе босун бачIунеб батана цо хварав чиясул мали. Гьев вукIана эбелалъул цохIо вугев вас, гьей эбелги къоролай йикIана. ГIезегIанго халкъ букIана хвел букъизе унеб.

13 Гьей эбел йихьидал, ракI гурхIун, ТIадегIанав ГIисаца: – ГIодуге! – ян абуна гьелда.

14 Цинги аскIове ун, хварасул молода квер хъвана. Мали босун унел рукIарал гIадамал лъалхъана. ГIисаца гьебмехалъ абуна: – Ле, гIолохъанчи! Дица дуда тIаде вахъаян абулеб буго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Хварав чи тIаде ворхана ва кIалъазе лъугьана. Гьедин чIаголъизавун, ГIисаца гьев гIолохъанчи гьесул эбелалъухъе кьуна.

16 Кутакаб хIинкъиялъ къвал бан рукIана гьел киналго, Аллагьасе рецц гьабулаго, гьез абулеб букIана: – КIудияв авараг рещтIун вуго нилъехъе, жиндирго халкъалъе кумекалъе лъугьун вуго Аллагь.

17 ГIисал хIакъалъулъ хабар тIибитIана тIолабго Ягьудиялдаги сверухъ ругел бакIаздаги.

18 ЯхIяда жиндирго муридаз бицана гьеб киналъулго хIакъалъулъ.

19 КIиго муридги тIаде ахIун, ЯхIяца гьел ТIадегIанав ГIисахъе ритIана: «Мунищ дов нижехъе вачIине кколев чи, яги цогидав вачIинегIанищ ниж ралагьун чIезе кколел?» – абун гьикъизе.

20 ГIисахъе рачIун, гьез абуна: – ЯхIя аварагас ниж ритIана: «Мунищ дов нижехъе вачIине кколев чи, яги цогидав вачIинегIанищ ниж ралагьун чIезе кколел?» – абун гьикъизе.

21 (Гьеб заманаялде щвезегIан ГIисаца гIемерал гIадамал сахлъизарун рукIана унта-щокълъиялдаса, хъубал жундуздаса ва гIемерал бецал чагIазда канлъиги бихьизабун букIана.)

22 ГIисаца гьезие жавабалъе абуна: – Инеги ун, нужеца ЯхIяда бице нужеда рагIарабги бихьарабги: бецазда канлъи бихьулеб бугин, бохдулъа ракъварал рилълъанхъулел ругин, барасалъ унтарал рацIцIалъулел ругин, гIинкъазда рагIи рагIулеб бугин, хварал чIаголъулел ругин, мискинзабазда Рохалил хабар бицунеб бугин.

23 Дир рахъалъ щакдаричIев чи талихIав вугиланги абе.

24 Гьел ЯхIял чапарзаби нахъе араб мехалъ, ГIисаца гIадамазда бицана ЯхIял хIакъалъулъ: – Щиб бихьизе нуж добмехалъ гIицIаб авлахъалде ун рукIарал? Гьороца хьвагIезабулеб муцIи бихьизейищ?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

25 Щив вихьизе ун рукӀарал? Беричаб ратӀлилъ вугев чи вихьизейищ?
ЧӀухӀараб ретӀел ретӀарал ва бечедаб яшавалда ругел гӀадамал
парччахӀзабазул кӀалгӀабазухъ руго.

26 Щив вихьизеха ун рукӀарал? Авараг вихьизейищ? Аварагасдасагицин
кӀудияв чи вихьизе ун рукӀанилан абулеб буго дица нужеда!

27 Гьесул хӀакъалъулъин ТӀухьдузда хъван бугеб: «Гьале, мун вачӀиналде
дуе нух къачӀазе дирго илчи вуго дица цеве витӀулев».

28 Дица нужеда абулеб буго: эбелалъ чехь къинлъун гьаруразда гьоркьов
ЯхӀя аварагасдаса кӀудияв чи гьечӀо. Амма Аллагьасул ПарччахӀлъиялда
ругезул бищун гьитӀинавгицин гьесдаса кӀудияв вуго.

( 29 ЯхӀял вагӀза рагӀарал киналго гӀадамаз, хӀатта магъало бакӀарулел
чагӀазги, лъадалъ ччун рахъизарун, Аллагьасул Нух ритӀухъ гьабуна.

30 Амма фарисеязги диниял гӀалимзабазги лъадалъ ччун рахъизе инкар
ккуна ва жидее бугеб Аллагьасул амру къабул гьабичӀо.)

31 Сунда данде кквелел дица гьаб заманаялъул гӀадамал, лъида
релълъун гьел ругел?

32 «Нижеца зурма пуна – Нуж кьурдизе рахъинчӀо! МагӀил бакънал
рачана – Нуж гӀодизе лъугьинчӀо!» – ян къотӀноре рахъун цоцазде
ахӀдолел лъималазда релълъуна гьел.

33 ВитӀун вачӀана я чед кунарев, я чагъир гьекъоларев ЯхӀя авараг.
Нужеца абуна гьев шайтӀабаз ккурав чи вугилан.

34 ВачӀана кванazеги кваналев, гьекъезеги гьекъолев ГӀадамил Лъимер.
Нужеца абулеб буго: «Гьале чехьквеш, гьекъолдухъан, магъало
бакӀарулел чагӀазулги мунагь-хӀакъалъул агьлуялъулги гьудул», – абун.

35 Амма Аллагьасул ГӀакъиллъиялда рекъон хьвадулел гӀадамаз
бихьизабула Аллагьасул ГӀакъиллъиялъул ритӀухълъи.

36 Цо фарисеяс гьоболлъухъ ахӀун, гьенив кваналев вукӀана ГӀиса.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

37 Гьале гьеб шагьаралдаса цо мунагьал гIемерай гIадан, ГIиса гьев фарисеясул бакIалда вукIинги лъан, махIгьуинаб нахул цIун щагIил сурахIигун, ячIана.

38 Гьесда нахъехунги чIун, гIодулаго магIица гьесул хIатIал риччизаруна гьелъ, жиндирго ботIрол расуца рацIцIана гьел, убачал гьарулаго доб махIгьуинаб нахги бахана гьесул хIатIазда.

39 Гьеб бихьидал, ГIиса кванде ахIарав фарисеясда ракIалде ккана, гьав чи авараг вукIаравани, гьасда лъалаанин кинай гIаданалъ жинда квер хъвалеб бугебали. Мунагьазул цIурай гIаданлъидалха гьей йигей.

40 Гьебмехалъ ГIисаца гьесда абуна: – Симон! Цо дуда бицине жо буго дир. – Бице, дир МугIалим, – ан абуна Симоница.

41 ГIисаца бицана: – Къарзалъ гIадамазухъе гIарац кьолев цо чиясул вукIун вуго кIиго налъулав. Цояс гьесие кьезе букIун буго щунусго динар, цогидас – кIикъоялда анцIго динар.

42 Налъи бецIизе гьезул рес гьечIолъи бихьун, кIиясего хIалал гьабун тун буго гьес. Гьанже дуца бице дида: кинасе гьев цIикIкIун вокьилев?

43 Симоница жаваб гьабуна: – Дида ракIалде ккола, цIикIкIун гIарац нахъе кьезе букIарасе цIикIкIун вокьилин абун. ГIисаца абуна: – БитIун ракIалде ккун буго дуда.

44 Цинги гьой чIужугIаданалдехун вуссун, гьес Симонида гьикъана: – Дуда йихьулищ гьай гIадан? Дун дур рокъове лъугьараб мехалъ дир хIатIал чуризе лъим кьечIо дуца. Гьалъ жиндирго магIица чурана дир хIатIал, жиндирго ботIрол расуца ракъвазеги гьаруна гьел.

45 Саламалъул убач гьабичIо дуца дида, гьалъин абуни дун гьаниве вачIаралдаса нахъего убачазул цIезарулел руго дир хIатIал.

46 Салам гьабун нах бахинчIо дуца дир бетIералда, гьалъин абуни дир хIатIазда бахунеб буго бищунго махIгьуинаб нах.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

47 Гьединлъидал дица дуда абулеб буго: гьелъул мунагьал цIикIкIун
чуридалин гьелъие дун цIикIкIун вокьулев вугев. Мунагьал дагь
чурулесе дагь гурони вокьуларо.

48 Дой гIадамалда гьес абуна: – Мун мунагьаздаса яцIцIалъана, – ян.

49 Цадахъ кваналел рукIаразда ракIалде ккана: – Гьавго щив, гIадамал
мунагьаздасацин рацIцIад гьаризе кIолев, чи?

50 ГIисаца дой гIадамалда абуна: – Дурго божи-иманалъ хвасар гьаюна
мун. Гьанже а дурго.

**Лука 8**

1 Гьелдаса хадуб ГIиса Аллагьасул ПарччахIлъи тIаде гIунтIун букIин
лъазабулаго ва Рохалил хабар бицунаго шагьаразда ва росабалъ тирулев
вукIана. АнцIила кIиявго чапарги вукIана гьесда цадахъ.

2 ГIисада цадахъ рукIана гьес сахлъизарурал ва жундуздаса рацIцIад
гьарурал руччаби: жиндир чорхолъа гьес анкьго илбис бачахъарай
Магдалина абураб тIокIцIар бугей Марямги,

3 Гьеродил рукъалъул иш тIадкъарав Хуза абулев чиясул лъади
Иоаннаги, Сусаннаги ва цогидалги, жидер боцIи-рикъзиялдасан кумек
гьабун, гьезие хъулухъалъе чIун рукIарал руччаби.

4 Цо нухалъ гIемераб халкъ бакIарун букIана гьесда аскIобе. Мисал бачун
гьадинаб хабар бицана ГIисаца гьезие:

5 – Хуриб хьон хьазе вахъун вукIанила цо чи. Хьалаго-хьалаго цо-цо
мугьал нухде рортанила. ХIатIикь мерхьунел рукIарал гьел мугьал
роржун рачIун хIанчIаз рищанила.

6 Цо-цо мугьал ракьул хъал гурони тIад гьечIеб тIалде кколел рукIанила.
ТIаде раккаралго ракьванила гьел, ракьулъ регьел букIинчIелъул.

7 Цогиги мугьал заз-хъарахъалда гьоркьоре кканила, хIалигъун бижараб
заз-хъарахъалъ гъанкъун реханила.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Цогидал мугъал кканила лъикIаб ракьалде. Нус-нус мугь тIад бугел
тIорал рижанила гъездаса. Гъедин гъеб хабарги лъугIизабун, ахIун абуна
ГIисаца: – ГIундул ругезда рагIизе биччанте гъеб! – ан.

9 Гъеб мисалалъул магIна щибилан гьикъана муридаз.

10 ГIисаца абуна: – Нуж руго Аллагьасул ПарччахIлъиялъул балъголъи
лъазе рес щварал гIадамал, амма цогидазе – мисалаздалъун кьун буго,
ралагьун ругониги гьезда бихьунгутIизе, гIенеккун ругониги
бичIчIунгутIизе.

11 Гьале доб мисалалъул магIна: хуриб хьалеб хьон буго Аллагьасул
рагIи.

12 Нухде рортарал хьодул мугъал – гьел руго Аллагьасул рагIухъ
гIенеккулел гIадамал, цинги бачIун илбисалъ гьезул рекIелъа гьеб босун
уна, гьел божунгутIизе ва хвасарлъунгутIизе.

13 Ракьул хъал гурони тIад гьечIеб тIалде рортарал мугъал – гьел руго
Аллагьасул рагIи рохун къабул гьабуниги, дагьабго заманаялъ гурони
гьелда божуларелал, – жидер кьалбал щулиял гьечIелъул, хIалбихьулел
къоял тIаде гIунтIидал, жал ратIалъунги чIолел.

14 Заз-хъарахъалде гъорлъе рортарал мугъал – гьел руго Аллагьасул
рагIухъ гIенеккулелал, – амма къокъун унеб бугеб гIумруялъул тIалаб-
агъазалъ ва бечелъиялдаги тIагIам-лазаталдаги хадур хачадиялъ гьел
гъоркькъинарула, гьезда тIорги цIубаларо.

15 ЛъикIаб ракьалде рортарал мугъал – гьел руго Аллагьасул рагIи
рагIидал, хIеренаб-хIалимаб рекIелъ гьеб цIунулел ва гьеб сабру
сабаблъун жидее бачIинги щолел гIадамал.

16 РекIараб чирахъ тIад хьаг лъун лъицаниги бахчизабуларо,
хьонбакIалда гъоркь лъоларо. Жанире лъугьаразе канлъи букIунедухъ
борхатаб бакIалда лъола гьеб.

17 Кинабго бахчарабщинабги тIатунелъул, балъгоябщинабги къватIибе
загьирлъулелъул.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

18 Гьединлъидал нужеца хал гьабе кин нуж дихъ гІенеккун ругелали.
Кодолъи бугесе тІадеги кьезе буго, кодолъи гьечІесухъа бахъизе буго
бугебилан гьесда кколебги.

19 ГІисахъе рачІана эбелги вацалги, амма халкъалъул гІемерлъиялъ
гьесда аскІобе нух бахъизе кІвечІо гьезда.

20 Дур эбелги вацалги мун вихьизе бокьун къватІир чІун ругилан абуна
гьесда.

21 Гьес гьезда абуна: – Дир эбелги дир вацалги руго Аллагьасул рагІи
жидеда рагІулел ва гьеб тІубазабулел гІадамал.

22 Цо къоялъ жиндирго муридазда цадахъ гьев росода рекІана. – РачІа
доб рахъалде рахине, – ян абуна гьес гьезда. Расаги бачун ана гьел.

23 Гьедин унел гьал рукІаго, ГІиса кьижун ккана. ХІоралда тІад кутакаб
гьури багъарана. Раса лъадал цІолеб букІана. Гьанкъиялда хІинкъи
букІана.

24 АскІоре ун, гьез ГІиса ворчІизавуна: – Я, НасихІатчи! НасихІатчи!
Нилъ гьанкъизехъин руго! – ян абун. Макьидаса вигьун, гьес гьорода
лъазабуна тІокІаб пугейилан, лъадаеги амру гьабуна гьалаглъугейилан.
Гьел мутІигІлъана. СихІ къотІун лъугьана.

25 Гьебмехалъ ГІисаца абуна: – Киб бугеб нужер божи-иман? ХІинкъиялъ
гІажаиблъун хутІарал гьез цоцазде ургъел бикьулеб букІана, гьороеги
карачалабазеги амру гьабулев ва гьелги жиндие мутІигІав гьавго кинав
чийилан.

26 Гьале гьал щвана Галилеялда дандбитІун доб рахъалда бугеб
герасеназул улкаялде.

27 Гьев ракъдаде рещтІараб мехалъ, гьесда данде вачІана цеве
шагьаралда вукІарав цо чи. Гьев вукІана цевегоялдаса жундуз ккурав чи.
Цебегоялдаса нахъе тІад ретІелги ретІунароан гьес, мина-руссеналъувги
чІолароан гьев, хабалазул нохъазда букІана гьесул чІейи.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

28 ГІиса вихьаравго чІчІичІчІидулаго-ахІдолаго гьесда цеве кІалагъоркье
речІчІана, ва кІудияб гьаракь гьабун, абуна гьес: – ТІадегІанав
Аллагьасул Вас ГІиса, щиб дуе дидасан къваригІараб? Дие гІазаб
кьогейилан гьарула дица дуда!

29 (ГІисаца хъубаб женалъе амру гьабун букІиндалха гьев чиясул
чорхолъа къватІибе лъугьаян. Чанго нухалъ хъубаб женалъ ккун
вукІиндал, кверазда рахсал ран, бохдузда маххал ран вухьунаан гьев.
Амма, гьес рухьен тІутІураб мехалъ, женалъ гьев гІадан-чи гьечІеб
бакІалде хъамулаан.)

30 ГІисаца гьикъана дуда цІар щибилан. – «Бо» буго, – ян жаваб кьуна.
ГІемерал жундул рукІиндалха гьесул чорхолъ.

31 Жундуз ГІисада гьарана жал жужахІалъул кІкІалахъе гъогеян.

32 Гьениб магІарда кваналеб букІана болъоназул кІудияб рехьед. Гьел
болъоназда гъорлъе лъугьине риччайин гьарана жундуз ГІисада. Гьес
изну кьуна.

33 Гьев чиясул чорхолъа къватІире рачІун хъубал жундул болъоназулъе
лъугьана. ГьебсагІат рехьед цо борхатаб бакІалдасан хІоринибе
кІанцІана ва гьениб гъанкъана.

34 Гьеб кинабго бихьун болъоназул гІухьби лъутун ана, шагьаралдаги
росабалъги гьелъул хІакъалъулъ бицине.

35 Щиб лъугьарабали лъазе гІадамал рачІана гьенире. ГІисада аскІоре
щведал, гьесул хІатІазда цеве гІодов чІун ватана гьезда дов жундуз ккун
вукІарав чи: тІад ретІелги буго гьесда, камилаб гІакълу-лъаялдаги вуго.
ГІадамазул рекІелъе хІинкъи лъугьана.

36 Гьенир рукІараз бицана жундуз ккурав чи ГІисаца кин
сахлъизавуравали.

37 Герасеназул тІолабго улкаялъул гІадамал кутакалда хІинкъидал, гьез
ГІисада гьарана жидеда аскІоса нахъе айилан. Гьебмехалъ, росодаги
рекІун, тІадвуссун ана гьев.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

38 Дов жундуз ккун вукӀарав чияс ГӀисада гьарана живги цадахъ вачейилан. Амма ГӀисаца гьев вачинчӀо.

39 Гьес абуна: – Дурго рокъове тӀадвусса ва Аллагьас дуего гьабуралъул хӀакъалъулъ бице. Инеги ун гьев чияс кинабго шагьаралдаго бицана ГӀисаца жиндиего гьабуралъул хӀакъалъулъ.

40 ТӀадвуссун Галилеялде вачӀараб мехалъ, халкъалъул руккелалъ дандчӀвай гьабуна ГӀисада. Гьев вачӀиналъухъ ралагьун чӀун рукӀиндалха гьел киналго.

41 Гьале синагогаялъул хӀакимлъун вукӀарав Яир абулев цо чи вачӀана гьениве, ГӀисал хӀатӀазда цеве кӀалагъоркьеги речӀчӀун гьардана жиндир бакӀалде вилълъаян.

42 Гьев чиясул анцӀила кӀигогӀан сон барай цохӀо йигей яс йикӀана хвалде ккун унтун. Гьелъухъе унаго халкъалъул руккелалъ ГӀиса данде къазавулев вукӀана.

43 АнцӀила кӀиго соналъ би къотӀичӀого ва черх бацӀцӀалъичӀого йикӀарай, лъиданиги сахлъизайизе кӀвечӀей цо чӀужугӀаданалъ,

44 аскӀоеги ячӀун, нахъасан ГӀисал гӀабаялдасан далун букӀараб цо гӀертелалда квер хъвана. ГьебсагӀат къотӀана гьелъул чорхолъа чвахулеб букӀараб би.

45 ГӀисаца гьикъана: – Дида квер лъица хъвараб? – ан. Киназго инкар гьабидал, Пётрица абуна: – Я, НасихӀатчи, халкъалъ мун гьоркьов вазавун вугогури, данде къазавулев вугогури.

46 Амма ГӀисаца абуна: – Цо лъицаялиго дида квер хъвана. Дидасан гьесде цо чи сахлъизавизе кӀолеб къуват араблъи загьирлъана дие.

47 Жиндир иш балъго хутӀичӀеблъи лъан, дой чӀужугӀадан сородилаго ГӀисада аскӀое ячӀана, гьесда цее кӀалагъоркье речӀчӀун, бицана щай жинца гьесда квер хъварабали ва кин жий гьебсагӀат сахлъараялиги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

48 Гьес гьелда абуна: – Дурго божи-иманалъ хвасар гьаюна, яц, мун. Гьанже а дурго!

49 Гьелдехун кIалъалев ГIиса вукIаго, синагогаялъул хIакимасул бакIалдаса цо чи вачIана ва инсуда абуна дур яс хванилан, гIадада МугIалимасул рахIат хвезабугейилан.

50 Гьеб рагIидал, ГIисаца ясалъул инсуда абуна: – Мун хIинкъуге, божун вукIа. Дур яс сахлъила, – ян.

51 Гьезул бакIалде щведал, Пётрги, Иоаннги, Якъубги ва ясалъул эбел-эменги гурони, цогидал гьес жанире риччачIо.

52 Киналго, гьей ясалъухъ керен бухулаго, гIодулел рукIана. Амма гьес абуна: – Нуж гIодуге. Гьей хун гьечIо, кьижун ккун йиго, – ян.

53 Гьел гьасда тIад рельанхъизе лъугьана, гьей хун йикIинги лъан.

54 Амма гьес, ясалъул кверги ккун, гьелде ахIана: – ТIаде яхъа, ясай! – абун.

55 Ясалъул чорхолъе рухI тIадбуссун бачIана, гьей гьебсагIат тIаде яхъана. Гьелъие квен кьеян абуна ГIисаца.

56 ГIажаиблъун хутIана гьелъул эбел-эмен. Амма гьеб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ лъиданиги бицунгеян лъазабуна ГIисаца гьезда.

**Лука 9**

1 АнцIила кIиявго чапарги ахIун, унта-щокъалги жундуз ккуралги сахлъизаризе къуватги ихтиярги кьуна гьезие ГIисаца.

2 Цинги гьел чапарзаби ритIана Аллагьасул ПарччахIлъиялъул хIакъалъулъ лъазабизе ва гIадамал сахлъизаризе.

3 Гьес гьезда абуна: – Я гIанса, я таргьа-къвачIа, я квен-тIех, я гIарац-месед, я хисизе ретIел – щибниги босуге нужеца цадахъ.

4 Цо лъилниги рокъоре лъугьани, гьеб ракьалдаса нахъе инегIан, гьенир чIа.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Ваамма нуж къабул гьаричIони, гьеб шагьаралдаса къватIире
рахъунаго, нужерго хьитаздаса хIурги кIутIун те. Аллагьасда цебе гьез
жаваб кьезе букIине хутIа абе гьеб.

6 Рахъун гьел росабалъа росабалъе ана, Рохалил хабар бицунаго ва киса-
кирго унтаралги сахлъизарулаго.

7 Гьерод ханасдаги рагIана ГIисал гьел киналго ишазул хIакъалъулъ, ва
гьев малъкъосун хутIана. Цо-цо гIадамаз абулеб букIиндалха хваралъуса
вахъун ЯхIя вачIун вугилан.

8 Цогидаз абулеб букIана Иляс аварагвачIун вугилан, цо-цояцайин
абуни, цебе заманаялъул аварагзабазул цояв чIаголъун вугилан хабар
биччан букIана.

9 Гьеродицани абулеб букIана: – ЯхIял дица бетIер къотIана; жиндир
хIакъалъулъ дида гьадинал харбал рагIулел ругев чи щивха кколев? Гьев
вихьизе гьира букIана Гьеродил.

10 ТIадруссун рачIун чапарзабаз ГIисада бицана жидецаго гьабура-
таралъул хIакъалъулъ. Цинги, цохIо гьелги рачун, гьев ана Байтсаида
абулеб шагьаралде.

11 Амма, гIадамазда лъан, гьелги гьесда хадур ана. Гьес гьел тIаде
къабул гьаруна. Гьезие Аллагьасул ПарччахIлъиялъул хIакъалъулъ
бицана ва гьесул кумекалде хIажалъарал сахлъизеги гьаруна.

12 Гьале маркIачIумех щолеб букIана. АскIове вачIун анцIила кIиявго
чапарас гьесда абуна: – Сордо базеги жидеего квание гIамал гьабизеги
гIагардаса гIебеде ругел росабалъе ва кулабазде айилан абе гьал
гIадамазда, гIадан-чиго гьечIеб бакI бугин гьаб.

13 ГIисаца гьезда абуна: – Нужеца кванazare гьел. Гьез абула: – Щуго
чедги кIиго ччугIаги гурони гьечIо нижехъ, гьел киназего гIураб кванaзе
жо босизе ани гурони.

14 (Гъенив вукIана щуазаргогIанасев бихьинчи.) Жиндирго чапарзабазда
гьес абуна: – Нужеца гьел, гIага-шагарго кIикъоялда анцI-анцI чи
кколедухъ, кьера-кьерал гьарун чIезаре, – ян.

15 Гьес абухъе гIодор чIезаруна гьез гьел киналго.

16 ГIисаца щуябго чедги кIиябго ччугIаги кодобе босана, зобалаздехун
вуссун кванде дугIа гьабуна ва бек-бекун муридазухъе кьуна халкъалъе
бикьейилан.

17 Киналго гIорцIизегIан кванана, анцIила кIиго гьегь цIураб нахъегицин
хутIана.

18 Цо нухалъ ГIиса живго цохIо вукIана Аллагьасда гьарделев.
Муридалги рукIана гьесда цадахъ. Гьес гьезда гьикъана: – Щивлъун дун
гIадамаз рикIкIунев? – абун.

19 Гьез жаваб кьуна: – Цояз мун ЯхIя авараг вугилан абулеб буго, цогидаз
абулеб буго Иляс авараг вугилан, цо-цояз абулеб буго цебе заманаялъул
аварагзабазул цояв вугин хваралъуса вахъун вачIунилан.

20 Гьес гьезда гьикъана: – Нужеца щивлъунха дун рикIкIунев? – абун. –
Мун Аллагьасул МасихI вуго, – ян жаваб кьуна Пётрица.

21 Гьес гьезда кьварун лъазабуна лъиданиги гьелъул хIакъалъулъ
бицунгейилан.

22 ГIисаца бицана ГIадамил Лъимаца гIемераб гIазаб-гIакъуба хIехьезе
ккезе бугин, чIухIби-хIакимзабазги, чIахIиял кашишзабазги, диниял
гIалимзабазги гьесдаса инкар гьабизе бугин, чIвазе вугин ва лъабабилеб
къоялъ Аллагьас чIаголъизавизеги вугин.

23 Цинги гьес киназдаго абуна: – Дида цадахъ вилълъине бокьарав чи
ватани, гьес жиндирго напсалдаса инкар гьабе, жиндаго тIаде ккараб
хъанчил гIазабги щибаб къоялъ бачче ва дида хадув вачIа.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

24 Щаян абуни, жиндирго гIумру цIунизе бокьулев чи гьелдаса
махIрумлъила, дие гIоло гIумруялдаса махIрумлъизе разилъарас гьеб
хвасар гьабила.

25 Живго рецIалие кьун яги тIагIун хадуб, тIолабго дуниялалъул кверщел
хъатикье щвеялъул щиб пайда бугеб инсанасе?

26 Дунги дир рагIабиги сан гьаричIев чи ГIадамил Лъимацаги сан гьавизе
гьечIо, жиндиргоги, Инсулги, мукъадасал малаикзабазулги нуралъ
гвангъун гьев вачIунеб мехалъ.

27 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: Аллагьасул ПарччахIлъи
бихьичIого жидеца хвалил лълъар гьекъезе гьечIел гIадамалги ругелха
гьанир эхетаразда гьоркьор.

28 Гьес гьедин абуралдаса микьгогIанасеб къо индал, Пётрги, Иоаннги,
Якъубги цадахъ рачун, Аллагьасе гьари-дугIаялъе магIарде вахана ГIиса.

29 Гьари-дугIаялда ГIиса вукIаго, гьесул гьурмал куц хисана, ретIелги
хъахIлъана, кенчIезе лъугьана.

30 Гьале кIиго чи ГIисада гаргадула. Гьел рукIана Мусаги Илясги.

31 ТIад нур чIун букIана ГIисадаги гьездаги. Гьез бицунеб букIана
Иерусалималда цIезабизе бугин ГIисал къадаралъул лълъар.

32 Ригьунаредухъ кьижун рукIана Пётрги цадахъ ругелги. Ригьараб
мехалъ гьезда бихьана ГIисада тIад чIараб нур, кIиго чиги вугоан аскIов
эхетун.

33 Гьев кIиявго чи ГIисада аскIоса нахъе унеб мехалъ, Пётрица гьесда
абуна: – Я, НасихIатчи! ЛъикI буго гьаниб нилъее. РачIа лъабго хъощ
базин: цо дуе, цо Мусае, цо Илясие. (Гьедин абуна Пётрица щиб
абилебали лъаларого хутIидал.)

34 Гьев кIалъан вахъиналдего, цо хъахIаб накIкIул парча бачIун
рахчизаруна гьел, ва, гьеб накIкIукье ккедал, хIинкъана муридал.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

35 Цинги накІкІуда гьоркьосан бахъана цо гьаракь: – Гьав ккола дица витІизе тІаса вищарав дир Вас. Гьасухъ гІенекке нуж!

36 Гьеб гьаракь къотІараб мехалъ, ГІиса нахъеги живго хутІун вугоан. Муридаз гьеб балъго гьабуна ва жидедаго бихьаралъул хІакъалъулъ доб мехалъ лъиданиги бицинчІо.

37 Нахъисеб къоялъ, магІардаса гъоркье рещтІиндал, ГІисада данде гІемераб халкъ бачІана.

38 Гьале халкъалъул руккелалда гьоркьосан цо чияс ахІана: – Я, МугІалим! Дир цохІо вугев васасухъ валагьеян гьарула дица дуда.

39 Женалъ ккола гьев ва тохлъукьего чІчІичІчІидизе лъугьуна, цинги, кІалдиб полопги бан, тІеркІезавула. ГІемераб гІазаб-гІакъуба кьун хадув гурони виччан толаро.

40 Дур муридазда гьарана дица гьеб жен бачахъеян, амма гьезухъа бажаричІо.

41 ГІисаца абуна: – ГІай, нуж иман гьечІеб ва пасатаб уммат! КидалъагІан дун нужеда цадахъ вукІинев ва кидалъагІан нуж хІехьезе кколел? Ваче гьаниве дурго вас.

42 Вачун вачІунаго, жен васасде тІаделъана, тІамун гІодовгун, тІеркІезавуна. Амма ГІисаца гьеб хъубаб жен чІезабуна ва сахлъизавун васги инсухъе кьуна.

43 Киналго хІикмалъун хутІана, Аллагьасул хІалкІолъи бихьуларищан. Кинабго халкъ ГІисал мугІжизаталъ гІажаиблъизабун бугеб мехалъ, жиндирго муридазда гьес абуна:

44 – Гьал дир рагІаби гІинзунир лъе нужеца: ГІадамил Лъимер кьезе вуго гІадамазда кодове.

45 Амма гьезда бичІчІичІо гьел рагІабазул магІна. БичІчІичІого букІинелъун, гьездаса бахчун букІана гьеб. Гьелъул хІакъалъулъ гьикъизеги хІинкъана гьел.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

46 Гьезул дагІба ккана жидеда гъорлъ щивдай бищунго кІудиявлъун
вугевилан.

47 Гьезул рекІелъ бугеб пикруги бичІчІун, кодобе босун, жиндаго аскІоб
лъуна ГІисаца цо лъимер.

48 Гьес гьезда абуна: – Цо гьадинаб лъимер лъицаниги, дие гІоло, къабул
гьабуни, гьеб бащалъизе буго дун къабул гьавиялда. Дун лъицаниги
къабул гьавуни, гьеб бащалъизе буго дун нужехъе витІарав Аллагьги
къабул гьавиялда. Гьединлъидал нужеда гъорлъги бищунго гьитІинав
ккола бищунго кІудиявлъун.

49 Гьебмехалъ Иоанница абуна: – Я, НасихІатчи! Нижеда ватана цо чи
дур цІаралдалъун жундул рачахъулев. Нилъеда нахъвилълъунев
гьечІелъул, нижеца гьукъана досие гьеб иш гьабизе.

50 ГІисаца гьесда абуна: – Гьукъуге гьесие гьеб. Нужеда дандечІоларев чи
ккола нужер рахъалда вугев чи.

51 Зобалазде живго вачунеб заман гІагарлъидал, Иерусалималде ине
таваккал тІамуна ГІисаца.

52 Жиндасаго цере муридал ритІана гьес сапаралде. Самариялъул цо
росулъ чІана гьел, ГІиса вачІиналде хІадурлъи гьабун.

53 Амма гьениб ГІисае гьоболлъи гьабичІо, гьев Иерусалималде унев
вукІин лъан.

54 Гьебмехалъ гьесул муридал Якъубица ва Иоанница абуна: – Я,
БетІерчІахъад! Дуе бокьилаанищ зодисан цІадул балагь рещтІун гьал
хвезареян нилъеца абизе.

55 Гьелъие изну гьечІилан абуна ГІисаца, гьездехунги вуссун.

56 Цинги гьел цоги росулъе ана.

57 Нухда унаго цо чияс ГІисада абуна: – Мун киве аниги, дуда цадахъ
вилълъина дунги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

58 ГІисаца гьесда абуна: – Царал жиндирго рукІун буго, хІанчІил бусен
буго, амма ГІадамил Лъимадул бетІер бегьизе бакІ гьечІо, – ян.

59 Цоги чиясдани ГІисаца абуна: – Дида цадахъ вилълъа, – ян. Амма дос
абуна: – Дир хварав эмен вукъизе ине изну кье дие.

60 ГІисаца гьесда абуна: – Хвараца рукъизе те хварал чагІи. Мунин абуни
Аллагьасул ПарччахІлъи тІаде гІунтІун букІин лъазабизе а.

61 Цогиги чиясги гьесда абуна: – Дун дуда цадахъ вилълъина,
БетІерчІахъад! Амма агьлу-хъизаналъулгун къолъикІ гьабизе ине изну
кье.

62 ГІисаца гьесда абуна: – Хур бекьизе пурцил гІоркьги ккун, нахъ-нахъ
валагьулев чи Аллагьасул ПарччахІлъиялъе ярагьунаро.

**Лука 10**

1 Гьелдаса хадуб ТІадегІанав ГІисаца тІаса вищана жеги лъабкъоялда
анцІго чи ва жиндасаго цере кІи-кІиккун ритІана живго щвезе ракІалда
букІарабщинаб шагьаралдеги росулъеги.

2 Гьес гьезда абуна: – Хуриб хІалухъен гІемер бижун буго, хІалтІухъаби
дагь руго. Гьеб лъилъизе кверщел кодоб бугев БетІергьанасда гьаре
лъилъарухъаби ритІеян.

3 Гьанже а! Гьале дица нуж ритІулел руго бацІазда гъорлъе кьагІи гІадин.

4 Я гІарац лъун таргьа босуге, я къайи лъун къвачІа босуге, я хисун
ретІине хьитал росуге, нухда данде ккарасе саламги кьоге.

5 Лъил бакІалде нуж щваниги, гьезие рекъел гьарун, «Ассаламу
гІалайкум (Рекъел нужее)» абун лъугьа гьесул къавулъе.

6 Саламалъе (ай ракълие) мустахІикъав чи вугони – нужер салам гьесде
щвела, гьечІони – гьеб нужедего тІадбуссина.

7 Гьеб къавулъ чІа нуж, гьезда цадахъ квана-гьекъон, – хІалтІухъанасе
мухъ хІалалаб букІунелъул. Цо къавулъа цоги къавулъе гочаруге.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Цо шагьаралде щун, нуж гьенир къабул гьаруни, нужее кьурабги
кванай, гьенир ругел унтаралги сахлъизаре, Аллагьасул ПарччахIлъи
нужеде тIаде гIунтIун бугиланги бице гьезда.

10 Ваамма цо шагьаралде щун, нуж гьенир къабул гьаричIони,
къотIнореги рахъун, гьадин абе:

11 «Нужер шагьаралда нижер хIатIазда тIад чIараб хIургицин нижеца
къватIазде нужеего кIутIулеб буго. Амма лъан букIаха Аллагьасул
ПарччахIлъи тIаде гIунтIун бугеблъи».

12 Дица нужеда абулеб буго: къиямасеб къоялъ Содомалъул халкъ
гIемерго лъикI букIина гьеб шагьаралъул халкъалдаса.

13 Балагьги гIазабги дуе, Хоразин шагьар! Балагьги гIазабги дуе,
Байтсаида шагьар! Амма Тиралъулгун Сидоналъул гIадамазда рихьун
рукIаралани нужеда рихьарал гIадинал мугIжизатал, тIутIу-хъухъураб
парталги ретIун, ботIроде рахъуги бан, ракьалда гIодорги чIун, церего
руссинаан гьел Аллагьасде.

14 Гьединлъидалин Тиралъулги Сидоналъулги халкъалъе къиямасеб
къоялъ нужееялдаса бигьа букIине бугеб!

15 Дудаги, Капернаум, зобалазде бахине гьабилинищ ракIалде кколеб
бугеб? ЖужахIалъул кIкIалахъе рехила мун!

16 Нужехъ гIенеккулел дихъги гIенеккула, нужеде инкар кколез дидеги
инкар ккола, диде инкар кколез дун жинца витIарав Аллагьасдеги инкар
ккола.

17 Лъабкъоялда анцIавго мурид рохуца холаго тIадруссун рачIана. – Я,
БетIерчIахъад! – ан абуна гьез. – Жундулгицин мутIигIлъула нижее, дур
цIар рехсон гьезие амру гьабураб мехалъ.

18 ГIисаца гьезда абуна: – Дида бихьана илбис пири гIадин зодисан
бортун унеб!


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

19 Гьале дица нужее къудрат кьуна щибго зарал гьечIого борхьалги
ичIкIалалги хIатIаз мерхьине ва тушманалъул тIолабго къуват-гучалда
тIад кверщелги кьуна.

20 Амма нуж рохуге хъубал жундул нужее мутIигIлъулел ругилан, нуж
роха зобалазда жидер цIарал хъвараздa гьоркьор рукIиналдаса.

21 Илагьияб РухIалъ цIурав ва вохизавурав ГIисаца гьебмехалъ абуна: –
Дуе рецц буго, дир Эмен, зоб-ракьалъул БетIергьан, цIодоралздаса ва
гIакъилаздаса балъго гьабун, лъимер гIадиназе гьаб кинабго дуца загьир
гьабуралъухъ. Уха, дир Эмен, гьелъулълъидалха бугеб дур цIобалъул
гIатIилъи!

22 Кинабго дие дир Инсуца кьураб буго. Инсуда гурони, лъиданиги
лъаларо Вас щивали. Васасда ва Эмен жидее загьир гьавизе Васасе
бокьарал гIадамазда гурони, лъиданиги лъаларо Эмен щивали.

23 Муридаздехун вуссун, цохIо гьезда абуна ГIисаца: – Гьардарал
гурищха гьаб кинабго бихьулел нужер берал.

24 Дица нужеда абулеб буго: гIемерал аварагзабазеги парччахIзабазеги
бокьун букIана нужеда бихьулеб бугеб бихьизе, амма гьезда бихьичIо.
Нужеда рагIулеб бугеб рагIизеги бокьун букIана, амма гьезда рагIичIо.

25 Гьале цо динияв гIалимчияс, гьесул хIалбихьизе, суал кьуна: – Я,
МугIалим! Абадияб рукъалъул бутIа щвезе щиб дица гьабизе кколеб?

26 ГIисаца гьесда абуна: – Къанунaлда кин бугеб? Щиб цIалараб дуца
гьелъул хIакъалъулъ?

27 Дос жаваб кьуна: – «Дурго БетIергьан Аллагь дуе вокьа дур тIолабго
ракIалдалъун, дур тIолабго рухIалдалъун, дур тIолабго къуват-
жаналдалъун, дур тIолабго гIакълу-пикруялдалъун» ва «Мунго гIадин
вокьа дуе дуда аскIов вугевги».

28 ГIисаца гьесда абуна: – Дуца битIун жаваб кьуна. Гьеле гьедин
гьабуни, абадияб гIумру букIина дур.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

29 Живго ритІухъ гьавизелъун, дов чияс гьикъана: – Щивха кколев «дида
аскІов вугев»?

30 Гьанже ГІисаца гьесие, мисал бачун, хабар бицана: – Цо чи унев
вукІана Иерусалималдаса Иерихоналде. ТІаде кІанцІун хъачагъаз
гьесухъа къайи бахъана, кьабун-вухун, хвалде ккезавун гьевги тун, нахъе
ана.

31 Гьале цо кашиш ккана досда тІаде, амма гьев нухлул добцояб
рахъалдехун лъугьана.

32 Гьединго цо левитги ккана досда тІаде, гьевги лъугьана нухлул
добцояб рахъалде.

33 Сапаралда вукІарав цо самариявги ккана досда тІаде. Дов вихьаравго,
гурхІизе бачІун,

34 аскІове ун, чогъроца чурун ва нах бахун, досул ругънал къачІана гьес,
жиндирго гІорцІмидаги рекІинавун, петералде вачун, досие хъулухъги
гьабуна.

35 Нахъисеб къоялъ, петералъул бетІергьанасе кІиго динарги кьун,
самарияс абуна: «Дуца тІалаб гьабе досул. Гьалдаса цІикІкІун дуца
хвезабизе ккани, тІадвуссун вачІунаго гьебги бецІила дица дуе».

36 Хъачагъаз зулму гьабурасда «аскІов вугевлъун» щив рикІкІинев гьел
лъабаздаго гьоркьоса?

37 – Досда гурхІун кумек гьабуравха, – ян жаваб кьуна динияв
гІалимчияс. ГІисаца гьесда абуна: – Инеги ун, дуцаги гьедин гьабе, – ян.

38 Гьедин ГІисаги муридалги сапаралда рукІаго, гьев цо росулъе щвана.
Марта абулей цо гІаданалъ ГІиса гьоболлъухъ вачана.

39 Гьелъул йикІана Марям абун яцги. ТІадегІанав ГІисал хІатІаахада
гІодойги чІун, гьесул харбихъ гІенеккун йикІана гьей.

40 Мартайилан абуни, гьебмехалъ гьезие кІудияб гьоболлъи гьабизе
квалквадилей йикІана. ГІисада аскІое ячІун, гьелъ абуна: – Я,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

БетIерчIахъад! Дуе агъазго гьечIо яцалъ дун гьаний квалквадизе тун йикIиналъул. Дие кумек гьабизе яхъаян абе гьелда.

41 ТIадегIанав ГIисаца, гьелъие жаваб кьун, абуна: – Марта! Марта! Мун гIемераб жоялда квер чIвазе лъугьун йиго,

42 амма цо жо кквезе ккола чияс. Гьале Марямица лъикIаб бутIа тIаса бищана, лъиданиги кIвеларо гьелъухъа гьеб бахъизе.

## Лука 11

1 Цо пуланаб бакIалда Аллагьасе гьари-дугIаялда вукIана ГIиса. Гьесул
гьари-дугIа лъугIарабго, цо муридас ГIисада абуна: – Я, БетIерчIахъад!
ЯхIяца жиндирго муридазда малъараб гIадин, нижедаги малъе
Аллагьасе гьари-дугIа гьабизе.

2 Гьес гьезда абуна: – Нужеца дугIа гьабулаго гьадин абе: Я, Эмен, дур
цIар гIадамаз мукъадасаблъун рикIкIаги, дур ПарччахIлъи тIаде щваги,

3 щибаб къоялъ нижер бетIербахъиялъе хинкI-чед кье нижее,

4 нижер мунагьазда тIасаги лъугьа, гIадамаз нижее гьабуралда нижги
тIасалъугьунел ругин. Нижер хIалбихьизеги биччаге.

5 Цинги гьес бицана: – Масала, нужер цоясул вуго гьудул, сордо
бащалъараб мехалъ гьесул нуцIихъе ун дуца абулеб буго: «Я, дир гьудул,
къаси дие цо лъабго чед кьеларищ дуца?

6 Сапаралда вугев цо гьудул гьоболлъухъ вачIун вуго дихъе, гьесда цебе
лъезе квен гьечIого вуго дун», – абун.

7 Унго, дос жанисан гьадинаб жаваб кьеладай дуе: «Дир рахIат хвезабуге.
НуцIаги рахан буго, лъималги руго дида аскIор бусада кьижун. ТIаде
вахъун дуе чед кьезе кIоларо дида».

8 Амма дица абила гьадин: гьудуллъиялъул къимат гьабун кьечIониги,
дур тIасавичIунгутIиялдаса ворчIичIого, гьайгьай, тIаде вахъун дос дуе
кьела къваригIарабгIанаб чед.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

9 Гьединлъидал дица нужеда абулеб буго: гьаре нужеца – нужее кьечIого толаро; балагье нужеца – батичIого хутIуларо; нужеца нуцIа бухе – гьеб рагьичIого толаро.

10 Гьарарасе кьола, балагьарасда батула, бухарасе нуцIаги рагьула.

11 Нужеда гъорлъ вугищ цониги эмен, васас ччугIа гьарараб мехалъ, гьесухъе борохь кьолев?

12 Яги, хоно гьарани, гьесухъе ичIкIал кьолев?

13 Нужго квешал ругониги, лъималазе нужеца лъикIабщинаб кьолеб мехалъ, жинда гьарарасе кигIан цIикIкIун рещтIинабилеб зобалазда вугев Инсуца Илагьияб РухI.

14 Цо нухалъ цо чиясул чорхолъа ГIисаца бачахъана гIадан мацI лъаларевлъун лъугьинавулеб жен. Чорхолъа жен индал, мацI лъаларев чи гаргадизе лъугьана, гьелда гIажаиблъи гьабун халкъги хутIана.

15 Цо-цо гIадамаз абулеб букIана гьес инсанасул чорхолъа жундул рачахъулел ругин жундузул хан Беэлзебулил кумекалдалъун.

16 Цогидаз, гьесул хIалбихьизелъун, тIалаб гьабуна зодисан гIаламат бихьизабеян.

17 Гьезул пикрабиги лъан, ГIисаца гьезда абуна: – Бокьараб ханлъиялда жаниб кьал ккани – гьеб ханлъи биххула, хъизаналда жаниб кьал ккани – гьеб хъизанги биххула.

18 Гьединго илбисги жибго жиндаго дандечIун кьалда бугони, гьелъул ханлъи бихххичIого хутIилищ? Нужецани абулеб буго Беэлзебулил кумекалдалъун рачахъулин дица гьел.

19 Дица гьел Беэлзебулил кумекалдалъун рачахъулел ратани, нужер умматалъул гIадамаз лъил кумекалдалъунха гьел рачахъулел? Гьеле гьел гIадамаз нуж мекъи рукIин чIезабила гури.

20 Амма дица жундул Аллагьасул кумекалдалъун рачахъулел ругелъул, Аллагьасул ПарччахIлъи нужеде гIагарлъун букIин бичIчIула гьелдасан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 Кодоб ярагъгун цо къуватав-кутакав чияс жиндирго рукъ цIунулеб бугони, гьесул боцIи-рикъзиялъе хIинкъи букIунаро.

22 Амма гьесдасаги къуватав тIаде кIанцIани, гьев къезавила, гьесул ракIчIей букIараб ярагъги кодоса босила, гьесухъа бахъун давлаги жидеразего бикьила.

23 Дунгун цадахъ гьечIев чи – гьев вуго дида дандечIарав чи. Диргун жубай гьечIев чияс журай биххизабила.

24 Инсанасул чорхолъа бачахъараб хъубаб жен ракъдалал авлахъазда терелеб-женжедулеб букIуна, жиндиего рахIат-хIалхьи балагьулаго. Амма рахIат-хIалхьи батуларо женалда. Гьелъ абула: «РачIа, дун цебе дунго букIараб рокъобе тIадбуссина», – ян.

25 ТIадбуссун щведал, гьелда рукъ батула лъухьун, къачIан.

26 Гьанже женалъ жиндасаги гIасияб анкьго женги бачуна гьеб рокъобе. Рахъун гьенир чIола гьел. Гьебмехалъ дов чи цебе букIаралдасаги квешаб хIалалде ккола.

27 ГIисаца гьедин абидал, цо чIужугIаданалъ ахIана халкъалъул руккалида гьоркьосан: – Гьардарай гурищха мун гьавурай, дуе керен кьурай дур эбел!

28 Гьес абуна: – Дагьалги цIикIкIун гьардарал гурищ Аллагьасул рагIи рагIулел ва гьелда рекъон хьвадулел гIадамал!

29 ГIемераб халкъ жиндаго аскIобе бачIараб мехалъ, ГIисаца абуна: – ЦIакъго квешлъун буго гьаб уммат! Гьазие бокьун буго гIаламат бихьизабизе. Юнус аварагасул гIаламат гурони, цогидаб гIаламат гьезие букIине гьечIо.

30 Ниневиялъул халкъалъе гIаламатлъун Юнус авараг лъугьарав гIадин, ГIадамил Лъимерги гIаламатлъун лъугьина гьаб умматалъе.

31 Гьаб умматалда цадахъ яхъина къиямасеб къоялъ Къилбаялъул парччахIги. Гьелъ гIайиб чIвала гьазда, гьей дуниялалъул рагIалдаса

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

яхъарай ячIиндал Сулайман аварагасул гIакъилаб рагIухъ гIенеккизе. Гьале гьанив вугевав гIемерго тIадегIанав вуго Сулайман аварагасдаса.

32 Ниневиялъул халкъги бахъина къиямасеб къоялъ гьаб умматалда
цадахъ ва гьезги гIайиб чIвала гьазда, Юнус аварагасухъ гIенеккун гьел
Аллагьасде руссиндал. Гьале гьанив вугевав гIемерго тIадегIанав вуго
Юнус аварагасдаса.

33 Лъицаниги лъеларо рекIараб чирахъ бихьулареб бакIалда яги сахIида
гъоркь. Жанире лъугьаразе канлъи букIунедухъ борхатаб бакIалда лъола
гьеб.

34 Дур бер – гьеб буго дур черхалъул чирахъ. Берал канал ругони, дур
тIолабго черхги канлъула. Берал канлъукъал ругони, дур черхги
бецIлъула.

35 Ворегиха, дулъ бугеб канлъи бецIлъиялде сверизе гурин.

36 Гьедин, мун канлъул цIун вугони, щибниги бецIлъиги дулъ гьечIони,
мун тIуванго гвангъила, чирахъул канлъиялъ мун кенчIезавун вугев
гIадин.

37 ГIисал вагIза лъугIидал, цо фарисеяс гьев къаде кваназе ахIана. ВачIун
сурпаялда нахъа гIодов чIана ГIиса.

38 Кваназе лъугьиналде гьес кверал чуричIелъул, фарисеяв хIикмалъун
хутIана.

39 ТIадегIанав ГIисаца гьесда абуна: – Нужеца, фарисеяз, суркIа-
щуруналъул тIасахун рахъ бацIцIад гьабун чураниги, нужер жанисахун
рахъ хъантIиялъулги квешлъиялъулги цIун буго.

40 ГIабдалзаби! ТIасан бихьулеб бижарас гурищ жанибехун бугебги
бижараб?

41 Амма жаниб бугебаб садакъаде кьуни, гьебмехалъ хIакъикъаталда
тIасаги рацIцIалъила нуж.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

42 Балагьги гIазабги нужее, фарисеял. Нужеца садакъаде кьола хIатта
сагIаналъул, гъараналъул ва цогидабги гIурччинлъиялъул анцIил бутIа,
ритIухълъиялъулги Аллагьасде рокьиялъулги нужеца тIалабго
гьабуларо. Гьебги гьабизе ккола, гьабцоябги гьабичIого тезе бегьуларо.

43 Балагьги гIазабги нужее, фарисеял! Нужее бокьула синагогабазда
жанир киназдасаго церегIан гIодор чIезе ва базаркъотIноб халкъалъ
салам кьезе.

44 Балагьги гIазабги нужее! Нуж релълъуна тIасан хьвадулесда хIатIикь
букIин лъалареб, зани чIвачIеб хобалда.

45 Гьебмехалъ цо динияв гIалимчияс абуна гьесда: – Я, МугIалим!
Гьединал рагIабиги абун, дуца нижги инжит гьарулел ругогури.

46 ГIисаца абуна: – Нужееги, диниял гIалимзаби, балагьги гIазабги!
Щайгурелъул нужеца гIадамазул мугъзада лъолеб буго баччизе
кIоларебгIан бакIаб гьир, нужецагойин абуни, гьелда килищцин
хъвaларо.

47 Балагьги гIазабги нужее! Нужер умумуз чIварал аварагзабазул хобазда
тIад мазарал гьарулел руго нужеца.

48 Гьелдалъун нужеца чIезабулеб буго умумузул ишазда нуж тIад
рекъолел рукIин. Доз аварагзаби чIвана, нужецайин абуни, доз чIван
хваразул хобазда тIад мазарал гьарулел руго.

49 Гьединлъидал Аллагьасул ГIакъиллъиялъ абун буго: «Аварагзабиги
чапарзабиги ритIизе руго дица гIадамазухъе, гьезин абуни цоял чIвазе
руго, цогидал рачахъизе руго.

50 Гьабилидаса бахъараб къурбан хъолеб бакIалдаги Мукъадасаб
Рукъалдаги гьоркьов чIварав Закария аварагасде щвезегIан, дуниял
бижаралдаса нахъе гIодобе тIураб киналго аварагзабазул бидул хIакъ
босизе буго гьаб умматалдаса». Гьале дица нужеда абулеб буго: гьаб
умматалдаса тIалаб гьабизе буго дозул бидул хIакъ.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

52 Балагьги гIазабги нужее, диниял гIалимзаби! Щайгурелъул нужеца
гIелмуялъул кIул босана, амма кIулал ричIун нужгоги инчIо жанире, ине
бокьаралги риччачIо.

53 ГIиса гьениса нахъе аралдасаго, батIи-батIиял суалал кьун, гьесухъа
рагIи бахъизе чанкъан чIун, тIаделъизе байбихьана диниял
гIалимзабазги фарисеязги, гьесул кIал таризабизе кIоларищали.

**Лука 12**

1 Аза-азар чи гIахьаллъарал чIахIиял руккелал гьарун рачIунел рукIана
гIадамал гьеб заманалда ГIисада аскIоре. Цоцаца мерхьиналде ккун
букIана гьезул иш. ГIисаца цин жиндирго муридазда абуна: – Вореха,
фарисеязул реччеялдаса, ай гьезул кIигьумерчилъиялдаса цIуне нужго.

2 Щайгурелъул тIатинчIого цониги бахчараб жоги хутIулареб,
загьирлъичIого щибниги балъгояб жоги букIунареб.

3 Гьединлъидал сардил бецIлъухъе нужеца абураб жо, бакъул канлъухъе
къватIибе рагIун батулеб; рокъоб жаниб нужеца лъилниги гIинзукье
щурараб рагIи, тIохаздасан киназдаго лъазабун батулеб.

4 Дица нужеда абулеб буго, дир гьудулзаби: инсанасул черх чIвазе
гурони, тIокIаб щибниги гьабизе кIоларезукьа нуж хIинкъуге.

5 Дица малъила нужеда лъикьа хIинкъизе кколелали. Нуж хIинкъа чIван
хадур нуж жужахIалъуре рехизе кIолев Аллагьасукьа. Гьеле гьесукьа
хIинкъаян абила дица нужеда.

6 КIиго пахьул шагьиялъухъ гурищ щолеб щуго къадако? Амма гьезул
цонигияб кIочон толаро Аллагьасда.

7 Нужер бетIералда чан рас батаниги, гьелги рикIкIунин ругел. Нуж
хIинкъуге, киналго къудкуздаса хириял руго нуж.

8 Гьале дица нужеда абулеб буго: гIадамазда цебе дир рахъ ккурав
чиясул, Аллагьасул малаикзабазда цебе, ГIадамил Лъимацаги рахъ
кквезе бугебха.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

9 ГӀадамазда цебе диде инкар гъабурав чиясдаса, Аллагьасул
малаикзабазда цебе, дицаги инкар гьабила.

10 ГӀадамил Лъимада данде рагӀи абурав бокьарав чиясдаса Аллагь
тӀасалъугьина, амма Илагьияб РухӀалда бугьтан лъурав чиясе
тӀасалъугьин букӀине гьечӀо.

11 Синагогаялъуреги рачун, чӀухӀбуздаги чӀахӀиял хӀакимзабаздаги цере
нуж рахъун чӀезарураб мехалъ, гьезда щибдай бицинаян, щиб жавабдай
кьела гьезул суалазеян ургъел ккоге нужее;

12 гьеб лахӀзаталда Илагьияб РухӀалъ малъилелъулха нужеца щиб
бицине кколебали.

13 ГӀадамазда гьоркьосан вахъун, цо чияс абуна ГӀисада: – Я, МугӀалим!
Инсул ирсалъул дие кколеб бутӀа кьеян абе дир вацасда.

14 ГӀисаца гьесда абуна: – Ле, нужее суд гьабизе ва нужер ирс бикьизе
тӀамурав чийищ дун?

15 Цинги халкъалдехун абуна: – Ворегиха, хъантӀиялдаса цӀуне нужго!
Щайгурелъул дуниялалъул боцӀи-рикъзи гьарзаго бугониги, гьелда
бараб гьечӀо инсанасул гӀумру.

16 Хадуб ГӀисаца гьезие, мисал бачун, бицана: – Цо бечедав чиясул хуриб
бижун букӀун буго бакӀарун хӀалкӀоларебгӀан гӀемераб хӀалухъен.

17 Гьес жиндаго абун буго: «Щибдай дица гьабила. Гьеб хӀалухъен базе
гӀураб бакӀ гьечӀогури дир».

18 Цинги гьес хӀукму гьабун буго: «Гьа, гьанже лъана дица щиб
гьабилебали. Дирго царгъалги риххун, чӀахӀиял царгъал гьарила ва
тӀолабго хӀалухъенги цогидаб бечелъиги гьезда жанибе буссинабила.

19 Цинги дица дирго напсалда абила: „Я, дир напс! Гьале чанго соналъе
гӀураб бечелъи буго дур. РахӀаталда кванай, гьекъе, кеп гьабе дурго
гьанже!““

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

20 Амма Аллагьас абун буго гьесда: «Я, гIабдал! Къаси дур рухI бахъизе
буго! Лъие хутIулеб дуца бакIарараб бечелъи?”

21 Жиндиего хазина бакIарулев, амма Аллагьасда цеве мискинав чиясул
къадар гьединаб букIуна.

22 Цинги жиндирго муридазда ГIисаца абуна: – Гьединлъидалин дица
нужеда абулеб: щибдай кваналаян чохьое гIологи, щибдай ретIинаян
чорхое гIологи хъалхъадуге.

23 Квандаса цебесеб буго рухI, ратIлидаса цебесеб буго черхги.

24 Гъудузухъ ралагье нуж: гьез я бекьуларо, я лъилъуларо, я царгъахъе
баларо. Аллагьас хьихьун руго гьел. Амма хIанчIаздаса гIемерго хириял
руго нуж.

25 Лъида кIвезе бугеб, кигIан хъалхъаданиги, жиндирго гIумру цо
къоялъниги халалъизабизе.

26 Гьеб гьитIихIинабгицин гьабун бажаруларел нуж кIудияб гьабизеян
щай лъугьунел?

27 ТIугьдузухъ ралагье нуж. Я хурир хIалтIуларо гьел, я кун дургъуларо
гьез. Амма гьале дица нужеда абулеб: жиндирго машгьурлъиялъул
завалалдагицин Сулайман парччахIасул букIинчIо бокьараб тIогьол
гIадинаб ретIел.

28 Я, ле – божи дагьаб уммат! Жакъа гIалахалда бугони, метер цIадабе
рехулеб тIегь-хералдагицин Аллагьас гьединаб берцинаб ретIел ретIунеб
мехалъ, кигIан берцинабдай нужер букIинеб!

29 Гьединлъидал щибдай кваналаян, щибдай гьекъелаян нужеего
гIакъуба кьоге,

30 гьеб кинабго бугелъул Аллагь лъалареб халкъальги тIалаб гьабулеб
жо. Нужер Инсуда лъала нужее гьеб хIажалъулеблъи.

31 Нужеца гIамал гьабе Аллагьасул ПарччахIлъиялде рорчIизе, цогидаб
хутIарабщинаб гьес нужее тIадеги кьела.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

32 ХIинкъуге, гьитIинаб рехъен! ЦIоб лъун, нужер Инсуца нужее ПарччахIлъи кьезе бугебин.

33 Нужерго боцIи-рикъзиги бичун садакъаби гьаре. Багъулареб-бихъулареб таргьа-къвачIа гьабун те, зобалазда бугеб туруларeб-холареб хазина къачIан те. Гьеб хазина зобалазда я цIогьорас бикъуларо, я ицица кваналаро.

34 Нужер хазина бугеб бакIалда букIине бугелъул нужер ракIги.

35 Нуж ретIа-къан къачIан рукIа, рекIун чирахъалги те.

36 Берталъе ун тIадвуссун вачIарав рукъалъул бетIергьанас кавуда тункидал, гьебсагIат гьев жаниве виччазе хIадурго чIарал рагьтIателал гIадин рукIа нуж.

37 Гьардарал гурищ, жидерго бетIергьанасда живго вачIинегIан рорчIуда чIун ратарал рагьтIателал. ХIакълъун абулеб буго дица нужеда, гьес жинцаго гьезие гIоло рачел къазе буго, кванил тIутI тIибитIизе буго ва квана-гьекъезе гIодор чIезаризе руго.

38 Гьардарал гурищ, кида вачIаниги: сордо бащалъараб мехалъ, яги радакье вачIаниги, рорчIуда чIун гьесда ратарал рагьтIателал.

39 Рукъалъул бетIергьанасда лъалеб бугони цIогьор вачIунеб заман, гьес цIогьор жаниве ворчIизе виччаларевлъи лъай нужеда.

40 Гьединлъидал нужги хIадурго рукIа, ракIалдаго гьечIеб заманаялъ вачIине вугелъул нужехъе ГIадамил Лъимер.

41 Гьебмехалъ Пётрица абуна: – Я, БетIерчIахъад! Нижеейищ дуца гьеб мисал бачунеб бугеб, яги кинабго халкъалъейищ?

42 ТIадегIанав ГIисаца абуна: – РагьтIателазе бетIерлъи гьабеян ва гьезие ригь-ригьалда ва роцада квен-тIехги чIезабеян тарав рагьтIател,

43 гьесул бетIергьан тIадвуссун вачIараб мехалда ритIухъго ва цIодорго хIалтIулев ватани, – гьардарав гурищ гьединав рагьтIател.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

44 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: бетIергьанас гьединав
рагьтIателасда божун тела жиндир тIолабго магIишат.

45 Амма гьедин тарав рагьтIател, жиндир бетIергьан тIадвуссун вачIине
гIезегIан заман бугин ракIалдеги ккун, жинца тIалаб гьабизе кколел
рагьтIателалги гъаравашалги рухизе-кьабизе лъугьани ва квана-гьекъон
къоял тIамулел ругони, щиб ккелеб?

46 Гьесда ракIалдаго гьечIеб къоялъ ва вачIиниланго ккечIеб сагIаталъ
тIаде рехун вачIина гьесул бетIергьан. КIихIи хъвалхьина гьес гьев
рагьтIател, – иман гьечIесул можоро бахъараб гIадин ккела гьесул иш.

47 БетIергьанасул амру-буюрухъги жинда лъалеб букIаго, хIадурго чIун
гьеб тIубазабичIев рагьтIателасда цIал гIемер щвела.

48 БетIергьанасул амру-буюрухъ лъалеб букIинчIев, амма вухизе кколеб
иш гьабурасда цIал дагьаб щвела. ГIемераб кьун букIарасдаса гIемераб
тIалабги гьабила, божи цIикIкIун букIарас жавабги цIикIкIун кьезе ккела.

49 Ракьалде цIа рещтIинабизе вачIун вуго дун, гьанжего гьеб цIа рекIун
бугебани кигIанха дие бокьилеб букIараб!

50 Дица гIор бахине ккола. КигIан кIудияб ургъелха дида чIван бугеб,
кидадай гьеб тIубалаян.

51 Ракьалде рекъелги босун дун вачIаравиланищ нужеда кколеб бугеб?
Гурилан абулеб буго дица, рикьи ккезабизе вачIун вуго дун.

52 Гьанжеялдаса нахъе, цо хъизаналда щуго чи вугони, гьезул рикьи
кьела: лъабгояв кIигоясда данде вукIина, кIигояв лъабгоясда данде
вукIина.

53 Гьединабго рикьи ккун, эмен васасда дандечIела, вас инсуда
дандечIела; эбел ясалда дандечIела, яс эбелалда дандечIела; якьад
нусалда дандечIела, нус якьадалда дандечIела.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

54 ГІисаца халкъалде хитІаб гьабун абуна: – БакътІерхьудасан накІкІул парча баккани, цІцІадае бугилан абула нужеца. Гьеб къоялъ цІцІадги бала.

55 Къилбаялъул гьури пуйзе байбихьани, бакъул бухІи цІикІкІинин абула нужеца. БагІарараб бачІуна гьеб къо.

56 Ле, гьересишайихзаби, зоб-ракьалъул хиса-басиялда хадур гІунтІула нуж, амма гьанже кинаб заман бугебали щайха нужеда лъалареб?

57 Нужедаго щай лъалареб ритІухъаб нухдасан хьвадизе?

58 Масала, дурго дагІбадулавгун судалде унев вугони, дове щвелалдего хІаракат бахъе рекъел-бакъалдалъун гьев тІаса вихьизавизе. Гурони, гьес мун судиясухъе вехъерхъила, судияс мун гІеласухъе кьела, гІелас мун гвандиниве рехила.

59 Гьале дица дуда абулеб буго: дур ахирисеб шагьи-пара кьун налъи бецІичІого, гвандиниса къватІивеги ворчІиларо мун.

**Лука 13**

1 Гьебмехалъ ГІисахъе рачІун, цо чагІаз бицана гьесда, Пилатица Галилеялъул гІадамалги чІванин ва Мукъадасаб Рокъоб гьез къурбаналъе хъураб боцІул биялда гъорлъе гьезул биги жубазабунилан.

2 ГІисаца гьезда абуна: – Жидее гьединаб гІазаб кьурал чагІи Галилеялъул цогидал гІадамаздаса мунагь-хІакъ гІемерал рукІаниланищ нужеда ракІалде кколеб?

3 РукІинчІилан абулеб буго дица нужеда: амма тавбу гьабичІони, нужги гьедин хвалде ина.

4 Яги доб Силоамалъул си биххун гъоркье ккун хварав анцІила микьго чи Иерусалималъул цогидал гІадамаздаса мунагь-хІакъ гІемерал рукІаниланищ нужеда ракІалде кколеб?

5 РукІинчІилан абулеб буго дица нужеда: тавбу гьабичІони, нужги гьедин хвалде ина.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

6 Цинги ГIисаца гьезие хабар бицана. Цо чияс ахикь инжиралъул гъветI
чIун букIун буго. ВачIун хал гьабидал гьелда тIад пихъ бижун батун
гьечIо.

7 Гьес ахихъанасда абун буго: «Гьале лъабабго соналъ вачIунев вуго дун
гьаб гъотIохъе. Цониги инжир бижун батичIо гьалда тIад. КъотIун рехе
гьаб, ракь гIадада хвезе течIого».

8 Ахихъанас абун буго: «Я, бетIерчIахъад! Цо исаналъиялъги жибго те
гьеб. Дица гьелъул рохтиялъукь ракьги гьогь гьабила, ракги бала.

9 ТIадеялъул бижизе бегьула гьелда тIад пихъ. Нагагь бижичIони,
къотIун рехила».

10 Цо шамат къоялъ синагогаялъув вагIза-насихIат гьабулев вукIана
ГIиса.

11 КIичIван гьодилъа къуларай цо чIужугIаданги йикIана, тIаде йорхун
яхъун чIезего кIоларей. Гьелъул чорхолъ бугеб хъубаб женалъ анцIила
микьго соналъ чIезаюн йикIана гьей гьеб гIазабалъукь.

12 Гьей йихьидал, аскIое ахIун, ГIисаца гьелда абуна: – Йо, чIужугIадан!
Мун дурго гIузруялдаса хвасарлъана, – ян.

13 Цинги гьелда тIад квер бахъана гьес. ГьебсагIатго гьелъул гьод битIун
бачIана, Аллагьасе рецц гьабизе лъугьана гьей.

14 ГIисаца шамат къоялъ гьей гIадан сахлъизе гьаюнилан ццин бахъарав
синагогаялъул хIакимас гIадамаздехун вуссун абуна: – Анкьида жаниб
анлъго къо буго нилъ хIалтIизе кколеб. Шамат къоялъ рачIинчIого, гьел
цогидал къояз рачIа нужго сахлъизаризе.

15 Гьебмехалъ гьесие жавабалъе ТIадегIанав ГIисаца абуна: – Ле, нуж
ххвелал гьаризе ругьунлъараб уммат! Нужеда гъорлъ вугевищ
русснадаса бичун нужерго оц яги хIама шамат къоялъ гьекъезе
бачунарев цониги чи?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

16 Ибрагьимил умматалъул гьай чIужугIадан анцIила микьго соналъ
юхьун чIезаюн йикIана илбисалъ. Жакъа шамат къоялъ дица гьей
илбисалъул рухьадаса йичизе бегьулей йикIинчIейищ?

17 ГIисаца гьедин абидал, гIадамазда цере инжитлъана дол гьесда
дандечIун рукIарал чагIи. Амма халкъин абуни, гьесул киналго
хIикматал ишаздаса бохун букIана.

18 ГIисаца гьезда абуна: – Аллагьасул ПарччахIлъи сунда релълъунеб ва
дица гьеб сунда данде кквезе бегьулеб?

19 Гьеб релълъуна горчицаялъул хьодул гьитIинаб мугьалда. Инсанас
гьеб хьодул мугь ахикь чIана, гьелдасан кIудияб хъарахъ бижана,
гьелъул гIаркьалабазул рагIдукь хIанчIаз бусабиги гьаруна.

20 Нахъеги гьес абуна: – Цоги сунда данде кквелеб дица Аллагьасул
ПарччахIлъи?

21 Гьеб данде кквезе бегьула цо пуланай чIужугIаданалъ ханждал лъабго
къалиялда гъорлъе рехараб ва тIубанго гьеб беччизабураб реччеялда.

22 Шагьаразде ва росабалъе щун, халкъалъе вагIзабиги гьарулаго,
Иерусалималдехун валагьун унев вукIана ГIиса.

23 Цо чияс гьесда гьикъана: – Я, БетIерчIахъад! Дагьал чагIи гурони
хвасарлъунгутIи битIараб жойищ? Гьес гьезда абуна:

24 – ЧIедераб нуцIихъан жанире лъугьине хIаракат бахъе нужеца. Дица
нужеда абулеб буго: гIемераз жигар бахъила гьеб нуцIихъан лъугьине,
амма гьезда кIвеларо.

25 Вахъун рукъалъул бетIергьанас нуцIа рахарабго, къватIирги чIун, гьеб
бухизе ва ахIдезе лъугьина нуж: «Я, бетIерчIахъад! Нижее нуцIа ричIе!» –
ян. Гьес нужеда абила: «Дида лъаларо нуж киса-щалали».

26 Гьебмехалъ нуж лъугьина гьесда бичIчIизабизе: «Ниж руго дуда
цадахъ квана-гьекъарал чагIи, нижер шагьаралъул къватIазда дуца
нижее вагIзабиги гьарун рукIана».

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

27 Гьес жаваб кьела нужее: «Дида лъаларо нуж киса-щалали. РикIкIалъе
нуж дидаса, ле квешлъи гьабурал киналго гIадамал!”

28 Аллагьасул ПарччахIлъиялда Ибрагьимги, ИсхIакъги, Якъубги ва
цогидал аварагзабиги нужеда рихьараб ва нужги гьениса къватIире
рехараб мехалъ, гIодилел ва цаби къерщезарулел хутIила нуж.

29 Машрикъалдаса ва магърибалдаса, севералъул ва къилбаялъул
рахъалдаса рачIина гIадамал ва Аллагьасул ПарччахIлъиялда квана-
гьекъезе гIодор чIела.

30 Цере рукIаразул цо-цоял нахъе ккела, ва нахъа рукIаразул цо-цоял
цере ккела.

31 Гьеле гьеб заманаялда ГIисахъе цо чанго фарисеяв вачIана, Гьеродие
мун чIвазе бокьун бугин, гьаниса вахъун дурго нухда айилан лъазабизе.

32 ГIисаца гьезда абуна: – Инеги ун гьеб царада абе нужеца, жундуз
ккуралги унтаралги жакъаги метерги сахлъизарилин дица, цинги сезе
дица дирго хIалтIи лъугIизабилин.

33 ХIакъикъаталдаги жакъаги, метерги, сезеги дун Иерусалималдехун
валагьун инчIого гIоларо. Гьенив гурони авараг чIвазе къотIи гьечIелъул.

34 Вай, Иерусалим, Иерусалим! Аварагзаби чIвалеб ва духъе ритIарал
Аллагьасул илчизабазда ганчIал речIчIулеб шагьар! Чан нухалъха дие
бокьун букIараб, къурщица тIанчIи гIадин, дур гIадамал дирго
кваркьиялда гъоркье рачине, амма нужее гьеб бокьичIо.

35 Балагьея, нужер Хирияб Рукъ чIобого хутIила. Дица нужеда абулеб
буго: «БетIергьанас витIун вачIунев вугесда баркат лъеги», – ян нужеца
абизегIан вихьиларо нужеда дун гьанжеялдаса хадув.

## Лука 14

1 Цо пуланаб шамат къоялъ ГIиса фарисеязул цо хIакимасухъе
гьоболлъухъ ун вукIана. Гьес щиб гьабулебали хал ккун чIун рукIана
гьенир.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Гъесда дандвитIун гIодов чIун вукIана лъадал къвачIа чорхолъ
лъугьарав цо чи.

3 ГIисаца диниял гIалимзабаздаги фарисеяздаги гьикъана: – Къануналъ
изну кьолебищ шамат къоялъ чи сахлъизавизе, яги кьоларебищ?

4 Гьел руцIцIун чIана. ГIисаца квер хъван сахлъизавуна гьев унтарав чи
ва рокъове витIана.

5 ГIисаца гьезда абуна: – Нужер лъилниги хIама яги оц гъуялъубе
бортани, шамат къо бугониги, гьебсагIат къватIибе бахъиларищ нужеца
гьеб?

6 Гьелда дагIба базе кIвечIо лъиданиги.

7 Кванде ахIарал гьалбал сурпаялда нахъа бищунго хIурматияб бакI
ккевезе церегIан къалел рихьидал, мисал бачун, бицана ГIисаца:

8 – Берталъе ахIараб мехалъ, бахIарасда аскIор гIодор чIоге нуж.
Щайгурелъул гьенив гIодов чIезе ахIун ватизе бегьула дудасаги гьезие
цевесев чи.

9 Мунги гьевги гьениве ахIарав бертадул бетIерас дуда аскIове вачIун,
абила: «Гьав виччай гьенив гIодов чIезе», – ян. Цинги мунги инжитго
вахъине ккела бищун нахъегIан бугеб бакIалда гIодов чIезе.

10 ВачIинахъего мун дова бищунго нахъа гIодов чIани, дуда аскIове
вачIун бертадул бетIерас абила: «Гьаниве цевегIан вачIа, гьудул», – абун.
Берталъ ругезда гьоркьоб дур къадру-къиматги борхила гьебмехалъ.

11 Жинцаго живго тIадегIанлъизавурав гIодовегIанлъула, гIодовегIанго
чIарав тIадегIанлъичIого хутIуларо.

12 Рукъалъул бетIергьанасдаги абуна ГIисаца: – Гьадинаб квана-гьекъей
гьабулеб мехалъ, гьез мунги ахIиялде хьул лъун ва гьеб дуе бецIилилан
ракIалде ккун, дурго гьудулзабиги, вацалги, гIагарал чагIиги, бечедал
мадугьалзабиги ахIуге дуца кванде.

13 Дуца гьоболлъухъ ахIе мискинал, гIажизал, рекъал, бецал гIадамал.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

14 Гьардарав гурищ мун, гьезда кІоларелъул гьеб дуе бецІизе. Гьеб дуе бецІила муъминзаби хваралъуса рахъинарулеб къиямасеб къоялъ.

15 Гьеб рагІидал, гьенир квана-гьекъолел рукІаразул цояс ГІисада абуна: – Гьардарав гурищ Аллагьасул ПарччахІлъиялда квана-гьекъезе вугев чи.

16 ГІисаца гьесие бицана: – КІудияб гьоболлъи гьабизе цо сордоялъ гІемерал гІадамал кванде ахІанила цо пуланав чияс.

17 Квен цебе лъураб мехалъ, гьес жиндирго рагьтІател витІанила гьел гІадамазда кванaзе рачІайилан абизе.

18 Киназго цо чияс гІадин абунила жидее рачІине щолеб гьечІин, тІасалъугьайилан. Цояс абунила, жинца цо хур бичун босун бугин, гьеб бихьизе ине кколин, тІасалъугьаян гьарулин жинцайилан.

19 Цогидас абунила, жинца анцІго оц босун бугин, рекьарулищали гьел рукьалда разе кколин, тІасалъугьаян гьарулин жинцайилан.

20 Цогидасги абунила, жинца чІужу ячун йигин, жиндие вачІине щоларилан.

21 ТІадвуссун вачІун, рагьтІателас бицанила гьеб киналъулго хІакъалъулъ. Гьебмехалъ, дозда ццинги бахъун, рукъалъул бетІергьанас рагьтІателасда абунила: «Векере, шагьаралъул къватІазде ун, гьенив ватанщинав мискинав, гІажизав, бецав, рекъав чиги вачІун вачІа», – ян.

22 ТІадвуссун вачІун рагьтІателас абунила: «Дур амру тІубазабуна, бетІерчІахъад. Амма тІотІода нахъа жеги бакІ хутІун буго», – ян.

23 Нахъеги абунила гьес рагьтІателасда: «Дове нухде ун эхеве-эхеде уневщинав чиги вачун вачІа. Дуца гьаб дир рукъ кьабун цІезабе.

24 Амма лъан букІа дуда: дол дица гьоболлъухъ ахІун рукІаразул цонигияв кванaзе гьечІо дир къавулъ».

25 ГІемерал гІадамал рукІана ГІисада цадахъ унел. Гьездехун вуссун, гьес абуна:

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

26 – Жиндирго эбел-инсудехун, лъимал-хъизаналдехун, яцал-вацаздехун,
хIатта жиндирго гIумруялдехун рокьукълъи гьечIев чи дида аскIове
вачIунев вугони, гьесухъа бажаруларо дир муридлъун вукIине.

27 Живго тIад вазе хъанчги баччун дида цадахъ вачIунев гьечIони,
гьесухъаги бажаруларо дир муридлъун вукIине.

28 Нужеда гьоркьоса цо лъиениги бокьун бугони си базе, гIодовги чIун
цин гьес хIисаб гьабиларищ гьеб бан лъугIизабизе гIураб сурсат бугищ
жиндирали.

29 Гурони – кьучIги лъун, бачIого хутIила гьесул си. Гьебмехалъ гьесда
тIад киналго рельъанхъила,

30 си базе байги бихьун, гьеб лъугIизабизе кIвечIин абун.

31 Яги цогидав пачаясда данде рагъде вахъине къачIарав пачаяс, цин
гIодовги чIун, пикру гьабизе ккеларищ къоазарго рагъухъан вугеб
тушманасул бода данде анцIазарго чи вугеб жиндир бо багъун
бажариладаян.

32 БажарунгутIи лъайдал, дов тушман рикIкIад вукIаго ритIизе ккола
гьес рекъел гьарун жиндирго чапарзаби.

33 Гьедин нужеда гьоркьов вугев щивав чиясги жиндирго
бугебщиналдаса инкар гьабичIони, гьесдаги кIоларо дир муридлъун
вукIине.

34 ЦIам лъикIаб жо буго. Амма гьелъул цIамгIаллъи холеб бугони, кин
гьеб нахъеги цIамгIаллъизабилеб?

35 Я ракь лъугьунаро гьелъул, я хурибе базе рак лъугьунаро. ГIодобе бала
гьеб. ГIундул ругезда рагIизе биччанте гьеб!

## Лука 15

1 ГIемерал магъало бакIарулел чагIиги цогидаб мунагь-хIакъалъул
агьлуги рачIунаан ГIисахъ гIенеккизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Фарисеялги диниял гIалимзабиги ГIисаде гIайиб-гъвелалда рукIана мунагъазул цIурал гIадамал къабул гьарулел ругилан, гьелгун цадахъ квана-гьекъолев вугилан.

3 Гьебмехалъ ГIисаца гьезие гьадинаб мисал бачана:

4 – Нусго чахъу бугеб рехъалъа цо чахъу камун батани, доб ункъоялда анцIила ичIабгоги букIаралъуб тун, гьеб тIагIараб чахъу батизегIан мегIер-гIалах тируларев чи вугищ нужеда гьорлъ?

5 Батараб мехалъ вохуца холаго гьежда лъун баччула гьес гьеб рокъобе.

6 Цинги гьес, гьудулзабиги мадугьалзабиги ахIун, гьезда абула: «Дида цадахъ роха нужги, дирго биларав чахъу батана дида жакъа», – ян.

7 Дица нужеда абулеб буго: гьединго зобалаздаги Аллагьасде вуссарав цо мунапикъ сабаблъун рохел цIикIкIун букIуна тавбу гьабизе кколарев ункъоялда анцIила ичIго муъминчи сабаблъуналдаса.

8 Яги жиндирго анцIго диргьамалъул цояб тIагIун бугони, чирахъги бакун, рокъоб киса-кибего гьеб балагьичIого толей чIужугIадан йикIунищ?

9 Батараб мехалъ, жиндирго гьудулзабиги мадугьалзабиги ахIун, гьелъ абила: «Дида цадахъ роха нужги, дир биларав диргьам батун буго», – ян.

10 Дица нужеда абулеб буго: гьединго Аллагьасул малаикзабиги рохула Аллагьасде вуссарав цо мунапикъасдаса.

11 Хадубги ГIисаца бицана: – Цо пуланав чиясул вукIун вуго кIиго вас.

12 ГьитIинав васас инсуда абун буго дур ирсалъул жиндие кколеб бутIа кьейилан. Инсуца гьебмехалъ кIиявго васасе ирс бикьун буго.

13 Чанго къоялдасан гьитIинав вас, жиндирго бутIаги босун, вахъун ун вуго рикIкIадаб улкаялде. Дова гьев цIакъ пучго, саяхъго хьвадун вуго, кодоб букIанщинаб гIарацги хвезабун буго.

14 Гьесухъа кинабго гIарац лъугIараб заманаялда, доб улкаялда кутакаб ракъи тIибитIун буго. Гьав васги кутакалда язихълъун вуго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

15 Ахирги доб улкаялъул цо чиясда цеве хIалтIизе лъугьун вуго. Досги
гьев болъонал хьихьизе гIалахалде витIун вуго.

16 Болъоназе базе кьураб квен квананагIаги чехь цIезабизе хIаракат
бахъулеб букIун буго гьес, амма гьебгицин биччалеб букIун гьечIо.

17 ГIакълуялде вачIун, гьес пикру гьабун буго: «Дир инсул къавулъги
гIемер ругогури хIалтIухъаби? ГIунги тIокIаб чед буго гьезул. Дун гьанив
вакъуца холев вуго.

18 Вахъун дирго инсуда аскIове ина ва гьесда абила: „Аллагьасда цебеги
дуда цебеги дир мунагь ккана, дир эмен.

19 ТIокIав дур васлъун рикIкIине мустахIикъав гьечIо дун, дур
хIалтIухъанлъун восе“».

20 Вахъун ун вуго гьев жиндирго инсухъе. РикIкIадасанго вихьун вуго
инсуда гьев вачIунев, гьесда гурхIун вуго эмен. Векерун данде ун,
горбода къвал бан, къочарун вуго.

21 Васас гьесда абун буго: – Аллагьасда цебеги дуда цебеги дир мунагь
ккана, тIокIав дур васлъун рикIкIине мустахIикъав гьечIо дун.

22 Инсуцайин абуни, жиндирго рагьтIателазда абун буго: – Бищунго
лъикIаб ретIел босун рачIа хехго ва гьасда тIад ретIе, гьасул килщида
баргъичги ххе, хIатIазда хьиталги ретIе.

23 МачIадалъе хьихьараб бечеги хъве: рохалил тIутI лъезе бокьун бугин.

24 Щайгурелъул гьав дир вас хун вукIана, гьанже чIаголъун вуго, гьав
вилун-тIагIун вукIана, гьанже ватун вуго. Кутакаб рохел-ихтилат гьабизе
байбихьун буго гьез.

25 Гьев чиясул кIудияв вас хурив вукIун вуго гьебмехалъ. Рокъове
вачIунаго, гьесда рагIун руго кочIолги кьурдулги бакънал.

26 АскIове ахIун цо рагьтIателасда гьикъун буго гьес гьалъул магIна
щибилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

27 Дур вац вачIун вугин, гьев сах-саламат ватиялдаса вохун, дур инсуца
мачIадалъе хьихьараб бечеги хъвезабунин бицун буго.

28 Гьесул ццин бахъун буго, рокъове жаниве лъугьине къабуллъуларого
вукIун вуго. КъватIиве вачIун, гьесие лъикIаб бицине лъугьун вуго эмен.

29 Инсуе жавабалъе гьес абун буго: – Гьалщинал соназ гьале дуе лагълъи
гьабулев вуго дун, дуца хъвараб хIуччдаса таричIого. Дуца дие цо
бурутIцин кьечIо, ахIун гьудулзабигун квана-гьекъей гьабизе.

30 Амма дур букIараб бечелъиги хъахIбабазда цадахъ квана-гьекъон
лъугIизабун вачIарав гьав дур васасе дуца мачIадалъе хьихьараб бече
хъвезабун буго.

31 Инсуца гьесда абун буго: – Я, дир вас! Мун кидаго дида цадахъ вуго,
кинабго дир бугебщинабги дур буго.

32 Амма нилъеца рохалил бертин-той гьабизе ккола, гьав дур вац хун
вукIун, гьанже чIаголъун вугелъул, вилун-тIагIун вукIун, гьанже ватун
вугелъул.

**Лука 16**

1 Жиндирго муридазда ГIисаца бицана: – Цо бечедав чиясул вукIун вуго
гьесул мал-мулкалъул тIалаб гьабун тарав хъулухъчи.

2 Жиндир мал-мулк чIунтизабулеб бугин гьесилан рагIидал, аскIове
ахIун, гьесда абун буго: «Гьаб лъикIаб гуреб хабар щиб дур хIакъалъулъ
дида рагIулеб бугеб? Гьанже дуца хъван кье дихъе тIаде бачIаралъулги
харж гьабуралъулги сияхI. ТIокIалъ дица мун гьеб хъулухъалда толаро»,
– ян.

3 Гьебмехалъ хъулухъчияс жинцаго жиндаго абун буго: «Щибдай дица
гьабила? Гьанже дун гьас хъулухъалдаса вахъулев вуго. Хур гьанкIизе
дида кIоларо, гьардухъ ине дун намуслъула.

4 Гьа, дида лъала щиб гьабилебали. Гьес хъулухъалдаса вахъараб мехалъ
цогидаз дун жидерго къавулъе вачунеб куц гьабила дица».

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Гьес жиндирго хважаинасул налъулал батIа-батIаго ахIун руго
жиндихъего. ТIоцеве ахIарасда гьикъун буго дир хважаинасе дуца кигIан
кьезе бугебан.

6 Нусго ргаI зайтуналъул нахул кьезе бугилан гьес абидал, бахъун нахъе
кьун буго налъи тIад хъвараб кагъат: «Хехго гIодов чIун цIидасан хъвай
кIикъоялда анцIго букIанилан».

7 Цогидасда гьикъун буго дуца щиб кьезе бугебан. Нусго къали ролъул
кьезе бугилан бициндал, гьесдаги абун буго: «Ма гьаб кагъатги нахъе
босе, цIидасан хъвай ункъого букIанилан».

8 Хадув хважаинас гьев веццулаан, сихIиргони гьабунин гьес гьеб
ишилан. Гьедин гьаб дуниялалъул рукъ къачIалел чагIи жалго гIадал
гIадамазда гьоркьор гIемерго сихIирал руго, ахиратальул рукъ
къачIалездаса.

9 Гьединлъидал дица нужеда абулеб буго: дуниялалъул рокъоб хачараб
боцIи-рикъзи кьун, нужеца гьанир гьединал гьудулзаби ричун росе,
боцIи-рикъзи гьечIого хутIараб мехалъ, абадияб рокъоре нужго къабул
гьаризе.

10 ГьитIихIинаб божун тезе бегьулев чиясда кIудиялъулги божилъи
гьабизе бегьула. ГьитIиналъулъ хIилла-макру гьабурас кIудиялъульги
рекIкI гьабула.

11 Дуниялалъул рокъоб хачараб боцIи-рикъзи божун тезе бегьуларел
нужеде абадияб рукъалъул унго-унгояб хазинаялъул божилъи лъица
гьабилеб?

12 Чияр боцIи божун тезе бегьуларел нужехъе, нужерабгоги лъица
кьелеб?

13 Лъиданиги кIоларо кIиго бетIергьанасе лагълъи гьабизе. Цояв гьесда
рихина, цогидав вокьила. Яги цоясе гьес лагълъи ракIбацIцIадго гьабила,
цогидасе тIаса-масаго гьабила. Гьедин нужедаги кIвеларо Аллагьасеги
дуниялалъул боцIи-рикъзиялъеги лагълъи гьабизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

14 БоцIи-рикъзи хириял фарисеял, ГIисахъги гIенеккун, гьесда тIад
релъанхъулел рукIана.

15 ГIисаца гьезда абуна: – ГIадамаз нуж вализабилъун рикIкIуна, амма
Аллагьасда лъалебха нужер рекIелъ бугеб жо. ГIадамазда цебе жиб
тIадегIанаб, Аллагьасда цебе къабихIаб буго.

16 ЯхIяде щвезегIанги букIана диналъул къанун, рукIана аварагзабиги.
Гьев вачIун хадуб Аллагьасул ПарччахIлъиялъул хIакъалъулъ Рохалил
хабар бицунеб буго. Щивас хIаракат бахъулеб буго хIалица гьенире
рорчIизе.

17 Амма къануналъул цохIо хIарп бортизегIан, зобалги ракьалги тIагIун
ина.

18 ЧIужуги йиччан тун, цогидай ячаравщинав чи жиндирго йикIарай
чIужуялда цеве мунагьалъукье ккола. Гьеб мунагьги зиналъун рикIкIуна.
Росасдаса ятIалъарай гIадан ячарав чиги зиначи ккола.

19 – Цо бечедав чи вукIун вуго. Гьес ретIунеб букIун буго дарай-зарбал.
Щибаб къоялъ гьес гIуцIулеб букIун буго бечедаб квана-гьекъей.

20 ТIолабго черхалде чанхъ барав цо Лазар абун гьардухъанги вукIун
вуго гьесул кавудул кIалтIа чIарав.

21 Бечедав чиясул сурпаялдаса хутIа-кIучараб квен-тIехгIаги
щвелародайилан чIун вукIун вуго гьев гьенив. ТIадежоялъеги рекерун
рачIун гьабзаз гьесул чанхъаз цIураб черхалда тIад мацI бахъулеб букIун
буго.

22 Гьале, хвана гьев пакъир, малаикзабаз гьев Ибрагьим аварагасда
аскIове восун ана. Хвана дов бечедав чиги. Гьев хабалъ вукъана.

23 Гьале жужахIалъув квешаб гIазабалъулъ вугев гьев бечедав чиясда,
берал рорхун валагьидал, рикIкIадасан вихьана Ибрагьим аварагги
гьесда аскIов дов Лазарги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

24 Бечедав чияс ахIана: «Я, нижер эмен Ибрагьим! ГурхIа мун дида! Гьаб цIадулъ вежулев вугин дун, дир мацIалда реччел хъвазегIаги, лъадалъ килищги ччун, витIе гьев Лазар».

25 Ибрагьимица гьесда абуна: «Я, дир вас, дуца ракIалде щвезабе: дуниялалъул рокъоб дуе кинабго лъикIабщинаб щвана, Лазариейин абуни гьениб кинабго квешабщинаб щвана. Гьанже гьанив Лазар хIалхьун вуго, мун гIазабалъулъ вуго.

26 Гьав духъе кин витIилев, нилъеда гьоркьоб кIудияб кIкIал лъугьун бугелъул. Гьединлъидал гьаниса гьенирехун рачIине бокьаразе нух гьечIо ва гьениса гьанирехун рачIинеги бажаруларо».

27 Нахъеги дов чияс гьарун буго: «Гьедин батани, дир эмен, дуца Лазар витIе дир инсул рокъове.

28 Дова дир щуго вац вуго. Дозда цIодорго рукIаян абизе витIе. Гурони – гьелги рачIина гьаб гIазабалъул рокъоре».

29 Ибрагьимица абун буго: «Дозие Мусаги цогидал аваргзабиги руго. Гьезухъ гIенеккеян абе».

30 Дов бечедав чияс абун буго: «Я, дир эмен Ибрагьим, гIенеккуларо гьел! Амма цогIаги хварав чи дуниялалде тIадвуссун вачIани – кантIила, Аллагьасде руссина».

31 Гьебмехалъ Ибрагьимица абун буго гьесда: «Мусахъги цогидал аваргзабазухъги гIенеккуларел чагIи хваралъуса вахъун вачIарав чиясдаги божиларо», – ян.

## Лука 17

1 Жиндирго муридазда ГIисаца абуна: – Инсан мунагьалъукье ккезавулеб
жо дуниялалда лъугьинчIого букIунаро, амма кIудияб балагьги гIазабги
– гьеб босун вачIарав чиясе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Дида божулезда гьоркьоса цониги лъимер гIадинав пулан мунагьалде
цIазегIан, гьесие лъикIаб букIинаан, гьобоги горбода бухьун, ралъдалъе
рехани.

3 Ворегиха, нуж гьелдаса цIуне. Вацас дуе квешлъи гьабуни, гьесие
бадибчIвай гьабе. Гьев рекIекълъани, тIасалъугьун те.

4 Къода жаниб анкьго нухалъ гьес дуе квешлъи гьабуниги, анкьабго
нухалъ духье вачIун, гьес жив рекIекълъанилан абуни, – тIасалъугьа
гьесдаса.

5 Гьебмехалъ чапарзабаз ТIадегIанав ГIисада абуна: – Нижер рекIелъ
божи цIикIкIинабе, – ян.

6 ТIадегIанав ГIисаца абуна: – Горчицаялъул хьодул мугьгIанасеб
божигун нужеца гьаб инжиралъул гъотIода абуни, кьолболъа бахъун ун
доба ралъдал бакьулъ чIаян, нужер амру гьелъ тIубазабилаан.

7 Нужер цонигиясул цо лагъ вугилан те. Гьев векьарун свакан хуриса яги
рохьдодаса вачIун вугони, хехго кваназе гIодов чIаян абулищ гьесда?

8 Гьелъул гIаксалда, гьесда абуларищ хехго квен гьабеян ва дун квана-
гьекъон вахъинегIан дие хъулухъалъе чIаян, цинги мунгоги квана-
гьекъеян?

9 Гьеб амру тIубазабуралъухъ лагъасе баркала кьолебищ?

10 Гьедин гьабула нужецаги: нужее амру гьабурабщинаб тIубазабун
хадуб, нужеца абула ниж ругин пайда гьечIел лагъзал, нижеда абураб
гурони гьабичIин нижецаян.

11 Иерусалималдехун валагьун Самариялъулги Галилеялъулги
гIорхъудасан унев вукIана ГIиса.

12 Цо росулъе щолаго, гьесда дандеккана барасалъ унтарав анцIго чи.
РикIкIадегIан чIун,

13 гьез ахIулеб букIана: – Я, ГIиса! НасихIатчи! ГурхIа нижеда! – ян.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

14 Гьел рихьараб мехалъ, ГIисаца абуна: – Рахъа нуж гьанже
кашишзабазухъе а ва нужго рацIцIалъун рукIин бихьизабе. Гьениса унаго
гьезул чурхдул барасалдаса рацIцIалъана.

15 Живго сахлъун вукIин бихьун, гьезул цояв, ахIунго ахIун Аллагьасе
рецц гьабулаго, тIадвуссун вачIана.

16 Цинги, ГIисал хIатIазда цеве накалдаги чIун, гьесие баркала кьуна.
Гьевни Самариялдаса чи вукIана.

17 ГIисаца гьесда абуна: – Нужер анцIавго сахлъичIевищ? Дов ичIавго
кивеха арав?

18 Унго, гьав чияр чиясда гурони, дир ракьалдаса цониги чиясда
ракIалде ккечIебищха Аллагьасе рецц гьабизе?

19 Цинги гьесда абуна: – Вахъа тIаде, а гьанже, дурго божи-иманалъ
хвасар гьавунин мун.

20 Аллагьасул ПарччахIлъи кида букIине бугебилан фарисеяз гьикъидал,
ГIисаца абуна:

21 – Аллагьасул ПарччахIлъи гIадамазда бихьичIого бачIина. Лъицаниги
абиларо гьеб гьале гьаниб бугилан, яги доле доба бугилан. Гьале гьаниб
нужелъин бугеб Аллагьасул ПарччахIлъи.

22 Гьес жиндирго муридазда абуна: – ГIадамил Лъимер нужеда цадахъ
вугеб цо къогIаги бихьизе нуж гIащикълъараб заман бачIина. Амма
нужеда гьев вихьиларо.

23 Нужеда абила гьале гьанив вугин, яги дова вугилан. ГIенеккуге
гьезухъ, унге гьезда хадур.

24 Зобалазул цояб рахъалдаса цоги рахъалде паркъун унеб пири гIадин
вукIина ГIадамил Лъимер, гьев вачIараб къоялъ.

25 Амма цин гьес гIемераб гIазаб хIехьезе ккезе буго, ва гьаб умматалъ
гьесдаса инкар гьабизе буго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

26 НухI аварагасул заманаялъ ккараб гIадаб иш ккезе буго ГIадамил
Лъимадул заманаялъги.

27 Квана-гьекъолел рукIана, лъудби рачунел, россабазе унел рукIана
гIадамал НухI гамида жаниве лъугьинегIан. Цинги тIупан тIуна ва
тIолабго махлукъат лъадалъ гъанкъана.

28 Гьебго жо ккана ЛутI аварагасул заманаялъги. Кваналел, гьекъолел,
бичулел, хисулел, хурзал рекьулел, минаби ралел рукIана гIадамал ЛутI
авараг Содом шагьаралдаса къватIиве лъугьинегIан.

29 Цинги цIадулги чIабтIилги цIад бана зодисан, ва киналго хвана.

30 Гьедин букIине буго ГIадамил Лъимер загьирлъараб мехалъги.

31 Гьеб къоялъ тIохда вугев чи жиндирго къайи-къоноялда хадув гъоркье
рещтIунгеян абе, хурив вугевги рокъоб хутIаралда хадув тIадвуссунгеян
абе.

32 ЛутI аварагасул чIужуялъул ккараб иш ракIалда чIезабе.

33 Жиндирго гIумру цIунизеян лъугьарав чи гьелдаса махIрумлъила;
жиндирго гIумруялдаса махIрумлъизе разилъарас гьеб хвасар гьабила.

34 Дица абулеб буго нужеда: гьеб сордоялъ цо боснор регун ругел
кIигоязул цояв вачина, цогидав хутIила.

35 ГIатI ххенолей йигей кIиго чIужугIаданалъул цояй ячина, цогидай
хутIила.

36 Муридаз ГIисада гьикъана: – Я, БетIерчIахъад! Киб гьеб букIине бугеб?
– ан. Гьес жаваб гьабуна: – Жаназа бугеб бакIалде чудкал ракIарула, – ян.

**Лука 18**

1 Цинги ГIисаца жиндирго муридазда, мисал бачун, бицана Аллагьасда
гьардезе ккеялъул ва хьул къотIизе бегьунгутIиялъул хIакъалъулъ хабар.

2 – Цо шагьаралда вукIун вуго Аллагьасукьаги хIинкъуларев
гIадамазукьаги нечоларев цо къади.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

3 Гьебго шагьаралда йикIун йиго цо къоролайги. Гьей щибаб къойил
ячIуней йикIун йиго гьев къадиясухъе цо пуланав жиндир
дагIбадуласдаса жий цIунеян.

4 Амма къади гIемераб мехалъ разилъун гьечIо. Ахирги цо къоялъ гьес
пикру гьабун буго: «Я Аллагьасукьа хIинкъуларо дун, я гIадамазукьа
нечоларо.

5 Амма гьадай къоролалъ дие рахIат толеб гьечIелъул, дица гьелъул
къваригIел тIубан лъикI, гурони – гьелъ, нахъаса къотIичIого гьание
хьвадун, дир бетIер сверизабила».

6 Бихьулищ Аллагь рикIкIунарев къадиясулгицин ккараб пикру? – ян
абуна ГIисаца гьезда. –

7 Къасиги къадги жиндир цIобалде хьул лъун, гьари-дугIаялда жинде
ахIделел ругел тIаса рищарал лагъзал Аллагьасги цIуниларищ? Гьезул
мурад тIубазабизе кватIилищ гьев?

8 Дица нужеда абулеб буго: гьес гьел хеккого цIунила. Амма ГIадамил
Лъимер вачIараб мехалъ, божи-иман батиладай гьесда гьаб ракьалда?

9 Цоги ГIисаца, мисал бачун, бицана жалго вализабийиланги чIун,
цогидал къабихI гьарулел цо-цо гIадамазул хIакъалъулъ гьадинаб хабар:

10 – Аллагьасе дугIаялъе Мукъадасаб Рокъове лъугьун вуго кIиго чи:
магъало бакIарулев чиги фарисеявги.

11 Жиндирго бакIалда вахъун чIун, фарисеяс рекIелъ дугIа гьабун буго:
«Я, дир Аллагь! Дуе рецц буго дун цогидазда релълъарав вижичIелъул;
хъачагъазда, макручагIазда, зиначагIазда, хIатта гьав магъало
бакIарулев чиясда релълъарав гьечIелъул.

12 Анкьида жаниб кIиго къоялъ кIал ккола дица, дие щварабщиналъул
хайиралъул анцIил бутIа садакъаде кьола».

13 Магъало бакIарулев чийин абуни дова нахъегIан чIун вукIун вуго,
берал зодихъе руссинаризецин намуслъун. Амма, керенги бухулаго,


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

абулеб букӀун буго гьес: «Я, дир Аллагь! Мунагьазул цӀурав дида гурхӀа!» – абун.

14 Дица нужеда абулеб буго: дов фарисеясда данде ккуни, гьев магъало бакӀарулев чи Аллагьасда цеве цӀикӀкӀунго вацӀцӀалъун тӀадвуссана жиндирго рокъове. Жинцаго живго тӀадегӀанлъизавурав гӀодовегӀанлъула, живго гӀодовегӀанго чӀарав тӀадегӀанлъичӀого хутӀуларо.

15 ГӀисинал лъималги рачун рачӀунаан ГӀисахъе, гьезда тӀад квер бахъеян гьарун. Муридазда гьеб бихьидал, гьез гьел риччалел рукӀинчӀо.

16 Амма ГӀисаца, лъималги аскӀоре ахӀун, муридазда абуна: – Риччанте лъимал дихъе рачӀине, гьезие квекӀен гьабуге. Гьединазейин Аллагьасул ПарччахӀлъи щун бугеб!

17 ХӀакълъун абулеб буго дица нужеда: Аллагьасул ПарччахӀлъи лъимаца гӀадин къабул гьабичӀев чиясе гьенибе нух гьечӀо.

18 Цо кӀудияв хӀакимас ГӀисада гьикъана: – Я, лъикӀав МугӀалим! Абадияб рукъалъул бутӀа щвеялъе щиб дица гьабизе кколеб?

19 ГӀисаца гьесда абуна: – Щай дуца дида лъикӀавилан абулеб? Щивниги лъикӀав вукӀунаро, цохӀо Аллагь гурони!

20 Дуда лъалагури Аллагьасул амруял: «зина гьабуге», «чи чӀваге», «цӀогьодуге», «гьересинугӀлъи гьабуге», «эбел-инсул адаб-хьатир гьабе».

21 Гьес ГӀисада абуна: – ГӀолохъанаб мехалдасаго тӀуразарулел руго дица гьел амруял.

22 ГӀисаца абуна: – Цо жо буго дуе камун. Дурго бугеб кинабго боцӀи-рикъзи биче ва мискин-пакъирасе садакъаде кье, гьелъухъ дуе насиблъила зобалазул хазина. Цинги дихъе вачӀа, дида цадахъ вилълъине.

23 Гьеб рагӀидал, дов чи цӀакъ пашманлъана. Гьев вукӀун вуго кутакалда бечедав чи.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

24 Гьесухъ валагьун ГІисаца абуна: – Бечедав чиясе Аллагьасул
ПарччахІлъиялде лъугьине захІмалъулеб куц!

25 РукІкІадул ролъиялъусан лъугьине варaниялъего бигьа букІина
Аллагьасул ПарччахІлъиялде ворчІизе бечедав чиясеялдаса.

26 Гьесухъ гІенеккун рукІараз гьикъана ГІисада: – Гьедин батани,
хвасарлъизе кІолев чигІаги щивдайха?

27 Гьес жаваб кьуна: – Инсанасда кІоларебги Аллагьасда кІола, – ян.

28 Пётрица абуна: – Гьале нижерго бугебщинабги рехун тун, ниж дуда
хадур рилълъана...

29 ГІисаца гьезда абуна: – ХІакълъун абулеб буго дица нужеда:
Аллагьасул ПарччахІлъиялъе гІоло мина-рукъги, лъимал-хъизанги,
вацал-яцалги, эбел-эменги рехун тарав цониги чи хутІизе гьечІо,

30 гьелъухъ гьаб заманаялда гІемерго цІикІкІараб шапакъат щвечІого, ва
ахираталъул рокъоб абадияб гІумру насиблъичІого.

31 Жиндирго анцІила кІиявго муридги аскІове ахІун, ГІисаца абуна: –
Гьале нилъ Иерусалималде унел руго. ГІадамил Лъимадул хІакъалъулъ
цебеккунго Аллагьас аварагзабазда лъазабун букІараб хІукму тІубала
гьениб.

32 Гьев цогидаб халкъалъул гІадамазда кодове кьела, гьезги инжит-
хІакъир гьавила, тІаде тударила,

33 вухила-кьабила, цинги чІвала ва хун лъабабилеб къоялъ гьев
чІаголъила.

34 Амма гьезда щибниги бичІчІичІо. Гьел рагІабазул магІна босизе
бажаричІо гьезухъа. Сундул хІакъалъулъ бицунеб бугебали лъачІо
гьезда.

35 Иерихон шагьаралде щолаго, цо бецав чи ватана нухлул ракьанда
кІусун гьарделев.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

36 ГІадамазул руккел аскІосан унеб рагІидал, щиб ккарабилан гьикъана
гьес.

37 Гьесда бицана Назареталдаса ГІиса вугин гьанисан вачІунев.

38 Гьебмехалъ гьардухъан ахІдана: – Я, Давудил вас ГІиса! ГурхІа мун
дида!

39 Гьесда цересан унел гІадамазе бокьун букІана гьардухъан вуцІцІун
чІезавизе. Амма гьес дагьабги гьаракь борхун ахІана: – Я, Давудил вас!
ГурхІа дида! – ян.

40 Гьенив лъалхъун, ГІисаца абуна гьев жинда аскІове вачеян.

41 – Дица щиб гьабизе дуе бокьун бугеб? – абун гьикъана гьесда ГІисаца.
Дос абуна: – Я, БетІерчІахъад! Беразда нахъеги канлъи бихьизе бокьун
буго!

42 ГІисаца гьесда абуна: – Валагье гьанже! Дурго божи-иманалъ
сахлъизавуна мун.

43 ГьебсагІат канлъи бихьун, ГІисада цадахъ вилълъана гьев, Аллагьасе
рецц гьабулаго. Гьеб бихьун, киналго гІадамалги Аллагьасе рецц
гьабизе лъугьана.

**Лука 19**

1 Иерихон шагьаралда жанисан унев вукІана ГІиса.

2 Магъало бакІарулел чагІазул бетІерлъун тІамурав Закай абулев цо
бечедав чи вукІана.

3 Гьесул гьира букІана ГІиса кинав чи вугевали лъазе, гьев вихьизе.
Амма халкъалъул руккалида гъорлъ ГІиса вихьизе бажарулеб букІинчІо,
– къокъав чи вукІана Закай.

4 ЦевегІанги векерун цо инжиралъул гъотІотІе вахана гьев: гьенисан ине
кколаан ГІиса.

5 Гьеб гъотІокье щведал, ГІиса эхеде валагьана ва Закайида абуна: –
Закай, хехго рокъове а: жакъа дун духъ гьоболлъухъ рещтІине ккола.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 Хехго гъотIодаса гъоркьеги лъугьун, вохуца холаго къабул гьавуна гьес ГIиса.

7 Гьеб бихьун киналго зурзудизе лъугьана мунагьазул цIурав чиясул бакIалде анин гьев гьоболлъухъилан.

8 Вахъун Закайица ТIадегIанав ГIисада абуна: – Я, БетIерчIахъад! Гьале дирго бечелъиялъул бащдаб дица мискин-пакъирасе садакъаде кьела ва, дица гуккарав чи ватани, гьебги ункъиде бахинабун бецIила.

9 ГIисаца гьебмехалъ абуна: – Жакъа гьаб рокъобе хвасарлъи бачIана, гьавги Ибрагьимил вас вугелъул.

10 Рилун ругелазда хадув, гьел ралагьизейин ва гьел хвасар гьаризегийин, вачIун вугев ГIадамил Лъимер.

11 Гьес рицунел харбазухъ гIенеккун рукIарал гIадамазе цоги мисал бачана ГIисаца. Гьев Иерусалималде щолев вукIиндал ва гьел Аллагьасул ПарччахIлъи хеккого бачIинилан божун рукIиндал,

12 гьес бицана: – ЛъикIаб наслу-тухумалъул цо пуланав чи чияр улкаялде ун вуго гьенив ханлъун чIезе, цинги нахъвуссун жиндирго халкъалъулги ханлъун лъугьине.

13 Жиндирго анцIго рагьтIателги ахIун, щивасухъе цо-цо меседил гъурущ кьун буго, жив тIадвуссинегIан гьеб жиндие пайда-хайиралъе хIалтIизабеянги абун.

14 Амма жиндирго улкаялъул гIадамазе гьев вокьулев вукIун гьечIо. Гьесда хадурго чапарзаби ритIун руго гьез доб улкаялде, гьев чи жидер ханлъун вукIине жал рази гьечIилан лъазабизе.

15 Доб улкаялда ханлъиги щун тIадвуссараб мехалъ, гьес амру гьабун буго жинцаго месед кьурал дол рагьтIателал ахIейилан, лъица кигIанасеб пайда-хайир доб меседалдаса жиндие щвезабун бугебали лъазе.

16 ВачIун цо рагьтIателас абунила: «Я, бетIерчIахъад, дуца кьураб
меседалдаса анцIго месед хайирлъана», – ян.

17 «ГьитIинаб божилъиялъе дуца дида цебе кIудияб ритIухълъи
бихьизабуна, дир лъикIав рагьтIател. АнцIго шагьаралъул наиблъун
тIамулев вуго дица мун», – ан абун буго ханас гьесда.

18 ВачIун цогидав рагьтIателас абун буго: «Я, бетIерчIахъад, доб цо
меседалдаса щуго месед хайирлъана», – ян.

19 Гьесдаги ханас абун буго: «Мунги дица щуго шагьаралъул наиблъун
тIамулев вуго», – ян.

20 ВачIун лъабабилев рагьтIателас абун буго: «Я, бетIерчIахъад, гьале дур
месед. КвербацIцIалда гьоркьоб лъун цIунун букIана дица гьаб.

21 Дуцаго лъечIеб бакIалдаса босулев, дуцаго бекьичIеб лъилъулев
кьварарав чи мун вугелъул, хIинкъана дун гьелда хъвазе».

22 «ГIай, макирав рагьтIател! Гьел дуца абурал рагIаби сабаблъун тамихI
гьабулеб буго дица дуе. Дуда лъалеб букIун бугоха дицаго лъечIеб
бакIалдаса босулев, дицаго бекьичIеб лъилъулев кьварарав чи дун
вукIин.

23 Щай дуца дир месед хайиралъе хIалтIизабичIеб, жакъа тIадвуссараб
мехалъ хайиргун цадахъ нахъе щвелаангури гьеб дихъе?» – ян абун буго
ханас гьесда.

24 АскIор рукIараздаги абун буго ханас, гьесухъаги босун, гьоб месед
анцIго месед бугесухъе кьейилан.

25 Гьез гьесда абун буго: «Я, бетIерчIахъад, гьосухъ гьадинги анцIго
месед бугогури», – ян.

26 «Дица нужеда абулеб буго: кодолъи бугевщинасе кьезе буго, кодолъи
гьечIесухъа бугебги бахъизе буго.

27 Дун жидер ханлъун ккезе бокьун букIинчIел дол дир тушбабийин
абуни, гьанире дида цереги рачун, чIвай!”


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

28 Гьеб хабарги бицун, ГІиса Иерусалималдехун валагьун ана.

29 Зайтуналъул магІарда аскІор ругел Бетфагиялде ва Бетаниялде
гІагарлъидал, кІиго муридги аскІове ахІун, ГІисаца гьезда абуна:

30 – Гьудуб нилъеда цебе бугеб росулъе а нуж. Росулъе лъугьаралго, цо
бакІалда бухьун батила жеги чи тІад рекІинчІеб кІудияб кІерт.
Рухьадасаги бичун, гьебги бачун рачІа.

31 Щай гьеб бачунебан абулев чи ккани, ТІадегІанав ГІисае къваригІун
бугин абе.

32 Гьедин ритІун аразда, ГІисаца абухъе, гьениб батана кІудияб кІерт.

33 Гьеб рухьадаса бичулеб бихьараб мехалъ, гьелъул бетІергьабаз гьазда
гьикъана щай гьеб бичулеб бугебилан.

34 ТІадегІанав ГІисае къваригІун бугилан жаваб кьуна гьаз.

35 КІерт ГІисахъе бачун бачІана. Гьелъул гьодиде рехана жидерго партал
ва гьез гьев кІартида рекІинавуна.

36 Гьев унеб нухда, тІаса бахъун, жидерго ретІел тІибитІулеб букІана
гІадамаз.

37 Зайтуналъул магІардаса гІодоре лъугьунеб бакІалде гІагарлъидал,
цадахъ рукІарал тІолалго муридал роха-хинлъун ва ахІунго ахІун
Аллагьасе рецц гьабизе лъугьана, гьес рихьизарурал мугІжизатазухъ.

38 Гьез турки ахІулеб букІана: – БетІергьанас витІун вачІарав
ПарччахІасда баркат лъеги! Зобалазда рекъел букІаги! ТІадегІанав
Аллагьасе рецц!

39 Халкъалъул руккалилъ рукІарал цо-цо фарисеяз абуна ГІисада: – Я,
НасихІатчи! РуцІцІун чІезаре гьал дурго муридал!

40 ГІисаца гьезие жаваб кьуна: – Дица нужеда абулеб буго: гьел руцІцІун
чІани, ганчІал ахІдела.

41 Иерусалим бихьулеб бакІалде щведал, гІодана ГІиса. Шагьаралъухъ
магІу гьабун,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

42 гьес абуна: – Жакъа, гьаб къоялъгІаги, лъалебаниха дуда дур
саламалъиялъе щиб къваригІунебали! Гьанжего дур беразда гьеб бихьизе
рес гьечІо.

43 Дуде цо къо бачІина, чІахІиял хъулбиги ран, тушбабаз кисанго мун
данде къан сверун ккураб.

44 Ракь лъугьинабила дур Ва дур гІадамазулги. ГанчІида лъураб гамачІ
хутІиларо кибниги. Щайгурелъул Аллагьас Дуй хвасарлъи битІараб
Заман дуда лъачІелъул.

45 Цинги Мукъадасаб Рокъове жаниве лъугьун, гьенир ричарулел
рукІаралги босулел рукІаралги гІадамал къватІире гьезе лъугьана ГІиса.

46 Гьес гьезда абуна: – ТІехьалда хъван буго: «Гьаб Дир рукъалда цІар
букІине буго как-диналъул рукъ» абун. Нужецайин абуни гьаб
хъачагъазул нохъоялде сверизабун буго.

47 ГІисаца щибаб къойил гьеб Мукъадасаб Рокъоб гІадамазе вагІза
гьабулеб букІана. ЧІахІиял кашишзабаз, диниял гІалимзабаз ва чІухІби-
хІакимзабаз хІаракат бахъулеб букІана гьев тІагІинавизе рес
ккелародайилан.

48 Гьезда гьабизе кІолеб жоги букІинчІо, тІолабго халкъ ГІисада сверухъ
гъункун, гьесухъ гІенеккун букІиндал.

**Лука 20**

1 Иерусалималъул Мукъадасаб Рокъоб вагІза-насихІат гьабулев, Рохалил
хабар бицунев ГІиса вугеб мехалъ, гьенире рачІана чІахІиял кашишзаби,
диниял гІалимзаби ва чІухІби-хІакимзаби.

2 Гьез гьесда гьикъана: – Гьаб хІалтІи гьабизе ихтияр бугебищ дур?
Лъица дуе гьеб ихтияр кьураб? – абун.

3 ГІисаца гьезда абуна: – Дицаги кьела нужее цо суал. Бице:

4 лъадалъ ччун рахъун гІадамал рацІцІад гьаризе ихтияр ЯхІяе кисан
щун букІараб: зобалаздасанищ яги гІадамаздасанищ?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Цоцазда гьоркьоб хабар ккана гьезул. «Зобалаздасан букIанин абуни,
гьес абила гури, щайха нуж ЯхIяда божичIелилан.

6 ГIадамаздасан букIанин абуни, тIолабго халкъалъ ганчIица чIвала
нилъ, ЯхIя гьез авараглъун рикIкIунев вугелъул».

7 Кисан гьеб ихтияр букIарабали жидеда лъаларилан кьуна гьез жаваб.

8 ГIисаца гьездаги абуна: – Дица нужедаги бицинаро лъил
ихтияралдалъун гьаб иш гьабулеб бугебали.

9 Цинги гьес, халкъалдехун вуссун, мисал бачун, гьадинаб хабар бицине
байбихьана: – Цо чияс цIолбол ах гьабун буго. Цинги ахихъабазухъе
ижараялъе гьеб ахги кьун, гьев чи къватIиве ун вуго ва гIемераб
заманаялъ гьенив чIун вуго.

10 ЦIибил барщараб мехалъ, гьес дол ижарачагIазухъе цо рагьтIател
витIун вуго жиндие кколеб бутIа кьейин абейилан. Доз гьев рагьтIател
вухун вуго ва чIового нахъе хъамун вуго.

11 Цоги рагьтIател витIун вуго дос. Вухун-кьабун, инжит гьавун доз
гьевги чIового нахъе хъамун вуго.

12 Лъабабилевги витIун вуго дос. Доз гьев лъукъ-лъукъун къватIиве
рехун вуго.

13 Щибдай дица гьабилебилан ракIалде ккун буго ахил бетIергьанасда.
«Дица гьезухъе витIила дирго вокьулев вас. ГьесулгIаги хIурмат гьабилеб
батила доз».

14 Гьев вихьараб мехалъ, дол ижарачагIаз цоцазда абун буго: «Гьале
гурищ ирсилав, рачIа гьав чIвазе, – ирсги нилъеего хутIизе».

15 Ахикьа къватIивеги рехун, чIван вуго доз гьев вас. Гьанже гьел
ижарачагIазе щибдай гьабила ахил бетIергьанас?

16 ВачIинеги вачIун, чIвала гьес гьел, ахги цогидазухъе кьела. Харбихъ
гIенеккараз абуна Аллагьас цIунагийилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

17 – Гьедин батани, – ян гьикъана ГІисаца, гьезухъги валагьун, – ТІехьалда хъван бугеб гьадинаб калимаялъул магІна щибали лъалищ нужеда: «Къадалъ лъезецин ярагьунарилан къадахъабаз нахъе рехараб гамачІ битІахъе цололъ лъун буго»?

18 Гьеб ганчІиде вортаравщинавги щущан ине вуго, бортун бачІун гамачІ тІад речІчІаравги чІинтІизе вуго.

19 Диниял гІалимзабазе ва чІахІиял кашишзабазе бокьун букІана, гьебсагІатго кквезеги ккун, ГІиса жанив тІамизе, амма халкъалъукьа хІинкъун тана. Гьеб мисал ГІисаца жидер рахъалъ бачараб букІин бичІчІана гьезда.

20 Цинги ГІисада хадуб хал ккվезе лъугьана гьел ва жасусал ритІана, жалго рацІцІадал чагІи ругеб ххвел гьабун, ГІисал кІал таризабизе кІоларищали хІалбихьеян. Ккун вачун сардарасда кодове кьун, гьес ГІисае тамихІ гьабизе гІураб гІайиб-хатІа балагьизе бокьун букІиндалха гьезие.

21 Гьел жасусаз ГІисада гьикъана: – Я, МугІалим! Нижеда лъала дур рагІиги вагІзаги ритІухъаб букІин. Гьурмахъ балагьун иш гьабулеб гІамалги дур гьечІо, Аллагьасул хІакъаб нух буго дур малъиги.

22 Бице нижеда, къануналда рекъон, къайсарасе магъало кьезе бегьулебищ нижеца яги бегьуларебищ?

23 Гьезул хІилла-макру бичІчІун, ГІисаца абуна: –

24 Цо динар бихьея дида. Лъил суратги хъвай-хъвагІайги гьалда бугеб? Къайсарасул бугилан абуна гьез.

25 – Гьедин батани, къайсарасулаб къайсарасе кье, Аллагьасулаб Аллагьасе кье, – ян абуна ГІисаца гьезда.

26 Гьедин жасусазухъаги бажаричІо гІадамал ругеб бакІалда ГІисахъа рагІи бахъизе. Гьесул жавабалъ хІикмалъизарун, руцІцІун чІана гьел.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

27 Цинги ГIисахъе рачIана къиямасеб къоялъ хварал тIаде рахъине
рукIиналде инкар ккун чIарал саддукеял абулел гIадамал. Гьез ГIисада
абуна:

28 – Я, МугIалим! Мусаца нилъее бихьизабун буго: цо пуланав чиясул вац
хвани, гьесдасан лъимерги нахъе хутIичIони, гьесул вацас яче абе
жиндирго хварав вацасул лъади, дов хварав вацасул наслу къинчIого
букIине.

29 Масала, анкьго вац вукIун вуго. ЧIужу ячун хадув, лъимер
гьабилалдего хун вуго кIудияв вац.

30 Гьесул чIужу ячун йиго хадусев вацас, гьевги хун вуго.

31 Лъабабилевги хун вуго. Гьедин цо-цоккун хун, анкьавго вацасул рижи
лъугьун гьечIо.

32 Ахиралда хун йиго гьезул йикIарай чIужуги.

33 ХIасил, гьей анкьго росасул лъадилъун йикIарай гIадан къиямасеб
къоялъ лъил чIужулъун йикIине йигей? Гьезие жавабалъе ГIисаца абуна:

34 – Дуниялалъул рукъалъул бихьиназ лъудбиги рачуна, руччаби
россабазеги уна.

35 Амма къиямасеб къоялъ тIаде рахъун ахираталъул рукъалъе
мустахIикълъаразул я лъудби, я росал рукIине гьечIо.

36 ТIокIалъ хвезеги холаро гьел, малаикзабазда бащалъулелъул гьел ва
хваралъуса гьес чIаголъизарурал Аллагьасул лъималлъунги кколелъул.

37 ЦIа рекIун бугониги, бухIунго лъугIулареб хъархъилъан жинда
рагIанин: «Дун вуго Ибрагьимил Аллагь, ИсхIакъил Аллагь, Якъубил
Аллагь!» – абун БетIергьанас ахIулеб гьаракьилан бицунеб бакIалда,
Мусацаги бихьизабулеб буго хварал чIаголъизе ругилан.

38 Аллагь – гьев хваразул Аллагь гуро, чIагоязул Аллагь вуго, гьесие
киналгоги чIагоял ругелъул.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

39 Гьебмехалъ цо-цо диниял гIалимзабаз абуна: – Я, МугIалим! ЦIакъ
лъикI абуна дуца, – ян.

40 ТIокIаб лъилниги бахIарчилъи гIечIо ГIисада щибниги гьикъизе.

41 Гьес гьезда абуна: – Давудил вас вугин МасихIилан щай абулеб?

42 Туркабазул Хирияб ТIехьалда (Забуралда) Давудица жинцаго абулеб
бугогури: «ТIадегIанав Аллагьас дир БетIергьанасда абуна: „Дир
кваранаб рахъалда гIодов вукIа,

43 дица дур тушбаби дур хIатIал лъураб бакIалда цере чIезаризегIан“».

44 Гьедин Давудица жинцаго гьесде жиндир БетIергьанилан абулеб
бугони, Давудил вас кин гьев кколев?

45 ТIолабго халкъалда рагIиледухъ абуна ГIисаца жиндирго муридазда:

46 – Воре, гьал диниял гIалимзабаздаса цIунун чIа нуж. Гьезие бокьула
халатал гIабабиги ретIун хьвадизе, базаркъотIноб халкъалъ жидеего
салам кьезе, синагогабазда жанир киназдасаго церегIан гIодор чIезе ва
гьоболлъухъ кванил тIотIода нахъа бищунго хIурматияб бакI ккевезе.

47 Росал хун хутIарал къоролзабазул боцIи-рикъзи кванала гьез ва
рихьдаего халатал дугIаби гьарула. Гьеб кинабго цIикIкIун гьабунагIан
гIасияб букIине буго гьезие тамихI.

**Лука 21**

1 Мукъадасаб Рокъоб садакъаде гIарац лъолеб бакIалде бечедал чагIаз
гIемераб гIарац рехулеб бихьана ГIисада.

2 Бащдаб капекалъул багьаяб кIиго пахьул гIарац гьенибе рехулей цо
мискинай къоролайги йихьана гьесда.

3 ГIисаца абуна: – ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: гьай мискинай
къоролалъ киназдасаго цIикIкIун гIарац кьуна садакъаде.

4 Цогидаз садакъа гьабуна жидерго боцIи-рикъзи тIокIлъун, долъин
абуни, жиндиего хIажат букIаниги, садакъаде кьуна жиндирго
бетIербахъиялъе хутIун букIарабщинаб.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Мукъадасаб Рукъалъул хIакъалъулъ цо-цояз абулеб букIана, унго,
гьалъул къадазулъ лъун ругел ганчIазул берцинлъи бихьуларищилан,
бечедал сайигъатаз гьаб чIухIизабун бугеб куцилан. ГIисаца абуна:

6 – Гьаб кинабго нужеда бихьулебщинаб, ганчIида лъураб гамачI
хутIичIого, кIалагъоркье чIварал къоял рачIине руго.

7 – Я, МугIалим! Кида гьеб букIине бугеб? – ан гьикъана гьез гьесда. –
Гьеб къо тIаде щвеялъул гIаламат бице нижеда.

8 ГIисаца абуна: – Воре, къосинаризе гурин нуж! Чанги вукIине
вугелъулха, жив дун вугилан ва ахирзаман щванилан абун вачIунев чи.
Гьезда хадур унге нуж.

9 Рагъ-кьалги тунка-гIусиги гIемерлъун бугилан рагIани, гьелдасаги
хIинкъуге нуж. Гьеб цебеккунго лъугьине ккола, амма ахирзаман
гьедигIан хехго тIаде щоларо.

10 Цинги гьес абуна: – Цо халкъ цоги халкъалде, цо ханлъи цоги
ханлъиялде тIаде кIанцIила.

11 Кутакалда ракь багъарила, бакI-бакIалда унта-щокълъи баккила,
ракъи тIаде щвела, балагьал рещтIина ва зобалаздасан чIахIиял
гIаламатал загьирлъила.

12 Гьеб кинабго ккелалде, дун сабаблъун нужеда хадур лъугьина,
кквезеги ккун, синагогабазде рачина, суд гьабила, гвандинире рехила,
парччахIзабазда ва наибзабазда цере чIезарила.

13 Гьебмехалъ рес ккела нужее, дир муридал ругилан нугIлъи гьабизе.

14 Кин гьезие жаваб кьелебали цебеккунго ургъел чIвазе
кколареблъиялда ракIчIезабе нужеца.

15 Щаян абуни, нужеда дандечIезе ва данде кIалъазе нужер киналго
дагIбадулазухъа бажарулареб пасихIлъиги гIакъиллъиги кьела дица
нужее.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

16 Нужее хилиплъила хIатта нужер эбел-эмен ва вацал, нужер гIагарал
чагIи ва гьудулзаби. Цо-цоял чIвазеги чIвала нужер.

17 Дун сабаблъун киналго гIадамазда рихина нуж.

18 Амма нужер бутIруздаса цо расги бортизе гьечIебха.

19 Нужерго сабруялдалъун нужерго рухIал хвасар гьаре.

20 Боял рачIун, Иерусалим сверун ккун бихьараб мехалъ, лъала нужеда
гьеб шагьар чIунтулеб заман гIагарлъулеб букIин.

21 Гьеле гьебмехалъ мугIрузде лъута абе Ягьудиялда ругел гIадамал.
Шагьаралда жанир ругелал гьениса къватIире тIурун аян абе,
шагьаралдаса къватIирехун ругелал жанирего лъугьунгеян абе.

22 Щаян абуни, гьел ругелъул къисас босулел къоял, гьелдалъун
ритIухълъизе бугелъул Илагьиял ТIухьдузда хъварабщинаб.

23 Вай, къинал руччабазе ва каранда хахулел лъимал ругел улбузе
букIинаха дол къояз кIудияб къварилъи-гIазаб! ЦIакъ кIудияб балагь
бачIина гьеб ракьалде, Аллагьасул ццин рещтIина гьеб халкъалде!

24 Хвалчабаз бутIрул къотIаралги рукIина, киналго улкабазде асирлъун
рачун аралги рукIина. Аллагь лъалареб халкъалъул къуват лъугIараб
заман тIаде щвезегIан, гьелъ хIатIикь мерхьина Иерусалим.

25 Бакъ-моцIалъул ва цIвабзазул гIаламатал загьирлъила, ракьалдайин
абуни, ралъдал хъудиялъ ва карачалабазул кутакаб хъуялъ
хIинкъизарурал халкъал цIакъго рихха-хочун лъугьина.

26 Дуниялалде рещтIине ругел балагьазухъ ралагьун чIеялъги
хIинкъиялъги гIадамал гIакълуялдаса ина. Щаян абуни, къвакIарал
зобал гьаргьадизе ругелъул.

27 Гьебмехалда вихьила накIкIул парчаялда тIад гучалда ва кIудияб
къудраталда ГIадамил Лъимер вачIунев.

28 Гьел гIаламатал загьирлъаралго, нуж тIаде рахъа ва бетIер эхеде
борхун ралагье – нужее тархъанлъилъидал бачIунеб бугеб.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

29 ГӀисаца гьезие гьадинаб мисал бачана: – Инжиралъул гъотӀохъ яги
цогидал гъутӀбузухъ ралагье нуж.

30 Гьел гъутӀби гӀурччинлъун рихьараб мехалъ, нужеда лъалагури рии
тӀаде щолеб букӀин.

31 Гьелдаго рельълъун, гьал дица рицарал гӀаламатал загьирлъараб
мехалъ, нужеда лъала Аллагьасул ПарччахӀлъи гӀагарлъулеб букӀин.

32 ХӀакълъун абулеб буго дица нужеда: дуниялалда гьаб наслу букӀаго
лъугьине буго гьеб кинабго.

33 Зобалги ракьалги тӀагӀаниги, дир рагӀаби нахъе хутӀизе руго.

34 Воре, гьекъолдун, пасалъун ва магӀишаталъул тӀалаб-агъаз гьабун,
ракӀ бицалъизе биччаге, тохлъукьего гьеб къоялъ нужее къор гъезе
гурин.

35 Гьеб къо тӀаде бачӀине бугелъул тӀолабго гьаб ракьалда тӀад бугеб
кинабго махлукъаталде!

36 Гьединлъидал рорчӀуда чӀа! Кинабго гьеб ккезе бугелдаса
хвасарлъизеги ва къиямасеб къоялъ ГӀадамил Лъимада цере чӀезе
кӀвезеги кидаго гьари-дугӀаялда рукӀа.

37 Гьел къоязда Мукъадасаб Рокъове вагӀза-насихӀат гьабизе вачӀунаан
ГӀиса. Сордо базе гьев Зайтуналъул магӀарде тӀадвуссунаан.

38 Щибаб къоялъ радалго бачӀунаан Мукъадасаб Рокъобе гьесухъ
гӀенеккизе халкъ.

**Лука 22**

1 Жинда Пасхаян цӀар лъураб РеччичӀел Панкъазул Байрам гӀагарлъулеб
букӀана.

2 ЧӀахӀиял кашишзабиги диниял гӀалимзабиги ургъулел рукӀана ГӀиса
тӀагӀинавизе санагӀат ккелародайилан, амма халкъалъукьаги хӀинкъулел
рукӀана гьел.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 Дов анцIила кIигоясул цояв, Искариотин тIокIцIар бугев Ягьудал
рекIелъе илбис лъугьана.

4 ЧIахIиял кашишзабаздаги Мукъадасаб Рукъ цIунулел рагъухъабазул
бутIруздаги аскIове ун, гьезулгун къотIи-къай гьабуна ГIиса гьезул
кверде кьезе.

5 Гьел рохана ва гьесие гIарац кьезе къотIи гьабуна.

6 Ягьуда гьелда разилъана. Цинги гьес балагьулеб букIана гIадамал
гьечIеб бакIалда ГIиса гьезул кверде кьезе санагIалъи бугеб заман.

7 РеччичIел панкъал режулеб ва къурбаналъе пасхаялъул кьегIер хъолеб
къо тIаде щвана.

8 ГIисаца Пётридаги Иоаннидаги абуна, нилъеего пасхаялъул квен
хIадур гьабизе аян.

9 Киб нижеца гьеб гьабизе дуе бокьун бугебилан гьикъана гьез ГIисада.

10 ГIисаца гьезда абуна: – Балагьея, шагьаралде жанире лъугьараб
мехалъ, лъадал гIеретIги цIун вачIунев цо чи ватила нужеда. Гьев жаниве
лъугьараб рокъоре а нужги гьесда хадур.

11 Цинги нужеца рукъалъул бетIергьанасда абе: «МугIалимасе лъазе
бокьун буго жиндирго муридалгун цадахъ пасхаялъул квание рукъ киб
бугебали».

12 Гьес нужеда бихьизабила цо гIатIидаб къачIараб тIасарукъ. Гьеле
гьениб хIадуре нужеца квен.

13 Шагьаралде щведал, ГIисаца абухъе тIубана гьез иш. Цинги
пасхаялъул квенги хIадур гьабуна.

14 Къаси кванил ригь щвараб мехалъ, вачIун ГIиса кваназе гIодов чIана,
гьесда аскIов вукIана анцIила кIиявго чапарги.

15 ГIисаца гьезда абуна: – Дица гIазаб-гIакъуба хIехьезе ккелалде гьаб
Пасхаялъул квен нужеда цадахъ кваназе цIакъ гIащикълъун вукIана дун.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

16 Дица нужеда абулеб буго: Аллагьасул ПарччахIлъиялда ахирисеб
пасхаялъул байрам тIобитIизегIан тIокIаб кванaзе гьечIо дица гьеб.

17 Цинги гьес, чагъиралъул цIураб щурунги босун, тIаде дугIаги гьабун,
абуна: – Ма, нужедаго гьоркьоб бикье гьаб.

18 Дица нужеда абулеб буго: Аллагьасул ПарччахIлъи рещтIинегIан
гьанжеялдаса нахъе тIокIаб гьекъезе гьечIо дица гьаб цIолбол цIцIураб
жа.

19 Цо чедги кодобе босун, тIаде дугIаги гьабун, гьезухъе кьолаго ГIисаца
абуна: – Гьаб буго нужее гIоло къурбанлъулеб дир черх. Дунги ракIалде
щун, нужецаги гьабе гьадин.

20 Кванан рахъараб мехалъ, додинго щурунги кодобе босун, ГIисаца
абуна: – Гьаб буго нужее гIоло тIолеб дир би – ЦIияб КъотIи
щулалъиялъе тIолеб би.

21 Амма дида цадахъ гьаб кванде квер бегьана дие хилиплъизе вугев
чиясги.

22 Гьедин ГIадамил Лъимер жиндирго къадаралде щвела, амма гьесие
хилиплъарасдеги балагь бачIина.

23 Гьел цоцаздехун гаргадизе лъугьана: щивдай гьевилан, лъицадай гьеб
гьабизехъин бугебилан.

24 Цоги гьезда гьоркьоб дагIба-къец ккана жидеда гьоркьов бищунго
кIудиявлъун щивдай кколаян.

25 ГIисаца гьезда абуна: – ПарччахIзабаз халкъазе ханлъи гьабула,
гIадамазги гьел кверщелчагIи рикIкIуна лъикIлъи гьабулел чагIилъун.

26 Амма нужеда гьоркьоб гьедин букIине бегьуларо: нужер бищунго
кIудияв чIа бищунго гьитIинав вугев гIадин, кверщел бугевги чIа
цогидазе хъулухъалъе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

27 Щив кIудиявлъун рикIкIунев: кваналев вугев чийищ яги кваналезе хъулухъалъе чIарав чийищ? Кваналев вугев чи гурищ? Гьале дун гьанив нужее хъулухъалъе чIун вуго.

28 Нужни дида цадахъ къо хIехьарал чагIи руго.

29 Гьединлъидал дир Инсуца дие ирсалъе кьураб ПарччахIлъи дица нужееги ирсалъе толеб буго.

30 Дир ПарччахIлъиялда нужги дида цадахъ квана-гьекъолел рукIине руго ва Исраилил анцIила кIиябго наслуялъе суд гьабизе тахазда тIад гIодорги чIезе руго.

31 Симон! Симон! Ворегиха! Илбисалъ гьарана нуж цIалкIизе риччайилан, цIалкIица кколелги кколарелги ролъул мугъал ратIа гьарулеб гIадин.

32 Дица дуе дугIа гьабуна мун иманалдаса ватIалъунгутIизе, цинги дида аскIове тIадвуссараб мехалъ, дурго вацазул ракIбатизабе.

33 Пётрица гьесда абуна: – Я, БетIерчIахъад! Дуда цадахъ туснахъалде инеги хвезеги хIадурав вуго дун.

34 Амма ГIисаца гьесда абуна: – Дица дуда абулеб буго, Пётр: радакье хIелеко бахъиналде дуца лъабцIулго абила дун дуда лъаларилан.

35 ГIисаца гьезда абуна: – Я гIарац лъун таргьа босичIого, я къайи лъун къвачIа босичIого, я хисун ретIине хьитал росичIого дица нуж ритIараб мехалъ, сундулниги къварилъи букIанищ нужее? БукIинчIилан жаваб кьуна гьез.

36 Гьес гьезда абуна: – Гьанже гIарцул таргьа бугес гьебги цадахъ босе, гьединго къвачIаги босе. Хвалчен гьечIес, чухъа-гужгатги бичун, гьеб босизе санагIат гьабе.

37 Дица нужеда абулеб буго: «Гьев такъсирчилъун рикIкIина», – ян Илагьиял ТIухьдузда дир хIакъалъулъ хъван букIарабги тIубазе буго, дир рахъалъ букIараб кинабго гьанже тIубазехъин бугелъул.

38 – Я, БетIерчIахъад! Гьале, кIиго хвалчен буго гьаниб, – ан абуна гьез. –
ГIела, – ян абуна ГIисаца гьезда.

39 Цинги гьениса къватIиве вахъун, кидаго гIадин, Зайтуналъул магIарде
ана гьев, муридалги рахъана гьесда хадур.

40 Доре щведал, ГIисаца гьезда абуна: – Гьари-дугIаялде русса, нужго
къосинарунгутIизе.

41 Рехараб гамачI щолеб манзилалъ гьездаса рикIкIадегIанги ун,
суждаялдаги чIун, дугIа гьабизе лъугьана ГIиса.

42 Гьес абулеб букIана: – Я, дир Эмен, дур хIукму бугеб батани, гьеб
хвалил лъалъар гьекъезабуге дида. Амма дие бокьухъе гуреб, дуего
бокьухъе букIине биччанте.

45 ДугIаги лъугIизабун, муридазда аскIове щведал, пашманлъиялъ тату
хун, кьижун ратана ГIисада гьел.

46 – Щай нуж кьижарал? – ан абуна гьес. – ТIаде рахъа ва гьари-дугIаялде
русса, нужго къосинарунгутIизе.

47 ГIисаца гьедин абулаго, гьале тIаде щвана гIемераб халкъ, ва цеве-
цеве вукIана дол анцIила кIигояздасан цояв Ягьуда абулев чиги. ГIисада
убач гьабизе аскIовегIан вачIана гьев.

48 ГIисаца гьесда абуна: – Ягьуда! Убачги гьабунищ дуца ГIадамил
Лъимер тушбабазухъе кьолев вугев?

49 Гьениб ккезехъин бугеб иш бихьидал, сверухъ рукIараз ГIисада абуна:
– Я, БетIерчIахъад! Хвалчаби рахъилищ? – ан.

50 Гьезул цояс хвалчен кьабун кIудияв кашишасул цо рагьтIателасул
кваранаб гIин къотIана.

51 – ГIела! Те! – ян абуна гьезда ГIисаца ва, квер хъван, дов
рагьтIателасул гIин сахлъизабуна.

52 Жинда хадур рачIарал чIахIиял кашишзабаздаги, Мукъадасаб Рукъ
цIунулел рагъухъабазул бутIруздаги, чIухIби-хIакимзабаздаги ГIисаца


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

абуна: – Хвалчабигун, тIилалгун, хъачагъ кквезе рачIунел кинигин, рачIун руго нуж дун вачине.

53 Щибаб къоялъ нужеда цеве Мукъадасав Рокъов вукIунаангури дун, гъениб диде квер борхичIо нужеца. Амма гьанже нужер заман бачIун буго, бецIаб къуваталъухъе кверщел щун буго.

54 Ккун вачун гьез ГIиса кIудияв кашишасул бакIалде щвезавуна. Нахъа-нахъа чIун гьезда хадув вачIунев вукIана Пётрги.

55 Гьеб минаялъул азбар бакьулъ цIаги бакун, сверухъ гIодор чIана рагъухъаби. Гьезда гьоркьов Пётрги вукIана.

56 ЦIадухъ гьев вихьидал, гьесухъ ялагьунги чIун, цо гъаравашалъ абуна гьавги досда цадахъ вукIанилан.

57 Пётрица, нагIадала ккун, абуна: – Дида лъаларо, яц, гьев.

58 Гьелдаса гIемер мех иналдего, цоги чиясги абуна, гьев вихьидал, мунги дозул чи вугилан. Пётрица абуна: – Гуро, гьудул.

59 СагIатгIан заман индал, цоги чияс цIакъ ракIчIун абуна: – Гьав хIакъикъаталдаги досда цадахъ вукIарав чи вуго, Галилеялдасалъидалха гьавги, – ян.

60 Амма Пётрица абуна: – Дуца бицунеб жо щиб, гьудул? ГьебсагIат хIелеко гIегIедизе лъугьана.

61 Гьебмехалъ гьесдехун вуссун Пётрихъ валагьана ТIадегIанав ГIиса, ва Пётрида ракIалде щвана хIелеко бахъиналде лъабцIул дуца жиндаса инкар гьабилилан ТIадегIанав ГIисаца жиндаго абун рукIарал рагIаби.

62 КъватIиве ун гIек-гIекиялда гIодана Пётр.

63 ГIиса цIунун рукIарал гIадамаз гьев къабихI гьавулев вукIана, гьесда къабулеб букIана.

64 Беразда чIортоги бухьун абулаан, мун авараг ватани, лъица къабурабали бицейилан.

65 Цогидалги къабихIал-инжитал рагIаби гIемер абуна ГIисада гьез.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

66 Дуниял рогьараб мехалъ, халкъалъул чIухIби-хIакимзабиги, кIудиял
кашишзабиги, диниял гIалимзабиги данделъана гьенире, ГIисаги вачун
вачIана суд гьабулеб рокъове.

67 – Бице, мун МасихIищ? – ан гьикъана ГIисада.

68 Гьес абуна: – Дица жаваб кьуниги, нуж божиларо. Дица суал кьуни,
нужеца жавабги кьеларо.

69 Гьанжеялдаса нахъе ГIадамил Лъимер гIодов чIезе вуго Къудратав
Аллагьасул кваранаб рахъалда.

70 Киназго гьикъана: – Гьедин батани, мун Аллагьасул Васищха? ГIисаца
гьезда абуна: – Нужецаго абулеб бугогури дун гьев вугилан.

71 Гьез абуна: – Цоги нугIзал щай нилъее. Гьасул жиндирго кIалдисан
рачIарал рагIаби рагIанагури нилъеда.

**Лука 23**

1 Гьел киналго, ГIисаги вачун, рахъун Пилатихъе ана.

2 Гьениб гьез ГIисаде гIайиб гIунтIизабулеб букIана, жидер халкъ
дандечIеялде гьусулев ва къайсарасе магъало кьогеянги жив МасихI-
ПарччахI вугиланги абулев ватанин гьевилан.

3 Пилатица ГIисада гьикъана: – Мунищха кколев жугьутIазул ПарччахI?
ГIисаца жаваб кьуна: – Дуца абулеб бугоха гьедин.

4 ЧIахIиял кашишзабаздаги халкъалдаги Пилатица абуна гьав чиясе
тамихI гьабизе гIураб гIайиб жинда батулеб гьечIилан.

5 Амма гьез тIаса ричIичIого абулеб букIана гьес халкъ багъа-
бачаризабулеб бугин, тIолабго Ягьудиялдаго, хIатта Галилеялдаса
бахъараб гьанибе щвезегIан, гьес жиндирго насихIат гьабулеб букIанин.

6 Галилеялъул цIар бахъулеб рагIидал, Пилатица гьикъана
Галилеялдасацин гурищ гьав чийилан.

7 Гьеродил вилаяталдаса вукIин лъайдал, Пилатица ГIиса витIана гьел
къоязда Иерусалималде вачIун вукIарав Гьеродихъе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

8 ГIиса вихьаравго, Гьерод цIакъ вохана. Цебего бокьун букIана гьесие
ГIиса вихьизе, гIемерал харбал рагIулел рукIиндалха гьесул
хIакъалъулъ. Цо хIикмат жиндаги бихьизабилародаян хьулги букIана
Гьеродил.

9 Гьеродица гIемерал суалал кьуна ГIисае, амма гьес цонигиялъе
жавабцин кьечIо.

10 Гьенир рахъун чIун чIахIиял кашишзабазги диниял гIалимзабазги
гIасилъун-ццидахун ГIисаде гIайибал гIунтIизарулел рукIана.

11 Гьеродицаги гьесул рагъухъабазги ГIиса гIад-хочIие гьавун, инжит-
хIакъир гьавун чIухIараб ретIел ретIана гьесда ва тIадвуссун Пилатихъе
витIана.

12 Цебеккун цоцазда гьоркьоб тушманлъи букIарал Гьеродги Пилатги
гьеб къоялдаса нахъе гьудулзабилъун лъугьана.

13 ЧIахIиял кашишзабиги, чIухIби-хIакимзабиги, цогидал гIадамалги
ахIун, Пилатица гьезда абуна:

14 – Гьас халкъ дандечIеялде гьусулеб бугилан вачун вачIун вуго нужеца
гьав чи дихъе. Гьале дица нужги ралагьун цIех-рех гьабидал, дида гьав
чиясда батичIо нужеца гьасде гIунтIизарурал гIайибазул цонигияб.

15 Гьеродидаги батичIо, гьединлъидал дос гьав тIадвуссун нилъехъе
витIун вачIана. ЧIвазе къотIизе гIураб цониги такъсирги гьас гьабун
гьечIо.

16 ЦIалацаги вацIун, нахъе виччала дица гьав.

17 Амма халкъалъ цо кIалдисан гIадин ахIулеб букIана: – Гьев чIвазе
витIе! Варабба кье нижехъе! – ян.

19 Варабба вукIана, шагьаралда цо питнаялда гIахьаллъиялъул ва чи
чIваялъул такъсир тIад чIун, гвандинив тIамун вугев чи.

20 ГIиса нахъе виччазе бокьун нахъеги халкъалдехун кIалъана Пилат.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

21 Амма гIадамал ахIдезе лъугьана: – Хъанчида вазе витIе гьев! Хъанчида
вазе витIе! – ян.

22 Лъабабизеги абуна Пилатица гьезда: – Гьас гьабураб квешлъи щиб?
ЧIвазе гIураб гIайиб батичIо дида гьасул. Гьединлъидал, цIалацаги
вацIун, нахъе виччала.

23 Амма, кутакаб ахIи-хIур багъаризабун, тIадчIун гIадамаз гьарулеб
букIана ГIиса хъанчида вазе витIейилан, ва гьезул ахIи-хIур бергьана.

24 Пилатица хIукму гьабуна гьезул гьари къабул гьабизе:

25 питнаялда гIахьаллъанилан ва чи чIванилан гвандиниве рехун
вукIарав чиги, гIадамазул гьариялда рекъон, къватIиве виччан, ГIиса
гьезул ихтияралде кьуна.

26 Гьев вачун унаго, гьесда хадуб хъанч баччизабуна хуриса вачIунев
вукIун данде ккарав Киренеялдаса цо Симон абулев чиясда.

27 ЦIакъ гIемераб халкъ букIана ГIисада хадуб бачIунеб, хасго руччаби
рукIана гIодилел ва магIаби гьарулел.

28 Нахъвуссун гьезухъги валагьун, ГIисаца абуна: – Я, Иерусалималъул
руччаби! Нуж дихъ гIодуге! Нуж гIоде нужехъго ва нужер лъималазухъ.

29 «Чехь къинлъун лъимер гьабичIел, керен кьун гьеб хахизабичIел
руччаби гьардарал гурищ!» – ан нужеца абулел къоял рачIине руго.

30 ТIаде рортун ниж гьоркь ккезареян мугIрузда гьардела гIадамал
гьебмехалъ, щущан ун ниж щинкIизареян гохIазда гьардела.

31 ГIурччинаб гъветIалъе гьадинал ишал гьарулел ругони, – бакъвараб
гъотIое щибдай гьабила!

32 КIиго хъачагъги вукIана гьесда цадахъ тамихIалъе вачун унев.

33 «Гвангвара» абулеб бакIалде щведал, ГIиса хъанчида вана; цояв
кваранаб рахъалда, цогидавги квегIаб рахъалда – дов кIиявго хъачагъги
вана хъанчида.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

34 ГӀисаца абуна: – Я, дир Эмен! Гъазда тӀасалъугьа мун. Жидецаго гьабулеб бугеб жо гьазда лъалеб гьечӀо, – ян. Рагъухъаби рукӀана, можоро тӀамун, гьасул ретӀел жидедаго гьоркьоб бикьулел.

35 Халкъ балагьун чӀун букӀана. ЧӀухӀби-хӀакимзаби гьасда тӀад релъанхъулел рукӀана: – Аллагьас тӀаса вищарав МасихӀ вугев ватани, живго хвасар гьавеян абе, цогидал хвасар гьарулин досилан абулеб букӀанин.

36 Рагъухъабазги гӀад-хочӀ гьавулев вукӀана гьев. АскӀоре ун, цӀекӀаб чагъир бегьулеб букӀана гьесухъе.

37 – Мун жугьутӀазул парччахӀ ватани, мунго хвасар гьаве! – ян абулеб букӀана.

38 «Гьав вуго жугьутӀазул парччахӀ» абун греказул, румазул ва жугьутӀазул мацӀалъ тӀад хъвараб хъарщиги букӀана гьесул бетӀералда тӀадехун хӀобода чӀван.

39 Гьесда цадахъ хъанчида варав цо хъачагъас ГӀиса инжит-къабихӀ гьавулев вукӀана: – Мун МасихӀ гурищ? Гьаха, мунгоги нижги хвасар гьаре, – ян.

40 Цогидав хъачагъас, досул кӀал къазабун, абуна: – Мун АллагьасукьагӀагийищ хӀинкъуларев? Дуеги гьебго тамихӀлъидал бугеб!

41 Нилъее тамихӀ битӀун гьабулеб буго, нилъеца гьабуралда рекъон къотӀун бугелъул нилъее судги. Амма гьас щибго квешлъи гьабичӀо.

42 ГӀисадехун гьес абуна: – Я, ГӀиса, ПарччахӀлъун мун вачӀараб мехалъ, дунги ракӀалде щва дуда, – ян.

43 ГӀисаца гьесда абуна: – ХӀакълъун абулеб буго дица дуда: жакъаго дида аскӀов алжаналъувин мун вукӀине вугев!

44 Къалъулеб гӀужалда бакъ ккуна. Къалъудаса лъабго сагӀат инегӀан тӀолабго дуниял бецӀлъана.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

45 Мукъадасаб Рукъалъул бищунго хирияб рокъоб бигъун букIараб
пардав бакьулъа бихъун ана.

46 Цо гучаб гьаракь гьабун ахIана ГIисаца: – Я, дир Эмен! Дуда кодобе
кьолеб буго дица дирго рухI! Гьедин абун хадуб гьесул рухI босун ана.

47 Гьеб бихьарав Мукъадасаб Рукъ цIунулел рагъухъабазул
нусилбетIерас, Аллагьасе рецц гьабун, абуна: – ХIакъикъаталдаги
вацIцIадав чи вукIун вуго гьав.

48 Гьеб киналъухъго балагьизе бачIун букIараб тIолабго халкъги, гьениб
ккараб жо бихьидал, бухулаго керенгун, тIадбуссун ана.

49 ГIиса лъалев вукIарал киналго гIадамалги Галилеялдаса рахъарал
гьесда цадахъ рукIарал руччабиги нахъегIан чIун ралагьун рукIана.

50 Гьале Ягьудиялъул Ариматея шагьаралдаса Аллагьасул
ПарччахIлъиялде хьул лъурав Юсуп абулев цо лъикIав ва ритIухъав чи
(тIадегIанаб судалда гьоркьове унев вукIаниги, гьев разилъун вукIинчIо
гьелъ гьабураб хIукмуялдаги гьеб тIубазабиялдаги), –

52 Пилатихъе ана ГIисал жаназа кьеян гьаризе.

53 Хъанчидаса бахъун, хIебтил мусрудулъги жемун, кьурулъ бикIун
хIадурун букIараб жеги щивниги чи лъечIеб хабалазул нохъода букъула
гьесул жаназа.

54 Гьеб букIана рузман къо, тIаде щолеб букIана шамат сордо.

55 Галилеялдаса рахъарал ГIисада цадахъ рукIарал руччабиги ана
Юсупида хадур ва гьездаги бихьана гьеб хобги хабалъ гьев лъураб куцги.

56 Цинги тIадруссун рокъоре щведал, ГIисал мусруялда бахине
махIгьуинаб нах хIадурана гьез. Къануналда рекъон, шамат къоялъ
парахат чIана.

**Лука 24**

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

1 Анкьил тIоцебесеб къоялъ, цIакъ цудунго рахъун ва цебеккунго
хIадурун букIараб махIгьуинаб нахги босун, гьел руччаби ГIисал хабаде
ана.

2 Нохъодул хобалъул кIалтIа букIараб гамачI нахъе гиризабун батана
гьезда.

3 Жанире лъугьиндал, ТIадегIанав ГIисал жаназаги батичIо.

4 Гьелда хIикмалъун, хаган гьел рукIаго, гьале гьезда цеве чIана цIакъго
кенчIолел гIабаби ретIарав кIиго чи.

5 ХIинкъуца холаго, руччаби бутIрул гIодоре къулун чIедал, доз гьазда
абуна: – Хваразда гьоркьов щай нужеца чIагояв чи валагьулев?

6 Гьев гьанив гьечIо. Гьев хваралъуса вахъана. РакIалда бугищ
Галилеялда вугеб мехальго ГIисаца нужеда абулеб букIараб:

7 ГIадамил Лъимералъе къадар бугин гьев мунапикъзабазул кверде
кьезе, хъанчида ван хвезавизе ва хун лъабабилеб къоялъ чIаголъизеги.

8 ГIисаца абун рукIарал гьел рагIаби ракIалде щвана руччабазда.

9 Хабалалъа тIадруссун щведал, гьез гьеб хабар бицана ГIисал анцIила цо
чапарасдаги ва киналго цогидал муридаздаги.

10 Гьел руччаби рукIана: Магдалаялдаса Марямги, Иоаннаги, Якъубил
эбел Марямги ва цогидалги – гьезин бицараб гьеб чапарзабазда.

11 Чапарзабазда ккана гьез гIантал жал рицунел ругилан, ва руччабазда
гьал божичIо.

12 Амма Пётр гьебсагIатго векерун ана хабалалъе. Жаниве къулун
валагьидал, хIебтил мусру гурони, щибниги батичIо гьесда гьениб ва
хIикмалъун тIадвуссун вачIана.

13 Гьебго къоялъ ГIисал кIиго мурид унев вукIана Иерусалималдаса
анцIила цо километралъ рикIкIад бугеб Эммаус абулеб росулъе.

14 Кинабго лъугьа-бахъаралъул бицунеб букIана гьез.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Гаргадулел, дагІбадулел гьел рукІаго, вачІун ГІиса гьезда цадахъ
вилълъине лъугьана.

16 Амма гьезда цебе пардав лъугьун букІана, гьединлъидал ГІиса гьезда
лъачІо.

17 Гьес гьикъана гьезда: – Сундул бицунаго нуж рачІунел ругел?
Пашманго рачІунел рукІарал гьел кІиялго лъалхъана.

18 Гьезда гьоркьоса Клеопа абун цІар бугес абуна: – Гьал къоязда
Иерусалималде рачІаразда гьоркьов цохІо мун ватила гьениб ккараб
ишалъул хІакъалъулъ рагІичІев чи.

19 – Сундул хІакъалъулъ? – ан гьикъана гьес. – Назареталдаса ГІисал
хІакъалъулъ, – ан абуна гьез. – Гьев вукІана Аллагьасдаги тІолабго
халкъалдаги жиндир ишазулги рагІулги хІалкІолъи бихьарав авараг.

20 Цинги нилъер чІахІиял кашишзабазги чІухІби-хІакимзабазги гьесие
чІвазе къотІизе хІукму гьабизабуна, ва гьев хъанчида вазе витІана.

21 Вай, нижерни хьул букІана гьев Исраилил халкъ тархъан гьабизе
вачІарав чи ватилилан. Амма гьелдалъун лъугІичІо иш: гьале
лъабабилеб къо буго гьеб лъугьа-бахъин ккаралдаса.

22 Нижер цо-цо руччабаз бицараб хабаралъ хагазарун руго ниж. Жакъа
радал цудунго рахъун ГІисал хабаде ун рукІана гьел.

23 Амма гьезда хабалъ ГІисал жаназа батун гьечІо. Зодисан рещтІун
гьенир ратарал малаикзабаз гьев чІаго вугин абунин жидедаян бицине
рачІана гьел руччаби.

24 Цо-цо нижералги ун рукІана хабатІе, ва руччабазда батухъе батун буго
гьездаги хоб. Амма гьев живго вихьун гьечІо.

25 Гьес гьезда абуна: – Аварагзабаз цебеккунго киналъулго хІакъалъулъ
бицун бугониги, гьелда божизе гІураб гІакълуги гьечІел ракІалги
хІинцал гІадамал руго нуж!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

26 Гъединаб гIазаб-гIакъуба гурищ МасихIица хIехьезе кколеб букIараб,
гъедин гурищ МасихI машгъурлъизе кколев вукIарав?

27 Мусадасан байбихьун цогидал аварагзабиги ракIалде щвезарун,
МасихIил хIакъалъулъ Илагьияб ТIехьалда хъван бугебщинаб жо
бичIчIизабуна гьес гьазда.

28 Гьанже гьел доб росулъе гIагарлъулел рукIана. Жив дагьавги цевехун
ине кколеб ххвел гьабуна гьес.

29 Бакъги щинкIулеб бугин, сордоги тIаде щолеб бугин, жидеда цадахъ
чIайилан тIаделъана гьел гьесде. Разилъун гьезда цадахъ рокъове
жаниве лъугьана ГIиса.

30 Гьенир кваназе байбихьидал, гьес, тIаде дугIаги гьабун, бекун чед
кьуна гьезухъе.

31 Гьебмехалъ борхун ана гьезда цебе букIараб пардав, ва гьезда ГIиса
лъана. ГьебсагIат ГIиса гьезда вихьуларевлъун лъугьана.

32 Гьез цинги цоцазда абуна: – Нухда нилъгун кIалъалев ва Илагьияб
ТIехьалда бугеб хабар бичIчIизабулев гьев вукIараб мехалъго бухIулеб-
бухIулеб букIинчIищ нилъер ракI? – абун.

33 Рахъун гьебсагIатго Иерусалималде тIадруссун ана гьел. Гьенир
ратана анцIила цо чапарги гьезда цадахъ рукIаралги.

34 Гьез бицунеб бугоан хIакъикъаталдаги ТIадегIанав ГIиса чIаголъун
вугин ва Симонида гьев вихьунги вугин.

35 Гьазги бицана нухда жидеда цадахъ вачIиналъулги, кванда нахъа
бекун чед кьураб мехалъ, жидеда ГIиса лъараб куцалъулги хIакъалъулъ.

36 Гьелъул бицунел гьел рукIаго, тIаде вачIун, ракълида хутIагийилан
саламги кьун, рукъ бакьулъ вахъун чIана ГIиса.

37 ХIинкъун, хIал хисун ругел гьезда ракIалде ккана хваразул рухI бугин
гьебилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

38 ГIисаца гьезда абуна: – Щай нуж рихха-хочулел? Щай нуж щакдарулел?

39 Гьанире ралагье: гьале дир кверал, гьале дир хIатIал. Дун вуго нужеда цеве вахъун чIун. Квер хьван хал гьабе нужецаго. Хваразул рухIалъул рукьбиги рукьбузда гьанги букIунебищ? Дир черхалда бихьулеб бугогури нужеда гьеб.

40 Гьединги абун, жиндирго квералги хIатIалги рихьизаруна ГIисаца гьезда.

41 Рохиялъ хаган, хIикмалъун, божизе захIмалъун гьел ругеб мехалъ, цо щибниги кванaзе жо гьечIищ гьанибилан гьикъана ГIисаца.

42 Гьез ГIисахъе бегьана бежараб ччугIил кесек.

43 Босун, гьалги ралагьун, квана ГIисаца гьеб.

44 ГIисаца гьезда абуна: – Мусал къануналдаги цогидал аварагзабазул тIухьдуздагун Туркабазул Хирияб ТIехьалдаги дир хIакъалъулъ хъван бугебщинаб ритIухълъана. Гьедин ккезе бугилан бицун букIана нужеда цадахъ вугеб мехалъ дица.

45 Илагьияб ТIехьалда хъван бугебаб бичIчIуледухъ, гьезул ракIал кантIизаруна ГIисаца цинги.

46 Гьес абуна: – ХIасил, Илагьияб ТIехьалда хъван буго – МасихIица гIазаб-гIакъуба хIехьезе ккезе бугилан, хун лъабабилеб къоялъ гьев чIаголъизе вугилан ва Иерусалималдасан байбихьун киналго халкъазда, мунагьал чурулев Аллагьасде руссайилан, гьесул вакилзабилъун лъугьун, лъазабизеги бугилан.

48 Гьелъие нугIзал руго нуж.

49 Дир Инсуца нужее рагIи кьун букIарабги битIизе буго дица нужехъе. ТIасан бачIараб хIалкIолъиялъ къвалбазегIан шагьаралда чIа нуж.

50 Иерусалималдаса Бетаниялде рачана ГIисаца гьел. Квералги зодирехун ритIун, баркат лъегиян дугIа гьабуна гьезие ГIисаца.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

51 ДугӀа гьабулаго дагьа-дагьавккун гьездаса рикӀкӀалъизе лъугьана ва зобалазде восун ана.

52 Гьесие суждаги гьабун, рохуца холаго Иерусалималде тӀадруссана гьел.

53 Цинги, кидаго Мукъадасаб Рокъор чӀун, Аллагьасе рецц гьабулеб букӀана гьез.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# Иоанн

## Иоанн 1

1 Бищунго цебе букIана РагIи. РагIи Аллагьасда аскIоб букIана. РагIи
букIана Аллагьлъунги.

2 Бищунго цебе гьеб Аллагьасда аскIоб букIана.

3 Гьеб РагIудалъун бижана кинабго. Бижарабщиналъул щибниги бижичIо
гьеб гьечIого.

4 Гьелъулъ букIана чIаголъи. Гьеб чIаголъи букIана гIадамазе Нурлъун.

5 Гьеб Нур бецIлъуда кунчIун буго, бецIлъиялда гьеб Нур киданиги
къезабизе кIвечIо.

6 Гьале Аллагьас витIун вачIана ЯхIя абулев чи.

7 Гьев вачIун вукIана халкъалда цебе гьеб Нуралъе нугIлъи гьабизе,
гьесухъги гIенеккун, киналго гьелда божизелъун.

8 ЯхIя живго Нур вукIинчIо, гьев вачIун вукIана гьеб Нуралъе нугIлъи
гьабизе.

9 Гьеб ккола дуниялалде бачIараб хIакъаб Нур. Гьелъ гвангъизавун вуго
щивав чи.

10 Гьеб Нур бачIун букIана гьелдалъун жиб бижараб дуниялалде, амма
гIаламалда гьеб лъачIо.

11 Жиндирго халкъалъухъе вачIун вукIана Нурлъун вугев чи, жиндирго
халкъалъ гьев къабул гьавичIо.

12 Амма жив къабул гьавуразе ва жинда божаразе гьес рес кьуна
Аллагьасул лъималлъун рукIине.

13 Лъилниги биялдасан, лъилниги черхалдасан яги бихьинчиясул
гьаваялдасан лъугьарал лъималлъун рукIине гуро рес кьураб,
Аллагьасул лъималлъун рукIинейин.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

14 РагӀи инсанлъун лъугьана, баркаталъул ва хӀакъабщиналъул цӀурав инсанлъун лъугьун, нижеда цадахъ чӀана. Нижеда бихьана гьесул кӀодолъи – Инсул цохӀо вугев Васасул кӀодолъи.

15 Гьесул хӀакъалъулъин ЯхӀяца бицунеб букӀараб. ЯхӀяца ахӀулеб букӀана: «Дида хадув вачӀунев дидаса гӀемерго тӀадегӀанав кколилан дица бицунеб букӀарав чи вуго гьев. Дидасаги цеве вукӀиндалин гьев тӀадегӀанав вугев!"

16 Гьесул баркаталъул гьарзалъиялъин баркаталда хадубги баркат щвараб нижее.

17 Къанун Мусахъ битӀун бачӀана Аллагьас, баркатги хӀакъабщинабги МасихӀ ГӀисадасан загьирлъана.

18 Аллагь киданиги лъиданиги вихьичӀо, амма кидаго Инсудаса ватӀалъуларев цохӀо вугев Васасдалъун вихьизавуна гьес живго.

19 Иерусалималдаса ягьудияз кашишзабиги левиталги мун щивилан гьикъизе ритӀун рачӀараб мехалъ, жиндирго хӀакъалъулъ нугӀлъи гьабун,

20 гьес инкар гьабичӀо, гьев мукӀурлъана – жив МасихӀ гурилан мукӀурлъана ЯхӀя.

21 Гьедин батани, Иляс аварагищха мунилан гьикъана гьез. Гурилан жаваб кьуна ЯхӀяца. Мун аварагищилан гьикъараб мехалъги гурилан абуна гьес.

22 Ахиралда гьез гьикъана: – Щивха мун? Ниж дуда аскӀоре ритӀарал гӀадамазда щибилан нижеца бицинеб? Дуцаго щивлъун мун рикӀкӀунев?

23 ЯхӀяца жаваб кьуна: – Дун вуго, Ишая аварагас абухъе: «БетӀергьанасе нух къачӀайилан авлахъалда ахӀдолев вугев чи!"

24 Гьел рукӀана фарисеяз ритӀарал гӀадамал.

25 Гьез гьикъана: – Мун МасихӀги гурев ватани, Илясги гурев ватани, аварагги гурев ватани, гьал гӀадамал лъадалъ ччун щайха дуца гьазул мунагьал чурулел ругел?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

26 ЯхIяца жаваб кьуна: – Дица нуж, мунагьал чуризе лъадалъ ччун
рахъун, рацIцIад гьарулел руго, амма халкъалда гьоркьов вуго цо Чи.
Нужеда лъаларо гьев.

27 Дида хадув вачIунев вуго гьев. Гьесул хьитил рухьен бичизецин
мустахIикъав гьечIо дун.

28 Гьеб гара-чIвари ккана Иордан гIурул доб рахъалда бугеб Бетаниялда.
Гьенир лъадалъ ччун рахъулел рукIана ЯхIяца гIадамал.

29 Нахъисеб къоялъ ГIиса жиндаго аскIове вачIунев вихьидал, ЯхIяца
абуна: – Гьале дов – гьаб гIаламалъул мунагь тIаде босун къурбанлъун
лъугьине бугеб Аллагьасул КьегIер.

30 Дида хадув вачIунев дидаса гIемерго тIадегIанав кколилан дица
бицунеб букIарав чи вуго гьав. Дидасаги цеве вукIиндалин гьав
тIадегIанав вугев!

31 Дида лъалароан гьав, Исраилил халкъалъе гьав загьирлъизе гIоло,
гьел лъадалъ ччун рахъун рацIцIад гьаризе вачIун вуго дун.

32 ЯхIяца нугIлъи гьабун абуна: – Дида бихьана зобалаздасан Илагьияб
РухI, миккидул сураталда боржун бачIун, гьесухъе рещтIунеб ва гьесулъ
хутIулеб.

33 Дида гьебмехалдаги лъачIо гьев. Амма лъадалъ ччун рахъун гIадамал
рацIцIад гьаризе дун витIарас дида абуна: «Илагьияб РухI жиндихъе
рещтIунев ва жиндихъ гьеб хутIулев чи вихьила дуда. Гьев ккола
Илагьияб РухIалдалъун гIадамал чуризе вачIарав чи».

34 Гьеб дида бихьана, гьединлъидал дица нугIлъи гьабулеб буго гьав
Аллагьасул Вас вукIиналъе.

35 Нахъисеб къоялъ ЯхIя жиндирго кIиго муридасда цадахъ вугеб мехалъ,

36 цевесан унев ГIисахъги валагьун, гьес абуна: – Гьале Аллагьасул
КьегIер.

37 Гьеб рагIидал ЯхIял кIиявго мурид ГIисада хадур ана.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

38 Нахъехун вуссун валагьарав ГІисада гьел жиндаго хадур рачІунел
рихьана. – Нужее щиб къваригІун бугеб? – ан гьикъана ГІисаца гьезда.
ГІисада гьезги гьикъана: – Я, Рабби! («МугІалим» абураб магІна буго гьеб
рагІул.) Дур чІей, яшав киб бугеб? – абун.

39 Жинда хадур рачІани лъалин нужеда гьебилан жаваб кьуна ГІисаца.
(СагІат ункъо тІубараб заман букІана гьеб.) Гьел ГІисада хадур гьесул
бакІалде ана ва тІубараб къоялъго гьенир чІана.

40 ЯхІяца бицаралъухъ гІенеккун, ГІисада хадур аразул цоясда цІар
Андрей букІана. Гьев вукІана Симон Пётрил вац.

41 ТІадвуссун щваравго, Симонги валагьун, Андрейица бицана нижеда
МасихІ ватанилан. (Грек мацІалда Христосилан абула гьесда.)

42 Гьес Симон ГІисахъе вачана. Гьесухъ валагьун ГІисаца абуна: – Мун
вуго Иоаннил вас Симон. Дуда цІар букІине буго Кефа (грек мацІалда
Пётр).

43 Нахъисеб къоялъ Галилеялде ине хІукму гьабуна ГІисаца. Гьес Филипп
валагьана ва жинда хадув вачІайилан абуна.

44 Пётрги Андрейги гІадин, Филиппги Бетсаида шагьаралдаса вукІана.

45 Натанаэл валагьун, Филиппица абуна Мусал къануналдаги цогидал
аварагзабазул ТІухьдуздаги жиндир хІакъалъулъ хъван букІарав чи
ватанин жидедаян. Гьев вугин Назареталдаса Юсупил вас ГІиса.

46 Назареталда сахав чи вахъуневищилан абуна Натанаэлица. Мунго а
дов вихьизеян абуна гьесда Филиппица.

47 Натанаэл вачІунев вихьараб мехалъ ГІисаца абуна: – Гьав вуго дов
унго-унгояв жугьутІав, жинца киданиги хІилла-рекІкІ гьабуларев.

48 – Дуда дун кисан лъалев? – ан гьикъана Натанаэлица. – Филиппица
мун витІилалдего инжиралъул гьотІокь гІодов чІун вихьана дида мун, –
ян абуна ГІисаца.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

49 Натанаэлица абуна: – Я, Рабби! Мун вуго Аллагьасул Васги, Исраилил
халкъалъул ПарччахIги!

50 ГIисаца абуна: – Инжиралъул гъотIокь вихьанилан дица абидалищ
дуца диде иман лъураб? Гьелдасаги хIикматал ишал гIемер рихьила
дуда.

51 Цоги ГIисаца гьесда абуна: – ХIакълъун абулеб буго дица дуда: дуда
зобал кIирикьулел рихьила ва гьенисан ГIадамил Лъимадухъе рачIунел-
унел Бичасул малаикзабиги рихьила.

**Иоанн 2**

1 КIиго къоялдасан Галилеялъул Кана абулеб шагьаралда бертин
букIана. ГIисал эбелги йикIана берталъ.

2 Берталъе ахIана ГIисаги гьесул муридалги.

3 Кинабго чагъир гьекъон бахъараб мехалъ, эбелалъ ГIисада абуна
берталъ чагъир лъугIун бугилан.

4 ГIисаца гьелда абуна: – Я, дир эбел, дида щай дуца гьеб абулеб бугеб?
Дирго иш гьабизе жеги болжал щун гьечIогури.

5 Амма эбелалъ бертадул иш тIубазабулел рукIарал гIадамазда абуна
гьас малъараб гьабейилан.

6 Гьениб букIана рацIцIалъизариялъул гIадат тIубазабизе жугьутIаз лъим
жанибе тIолеб гамачI бекIкIун гьабураб анлъго ргI. Щуго-анлъго къали
унаан щибаб рагIалъубе.

7 ГIисаца гьезда абуна гьел рагIал лъадал цIезареян. Симсимун лъадал
цIезабуна гьез гьеб анлъабго рагI.

8 Пурччби цIезарун тамадаясухъе гьебги босун айилан абуна ГIисаца
гьел бертадул иш тIубазабулел гIадамазда. Босун щвезабуна гьез гьеб.

9 Тамадаяс гьелъул хIалбихьизе цин жинцаго гьекъана. Чагъир батана
гьеб. Амма киса гьеб бачIарабали гьесда лъалароан. Гьеб лъалаан дол
гIадамазда.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 Гьебмехалъ, ахIун аскIовегун, тамадаяс бахIарасда абуна: – Кибгоги
берталъ цин лъикIаб чагъир кьола гьекъезе, цинги гIадамал мехтидал,
квешабги бахъула цебе. Дуцайин абуни гьанжелъагIан тун букIун буго
бищунго лъикIаб чагъир.

11 Гьедин гьениб – Галилеялъул Кана шагьаралда – бихьизабуна ГIисаца
тIоцебесеб мугIжизат. Загьирлъизабуна жиндирго къудрат. Муридалги
божана ГIисада.

12 Цинги ГIисаги, гьесул эбелги, вацалги ва муридалги Капернаумалде
ана. Чанго къо бана гьез гьениб.

13 ЖугьутIазул Пасха тIаде щолеб букIиндал, ГIиса Иерусалималде ана.

14 Мукъадасаб Рокъове лъугьиндал, ГIисада гьенир ратана къурбаналъе
хъвезе гIи-боцIиги маккалги ричулел гIадамал, жидерго столазда нахъа
гIодор чIун ругоан гIарац хисулел чагIиги.

15 ЦIалаца гIадин квар-гIарщалъ рухулаго гьел гIадамалги гIи-боцIиги
къватIире гъуна ГIисаца, гIарац хисулел чагIазул столалги кIалагъоркье
чIвазарун, гIарац гIодобе щущазабуна.

16 Маккал ричулел чагIазда гьес абуна: – Нахъе босе гьаб кинабго. Дир
Инсул рукъ базаралде сверизабуге, – ян.

17 Гьебмехалъ ГIисал муридазда ракIалде щвана: «Дур рукъалъухъ
бергьараб хIасраталъ вухIулев вуго дун», – абун ТIухьдузда хъван бугеб
калима.

18 Гьенир рукIарал ягьудияз ГIисада гьикъана: – Дуца кинаб
гIаламаталдалъун нижеда бихьизабилеб гьеб киналъего дур ихтияр
букIин?

19 ГIисаца гьезие жаваб кьуна: – Нужеца гьаб Мукъадасаб Рукъ
биххизабе, цинги лъабго кьоялда жаниб дица гьеб цIидасан бала.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

20 Гьесие жавабалъе ягьудияз абуна: – Гьаб Мукъадасаб Рукъ базе
кIикъоялда анлъго сон къваригIана. Лъабго къоялда жаниб бан
бажарилищ духъа гьеб?

21 Гьеб Мукъадасаб Рукъалъул мисалалда ГIисаца бицунеб букIун буго
жиндирго черхалъул хIакъалъулъ.

22 ГIиса хваралъуса вахъараб мехалъ ракIалде щвана муридазда гьесул
гьел рагIаби. Гьебмехалъ божана гьел ТIухьдузда хъван букIаралдаги
ГIисаца жидедаго бицун букIаралдаги.

23 Иерусалималда ГIиса Пасхаялъул байрамалда вугеб мехалъ, гьесдасан
загьирлъарал гIаламатал рихьун, гIемерал гIадамал божана гьесда.

24 Амма ГIиса лъиданиги божизе кколароан. Гьел киналго щал
кколелали лъалеб букIана гьесда.

25 Пуланав чи гьадинав-додинав вугилан лъицаниги бицинчIониги,
жиндаго лъалаан лъида щиб ракIалда бугебали.

**Иоанн 3**

1 Ягьудиязул чIухIби-хIакимзабазда гьоркьов вукIана цо Никодем абулев
фарисеяв.

2 Сардилъ ГIисахъе вачIун, гьес абуна: – Я, Рабби! Нижеда лъала мун
Аллагьас нижехъе витIарав МугIалим вукIин. Дуца нижеда рихьизарурал
гIадинал мугIжизатал лъиданиги рихьизаризе кIоларо, Аллагьасул
квербакъи гьечIони.

3 ГIисаца гьесда абуна: – ХIакълъун абулеб буго дица дуда: цIидасан
гьавурасда гурони Аллагьасул ПарччахIлъи бихьизе гьечIо.

4 Никодемица гьесда гьикъана: – КIудияв гIурав чи цIидасан кин
гьавулев? ТIадвуссун эбелалъул ургьиве лъугьун, цIидасан чи гьавизе
рес бугебищ?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 ГІисаца жаваб кьуна: – ХІакълъун абулеб буго дица дуда: лъададасан ва
Илагьияб РухІалдасан лъугьарав чиясе гурони Аллагьасул
ПарччахІлъиялде нух гьечІо.

6 Инсанасул черхалдасан черх лъугьуна, рухІалдасан рухІ лъугьуна.

7 Нуж цІидасан гьаризе кколилан дица абиялда хІикмалъуге.

8 Гьури жиндиего бокьараб рахъалде уна. Дуда гьелъул гьаракь-хъуй
рагІула, амма кисан бачІунеб ва кибе гьеб унеб бугебали дуда лъаларо.
Гьелда релълъуна РухІалдасан гьавуравщинав чиги.

9 – Гьеб кин лъугьунеб? – ан гьикъана Никодемица.

10 ГІисаца жаваб кьуна: – Мун вуго Исраилил халкъалъул мугІалим. Дуда
лъазе ккеларищ гьеб?

11 ХІакълъун абулеб буго дица дуда: нижеца бицунеб буго нижедаго
лъалебщинаб ва нижеда бихьарабщиналъе нугІлъи гьабулебги буго.
Амма нижер нугІлъиялда нуж божулел гьечІо.

12 Дуниялалъул ишазул хІакъалъулъ бицаралда божулареб мехалъ,
зобалазул ишазул бицунилан божилищ нуж?

13 Зобалазде цониги инсан щвечІо, гьениса рещтІарав ГІадамил Лъимер
тун батІияв чи.

14 ГІицІаб авлахъалда Мусаца пахьул борохь гІорол тІогьибе бахинабураб
гІадин, ГІадамил Лъимерги борхатаб бакІалде вахинавизе вуго,

15 гьесда божаравщинасе абадияб гІумру насиблъиялъе гІоло.

16 Гьаб дуниял Аллагьасе гьедигІанги цІакъ бокьулеб буго: гьес цохІо
вугев Вас гьаниве витІана, гьесда божанщинав чи хунгутІизе, гьезие
абадияб гІумру насиблъизе.

17 ГІаламалъе судги тамихІги гьабизе витІун гьечІо Аллагьас жиндирго
Вас дуниялалде, гьесдалъун гІалам хвасар гьабизе витІун вуго.

18 Гьесда божарасе тамихІ букІине гьечІо, амма божичІезе тамихІ
гьанибго гьабун буго, Аллагьасул цохІо вугев Васасда гьел божичІелъул.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

19 Дуниялалде Нур бачIиналдалъун гъабуна гьеб суд. Амма гIадамазе
Нур бокьичIо, бецIлъи бокьана, гьез гьарулел ишал квешал рукIиндал.

20 Квешлъи гьабулевщинав чиясе Нуралъул канлъи бокьуларо ва
канлъуде унаро, гьеб квешлъи къватIибе загьирлъилилан хIинкъун.

21 ЛъикIлъи гьабулев чи канлъуде уна, жинца гьеб лъикIлъи Аллагьасе
гIоло гьабураб букIин загьирлъизе.

22 Цинги ГIиса жиндирго муридалгун цадахъ Ягьудиялъул ракьалде ана,
гьенив чIун гIадамал лъадалъ ччун рахъулел рукIана гьес.

23 Гьеб заманаялда ЯхIяги вукIана Салималда аскIоб бугеб Эноналда.
Лъим гIемераб бакI букIиндал, гьенир лъадалъ ччун рахъулаан ЯхIяца
жиндихъего рачIарал гIадамал.

24 ЯхIя жеги гвандинив тIамилалде заман букIана гьеб.

25 ЯхIял муридазулги цо ягьудиясулги дагIба ккана рацIцIалъизариялъул
гIадаталда тIасан.

26 ЯхIяхъе рачIун муридаз абуна: – Я, Рабби! Иорданалъул добцояб
рагIалда дуда аскIов вукIарав ва дуца жиндир хIакъалъулъ бицунеб
букIарав чиясги лъадалъ ччун рахъулел руго гIадамал. Киналго гьесухъе
рачIунел руго.

27 Гьезие жавабалъе ЯхIяца абуна: – Зобалаздасан кьун гьечIони,
инсанасе щибниги щоларо.

28 Нужеда рагIанагури добмехалъго дица дун МасихI гурин, гьесдаса
цеве витIарав чи вугилан абулеб.

29 БахIарав вуго бахIаралъул бетIергьан, бахIарасул гьудулин абуни
бахIарай ячине гьев вачIинегIан чIезе ккола, ва, гьев вачIунев рагIарабго,
вохуца холев вукIине ккола. Гьедин гьанже дунги кутакалда вохун вуго
гьев вачIиналдаса.

30 Гьев кIодолъизе ккола, дун гьитIинлъизе ккола.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

31 Зобалаздасан вачIарав киназдасаго тIадегIанав вукIуна. Ракьалда
вижарав ракьалдаго хутIула, дуниялалъул ишазул хIакъалъулъ букIуна
гьесул бицунеб рагIиги. Зобалаздаса вачIарав киназдасаго тIадегIанав
вукIуна.

32 Гьес бицунеб буго жиндаго бихьаралъулги рагIаралъулги. Амма гьес
бицаралда щивниги божулев гьечIо.

33 Гьесда божарав чияс Аллагь хIакъав вукIин чIезабула.

34 Аллагьас витIарасул кIалдиб буго Аллагьасул калам, БетIергьанас
Илагьияб РухI гьарзаго лъугьинабун бугелъулха гьесулъе.

35 Инсуе вас вокьула ва тIолабго кверщел гьесухъе кьола.

36 Васасда божарав чиясе абадияб гIумру насиблъила. Васасухъ
гIенеккичIесда абадияб гIумру бихьиларо, Аллагьасул ццин бахъин тIаса
инаро гьесдаса.

**Иоанн 4**

1 Фарисеязда рагIана ЯхIяхъеялдаса цIикIкIун гIадамал лъадалъ ччун
рахъизе ГIисахъе унел ругилан. (ХIакъикъаталдайин абуни, жинцаго
ГIисаца гьабулароан гьеб иш, муридаз гьабулаан.) Гьеб лъайдал ГIиса
Ягьудиялдаса тIадвуссун Галилеялде ана.

4 Самариялъул ракьалдасан ине кколаан гьел.

5 Якъуб аварагас жиндирго вас Юсупие кьураб хуралда аскIоб бугеб
Сихар абулеб Самариялъул цо шагьаралде щвана.

6 Якъубилго букIараб цо гьуялъухъе щведал, сапаралда свакарав ГIиса
гьенив гIодов чIана. Гьеб букIана къалъул гIуж.

7 Цо самарияй ячIана гьуялъуса лъел цIезе. – Гьекъезе лъим кье, – ян
абуна гьелда ГIисаца.

8 (Гьесул муридал квен-тIехалда хадур шагьаралде ун рукIана.)


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

9 Самарияль гьесда абуна: – Мун жугьутIавлъидал, дуца дида –
Самариялъул гIаданалда – лъим гьаризе бегьилищ? (ЖугьутIазги
самариязги хIатта цо гулгун-парччиялъусан лъимцин гьекъолароан.)

10 ГIисаца гьелда абуна: – Аллагьасдасан насиблъулеб сайигъатги
лъалебани ва лъим кьейилан дуда гьарулев вугев чи щивалиги
лъалебани, дуцаго гьарилаан гьесда лъим кьейилан, ва гьес дуе кьелаан
чIаголъиялъул лъим.

11 Гьей гIаданаль ГIисада абуна: – Я, бетIерчIахъад, духъ гел гьечIогури,
гьаб гъуйги гъваридаб буго. Киса дуе чIаголъиялъул лъим щвезе бугеб?

12 Нилъер кIудияв эмен Якъубидасаги кутакав чийищха мун? Гьесдасан
нижее ирсалъе хутIараб гьаб гъуялъуса лъим гьесги гьекъолаан, гьесул
лъималазги гьекъолаан, гьесул боцIи-панзалъги гьекъолаан.

13 ГIисаца абуна: – Гьаб гъуялъуса лъим гьекъарав чи нахъеги къечола.

14 Амма дица кьураб лъим гьекъарав чи абадул абадияль къечезе гьечIо.
Дица кьураб лъим гьесул рекIелъ иццлъун лъугьина. Гьеб иццул лъадал
чвахияль абадияб гIумру насиблъизабула.

15 Гьей гIаданаль ГIисада абуна: – Дие кье, бетIерчIахъад, гьеб лъим.
ТIокIай дун киданиги къечеларо ва гьание лъел цIезе ячIине ккеларо.

16 Дурго росги вачун ячIайилан абуна ГIисаца гьелда.

17 Жиндир рос гьечIилан абуна гьель. ГIисаца гьелда абуна рос гьечIилан
абураб рагIи дур битIараб бугилан.

18 Щуго рос вукIана дур. Амма гьанже вугев чи дур рос кколаро, гьеб
цIакъ битIун абуна дуца.

19 Гьей гIаданаль абуна: – Мун авараг вукIин бихьулеб буго,
бетIерчIахъад, дида.

20 Нижер умумул гьаб магIарде рахунаан Аллагьасе тIагIат-гIибадаталъе.
Нужер жугьутIаз абулеб буго тIагIат-гIибадаталъе Иерусалималде
рачIине кколилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 – Мун дида божа, – ян абуна ГӀисаца гьелда. – Цо заман бачӀина Инсуе
суждаялда чӀезе я гьаб магӀарде рахине кколареб, я Иерусалималде ине
кколареб.

22 Нужеда лъаларо лъие нужеца сужда гьабулеб бугебали. Нижер
жугьутӀазда лъала лъие сужда гьабулеб бугебали, гӀаламалъе хвасарлъи
жугьутӀазда гьоркьосан бачӀунелъул.

23 Цо заман бачӀина хӀакълъунго Аллагьасда божулел гӀадамаз хӀакъаб
нухдасан ун, Илагьияб РухӀалдалъун Инсуе сужда гьабулеб. БачӀунго
буго гьединаб заман. Гьединал божулел чагӀи ралагьулел руго нилъер
Инсуца.

24 Аллагь – гьев ккола РухӀ. Гьединлъидал хӀакъаб нухдасан ун,
РухӀалдалъун гьабизе ккола гьесие сужда.

25 Гьей гӀаданалъ абуна: – Дида лъала Христосилан абулев МасихӀ
вачӀине вукӀин. Гьев вачӀараб мехалъ, гьес бицина нижеда кинабго.

26 ГӀисаца гьелда абуна: – Гьанив дуда кӀалъалев вугев дун ккола гьев.

27 Гьебмехалъ тӀаде щварал ГӀисал муридал гӀажаиблъана самариялда
гаргадилев гьев ватидал. Амма гьесда лъицаниги гьикъичӀо щиб дуе
къваригӀун букӀарабилан, щиб бицун мун гьелда гаргадулев вугевилан.

28 ГӀеретӀги гьениб тун, шагьаралдеги ун, дой гӀаданалъ гӀадамазда
абуна:

29 – Рилълъа, нужедаго цо чи вихьизе. Гьес бицана дир гӀумруялда жаниб
ккарабщинаб жо. МасихӀцин гуродай дов?

30 Гьев вихьизе ине къватӀире рахъана шагьаралъул гӀадамал.

31 Гьел тӀаде щвелалде, муридаз ГӀисада абуна: – Кванай, МугӀалим, – ан.

32 Гьес гьезда абуна: – Нужеда лъалареб квен буго дихъ, – ан.

33 Цо лъицаниги квенциндай гьасие бачӀарабилан гаргадизе лъугьана
гьел.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

34 ГІисаца гьезда абуна: – Дир квен ккола дун витІарав Аллагьасул амру
тІубазаби ва гьесул иш рагІалде бахъинаби.

35 Нужеца абила хур лъилъизе жегиункъониги моцІ хутІун бугилан.
Гьале дица нужеда абулеб буго: лъикІго бер щвезабе хурзабахъе,
хІалухъен тІогьиллъун буго ва гьеб лъилъизе заман щун буго!

36 Лъилъарухъанасе лъикІаб мухьги щвела ва абадияб гІумруялъе
бачІинги бакІарила. Бекьаравги лъилъаравги – кІиявго – вохила
гьелдаса.

37 ЦІакъ битІараб кици буго, цояс бекьулин, цогидас лъилъулин абураб.

38 Дица нуж ритІула нужецаго бекьичІеб хур лъилъизе. Цогидаз захІмат
баччун гІезабураб хІалухъеналдаса пайда босула нужеца!

39 Жиндир гІумруялда жаниб ккарабщинаб жо лъанин гьесдайилан дой
гІаданалъ бициндал, гьеб шагьаралдаса гІезегІанго самариял божана
ГІисада.

40 Гьесда тІаде щведал, самарияз ГІисада гьарана жидер шагьаралда
чІайилан. КІиго къо бана гьес гьениб.

41 ГІисал рагІабазухъ гІенеккидал, дагьалги цІикІкІана гьесда божулел
гІадамал.

42 Гьез дой гІаданалда абуна дуца бицаралдалъун гурин ниж гьанже
божарал, нижедаго рагІаралдалъун божанилан ва хІакълъунго гІалам
хвасар гьабизе вачІарав чи гьев вукІиналда ракІги чІанилан.

43 КІиго къоялдасан ГІиса гьениса Галилеялде ана.

44 ГІисаца абун букІана жиндирго инсул ракьалда аварагасул къадру-
къимат гьабуларилан.

45 Амма Галилеялде щведал, роха-хинлъун къабул гьавуна ГІиса
гІадамаз. Гьелги рукІиндал дора Иерусалималда доб байрамалда,
гьездаги рихьидал дора гьесдасан загьирлъарал мугІжизатал.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

46 Нахъеги ГІиса ана гьес лъим чагъиралде сверизабураб Галилеялъул
доб Кана шагьаралде. Гьенив вукІана парччахІасул хІакимлъун вугев цо
чи. Гьесул вас вукІана Капернаум шагьаралда захІматго унтун.

47 ГІиса Ягьудиялдаса Галилеялде тІадвуссун вугилан рагІидал, гьесда
аскІове вачІана дов чи, хвалде ккун унтун вугев жиндир вас
сахлъизавизе жинда цадахъ Капернаумалде вилълъайилан гьаризе.

48 ГІисаца гьесда абуна: – МугІжизаталги гІаламаталги рихьизаричІони,
божуларел гІадамал руго нуж!

49 ПарччахІасул хІакимас гьесда абуна: – Я, бетІерчІахъад, дир вас
хвелалде вилълъа.

50 ГІисаца гьесда абуна: – Дурго рокъове а гьанже. Дур вас хвезе гьечІо, –
ян. ГІисал гьеб рагІудаги божун, нахъе ана гьев чи.

51 Нухдаго данде ккана вас сахлъанилан бицине рачІунел рагьтІателал.

52 Кида гьев сахлъаравилан гьас гьикъидал, рагьтІателаз абуна
къалъудаса сагІат араб мехалъ васасул цІа-кан бичанилан.

53 ХІисаб гьабураб мехалъ, битІун гьеб заманаялда абун батана ГІисаца
гьесда дур вас хвезе гьечІилан. Гьелдаса нахъе гьесги гьесул рукъалъул
агьлуялъги иман лъуна.

54 ГІиса Ягьудиялдаса Галилеялде тІадвуссаралдаса хадуб загьирлъараб
кІиабилеб мугІжизат букІана гьеб.

**Иоанн 5**

1 Гьелдаса хадуб жугьутІазул цо байрамалде Иерусалималде вачІана
ГІиса.

2 Иерусалималъул «ГІиял кавудахъ» буго жугьутІазул мацІалда Бетцата
абулеб цо хІавуз. ЧІахІиял хІубалги чІван гьабураб щуго рагьиги буго
гьеб хІавузалда сверун.

3 Гьел рагъабазда регун рукІунаан унтаралги, бецалги, рекъалги,
палижалъ ккуралги гІемерал гІадамал.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

4 Гьенив вукIана лъебералда микьго соналъ унтарав цо чи.

6 ГIисадаги вихьана гьев. Халат заманаялъ унтарав чи гьев вукIин
лъайдал, ГIисаца гьесда гьикъана сахлъизе бокьилищилан.

7 Унтарас жаваб кьуна: – Я, бетIерчIахъад! Лъим гьелчараб мехалъ, дун
хIавузалъуве вегьизе чи гьечIо дида цадахъ. Дунго гьениве лъугьинилан
кида тIаде ворханиги, цогидав ккун ватула дидаса цеве.

8 ГIисаца гьесда абуна: – ТIаде вахъа! Дурго турутги босун, рокъове а, –
ян.

9 ГьебсагIатго сахлъана гьев чи. Жиндирго турутги босун унев вукIана.
Гьеб букIана шамат къо.

10 Гьединлъидал ягьудияз гьесда абуна жакъа шамат къоялъ дуца турут
кодоб ккун баччизе бегьуларилан.

11 Жив сахлъизавурав чияс турутги босун айилан абунин жиндайилан
жаваб кьуна гьес.

12 – Турутги босун айилан лъица дуда абураб? – ан гьикъидал,

13 жаваб кьун бажаричIо гьесухъа. Гьесда лъалеб букIинчIо дов щивали.
Гьенир рукIарал гIадамазул руккалилъе лъугьун ун вукIана ГIиса
гьебмехалъ.

14 Цинги ГIисада гьев чи Мукъадасаб Рокъов ватана. – Гьелеха, сахлъун
вуго мун гьанже, – ян абуна гьесда ГIисаца. – Мунагьалдаса цIунун чIа
гьанжеялдаса нахъе, дагьабги квешаб ккезе гурин дуе.

15 Инеги ун ягьудиязда бицана гьес ГIисаца сахлъизавунин живилан.

16 Гьелдаса хадуб, шамат къоялъ гьединаб иш гьабунилан, ГIисае рахIат
толеб букIинчIо ягьудияз.

17 ГIисаца гьезда абуна: – Дир Инсулги гьечIо чIараб сагIат, дунги гьесда
релълъун вуго.

18 Шамат къоялъул къанун хвезабураб гIечIого, гьес Аллагь жиндирго
эменлъун рикIкIунев вугилан, Аллагьасда живго ващалъизавулевги

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

вугилан, гьез гьанже дагьабги цIикIкIун хIаракат бахъулеб букIана ГIиса чIвазе.

19 Гьелда дандеги ГIисаца абуна: – ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: живго лъикIав лъугьун Васасда щибниги гьабизе кIоларо, Инсуца гьеб иш гьабулеб гьесда бихьулеб гьечIони. Инсуца гьабураб гьабула Васасги.

20 Инсуе вас вокьула, ва Инсуца гьесдаги рихьун гьарула жиндирго киналго ишал. Дагьалги кIудиял ишал рихьизарила Инсуца гьесда, гьебмехалъги гIажаиблъила нуж.

21 Инсуца гIадамал хваралъуса рахъинарун, чIаголъизарулел гIадин, Васасги чIаголъизарула жиндиего чIаголъизаризе бокьарал чагIи.

22 Инсуца лъиениги суд гьабулеб гьечIо, суд гьабизе ихтияр гьес Васасухъе кьун буго.

23 Инсуе бокьун бугелъул Жиндирго гIадаб къадру-къимат гIадамаз васасулги гьабизе. Васасул къадру-къимат гьабуларев чияс гIаламалъухъе гьев витIарав Инсулги къадру-къимат гьабизе гьечIо.

24 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: дир рагIухъ гIенеккарав ва дун витIарав Аллагьасда божарав чиясе абадияб гIумру насиблъула, суд гьабичIого, тамихI гьечIого ворчIана гьев хваразулъа чIагоязулъе – абадияб гIумруялъулъе.

25 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: Аллагьасул Васасул гьаракь хвараздаги рагIулеб ва гьеб рагIараб мехалъ гьел тIаде рахъунеб заман бачIина, бачIунго буго гьединаб заман.

26 Инсухъ буго инсанасда рухI лъезабиялъул кверщел. Гьес Васасухъеги кьун буго инсанасда рухI лъезабизе кверщел.

27 Суд гьабизеги ихтияр кьун буго Васасе – гьев ГIадамил Лъимер вугелъул.

28 Нуж хIикмалъуге гьелда, киналго хабалъ ругезда Аллагьасул Васасул гьаракь рагIулеб заман бачIине буго:

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

29 лъикІлъиялда хьвадаразе, хваралъуса рахъиндал, гІумру насиблъила,
квешлъиялда хьвадаразе, хваралъуса рахъиндал, тамихІ насиблъила.

30 Дунго лъикІав лъугьун дида щибниги гьабизе кІоларо. Аллагьасухъ
гІенеккун гьабулеб буго дица суд. Дир судги ритІухъаб буго, – диего
бокьухъе гурелъул дица суд гьабулеб бугеб, дун витІарав Аллагьасе
бокьухъелъидал.

31 Дицаго диего гьабулеб нугІлъи – гьеб кьучІаб букІинаро.

32 Амма вуго дир хІакъалъулъ бицунев цоги НугІ. Дида лъала дир
хІакъалъулъ Гьесул нугІлъи кьучІаб бугеблъи.

33 Дир хІакъалъулъ цІехезе нужеца ЯхІяхъе гІадамал ритІун рукІанагури.
РитІухъаб нугІлъи гьабуна гьесги.

34 ГІадамазул нугІлъи къваригІарав чи гуро дун. Нуж хвасарлъизе гІоло
бицунеб буго дица гьелъул.

35 ЯхІя вукІана гІадамазе бакараб ва канлъи кьолеб чирахъ гІадинав чи.
Цо дагьабго заманаялъ гьелъул канлъиялдаса рохизе бокьун букІана
нужее.

36 ЯхІяца гьабураб нугІлъиялдасаги кІудияб нугІлъи буго дихъ, нуж
божизаризе кІолеб. Дица тІуразареян Инсуца дида тІадкъарал ва гьанже
дица тІуразарулел ругел ишаз жидецаго нугІлъи гьабула дир
хІакъалъулъ. Дун Инсуца витІун вукІиналъе нугІлъи гьабула гьез.

37 Дун витІарав дир Инсуцаги нугІлъи гьабулеб буго дие пайдаялъе.
Нужеда лъиданиги я рагІичІо, я вихьичІо гьев киданиги.

38 Гьесул рагІиги нужер рекІелъ хутІуларо, гьес витІарасда божулел
гьечІелъул.

39 Нужеца ТІухьдул цІалула, гьелдалъун нужее абадияб гІумру
насиблъилилан ракІчІун бугелъул. Гьеле гьел ТІухьдузги нугІлъи
гьабула дир хІакъалъулъ.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

40 Абадияб гIумру насиблъизе букIине дихъе рачIине кинго бокьулеб
гьечIо нужее.

41 ГIадамазул рецц-бакъ къваригIарав чиги гуро дун.

42 Амма дида нуж лъала ва нужер рекIелъ Аллагьасде рокьи
гьечIеблъиги лъала.

43 Дир Инсуца витIун вачIарав дун нужеца къабул гьавулев гьечIо. Живго
вахъун цо пуланав чи вачIани, нужеца гьев къабул гьавила.

44 Цоцазул рецц бокьулел нуж гIадинал гIадамаз иман лъелищ, цохIо
Аллагьасдасан щолеб баркат тIалаб гьабулеб гьечIелъул нужеца.

45 Амма нужеда ракIалде ккоге Инсуда цере дица нужеда гIайиб
чIвалилан. Сундулго рахъалъ нужеца хьул гьабулев Мусацагицин гIайиб
чIвала нужеда.

46 XIакълъун нуж Мусада божулел рукIаралани, дидаги божилаан нуж.
Гьесги хъван тун букIиндалха нужее дир хIакъалъулъ.

47 Гьес хъваралда божуларел нуж, дица бицаралда божилищ?

**Иоанн 6**

1 Цо заманаялдасан ГIиса Галилеялъул (Тибериадаялъул) ралъдал
добцояб рахъалде ана.

2 ГIемераб халкъ бачIана гьесда хадуб гьенибеги, унтарал сахлъизарун
гьесдасан загьирлъарал мугIжизатал рихьулел рукIиндал.

3 ГIиса цо магIарде вахана ва жиндирго муридазда цадахъ гьенив чIана.

4 ЖугьутIазул Пасхаялъул байрам тIаде щолеб букIана.

5 Сверухъ валагьидал, гIемераб халкъ жинда аскIобе бачIунеб бихьун,
ГIисаца Филиппида гьикъана гьавгощинав чи кваназавизе чед кисадай
нилъеца босилебан.

6 (Филиппил хIалбихьизе гьикъана ГIисаца гьедин. Гьесда лъалеб
букIана щиб гьабилебали.)

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Филиппица абуна кIинусго динаралде босараб чедгицин гIеларин гьал
гIадамал кваназаризе, кигIан гьитIинаб мочIу кьуниги.

8 Симон Пётрил вац Андрейица абуна ГIисада

9 гьаниб цо васасухъ бугин пурчIинадул ханждал щуго чедги кIиго
гьитIинабго ччугIаги, амма гьаб халкъалъе гьеб кисайин гIелебилан.

10 ГIисаца абуна гьел киналго гIодор чIезарейилан. ЦIакъ хер керчаб бакI
букIана гьеб. Гьенир харда тIад гIодор чIана щуазаргогIанасев бихьинчи.

11 ГIисаца чед цебе босана, тIаде дугIаги гьабун, бек-бекун бикьана
кваназе гIодор чIарал гIадамазе. БокьарабгIан чедги ччугIаги щвечIев чи
хутIичIо гьенив цониги.

12 Киналго гIорцIараб мехалъ, ГIисаца муридазда абуна, гIадада хвезе
течIого, кванан хутIарал чадил кескал ракIарейилан.

13 ПурчIинадул ханждал щуго чадил нахъе хутIун ратана анцIила кIиго
гьегь цIурал кескал.

14 ГIисадасан загьирлъараб гьеб мугIжизат бихьидал, гIадамаз абуна: –
ХIакълъунго гьав чи вуго дуниялалде вачIине кколев вукIарав авараг.

15 Ккун вачун, гьез жидерго парччахIлъун гьавизехъин вукIин лъайдал,
ГIиса нахъеги магIарде ана, щивниги цадахъги вачинчIого.

16 Бакъанимехалъ муридал ралъдал рагIалде ана.

17 Росодаги рекIун, гьел ралъдал добцояб рахъалда бугеб
Капернаумалдехун ралагьун ана, дуниял рукIкIунеб мехалъги ГIиса
вачIинчIелъул.

18 Ралъдада кутакаб гьури пуйзе байбихьана.

19 Гьедин рагIалдаса щуго-анлъго километралъ жанирегIан щвараб
мехалъ, лъеда тIасан вильлъун вачIун росода аскIове щолев вихьана
гьезда ГIиса. ГIасиго хIинкъана гьел.

20 – ХIинкъуге, дун вуго, – ян абуна ГIисаца гьезда.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 Гьевги росониве лъугьинавизе бокьун букӀана гьезие, амма гьебсагӀатго раса ральдал рагӀалде щун батана.

22 Ральдал добаб рагӀалда хутӀун рукӀарал гӀадамаз нахъисеб къоялъ бицана, нолъ гьаниб цо гурони расаги букӀинчӀин, жиндирго муридазда цадахъ ГӀиса росода рекӀуневги вихьичӀин, гьесул муридал жалго анин.

23 Тибериадаялдаса, русбузда рекӀун, гӀемерал гӀадамал рачӀана, тӀаде дугӀаги гьабун, ГӀисаца чед гӀемерлъизабураб бакӀалде.

24 Амма гьенир я ГӀиса, яги гьесул муридал ратичӀеб мехалъ, русбуздаги рекӀун, Капернаумалде ана гьел, ГӀиса валагьизе.

25 Ральдал добцояб рагӀалда гьев ватараб мехалъ: – Я, Рабби, мун кин гьаниве вачӀарав? – ан гьикъана гьез.

26 ГӀисаца гьезда абуна: – ХӀакълъун абулеб буго дица нужеда: дир мугӀжизатал ричӀчӀидал гуро нуж гьанире рачӀун ругел, доб чед кванан, гӀорцӀидал рачӀун руго.

27 ТӀагӀунеб-холеб квен тӀалаб гьабичӀого, нужеца тӀалаб гьабе абадияб гӀумруялде нуж рачине бокьун ГӀадамил Лъимаца нужее кьолеб бугеб тӀагӀунареб-холареб квен. Жиндирго Инсул – Аллагьасул баркаталъул мугьру буго ГӀадамил Лъимада.

28 Аллагь разилъизе жидеца щиб гьабизе кколебилан гьикъана гьез ГӀисада.

29 ГӀисаца жаваб кьуна: – Аллагь разилъизе нуж божизе ккола гьес нужехъе витӀарав чиясда.

30 – Ниж дуда божулеб кинаб гӀаламат дуца нижеда бихьизабилеб? Щиб дуда гьабизе кӀолеб? – ан гьикъана гьез ГӀисада.

31 – ГӀицӀаб авлахъалде ккедал, нилъер умумуз кваналаан зобалаздасан рещтӀараб нигӀмат. «Зобалаздасан рещтӀинабун чед кьуна гьес гьезие», – абун хъван буго гьелъул хӀакъалъулъ.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

32 ГIисаца абуна: – ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: Мусаца гуро
нужее зобалаздасан чед кьураб, амма дир Инсуца нужее кьолеб буго
унго-унгояб зобалазулаб чед.

33 Аллагьасдасан бачIараб чед ккола зобалаздасан рещтIараб ва
гIаламалъе чIаголъи кьолеб чед.

34 Гьез абуна: – Я, БетIерчIахъад, кидаго кье гьединаб чед.

35 ГIисаца абуна: – Дун вуго гьеб чIаголъи кьолеб чед. Дихъе вачIарав
киданиги вакъизе гьечIо, дида божарав киданиги къечезе гьечIо.

36 Амма дица нужеда абичIищ, гIаламат бихьаниги, нуж дида божун
гьечIилан.

37 Инсуца дихъе кьуравщинав чи дихъе вачIина, дихъе вачIарав цониги
чи дица нахъе гъеларо.

38 Диего бокьараб гьабизе гурелъул дун зобалаздасан вачIун вугев, дун
витIарав Аллагьасул амру тIубазабизелъидал.

39 Гьесул амру буго духъе кьуразул цонигияв вилизе-тIагIине
виччагейилан. Къиямасеб къоялъ дица гьев чIаголъизавизе ккола.

40 Дир Инсуе бокьун буго Вас вихьаравщинав ва гьесда божаравщинав
чиясе абадияб гIумру насиблъизе. Къиямасеб къоялъ дица гьев
чIаголъизавизе вуго.

41 Ягьудиял ГIисаде ццин бахъун гаргадизе лъугьана жив зобалаздасан
бачIараб чед кколин абунин гьесилан.

42 Гьез цоцазда абулеб букIана: – Юсупил вас ГIиса гурищ гьав чи?
Нилъеда лъикIго лъалагури гьасул эменги эбелги. Гьале жив
зобалаздасан вачIанилан вуго.

43 – Щай нуж ццин бахъун гаргадулел? – ан абуна ГIисаца гьезда.

44 – Цониги чи дида аскIове вачIине рес гьечIо, дун витIарав дир Инсуца
гьев дихъе щвезавичIони. Дица гьев къиямасеб къоялъ чIаголъизавизе
ккола.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

45 Аварагзабазул ТІухьдузда буго: «Гьезда киназдаго Аллагьас малъила»,
– ян. Дир Инсуца малъараб босаравщинав чи дида аскІове вачІуна.

46 Дица абулеб гьечІо Эмен лъиданиги вихьанилан. Аллагьасдасан
вачІарасда гурони, цо лъиданиги вихьичІо Эмен.

47 ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: иман лъурасе абадияб гІумру
буго.

48 Дун вуго чІаголъи кьолеб чед.

49 Нужер умумуз доб гІицІаб авлахъалда квана зобалаздасан рещтІараб
нигІмат, амма гьел хвана.

50 Гьанже зобалаздасан рещтІун буго гьеб кварав чи киданиги холареб
чед.

51 Дун вуго зобалаздасан рещтІараб ва чІаголъи кьолеб чед. Гьеб чед
кварав чи абадул абадиялъ чІаго вукІина. Дица гьесие кьезе бугеб чед –
гьеб буго гьаб гІалам чІаго букІине гІоло кьезе бугеб дир Черх.

52 Гьебмехалъ ягьудиязда гьоркьоб кІудияб дагІба ккана жиндирго черх
кинин гьас нилъее кваназе кьолебилан.

53 ГІисаца гьезда абуна: – ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: ГІадамил
Лъимадул Черхги квинчІони, гьесул Биги гьекъечІони, нужер гІумру
букІине гьечІо.

54 Дир Черхги кварав, дир Биги гьекъарав чиясе абадияб гІумру буго.
Къиямасеб къоялъ дица гьев чІаголъизавила.

55 Дир Черх буго хІакъаб квен, дир Би буго хІакъаб жа.

56 Дир Черх кванарав ва дир Би гьекъарав чи дилъ вукІине вуго, дунги
гьесулъ вукІине вуго.

57 Щайгурелъул ЧІагояв Эмен – Аллагьас витІарав дун гьесдалъун чІаго
вугев гІадин, дир Черх кванарав чи дидалъун чІаго вукІина.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

58 Гьеле гьединаб буго зобалаздасан рещтIараб чед. Нужер умумуз кванана чед ва гьел хвана. Амма гьаб чед кванарав чиясе абадияб гIумру буго.

59 Гьеб хабар ГIисаца бицана Капернаумалъул синагогаялъуб.

60 Гьеб рагIидал, ГIисал гIемерисел муридаз цоцазда абуна: – Гьединаб жо букIине рес гьечIо! Лъица гьеб къабул гьабилеб? – ан.

61 Жиндир хабаралъ муридал гьедин гаргадизе тIамун рукIин лъайдал, ГIисаца гьезда абуна: – Гьадаб дир хабаралъ къварид гьарун ругоха нуж.

62 Цеве живго вукIараб бакIалде ГIадамил Лъимер тIадвуссун унев вихьараб мехалъ щибдай нужеца абилеб?

63 РухIалъ кьола чIаголъи. Амма инсанасул мунагьаб напсалъ чIаголъи кьоларо. Дир рагIабазулъан бачIуна нужехъе рухIги чIаголъиги.

64 Амма нужеда гьорлъ руго гьелда божуларелги. (ГIисада цебеккунго лъалаан щив жинда божулев гьечIевали, щив жиндие хилиплъилевали.)

65 ГIисаца абуна: – Гьединлъидал гурищ цебеги дица нужеда абураб, лъиданиги кIоларин дихъе вачIине, дир Инсуца гьелъие рес рекъезабичIони.

66 Гьелдаса хадур гIемерисел муридал нахъе ана ва тIокIал гьесда хадур инчIо.

67 Гьебмехалъ анцIила кIиявго муридасда гьикъана ГIисаца нужееги нахъе ине бокьун гьечIебищилан.

68 Симон Пётрица абуна: – Я, БетIерчIахъад, лъихъе ниж инел? Дуцалъидал рицунел ругел абадияб гIумру насиблъулел рагIаби.

69 Ниж божана ва нижеда бичIчIана мун Аллагьасул мукъадасав илчи вукIин.

70 ГIисаца абуна: – Дицалъидал нужер анцIила кIиявго чи тIаса вищарав. Амма нужеда гьоркьов цо илбисги вугевха!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

71 Гьес гьедин абулеб букIана Симонил вас Ягьуда Искариотил хIакъалъулъ. АнцIила кIигоясда гьоркьов вукIаниги, гьев хилиплъизе хъван букIана.

## Иоанн 7

1 Гьелдаса хадув ГIиса Галилеялъул росабалъе ва шагьаразде хьвадана. Ягьудиялде ине гьесие бокьичIо, – гьев чIвазе хIаракат бахъулеб букIиндалха ягьудияз.

2 ЖугьутIазул Хъощал раялъул байрам тIаде щолеб букIана.

3 Жиндирго вацаз ГIисада абуна: – Гьаниса вахъун Ягьудиялде а дуца гьарулел ишал дурго муридаздаги рихьизе.

4 Гьунар бугев чияс гьеб бахчуларо, гIадамазда бихьизабула. Гьединал хIикматал ишал гьаризе бугеб дурго гьунар гIаламалдаго бихьизабе.

5 (Жиндирго вацалгицин божулел рукIинчIо ГIисада.)

6 ГIисаца гьезда абуна: – Дир заман жеги тIаде щун гьечIо, амма нужее бокьараб заман данде ккола.

7 ГIаламалда нуж рихине рес гьечIо, амма дун гIаламалда рихун вуго. Дица нугIлъи гьабулеб бугелъул гIаламалъулго квешал ишазе.

8 Байрамалде а нужго. Амма гьеб байрамалде дун вачIинаро, дир заман жеги тIаде щун гьечIо.

9 Гьедин гьездаги абун, ГIиса Галилеялдаго чIана.

10 Амма вацал байрамалде индал, гIадамазда вихьиларедухъ, балъгого ГIисаги вахъана гьезда хадув къватIиве.

11 Ягьудияз ГIиса валагьулев вукIана гьеб байрамалда. – Дов чи кивдай вугев? – ан гьикъулеб букIана гьез.

12 ГIадамазул руккалилъги гIемер бицунеб букIана гьесул хIакъалъулъ. ЛъикIав чи вугилан цояз абулеб букIана, гIадамал махсароде кколев чи вугилан цогидаз абулеб букIана.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

13 Амма бальго-гIатIго гурони ГIисал цIар бахъизе ягьудиязул чIухIби-
хIакимзабазукьа хIинкъулел рукIана гьел.

14 Байрамалъул чанго къо индал, ГIиса Мукъадасаб Рокъове лъугьун
вачIана ва вагIза-насихIат гьабизе байбихьана.

15 Лъиданиги аскIове ун гIелму лъазабичIев чиясда ТIухьдузда бугеб
кисандай лъанаян хIикмалъун рукIана ягьудиял.

16 ГIисаца гьезда абуна: – Гьаб гIелму дир гуро, дун витIарав Аллагьасул
буго.

17 Аллагьасул амру тIубазабизе бокьарав чиясда лъала гьаб гIелму
дицаго ургъун бахъарабищ яги Аллагьасдасан бачIарабищали.

18 Жинцаго ургъун бахъарабгун цеве вахъунев чиясул мурад букIуна
жиндиего цIар-рецц гьаби. Жив витIарасе цIар-рецц гьабизе бокьарав чи
ритIухъав вукIуна, гьереси гьесул букIунаро.

19 Мусаца гурищ нужее къанун тараб? Амма нужер цонигияс цIунулеб
гьечIо къанун. Щай нужеца дун чIвазе къасд гьабулеб бугеб?

20 ГIадамаз ахIулеб букIана: – Мун жундуз ккун вуго. Мун чIвазе къасд
гьабулев чи щив вугев? – ан.

21 ГIисаца абуна гьебмехалъ: – Дица цохIо мугIжизат бихьизабуна, нуж
киналго абуни жеги-жеги гьелда гIажаиблъун руго.

22 Мусал къануналъ малъулеб буго сунат гьабеян. (Гьебги Мусадасан
бачIараб гIадат гуро, гьесде щвезегIанго умумузул букIараб буго.) Шамат
къоялъги гьабулагуриха нужеца сунат.

23 Мусал къануналъ изну кьола нужее шамат къоялъцин сунат гьабизе.
Шамат къоялъ чи дица тIуванго сахлъизавунилан щай нуж диде ццидалъ
ругел?

24 ТIасан балагьун кьоге къимат, хIакъикъатги цIехон кье.

25 Гьебмехалъ Иерусалималдаса цо-цо гIадамаз абуна: – ЧIухIби-
хIакимзабаз чIвазе валагьулев вугев чицин гурищ гьадав?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

26 Балагье, халкъалда цеве вахъун кIалъалев вуго, лъицаниги щибниги
абулебги гьечIо гьесда. ЧIухIби-хIакимзабазда лъалеб батила
хIакъикъаталдаги дов МасихI вукIин.

27 Амма нилъеда лъалагури дов кисаяли. ХIакъикъияв МасихI вачIараб
мехалъ, лъиданиги лъалеб рагIуларо гьев кисаяли.

28 Мукъадасаб Рокъоб вагIза-насихIат гьабулаго, ГIисаца халкъалде
ахIана: – Нужеда дун лъала. Дун кисаялиги лъала. Амма дунго лъикIав
лъугьун вачIарав чи гуро дун, хIакъав Аллагьас витIана дун. Нужеда Гьев
лъаларо.

29 Амма дида лъала Гьев: Гьесда аскIоса вачIана дун. Гьес витIана дун.

30 Гьебмехалъ ГIиса кквезейилан лъугьана гьел, амма лъиданиги кIвечIо
гьесда квер хъвазе. Гьелъие болжал щун букIинчIо.

31 Халкъалъул руккалилъ рукIаразул гIемерисел божана ГIисада. Гьез
абулеб букIана: – МасихI вачIараб мехалъ, гьесгицин рихьизарилищ
нилъеда гьадигIан гIемерал мугIжизатал?

32 ГIисал хIакъалъулъ гьедин абулеб рагIана фарисеязда. Гьебмехалъ
чIахIиял кашишзабазги фарисеязги Мукъадасаб Рукъалъул хъаравулзаби
ритIана ккун вачун гьевгун рачIайилан.

33 ГIисаца абуна: – ГIемераб заман хутIун гьечIо дие нужеда цадахъ
вукIине, кватIичIого ина дунго витIарасда аскIове.

34 КигIан валагьаниги, ватиларо гьебмехалъ нужеда дун. Нужеда рачIине
кIолеб бакI гуро доб дун унеб бакI.

35 Гьеб рагIидал, ягьудияз цоцазда гьикъулеб букIана: – Киве инедай
гьасие бокьун бугеб? Нилъеда гьев ватулареб бакIгIаги щибдай?
Греказул шагьаразда ругел дол нилъеразда аскIове инецин гуродай
гьасда ракIалда бугеб, добаги жиндирго дин малъизе?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

36 «КигIан валагьаниги, ватиларо гьебмехалъ нужеда дун. Нужеда
рачIине кIолеб бакI гуро доб дун унеб бакI» – ан гьес абиялъул магIна
щибдай?

37 Байрамалъул ахирисеб бищунго хирияб къоялъ ГIисаца, халкъалде
хитIаб гьабун, ахIана: – Къечарав чияс дида аскIовеги вачIун, къеч
буссинабе.

38 ТIехьалда хъван бугебги ритIухълъун, диде иман лъурасул рекIелъан
чIаголъиялъул лъадал лъарал чвахила.

39 Жинде иман лъуразде рещтIине бугеб Илагьияб РухIалъул бицунеб
букIана ГIисаца. Амма Илагьияб РухI жеги рещтIун букIунаро, ГIиса жеги
жиндирго кIодолъиялде щун вукIинчIелъул.

40 Гьел рагIаби рагIидал, цо-цо гIадамал гаргадизе лъугьана хIакълъун
гьав чи авараг вугилан.

41 Цогидаз абулеб букIана гьав МасихI вугилан. Галилеялда МасихI
вахъуневищилан абулел чагIиги рукIана.

42 ТIехьалда бугин абулеб букIана гьез, Давудил наслуялда вахъинин
МасихI ва Давудил росулъ – Бетлегьемалда – гьавилин гьев.

43 Гьедин ГIисал бицун дагIба-рагIи ккана гьел гIадамазда гьоркьоб.

44 ГIиса ккун вачун жанив тIамизе бокьаралги рукIана гьенир. Амма
гьесда квер хъвазе кIвечIо лъиданиги.

45 ЧIахIиял кашишзабазухъеги фарисеязухъеги Мукъадасаб Рукъалъул
хъаравулзаби тIадруссун рачIараб мехалъ, ГIиса щай вачинчIевилан
гьикъана гьезда.

46 Хъаравулзабаз жаваб кьуна: – Додин кIалъалев чи жеги киданиги
рагIичIо нижеда, – ян.

47 – Унго нужгиййищха гьес гуккарал? – ан абуна фарисеяз. –

48 ЧIухIби-хIакимзабазулги фарисеязулги цониги чи досда божун
рихьанищ?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

49 Досда божула къануналъул хIакъалъулъ жидеда щибниги лъаларел
жагьилал гIадамал, нагIана батагийин гьезие!

50 Гьезда гьоркьов вукIана добмехалъ ГIисахъе ун вукIарав Никодемги.
Гьес абуна:

51 – Нилъер къануналда рекъон чиясда гIайиб чIвазе бегьулебищ, ахIун
аскIовегун цин гьес бицунелъухъ гIенеккичIого ва гьесул ишалъул цIех-
рехги гьабичIого?

52 – Мунги Галилеялдаса ватила, – ян абуна гьесда гьез. – Цониги авараг
Галилеялъул ракьалда вахъинилан хъван гьечIолъи дудаго бихьизе
ТIухьдул цIале. [ 53 Цинги гьел рикьа-риххун рокъо-рокъоре ана.

**Иоанн 8**

1 Зайтуналъул магIарде ана ГIиса.

2 Нахъисеб къоялъ радалго вачIана гьев Мукъадасаб Рокъове. ТIолабго
халкъ бакIарана гьесда аскIобе. ГIодов чIун гьезие вагIза-насихIат
гьабизе ГIисаги лъугьана.

3 Динияв гIалимзабаз ва фарисеяз ГIисахъе ячун ячIана росасе
хилиплъун, зина гьабулаго тIадккурай цо чIужугIадан. ГIадамазда цее
яхъун чIезаюна гьез гьей.

4 Цинги гьез ГIисада абуна: – Я, МугIалим! Зина гьабулей ятана гьай
гIадан.

5 Мусаца жиндирго къануналда нижее амру гьабун буго гьадинал
руччаби ганчIал речIчIун чIвазе кколин. Дуца щибилан абилеб?

6 ГIисада гIайиб чIвазе рес ккелародайилан ургъунго кьураб суал букIана
гьеб. ГIодовеги къулун, чIарбида килщица цо щибалиго хъвалев вукIана
ГIиса.

7 Нахъеги гьез добго суал кьедал, тIаде ворхун, гьес абуна: – Нужеда
гьоркьоса цониги мунагь гьабичIев чияс речIчIе гьелда тIоцебе гамачI.

8 Нахъеги гIодовеги къулун, чIарбида хъвадаризе лъугьана гьев.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

9 Гьеб рагІидал, гьел цо-цоккун рахъун къватІире ана, чІахІияздасан
байбихьун. ГІисаги гьесда цее эхетарай дой гІаданги хутІана гьенир.

10 ТІаде ворхун, ГІисаца гьелда гьикъана: – Йо, чІужугІадан, кире арал
дол? Цониги чи хутІичІевищ дуе тамихІ гьабизе?

11 – ХутІичІо, БетІерчІахъад, – абун жаваб кьуна гьелъ. ГІисаца гьелда
абуна: – Дицаги гьабиларо дуе тамихІ. А дурго гьанже. Гьанжеялдаса
хадуб тІокІаб мунагьги гьабуге.]

12 Гьадинаб вагІза-насихІатги гьабуна ГІисаца гьезие: – Дун вуго гьаб
дуниялалъул Нур. Дида нахъвилълъарав цониги чи бецІлъуда хьвадизе
гьечІо. ГІумру гвангъизабулеб Нур гьесда цадахъ букІине бугелъул.

13 Гьебмехалъ фарисеяз абуна: – Дуцаго дуего гьабулеб бугеб дур
нугІлъи кьучІаб букІунаро.

14 ГІисаца абуна: – Дицаго дирго хІакъалъулъ гьабулеб бугониги, гьеб
нугІлъи кьучІаб буго, дида лъалелъул дун киса вачІаравали ва киве унев
вугевали. Нужеда лъаларо дун киса вачІаравали ва киве унев вугевали.

15 Нужеца суд гьабула гІадамаз гІадин, амма дица лъиениги суд
гьабуларо.

16 Дица суд гьабунигицин, гьеб ритІухъаб букІина, дун дунго цохІо
гьечІелъул, дун витІарав Эменги вугелъул дида цадахъ.

17 Нужер къануналдагицин хъван бугогури кІиго чиясул нугІлъи
гІолилан.

18 Дицаги гьабулеб буго диего нугІлъи, дун витІарав дир Инсуцаги
гьабулеб буго.

19 – Дур эмен кив вугев? – ан гьикъана гьесда. ГІисаца жаваб кьуна: – Я,
дун, яги дир Эмен нужеда лъаларо. Дун лъалевани, дир Эменги лъалаан
нужеда.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

20 Гьеб вагIза-насихIат ГIисаца гьабуна Мукъадасаб Рукъалъул
азбаралъуб, садакъадул гIарац лъолеб гъансида аскIов вахъунги чIун.
Лъицаниги кквечIо гьев, жеги гьелъие болжал щун букIинчIо.

21 Гьанжеги ГIисаца гьезда абуна: – Дун нужеда аскIоса ине вуго. Дун
валагьулел рукIина нуж, амма гьедин мунагьазул цIовухъе хвела, дун
араб бакIалде рачIинеги кIвеларо нужеда.

22 Ягьудияз абуна: – Живго жинцаго чIвазехъинцин вугодай? Дун араб
бакIалде рачIине нужеда кIвеларинги абулеб буго.

23 ГIисаца гьезда абуна: – Нуж руго гIодор рижарал, дун вуго тIасан
вачIарав. Нуж руго гьаб дуниялалъул чагIи, дун гьаб дуниялалъул чи
гуро.

24 Гьединлъидалин дица нужеда абулеб бугеб нуж мунагьазул цIовухъе
хвезе ругилан. Дов – Дун вукIиналда божичIони, мунагьазул цIовухъе
хвела нуж.

25 – Мун щивха кколев? – ан гьикъана гьез. ГIисаца гьезие жаваб кьуна: –
Дун щивали авалалдаса бахъарабго бицана дица нужеда.

26 Нужер хIакъалъулъги гIемераб жо бицине кIвелаан дида ва суд
гьабизеги кIвелаан. Амма дица гьаб халкъалъе бицунеб буго дун
витIарав Аллагьасдасан рагIарабщинаб. ЦIакъ ритIухъавин гьев вугев!

27 Гьезда бичIчIичIо Инсул хIакъалъулъ бицунеб букIин.

28 Цоги ГIисаца абуна: – ГIадамил Лъимер борхатаб бакIалде
вахинавидал, лъала Дов – Дун вукIин, дунго лъикIав лъугьун дица
щибниги гьабулеб букIинчIеблъи, дир Инсуца дида малъухъе дица
нужедаги бицунеб букIараблъи.

29 Дун ВитIаравги дунгун цадахъ вуго. Гьес дун дунго цохIо течIо, гьев
разилъулебщинаб иш гьабулеб бугелъул дица кидаго.

30 ГIисаца гьедин абидал, гIемераз иман лъуна гьесде.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

31 Жинде иман лъурал ягъудиязда ГIисаца абуна: – Дир рагIи нужеца
рекIелъ цIунани, унго-унгоял дир муридал рукIина нуж.

32 ХIакъабщинаб лъала нужеда, ва гьелъ нуж тархъан гьарила.

33 Гьез абуна: – Ниж Ибрагьимил наслу буго, лъилниги лагъзаллъунги
рукIинчIо киданиги. Ниж тархъан гьарилин абураб рагIиялъул магIна
щиб?

34 ГIисаца жаваб кьуна: – ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: мунагь
гьабуравщинав чи ккола мунагьалъул лагъ.

35 Масала, цо пуланав лагъ жиндирго бетIергьанасул рокъов кидаго гуро
вукIунев, амма вас инсул рокъов кидаго вукIуна.

36 Васас тархъан гьаруни, хIакъикъаталдаги тархъанлъила нуж.

37 Дида лъала нуж Ибрагьимил наслу букIин. Амма нужеца дун чIвазе
къасд гьабулеб буго, дир рагIи нужер ургьибе унеб гьечIелъул.

38 Дица нужеда малъулеб буго дир Инсуда аскIоб дида бихьараб
къагIидаялъ. Нужецайин абуни гьабулеб буго нужерго инсудасан
рагIараб къагIидаялъ.

39 – Нижер эмен Ибрагьим вуго, – ян абуна гьез. ГIисаца абуна: – Нуж
Ибрагьимил лъимал рукIаралани, Ибрагьимица гьабураб гьабилаан
нужеца.

40 Нужецани дун – Аллагьасдасан рагIараб хIакъаб рагIи нужеда бицарав
чи – чIвазе къасд гьабулеб буго. Амма Ибрагьимица гьединаб иш
гьабичIо.

41 Нужерго инсуца гьабураб гьабулеб буго нужеца. Гьез абуна: – Ниж
зинаялдасан ккарал гуро. Нижер цо эмен вуго – Аллагь!

42 ГIисаца гьезда абуна: – Нужер эмен Аллагь вукIаравани, нужее дун
вокьилаан. Дун Аллагьасдасан вачIун рещтIарав вугелъул гьаниве.
Дунго лъикIав лъугьун вачIинчIо дун, гьес витIун вачIана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

43 Нужеда дир ргIи бичIчIулеб гьечIо, нужеда гьеб рагIизе рес гьечIелъул.

44 Илбис буго нужер эмен. Нужер эменлъун кколеб илбисалъулаб тIубазабулеб буго нужеца. БачIинго сундасан букIараб илбисалъул? Чи чIваялдасан гурищ? РитIухълъиялъул рахъги ккквечIо гьелъ, ритIухълъи гьелъулъ жиндилъго гьечIелъул. Гьереси – гьелъул кIалдиб ругьунаб мацI буго, тIолабго гьересиги гьелдасан бачIараб бугелъул.

45 Дида нуж божулел гьечIо, дица битIараб бицунеб бугелъул.

46 Нужер цониги чиясда кIвелищ мунагь бугин дидайилан абизе? Дица битIараб бицунеб бугеб мехальги щай нуж дида божуларел?

47 Аллагьасдасан вачIарав чи Аллагьасул рагIухъги гIенеккула. Нуж Аллагьасдасан ругелал гурелъул, нуж гIенеккулел гьечIо.

48 Ягьудияз гьесда абуна: – Мун самарияв вугин ва жундуз ккунги вугин абун нижеда гьоркьоб тIибитIун бугеб хабарги гьересийищха?

49 ГIисаца гьезие жаваб кьуна: – Дун жундуз ккун гьечIо. Дица дирго Эмен кIодо гьавулев вуго, нужецайин абуни, дун хIакъир гьавулев вуго.

50 Амма дун рецц-бакъ къваригIарав чиги гуро. Дие рецц-бакъ гьабизе бокьаравги вугевха, гьес гьабила нужее суд.

51 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: дир рагIи рекIелъ цIунаравщинав чи абадул абадиялъ хвезе гьечIо.

52 Ягьудияз гьесда абуна: – Гьанже тIубанго хIакълъана нижее мун жундуз ккун вугевлъи. Ибрагьим хвана, цогидал аварагзабиги хвана. Дуцани абулеб буго дур рагIи рекIелъ цIунаравщинав чи абадул абадиялъ хвезе гьечIилан.

53 Нижер эмен Ибрагьимидасаги цIакъав чийищха мун кколев? Цогидал аварагзабаздасаги цIакъав чийищха? Ибрагьимги хвана, гьел цоялги хвана. Мун щив гьедигIан кутакав чи?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

54 ГІисаца жаваб кьуна: – Дицаго диего рецц-бакъ гьабуни, гьеб букІина
гІададисеб чІанда-хабар. Нижер Аллагьилан нужеца абулев дир Инсуца
гьабулеб буго дие рецц-бакъ.

55 Нужеда киданиги лъалароан Гьев. Амма дида Гьев лъала. Дида Гьев
лъаларилан дица абуни, дунги вукІина нужеда релълъарав гьерсихъан.
Дида Гьев лъала ва Гьесул рагІи рекІелъ цІунун буго дица.

56 Нужер эмен Ибрагьим цІакъ вохана, дун вачІараб къо бихьидал. Гьесда
бихьана дун вачІараб къо ва гьелдаса вохана.

57 Гьебмехалъ ягьудияз гьесда абуна: – Жеги кІикъоялда анцІго сонцин
бачІев дуда Ибрагьим кин вихьулев?

58 ГІисаца гьезда абуна: – ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: жеги
Ибрагьим авараг вахъиналдего вукІана дун.

59 Гьесда речІчІизе ганчІал кодоре росана гьебмехалъ ягьудияз. ГІиса
гІадамазул руккалилъ вахчана ва Мукъадасаб Рокъоса къватІиве ана.

**Иоанн 9**

1 Гьениса унаго ГІисада ватана эбелалъ гьавуралдасаго бецав цо чи.

2 ГІисада муридаз гьикъана, гьев чиясул мунагь букІунищ яги гьесул
эбел-инсул мунагь букІунищ эбелалъул ургьивго гьев бецав вугев.

3 ГІисаца абуна: – Я гьев чиясул, яги гьесул эбел-инсул мунагь букІун
гуро гьев бецлъарав, Аллагьасул къудрат гьесдалъун загьирлъизе
бецлъана гьев.

4 Дун витІарав Аллагьас тІадкъараб иш, бакъ цебе букІаго, тІубазе ккола
нилъеца. ТІаде щолеб буго лъиданиги щибниги гьабизе кІолареб сордо.

5 Гьаб дуниялалда дун вугебгІан заманаялъ гьаб дуниялалъе Нур ккола
дун.

6 Гьединги абун, ГІисаца ракьалде туна, хІацІуца хІурги буцун, гьеб
бахана бецасул бераздa.

7 Цинги ГІисаца гьесда абуна: – ШилоахІ («Чапар» абураб магІна ккола
гьелъул) хІавузалъухъеги ун, гьумер чуре дурго, – ян. Гьениб гьумер
чурарабго беразда канлъиги бихьун, тІадвуссун вачІана гьев чи.

8 Гьесул мадугьалзабазги къватІахъ гьарделев гьев вихьаразги цоцазда
гьикъулеб букІана дова садакъа гьарулев вукІарав бецав чи гурищ
гьавилан.

9 Уйилан абулеб букІана цо-цояз, цогидаз абуна дов гурин, досда
релълъарав чи вугилан. Жив вугин гьевилан абуна гьес.

10 – Кинха дуда канлъи бихьараб? – ан гьикъана гьез гьесда.

11 Гьес жаваб кьуна: – Цо ГІиса абулев чияс жиндирго хІацІуца буцун хІур
бахана дир беразда. Цинги гьес дун ШилоахІ хІавузалъухъе гьумер
чуризе витІана. Гьениб гьумер чурарабго, дир беразда канлъиги бихьана.

12 Гьев чи кив вугевилан гьикъидал, жинда лъаларилан абуна гьес.

13 Бецав вукІун канлъи бихьарав гьев чи фарисеязухъе вачана гьез.

14 (ХІацІуца хІурги буцун, гьесул беразда ГІисаца канлъи бихьизабураб
къо шамат къо букІана.)

15 Фарисеязги гьикъана гьесда дур бецал беразда канлъи кин
бихьарабилан. Гьес гьезда бицана хІацІуца буцун хІур баханин дос
жиндир беразда ва гьумер чурараб мехалъ канлъиги бихьанилан.

16 Цо-цо фарисеял гаргадизе лъугьана шамат къоялъул къанун
цІунуларев гьев Аллагьасдасан вачІарав чи гурилан. Цогидаз абуна
мунагь-хІакъ тІад бугев чиясда гьединаб мугІжизат бихьизабизе кин
кІолебилан. Гьединаб дагІба-къец ккедал,

17 дов бецав вукІун канлъи бихьарав чиясда гьикъана гьез нахъеги: – Дур
бецал беразда канлъи бихьизабурав чиясул хІакъалъулъ щиб дуца
абилеб? Авараг вугин довилан кьуна гьес жаваб.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

18 Ягьудиязе бокьун букIинчIо бецав вукIун гьев чиясда канлъи
бихьанилан абураб жоялда божизе. Хадув чи витIун гьесул эбелги
эменги ахIана гьенире.

19 Цинги гьезда гьикъана: – Эбелалъул ургьисаго бецав вукIанилан
нужеца бицунев гьав чи нужер васищ? Гьасул беразда канлъи кин
бихьарабали лъалебищ нужеда?

20 Эбелалъги инсуцаги абуна нижеда лъала гьев чи нижер вас вугевлъи
ва эбелалъул ургьисаго бецав вукIаравлъиги.

21 Амма гьесда гьанже канлъи щай бихьулеб бугебалиги ва лъица гьев
сахлъизавуравалиги нижеда лъаларо. Гьесда жиндаго гьикъе. Балугъав
чи вуго, жинцаго бицине биччанте.

( 22 Ягьудиязул чIухIби-хIакимзабазукьа хIинкъун абуна гьаз гьедин: гьез
лъазабун букIиндалха, ГIисал рахъалъ МасихI вугин гьевилан абурав чи
синагогаялъуве виччазе гьечIилан.

23 Гьединлъидалин гьаз абураб жидер вас балугъав чи вугин, гьесда
жиндаго гьикъейилан.)

24 Ягьудияз нахъеги аскIове ахIун, гьесда абуна: – Аллагьасда цебе
гьереси бицунге! Нижеда лъарабин мун сахлъизавурав чи мунагьазул
цIурав чи вугевлъи.

25 Гьес абуна: – Дида лъаларо мунагьазул цIурав чи вугевищ гьев яги
гьечIевищали. Дида лъала цо жо: дун бецав вукIаравлъи ва гьанже дида
канлъи бихьулеб бугеблъиги.

26 Нахъеги гьикъана гьесда: – Щиб дос дуе гьабураб? Кин дос дур
беразда канлъи бихьизабураб?

27 Гьес жаваб кьуна: – Дица бицунеб мехалъ гIенеккунищ нуж
рукIинчIел? Цоги нухалъ гьелъухъ гIенеккун щай нужее? Яги досул
муридаллъун лъугьинейищ нужееги бокьун бугеб?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

28 – Нижни Мусал муридал руго. Мун вуго досул муридлъун лъугьун! – ан тӀаделъана гьесде фарисеял.

29 – Нижеда лъала Мусада Аллагь кӀалъаравлъи, довин абуни, киса-щивалицин лъаларев чи вуго.

30 Бецав вукӀун канлъи бихьарас абуна гьезда: – ХӀикматаб жо буго нужеда дов киса-щивали лъалеб гьечӀолъи. Амма дос дир беразда канлъи бихьизабуна.

31 Нилъеда лъала мунагь-хӀакъалъул агьлуялъухъ Аллагь гӀенеккулареврлъи. Аллагь гӀенеккула жиндие мутӀигӀав, жиндир амру тӀубазабулев чиясухъ.

32 Киданиги рагӀун букӀинчӀо эбелалъул ургьисаго бецав чиясда лъицаниги канлъи бихьизабун бугилан.

33 Дов чи Аллагьасдасан вачӀарав вукӀинчӀевани, щибго гьабун бажарилароан досухъа.

34 Эбелалъ гьавуралдасаго мунагьазул цӀурав дуцагиийщ нижее гӀакълу кьолеб бугебилан, щцин бахъун, къватӀиве гъуна гьез гьев.

35 Гьез къватӀиве гъун вугилан рагӀидал, ГӀисаца гьев чи валагьана ва ГӀадамил Лъимада мун божулищилан гьикъана.

36 Гьес жаваб кьуна: – Я, БетӀерчӀахъад, гьесда божизе ккани, цин гьев лъазе ккеларищ?

37 ГӀисаца гьесда абуна: – Гьев дуда цевеги вихьана ва гьабсагӀат дуда кӀалъалевги вуго.

38 – Я, БетӀерчӀахъад, дуда божула! – ян абуна гьев чияс ва гьебсагӀат ГӀисада цеве суждаялда чӀана.

39 ГӀисаца абуна: – Гьаб дуниялалде дун суд гьабизе вачӀун вуго: бецазда канлъи бихьизе, канлъи бихьулелал бецлъизе.

40 Гьедин абулеб мехалъ аскӀор рукӀарал цо-цо фарисеяз гьикъана жалги бецалищха ругелан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

41 ГIисаца гьезда абуна: – Нуж бецал рукIаралани, нужее мунагь
букIинароан. Канлъи бихьулилан нужеца абулеб бугелъул, мунагь тIаса
инаро нужедаса.

**Иоанн 10**

1 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: нуцIихъан гурони, цогидаб
бакIалдасан гIиял чолониве лъугьарав чи ккола цIогьор яги хъачагъ.

2 НуцIихъан вачIуна гьезул вехь.

3 ВорчIухъанас гьесие нуцIа ричIула, чахъабазда гьесул гьаракь рагIула.
Цо-цоккун щибалъул цIарги ахIун, вехьас чахъаби чолониса къватIире
риччала.

4 Жиндирго киналго чахъаби къватIире риччараб мехалъ, вехь рехъада
цеве вилълъуна, чахъабиги гьесда хадур уна, гьезда гьесул гьаракь
лъалелъул.

5 Амма цогидав чиясда хадуб унаро рехъен, гьесда аскIоса лъутула
чахъаби, чияр гьаракь гьезда лъаларелъул.

6 Гьеб мисал бачун, ГIисаца сундул хIакъалъулъ бицунеб бугебали
бичIчIичIо гьезда.

7 ГIисаца цоги абуна: – ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: дун вуго
чахъабазул чолол кIалтIа бугеб нуцIа.

8 Дун вачIиналде рукIарал киналго руго цIогьалги хъачагъалги.
Гьединлъидал чахъаби гьезухъ гIенеккичIо.

9 Дун вуго нуцIа. Гьеб нуцIа рагьаравщинав хвасарлъила, жаниveги ина,
къватIивеги вачIина, квине жоги щвела.

10 ЦIогьор вачIунаро – бикъизе, чIвазе, хвезабизе гурони. Дун вачIун вуго
гIумру кьезе, гьарзаяб гIумру кьезе.

11 Дун вуго лъикIав вехь. ЛъикIав вехьас чахъабазе гIоло рухIги кьола.

12 Амма мухьдахъ ккурав вехь вехь гуро, чахъаби чияр ругелъул. БацI
рехъалъе бачIунеб бихьани, рехун гIиги тун, лъутун уна гьев. БацI


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

рехъалъ речIчIула, гIи рахъ-рахъалде лъутизабула, мухьдахъ ккурав вехьасе гьезул ургъел гьечIелъул.

14 Дун вуго лъикIав вехь. Дида дирго чахъабиги лъала, дирго чахъабазда дунги лъала.

15 Гьелдаго релълъун, дир Инсуда дунги лъала, дида Эменги лъала. Дица дирго рухIги кьела чахъабазе гIоло.

16 Гьеб рехъалъ гьечIел цоги чахъабиги руго дир. Гьелги рачине ккола дица дирго рехъалъе. Гьелги гIенеккизе руго дир гьаркьихъ. Гьебмехалъ букIина цого рехъен ва цохIо вехьги вукIина.

17 ЦIидасан нахъе щвезелъун дица дирго рухI кьолеб бугелъулин Инсуе дун вокьулев.

18 Лъицаниги тIамулев гьечIо дун дирго рухI кьезе. Дицаго кьолеб буго дица гьеб. Дир ихтияр буго рухI кьезеги, кьуни – гьеб нахъе босизеги буго дир ихтияр. Гьедин амру гьабуна дие Инсуца.

19 Гьеб рагIидал, ягьудиязул нахъеги дагIба-рагIи ккана.

20 ГIемерисез абулеб букIана жундуз бетIер сверизабун бугин гьесул, гьесухъ гIенеккиго щайин нужеейилан.

21 Цогидаз абулеб букIана жундуз ккурав чи гIадин кIалъалев гьечIин. Жундузда кIолебищин бецал береазда канлъи бихьизабизе.

22 ТIаде щвана Иерусалималда ЦIилъиялъул байрам тIобитIулеб къо. Хасало заман букIана гьеб.

23 Мукъадасаб Рокъове вачIун, Сулайманил рагъида дове-гьаниве хьвадулев вукIана ГIиса.

24 ТIаде гурун рачIун, ягьудияз гьесда абуна: – КидалъагIан дуца ниж щакдаризе тIамилел? Мун МасихI ватани, рагьун абе нижеда!

25 ГIисаца абуна: – Дица абунагури нужеда, амма нуж божичIо. Дир Инсуца тIамун, дица гьарулел ругел ишаз нугIлъи гьабулеб бугогури дие.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

26 Дир рехъадул чахъаби гурелъул, божулел гьечIо нуж.

27 Дир чахъабазда дир гьаракь рагIула, дида гьелги лъала ва гьел дида
хадурги рачIуна.

28 Дица гьезие абадияб гIумруги кьола. Гьел абадул абадиялъго хвезе
гьечIо ва лъиданиги кIвеларо гьел дида кодоса рахъизе.

29 Дихъе гьел кьурав дир Эмен вуго бищунго хIалкIолъи кIудияв
БетIергьан. Лъиданиги кIвеларо гьел дир Инсуда кодоса рахъизе.

30 Дир Эменги дунги – цого руго.

31 Гьебмехалъ ягьудияз ГIисада речIчIизе нахъеги ганчIал кодоре росана.

32 ГIисаца гьезда абуна: – Дир Инсул амруялдалъун гIемерал лъикIал
ишал гьаруна дица нужеда цере. Гьел ишазул кинабаб сабаблъунха
нужеца дида ганчIал речIчIизехъин ругел?

33 Ягьудияз гьесие жаваб кьуна: – Дуца гьабураб лъикIлъиялъухъ гуро
нижеца дуда ганчIал речIчIизехъин ругел. Аллагьасде дандечIарал
гIасиял-пасикъал рагIабазухъ речIчIулел руго. Инсан вугониги, дуцаго
мунго Аллагьлъун рикIкIунев вуго.

34 ГIисаца гьезда абуна: – Нужер къануналда хъван гьечIищ гьадинаб
калима: «Дица абуна нуж аллагьзаби ругилан».

35 ТIухьдузда хъван бугеб хисизабизе бегьуларо. Бичасул калам
рещтIаразда БетIергьанасцин аллагьзабийилан абун буго. ВацIцIадав
илчилъун гьавун, гьес дуниялалде витIарав Дун Аллагьасул Вас вугилан
абурал дир рагIаби Аллагьасда дандечIарал ругин абизе кин нужеда
кIолеб?

37 Дир Инсуца гьабулеб иш дицаги гьабулеб гьечIеб батани, божуге нуж
дида.

38 Дир Инсуца гьабулеб иш дицаги гьабулеб бугелъул, дида божичIони,
дир ишаздагIаги божа. Гьебмехалъ лъала ва бичIчIила дилъ дирго Эмен
вукIин ва дирго Инсулъ дун вукIин.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

39 ГІиса кквезейилан лъугьана нахъеги ягьудиял, амма гьезда кодоса ворчІана гьев.

40 ГІиса нахъеги Иорданалъул добцояб рахъалде, ЯхІяца гІадамал лъадалъ ччун рахъулел рукІараб бакІалде, ана ва гьенив чІана.

41 Гьенирееги гІемерал гІадамал рачІана ГІисада хадур. Гьез абулеб букІана: – ЯхІяца цониги мугІжизат бихьизабичІо, амма гьав Чиясул хІакъалъулъ гьес абураб щибаб рагІи битІараб букІун буго.

42 Гьенире рачІаразул гІемерисез ГІисаде иман лъуна.

**Иоанн 11**

1 Бетания шагьаралдаса Лазарилан абулев цо чи унтун вукІана.

2 Гьеб Бетаниялда яшав гьабун рукІана цо Марям абулей гІаданги гьелъул яц Мартаги. Гьеле гьей Марямицайин ГІисал хІатІазда махІ гьуинаб нах бахараб ва жиндирго ботІрол расуца гьел ракъвазарурал. Гьелъул вац вукІана Лазар.

3 Яцаз ГІисахъе ругьел битІана: «Я, БетІерчІахъад, дуе хирияв чи унтун вуго», – ян.

4 Гьеб ругьел бачІиндал, ГІисаца абуна: – Гьеб унтуца Лазар холаро. Гьеб буго Аллагь машгьурлъизе ва Аллагьасул Васас живго гьелдалъун машгьурлъизавизе Лазариде тІамураб унти.

5 Марямги, гьелъул яцги, Лазарги цІакъ рокьулаан ГІисае.

6 Гьев унтун вугилан рагІидалги, кІиго къоялъ гьенивго чІана ГІиса.

7 Цинги гьес муридазда абуна Ягьудиялде тІадруссине кколилан.

8 Муридаз абуна: – Я, Рабби, Ягьудиялда дуда ганчІал речІчІизехъин рукІаралдаса гІемер заман инчІогури. Гьениве тІадвуссине щай дуе бокьун бугеб?

9 ГІисаца абуна: – Цо къоялъе букІуна анцІила кІиго сагІат. Къад сапаралде вахъарав чи хІетІе тункун гІодов кколаро, нухда гьесие канлъи букІунелъул.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 Амма сардилъ сапаралде вахъарав чиясул хIетIе тарула, нухда канлъи
букIунарелъул.

11 Цоги гьес абуна: – Нилъер гьудул Лазар кьижун ккун вуго. Гьев
вигьинавизе инехъин вуго дун.

12 Муридаз абуна: – Я, БетIерчIахъад, кьижун ккарав ватани, мадар
лъугьина гьесул.

13 ГIисаца абулеб букIана Лазар хун вугилан, амма муридазда бичIчIана
гьадинго кьижун ккун вугилан абулеб бугилан.

14 Гьебмехалъ ГIисаца рагьун бицана гьезда Лазар хванилан.

15 – Нужер талихI ккана дун дова вукIинчIолъи, гьанже нужее рес ккела
дида божизе. Рилълъа доре.

16 «КIилъилав» абун тIокIцIар бугев Фомаца цогидал муридазда абуна: –
Рилълъа МугIалимасда цадахъ, гьев хваралъур хвезе!

17 ГIиса Бетаниялде щведал, Лазар хабалъ вукъаралдаса ункъо къо бан
батана.

18 Иерусалималдаса Бетаниялде лъабго километр гурони букIинчIо.

19 Мартахъеги Марямихъеги вацасул зигараялъ Иерусалималдаса
рачIарал гIемерал ягьудиялги рукIана гьенир.

20 ГIиса вачIунев вугилан рагIидал, Марямги магIирокъойго тун, Марта
ана гьесда данде.

21 Мартаца ГIисада абуна: – Я, БетIерчIахъад, мун гьанив вукIаравани,
хвелароан дир вац!

22 Амма гьанжеги ракIчIун лъала дида дур кинаб букIаниги гьари-дугIа
Аллагьас нахъчIвалареблъи.

23 Дур вац хваралъуса вахъине вугилан абуна гьелда ГIисаца.

24 Мартаца абуна къиямасеб къоялъ гьев тIаде вахъуневлъи жиндаги
лъалин.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

25 ГІисаца гьелда абуна: – Дицайин хварал рахъинарулел, дицайин
чІаголъизарулел. Дида божарав чи хваравги чІаголъила.

26 Гьаб дуниялалда вугевщинав дида божулев чи абадул абадиялъ хвезе
гьечІо. Гьелда мун божулищ? – ан гьикъана ГІисаца.

27 Гьелъ жаваб кьуна: – Я, БетІерчІахъад, дун божана дуниялалде вачІине
вугев Аллагьасул Вас МасихІ мун вукІиналда.

28 Гьединги абун, рокъое ана Марта. Цогидаздаса балъго гьелъ
Марямида абуна МугІалим вачІун вугин ва гьес мун ахІулей йигин.

29 ГьебсагІат ГІисада аскІое ине гІедегІун къватІие яхъана Марям.

30 Росулъеги лъугьинчІого, Марта жинда данде ячІараб бакІалда чІун
вукІана ГІиса.

31 Марям гІедегІун къватІие яхъун уней йихьидал, зигараялъ рачІун
рукІарал ягьудиязда ккана вацасухъ гІодизе хабаде уней ятилин
гьейилан. Гьелги ана Марямида хадур рахъун.

32 ГІисада аскІое щведал, гьесул хІатІазда цее кІалагъоркье речІчІун,
Марямица гІодилаго абуна: – Я, БетІерчІахъад, мун гьанив вукІаравани,
хвелароан дир вац!

33 ГІодулей Марямги гьелда цадахъ гІодулел гІадамалги рихьун, цІакъго
ракІбакъван, къварилъахъдана ГІиса.

34 – Кив нужеца гьев вукъарав? – ан гьикъана ГІисаца. – Я, БетІерчІахъад,
вилълъа дудаго бихьизабизе, – ян абуна гьез.

35 ГІиса гІодана гьебмехалъ.

36 ГІиса гІодулев вихьидал, гІадамаз абуна Лазар гьасие вокьулев вукІун
вугеб куц бихьуларищилан.

37 Бецасда канлъи бихьизабурав чиясда Лазар хвалдаса ворчІизавизеги
кІвелаанилан абуна цо-цояз.

38 Дагьабги ракІбакъван, ГІиса Лазарил хабаде ана. Хоб букІана нохъода
жаниб, кІалтІа гамачІги букІана.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

39 ГӀисаца абуна гьеб гамачӀ нахъе босейилан. Хварасул яц Мартаца
абуна: – Я, БетӀерчӀахъад, Лазар вукъаралдаса ункъабилеб къо буго, махӀ
бахъун батила.

40 ГӀисаца гьелда абуна: – Дица абичӀищ дуда, мун божани, Аллагьасул
хӀалкӀолъи бихьилин дудаян.

41 ГамачӀ нахъе босана. Зобалаздеги валагьун, ГӀисаца абуна: – Я, дир
Эмен, дица дуе рецц гьабулеб буго гьари-дугӀа дуда рагӀаралъухъ.

42 Дида лъалаан дир гьари-дугӀа дуда кидаго рагӀизе букӀин. Дица
гьадин абулеб буго дун дуца витӀаравлъи гьанир дида аскӀор ругезда
лъазе.

43 Цинги ГӀисаца ахӀана: – Лазар! КъватӀиве вачӀа! – ян.

44 Кверазда ва бохдузда мусралги жемухъего хабалъа къватӀиве лъугьун
вачӀана Лазар. КвербацӀцӀалъ бухьун гьумерги букӀана гьесул. – Гьасдаса
мусрал риче, – ян абуна ГӀисаца, – ва рокъове ваче.

45 Марямихъе зигараялъ рачӀун рукӀун ГӀисал гьеб мугӀжизат бихьарал
гӀемерал ягьудияз гьесде иман лъуна.

46 Амма цо-цояз, фарисеязухъе ун, бицана ГӀисаца гьениб бихьизабураб
мугӀжизаталъул хӀакъалъулъ.

47 Гьебмехалъ чӀахӀиял кашишзабиги фарисеялги тӀадегӀанаб судалъе
данделъана. Гьез абуна: – Щибдай нилъеца гьабун лъикӀ? Гьадав чияс
гӀемерал мугӀжизатал рихьизарулел руго халкъалда.

48 Додин виччан тани, кинабго халкъ досда хадуб ина. Цинги Ремалъул
боги бачӀун, нилъер Мукъадасаб Рукъги щущазабила, халкъги гъурун
тӀагӀинабила.

49 Гьеб соналъ бищунго кӀудияв кашишлъун вукӀарав Кайафаца абуна: –
Нужеда щибниги лъалеб гьечӀоха.

50 Нужеца пикру гьабулеб гьечӀо тӀолабго халкъ хун тӀагӀинабиялдаса
халкъалъе гӀоло цо чи хвезавиго лъикӀаб букӀиналъул.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

51 Кайафал жиндирго гІакълу хадуб гІунтІун абурал рагІаби рукІинчІо
гьел. Гьеб соналъ бищунго кІудияв кашишлъун вукІиндал, кашпу-
карамалъи щунин гьес абураб халкъалъе гІоло ГІиса хвезе вугилан.

52 ЦохІо халкъалъе гІоло гуревха. ТІолабго дуниялалда щущан ругел
Аллагьасул лъимал данде ракІариялъе гІоло хвезе вуго ГІиса.

53 ГІиса чІвазе хІукму гьабуна гьеб къоялъ гьез.

54 Гьединлъидал гьанже тІатун хьвадулев вукІинчІо гьев Ягьудиялъул
ракьалда. Гьениса вахъун, жиндирго муридалги рачун, ГІиса ана гІицІаб
авлахъалъул рагІалда бугеб Эфраим абулеб шагьаралде.

55 ЖугьутІазул Пасха тІаде щолеб букІана. Улкаялъул киналго бакІаздаса
гІемерал гІадамал Иерусалималде рачІунел рукІана Пасха тІаде
щвелалде жалго рацІцІалъизариялъул гІадат тІубазабизе.

56 Гьез ГІиса валагьулев вукІана. Мукъадасаб Рокъоре лъугьиндал, гьез
цоцазда цІехолеб букІана: – ГІиса вачІинадай Пасхаялъул байрамалде?
Дидани вачІинин кколаро. Дуда кин кколеб?

57 ЧІахІиял кашишзабазги фарисеязги буюрухъ кьун букІана нагагь ГІиса
вугеб бакІ лъарав чияс жидеда лъазабеян, жидеца гьев, ккун вачун,
жанив тІамизе вугилан.

**Иоанн 12**

1 Пасха тІаде щвезе анлъго къо хутІараб мехалъ, ГІиса вачІана гьес
хваралъуса вахъинавурав Лазарил росулъе Бетаниялде.

2 Гьениб гьесие къасиялде квен къачІан букІун, Марта гьезда цебе квен-
тІех лъолей йикІана, Лазарги вукІана ГІисадаги гьалбадеридаги цадахъ
кваназе гІодов чІун.

3 Берцинаб махІалъул цІакъго хирияб нахул гелавкаги босун ячІун,
Марямица ГІисал хІатІазда бахана гьеб ва жиндирго ботІрол расуца
рацІцІана гьел. Гьеб нахул цІакъаб гьуинаб махІалъул цІуна рукъ.

4 Гьесул муридлъун вукIарав ва хилиплъизе вугев Ягьуда Искариотица
абуна:

5 – Гьеб нах бичун букIарабани, лъабнусго динар щвелаангури ва
мискинзабазе садакъаде кьезе бегьилаан гьеб.

6 (Мискинзабазул ургъел ккун гуро Ягьудаца гьедин абураб. ЦIогьор
вукIана гьев. Киназулго гIахьалаб гIарац жаниб лъураб таргьа Ягьудахъ
букIана, гьеб гIарацгицин ккезабулаан гьес жиндирго чвантинибе.)

7 – Гьей жийго те, – ян абуна ГIисаца. – Дун хабалъ вукъулеб къоялде
нахъе лъун тун букIун буго гьелъ гьеб нах.

8 Мискинзаби кидаго ратила нужеда аскIор. Дунин абуни, кидаго гуро
нужгун вукIунев.

9 ГIемерал ягьудиязда лъана ГIиса Бетаниялда вугевлъи. Гьел гьенире
рачIунел рукIана ГIиса вихьизе гуребги, хваралъуса гьес вахъинавурав
Лазар вихьизеги.

10 Гьев Лазар чIвазеги хIукму гьабун букIана чIахIиял кашишзабаз,

11 гьев сабаблъун гIемерисел ягьудияз, жалги рехун тун, ГIисаде иман
лъолеб букIиндал.

12 Нахъисеб къоялъ ГIиса Иерусалималде вачIунев вугилан рагIана
байрамалде ракIарун рукIарал гIадамазда.

13 Чамасдакил гъутIбузул гIурччинал гIаркьалабиги кодор ккун ана гьел
ГIисада данде. Гьадинаб туркиги ахIулеб букIана: – Гьошанна!
БетIергьанас витIун вачIунев вугесда баркат лъеги! Исраилил
халкъалъул ПарччахIасда баркат лъеги!

14 Цо кIудияб кIерт батун, гьелда рекIана ГIиса, ТIухьдузда хъван бугеб
гьадинаб калима ритIухълъизе:

15 – Сионил яс, мун хIинкъуге, ХIамил кIартида тIадги рекIун, ВачIунев
вугевин дур ПарччахI!


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

16 (Гъебмехалъни муридазда бичIчIун букIинчIо гъелъул магIна. Амма
ГIисае Аллагъасдасан машгъурлъи щвараб мехалда ракIалде щвана
гъезда ТIухьдузда гъесул хIакъалъулъ гъедин хъван букIараблъиги, гъеб
ритIухълъизе гIадамаз гъебщинаб жо гъабураблъиги.)

17 Гъес Лазар, хабалъа къватIиве ахIун, хваралъуса вахъинавулев
вихьарал гIадамаз гъелъул хIакъалъулъ бицунеб букIана.

18 Гъеб мугIжизаталъул хабар рагIун букIиндалин гъедигIан гIемераб
халкъ ГIисада данде бачIунеб букIараб.

19 Гъединлъидал фарисеяз цоцазда абулеб букIана: – Балагье, нилъее
пайда бахинчIо! ТIолабго халкъ досда хадуб унеб буго!

20 Байрамалъул къояз Иерусалималде зиярателъ грекалги рачIун
рукIана.

21 Галилеялъул Бетсаида шагьаралдаса Филиппихъе ун, гъел греказ
гьарана: – Я, бетIерчIахъад! ГIиса вихьизе бокьун буго нижее.

22 Андрейихъе ун Филиппица гъесда бицана гъеб. Цинги Андрейицаги
Филиппицаги ГIисада бицана.

23 ГIисаца гъезда абуна: – ГIадамил Лъимер машгъурлъизе заман щун
буго.

24 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: хуриб хьараб ролъул мугъ
ракьулъе ккун хвечIони, гъеб жибго цохIо хутIула гъениб. Амма гъеб
ракьулъе ккун хвани, гъелдасан лъугьараб ролъул тIорода гIемерал
мугъал рижула.

25 Жиндирго гIумру хирияв чи гъелдаса махIрумлъила. Амма гьаб
дуниялалъул рокъоб жиндирго гIумру рихарасе абадияб гIумру
насиблъила.

26 Дие хъулухъ гьабизе бокьарав чи дида цадахъ вилълъа. Дун вугеб
бакIалда вукIине ккола дие хъулухъ гьабурав чиги. Дие хъулухъ гьабурав
чиясул хIурмат гьабила дир Инсуцаги.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

27 Гьанже дир ракI къварид буго. Амма дица щибилан абилеб? Я, дир Эмен, рухI бахъулеб сагIаталдаса хвасар гьавейиланищ? Гьелъие гIололъидал дун гьаниве щун вугев. Я, дир Эмен, дурго цIар машгьурлъизе гьабе!

28 Гьебмехалъ зобалаздасан гьаракь рагIана: – Дир цIар машгьураб буго, жеги цIикIкIун машгьурлъизеги гьабила.

29 Гьениб букIараб халкъалдаги рагIана гьеб гьаракь. Цояз абуна зоб гъугъалеб гьаракь бугилан. Цогидаз абуна малаик вукIанин ГIисада кIалъалев.

30 ГIисаца гьезда абуна: – Гьадаб гьаракь дида рагIизе гуро зобалаздасан бахъараб, нужеда рагIизейин.

31 Гьаб дуниялалъе суд гьабулеб къо буго жакъа. Дуниялалъулго кверщелчи къватIиве вачахъулеб къо буго жакъа.

32 Цинги дун, ракьалдаса ворхизавун, борхатаб бакIалде вахинавидал, дица дидаго хадур цIазе руго киналго.

33 (Гьедин ГIисаца абуна кинаб хвалдалъун живго холевали бичIчIизе.)

34 Гьебмехалъ гIадамаз гьесда абуна: – «ГIадамил Лъимер, ракьалдаса ворхизавун, борхатаб бакIалде вахинавизе вугилан» щайха дуца абулеб бугеб? Щив кколев гьев ГIадамил Лъимер? Къануналдаса цIалулеб рагIана нижеда МасихI нижгун абадиялъго хутIулилан.

35 ГIисаца гьезда абуна: – Жеги дагьаб заманаялъ Нуралъул канлъи нужгун хутIизе буго. Гьеб канлъи букIаго, хьваде нуж ракьалда, бецIлъи тIаде гIунтIилалде. БецIлъуда хьвадулесда лъаларо киве унев вугевали.

36 Гьеб Нур нужгун бугебгIан заманаялъ, гьелда божа, нужго Нуралъул гIадамаллъун лъугьине. Гьединги абун, ГIиса нахъе ана ва гьезда аскIоса тIагIана.

37 Чан мугIжизатха ГIисаца гьезда бихьизабураб, амма гьел ГIисада божичIо.

38 Гьеб кинабго ккана Ишая аварагасул калима ритIухълъизе: «Я, БетIергьан, нижеца бицаралде иман лъурав чи вугевищ? Лъие загьирлъараб Бичасул къудрат?”

39 Гьединлъидалин гьел божичIел. Ишая аварагас цоги бакIалда гьадин абулебги буго:

40 «Бичас гьел гIадамал бецлъизаруна, ГанчIил ракIал лъуна гьезул чурхдузулъ: Бецлъарал беразда бихьунгутIизе, ГанчIилал ракIазда бичIчIунгутIизе. Гуребани, диде руссинаан гьел, Сахлъизарилаан цинги дица гьел».

41 ГIиса машгьурлъулевлъи цебеккунго бихьун букIиндал абуна Ишаяца гьедин.

42 Бугониги, – цо-цо чIухIби-хIакимзабазгицин иман лъун букIана ГIисаде. Амма балъго гьабулеб букIана гьез гьеб, фарисеяз синагогаялдаса махIрум гьарилилан хIинкъун.

43 Аллагьасул хIурмат-цIаралдаса гьезие гIадамазул хIурмат-цIар хиралъана.

44 ГIисаца халкъалде ахIулеб букIана: – Дида божулев чи ккола, цохIо дида гуреб, хIакълъунго дун витIарав Аллагьасда божулев чи.

45 Дун вихьулев чиясда дун витIарав Аллагьги вихьулев вуго.

46 Дун вуго – Нур. Дун ракьалде вачIун вуго дида божарав цониги чи бецIлъуда хутIунгутIизе.

47 Дихъ гIенекканиги, дир рагIи рекIелъ цIуничIесеги суд дица гуро гьабизе бугеб. ГIадамазе суд гьабизе гуро дун вачIун вугев, гьел хвасар гьаризе вачIун вуго.

48 Дунги дир рагIиги нахъчIварав чиясе суд дир рагIуца гьабизе буго къиямасеб къоялъ.

49 Дунго лъикIав лъугьун абураб рагIи гьечIелъул дир, дун витIарав дир Инсуца бихьизабуна дида щиб абилебалиги, щиб бицинебалиги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

50 Дида лъала гьес бихьизабуралъ абадияб гIумруялде рачунеблъи.
Инсуца дида абураб гурони, абулеб гьечIо дица нужедаги.

**Иоанн 13**

1 ЖугьутIазул Пасха тIаде щолеб букIана. Дуниял тун жиндирго Инсухъе
ине заман гIагарлъулеб букIин лъалеб букIана ГIисада. Гьаб дуниялалда
жинда божарал муридал рокьулаан гьесие. Гьале гьезде бугеб жиндирго
рокьи тIубанго бихьизабула гьес.

2 Сардилъ кваназе гIодор чIун рукIана. (Гьелде щвелалдего Симонил вас
Ягьуда Искариотил рекIелъе илбисалъ лъугьинабун букIана ГIисае
хилиплъиялъул пикру.)

3 ГIисада лъалаан сундулго кверщел Инсуца жиндихъе кьун бугеблъи,
жив Аллагьасдасан вачIаравлъи ва гьесухъе тIадвуссуневлъи.

4 ХIарччида нахъаса тIаде вахъун, ГIисаца халгIат тIаса рехана, рачлихъ
квербацIцI бухьана.

5 Цинги, тIарсинибе лъимги тIун, жиндирго муридазул хIатIал чуризе ва
рачлихъ бухьун бугеб квербацIцIалъ гьел рацIцIине лъугьана ГIиса.

6 ХIатIал чуризе ГIиса аскIове вачIараб мехалъ, Симон Пётрица абуна: –
Я, БетIерчIахъад, дир хIатIал чуризехъинищха мун вугев?

7 – Дица гьабулеб бугеб жоялъул магIна дуда гьанже бичIчIуларо. Хадуб
бичIчIила дуда гьеб, – ан абуна ГIисаца гьесда.

8 Пётрица абуна: – Киданиги риччаларо дица дуда дир хIатIал чуризе.
ГIисаца абуна: – Дица гьанже дур хIатIал чуричIони, дида аскIоб бакI
букIине гьечIо дуе.

9 Симон Пётрица абуна гьебмехалъ: – Гьедин батани, БетIерчIахъад,
хIатIал гурелги, квералги чуре дир, бетIерги чуре.

10 ГIисаца абуна: – Чвердон вачIарав чиясул хIатIал гурони чуризе
кколаро. Черх гьесул бацIцIадго букIуна. Нуж рацIцIадал руго, амма
киналго гурелха.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 ГІисада лъалеб букІана щив жиндие хилиплъизе вугевали.
Гъединлъидал абуна гъес нуж киналго гурин рацІцІадал ругелилан.

12 Гъезул хІатІалги чурун, халгІатги ретІун, нахъеги гъезда аскІов гІодов
чІараб мехалъ, ГІисаца абуна: – Дица нужер хІатІал чуриялъул магІна
лъалищ нужеда?

13 Нужеца дида абула МугІалимилан ва ТІадегІанавилан. БитІараб буго
гъеб. Гъединав чи вуго дун.

14 Гъедин дица, нужер МугІалимас ва ТІадегІанас, нужер хІатІал чурулел
ругони, нужецаги чуризе ккола цоцазул хІатІал.

15 Дица нужеда мисал бихьизабулеб букІана, дица нужее гъабураб
нужецаги гъабизе.

16 ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: жиндирго бетІергъанасдаса
тІадегІанав вукІунаро гъесул лагъ. Жив витІарасдаса тІадегІанав
вукІунаро гъесул чапарги.

17 Гъардарал гурищ нуж, гъеб бичІчІани, гъедин гъабизеги гъабуни!

18 Дица нужер киназулго хІакъалъулъ гуро абулеб бугеб. Дида лъала
дица щал тІаса рищаралали. Амма ТІехьалда бугеб гъадинаб калимаги
ритІухълъизе биччанте: «Дида цадахъ чед кварас квер борхана дида
данде».

19 Гъанже дица бицун толеб буго нужеда, дица бицухъе ккараб мехалъ,
дун Дов вукІиналда нуж божизе.

20 ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: дица витІарасде иман лъурав чи
ккола диде иман лъурав чи. Диде иман лъурав чи ккола дун витІарасде
иман лъурав чи.

21 Гъел рагІаби абураб мехалъ, ГІисал хІал хисана. Гъес лъазабуна: –
ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: нужер цояв дие хилиплъила.

22 Лъил хІакъалъулъдай ГІисаца гъеб абулеб бугебилан рихха-хочун
цоцахъ ралагьана муридал.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 ГӀисае вокьулев цо мурид кваналев вукӀана гьесул каранда цеве чӀун.

24 Симон Пётрица гьев муридасде ишан гьабуна лъил хӀакъалъулъ
бицунеб бугебали дуца гьикъейилан.

25 ГӀисал карандеги гьетӀун, гьес гьикъана: – Я, БетӀерчӀахъад, щив гьев?

26 ГӀисаца жаваб кьуна: – СуркӀиниб ччун дица чадил кесек кодобе
кьурав чи вуго гьев. Босун, суркӀинибги ччун, чадил кесек гьес кьуна
Симонил вас Ягьуда Искариотихъе.

27 Гьеб чадил кесек кодобе босарабго, Ягьудал чорхолъе илбис лъугьана.
Гьебмехалъ ГӀисаца гьесда абуна: – Дурго гьабулеб иш дагьаб хехго
гьабе, – ян.

28 Амма кваналел рукӀаразул цонигиясда бичӀчӀичӀо щай ГӀисаца гьедин
абурабали.

29 ГӀарац жаниб лъураб таргьа Ягьудахъ букӀиндал, цо-цоязда ккана
байрамалде къваригӀараб-тараб босизе яги цо мискинчиясе садакъа
кьезе айилан абулеб бугин.

30 Чадил кесекги босун, Ягьуда вахъун къватӀиве ана. Сордо нахълъараб
заман букӀана гьеб.

31 Ягьуда къватӀиве аравго, ГӀисаца абуна: – ГӀадамил Лъимер
машгьурлъана гьабсагӀат. Гьесдалъун Аллагьги машгьурлъана.

32 Гьесдалъун Аллагь машгьурлъун вугелъул, живго ГӀадамил Лъимерги
машгьурлъиларищ Аллагьасдалъун. Аллагьас цӀакъ хехго машгьур
гьавила гьев.

33 Дир хирияй лъимал, нужеда аскӀов гӀемераб мехалъ хутӀиларо дун.
Дун валагьулел рукӀина нуж. Дица ягьудияздаги абуна дун унеб
бакӀалде нужеда рачӀине кӀоларилан, гьединго нужедаги абулеб буго
гьанже: «Нужеда рачӀине кӀолеб бакӀ гуро доб дун унеб бакӀ».

34 Цо цӀияб амру гьабила дица нужее: цоцазе рокьа нуж. Дие нуж
рокьарал гӀадин рокьа нуж цоцазеги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

35 Нуж цоцазе рокьулел рукӀиналдасан киназдаго лъала нуж дир
муридал рукӀин. Симон Пётрица гьикъана: – Я, БетӀерчӀахъад! Киве
инехъин мун вугев?

36 ГӀисаца гьесие жаваб кьуна: – Гьанже дун унев вугеб бакӀалде дуда
вачӀине кӀвезе гьечӀо. Цинги нахъа вачӀина мун.

37 Пётрица гьикъана: – Я, БетӀерчӀахъад, гьанже щай кӀолареб дида дуда
хадув вачӀине? Дуе гӀоло дица рухӀги кьела.

38 ГӀисаца абуна: – Дие гӀоло рухӀ кьезе хӀадурав чийищха мун?
ХӀакълъун абулеб буго дица дуда: хӀелеко бахъиналде лъабцӀул инкар
гьабила дуца дидаса.

**Иоанн 14**

1 ГӀисаца абуна: – РакӀ къварилъун рукӀунге нуж. Нужерго Аллагьасде
иман лъе, дидеги иман лъе.

2 Дир Инсул минаялъур гӀемерал рукъзал руго. Гьел гӀемер
рукӀинчӀелани, гьедин абилароан дица. Нужее гьениб бакӀ къачӀазе унев
вуго дун.

3 Гьениб нужее бакӀ къачӀан бахъиндал, дун тӀадвуссун вачӀина нуж
дидаго цадахъ рачине, нужги дида аскӀор рукӀине.

4 Дун унев вугеб бакӀалде нух лъала нужеда.

5 Фомаца гьикъана гьесда: – Я, БетӀерчӀахъад! Нижеда мун унев вугеб
бакӀ лъалеб гьечӀелъул, гьенибе нух кин нижеда лъалеб?

6 ГӀисаца жаваб кьуна: – Дун вуго нух. Дун вуго хӀакъикъат. Дун вуго
чӀаголъи. Дидалъун гурони цониги инсан дир Инсухъе вачӀине гьечӀо.

7 Дун нужеда лъалев вугелъул, дир Эменги лъала нужеда. Жакъа
къоялдаса нахъе нужеда гьев лъана ва нужеда гьев вихьана.

8 Филиппица абуна: – Я, БетӀерчӀахъад! Гьев дур Эмен вихьизаве нижеда.
Гьебги гӀела нижее.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

9 ГІисаца абуна: – Гъабгощинаб мехалъ нужеда цадахъ вукІарав дун
лъаларевищха, Филипп, дуда? Дун вихьарав чиясда дир Эменги вихьана.
Дур Эмен вихьизавейилан щай дуца абулеб?

10 Мун божулагури дун Инсулъ вукІиналдаги, Эмен дилъ вукІиналдаги.
Нужеда кІалъалаго дир кІалдисан бачІараб цониги рагІи дунго лъикІав
лъугьун абичІо дица. Дир щибаб ишги дилъ вугев дир Инсуца гьабураб
буго.

11 Дун Инсулъ вукІиналдаги, Эмен дилъ вукІиналдаги божа нуж. Гьелда
божичІони, дир хІикматал ишаздагІаги божа.

12 ХІакълъун абулеб буго дица нужеда: дида божулев чиясда кІвезе буго
дица гьабурабги гьабизе, жеги цІикІкІунги гьабизе, гьанже дун дирго
Инсухъе ине вугелъул.

13 Дица тІубазабила, дир цІар рехсон нужеца щиб гьараниги, –
Васасдалъун Эмен машгьурлъизе.

14 Дир цІар рехсон нужеца щиб дида гьараниги, гьеб дица тІубазабила.

15 Дун нужее вокьулев ватани, дир амруязда рекъон хьваде.

16 Дица Инсуда гьарила ва гьес нужехъе битІила абадул абадиялъ
нужедаса батІалъичІого нужер ракІбатизабулеб 17 РитІухълъиялъул РухІ.
ГІаламалъ гьеб къабул гьабизе гьечІо, гІаламалда гьеб лъаларелъул,
бихьуларелъул. Амма нужеда гьеб лъала, гьеб гьабсагІатги нужеда
аскІоб бугелъул ва кидаго нужелъ букІинеги бугелъул.

18 Дица нуж бесдаллъун теларо. Дун нужехъе вачІина.

19 Цодагьаб мехалдасан дун ина гІаламалда вихьуларелъуве, амма
нужеда дун вихьила. Дун чІаго вугелъул, нужги чІаго рукІина.

20 Гьеб къоялъ лъала нужеда дун дирго Инсулъ вугевлъи, нуж дилъ
ругеллъи, дун нужелъги вугевлъи.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

21 Дир амру жиндихъ бугев ва гьеб тIубазабун хьвадарав чи ккола дун вокьулев чи, дун вокьулев чи дир Инсуеги вокьила, диеги вокьила ва гьев чиясе дица дунго загьир гьавила.

22 Ягьудаца (Ягьуда Искариот гуро гьев) гьикъана: – Я, БетIерчIахъад, гIаламалъего загьир гьавичIого, цохIо нижее мунго загьир гьавиялъул магIна щиб?

23 ГIисаца гьесие жаваб кьуна: – Дун вокьулев чияс дир рагIи рекIелъ цIунила, гьев дир Инсуе вокьила. Цинги ниж гьев чиясухъе рачIина, ва нижер чIей гьесухъ букIина.

24 Дун вокьуларев чияс дир рагIи рекIелъ цIунуларо, амма нужеда рагIараб рагIи дир гуро, дун витIарав дир Инсул буго.

25 Дун нужеда цадахъ вукIаго абун толеб буго дица гьеб.

26 Нужер ракIбатизабулеб ва дун хисун нужехъе БетIергьанас битIизе бугеб Илагьияб РухIалъ кинабго малъила нужеда ва дица малъун тарабщинабги ракIалде щвезабила.

27 Дица нужее рекъел толеб буго, дирго рекъел кьолеб буго дица нужее, дуниялалъ кьолеб бугеб гIадин гуребха дица нужее гьеб кьолеб бугеб! РакI къварилъун рукIунге ва хIинкъуге нуж!

28 Нужеда рагIанагури дица абулеб дун нужеда аскIоса инин ва нужеда аскIове тIадвуссун вачIинилан. Нужее дун вокьулев ватани, нуж рохизе ккола дица Инсухъе унев вугилан абидал. Дир Эмен дидаса гIемерго тIадегIанав вугелъул!

29 Дица нужеда цебеккунго бицун толеб буго, гьеб кинабго дица бицухъе лъугьараб мехалъ, нуж дида божизе.

30 Дагьаб заман хутIана дие нужгун кIалъазе. Дуниялалъулго кверщелчи тIаде щолев вуго, амма дун гьесул кверщаликь вугев чи гуро.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

31 Дирго Эмен дие вокьулевлъи гIаламалда лъазе гIоло тIубазабула дица
гьес дие амру гьабурабщинаб. Гьанже тIаде рахъа, гьаниса нахъе
рилълъине ккола нилъ.

## Иоанн 15

1 ГIисаца абуна: – ХIакълъунго дун ккола цIолбол гъабу. Дир Эменги
ккола ахикь гьеб чIарав ахихъан.

2 ТIад цIибил бижуларел дир чIорал гьес къунцIун нахъе рехула. ЦIибил
бижулел чIорал гьес кIурула, гьезда тIад дагьабги цIикIкIун цIибил
бижизе.

3 Дица нужеда абураб рагIудалъун нуж рацIцIалъун руго.

4 Нуж дилъ рукIа, дун нужелъги вукIина. Гъабудаса къунцIараб чIоралда
цIибил бижулареб гIадин, дилъ рукIинчIони, нужедасаги щибго пайда
букIинаро.

5 Дун ккола цIолбол гъабу, нуж ккола гьелъул чIорал. Гьев чи дилъ
вугони, дун гьесулъги вугони, гьеб чIоралда тIад гIемераб цIибил
бижила. Дидаса ратIалъун нужеда щибниги гьабизе кIоларелъул.

6 Амма гьев чи дилъ гьечIони, цIолбол гъабуялдаса къунцIараб чIор
гIадин, нахъе рехула гьев. Ахикьа ракIарун цIадаре ран рухIула гьединал
чIорал.

7 Нуж дилъ ругони, дир рагIабиги нужелъ хутIани, гьебмехалъ нужеца
гьарарабщинаб лъугьина.

8 ЛъикIаб гъабуда цIибил цIикIкIун бижулеб гIадин, нужедаса пайдаги
цIикIкIани ва нуж дир унго-унгоял муридаллъунги ругони, дир Инсул
машгьурлъи цIикIкIина.

9 Инсуе дун вокьулев гIадин, дие нужги рокьула. Нужеде бугеб дир рокьи
тIезе биччаге нужеца.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

10 Дирго Инсул амру дица тIубазабидал, гьесул рокьи дидаса тIолеб
гьечIеб гIадин, дир амру нужеца тIубазабуни, дир рокьиги тIезе гьечIо
нужедаса.

11 Дица гьаб кинабго нужеда бицунеб буго, дир бугеб рохел кидаго
нужераблъун хутIизе ва нужер рохел киданиги тIаса камунгутIизе.

12 Гьале нужее дир амру: дие нуж рокьулел гIадин, рокье нуж цоцазеги.

13 Гьудулзабазе гIоло жиндирго рухI кьолев чиясулалдаса кIудияб рокьи
букIунаро ракьалда.

14 Дир амруял нужеца тIуразаруни, нуж дир гьудулзаби руго.

15 Дица тIокIаб нужеда лагъзалилан абиларо, лагъасда лъаларелъул
гьесул бетIергьанас щиб гьабулеб бугебали. Дица нужеда
гьудулзабиййилан абулеб буго, дир Инсудасан рагIарабщинаб дица
нужеда лъазабидал.

16 Дун нужеца тIаса вищичIо, дица нуж тIаса рищана ва ритIана, гъабул
чIоралда тIад цIибил гIадин, пайда цIикIкIинабизеги, гьеб абадиялъго
хутIизеги, дир цIар рехсон гьарарабщинаб дир Инсуца нужее кьезеги.

17 Гьале нужее дир амру: цоцазе рокьа нуж.

18 ГIаламалда нуж рихани, нужеда ракIалде щва нужедасаги цеве дун
гьезда рихун вукIаравлъи.

19 Гьаб гIаламалда релълъарал нуж рукIаралани, нилъерго чагIийин
абун рокьилаан нужги гьезие. Гьезие нуж рокьуларо, гьезда
релълъаралги гьечIелъул ва дица нуж гьезда гъорлъа тIаса рищунги
ругелъул.

20 Жиндирго бетIергьанасдаса лагъ тIадегIанав вукIунарилан дица абун
букIараб ракIалда бугищ нужеда? Дие гIазаб-гIакъуба кьураб гIадин,
нужееги кьела. Дихъ гIенеккарал гIадин, нужехъги гIенеккила.

21 Гьеб кинабго гIазаб-гIакъуба дир цIар сабаблъун гьабила нужее, гьезда
лъалев гьечIелъул дун витIарав Аллагь.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

22 ВачӀун дица гьезда бицун букӀинчӀебани, гьезие мунагь букӀинароан,
гьанже жидерго мунагь бахчизе гӀилла-сабаб батиларо гьезда.

23 Дун рихарасда дир Эменги рихина.

24 Цогидаздасан киданиги загьирлъичӀел мугӀжизатал дица гьезда
рихьизарун рукӀинчӀелани, гьезие мунагь букӀинароан. Амма гьеб
кинабго бихьаниги, рихун руго гьезда дунги дир Эменги.

25 Гьаб кинабго лъугьунеб буго гьезул къануналда бугеб гьадинаб
калима ритӀухълъизе: «ГӀиллаго гьечӀого рихана гьезда Дун».

26 Нужер ракӀбатизабизе дир Инсудасан бачӀунеб РитӀухълъиялъул РухӀ
Инсухъан дица нужее битӀараб мехалъ, гьелъги нугӀлъи гьабила дие.

27 Нужецаги нугӀлъи гьабила дие, авалалдаса бахъарабго ругелъул нуж
дида цадахъ.

**Иоанн 16**

1 Гьеб кинабго дица нужее бицунеб буго нуж къосинчӀого хутӀизе.

2 Нуж синагогаялдаса къватӀире гьела. Нуж чӀвалев чиясда гьанже
Аллагь жиндаса разилъилилан ракӀалде кколебгицин заман бачӀунеб
буго.

3 Гьез гьеб гьабила я дун, яги дир Эмен гьезда лъачӀелъул.

4 Дица нужеда гьаб бицун толеб буго, гьединаб заман бачӀараб мехалъ
гьалъул хӀакъалъулъги ГӀисаца нижеда бицун букӀанилан нужеда
ракӀалде щвезе. Дун нужеда цадахъ вукӀиндал бицун букӀинчӀо дица гьеб
нужее гьанжелъизегӀан.

5 Гьанже дун унев вуго дун ВитӀарасухъе, ва нужер цонигияс гьикъиларо
мун киве унев вугевилан.

6 Гьале, дица гьеб бицараб мехалъ, нужер рекӀелъе пашманлъи лъугьана.

7 Амма хӀакълъун абулеб буго дица нужеда: дун ун лъикӀ нужее. Дун
инчӀони, нужер ракӀбатизабулеб РухӀ бачӀине гьечӀо. Инеги ун, дицайин
нужехъе гьеб битӀизе бугеб.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 БачIун гьелъ загьирлъизарила гIаламалъул мунагьалги, дир
ритIухълъиги, суд гьабулеб къо тIаде гIунтIулеб букIинги.

9 «ГIаламалъул мунагьаздасан» бичIчIула – диде иман лъечIолъи;

10 «дир ритIухълъиялдасан» бичIчIула – дун дирго Инсухъе унев
вукIинги тIокIав нужеда вихьизе гьечIевлъиги.

11 «Суд гьабулеб къоялдасан» бичIчIула – гьаб дуниялалъул
кверщелчиясе тамихI гьабун букIин.

12 ГIемераб жо бугоан дир нужеда бицине, амма гьеб кинабго жеги нужер
ургьибе унаро.

13 ХIакъабщинаб загьирлъулеб РухI рещтIараб мехалъ, гьелъ бицина
нужее хIакъабщиналъул. Жибго лъикIаб лъугьун гурелъул гьеб кIалъазе
бугеб, жиндаго рагIарабщинаблъидал гьелъ бицине бугеб нужехъе
рещтIараб мехалъ.

14 Гьеб РухIалъ дун машгьурлъизавила. Дихъ бугебаб, дихъаги босун,
нужее загьир гьабила гьелъ.

15 Дир Инсул бугебщинаб дирги буго. Гьединлъидалин дица абураб дихъ
бугебаб, дихъа босун, нужее загьир гьабулеб бугин гьелъилан.

16 КватIичIого дун нужеда вихьуларелъуве ина. Цинги гIемерго
кватIичIого вихьизеги вихьила нужеда дун.

17 Гьебмехалъ цо-цо муридазда гьоркьоб гьадинаб кIалъай ккана: –
КватIичIого жив нужеда вихьуларелъуве инилан, цинги гIемерго
кватIичIого вихьизеги вихьилилан абулеб буго, жиндирго Инсухъе
иналъул бицунеб буго. Гьелъул магIнагIаги щибдай?

18 Цоги гьез абулеб букIана: – КватIичIогойилан абураб рагIул магIна
щибдай? Гьес бицунеб жо нилъеда бичIчIулеб гьечIогури.

19 Жиндие суалал кьезе муридазе бокьун бугеблъи лъан, ГIисаца гьезда
абуна: – КватIичIого вихьуларелъуве инин, цинги гIемер кватIичIого


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

вихьизеги вихьилин абурал дир рагIабазул магIна лъазе бокьун гурищ нуж цоцазда цIехолдулел ругел?

20 ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: дида хадур магIаби гьарун гIодила нуж. Амма гIалам бохила. Нуж пашманлъила, амма гьеб нужер пашманлъи рохелалде сверила.

21 Лъимер гьабизе заман щун, хIара чIварай чIужугIаданалъе гIазаб букIуна. Амма лъимер гьабурабго, гьеб гIазабги кIочон тун, гьей йохула гьаб дунниялалде цоги инсан вачIинавунин жинцайилан.

22 Гьедин нужги гьанже пашманго руго, амма нахъеги дида нуж рихьараб мехалъ, рохалил цIела нужер ракIал ва гьеб рохелги нужехъа лъиканиги бахъиларо.

23 Гьеб къоялъ нужеца дида щибниги гьикъиларо. ХIакълъун абулеб буго дица нужеда: нужеца щиб гьараниги, дир цIаралъе гIоло, кьела нужее дир Инсуца.

24 Дир цIар рехсон нужеца гьанжелъагIан щибниги гьаричIо. Гьанже гьаре нужерго, гьарараб щвела, нужер рохелги тIаса камиларо.

25 Гьаб киналъулго хIакъалъулъ мисал бачун бицунаан нужеда дица. Амма тIаде щолеб буго, мисалал рачинчIого, Инсул хIакъалъулъ рагьун нужеда лъазабизе бегьулеб заман.

26 Гьеб къоялъ дир цIар рехсон гьардела нуж. Нужер рахъалъ Инсуда щибниги гьарилилан абулеб гьечIо дица нужеда.

27 Дир Инсуе жиндиегоги рокьула нуж, нужее дунги вокьидал ва дун Аллагьас витIун вукIиналдаги божидал.

28 Дун Инсуца витIун вачIана гьаб дунниялалде, гьанже, дунниялги тун, Инсухъе тIадвуссун унев вуго.

29 – Гьанже нижеда бичIчIуледухъ, цониги мисал бачинчIого, бицунеб бугоха дуца, – ян абуна муридаз. –

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

30 Нижеда бичIчIана дуе суал кьелалдего дуда кинабго лъалеблъи.
Гьединлъидал ниж божула мун Аллагьас витIарав вукIиналда.

31 – Гьанже божанищ нуж? – ан абуна ГIисаца. –

32 Гьале тIаде щолеб буго, дунги вукIаралъув тун, нуж рахъ-рахъалде
тIурун унеб заман. ТIаде щунго буго гьеб! Амма дун дунго цохIо хутIизе
гьечIо, дида цадахъ дир Эмен вугелъул.

33 Дица гьаб нужеда бицана, дилъ нужеда рекъел батизе. Гьаб
дуниялалда нужее гIазаб-гIакъуба букIина. Амма нуж къвакIун чIа. Дун
гьаб дуниялалдаса бергьана.

**Иоанн 17**

1 Муридазе гьеб хабар бицун бахъарабго, зобалаздеги валагьун, ГIисаца
абуна: – Я, дир Эмен! Дир болжал тIаде щвана. Дурго Вас
машгьурлъизаве, гьес мунги машгьурлъизавизе.

2 ТIолабго гIаламалда тIад ихтияр кьуна дуца гьесие, дуца жиндихъе
кьуралщиназе Васас абадияб гIумру насиблъизабизе.

3 Абадияб гIумру ккола ХIакъав ва Цогояв Аллагь мунги ва дуца витIарав
МасихI ГIисаги лъай.

4 Дуца тIадкъараб ишги тIубазабун, дица гьаб ракьалда мун
машгьурлъизавуна.

5 Я, дир Эмен! Гьаб дуниял бижилелдего, дун дуда аскIов вукIараб
мехалъ, дир букIараб машгьурлъиялдалъун машгьурлъизаве гьанжеги
дуца дун.

6 ГIаламалда гьоркьоса дуца дихъе кьурал гIадамазе рагьана дица дур
цIаралъул хIакъикъат. Гьел дур рукIана, цинги гьел дуца дихъе кьуна ва
гьел дур рагIухъ гIенеккана.

7 Гьанже гьезда лъана дуца дие кьурабщинаб дудасан бугеблъи.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Дуца дихъе кьурал рагIаби дица гьезие кьуна, гьез гьел къабулги
гьаруна. ХIакълъунго гьезда бичIчIана дун дудасан вачIарав вукIин ва
дун дуца витIун вукIиналдаги божана.

9 Гьезие гIоло гьарулеб буго дица дуда. Дуниялалда ругел киналго
гIадамазе гIоло гуреб, дуца дихъе кьуразе гIолойин, гьел дур ругелъул.

10 Дир ругелщинал дур руго, дур ругелщинал дирги руго. Гьезулъги
машгьурлъана дун.

11 Дун гьанже гьаб дуниялалда вукIинаро, амма гьалги гьаб дуниялалда
тун вачIунев вуго дун духъе. Я, дир Илагьияв Эмен! Нилъ цого ругел
гIадин, гьелги цого рукIинаре, дуца дие кьураб дур цIаралдалъун.

12 Дун гьезда цадахъ вугеб мехалъ, дица гьел хвалде ине риччачIого
цIунана дуца дие кьураб дур цIаралдалъун. Цо чи хутIизегIан цIунана.
Гьев хвалде ана, гьелъул хIакъалъулъ ТIехьалда хъвараб ритIухълъизе
кколеб букIиндал.

13 Гьанже дун духъе вачIунев вуго. Дун дуниялалда вугебгIан заманаялъ
дица гьаб гьазда бицунеб буго, дидаса бугеб гьазул рохел тIаса
камунгутIизе.

14 Дица дур рагIи гьазухъе кьуна ва гьаб гIаламалда рихана гьал, дун
гьаб дуниялалъул чи гурев гIадин, гьалги гьаб дуниялалъул чагIи
гурелъул.

15 Гьаб гIаламалда гьоркьоса гьал нахъе рачейилан гуро гьарулеб бугеб,
гьанир гьал илбисалдаса цIунеян гьарулеб буго дица.

16 Дун гьаб дуниялалъул чи гурев гIадин, гьалги гьаб дуниялалъул чагIи
гуро.

17 ХIакъаб къудраталдалъун дуца гьал дуе хъулухъалъе ратIа гьаре. Дур
рагIи хIакъаб буго.

18 Дуца дун гIаламалъухъе витIарав гIадин, дица гьалги гIаламалъухъе
ритIулел руго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

19 Дуе хъулухъалъе дуца дун ватIа гъавуна, хIакъаб къудраталдалъун
гъалги ратIа гъаре.

20 ЦохIо гъазул рахъалъ гуребги, гъазул рагIудалъун диде иман лъезе
бугелщиназул рахъалъги гъарулеб буго дица:

21 Я, дир Эмен, гъал цолъун рукIаги мун диль вугев гIадин, – дун дуль
вугев гIадин, гъалги нилъелъ рукIине риччанте, – дун дуца витIун
вукIиналда гIалам божизе.

22 Дуца дие къураб машгъурлъи дица гъазиеги къуна. Дунги Мунги
гIадин цолъун рукIине риччанте гъалги.

23 Дун гъазуль вукIина, мун дильги вукIина, риччанте гъал тIубанго
цоцаль цолъун рукIине ва гъелдалъун гIаламалда лъазе дун дуца витIун
вукIаравлъиги ва дун гIадин дуе гъал рокьулелльиги.

24 Я, дир Эмен! Гъанир дуца дихъе къурал гIадамал гьенирги дида аскIор
рукIине бокьун буго дие. Дуниял бижилелдего вокьулев вукIиндалха дуе
дун. Дуца дун машгъурлъизави гъазда бихьизе.

25 Я, дир РитIухъав Эмен! ГIаламалда мун лъачIо, амма дида лъала мун,
гъаздаги лъана дун дуца витIаравлъи.

26 Дур хIакъалъуль рагъун бицана дица гъал гIадамазда, хадубккунги
бицина, дуца дие къураб рокьи гъазиеги гIахьалаб букIине ва дун гъазуль
хутIизе.

**Иоанн 18**

1 Гъеб дугIа лъугIун хадуб, жиндирго муридалгун цадахъ, ГIисаца Кедрон
лъар бахана. Гъеб рахъалда букIараб цо ахикье ун, муридазда цадахъ
гIодов чIана.

2 Гъесие хилиплъарав Ягъудадаги лъалаан гъеб бакI. Жиндирго
муридалгун ГIиса чанги вачIунаан гъениве.

3 Гъединлъидал Рималъул рагъухъабиги чIахIиял кашишзабазги
фарисеязги ритIарал Мукъадасаб Рукъалъул хъаравулзабиги рачун


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

вачIана Ягьуда гьениве. Гьезухъ букIана ярагъги, канлъуе бакараб канги, чирахъалги.

4 Гьениб жиндие ккезе бугебщинаб цебеккунго лъалев ГIисаца, данде ун, гьезда гьикъана: – Щив нужеца валагьулев вугев? – абун.

5 – Назареталдаса ГIиса валагьулев вуго, – ян жаваб кьуна гьез. – Дун вуго Дов, – ан абуна ГIисаца. Хиянатчи Ягьудаги вугоан гьезда гьоркьов.

6 Жив Дов вугилан ГIисаца абидал, киналго нахъегIан къана ва ракьалда гIодор ккана.

7 Нахъеги гьикъана гьезда щив валагьулев вугевилан. Гьез абуна Назареталдаса ГIиса валагьулев вугилан.

8 ГIисаца абуна: – Дица абунагури нужеда дун Дов вугилан. Дун валагьулев вугев ватани, гьал нахъе риччай.

9 (Гьедин гьес абуна жинцаго дугIадулъ рехсараб гьадинаб калима ритIухълъизе: «Дуца дихъе кьуразул цонигияв хвалде ине виччачIого цIунана дица».)

10 Гьебмехалъ Симон Пётрица хвалчен лъалиниса бахъана ва цохIо хьвагIаралъ цо рагьтIателасул кваранаб гIин къотIана. (Бищунго кIудияв кашишасул гьев рагьтIателасда цIар Малх букIана.)

11 – Дуца хвалчен лъалиниб лъе, – ян абуна ГIисаца Пётрида. – Дир Инсуца дихъе кьураб лълъар гьекъечIого бегьилищ дица?

12 Гьебмехалъ азарилбетIерасги, Рималъул рагъухъабазги, ягьудиязул Мукъадасаб Рукъалъул хъаравулзабазги, кквезеги ккун, вухь-вухьана ГIиса.

13 Цин гьев вачана гьеб соналъ бищунго кIудияв кашишлъун вукIарав Кайафал вакьад Гьаннал бакIалде.

14 Гьев Кайафа вукIана тIолабго халкъ хвеялдаса цо чи хвей лъикIилан добмехалъ ягьудиязе гIакълу кьурав чи.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

15 ГІисада хаду-хадур рачІунел рукІана Симон Пётрги цоги муридги. Гьев
мурид кІудияв кашишасда лъалев чи вукІиндал, ГІисада хадув гьесул
азбаралъуве лъугьана.

16 Пётр къватІивехун кавудахъ чІун вукІана. Цинги кІудияв кашишасда
лъалев дов мурид къватІиве вачІана ва, кІалтІа хъаравуллъиялда
йикІарай ясалдаги абун, Пётрги азбаралъуве виччазавуна.

17 Гьебмехалъ гьей ясалъ Пётрида гьикъана: – Гьадав чиясул муридцин
гурищ мунги? Гурилан абуна Пётрица.

18 Квачараб сордо букІана гьеб. Лагъзадерицаги Мукъадасаб Рукъалъул
хъаравулзабацаги азбаралъуб цІа бакана. Пётрги чІана гьезда аскІов
цІадухъ.

19 КІудияв кашишас ГІисада цІехолеб букІана гьесул муридазулги ва
гьезда малъараб диналъулги хІакъалъулъ.

20 ГІисаца гьесда абуна: – Дица халкъалъе хабар бицунаан киназдаго
бихьун, киназдаго рагІун. Ягьудиял ракІарараб бакІалда синагогаялъуб
яги Мукъадасаб Рокъоб гьабулаан дица вагІза-насихІат. Балъго дица
лъиданиги щибниги бицунароан.

21 Дида щай дуца гьеб гьикъулеб? Дихъ гІенеккун рукІаразда гьикъе щиб
дица бицунеб букІарабилан. Гьале гьаздаги лъала щиб дица бицарабали.

22 ГІисаца гьедин абидал, аскІов вукІарав Мукъадасаб Рукъалъул цо
хъаравулас кІаркьен чІвана гьесул: – Гьединищ дуца кІудияв кашишасе
жаваб кьолеб бугеб? – анги абун.

23 ГІисаца гьесда абуна: – Дица мекъи абулеб бугеб батани, дуца гьал
киназдаго цебе гьеб мекъи букІин чІезабе. Дица битІараб бицунеб бугеб
батани, дуца дида кьабиялъе гІилла щиб?

24 Вухь-вухьун вугев ГІиса бищунго кІудияв кашиш Кайафал бакІалде
вачейилан амру гьабуна гьебмехалъ Гьаннаца.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

25 Симон Пётр хинлъизе цIадухъ вахъун чIун вукIана. – Мунги досул муридищ? – ан гьикъана цояс. Гурилан нагIадала ккуна гьес.

26 КIудияв кашишасул цо рагьтIателас (гьев вукIана Пётрица гIин къотIарасул гIагарав чи) Пётрида гьикъана: – Дова ахикь гьадасда цадахъ дида вихьарав чи гурищ мун?

27 Жив гьенив вукIинчIилан нахъеги нагIадала ккуна Пётрица. Гьеб параялда хIелеко гIегIедана.

28 Кайафал бакIалдасаги ГIиса вачана сардарасул кIалгIаялде. ХъахIлъи балеб букIана. Жалго хъублъизе бокьичIого, ягьудиял кIалгIаялъуре лъугьинчIо, Пасхаялъул хирияб кванде ине кколел рукIиндалха гьел.

29 Живго Пилат вачIана къватIиве. Гьев чиясде нужеца гIунтIизабулеб бугеб гIайиб-хатIа щибилан гьикъана гьес.

30 Гьав такъсирчи вукIинчIевани, нижеца духъе вачинароанилан жаваб кьуна гьесие ягьудияз.

31 Пилатица абуна: – Вачун нужерго къануналда рекъон къотIе гьесие хIукму. Ягьудияз абуна чи чIвазе къотIизе жидер ихтияр гьечIилан.

32 (Гьеб гьедин ккана живго кин холевали ГIисаца цебеккунго бицун букIарабги ритIухълъизе гIоло.)

33 Гьебмехалъ Пилат кIалгIаялда жаниве лъугьана. ГIисаги вачун вачIана гьениве. – Мунищха кколев жугьутIазул парччахI? – абун гьикъана гьесда Пилатица.

34 ГIисацаги данде суал кьуна: – Дудаго ракIалде ккунищ дуца гьедин абулеб бугеб, яги цогидазищ дуда дир хIакъалъулъ гьедин бицараб?

35 Пилатица жаваб кьуна: – Дун жугьутIавиланищ дуда ккарав? Дур халкъалъги чIахIиял кашишзабазги кьуна мун дихъе. Щиб дуца гьабураб?

36 ГIисаца жаваб кьуна: – Дир ПарччахIлъи гьаб дуниялалда гуро бугеб. Гьанив дун ПарччахI вукIаравани, дир нукарзаби дун цIунун рагъилаан,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

ягьудиязул хIакимзабаз дун кверде восизе виччалароан гьез. Амма гьанже дир ПарччахIлъи гьаниб гуро бугеб.

37 Пилатица абуна: – Кин бугониги мун ПарччахI рагIулаха. Уйищ? – Дуца абулеб бугоха дун ПарччахI вугилан. Дун гьавуна ва гьаб дуниялалде вачIана хIакъабщиналъе нугIлъи гьабизе. ХIакъабщинаб бокьулев кинавго чиясда рагIула дир гьаракь.

38 «ХIакъабщиналъул» магIна щибилан гьикъана Пилатица. Цинги гьев ягьудиязухъе къватIиве ана. ГIиса хъанчида вазе хIукму гьабула – Досда щибниги гIайиб-хатIа батулеб гьечIо дида, – ян абуна гьес гьезда. –

39 Пасхаялъул хIурматалда цо туснахъ къватIиве виччалеб гIадатги цIунун, гьадав «жугьутIазул ПарччахI» нахъе виччазе бокьилищ нужее?

40 – Гьев виччаге, Барабба виччай! – ян ахIана гьез. (Барабба вукIана хъачагъ.)

**Иоанн 19**

1 Пилатица амру гьабуна, гьениса нахъе вачун, ГIиса цIалаца вухейилан.

2 Рагъухъабаз зазил хьухьун таж лъуна ГIисал ботIрода. БецIбагIараб ххамил гIабаги рехана гьесул мугъзаде.

3 Цинги аскIоре рачIун: «ЖугьутIазул парччахI чIахъаги!» – ян ахIулаго, ГIисал гьумер бухулеб букIана гьез.

4 Пилатица, нахъеги къватIиве вачIун, ягьудиязда абуна: – ГIенеккея, дица дов къватIиве вачунев вуго, досда тIад гIайиб чIезабизе дида кIвечIеблъи нужеда лъан букIине.

5 Зазил тажги ботIрода лъун, багIараб гIабаги мугъзаде рехун, вачун вачIана ГIиса. – Гьале гьев чи! – ян абуна Пилатица.

6 Гьев вихьаравго чIахIиял кашишзабиги Мукъадасаб Рукъалъул хъаравулзабиги ахIдезе лъугьана: – Хъанчида вазе витIе! Хъанчида вазе витIе! Пилатица абуна: – Нужецаго вай гьав хъанчида. Дида кIоларо гьасда гIайиб чIезабизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

7 Ягьудияз гьесда абуна: – Нижерги нижерго къанун буго. Нижер
къануналда рекъон гьев чIвазе ккола, гьес жив Аллагьасул Вас вугилан
абулеб бугелъул.

8 Гьедин гьез абулеб рагIидал, Пилат дагьавги цIакъ хIинкъана.

9 ГIисаги вачун, кIалгIаялъуве лъугьун, гьикъана гьесда: – Мун киса? –
ян. ГIисаца жаваб кьечIо.

10 Пилатица гьесда абуна: – Дида кIалъаларилан чIунищ мун вугев? Дуда
лъаларищ, дие бокьани, мун хъанчида вазе яги нахъе виччазе дир
ихтияр букIин?

11 ГIисаца жаваб кьуна: – Аллагьасул къадар гьединаб букIинчIебани, дие
щибниги гьабизе ихтияр букIинароан дур. Дуеялдаса цIикIкIараб мунагь
букIина дун духъе кьуразе.

12 ГIисаца гьедин абидал, Пилатица хIаракат бахъулеб букIана гьев
нахъе виччазе. Амма ягьудиял ахIдолел рукIана: – Дуца гьев нахъе
виччани, къайсарасул гьудул вукIинароха мун. Живго парччахIлъун
рикIкIунев чи – гьев ккола къайсарасда дандечIарав чи!

13 Ягьудияз гьедин абидал, Пилатица ГIиса къватIиве вачана. ГамачI
ккураб къотIнов (жугьутI мацIалда гьелда цIар букIана «Габбата») суд
гьабизе вахунеб тахида тIад гIодов чIана Пилат.

14 Гьеб букIана Пасхаялда цебесеб къоялъул къалъул гIуж. Пилатица
ягьудияздa абуна: – Гьале нужер парччахI!

15 Гьез ахIулеб букIана: – ВитIе, витIе, хъанчида вазе витIе! Пилатица
абуна: – Нужер ПарччахI хъанчида вазе витIизе бегьилищ дица? ЧIахIиял
кашишзабаз ахIана: – Къайсар тун батIияв парччахI гьечIо нижер!

16 Ахирги Пилатица ГIиса хъанчида вазе гьезухъе кьуна. Гьевги вачун
рагъухъабиги ана.

17 Жиндирго хъанчги баччун, «Гвангвара» абулеб бакIалде (жугьутIазул
мацIалда гьеб бакIалда цIар букIана «Голгота») вачана ГIиса.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

18 Гьенив гьев хъанчида вана. КӀиго чиги вана ГӀисада цадахъ хъанчида:
цо кваранаб рахъалда, цояв квегӀаб рахъалда. ГӀиса бакьулъе ккана.

19 Пилатица амру гьабун букӀана: «Назареталдаса ГӀиса – жугьутӀазул
парччахӀ» абун хъвараб хъарщи чӀвайин ГӀисал хъанчида.

20 ЖугьутӀазул, грекazул ва латиназул мацӀалда хъван букӀиндал,
гӀемерал ягьудияз цӀалана гьеб. Гьеб бакӀ шагьаралде гӀагардаго
букӀиндал, гӀемерав чи вачӀун вукӀана гьениве.

21 Ягьудиязул чӀухӀби-хӀакимзабаз Пилатида абуна: – «ЖугьутӀазул
парччахӀ» – абун хъвазе бегьулароан букӀараб. Гьелда хъвазе ккола «Гьас
абулеб букӀана жив жугьутӀазул парччахӀ вугилан».

22 – Дица хъвавухъе те, – ян абуна Пилатица.

23 ГӀисаги хъанчида ван, рагъухъабаз гьесул ретӀел жидеего босана ва
ункъасдаго гьоркьоб бикьана. Къвалалгун цадахъ бессун гьабураб,
букъараб бакӀго гьечӀеб халатаб сугърал гурдеги щвана гьезие.

24 Гьез хӀукму гьабуна тӀутӀун хвезабичӀого, можоро бахъун бергьарасе
тезе. Гьедин гьабизеги гьабуна рагъухъабаз, ва ТӀехьалда хъван букӀараб
гьадинаб калима ритӀухълъана: «Дир ретӀел гьез жидедаго гьоркьоб
бикьана. Дир гурде лъие щвелебали можоро тӀамуна гьез».

25 ГӀисал хъанчида цере рахъун чӀун рукӀана гьесул эбелги, гьесул
эбелалъул яцги, Клеопал чӀужу Марямги, Магдалаялдаса Марямги.

26 Эбелги жиндие вокьулев муридги гьенир чӀун рихьидал, жиндирго
эбелалда ГӀисаца абуна: – Я, дир эбел! Гьалеха дур вас! – ан.

27 Цинги гьес гьев муридасда абуна гьанже гьей дур эбел кколилан. Гьев
муридас нахъа ГӀисал эбел жиндаго аскӀое ячана.

28 Гьелдаса хадубги ГӀисада лъана кинабго ТӀухьдуз бицухъе кколеб
букӀин. ТӀехьалда бугеб ритӀухълъизе гьес абуна жив къечон вугилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

29 ЦIекIаб чогърол цIураб парччи букIана рагъухъабазухъ. Гьеб чогъролъ
чIортоги ччун, иссоп абулеб цо гъотIодаса къотIараб гIералда бухьун,
гьеб ГIисал кIутIбузда хъвазабуна.

30 Чогърол тIагIам мацIалде бачIиндал: «ТIубана!» – ян абуна ГIисаца.
Гьесул бетIер каранде далана ва рухI босун ана.

31 Гьеб букIана рузман къо. Ягьудиязе бокьичIо гьезул къаркъалаби
шамат къоялъги хъанчазда равухъе тезе. (Гьеб шамат къо кIудияб
байрамалъул къо букIана.) Гьединлъидал гьез Пилатида гьарана бохдул
рекун хвезеги гьарун, гьезул жаназаби хъанчаздаса рахъизе изну
кьейилан.

32 РачIун рагъухъабаз бохдул рекана ГIисада цадахъ хъанчида ван
вукIарав дов кIиявго чиясул.

33 ГIисаде ирга щведал, гьев хун ватана гьезда. Гьединлъидал гьесул
бохдулги рекичIо.

34 Амма цояс гьесул хьолболъ хеч тункана. Ругънадасан гьулчун бачIана
биги лъимги.

35 Гьелъул хIакъалъулъ бицана жиндир беразда гьеб бихьарав чияс. Гьес
гьеб бицана нуж божизе бокьун. Гьес бицарабги битIараб буго. Гьесда
лъала жинца битIараб бицунеб бугеблъи!

36 Гьеб гьедин ккана ТIехьалда бугеб гьадинаб калима ритIухълъизе:
«Гьесул ракьа бекизе къотIи гьечIо».

37 Цоги ТIехьалда хъван буго: «Хечалъ черх борлъарасухъ ралагьун
рукIина гьел».

38 Ягьудиязул заралалдаса хIинкъун балъгого ГIисае муридлъи гьабулев
вукIарав Ариматеялдаса Юсупин абулев цо чи ана Пилатихъе, ГIисал
жаназа букъизе изну кьейилан гьарун. Пилатица изну кьуна. ВачIун гьев
чияс ГIисал жаназа хъанчидаса бахъана.

39 Доб цо сордоялъ ГІисахъе ун вукІарав Никодемги вачІана нусго
гелавка нахулги босун. БатІи-батІиял хурдузул бахъараб нах букІана
гьеб.

40 ЖугьутІазул гІадаталда рекъон, махI берцинаб нахулъ ччун мусралги
ран, къачІана гьез ГІисал жаназа.

41 Гьев хъанчида вараб бакІалда аскІоб цо ах букІана. Гьеб ахикь букІана
нохъода бикІун къачІараб, жанив чи лъечІеб хоб.

42 Метер шамат къоялде жугьутІал хІадурлъулеб къо букІиндал, хобги
гІагардаго букІиндал, хехго гьенив вукъана гьез ГІиса.

## Иоанн 20

1 Анкьил тІоцебесеб къоялъ хъахІлъи балалдего яхъун Магдалаялдаса
Марям ГІисал хабаде щвана. Хабал нохъодул кІалтІаса гамачІ нахъе
гиризабун батана гьелда.

2 Екерун ун гьелъ Симон Пётридаги ва ГІисае вокьулев вукІарав дов
муридасдаги бицана ТІадегІанав ГІиса хабалъ гьечІин, гьениса восун кив
гьев лъуравалиги лъаларин нижеда.

3 ГьебсагІат рахъун Пётрги дов муридги ГІисал хабаде ана.

4 КІиялго цадахъ рекерулел рукІана гьел, амма дов мурид тулакав
вукІун, Пётридаса цеве щвана гьениве.

5 Жаниве къулун валагьидал, мусрал рихьана гьесда гьенир, амма
нохъоде гьев лъугьинчІо.

6 ТІаде щун хабал нохъоде лъугьарав Пётридаги рихьана гьенир
мусралги 7 ГІисал бетІер бухьун букІараб квербацІцІги. Гьеб квербацІцІ
мусраздаса батІаго гура-сурун лъун бугоан.

8 ТІоцеве гьениве щварав дов муридги лъугьана жаниве. ГІисал хоб
чІобого бихьидал, божана гьев.

9 ГІиса хваралъуса вахъинилан ТІухьдузда бихьизабун букІаралъул
магІна жеги бичІчІун букІинчІо гьезда.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 Цинги гьел муридал рокъоре ана.

11 Дой Марям хутIана къватIиехун яхъун чIун гIодулей. Цинги гIодулаго
гьейги кьулана хабалъе.

12 ГIисал жаназа букIараб бакIалда къаданив гIодов чIун цояв,
хIатIаахада гIодов чIун цогияв – хъахIаб гIабаги ретIарав кIиго малаик
вихьана гьелда.

13 Гьез Марямида гьикъана: – Йо, чIужугIадан, щай мун гIодулей йигей?
Гьелъ абуна: – Дир ТIадегIанав гьаниса нахъе восун ун вуго, кив гьев
лъуравалиги лъалеб гьечIо дида.

14 Гьединги абун нахъехун юссиндал, ГIиса ватана нахъа чIун. Амма
гьелда лъачIо гьев ГIиса вукIин.

15 ГIисаца гьикъана: – Йо, чIужугIадан, щай мун гIодулей йигей? Щив
дуца гьанив валагьулев вугев? Ахихъан ватилин гьевилан ккун,
Марямица абуна: – Я, бетIерчIахъад, дуца гьасул жаназа хабалъа
бахъараб батани, киб гьеб лъурабали бице. Дица нахъе босила гьеб.

16 – Марям! – абун, цIар ахIун, кIалъана гьелда ГIиса. – Я, Раббуни! – ян
ахIана Марямица кьурун гьесдехун юссун (МугIалим абураб магIна буго
жугьутI мацIалда гьеб рагIул.)

17 ГIисаца гьелда абуна: – Воре, дуца дун ккун чIезавуге, жеги дун дирго
Инсухъе щун гьечIин. Гьанже дир вацазухъе ун, дуца гьезда бице ГIисаца
абунин, дирги нужерги Инсухъе, дирги нужерги Аллагьасухъе тIадвуссун
унев вугин дун.

18 Инеги ун Магдалаялдаса Марямица муридазда бицана жиндаго
ТIадегIанав вихьиялъулги ва гьес жинда бицаралъулги хIакъалъулъ.

19 Анкьил тIоцебесеб гьебго къоялъул маркIачIумехалъ ягьудияз жидеего
зарал гьабилилан хIинкъун, нахъасан нуцIаги рахан муридал ругеб
мехалъ, жаниве лъугьун, ракълида хутIагийилан саламги кьун, рукъ
бакьулъ вахъун чIана ГIиса.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

20 Цинги гьес жиндирго квералги хьибилги рихьизаруна гьезда.
ТIадегIанав ГIиса вихьиялдаса рохана муридал.

21 – Ракълида хутIаги! – ян такрарги гьабун, ГIисаца гьезда абуна: – Дир
Инсуца дун витIарав гIадин, дица нужги ритIулел руго.

22 – Гьаб Илагьияб РухI къабул гьабе, – янги абун, цинги пуна ГIисаца
гьезда тIаде: – 23 Нужеца чурараб мунагь Аллагьасги чурила гIадамазул.
Нужеца чуричIеб гьесги чуриларо.

24 АнцIила кIигоязда гьоркьоса «КIилъилав» абун тIокIцIар бугев мурид
Фома вукIинчIо ГIиса вачIараб мехалъ гьезда аскIов.

25 ТIадегIанав ГIиса вихьанин жидедаян бицана цогидал муридаз
Фомада. Амма гьес абуна, гьесул кверазда магIазул ругънал жиндаго
рихьизегIан, магIаз лъурал ругъназда килищги хъвазегIан, хочоца
лъураб ругънада кверги хъвазегIан, жив божиларилан.

26 Микьго къоялдасан, нуцIаги нахъасан рахан, гьенирго данделъун
рукIана муридал. Фомаги вукIана гьенив. Рукъ бакьулъ вахъун чIун,
ракълида хутIагийилан салам кьуна ГIисаца гьезие.

27 Цинги гьес Фомада абуна: – Бихьея, дур килищ кье дир кверазда ругел
ругъназда хъвазе, дур кверги кье дихъе дир хьолбода бугеб ругънада
лъезе. Дун чIаго вукIиналда щаклъуге, божа мун гьелда.

28 – Я, дир БетIергьан! Я, дир Аллагь! – ан абуна гьесда Фомаца.

29 ГIисаца гьесда абуна: – Дун вихьун, божана мун дида. Гьардарал
гурищха дун вихьичIониги божулел гIадамал!

30 Гьаб тIехьалда хъвачIел цогидалги гIемерал хIикматал ишал гьаруна
ГIисаца, жиндирго муридазда цадахъ гьев вукIараб заманаялда.

31 Амма гьаб хъвана гьев ГIиса Аллагьасул Вас МасихI вукIиналде
нужеца иман лъезе бокьун ва гьелдалъун нужее абадияб гIумру
насиблъизеги бокьун.

## Иоанн 21

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

1 Гьелдаса хадувги Тибериадаялъул ральдахъ нахъеги вачIана ГIиса жиндирго муридазухъе. Гьадин ккана гьеб.

2 Симон Пётрги, КIилъилав абулев Фомаги, Галилеялъул Кана шагьаралдаса Натанаэлги, Зебедайил кIиявго васги ва цоги кIиго муридги дандеръун рукIана гьенир.

3 Симон Пётрица абуна жив ччугIа кквезе унев вугилан. Нижги рилълъинилан абуна гьесда гьез. Инеги ун, росоде рахана гьел. Амма гьеб сордоялъ цониги ччугIа кквезе щвечIо.

4 Рогьунеб мехалъ ГIиса вихьана гьезда ральдал рагIалда чIун. Амма муридазда лъачIо гьев чи ГIиса вукIин.

5 – Я, дир гьудулзаби, ччугIа ккурабищ? – ан ахIана ГIисаца гьезде. КквечIилан ахIана гьез.

6 Цинги ГIисаца гьезде ахIана росол кваранаб рахъалдехун гьин рехани, гьениб батилин нужеда ччугIа. Гьин рехараб мехалъ гьениб ккураб ччугIил гIемерлъиялъ хIалица бахъана гьеб лъадалъа.

7 ГIисае вокьулев вукIарав муридас Пётрида абуна ТIадегIанав вугин довилан. ТIадегIанав абураб рагIи гьесул кIалдиса къватIибе бачIарабго, Симон Пётрица ретIел ретIана (хIалтIулеб мехалъ ретIел бахъун букIана гьес) ва лъадалъе кIанцIун рагIалде лъедезе лъугьана.

8 Ральдал рагIалде щвезе нусго галул манзил гурони букIинчIо, амма ччугIил цIураб бакIаб гьинги хадуб цIан цогидал муридаз бачана раса рагIалде.

9 Ральдал рагIалде рахъиндал, тIорччол цIадуда бежулеб ччугIаги батана, гьениб аскIобго чедги батана гьезда.

10 ГIисаца абуна нужеца ккуразда гьоркьосаги чанго ччугIа гьанибе босейилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Симон Пётрица хIалица рагIалде цIана чIахIияб ччугIил цIураб гьин. Нусиялда кIикъоялда анцIила лъабго ччугIа батана гьениб, гьебщинаб ччугIа бугониги, гьинги тIун батичIо.

12 – Кваназе рачIа, – ян абуна ГIисаца гьезда. Цониги муридасда кIвечIо мун щивилан гьикъизе. Гьев ТIадегIанав вугевлъи лъалеб букIана гьезда.

13 Гьезда аскIове вачIун, ГIисаца босунго босун чед кьуна гьезухъе, ччугIаги кьуна гьединго.

14 Хваралъуса вахъун хадуб лъабабилеб нухалъги вачIана гьев гьедин муридазухъе.

15 Кванан рахъараб мехалъ, ГIисаца Симон Пётрида гьикъана: – Я, Иоаннил вас Симон, гьазиеялдаса цIикIкIун вокьулевищ дуе дун? Пётрица абуна: – Вокьула, дир ТIадегIанав. Дуда лъалагури дие мун вокьулевлъи. ГIисаца абуна: – Дир чахъаби кваназаре дуца!

16 КIиабизеги гьикъана ГIисаца гьесда: – Я, Иоаннил вас Симон, дуе дун вокьулевищ? – Вокьула, дир ТIадегIанав. Дуда лъалагури дие мун вокьулевлъи. ГIисаца гьесда абуна: – Дир чахъабазул тIалаб гьабе дуца.

17 Лъабабизеги гьикъана ГIисаца гьесда: – Я, Иоаннил вас Симон, дуе дун вокьулевищ? Жив дуе вокьулищилан лъабцIул тIатIалаго гьикъулеб бугин гьасилан пашманлъана Пётр. Гьес ГIисада абуна: – Я, БетIерчIахъад, кинабгоги лъалагури дуда. Дие мун вокьулевлъиги лъала дуда. ГIисаца гьесда абуна: – Дир чахъаби кваназаре дуца.

18 ХIакълъун абулеб буго дица дуда: гIолохъанаб мехалъ, дуцаго ретIелги ретIун, дуего бокьаралъуве унаан мун. Амма херлъараб мехалъ дуца кверал гIебеде ритIила цогидаз дудаго ретIел ретIине, ва дуе бокьуларелъувеги вачина гьез мун.

19 Гьес гьедин абуна кинаб хвалидалъун Пётрица Аллагь машгьурлъизавизе вугевали бицун. Гьединги абун, жинда цадахъ вилълъайилан вачана ГIисаца Пётр.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

20 Нахъехун вуссиндал, Пётрида вихьана ГІисае вокьулев, ахирисеб сордоялъ дора кваналел рукІаго, гьесул каранде къулун: «Я, ТІадегІанав, щив дуе хилиплъизе вугев?» – ан гьикъарав мурид жидеда хадув вачІунев.

21 Гьебмехалъ Пётрица ГІисада гьикъана: – Я, ТІадегІанав, гьасда щиб гьабилеб?

22 ГІисаца гьесда абуна: – Дие бокьун батизе бегьула, дун тІадвуссун вачІинегІан, гьев дихъ валагьун чІезе. Щай дуда гьелъул ургъел чІвалеб? Мун дида цадахъ вилълъа.

23 Гьебмехалъ ГІисал вацазда гьоркьоб хабар тІибитІана гьев мурид киданиги хвезе гьечІилан. Амма ГІисаца абичІо гьев киданиги хвезе гьечІилан. Гьес Пётрида абураб рагІи букІана: «Дие бокьун батизе бегьула, дун тІадвуссун вачІинегІан, гьев дихъ валагьун чІезе. Дуда гьелъул ургъел щай чІвалеб?”

24 Гьев мурид ккола гьеб киналъего нугІлъиги гьабурав ва гьелъул хІакъалъулъ хъварав чи. Нижеда лъала нугІлъи кьучІаб букІин.

25 Гьанир рехсарал гурелги, гІемерал хІикматал ишал гьаруна ГІисаца. Цо гьоркьоб течІого гьезул хІакъалъулъ хъварал тІухьдул ругелани, дида ракІалде ккола, гьел лъезе гІураб бакІ букІинароанин гьаб дуниялалда тІадилан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

# Чапарзабазул ишал

## **Чапарзабазул ишал 1**

1 Теофил, дирго тIоцебесеб тIехьалда дица хъван букIана, зобалазде
восун араб къоялде щвезегIан ГIисаца гьабунщиналъулги
малъанщиналъулги хIакъалъулъ.

2 Гьеб къоялъ ГIисаца Илагьияб РухIалдалъун насихIатги гьабуна
жинцаго тIаса рищарал чапарзабазе.

3 ГIазаб-гIакъуба хIехьон хадубги ГIисаца живго чIаго вукIин
чапарзабазда бихьизабуна, гьезул щибниги щаклъи кколаредухъ.
КIикъого къоялъ бажарана гьев вихьизе, ва гьес гьезда бицана
Аллагьасул ПарччахIлъиялъул.

4 Цадахъ кваналев вукIараб мехалъ ГIисаца гьезда лъазабуна: – Дица
нужеда абураб къагIидаялъ, Инсуца нужее кьураб рагIи тIубазегIан,
Иерусалималдаса нахъе унге нуж.

5 ЯхIя аварагас лъадаца чурулаан, нужин абуни, гIемер заман иналдего
Илагьияб РухIалъ чурила.

6 Гьедин данделъараб мехалъ чапарзабаз ГIисада гьикъана: – Я,
БетIерчIахъад, Исраилил халкъалъул парччахIлъи гьанже цIидасан
рукIалиде ккезабизехъинцин гьечIищ дуца?

7 Гьес абуна: – Инсуца жиндирго къудраталдалъун чIезабураб заманги
болжалги нужеда лъазе кколаро.

8 Амма Илагьияб РухI нужехъе рещтIараб мехалъ, къудратги щвела
нужее. Цинги дир хIакъалъулъ бицунел нугIзаллъун рукIина нуж цин
Иерусалималда ва тIолабго Ягьудиялдагун Самариялда, цинги
дуниялалъул рагIалде щвезегIанги.

9 Гьедин абун бахъарабго, ралагьун гьелгун, ГIиса зобалазде восун ана ва
накIкIул парчаялъ вихьудаса тIерхьинавуна.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

10 Гьесда хадур зодихъе ралагьун гьал рукIаго, гьале хъахIал гIабаби
ретIарав кIиго чи вачIун чIана гьазда аскIов. Гьез абуна:

11 – Ле, галилеялдасел, щай нуж зодихъе ралагьун чIолел? Нужеда
зобалазде восун унев вихьарав гьев ГIиса, нужеда аскIоса зобалазде унев
вихьараб къагIидаялъ вачIина нужехъе.

12 Цинги гьел, Иерусалималдаса цо километралъул манзилалда бугеб
Зайтуналъул магIардаса гIодоре рещтIун, Иерусалималде тIадруссана.

13 Жалго рещтIараб минаялде щун, тIасарокъоре рахана ва гьенир чIана.
Гьенир рукIана Пётр ва Иоанн, Якъуб ва Андрей, Филипп ва Фома,
Бартоломей ва Матфей, Алфейил вас Якъуб, Симон Зелот ва Якъубил
вац Ягьуда.

14 Гьел киналго данделъулаан, цадахъ какал ралаан. Гьезда цадахъ как-
кIалалда рукIунаан цо-цо руччабиги, ГIисал эбел Марямги, гьесул
вацалги.

15 Цо чанго къоялдасан, нусиялда къогогIанасев диналъул вац
данделъараб бакIалда, гьезда цевеги вахъун, Пётрица абуна:

16 – ГIенеккея, вацал! Нилъеда гьоркьов вукIарав ва нилъер ишалъулъ
гIахьаллъиги жиндие насиблъарав, амма ГIиса кквезе рачIаразда нух
бихьизабурав Ягьудал хIакъалъулъ Илагьияб РухIалдалъун Давуд
аварагас некIого абун букIараб рагIи ритIухълъана. ( 18 Гьеб гIасияб
ишалъухъ щвараб гIарацги кьун, хур босана Ягьудаца. Ва гIодов речIчIун,
чехь кьвагьун хвана гьев, кинабго бакь-кIачги къватIибе бачIана.

19 Гьеб лъана Иерусалималъул кинабго халкъалда. Гьединлъидал гьезул
мацIалда Акелдама абун цIар лъуна гьеб хуралда. «Бидул хур» абураб
магIна буго гьелъул.)

20 Туркабазул Хирияб ТIехьалда гьелъул хIакъалъулъ гьадин хъван буго:
«БетIергьанчи гьечIого гьесул мулкги хутIаги, Жанив чиго гьечIого
гьесул рукъги хутIаги». Цоги гьениб хъван буго: «Гьев хисун наиблъун
цогидав тIамизе ккола».


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 Гьединлъидал цо чи тӀаса вищизе ккола, ГӀиса хваралъуса вахъанилан гьесги нилъеда цадахъ нугӀлъи гьабизе. Гьев вукӀине ккола ТӀадегӀанав ГӀиса нилъгун вугеб заманаялда кидаго – ЯхӀяца лъадалъ ччун вахъаралдаса зобалазде восун араб къоялде щвезегӀан, – нилъеда гьоркьов вукӀарав чи.

23 КӀиго чи вихьизавуна гьез: Баршаббайин абулев Юсупги (Юстиланги абулаан гьесда) Маттияги.

24 Цинги гьел Аллагьасде гьардезе лъугьана: – Я, БетӀергьан! Дуда лъалаха щивав чиясул ракӀалда бугеб жо. Чапарлъиги Аллагьасе хъулухъги рехун тун, Ягьуда жиндиего данде ккролелъуве индал, гьесул бакӀалде восизе гьав кӀиясулго кинав дуца тӀаса вищаравали бихьизабе.

26 Цинги гьев кӀиясего можоро тӀамуна гьаз. Можороялъ Маттия бергьана. Гьедин анцӀила кӀиабилев чапарлъун лъугьана Маттия.

**Чапарзабазул ишал 2**

1 КӀикъоялда анцӀабилеб къоялъул байрамалда киналго цо рокъоре данделъун рукӀана.

2 Гьале цойидасан зобалазда бахъана гьалагаб гьорол гӀадаб гьаракь, ва гьал жанир рукӀараб рокъоб багъана гьеб.

3 Гьезда бихьана цӀадул мацӀал гӀадинаб жо боржанхъулеб, цинги бикь-бикьун ун гьазул щивасда тӀад рещтӀана гьел цӀадул мацӀал.

4 Илагьияб РухӀалъ цӀуна гьел киналго ва, РухӀалъ хӀалкӀолъи кьун, цогидал мацӀазда кӀалъазе лъугьана.

5 Гьел къоязда Иерусалималде рачӀун рукӀана дуниялалъул ункъабго рахъалда ругел киналго пачалихъаздаса жугьутӀазул вализаби.

6 Гьеб гьаракь рагӀун халкъалъул руккелал данделъана гьенире. Жидер щивасул мацӀалда гьел кӀалъалел рагӀидал, гӀажаиблъун хутӀана гӀадамал.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 – Гьални Галилеялда рижарал чагIи ругин, нилъер мацI гьазда кинха
лъазе кколеб? – ан хIикмалъун, тамашалъун абулеб букIана гьез
цоцазда. – Нилъер щивасул рахьдал мацIалда кIалъалел ругогури гьал!

9 Нилъеда гъорлъ руго Парфиялъулги, Мидиялъулги, Эламалъулги
гIадамал, гьединго Месопотамиялда, Ягьудиялда ва Каппадокиялда,
Понталда ва Асиялда,

10 Фригиялда ва Памфилиялда, Мисриялда ва Киренаялъулаб
Ливиялъул улкабазда яшав гьабун чIарал гIадамал ва Рималдаса
зияраталъе рачIарал 11 (нилъеда гьоркьор руго жугьутIалги жугьутIазул
дин босаралги), гьединго Криталъул гIадамал ва гIарабал. Аллагьасул
хIалкIолъиялдалъун лъугьарал кIудиял ишазул хIакъалъулъ нилъер
щивасул рахьдал мацIалда кIалъалел ругогури гьал!

12 Гьедин гIажаиблъун-хIикмалъун, гьелъул магIна щибдайилан цоцазда
гаргадулел хутIун рукIана гьел гIадамал.

13 Амма цо-цояз, гьелги гIад-хочI гьарун, абулеб букIана цIияб чагъир
гIадалъе бахун бугин гьездаян.

14 Гьебмехалъ Пётрги гьесда цадахъ вукIарав анцIила цо чапарги
цевегIан вачIана. Халкъалда рагIиледухъ гьаракь борхун Пётрица абуна:
– Я, вацал жугьутIал ва Иерусалималъул тIолабго жамагIат! ГIенеккея!
Гьалъул магIна щибали бичIчIизабизе биччай! ГIинтIаме дир
рагIабазухъ!

15 Нужеда ракIалде кковухъе, мехтун гуро гьал ругел. Щайгурелъул жеги
сагIат ичIго тIубачIеб рогьалил гIуж бугелъул.

16 Амма гьаб буго Йоэл аварагасда Аллагьас абураб гьадинаб калима
ритIухълъиялъул гIаламат:

17 «Аллагьас абулеб буго: Ахирзаман тIаде щведал, гьадин букIина – Дир
РухIалъул хIалкIолъи чвахизабила дица щибаб рижиялда тIаде. Нужер
бихьиназдеги руччабаздеги рещтIина Аллагьасул рагIи, нужер

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

гІолохъабазухъе гьеб илгьамалдалъун щвела, нужер херазухъе гьеб макьилъ бихьун щвела.

18 Дир лагъзадерида ва гъаравашазда тІадеги чвахизабила гьел къоязда Дир РухІалъул хІалкІолъи, ва гьездеги рещтІина Аллагьасул ргІи.

19 Дица тІасан зобалаздасан мугІжизатал рихьизарила, гъоркьан ракьалдасан гІаламатал рихьизарила. БукІина биги, цІаги, кІкІуйдул хІубиги.

20 Бакъул гордо бецІлъила, моцІ биялде сверила. Гьеб лъугьина БетІергьанасул кІудияб ва гвангъараб къо тІаде щвелалде.

21 Ва БетІергьанасул цІар рехсаравщинав чи хвасарлъила».

22 Я, вацал жугьутІал! ГІенекке гьал дир рагІабазухъ. Назареталдаса ГІиса вукІана жинца гьев нужехъе витІун вукІин Аллагьас чІахІиял ишаздалъунги, гІаламатаздалъунги, мугІжизатаздалъунги нужеда лъазабурав чи. ГІисадалъун тІубазабуна гьеб кинабго нужеда гьоркьоб Аллагьас. Гьеб нужедаги лъала.

23 Аллагьасул хІукмуги къадарги гьединаб букІиндал, мунапикъазул квераз хъанчида ван, магІал кьабун, чІвазавуна нужеца.

24 РухІ бахъиялъул гІазабалдаса хвасар гьавун, Аллагьас гьев хваралъуса вахъинавуна, хвалил рахсазда кквезе кІвечІелъул.

25 Гьесул хІакъалъулъ Давудица гьадин абун бугелъулха: «БетІергьан кидаго дир берзукь вуго. Дун тарунгутІизе, хъущтІунгутІизе дир кваранаб рахъалда чІун вуго гьев.

26 Гьелъ дир ракІ аваданлъизабуна. Дир кІалдисан унеб рагІиги рохалилаб буго. ХІатта дир напсгицин гьанже хьулазда букІина.

27 Щайгурелъул дуца дир рухІ хабалъ теларо, дурго ракІбацІцІадав лагъ ракьул гвандинив туризавиларо.

28 Дуца дида гІумруялъул Нух бихьизабуна. Мун дида аскІов вугеб мехалъ рохалил цІела дир ракІ».

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

29 Я, вацал! Нилъер цо кьолбол кIудияв эмен Давудил хIакъалъулъ
гьадин абунилан гIайиб гьабуге: гьев хвана, хабалъ букъана гьесул черх,
гьесул хоб бугеб бакIги лъала нилъеда жакъа къоялдаги.

30 Гьев авараг вукIиндал, гьесда лъалаан Аллагьас гьесие гьедун къотIи
гьабун букIин гьесул кьибилалда вижарав цояв жиндир тахида гIодов
чIезавилилан.

31 Цебеккунго Давудида лъалеб букIана МасихI хваралъуса вахъинавизе
вукIин: гьев хабалъ толарилан ва гьесул черх туруларинги абун букIана.

32 Гьев ГIиса Аллагьас хваралъуса вахъинавуна, гьале ниж киналго руго
гьелъие нугIзаллъун.

33 Аллагьасул кваранаб рахъалде вахиндал, гьес гIадамазде чвахизабуна,
рагIи кьун букIиндал Инсудасан щвараб Илагьияб РухI. Гьеб нужеда
бихьулебги рагIулебги буго.

34 Живго Давуд Аллагьас зобалазде восун ун гьечIониги, гьес абурал
гьадинал рагIаби руго: «ТIадегIанав Аллагьас дир БетIергьанасда абуна:
„Дир кваранаб рахъалда гIодов вукIа, дица дур тушбаби дур хIатIал
лъураб бакIалда цере чIезаризегIан“».

36 ХIасил, Исраилил тIолабго халкъалда лъан букIа гьев нужеца
хъанчида варав ГIиса Аллагьас ТIадегIанавлъунги ва МасихIлъунги
гьавуравлъи.

37 Гьел рагIаби гIадамазул рекIел мащабазулъе ана. Нижеца щибха,
вацал, гьанже гьабизе кколебилан гьикъана гьез Пётридаги цогидал
чапарзабаздаги.

38 Пётрица гьезда абуна: – Нуж кантIе ва нужерго мунагьал чуризе,
МасихI ГIисал цIар рехсон, щивав чи лъадалъ ччун вахъизаве, ва
сайигъатлъун Илагьияб РухI рещтIина нужехъе.

39 Нужееги, нужер лъималазеги, нилъер ТIадегIанав Аллагьас жиндаго
аскIоре ахIанщинал рикIкIада ругезеги, гьединаб рагIи кьун бугелъул
БетIергьанас.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

40 Гьединалги цогидалги гIемерал рагIабаздалъун МасихIил хIакъалъулъ бицунеб букIана гьес. Гьаб пасатаб умматалдаса цIунейилан малъулеб букIана.

41 Гьесул рагIаби къабул гьабурал гIадамал лъадалъ ччун рахъана. Гьеб къоялъ лъабазаргогIанасев чияс цIикIкIана гьезул агьлу.

42 Гьелдаса хадуб гьел гIадамал тIадчIун гIенеккулаан чапарзабазул малъа-хъваязухъ, цоцазулгун хурхен-рухьен гьабулаан, жидедаго гьоркьоб бекун чед бикьулаан ва какал ралаан.

43 Киналго гIадамазул рекIелъе лъугьана Аллагьасдаса хIинкъи: чапарзабаздалъун Аллагьас рихьизаруна гIемерал хIикматал ишалги мугIжизаталги.

44 Киналго муъминзабаз магIишат дандбана.

45 Хур-мулк бичулаан, гьелъухъ щвараб гIарацги бикьулаан гьелде хIажалъи кканщиназе.

46 Щибаб къоялъ цоцазулгун ракълида Мукъадасаб Рокъоре хьвадиялда тIадчIана гьел. Жидерго рокъоб бекун чед бикьулаан, ракI разиго ва ракI бащадго цадахъ кваналаан.

47 Гьез Аллагьасе рецц гьабулеб букIана, халкъалъе гьелги рокьулел рукIана. Аллагьас щибаб къоялъ гьезул агьлуялда гьоркьоре лъугьинарулел рукIана хвасарлъарал гIадамал.

**Чапарзабазул ишал 3**

1 Цо къоялъ къалъуда, сагIат лъабго тIубараб мехалъ, какил заманалда Пётрги Иоаннги Мукъадасаб Рокъоре унел рукIана.

2 Эбелалъ гьавуралдасаго кIиябго бохалда рекъав, щибаб къоялъ гIадамаз восун вачIун Мукъадасаб Рукъалъул «Берцинаб кавудухъ» лъун толев ва гьенире рачIаразул садакъаялдалъун бетIербахъарав цо пуланав чи вукIана гьенив.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

3 Пётрги Иоаннги Мукъадасаб Рокъоре рачӀунел рихьун, гьездаги
садакъа гьарана рекъас.

4 Гьесда бер речӀчӀана Пётрилги Иоаннилги. Пётрица гьесда абуна: –
Нижехъ валагье! – ян.

5 Садакъаялде хьул лъун, лъикӀго гьезухъ валагьун чӀана гьев чи.

6 Пётрица абуна: – ГӀарацги меседги дир гьечӀо, амма дихъ бугебаб кьела
дуе. Назареталдаса МасихӀ ГӀисал цӀаралдалъун абулеб буго дица дуда:
вилълъанхъе мун!

7 Кваранаб кверги ккун, Пётрица тӀаде вахъинавуна гьев. ГьебсагӀат
рицӀимахӀабазулги накабазулги щукӀдул ритӀа-ришун ун,

8 гьункьун тӀаде вахъана ва вилълъанхъизе лъугьана. Гьезда цадахъ
Мукъадасаб Рокъове лъугьун, Аллагьасе реццги гьабулаго, векерахъдизе-
кӀанцӀезе лъугьана.

9 Кинабго халкъалда бихьана, Аллагьасе рецц гьабулаго, гьев
вилълъанхъулев.

10 Гьезда лъана Мукъадасаб Рукъалъул «Берцинаб кавудухъ» садакъа
гьарун бетӀербахъиялда вукӀарав чи гьев вугевлъи. Гьесие лъугьараб жо
бихьидал, гӀадамал хӀикмалъана, хӀайранлъана.

11 Пётридаги Иоаннидаги аскӀоса кьуричӀого чӀун вугев гьев чи
вихьидал, киналго гӀадамал гӀажаиблъун-хӀикмалъун Сулайманил рагъи
абулеб бакӀалде рекерун рачӀунел рукӀана гьезда аскӀоре.

12 ГӀемераб халкъ гьенибе бакӀарун бихьидал, Пётрица гьезда абуна: – Я,
вацал жугьутӀал! Щай нуж гьев чиясда гӀажаиблъулел? Нижер
къудраталдалъун яги нижер валилъиялдалъун гьев чи
вилълъанхъизавун вугев гӀадин щай нуж нижехъ ралагьулел?

13 Ибрагьимилги, ИсхӀакъилги, Якъубилги ва нилъер умумузулги
Аллагьас кӀодо гьавуна жинцаго витӀарав ГӀиса. Нужецайин абуни гьев

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

Пилатил кверде кьуна. ГIиса нахъе виччазе ракIалда букIарав Пилатида цебе нужеца гьесдаса инкар гьабуна.

14 Илагьияв ва вацIцIадав чиясдаса инкарги гьабун, нужеца Пилатида гьарана чIвадарухъан туснахъалдаса къватIиве виччайилан.

15 ГIумруялъул аслулъун вугев чи чIвана нужеца. Амма Аллагьас гьев хваралъуса вахъинавуна. Гьелъие нугIзал руго ниж.

16 Гьеле гьев ГIисал цIаралде иман лъедал, гьеб ГIисал цIаралъ сахлъизавуна гьав нужеда киназдаго вихьулев ва лъалев чи. ГIисаде иман лъедалин, киналго нужги ралагьун, гьев сахлъарав.

17 Амма дида лъала, вацал, нужецаги нужер хIакимзабазги гьеб иш гьабиялъе гIилла буго нужеда гьеб бичIчIичIолъи.

18 Церего ритIарал киналго аварагзабаздалъун Аллагьас лъазабун букIана гьесул МасихIие гIазаб-гIакъуба букIинилан. Гьедин тIубазеги гьабуна Аллагьас гьеб.

19 Гьединлъидал нуж кантIе ва тавбу гьабе, Аллагьасде русса, гьес нужер мунагьал чуризе,

20 БетIергьан аскIов вукIиналдалъун рахIат-хIалхьи лъугьине, цевеккунго нужее гьес вихьизавун вукIарав МасихI ГIиса нахъеги витIун вачIине.

21 Кинабго цIилъизабизегIан ГIиса зобалазда вукIине ккола. Жиндирго ритIухъал аварагзабазда некIого бицун букIана Аллагьас гьелъул хIакъалъулъ.

22 Мусаца абун букIана: «БетIергьан Аллагьас нужее дун гIадинав авараглъун вахъинавила нужер вацазда гьоркьоса чи. Гьес щиб абуниги, гьелъухъ гIенекке нуж.

23 Гьев аварагасухъ гIенеккичIевщинав чи халкъалда гьоркьоса тIагIинавила».

24 Шамуилидасан байбихьун гьесдаса хадур рахъарал киналго аварагзабазги цебеккунго лъазабун букIана гьел къоязул хIакъалъулъ.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

25 Нуж ккола гьел аварагзабазул лъимал. «Дур наслуялдасан
дуниялалъул киналго халкъазде баркат бачIина», – ян Ибрагьимидаги
абун, нужер умумузе Аллагьас гьелъие къотIи гьабун буго.

26 Аллагьас хваралъуса вахъинавун хадув бищунго цеве нужехъе витIана
жиндирго вакил, нужеда баркат лъезеги нужер щивав чи жиндирго
квешлъиялдаса вуссинеги бокьун.

**Чапарзабазул ишал 4**

1 Гьедин халкъалъе хабар бицунел гьел ругеб мехалъ, рачIун тIаде щвана
кашишзабиги, Мукъадасаб Рукъ цIунулел рагъухъабазул бетIерги,
саддукеялги.

2 Пётрицаги Иоанницаги халкъалъе вагIза гьабулеб букIиналъги, ГIисал
мисал бачун, хваралъуса рахъинаризе рукIин хIакъаб бугилан чIезабулеб
букIиналъги ццидахинарун рукIана гьел.

3 Гьез ккун вачун жанив тIамуна гьев кIиявго. Сардилъ мех букIиндал,
рогьинегIан туснахъалъур тана гьел.

4 Амма гьезухъ гIенеккарал гIемерисел гIадамал гьез бицаралда божана,
гьедин гьезул агьлуялда щуазаргогIанасев чи гIуна.

5 Гьале нахъисеб къоялъ радал Иерусалималда данделъана чIухIби-
хIакимзабиги диниял гIалимзабиги.

6 Гьенир рукIана бищунго кIудияв кашиш Гьаннаги, гьелго
кашишзабазул тухумалъул Кайафаги, Иоаннги, Александрги ва
цогидалги.

7 КIиявго чапарги цеве чIезавун, гьез гьикъана кинаб къудраталдалъун ва
лъил цIаралдалъун нужеца доб иш гьабурабилан.

8 Илагьияб РухIалъ цIурав Пётрица гьезда абуна: – Я, гьаб халкъалъул
чIухIби-хIакимзаби!

9 Гьев гIажизав-загIипав чи кин сахлъаравилан жакъа нужеца нижеда
гьикъулеб бугелъул,


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 нужеда киназдаго ва Исраилил тIолабго халкъалдаги лъан букIа:
нужеца хъанчида ван хвезавурав, хваралъуса Аллагьас вахъинавурав
Назареталдаса МасихI ГIисал цIаралдалъун сахлъун нужеда цеве вахъун
чIун вуго гьев чи.

11 Гьев ГIиса вуго къадалъ лъезецин ярагьунарилан нужеца –
къадахъабаз – нахъе рехараб, амма цололъ лъезе ккараб гамачI.

12 Гьесдалъун гурони хвасарлъи гьечIо. Гьалъаб зобалда гъоркь
гIадамазе кьурал цIаразда гьоркьоб цоги батIияб цIар гьечIо, жиндалъун
нилъ хвасарлъулеб.

13 Пётрилги Иоаннилги хIинкъунгутIи бихьун, гьел гIалимзаби гурелльи,
гIадатиял гIадамал рукIин бичIчIун хIикмалъун хутIана гьел. Гьебмехалъ
ракIалде щвана Пётрги Иоаннги ГIисада цадахъ рукIараллъи.

14 Гьез сахлъизавурав чи гьенив жидеда аскIов чIун вихьидал, гьев
кIиясдаго дандечIун абизе рагIи батичIо гьезда.

15 Суд гьабулеб рокъоса къватIире гьелги гъун, гьезие щибдай гьабилаян
ургъизе лъугьана гьел.

16 «ТIолабго Иерусалималъул халкъалда лъалеб буго хIакъикъаталдаги
гьез якъинаб мугIжизат бихьизабураблъи. Гьеб гьереси гьабун
бажариларо нилъехъа, – ян абулеб букIана гьез. –

17 Амма халкъалда гьоркьоб гьеб хабар хадубккунги тIибитIичIого
букIине ГIисал цIар рехсон тIокIаб лъиданиги гаргадугейилан
хIинкъизарун лъикI гьел».

18 АхIун жанирегун, гьезда лъазабуна тIокIаб ГIисал цIар бахъугеян ва
гьесул цIаралдалъун вагIза гьабугеян.

19 Амма Пётрицаги Иоанницаги гьезие жаваб кьуна: – Нужецаго пикру
гьабе: Аллагьасда цебе битIараб букIиниц, гьесухъ гIенеккичIого, нужехъ
гIенекки?

20 Нижедаго бихьарабги рагIарабги бицинчIого чIезе кIоларо нижеда.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 Халкъалъукьа хIинкъун чIухIби-хIакимзабазда кIвечIо гьезие кинаб бугониги тамихI гьабизе ва, дагьалги цIакъ хIинкъизеги гьарун, нахъе риччана. Жив сахлъиялдалъун мугIжизат загьирлъарав дов чи вукIана кIикъого соналдасаги цIикIкIараб гIумруялъул чи. Гьесухъ ралагьун киназго Аллагьасе рецц гьабулеб букIана.

23 КъватIире риччараб мехалъ Пётрги Иоаннги жидерго агьлуялъухъе ана; чIахIиял кашишзабазги чIухIби-хIакимзабазги жидеда абунщинабги гьезда бицана.

24 Гьазул хабар рагIидал гьеб агьлуялъ киназго цадахъ Аллагьасде гьари бана: – Зобал рижарав, ракьал рижарав, ралъадал рижарав ва гьенир ругелщиналги рижарав нижер БетIергьан!

25 Дур лагълъун кколев нижер кIудияв эмен Давудил кIалдиб лъун дуца Илагьияб РухIалдалъун абун букIана: «Халкъал щай ццидахун ругел, Къавмаз щай гIантал жал гьарулел ругел?

26 РачIун цолъана ракьалда ругел парччахIзабиги ЧIухIби-хIакимзабиги БетIергьанасда дандечIезе, Гьесул МасихIида дандечIезе».

27 ХIакъикъаталдаги Гьеродги, Понтий Пилатги, мажусиялги, Исраилил халкъги гьаб шагьаралда цолъана дур МасихIлъун кколев илагьияв вакил ГIисада дандечIезе.

28 Цолъана цебеккунго дур къудраталъ ва дур къадаралъ бихьизабун букIараб хIукму тIубазабизе.

29 Я, БетIергьан! Гьале гьез нижее хIинкъаби кьолел руго. ХIинкъичIого дур калам халкъалда лъазабизе къуват кье дурго лагъзадерие.

30 Дур илагьияв вакил ГIисал цIаралдалъун унтарал-щокъал сахлъизаризе, гIаламатал ва мугIжизатал рихьизаризе квербакъе нижее!

31 Гьеб гьари-дугIаялда муридал ругеб мехалъ гьел дандельун рукIараб бакI гьаргьадана, Илагьияб РухIалъ цIуна гьел ва хIинкъичIого Аллагьасул калам халкъалда лъазабизе лъугьана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

32 Иман лъуразул гьеб кIудияб агьлуялъул рухIалги ракIалги цолъун
рукIана. Жиндирго букIараб боцIи-бечелъиялда лъицаниги абулароан
гьаб дир бугилан, кинабго гIахьалаб букIана гьезул.

33 Чапарзабазин абуни, кIудияб къудраталдалъун нугIлъи гьабулеб
букIана ТIадегIанав ГIиса хваралъуса вахъун вихьанин жидедаян. Ва
кIудияб баркат лъун букIана гьел киназдаго.

34 БетIербахъи загIипав чиги гьезда гьоркьов вукIинчIо. Щайгурелъул
гIемерисезул букIана хур-ахги, мина-рукъги. Гьез гьеб бичулаан

35 ва щвараб гIарацги чапарзабазухъе кьолаан. Цинги гьезги,
къваригIарасе къваригIарабгIан бикьун, киназего кьолаан.

36 Барнаба абун чапарзабаз тIокIцIар кьурав (гьелъул магIна ккола
«ракIбатизабулев») Кипралдаса Юсуп абулев цо левитас жиндирго хур
бичана,

37 гьелъухъ щвараб гIарацги чапарзабазухъе кьуна.

**Чапарзабазул ишал 5**

1 Анания абулев чиясги гьесул чIужу Сафирацаги жидерго хур бичана.

2 Гьеб гIарцул цо бутIа босун чапарзабазухъе кьуна, хутIараб балъго
гьабуна. (Гьесул чIужуялдаги лъалаан гьеб.)

3 Пётрица абуна: – Ле, Анания, щай дуца илбис рекIелъе лъугьине
биччараб? Гьелъ мун гьесизавуна, хур бичун щвараб гIарцул цо бутIаги
балъго гьабун, Илагьияб РухI гуккизе.

4 БичизегIан гьеб хурул бетIергьан мун гурищ вукIарав? Гьеб бичун
щвараб гIарцул бетIергьанги мун гурищ ккарав? Дур рекIее кин гьеб
къабуллъараб? ГIадамал гуро дуца гуккарал, Аллагь гуккана.

5 Гьеб рагIарабго гIодов ккун хвана Анания. Гьелъул хIакъалъулъ
рагIанщинасул рекIелъе кIудияб хIинкъи лъугьана.

6 Рахъун гIолохъабаз мусралги ран, къватIибе босун, хабалъ букъана
гьесул жаназа.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

7 Лъабго сагІаталдасан ячІун тІаде щвана лъугьанщиналъул хІакъалъулъ
щибго лъаларей Ананиял лъади.

8 Пётрица гьелда гьикъана: – Бице, гьале гьаб гІарцудейищ нужеца хур
бичараб? Уйилан абуна гьелъ.

9 Гьебмехалъ Пётрица гьелда абуна: – Гьедин батани кІиялго рекъон
Бичасулаб РухІалъул хІалбихьизе къасд гьабун бугоха нужеца. Гьале
нуцІикІалтІе щун руго дур рос хабалъ вукъизе ун рукІарал гІадамал.
Гьанже кватІичІого дур жаназаги босила гьез гьаниса къватІибе.

10 ГьебсагІат Пётрида цее гІодой ккун хвана гьейги. РачІун долго
гІолохъабаз росасулалда аскІоб букъизе босун ана гьелъул жаназаги.

11 Иман лъуразул агьлуялъулги ва гьеб хабар рагІарал киналго цогидал
гІадамазулги рекІелъе кІудияб хІинкъи лъугьана.

12 Чапарзабазул квераздалъун гІемерал гІаламатал ва мугІжизатал
лъугьана халкъалда гьоркьор. Гьел киналго цадахъ Сулайманил рагъиде
данделъулаан.

13 Цониги чияр чиясда кІолароан гьезда аскІове къазе. Амма халкъалъ
кІодо гьарулел рукІана гьел.

14 ЦІакъ гІемерал гІадамаз – бихьиназги руччабазги – ТІадегІанав ГІисаде
иман лъуна.

15 Унтарал-гІажизал чагІи туртида лъун, бусада лъун къотІнорецин
росулел рукІана гІадамаз цевесан унев Пётрил рагІадгІаги цо-цо чагІазда
хъвалародайилан.

16 Иерусалималда сверухъ ругел шагьараздасаги гІемераб халкъ бачІунеб
букІана гьенибе, унтарал ва жундуз ккурал гІадамалги рачун. Киналго
гьел сахлъулел рукІана.

17 Гьебмехалъ бищунго кІудияв кашишасулги гьесул чукъбузулги
рекІелъе (гьел рукІана саддукеязул мазгьабалъул гІадамал) кІудияб
жахІда лъугьана гьездехун.

18 Гьез чапарзаби ккун рачун шагьаралъул туснахъалда тIамуна.

19 Амма сардилъ вачIун Бичасул малаикас, туснахъалъул нуцIа рагьун,
гьел къватIире риччана. Цинги малаикас гьезда абуна:

20 – Мукъадасаб Рокъоре ун тIаде рахъун халкъалда бице гьаб цIияб
гIумруялъул хIакъалъулъ кинабго хабар.

21 Гьес малъухъе чапарзаби радал хъахIлъи бараб мехалъ рахъун
Мукъадасаб Рокъоре ана ва гьениб халкъалъе хабар бицана. РачIун
бищунго кIудияв кашишги гьесул чукъбиги мажлисалде данделъана.
Гьенир рукIана Исраилил халкъалъул киналго чIахIиял гIадамалги. Гьез
нукарзаби ритIана туснахъалъур тIамун ругел чапарзаби рачун рачIаян.

22 Амма гьел нукарзабазда чапарзаби туснахъалъур ратичIо. ТIадруссун
рачIун гьез бицана:

23 – Рахан-къан туснахъалъул нуцIаги батана, нуцIихъ эхетун
хъаравулзабиги ратана. Амма, нуцIа ричIун жанире раккидал, гьенив
щивниги ватичIо нижеда.

24 Гьеб рагIидал, Мукъадасаб Рукъалъул хъаравулзабазул бетIерги
чIахIиял кашишзабиги, гьелъул магIна щибдайилан, рихха-хочун
лъугьана.

25 ВачIун цо чияс лъазабуна гьезда, гьалея, дол нужеца туснахъалъур
тIамун рукIарал чагIаз, Мукъадасаб Рокъореги рачIун, гьениб гIадамазе
вагIза гьабулеб бугилан.

26 Гьебмехалъ рахъун ун дол хъаравулзабазул бетIерасги гьесул
нукарзабазги чапарзаби рачун рачIана. Амма хIал-зулмуялдалъун
гуребха, – халкъалъ ганчIал речIчIун жалго чIвалилан хIинкъана гьел.

27 Гьенире рачун рачIарал чапарзаби кIудияб судалда цере чIана.
Бищунго кIудияв кашишас гьезда гьикъана:

28 – Гьеб цIаралъул хIакъалъулъ халкъалда щибго бицунгейилан
лъазабун гурищ нужеда букIараб? Нужецайин абуни тIолабго

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

Иерусалималда тIибитIизабун буго гьеб дин ва гьев чиясул бидул хIакъги нижеде бугъизехъин буго нужеца.

29 Пётрицаги цогидал чапарзабацаги гьезие гьадинаб жаваб кьуна: – ГIадамазухъалдаса Аллагьасухъ цIикIкIун гIенеккизе ккола.

30 Нилъер умумузул Аллагьас хваралъуса вахъинавуна нужеца гъотIода ван гъанкъарав ГIиса.

31 Нилъ хвасар гьаризе жинцаго ПарччахIлъун гьавурав гьев жиндирго тахида аскIове зобалазде восана Аллагьас, Исраилил халкъ кантIизе ва гьезул мунагьал чуризе.

32 Гьелъие нугIзал руго ниж ва жиндихъ гIенеккаразе Аллагьас кьураб Илагьияб РухIги нугIлъун буго гьелъие.

33 Гьеб рагIидал, кIудияб судалъул гIадамазул ццин гьалаглъана. Чапарзаби чIвазе бокьун букIана гьезие.

34 КIудияб судалда гьоркьов вукIарав Гамалиэл абулев цо фарисеяс тIаде вахъун амру гьабуна цо дагьаб мехалъ гьел чапарзаби къватIирехун ритIейилан. Гьев вукIана тIолабго халкъалъ къадру-къимат гьабулев динияв гIалимчи.

35 Цинги гьес абуна: – Я, вацал-жугьутIал! Гьал чагIазе щиб гьабилебали цIодорго хал гьабизе ккела нужеца.

36 Дагьав цевегIан вачIун вукIана жив щивалиго вугилан чIарав Тевда. Гьесде вуссана ункънусгогIанасев чи. Гьев чIвараб мехалъ гьесул рахъ ккурал гIадамал рикьа-рихxун ана ва гьезул хабар къотIана.

37 Гьесдаса хадув халкъалъул хъвай-хъвагIай гьабулеб заманаялда вачIун вукIана Галилеялдаса Ягьуда. Гьесдаги нахърилълъана гIадамал. Гьевги чIвана, гьесул рахъ ккуралщиналги додинго рикьа-рихxун ун тIагIана.

38 Гьединлъидал, гьале дица нужеда абулеб буго, щибго гьабичIого жалго те гьадал чагIи. Щайгурелъул гIадамаздасан бугеб амруги ишги гьеб батани, жибго бихxун ина.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

39 Аллагьасдасан гьеб батани, нужеда кІвеларо гьеб биххизабизе.
Аллагьасда данде рагъулел чагІилъунцин лъугьине гуринха нуж.

40 Гьасухъ гІенеккана гьел. Жаниреги ахІун, цІалаца рухана гьез
чапарзаби. ТІокІаб ГІисал цІар рехсон щибго бицунгейиланги лъазабун,
нахъе риччана.

41 Суд гьабулеб рокъоса къватІире рахъарал чапарзаби рази-ракиго
рукІана ГІисал цІар сабаблъун хІакъирлъи-къварилъи насиблъанилан.

42 Мукъадасаб Рокъоре унги, гьединго рокъо-рокъоре унги, гьез щибаб
къойил гьоркьоса къотІичІого МасихІ ГІисал хІакъалъулъ бицунаан ва
Рохалил хабар лъазабулаан.

**Чапарзабазул ишал 6**

1 Гьеб заманаялда муридазул къадар цІикІкІанагІан, грек мацІалда
кІалъалел жугьутІаз ягьудияздa тІасан гІарз бахъизе байбихьана щибаб
къоялъ напакъа бикьулаго жидер къоролруччаби къварид гьарулел
ругилан.

2 Гьебмехалъ анцІила кІиявго чапарас, киналго муридалги данде ахІун,
лъазабуна, Аллагьасул рагІи-малъиги рехун тун, жал садакъа-
напакъаялде руссине рекъон букІинарилан.

3 Гьанже, вацал, нужеда гьоркьоб къадру-къимат бугев, Илагьияб РухІалъ
ракІги цІурав, цІодорав-гІакъилав анкьго чи тІаса вищизе ккелин. Цинги
гьеб ишги гьезда тІадкъалин,

4 нижги рукІинин Аллагьасе тІагІат гьабулел, гьесул РагІуе хъулухъ
гьабулел.

5 Кинабго агьлу разилъана гьелда. Гьез тІаса рищана Илагьияб РухІалъги
иманалъги ракІ цІурав Стефанги, Филиппги, Прохорги, Никанорги,
Тимонги, Парменги ва мажусияв вукІун Аллагьасде вуссарав
Антиохиялдаса Николайги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

6 Чапарзабазда цере чIезаруна гьел. Чапарзабазги, дугIаги гьабун, гьезда
тIад квер лъуна.

7 Гьедин Аллагьасул рагIи цIубалеб букIана. Муридазул къадар цIакъго-
цIакъ цIикIкIана Иерусалималда. ЦIакъ гIемерал кашишзабазги иман
лъуна.

8 Жиндилъ баркатги къудратги бугев Стефаница халкъалда
рихьизарулел рукIана кIудиял мугIжизаталги гIаламаталги.

9 Амма «Тархъанлъарал лагъзадерилин» абун цIар бугеб синагогаялде ва
киренаязул, гьединго искандариялдасезул синагогабазде ва
киликиялдасезулги асиялдасезулги гIахьалаб синагогаялде какде
хьвадулел цо-цо гIадамал Стефангун къацандизе, дагIбадизе лъугьана.

10 Стефаниль бугеб Илагьияб РухIги гьесул гIакъилаб каламги къезабизе
кIвечIо гьезда.

11 Гьебмехалъ гьез, гъоркьанго рекъезарун, цо-цо чагIи гьусун тIамуна
Муса аварагги Аллагьги какун гаргадилев рагIанин гьев жидедаян абизе.

12 Халкъги, халкъалъул чIухIби-хIакимзабиги, диниял гIалимзабиги
Стефанида дандечIезе тIамуна гьез. РачIун гьез ккун вачун Стефан
кIудияб судалда цеве чIезавуна.

13 Гьенире рачун рачIана гьаб хирияб бакIги нилъер къанунги какун
чIечIого гаргадулев вукIанин гьевилан гьересинугIлъиялъе гIадамал.

14 Гьез абуна жидеда рагIанила Стефаница абулеб гьев Назареталдаса
ГIисаца гьаб хирияб бакI биххизабизе бугин ва Мусаца нилъее тарал
гIадаталги хисизаризе ругилан.

15 Судалда гьоркьор ругел гIадамал Стефанихъ ралагьун рукIаго, гьезда
бихьана гьесул гьумер малаикасул гIадин лъугьун.

**Чапарзабазул ишал 7**

1 Бищунго кIудияв кашишас Стефанида гьикъана гьеб битIараб
бугищилан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Гьес жаваб кьуна: – Я, дир вацалги умумулги! Дихъ гIенекке нуж. Харраналде гочиналдего, гьев жеги Месопотамиялдаго вугеб мехалъ, нилъер кIудияв эмен Ибрагьимие загьирлъун, Къудратав Аллагьас абуна:

3 «Дурго росу-ракьги рехун тун, гIага-божаралги тун, мун а дица бихьизабизе бугеб ракьалде».

4 Гьебмехалъ Ибрагьим, халдеязул ракьалдаса Харраналде гочун, гьенив чIана. Цинги гьесул эмен хун хадув Аллагьас гьев гочинавуна гьаб нужеца яшав гьабун бугеб ракьалде.

5 Гьаб ракьалъул цохIо хIетIе чIарабги бакIалъул бетIергьанлъун гьавичIо Аллагьас Ибрагьим. Добмехалъ гьесул лъимер-бетIер букIинчIониги, БетIергьанас Ибрагьимие къотIи гьабуна гьесиеги гьесул наслу-тухумалъеги мулклъун кьелин гьаб ракьилан.

6 Аллагьас цоги абуна гьесул наслуялъул гIадамал чияр ракьалда апарагзабилъун рукIине ругин, чияр лагълъиялда гьоркь гIакъуба-къварилъиялда хутIизе ругин ункъунусго соналъ.

7 Амма гьеб наслу лагълъиялде ккезабураб халкъалъе жинца жаза гьабизе бугиланги абуна Аллагьас. Гьелдаса хадуб доб ракьалдаса нахъе ун, гьаб ракьалде рачIинин ва гьаниб жиндие гIибадат гьабилиланги абуна.

8 Цинги гьеб къотIи тIубазе букIиналъул гIаламатлъун сунат гьабизеги тIадлъуна Аллагьас. Гьединлъидал, Ибрагьимие ИсхIакъ гьавураб мехалъ, гьавун микьабилеб къоялъ гьесие сунат гьабуна. ИсхIакъие Якъуб гьавуна, Якъубиеги гьавуна анцIила кIиго вас – анцIила кIиго наслуялъул бетIер.

9 Вацазул жахIда бергьун гьез Юсуп Мисриялде лагълъун вичана. Амма Аллагьас гьев рехун течIо,

10 кинабго къварилъи-гIазабалдаса ворчIизавуна. Мисриялъул пиргIавнасдаги бихьизабуна Юсупилъ баркатги гIакъиллъиги букIин.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

ПиргIавнас гьесухъе кьуна тIолабго Мисриялъулги жиндирго рукъалъулги кверщел.

11 Мисриялда ва КангIаналда, кутакалда ракъи багъарун, кIудияб
къварилъи букIана. Кваназе жо гьечIого хутIана нилъер умумулги.

12 Мисриялда хIалухъадул нахърател бугилан рагIун, Якъубица васал –
нилъер умумул – ритIана гьенире. (Гьеб букIана Мисриялде гьезул
тIоцебесеб сапар.)

13 КIиабизеги вацал Мисриялде рачIараб мехалъ Юсупица бицана гьезда
жив щивали, гьедин пиргIавнасдаги лъана лъил наслуялъул чи Юсуп
вугевали.

14 Цинги Юсупица, хадур чагIиги ритIун, эменги гьесул хъизан-агьлуги –
кинавниги лъабкъоялда анцIила щуго чи – жиндихъего ахIана.

15 Гьедин Якъуб Мисриялде гочана, гьевги цогидал нилъер умумулги
гьенир хвана.

16 ЦIидасан рукъизе гьезул жаназаби Сихемалде росана, гьениб
Сихемалдаса Эмморил лъималазухъа Ибрагьимица гIарцухъ бичун босун
букIараб хобалъур лъуна.

17 Аллагьас Ибрагьимие кьотIи гьабун букIараб болжал гIагарлъанагIан
Мисриялда нилъер халкъ цIикIкIана, гIемерлъана.

18 Гьеб заманаялда Мисриялъул парччахIлъун ккана Юсуп жинда
лъаларев чи.

19 Гьес нилъер халкъ сихIру-хIиллаялдалъун къварид гьабизе
байбихьана, нилъер умумузе гIакъуба кьуна, гьарурал лъимал, тIалабго
гьабичIого, хвезе теян лъазабуна.

20 Гьебмехалъ гьавуна Муса. Аллагьас берцинлъи кьун букIана гьесие.
Лъабго моцIалъ эбел-инсуца тIалаб гьабуна гьесул.

21 Цинги нахъе рехидал, пиргIавнасул ясалъ гьев жиндиего вачана, вас
гIадин хьихьана.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

22 Мисриялъул халкъалъул гІелму-гІакълу босарав чилъун лъугьана
Муса, бицунеб рагІульги гьабулеб ишалъульги къудрат бугев вукІана.

23 КІикъого соналде вахараб мехалъ гьесда ракІалде ккана жиндирго
вацал – жугьутІал кин ругелали ваккизе ине.

24 КъибтІияс цо жугьутІав вухулев ватун, гьесие хІалае вахъана Муса.
Кьабураб жоялъ Мусаца чІвана гьев къибтІияв.

25 Гьесда ккун букІана жугьутІазда бичІчІилин жив гьел хвасар гьаризе
Аллагьас витІарав чи вукІин. Амма гьезда бичІчІичІо.

26 Нахъисеб къоялъ Мусада кІиго жугьутІав ватана цоцалъ вагъулев.
«Нужни вацал ругин, щай цоцалъ рагъулел ругел?» – ан абуна гьес
гьезда.

27 «Нижее ханлъи гьабизеги суд гьабизеги мун лъица тарав чи? Сон
къибтІияв чІварав гІадин, жакъа дунги чІвазе бокьунищ бугеб?» – ан
нахъе тункана Муса рагъулел рукІаразул цояс.

29 Гьел рагІаби сабаблъун Муса Мисриялдаса лъутун ана ва
МадгІаналъул ракьалда апараглъун чІана. Гьенив кІиго васасул
эменлъун вахъана гьев.

30 КІикъого соналдасан Синай магІарда аскІоб бугеб цо гІицІаб
авлахъалда бухІулеб бугеб хъархъил цІадулъан Аллагьасул малаик
рещтІана гьесухъе.

31 ГІажаиблъун валагьун хутІана Муса. ЛъикІго хал-шал гьабизе гьеб
хъархъида аскІове индал, Мусада рагІана БетІергьанасул гьаракь:

32 «Дун вуго дур умумузул: Ибрагьимилги, ИсхІакъилги, Якъубилги
Аллагь». Нусабго лага сорон, гьеб хъарахъалъухъ валагьизе хІинкъана
Муса.

33 БетІергьанас гьесда абуна: «Дуца хьитал рахъе. ЦІакъ хирияб ракьалда
хІетІе чІолеб буго дуца.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

34 Дида якъинго бихьана Мисриялда дир халкъ къварилъиялда букIин.
Дида рагIана гьезул угьди-зигарди. Гьел хвасар гьаризе рещтIана дун.
Гьанже а дурго, дица Мисриялде витIизе вугин мун!”

35 Нижее ханлъи гьабизеги суд гьабизеги мун лъица тарав чийилан абун
жугьутIаз жиндаса инкар гьабурав гьев Муса, хъархъилъан гьесухъе
рещтIарав малаикасдалъун Аллагьас витIана гьезие ханлъи гьабизеги,
гьел хвасар гьаризеги.

36 Мисриялъул ракьалдаса къватIиреги лъугьинарун, БагIараб ралъдал
рагIалдаги гIицIаб авлахъалдаги гIаламаталги мугIжизаталги
рихьизарун, гьев Мусаца жугьутIал кIикъого соналъ жиндаго хадур
рачана.

37 Гьев Мусацайин Исраилил наслуялда гьадин абун букIараб: «Аллагьас
нужее дун гIадинав авараглъун вахъинавила нужер вацазда гьоркьоса
чи».

38 Гьев Мусайин вукIарав гIицIаб авлахъалде данделъараб Исраилил
халкъалда цадахъ. Гьенир Мусада цадахъ рукIана нилъер умумулги ва
Синай магIарда гьесда кIалъарав малаикги. Нилъее кьезелъун Аллагьас
гьесде рещтIана жакъаги цере ругел амруял.

39 Амма нилъер умумузе бокьичIо гьел амруял тIуразаризе. Мусаги
нахъе цун, гьезул ракIал Мисриялдехун руссана.

40 Гьез Гьарунида абуна: «Нилъ гьаниса нахъе рачине кIолел аллагьзаби
гьаре дуца нилъее. Нилъ Мисриялдаса гьанире рачарав гьадав Мусалги
щиб ккарабали лъалеб гьечIо нижеда».

41 Гьебмехалъ, бачил сурат гьабун, гьелъие къурбанал хъуна. Жидерго
квералъ гьавурав гьев «аллагьасдаса» рохун рукIана.

42 Аллагьас гьездехун мугъ рехана, цIвабзазе лагълъи гьабизе тана,
Аварагзабазул ТIехьалда бугелъулха гьадинаб калима: «Я, Исраилил
наслу! ГIицIаб авлахъалда кIикъого соналъ дие гуро нужеца къурбанал
хъурал!


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

43 Нужеца цадахъ босана Молех-аллагьасул чадир ва нужер Рефан-цIва абулев „аллагь“ – сужда-тIагIаталъе нужецаго гьарурал суратал. Гьединлъидал дица нуж Вавилоналъул гIорхъи бахун нахъе гочинарила».

44 Добмехалъ гIицIаб авлахъалда нилъер умумузул букIана Аллагь жидеда цадахъ вукIиналъул магIна жиндилъ бугеб чадир. Гьеб гьабун букIана Мусада кIалъарав малаикас гьесда бихьизабуралъул сураталда.

45 Гьеб чадир нилъер умумузе ирсалъе щвана Навин ГIисал бетIерлъиялда гочунаго, гьез гьеб цадахъ босана, гьел тIаде щолаго Аллагьас нахъе лъутизарурал къавмазул ракьалдеги. Гьеб кинабго лъугьана Давуд вахъиналде.

46 Давудида Аллагьасул цIоб лъуна. Гьес БетIергьанасда гьарана Якъубил Аллагьасе рукъ базе бегьиларищилан.

47 Гьеб рукъ барав чи Сулайман аварагин кколев.

48 Амма инсанасул квералъ рарал рукъзабахъ ТIадегIанав Аллагьас яшав гьабуларо. Гьелъул хIакъалъулъ цо аварагас гьадин абун буго:

49 «Дир тах зобалазда буго. Ракь Дир хIатIазукь буго. Кинаб рукъ нужеца Дие балеб? – ан абуна БетIергьанас. – Яги Дие рахIат-хIалхьиялъе кинаб бакI нужеца балеб?

50 Гьеб кинабго Дица бижараб гурищ?”

51 ХъабаналъгIанги габур кьуризабуларел нужеца сунат гьабуни щиб, ракIги гIундулги рукIухъего хутIун ругелъул? Нужер умумулго гIадин, нужги кидаго Илагьияб РухIалда дандечIун руго.

52 Нужер умумуз гIазаб-гIакъуба кьечIев цониги авараг хутIаравищ? Гьез чIвана Аллагьасул вакил вачIине вугилан цебеккунго жидеца лъазабуралги. Гьанже нужгоги лъугьана гьев вакиласе хиянат гьабурал ва гьев чIварал чагIилъун.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

53 Малаикзабазул кумекалдалъун нужехъе бачIана Аллагьасул къанун,
амма нужеца гьеб цIуничIо!

54 Гьеб калам рагIидал гьезул рекIелъ ццин гьалаглъана ва гьесде цаби
къерщезаризе лъугьана.

55 Илагьияб РухIалъ цIурав Стефаница берал зобалазде руссинаруна.
Гьесда бихьана Аллагьасул нурги ва гьесул кваранаб рахъалда чIун
ГIисаги.

56 Гьес абуна: – Гьале дида зобал ричIун рихьулел руго ва гьенив
Аллагьасул кваранаб рахъалда чIун ГIадамил Лъимерги вихьулев вуго! –
ян.

57 Гьебмехалъ гьел чIчIичIчIидизе лъугьана ва гIинзунир килщал
къазаруна. Цинги цадахъго тIадречIчIун гьев гIодов ккезавуна,

58 шагьаралдаса къватIивеги рехун, ганчIал речIчIун чIвана. Гьенир
рукIарал гIадамаз жидерго гIабаби Шаул абун цIар бугев цо
гIолохъанчиясда цере лъун тана.

59 Гьез ганчIал речIчIун чIвалеб мехалъ, Аллагьасул цIар рехсон,
Стефаница гьарана: – Я, ТIадегIанав ГIиса! Дир рухI къабул гьабе! – ян.

60 Цинги, кIиябго накуги гIодоб чIван, гьес ахIана: – Я, БетIергьан! Гьазие
мунагьлъун хъваге гьаб иш! – абун. Гьебмехалъ Стефанил рухI босун
ана.

**Чапарзабазул ишал 8**

1 БитIун чIванин гьевилан рикIкIана Шаулица. Гьел къоязда
Иерусалималда кутакаб гIакъуба бихьана иман лъуразул агьлуялда.
Чапарзаби хутIизегIан цогидал киналго рикьа-риххун Ягьудиялъул ва
Самариялъул батIи-батIиял бакIазде лъутана.

2 Муъминал гIадамаз Стефан хабалъ вукъана ва гьесда хадуб гIемераб
магIу тIуна.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 Шаулицайин абуни иман лъуразул агълу щущазабулеб букІана: рокъо-
рокъове ун бихьиналги руччабиги, рехъерхъун рачун, туснахъалъур
тІамулел рукІана.

4 Рикьа-рихххун рахъ-рахъалде арал муридаз Рохалил хабар бицунеб
букІана.

5 Самариялъул цо шагьаралде арав Филиппицаги МасихІил хІакъалъулъ
хабар тІибитІизабулеб букІана гьениб.

6 Гьес рихьизарурал мугІжизатазул хІакъалъулъ рагІунги бихьунги
лъалел гІемерал гІадамал данделъун, Филиппихъ гІенеккулел рукІана.

7 Гьелъие гІилла букІана хъубал женаз ккурал гІемерал гІадамазул
чорхолъа къватІире гьел жундул чІахІиял гьаркьалги гьарулаго рачІунел
рукІинги, гІемерал унтарал чагІи Филиппица сахлъизарулел рукІинги.

8 Гьелдаса цІакъ бохун шагьаралъул халкъги букІана.

9 Гьесдасаги цеве гьеб шагьаралда вукІарав цо Симон абулев чияс сихІру
гьабун гІажаиблъизарун рукІана Самариялъул гІадамал. Симоница
живго цІакъ кІудияб гьунаралъул чилъун вихьизавулев вукІана.

10 «КІудияб къудратилан» абулеб къудрат жиндилъе лъугьарав чи вугин
гьевилан гІисиназги чІахІиязги кІалухъ вахъун вукІана Симон.

11 Гьев кІалухъ вахъиялъе гІиллаги букІана гІемераб заманаялъ гьес гьел
жиндирго хІикматал ишаздалъун гІажаиблъизарун рукІин.

12 Аллагьасул ПарччахІлъиялъул ва ГІиса МасихІил цІаралъул
хІакъалъулъ Рохалил хабар бицунев вугев Филиппида божарал
бихьиналги руччабиги лъадалъ ччун рахъулел рукІана.

13 Симонги божана гьесда ва живго лъадалъ ччун вахъизавуна. Гьелдаса
хадув тІокІав вичІичІо гьев Филиппида аскІоса. Филиппица
рихьизарулел ругел гІаламатаз ва кІудияб хІалкІолъиялъул ишаз
хІайранлъизавун вукІана гьев.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

14 Самариялъул гIадамаз Аллагьасул рагIи къабул гьабун бугилан рагIидал, Иерусалималда рукIарал чапарзабаз Пётрги Иоаннги ритIана гьезухъе.

15 Гьенире щведал Пётрицаги Иоанницаги гьезулъе Илагьияб РухI рещтIагийилан гьарун, муридазе дугIа гьабуна.

16 ТIадегIанав ГIисал цIаралдалъун гьел лъадалъ ччун рахъун рукIаниги, Илагьияб РухI рещтIун букIинчIо жеги гьезул цонигиясулъе.

17 Пётрицаги Иоанницаги тIад квер лъураб мехалъ гьезулъеги рещтIана Илагьияб РухI.

18 Чапарзабаз тIад квер лъурав чиясе Илагьияб РухI щолеб бихьидал, гьезие гIарацги босун вачIун, Симоница абуна:

19 – ТIад квер бахъарав чиясулъе Илагьияб РухI лъугьинабизе кIолеб гьеб нужер къудрат диеги кье, – ян.

20 Амма Пётрица абуна: – Гьеб гIарацги мунги – кIиялгоги цадахъ – паналъагийин нуж, дуда ракIалде кин ккараб мухь кьун Аллагьасул сайигъат бичун босизе.

21 Аллагьасда цебе дур ракI бацIцIадаб гьечIелъул, гьаб ишалъулъ дуе я бутIа, я ирс букIине гьечIо.

22 Дурго гьеб квешлъиялда рекIекълъун тавбу гьабе ва БетIергьанасда гьаре гьел дур рекIелъ рижарал пикрабазда тIасалъугьайилан.

23 Дида бихьулеб буго дур ракI хъубаб жахIдаялъул цIун бугеблъиги, гьелдалъун мун мунагьалъул асирлъун лъугьун вугевлъиги.

24 Симоница абуна: – Гьеб нужеца бицунебщинаб балагь диде рещтIинчIого букIине дир рахъалдасан БетIергьанасе дугIа гьабе, – ян.

25 ХIасил – чапарзабаз МасихIил хIакъалъулъ бицана ва Аллагьасул рагIи тIибитIизабуна. Гьедин Иерусалималде тIадруссун унаго, Самариялъул гIемерал росабалъги бицана гьез Рохалил хабар.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

26 Бичасул малаик вачIун, гьес Филиппида абуна: – Вахъа, мун а гьанже
Иерусалималдаса Газаялде бугеб нухдасан къилбаялъул рахъалдехун
валагьун. ГIицIаб авлахъалдасан буго гьеб нух.

27 Вахъун ана гьев. Иерусалималде зияраталъ ун вукIарав цо хIабашияв
данде ккана. Гьев вукIана ХIабашистаналъул парччахIлъун йигей
Кандакиял кинабго хазина божун тарав чи, живгоги бихьинчиясулаб
къуваталдаса ватIалъарав ахта.

28 ЧIухIараб чолгьакидаги рекIун, жиндирго ракьалде тIадвуссун унаго
гьес цIалулеб букIана Ишая аварагасул тIехь.

29 Гьеб гьакида аскIовеги витIун, Илагьияб РухIалъ Филиппида абуна
гьелда цадахъ айилан.

30 Векерун аскIове щведал, гьасда рагIана гьев чияс Ишая аварагасул
тIехь цIалулеб. – Дуца цIалулеб бугеб жоялъул магIна бичIчIулеб бугищ
дуда? – ян гьикъана Филиппица гьесда.

31 – Гьеб бичIчIизабизе чи гьечIони, кин гьелъул магIна дида лъалеб? –
ан абуна гьес. Цинги гьес Филиппида гьарана гьакиде вахун жинда
аскIов гIодов чIайилан.

32 Доб Илагьияб ТIехьалдаса гьадинаб калима цIалулеб бугоан
хIабашияс: «Гьев вачун унев вукIана, хъвезе бачун унеб чахъу гIадин.
КъунцIарухъанасда цебе кьегIер-хух буцIцIун чIолеб гIадин, кIутIби
ричIун кIалъачIого унев вукIана гьев.

33 Гьев гIодовегIанлъизавуна, гьесие ритIухъаб суд гьабизе инкар
гьабуна. Гьесул наслу-тухумалъул хIакъалъулъ лъица бицинеб? Ракьалда
тIад гьесул гIумру лъугIидалха».

34 Ахтаяс Филиппида абуна: – ТалихI кьегийин, бице дида: лъил
хIакъалъулъ аварагас гьедин абулеб бугеб? Жиндирго хIакъалъулъищ
яги цогидасул хIакъалъулъищ?

35 Гьес цIалараб калимаялдасан байбихьун кIалъазе лъугьарав
Филиппица гьесие бицана ГIисал хIакъалъулъ Рохалил хабар.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

36 Гьедин унаго цо льим бугеб бакIалде щведал, ахтаяс абуна: – Балагье
гьаниб льим бугогури. Гьанив лъадалъ ччун вахъизавизе сунцаниги
квалквал гьабиларо дие?

37 Цинги гьес гьоко чIезабеян амру гьабуна. Филиппги гьев ахтаги,
гьакидаса рещтIун, лъадалъе лъугьана ва Филиппица гьев лъадалъ ччун
вахъана.

39 Гьел лъадалъа къватIире лъугьараб мехалъ, Илагьияб РухIалъ восун
ун, ахтаясул берда цевеса тIагIана Филипп. Цинги вохуца холаго
жиндирго нухда ана ахта.

40 Гьебмехалъ Филиппида живго Азоталде щун ватана. Цинги гьенисан
унаго Къайсарияталде щвезегIан ругел киналго шагьаразул халкъалда
Рохалил хабар бицана гьес.

**Чапарзабазул ишал 9**

1 Шаулил рекIелъа унеб букIинчIо ТIадегIанав ГIисал муридал
хIинкъизариялъулги гьел гъурун тIагIинариялъулги гъаргъар. Бищунго
кIудияв кашишасухъе вачIун

2 гьес абуна жив Дамаскалде, гьелъул синагогабазде инехъин вугин.
Гьенир ГIисал Нух цIунун хьвадулел бихьинал ратаниги, руччаби
ратаниги, кквезеги ккун, рухьинеги рухьун, жинца Иерусалималде
рачинин, гьелъие изну букIин бицунеб кагъат кьейиланги гьарана.

3 Гьедин унаго Дамаскалде гIагарлъидал тохлъукьего зобалаздасан
нуралъ къалъ-къалъизавуна гьев.

4 ГьебсагIат гIодов ккана Шаул. – Шаул! Шаул! Щай дуца дие гьаб гIазаб-
гIакъуба кьолеб бугеб? – абун гьаракьги рагIана гьесда.

5 – Мун щив, бетIерчIахъад? – абун гьикъана Шаулица. – Дун вуго дуца
гIазаб-гIакъуба кьолев ГIиса, – ян рагIана гьесда жаваб. –

6 Гьанже тIаде вахъун шагьаралде а мун, доба бицина дуда щиб гьабизе
кколебали.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

7 Гьесда цадахъ рукІарал гІадамал кІал-мацІ къотІун хутІана. Гьаракь
рагІулеб букІин гурони, щивниги чи вихьулев вукІинчІо гьезда.

8 Шаул тІаде вахъана. Амма берал ричІун валагьидал, щибниги бихьичІо
гьесда. Бераздаса канлъи босарав гьев, квер ккун вачун, Дамаскалде
щвезавуна.

9 Лъабго къо бана гьес бадиса канлъиги босун. Я кваначІо, я гьекъечІо.

10 Дамаскалда вукІана Анания абулев цо мурид. Илгьам лъугьун: «Ва,
Анания!» – абун ахІана гьесде ТІадегІанав ГІисаца. «Дун гІенеккун вуго»,
– ян абуна гьес.

11 Цинги ТІадегІанав ГІисаца гьесда абуна: – Гьанже вахъун а мун
БитІараб абун цІар лъураб къотІнове. Гьениб Ягьудал минаялъув цІехе
Тарсалдаса Шаул абун цо чи вугищилан. Гьале гьаб параялда дугІа
гьабулев вукІаго,

12 гьесие илгьам лъугьана Анания абун цо чи вачІине вугин духъе, гьес
тІад квер лъурабго бераздa канлъиги бихьизе бугилан.

13 Ананияца абуна: – Я, ТІадегІанав ГІиса! Чанги чияс бицунеб рагІана
дида гьев чиясул хІакъалъулъги, дуде иман лъуразе Иерусалималда
кигІан гІемераб квешлъи гьес гьабурабалиги.

14 Гьаниведи гьев вачІун вуго дур цІар рехсанщинав чи ккун вачун жанив
тІамизе чІахІиял кашишзабаз ихтиярги кьун.

15 ТІадегІанав ГІисаца гьесда абуна: – Мун а гьанже. Гьев вуго киналго
къавмазда, парччахІзабазда ва Исраилил халкъалда гьоркьоб дир цІар
тІибитІизабизе тІаса вищун витІарав дир илчи.

16 Дицаго бихьизабила гьесда дир цІар сабаблъун гьес кигІан гІемераб
гІазаб-гІакъуба хІехьезе ккелебали.

17 Вахъун ун доб минаялъуве щвана Анания. Шаулида тІад кверги лъун,
гьес абуна: – Я, дир вац Шаул, ТІадегІанас – гьаниве вачІунаго нухда


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

дуда кIалъарав гьев ГIисаца – дун витIана дидалъун дур берazда канлъи
бихьизеги Илагьияб РухI дуде рещтIинеги.

18 ЧчугIил хъал кинигин, тIаса ана бецлъи, ва гьебсагIат канлъи бихьана.
ТIаде вахъун ун гьев лъадалъ ччун вахъана.

19 Цинги кванана-гьекъана, къуват-жан чорхолъе лъугьана. Цо чанго къо
бана Шаулица Дамаскалда муридазда аскIоб.

20 Гьебмехалъго синагогабазде ун гьес ГIисал хIакъалъулъ бицунеб
букIана гьев ГIиса Аллагьасул Вас вугилан.

21 Гьесул вагIза рагIанщинас хIикмалъун абулеб букIана: – Гьеб цIар
рехсанщинав чи тIагIинавизейилан Иерусалималда хIаракат бахъулев
вукIарав чи гурищ гьав? Рухьинеги рухьун, гьел чIахIиял кашишзабазул
кверде кьезе гурищ гьав гьаниveги вачIун вукIарав?

22 Амма Шаулил рагIул къуват цIикIкIунеб букIиналъ ва ГIиса
хIакълъунго МасихI вугилан чIезабулеб букIиналъ тату хвезабуна
Дамаскалда ругел жугьутIазул.

23 Гьелдаса гIезегIанго заман индал, гьев чIвазе къотIи ккана гьезул.

24 Шаулидаги лъана гьелъул хIакъалъулъ. Къасиги къадги шагьаралъул
кавабазухъ гъоркьчIел гьабун букIана гьев чIвазе.

25 Сардилъ гьесул муридаз гьев, гьагьинивги лъун, шагьаралъул рагIалда
бугеб къадахъа гъоркье виччана.

26 Иерусалималде щвараб мехалъ Шаулица къасд гьабуна муридалгун
цолъизе. Амма гьев муридлъун лъугьун вукIиналда божичIого, гьесукьа
хIинкъун рукIана киналго.

27 Барнаба ана Шаулги вачун чапарзабазухъе. Дамаскалде унаго нухда
Шаулида ТIадегIанав ГIиса вихьиялъулги, ТIадегIанав ГIиса гьесда
кIалъаялъулги ва Дамаскалда хIинкъи-къай гьечIого гьев ГIисал цIар
рехсон гьес гьарурал насихIатазулги хIакъалъулъ бицана гьезда
Барнабаца.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

28 Гьелдаса хадув Шаул чапарзабазда цадахъ чIана. Гьезда цадахъ Иерусалималда киса-кивего унаан ва ТIадегIанасул цIар рехсон хIинкъичIого бицунаан Рохалил хабар.

29 Гьев дагIбадулаан, къацандулаан грек мацIалда кIалъалел жугьутIалгун. Гьез къасд гьабуна Шаул чIвазе.

30 Гьеб лъайдал, Къайсариятaлдеги вачун, вацаз Шаул Тарсалде витIана.

31 Гьедин тIолабго Ягьудиялда, Галилеялда ва Самариялда иман лъуразул агьлуялъул хIал лъикIлъана, БетIергьанасдаса хIинкъарал ва Илагьияб РухIалъ кантIизарурал гIемерал гIадамаз иман лъуна.

32 Киназухъего щвезе къватIиве вахъун вукIарав Пётр гьале Лидда абулеб шагьаралда ругел иман лъуразухъе щвана.

33 Гьенив ватана палижалъ ккун микьго соналъ бусада лъурав цо Эней абулев чи.

34 Пётрица гьесда абуна: – Эней, мун МасихI ГIисаца сахлъизавуна. ТIаде вахъун дурго бусен бакIаре! Эней гьебсагIат тIаде вахъана.

35 Гьев сахлъун вихьана Лиддаялъулги Саронаялъулги киналго гIадамазда ва гьез ТIадегIанасде иман лъуна. Иоппиялда йикIана ТIабита абун цIар бугей цо мурид.

36 («Чанил цIцIе» абураб магIна буго гьеб цIаралъул.) ГIадамазе лъикIлъи гIемерай, мискиназе-пакъиразе садакъа гьарзаяй гIадан йикIана гьей.

37 Гьеб заманаялда цо хехаб унтуца хвана гьей. ТIасарокъоб лъун букIана чурун къачIараб гьелъул жаназа.

38 Лидда Иоппиялдаса рикIкIад букIинчIельул, Пётр Лиддаялда вугин рагIарал муридаз кIиго чи витIана хехго жидеда тIаде щвайилан гьаризе.

39 Вахъун гьезда цадахъ ана Пётр. Иоппиялде щведал, гьев тIасарокъове вачана. ГIемерал къоролруччаби ратана гьенир. ГIодилаго гьез Пётрида рихьизарулел рукIана чIаго йигеб мехалъ гьелъ жидеего гьарурал гурдал ва цогидабги ретIел.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

40 Гьелги къватIире ритIун, Пётр суждаялда чIана ва дугIа гьабизе
лъугьана. Цинги жаназаялдехун вуссун: – ТIаде яхъа, ТIабита! – ян абуна
гьес. Гьелъ берал ричIана, Пётрихъги ялагьун, тIаде йорхун гIодой чIана.

41 Кверги ккун, тIаде яхъинаюна Пётрица гьей. Цинги иман лъуралги
къоролруччабиги ахIун, ТIабита чIаголъун йикIин бихьизабуна гьезда
Пётрица.

42 Гьелъул хабар тIибитIана тIолабго Иоппиялда. ТIадегIанав ГIисаде
иман лъун гIемерав чи муъминлъана.

43 Симон абулев цо дабагъчиясухъ гьоболлъухъ рещтIун Иоппиялда
лъикIаланго къоял рана Пётрица.

**Чапарзабазул ишал 10**

1 Къайсарияталда вукIана Корнелий абулев цо чи. Гьев вукIана
Италиялъулабилан абулеб полкалдаса рагъухъабазул нусилбетIер.

2 Гьевги гьесул рукъалъул агьлуги Аллагьасукьа хIинкъарал, цIакъ
диниял гIадамал рукIана. КIуди-кIудиял садакъабиги гьарулаан гьес
гIадамазе, кидаго Аллагьасе тIагIат-гIибадаталдаги вукIунаан.

3 Гьале цо къоялъ къаденахъе сагIат лъабго тIубараб мехалъ, тIасан
загьираб илгьам лъугьун, Бичасул малаик вачIана гьесухъе. – Корнелий!
– абун кIалъана гьесда малаик.

4 ХIинкъадго гьесухъги валагьун: – Щиб, бетIерчIахъад? – абун гьикъана
Корнелийица. Малаикас гьесие жаваб кьуна: – Дур дугIабиги
садакъабиги Аллагьас къабул гьаруна, бищунго къабулаб къурбан
гIадин.

5 Гьанже дуца Иоппиялде чагIи ритIе Пётр абун тIокIцIар бугев
Симонида хадур.

6 Гьев вуго дабагъчи Симонихъ гьоболлъухъ. Ралъдал рагIалда буго
гьесул мина.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Гъесда кӀалъарав малаик цевеса тӀагӀаравго, Корнелийица кӀиго
рагьтӀателги жиндирго цо муъминав нукарги аскӀоре ахӀун,

8 гъезда гъеб кинабго бицана ва гъел лъабалго Иоппиялде ритӀана.

9 Нахъисеб къоялъул къалъул гӀужалда гъел Иоппиялде щолел рукӀана.
ТӀохде вахун дугӀа гьабулев вукӀана Пётр гъебмехалъ.

10 Пётр вакъана, кванде хиял ккана гъесул гъениб. Гъесие квен къачӀалеб
букӀаго, цебетӀами лъугъана:

11 зобал рикьун ана ва ункъабго гӀинщги ккун гӀодобе биччан бачӀунеб
бихьана цо кӀудияб туруталда рельлъараб жо.

12 Гъелда тӀад ругоан ракьалдасан хьвадулел киналго тайпабазул
хӀайваналгун шурулел жалги хӀанчӀиги.

13 – Вахъун гъелги хъве, гъезул гьанги кванай, Пётр, – абун гьаракь
ргӀана гъесда.

14 Пётрица абуна: – Я, ТӀадегӀанав, дица киданиги гьабиларо гъединаб
иш. Хъубаб, хӀарамаб квен дица киданиги квинчӀо.

15 КӀиабизеги добго гьаракьалъ абуна гъесда: – Аллагьас бацӀцӀад
гьабураб жоялда хъубабилан абуге дуца.

16 Лъабабизеги ргӀана Пётрида гъеб гьаракь ва гъебсагӀат зобалазде
босун ана доб турут гӀадинаб жо.

17 Гъелъул магӀна щибдайилан пикрабазда Пётр вугеб мехалъ,
Корнелийица ритӀарал дол гӀадамал, Симонил мина бугеб бакӀ
балагьизе гъесул кавудухъе щун рукӀана.

18 Гъез ахӀунго-ахӀун гьикъулеб букӀана Пётр абун тӀокӀцӀар бугев Симон
вугищин нужер гъенив гьоболлъухъилан.

19 Доб жиндаго цебетӀамураб сураталъул пикрабазда вукӀарав Пётрида
Илагьияб РухӀалъ абуна: – ГӀенекке, кӀиго чи вуго мун валагьулев.

20 Вахъун гьанже тӀохдаса гъоркьеги рещтӀун, сунданиги щаклъичӀого,
гъезда цадахъ а мун. Гъел руго дица ритӀарал чагӀи.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 Гьениса гъоркьеги рещтӀун, дол гӀадамазда абуна Пётрица: – Дун
ккола гьев нужеца валагьулев вугев чи. Щай нуж гьанире рачӀарал?

22 Гьез абуна: – Корнелий абун вуго цо нусилбетӀер, гьев вуго
Аллагьасукьаги хӀинкъулев, киналго жугьутӀазда гьоркьоб кӀудияб
къадру-къиматги бугев лъикӀав чи. Бичасул малаикас гьесие илгьам
гьабуна мун рокъове ахӀеян ва дур рагӀабазухъ гӀенеккеян.

23 Пётрица гьел жанире рачана ва сордо бан гьенир чӀезаруна. Нахъисеб
къоялъ вахъун гьезда цадахъ ана Пётр. Иоппиялдаса цо чанго диналъул
вацги къватӀиве вахъана гьезда цадахъ.

24 КӀиабилеб къоялъ Пётр Къайсарияталде щвана. Корнелий, жиндирго
гӀага-божаралги гьудул-гьалмагъзабиги ахӀун, гьел рачӀиналъухъ
валагьун чӀун вукӀана.

25 Пётр азбаралъуве лъугьунеб мехалъ, данде ун гьесда цеве суждаялда
чӀана Корнелий.

26 Гьев тӀаде вахъинавулаго, Пётрица абуна: – ТӀаде вахъа, дунги мунго
гӀадинав чийин.

27 Гьевгун гара-чӀварулаго рокъове жаниве лъугьарав Пётрида гӀемерал
гӀадамал ракӀарун ратана гьенире.

28 Гьезда Пётрица абуна: – Нужеда лъала жугьутӀазул къануналда рекъон
цогидал халкъазул гӀадамазулгун гьоркьоблъи гьабизе яги гьезухъ
гьоболлъухъ рещтӀине жугьутӀчиясе бегьулареблъи. Амма Аллагьас дида
бихьизабуна тӀолабго махлукъаталда гьоркьоб цониги чиясда
хъубавилан, нажасавилан абизе бегьулареблъи.

29 Гьединлъидал дун, нужеца ахӀаравго, тӀадкӀалъай гьечӀого вачӀана
гьаниве. Гьанже бице нужеца: щай дида хадур чагӀи ритӀарал?

30 Гьебмехалъ Корнелийица абуна: – Ункъо къоялъ цеве, гьадинабго
къалъудаса хадуб лъабго сагӀат араб гӀужалда дирго рокъов Аллагьасе
как балев вукӀана дун. ВачӀун дида цеве чӀана гвангъараб гӀаба ретӀарав
цо чи. Гьес дида абуна:


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

31 «Корнелий, Аллагьасда рагIана дур дугIа, дур садакъабиги рихьана
гьесда.

32 Гьанже дуца Иоппиялде чагIи ритIе Пётр абун тIокIцIар бугев
Симонида хадур. Гьев Пётр вуго ралъдал рагIалда мина бугев дабагъчи
Симонил бакIалда».

33 ГьебсагIатго ритIана дица дуда хадур чагIи. Мун гьаниве вачIун лъикI
ккана. Гьале гьанже ниж киналго Аллагьасда цере чIун руго,
БетIергьанас дуе амру гьабурабщиналъухъ гIенеккизе.

34 Пётрица гьезда абуна: – Гьанже якъинго бичIчIана дида Аллагьас
жиндирго лагъзадерида гьоркьоб батIалъи гьабулареблъи.

35 Кинаб къавмалъул чи вугониги, гьес къабул гьавула жинкьа
хIинкъулев ва витIун хьвадулев чи.

36 Гьес Исраилил халкъалъухъе битIана жиндирго рагIи. Гьеб рагIи буго
ракълил хIакъалъулъ ругьел, ва ГIиса МасихIидалъун бачIана гьеб. Гьев
МасихI вуго киназулго ТIадегIанав.

37 Нужеда лъала Галилеялдасан байбихьун тIолабго Ягьудиялда
ккарабщинаб. Гьеб лъугьана ЯхIя аварагас лъадалъ ччун рахъизе
кколилан лъазабуралдаса хадуб.

38 Нужеда лъала Аллагьас Назареталдаса ГIисаде Илагьияб РухIги
хIалкIолъиги рещтIинабураблъи, гьес киса-кивего ун гIемераб лъикIлъи
гьабураблъи ва илбисалъул кверщаликь рукIарал киналго гIадамалги
сахлъизаруралллъи, – Аллагь гьевгун вукIиндалха!

39 Ниж руго кинабго жугьутIазул ракьалдаги Иерусалималдаги гьес
гьабурабщиналъе нугIзал. ГьотIода ван гьанкъун хвезавуна гьев.

40 Лъабабилеб къоялъ хваралъуса вахъинеги гьавуна Аллагьас гьев,
хваралъуса вахъун вихьулевлъунги гьавуна.

41 Амма киназдаго гуро гьев вихьарав. Гьев вихьана Аллагьас цереккунго
тIаса рищун рукIарал, гьеб киналъего нугIзаллъун лъугьарал нижеда.

Хваралъуса вахъун хадувги гьесда цадахъ кванарал-гьекъарал чагIи руго ниж.

42 Гьес нижее амру гьабуна чIагоязеги хваразеги суд гьабизе Аллагьас тарав чи вугин живилан халкъалдаго лъазабеян, гьелъие нугIлъиги гьабеян.

43 Киналго аварагзабаз цебеккунго бицун букIана гьесде иман лъуравщинасул мунагьал гьесул цIаралдалъун чуризе ругилан.

44 Пётрил гьеб хабар лъугIилалдего гьесухъ гIенеккун рукIарал киналго гIадамазде Илагьияб РухI рещтIана.

45 Цогидал халкъазеги Аллагьас Илагьияб РухI сайигъат гьабидал, гIажаиблъун хутIана Пётрида цадахъ гьенире рачIарал иман лъурал цоги жугьутIал.

46 Цогидаб мацIалда гьезул кIалъайги гьез Аллагьасе гьабулеб реццги рагIулеб букIиндалха гьел жугьутIазда. Пётрица абуна:

47 – Нилъее гIадин, Илагьияб РухI насиблъарал гьал гIадамазе лъадалъ ччун рахъи гьукъулев чи вукIинищ?

48 Цинги Пётрица гьезие амру гьабуна, МасихI ГIисал цIар рехсон, лъадалъ ччун рахъайилан. Гьебмехалъ гьез Пётрида гьарана цо дагьаб мехалъ жидеда аскIов гьенив чIайилан.

**Чапарзабазул ишал 11**

1 Чапарзабазухъеги ва тIолабго Ягьудиялда рукIарал диналъул вацазухъеги хабар щвана цогидал халкъазги Аллагьасул рагIи къабул гьабун бугилан.

2 Пётр Иерусалималде тIадвуссараб мехалъ, иман лъурал жугьутIаздасан цо-цо чагIаз гьесие бадибчIвай гьабуна,

3 сунат гьабичIел гIадамазухъе гьоболлъухъ ун, гьезда аскIов гIодов чIун кваназе бегьилаанищилан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

4 Гьебмехалъ Пётрица мухIканго бицана гьезда жиндирго ккарал лъугьа-
бахъиназул хIакъалъулъ:

5 – Иоппия шагьаралда цо къоялъ Аллагьасе дугIа гьабулев вукIана дун.
Гьебмехалъ цебетIами лъугьана дие. Ункъабго гIинщги ккун цо кIудияб
турут гIадинаб жо зодиса гIодобе биччалеб бихьана. БитIахъе дида
аскIобе бачIана гьеб.

6 Гьелда тIад рихьана ракьалдасан хьвадулел ункъхIатIилал хIайванал,
гьединго гIалхул хIайванал, шурулел жал ва хIанчIи.

7 Цинги цо гьаракьалъ абулеб рагIана дида: «Вахъун гьелги хъве, Пётр,
гьезул гьанги кванай», – ян.

8 Дица абуна: «Я, БетIергьан! Дица киданиги гьабиларо гьединаб иш.
Хъубаб, хIарамаб квен дица киданиги кIалдибе босичIо», – ян.

9 КIиабизеги зобалаздасан добго гьаракьалъ абуна: «Аллагьас бацIцIад
гьабураб жоялда хъубабилан абуге дуца», – ян.

10 Лъабабизеги рагIана дида гьеб гьаракь. Цинги гьеб кинабго зобалазде
эхеде цIан ана.

11 Дун рещтIун вукIараб рукъалда цеве лъабго чи чIана гьеб параялъ.
Гьел ратана Къайсариялдаса дида хадур ритIун рачIарал чагIи.

12 Илагьияб РухIалъ дида абуна сунданиги щаклъичIого гьезда цадахъ
айилан. Дида цадахъ къватIиве вахъана гьав анлъавго диналъул вацги.
Цинги ниж щвана дов чиясул бакIалде.

13 Гьес нижеда бицана жиндир рокъове вачIун малаикас гьадин
абунилан: «Дуца Иоппиялде чагIи ритIе Пётр абун тIокIцIар бугев
Симонида хадур.

14 Гьес бицина мунги дур хъизан-агьлуги хвасарлъулеб хабар».

15 Дица гьезие хабар бицине байбихьидал, добмехалъ нилъедего гIадин,
гьездеги рещтIана Илагьияб РухI.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

16 Гъениб дида ракIалде щвана: «ЯхIя аварагас лъадаца чурарал гIадин,
Илагьияб РухIалдалъун чурила нуж», – ан ТIадегIанав ГIисаца добмехалъ
абун рукIарал рагIаби.

17 ТIадегIанав МасихI ГIисаде иман лъурал нилъее гIадинаб сайигъат
Аллагьас цогидал халкъазеги кьолеб бугеб мехалъ Аллагьасда
дандечIаравани, дун щив чи ккелев вукIарав?

18 Гьеб хабар рагIидал гьел гIодоре риччана. Аллагьасе рецц гьабун гьез
абуна гьанже Аллагьас цогидал халкъазеги рес кьун бугин абадияб
гIумру насиблъулеб тавбу гьабизе.

19 Стефание зулму гьабураб заманаялда рикьа-риххун рахъ-рахъалде
лъутун ун рукIарал муридал Финикиялде, Кипралде ва Антиохиялдецин
щвана. ЖугьутIазда гурони гьез Рохалил хабар бицунеб букIинчIониги,

20 гьезда гьоркьор рукIана Кипралдаса ва Киренеялдаса цо-цо гIадамал,
Антиохиялде рачIун, гьениб греказдаги ТIадегIанав ГIисал хIакъалъулъ
жидеца Рохалил хабар бицине лъугьарал.

21 БетIергьанас квербакъи гьабуна гьезие, ва цIакъ гIемерал гIадамаз
ТIадегIанав ГIисаде иман лъуна.

22 Гьезул хIакъалъулъ хабар рагIана Иерусалималда бугеб иман
лъуразул агьлуялда ва гьез Барнаба Антиохиялде витIана.

23 Гьениве щвараб мехалъ Барнабада бихьана гьеб агьлуялда Аллагьасул
баркат лъун букIин ва гьелдаса вохана. Гьес киназдаго гьарана ракI-
ракIалъго ТIадегIанав ГIисаде иман лъун къвакIун чIайилан.

24 Живго гьев Барнабаги вукIана Илагьияб РухIалъулги иманалъулги
вугIун цIурав цIакъ лъикIав чи. Гьебмехалъги цIакъго гIемерал гIадамаз
ТIадегIанав ГIисаде иман лъуна.

25 Цинги Барнаба ана Шаул валагьизе Тарсалде.

26 Гьенив ватун, Шаулги вачун, Антиохиялде тIадвуссана Барнаба.
ТIубараб лъагIел рехана кIиясго гьениб. Гьеб лъагIелалъго иман

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

лъуразул агьлу данделъарал бакIазде ун Барнабацаги Шаулицаги гIемераб халкъалъе вагIза-насихIат гьабуна. Гьениб Антиохиялда тIоцебе байбихьана муридазда христианалилан абизе.

27 Доб заманаялда Иерусалималдаса Антиохиялде рачIана кашпу-карамалъи бугел гIадамал.

28 Агаб абун цIар бугев цо гьединав чияс, цеве вахъун, Илагьияб РухIалдалъун лъазабуна тIолабго ракьалда кутакаб ракъи букIине бугилан. (ХIакъикъаталдаги гьеб ракъи букIана Клавдий къайсарлъун вугеб заманаялда.)

29 Гьебмехалъ муридаз хIукму гьабуна бугес бугелда рекъараб садакъа-напакъа Ягьудиялда ругел жидерго диналъул вацазе битIизе.

30 Гьедин бакIарараб садакъа-напакъаги босун, гьез Барнабаги Шаулги ритIана Ягьудиялъул иман лъуразул бутIрузухъе гьеб щвезабизе.

**Чапарзабазул ишал 12**

1 Гьеб заманаялда Гьерод ханас иман лъуразул агьлуялъул цо-цо гIадамал жанир тIамуна, гьел тIагIинаризе бокьун.

2 Хвалчаца бетIер къотIун чIвана гьес Иоаннил вац Якъуб.

3 Ягьудиязе гьеб рекIее гIураблъи бихьун, Пётрги тIамуна гьес туснахъалъув. (Гьел рукIана РеччичIел Панкъазул Байрамалъул къоял.)

4 Ккун вачун туснахъалъув тIамизавуна Гьеродица Пётр ва гьев цIунизе анцIила анлъго рагъухъанги тана хъаравуллъуда. Гьесда ракIалда букIана Пасхаялъул байрамалдаса хадуб халкъалда цеве вачун Пётрие суд гьабизе.

5 Гьале Пётр туснахъалъув вуго. Иман лъуразул тIолабго агьлуялъ тIадчIун Аллагьасде гьари-дугIа гьабуна гьесда гурхIаян.

6 Гьеродица метер халкъалда цеве вачинехъин вугеб сордоялъ кIиго рагъухъанасдехун рахсаца вухьун вугев Пётр кьижун вукIана. ХутIарал хъаравулзаби туснахъалъул нуцIихъ чIун рукIана.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Гьале вачIун гьесда цеве чIарав Бичасул малаикасул нуралъ
туснахърукъ къалъ-къалъизабуна. Хьолболъ квер тункун макьидасаги
вигьинавун: «Хехго тIаде вахъа!» – ян абуна малаикас Пётрида. Гьесул
квераздa рукIарал маххул рахсал роpтун ана гьебмехалъ.

8 Цинги малаикас гьесда абуна хьиталги парталги ретIеян. Гьес хьиталги
парталги ретIана. Нахъеги абуна, мугъзаде гIабаги рехун, жинда хадув
вачIаян.

9 Пётр гьесда хадув къватIиве лъугьана. Амма гьесда ракIалде кколеб
букIана гьев малаикас гьабулеб бугебщинаб жо жинда цебетIамулеб
бугилан.

10 Цо хъаравулзабазда, цинги цоги хъаравулзабазда цересан ун,
туснахъалъусан шагьаралде бугеб маххул кавудухъе щвана гьел. Каву
жибго рагьун ана. Гьениса къватIире лъугьун ун цо къватI лъугIулеб
бакIалде щведал, малаик цевеса тIагIана.

11 Гьебмехалъ гIакълуялде вачIун живго жиндаго гаргадизе лъугьана
Пётр: «ХIакъикъаталдаги БетIергьанас дихъе малаик витIун вачIана дун
Гьеродил квердасаги ва ягьудиязул тIолабго халкъалъе бихьизе бокьун
букIарабщиналдасаги хвасар гьавизе».

12 Цинги гьеб ккара-таралъул магIна бичIчIарав Пётр ана Маркилан
тIокIцIар бугев Иоаннил эбел Марямил бакIалде. Гьенибе какде гIемераб
халкъ бакIарун букIана гьеб сордоялъ.

13 Пётрица каву бухидал, Рода абун цIар бугей цо гъараваш ячIана гьеб
лъица бухулеб бугебали хал гьабизе.

14 Пётрил гьаракь батIа бахъизе лъайдал, гIемерго йохиялъ каву ричIизе
рекIеда ятичIого, гьей жание екерун ана ва Пётр вугин кавудул
кIалтIайилан бицана гьезда.

15 Дур бетIер сверун бугилан абуна гьез. Жинца гьереси бицунеб
гьечIилан чIана гьей. Пётрил рухI батилин гьебилан абуна гьез.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

16 Пётрица жеги-жеги бухулеб букIана каву. Каву рагьараб мехалъ, гьенив Пётр ватидал, хIикмалъун хутIана гьел.

17 РуцIцIун чIайилан гьезие квер态алъ ишанги гьабун, Пётрица бицана БетIергьанас жив туснахъалъуса къватIиве вачиналъул хIакъалъулъ. Цинги гьес абуна Якъубидаги цогидал вацаздаги бицейин гьеб кинабго. Гьениса къватIиве вахъун, цоги бакIалде ана Пётр.

18 Радал, Пётр киведай тIагIанаян, кутакалда рихха-хочун лъугьана хъаравуллъуда рукIарал дол рагъухъаби.

19 Пётр валагьеян амру гьабуна Гьеродица, амма кинго кодове щвечIо гьев. Дол хъаравулзабиги ахIун, кин-щиб ккарабилан цIехана Гьеродица, цинги гьел чIвазе буюрухъ кьуна. Гьелдаса хадув Ягьудиялдаса Къайсарияталде ун, гьенив чIана Гьерод.

20 Гьесул цIакъ ццин бахъун букIана Тиралъул ва Сидоналъул гIадамазда. Гьебмехалъ цоцазда дандги бан гьез Гьеродихъе жидерго вакилзаби ритIана. Гьезул ракьалде квана-гьекъолеб жо Гьеродил улкаялдаса бачIунеб букIана. Гьединлъидал, гьесул кIалгIаялъув рагьтIателлъун вукIарав Бластилгун гьоркьоблъиги гьабун, Гьеродидасан рекъел гьарана гьез.

21 Гьелгун дандчIвазе къотIи гьабураб къоялъ, чIухIараб ретIелги ретIун, тахиде вахун гIодов чIана Гьерод ва, халкъги гIенеккун, гьездехун хитIаб гьабун кIалъана.

22 Гьебмехалъ халкъалъ ахIулеб букIана, гIадан-инсан гурин, живго аллагь вугин жидеда кIалъалев абун.

23 Амма гьес Аллагьасе рецц гьабичIелъул, гьебсагIат вачIун Бичасул малаикас жаза гьабуна Гьеродие, черхалда борохь бан хвана гьев.

24 Гьедин цIубана ва тIибитIана БетIергьанасул рагIи.

25 Барнабаги Шаулги, жидеда тIадкъараб ишги тIубазабун, Иерусалималдаса Антиохиялде тIадруссана. Маркилан тIокIцIар бугев Иоаннги вачана гьез жидедаго цадахъ.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

**Чапарзабазул ишал 13**

1 Антиохиялда бугеб иман лъуразул агьлуялда гьоркьор рукIана кашпу-
карамалъи бугел гIадамал ва насихIатчагIи: Барнаба, Нигер абун
тIокIцIар бугев Симеон, Киренаялдаса Лукий, Гьерод ханасда цадахъ
гIурав Манаэн ва Шаул.

2 ТIадегIанасе тIагIаталъе данделъун ругеб мехалъ, Илагьияб РухIалъ
гьезда абуна: «Барнабаги Шаулги дица цо ишалъе ахIулел руго. Нужеца
гьел дихъе кьезе ккела», – ян.

3 КIалги биччан, дугIаги гьабун, доз Барнабадаги Шаулидаги тIад квер
лъуна ва нахъе ритIана.

4 Илагьияб РухIалъ ритIун гьел Селевкиялде щвана ва гьенисан,
гамидаги рекIун, Кипралде ана.

5 Саламиналде щведал, гьениб жугьутIазул синагогабазда Аллагьасул
рагIи тIибитIизабизе лъугьана гьел. Гьезие кумекалъе цадахъ Иоаннги
вукIана.

6 Кипр чIинкIиллъи кьотIун ун Пафосалде щвана. Гьенив ватана
БариешуагI абулев цо жугьутIав. Гьев вукIана сихIручи ва гьересиавараг.

7 Сергий Павел абулев цIодорав-гIакъилав цо наибасул цевесев чиги
вугоан гьев. Аллагьасул рагIиялъухъ гIенеккизе бокьун бугилан Сергий
Павелица Барнабаги Шаулги жиндихъего ахIана.

8 Амма СахIир-Элимаца (греказ гьедин абулаан БариешуагIида) хIаракат
бахъулеб букIана гьев наибас иман лъезе биччаларилан.

9 Илагьияб РухIалъ цIурав Шаулица (гьесул цогидаб цIар Павел букIана)
гьебмехалъ гьесда бадибе абуна:

10 – Ле, хIилла-рекIкIалъулги ва квешабщиналъулги вугIун цIурав
илбисалъул вас, ритIухъабщиналъул тушман! БетIергьанасул битIараб
нух гьетIа-кIичIизабичIого чIезе кIолярищ дуда?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Гьале БетІергьанас дуде квер гьесулеб буго. ГьабсагІат мун бецлъила,
дагьабго заманаялъ бакъул канлъиялдаса махІрумлъила! Гьеб параялда
дуниял бецІлъана гьесие, тІуванго бецлъана гьев. Квер ккун живго
вачине чи валагьизе лъугьана.

12 Гьеб кинабго бихьарав наибасул рекІелъе иман тІинкІана. Гьев
хІикмалъизавуна ТІадегІанав ГІисал хІакъалъулъ хабаралъ.

13 Павелги гьесда цадахъ рукІаралги Пафосалдаса гамида рекІун ун,
Памфилиялъул Перга абулеб шагьаралде щвана. Гьездаса ватІалъун
Иерусалималде тІадвуссана Иоанн.

14 Пергаялдаса рахъун ун гьел Писидиялъул Антиохиялде щвана, шамат
къоялъ синагогаялъуре лъугьун, гьенир гІодор чІана.

15 Мусал Тавраталдасаги Аварагзабазул ТІухьдуздасаги калимаби цІалун
рахъараб мехалъ, гьеб синагогаялъул бутІруз гьезухъе ритІарал чагІаз
гьезда абуна: – Я, вацал, гьаб халкъалъе вагІза-насихІат гьабизе бокьун
батани, ниж нужехъ гІенеккила, – ян.

16 ТІаде вахъун, кверги борхун, Павелица гьадин абуна: – Я, вацал
жугьутІал ва цогидалги Аллагьасукьа хІинкъулел гІадамал, гІенекке нуж
дихъ!

17 Гьаб Исраилил халкъалъул Аллагьас нилъер умумул тІаса рищана,
апарагзабилъун Мисриялда рукІараб заманаялда Гьес нилъер халкъ
кІодо гьабуна ва жиндирго кІудияб къудраталдалъун доб чияр
ракьалдаса къватІире рачана.

18 КІикъого соналъ гІицІаб авлахъалда рукІараб мехалъ, чанцІулго
къосаниги, Аллагьас гьел рехун течІо.

19 КангІаналъул ракьалда анкьго халкъги паналъизабун, гьеб ракь
Исраилил халкъалъе ункънусиялда кІикъоялда анцІго сонгІанасеб
заманаялъ ирсалъе кьуна Аллагьас. Цинги Шамуил авараг витІизегІан
Аллагьас гьезие къадизаби кьуна.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

21 Хадуб гьез парччахI кьейилан гьаридал, Аллагьас гьезухъе витIана
Буняминил наслуялъул Кишил вас Шаул. КIикъого соналъ гьес
парччахIлъи гьабуна гьезие.

22 Цинги, гьевги тIаса рехун, Давуд авараг гьезие парччахIлъун гьавуна.
Гьесул хIакъалъулъин Аллагьас гьадин абураб: «Дица Йессейил вас
Давуд тIаса вищана. Гьев Дие рекIее гIуна. Дие бокьарабщинаб гьабизе
буго гьес».

23 Давудил наслуялдаса витIилин абун рагIи кьун букIарав ГIисаги
витIун вачIана Гьес Исраилил халкъ хвасар гьабизе.

24 Гьев ГIиса вачIиналде ЯхIя аварагас тIолабго Исраилил халкъалда
лъазабуна кантIун Аллагьасде руссине лъадалъ ччун рахъаян.

25 Жиндирго гьеб нухлул ахиралде щолев вугеб мехалъ, ЯхIяца абуна:
«Нужеца дун щивлъун рикIкIунев вугев? Дун Дов гуро. Дидаса хадув
вачIине вуго жиндир хьитил рухьен бичизецин дун мустахIикъав гьечIев
чи».

26 Я, дир вацал – Ибрагьимил наслуялъул лъимал ва цогидалги
Аллагьасукьа хIинкъулел гIадамал! Нилъеейин Аллагьас битIараб нилъ
хвасар гьарулеб гьеб рагIи.

27 Амма Иерусалималъул гIадамазда ва гьезул хIакимзабазда гьев
лъачIелъул ва щибаб шамат къоялъ цIалулел Аваразабазул ТIухьдузда
хъван букIарабги бичIчIичIелъул, гьез гьесие тамихI гьабуна ва
цебеккунго дол Илагьиял ТIухьдузда хъван букIарабги ритIухълъана.

28 ЧIвазе гIураб гIайиб-хатIа тIадчIезабизе кIвечIониги, гьез Пилатида
гьарана ГIиса чIвазе къотIеян.

29 ГIисал хIакъалъулъ Илагьиял ТIухьдузда цебеккунго хъван
букIарабщинаб гьел гIадамаз гьабун хадуб, гъотIодасаги вахъун, хабалъ
вукъана гьев.

30 Амма Аллагьас гьев хваралъуса вахъинавуна.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

31 Гьелдаса хадув гІезегІан къояз вачІана гьев Галилеялдаса
Иерусалималде щвезегІан жиндаго цадахъ рукІарал дол гІадамазухъе.
Гьанже гьел гІадамал руго халкъалда цере гьесул нугІзаллъун.

32 Нижецайин абуни нужеда Рохалил хабар бицунеб буго, Аллагьас
нилъер умумузе гьабун букІараб къотІи гьес нилъее –

33 гьезул лъималазе – тІубазабун, ГІиса хваралъуса вахъинавунилан.
Гьадин хъван буго Забуралъул кІиабилеб туркиялда: «Мун Дир вас вуго.
Жакъа Дун дур Эменлъун лъугьана».

34 Ракьулъ турун тІагІунгутІизе ГІиса жинца хваралъуса вахъинавиялъул
хІакъалъулъ Аллагьас гьадин абун букІана: «Аллагьас Давудида лъураб
баркат – лъиданиги кодоса бахъизе кІолареб Илагьияб баркат – лъела
Дица дуда».

35 Гьелъулго хІакъалъулъ цоги туркиялда руго Давудица абурал
гьадинал рагІаби: «Дурго ракІбацІцІадав лагъ ракьул гвандинив
туризавиларо Дуца».

36 Жиндирго халкъалда гьоркьоб Аллагьасул амруги тІубазабун, Давуд
къадаралде щвана, жиндирго умумузда хадув ана ва гьесул черхги
ракьулъ турана.

37 Амма Аллагьас хваралъуса вахъинавурасул черх ракьулъ туричІо.

38 Гьединлъидал, дир вацал, нужеда лъан букІа ГІиса сабаблъун нужер
мунагьал чуранилан лъазабулеблъи. Мусал къануналда рекъон
Аллагьасда цере ритІухълъизе кІвечІебщиналъулъ ГІисадалъун
ритІухълъила гьесде иман лъуравщинав чи.

40 Гьединлъидал, воре, нуж цІодорго рукІа, аварагзабазул гьадинаб
калимаялда бугеб иш лъугьине гурин нужеего:

41 «Ле, иман инжит гьабун гаргадулел гІадамал, нуж ралагье, хІикмалъе
ва паналъе, нужер заманаялда Дица гьабизе бугелъулха бицунилан
кинго нуж божизе гьечІеб иш».

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

42 Барнабаги Павелги синагогаялъуса къватIире рахъунаго, гIадамаз гьезда гьарана хадусеб шамат къоялъги жидее гьединаб вагIза гьабизе рачIаян.

43 Гьеб данделъи биххун хадур гIемерисел жугьутIал ва Аллагьасе гIибадат гьабулел цогидал халкъазул гIадамал Павелидаги Барнабадаги хадур ана. Гьев кIиясгойин абуни гьезда малъулеб букIана Аллагьас гьезие кьураб баркатгун рукIайилан.

44 Нахъисеб шамат къоялъ тIолабгоялде гIунтIун шагьаралъул халкъ бачIана Аллагьасул рагIухъ гIенеккизе.

45 Халкъалъул гьел руккелал рихьидал, жугьутIазул жахIда ккана: Павелил хабар гьереси гьабун, гьев какун гаргадизе лъугьана.

46 Амма Павелицаги Барнабацаги хIинкъичIого абуна гьезда: – Нужедайин бищунго цебе лъазабизе кколеб букIараб Аллагьасул рагIи. Амма нужеца гьеб нахъе тункулеб бугелъул ва абадияб гIумру насиблъизе мустахIикъал гьечIеллъун нужецаго нужго рикIкIунелги ругелъул, гьале ниж цогидал халкъазде руссун руго!

47 Гьадинаб калимаялдалъун БетIергьанасги амру гьабулеб бугелъул нижее: «Киналго халкъазе чирахълъун гьавуна Дица Мун, дуниялалъул рагIалдеги дуца хвасарлъи щвезабизе».

48 Гьеб рагIидал, цогидал халкъазул гIадамал цIакъ рохана, Аллагьасул рагIуе рецц гьабизе лъугьана. Абадияб гIумру насиблъизе тIаса рищун рукIаралщиназ иман лъуна.

49 Гьеб рахъалдаги тIибитIана Аллагьасул рагIи.

50 Амма Аллагьасе гIибадат гьабулел ва къадру-къимат бугел руччабиги шагьаралъул хIакимзабиги Павелидаги Барнабадаги данде гьусун тIамуна жугьутIаз. Гьез гьев кIиявго шагьаралдаса къватIиве гьуна.

51 Жидерго хIатIазда букIараб хIурги гьел гIадамазде кIутIун, Павелги Барнабаги Икониялде ана.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

52 Киналго муридалин абуни, Илагьияб РухIалъул цIун, роха-хинлъун рукIунаан.

## Чапарзабазул ишал 14

1 Иконияллдаги гьез, жугьутIазул синагогаялъуре лъугьун, вагIза гьабуна, ва гIемерисел жугьутIалги цогидал халкъазул гIадамалги божана гьезда.

2 Амма гьезда божичIел жугьутIаз, иман лъуразда данде гьусун тIамун, цогидал халкъазул гIадамазул рекIелъ гьездехун ццин багъаризабулеб букIана.

3 Павелицаги Барнабацаги гIезегIан заман бана гьениб. Гьез хIинкъичIого бицунеб букIана ТIадегIанав ГIисал хIакъалъулъ. Гьесул баркатаб рагIуда божизе гьезул квердалъун лъугьунел рукIана хIикматал ишалги мугIжизаталги.

4 Шагьаралъул халкъ кIийиде бикьана гьебмехалъ: цоял жугьутIазул рахъалда рукIана, цогидал чапарзабазул рахъалда рукIана.

5 Жидерго церехъаби-бутIрулгун цадахъ лъугьун, цогидал халкъазул гIадамазги жугьутIазги хIаракат бахъулеб букIана Павелги Барнабаги инжит-хIакъир гьаризе, цинги ганчIал речIчIун чIвазе.

6 Гьеб хабар лъарабго, гьел гьениса Ликаониялде лъутун ана. Гьел рукIана Листра ва Дербия шагьараздаги гьезда сверухъ ругел бакIаздаги.

7 Гьенибги бицунеб букIана гьез Рохалил хабар.

8 Листраялда вукIана эбелалъ гьавуралдаса нахъего палижалъ ккурав, гIумруялъ жиндирго бохдузда вахъун чIун вилълъанхъичIев цо чи.

9 Павелихъ гIенеккун вукIана гьев. ЛъикIго гьесухъ валагьидал, Павелида бичIчIана живго сахлъизе вукIиналда ракI-ракIалъго божарав чи гьев вугевлъи.

10 – ВитIун дурго бохдузда вахъун чIа! – ян ахIана гьесде Павелица. ГьебсагIат кIанцIун тIаде вахъун, вилълъанхъизе лъугьана гьев.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Павелица гьабураб иш бихьидал, гьенир рукIарал гIадамал
ликаоназул мацIалда ахIдезе лъугьана инсанасул сураталда аллагьзаби
рещтIун ругин жидехъеян.

12 Барнабада гьез Зевсилан цIар лъуна. ВагIза-насихIат гьабун цIикIкIун
кIалъалев вукIиндал, Павелида цIар Гермесилан лъуна.

13 Шагьаралъул каву бахун къватIибехун букIараб Зевсил сураталъе
хъулухъалъе тарав цо динияв чи, оцалги цере къотIун, тIугьдузул
горалги росун, гIемераб халкъги цадахъ бачун, гьав кIиясулго
хIурматалда къурбан хъвезе кавудухъе вачIана.

14 Гьелъул хабар рагIидал кIиявго чапар – Барнабаги Павелги, – тIад
бугеб ретIелги тIутIун бан, гьеб халкъалда аскIоре рекерун, ахIдезе
лъугьана:

15 – Ле, гIадамал! Нужеца гьабулеб щиб? Нужго гIадинал гIадамал руго
нижги. Ниж нужехъе рачIун руго Рохалил хабарги босун. Гьеб нужер
расги пайда гьечIеб динги рехун тун, зобал-ракьал рижарав, ралъадал
рижарав ва гьенир ругелщиналги рижарав хIакъав Аллагьасде
руссайилан абизе рачIун руго.

16 Цересел наслабазул халкъал Аллагьас тун рукIана жидеего бокьараб
нухдасан ине.

17 Амма жиндирго лъикIлъабаздалъун Гьес живго вугевлъи
бихьизабичIого течIо. Гьес зобалаздасан цIад базабулаан, ах-хуралъул
нигIматал рижизарулаан. Нужее квен-тIех кьолаан, нужер ракIал
рохизарулаан.

18 Гьединаб хабар бицун хIалицаго кIвана Павелидаги Барнабадаги
жидер хIурматалда къурбан хъвеялдаса гьел руссинаризе.

19 Амма гьенирреги рачIун Антиохиялдаса ва Икониялдаса жугьутIаз
Листраялъул гIадамал жидерго рахъалде руссинаруна. Павелида гьез
ганчIал речIчIана, хун вугиланги тун, вехъерхъун шагьаралдаса
къватIиве рехана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

20 Амма муридал рачIун аскIор чIедал, тIаде вахъун, шагьаралде ана
Павел. Нахъисеб къоялъ Барнабаги вачун гьев Дербиялде ана.

21 Гьеб шагьаралдаги Рохалил хабар бицана гьез ва гIемерав чияс гьезде
иман лъуна. Цинги гьел тIадруссун Листраялде, Икониялде ва
Антиохиялде ана,

22 муридазул ракIал къвакIизарулаго, гьезул иман щулалъизабулаго.
Чапарзабаз абулеб букIана: – ГIемераб гIазаб-гIакъуба хIехьон гурони
нилъ Аллагьасул ПарччахIлъиялде лъугьинаро, – ян.

23 Иман лъуразул щибаб агьлуялъе диниял бутIрулги тIамун тун, какал
ран, кIалал ккун, нахъе унеб мехалъ гьез муридал толаан жидеца иман
лъурав ТIадегIанасул цIобалда божун.

24 Писидиялдасан ун гьел Памфилиялде щвана.

25 Пергаялъул халкъалда Рохалил хабарги бицун, цинги гьел Атталиялде
ана. Гьенисаги, гамидаги рекIун, Антиохиялде тIадруссана. Гьеб букIана
гьанже гьез тIубазабураб ишалда тIоцебе Аллагьасул цIоб лъураб бакI.

27 Гьенире щвараб мехалъ, иман лъуразул агьлуги бакIарун, гьаз бицана
Аллагьас жидеда бихьизабунщиналъул хIакъалъулъ, бицана цогидал
халкъазеги Аллагьас диналъул нуцIби рагьанилан.

28 Цинги гIемераб мехалъ Павелги Барнабаги гьел муридазда аскIор
гьенир чIана.

**Чапарзабазул ишал 15**

1 Ягьудиялдаса цо киналалиго гIадамал рачIун гьез вацазда абуна,
Мусал къануналда рекъон сунат гьабичIони, нуж хвасарлъуларилан.

2 Павелги Барнабаги гьезда тIадрекъолел рукIинчIо. КIудияб дагIба-къец
ккана гьезда гьоркьоб. Гьединлъидал Павелги, Барнабаги ва цо чанго
чиги ритIана Иерусалималда ругел чапарзабазухъеги диниял
бутIрузухъеги гьеб суал тIубазабизе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 Гьедин иман лъуразул агьлуялъ ритӀун, Финикиялдасан ва Самариялдасан унаго, гьенир ругел вацазда гьез мухӀканго бицана цогидал халкъазул гӀадамазги иман лъунилан. Кутакалда рохана гьел гьеб хабаралдаса.

4 Иерусалималде щвараб мехалъ иман лъуразул агьлуялъги, гьенир рукӀарал чапарзабазги ва диниял бутӀрузги рохун къабул гьаруна Павелги Барнабаги. Аллагьасул хӀалкӀолъиялдалъун жидер гьениб ккарабщиналъулги бицана гьазда.

5 Фарисеязул мазгьабалда ругел цо-цо иман лъураз, тӀаде рахъун, абуна: – Цогидал халкъаздаги нилъеца лъазабизе ккола Мусал къанунги цӀунейин, сунатги гьабейилан.

6 Чапарзабиги диниял бутӀрулги данделъана гьеб суал гьоркьоб лъезе.

7 ЛъикӀаланго заманаялъ дагӀба-къецалда рукӀана гьел. Цинги, тӀаде вахъун, Пётрица абуна: – ГӀенекке, вацал! Нужеда гьоркьоса тӀаса вищун, дол тӀоцересел къояздаго дун витӀана Аллагьас цогидал халкъазухъе гьезда Рохалил хабар бицине ва гьел иманалде ахӀизе. Гьеб нужеда лъала.

8 Щивав чиясул рекӀелъ бугебги лъалев Аллагьас, нилъее гӀадин, цогидал халкъазеги Илагьияб РухӀ сайигъат гьабуна, жинца гьел къабул гьарунилан.

9 Гьезулги ракӀал рацӀцӀалъизарун, цогидал халкъаздаги нилъедаги гьоркьоб щибго батӀалъи гьабичӀо Аллагьас.

10 Я нилъер умумузда, я нилъеда хӀехьезе кӀвечӀеб рукь муридазул гарбидеги ккезабун, щай нужеца Аллагьасул сабруялъул хӀалбихьулеб бугеб?

11 Амма нилъ божула ТӀадегӀанав ГӀисал цӀобалдалъун нилъ хвасарлъизе рукӀиналда, гьединго гьелги хвасарлъизе рукӀиналда.

12 Гьебмехалъ киналго руцӀцӀун чӀана. Цинги гьел гӀенекkана Аллагьасул хӀалкӀолъиялдалъун жидеца цогидал халкъазда рихьизарурал хӀикматал


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

ишазулги мугӀжизатазулги хӀакъалъулъ Павелицаги Барнабацаги бицараб хабаралъухъ.

13 Гъезул хабар лъугӀараб мехалъ, Якъубица байбихьана кӀалъазе. Гъес абуна: – Нуж дихъ гӀенекке, вацал!

14 Симоница гъабсагӀат нилъеда бицана, гъезда гъоркъоса тӀаса рищарал гӀадамалги жиндирго халкъалъун лъугьине бокьун, Аллагьас тӀоцебесеб нухалъ цогидал халкъазул тӀалаб-агъаз гъабунилан.

15 Гъеб данде кколеб буго аварагзабазул гъадинаб калимаялда:

16 «Гъелдаса хадув Дун тӀадвуссина ва биххун букӀараб Давудил рукъ къачӀала, гъелъул чӀваднал лъугӀизарила, гъеб цӀидасан бала.

17 Цинги цогидал киналго гӀадамал, хӀатта Дица дирго халкъалъун рикӀкӀине ругел цогидал халкъазул гӀадамалги, Диде руссина».

18 Гъедин абулеб буго БетӀергьанас, гъесдасан гӀадамазда цебеккунго лъалеб букӀарабщинаб гъабула гъес.

19 Гъединлъидал дида ракӀалде ккола Аллагьасде руссунел ругел цогидал халкъазул гӀадамазе нилъеца квалквал гъабизе бегьиларилан.

20 Гъанже нилъеца гъезухъе хъван кагъат битӀизе ккола гьересиаллагьзабазе къурбан гъабураб квенги кунгеян, хъахӀбалъиги гъабугеян, гъанкъун хвезабураб хӀайваналъул гьанги, гъединго биги хӀарамаб бугилан.

21 Мусал къанунин абуни, цебе заманаялдаса нахъего халкъалда бичӀчӀизабула щибаб шагьаралда щибаб шамат къоялъ синагогабазда цӀалун.

22 Цинги чапарзабазги диниял бутӀрузги, тӀолабго иман лъуразул агьлуги разилъун, хӀукму гъабуна Павелидаги Барнабадаги цадахъ Антиохиялде, жидедаго гъоркъоса вищун, кӀиго чи витӀизе. Гъез тӀаса рищана жидедаго гъоркъор хӀакимзабилъун рукӀарал Барсаббайин абулев Ягьудаги Силаги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 Гьезухъе кьун, гьадинаб кагъатги битIана: «Нужер вацазул – чапарзабазул ва диниял бутIрузул – рахъалдасан салам буго Антиохиялда, Сириялда ва Киликиялда ругел диналъул вацазде – цогидал халкъаздасан лъугьарал вацазде.

24 Нижеда рагIана нижер тIадкъай гьечIониги цо-цо гIадамаз нужер рахIат хвезабулеб бугилан, нуж къосинарулел ругилан.

25 Гьединлъидал нижеца, киналго разилъун, хIукму гьабуна нижее хириял Барнабадаги Павелидаги цадахъ тIаса рищун нужехъе вакилзаби ритIизе.

26 Барнабаги Павелги руго ТIадегIанав МасихI ГIисал цIаралъе гIоло гIумру кьурал гIадамал.

27 Гьединго ритIулел руго Ягьудаги Силаги. Гьезги кIалалъ бицина нужеда гьаб нижер кагътил мурад.

28 Илагьияб РухIалдаги нижедаги лъикIаблъун бихьун буго – паризаяб тун нахъияб жо нужеда баччизабиларилан.

29 Нужеца кунге гьересиаллагьзабазе къурбан гьабураб квен, биги гьекъоге, гъанкъун хвезабураб хIайваналъул гьанги кунге, хъахIбалъиги гьабуге. Гьелдаса цIунун чIани, – гьеб буго лъикIаб иш. Вассалам».

30 Гьеб данделъи биххун хадур гьел ункъалго Антиохиялде ана. Доре щведал, киналго данде ракIарун, кагъат гьезухъе кьуна.

31 Гьеб кагъат цIалидал, муридал рохана гьединаб насихIаталдаса.

32 Ягьудацаги Силацаги (гьел кIиялгоги рукIана кашпу-карамалъи бугел гIадамал) гIемераб жо малъана гьезда. Гьелдалъун вацазул рекIелъ иман щулалъиялъе квербакъиги лъугьана.

33 Цо заманаялдасан кIудияб хIурмат-адабгун Ягьудаги Силаги тIоритIизе рахъана вацал, ва жалго гьенире ритIарал вацазухъе тIадруссана гьел кIиялго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

34 Павелги Барнабаги Антиохиялда чIана, гIемерал цогидал муридазда цадахъ ТIадегIанав ГIисал рагIи тIибитIизабулеб букIана гьез.

36 Цо чанго къоялдасан Павелица Барнабада абуна: – РачIа нилъ тIадруссун рилъьинин ва, ТIадегIанав ГIисал рагIи нилъеца тIибитIизабураб щибаб шагьаралде щун, вацал кин ругелали хал гьабилин.

37 Барнабае бокьана Маркилан тIокIцIар бугев Иоаннги цадахъ вачине.

38 Амма Павелида ракIалде ккана доба, Памфилиялда, гьелги рехун тун нахъе арав, гьезул ишалъе гьелдаса хадуб кумекги гьабичIев чи цадахъ вачун лъикI гурилан.

39 Гьеб сабаблъун кIиясдаго гьоркьоб кьал ккана. Гьедин Павелги Барнабаги цоцаздаса ратIалъана. Маркги вачун, гамидаги рекIун, Барнаба Кипралде ана.

40 БетIергьанасул цIобалъ рехун тогегиян дугIаги гьабун, Павелги тIовитIана вацаз. Силаги вачун,

41 гьев Сириялдасан ва Киликиялдасан ана, иман лъуразул агьлуги щулалъизабулаго.

**Чапарзабазул ишал 16**

1 Гьелдаса хадув Павел щвана Дербиялде ва Листраялде. Тимофей абун цо мурид вукIана Листраялда. Гьев вукIана иман лъурай жугьутIалъул вас, гьесул эмен вукIана грекав.

2 Листраялда ва Икониялда ругел вацаз веццана гьасие Тимофей.

3 Павелие бокьана гьев цадахъ вачине. Гьединлъидал гьеб рахъалда ругел жугьутIазул тIадкIалъай букIунгутIизе Тимофейие сунат гьабуна. Гьезда киназдаго лъалеб букIиндалха гьасул эмен грекав вукIин.

4 Гьедин цо шагьаралдаса цоги шагьаралде ун, гьез диналъул вацазда бицунеб букIана Иерусалималда чапарзабазги диниял бутIрузги гьабураб хIукмуялъул хIакъалъулъ. Гьарулеб букIана гьеб тIубазабеян.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Къоялдаса къоялде иман лъуразул агълуялъул иман щулалъулеб букIана, муъминзаби гIемерлъулел рукIана.

6 Рохалил хабар босун Асиялде ине Илагьияб РухIалъ гьезие изну кьечIелъул, Павелги гьесда цадахъ рукIаралги ана Фригиялдасан ва Галатиялдасан.

7 Амма Мисиялда дандбитIун бугеб бакIалде щун Битиниялде ине къасд гьабидал, ГIисал РухIалъ гьенирeги риччачIо гьал.

8 Гьедин Мисияги къотIун ун Троадаялде щвана.

9 Гьеб сордоялъ цебетIами лъугьун тIаде вачIун Македониялдаса цо чияс Павелида гьарана ралъад къотIун жидехъе Македониялде вачIайилан ва жидее кумек гьабейилан.

10 Павелие гьеб цебетIами лъугьун хадуб Македониялде ине гIедегIана ниж. Нижеда бичIчIидалха Рохалил хабар бицине Аллагьас ниж гьенире ахIулел ругеблъи.

11 Троадаялдаса гамида рекIун ниж Самофракия чIинкIиллъиялде ана. Нахъисеб къоялъ Неаполалде ана.

12 Гьенисаги ана Филиппиялде. Гьеб батана Македониялъул гьеб рахъалда бугеб кIудияб шагьар, Рималъул кверщаликь бугеб вилаят. Гьениб нижеца чанго къо бана.

13 Шамат къоялъ ниж ана шагьаралдаса къватIибехун бугеб гIурул рагIалде, жугьутIаз какал ралеб бакI гьениб бугилан ккун. Гьенире рачIарал руччабазда аскIор гIодор чIун, гьелгун гара-чIварулел рукIана ниж.

14 Тиатира шагьаралдаса Лидия абулей цо гIаданги йикIана нижехъ гIенеккун. ЦIакъго хирияб багIараб ххам бичун бетIербахъарай ва Аллагьасе гIибадатги гьабулей гIадан йикIана гьей. ТIадегIанас гьелъул ракI гьесизабуна Павелил рагIи гIадахъ босизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Гьелдаса хадур гьейги гьелъул рукъалъул агьлуги лъадалъ ччун
рахъидал, гьей гьардезе лъугьана: – ХIакълъунго дун ТIадегIанасда
божулей йикIиналда нужер ракIчIей батани, дихъе гьоболлъухъ рилълъа,
– ян. Жиндаго цадахъ рилълъине разилъизаруна гьелъ ниж.

16 Цо къоялъ какал ралеб бакIалде унаго, цо гIолохъанай гьараваш данде
ккана. Гьей йигоан карамалъи бугей гIадан, букIине-ккезе бугебщинаб
цебеккунго бицунеб жен букIана гьелъул чорхолъ. Гьедин пал тIамун
гьелъ гIемераб гIарац бакIарулаан жиндирго бетIергьабазе.

17 Павелидаги нижедаги хадуй ячIунаго, чIчIичIчIидана гьей: – Гьал руго
ТIадегIанав Аллагьасе гIибадат гьабулел гIадамал. Гьез нилъеда
бихьизабулеб буго нилъ хвасарлъулеб нух!

18 Гьелдаса хадубги чанго къоялъ гьединго данде ячIун чIчIичIчIидулаан
гьей. Ахирги гьелдехун вуссун ццин бахъун, Павелица гьадин абуна гьей
гIаданалъулъ бугеб хъубаб женалда: – МасихI ГIисал цIаралдалъун дица
дуе амру гьабулеб буго гьей гIаданалъул чорхолъа нахъе аян! Ва
гьебсагIат нахъе ана гьеб.

19 Жидее щолеб букIараб хайиралдаса махIрумлъарал гьей
гъаравашалъул бетIергьабаз, ккун рачун, Павелги Силаги
базаркъотIноре хIакимзабазда аскIоре щвезаруна. Гьелги судиязухъе
рачун:

20 – Гьал жугьутIал руго, – ян абуна гьез, – гьаз нилъер шагьаралда питна
багъаризабулеб буго.

21 Нилъеца – Рималъул гIадамаз – къабул гьаризеги тIуразаризеги
бегьуларел гIадатал тIиритIизарулел руго гьаз.

22 Халкъ цадахъго Павелидаги Силадаги тIаделъана. Къадияз амру
гьабуна, тIаса ретIелги бахъун, хьопоца рухеян.

23 ЛъикIго хьопоцаги рухун, туснахъалъур тIамуна гьел. Туснахъалъул
хIакимасдаги лъазабуна лъутиларедухъ хъаравуллъи чIезабеян.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

24 Гьеб буюрухъ тIубазабун, гьес Павелги Силаги тIамуна туснахъалъул
бищунго жанибегIан бугеб рокъор, гьазул бохдузда хIухьдулги рана.

25 Сордо бащалъулеб заманаялда Павелги Силаги дугIаби гьарулел ва
Аллагь веццун туркаби ахIулел рукIана. Гьазухъ гIенеккун цогидал
туснахъалги рукIана.

26 Тохлъукьего кутакалда ракь багъарана. КьучIдасанго гьаргьадизе
лъугьана туснахъалъул къадал. ГьебсагIат киналго нуцIби рагьун ана,
туснахъалъур ругезда ран рукIарал хIухьдул рортун ана.

27 Макьидаса вигьарав туснахъалъул хIакимасда рихьана киналго нуцIби
рагь-рагьун ун. Туснахъал лъутун ун ратилилан ккун, бахъун хвалченгун
живго жинцаго чIвазехъин вукIана гьев.

28 – Воре, дуца дуего жаза гьабуге, ниж киналго гьанир руго, – ян ахIана
гьесде Павелица.

29 Кан босизе чиги витIун, туснахъалъул хIаким векерун жаниве ана ва
содродилаго Павелидаги Силадаги цеве кIалагъоркье речIчIана.

30 Цинги гьес, гьелги къватIире рачун, гьикъана: – Я, бетIерчIахъадал!
Хвасарлъизе ккани, щиб дица гьабизе кколеб?

31 – ТIадегIанав ГIисада божани, мунги дур рукъалъул агьлуги
хвасарлъила, – ян абуна гьез.

32 Цинги гьесдаги гьесул рукъалъул агьлуялдаги Аллагьасдасан Рохалил
хабар бицана.

33 Гьеб сордоялъ рокъоре рачун гьес Павелилги Силалги ругънал чурана.
ГьебсагIат гьез гьевги гьесул рукъалъул агьлуги лъадалъ ччун рахъана.

34 ТIаде рачун гьес гьезие лъикIаб гьоболлъи гьабуна, Аллагьасде иман
лъеялдаса кутакалда рохун рукIана гьевги гьесул рукъалъул агьлуги.

35 Нахъисеб къоялъ радал судияз туснахъчиясухъе жидерго нукарзаби
ритIун рачIана дов кIиявго чи къватIиве виччаян лъазабизе.

36 Павелида аскІове вачІун туснахъчияс абуна: – Судияз чагІи ритІун рачІун руго нуж къватІире риччайилан лъазабизе. Гъанже нуж берцинго нахъе а гъаниса.

37 Павелица гъезда абуна: – Рималъул гражданал рукІиналъухъги балагьичІого, судалъ хІукмуги гъабичІого, халкъалда цере рачун рухана ниж, цинги туснахъалъур тІамуна. Гъанже балъгого гъаниса яризаризе къваригІун бугин ккола. Гъелда ниж рази гъечІо. РачІинеги рачІун гъез жидецаго рачеян абе ниж гъаниса къватІире!

38 Туснахъчиясухъе ритІун рукІарал нукарзабаз судиязда бицана гъадин абулеб бугин дозилан. Гъел хІинкъана Павелги Силаги Рималъул гражданал рукІин лъараб мехалъ.

39 ТІасалъугьинаризе рачІун, гъез гъав кІиявго туснахъалъуса къватІиве вачана ва шагьаралдаса нахъе айилан гъарана.

40 Гъелин абуни, туснахъалъуса къватІире риччаралго, Лидиял бакІалде ана. Цинги, вацалгун дандчІвараб мехалъ, гъезие насихІатги гъабун, сапаралде рахъана.

**Чапарзабазул ишал 17**

1 Амфиполалдасан ва Аполлониялдасан ун гъел щвана жугьутІазул синагогаги жаниб бугеб Фессалоникаялде.

2 Цогидал бакІаздаго гІадин, синагогаялъуве ун, Павелица лъабго шамат къоялъ тІатІала жугьутІазулгун гара-чІвари гъабуна Илагьиял ТІухьдузда хъван бугелъул хІакъалъулъ.

3 Гъес гъезда бичІчІизабуна ва бихьизабуна МасихІ хвезе кколев вукІаравлъиги хваралъуса вахъине кколев вукІаравлъиги. Гъес абуна: – МасихІ ккола дица нужее жиндир хІакъалъулъ бицунеб бугев ГІиса.

4 ЖугьутІазул гІемерисел, гъезда божун иманалде рачІун, Павелидеги Силадеги цолъана. Иман лъуразда гъорлъ цІикІкІунисел рукІана гъединго Аллагьасе гІибадат гъабулел грекалги, дагьал рукІинчІо къадру-къимат бугел руччабиги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Гьезда жахIда ккарал жугьутIаз, базаркъотIноре ун квешалщинал
гIадамал ракIарун, шагьаралда багъа-бачари лъугьинабуна. Ясонил
бакIалде рачIун гьез тIалаб гьабулеб букIана Павелги Силаги жидехъе
кьеян.

6 Гьенир гьел ратичIеб мехалъ, Ясонги гьенир рукIарал цо-цо вацалги
шагьаралъул бутIрузухъе рехъерхъана. ГIадамаз ахIулеб букIана: – Гьел
руго тIолабго дуниял бегуниса бахъарал чагIи! Гьале гьанже нилъер
гьаниреги рачIун руго.

7 Гьав Ясоница гьел жиндихъего гьоболлъухъ рачун рукIана. Гьел
киналго къайсарасул къануналда дандечIун руго. ГIисайилан цоги
парччахI вугилан абулеб буго гьез!

8 Гьеб хабаралъ халкъалъулги шагьаралъул бутIрузулги рахIат
хвезабуна.

9 Гъоркьлъалие гIарацги лъезабун, нахъе риччана гьез Ясонги цогидал
муридалги.

10 Павелги Силаги гьеб сордоялъго Бероялде ритIана вацаз. Гьенире
щведал гьал ана жугьутIазул синагогаялъуре.

11 Фессалоникаялда ругездаса лъикIал ратана гьенир жугьутIал.
МухIканго гIенеккана гьел гьазул рагIухъ. Гьазул хабар ритIухъаб
бугищали лъазе щибаб къоялъ Илагьиял ТIухьдул цIализе лъугьана гьел.

12 Гьазда божана гIемерисел жугьутIал, иман лъуразда гъорлъ дагьал
рукIинчIо къадру-къимат бугел греказул руччаби, гIезегIан рукIана
бихьиналги.

13 Павелица Аллагьасул рагIи Бероялдаги тIибитIизабулеб бугилан
рагIидал, Фессалоникаялдаса жугьутIаз, гьениреги рачIун, шагьаралъул
халкъ гьезда данде гьусун тIамулеб букIана.

14 Гьеб параялъго вацаз гамида рекIине ральдал рагIалде витIана Павел.
Силаги Тимофейги гьенирго чIана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

15 Павел тIовитIизе ун рукIарал гIадамал, Афиниялде гьевги щвезавун, хехго жинда тIаде щвайилан Силахъеги Тимофейихъеги гьесул ругьелги босун, тIадруссун рачIана.

16 Силаги Тимофейги рачIинегIан Афиниялда чIун вукIарав Павелил цIакъ ракI бакъвана гьеб шагьаралда гьересиаллагьзабазул гIемерал суратал рихьун.

17 Синагогаялъуве лъугьун гьес гара-чIвари гьабулаан жугьутIазулгун ва Аллагьасе гIибадат гьабулел греказулгун. Щибаб къоялъ базаркъотIнове ун, гьенир ратаразеги бицунаан Павелица хабар.

18 Гьенир Павелида ратана цо-цо философал – Эпикурил рахъ ккуралги стоикалги. Гьезул цояз абулеб букIана гьав чIандачиясе бицине бокьараб жогIаги щибдайилан. Цогидаз абулеб букIана чияр аллагьзабазул дин тIибитIизабулеб бугин гьесилан. Гьедин абиялъе гIиллалъунги ккана Павелица ГIисалги гьев хваралъуса вахъиналъулги бицунеб букIин.

19 Ареопаг абулеб мажлисалде вачун, Павелида гьез абуна: – Нижее лъазе бокьун буго кинаб гIелмуялъул дуца бицунеб бугебали.

20 ЦIакъ хIикматаб хабар рагIулеб буго нижер гIундузда, гьединлъидал гьелъул магIна лъазе бокьун буго.

21 (Афиниялъул халкъги къватIиса рачIарал апарагзабиги рукIунаан цIия-лъияб хабаралъул бицун накъиталда заман инабулел.)

22 Мажлисалда цевеги чIун, Павелица абуна: – Я, Афиниялъул гIадамал, дида бихьулеб буго нуж сундулъго цIакъ диниял чагIи ругеблъи.

23 Шагьаралъул къватIахъ тирулаго гIемерал хириял бакIал ратана дида гьенир. ХIатта, «Щивали лъаларев аллагьасе» абун хъвай-хъвагIай гьабураб къурбан хъолеб бакIцин бугоан. Гьеле гьев, щивалицин лъалев гьечIониги, нужеца тIагIат гьабулев Аллагьасул динин дица тIибитIизабулеб бугеб.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

24 Гьев вуго гьаб дуниялги дуниялалда бугебщинабги бижарав Аллагь.
Зоб-ракьалъул БетIергьан вугелъул, инсанасулквераз рахъун чIезарурал
кIалгIабазда жанив чIоларо гьев.

25 Яги инсанасул квераздалъун жиндие хъулухъ гьабизе ккаравги гуро
Аллагь. Киданиги щибниги хIажалъуларо гьесие. Гьесин киналъего
гIумруги, хIухьелги, цогидабщинабги кьолеб.

26 Аллагьас тIоцеве цохIо чиясдасан лъугьинаруна дуниялалда ругел
киналго халкъал. Щибаб халкъалъе болжалги ва чIезе бакIалъе
гIорхъалабиги рихьизаруна.

27 Аллагьас гIадамазе рес кьуна гьев валагьизе, гьев вукIин гьезул
ракIалъ бицине ва гьезда гьев Аллагь ватизеги. Нилъер щивав чиясдаса
рикIкIад гьечIелъулха гьев Аллагь.

28 Гьесдалъун чIаго руго нилъ, гьесдалъун рахъун чIун руго нилъ,
гьесдалъун гIумру гьабулеб буго нилъеца. Гьелъул хIакъалъулъин нужер
цо шагIирас гьадин хъван букIараб: «Нилъ киналго Гьесул Лъимал
ругелъул...”

29 Гьедин Аллагьасул лъималлъун нилъ кколеб мехалъ, нилъеца
бегьилищ меседалдасан, гIарцудасан, яги ганчIидасан лъугьинабураб жо
илагьияб бугилан абизе, гьеб кинабго бугелъул устарасул квералъ
гьабураб ва гьесул бетIералъ ургъараб жо.

30 Нилъ жагьиллъуда ругеб заманаялда ккара-тараб Аллагьас нилъер
гIайиблъун рикIкIунеб гьечIо. Амма гьанже гьес амру гьабулеб буго
киса-кирего киналго гIадамал кантIун жинде руссаян.

31 Жинца тIаса вищарав Чиясдалъун тIолго гIаламалъе ритIухъаб суд
гьабулеб къо чIезабун бугила. Гьелда нилъер ракIчIезе гIолойила жинца
гьев хваралъуса вахъинавурав.

32 Хваралъуса вахъинавиялъул Павелица рехсей гьабидал, цо-цояз гьев
гIад-хочI гьавуна, цогидаз абуна гьелъул бицине цоги нухалъ
вачIайилан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

33 Павел гьезул мажлисалдаса нахъе ана.

34 Амма гьесул рахъ ккун иман лъурал гIадамалги ккана. Гьезда гъорлъ
рукIана мажлисалдаги гIахьаллъулев Дионисий абулев чи, Дамар абун
цIар бугей чIужугIадан ва цогидалги.

**Чапарзабазул ишал 18**

1 Цинги Павел Афиниялдаса Коринфалде ана.

2 Гьенив гьасда ватана Понталдаса Аквила абун цо жугьутIав. Рималдаса
киналго жугьутIал нахъе гьейилан бахъараб Клавдий къайсарасул
буюрухъги тIубазабун, жиндирго чIужу Прискиллагун цадахъ
Италиялдаса гочун вачIун вугоан гьев. Гьезухъе ваккизе ана Павел.

3 Жанир гIадамал чIолел чадрал гьарун бетIербахъарал чагIи ратана гьел
рос-лъади. Гьебго махщелалъул чи Павелги вукIиндал, гьезда цадахъ
хIалтIизе лъугьана гьавги.

4 Щибаб шамат къоялъ синагогаялъуве ун, жугьутIалги грекалги мукIур
гьаризе кIвелародайилан, гьелгун гара-чIварулаан Павел.

5 Силаги Тимофейги Македониялдаса гьенире рачIараб мехалъ, вагIза-
насихIаталда тIадчIана Павел, гьев ГIиса хIакъикъаталдаги МасихI
вугилан жугьутIазда бичIчIизабизе.

6 Амма, дандечIун, Павел какулев вукIана жугьутIаз. Гьединлъидал,
жиндирго ратIлидаса хIурги кIутIун, гьес абуна: – Нуж хвалде иналъул
гIайибиял нужго руго. Дида гIайиб гьечIо. Гьанже дун цогидал
халкъазухъе ана.

7 Цинги синагогаги рехун тун, гьев вахъана Аллагьасе гIибадат гьабулев
Титий Юст абулев цо чиясул гьениб аскIобго букIараб минаялъуве.

8 Синагогаялъул бетIер Криспицаги гьесул рукъалъул агьлуялъги
ТIадегIанав ГIисаде иман лъуна. Гьенир Павелихъ гIенеккарал
Коринфалдаса гIезегIанго чагIаз иман лъуна ва лъадалъ ччун
рахъизаруна.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

9 Цо сордоялъ илгьам лъугьун ТIадегIанас Павелида абуна: – Мун
хIинкъуге! ВуцIцIун чIечIого, вагIза-насихIат гьабе.

10 Дун дуда цадахъ вукIин лъай. Гьаб шагьаралда гIемер руго дица тIаса
рищарал гIадамал. Гьединлъидал дуда аскIове къан, дуе зарал-зиян
гьабулев чи вукIине гьечIо.

11 Гьедин лъагIелгун бащдалъ гьенив чIана Павел ва Аллагьасул рагIи
тIибитIизабуна.

12 Ахая вилаяталъул наиблъун Галлион вугеб заманаялда, киналго
рекъон жугьутIал Павелида тIаде кIанцIана ва гьев судалде вачана.

13 Гьез абуна: – Къануналда данде кколареб къагIидаялъ Аллагьасе дин
гьабеян малъулеб буго гьав чияс халкъалда.

14 Павелица кIалъазе кIал ричIилалдего, Галлионица жугьутIазда абуна:
– Ле, жугьутIал, гьас цо квешлъи гьабун букIарабани яги гьасда цоги
такъсир ккун букIарабани, ритIухъаб суд гьабилаан дица гьасие.

15 Кинабалиго рагIийила, лъилалиго цIарила, нужер къанунила, – нужер
иш буго гьеб. Гьеб ишалда хурхараб суд гьабиларо дица.

16 Цинги гьес суд гьабулеб рокъоса къватIире гъуна жугьутIал.

17 Гьебмехалъ киналго синагогаялъул хIаким Сосфенида тIаде ротана
ва суд гьабулеб рукъалда цеве гьев вухизе лъугьана. Амма Галлионица я
гIин, я бер рехичIо гьезул гьеб гъалмагъиралде.

18 Гьелдаса хадубги Павелица гIезегIанго къоял рана гьенир. Цинги,
вацазе къолъикIги гьабун, гамидаги рекIун, Сириялде ана. Гьесда цадахъ
ана Прискиллаги Аквилаги. Кенхреялде щведал, гьес ботIрол рас
къунцIана. Гьеб букIана Аллагьасе назруялъул болжал лъугIараб заман.

19 Цинги гьел Эфесалде щвана. Синагогаялъуве ана Павел, гьенир
рукIарал жугьутIалгун гара-чIваризе.

20 Гьез Павелида гьарана дагьаб мехалъги гьенив жидеда аскIов
чIайилан, амма гьев разилъичIо.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

21 Гьезулгун къолъикI гьабулаго, Павелица абуна, Аллагьас хъван
батани, жив нахъеги нужехъе вачIинилан. Цинги гьев, Прискиллаги
Аквилаги гьенир тун, гамидаги рекIун, Эфесалдаса нахъе ана.

22 Къайсарияталда гамидасаги рещтIун, Иерусалималде ана. Гьениб
иман лъуразул агьлуялъе саламги кьун, Антиохиялде ана.

23 Дагьаб мехалъ гьенивги чIун, нахъе ана. Иргадал Галатиялъул ва
Фригиялъул шагьаразде щун, гьенир рукIарал муридазул иман щула
гьабизе квербакъи гьабуна.

24 Эфесалде вачIана Искандарияталдаса Аполлос абун цIакъ кIал-мацI
пасихIав цо жугьутIав. Илагьиял ТIухьдузда хъваралъул магIна лъалев
пагьмуяв чиги вукIана гьев.

25 Гьелдасаги цебе ТIадегIанав ГIисал Нух жинда бичIчIизабурав чи
вукIана Аполлос. Лъадалъ ччун рахъиялъул хIакъалъулъ ЯхIя аварагас
малъулеб букIараб гурони лъаларев Аполлосица, кIалдиб цIа ккун, цIакъ
дурусго бицунеб ва бичIчIизабулеб букIана ГIисал хIакъалъулъ кинабго
жо.

26 Синагогаялъуве лъугьун, гьес хIинкъичIого хабар бицунеб рагIидал,
Прискиллацаги Аквилацаги гьев рокъове ахIана ва дагьабги якъинго
бичIчIизабуна гьесда Аллагьасул Нух.

27 Цинги Аполлосие Ахаялде ине бокьидал, вацазул рекIее гIуна гьесул
къасд ва дора ругел муридазухъе кагъатги хъвана гьев къабул гьавеян.
Дове щведал, Ахаялда гьесдасан кIудияб квербакъи лъугьана Аллагьас
цIоб лъуразул иман щулалъиялъе.

28 Халкъалда цебе гьес цIакъаб ракIчIейгун гьереси гьарулел рукIана
жугьутIал. Илагьиял ТIухьдуздасан мисалал рачун бихьизабулеб букIана
ГIиса хIакъикъаталдаги МасихI вугилан.

## Чапарзабазул ишал 19

1 Аполлос Коринфалда вугеб заманаялда, мугIрузда ругел вилаятаздеги
щун, тIадвуссун Эфесалде вачIана Павел. Гьенир ратарал цо дагьалго

муридазда 2 гьикъана гьес: – Иманалде руссараб мехалъ Илагьияб РухI
лъугьанищ нужелъе? – ян. Гьеб Илагьияб РухIалъул хIакъалъулъ жидеда
рагIизего рагIичIилан абуна гьез.

3 Кинха нуж лъадалъ ччун рахъаралилан гьикъидал, гьез абуна жал ЯхIя
аварагасул къагIидаялъ лъадалъ ччун рахъанилан.

4 Павелица гьезда абуна: – ЯхIя аварагас гIадамал лъадалъ ччун
рахъулел рукIана кантIун гьел Аллагьасде руссине. Гьес халкъалдехун
абулеб букIана жиндаса хадув вачIине вугесде, ай ГIисаде, иман
лъейилан.

5 Гьеб рагIидал гьел муридал, ТIадегIанав ГIисал цIар рехсон, лъадалъ
ччун рахъана.

6 Цинги Павелица тIад квер лъедал, Илагьияб РухI лъугьана гьезулъе.
БатIи-батIияб мацIалда кIалъазе лъана ва гьезде Аллагьасул рагIи
рещтIана.

7 Кинавниги анцIила кIигогIанасев чи вукIана гьезул.

8 Синагогаялде хьвадун, Аллагьасул ПарччахIлъиялъул хIакъалъулъ
хIинкъичIого бицун ва бичIчIизабун, лъабго моцIалъ гьезие вагIза
гьабуна Павелица.

9 Амма цо-цо гIадамал чанкIкIун чIун гIенеккулел рукIинчIелъул,
халкъалда цебе ГIисал Нух гьез какулеб букIиндал, жиндирго муридалги
рачун, гьезда аскIоса нахъе ана Павел. Цинги Тиранн абулев чиясул
мадрасаялда гьабулаан гьес щибаб къоялъ вагIза-насихIат.

10 Гьедин ана кIиго сон. Асиялда яшав гьабун рукIарал киналго
жугьутIаздаги греказдаги рагIана Аллагьасул рагIи.

11 Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун Павелил кверкдасан цIакъго чIахIиял
мугIжизатал загьирлъана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 ХIатта гьесул квербацIцI яги ретIел-хьит унаан унтаразухъе босун, ва гьездалъун унтарал сахлъулаан, гIадамазул чорхолъа нахъе унаан хъубал жундулги.

13 Цо бакIалдаса цоги бакIалде хьвадун, гIадамазул чорхолъа жундул рачахъун бетIербахъарал чагIиги рукIана жугьутIазда гьоркьор. Гьанже гьез къасд гьабуна ТIадегIанав ГIисал цIар рехсон инсанасул чорхолъа хъубаб жен бачахъизе. Гьез гьелда абулаан: – Павелица жиндир хIакъалъулъ бицунеб бугев ГIисал цIаралдалъун амру гьабулеб буго нижеца дуе гьев чиясул чорхолъа нахъе аян.

14 (Гьел рукIана Ягьудиязул цо кIудияв кашиш Скевал анкьавго вас.)

15 Гьеб хъубаб женалъ гьезда абуна: – Дида ГIисаги лъала, Павелги лъала щив чияли, амма нуж щал кколел?

16 Цинги гьеб хъубаб жен чорхолъ бугев чияс, тIадги речIчIун, гьел гIодор тIамуна. Лъукъ-лъукъун тату хварал гьел, тIад ретIелги гьечIого, тIуризе ккана гьеб рокъоса къватIире.

17 Эфесалда рукIарал киналго жугьутIаздаги греказдаги рагIана гьеб хабар. Кутакаб хIинкъи лъугьана гьеб халкъалъул рекIелъе. ТIадегIанав ГIисал цIаралъе рецц гьабуна гьез.

18 Гьезул гIемерисез иман лъуна, Павелихъе рачIун, жидерго хъубал ишал рехсон, тавбу гьабуна.

19 ГIемерал сихIручагIаз жидерго тIахьал, гIадамазда рихьулеб бакIалде росун, рухIана. Гьедин рухIарал тIахьазул багьа чIезабураб мехалъ, кIикъоялда анцIазарго гъурущалде бахунеб батана гьеб.

20 Гьедин ТIадегIанасул къудраталдалъун тIибитIулеб ва щулалъулеб букIана Аллагьасул рагIи.

21 Гьединал лъугьа-бахъиназдаса хадуб, Илагьияб РухIалъ малъун, Павелица хIукму гьабуна Македониялъул ва Ахаялъул ракьалдасан Иерусалималде ине. Гьес абуна: – Цин цо дове щвела дун, цинги дида Рим бихьизе ккола, – ян.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

22 Жиндирго кIиго кумекчи – Тимофей ва Эраст гьес Македониялде цере
ритIана, живгойин абуни, дагьаб заманаялъ Асиялдаго чIана.

23 Гьеле гьеб заманаялда лъугьана ТIадегIанасул Нухалда дандечIараб
кIудияб питна.

24 Деметрий абун цо гIарцул устар вукIана гьенив. Артемида
аллагьалъул хIурматалда бараб храмалда рельлъарал гIисинал храмал
гьарун ричулаан гьес. Гьесул гьеб даран-базаралъул кутакаб хайир-
пайда букIана цогидал устарзабазеги.

25 Гьел устарзабиги ва гьесулалда рельлъараб цогидаб махщелалъул
гIадамалги данде ракIарун, гьес абуна: – ГIенеккея, нужеда лъала
нилъер магIишат гьаб даран-базаралда бараб бугеблъи.

26 Гьанже нужеда бихьулеб ва рагIулеб буго гьадав Павелица, жиндаго
божизабун, къосинабулеб бугеблъи, Эфесалда гуребги, тIолабгоялде
гIунтIун Асиялда бугеб халкъ. Гьес абулеб буго, инсанасул квераздалъун
гьарурал аллагьзаби – гьел аллагьзабилъун кколарилан.

27 Гьедин нилъер махщел какун квешаб цIар чIвазе букIин гуребги,
гьелдалъун хIинкъи буго нилъер кIудияй аллагь Артемидал храм щибго
гуреб бакIлъун рикIкIинилан ва тIолабго Асиялдаги ва тIолабго
дуниялалдаги халкъаз жиндие бетIерчIвалей гьей аллагьалъул цIар
гьанже гIадин кIодо гьабиларилан.

28 Гьебмехалъ устарзаби ццидаца гьалаглъун ахIдезе лъугьана: – Нижер
Эфесалъул Артемида кIудияй аллагь йиго! – ян.

29 ТIолабго шагьаралда багъа-бачари лъугьана. ГIадамазул цо къокъаялъ
ккуна Павелида цадахъ гьеб сапаралда рукIарал Македониялдаса Гайги
Аристархги. Цинги киналго рекерулел рукIана данделъаби тIоритIулеб
бакIалде.

30 Гьеб халкъалда гьоркьове лъугьине бокьун букIана Павелие, амма
муридаз виччачIо.

31 Асия вилаяталъул цо-цо чIухIби-хIакимзабазги, – Павелил гьудулзабиги рукIиндалха гьел, – гьесда аскIоре чагIи ритIун рачIана театралде унгейилан абун.

32 Гьеб заманаялда цояс гьадин ахIун, цогидас додин ахIун, кутакаб гъалмагъир лъугьана гьениб. Гьезул гIемерисезда лъалебцин букIинчIо щай жал гьенире ракIарун ругелали.

33 Гьале цо-цо гIадамаз цеве цун вачIана жугьутIаз кIалъазе тIамурав Александр абулев чи. ГIенеккейилан, кверги борхун, Александр халкъалда цеве жидеда гIайиб гьечIилан кIалъазехъин вукIана.

34 Амма гьев жугьутIав вукIин лъайдал, цого гьаракьалъ кIиго сагIатгIанасеб мехалъ ахIана гьез: – Нижер Эфесалъул Артемида кIудияй аллагь йиго! – ян.

35 Цеве вахъун, шагьаралъул гIелас, гьелги гIодоре риччазарун, абуна: – Ле, Эфесалъул гIадамал! КIудияй Артемидал храмги зодисан рещтIараб гьелъул суратги цIунулел гIадамал нуж ругеллъи лъаларев чи щив вугев?

36 Гьелда дагIба базе бакIги гьечIеб мехалъ, гIодоре риччазе ккела нуж. Сундулъго хехдари рекъоларо.

37 Гьанире нужеца рачун рачIарал гьал чагIаз храмалъуб цIогьги гьабичIо, нилъер аллагь какараб рагIиги гьазул кIалдиса къватIибе бачIинчIо.

38 Деметрийил ва цогидал устарзабазул лъидехунниги дагIба бугеб батани, гьеб тIубазе тIадаб судги буго, наибзабиги руго. Гьезухъе гIарзалъ ине риччай.

39 Гьелдаса батIияб суал нужер бугеб батани, къануналда рекъон, ахIун дандельигун, гьениб тIубазе ккела.

40 Щибго гIиллаго гьечIого гьаб гъалмагъир нилъеца гьабидал, ургъунго питна багъаризабун бугилан, нилъеда гIайиб чIезабиялда хIинкъи буго. Щай гьанире ракIараралилан гьикъани, кьезе жаваб гьечIогури нилъер.

41 Гъединги абун, халкъ бикьа-биххизабун нахъе битIана гьес.

**Чапарзабазул ишал 20**

1 Халкъалъул гьеб ахIи-хIур лъугIараб мехалъ, жиндихъего ахIун
муридазе насихIатги гьабун, къолъикIги гьабун, Павел Македониялде
ана.

2 Гьел вилаятаздасан унаго, халкъалъе гIемераб насихIаталъул хабарги
бицунаго, гьев Грециялде щвана.

3 Гьениб лъабго моцIги бан, гамида рекIун, Сириялде ине къачIараб
мехалъ, Павелида лъана жугьутIаз жиндие квешлъи гьабизехъин букIин.
Гьединлъидал гьес хIукму гьабуна Македониялдасахун тIадвуссун ине.

4 Гьесда цадахъ ана Бероялдаса Пиррил вас Сопатр, Фессалоникаялдаса
Аристарх ва Секунд, Дербиялдаса Гай, Тимофей ва Асиялдаса Тихикги
Трофимги.

5 Цере ун гьел ниж рачIинегIан Троадаялда чIун ратана.

6 Нижин абуни, РеччичIел Панкъазул Байрамалъул къоял инегIанги чIун,
гамида рекIун Филиппиялдаса къватIире рахъана, щуго къоялдасан
гьезда тIаде щвана ва цо анкь гьениб рехана.

7 Цо гьатIан къоялъ бекун чед кваназе данделъана ниж, цинги вацалгун
гара-чIваризе лъугьана Павел. Нахъисеб къоялъ къватIиве вахъине
къачIарав Павелица сордо бащалъизегIан бицана хабар.

8 Ниж данделъараб тIасарокъор рекIун рукIана гIемерал чирахъал.

9 ГортIа гIодов чIун вукIарав Эвтих абун цIар бугев цо гIолохъанчи,
Павелил хабар халалъидал, кьижун ккана. Кьижухъего гьев лъабтIалаяб
ригьалъул рагьараб гордухъан къотIнове вортун ана. Рекерун ун хал
гьабидал, хун ватана нижеда гьев.

10 Гьоркье вачIун Павелица гьев, гъуждулги ккун, тIаде ворхизавуна ва
каранде къана. Цинги гьес абуна: – Воре, нуж къварилъахъдуге, гьасул
рухI бахъун гьечIо, – ян.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Нахъеги тIасарокъове вахун, бекун чед кванана Павелица, хъахIлъи
рехизегIан гьезулгун хабар-кIалалдаги вукIун, сапаралъ вахъана гьев.

12 Дов гIолохъанчиги, расги лъугьинчIеб гIадин, тIаде вачана ва киналго
гьелдаса цIакъ рохана.

13 Цинги, гамида рекIун, ниж цереккунго Ассалде ана. Нижеда ракIалда
букIана гьениса Павелги цадахъ вачине, гьес абун букIана жив гьениве
лъелго вачIинилан.

14 Ассалда Павел нижеда дандчIвараб мехалъ, гьевги вачун, гамидаги
рекIун, Митиленаялде ана.

15 Гьенисаги гамида рекIун ун, нахъисеб къоялъ Хиос чIинкIиллъиялъул
хьолбохъан лъедон, цоги къоги нухда бан, Самосалде щвана ва хадусеб
къоялъ Милеталда рещтIана.

16 КIикъоялда анцIабилеб къоялъул байрам тIаде гIунтIилалде
Иерусалималде щвезе бажарилародаян гIедегIун вукIиндал, Асиялда
заман инабичIого рорчIизе гIоло, Эфесалде жанире лъугьинчIого ине
хIукму гьабуна Павелица.

17 Милеталдаса Эфесалде чи витIун, гьес иман лъуразул агьлуялъул
бутIрул жиндихъего ахIана.

18 РачIун гьел тIаде щведал, Павелица гьезда абуна: – Асиялъул ракьалда
дица тIоцебе хIетIе чIаралдаса нахъе дун нужгун цадахъ вукIаравлъи
лъала нужеда.

19 Дирго хIеренлъи-хIалимлъиялда бадиса магIу чвахулаго ва, дида
дандечIарал жугьутIазул питнаби цIикIкIаниги сабруги гьабун, хъулухъ
гьабуна дица ТIадегIанасе.

20 Нужее пайдаяб щибго жо бахчичIо дица нужедаса: халкъалда цеве
вахъунги щибаб къавулъе лъугьунги вагIза-насихIат гьоркьоса къотIизе
течIо.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 ЖугъутIаздаги греказдаги, дунго нугIлъун чIун, дица бичIчIизабуна
кантIун Аллагьасде руссаян ва нилъер ТIадегIанав ГIисаде иман лъеян.

22 Гьале гьанже Илагьияб РухIалъ Иерусалималде ине гьесизавулев вуго
ва гьениб щиб дир ккелебалиги лъаларо.

23 Амма кинаб шагьаралде дун щваниги, Илагьияб РухIалдасан илгьам
лъугьунеб буго Иерусалималда дида рахсал разе ругилан, дие гIазаб-
гIакъуба букIине бугилан.

24 Дирго гIумру хиралъун гуро дун кIалъалев вугев. Дица байбихьараб
иш рагIалде бахъинабун ва ТIадегIанав ГIисаца кьураб тIадкъай
тIубазабун, ай Аллагьас нилъеда цIоб лъун бугилан Рохалил хабар
бицун чIалде щвезе бокьун буго.

25 Гьанже дида лъала дица Аллагьасул ПарччахIлъи тIаде гIунтIун
букIин лъазабурал нужеда дун тIокIав вихьизе гьечIевлъи.

26 Гьединлъидал жакъа дица лъазабулеб буго, нужеда гьоркьоса цониги
чи хвасарлъичIого хутIани, гьелъул гIайиб дида гьечIилан.

27 Щайилан гьикъани, щибго бахчичIого дица нужеда бичIчIизабуна
Аллагьасул амру.

28 Воре, нужго цIуне! ГIисаца жиндирго биги тIун босараб ва Илагьияб
РухIалъ нужеда тIадкъараб Аллагьасде иман лъуразул агьлуги, вехьас
гIиял рехъен гIадин, цIуне нужеца.

29 Дида лъала дун нужеда аскIоса нахъе араб мехалъ, хъантIарал бацIал
рачIун, нужер гIиял рехъабазда гьел гурхIизе гьечIеллъи.

30 Нужеда гъорлъги рахъина, муридал жидедаго хадур цIазе бокьун, гьел
мекъи ккезаризе гаргадулел гIадамал.

31 Гьеле гьездаса цIунун чIа нуж. РакIалда чIезабе лъабго соналъ дица
къасиги къадги беразул магIу тIун гIодилаго нужеда гьаранщинабги
малъанщинабги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

32 Гьанже дица нуж ТIадегIанасда божун толел руго ва дир хьул буго
гьесул цIобалъ нуж рехун теларилан. Гьесда кIола нужее
къваригIанщинаб кьезе ва, Аллагьас тIаса рищаразего гIадин, нужееги
ирс насиб гьабизе.

33 Дица лъидасаниги тIалаб гьабичIо я гIарац, я хирияб ретIел-тIех.

34 Нужеда лъала диеги дида цадахъ рукIаразеги къваригIара-тараб жо
дица гьал дирго кверал квалквадун балагьараблъи.

35 Дица сундулъго нужедаги бихьизабуна дун гIадин нужги хIалтIизе
кколеллъи, загIипазе кумек гьабизе кколеблъи ва «Босаралъулъалдаса
кьуралъулъ баркат цIикIкIараб буго», – ян ТIадегIанав ГIисаца абурал
рагIаби кIочон тезе бегьулареблъи.

36 Гьединги абун, киназдаго цадахъ суждаялда чIун, дугIа гьабуна
Павелица.

37 ГIодун магIу тIолаго, гьесда тIад хурхана, каранде къан, гьесда убачал
гьаруна.

38 ТIокIав киданиги нужеда жив вихьизе гьечIилан абурал гьесул
рагIабаз хасго къварид гьаруна гьел. Цинги гамиде нуха регIана гьез
Павел.

**Чапарзабазул ишал 21**

1 Гьезулгун къолъикIги гьабун, гамида рекIун ниж битIун Кос
чIинкIиллъиялдехун ралагьун ана. Нахъисеб къоялъ щвана Родосалде,
гьениса Патараялде ана.

2 Гьениб батана Финикиялдасахун ралъад къотIун унеб гама. Гьелде
рахана ниж.

3 Кипр чIинкIиллъи бихьараб мехалъ, гьебги квегIаб рахъалдехун тун,
Сириялде ана ва Тиралда рещтIана. Гамидаса юк бахъизе кколеб букIана
гьениб.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

4 Гьенир муридал ратун, гьезда аскIоб цо анкь рехана. Илагьияб РухIалъ
малъун, гьез Павелида абулеб букIана Иерусалималде унгейилан.

5 Гьеб нижер анкь индал, къватIире рахъана ниж. Жидерго лъудбигун,
лъималгун шагьаралдаса къватIире ниж тIоритIизе рачIана муридал, ва
ралъдал рагIалде щведал, нижеца суждаялда чIун дугIа гьабуна.

6 Цоцазе къолъикIги гьабун, нижги гамиде рахана, гьелги тIадруссун
ана.

7 Тиралдаса рахъун арал нижер сапар Птолемаидаялда лъугIана. Вацазе
саламги кьун, гьезда цадахъ цо къо гьениб бана.

8 Нахъисеб къоялъ лъелго сапаралде рахъун, Къайсарияталде щвана.
Иерусалималда тIаса вищун вукIарав анкьгоясдасан цояв – Филипп –
гьенив ватун, гьесда рещтIана. Гьев вукIана Рохалил хабар лъазабулев
чи.

9 Рос-рукъалде яхъинчIейункъо яс йигоан гьесул, ункъалъего Аллагьас
кашпу-карамалъиги кьун бугоан.

10 ГIезегIанго къоял рана гьенир нижеца. Гьеб заманаялда Ягьудиялдаса
Птолемаидаялде вачIана кашпу-карамалъи бугев цо Агаб абулев чи.

11 Нижехъе вачIун Павелил рачелги босун, жиндирго бохдулги квералги
рухьана гьес. Цинги абуна: – Илагьияб РухIалъ абулеб буго гьаб
рачелалъул бетIергьан Иерусалималъул жугьутIаз гьадин вухь-вухьун
рехилин ва гьев мажусиязул квердеги кьелин абун.

12 Гьеб рагIидал нижги гьеб ракьалъул гIадамалги Павелида гьардезе
лъугьана Иерусалималде унгейилан.

13 Гьебмехалъ Павелица нижеда абуна: – Щай нуж гIодулел? Щай нужеца
дирги ракI бакъвазабулеб? Вухь-вухьун рехияли щиб гурин, ТIадегIанав
ГIисае гIоло Иерусалималда хвезеги разияв вуго дун.

14 Гьев мукIур гьавизе кIвечIелъул, руцIцIун чIана ниж БетIергьанас
хъвараб лъугьинилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

15 Цо чанго къоялдасан къайи-цIаги къачIан, ниж Иерусалималде ине
къватIире рахъана.

16 Къайсарияталдаса цо-цо муридалги рилълъана нижеда цадахъ. Гьез
ниж щвезаруна тIоцересел муридаздасан цоявлъун кколев Кипралдаса
Мнасонил бакIалде ва гьесда рещтIана.

17 Иерусалималде щведал, вацал рохана ниж рачIиналдаса.

18 Нахъисеб къоялъ Павел, нижги рачун, Якъубил бакIалде вилълъана.
Гьенире рачIана киналго диниял бутIрул.

19 Павелица гьезие салам кьуна ва жиндир ишалдалъун Аллагьас
цогидал халкъазда гьоркьоб гьабунщиналъул хIакъалъулъ щибго
гьоркьоб течIого мухIканго бицана.

20 Гьеб рагIидал, киназго Аллагьасе рецц гьабуна. Цинги гьез Павелида
абуна: – Балагье, вац, гьанир жугьутIазда гьоркьоса ГIисаде иман лъурав
аза-азар чи дудаго вихьизе. Гьез киназго кьуричIого цIунула Мусал
къанунал.

21 Дур хIакъалъулъ гьазда бицун буго дуцадила, цогидал халкъазул
ракьалда ругел жугьутIазда абунги малъунги бугила Мусал диналъе
хилиплъизе бегьулин, васазе сунат гьабичIониги гIолин ва нилъер
гIадатал цIунизе кколарин.

22 Гьанже щибха нилъеца гьабизе кколеб? Гьазда лъачIого хутIиларо мун
вачIун вугевлъи.

23 Гьединлъидал цо нижеца малъараб жо гьабе дуца: гьанив нижеда
гьоркьов вуго Аллагьасе назруялъул гIадат цIунун чIарав ункъо чи.

24 Гьелги цадахъ рачун ун, дуцаги тIубазабе ботIрол рас къунцIизе гьезие
изну щолеб рацIцIалъизариялъул гIадат. Гьезие гIологи гIарац дуцаго
кье. Гьебмехалъ киназдаго лъала дур хIакъалъулъ бицунеб бугебщинаб
мекъи букIин, мунги Мусал къануналда рекъон хьвадулев чи вукIин.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

25 Иманалде руссарал цогидал халкъазул рахъалъин абуни, нижеца хIукмуги гьабун, гьезухъе кагъат битIун инчIищ гьересиаллагьзабазе къурбан гьабураб квенги кунгеян, биги гьекъогеян, гъанкъун хвезабураб хIайваналъул гьанги кунгеян ва хъахIбалъиги гьабугеян.

26 Гьедин нахъисеб къоялъго гьев ункъавго чиги вачун ун, Павелица рацIцIалъизариялъул гIадат тIубазабуна. Цинги Мукъадасаб Рокъове лъугьун, гьес лъазабуна рацIцIалъиялъул болжал кида лъугIизе бугебали. Гьеб болжал лъугIараб къоялъ гьезул щивасдаса къурбан хъвезе кколаан.

27 Гьеб иш лъугIулеб бугеб мехалъ, Мукъадасаб Рокъов гьев вихьана Асиялдаса рачIарал жугьутIазда. Гьез халкъалда гьоркьоб багъа-бачари лъугьинабуна ва тIад речIчIун Павелги ккуна.

28 – Я, вацал жугьутIал! – ан ахIулеб букIана гьез. – Кумек гьабе нижее. Гьас киса-кирего гIадамал тIамулел руго нилъер халкъалдаги, нилъер къануналдаги, нилъер хирияб гьаб рукъалдаги дандечIезе. ХIатта гьес, грекалги жанире рачун, нилъер гьаб хирияб бакI хъублъизабуна.

29 Гьедин абиялъе гIиллаги букIана: Эфесалдаса Трофим вихьун вукIун вуго гьезда дагьав цевегIан шагьаралъул къотIносан Павелида цадахъ унев. Гьев Трофим жиндаго цадахъ Мукъадасаб Рокъовеги вачун вукIун ватилилан ккун буго гьезда.

30 ТIолабго шагьаралда багъа-бачари лъугьана. Кисанго рекерун рачIун гIадамазул кIудияб руккел лъугьана. Кквезеги ккун, гьез Павел Мукъадасаб Рокъоса къватIиве вехьерхьана, ва гьебсагIат кавуги рахана.

31 Гьез Павел чIвазехъин вугеб мехалъ, рагъухъабазул азарилбетIерасда рагIана тIолабго Иерусалималда гьалмагъир ккун бугилан.

32 ГьебсагIат гьев, рагъухъабиги нусилбутIрулги рачун, гьениве вортана. АзарилбетIерги рагъухъабиги рачIунел рихьун, Павел вухулел рукIарал гIадамаз гьев живго тана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

33 Гьебмехалъ аскIове ун, азарилбетIерас Павел нахъе вачана, кIиго
рахасги бан вухьейилан буюрухъ кьуна. Цинги гьел гIадамазда гьикъана
гьав щивилан, гьас гьабураб щибилан.

34 Гьеб халкъалъул руккалилъ цояс гьадин ахIун, цояс додин ахIун,
гьезул хъуй-хъаялъ щиб-кин ккарабали бичIчIизе кIвечIеб мехалъ,
азарилбетIерас буюрухъ кьуна Павел хъалаялъуве вачейилан.

35 Болъодухъа тIаде Павел вачунаго, тIаде гурун бачIараб халкъалъул
руккелалдаса цIунизе, рагъухъабаз кодов ккун восизе ккана гьев.

36 Хадур лъугьун гIемерал гIадамаз ахIулеб букIана гьев тIагIинавизе
кколилан.

37 Хъалаялъул кавудухъе щведал, Павелица азарилбетIерасда абуна цо
кIалъазе бегьилищилан. – Дуда греказул мацIищ лъалеб? – ан гьикъана
гьес.

38 – Дагьаб цебегIан гъалмагъирги багъаризабун, ункъазарго хъачагъгун
авлахъалде лъутун арав Мисриялдаса чи гуревищха мун?

39 Павелица абуна: – Дун вуго Киликиялъул Тарсалдаса жугьутIав, гьеб
машгьураб шагьаралъул гражданин. Гьаб халкъалдехун хитIаб гьабун, цо
кIалъазе изну кьейилан гьарулеб буго дица дуда.

40 Гьебмехалъ изну кьедал, болъодул хIокIида чIун, кверги борхун,
халкъалдехун вуссана Павел. Киналго гIадамал сихIкъотIун чIараб
мехалъ, жугьутI мацIалда кIалъазе байбихьана гьес.

**Чапарзабазул ишал 22**

1 Гьес абуна: – Я, дир вацалги умумулги! Гьанже дихъ гIенекке нуж!
Дида гIайиб гьечIолъи чIезабизе кIалъалев вуго дун.

2 Павел жугьутI мацIалда кIалъалев рагIидал, тIубанго сихIкъотIун чIана
гьел. Гьебмехалъ гьес абуна:

3 – Дун вуго Киликиялъул Тарсалда гьавурав, гьаб шагьаралда цIаларав
жугьутIав. Гамалиэлида цеве цIалун, цIакъ мухIканго лъазаруна дица

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

нилъер умумузул къанунал. Дунги вукIана, жакъа нужго гIадин, Аллагь рази гьавизе хIаракат бахъулев чи.

4 Гьаб Нухде лъугьаразе чIваялде гIунтIунги гIазаб кьуна дицаги, бихьиналги руччабиги, ккун рачун, рахсаца рухьинаруна, туснахъалъур тIамизаруна.

5 Гьелъие нугIлъи гьабила чIахIиял кашишзабазги киналго чIухIби-хIакимзабазги. Гьезул кагъатги босун унев вукIана дун Дамаскалда ругел иман лъуразухъе, рухь-рухьун гьел Иерусалималде рачине ва гьаниб гьезие тамихI гьабизе бокьун.

6 Гьедин нухда унаго, Дамаскалде щолев вукIараб къоялъул къалъул гIужалда, тохлъукьего зобалаздасан рещтIараб нуралъ кутакалда къалъ-къалъизабуна сверухълъи.

7 Дун гIодов ккана. «Шаул! Шаул! Щай дуца дие гьаб гIазаб-гIакъуба кьолеб бугеб?» – ан ахIулеб гьаракьги рагIана дида.

8 «Мун щив, бетIерчIахъад?» – абун гьикъана дица. Гьес дида абуна: «Дун вуго дуца гIазаб-гIакъуба кьолеб бугев Назареталдаса ГIиса».

9 Дида цадахъ рукIараздаги бихьана гьеб нур. Амма дунгун кIалъалев вукIарасул гьаракь гьезда рагIичIо.

10 «Я, бетIерчIахъад! Щибха дица гьабизе кколеб?» – абун гьикъана дица гьебмехалъ. ТIадегIанас дида абуна: «ТIаде вахъун, Дамаскалде а мун. Гьениб бицина дуда дуца гьабизе кколебщиналъул хIакъалъулъ».

11 Гьеб нуралъул гвангъиялъ дир бадиса канлъи босана. Цадахъ рукIараз, квер ккун вачун, Дамаскалде щвезавуна.

12 Гьенир ругел жугьутIазда гьоркьоб къадру-къиматги бугев, къануналъеги мутIигIав цо Анания абулев чи вачIана дида аскIове.

13 Гьес абуна: «Я, дир вац Шаул! Валагье!» – ян. Гьеб лахIзаталда гьесухъ валагьидал, дир беразда канлъи бихьана.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

14 Цинги гьес дида бицана: «Нилъер умумузул Аллагьас мун тIаса вищун
вуго жиндирго амруги дуда лъазе, Аллагьасул вацIцIадав вакилги
вихьизе, гьесул каламги рагIизе.

15 Дуда бихьаралъулги рагIаралъулги бицун, киналго халкъазда гьоркьов
Гьесул нугIлъун вукIине ккола мун.

16 Гьанже сундухъ балагьун мун чIун вугев? Лъадалъ ччун вахъизавун,
гьесул цIар рехсон, дурго мунагьал чуризаре».

17 Иерусалималде тIадвуссун Мукъадасаб Рокъов какда вукIагоги
цебетIами лъугьана дие.

18 Дида ГIиса вихьана, ва гьес дида абуна: «ЛахIзаталъ чIечIого мун
Иерусалималдаса нахъе а. Гьанир божизе гьечIо дир хIакъалъулъ дуца
бицаралда».

19 Дица абуна: «Я, ТIадегIанав ГIиса! Гьазда лъала дуде иман лъурал
гIадамал дица, ккун рачун, туснахъалъур тIамулел рукIараблъи ва
синагогабазда гьел рухулел рукIараблъиги.

20 Дуе нугIлъи гьабурав Стефанил би гIодобе тIолеб мехалъ дунги
вукIана гьенив. Дица гьеб лъикIаб ишлъун рикIкIана, гьев чIвалел
рукIарал гIадамазул гIабабиги дихъе кьун рукIана цIунизе».

21 ГIисаца дида абуна: «Дица мун гьаниса рикIкIаде цогидал халкъазул
гIадамазухъе витIулев вуго. Гьезухъе а мун».

22 Гьел рагIаби Павелил кIалдиса къватIире лъугьинегIан гIенеккун чIун
букIараб халкъ нахъеги ахIдезе лъугьана: – Ракьалдаса тIагIинавизе
ккола гьев! Гьединав чи чIаго тезе бегьуларо!

23 РетIелги бихъ-бихъун балаго, хIатIикь букIараб хIурги гьаваялде
гьурщулаго, гьедин ахIделел гьел ругеб мехалъ,

24 азарилбетIерас буюрухъ кьуна Павел хъалаялъуве вачеян ва гьес щиб
гьабун букIун гьал гIадамаз гьедин ахIулеб бугебали цIалаца вухун
бицинабейилан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

25 ЦIалаца вухизе вухьунеб мехалъ, гьенив аскIов вукIарав
нусилбетIерасдехун вуссун Павелица абуна суд гьабичIого Рималъул
гражданин вухизе законалъ изну кьолебищилан.

26 ГьебсагIат нусилбетIерас, азарилбетIерасда аскIове ун, абуна: – Дуца
гьабулеб жо щиб? Гьавни Рималъул гражданин вукIун вуго, – ян.

27 АскIове вачIун, азарилбетIерас Павелида гьикъана: – Бице дида: мун
Рималъул гражданинищ? – абун. Уйилан абуна гьес.

28 НусилбетIерас гьениб абуна гьеб гражданлъи щвезе гIоло жинца
гIемераб гIарац хвезабизе кканилан. Павелицаги абуна жив эбелалъ
гьавуралдаса нахъего вугин Рималъул гражданин.

29 Гьев цIалаца вухизехъин вукIарал гIадамал нахъегIан къана.
АзарилбетIерги хIинкъана жинца вухь-вухьарав чи Рималъул гражданин
вукIин лъайдал.

30 Павелиде жугьутIаз гIунтIизабулеб бугеб гIайиб мухIканго баянлъизе
гIоло, нахъисеб къоялъ азарилбетIерасул буюрухъалдалъун чIахIиял
кашишзабиги кIудияб судалъул гIадамалги данделъана ва, тIаса
рахсалги рахъун, Павел гьезда цеве чIезавуна.

**Чапарзабазул ишал 23**

1 КIудияб судалъул гIадамазда берги речIчIизабун, Павелица абуна: – Я,
дир вацал! Жакъа къоялде щвезегIан дица Аллагьасда цебе
ракIбацIцIадго гIумру гьабуна ва кидаго гьабичIо ритIухъаб гурони иш.

2 Гьеб рагIидал кIудияв кашиш Ананияца аскIор рукIаразе амру гьабуна
гьесул кIал бухейилан.

3 Павелица гьесда абуна: – Аллагьас вухила мун, хъахIракьалъ бохьараб
къед! Мун гьанив гIодов чIун вуго къануналда рекъон дие суд гьабизе.
Дуцайин абуни, къанунги хвезабун, буюрухъ кьолеб буго дун вухейилан.

4 АскIор рукIараз гьесда абуна Аллагьасул кIудияв кашиш къабихI
гьавулев вугин дуцайилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Гьебмехалъ Павелица абуна: – Я, вацал! Гьав чи кIудияв кашиш вукIин
лъачIо дида, Илагьиял ТIухьдузда хъван бугелъул: «Дурго халкъалъул
бетIерасул хIакъалъулъ квешаб рагIи абуге», – ян.

6 Гьенир ругезда гьоркьор саддукеялги фарисеялги рукIин лъараб
мехалъ, ахIунго-ахIун абуна Павелица: – Я, вацал! Дун вуго фарисеясул
вас фарисеяв. Судалдеги дун вачун вуго къиямасеб къоялъ хварал тIаде
рахъинаризе рукIиналде хьул лъурав чи вугелъул.

7 Гьес гьедин абидал, саддукеяздаги фарисеяздаги гьоркьоб дагIба ккун,
цоцалъ рана судиял.

8 (Саддукеял божулароан я къиямасеб къоялъ хварал тIаде рахъинаризе
рукIиналда, я малаикзабазда, я жундузда. Фарисеялин абуни гьеб
киналдаго божулаан.)

9 КIудияб ахIи-хIур багъарана гьениб. ТIаде рахъун фарисеязул цо-цо
диниял гIалимзаби чIчIичIчIидизе лъугьана: – Гьав чиясулъ щибниги
квешлъи бихьулеб гьечIо нижеда. Щиб лъалеб, рухI яги малаик батила
гьесда кIалъан?

10 Гьезул дагIба-рагIи гIорхъулъа индал, гьез Павел тIутIун вазе гурилан
хIинкъун, азарилбетIерас рагъухъабазе буюрухъ кьуна гьоркье рачIун
гьев нахъе вачейилан ва хъалаялъуве щвезавейилан.

11 Нахъисеб сордоялъ вачIун, ТIадегIанав ГIисаца Павелида абуна: – Мун
къуркьуге! Иерусалималдаго гIадин, Рималдаги гьабизе ккезе буго дуца
дие нугIлъи.

12 Нахъисеб къоялъ цо-цо жугьутIаз гьедун къотIи гьабуна Павел
чIвазегIан жал я кваналарин, я гьекъеларин.

13 Гьедин Павелида дандечIаразул вукIана кIикъогоялдаса цIикIкIарав
чи.

14 ЧIахIиял кашишзабазда ва чIухIби-хIакимзабазда аскIоре ун, гьез
абуна: – Павел чIвазегIан я кваналарилан, я гьекъеларилан гьедун руго
ниж.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Нужецаги нужер судалъги азарилбетIерасда лъазабе гьеб ишалъул мухIканаб цIех-рех гьабизе бокьун бугин, Павел нужехъе вачейилан. Цинги гьаниве вачунаго нухда чIвала нижеца гьев.

16 Гьеб хиянаталъул хабар лъан, Павелил яцалъул вас хъалаялъуве ана ва кинабго Павелида бицана.

17 Гьебмехалъ аскIове ахIун гьес цо нусилбетIерасда абуна гьав гIолохъанчи азарилбетIерасухъе вачейилан, досда бицине цо хабар бугин гьасулилан.

18 Гьев гIолохъанчиги азарилбетIерасухъе щвезавун, гьес досда абуна: – Туснахъалъув вугев Павелица аскIове ахIун гьарана дида гьав гIолохъанчи духъе щвезавейилан, дуда бицине цо хабар бугин гьасулилан.

19 Кверги ккун довегIан вачун, азарилбетIерас гьев гIолохъанчиясда гьикъана дида щиб бицине дуе бокьун бугебилан.

20 Гьес бицана: – ЖугьутIаз къотIи гьабун буго, мухIканаб цIех-рехалъе къваригIун вугиланги абун, метер Павел кIудияб судалде вачине виччайилан дуда гьаризе.

21 Дуца гьезул гьариялъухъ гIин тIамуге. КIикъогоялдаса цIикIкIарав чи къачIан чIун вуго гьев чIвазе гъоркьчIелги гьабун. Гьев чIвачIого я кваналарин, я гьекъеларин гьедун руго гьел. Гьел ралагьун чIун руго дуца Павел судалде витIиялъухъ.

22 Гьелъул хIакъалъулъ лъиданиги хIухь бахъугейиланги лъазабун, азарилбетIерас нахъе витIана гьев гIолохъанчи.

23 Цинги кIиго нусилбетIерги аскIове ахIун, азарилбетIерас гьезда абуна: – КIинусго рагъухъангун, гьединго лъабкъоялда анцIго рекIаравгун ва хеч кодоб бугев кIинусго аскариявгун цадахъ Къайсариялде ине къачIай. Нуж къватIире рахъине ккола къаси сагIат ичIго тIубарабго.

24 Павел рекIине чуялги къачIай. Нухда щибго зарал-зиян ккезе течIого, Феликс сардарасухъе щвезаве гьев.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

25 Цинги гьес гьадинаб кагъат хъвана:

26 «ХIурмат тIадегIанав сардар Феликсиде салам буго Клавдий Лисийил
рахъалдасан.

27 Гьав чи жугьутIаз, ккун вачун, чIвазехъин вукIана. Рималъул
гражданин вукIин лъайдал, рагъухъабиги рачун ун, дица гьав хвалдаса
хвасар гьавуна.

28 Гьасда бугеб гIайиб-хатIа лъазе гIоло дица гьав гьезул кIудияб судалде
вачана.

29 Гьениб дие баянлъана гьасде гьез гIунтIизабулеб тIолабго гIайиб
гьезул жидерго къануналда хурхараб букIин, амма я чIвазе, яги
туснахъалъув тIамизе гIураб гIайиб гьасда тIад чIечIо.

30 Гьанже гьав чи чIвазе гьез гъоркьчIел гьабун бугилан абидал, дица
гьав духъе витIулев вуго ва гьасда дандечIаразеги амру гьабуна
гьасдасан бугеб гIарзалъ духъе айилан».

31 Буюрухъ тIубазабун, рагъухъабаз Павел гьеб сордоялъго
Антипатридаялде вачана.

32 Нахъисеб къоялъ рекIарал ана Павелги вачун Къайсарияталде,
цогидал рагъухъаби хъалаялъуре тIадруссана.

33 Къайсарияталде щведал, Павел вачун рачIарал рагъухъабаз Павелги
гьесул хIакъалъулъ хъвараб кагъатги сардарасухъе кьуна.

34 Кагъат цIалун бахъарабго, Феликсица гьикъана Павел щиб
вилаяталъул чийилан. Гьев Киликиялдаса вукIин лъайдал,

35 Феликсица абуна: – Дуде гIайиб гIунтIизабурал гIадамал тIаде щвараб
мехалъ гIенеккила дун духъ, – абун. Цинги гьес буюрухъ кьуна,
хъаравуллъиги чIезабун, Павел Гьеродил кIалгIаялъув тейилан.

## Чапарзабазул ишал 24

1 Щуго къоялдасан кIудияв кашиш Ананияда цадахъ гьенире рачIана
чIухIби-хIакимзабаздасан чанго чиги Павелиде гIайиб гIунтIизабизе


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

вачарав адвокат Тертуллги. РачӀун гьез Павелида тӀасан сардарасде гӀарз бахъана.

2 Павел вачун цеве чӀезавидал, Тертуллица байбихьана гьесда ккараб гӀайиб бицине. Гьес абуна: – Дур бетӀерчӀахъаяв Феликс, дуцаги дур тӀалаб-агъазалдалъун гьаб нижер халкъалъул гӀумруялъуль ккезарурал лъикӀал хиса-басиязгийин ниж щулияб ракълиде рачарал,

3 гьеб киналъухъго кидаго ва кибго нижер кӀудияб баркала буго дуе.

4 Цинги, гӀемер халат гьабун, дур рахӀат хвезабиларо. Гьарула дуда нижер къокъабго гӀарзалъухъ, дур сабруялда рекъон, гӀинтӀамейилан.

5 Нижее баянлъана гьав чи кӀудияв вабаалъул унти вугевлъи. Христианазул гьересияб мазгьабалъе бетӀерлъиги гьабун, гьас дуниялалда ругелщинал жугьутӀазда гьоркьоб питна багъаризабулеб буго.

6 ХӀатта гьас къасд гьабуна Мукъадасаб Рукъ хъублъизабизецин, гьенив нижеца ккуна гьав.

7 Дуцаго гьасул цӀех-рех гьабуни, якъинлъила щай нижеца гьасде гӀайиб гӀунтӀизабулеб бугебали.

9 ТӀад рекъон, цогидал жугьутӀазги абуна гьеб битӀараб бугилан.

10 КӀалъазе изну бугилан сардарас ишан гьабидал, Павелица абуна: – ГӀемерал соназ мун гьаб халкъалда тӀад къадилъун вукӀин лъалелъул, дун вохун вуго дидаго гӀайиб гьечӀолъи чӀезабун дуда цеве кӀалъалев вукӀиналдаса.

11 Иерусалималде зияраталъе дун вачӀаралдаса анцӀила кӀиго къо гурони ун букӀинчӀо. Гьелъул мухӀканлъи балагьизе кӀвела дуда.

12 Гьеб заманаялда я Мукъадасаб Рокъов, я синагогабазда, я къотӀнов ватичӀо гьазда дун щивгунниги дагӀбадулев, яги гӀадамал данделъизарулев.

13 Гьанже диде гIунтIизабулеб бугеб гIайиб тIад чIезабизе кIвезе гьечIо
гьазда.

14 Амма дуда цеве дун мукIурав вуго: гьаз гьересияб бугин абулеб
Нухдасан ун гьабула дица тIагIат нижер умумузул Аллагьасе. Гьединго
дица иман лъола къануналда бугебщиналдеги Аварагзабазул ТIухьдузда
хъварабщиналдеги.

15 Гьазул гIадин, дирги хьул буго Аллагьас муъминзабиги
мунапикъзабиги хваралъуса рахъинаризе рукIиналде.

16 Гьединлъидал дица хIаракат бахъула Аллагьасда цебеги гIадамазда
цебеги дирго яхI-намус цIунизе.

17 ГIемерал соназ къватIивги вукIун, дун Иерусалималде тIадвуссун
вачIана дирго халкъалда гьоркьоса мискин-пакъирасе садакъа кьезеги
къурбан хъвезеги.

18 Дунго вацIцIалъизавиялъул гIадат тIубазабулев Мукъадасаб Рокъов
вугеб мехалъ ватана гьазда дун. Гьениб дида аскIоб халкъалъул
руккелги букIинчIо, щибго ахIи-хIурги букIинчIо.

19 Асиялдаса вачIарав чанго жугьутIасда ватана дун гьенив. Гьеле гьел
рукIине кколаан гьанир дуда цере чIун, диде гIунтIизабизе гIайиб
бугони, гьеб дуе баян гьабизе.

20 Яги гьаз жидецаго бицине биччанте, кIудияб судалда цеве чIезавидал,
дида батараб гIайибалъул.

21 ЦохIого цохIо дица гьениб ахIана: «Хваралъуса тIаде рахъинаризе
рукIиналда дун божунилан жакъа нужеца дие суд гьабулеб бугоха!» – ян.

22 ГIисал Нухалъул хIакъалъулъ дагьаб мухIканго лъалев Феликсица
абуна, азарилбетIер Лисий вачIинегIан жинца суд нахътIамун толеб
бугилан ва гьебмехалъ гьабилин хIукмуйилан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 НусилбетIерасеги буюрухъ кьуна Павел жанив тIамизе вачеян, амма гьесие бигьалъи гьабеян ва гьесухъе раккизе рачIарал гIага-божаразеги щибго квекIен гьабугейилан.

24 Чанго къоялдасан рачIун Феликсицаги гьесул чIужу жугьутIай Друзиллацаги, жидехъего ахIун, Павелида бицинабуна МасихI ГIисал диналъул хIакъалъулъ.

25 РитIухъго хьвадизе ккеялъулги, жиндаго квелъ базе ккеялъулги, Аллагьас суд гьабизе букIиналъулги Павелица бициндал, Феликс хIинкъана. КъваригIараб мехалъ ахIилиланги абун, гьес гьев нахъе витIана.

26 ТIаде жоялъеги гьесда ракIалда букIана Павелица ришваталъе гIарац кьелиланги. Гьединлъидал гIемер ахIулаан гьес Павел жиндихъего, гьевгун гара-чIварулаан.

27 КIиго соналдасан Феликсил бакIалде сардарлъун вачIана Порций Фест. Жиндасаго жугьутIал разиго хутIизелъун, Феликсица Павел туснахъалъувго тана.

**Чапарзабазул ишал 25**

1 Гьеб вилаяталде сардарлъун тIамун вачIун лъабабилеб къоялъ Къайсарияталдаса Иерусалималде ана Фест.

2 Гьесухъе рачIун бищунго кIудияв кашишасги ягьудиязул чIухIби-хIакимзабазги Павелидасан гIарз бахъана.

3 Гьез гьарана, жидее лъикIлъи гьабун, Павел Иерусалималде вачIинавейилан. Гьезул къотIи букIана гьенив вачунаго нухда Павел чIвазе.

4 Фестица абуна Павел Къайсарияталда туснахъалъув вугилан, гьанже кватIичIого жинда гьениве ине ракIалдаги бугилан.

5 Нужер вакилзабиги рилълъине бегьилила жинда цадахъ, гьев Павелида гIайиб бугеб батани, гьелъул хIакъикъат баян гьабизе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 Иерусалималда ичIго-анцIго къогицин бачIого, Къайсарияталде
тIадвуссун ана Фест. Гьениве щун кIиабилеб къоялъго, къадиясул тахида
гIодовги чIун, гьес амру гьабуна Павел гьаниве вачейилан.

7 Павел вачун вачIана. Иерусалималдаса рачIарал ягьудияз, гьевги
сверун ккун, байбихьана гIемерал чIахIиял гIайибал гьесде
гIунтIизаризе. Амма цониги гIайиб тIад чIезабизе гIураб хIужжа гьезда
батулеб букIинчIо.

8 Живго витIарав вукIин чIезабизе Павелица абуна я жугьутIазул
къануналда, я Мукъадасаб Рокъов, яги къайсарасда дандечIун щибниги
мунагь ккечIин жиндихъайилан.

9 Амма Фестие бокьун букIана жугьутIал рази гьаризе. Гьединлъидал
гьес Павелида гьикъана: – Дур ишалда хурхун дунги гIахьаллъараб
судалъ хIукму гьабизе Иерусалималде витIизе бокьилищ дуе?

10 Павелица абуна: – Жакъа дун гьанив къайсарасул судалда цеве чIун
вуго, гьединаб къайсарасулаб судалъ къотIизе ккола дие хIукмуги.
ЖугьутIазе дица щибниги квешлъи гьабичIо. Дудаги цIакъ лъикI лъала
гьеб.

11 Дун такъсирчи ватани ва чIвазе къотIизе гIураб гIайибги дида ккун
батани, хвезе разияв вуго дун. Амма гьаз диде гIунтIизабулеб бугеб
гIайиб тIад чIезабизе кIвечIони, лъилниги ихтияр гьечIо дун гьезул
кверде кьезе. Къайсар вукIине виччай дие къадилъун!

12 Жиндирго мажлисалда дандги бан, Фестица Павелида абуна: –
Къайсар къадилъун вукIине бокьун батани, къайсарасухъе витIила дица
мун.

13 Чанго къоялдасан Къайсарияталде Фестие салам кьезе рачIана
Агриппа ханги гьесул чIужу Береникаги.

14 Гьез гьениб чанго къо бан хадуб, Фестица ханасе Павелил бицен
гьабуна: – Феликсица туснахъалъув тун цо чи вуго гьанив.


Institute for Bible Translation

15 Дун Иерусалималде щвараб мехалъ, ягъудиязул чIухIби-хIакимзабазги чIахIиял кашишзабазги бицана дида гъасул хIакъалъулъ, гъез гъарана гъасие тамихIалъе хIукму къотIейилан.

16 Амма дица гъезда абуна, жинде гIайиб гIунтIизабулевги жинца гIайиб гIунтIизабулевги данде ахIун ва жинде гIайиб гIунтIизабулесе живго цIунизе ресги кьун, суд гъабичIого чи тамихIалде цIалеб гIадат гьечIин Рималъул халкъалъулилан.

17 Дида цадахъ гьел ягъудиял гьанире рачIун нахъисеб къоялъго, нахъ бахъун течIого, дун къадиясул тахида гIодов чIана ва гьев чи судалде вачейилан амру гьабуна.

18 Амма ягъудияз бицараб жоялдасан дида бичIчIана – дун щаклъун вукIараб цониги квешлъи гьев чияс гьабун гьечIеблъи.

19 Амма гьезул бугоан жидерго диналда хурхараб дагIба-къец. Павелица чIаго вугилан чIезабулеб букIарав, цо кидаялиго хварав кинавалиго ГIисал хIакъалъулъги букIана гьезул дагIба.

20 Гьеб иш кин тIубалебали лъачIого, дица гьесда гьикъана, Иерусалималде витIун, гьенив судалда цеве чIезе бокьилищилан.

21 Императорас суд гьабизегIан гьанивго тейилан Павелица гьаридал, дица гьев Къайсариялталдаго тана, къайсарасухъе витIизе рес ккезегIан.

22 Гьев чиясухъ гIенеккизе диеги бокьилаанилан абуна Агриппаца Фестида. Фестица абуна метер рагIилин дуда гьес щиб бицунаяли.

23 Нахъисеб къоялъ чIухIараб къагIидаялъ къачIа-кIатIан Агриппаги, Береникаги, азарилбутIрулги ва шагьаралъул чIухIби-хIакимзабиги цадахъ рачун, суд гьабулеб рокъове лъугьун гIодов чIедал, Фестица амру гьабуна Павел вачун рачIайилан.

24 Цинги Фестица абуна: – Я, Агриппа хан ва гьанир ругел цогидалги! Нужеда цеве вугев гьав чиясдасан гIарз бачIун буго Иерусалималда ругелги гьанир ругелги жугьутIазул тIолабго жамагIаталъ. Гьав чIаго тезе бегьуларилангицин ахIулеб букIана гьез.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

25 Дида ракIалде ккола чIвазе къотIизе гIураб гIайиб гьасул гьечIилан.
Къайсарасул судалде витIейилан гьарулеб бугелъул, дица хIукму
гьабуна гьав гьениве витIизе.

26 Амма гьасул хIакъалъулъ щибилан бетIерчIахъаяв къайсарасухъе
хъвалебали лъаларо. Гьединлъидал дица гьав гьаниве вачана нуж
киназдаго цеве чIезе, хасго дуда цеве чIезе, Агриппа хан. Гьаниб цIех-
рехалдасан баянлъизеги бегьула къайсарасухъе щиб хъвалебали.

27 ТIад чIезабураб гIайиб бихьизабичIого, туснахъ къайсарасухъе витIизе
рекъон букIинарилан кколеб буго дида.

**Чапарзабазул ишал 26**

1 – Гьанже бицеха дурго, – ян абуна Агриппаца Павелида. Кверги борхун,
Павелица байбихьана жиндаго гIайиб гьечIолъи чIезабизе:

2 – Я, Агриппа хан! Жакъа дица талихIлъун рикIкIунеб буго жугьутIаз
диде гIунтIизабураб гIайиб битIараб гьечIеблъи чIезабизе дуда цеве
кIалъазе рес щвей.

3 Хасго дуда цIакъ лъикI лъала жугьутIазул киналго гIадаталги гьезул
рукIунел дагIба-къецалъул суалалги. Гьединлъидал гьарулеб буго дица
дуда сабруялда дихъ гIенеккейилан.

4 Киналго жугьутIазда лъала гIолохъанаб мехалдаса нахъего дирго
халкъалда гьоркьобги хадуб Иерусалималдаги кинаб гIумру дир
букIарабали.

5 Гьезда цебего лъала дун фарисеяв вукIаравлъи, ай нижер диналъул
тIалабал кьуричIого тIуразарулел рукIараблъи. Гьединлъидал, гьезие
бокьани, гьелъие нугIлъиги гьабила гьез.

6 Жакъа дун судалда цеве чIезавун вуго Аллагьас нижер умумузе гьабун
букIараб къотIи тIубаялде хьул лъурав чи вугилан.

7 Гьеб къотIи тIубазе букIиналде хьул лъун къасиги къадги тIадчIун
Аллагьасе гIибадат гьабулеб буго нижер анцIила кIиго наслуялъ. Я дир

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

хан, гьеле гьединаб хьул дирги бугилан гIайиб гIунтIизабулеб буго диде жугьутIаз.

8 Аллагьас хварал тIаде рахъинари букIунеб-лъугьунеб жоцин гурилан абураб пикру щай нужелъ бугеб?

9 Дидаги ракIалде кколаан Назареталдаса ГIисада дандечIун гIемераб жо гьабизе кколилан.

10 Дица гьедин гьабизеги гьабуна Иерусалималда, чIахIиял кашишзабаз ихтиярги кьун, иман лъуразул гIемерал гIадамал туснахъалъуре рехана дица. Гьел чIвалеб мехалъги, разияв вугилан квер борхана дица.

11 Киналго синагогабазухъе ун, чанги тамихI гьабуна дица гьезие, гьеб дин какизе тIамуна ва гьездехун букIараб ццидал кутакалъ дун тIамуна, цогидал шагьаразде унги, гьезие гIазаб-гIакъуба кьезе.

12 Гьеле гьедин чIахIиял кашишзабаз ихтиярги кьун, гьезул вакиллъун Дамаскалде унев вукIана дун.

13 Бакъул канлъиялдаса гIемерго гвангъараб нур рещтIана, хан, къалъул гIужалда зобалаздасан дидеги дида цадахъ рукIараздеги.

14 Гьебмехалъ ниж киналго гIодор ккана. Цинги дида рагIана жугьутI
мацIалда кIалъалеб гьаракь. «Шаул! Шаул! – абун ахIана гьес. – Щай дуца дие гьаб гIазаб-гIакъуба кьолеб бугеб? ГIебутIа зар базе бажариларо духъа».

15 «Мун щив, бетIерчIахъад?» – абун гьикъана дица. «Дун вуго дуца гIазаб-гIакъуба кьолеб бугев ГIиса, – ян абуна ТIадегIанас. –

16 ТIаде вахъун, вахъун чIа гьанже! Дун духъе рещтIана, мун дие хъулухъ гьабизе тIамизе, дуда бихьарабги дуда дица бихьизабизе бугебги бицине тIамизе.

17 Дица мун дурго халкъалдаса хвасар гьавила ва мун дица жидехъе витIизе вугел цогидал халкъаздасаги хвасар гьавила.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

18 Дуца гъезул беразда канлъи бихьизабила, бецIлъиялдаса канлъуде
рачина, илбисалъул къуваталдаса рорчIун Аллагьасде руссинарила ва,
мунагьал чурун, гьезиеги, дида божиялъ жал рацIцIалъарал чагIазего
гIадин, бутIа насиблъизе бугиланги лъазабила».

19 Гьединлъидал, Агриппа хан, зобалаздасан илгьам лъугьун дие
гьабураб амру тIубазабичIого чIечIо дун.

20 Цин Дамаскалда ругезда, цинги Иерусалималда ругезда ва тIолабго
Ягьудиялъул улкаялда, гьединго цогидал халкъазул гIадамаздаги
лъазабуна дица кантIун Аллагьасде руссаян ва нужер тавбу
бихxилаpeдухъ хьвадеян.

21 Гьеб сабаблъунин дун Мукъадасаб Рокъов жугьутIаз тIад речIчIун
ккурав ва чIвазехъин вукIарав.

22 Аллагьасул квербакъиялдалъун къечIо дун гьаб жакъа къоялде
щвезегIан. ГIисиналгунги чIахIиялгунги гара-чIварулаго, дица щибниги
бицинчIо Мусацаги цогидал аварагзабазги хадуб ккезе бугелъул
хIакъалъулъ цебеккунго бихьизабун букIаралдаса батIияб жо.

23 Гьез абун букIана МасихI ГIисае гIазаб-гIакъуба кьезе бугилан,
хвараздa гьоркьоса тIоцеве тIаде вахъинеги вугилан ва нижер
халкъалдаги цогидал халкъаздаги Нур бихьизе бугилан.

24 Гьедин живго вацIцIад гьавун кIалъалев Павел вугеб мехалъ, Фест
гьесде ахIана: – Павел, мун гIадаллъун вуго. ГIелмуялъул кутакалъ
бетIер сверизабун буго дур! – абун.

25 – Дун гIадаллъун гьечIо, бетерчIахъаяв Фест, – абун жаваб кьуна
гьесие Павелица. – Гьаб дир рагIи битIарабги буго, цIодорабги буго!

26 Агриппа ханасда цIакъ лъикI лъалелъул гьадинал ишазул хIакъикъат,
хIинкъичIого гьесдехун кIалъалев вуго дун. Гьаб ишалъулъ щибго
балъгояб жо хутIун батиларо гьесие, бецIаб бокIнилъ гурелъул гьеб
кинабго ккараб.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

27 Мун аварагзабазда божулевищ, Агриппа хан? Дидани лъала мун божулевлъи.

28 Гьебмехалъ Агриппаца Павелида абуна: – Дун христианавлъун лъугьинави гьедигIан бигьаяб ишиланищ дуда ккараб? Павелица абуна:

29 – Бигьа букIаниги, захIмат букIаниги, дица Аллагьасда гьарилаан цо мун гуревги, гьанир дихъ гIенеккун ругел киналго гIадамалги дун гIадиналлъун лъугьагийилан. Рахсаца вухь-вухьарав туснахълъун гуревха!

30 Гьебмехалъ ханги, гьесдаго цадахъ сардарги, Береникаги, гьенир рукIарал гIадамалги тIаде рахъун къватIире ана.

31 – ЧIвазе къотIизе яги туснахъалъув тIамизе гIураб гIайиб гьечIо гьадав чиясда, – ян абулеб букIана гьез цоцазда.

32 Цинги Агриппаца Фестида абуна: – ГьабсагIатго туснахъалъуса къватIиве виччазе бегьилаан дов, къайсарасул суд дос тIалаб гьабулеб гьечIебани.

**Чапарзабазул ишал 27**

1 Гамида рекIун Италиялде ине нижер хIукму ккедал, Павелги цогидал туснахъалги рачун витIана къайсарасул полкалдаса нусилбетIер Юлий.

2 Ральдал рагIалда ругел Асиялъул шагьаразде ине къачIан букIараб Адрамиттиялъул гамида рекIана ниж. Нижеда цадахъ вукIана Фессалоникаялдаса македонияв Аристархги.

3 Нахъисеб къоялъ ниж Сидоналде щвана. Павелида гурхIун, Юлийица гьев жиндирго гьудулзабазухъе ине виччана, гьезги Павелие къваригIара-тараб кьезе.

4 Кутакалда данде пулеб гьури бахъиндал, гьениса нижер гама Кипралъул къилбаялъул рахъалдасан ун,

5 Киликиялъул ва Памфилиялъул ракьалда бугеб ралъадги къотIун, Ликиялъул шагьар Мираялде щвана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 Гьениб нусилбетIерасда батана Италиялде унеб Искандариятальул
гама. Гьелда рекIинаруна гьес ниж.

7 Чанго къоялъ аниги, кIудияб манзилго нахъа тезе бажаричIо нижер
гамида ва хIалицаго Книдалде рорчIана. Кутакаб гьороца церехун
риччалел рукIинчIельул, Крит чIинкIиллъиялъул гьородаса цIунараб
рахъалдасан, Салмонаялъул мицIиралда цебесан бачине ккана гама.

8 ЧIинкIиллъиялъул рагIалдасан лъедон, гIемераб къоги бихьун, ахирги
щвана Ласея шагьаралда аскIоб бугеб ЛъикIаб Гавань абулеб бакIалде.

9 Гьедин гIезегIан мех индал, ГурхIиялъул къо абураб жугьутIазул
динияб байрам лъугIараб заманги букIун, хадурккун церехун лъедезе
хIинкъи бугеб хIал лъугьана.

10 Павелица абуна: – Дихъ гIенекке нуж! ТалихI къараб сапар бугин
ккола дида гьаб. Гамие ва гьелда тIад бугеб къайиялъе гуребги,
гIадамазегицин зарал ккеялда хIинкъи буго.

11 Амма нусилбетIерас Павелил гьел рагIаби гIадахъ росичIо,
капитанасдаги гамил бетIергьанасдаги божана гьев.

12 Хаселалъго гьенир чIезе санагIалъи бугеб гавань букIинчIо гьеб.
Гьединлъидал гIемериселги разилъун, хIукму гьабуна нахъеги
ралъдалъе рахъине ва Крит чIинкIиллъиялъул къилбаялъулабги
северальулабги рахъалдасан бакътIерхьуде балагьараб Финиксалъул
гаваналде рорчIуларищали хIалбихьизе, цинги хаселги гьениб тIамизе.

13 Къилбаялдасахун тIадагьаб гьури пуйзе байбихьараб мехалъ, гьезда
ракIалде ккана гьанже бугин бищунго санагIатаб заманилан. Цинги
якорьги тIаде харцIун, Критальул рагIалдасан лъедезе лъугьана нижер
гама.

14 Амма гIемер заман иналдего, чIинкIиллъиялдасахун северияб
бакъбаккул рахъалдасан гьалагаб гьури речIчIана гамида ва гьебгун
къеркьезе къуват гIечIельул, бергьараб гьороца жиндие бокьаралъубе
бачун унеб букIана нижер гама.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

16 Кавда абулеб цо гьитIинабго чIинкIиллъиялъул гьури гьечIеб
рахъалдасан ана ниж. Гьениб хIалицаго кIвана гъанкъиялда хIинкъи
бугеб мехалъ пайда босулеб раса щула гьабизе. Гамида тIаде босун,
гъоркьан рачун квараз бухьана гьеб гамида.

17 ТIадгояб бакIалда салулъ къачIого рорчIилародайилан хьулалъ,
нижеца лъадалъе биччана гама лъеда тIад чIезабулеб хасаб алат.
Гьебмехалъги гьороца цебехун хъамулеб букIана нижер гама.

18 Гьороца гама рахъ-рахъалде кьабезабулеб букIиндал, нахъисеб къоялъ
байбихьана гамида букIараб къайи ралъдалъе базе.

19 Лъабабилеб къоялъин абуни, гамие къваригIунеб тIагIел-алатги
рехана гьез жалго лъугьун ралъдалъе.

20 Чанго къоялъ нижеда я бакъул гордо бихьичIо, я цIваби рихьичIо.
Гьуриги гьалаглъулебго гьалаглъулеб букIана. Хвасарлъиялдаса хьулго
къотIана нижер.

21 Чанго къо бана щивниги кваначIелдаса нахъе. Гьебмехалъ тIаде
вахъун Павелица абуна: – ГIенекке, гIадамал! Криталдаго чIайилан
абулеб букIана дица нужеда, добмехалъ нуж дир рагIухъ гIенеккун
рукIаралани, гьаб балагьги бачIинароан, гьадинаб кIудияб заралги
ккелароан.

22 Гьанже дица нужеда гьарулеб буго къвакIун чIайилан. Нужер щивниги
хвезе гьечIо, амма гама щущан ина.

23 Дица жинде иман лъолев ва лагълъи гьабулев Аллагьасул малаик
вачIун, нолъ гьес дида абуна:

24 «Мун хIинкъуге, Павел. Аллагьас рагIи кьолеб буго мун къайсарасда
цеве чIезе вачинилан ва дуда цадахъ ругезеги дуе бокьараб ккезе
бугилан».

25 Гьединлъидал, дир гьудулзаби, нуж къвакIун чIа. Дун дирго
Аллагьасда божула. Гьес дие илгьам гьабухъе ккезе буго кинабго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

26 Цо кинаб бугониги чIинкIиллъиялде рехила нилъ карачалабаз.

27 КъватIире рахъун анцIила ункъабилеб сордоялъ Адриатикаялда гъороца добе рехун, гьанибе рехун, кьабелеб букIана нижер гама. Сордо бащалъулеб гIужалъ гамихъабазда бичIчIана ракъдаде гIагарлъулел рукIин.

28 Лъадал гъварилъи борцараб мехалъ, кIикъого метр гурони батичIо тIиналде щвезе. Цо заманаялдасан нахъеги борциндал, лъеберго метралде ккун батана.

29 Гама кьурабазда тункизе гурилан, ункъо якорь биччана тIиналде ва сордо хехго рогьагиян гьарделел рукIана.

30 Гьебмехалъ гамихъабаз къасд гьабуна гамидаса лъутизе. Гамил цебесеб рахъалдасан якорь рехизе бокьун бугиланги абун, ралъдалъе раса биччазе лъугьана гьел.

31 Амма Павелица нусилбетIерасдаги рагъухъабаздаги абуна, гьел гамида чIечIони, нилъ хвасарлъуларилан.

32 Гьебмехалъ рагъухъабаз къотIун рехана раса гамидехун бухьун букIарал кварал ва гьеб расаги лъадалъе бортун ана.

33 ХъахIлъи балеб мехалъ, Павелица киназдаго лъазабуна гьанжегIаги кваназе ккелилан. Гьес абуна: – Жакъа анцIила ункъабилеб къо буго нуж кваначIого чIун.

34 Гьединлъидал дица нужеда гьарулеб буго: цо щиб букIаниги кванай, нужерго рухI хвасарлъиялъе, нужер бутIруздаса цониги рас бортизе гьечIебин.

35 Гьединги абун, цо чед кодобе босана Павелица, цинги киназдаго рагIун Аллагьасе рецц гьабун, бекунго бекун гьеб квине лъугьана.

36 Киналго чIинкьа-кIитIун, аваданлъун лъугьана, кваназе байбихьана.

37 (Гамида тIад вукIана кинавниги кIинусиялда лъабкъоялда анцIила анлъго чи.)

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

38 Кванан рахъараб мехалъ, гьез байбихьана гамида букIараб ролъги
лъадалъе бан, гьеб тIадагьлъизабизе.

39 Рогьараб мехалъги лъачIо гьезда щиб ракь гьебали батIа бахъизе:
ралъдал цо квачIалъул рагIалда бихьулеб букIана салуца бацараб
ракъдаллъи. Гама гьенибе бачине бажаруларищали хал гьабуна.

40 Якорал, гамидаса ратIа гьарун, ралъдалъе риччана. Руль щула гьабун
букIараб кварги къотIун, гамил цебесеб рахъалда дугъ борхизабуна гьеб
сагIаталъго. Гьури жаниб багъулеб хIалалъ гьеб дугъги рекъезабун,
рагIалдехун балагьун бачана гама.

41 Амма тIадгояб бакIалде ккана. Гамил цебесеб рахъ салулъ къана,
гьанже чIахIиял карачалабаз цоцалъа бахъулеб букIана гамил нахъисеб
рахъ.

42 Гьениб рагъухъабаз хIукму гьабуна туснахъал чIван лъикIилан, лъедон
ун цонигияв гьезухъа ворчIизе гурилан хIинкъун.

43 Амма Павелил гIумру хвасар гьабизе бокьун, нусилбетIерас гьел
чIвазе риччачIо. Лъедезе лъалел чагIи, тIоцере ралъдалъе кIанцIун,
ракъдаде рорчIуларищали хал гьабеян буюрухъ кьуна гьес.

44 Цогидазе амру гьабуна хъарщазда ва гамил тIагIел-алаталда хурхун
жинда цадахъ рагIалде рахъине хIаракат бахъейилан. Гьедин киналго
ракъдаде рорчIана.

**Чапарзабазул ишал 28**

1 Ракъдаде рорчIидал, нижеда лъана гьеб чIинкIиллъиялда цIар Мальта
букIин.

2 Гьеб ракьалъул гIадамаз гIемерго лъикIаб гьоболлъи гьабуна нижее.
ЦIад балеб букIиндал, квачалелги рукIана ниж. ГьебсагIат цIаялги ракун,
хинлъизе цIадухъе рачана гьез ниж.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

3 Къвал цIун босун бачIун, хьоп-хъарахъ цIадабе балев вукIарав Павелил
кверда хIанчIана цIадул бухIиялдаса хIинкъун къватIибе шурун бачIараб
борхьица.

4 Гьесул квералда далун чIараб борохь бихьидал, гьел гIадамаз цоцазда
абулеб бугоан гьав чи чIвадарухъан ватилилан. Бихьуларищила,
ралъдалъ гъанкъиялдаса хвасарлъаниги, гьаниб ракъдадаги ритIухълъи
бергьун, гьанже гьев гIумруялдаса махIрумлъизехъин вугила.

5 ХьвагIун квергун, цIадабе бортизабуна Павелица гьеб борохь. КигIан
дагьабниги унтиги лъачIо гьесда.

6 Мальтаялъул гIадамазда ракIалде ккана гьабсагIат гьесул квер
гьоролин яги гьев хун ракьалде щапун инин. Гьесие щиб кколебали тIаса
бер босичIого ралагьун чIун рукIана гьел лъикIалан заманаялъ. Амма
щибниги лъугьинчIо гьесие. Гьебмехалъ батIияб пикру гьабуна гьел
гIадамаз: гьев аллагь вугилан тана гьез.

7 Гьениб гIагардаго букIана гьеб чIинкIиллъиялъул сардар Публийил
мина-мулк. Гьес ниж жиндихъего рачана ва лъабго къоялъ гьениб
лъикIаб гьоболлъи гьабуна.

8 Публийил эмен ватана, бакъул унтиялъги риххалил унтиялъги тату
хун, бусаде ккун. Гьесде ваккизе ун, Павелица дугIа гьабуна ва тIад квер
лъун гьев сахлъизавуна.

9 Гьелъул хабар рагIун, чIинкIиллъиялда рукIарал цогидал унтаралги
рачIана гьесухъе. Гьелги сахлъизаруна Павелица.

10 Гьеб чIинкIиллъиялъул гIадамаз цIакъаб адаб-хIурмат гьабуна нижер.
Гамида рекIун гьениса нахъе унеб мехалъ нухда босизе къваригIара-
тарабги кьуна гьез нижее.

11 Лъабго моцIидасан рахана ниж гамиде. Хаселалъго гьениб хутIараб
Искандариятальулаб гама букIана гьеб, Диоскуразул – «КIиго цадахъ
гьаруразул» цIарги лъураб.

12 Сиракузиялде щун, гьенибги бана лъабго къо.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

13 Гьениса рахъун, Сицилиялъул рагIалдасан лъедон, Региялде щвана.
Цо къо гьениб бараб мехалъ, къилбаялъул гьури пуйзе байбихьидал,
ралъдалъе бахъана нижер гама ва нахъисеб къоялъ Путеолиялде щвана.

14 Гьенир ратарал вацазул гьари къабул гьабун цо анкь гьезда аскIобги
бана. Гьале ниж Рималде щвана.

15 Рималда ругел вацазда нижер хабар рагIун, гьел данде рачIана
Аппийил Базаралде ва «Лъабго Петер» абулеб бакIалдеги щвезегIан. Гьел
рихьараб мехалъ мугъзал чIоло битIана Павелил, Аллагьасе рецц
гьабуна гьес.

16 Рималда Павелие изну кьуна туснахъаздаса ватIаго чIезе, амма цо
рагъухъан тана гьесда аскIов хъаравуллъун.

17 Лъабго къоялдасан гьес гьенир ругел жугьутIазул бищунго къадру-
къимат бугел гIадамал данде ракIарана. РачIун гьел данделъидал,
Павелица гьезда абуна: – Я, вацал! Нилъер халкъалда яги нилъер
умумузул гIадатазда дандечIун дица гьабураб кигIан гьитIинабниги
квешлъи гьечIониги, Иерусалималда дун туснахъалъув тIамуна ва
Рималдаса хIакимзабазухъе кьуна.

18 Гьез дир ишалъул цIех-рех гьабуна, амма чIвазе къотIизе гIураб
гIайиб-хатIа батичIелъул, нахъе виччазехъин вукIана.

19 ЖугьутIал гьелда дандечIедал, дун къайсарасухъе витIейилан гьаризе
ккана дица. Амма дирго халкъалда гIайиб чIвазе гуребха!

20 Гьединлъидалин дица нужеда гьарараб гьанире данделъеян ва дица
бицаралъухъ гIенеккеян. ХIакъикъаталдайин абуни, гьал рахсаца дун
вухьун вукIиналъе гIиллалъун вуго Жив вачIинилан Исраилил
халкъалъул хьул бугев чи.

21 Гьез Павелида абуна: – Дур хIакъалъулъ нижехъе Ягьудиялдаса цоники
кагъатги бачIинчIо, гьениса вачIарав цоники чияс дур рахъалъ квешаб
хабарги бачIинчIо, квешаб рагIи жинцагоги абичIо.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

22 Амма нижее бокьун буго дур пикруялъухъ гIенеккизе. Гьеб
мазгьабалъул хIакъалъулъни нижеда рагIана, киса-кибего халкъ гьелда
дандечIун гаргадулеб бугилан.

23 Цинги гьез къотIи гьабуна цо пуланаб къоялъ гьесухъе рачIине. ЦIакъ
гIемерал гIадамал рачIана гьеб къоялъ Павелихъ гIенеккизе.
Рогьаралдаса рукIкIинегIан Аллагьасул ПарччахIлъиялъул хIакъалъулъ
бицана гьес гьезие. Мусал къануналдасаги Аварагзабазул ТIухьдуздасаги
мисалалги рачун, ГIисал хIакъалъулъ бицана.

24 Цоял божана гьес бицаралда, цогидал божичIо.

25 – Илагьияб РухIалъ малъун, Ишая аварагас цIакъ битIун абун буго
нужер умумузул хIакъалъулъ, – гьедин байбихьун Павелица гьездехун
хитIаб гьабураб мехалъ цоцалъ дагIбадана, къацандана гьел ва рахъун
къватIире ана.

26 Ишая аварагас гьадин абун бугилан бицана Павелица: – «Гьеб
халкъалъухъе ун, гьезда абе дуца: гIиналда рагIаниги, нужеда
бичIчIиларо, бералда бихьаниги, нужеда лъаларо.

27 Щайгурелъул гьаб халкъалъул ракIалги согIлъун руго, гIундулги
гъугълъун руго, бералги къанщун руго гьез. Гьез гьедин гьабулеб буго
беразда канлъи бихьунгутIизе, гIундузда рагIи рагIунгутIизе, рекIелъе
щибго босунгутIизе, дица сахлъизаризе дихъе нахъруссунгутIизе».

28 Гьединлъидал нужеда лъан букIа: цогидал халкъазе Аллагьас
хвасарлъи битIун бачIун буго. Гьеле гьезда рагIизе буго!

30 Жинцаго мухьдахъ ккураб гьеб рокъоб тIубараб кIиго лъагIел бана
Павелица. ТIаде рачIаралщиналги къабул гьарулаан гьес.

31 Лъилниги квекIен гьечIого ва расги хIинкъичIого бицунеб букIана гьес
Аллагьасул ПарччахIлъиялъул хIакъалъулъги ТIадегIанав МасихI ГIисал
хIакъалъулъги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# Якъубил

## Якъубил 1

1 Аллагьасулги ТIадегIанав ГIиса МасихIилги лагъ Якъубил салам буго
батIи-батIияб ракьалда рикь-рикьун ругел ва Аллагьасул халкълъун
лъугьарал киналго гIадамазде.

2 ЗахIмалъи хIехьезе кIолищали батIи-батIияб къагIидаялъ нужер
хIалбихьулеб бугони, гьеб нужеца кIудияб рохеллъун рикIкIе, диналъул
вацал.

3 Божи-иман щулияб бугищали хIалбихьиялъ сабру бижизабулеблъи
лъала нужеда.

4 Биччанте сабруялъ нужее кумек гьабизе нужго камиллъизеги, щибго
гIунгутIи гьечIеллъун, тIубанго камилаллъун лъугьинеги.

5 Нужеда гьоркьоса лъилниги гIакъиллъи гIолеб гьечIони, бадибчIвай
гьабичIого, киназего гьеб гьарзаго кьолев Аллагьасда гьаре, Аллагьас
кьела гьесие гьеб.

6 Амма гьеб гьарулев чи, щибго щаклъи гьечIого, божизе ккола.
Щакдарулев чи релълъуна гьороца рахъ-рахъалде гьелчезабулеб ралъдал
карачелалда.

7 Гьединлъидал цо хIал кколарев ва сундулъго тавакал гьечIев чияс хьул
гьабуге Аллагьас жиндие щибниги кьелилан.

9 Я вацал, гIодовегIан вугев чIухIизе виччанте, Аллагьасда цеве гьев
тIадегIанав вугелъул.

10 Бечедасдаги лъазе биччанте Аллагьасда цеве гIодовегIанав вугевлъи, –
хариль тIегь гIадин вечIазе вуго гьев.

11 Бакъ къалъуде бахуна, бухIи цIикIкIуна, бухIараб гьури пула, хер
бакъвала, гьелъул тIегь гъенон уна ва тIогьол тIолабго гьайбатлъиги
хола. Жиндирго ишазде вуссун вукIаго вечIала бечедав чиги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 Гьардарав гуревдай, сундалъун жиндир хIалбихьаниги, сабруялда гьеб хIехьолев чи. Гьеб хIехьон хадуб гьесие щвела жиндиего рокьулезе Аллагьас къачIан бугеб шапакъат – абадияб гIумру.

13 Сундалъунниги гьесул хIалбихьулеб бугони, инсанас абизе бегьиларо Аллагьас жиндир хIалбихьулеб бугилан. Лъилниги квешлъиялъ Аллагьасул хIалбихьулареб гIадин, гьесги щивниги къосинавизе хIалбихьуларо.

14 Амма инсан къосуна, жиндирго квешал къасдаз хадув цIан, къориниве ккезавидал.

15 Цинги гьеб квешаб къасд къинлъун, мунагь гьабула, гьеб мунагь цIубараб мехалъ – хвел бижула.

16 Нужго нужецаго гуккуге, дир хирияв вацал!

17 Зодихъ бакъ-моцIиги цIвабиги рижарав, амма живго хисуларев ва жинда бецIлъи хъатIуларев Аллагьасдасан лъикIаб гурони рещтIунаро, гIадамазе щолебщинаб камилаб сайигъатги гьесдасан рещтIараб буго.

18 Жиндиего бокьун гьес нилъ хIакъаб рагIудалъун цIидасан рижизаруна. Абизе бегьула жинцаго бижанщиналъул тIоцебесеб рижилъун нилъ лъугьине бокьун гьабунин гьес гьединилан.

19 Нужеда лъай, дир хирияв вацал, щивав чи гIенеккизе хехавлъун, бицине хIинцавлъун, щцин бахъинеги хIинцавлъун вукIине кколевлъи.

20 Щцидахун вугев чиясда кIоларо Аллагьас ритIухъаблъун рикIкIунеб гIамал цIунизе.

21 Гьединлъидал кинабгоги хъублъи ва нужелъ хутIараб щцидал асар гIодобе рехе. Нуж хвасар гьаризе хIалкIолъи бугев Аллагьас нужер рекIелъе рещтIинабураб рагIи хIеренго къабул гьабе.

22 Гьеб рагIухъ гIенеккарал гIоларо, гьеб тIубазабизеги ккола, гурони – нужго нужецаго гуккулел чагIилъун лъугьуна нуж.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 РагӀухъ гӀенеккулев, амма гьеб тӀубазабуларев чи релълъуна живго
кинав вугевали матӀуялъусан вихьарав чиясда.

24 МатӀуялда цевеса нахъе аравго кӀочон тола гьесда живго кинав
вугевали.

25 Камилаб къанунальул – инсан эркенлъизавулеб къанунальул –
матӀуялъуве валагьун, гьеб къанун тавакалго цӀунулев ва
рагӀарабщинабги кӀочон течӀого тӀубазабулев чияс щиб гьабулеб
бугониги, Аллагьас гьесда баркат лъела.

26 Живго муъминчи вугин рикӀкӀунев, амма мацӀалда чангит баларев
чияс живго жинцаго гуккулев вуго, ва гьесул иман пайда гьечӀеб буго.

27 Нилъер Эмен Аллагьасда цебе хъублъиялъул тӀанкӀго гьечӀеб, тӀубанго
бацӀцӀадаб иман ккола къваридго ругел бесдалазе ва къоролзабазе кумек
гьабиги дуниялалда бугеб квешлъиялдаса рикӀкӀалъиги.

**Якъубил 2**

1 Я дир вацал, нилъер машгьурлъарав ТӀадегӀанасде – ГӀиса МасихӀиде
иман лъурал нужеца чи ватӀа гьавизе бегьуларо.

2 Масала, нужер данделъиялде вачӀана лъикӀго ретӀа-къарав, меседил
баргъичалги рарав чи ва басриябго ратӀлилъ мискинчиги вачӀана.

3 Нужеца адаб-хъатир гьабула чӀухӀараб ратӀлилъ вугесул, гьале гьанив
рахӀаталда гӀодов чӀайилан абула гьесда. Мискинасда абула доле дова
гӀодов чӀайилан яги гьанив дир хӀатӀазда цеве гӀодов чӀайилан.

4 Гьедин нужедаго гьоркьоб рикьи ккезабулеб гьечӀищ нужеца? ЦӀахъа-
рахъай гьабулев къадиясда релълъунел гьечӀищ нуж?

5 ГӀенеккея, дир хириял вацал! ГӀаламалъго мискиналлъун рикӀкӀунелал
гурищ Аллагьас тӀаса рищун ругел, иманалъ гьел бечелъизе ва жиндие
рокьулезе рагӀи кьураб ПарччахӀлъи гьезие насиблъизе?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 Нужецайин абуни мискинал рикIкIунел гьечIо! Бечедаз гуребищ нужеда
тIад зулму гьабулеб бугеб? Гьез гурелищ нуж суд гьабулел рокъоре
рехъерхъулел?

7 Гьез гуребищ какулеб нужеда лъураб лъикIаб цIар?

8 «Мунго гIадин вокьа дуе дуда аскIов вугевги», – ТIехьалда ругел
амруязул парччахIлъун рикIкIунеб гьеб амру нужеца хIакъикъаталдаги
тIубазабулеб бугони, гьеб лъикIаб иш буго.

9 Амма нужеца гIадамал ратIа гьарулел ругони, гьеб буго мунагь, ва,
Къануналда рекъон, нуж ккола такъсирчагIи.

10 Къануналъул тIолалго рихьизарият цIунулел ругониги, амма цониги
амруялдаса чи тарани, кинабго гIайиб гьесде тIаде ккола.

11 ХъахIбалъи гьабугейилан лъазабурас лъазабун буго чи чIвагейиланги.
Масала, дуца хъахIбалъи гьабулеб гьечIо, амма чи чIвана, гьедин мун
лъугьана къанун хвезабурав такъсирчилъун.

12 Инсанасе эркенлъи кьолеб къануналда рекъон Аллагьас жидее суд
гьабизе бугел гIадамазда рельлъун кIалъай ва хьваде.

13 ГурхIел гьечIесе Аллагьасул судалъулги гурхIел букIине гьечIо.
РитIухъаб хIукмуялдасаги тIадегIанаб буго гурхIел!

14 Дица иман лъунилан абиялъул пайда щиб бугеб, вацал, лъикIал ишал
гьарулел гьечIони? Гьединаб иманалъ хвасар гьавиладай гьев?

15 Нужер вацасул яги яцалъул тIад ретIине ретIел гьечIони, яги
жакъаялде кваназе жо гьечIони,

16 масала, нужер цояс гьезие гIакълу кьола, рекере, хинлъизе айилан,
кваназе айилан, амма гьезие къваригIараб кьоларо, – лъикIлъийищ гьес
гьабулеб бугеб?

17 Гьедин, лъикIал ишал цадахъ гьечIеб иманалъул пайда букIунаро.

18 Цо лъицаниги абуни, цоясулъ божи-иман бугин, цогидас лъикIал ишал
гьарулин, – дица абила лъикIал ишал гьечIеб божи-иман лъил бугебали

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

дида бихьизабейилан; цинги дица дуда бихьизабила лъикIал ишазулъ
бугеб дир божи-иман.

19 Аллагь цо вукIиналда божулевищ мун? ЦIакъ лъикI! Амма жундулги
божулагури хIинкъун сородилаго!

20 ЛъикIал ишал цадахъ гъечIеб иманалъул пайда букIунарилан
чIезабилищ дуе, ле, бичIчIи гъечIев чи?

21 Къурбаналъе хъвезе жиндирго вас ИсхIакъ вегизавун вукIана нилъер
эмен Ибрагьимица. Гьеб ишалъулъ гурищ Аллагьасда гьесул ритIухълъи
бихьараб?

22 Бихьулищ – гьесул иманги ишги цолъун букIана, гьес гьарурал
лъикIал ишаз квербакъана иман камиллъизе.

23 Гьедин ритIухълъана ТIехьалда бугеб гьадинаб калима: «Ибрагьим
Аллагьасда божана, гьединлъидал гьес гьевги жиндие ритIухъав чилъун
рикIкIана». Гьедин «Аллагьасул гьудул» абураб цIарги щвана
Ибрагьимие.

24 Нужеда бихьулеб буго цохIо иманалъ гуребги, лъикIал ишазги инсан
ритIухълъизавулев вукIин.

25 Тушманасул рахъалде цIех-рехалъе ритIарал рагъухъаби рокъоре
рачана хъахIбалъиялдалъун бетIербахъи гьабулей йикIарай РахIабица ва
гьеб шагьаралдаса къватIире рорчIизе нух бихьизабуна. Гьеб лъикIаб иш
сабаблъун гьей гIадан Аллагьасда цее ритIухълъана.

26 РухI гьечIони, чорхолъ чIаголъи букIунареб гIадин, лъикIал ишал
цадахъ гьечIони, иманалъулги пайда букIунаро.

### Якъубил 3

1 Нужеда гьоркьоса гIемерал чагIи вагIза-насихIат гьабизейилан лъугьин
лъикIаб иш гуро, дир вацал, насихIатчагIаздаса Аллагьас дагьабги
цIикIкIун тIалаб гьабила.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Нилъ киналгоги гIемерисеб мехалъ нухдаса тарула. РагIудалъун
нухдаса таричIев чи – гьев камилав чи ккола, жиндирго черхалда чангит
базеги кIолелъул гьесда.

3 Нилъеца чода кIалдираял рани, гьеб кIудияб хьвани нилъее тIубанго
мутIигIлъула ва бокьараб рахъалде бачине кIола.

4 Мисалалъе босилин гама: кутакаб гьороца хъамун унеб кIудияб гама
гьитIинабго рулалъул кумекалдалъун бокьараб рахъалде сверизабизе
кIола гьеб бачунев чиясда.

5 Гьедин, жибго гьитIинаб лага букIаниги, мацIалдаги кIола кIудиял
ишал гьарунин жинцайилан чIухIдаризе. Нужеда лъала цIадул гьитIинаб
хIенехIалъ кIудияб рохь бухIулеблъи.

6 МацI – гьеб ккола цIа. Гьаб дуниял мунагьазул цIун бугеб гIадин,
нилъер черхалъул цогидал лугбазда гьоркьоб мунагьазул цIураб лага
буго гьеб. Гьелъ нилъер тIолабго напс хъублъизабула ва инсанасул
кинабго гIумруялда цIа рекIинабула, жибгоги жужахIалъул цIаялъ
бухIула.

7 Киналго гIалхул жанаваралги, хIанчIиги, борхьалги ва ралъдал
хIайваналгицин жиндего мутIигI гьаризе кIвана ва кIолелги руго
инсанасда,

8 амма мацI мутIигI гьабизе лъиданиги кIоларо. Гьеб буго жинда чангит
базе кIолареб, хвалде рачунеб загьруялъул цIураб квешлъи.

9 МацIалца гьабула нилъер Эмен Аллагьасе рецц, амма гьебго мацIалца
какула жиндаго релълъун Аллагьас рижарал гIадамал.

10 Цого кIалдисан рачIуна баркалаялъулги нагIанаялъулги рагIаби.
Гьедин букIине бегьуларо, дир вацал.

11 Цого иццунисан чвахулебищ бацIцIадабги цIамгIалабги лъим?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 Инжиралъул гъотIода зайтуналъул пихъ бижулебищ? Яги цIолбол гъабуда тIад инжир бижулебищ? Гъедин цIамгIалаб лъадал иццунисан бацIцIадаб лъим чвахуларо.

13 Нужеда гъоркьов цониги гIакъилав-цIодорав чи ватани, гъес жиндирго лъикIаб хьвада-чIвадиялдалъун бихьизабизе ккела жив гIакъилав ва гIодове виччарав чи вукIин.

14 Амма нужер рекIелъ хъубаб жахIдаги чIухIун цеве кIанцIизе бокьиги бугеб батани, гъересиялъ битIарабги хъублъизабуге, цIакъал-тIокIал чагIи ругиланги реццаруге нуж.

15 Гъединаб «гIакъиллъи» тIасан рещтIараб гуро, гъеб буго дуниялалдасан, мунагъаб напсалдасан ва илбисалдасан бачIараб.

16 Цоцаздехун жахIдаги бугони, чIухIун цере кIанцIизеги бокьулеб бугони, гъелъ рачуна гIала-гъважаялдеги квешлъиялдеги.

17 Зобалаздасан рещтIунеб гIакъиллъийин абуни, гъеб бацIцIадаб букIуна, гъединго сабруяб, хIалимаб, гIадамазухъ гIин тIамулеб, гурхIел-рахIмуялъул цIураб ва лъикIаб пихъ тIад бижулеб гъветI гIадинаб букIуна. Гъеб гIакъиллъиялъул васвасдиги ххвелалги рукIунаро.

18 Ракълие рачел къарал гIадамаз ракълил хьон хьараб хуриса ритIухълъиялъул бачIин бакIарула.

## Якъубил 4

1 Нужеда гъоркьоб кьалги дагIба-рагIиги кин бижулеб? Чорхолъ бухъардилеб бугеб гьаваялъ гурищ гьел рижизарулел?

2 Нужее бокьун бугониги, кьолеб гьечIелъулин нужго нужецаго чIвалел ругел. ХъантIун руго нуж, мурадалдеги щолел гьечIо. ДагIбадулел руго, къацандулел руго, амма нужеца Аллагьасда гьарулеб гьечIелъул, пайда бахунеб гьечIо.

3 Гьараниги, кьолеб гьечIо, лъикIлъиялъе гурелъул гьарулеб бугеб, – нужерго гьаваялда нахърилълъун хвезабизелъидал гьарулеб бугеб.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

4 Божизе бегьиялдаса ун руго нуж! Нужеда лъаларебищ дуниялалъул
гьудул Аллагьасул тушман вугевлъи? Дуниялалъулгун гьудуллъи
гьабизе бокьарав Аллагьасул тушманлъун лъугьуна.

5 «Нилъехъе рещтIараб РухIалъ тIалаб гьабулеб буго цохIо Аллагь
вокьизе», – ян гIадада хъван бугин ТIехьалдайиланищ нужеда ракIалде
кколеб?

6 Аллагьасул баркат цIикIкIунебго-цIикIкIунеб букIуна. «Аллагь
чIухIаразда дандечIола, хIалимазда гьесул баркат лъола», – ян абиялъе
гIиллаги гьеб буго.

7 Аллагьасде мутIигIлъе, илбисалда дандечIа, гьеб нужеда аскIоса
лъутун ина гьебмехалъ.

8 Аллагьасде гIагарлъе, гьев нужедеги гIагарлъила. Нужго рацIцIад гьаре,
ле мунагьчагIи! Ле цо хIал кколарел чагIи, нужерго ракIалги рацIцIад
гьаре!

9 Гьабураб квешлъиялдаса ракI бухIа, гIоде, чIчIичIчIиде! Нужер релъи
гIодиялде буссине биччанте, нужер рохел пашманлъиялде буссине
биччанте!

10 БетIергьанасде мутIигIлъе, гьес нуж тIадегIанлъизарила.

11 Цоцазда тIасан квешаб рагIи абуге, вацал. Вацасул хIакъалъулъ
квешаб рагIи абурав яги гьесда гIайиб чIварав чияс Къануналъул
хIакъалъулъги абила квешаб рагIи, Къануналда гIайиб чIвалеб бугони,
мун вукIине ккола гьелдасаги тIадегIанавлъун, – мун вуго гьеб
тIубазабизе кколев чи.

12 Къанун бахъаравги гьеб тIубазабизе тIамулевги цохIо Аллагь вуго.
Гьесда кIола нилъ хвасарлъизаризеги хвалде рачинеги. Гьедин бугелъул,
мунго гIадинасда гIайиб чIвазе ккани, мун щив чи?

13 «Жакъа-метер нилъ пуланаб шагьаралде ине къватIире рахъина,
гьениб цо лъагIел бала, даран-базар гьабила ва нилъее хайир бахина», –
ян абулел чагIи, гьанже нуж гIенекке дихъ!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

14 Метер щиб нужее ккелебали лъаларо нужеда. Щиб жо кколеб нужер
гIумру? ТIаде борхун бачIун цо дагьабго мехалдасан тIагIун унеб
гIодобнакIкIалда релълъуна гьеб.

15 «Аллагьасе бокьани, чIагоги хутIани, пуланабги гьабила, пуланабги
гьабила», – ян абуни лъикIаб букIина нужее.

16 Нужин абуни, нужедаго ракIги чIун, чIухIдарилел руго. Гьединаб
чIухIи квешаб жо буго.

17 ЛъикIлъи кин гьабилебалиги лъалев, жинца гьебги гьабуларев чиясе
мунагь букIуна.

**Якъубил 5**

1 Гьанже дихъ гIенекке нуж, бечедал чагIи! Нужеде бачIинехъин бугеб
балагьги-гIазабги лъан, гIоде нуж, чIчIичIчIиде нуж!

2 Нужер бечелъи турун тIагIун буго, нужер ретIелги ицица кванан буго.

3 Нужер гIарац-меседалдаги кьаву чIван буго. Гьеб кьавуялъ нужеда
данде нугIлъи гьабила ва, цIадуца гIадин, рухIила гьелъ нуж. Дуниял
ахиралде ккараб мехалда бакIарана нужеца гьеб хазина!

4 Хур лъилъаралъухъ кьезе кколеб букIараб мухь нужеца кватIизе тедал,
хIалтIухъабазул бо нужеда данде нугIлъиялъе бахъун буго. Гьезул ахIи
Къудратав БетIергьанасда рагIун буго.

5 Дуниялалда нужер гIумру гьарзаяб букIана, гIумруялдаса нужеца
лазат-кепги босана, – хъвезе хьихьана нужецаго нужго!

6 Нужеде данде квер борхичIев муъминчи, судги гьабун, чIвана нужеца.

7 Гьанже, вацал, ТIадегIанав тIадвуссун вачIинегIан сабруялда чIа.
Гьедин чIола векьарухъан жиндирго хуриса гьесие цIакъ къиматаб-
хирияб хIалухъен бачIинегIан. Ихдалилги хасалихълъиялъулги цIадал
ран рахъинегIан сабруялда чIола гьев.

8 Нужецаги сабру гьабе, къвакIун чIа, ТIадегIанав вачIунеб заман
гIагарлъулеб буго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

[9] Нужее суд гьабичIого хутIизе цоцаздасан гIарзал гьаруге, вацал. Гьале, Судияв нуцIихъе щун вуго!

[10] Аллагьасул цIаралдасан халкъалъе хабар бицарал аварагзабаздасан мисал босе: гьезда гIемераб гIазаб-гIакъуба бихьана ва кинабго кIудияб сабруялда хIехьана гьез.

[11] Гьардарал гурищилан абула нилъеца гьединаб гIемераб жо хIехьезе ккарал гIадамазул рахъалъ. Аюб аварагас хIехьарабщиналъул хIакъалъулъ рагIанагури нужеда, ахирги Аллагьас кин гьеб бецIарабалиги лъала нужеда. ГурхIулевги рахIмуявги вугелъул Аллагь.

[12] Вореги, дир вацал, зобалхIайилан, ракьалхIайилан ва цогидабги гьаялдалъун гьедаруге нуж. Уйилан абизе бокьани, уйилан абе, гурилан абизе бокьани, гурилан абе. Гьедарани – тамихIалъе мустахIикълъула нуж.

[13] Къварид вугес дугIа гьабе, лъикI вугес, Аллагь веццун туркаби ахIе.

[14] Унтун вугес жиндихъего ахIе иман лъуразул агьлуялъул бутIрул. ТIадегIанав ГIисал цIар рехсон, дугIа гьабила гьез, зайтуналъул нах бахина.

[15] Божи-имангун гьабураб дугIаялъ унтарав сахлъула, БетIергьанас гьев тIаде вахъинавула, мунагь бугони, гьелдасаги тIасалъугьуна.

[16] Гьединлъидал нужерго мунагьал цоцазе рице, цоцаца дугIадулъги рехсе, нужго сахлъизе. ВацIцIадав муъминчиясул дугIаялда гIемераб жо гьабизе кIола.

[17] Иляс авараг вукIана нилъго гIадав чи. ЦIад багегийилан гьес гьарараб мехалъ, лъабго лъагIелгун бащдалъ цIад бачIо ракьалде.

[18] Цинги гьес цоги дугIа гьабуна, – зодисан рахIмат рещтIана ва хурги бачIана.

[19] Масала, хIакъабщиналдаса гьетIарав нужер чи цогидас битIараб нухде ккезавуна. Мекъаб нухдаса гьев витIун ккезаврас мунагь гьабурасул

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

рухI цIунулеблъи ва гIемерал мунагьалги чурулеллъи лъай, дир вацал, нужеда!

# 1 Пётрил

## 1 Пётрил 1

1 ГIиса МасихIил чапар Пётрил рахъалдасан Понт, Галатия, Каппадокия,
Асия ва Битиния улкабазда чияр халкъазда гьоркьор рикьа-риххун
ругезде салам. Хъвараб къадаралда рекъон Эмен – Аллагьас нуж тIаса
рищана. Гьесул РухIалъ нуж жиндирго халкълъун лъугьинаруна,
жиндирго биялъ нуж рацIцIалъизарурав ГIиса МасихIиде мутIигIлъизе.
Нужеда цIикIкIараб баркат лъеги ва сах-саламат хутIаги.

3 Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIил Эмен – Аллагьасе рецц. Хваралъуса
ГIиса МасихI вахъинавиялдалъун, кIудияб цIоб лъун, гьес нилъее цIияб
гIумру кьуна. Гьедин чIаголъизабуна зобалазда цIунараб холареб,
хъублъулареб, бечIалареб лъикIаб бутIа щвеялде бугеб нилъер хьул.

5 Нуж божулел ругелъул, Аллагьас жиндирго къудраталдалъун цIунун
тун буго гьеб бутIа, дуниял ахирлъидал къватIибе загьирлъун, нуж
хвасарлъизаризе.

6 Гьанже дагьабго заманаялъ батIи-батIиял къварилъабаз нужер
хIалбихьулеб бугониги, гьелдаса роха нуж.

7 Нужер божи-иман хIакъаб бугищали хIалбихьизе рачIуна гьел
къварилъаби. Биун-тIагIун унеб меседалъулгицин цIадуца хIалбихьула.
Меседалдасаги къиматаб бугелъул нужер божи-иман, гьелъулги
хIалбихьизе ккола, ГIиса МасихI загьирлъараб къоялъ нужее цIар-рецццги
къадру-къиматги насиблъизе.

8 ВихьичIониги вокьулев вуго нужее гьев; гьанже вихьулев гьечIониги,
гьесда божулелги руго. Бицун хIалкIолареб кIудияб рохел рещтIинабулеб
буго гьелъ нужер рекIелъе,

9 гьеб божи-иманалдалъун хвасарлъизе ругелъул нужер рухIал!

10 Гьеб хвасарлъиялъулин аварагзабаз, цIех-рех гьабун, хIакъикъат
лъазабулеб букIараб. Аварагзабаз цебеккунго бицунеб букIана нужеде
рещтIине бугеб баркаталъул.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Гьез хIаракат бахъулеб букIана жиндие кьезе бугеб гIазаб-
гIакъубаялъулги гьелдаса хадуб щвезе бугеб бергьенлъиялъулги
хIакъалъулъ МасихIил РухIалъ бицунеб букIарабщинаб кида ва кин
лъугьине бугебали лъазе.

12 Аллагьас аварагзабазе загьир гьабун букIана, жинца гьел жидеего
гIоло гурел, нужее гIоло ритIун ругеллъи. Аварагзабаз доб мехалдаго
бицунеб букIиндалха зобалаздасан рещтIараб Илагьияб РухIалъул
къуваталдалъун Рохалил хабар лъазабулез гьанже нужеда бицунеб
бугебщиналъул хIакъалъулъ. Малаикзабазегицин бокьилаан гьеб лъазе.

13 Гьединлъидал нужерго гIакъиллъиялъул рачел щулаго къай. РорчIуда
чIа. ГIиса МасихI вачIараб къоялъ нужеде рещтIине бугеб баркаталде
унго-унголъунги хьул лъе.

14 Аллагьасде мутIигIлъе, жагьиллъиялда ругеб мехалъ нужер рекIелъ
рукIарал къасдазда хадурги унге.

15 Нуж тIаса рищарав Аллагь вацIцIадав вугелъул, нужги кидаго
рацIцIадго хьваде.

16 ТIехьалда хъван буго: «Дун вацIцIадав вугелъул, нужги рацIцIадго
хьваде».

17 Гьурмахъ валагьичIого щивасул ишазе суд гьабулев Аллагьасде
нужеца Эменилан ахIулеб бугелъул, гьесукьа хIинкъун тIаме гьаб
дуниялалъул рокъоб хутIараб гIумру.

18 Нужерго умумуздасан ирсалъе щвараб чIобогояб гIумруялдаса нуж
биун-тIагIун унеб гIарац-месед кьун гурелъулха тархъан гьарурал.

19 ГIайибги мунагьги гьечIеб КьегIер гIадинав МасихIил къиматаб
биялдалъун тархъанлъидалха нуж.

20 Дуниял бижилелдего Аллагьас гьединаб къадар хъван букIана гьесие,
амма нужее гьев загьирлъана гьаб ахирияб заманалда.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 Гьесдалъунин нуж божулел ругел, хваралъуса вахъинавун гьев машгьурлъизавурав Аллагьасда. Гьединлъидалин нужер божиги хьулги Аллагьасде бугеб.

22 ХIакъабщиналда нахърилълъун нужеца нужерго ракIал рацIцIад гьаридал, нужее насиблъана диналъул вацаздехун унго-унгояб рокьи. Цоцаздехун ракI-ракIалъулаб рокьи загIиплъизе биччаге.

23 Нуж цIидасан рижана, лъугIун-тIагIун унеб хьоналдасан гурел, хвел гьечIеб хьоналдасан. Аллагьасул абадияб ва нилъее чIаголъи кьолеб каламалдалъун рижана.

24 ТIехьалда хъван буго: «Харида релълъуна кинабго рижи, харилъе тIогьолалдаса цIикIкIараб машгьурлъиги щоларо гьелъие. Херги бакъван уна, тIегьги бечIала,

25 амма Бичасул калам абадиялъего хутIула». Гьеб калам ккола нужеда лъазабураб Рохалил хабар.

**1 Пётрил 2**

1 Гьанже кинабго квешлъиги, хIилла-рекIкIги, ххвелал гьариги, жахIда-хIусудги, мацIги рехун тун,

2 гьабсагIат гьабураб лъимер гIадин, нужги гIедегIе бацIцIадаб рухIанияб рахьдаца къеч буссинабизе, гьеб гьекъон нужго кIудиял гIезе ва хвасарлъизе.

3 БетIергьанасул рахIму-цIоб щибали лъайдалха нужеда!

4 Къадалъ лъезе ярагьунарилан гIадамаз нахъе рехараб, амма Аллагьас тIаса бищараб, къиматаб ва чIагояб ГанчIихъе рачIа нуж.

5 Нужгоги чIагоял ганчIаллъун ругелъул, нужгоги къадалъ лъун балеб буго мукъадасаб рукъ. Гьенир нуж рукIина Аллагьас тIаса рищарал кашишаллъун, ва ГIиса МасихIидалъун Аллагьас къабул гьарулел илагьиял къурбаналги кьела нужеца.

6 ТIехьалда буго: «Гьале дица Сионалда лъолеб буго тIаса бищараб, цололъ рекъолеб ва къиматаб гамачI. Гьеб ганчIида божарав чиясул ракIбухIиларо».

7 Божи-иман бугел нужее къиматаб буго гьеб. Божуларезени – «Къадалъ лъезецин ярагьунарилан къадахъабаз нахъе рехараб гамачI битIахъе цололъ лъун буго».

8 Цогиги: «ГIадамазул хIетIе тункулеб гьецIо ва гьел гIодор ккезе гьарулеб гамачI». Аллагьасул каламалъухъ гIенеккуларелъулин гьезул хIетIе тункулеб, – гьединаб къадарлъидалха гьезие хьван букIараб.

9 Нуж руго тIаса бищараб агьлу – Зобалазул ПарччахIасул кашишзаби, мукъадасал гIадамал, Аллагьасул жиндирго халкъ. Гьес бецIлъиялдаса нуж жиндирго гьайбатаб нуралде ахIана жиндирго чIахIиял ишазул хIакъикъат тIибитIизабизе.

10 Цере нуж цо халкъ букIинчIо, гьанже нуж Аллагьасул халкъ ккола. Цебе нужеда цIоб лъун букIинчIо, гьанже нужеда цIоб лъун буго.

11 Гьаб дуниялалъул рокъор нуж нухлулалги апаргзабиги ругелъул, дица нужеда гьарула, хириял, нужер рухIалда данде багъулеб чорхол гьаваялдаса напс цIуне.

12 Мажусиязда гьоркьор цIакъго лъикI хьвадизе ккола нуж, нужеца квешлъи гьабунилан гьез нужеда гIайиб чIвараб мехалъгицин, жидее лъикIлъи гурони гьабичIин нужецайилан мукIурлъун, ГIиса МасихI ракьалде вачIараб къоялъ гьез Аллагьасе рецц гьабизе.

13 ТIадегIанасе гIоло мукIурлъе нуж инсанасдасан бугеб кверщелалъе – бищунго кIудияв вугелъул, къайсарасул амруги тIубазабе.

14 Квешлъи гьабулезе тамихI гьабизе, лъикIлъи гьабулезе шапакъат кьезе гьес тIад тарал наибзабазеги мукIурлъе.

15 Аллагьасул амру буго лъикIал ишаздалъун нужеца гIабдалзабазул жагьилаб кIал къазабеян.

16 Эркенаб гIумру гьабе нужеца, амма гьеб эркенлъи квешлъиялъе хIалтIизабуге, – Аллагьасул лагъзаллъун рукIа.

17 Киназулго адаб-хIурмат гьабе, диналъул вацал рокьа, Аллагьасукьа хIинкъа ва къайсарасул къадру-къимат гьабе.

18 Гьединго нужги, лагъзал, нужерго бетIергьабазул адаб-хIурмат гьабун, гьезие мутIигIлъе, – гурхIарал-хIалимал гьел ругониги, хъачIал ругониги.

19 ГIайиб гьечIого тамихIалда гъоркье ккедал Аллагьги рекIелъ цIунун гIазаб-гIакъуба хIехьарасдаса Гьев разилъула.

20 Нужерго квешлъи сабаблъун рухулеб мехалъ гIакъуба хIехьонилан цIар щоларо. Амма лъикIлъи сабаблъун гIазаб-гIакъуба хIехьарасдаса Аллагь разилъула.

21 Нужее гIоло МасихIица гIазаб-гIакъубаги хIехьедал, нуж нахърилълъине мисалги бихьизабидал, гьесул нухдасан ине ккола нуж.

22 Гьесда цохIониги мунагь букIинчIо, гьересиги гьесул кIалдиб батичIо.

23 Инжит-къабихI гьавулел рагIаби жинда абуниги, инжитаб-къабихIаб рагIи данде рехичIо гьес. ГIазаб-гIакъуба хIехьезе кканиги, бихьилин-рагIилин хIинкъиги кьечIо, ритIухъаб суд гьабулев Аллагьасул кверщаликье кьуна живго.

24 Нилъер мунагьал гьес жиндирго чорхолъ хъанчалда тIаде росун ана, мунагьазе нилъ хвараллъун рукIине, амма ритIухълъиялъе – чIагояллъун хутIизе. Гьесда лъурал ругъназдалъун нилъер чурхдул сахлъана.

25 АхIун риччарал чахъаби гIадин рукIарал нуж гьанже Вехьасда аскIоре тIадруссана, нужер рухIал цIунулесухъе рачIана.

## 1 Пётрил 3

1 Гьединго нужги – руччаби, россабазе мутIигIлъе. Аллагьасул рагIиялда божуларел россабазени рагIаби хIажалъиларо, нужер хьвада-чIвадиялъ къезарила гьел,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 бацIцIадаб ва адаб-хIурмат цIунараб гIамал-хасиятги нужелъ бихьун.

3 Гъалал хьухьин, гIин-квералда гIарац-месед бай ва чIухIараб ретIел
ретIин – гьедин цебе рехун бихьулебщиналъулъ гуро нужер берцинлъи
букIине кколеб.

4 Нужерго рекIелъ бугеб, нужеего хасаб бацIцIадаб адабалъин нуж
берцинлъизаризе кколел. Бищунго къиматаблъун ккола Аллагьасда цебе
хIеренаб ва недегьаб ракI.

5 Гьеле гьедин къачIадулаан цере Аллагьасде иман лъурал рацIцIадал
руччаби. Мун дир бетIергьан вугилан Ибрагьим аварагасе Сарат
мутIигIай йикIарай гIадин, жидерго россабазе мутIигIал рукIана гьел.
Гьанже нужги гьелъул ясаллъун ккола, нужеца лъикIлъиги гьабулеб
бугони, балагьалдаса хIинкъулелги гьечIони.

7 Гьединго нужецаги, росал, руччаби нужедаса загIипал рукIинги лъан,
гIакъилго-цIодорго гьабе гьезие рослъи. Гьезул хIурмат гьабе, нужее
гIадин, гьезиеги насиблъулелъул абадияб гIумру. Нужер гьари-дугIаялъе
сунцаниги квалквал гьабизе бегьуларо.

8 Къокъго абуни, нуж киналго цоцалъ рекъон рукIа, цоцазул къварилъи-
гIатIилъи бацIцIе, нужерго диналъул вацал рокьа, цоцалъ хIалимго-
хIеренго рукIа.

9 Квешлъи гьабурасе квешлъиги гьабуге, рогьо барасда рогьоги баге,
гьелъул гIаксалда, нужеца абе гьесда баркат лъегийилан. ХIакълъунго
гьедин гьабизе ахIулел руго нуж Аллагьас, гьелъухъ нужеда баркат
лъезе.

10 ТIехьалда буго: «ГIумру рохалида ине ва лъикIал къоял тIаде рачIине
бокьарас чияр бициналдаса мацIги цIуне, гьереси бициналдаса кIалги
цIуне».

11 Квешлъи рикIкIад гьабе, лъикIлъи гьабичIого тоге. Дуца рекъел
балагье, гьелда хадув лъугьа мун.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 Муъминзабазул букIунаро БетIергьанас цIунулареб нух, гьезул гьари-
дугIаялъухъ гIенеккула Гьев, квешлъи гьабуразда дандеги чIола.

13 БитIараб гьабизе нужеца хIаракат бахъулеб бугони, лъида кIолеб
нужее зарал-зиян гьабизе?

14 Нуж ритIун хьвадулел рукIин сабаблъун гIазаб-гIакъуба хIехьезе
кканиги, Аллагьасул баркат рещтIуна нужеде. Лъикьаниги хIинкъуге,
сундулниги ургъел гьабуге.

15 МасихI ТIадегIанавлъун ккве нужерго рекIелъ. Сунде нужер хьул
бугебилан гьикъулевщинасе нужерго сабруялдалъунги адабалдалъунги
жаваб кьезе хIадурго рукIа нуж кидаго.

16 МасихIиде цолъарал нужелъ бугеб лъикIаб гIамал-хасияталда бугьтан
лъун данде кIалъалел чагIи инжитлъизе, нужеца намус бацIцIад цIуне.

17 ЛъикIлъи гьабуралъухъ гIазаб-гIакъуба хIехьейго лъикI (гьелъие
Аллагьасул къадар батани), – квешлъи гьабуралъухъ гьеб хIехьеялдаса.

18 Нилъ Аллагьасде гIагарлъизе киназего гIоло цо нухалъ хведалха
МасихI ГIиса, – мунагьал ругезе гIоло хведалха мунагьго гьечIев. Гьесул
черх чIвана, амма РухIалъ гьев цIидасан чIаголъизавуна.

19 Гьеб РухI ана жужахIалъур ругел рухIазда цIияб хабар бицине.

20 Гьел рукIана, НухI аварагас гама гьабулеб заманалда, Аллагь
жиндирго кIудияб сабруялда валагьун чIун вукIаниги, Гьесухъ
гIенеккичIезул рухIал. НухIида цадахъ дагьал чагIи гурони хвасарлъичIо,
микьго чи ворчIана тIупаналъул лъададаса.

21 ТIупаналъул лъим ккола гьанже нуж хвасарлъулеб лъадалъ ччун
рахъиялъул гIаламатлъун. Черхалдаса хъублъи чуризе гуро нуж лъадалъ
ччун рахъулел, – ГIиса МасихI хвараласа вахъинавиялдалъун нужер
намус бацIцIалъизабейилан Аллагьасда гьаризейин.

22 Гьев зодове ана ва Аллагьасул кваранаб рахъалда гIодов чIун вуго.
Гьесие мутIигIал руго малаикзаби, гьезул бутIрул ва хIакимзаби.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

## 1 Пётрил 4

1 Жиндир черхалъ гІазаб-гІакъуба хІехьезе ккараб мехалда МасихІил
рукІарал гІадинал пикрабаз нужерго ракІал къвакІизаре, – черхалъ
гІазаб-гІакъуба баччизе ккарас мунагьазде мугъ рехулелъулха,

2 хутІараб гІумру, чорхол гьаваялъе бокьухъе гуреб, Аллагьасул
амруялги тІуразарун, тІамизелъун.

3 Мажусиязе бокьулеб куцалда, пасалъиялдаги чорхол гьаваялдаги хадур
ун, гьекъолдулаго, гьакълил рокъоса къватІире рахъинчІого кеп-
гІоркьалда ва гьересиаллагьзабазе инжитаб-къабихІаб гІибадат
гьабулаго тІамураб гІеларищ нужеца цебехун букІараб гІумру?

4 Жидерго гьел гІасиял ишазулъ нуж гІахьаллъунгутІиялда гІажаиблъи
гьабун гьез нуж какулел руго.

5 Амма чІагоязеги хваразеги суд гьабизе къачІан вугесда цебе жаваб
кьезе ккелебха гьез.

6 Кинабгоги рижиялъе гІадин, жидееги суд гьабун букІарал хвараздаги
Рохалил хабар лъазабуна, хварал чагІигицин, Аллагь гІадин, хвел
гьечІелльун лъугьине.

7 Гьаб дуниял ахирлъулеб буго. Аллагьасе гьари-дугІа гьабизе бажарулеб
хІалалда цІодорго чІа, ригьун рукІа.

8 РакІ-ракІальго цоцазе рокьа. Гьеб буго аслияб жо – рокьиялъ гІемерал
мунагьал рахчула.

9 Нодо букІкІинчІого гьабе цоцазе гьоболлъи.

10 Аллагьас нужер щивав чиясе кьураб баркатаб гьунар цоцазе пайдаялъе
хІалтІизабе, батІи-батІиял хъулухъазде тІамурал лъикІал чагІаз гІадин.

11 КІалалда гьунар бугес вагІза-насихІат гьабе, хъулухъалъе гьунар бугес,
Аллагьас жиндие кьураб къуват-жаналда рекъон, хъулухъ гьабе, –
нужеца гьабулебщиналъухъ гІадамаз, абадул абадиялъ жиндир реццги

къудратги тIаса ине гьечIев ГIиса МасихIил цIарги рехсон, Аллагьасе рецц гьабизе. Амин!

12 ЗахIматаб-къваридаб къо тIаде бачIунилан гIажаиблъи гьабуге, дир хириял, нужеца, хIикматаб иш лъугьанилан ракIалдеги ккоге.

13 МасихIие букIараб гIадаб гIазаб-гIакъуба нужееги насиблъиялдаса рохун рукIа нуж, гьесул къудрат загьирлъараб къоялъ рохуца холел рукIине.

14 Гьардарал гурищ нуж, МасихIиде иман лъей сабаблъун инжит-хIакъир гьарулел ругел, Аллагьасдасан рещтIараб къудраталъул рухI нужелъе лъугьун бугелъулха!

15 Бидуласе, цIогьорасе, яги цогидав такъсирчиясе, ялъуни мацIихъанасе букIунеб тамихIалъул гIазаб-гIакъуба хIехьезе ккогеги нужер цонигияс.

16 Амма гьеб кинабго христианав вукIин сабаблъун кколеб бугони, намуслъизе ккеларо. МасихIил агьлуялъул вугилан Аллагьасе рецц гьабе.

17 Иман лъуразул агьлуялдасан байбихьун, киназего Аллагьас суд гьабулеб заман тIаде щун буго. Гьес нилъедасан байбихьи гьабулеб бугони, Аллагьасул Рохалил хабаралда божичIезул ахир кинабдай букIина?

18 ТIехьалда буго: «Муъминчиясегицин хвасарлъизе захIмалъулеб мехалда, иман гьечIев мунагьчиясул щибдай ккела?» – ян.

19 Гьединлъидал Аллагьасул къадаралдалъун гIазаб-гIакъубаялда ругез лъикIлъи гьабичIого тоге, нилъ Рижарасул ва РагIи холаресул амруялда разилъун чIа.

## 1 Пётрил 5

1 Нужго гIадин, иман лъуразул агьлуялъул бетIерлъун вугев, МасихIица хIехьараб гIазаб-гIакъубаги бихьарав ва загьирлъизе бугеб къудраталъул ирсги насиблъулев дица нужер агьлуялъул бутIрузда гьарулеб буго:

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Аллагьас нужехъе кьураб рехъае вехьлъи гьабе, Аллагь разилъиледухъ
гьелъул тIалабги гьабе, нужеда тIадаб бугилан гуреб, – рекIелъ рокьигун,
3 ужра-мухьалде хьул лъун гуреб, – Аллагьасе хъулухъ гьабизе бугеб
гъира-шавкъгун. Нужеда божун таразе ханлъи гьабуге, рехъадулъ ругезе
мисал бихьизабе.
4 КIудияв Вехь тIаде вачIараб мехалъ, гьес нужер ботIрода лъела
киданиги холареб таж.
5 Гьанже, гIолохъаби, нужги чIахIиязе мутIигIлъе. Цоцаздехун хIеренлъи-
хIалимлъиялъул рачел къай. ТIехьалда буго: «Аллагь чIухIаразда
дандечIола, хIалимазда гьесул баркат лъола», – ян.
6 Аллагьасул къуватаб кверщаликь хIеренго-хIалимго рукIа, болжал
цIараб къоялъ гьес нуж тIадегIанлъизарулин.
7 Сункьаниги хIинкъичIого, кинабго гьесде тIамун те. Гьес нужер тIалаб
гьабулелъулха.
8 ЦIодорго чIа, рорчIи кквe, нужер тушман илбис нужеда сверун лъугьун
бугебин, тIу-тIун бан кваназе чан балагьулаго гIергIедулеб гъалбацI
гIадин.
9 ТIолабго дуниялалда ругел нужер вацалги гьединабго гIазаб-
гIакъубаялда рукIинги лъан, божи-иманги щулалъизабун, нуж
илбисалда дандечIа.
10 Дагьаб заманаялъ гIазаб-гIакъуба хIехьон хадубин абуни, МасихIиде
цолъун ругел нуж, жиндирго къудраталдалъун абадияб гIумруялде
ахIарав, цIоб гIатIидав Аллагьас цIидасан тIадегIанлъизарила, нужер
божи-иман цIикIкIинабила, нужелъ къвакIи-яхI бижизабила ва кьучI
щулалъизабила.
11 Гьесул къудрат абадияб-даимаб буго! Амин!
12 Божизе бегьулев вац вугилан дица рикIкIунев Сильваница кумекги
гьабун, гьаб къокъаб кагъат хъвана нужехъе, нуж къвакIун чIезе ва

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

хIакълъунго гьеб кинабго Аллагьасул баркат букIиналда нуж божизе. Аллагьасдасан бачIараб баркаталъул нух щулаго ккве.

13 Нужго гIадин, Аллагьас тIаса рищарал иман лъуразул Вавилоналда
бугеб агьлуялъулги ва дица васлъун тарав Маркилги салам буго нужеде.

14 Цоцазда баун салам гьабе. МасихIиде цолъун ругел нуж киналго сах-
саламат хутIаги!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# 2 Пётрил

## 2 Пётрил 1

1 ГIиса МасихIил лагъ ва чапар Симеон Пётрица гьаб кагъат хъвалеб буго
нижее гIадинаб цIакъго къиматаб божи-иман жидее щваразухъе. Божи-
иман лъедал, нилъер Аллагьасда ва нилъ хвасар гьарурав ГIиса
МасихIида цере ритIухълъаралльун рикIкIана нужги.

2 Аллагь ва нилъер ТIадегIанав ГIиса тIубанго лъаралъухъ рекъелги
цIобги цIикIкIаги нужее!

3 Аллагьасул къудраталъ нилъее кьуна хIалалаб-бацIцIадаб гIумруялъе
хIажалъулебщинаб жо. Жиндир къуваталъулги лъикIлъиялъулги бутIа
щвезелъун жинца нилъ ахIарав МасихI нилъеда лъана.

4 Гьес нилъее сайигъат гьабуна жинца рагIи кьун букIараб кIудияб ва
хирияб хазина, – гьелъул кумекалдалъун гьаб дуниялалда ругел
гIадамал пасалъиялде ва хвалде рачунел къасдаздаса цIунун, нужее
илагьиябщиналъул бутIа щвезе.

5 Гьединлъидал кутакаб хIаракат бахъе нужерго божи-иманалде лъикIаб
гIамал жубазе, лъикIаб гIамалалдеги гIелму-лъай жубазе,

6 гIелму-лъаялдеги нужедаго квелъ базе кIвей жубазе, нужедаго квелъ
базе кIвеялдеги сабру жубазе, сабруялдеги муъминлъи жубазе,

7 муъминлъиялдеги вацлъи жубазе, вацлъиялдеги рокьи жубазе.

8 Гьеб кинабгойин нужелъ букIине кколеб! Нужелъ гьеб гьарзаго бугони,
нужеда цIикIкIун лъала нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихI, щибго пайда
гьечIелльун ва сундуего ярагьунарелльунги лъугьинаро нуж.

9 Гьеб кинабго жиндилъ камурасда канлъи бихьуларо: гьесда кIочон тана
жиндир цересел мунагьал чурун рукIин.

10 Гьединлъидалин, вацал, нужеца цIикIкIараб хIаракат бахъун тасдикъ
гьабизе кколеб нуж Аллагьас ахIарал ва тIаса рищарал чагIи рукIин.
Гьедин хьвадани – нужер хIетIе киданиги тариларо!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

11 Нужее гъарзаго щвела нилъер ТӀадегӀанав ва нилъ хвасар гъарурав
ГӀиса МасихӀил абадияб ПарччахӀлъиялде жанире лъугьине ихтияр.

12 Гъединлъидал дица нужеда гъеб кидаго ракӀалде щвезабила, – нужее
загьирлъараб хӀакъабщинаб нужеда гъанжего лъалеб бугониги ва щулаго
ккун бугониги.

13 Дир чорхолъ рухӀ бугебгӀан заманаялда нахъаса къотӀичӀого гъеб
нужеда ракӀалде щвезаби дица дида тӀадаб ишлъун рикӀкӀуна.

14 Дида лъала дир чорхолъ рухӀ гӀемераб мехалъ хутӀизе гъечӀеблъи. Гъеб
дие загьир гьабуна нилъер ТӀадегӀанав ГӀиса МасихӀица.

15 Амма дица дида кӀварабщинаб гьабила, – дун ун хадубги, бокьараб
мехалда нужеда гъеб ракӀалде щвезе.

16 Нилъер ТӀадегӀанав ГӀиса МасихӀ жиндирго къудратгун тӀадвуссине
вукӀиналъул хӀакъалъулъ нужеда бицунаго, нижеца такрар гьаричӀо
лъицаялиго сихӀирго ургъарал гьерсал.

17 Ниж руго жиндирго Эмен – Аллагьасдасан бачӀараб гьесул кӀодолъиги
къудратги нижерго берazда бихьарал гӀадамал. Гьеб мехалъ гьесда
рагӀана Къудратав БетӀергьанасул гьаракь: «Гьав вуго Дие вокьулев Дир
Вас. Гьасдаса вохун вуго Дун».

18 Зобалаздасан бахъараб гьеб гьаракь нижедаго рагӀана, мукъадасаб
магӀарда ниж гьесда цадахъ рукӀараб мехалъ.

19 Гьелъ нилъер дагьабги цӀикӀкӀун ракӀчӀезабулеб буго аварагзабазул
рагӀаби ритӀухълъун рукӀиналда. Нужеца гьел рагӀаби гӀадахъ росани,
нуж ритӀарал рукӀина. Жеги бакъул кунчӀи чӀвалелде ва нужер рекӀелъ
Рогьалил ЦӀва баккилелде, бецӀлъуда рекӀараб чирахълъун рукӀина
нужее гьел рагӀаби.

20 Амма сундасаго цебе ракӀалда чӀезабизе ккола ТӀухьдузда хъвараб
цониги калимаялъул магӀна живго лъугьун инсанас гьабизе
бегьулареблъи.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 Инсанасе бокьунилан Аллагьасул цониги калима рещтIинчIелъулха
ракьалде. Аллагьасул калам инсанас халкъалъе бицунаго, Илагьияб
РухIалъин гьев кIалъазе тIамулев.

## 2 Пётрил 2

1 Амма ГIизраилалъул халкъазда гьоркьор гьересиаварагзаби рукIаралго
гIадин, нужеда гьоркьорги рукIине руго гьересинасихIатчагIи. Гьез
нужехъе балъгого росун рачIина кина-щинабго щущазабулел гьерсал.
Гьез инкар гьабизе буго жалго тархъан гьарурав ТIадегIанав
ПарччахIасдаса, гIасияб гIажал жидедаго тIаде хехгого цIазе буго.

2 ГIемерисез мисал босила гьезул пасалъиялдаса, ва гьеб бихьидал
гIадамал хIакъабщиналъул нух какизе лъугьина.

3 Гьел руго гIорцIиго лъаларел чагIи. Жидецаго ургъун рахъарал
харбалги нужее рицун, лъикIго бечелъила гьел. Амма гьезие некIого
къотIараб хIукму кватIизе гьечIо, гьезде бачIинесеб балагь-гIазабги
гъапуллъун гьечIо!

4 Мунагь гьабурал малаикзабаздагицин гурхIичIо Аллагь: гьес гьел
жужахIалъур тIамуна ва Суд гьабулеб къо тIаде щвезегIан бецIлъиялъул
рахсаца рухьун тана.

5 РитIухълъи тIибитIизабизе витIарав НухIги ва гьесда цадахъ анкьго
чиги хутIизегIан, цогидал гIадамаздаги гурхIичIо Аллагь, мунагь-
хIакъалъул агьлуялде тIупан тIураб мехалда.

6 Содом ва Гоморра шагьарал щущазаризе хIукмуги гьабун, гьел
рохъоялде сверизаруна, гьез гIадинаб пасалъи хадубккунги гьабулезе
дарсльун букIине.

7 Амма Аллагьас хвасар гьавуна гIорхъулъа борчIараб хъахIбалъиялде
руссарал гIадамазул хьвада-чIвадиялъ тату хвезабурав ва вацIцIадго
чIарав ЛутI.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Гьезда гьоркьов вацIцIадго хьвадарав гьев чиясул бацIцIадаб рекIее щибаб къоялъ гIазаб кьолаан гьез гьабулебщинаб бихьулебги рагIулебги букIиналъ.

9 БетIергьанасда лъала рацIцIадал гIадамал гIакъуба-къварилъиялдаса хвасар гьаризе, пасатал чагIазейин абуни, Суд гьабулеб къо тIаде щвелалдегоцин тамихI гьабичIого толаро.

10 Жидерго гьаваялъ рижизарурал хъубал къасдазда хадур унел ва гьесул амруял рикIкIинего рикIкIунарел гIадамазе бищун цIикIкIараб тамихI гьабула Аллагьас. Гьел адаб гьечIел ва намусги гьечIел гIадамал хIинкъуларо зобалазда ругел къудратал малаикзаби какизе.

11 Гьел квешал гIадамаздаса гIемерго къуватал ва гучал ругониги, малаикзаби намуслъула БетIергьанасда цебе гьединал гIадамазда гIайиб чIван гьел какизе.

12 Гьел гIадамал рельлъуна гудраца кквезе ва чIвазе рижарал гIакълу гьечIел хIайваназда. Жидер гIакълу нахъгIунтIуларебщинаб какула гьез. ЧIвазе рижарал хIайванал гIадин, хвалде гIагарлъула гьел.

13 Жидеца гьабураб квешлъиялъухъ шапакъатлъун квешлъи щвела гьезие. ГIадада-къад гьабулеб пасатаб гьекъел-кванай гьуинаб буго гьезие. Гьел руго инжитал ва хъубал гIадамал. Гьез лазат босула нужеда цадахъ цо хIарччида нахъа гIодор чIараб мехалъгицин нуж гуккулел рукIиналдаса.

14 ХъахIбалъиялъул гурони пикруги гьабуларо, мунагьал гьарунги гIорцIуларо. РакI загIипал гIадамал гьез къорикье ккезарула. ХъантIиялъе куцун руго гьез жалго. Аллагьасул нагIанаялъе мустахIикълъана гьел!

15 БитIараб нухги тун, къосун ккун руго гьел. Квешлъиялъухъ щолеб гIарцуца къосинавурав Беъорил вас БилгIамил нухдасан ана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

16 Амма гьес гьабулеб букIараб квешаб къасд къватIиб чIвана: мацI
лъалареб жиндирго хIамица, инсанасул мацIалдалъун кIалъан, гьеб
гIантаб жо гьабизе биччачIо.

17 Гьел гIадамал рельлъуна ракъварал иццазда, гьороца хъамулел
накIкIазда! Гьезие хIадурун буго жужахIалъул абадияб бецIлъи.

18 Гьезул кIалдир ругьунлъун руго жалго рещцулел ва гьодорал рагIаби.
Къосараб гIумру гьабулездаса гьанжего-гьанже рикIкIалъизе
байбихьарал гIадамал гьез квегъун буссунареб чорхол гьаваялъул
гьиналъ ккведе тIамула.

19 Гьел гьересинасихIатчагIаз рагIи кьола гIадамал жидеца тархъан
гьарилилан, амма гьел жалго руго пасалъиялъул лагъзал. Бергьарасул
лагълъун къурав кколелъулха!

20 Нилъер ТIадегIанав ва нилъ хвасар гьарурав ГIиса МасихI
лъаялдалъун гьел гьаб дуниялалъул къабихIлъиялдаса рикIкIалъун
рукIана, амма кIиабизеги нухкъосуде ккеялъ къезаруна. Цебе
букIаралдасаги квешаб хIалалде ккана гьел 21 БитIараб Нух лъан
букIинчIебани лъикIаб букIинаан гьезие, гьеб нухги лъан хадуб гьезде
божилъи гьабураб илагьияб амруялдаса кьуризегIан!

22 Гьезие лъугьараб жоялъ бихьизабула гьадинал кицаби ритIарал
рукIин: «Гьве тIадбуссун бачIуна жинцаго лагIараб жо чIикIизе» ва
«Чурун хадубги болъон хIарщулъ гебегахъдула».

## 2 Пётрил 3

1 Гьале дица нужехъе кIиабизеги кагъат хъвалеб буго, дир хириял. Гьал
кагътазда жаниб дица хIаракат бахъулеб буго, нужеда ракIалде
щвезабун, нужелъ рацIцIадал пикраби рижизаризе.

2 Бичасул аварагзабаз абурал рагIаби ва нужехъе рачIарал чапарзабаз
бицараб нилъ хвасар гьарурав ТIадегIанасул амру нужеца ракIалдаса ине
биччаге.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 Сундасаго цебе нужеда лъазе ккола дуниялалъул ахирисел къоязда
рачIине рукIин жидерго къасдазул нухдасан унел ва намус гьечIел
гIадамал.

4 ГIад-хочI гьарун, гьез абизе буго: «ВачIинилан рагIи кьурав гьев щайха
вачIунев гьечIев? Гьале нилъер умумулги цереса ана, амма кинабго
хутIун буго дуниял бижараб мехалъго букIараб хIалалда, щибго хиси
ккечIого».

5 Гьезда кIочон толеб буго авалалдаго, Аллагьас амру гьабун, зобалги
ракьги рижун рукIараблъи. Ракь бижана лъададасан ва лъададалъун.

6 Цинги гьеб тIупаналъул лъадалъ тIерхьана.

7 Гьанже ругел зобалги ракьги Суд гьабулеб къо щвезегIан цIунизе руго
Аллагьас. Суд гьабулеб къоялъ зобалги ракьги рухIун лъугIила, киналго
пасатал гIадамаздеги хвел рещтIина.

8 Нужеда кIочон тоге, дир хириял, БетIергьанасе цо къоги азарго сон
гIадин букIунеблъи, азарго сонги цохIо къо гIадин букIунеблъи.

9 Гьев кватIулев вугилан цо-цо гIадамаз рикIкIунеб бугониги, БетIергьан
кватIулев гьечIо кьураб рагIи тIубазабизе. ХIакъикъаталда гьес сабру
гьабулеб буго: гьесие бокьун гьечIо нужер щивниги гIадада хвезе –
бокьун буго киналго кантIун жиндего руссине.

10 ТIадегIанасул Къо бачIине буго тохлъукьего, цIогьор гIадин. Гьеб
Къоялъ, кутакалда гъугъадун, зобал тIубанго тIагIина, дуниялалда
бугебщинаб цIа рекIун бухIила. Гьебмехалъ къватIирчIвала ракьалда
лъугьарал тIолалго ишал.

11 Кинабго гьедин биххун-щущан инехъин бугелъул, нужеца гьабизе
ккола бацIцIадаб ва Аллагьасде мутIигIаб гIумру.

12 Аллагьасул Къо бачIиналъухъ – цIа рекIун зобал щущан унеб ва
зобалазда ругелщинал цIадулъ риун унеб къо бачIиналъухъ – ралагьун
чIун руго нуж, хехго бачIагиян гIашикълъун руго!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

13 Нилъ ралагьун чIун руго, гьес рагIи кьураб къагIидаялъ, цIиял зобал
ва цIияб ракь бижиялъухъ. Гьенибин ритIухълъи букIунеб!

14 Гьединлъидал, дир хириял, гьеб къо бачIиналъухъ ралагьун чIун,
рацIцIадаллъун, гIайиб гьечIеллъун ва Аллагь разилъулелллъун рукIине
хIаракат бахъе.

15 Нужеда лъазе ккела БетIергьанасул кIудияб сабруялдалъун нуж
хвасарлъизе рукIин. Аллагьас гьесие кьураб гIакъиллъиялдалъун
гьелъул хIакъалъулъин нужеда бицараб нилъер хирияв вац Павелицаги.

16 Гьес гьелъул хIакъалъулъ бицунеб буго жиндирго киналго кагътазда.
РичIчIизе захIматал жалги руго гьенир, лъавукъал ва цо хIал кколарел
гIадамаз, цогидал тIухьдузда хъвараλъулго гIадин, гьезулги магIна
мекъи свериэабула, – жидедего гIасияб балагь бачIиналъе сабаблъун
ккезе.

17 Нужеца, дир хириял, нужеда гьеб цебеккунго лъалелъул, нужго цIуне!
Намус гьечIел гIадамазул гьересиялъ хадур цIазе ва мугъчIвазе бугеб
щулияб сангаралдаса махIрумлъизе чIоге! Нилъер ТIадегIанав ва нилъ
хвасар гьарурав ГIиса МасихIги гьесул лъикIлъиги лъикIго ва цIикIкIун
лъазабун, нужго камиллъе. Гьесие рецц гьанжеги ва абадул абадиялъги.
Амин.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# 1 Иоаннил

## 1 Иоаннил 1

1 Авалалдасанго букIараб, нижеда рагIараб, нижерго беразда бихьараб,
ниж жиндихъ ралагьараб, нижеца жинда кверал хъвараб
ЧIаголъиялъулаб РагIул хIакъалъулъ хъвалеб буго нужехъе.

2 Абадияб гIумру загьирлъана, ва нижеда гьеб бихьана, ва нижеца
гьелъие нугIлъи гьабулебги буго. Нужеда лъазабулебги буго Инсуда
аскIобги букIараб, нижееги загьирлъараб гьеб абадияб гIумруялъул
хIакъалъулъ.

3 Нижедаго бихьаралъулги рагIаралъулги хIакъалъулъ нужедаги
лъазабулеб буго, нижги нужги цо агьлулъун лъугьине бокьун.
ХIакълъунго нилъ руго Инсулги ва гьесул Вас ГIиса МасихIилги агьлу.

4 Нижер рохел гьарзалъизе бокьун хъвалеб буго гьаб кагъат нужехъе.

5 Аллагь Нур вугин ва гьесулъ бецIлъи гьезего гьечIин абун
МасихIидасан рагIараб хабар гьале нужедаги лъазабулеб буго.

6 Гьесул агьлу бугиланги абун нилъ бецIлъуда хьвадулел ругони,
нилъеца абулебги гьабулебги гьересилъиларищ?

7 Аллагь Нуралъулъ вугев гIадин, нилъги Нуралда гъоркь хьвадулел
ругони, гьебмехалда цо агьлулъун лъугьуна нилъ ва Аллагьасул Вас
ГIисал биялдалъун чурула нилъер киналго мунагьалги.

8 Нилъеда мунагь гьечIилан нилъеца абулеб бугони, гьеб букIина нилъго
нилъецаго гуккилъун. Гьебмехалда хIакъабщинаб букIинищ нилъер
рекIелъ?

9 Гьесда цере нилъеца нилъерго мунагьал рехсани, рагIи кьучIав ва
ритIухъав Аллагь тIасалъугьуна, гьес нилъ кинабго квешлъиялдаса
рацIцIад гьарула.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 Мунагьго гьабичIилан нилъеца абуни, Аллагьас гьереси бицунеб бугин
аби кколагури гьеб. Гьебги ккола гьесул РагIуе нилъер рекIелъ бакI
батичIолъи.

### 1 Иоаннил 2

1 Гьаб дица нужехъе хъвалеб буго, дир лъимал, нужеца мунагьал
гьаричIого рукIине. Цо лъицаниги мунагь гьабуни, нилъер вуго гьесул
рахъалъ Инсул судалда кIалъазе ритIухъав чи – ГIиса МасихI.

2 Гьев вуго нилъер мунагьал чуризе къурбан, цохIо нилъер гурелги,
тIолабго гIаламалъул мунагьал чуризе къурбан.

3 Нилъеда Аллагь лъалев вукIин бихьула нилъеца гьесул амруял
тIуразарулел ругони.

4 Жинда гьев лъалинги абулев, амма гьесул амруял тIуразаруларев чи
гьерсихъан вуго, хIакъабги гьечIо гьесулъ.

5 Гьесул рагIи тIубазабулев чиясулъ хIакълъунго камиллъула Аллагьасде
рокьи. Гьелдасанин нилъеда лъалеб нилъ гьесде цолъун рукIин.

6 Аллагьгун жив цолъун хутIулин абулевги хьвадизе ккола ГIиса МасихI
хьвадарав гIадин.

7 Нужее цIияб амру гьабизе гуро, дир хирияб, дица нужехъе хъвалеб
бугеб. Гьеб буго авалалдаго нужее гьабун букIараб цебегосеб амру. Гьеб
цебегосеб амру ккола нужеда рагIун букIараб рагIи.

8 Амма гьале цIияб амру гьабулеб буго нужее – хIакъабщинаб ГIисалъги
нужелъги бихьулеб бугелъул, бецIлъи лъутулеб бугелъул ва хIакъаб
канлъиги рещтIун бугелъул.

9 Жив канлъуда вугиланги абулев, амма жиндирго диналъул вац
вокьуларев чи жеги бецIлъуда вуго.

10 Жиндирго вац вокьулев чи канлъуда хутIула ва гьесдалъун щивниги
къосинеги гьечIо.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Жиндирго вац вокьуларев чи бецIлъуда вуго, бецIлъуда хьвадулевги вуго. БецIлъиялъ берал бецлъизарун ругелъул, кивехун иневали лъаларого хутIун вуго гьев.

12 Гьале дица нужехъе хъвалеб буго, дир лъимал, ГIисал цIар сабаблъун мунагьал чурун ругелъул.

13 Гьале нужехъе хъвалеб буго, умумул, авалалдаго вукIарав нужеда лъан вугелъул. Нужехъеги хъвалеб буго, гIолилал, илбис къезабизе кIун бугелъул нужеда.

14 Дица нужехъе хъвана, дир лъимал, Эмен нужеда лъан вугелъул. Дица нужехъе хъвана, умумул, авалалдаго вукIарав нужеда лъан вугелъул. Дица нужехъе хъвана, гIолилал, нуж къуватал ругелъул, Аллагьасул рагIиги нужелъ бугелъул ва илбис къезабизеги кIун бугелъул нужеда.

15 Гьаб дуниялги бокьуге, дуниялалда бугебги бокьуге. Дуниял бокьулесулъ Инсуде рокьи гьечIо.

16 Дуниялалда бугебщинаб кколелъул чорхол гьаваги, берзул гьаваги ва гьаб дуниялалъул боцIудаса чIухIиги. Гьеб Инсудасан бачIараб гуро, дуниялалдасан бачIараб буго.

17 Дуниял лъутун унеб буго, гьелдаго цадахъ унеб буго гьелъул чIухIи-гьаваги. Амма Аллагьасул амру тIубазабулев чи абадиялъго хутIила.

18 Ахирзаман гIагарлъулеб буго, дир лъимал. Нужеда рагIун букIана Тажал (МасихIил тушман) вахъине кколилан. Гьанже гьел МасихIил тушманзаби гIемерлъун ругелъулин нилъеда лъалеб бугеб ахирзаман гIагарлъун букIин.

19 Гьел нилъеда гьоркьосан рахъана, амма гьел нилъерал рукIинчIо. Нилъерал рукIаралани, нилъгун хутIилаан гьел. Амма киналгоги нилъерал рукIинчIолъи загьирлъизейин гьел нилъеда гьоркьоса арал.

20 Нужелъе Илагьияб РухI ГIисадалъун рещтIана, гьединлъидал нужеда кинабго лъала.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

21 ХIакъабщинаб нужеда лъаларилан гуро дица нужехъе гъаб хъвалеб бугеб, хъвалеб буго нужеда гьеб хIакъабщинабги лъалелъул ва кинаб букIаниги гьереси гьелдасан бижулареблъиги лъалелъул.

22 МасихI гурилан ГIисаде абулев чиги гьерсихъан гурев ватани, гьерсихъан щивха цинги кколев? Гьединав чи ккола Инсудасаги Васасдасаги инкар гьабурав Тажал.

23 Васасдаса инкар гьабулевщинав чияс Инсудасаги инкар гьабула. Вас къабул гьавуравщинав чияс Эменги къабул гьавула.

24 Авалалдаго нужеда рагIарабщинаб нужельго цIуне. Авалалдаго рагIарабщинаб нужелъ хутIани, нужги хутIулелха Инсулъги Васасулъги.

25 Васас нилъее рагIи кьун буго абадияб гIумру насиблъулилан!

26 Нуж къосинаризе къваригIаразул хIакъалъулъин дица гьаб нужехъе хъвалеб бугеб.

27 ГIисадалъун рещтIараб Илагьияб РухI нужелъ хутIулеб бугелъул, нужеда лъицаниги малъизе кколаро. Амма гьеб Илагьияб РухIалъ нужеда кинабго малъулеб бугелъул, гьеб хIакъаб бугелъул ва гьересиги гьелъулъ гьечIелъул, гьелъ малъухъе нуж МасихIгун цолъун рукIа.

28 Гьанже, дир лъимал, МасихIгун цолъун рукIа, гьев рещтIараб мехалда хIинкъичIого рукIине ва гьев вачIаравго намуслъун лъутизе ккечIого рукIине.

29 Гьев ритIухъав вукIин лъалев чиясда лъала ритIухъго хьвадулелщиналги Аллагьасул лъимал кколеллъи.

## 1 Иоаннил 3

1 Нилъ Аллагьасул лъимал ругилан абизе ва хIакъикъаталдаги гьеллъун рукIинеги Инсуца нилъее кьун бугеб рокьиялъухъ балагье нуж. Гьаб дуниялалъул гIадамазда Аллагь лъаларелъул, нильги рикIкIунел гьечIо гьез.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Гьанже нилъ Аллагьасул лъимал руго, дир хириял, амма щаллъун нилъ рукIинелали жеги загьирлъун гьечIо. Амма нилъеда лъала, МасихI вачIараб мехалда, нилъ гьесда релълъунеллъи, кинав вугевали гьев нилъеда вихьизе вугелъул.

3 Гьев вацIцIадав вугелъул, гьевго гIадин вацIцIалъула гьединаб хьул гьесде лъунщинавги.

4 Мунагь гьабулевщинас къанунги хвезабула, къанун хвезаби бугелъулха мунагьги.

5 Нужеда лъала МасихI нилъер мунагьал чуризе гIоло загьирлъаравлъи ва гьесда мунагь гьечIеблъиги.

6 Гьесде цолъун вугевщинас мунагь гьабуларо, мунагь гьабулевщинасдаги гьев вихьунги лъанги гьечIо.

7 Лъицаниги нужго къосинаризе гурин, дир лъимал: МасихI ритIухъав вугев гIадин, ритIухъав вукIуна ритIухъабщинаб гьабулевги.

8 Мунагь гьабулевги илбисалъул рахъалда вуго, авалалдаса бахъарабго мунагь гьабулеб бугелъул гьеб. Илбисалъул ишал хвезаризейин Аллагьасул Вас загьирлъарав.

9 Аллагьасдасан лъугьаравщинас мунагь гьабуларо, гьесулъ Аллагьасул тIабигIат бугелъул. Гьесда мунагь гьабизе кIоларо, гьев Аллагьасдасан лъугьун вугелъул.

10 Гьеле гьелдалъун ратIа гьаризе лъала Аллагьасул лъималги илбисалъул лъималги: ритIухъаб гьабуларевщинавги ва жиндирго вац вокьуларевщинавги Аллагьасдасан гуро.

11 Авалалдасанго нилъехъе амру бачIун букIиндалха нилъ цоцазе рокьайилан.

12 Илбисалда нахъвилълъун жиндирго вац чIварав Къабил гIадин рукIунге. Щай гьес вац чIварав? Гьесул ишал квешал рукIиндал ва вацасул ишалги ритIухъал рукIиндал чIвана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

13 Гьединго гьаб дуниялалъе нуж рокьунгутIиялда гIажаиблъуге, вацал.

14 Нилъеда лъала нилъ хвалдаса гIумруялде рачIараллъи ва гьебги
загьирлъана вацал рокьиялдалъун. Рокьуларев – хвалил кверщаликь
хутIула.

15 Жиндирго вац вокьулааревщинав ккола чи чIвалев чи. Нужеда лъала чи
чIвалев цониги чиясулъ абадияб гIумру хутIулареблъиги.

16 Нилъее гIоло гьес жиндирго рухI кьеялдалъун лъана нилъеда
МасихIил рокьи, нилъецаги вацазе гIоло рухI кьезе ккола.

17 Дуниялалъул бечелъи жиндир бугев чиясда жиндирго вац мискинго
вихьидал гьев кьурун вуссунев вугони, Аллагьасде рокьи гьесулъ кисаха
букIинеб?

18 РачIа, дир лъимал, нилъго цоцазе рокьилин, рагIудалъунги кIал-
мацIалдалъунги гуреб, ишалдалъунги ва хIакъабщиналдалъунги.

19 Гьединин нилъеда лъалеб нилъ хIакъабгун рукIин ва гьединин,
нилъерго намусалъ нилъеда гIайиб чIвалеб мехалда, Аллагьасда цебе
нилъеца ракIалги парахалъизарулел. Аллагь нилъер намусалдаса
тIадегIанав вугелъул ва гьесда кинабго лъалелъул!

21 Нилъер намусалъ нилъеда гIайиб чIвалеб гьечIони, Аллагьасда цебе
нилъер ракI сородуларо.

22 Нилъеца гьесул амрабиги тIуразарулелъул ва гьесие бокьарабги
гьабулелъул, щиб гьараниги щола нилъее гьесдасан.

23 Гьесул амру буго нилъ гьесул вас ГIиса МасихIида божайилан ва
МасихIица нилъеда лъазабураб куцалда цоцазе рокьайиланги.

24 Жиндир амру тIубазабулев чи Аллагьас жиндего цолъизавула, живго
гьев чигун цолъула. Гьес нилъее кьураб РухI нилъелъ букIин бихьунин
нилъеда лъалеб гьев нилъгун цолъун вугевлъи.

**1 Иоаннил 4**

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

1 Аллагьасдасан бачIараб рухI жиндилъ бугин абуравщинав чиясда
божуге, хириял. Гьезул хIалбихье, Аллагьасдасанищ гьел ругелали лъазе.
ГIемерал гьересиаваргзаби рахъун ругелъул гьаб дунниялалда.

2 Аллагьасдасан гьеб рухI букIин гьадин лъазе кIола: инсанасул
къаркъала-черхгун ГIиса МасихI ракьалде вачIун вукIин ритIухъ
гьабулевщинасулъ буго Аллагьасдасан бачIараб рухI.

3 ГIиса ритIухъ гьавуларевщинав чиясулъ бугеб рухI Аллагьасдасан
бачIараб гуро. Гьеб буго Тажалидасан бачIине бугилан нужеда рагIун
букIараб ва гьанже дунниялалде бачIун бугеб рухI.

4 Нуж Аллагьасулал руго, дир лъимал, ва нуж гьел рухIаздаса бергьана.
Нужелъ бугеб рухI гIемерго къудратаб бугелъул гьаб дунниялалъул
гIадамазулъ бугеб рухIалдаса.

5 Гьел гьаб дунниялалъул гIадамал руго, гьез бицунебщинабги гьаб
дунниялалъул гIадамазулаб буго, гьединлъидал гIаламги гьезухъ
гIенеккула.

6 Нилъ Аллагьасулал руго, Аллагь лъалевав нилъехъ гIенеккула,
Аллагьасулав гурев нилъехъ гIенеккуларо. Гьелдалъун батIа гьабизе
лъала хIакъикъияб рухIги гьересияб рухIги.

7 Цоцазе рокьа, хириял, рокьи Аллагьасдасан бачIараб буго, рокьи
рекIелъ бугевщинав чи Аллагьасдасан лъугьарав вуго, ва гьесда
Аллагьги лъала.

8 Рокьи рекIелъ гьечIесда Аллагь лъаларо, Аллагьги рокьи кколелъул.

9 Аллагьасул нилъеде бугеб рокьи гьадин загьирлъана: гьес жиндирго
цохIого вугев Вас дунниялалде витIана гьесдалъун нилъеца гIумру
гьабизе.

10 Гьеле гьелъулъ буго рокьи – Аллагь нилъее вокьиялъулъ гуреб, гьесие
нилъ рокьиялъулъ ва нилъер мунагьал чуризе къурбанлъун гьес
жиндирго Вас витIиялъулъги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

11 Аллагьасе нилъ гьедин рокьулел ругеб мехалда, нилъ цоцазеги
рокьизе ккола, хириял.

12 Аллагь лъиданиги киданиги вихьичІо, амма нилъ цоцазе рокьани,
Аллагь нилъелъ хутІула ва гьесдасан бачІараб рокьиги нилъелъ
камиллъула.

13 Нилъ гьесулъ хутІиги ва гьев нилъелъ хутІиги нилъеда лъала гьес
жиндасанго нилъехъе РухІ битІун бачІиналдалъун.

14 ГІалам хвасар гьабизе бокьун, жиндирго Вас Инсуца витІаравлъи
нижеда бихьана ва нижеца гьелъие нугІлъиги гьабула.

15 ГІиса Аллагьасул Вас вукІин ритІухъ гьабулев чиясулъ Аллагь хутІула
ва Аллагьасулъ гьевги хутІула.

16 Нилъеда лъалеб буго Аллагьасе нилъ рокьулеллъи ва гьелда
божаралги руго нилъ. Аллагьги рокьи ккола, рокьи рекІелъ хутІулев чи
Аллагьасулъги хутІула, ва гьесулъ Аллагьги хутІула.

17 Гьедин нилъеда гьоркьоб рокьи камиллъана, къиямасеб къоялдаса
хІинкъичІого рукІине. Гьаб дуниялалда нильги МасихІида релълъун
ругелъулха!

18 Рокьи бугелъуб хІинкъи букІунаро, камилаб рокьиялъ хІинкъи
къватІибе гъола, щайгурелъул гІадамал хІинкъулеб жо тамихІ бугелъул.
ХІинкъарасулъ рокьи камиллъуларо.

19 Нилъее Аллагь вокьула, тІоцерего гьесие нилъ рокьидал.

20 Дие Аллагь вокьулинги абун, жиндирго вац рихарав чи гьерсихъан
вуго. Жиндаго вихьулев вац вокьуларев чиясе вихьуларев Аллагь вокьизе
рес гьечІелъул.

21 Нилъее МасихІидасан амру буго Аллагь вокьулесе гІадамалги рокьизе
кколилан.

**1 Иоаннил 5**

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

1 ГІиса МасихІлъун вукІиналда божаравщинав чи Аллагьасдасан
лъугьарав вуго. Жинца гьавурав вокьулевщинасе жив гьавуравги
вокьула.

2 Нилъее Аллагь вокьиялдалъунги ва гьесул амраби
тІуразариялдалъунги лъала Аллагьасул лъималазде нилъер рокьи.

3 Аллагьасде рокьи кколелъулха гьесул амраби нилъеца тІуразари.
Гьесул амраби захІматал гьечІо.

4 Аллагьасдасан лъугьаравщинав дуниялалдаса бергьуна! Дуниялалда
тІад босараб бергьенлъи – гьеб ккола нилъер божи-иман.

5 ГІиса Аллагьасул Вас вукІиналда божарав чиясда гурони, цоги лъидаха
кІвелеб дуниялалда тІад бергьенлъи босизе!

6 ГІиса МасихІин вачІарав лъимгун ва бигун, цохІо лъимгун гурев,
лъимгун ва бигун вачІана гьев. Гьелъие РухІалъ нугІлъи гьабула, РухІ
хІакъаб бугелъул.

7 Лъабго нугІги бугелъул:

8 РухІги, лъимги, биги. Гьеб лъабабгоги цойихъан руго.

9 ГІадамазул нугІлъицин нилъее гІолеб бугеб мехалда, Аллагьасул
нугІлъи дагьабги кІудияб буго. Аллагьасул нугІлъиялъул магІна ккола
жиндирго Васасул хІакъалъулъ гьес жинцаго нугІлъи гьабулеб букІин.

10 Аллагьасул Васасда божулесулъ жиндилъго буго гьеб нугІлъи.
Аллагьасда божуларев чияс Аллагь гьереси гьавулев вуго, жиндирго
Васасул хІакъалъулъ Аллагьас гьабураб нугІлъиялда гьев божичІелъул.

11 Аллагьас нилъее кьураб абадияб гІумруялъул хІакъалъульги буго гьеб
нугІлъи. Гьесул Васасулъин гьеб гІумру бугеб.

12 Аллагьасул Васгун цолъарав чиясе гІумру буго, гьевгун цолъичІесе
гІумру гьечІо.

13 Аллагьасул Васасда божулел нужехъе дица гьаб хъвана нужее абадияб
гІумру насиблъун бугеблъи лъан букІине.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

14 Аллагьасда цебе нилъее хIинкъи гьечIолъи сундалъунха лъалеб?
Гьесул изнуялдалъун нилъеца щиб гьараниги, гьесда гьеб рагIула.

15 Нилъеца гьарарабщинаб гьесда рагIулеб букIин нилъеда лъани,
нилъеда лъала гьарарабщинаб гьесдасан щвезе букIинги.

16 Хвалде рачунеб хутIун, цогидаб мунагь вацас гьабулеб бихьани, гьесул
рахъалъ дугIа гьабе, ва Аллагьас гьесие абадияб гIумру кьела. (Хвалде
рачунебги буго мунагь; гьелъул рахъалъ дугIа гьабиялъул гуро дица
бицунеб бугеб.

17 Кинабго квешлъи гьаби мунагь ккола, амма хвалде рачунареб
мунагьги букIуна.)

18 Аллагьасдасан лъугьарас мунагь гьабулареблъи лъала нилъеда,
Аллагьасул васас гьев цIунулелъул! Илбисалдаги кIоларо гьесда
хъатIизе.

19 Нилъеда лъала нилъ Аллагьасдасан лъугьун ругеллъи ва тIолабго
дуниялги илбисалъул кверщаликь бугеблъи.

20 Нилъеда лъала вачIун Аллагьасул Васас нилъее ХIакъав лъазе гIакълу
кьураблъиги. Нилъги руго ХIакъавгун ва гьесул Вас ГIиса МасихIгун
цолъун. Гьев вуго хIакъав Аллагь ва абадияб гIумру.

21 Гьересиаллагьзабаздаса цIуне, дир лъимал, нужго!

# 2 Иоаннил

## 2 Иоаннил 1

1 Иман лъуразул агьлуялъул бетIерасдасан – тIаса йищарай бикаде ва гьелъул лъималазде, дие жал хIакълъунго рокьулел, дие гурелги, хIакъабщинаб лъалел киназегоги рокьулел.

2 Гьеб хIакъабщинаб нилъелъ буго ва гьеб абадиялъго нилъгун хутIизеги буго.

3 Эмен – Аллагьасул ва Инсул Вас ГIиса МасихIилги баркатги, цIобги, саламги лъеги нилъеда ва хIакъабщинабги рокьиги нилъгун хутIаги.

4 Дун цIакъ вохана дур цо-цо лъимал Инсул амруялда рекъон хIакъабщинабгун хьвадулел ратидал.

5 Гьанже дун дуе цIияб амру хъвалев гьечIо, хирияй бика. Амма дица дуда гьарулеб буго нилъ цоцазе рокьейилан авалалдасанго букIараб амру тIубазабеян.

6 Аллагьасул амруязда рекъон хьвадулел руго нилъ – гьеле гьелъулъ буго гьеб рокьиги. Авалалдасанго нужеда лъазабун букIараб амруялъ абулеб буго нуж цоцазде рокьигун хьвадейилан.

7 Инсанасул къаркъала-черхгун ГIиса МасихI ракьалде вачIун вукIинчIилан абулел гIемерал гьерсихъаби рачIун руго дуниялалде. Гьедин абурав чи ккола гьерсихъанги МасихIил тушманги.

8 Воре, нужеца захIмат баччарабщинаб билизе-тIагIине биччаге, нужеего щвезе кколеб кири дагьлъизе гурин.

9 МасихIил насихIаталъ жанибе бачаралдаса къватIивехун лъугьуневщинав чи Аллагьасде цолъуларо. Гьенив жанив чIаравщинав чи Эменгун цолъула, Васгунги цолъула.

10 Гьединаб насихIат гьабуларев чиясе гьоболлъиги гьабуге нужеца ва нужерго къавулъе къазеги виччаге.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

11 Гьев къавулъе виччаравщинавги ккола гьесул квешал ишазул
гIахьалчи.

12 Нужехъе хъвазе жо гIемер букIаниги, гьанже кагъатги щакъиги нахъе
лъезе хиял ккана дир. Дир хьул буго нужехъе вачIине ва, цоцазул кIал
бихьун, кIалъа-ралъазе. Гьелдалъун нилъер рохелги гьарзалъила.

13 Аллагьас тIаса йищарай дур яцалъул лъималазулги буго дуде салам.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

# 3 Иоаннил

## 3 Иоаннил 1

1 Иман лъуразул агьлуялъул бетIерасдасан – хIакълъунго дие вокьулев
дир хирияв Гайиде.

2 Дица Аллагьасда гьарулеб буго, дир хирияв, дур рухI лъикI бугеб
гIадин, сундулъго мун лъикI тагийилан ва дуе сахлъи кьегийилан.

3 ХIакъабщиналъе мун ритIухъго чIун вугилан ва хIакъабщинабгун
хьвадулевги вугилан гьанире рачIарал вацаз бициндал, дун цIакъ
вохана.

4 Дир лъимал хIакъабщинабгун хьвадулел ругилан рагIиялдаса кIудияб
рохел гьечIо дие.

5 Вацазе ва хасго нухлулазе дуца квербакъулеб букIиналъулъ буго, дир
хирияв, дур ритIухълъи.

6 Иман лъуразул агьлуялъе гьез нугIлъи гьабуна жалги дуе рокьулилан.
Аллагь разилъулеб хIалалда дуца гьел нухда регIани, дур лъикIаб иш
букIина гьеб.

7 Иман лъечIезухъа щибниги босичIого, МасихIил цIаралъе гIоло нухда
рахъун ругелъулха гьел.

8 Гьединлъидал гьединал гIадамазда квер чIвазе ккола нилъеца, гьелгун
цадахъ лъугьун хIакъабщиналъе гIоло хIалтIизе.

9 Дица иман лъуразул агьлуялъухъе хъван букIана гьелъул хIакъалъулъ,
амма гьениб цевехъанлъи бокьулев Диотрефица ниж рикIкIунел гьечIо.

10 Гьединлъидал, дун гьениве вачIани, дица загьир гьабила нижеда гьес
лъун букIараб бугьтан. Ва гьеб гIечIелъубе, гьес жинцагоги инкар
гьабулеб буго нухда ругел вацал къабул гьаризе, къабул гьаризе
бокьараздаги биччалеб гьечIо ва иман лъуразул агьлуялда гьоркьоса
гьел нахъе гъолел руго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Дир хирияв, квешлъиялдаса гуреб, лъикIлъиялдаса босе мисал.
ЛъикIлъи гъабулевав ккола Аллагьасдасан лъугьарав, квешлъи
гьабурасдаги Аллагь вихьичIо.

12 Деметрийил хIакъалъулъ киназго нугIлъи гьабуна,
хIакъабщиналъгицин гьабуна гьесул хIакъалъулъ нугIлъи. Нижецаги
гьабулеб буго гьеб нугIлъи, дудаго лъалаха нижер нугIлъи ритIухъаб
букIунеблъи.

13 Духъе хъвазе жони гIемер бугоан, амма щакъи-къаламалъ хъвара
гIей гьабизе бокьун гьечIо.

14 Дир хьул буго кватIичIого мун вихьизе ва, цоцазул кIал бихьун,
кIалъа-ралъазе.

15 Вассалам. ЦIар-цIарккун рехсечIониги, гьудулзабазулги буго дуде
салам.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

# Ягьудал

## Ягьудал 1

1 ГІиса МасихІил лагъ ва Якъубил вац Ягьудал рахъалдасан Аллагьас
тІаса рищаразде, Эмен – Аллагьасе рокьулезде ва ГІиса МасихІица
цІунун ругезде салам.

2 Рекъелги, рокьиги ва Аллагьасул цІобги цІикІкІаги нужее.

3 Дица хІаракат бахъана, дир хириял, нилъее насиблъараб
хвасарлъиялъул хІакъалъулъ хъвазе. Гьаб кагъат хъвачІого рес букІинчІо,
цохІо нухалъ Аллагьасул халкъалъе кьураб дин цІунун цІидасан
къеркьейилан гьаризе кколеб бугелъул.

4 Аллагьас суд гьабизе жидее къадар бугел цо-цо мунапикъзаби рорчІун
руго нилъеда гьоркьоре. Аллагьас цІоб лъеялъул Рохалил хабар гьез
хисизабулеб буго, жидерго пасалъи ритІухъ гьабизе. Гьез инкар гьабулеб
буго ГІиса МасихІидаса – цохІо вугев нилъер ТІадегІанав ПарччахІасдаса.

5 Нужеда гьеб кинабго лъалеб бугониги, дие бокьун буго нужеда
ракІалде щвезабизе Мисриялда букІараб ГІизраилалъул халкъ Аллагьас
цо нухалъ хвасар гьабунин. Цинги жинда божичІелщинал хвезарула гьес.

6 Жидее цІан букІараб хІуччдаса церехун арал ва жалго руссараб бакІги
рехун тарал малаикзаби гьес абадиял рахсаца рухьун гъора бецІлъуда
чІезарун руго, гьезие суд гьабулеб кІудияб къо бачІинегІан.

7 Нужеца ракІалде щвезабе Содомги Гоморраги ва гьезда сверухъ
рукІарал шагьаралги: гьезги хъахІбалъи гьабуна, гІадаталдаса бахъараб
къагІидаялъ цогидаб хъублъиги гьабуна. Цогидазеги дарслъун букІине,
гьезие тамихІлъун лъугьана абадияб цІа.

8 Доздаго релълъун гьел мунапикъзабазги жалго хъублъизарулел руго,
гьелъие изну Аллагьасдасан рещтІаниланги абун. Аллагьасул амруги
рикІкІунеб гьечІо гьез, малаикзабиги какулел руго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

9 ТӀадегӀанав малаик МикагӀилги илбисги Муса аварагасул жаназа
сабаблъун дагӀбадизе ккараб мехаль, илбисалда гӀайиб чӀван квешаб
рагӀи абичӀо гьес, «БетӀергьанас чӀезабилин мунилан» гурони.

10 Гьел гӀадамазин абуни жидедаго бичӀчӀулареб-лъалареб жо какулеб
буго. МацӀ лъалареб хӀайваналъул гӀадаб гӀакълуялдалъун жидедаго
бичӀчӀулеб бугелъ ахирги хвалде рачина гьел.

11 Балагьги гӀазабги гьезие! Къабилил нухдасан унел руго гьел. Жидерго
хъантӀиялъ БилгӀамил гъалатӀалда нахърилълъунел руго. КъорахӀил
гӀадинаб питнаялъ хвезарулел руго.

12 Аллагьасе тӀагӀатги гьабун цадахъ кваназе нуж гӀодор чӀараб бакӀ,
намус гьечӀого ханчӀон, хъублъизабула гьез. Гьел руго жидерго гурони
агъаз гьечӀел, гьороца хъамун ун, цӀадае данделъуларел накӀкӀал гӀадин,
хасалихъе тӀамах гъарал, тӀад пихъги бижуларел, кьалбалги ракъварал
гъутӀби гӀадинал ва кӀицӀулго хварал гӀадинал гӀадамал.

13 Гьел рельълъуна гьалаглъараб ральдада жидер инжитлъиялъул полоп
тӀад барал карачалабазда, абадияб бецӀлъуде рехизе хӀукму жидее
хӀадурун бугел, низам гьечӀого хьвадулел цӀвабзазда.

14 Адамил анкьабилеб кьералдасан вахъарав Энохица цебеккунго гьезул
хӀакъалъулъин бицунеб букӀараб: «Гьале, БетӀергьан вачӀунев вуго аза-
азар малаикзабигун цадахъ

15 киназего суд гьабизе. ВачӀунев вуго Аллагьасде гӀасилъун гьез
гьарурал киналго гӀасиял ишазухъ ва дандечӀун абурал киналго гӀасиял
рагӀабазухъ гьезул щивав чиясе тамихӀ гьабизе».

16 Цогидал какун кидаго зигардулел рукӀуна гьел, чорхол гьаваялъ
малъухъе хьвадула, гӀадамазда цере чӀухӀдарула ва, жидерго мурадалде
щвезе, бадибе рецц гьабула.

17 Нужеца, дир хириял, ракӀалде щвезабе хадубккун лъугьине бугелъул
хӀакъалъулъ нилъер ТӀадегӀанав ГӀиса МасихӀил чапарзабаз щиб бицунеб
букӀарабали.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

18 Гьез нужеда абулеб букIинчIищ ахирзаманалда рахъине ругин намус
гьечIел ва Аллагьасде гIасиял жидерго къасдазда хадур унел гIадамал?

19 Гьел руго жидеца рикьи ккезабулел, мунагьаб напсалъе мутIигIлъулел
ва Илагьияб РухI жиделъ гьечIел гIадамал.

20 Нуж, дир хириял, щулаго чIа, нилъер бацIцIадаб динги цIунун.
Илагьияб РухIалдалъун гьари-дугIа гьабе.

21 Аллагьасе рокьулел рукIинги лъан, цIуне нужго. Нилъер ТIадегIанав
ГIиса МасихI рещтIиналъухъ ралагьун чIа, жиндирго цIобалдалъун гьес
нужее абадияб гIумру кьела.

22 Васвасалда ругездаги гурхIа нуж.

23 Цоял жужахIалъул цIадудаса хвасар гьаризе ккела нужеца. Цогидазда
гурхIизе ккела, амма мунагьаз хъублъизабураб гьезул ратIлида
хъвазегицин Аллагьасукьа хIинкъа нуж!

24 Жиндирго къудрат загьир гьабулеб заманалда къосиналдасаги
хъублъиялдасаги цIунун, нуж рохизаризе кIолев

25 ва ТIадегIанав ГIиса МасихIидалъун нилъ хвасар гьарулев Цо вугев
Аллагьасе рецц! Гьесул къуватги хIалкIолъиги кIудияб буго цебеги,
гьанжеги ва абадул абадиялъги. Амин!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# Румазухъе

## Румазухъе 1

1 Гъаб кагъат битIулеб буго чапарлъун тIаса вищарав ва Аллагьасдасан рещтIараб Рохалил хабар лъазабизе тарав Павелица – ГIиса МасихIил лагъас.

2 Гьеб буго аварагзабазухъе рещтIарал ТIухьдузда цебеккунго Аллагьас загьир гьабизе рагIи кьун букIараб Рохалил хабар.

3 Инсан хIисабалда Давудил наслуялъул васлъун кколев, Илагьияб РухIалъул рахъалъ босани, кIудияб къудраталъ хваралъуса вахъинавидал, Аллагьасул вас вукIин загьирлъарав нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIил хIакъалъулъ хабар буго гьеб.

5 Гьесдалъун щвана дие баркат ва гьесие гIоло киналго халкъазул гIадамал божи-иманалдалъун Аллагьасе мутIигIлъейилан ахIизе чапарлъи.

6 ГIиса МасихIил умматлъун лъугьине ахIаразда гьоркьор руго нужги.

7 Нилъер Эмен – Аллагьасул ва ТIадегIанав ГIиса МасихIил баркатги саламги лъеги Рималда ругел киналго Аллагьасе рокьулел гIадамазда, иман лъуразул агьлулъун лъугьине Аллагьас тIаса рищаразда!

8 Бищунго цебе – тIолабго дуниялалда нужер божи-иманалъул цIар тIибитIун бугелъул, ГIиса МасихIги рехсон, дирго Аллагьасе рецц гьабула дица.

9 Жиндир Васасул хIакъалъулъ Рохалил хабар тIибитIизабун, ракI-ракIалъго дица хъулухъ гьабулеб бугев Аллагьасда лъала: щибаб дир дугIадулъ кидаго ва нахъаса къотIичIого рехсола нуж. Дица Аллагьасда гьарула, гьесие бокьани, гьанжегIаги нужехъе вачIине рес ккагиян.

11 Дир гьира буго нуж рихьизе. Бокьун буго цо илагьияб хазина нужее бикьизе – нуж къвакIун чIезе,

12 нижерги нужерги божи-иманалъ нилъер ракIбатизабизе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

13 Цогидал халкъазухъе араб мехалъ гӀадин, гьениб нужер гъотӀодасаги пихъ бетӀизе гӀоло, нужехъе вачӀине чанго нухалъ дица къасд гьабураблъиги нужеда лъачӀого хутӀизе бокьун гьечӀо, вацал, дие. Амма гьанжелъизегӀан дие квалквал ккана.

14 Дун налъулавлъун ккун вуго адаб бугелги гьечӀелги халкъазул, лъай бугелги жагьилалги халкъазул.

15 Гьединлъидалин нужеда, ай Рималда ругезда, гьоркьоб Рохалил хабар тӀибитӀизабизе дие цӀакъ бокьун бугеб.

16 Дун тӀубанго божула Рохалил хабаралда. Киналго иман лъуралал – цин жугьутӀал, цинги цогидал халкъал – хвасарлъизарулеб илагьияб къудрат буго гьеб.

17 Гьелъ загьир гьабула, гӀицӀго божи-иманалъухъ балагьун гурони, инсан Аллагьас ритӀухъ гьавуларевлъи. ТӀухьдузда хъван бугелъул: «РитӀухъав инсан жиндирго божи-иманалдалъун чӀаго хутӀила».

18 Зобалаздасан Аллагьасул ццин рещтӀунеб буго жидер квешал ишаздалъун хӀакъабщинаб чӀинтӀизабулел гӀадамазул щибаб квешлъиялдеги пасалъиялдеги.

19 Жив вукӀин гьес загьир гьабун, гьезухъе щун бугелъулха Аллагь лъаялъул гӀелму.

20 Аллагь вихьунгутӀиялъул хӀикмат дуниял бижаралдаса нахъего якъинго загьирлъана, кинабго загьирлъана гьес бижанщиналдалъун. Гьеб хӀикмат ккола гьесул абадияб къудратги БетӀергьан вукӀинги. Гьединлъидал гьездаса гӀайиб кибе инеб?

21 Аллагь вукӀин лъаниги, гьесие цӀар-рецц гьабичӀо гьез. Гьезул гьодорал пикраби гӀадада ана, гӀакълу гьечӀолъиялъ гьезул ракӀалги бецлъизаруна.

22 Жал гӀакъилал ругилан чӀаниги, гӀабдалзаби ратана гьел.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

23 Хвел гьечIев Аллагьасе гьабичIого, гьез гIибадат гьабуна холел-унел гIадамазул, хIанчIазул, ункъхIатIилал хIайваназул ва ракьалдасан шурулел жалазул суратазе.

24 Гьеб сабаблъун Аллагьас гьел кьуна жидерго рекIелъ рижарал хъубал къасдазул кверщаликье, – гьединлъидалин жидерго чурхдуздалъун гьез цоцазе хъублъи гьабулеб бугеб.

25 Аллагьасул хIакъаб рагIи гьез гьерсихъ хисана. Кинабго жинца бижарасе гьабичIого (Абадияб рецц гьесие, амин!), гьес бижаралъе гьабуна тIагIатги гIибадатги.

26 Гьеб сабаблъун Аллагьас гьел кьуна инжитал къасдазул кверщаликье. Гьезул гьениб руччабазгицин, чIужугIаданалъе тIабигIиябги хисун, хIалтIизабулеб буго тIабигIияб гуребаб.

27 Гьединго бихьиналги, руччабазулгун бусен цолъиги рехун тун, жалго жидедего хIасрат бергьун лъугьунел руго. Бихьинчияс бихьинчиясдехун хъублъи гьабун, гьез жидедаго тIаде цIалеб буго гьеб къосин сабаблъун жалго мустахIикълъараб тамихI.

28 Аллагь лъаялъул гIелму гIадахъ босизе бокьичIелъул, гьес гьел кьуна пасалъиялъул кверщаликье, – гьабизего бегьулареб жо гьез гьабизе.

29 Кина-щинабго пасалъиялъулги, квешлъиялъулги, хъантIиялъулги, ццидалги цIун руго гьел. ЖахIда-хIусудги, чIвай-хъвейги, дагIба-къецги, хIилла-рекIкIги, инжитлъиги цIикIкIун буго.

30 Гьез мацI гьабула, нахъасан гаргадула, Аллагьги гьезда рихун вуго. Гьел чанкIкIунги руго, чIухIунги руго. Жалго жидецаго рецциэе ва квешлъи ургъизе махщелги буго гьезул, эбел-инсухъги гьел гIенеккуларо.

31 Гьезда намус гьечIо, рекIелъ гурхIел гьечIо, рахIмуги гьечIо.

32 Гьедин хьвадарав чи чIвазе кколилан Аллагьасул амру букIин лъаниги, жидецаго квешлъи гьабураб гIечIого, гьеб гьабулел цогидалги рецццула гьез.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

**Румазухъе 2**

1 Ле, чияда гIайиб чIвалев чи, щив мун ватаниги, дуда тIаса гIайиб
кибего унаро. Цогидазда гIайиб чIвалеб бугони, дудаго гIайиб чIвалев чи
ккола мун. Цогидазда гIайиб чIвалаго, дуцагоги гьабулеб бугелъул
гьебго жо.

2 Нилъеда лъала гьедин хьвадулел гIадамазе Аллагьасул тамихI
ритIухъаб букIин.

3 Ле, цогидазда гIайибги чIван, гьебго жо дуцаго гьабулев чи, дуда
ракIалде кколищ Аллагьасул тамихIалдаса ворчIилилан?

4 Аллагь цIоб гIатIидав, гурхIел-рахIму бугев ва сабруяв вукIиналъищ
дур рекIелъе хIинкъи лъугьунеб гьечIеб? Аллагьасул цIобалъ мун
тавбуялде гьесизавулев вукIин лъаларищ дуда?

5 Амма дур чанкIкIиялъги ракIбицалъиялъги дулъго цIикIкIинабулеб
буго Аллагьасул ццин бахъин. Гьеб дуда лъала Аллагьасул ритIухъаб
тамихIги ццин бахъинги загьирлъулеб къоялъ.

6 Щивав чиясул ишазда рекъон гьабила Аллагьас хIукму.

7 ЛъикIлъи гьабиялда тIадчIеялдалъун лъикIаб цIарги, шапакъатги,
хвелгьечIолъиги тIалаб гьабурасе гьес абадияб гIумру насиб гьабила.

8 Жидеего пайдаялъе хIалтIулезде ва, хIакъабщиналъухъ гIенеккичIого,
квешабщиналъухъ гIенеккаразде Аллагьасул ццин гьалаглъила.

9 ЖугьутIаздаса байбихьун цогидал халкъазде щвезегIан гIадамазда
гьоркьоса квешлъи гьабунщинасе – гIазабги гIакъубаги!

10 ЖугьутIаздаса байбихьун цогидал халкъазде щвезегIан гIадамазда
гьоркьоса лъикIлъи гьабунщинасе – цIарги, реццги, саламалъиги!

11 Аллагьасул цIадираби ритIухъал ругелъулха!

12 Мусал Къанун лъалелдего мунагь гьабурасе тамихI гьабула
Къануналде балагьичIого, Къанун лъан хадуб мунагь гьабурасе тамихI
гьабула Къануналде балагьун.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

13 Къанун цIалулеб рагIараб гIоларо, гьелда рекъон хьвадизеги ккола –
Аллагьас ритIухъавлъун рикIкIине.

14 Къанунго лъаларел гIадамаз, Къанун лъачIониги, жидерго гIакълу
нахъгIунтIун тIуразарула Къануналъул амруял.

15 Къануналда бугебаб жидер рекIелъ хъван бугеблъи бихьизабула гьезул
намусалъ: гьезулъ рижула цо-цо мехалда жидедаго гIайиб чIвалел, цо-цо
мехалда жалго ритIухъ гьарулел пикраби.

16 Дица тIибитIизабулеб бугеб Рохалил хабаралда рекъон, МасихI
ГIисадалъун Аллагьас суд гьабулеб къоялъ къватIир чIвазарила
киназулго балъгоял къасдал.

17 Мун жугьутIав вугилан рикIкIуна дуца, Къануналъ мун хвасар
гьавилилан ракIчIун вукIуна, Аллагь нижехъан вугилан веццардула,

18 дуда лъала гьесул амруял кинал ругелали, Къануналдалъун битIараб
нух тIаса бищизеги ругьунлъана мун.

19 Дур ракIчIун буго бецал чагIи дуца хадур цIалел ругин, бецIлъуда
ругезе канлъиги кьолеб бугин,

20 гIакълу гьечIел кантIизарулелги ругин. Дуда лъикIго лъалин кинабго
гIелмуги хIакъабщинабги жиндилъ камиллъараб Къанун.

21 Дуца цогидазда малъула – дудаго щайха малъулареб?
ЦIогьодугейилан малъула – мунго щайха цIогьодулев?

22 ХъахIбалъи гьабугейилан абула – дуцаго щайха хъахIбалъи гьабулеб?
Гьересиаллагьзаби дуда рихарал руго – гьел жанир ругел храмал щайха
дуца талавур гьарулел?

23 Дуе Къанун рещтIун бугилан веццарула мун, амма дуца гьеб Къанун
хвезабула ва гьелдалъун Аллагь хIакъир гьавула.

24 ТIухьдузда хъван бугелъул: «Нуж сабаблъун мажусияз Аллагь какулев
вуго».

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

25 Сунат гьабиялъул дуе пайда буго, Къануналъ малъухъе мун хьвадулев
вугони. Дуца Къанун хвезабулеб бугони, сунатго гьабичIев гIадинав чи
гурищ мун кколев?

26 Цогидал халкъазул чи Къануналъ малъухъе хьвадулев вугони, сунат
гьабурав чи гIадин къабул гьавуларищ Аллагьас гьевги?

27 Чорхол лага къотIун сунат гьабичIониги, Къануналда рекъон
хьвадулел цогидал халкъазул гIадамаз гIайиб чIвала дуда, хъвараб
Къанунги рещтIарав, сунатги гьабурав, амма Къануналда рекъон
хьвадуларев чи вугилан.

28 Чорхол лага къотIун сунат гьабуравщинав ва тIасан вихьизе
жугьутIавилан кколевщинав чи жугьутIав гуро.

29 Унго-унгояв жугьутIав ккола жаниса жив жугьутIавлъунги вугев ва
жиндир рекIелъ, Къануналъул хIарпаздалъун гуреб, Илагьияб
РухIалдалъун сунатги гьабурав чи. Гьединав чиясе рецц, гIадамаздасан
гуреб, Аллагьасдасан букIуна.

**Румазухъе 3**

1 Гьедин батани, жугьутIал цогидал халкъазул гIадамаздаса сундалъунха
тIокIал ругел? Сунат гьабиялъул пайда бугебищ?

2 Бугебха, бугизеги батIи-батIияб пайда буго! ТIоцебесеб – Аллагьас
жиндирго рагIул божилъи жугьутIазде гьабуна.

3 Гьезул цо-цояз гьеб божилъи хвезабуни? Гьезул божуда рекIкI
сабаблъун, Аллагьас жиндирго рагIи хвезабулебищ?

4 Киданиги гьабуларо! Аллагьас киданиги хвезабуларо жиндирго рагIи,
хIатта киналго гIадамал гьерсихъабилъун лъугьанигицин. ТIухьдузда
хъван буго: «Щиб Дуца абуниги, гьеб хIакъаб букIина, Дуде гIайиб
гIунтIизабурасдасаги Мун бергьина».

5 Нилъер квешал ишаз Аллагьасул ритIухълъи якъинго загьир гьабулеб
бугони, гьелда щибиланха абилеб? Нилъее тамихI ритIухъго гьабулеб


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

гьечIин Аллагьасиланищ абилеб? (Дица гьеб гьикъулеб буго инсанасулаб гIакълуялда нахъвилъльун.)

6 Гьедин абизе бегьуларо! Гьедин бугони, Аллагьас гIаламалъего суд кин гьабилеб?

7 Дир квешал ишаз Аллагьасул хIакъикъат жеги цIикIкIун загьир
гьабулеб бугони, гьелдалъун Аллагьасе реццги жеги цIикIкIунеб бугони?
Гьеб сабаблъун мунагьалъукье кканилан Аллагьас дие тамихI гьабизе
бегьилищ?

8 «Гьедин батани, рачIаха квешлъи гьабизе, цинги гьеб лъикIлъиялде
сверизе!» – ян абизе бегьилищ? (Цо-цо дун какизе бокьарал гIадамаз
хIакъикъаталдаги абула дица гьедин гьабизе малъулеб бугилан. Гьезие
насиблъила мустахIикъаб тамихI!)

9 Нижее, жугьутIазе, тIокIлъи гьечIебищха? ГьечIо! Дица
бичIчIизабунагури, жугьутIалги цогидал халкъалги – киналго
мунагьалъул кверщаликь ругилан.

10 ТIухьдузда хъван буго: «Цониги муъминчи гьечIо, цохIониги гьечIо.

11 Цониги бичIчIулев чиги гьечIо, лъицаниги Аллагь валагьулев гьечIо.

12 Киназго Аллагьасде мугъ рехун буго, киналго квешлъун руго.
ЛъикIлъи гьабулев чиго гьечIо, цохIониги гьечIо.

13 Рагьараб хобалда релълъуна гьезул мукъулукъ, гьезул мацIалтIаги
гьереси буго. Борхьил загьру буго гьезул кIутIбузда.

14 Ццидалги хьандеялъулги цIун буго гьезул кIал.

15 Би гIодобе тIезе гIедегIула гьезул бохдул,

16 Гьел щванщиналъуб чIунтиги чIунтелалги руго.

17 Ракълил нух лъаларо гьезда.

18 Аллагьасукьа хIинкъизе бокьулеб гьечIо гьезие».

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

19 Кинабго Къануналъ абулеб бугебщинаб Къануналда рекъон хьвадулезе
бихьизабураб букIин лъала нилъеда, – гьединлъидал жинда гIайиб
гьечIилан лъицаниги кIал ричIизе бакI гьечIо, Аллагьасда цебе тIолабго
гIаламалда гIайиб чIвалеб буго гьелъ.

20 Къануналъ малъухъе хьвадунилан цониги чи Аллагьас ритIухъавлъун
рикIкIунаро. Нилъер мунагь щиб жояли бихьизаби гурони, цоги щибха
гьелдаса бугеб?

21 Амма гьанже нилъее рагьана гьеб, Къануналъухъго балагьичIого,
Аллагьасда цере ритIухълъулеб нух. Къануналъги аварагзабазги
цебеккунго бицун букIараб нухин гьеб.

22 ГIиса МасихIиде иман лъеялдалъун Аллагьас насиблъизабураб
ритIухълъи ккола гьеб. Щивниги ватIа гьавичIого, кинавго иман лъурав
чиясе загьирлъана гьеб нух.

23 Киналго мунагьалъукье ккун рукIана, киналго махIрумлъун рукIана
Аллагьасдасан рещтIараб Нуралдаса.

24 Цинги, Гьесул баркат лъун, чIобого щвана нилъее Аллагьасда цере
ритIухълъи. МасихI ГIисадалъун рецIел щведалин гьел ритIухълъарал.

25 Аллагьас гьев къурбанлъун гьавуна, гIадамазул мунагьал гьесул
биялдалъун ва гьесде иман лъеялдалъун чуризе. Цебе, жинца гьел
хIехьон рукIараб заманалда, гьез гьарурал мунагьазда тIасаги лъугьун,
жиндирго ритIухълъи загьир гьабуна Аллагьас.

26 Живго ритIухъав вукIин ва ГIисаде иман лъурал гIадамал жинца
ритIухъ гьарулеллъиги бихьизабуна гьес гьанже. Гьеле гьедин загьир
гьабуна Аллагьас живго ритIухъав вукIин.

27 Сундасаха гьанже нилъ чIухIизе бегьулел? Сундасаниги чIухIизе
бегьуларо. ЧIухIизе жо щибха нилъер бугеб? ЛъикIал ишалищ? Гуро, –
нилъерго божи-иман!

28 Мусал Къанун цIуниялдалъун ритIухълъичIониги, божи-иманалдалъун
инсан ритIухълъулевлъи чIезабулеб буго нижеца.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

29 Аллагь гІицІго жугьутІазул Аллагьищ? Цогидал халкъазулги Аллагь
гурищ гьев? У, цогидал халкъазулги Аллагь вуго гьев.

30 Аллагь цо вуго, сунат гьабуравги божи-иманалдалъун
ритІухълъизавулев, сунат гьабичІевги – гьединго божи-иманалдалъун
ритІухълъизавулев.

31 Божи-иманалъе гІоло Мусал Къанун нахъчІвалебищха нилъеца бугеб?
ГьечІо! Къанун гучлъизабулеб буго нилъеца.

**Румазухъе 4**

1 Нилъер зурияталъул эмен Ибрагьимил хІакъалъулъ щибилан нилъеца
абилеб? Щиб гьесие загьирлъараб?

2 Ибрагьим жиндирго лъикІал ишаздалъун ритІухълъаравани,
Аллагьасда цеве гурев, гІадамазда цеве чІухІизе бегьилаан гьев.

3 ТІухьдузда щиб хъван бугеб? «Ибрагьим Аллагьасда божана,
гьединлъидал гьес гьевги жиндие ритІухъав чилъун рикІкІана».

4 Сайигъат гуро хІалтІухъанасе кьолеб мухь – гьесие кколеб харж буго.

5 Амма инсанас, жиндирго ишазда гуреб, мунагьазул цІуралги
ритІухъаллъун гьарулев Аллагьасде лъураб иманалда мугъчІвалеб
бугони, гьесул божи-иман сабаблъун, Аллагьас гьев рикІкІуна жиндие
ритІухъав чилъун.

6 Ишазухъ балагьичІого, ритІухъал чагІилъун рикІкІаразде Аллагьасул
баркат рещтІиналъул бицунаго, гьебго жо абулеб буго Давудицаги:

7 «Гьардарал гурищ жидер мунагьги чурарал хІакъалда тІасаги
лъугьарал чагІи.

8 Гьардарав гурищ жиндир мунагь БетІергьанас бахчарав чи».

9 ГІицІго сунат гьабуразейищха гьеб баркат щолеб, сунат гьабичІезе
щоларебищ? Дица бицана Ибрагьимил божи-иман сабаблъун рикІкІанин
Аллагьас гьев жиндие ритІухъав чилъун.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 Кида гьеб букIараб – гьес сунат гьабилелдейищ, гьабун хадубищ? Сунат гьабун хадуб гуреб, сунат гьабилелдего букIана гьеб.

11 Сунат гьабилелдего, божи-иманалъухъ балагьун, гьев ритIухъ гьавуна Аллагьас. РитIухъав вукIиналъул мугъру гIадинаб гIаламатлъун лъугьана цинги Ибрагьимил сунат. Иман лъуразда гьоркьоса киналго сунат гьабичIезулги эменлъун лъугьана Ибрагьим, божи-иманалъухъ балагьун Аллагьас гьел ритIухълъизаридал.

12 Гьединго сунат гьабуразулги эмен вуго Ибрагьим. Сунат гьабурал рукIин гуребги, гьел Ибрагьимил нухдасан ана, сунат гьабилелдего гьесулъ букIараб божи-иман гьезулъги букIиндал.

13 Къанун цIуниялдалъун гуреб, божи-иманалдалъун Ибрагьим ритIухълъизавидал, гьаб дуниял нужее насиблъизабилин рагIи къун букIана Аллагьас Ибрагьимиеги гьесул наслуялъеги.

14 ГIицIго Къануналъ малъухъе хьвадулезе гьеб рагIи къун букIарабани, божи-иманалъул щибго пайда букIинароан, кьураб рагIиги гIадада ккелаан,

15 Къануналъ Аллагьасул ццин бахъинабулелъул, Къанун гьечIеб бакIалда такъсирги букIунаро.

16 Гьединлъидал гьеб рагIи кьеялъе сабаблъун божи-иман лъугьана ва гьел мустахIикълъичIеб сайигъатлъун букIана. Гьедин кьураб рагIи хвезабиларилан къотIиги гьабуна Аллагьас Ибрагьимил наслуялъе: Къануналъ малъухъе хьвадулезе ва Ибрагьимил божи-иманалъул нух ккуразе. Нилъер киназулго эмен вуго гьев.

17 ТIухьдузда хъван бугелъул: «Дица мун гIемерал халкъазул эменлъун гьавила». Гьес иман лъурав Аллагьасда цеве нилъер эмен вуго Ибрагьим. Хварал чIаголъизарулев, гьечIелъуса щибгоги букIинабулев Аллагьин гьев!

18 Хьул къотIараб мехалъги хьул лъун божана Ибрагьим Аллагьасда. Гьединлъидал гIемерал халкъазул эменлъун лъугьана гьев: «Дур


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

наслуялъул гIадамал цIвабигIан гIемер рукIина», – ян ТIухьдузда
хъварабги ритIухълъун.

19 Нусго соналде вахунев вугев жиндир чорхол чIаголъи хун букIиналъул
ва лъимер ургьиб хулулареб херлъиялде ян Сарат йикIиналъул пикру
гьабичIого, божи-иман загIиплъизе биччачIо гьес.

20 Аллагьас къураб рагIи холилан ракIалдецин ккечIого, божи-
иманалъулъ щулалъана ва Аллагьасе рецц гьабуна.

21 Къураб рагIи тIубазабизе къуват Аллагьасул букIиналда щибго щаклъи
гьечIого божана.

22 Гьеле гьединлъидал Аллагьас «гьевги жиндие ритIухъав чилъун
рикIкIана».

23 ГIицIго гьесул хIакъалъулъ гуро хъван ругел «ритIухъав чилъун
рикIкIана» абурал гьел рагIаби.

24 Аллагьас ритIухъал чагIилъун рикIкIине ругел ва ТIадегIанав ГIиса
хваралъуса вахъинавурав Аллагьасда божулел нилъер
хIакъалъулъгиййин.

25 Нилъер мунагьал чуриялъе гIоло хвалде ана ГIиса ва нилъ
ритIухълъизариялъе гIоло Аллагьас чIаголъизеги гьавуна.

**Румазухъе 5**

1 Божи-иманалдалъун ритIухълъизарун ругелъул, нилъер ТIадегIанав
ГIиса МасихIидалъун Аллагьгунги рекъана нилъ.

2 Гьесдалъун кIвана нилъеда божи-иман сабаблъун гьанже нилъее бугеб
баркаталъе мустахIикълъизе. Аллагьасул къудраталъулъ нилъееги
гIахьаллъи щвелилан бугеб хьулалдаса рохун руго нилъ.

3 Гьелдаса гуребги, гIазаб-гIакъубаялдасаги рохун руго, гIазаб-
гIакъубаялъ сабру кьолеблъиги лъан.

4 Сабруялъ рачуна къо хIехьеялде, къо хIехьеялъ рачуна хьул лъеялде,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

5 хьул гӀадада кколаро – нилъеде рещтӀинабураб Илагьияб РухӀалдалъун
Аллагьас нилъер рекӀелъе рокьи чвахизабулеб бугелъул.

6 Жеги нилъ загӀипго рукӀаго, Аллагьас болжал цӀараб заманалда, МасихӀ
хвана мунапикъзабазул мунагьал сабаблъун.

7 Муъминчиясе гӀолоцин хвалде чи инадай? ЛъикӀав инсанасе гӀоло
холев чи вукӀинеги бегьула.

8 Амма Аллагьас бихьизабуна гьесие нилъ рокьулеллъи: мунагьазул цӀун
нилъ ругеб мехалда, нилъее гӀоло хвана МасихӀ.

9 Гьесул би гӀодобе тӀедалин нилъ гьанже ритӀухълъарал. Аллагьасул
ццидадасаги кигӀан цӀикӀкӀунха гьес нилъ хвасарлъизарилел!

10 Аллагьасул тушбабилъун нилъ рукӀараб заманалда, гьесул Вас хвей
сабаблъун, рекъел ккана гьесдаги нилъедаги гьоркьоб. Рекъел ккун
хадуб кигӀан цӀикӀкӀунха нилъ хвасарлъилел гьев чӀаголъи сабаблъун.

11 ТӀадежоялъеги нилъ ракълиде рачарав нилъер ТӀадегӀанав ГӀиса
МасихӀидалъун Аллагьас тӀуразарурал ишаздаса рохунги руго нилъ.

12 Гьаб дуниялалде мунагь цо инсан сабаблъун бачӀана, мунагь
сабаблъун хвелги бачӀана. Киназго мунагь гьабидал, хвелги киназдего
бачӀана.

13 Мусал Къанун рещтӀиналдего букӀана дуниялалда мунагь. Амма
Къанун гьечӀеб бакӀалда мунагь мунагьлъун рикӀкӀунаро.

14 Адамидаса бахъараб Мусаде щвезегӀан киналго хвалил квачӀикь
рукӀана, Адамица гӀадинаб мунагь гьабичӀелгицин. Нахъа вачӀине
вугесул сипат-суратлъун вукӀана Адам.

15 Аллагьасул баркат мунагьалде данде кквезе бегьуларо. Цо инсанасул
мунагь сабаблъун гӀемерал гӀадамал хвана. КигӀан гӀемерав чиясеха
баркат щвараб цо инсан, ай ГӀиса МасихӀ сабаблъун.

16 Цо инсанас гьабураб мунагь Аллагьасул баркаталде данде кквезе
бегьуларо. ЦохӀо мунагьалдаса хадуб судги гьабуна, тамихӀги гьабуна.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

Амма гIемерал мунагьазда хадуб, тIубанго ритIухълъизарун, баркатги рещтIана.

17 Цо инсанас гьабураб цохIо мунагь сабаблъун хвалие ханлъи щвараб батани, цо инсан, ай ГIиса МасихI сабаблъун кигIан гIемерал гIадамазеха парччахIлъи щвезе бугеб! Гьарзаго Аллагьасул баркатги щварал ва чIорого ритIухълъизеги гьарурал гьел гIадамазе чIаголъи насиблъила.

18 ХIакъикъаталдаги, цо инсанасул мунагь сабаблъун, гIемерал гIадамазе суд гьабуна. Гьединго, цо инсанасул лъикIаб иш сабаблъун, киналго гIадамал ритIухълъана ва гьезие чIаголъиги щвана.

19 Аллагьасухъ гIенеккичIев цо инсан сабаблъун гIемерал гIадамал мунагьалъукье ккарал гIадин, Аллагьасухъ гIенеккарав цо инсан сабаблъун гIемерал гIадамал ритIухълъизарила.

20 Къанун рещтIана такъсир цIикIкIине. Амма мунагь цIикIкIараб бакIалда гIемерго цIикIкIана Аллагьасул баркатги.

21 Инсан хвезавулеб мунагьалъ ханлъи гьабулеб букIараб гIадин, гьанже Аллагьасул баркаталъги ханлъи гьабила, нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIидалъун нилъ ритIухълъизе ва абадияб гIумруги насиблъизе.

## Румазухъе 6

1 Цоги щиб дица абилеб? Аллагьасул баркат цIикIкIине бокьани, церего гIадин мунагьал гьаризе кколинищ?

2 Кколаро! Мунагьалъе хвана нилъ! Гьанжеги мунагьал гьаризе бегьилищ нилъеца?

3 Яги нужеда кIочонищ тараб ГIиса МасихIгун цолъизе нилъ лъадаца чурараб заман? Гьеле гьедин нилъги лъадаца чуридал, гьесул хвел нилъееги гIахьалаблъун лъугьана.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

4 Лъадаца чурун хвел гIахьалаблъун гьабидал, гьесда цадахъ хабалъги
рукъана нилъ. Инсул кIудияб къудраталдалъун хваралъуса вахъинавурав
МасихIида релълъун, гьанже нилъедаги кIола цIияб гIумру гьабизе.

5 Гьедин МасихIил хвелалдалъун нилъ гьевгун цолъун ругони, гьайгьай,
чIаголъизариялдалъунги цолъила нилъ гьевгун.

6 Нилъеда лъала цеве нилъелъ вукIарав инсан гьесда цадахъ хъанчида
ван хваравлъи – нилъелъ бугеб мунагьалъул къуват лъугIизе ва
мунагьалъул лагъзаллъун нилъ хутIунгутIизе.

7 Хварав чиясда тIад мунагьалъ ханлъи гьабуларелъулха!

8 Нилъ божула, МасихIида цадахъ хведал, гьесда цадахъ чIаголъизе
рукIиналдаги.

9 Нилъеда лъала хваралъуса вахъинавурав МасихI тIокIав хвезе
гьечIевлъи. Хвалил кверщел хутIичIо гьесда тIад.

10 Гьев цо нухалда хвана, мунагьалъе хвана гьев. Гьанже гьев чIаго вуго,
Аллагьасда цеве чIаго вуго.

11 Гьедин нужецаги нужго рикIкIе, МасихIиде цолъун, мунагьалъе
хвараллъун, Аллагьасда цере чIагояллъун.

12 Гьединлъидал хвалил кверщаликь бугеб нужер чорхолъ мунагьалъ
ханлъи гьабизе биччаге.

13 Нужер чорхол лугби мунагьалъул кверщаликье ккезе риччаге,
квешлъи гьабизе квалквадулеб ярагълъун ккезе риччаге гьел. Хвел тIаса
инабун чIаголъиялде рачарал Аллагьасда кодоре кье нужго ва
ритIухълъиялъе квалквадулеб ярагълъун нужер чорхол лугбиги кье.

14 Мунагьалъ нужеда тIад кверщел гьабизе бегьуларо, щайгурелъул
Къануналъул кверщаликь гурел, Аллагьасул баркаталъул кверщаликь
ругелъул нуж.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Щибха гьанже гьабизе кколеб? Къануналъул кверщаликь гьечӀого, Аллагьасул баркаталъул кверщаликь ругелъул, мунагьалищ гьарилел? Гьариларо!

16 Цо лъиениги мутӀигӀлъун, гьесие лагълъи гьабулеб бугони, хӀакъикъаталдаги нуж гьесул лагъзаллъун лъугьунеллъи лъаларищ нужеда? Нужее буго кӀиго нух: хвалде рачунеб мунагьалъе мутӀигӀлъи яги жиб сабаблъун Аллагьас инсан ритӀухълъизавулеб мутӀигӀлъи.

17 Кидаялиго нуж мунагьалъул лагъзаллъун рукӀарал ратаниги, Аллагьасе рецц, нужеца ракӀ-ракӀалъ къабул гьабуна дица малъарабщинаб.

18 Нуж мунагьалдаса тархъанлъана ва ритӀухълъиялъул лагъзаллъун лъугьана.

19 Нужер напс жеги загӀипго бугелъул, нужеда гьеб дица гӀададатияб мацӀалда бицунеб буго. Нужер чорхол лугбуз хъублъиялъе, квешлъи-пасалъиялъе лагълъи гьабулеб букӀараб гӀадин, гьанже гьел тӀаме нуж рацӀцӀалъизарулев Аллагьасе лагълъи гьабизе.

20 Мунагьалъул лагъзаллъун ругеб заманалда рацӀцӀалъиялъул кверщаликьа рорчӀун рукӀана нуж.

21 Гьанже нужго намуслъулел дол ишаздаса щиб пайда ккараб нужее доб мехалда? Хвалдейин додинал ишаз рачунел!

22 Амма гьанже мунагьалдаса тархъанлъараб ва Аллагьасул лагъзаллъун лъугьараб мехалда нужее ккараб пайдаялъ хӀалалаб-бацӀцӀадаб гӀумруялде рачуна. Ва ахиралда абадияб гӀумруялдеги рачуна!

23 Хвел буго мунагьалъухъ кьолеб мухь, амма абадияб гӀумру буго нилъер ТӀадегӀанав МасихӀ ГӀисаде цолъарал нилъее Аллагьасул сайигъат.

**Румазухъе 7**

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

1 Дица бицунеб бугеб жо нужеда бичIчIила, вацал, Къанун щибали нужеда лъалелъул. Инсан чIаго вугебгIан заманалда гурони, Къануналъ гьесда тIад кверщел гьабуларо.

2 Масала, Къануналъ лъади жиндирго росасдехун юхьун йикIуна гьев чIаго вугебгIан заманалда. Гьев хваравго, гьей эркенлъула ригьнал рахъалъ Къануналъул рихьизарияздаса.

3 Рос чIаго вукIаго гьей цогидасда цадахъ йигони, зина гьабулеб бугин гьелъилан абула. Амма рос хведал гьей эркенлъула Къануналъул кверщелалдаса. Цогидасе аниги, зина гьабулеб бугин гьелъилан абуларо.

4 Гьединго нужги хвана, вацал, гьеб Къануналъе, – МасихIил чорхол лагалъун лъугьун, нуж цогидасухъе, ай хваралъуса вахъинавурасухъе, ине, цинги лъикIал ишаздалъун Аллагьасе хъулухъ гьабизе.

5 Мунагьаб напсалъ нилъеда тIад кверщел гьабулеб букIараб заманалда, Къануналъ квешал къасдазул къуват цIикIкIинабулаан нилъер чурхдузулъ, нилъер ишаздалъун хвалие хъулухъги гьабулаан.

6 Амма кидаялиго нилъ асирлъуда чIезарун рукIараб мунагьалъе гьанже нилъ хун ругелъул, Къануналдаса эркенлъана, – хьван кьураб Къануналъ бихьизабураб басрияб нухдасан инчIого, РухIалъ бихьизабураб цIияб нухдасан ун, Аллагьасе гIибадат гьабизе.

7 Щибиланха гьанже абилеб? Къанун мунагьазул иццлъун кколиланищ абилеб? Абиларо! Къанун букIинчIебани, мунагь щиб жояли лъалароан дида. Масала, дида лъалароан, жахIда-хIусуд щиб жояли: «ЖахIда-хIусуд гьабуге!» – ян абураб амру Къануналда батичIебани.

8 Гьеб амруги хIалае ккун, мунагьалъ дир жахIдаяб рекIелъ рижизаруна цогидазул бугебщинаб диеги щвелародайилан абурал пикраби. Къанун гьечIони, мунагь хвараб жо буго.

9 Къанун гьечIеб заманги букIана дир гIумруялъулъ, амма Къануналъул амру рещтIараб мехалъ, мунагь чIаголъана, дун хвана.

10 Амру рещтIун букIана дун чIаголъизавизе, гьелъин абуни, дун хвалде
вачана.

11 Амруялъ кьураб ресалдаса пайдаги босун, гьеб мунагьалъин дун
гуккарав ва, амруги хIалае ккун, дун хвезавурав.

12 Къанунги бацIцIадаб буго, Аллагьасул амруги бацIцIадаб, ритIухъаб ва
лъикIаб буго.

13 ЛъикIаб жоялъ дун хвезавуниланищ дица абулеб бугеб? ГьечIо!
Мунагьалъ гьабуна гьеб, гьедин жиндирго квешлъиги загьир гьабуна
гьелъ. Мунагьалъ хвезавуна дун, лъикIаб жоялдаса пайдаги босун.
Гьединаб къагIидаялъ Аллагьасул амруялъ квербакъана мунагь бищунго
гIасияб жо букIин загьирлъизе.

14 Нилъеда лъала Къанун илагьияб букIин, дунин абуни, холев-унев чи
вуго, мунагьалъе лагълъун вичунги вуго.

15 Дидаго бичIчIулеб гьечIо дие щиб бокьун бугебали. Диего бокьараб
дица гьабуларо, рекIее рихараб гьабун батула.

16 Диего бокьулареб жо дица гьабулеб бугони, гьелъул магIна ккола
Къанун лъикIаб жо букIин дида бичIчIулеб бугеблъи.

17 ХIакъикъаталда дица гуро квешлъи гьабулеб, гьеб гьабула дилъ бугеб
мунагьалъ.

18 Дида лъала дир напсалъ биччалеб гьечIеблъи дица лъикIлъи гьабизе:
лъикIлъи гьабизе дие бокьаниги, дихъа гьеб лъугьунаро.

19 Дица гьабулеб бугеб иш доб дие гьабизе бокьун бугеб лъикIаб иш
кколаро. Дицаго гьабизе бокьун гьечIеб квешлъиги гьабулеб буго дица.

20 Гьединаб къагIидаялъ диего бокьулареб жо дица гьабуни, гьеб дица
гьабураблъун кколаро, дилъ бугеб мунагьалъ гьабула гьеб.

21 ХIасил, дие загьирлъана инсанасул хасият: лъикIлъи гьабизе бокьараб
мехалъ, квешлъи гьабун бахъун кколеб буго.

22 Аллагьасул Къануналдаса бохун букIуна дир ракI.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

23 Амма дида лъала дир чорхол лугбузул хасият батIияб букIин. Гьеб дир
гIакълуялда дандечIола. Дир чорхол лугбузул гьеб хасият сабаблъун
гьабураб мунагьалъул асирлъунги ккана дун.

24 Дидаса талихI къосарав чиго вугодай! Дун хвалде вачунеб чорхол
хасияталдаса лъица дун хвасар гьавилев?

25 Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIидалъун дун хвасар гьавулев
Аллагьасе рецц! Дир гIакълуни Аллагьасул Къануналъул лагъ буго.
Амма дир мунагьаб напс мунагьаб хасияталъул лагъ буго.

**Румазухъе 8**

1 ГIиса МасихIиде цолъаразе тамихI гьечIо гьанже.

2 ГIиса МасихIидалъун чIаголъизарулеб РухIалъул къануналъ тархъан
гьавуна дун мунагьалъулги хвалилги къануналдаса.

3 Нилъер мунагьаб напс загIипаб бугелъул, Къануналда гьабизе
кIвечIебги Аллагьас гьабуна. Инсанасул мунагьаб черхалда релълъараб
черх бугев жиндирго Вас витIана гьес мунагьал чуриялъе къурбанлъун.
Гьедин тамихI гьабуна Аллагьас инсанасулъ бугеб мунагьалъе.

4 Гьанже кIола нилъеда Къануналъул киналго ритIухъал амруял щвалде
щун тIуразаризе – нилъер мунагьаб напсалъе бокьухъе гуребха,
Аллагьасул РухIалъ малъухъейин.

5 Жидерго мунагьаб напсалъе бокьухъе хьвадулел гIадамазул гIакълу
мутIигIлъула гьезул напсалъе бокьулеб жоялъе. Амма Аллагьасул
РухIалъ малъухъе хьвадулезул гIакълу мутIигIлъула РухIалъе бокьулеб
жоялъе.

6 Мунагьав чиясул гIакълуялъ гьев хвалде вачуна, амма РухIалъул
кверщаликь бугеб гIакълуялъ инсан абадияб гIумруялде ва сах-
саламалъиялде вачуна.

7 Мунагьаб гIакълу Аллагьасда дандечIола. Гьеб Аллагьасул къануналъе
мутIигIлъуларо, мутIигIлъизеги кIоларо гьелда.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Жидерго мунагьаб напсалъе мутIигIлъулел гIадамаздаса Аллагь
разилъизе рес гьечIо.

9 Нужелъ Аллагьасул РухI бугони, нужеда тIад кверщел мунагьаб
напсалъ гуреб, РухIалъин гьабулеб. МасихIил РухI жиндилъ гьечIев
инсан МасихIил умматалъул чи кколаро.

10 Дулъ МасихI вугони, дур черх мунагьалъе хола, амма Аллагьас мун
ритIухъ гьавидал, дур рухI чIаголъула.

11 МасихI хваралъуса вахъинавурав Аллагьасул РухI нужелъ бугони,
МасихI хваралъуса вахъинавурав Аллагьас нужелъ бугеб жиндирго
РухIалдалъун чIаголъи кьела холел-унел нужер чурхдузеги.

12 Гьанже, вацал, нилъеда тIадаб парзги бугебха, амма мунагьаб
напсалда нахърилълъине паризаяб гьечIо.

13 Мунагьаб напсалъе бокьухъе хьвадулел ругони, нуж хвела. Амма,
РухIги хIалае ккун, нужеца хвезаруни нужго мунагьалъукье ккезарулел
ишал, нужее абадияб гIумру насиблъила.

14 Аллагьасул РухIалъ тIоритIулел ругел гIадамал Аллагьасул лъимал
ккола.

15 Нужеде рещтIараб гьеб РухIалъ хIинкъи кьоларо ва лагълъи гьабизе
тIамуларо. Нужехъе рещтIана Аллагьасул лъималлъун нуж
лъугьинарулеб РухI. Гьелъин нуж тIамулел: «Абба, дир эмен!» – абун
ахIизе.

16 Гьеб РухIалъ, нилъерго рухIазгун цадахъ, нугIлъи гьабула нилъ
Аллагьасул лъимал рукIиналъе.

17 Нилъ лъимал кколел ругони, ирсилаллъунги ккола. МасихIидаго
цадахъ нилъги рукIуна ирсилаллъун. Гьес хIехьараб гIазаб-
гIакъубаялъул бутIа щвани, гьесул кIодолъиялъул бутIаги щвела нилъее.

18 Дида ракIалде ккола, гьанже нилъее бугеб гIазаб-гIакъуба данде
ккезегицин бегьиларин нилъелъ загьирлъизе бугеб къудраталда.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

19 Кинабго бижанщинаб гIащикъго балагьун чIун буго жиндир лъимал щалали Аллагьас кидадай загьир гьабилаян.

20 Гьеб бижанщинабги битIараб нухдаса къосине къадар букIана, жиндиего бокьун гуребха, – Аллагьасул хIукму гьединаб бугелъул. Амма гьеб бижанщиналъул хьул букIана хвалил лагълъиялдаса хвасарлъизе. Хьул букIана Аллагьасул лъималазе щвараб гIадинаб къудраталъулги эркенлъиялъулги бутIа жидееги щвелин.

22 Гьеб бижанщинаб гьанжелъагIангицин, лъимаде хIара чIварай чIужугIадан гIадин, угьдилеб бугеблъи лъала нилъеда.

23 ЦIияб гIумру байбихьиялъул гIаламатлъун Аллагьасул РухI сайигъатлъун щварал нилъгицин угьдилел руго кидадай Аллагьас нилъ жиндирго лъималлъун гьарилаян ва кидадай нилъ тIубанго эркенлъилаян.

24 Хьул лъедалин нилъее хвасарлъи щвараб. Амма бералда бихьулелде лъураб хьул – гьеб хьул гуро. Бихьулеб жоялде хьул кин лъолеб?

25 Жеги нилъеда бихьичIелде хьул лъураб мехалъ, кидадай гьеб щвелаян сабру гьабун рукIуна нилъ.

26 ЗагIипал ва щиб гьарилебали лъаларел нилъее квер бакъула Аллагьасул РухIалъ. Амма жибго гьеб РухIалъгицин угьдилаго гьарула нилъее хIажатабщинаб, рагIабаздалъун загьир гьабизе бажарулареб каламги гьабун.

27 Аллагьасда лъала нилъер рекIелъ щиб бугебали, лъала Аллагьасул РухIалъ кинал пикраби нилъер рекIелъ рижизарун ругелали. Аллагьас малъун гьеб РухIалъ, Аллагьасул халкъалъул рахъалъ Аллагьасде гьари-дугIа гьабулеб буго.

28 Жив вокьулел ва, жиндир амруялда рекъон, хъулухъ гьабизе ахIарал гIадамазе Аллагьас сундулъго лъикIлъи гьабулеблъи лъала нилъеда.

29 Гьел руго жеги дуниялалде рачIиналдего Аллагьас тIаса рищун рукIарал гIадамал. ГIемерал вацазда гьоркьов гьесул Вас тIоцевесевлъун

лъугьинелъун, гьесул Васасда релълъарал лъугьине цогидаздаса ратIа гьарунги рукIана гьел гIадамал.

30 Жинца тIаса рищаралщинал Аллагьас жиндихъего ахIана, жиндихъего ахIаралщинал ритIухълъизеги гьаруна, ритIухълъизаруралщиназе жиндирго кIодолъиялъул бутIа насиблъизабуна.

31 Гьанже гьелда тIаде щиб жубалеб? Аллагь нилъехъан ватани, нилъеда дандечIарав щивха?

32 Щивниги гьечIо! Аллагь жиндирго Васасдагицин барахщинчIо, нилъее гIоло хвезе витIана гьев. Гьединаб сайигъат гьабурав Аллагьас хутIарабщинаб кьеларищ нилъее?

33 Аллагьас тIаса рищарал нилъеда гIайиб чIвазе кIолев чи вугищ? ГьечIо. Аллагьас ритIухълъизарула гьел!

34 Лъида кIвелеб гьезие тамихIалъе хIукму гьабизе? Лъиданиги кIвеларо! МасихI ГIиса хвана, хваралъуса вахъана ва Аллагьасул кваранаб рахъалда гIодов чIун вуго, нилъер рахъккун кIалъалев.

35 Нилъеде МасихIил бугеб рокьи тIезабизе сунда кIвелеб? Балагьалдайищ? ГIазабалдайищ? ГIадамаздасан бачIунеб къварилъиялдайищ? Ракъиялдайищ? ГIицIлъиялдайищ? ХIинкъи букIиналдайищ? Хвалчадайищ?..

36 ТIухьдузда хъван буго: «Мун сабаблъун ниж щибаб къоялъ хвалил бадире ралагьун руго. Мун сабаблъун ниж рикIкIунел руго хъвезе рачун унел чахъабилъун».

37 Сундасаго нилъ тIубанго бергьуна, нилъ рокьулев нилъее хIалае вугелъул.

38 Дида ракIчIун лъала я гIумруялда, я хвалида, я малаикзабазда, я шайтIабазда, я гьаб заманаялъул къуваталда, я бачIунеб заманаялъул къуваталда, я цогидаб къуваталда,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

39 я тIасияб дуниялалъул къуваталда, я гъоркьияб дуниялалъул
къуваталда, бижанщиналъул сунданиги, лъиданиги тIезабизе кIоларо
нилъеде бугеб Аллагьасул рокьи – нилъер ТIадегIанав МасихI
ГIисадалъун гьес нилъее загьирлъизабураб рокьи.

**Румазухъе 9**

1 Гьале дица нужее битIахъе бицунеб буго (МасихIгун цолъарав дица
гьереси бицунаро, – дир намус-яхIалъ тасдикъ гьабула гьеб, Илагьияб
РухIалъ нугIлъиги гьабула гьелъие):

2 дир ракI цIакъ къваридго буго, нахъаса къотIичIого бухIулеб буго гьеб.

3 НагIана кьун, МасихIидаса дунго тIезавизе разилъила дун, гьелдалъун
дир вацазе, дир ракьцоязе,

4 Исраилил халкъалъе пайда кколеб бугони. Аллагьас гьел жиндирго
лъималлъун лъугьинаруна, жиндирго кIодолъиги гьезие загьир гьабуна,
гьезулгун къотIиги гьабуна, Къанунги рещтIинабуна, Мукъадасаб Рокъоб
Аллагьасе хъулухъ гьабизеги гьезие изну кьуна, хвасар гьарилилан
рагIиги кьуна гьезие.

5 Гьезда гьоркьоса рахъана цересел аварагзаби, инсан хIисабалда
МасихIги гьезул наслуялъул вуго. Бищунго тIадегIанавлъун вугев
Аллагьасе абадияб рецц! Амин.

6 Аллагьас жиндирго халкъалъе кьун букIараб рагIи тIубачIилан абизе
бегьуларо. Исраилил наслуялъул киналго гуро Исраилил халкълъун
лъугьарал.

7 Ибрагьимил зуриялъул киналго гуро Аллагьасул лъималлъунги
лъугьарал. Аллагьас Ибрагьимида абуна: «Дур наслу ИсхIакъидасан
лъугьинейин бугеб».

8 Аллагьас рагIи кьун гьарурал лъималаздаса лъугьараб гурони, цогидал
лъималаздаса лъугьараб наслу хIакълъунго наслулъун рикIкIунарилан
абураб магIна буго гьел рагIабазул.

9 Гьадинаб рагIийин кьун букIараб: «Цо заманалдасан дун тIадвуссараб
мехалъ, Саратил вас вукIине вуго».

10 Гьале цоги мисал. Гьелдаго рельлъун ккана Ребекъал ургъиб нилъер
наслуялъул эмен ИсхIакъидасан кIиго лъимер хулараб мехалдаги.

11 Жеги гьел лъимал гьарилелдего, гьез я квешлъи, яги лъикIлъи
гьабилелдего, Аллагьас гьелда абуна: «ЦIикIкIаравги вукIина
гьитIинасул лагълъун». Аллагьас гьедин щай абурабали загьирлъана
гьес цояв тIаса вищидал. Гьезул ишазухъ балагьичIого, жиндиего
бокьарав гьес жиндихъего ахIана.

13 ТIухьдузда хъван буго: «Якъуб дие вокьана, ГIис дие рихана», – ян.

14 Аллагьасул хIукму ритIухъаб гьечIилан абизе бегьилищ? Бегьиларо!

15 Аллагьас Мусада абуна: «Диего бокьарасда цIобги лъела, диего
бокьарасда гурхIизеги гурхIила», – ян.

16 Гьедин цоял тIаса рищи бараб гьечIо инсанасе бокьи-бокьунгутIиялда
ва гьесул хIаракат-жигаралда, Аллагьасул цIобалда бараб буго.

17 ТIухьдузда хъван буго Аллагьас пиргIавнасда гьадин абунилан:
«Мунги хвезавун, дирго кIодолъи бихьизабизеги дир цIарги тIолабго
ракьалда машгьурлъизегийин дица мун кIодо гьавурав».

18 Гьедин жиндиего бокьарав чиясда цIобги лъола Аллагьас, жиндиего
бокьарав чи гIасилъизеги гьавула.

19 Дие суал кьезе бегьула: «Гьедин батани, Аллагьас лъиданиги гIайиб
чIвазе бегьилищ? Гьесул къадаралде дандечIезе кIолев чи вукIунищ?» –
абун.

20 Ле инсан, Аллагьгун гьедин дагIбадизе мун щив кколев? ЩагIил
хъабаялъ щагIихъанасда гьикъулебищ: «Дуца дун гьадинаб щай
гьабураб?» – абун.

21 ЩагIихъанасул ихтияр гьечIищ цого хIатIалъул гьайбатаб сурахIиги
гIадатияб хъабаги гьабизе?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

22 Жиндирго ццин бахъин бихьизабизе ва къудрат загьир гьабизе бокьаниги, халатккун сабруги гьабун, гьел «Аллагьасул ццидал цIурал хъубилъун» ругел гIадамал хвезаризе гIедегIуларо Аллагь.

23 Гьесие бокьана жиндирго гьарзаяб баркат нилъеде – «Аллагьасул цIобалъул цIурал сурахIабазде» – рещтIинабизе. Гьес цебеккунго хIукму гьабун букIана нилъее баркат насиблъизабилин. Аллагьас жиндихъего ахIун руго нилъ – жугьутIал гурелги, цогидал халкъалги.

25 Гьошея аварагасда Аллагьас гьадин абун буго: «Дир гуреб халкъ дир бугилан абила дица, дие хирияллъун гьечIезда дие хириял ругилан абила».

26 Хадубги: «Нуж дир халкъ гурилан гьезда абураб бакIалда дица абила нуж хIакъав Аллагьасул лъимал ругилан».

27 Ишая аварагасги гьадин абулеб буго Исраилил халкъалъул хIакъалъулъ: «Исраилил халкъ ралъдал салигIан гIемерлъаниги, гьезул хутIараб гьитIинабго бутIа гурони хвасарлъиларо.

28 БетIергьанас ракьалда кьварараб хIукму хехго тIубазабизе бугелъулха».

29 Гьелдасаги цебе Ишая аварагасул тIехьалда гьелъул хIакъалъулъ хъван буго: «ХIалкIолев БетIергьанас нилъее чанго наслу насиблъизабичIебани, нилъ Содомалъул халкъалда релълъинаан ва Гоморраялъул халкъалда ращалъилаан».

30 Гьанже щиб дица абилеб? ТIалаб гьабизе лъугьинчIониги, божи-иманалдалъун щвана мажусиялльун рукIаразе Аллагьасда цебе ритIухълъи.

31 Къанупалдалъун гьеб тIалаб гьабизе лъугьараб Исраилил халкъалъе ритIухълъи щвечIо.

32 Щай гьедин ккараб? Щайгурелъул, божи-иманалдалъун гуреб, Къанупалъ рихьизарурал ишаздалъун ритIухълъизе бокьана гьезие.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

33 ТӀухьдузда хъван буго: «Балагье, дица Цион магӀарда тӀад лъун толеб
буго гӀадамазул хӀетӀе тункулеб гьецӀо ва гьел гӀодор ккезе гьарулеб
гамачӀ. Гьеб ганчӀида божарав чиясул ракӀбухӀиларо», – ян.

**Румазухъе 10**

1 Дие цӀакъ бокьун буго, вацал, Исраилил халкъ хвасарлъизе.
Аллагьасдаги гьарулеб буго дица гьел хвасар гьареян.

2 Аллагьасул диналъе гьез хӀаракатги жигарги бахъулеб бугилан нугӀлъи
гьабизе кӀола дида, амма хӀаракатги жигарги бугониги, бичӀчӀиги лъайги
гьечӀо гьезул.

3 Аллагьасдасан бачӀунеб хӀакъаб ритӀухълъи жидеда лъаларелъул, гьел
лъугьунел руго жидерго хасаб ритӀухълъи чӀезабизе. Аллагьасул
ритӀухълъиялъеги мутӀигӀлъулел гьечӀо.

4 МасихӀ ккола Къануналъул ахир. Гьединлъидал божи-иман бугевщинав
чи ритӀухълъизе рес буго.

5 Къануналъ малъухъе хьвадиялдалъун щолеб ритӀухълъиялъул
хӀакъалъулъ Мусаца гьадин абулеб буго: «Къануналда жанир ругел
Аллагьасул амруял тӀуразариялдалъун инсан чӀаго хутӀила».

6 Амма божи-иманалдалъун щолеб ритӀухълъиялъул хӀакъалъулъ
ТӀухьдузда гьадин хъван буго: «Дуца дудаго гьикъуге зобалазде щив
вахиневилан?» (Гьелъул магӀна – МасихӀ зобалаздаса ракьалде вачине.)

7 «Гъваридаб кӀкӀалахъе щив лъугьиневиланги» гьикъуге дудаго.
(Гьелъул магӀна – МасихӀ хваразул дуниялалдаса вачине.)

8 Гьале гьадинги хъван буго ТӀухьдузда: «Аллагьасул рагӀи дуде
гӀагарлъун буго. Гьеб дур кӀалдиб буго, дур рекӀелъ буго». Гьеб буго
божи-иманалъул хӀакъалъулъ нилъеца халкъалда лъазабулеб бугеб
рагӀи.

9 Дур кӀалалъ абулеб бугони ГӀиса ТӀадегӀанав вугилан, Аллагьас гьев
хваралъуса вахъинавиялда ракӀги божулеб бугони, мун хвасарлъила.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 Дур ракI божулеб бугелъул, рекIедалъун ритIухълъиги щвела дуе, дур кIалалъ Рохалил хабар тIибитIизабулеб бугелъул, кIалалдалъун хвасарлъиги щвела.

11 ТIухьдузда хъван бугелъулха: «Гъелда божаравщинав чиясул ракIбухIиларо», – ян.

12 ЖугьутIазулги цогидал халкъазулги хIакъалъулъ батIалъи гьечIого абулеб буго гьедин. ЦохIо БетIергьан вуго киназулго БетIергьан. Жиндир цIар рехсон гьарарав чиясде гьес гьарзаяб баркат рещтIинабула.

13 ТIухьдузда хъван буго: «БетIергьанасул цIар рехсарав чи хвасарлъила», – ян.

14 Мун божуларев чиясул цIар кин рехсолеб? Дуда рагIичIев чиясда кин божилев? Лъицаниги дуда лъазабулеб гьечIони, кин дуда гьеб рагIилеб?

15 ВачIун кин гьеб лъазабилеб, мун гьелъие витIарав чапар гьечIони? ТIухьдузда хъван буго: «Рохалил хабар босун вачIунев чиясул кIалдиб гьоцIо буго!”

16 Амма Исраилил тIолабго халкъалъ гуро Рохалил хабар къабул гьабураб. Ишая аварагас абун бугелъул: «Я, БетIергьан, нижеца бицаралде иман лъурав чи вугевищ?» – ан.

17 ХIасил, божи-иман бижула хабаралъухъ гIенеккани, хабаралъухъ гIенеккизе ресги щола вачIун лъицаниги МасихIил хIакъалъулъ хабар лъазабулеб бугони.

18 Амма дица гьикъулеб буго гьезда рагIичIебищилан. РагIизени рагIана гьеб Исраилил халкъалда. ТIухьдузда хъван бугелъул: «Аварагзабазул хабар тIибитIана тIолабго ракьалда, гьезул рагIабиги дуниялалъул рагIалде щвана», – ян.

19 Цоги дица гьикъулеб буго гьеб харбил магIна Исраилил халкъалда бичIчIарабищилан. ТIоцебе Мусаца абулеб буго: «Халкъ бугин гьебилан рикIкIинегицин бегьулареб халкъалда нуж бахиллъизе тIамила дица. БичIчIи-лъайго гьечIеб халкъалда нужер ццин бахъинеги гьабила», – ян.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

20 Гьелдаса хадуб Ишая аварагасги хIинкъичIого абулеб буго Аллагьасул
рахъалъ: «Валагьулев вукIинчIезда ватана дун. Дун цIехолел рукIинчIезе
дунго загьирги гьавуна», – ян.

21 Исраилил халкъалъул хIакъалъулъни Ишаяца гьадин абулеб буго:
«МутIигIлъулареб ва чанкIкIараб халкъалдехун вуссун тIубараб къоялъ
квералги цере ккун чIана дун».

**Румазухъе 11**

1 Гьанже дица гьикъулеб буго: «Унго Аллагьас жиндирго халкъалдаса
инкар гьабурабищ?» – абун. ГьабичIо! Дунги исраилилав вуго, –
Ибрагьимил зуриятальъул, Буняминил наслуялъул.

2 Цебеккун жиндаго лъалеб букIараб жиндирго халкъалдаса инкар
гьабилищха Аллагьас! Исраилил халкъалда тIасан Иляс аварагас
Аллагьасде гIарз бахъиялъул бицунеб бакIалда ТIухьдузда щиб хъван
бугебали лъалищ нужеда? Илясица абулеб буго:

3 «Я БетIергьан, гьез дур аварагзаби чIвана, дуе къурбан хъвезе гьарурал
бакIал щущазаруна. Гьанже цохIо хутIун вугев дунги гьез чIвазе
валагьулев вуго!”

4 Аллагьас гьесие жаваб кинха кьураб? «Дица диего цIунун вуго БагIалие
сужда гьабичIев анкьазарго чи».

5 Гьединго Аллагьасул баркаталдалъун тIаса рищаразул хутIараб
бутIаялъул гIадамал гьанжеги руго.

6 Баркаталдалъун тIаса рищарал ругони, Къануналъул амруял
тIуразаруралъухъ тIаса рищаралльун кколаро гьел. Гьедин
букIинчIебани, баркаталда баркатилан абизе бегьилароан.

7 Щибха лъугьараб? Додинаб хIаракат-жигаргун тIалаб гьабулеб букIараб
жо, Исраилил халкъалъеги щвечIого, тIаса рищараздасан хутIаразе
щвана. Цогидал Аллагьас гIинкълъизаруна.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 ТІухьдузда хъван буго: «Аллагьас гьел согІлъизаруна. Жакъа къоялде
щвезегІанги гьезул берaзда бихьуларо, гьезул гІундузда рагІуларо».

9 Давудицаги абулеб буго: «Биччанте гьел тІад кваналеб сурпа гьезие
жалго кколеб гьинлъунги къорлъунги лъугьине, риччанте гьел гІодор
ккезе, биччанте гьезде къисас рещтІине, биччанте щибго бихьуларедухъ
гьезул бералги бецлъизе,

10 биччанте гьезул мугъги кидаго къулухъе хутІизе».

11 Цоги дица гьикъулеб буго: «ГІодор ккезе ва тІокІал тІаде
рахъунгутІизе хъван букІунищ гьезул хІетІе хъущтІараб?» – абун. Гуро!
Гьел гІодор ккей сабаблъун цогидал халкъалги хвасарлъана, Исраилил
халкъ гьезда бахиллъизе.

12 Гьел гІодор ккеялдалъун дуниял бечелъидал, гьезие ккараб
заралалдалъун цогидал халкъазе пайдаги ккедал, кигІан кІудияб баркат
букІинеб Исраилил тІолабго халкъ Аллагьасде буссараб мехалъ?

13 Гьанже дун, батІи-батІиял халкъазухъе витІарав чапар, гьединаллъун
рукІараздехун хитІаб гьабун кІалъалев вуго. Дун дирго чапарлъиялдаса
чІухІун вуго!

14 Дир хьул буго дирго халкъалъул цо-цо гІадамазул рекІелъ жахІда
бижизабизе кІвезеги бегьулин ва гьезда гьоркьоса цо-цоял хвасарлъизеги
бегьулин абун.

15 Аллагьас гьел рехун тей сабаблъун тІолабго гІалам жиндихъего ахІун
батани, Аллагьас гьел цІидасан къабул гьари сабаблъун щибдай
лъугьина? Хун рукІарал цІидасан чІаголъила!

16 Реччеялъул цо гороги босун, Аллагьасул цІар рехсани, гьебги жубан
буцарабщинабги Аллагьасе гІололъун букІуна. ГъотІол кьибил хІалалаб
бугони, гІаркьалабиги хІалалал рукІуна.

17 Зайтуналъул гъотІол цо-цо гІаркьалаби къотІун руго. Мун – гІалхул
зайтуналъул гъветІ, гьел гІаркьалабазул бакІалда бацІцІараб буго. Ахикь


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

бижараб гьеб зайтуналъул гъотIол кьалбаздасан регьелги цIцIулеб буго дуца.

18 КъотIун рехарал гIаркьалабазе чIухIи гьабуге дуца. Сундаса мун чIухIизе кколеб? Дуца гуро кьалбал ккун ругел, кьалбаз мун ккун буго!

19 «Гьеб гъотIода дун бацIцIиналъе гIоло къотIун рукIанин гьел гIаркьалаби», – ян абизейищ дуе бокьун бугеб?

20 ЛъикIни абуна дуца гьеб! Гьел гIаркьалаби къотIана гьезул божи-иман гьечIолъи сабаблъун. Гьезул бакIалде мун ккана дур божи-иман сабаблъун. ЧIухIдаричIого – Аллагьасукьа хIинкъа!

21 Жиндирго гъотIол гIаркьалабазда гурхIичIев Аллагь дуда гурхIилинищ ракIалде кколеб?

22 Бихьулищ, Аллагь жив гурхIулевги, жинца кьварараб тамихI гьабулевги вуго! Къосаразе гьес кьварараб тамихI гьабула. Дудаги гьев гурхIула гьесул цIобалде хьул лъун мун вугебгIан заманалда. Гурони – къотIун рехула мунги!

23 Божи-иманалде чанкIкIун дандечIей гьабичIого тани, жугьутIал цIидасан Аллагьас къабул гьарила. КъотIарал гIаркьалаби цIидасан гъотIода рацIцIинеги хIалкIола Аллагьасда.

24 ГIалхул зайтуналъул гъотIодасаги къотIун, ахикь бижараб зайтуналъул гъотIода, тIабигIияб низамги хвезабун, рацIцIарал гIаркьелаллъун нуж ругони, Аллагьасе дагьабги бигьалъула гъотIодаса къотIарал гьелъул жиндирго гIаркьалаби цIидасан гьелда рацIцIине.

25 Цо балъголъи нужедаса бахчун тезе бокьун гьечIо, вацал, дие. Гьеб балъголъи лъани, гIамал кIодолъун лъугьинаро нуж. Исраилил халкъалъул цо бутIа гьадин чанкIкIун кидаго гуро букIине бугеб, цогидал халкъаздасан рачIине кколезул киналго Аллагьасде руссинегIан хутIила гьел гьедин.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

26 Гьебмехалда Исраилил тIолабго халкъги хвасарлъила. ТIухьдузда
хъван буго: «Цион магIардасан вачIина нуж хвасар гьарулев чи, гьес
Якъубил наслуялъул гIадамазул къосинги лъугIизабила.

27 Дица гьезие къотIи гьабила гьезул мунагьал чурилилан».

28 Нужеда гьоркьоб Рохалил хабар тIибитIизабизе квекIен гьабулеб
мехалда, Аллагьасул тушбаби руго гьел. Аллагьас жиндиего гIадамал
тIаса рищиялъул рахъ босани, – Аллагьасе хириял чагIи руго гьел.
Гьезул умумузулгун Аллагьас къотIи гьабун букIиндалха!

29 Жиндица рещтIинабураб баркат Аллагьас нахъе босуларо, жиндихъего
ахIараздаса инкарги гьабуларо гьес.

30 Цере Аллагьасе мутIигIлъуларого рукIарал нужеда цIоб лъуна, –
гьанже гьел мутIигIлъулел гьечIолъи сабаблъун.

31 Гьанже гьел мутIигIлъулареллъун лъугьана, – нужеда цIоб лъезе,
хадуб гьездаги Аллагьасул цIоб лъезе.

32 Гьедин жиндие мутIигIлъунгутIиялъул асирлъуде ккезаруна Аллагьас
киналго гIадамал, ахирги гьел киназдаго жиндирго цIоб лъезе.

33 Вай, Аллагьасул гIакъиллъиялъулги гIелмуялъулги кIкIалалъул
гъварилъи! Гьесул хIукмуялда нахъгIунтIизе кIоларо! Гьесул нухазул
балъголъи лъазе бажаруларо!

34 БетIергьанасул пикрабазда нахъгIунтIулев чи вугищ? Щив вукIарав
Аллагьасул гIакълучилъун?

35 Нахъе бецIизелъун лъицаниги киданиги щибниги къурабищ гьесие?

36 Кинабго гьесдасан бачIана, кинабго гьесдалъун буго, кинабго гьесде
буссуна! Абадияб рецц гьесие! Амин.

**Румазухъе 12**

1 Аллагь разилъулеб къурбаналъе хъолеб кьегIер хIалалабги
бацIцIадабги букIине ккола. Аллагьас цIоб лъедал, дица нужеда гьарулеб
буго, диналъул вацал, нужер чурхдулги гьелда релъльун рукIунеб

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

хIалалъ хьвадейилан. ХъвечIоники къурбанлъун ккола Аллагьасе гьабулеб бугеб нужер унго-унгояб хъулухъ.

2 Гьаб дуниялалъул халкъ хьвадулеб къагIидаялъ хьвадуге нуж. Биччанте Аллагьас нуж хисизаризе, биччанте нужер гIакълуги цIияб букIине. Гьелдалъун бичIчIила нужеца щиб гьабизе Аллагьасе бокьун бугебали, батIа бахъизе лъала Аллагь разилъулебги, лъикIабги, камилабги.

3 Чапарлъиялъул баркат насиблъарав чи вугелъул, нужер щивасда абулеб буго, кколелдаса цIикIкIун кIодо гьаруге нужго нужецаго. ЧIухIдаруге нуж. Аллагьас нужер щивасе кьураб божи-иманалъул роцада рекъон цIодорго гурони рехсоге нужерго цIар.

4 Масала, нилъер щивав чиясул буго гIемерал лугбуздасан цолъараб цо черх, щибаб лагаялъулги буго гьелъ гьабизе кколеб иш.

5 Гьедин нилъги, гIемерал ругониги, МасихIиде цолъун, цо черхлъун лъугьун руго, гьелъул щибаб лагаялъ цогидал лугбузе кумек гьабула.

6 Аллагьас нилъее кьураб батIи-батIияб баркатаб гьунаралда рекъон, щивасул буго жиндирго иш. Аллагьасул амруялъул бицине гьунар бугес гьеб гьабе, жиндир божи-иманалъ насиблъизабураб ресалда рекъон.

7 Диналъул вацазе кумек гьабизе гьунар бугес, гьезие кумек гьабе. Дин малъизе гьунар бугес гьеб малъе.

8 НасихIат гьабизе гьунар бугес гьебги гьабе. БетIерлъи гьабизе гьунар бугес, хIаракат бахъун, бетIерлъиги гьабе. Садакъа кьолес сахаватго кье гьеб. ЛъикIал ишал гьарулез ракI разиго гьаре гьел.

9 РакI-ракIалъго рокьа нуж цоцазе. Квешлъи рикIкIад гьабе, лъикIлъиялда рекIун чIа.

10 Цоцазе рокьун, мутIигIлъун, вацал гIадин рукIа. Дудасаго гьев кIодо гьавун, цогидасул адаб-хъатир гьабе.

11 Нужер жигарчилъи чучлъизе тоге, Аллагьасе хъулухъ гьабизе рухIанияб хIаракатги загIиплъизе биччаге.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

12 Хьулалъ ракI бохизабе. Балагь бачIаниги, късвакIун чIа. Кидаго гьари-
дугIаялда тIадчIа.

13 Диналъул вацазул хIажат тIубан, нужер бугебги бикьун кье. Гьалбал
хириялльун рукIа.

14 Нужее гIазаб-гIакъуба кьолесдаги баркат лъегиян абе. НагIана
кьечIого, баркат лъегиян абе!

15 Рохун ругезда цадахъ рохунги рукIа, гIодулел ругезда цадахъ нужги
гIоде.

16 Цоцазда гьоркьор ракI разияб ракълида рукIа. ЧIухIи гьабуге,
гIадатиял гIадамазулгун гьудуллъи гьабичIого тоге. Нужго гIакъилал
чагIийилан, гIамал кIодолъун лъугьунге.

17 Нужее гьабураб квешлъи бецIун квешлъиги гьабуге. Киназго
лъикIабилан рикIкIунеб иш гьабизе хIаракатги бахъе.

18 Нужехъа бажарараб къагIидаялъ ракълида рукIа нуж киназдехунго.

19 РецIел босизейилан лъугьунге, дир хириял. Аллагьасул ццин бахъине
биччанте гьединал гIадамазда. ТIухьдузда хъван буго: «РецIел Дихъ буго,
Дица бецIула», – ян.

20 Гьелъул гIаксалда: «Дур тушман вакъун вугони, чед кьун кваназаве,
гьев къечон вугони, лъим кьун гьекъезаве. Нечезавун гьесул бетIералда
тIаде цIа рекIарал тIорччол гIеркъалин дуца ралел ругел».

21 Квешлъиялъ нужго къезаризе риччаге, лъикIлъиялъ къезабе квешлъи!

**Румазухъе 13**

1 ХIукуматалъе мутIигIлъе нуж киналго. Аллагьас тIад тараб гурони
хIукумат букIунаро. Аллагьасул хIукмуялдалъунин хIукумат гIуцIун
бугеб.

2 Гьединлъидал хIукуматалде дандечIолев чи ккола Аллагьас
гIуцIаралда дандечIолев чи. Гьесие тамихI гьабула.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 ХIакимзабаздаса хIинкъи букIуна квешго хьвадаразе, – ритIухъго
хьвадулезе букIунаро. ХIакимасдаса хIинкъи гьечIого вукIине бокьун
бугищ? РитIухъго хьваде, гьес мун веццила.

4 Гьев хIакимги ккола дуе лъикIлъи гьабизе Аллагьас тIамурав лагъ.
Амма дуца квешлъи гьабулеб бугони, гьесдаса хIинкъа мун, гIадада
гурелъул гьес хвалчен борчун бугеб. Аллагьасул лагъ вуго гьев, квешлъи
гьабуразе Аллагьасул хIукму тIубазабулев.

5 Гьединлъидал мун хIакимзабазе мутIигIлъе, тамихI гьабилилан
хIинкъун гуревги, намус-яхI цIунунги.

6 Нужеца налогалги кьолел руго, жидеда тIадаб ишги тIубазабун, гьел
хIакимзабаз Аллагьасе хъулухъ бацIцIад гьабулелъул.

7 ХIасил, гьезие кьезе кколебщинаб кье нужеца: налог кьезе кколесе
налог кье, магъало кьезе кколесе магъало кье, адаб гьабизе кколесул
адаб гьабе, хIурмат гьабизе кколесул хIурмат гьабе.

8 Сундулъго цоцазе налъулаллъун рукIунге нуж, цоцазе рокьиялъул
налъи буго нужеда тIад. Цогидав чи вокьулес тIуразарула Къануналъул
тIолалго амруял.

9 Кинаб амру босун халгьабуниги – «ХъахIбалъи гьабуге», «Чи чIваге»,
«Бикъуге», «Чияр боцIуда бер бахиллъуге» – гьезул магIна цолъула:
«Мунго гIадин вокьа дуда аскIов вугевги» абураб цо амруялъулъ.

10 АскIов вугесе квешлъи гьабуларо рокьиялъ. Гьединлъидал рокьи ккола
Къануналъул амруял тIуразарилъун.

11 Гьаб заман кинаб бугебалиги бичIчIун хьваде! Макьидаса ригьине мех
щвана нужее, доб нужеца иман лъураб заманалдасаги цIикIкIун
гIагарлъун буго гьанже хвасарлъи!

12 Сордо рогьунеб буго, рогьел гIагарлъулеб буго. РачIа бецIал ишал
рехун тезин, нуралъул ярагъ борчинин!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

13 Бакъул канлъухъе гъабизе рекъараб гІумруялде рачІинин – гъекъелги
мехтелги гъечІеб, хъахІбалъиги пасалъиги гъечІеб, дагІба-рагІиги жахІда-
хІусудги гъечІеб – гІумру гъабизин.

14 Биччанте ТІадегІанав ГІиса МасихІ нилъее чадирлъун вукІине.
Мунагъаб напсалъе бокьараб гъабилин ракІалдецин ккезе биччаге.

**Румазухъе 14**

1 Божи-иман загІипав чи нужехъего ваче, гъесул пикрабазухъ балагъун
дагІбадизе-къацандизе лъугъунге.

2 Масала, цоясул божи-иманалъ гъесие изну кьола бокьа-бокьараб квен
кваназе. Амма цогидав божи-иман загІипав чияс гъан кваналаро.

3 Бокьараб квен кваналес хІакъир гъавизе бегьуларо гъеб кваналарев чи.
Бокьараб квен кваналарес гъеб кваналесда гІайиб чІвазеги бегьуларо, –
гъевги Аллагъас къабул гъавунлъидал вугев.

4 Дур ихтияр щиб чияр лагъасда гІайиб чІвазе? Квеш хьваданиги, лъикІ
хьваданиги, бетІергъанас тІубала гъесул иш. ХІакълъунго лъикІ хьвадила
гъев. БетІергъанасда хІалкІолелъул гъев лъикІ хьвадизавизе.

5 Цояс рикІкІуна пуланаб къо цогидаздаса хирияб бугилан. Цогидасе
киналго къоязул батІалъи гъечІо. Виччанте щивав чи жиндир гІакълу
нахъгІунтІараб къагІидаялъ хьвадизе.

6 Пуланаб къо хирияб бугилан рикІкІунес гъеб гъабула ТІадегІанасе
гІоло. Гъан кваналесги гъеб кванала ТІадегІанасе гІоло, кванан вахъараб
мехалъ гъесие рецц гъабулелъул. Гъан кваналаресги гъеб кваналаро
ТІадегІанасе гІоло – гъесги Аллагъасе рецц гъабулелъул.

7 Нилъеда гъоркьов цониги чи гъечІо цохІо жиндиего гІоло гІумру
гъабулев, нилъеда гъоркьоса цониги чи цохІо жиндиего гІоло хвезеги
холаро.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Нилъ чIаго ругеб заманаялъ, нилъ рукIуна ТIадегIанасе гIоло гIумру гьабулел. Хвезеги нилъ ТIадегIанасе гIоло хола. ЧIаго ругониги, хун ругониги – ТIадегIанасул халкъ буго нилъ.

9 Щайин абуни, МасихI хвана ва чIаголъана хваразулги чIагоязулги ТIадегIанавлъун лъугьине.

10 Щай дуца дурго диналъул вацазда гIайиб чIвалеб? Яги щай дуца гьел хIакъир гьарулел? Нилъее киназего суд Аллагьасин гьабизе бугеб.

11 ТIухьдузда хъван буго: «Дун чIаго вукIин хIакъаб бугеб гIадин, щибаб наслуялъ дие сужда гьабизе букIинги, щибаб мацIалда Аллагьасе рецц гьабизе букIинги хIакъаб бугилан гьедулев вуго БетIергьан».

12 Нилъер щивав чияс жинцаго кьела Аллагьасда цебе жаваб.

13 Гьединлъидал, рачIа нилъеца цоцазда гIайиб чIваларин. Бищунго лъикIаб букIина диналъул вац къосинавулеб яги гьев мунагьалъукье кколеб иш гьабичIого тани.

14 ТIадегIанав ГIисагун цолъарав чи вугелъул, дир тIубанго ракIчIола цониги нигIмат жибго жиндасанго хIарамлъулареблъиялда. Инсанас жинцаго хIарамаблъун рикIкIунеб нигIмат гьесие хIарамаблъун лъугьуна.

15 Амма дуе хIалалаб нигIмат сабаблъун дуца дурго диналъул вац къварид гьавулев вугони, гьесдехун рокьи гьечIолъи бихьула гьелдасан. Кваналеб нигIмат сабаблъун хвезавуге жиндие гIоло МасихI хвалде арав дурго диналъул вац.

16 Нужеца лъикIалилан рикIкIунел ишазул хIакъалъулъ квешаб хабар тIибитIизе биччаге.

17 Нужеца кваналелда яги гьекъолелда бараб гьечIо Аллагьасул ПарччахIлъи. Гьеб ккола Илагьияб РухIалъ насиблъизабулеб ритIухълъиги, саламалъиги, рохелги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

18 Гьедин МасихIие хъулухъ гьабулевщинав чиясдаса Аллагь разилъула, гIадамаз гьесул хIурматги гьабула.

19 Гьединлъидал, рачIа нилъеца хIаракат бахъизин нилъеда гьоркьоб рекъелги щулалъулел, цоцазе квербакъиги камиллъулел ишал гьаризе.

20 Кванил нигIмат сабаблъун Аллагьасе бокьухъе гIуцIараб иш гIадада хвезабуге. Кинабгоги нигIмат хIалалаб буго. Амма цо кинабалиго нигIмат кваналеб бугин гьесилан дуца инсан къосинавизе бегьуларо.

21 Диналъул вац къосинавизегIан, гьан кваначIого, чагъир гьекъечIого чIей лъикI.

22 Гьелъул рахъалъ дурго пикру дуего те, дудаги Аллагьасдаги лъазе биччанте гьеб. Гьардарав гурищ, жиндирго пикруялда рекъон хьвадун, жиндаго гIайиб чIваларев чи.

23 Пуланаб нигIмат жиндие хIарамаб батилилан щаклъи ккун хадуб, гьеб кванарав чиясе тамихI гьабула, – жиндирго божи-иманалда рекъон хьвадулев гьечIелъул. Божи-иман жиндир аслу-кьучIлъун гьечIебщинаб жо мунагь ккола.

## Румазухъе 15

1 Диналъулъ щулалъун ругел нилъеца, нилъеего пайдаялъе хIалтIичIого, загIипазе кумек гьабизе ккола, гьезие бакIлъараб гьир баччизе.

2 Нилъер щивав чиясда тIадаб буго аскIов вугесул божи-иман щулалъулеб пайдаяб иш гьабизе.

3 МасихIиеги бокьулароан жиндиего пайда. ГIадада гуро ТIухьдузда хъван бугеб: «Мун хIакъир гьавуразул хIакъирал рагIабаз хIакъир гьавулев вуго дун».

4 ТIухьдузда бугебщинаб хъван буго, гьездасан нилъее къвакIиги сабруги хIалае ккун, рекIелъ хьул цIунизе.

5 КъвакIиги сабруги нилъее кьолев Аллагьас тIубанго рагIи данде ккезабеги нужер, МасихI ГIисада нахърилълъун,


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 нужеца киназго, цо кӀалдисан кӀалъарал гӀадин, нилъер ТӀадегӀанав ГӀиса МасихӀил Эмен – Аллагьасе рецц гьабизе.

7 МасихӀица нужее лъикӀлъи гьабураб гӀадин, нужецаги цоцазе лъикӀлъи гьабе, Аллагьасе гьабулеб рецц гьелдалъун цӀикӀкӀине.

8 ЖугьутӀазе хъулухъалъе чӀана МасихӀ, Аллагьас жиндирго рагӀи кколеблъиги ва гьезул умумузе гьабураб къотӀи гьес хвезабулареблъиги гьезда бихьизабизе гӀоло.

9 Гьединго жидеда цӀоб лъуралъухъ цогидал халкъазги Аллагьасе рецц гьабизе гӀологи. Гьелъул хӀакъалъулъ ТӀухьдузда хъван буго: «Цогидал халкъазухъе ун, дица дуе рецц гьабила, дур цӀар рехсон, туркабиги ахӀила», – ян.

10 Цоги хъван буго: «Цогидал халкъал, нужги роха Аллагьасул халкъалда цадахъ!» – ан.

11 Цоги: «Ле, киналго халкъал, БетӀергьанасе рецц гьабе! Биччанте киналго къавмаз гьесие рецц гьабизе!”

12 Ишая аварагасги абулеб буго: «Иешайил кьибилалдасан кӀанцӀараб цо чӀор, гьесул наслуялъул чи вачӀина халкъазего ханлъи гьабизе, гьесде
букӀина гьезул хьул», – ан
13 Нужее гьединаб хьул насиблъизабурав Аллагьасда нуж божулел ругелъул, гьес нужеде рохелги рекъелги рещтӀинабеги. Илагьияб РухӀалъул къуваталдалъун нужер хьулги цӀикӀкӀаги.

14 Дир тӀубанго ракӀчӀун буго, вацал, нужелъ лъикӀлъи цӀикӀкӀун бугеблъиялда, кинабгоги нужедаго лъалеб букӀиналда, цоцазе насихӀат гьабизе гьунарги нужелъ букӀиналда.

15 Амма гьедин букӀаниги, щибго бахчичӀого, гьаб кагъат хъвалеб буго, цо-цо жал нужеда ракӀалде щвезаризе бокьидал. Аллагьас дида тӀадкъан
бугелъулха
16 цогидал халкъазда гьоркьов ГӀиса МасихӀие хъулухъ гьабулев чилъун вукӀайилан. Аллагьасе хъулухъ гьабун ва Рохалил хабар тӀибитӀизабун Илагьияб РухӀалъ бацӀцӀад гьабураб ва гьев разияб

къурбан гІадин, цогидал халкъал Аллагьасухъе рачине тІадкъан буго
дида.

17 Гьединлъидал, ГІиса МасихІиде цолъарав дун чІухІизе бегьула
Аллагьасе гІоло дицаго гьарурал ишаздаса.

18 Гьедин абизе хІинкъуларо, дун гьоркьов ккун, МасихІица гьабуралъул
хІакъалъулълъидал дица бицунеб бугеб. Гьес гьеб гьабуна мажусиялги
Аллагьасе мутІигІлъизе гІоло, гьабуна рагІудалъунги ишаздалъунги,

19 гьабуна кутакал гІаламатазулги мугІжизатазулги къуваталдалъун,
Илагьияб РухІалъул къуваталдалъун. Иерусалималдаса бахъараб
Иллирикалде щвезегІан тІибитІизабуна дица МасихІил хІакъалъулъ
Рохалил хабар.

20 Дица кидаго хІаракат бахъулаан, МасихІил цІар жеги рехсолебцин
рагІичІеб бакІалде ун, гьеб Рохалил хабар гьездаги лъазабизе. Цогидаз
кьучІ тІамураб мина базе бокьун букІинчІо дие.

21 ТІухьдузда хъван бугелъулха: «Гьесул хІакъалъулъ жеги бицинчІезда
вихьила, гьесул хІакъалъулъ рагІичІезда вичІчІила», – ян.

22 Гьеле гьединлъидалин, къватІиве вахъине чанцІулго къачІан
вукІаниги, гьанжелъизегІан нужехъе вачІинчІого хутІарав.

23 Гьаб ракьалда гьанже дун хІалтІизе кколеб бакІ хутІун гьечІелъул ва
гІемерал соназ нужехъ гІащикълъунги вугелъул,

24 дида ракІалда буго, Испаниялде унаго нужехъе вачІине. Гьениве унаго
нухдасан нужехъе щвезе, ва дагьаб мехгІаги нужеда аскІоб бан, чІалгІен
буссине бокьун буго. Цоги, дир хьул буго гьеб сапаралъ вахъине ккани
дие хІажалъулеб жоялдалъун нужеца кумек гьабилиланги.

25 Гьанже дун Иерусалималде инехъин вуго, гьениб Аллагьасул
халкъалъе хъулухъ гьабизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

26 Иналъе гIиллаги бицинин: Македониялъулги Ахаялъулги иман лъураз хIукму гьабун буго Иерусалималда ругел мискинал диналъул вацазе кумек гьабизе.

27 Гьебни лъикIаб хIукму буго, амма хIакъикъаталдаги дозие налъукь руго гьал. ЖугьутIаз гьазие илагьиял ишазулъ квербакъидал, цогидал халкъаздасан ругел вацазги дуниялалъул ишазулъ дозие квербакъизе ккеларищ?

28 Гьеб къваригIелги тIубан, дозие бакIарараб садакъадул гIарац дицаго гьенибе щвезабураб мехалъ, гьенисан Испаниялде ина ва нухдасан нужехъе щвезеги вачIина.

29 Дун нужехъе вачIараб мехалда, дидалъун МасихIица нужее баркат гьарзалъизабилеблъи лъала дида.

30 Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIие гIоло ва РухIалъ кьолеб рокьуе гIоло гьарулеб буго дица нужеда, дунги рехсон, нужецаги Аллагьасе тIадчIун гьари-дугIа гьабеян.

31 Нужеца гьаре Ягьудиялда ругел иман лъечIезул заралалдаса дун цIунеян ва дица доба гьабизехъин бугеб иш Иерусалималда бугеб Аллагьасул халкъалъ лъикIго къабул гьабегиян.

32 Аллагьас хъван батани, дун нужехъе вачIина. Гьелдаса цIакъ вохила, рекIее хIалхьи лъугьина.

33 Аллагьасул салам лъеги нужеда киназдаго. Амин.

**Румазухъе 16**

1 Дица, божилъи гьабун, нужехъе йитIулей йиго Кенхреялда бугеб иман лъуразул агьлуялъе хъулухъ гьабулей гIадан, нилъерго диналъул яц Феба.

2 ТIадегIанасе гIоло нужеца гьелда дандчIвай гьабе Аллагьасул халкъалда рекъолеб къагIидаялъ. Гьелъие къваригIараб-таралъул


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

рахъалъ кумекги гьабе. ГІемерал гІадамазеги диеги кумек гьабурай гІадан йиго гьей.

3 Салам буго дида цадахъ МасихI ГІисае хъулухъ гьабулел ругел Прискилладеги Аквиладеги.

4 Дун сабаблъун хвел тІаде босизегицин разилъун хІалтІана гьел. Цо
дица гуребги, цогидал халкъазда гьоркьоса ругел иман лъуразул
тІолабго агьлуялъги баркала кьола гьезие.

5 Гьезул рокъоб данделъулеб иман лъуразул агьлуялдаги бице дир
салам. Асиялда тІоцебе МасихIиде иман лъурав, дие хирияв Эпенетидеги
буго дир салам.

6 ГІемерго цІакъ нужее пайдаялъе хІалтІарай Марямидеги салам.

7 Дида цадахъ туснахъалъур рукІарал дирго халкъалъул гІадамазде –
Андроникидеги Юниядеги буго дир салам. Чапарзабазда гьоркьор
машгьурал ва дидасаги цере МасихIиде иман лъурал чагІи руго гьел.

8 ТІадегІанас дун жиндехун вухьинавурав Амплиатидеги салам.

9 Дида цадахъ МасихIие хъулухъ гьабулев вугев Урбаниде ва дие хирияв
Стахисиде салам.

10 МасихIида божиялъулъ хІалбихьарав Апеллесидеги салам.
Аристобулил рукъалъул агьлуялдеги салам.

11 Дир халкъалъул чи Гьеродионидеги салам. Наркисил рукъалъул
агьлуялда гьоркьоса иман лъураздеги салам.

12 ТІадегІанасе гІоло хІалтІарал Трифенадеги Трифосадеги салам.
ТІадегІанасе гІоло цІикІкІун хІалтІарай, дие хирияй Персидадеги салам.

13 ТІадегІанас тІаса вищарав Руфусиде ва диеги эбеллъун лъугьарай
гьесул эбелалде салам.

14 Асинкритиде, Флегониде, Гьермесиде, Патробасиде, Гьермасиде ва
цогидалги гьезда цадахъ ругел вацаздеги буго дир салам.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Филологиде ва Юлияде, Нерейиде ва гьесул яцалде, Олимпасиде ва цогидалги гьезда цадахъ ругел Аллагьасул халкъалъул гIадамаздеги буго дир салам.

16 Муъминал вацаз гIадин, цоцазда баун, салам гьабе. МасихIиде иман лъуразул киналго жамагIатазул рахъалдасанги буго нужеде салам.

17 Нужеда гьоркьоб рагIи дандеккунгутIи бижизабулел, нужее насиблъараб божи-иманалда дандечIолел ва нужеда малъарабщиналъе квекIенги гьабулел гIадамаздаса цIунеян гьарулеб буго, вацал, дица нужеда. Нуж гьездаса рикIкIад чIа.

18 Нилъер ТIадегIанав МасихIие гуребха гьез хъулухъ гьабулеб, жидерго квешал къасдазейин. Бадибе рецц гьабун ва бахьинго кIалъан гуккула гьез жагьилзаби.

19 Киназдаго лъала Рохалил хабаралъе нуж ритIухъал рукIин. Дунги гьелдаса вохун вуго. ЛъикIлъи гьабиялъулъ гIакъилзабилъунги, квешлъи гьабиялъулъ жагьилзабилъунги рукIине бокьун буго дие нуж.

20 Нужеде сах-саламалъи рещтIинабулев Аллагьас кватIичIого нужер хIатIикь тIамила илбис. Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIил цIоб лъеги нужеда.

21 Нужеде салам буго дир кумекчи Тимофейил, дир халкъалъул гIадамаллъун ругел Лукийил, Ясонил ва Сосипатрил.

22 Гьаб кагъат жиндир квералъ хъварав Тертийилги буго нужеде ТIадегIанасул цIар рехсараб салам.

23 Жиндир рокъоре иман лъуразул агьлу данделъулев, гьобол хирияв дир хважаин Гайилги буго нужеде салам. Шагьаралъул хазина цIунулев чи Эрастилги буго салам. Нижер вац Квартилги буго салам.

25 Нужер божи-иман щулалъизабулев Аллагьасе рецц. Гьеб божи-иманалъул хIакъалъулъин Рохалил хабаралъ бицунеб бугеб. Чанго гIасруялъ балъгояблъун букIарабги загьир гьабун, ГIиса МасихIил хIакъалъулъ бицунеб буго дицаги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

26 Аварагзабазул ТIухьдуздасан загьирлъана гьанже гьеб балъголъи.
Абадияв-даимав Аллагьасе бокьана киналго халкъазда гьеб лъазе ва
мутIигIлъун гьез иман лъезе.

27 ГIиса МасихIги рехсон, рецц гьабилин нилъеца гIелму-гIакълу
камилав цо вугев Аллагьасе! Амин.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

# 1 Коринфиязухъе

## 1 Коринфиязухъе 1

1 ГІиса МасихІил тІаса вищарав чапарлъун вукІине Аллагьасе жив
бокьарав Павелил ва диналъул вац Сосфенил рахъалдасан

2 Коринфалда ругел иман лъуразул агьлуялде – ГІиса МасихІидалъун
рацІцІалъаразде, жиндирго халкълъун лъугьине Аллагьас тІаса
рищаразде, цинги киса-кибего нилъерги гьезулги ТІадегІанав ГІиса
МасихІие тІагІат-гІибадат гьабулелщиназдеги.

3 Нилъер Эмен – Аллагьасулги ТІадегІанав ГІиса МасихІилги цІоб ва
салам лъеги нужеда.

4 МасихІ ГІисадалъун гьес нужеде баркат рещтІинабуралъухъ дица
кидаго Аллагьасе рецц гьабула.

5 Гьесдалъун Аллагьас нужер кинабго каламги бечелъизабуна, кинабго
гІакъиллъиги цІикІкІинабуна,

6 МасихІил хІакъалъулъ нижер нугІлъиги ритІухъ гьабуна.

7 ГІиса МасихІ вачІинегІан ралагьун чІун ругел нужелъ камураб гьунар
хутІун гьечІо гьанже.

8 Нилъер ТІадегІанав ГІиса МасихІ рещтІараб къоялъ нуж рацІцІадго
хутІизе гьесин ахиралде щвезегІан нужер ракІкъвакІизабилеб.

9 Жиндирго Васгун – нилъер ТІадегІанав ГІиса МасихІгун – цолъизе нуж
тІаса рищарав Аллагь ритІухъав вуго.

10 Нилъер ТІадегІанав ГІиса МасихІил цІар бахъун гьарула, вацал, дица
нужеда, нуж киналго цоцалъ рекъа-решон рукІайилан. Рикьи ккезе
биччаге – нужер пикруги гІакълуги цойиде буссинабе!

11 Хлоял рукъалъул агьлуялдасан дида рагІун бугелъулха, вацал, нужеда
гьоркьоб рикьи ккун бугилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 «Дун Павелил рахъ ккуравилан», «дун Аполлосил рахъ ккуравилан», «дун Кефал рахъ ккуравилан», «дун МасихIил рахъ ккуравилан» – щивас батIа-батIаго абулеб ралIула нужеца.

13 МасихI викь-викьунищха вугев?! Павелищха нужее гIоло хъанчида ван хвезавурав? Павелиде иман лъезейищха нуж лъадалъ ччун рахъарал?

14 Аллагьасе рецц буго, Криспги Гайги хутIизегIан, нужер цогидал дица лъадалъ ччун рахъичIелъул.

15 Диде иман лъезелъун дица лъадалъ ччун рахъанилан лъицаниги абиларо.

16 (Стефанасги гьесул рукъалъул агьлуги лъадалъ ччун рахъана дица, цоги щал лъадалъ ччун рахъаралали ракIалда гьечIо.)

17 ГIадамал лъадалъ ччун рахъизе витIичIо дун МасихIица. Рохалил хабар бицине витIана. ГIакъилал ва пасихIал рагIабаздалъун бицунеб гьечIо дица гьеб Рохалил хабар, – МасихI хъанчида ван хвей гIадада ккелаан гьебмехалъ.

18 Хвалде унезни чIобогояб чIандалъун рикIкIуна хъанчида ван хварасул хIакъалъулъ хабар. Нилъее – хвасарлъулезе – гьеб буго Аллагьасул къудрат.

19 ТIухьдузда хъван бугелъул: «ГIакъилазул гIакъиллъиги къинабилеб Дица, ЦIодоразул цIодорлъиги яризабилеб Дица».

20 Кив вугев дов гIакъил? Кив вугев дов гIалим? Кив вугев гьаб гIасруялъул дагIбачи-къацандухъан? Гьаб дуниялалъул гIакъиллъи гIантаб жо букIин загьир гьабичIищ Аллагьас?

21 Аллагьас жиндирго гIакъиллъиялдалъун гIаламалъе хIукму къотIана, дуниялалъул гIакъиллъиялдалъун гIаламалда Жив лъазе виччаларилан. Гьесие бокьана иман лъурал гIадамал Рохалил хабаралъул «гIантлъиялдалъун» хвасар гьаризе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

22 ЖугьутIаз мугIжизат-гIаламат тIалаб гьабулеб буго, греказги гIакъиллъи-гIалимлъи балагьулеб буго.

23 Нилъецайин абуни гIаламалда лъазабулеб буго хъанчида ван хвезавурав МасихIил хIакъалъулъ хабар. ЖугьутIазе гьеб буго гIасилъи, греказеги гьеб чIанда буго!

24 Аллагьас тIаса рищаразе – жугьутIазеги греказеги – гьеб буго МасихIидалъун загьирлъараб Аллагьасул къудратги Аллагьасул гIакъиллъиги!

25 Аллагьасдасан бугеб «гIантлъиги» гIадамазулалдаса гIакъилабин, Аллагьасдасан бугеб «загIиплъиги» гIадамазулалдаса къуватабин!

26 Аллагьас нуж жиндихъего ахIараб мехалъ нужго рукIараб куц ракIалде щвезабе. ГIакъилалин рикIкIунел гIадамал гIемерищ нужеда гьорлъ рукIарал? ГIемерищ рукIарал къадру-къимат бугелги къо-асс бугелги?

27 ГIакъилал инжитго къезаризейин Аллагьас гIаламалда гIантабилан кколеб жо тIаса бищараб. Къуватал инжитго къезаризейин гьес гIаламалда загIипабилан кколеб жо тIаса бищараб.

28 Къадру гьечIебги ярагьунаребги, ай гьезего гьечIилан рикIкIунебаб тIаса бищана Аллагьас, гьаб гIаламалъ гIадахъ босун бугеб жо гьезего гьечIеблъун лъугьинабизе.

29 Гьединлъидал Аллагьасда цеве веццаруге щивниги.

30 Аллагьасин нуж нилъее гIакъиллъилъун лъугьарав МасихI ГIисагун цолъизарурал. МасихIица нилъ ритIухълъизаруна, рацIцIалъизаруна, тархъанлъизаруна.

31 Гьединлъидал, ТIухьдузда хъван бугеб куцалъ: «Веццаризе бокьарас БетIергьан вецце!»

## 1 Коринфиязухъе 2

1 Доб мехалда дун нужехъе вачIиндал, Аллагьасул хIакъалъулъ Хабар лъазабулаго, дилъ букIинчIо кIалзул пасихIлъиги кIудияб гIакъиллъиги.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Нужеда гьоркьов вугеб заманалда дица хIукму гьабун букIиндалха, ГIиса МасихI (хасго гьев хъанчида ван хвей) хутIун, цогидабщинаб рехун телилан.

3 Дун нужеда аскIов вукIана загIипгоги ва хIинкъун сородулевги.

4 Дир гаргаралъги хабаралъги нужее гьабураб асар – гьеб букIинчIо
гIакъилал рагIабазул хIасиллъун. Илагьияб РухIалъул
хIалкIолъиялдалъунги мугIжизатаздалъунги лъугьана гьеб гьедин, – 5
нужелъ гьеб божи-иман, инсанасул гIакъиллъиялдалъун гуреб,
Аллагьасул къудраталдалъун лъугьине.

6 Саламатал гIадамазени гIакъилаблъун букIуна нижеца бицараб хабар. Амма гьеб хабар гьаб дуниялалъулаб гIакъиллъи гуро, гьаб дуниялалъул кверщелчагIазул (кверщел жидехъа унезул) гIакъиллъиги гуро.

7 Нижеца бицунеб буго Аллагьасулаб балъгояб гIакъиллъиялъул. Аллагьас бахчун тараб гьеб гIакъиллъи нилъер цIар-реццалъейин дуниял бижилелдего къачIан букIараб.

8 Гьаб дуниялалъул цониги кверщелчиясда бичIчIичIо гьеб. БичIчIун букIарабани, цIар-реццалъул бетIергьан хъанчида валароан гьез.

9 ТIухьдуздаги хъван бугелъулха: «Лъилниги beралда бихьичIебги, лъилниги гIиналда рагIичIебги, лъилниги гIакълу нахъгIунтIичIебги къачIан буго Аллагьас жив вокьулезе».

10 Нилъеени Аллагьас жиндирго РухIалдалъун загьир гьабуна гьеб. РухI сундулъего лъугьуна – Аллагьас цIакъго бахчун таралда гъорлъегицин лъугьуна.

11 Гьесулъ жиндилъго бугеб рухIалда гурони, цоги чиясда лъалебищ инсанасул рекIелъ ругел пикраби? Гьедин Аллагьасул пикрабиги, гьесул РухIалда гурони, лъалищха.

12 Нилъее щвараб РухI дуниялалъулаб гуро, Аллагьас нилъее кьурал нигIматал нилъеда ричIчIизе гьесдасан бачIараб буго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

13 Нилъеца гьелъул хIакъалъулъ инсанасулаб гIакъиллъиялъ малъарал
рагIабаздалъун гуро бицунеб, РухIалъ малъарал рагIабаздалъун бицуна.
Илагьияб РухIалъ цIуразда бичIчIизабула нилъеца РухIалда
хурхарабщинаб.

14 Жиндилъе РухI рещтIинчIев инсанас къабул гьабуларо Илагьияб
РухIалдасан бугебаб. Гьесие гьеб гIантаб жолъун кколелъулха. Гьесда
гьеб бичIчIизего бичIчIуларо, РухIалдалъун гурони бичIчIизе рес
гьечIелъул.

15 Илагьияб РухIалъ цIурав чиясда кIола бокьараб жоялъул хIакъикъат
лъазе, амма лъиданиги кIоларо Илагьияб РухIалъ цIурав чиясул
хIакъикъат лъазе.

16 ТIухьдузда хъван бугелъулха: «БетIергьанасул пикрабазда
нахъгIунтIулев чи вугищ? Гьесие гIакълу кьезе лъида кIолеб?»
Нилъелъин абуни МасихIил гIакъиллъи буго.

**1 Коринфиязухъе 3**

1 Амма нужедехунни, вацал, дун Илагьияб РухIалъ цIурал гIадамаздехун
гIадин кIалъачIо, кIалъана напсалъ малъараб гьабулездехун гIадин ва
МасихIиде цолъараб гIумру лъималазда кинигин гурони
бичIчIуларездехун гIадин.

2 Кванaзе квен гуро дица нужее кьураб, гьекъезе рахь кьуна. Кванaзе гIун
рукIинчIо нуж добмехалъ, – гьанжегицин гIун гьечIо нуж!

3 ГьанжелъагIанги напсалъ малъараб гьабулеб бугелъулха нужеца.
Нужеда гьоркьоб жахIда-хIусудги дагIба-рагIиги бугеб мехалъ, напсалъе
мутIигIлъи гурищ гьеб кколеб, гьаб дуниялалъул гIадамал гIадин
хьвадулел рукIинги гурищ кколеб?

4 Цояс «дун Павелил рахъ ккурав вугилан», цогидасги «дун Аполлосил
рахъ ккурав вугилан» абулеб бугони, гьаб дуниялалъул гIадамаллъун
ккеларищ нуж?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Гьаха, щив кколев Аполлос? Павелги щив кколев? Гьел руго нуж
иманалде рачарал ва хъулухъалъе тІамурал гІадатиял чагІи.
БетІергьанас тІадкъараб хІалтІи гьабулеб буго гьезул щивас.

6 Дица мугь чІана, Аполлосица лъалъана, амма бижизе Аллагьас гьабуна.

7 Мугь чІолевги – рикІкІунаро, лъалъалевги – рикІкІунаро. Бижизабулев
– Аллагь вуго!

8 Мугь чІолесдаги лъалъалесдаги гьоркьоб батІалъи гьечІо. Жидеца
гьабуралда рекъараб мухь щвела гьезул щивасе.

9 Ниж кІиялго руго Аллагьасул хІалтІухъаби, нуж руго Аллагьасул хур,
Аллагьасул мина.

10 Аллагьас дие кьураб баркатаб гьунаралда рекъон, махщел бугев
устарас гІадин, дица кьучІ лъуна. Цогидаз гьелда тІад мина балеб буго.
Щивас хал гьабизе биччанте кин жинца балеб бугебали.

11 Цебего лъун бугелдаса батІияб кьучІ лъезе лъиданиги кІоларо. ЦохІо
бугеб гьеб кьучІги ГІиса МасихІ ккола.

12 Амма гьеб кьучІалда тІад мина меседил, гІарцул, жавгьар-якъуталъул,
яги цІулал, бакъвараб харил, муцІидул баниги,

13 щивас гьабураб хІалтІи къиямасеб къоялъ бихьила. Гьеб къоялъ цІаялъ
хІалбихьулелъулха щивас кинаб хІалтІи гьабун бугебали.

14 Гьеб кьучІалда тІад бараб минаялда доб цІа хІехьезе кІвани, устарасе
кири щвела.

15 ЦІаялъ гьеб бухІани, зарал ккела. Хвасарлъизени гьев хвасарлъила,
амма цІадулъа вахъарав чи гІадин вукІина.

16 Нужеда лъаларебищ нуж Аллагьасул мукъадасаб рукъ ругеблъиги
нужелъ Аллагьасул РухІ бугеблъиги?

17 Аллагьасул мукъадасаб рукъ щущазабурав чи Аллагьасги
тІагІинавила. Нуж ккола Аллагьасул гьеб мукъадасаб рукълъун.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

18 Лъицаниги живго гуккуге абе! Нужеда гьоркьоса лъиданиги ракIалде
кколеб батани гьаб дуниялалда жив гIакъилав вугилан, хIакълъунго
гIакъилав вукIине бокьани, гьев гIантлъеян абе.

19 Гьаб дуниялалъул гIакъиллъи Аллагьасда цебе гIантлъилъун
кколелъулха. ТIухьдузда хъван буго: «Аллагьас гIакъилзаби жидерго
сихIирлъиялъул гьиналъ ккола».

20 Цоги бакIалда хъван буго: «БетIергьанасда лъала гIакъилазул
пикрабаз пайда гьабулареблъи».

21 Гьединлъидал, гIадамазул рахъги ккун, живго веццизе лъугьунге
щивниги. Кинабго нужерлъидалха:

22 Павелги, Аполлосги, Кефаги, дуниялги, гIумруги, хвелги, гьанжесебги,
букIинесебги – кинабго нужер буго.

23 Нуж МасихIил руго, МасихIги Аллагьасул вуго!

### 1 Коринфиязухъе 4

1 МасихIие хъулухъалъе чIарал чагIилъун рикIкIине ккола нужеца ниж.
Нижее амру гьабун бугелъулха Аллагьасул балъголъи гIадамазе
загьирлъизабеян.

2 Хъулухъалъе чIарав чи цохIо жиндирго бетIергьанасе ритIухъав вукIине
ккола.

3 Дирго хIакъалъулъ абуни, дие махIги ургъел гьечIо нужеца яги
гIадамазул кинаб букIаниги судалъ дие хIукму къотIиялъул. Дицагоги
къотIуларо диего хIукму.

4 Дида гIайиб гьечIеблъи лъала дида. Амма гьелдалъун гуро дун
ритIухълъулев. ТIадегIанасин дие хIукму къотIизе бугеб.

5 ТIадегIанав вачIинегIан лъицаниги лъиениги хIукму къотIуге. Гьес
канлъуде босила бецIлъукь бугебщинаб, рекIелъ ругел къасдалгицин
тIатинарила. Гьеле гьебмехалда Аллагьасдасан щивав чиясе щвела
жиндирго кири.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

6 Нужее лъикIлъиялъе дица гьеб кинабго бихьизабуна, вацал, нужеда, Аполлосилги диргоги мисалги бачун, «хъвараб гурони лъугьунарилан» абурал рагIабазул магIна нужедаги бичIчIизе ва, лъикIалги тIокIалги ругилан, цоцазда цере чIухIдарунгутIизе.

7 ХIакъикъаталдаги сундалъун нуж цогидаздаса тIокIал ругел? Аллагьасдасан щвараб гуреб жо щиб нужелъ бугеб? Нужее гьеб нигIматлъун кьунги бугеб мехалъ, цебего нужехъ гьеб букIараб гIадин, гIамал кIодолъун щай нуж лъугьунел?

8 Гьайгьай, гьанже нуж гIорцIун руго! Гьанже нуж бечелъун руго! Ниж гьечIониги, гьанже парччахIзабилъун лъугьун руго нуж. Дие бокьилаан унго-унголъунги нуж парччахIзабилъун лъугьунелани, нужеда цадахъ нижецаги парччахIлъи гьабизе.

9 Амма дида ракIалде ккола Аллагьас ниж – чапарзаби, халкъалда цере чIвазе къотIарал чагIи гIадин, бищун ахиралда чIезарун ругилан. ТIолабго махлукъаталъе – малаикзабазеги гIадамазеги ниж лъугьана байрамалда халкъалъе кепалъе рагъулезда релълъарал чагIилъун.

10 МасихIие гIоло ниж гIабдалзабилъун рикIкIунел руго, МасихIиде цолъарал нуж гIакъилзаби руго. Ниж загIипал руго, нуж къуватал руго. Нужер хIурмат гьабула, ниж хIакъир гьарула.

11 Жакъа къоялде щвезегIанги ракъунги къечонги руго ниж. Нижер ретIелги хохораб буго, ниж рухулел-кьабулелги руго, мина-руссенги нижер гьечIо.

12 ЗахIмат бихьун гурони хинкI-чедги щолеб гьечIо нижее. Ниж хIакъир гьарула – нижеца баркат лъегиян абула, нижее гIазаб кьола – нижеца хIехьола.

13 Нижедасан мацI гьабула – нижеца лъикIаб бицуна. Ниж гьаб дуниялалъе хIур-кIучлъун хутIун руго, гьаб гIаламалъеги чIахI-къуллъун хутIун руго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

14 Нуж инжит гьаризе гуро, вацал, дица гьаб кинабго хъвалеб бугеб. Дирго хириял лъималазе гІадин, гІакълу кьолеб буго дица нужее.

15 МасихІил дарсал малъулев азарго мугІалим нужер вугониги, эмен нужер цо гурони гьечІелъул. Дун нужее эменлъун лъугьана, Рохалил хабаралдалъун дица нуж МасихІиде цолъизаруна.

16 Гьединлъидалин дида релълъун хьвадейилан гьарулеб бугеб дица нужеда.

17 МасихІил нухдасан дун хьвадулев вугеб куц нужеда ракІалде щвезабизе гьале нужехъе витІулев вуго ТІадегІанасе ритІухъав ва дие хирияв васлъун лъугьарав Тимофей. Гьеб нухдасан хьвадейилан дица малъула киса-кибго киналго иман лъуразул агьлуялда.

18 Нужеда гьоркьор руго нич гьечІел гІадамалги. Гьезда ракІалде кколеб батила дун тІокІав гьениве вачІинарилан.

19 Амма, ТІадегІанасе бокьани, кватІичІого нужехъе вачІина дун. Гьел нич гьечІезул хабар-гаргар букІин гуреб, къуват-гучги бугищали лъала дида гьебмехалда.

20 Аллагьасул ПарччахІлъи хабар-гаргаралъулъ гуро бугеб, къуват-гучалъулъин.

21 Щиб нужее бокьилеб? Дун цІалги босун вачІинейищ, яги нужеде бугеб рокьиялъул цІураб хІеренаб рагІигун вачІинейищ?

## 1 Коринфиязухъе 5

1 Цинги, дида бицана нужер гьениб мажусиязулгицин гьечІебгІадаб инжитаб иш лъугьун бугилан – цо чи жиндирго бесдал эбелалда аскІов вегулев вугилан.

2 Гьелдаса пашманлъизе кколеб бакІалда нужер чІухІиго щиб! Гьединаб инжитлъи жиндасан лъугьарав чи нужерго агьлуялда гьоркьоса вачахъизе кколаан нужеца.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 Дирго рахъалъ абуни, черх гьаниб бугониги, рухI гьениб нужеда аскIоб
бугелъул, гьенив вугев гIадин вукIуна дун. Нужер данделъиялда нилъер
ТIадегIанав ГIисал къудратгун цадахъ дирго рухIги гIахьаллъизабун,
нилъер ТIадегIанав ГIисал цIаралдалъун дица хIукму къотIана 5 гьеб иш
гьабурав чи илбисалъул кверщаликье кьезе – биччанте гьесул мунагьаб
напс хвезе. ТIадегIанав вачIараб къоялъ гьесул рухI хвасарлъизеги
бегьула.

6 Нужер гьеб гIамал кIодолъи лъикIаб хасият гуро. Нужеда рагIанищ
гьадинаб кици: «ГьитIинаб реччеялъги гIемераб ханжу беччизабула»?

7 Мунагьалъул басрияб рečче тIубанго нахъе рехе. Гьебмехалъ рečче
гъорлъ гьечIого бежараб чедлъун лъугьина нуж. Гьединаб чедин нуж
кколел! Нилъер пасхаялъул кьегIер – МасихI – цевего къурбанлъун
лъугьиндалха!

8 РачIа гьанже нилъеца пасхаялъул байрамалде хIадурлъи гьабилин
басрияб рečче (ай мунагьги квешлъиги) цадахъ гьечIого. РеччичIел чадал
(ай бацIцIадабщинабги хIакъабщинабги) цадахъ, росун хIадурлъизин
гьелде.

9 Дица нужехъе битIараб кагътида хъван букIана пасатал чагIазулгун
гьоркьоблъи гьабугейилан.

10 Пасатал, хъантIарал, макруял гIадамазул ва гьересиаллагьзабазе
лагълъи гьабулел мажусиязул гуребха дица бицунеб букIараб. Гьездаса
ратIалъизени, дуниял тун ине ккелаан ниж.

11 Дица хъван букIана, жидеца иман лъун бугиланги абун, пасалъиги
гьабулел, хъантIун магIишатги гьабулел, гьересиаллагьзабазе лагълъиги
гьабулел, мацIги гьабулел, хIилла-рекIкIги гьабулел, гьекъолдизеги
гьекъолдулел гIадамазулгун хурхен гьабугейилан, хIатта гьезда цадахъ
гIодор чIун кванагейилан.

12 Нилъер гуреб агьлуялъе суд гьабунги щайха дие? Аллагьас гьабила
гьезие суд. Нужерго агьлуялъул чиясе суд гьабизе кколаребищ нужеца?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

ТIухьдузда хъван бугелъул: «Квешав чи нужер агьлуялда гьоркьоса нахъе вачахъе», – ян.

## 1 Коринфиязухъе 6

1 Жиндирго диналъул вацасдехун нужеда гьоркьоса пуланав чиясул
дагIба-рагIи бугони, Аллагьасул халкъги рехун тун, иман гьечIезухъе суд
гьабизе ине бегьилищ гьев?

2 Нужеда лъаларебищ гьаб гIаламалъе суд Аллагьасул халкъалъ къотIизе
букIин? ГIаламалъего суд гьабизе бугел нужеда кIоларебищ гIиси-
бикъинаб дагIба-рагIи къинабизе?

3 Нужеда лъай: малаикзабазегицин суд гьабизейин нилъеца бугеб. Гьаб
дуниялалъул ишал тIуразе кигIанха нужее бигьалъизе кколеб!

4 Гьединаб дагIба-рагIи нужеда гьоркьоб ккараб мехалъ, щай нужеца гьеб
нужерго агьлуялда гьоркьоб къимат гьечIел гIадамазде гIарз бахъулеб?

5 Нечоларищ нуж? Диналъул вацал рекъезаризе кIолев цониги гIакъилав
чи нужеда гьоркьов ватичIого вукIине рес гьечIо.

6 Бихьулищ – вацас вац судалде вачунев вуго, гьебги – иман лъечIез
хIукму къотIизе.

7 Нужеда гьоркьоса гIадамал судалде ине ккеялъгицин нугIлъи гьабула
нуж къеялъе. Нужее гьабураб зарал-зиянги баччун рукIинго лъикI
гурищ? Нужехъа боцIи-рикъзи бахъиги хIехьон рукIинго лъикI гурищ?

8 Нужецайин абуни цоцазе зарал-зиян гьабулеб буго, цоцахъа боцIи-
рикъзи бахъулеб буго. Лъие гьеб гьабулеб бугеб? Нужерго вацазе!

9 Нужеда лъаларебищ пасатал гIадамазе Аллагьасул ПарччахIлъи
насиблъулареблъи? Нужго нужецаго гуккуге! Пасалъи гьабулезе,
гьересиаллагьзабазе лагълъи гьабулезе, зина гьабулезе, бихьиназдасан
лазат босулел бихьиназе,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 хъантIаразе, цIогъабазе, гьекъолдухъабазе, мацIихъабазе, хъамалчагIазе – гьезул цонигиязе Аллагьасул ПарчахIлъи насиблъуларо.

11 Нужеда гьоркьорги рукIана гьединал гIадамал. Амма нуж гьанже чурун руго, рацIцIалъизарун руго, ТIадегIанав ГIиса МасихIил цIаралдалъун ва нилъер Аллагьасул РухIалдалъун ритIухълъизарун руго!

12 «Бокьарабщинаб гьабизе бегьула!» – ян абула цо-цояз. Бокьарабщинаб гьабиялъул гуребха пайда букIунеб. «Бокьарабщинаб гьабизе бегьула!» Амма дун сундулниги лагълъун лъугьине бегьуларо.

13 Цогидаз абула: «Квен – чохьое, чехь – квание!» – ян. Аллагьас гьеб кIиябгоги пасалъизабула. Гьаваялда нахъбилълъине гуро черх бижун бугеб, ТIадегIанасе тIагIаталъейин. ТIадегIанас тIалаб гьабила гьелъул.

14 ТIадегIанав ГIиса хваралъуса вахъинавуна Аллагьас, жиндирго къудраталдалъун нужги хваралъуса рахъинарила гьес.

15 Нужеда лъаларебищ нужер чурхдулги МасихIил черхалъул бутIаби рукIин? МасихIил черхалъул бутIа хъахIбал черхлъун лъугьинабизе бегьилищ? Киданиги бегьуларо!

16 Нужеда лъаларебищ хъахIбаялда аскIов вегарасул черх гьелъул черхгун цолъулеблъи? ТIухьдузда хъван бугелъул: «гьел кIиялго цолъун, цого лъугьина».

17 ТIадегIанасде цолъарасул рухI гьесул РухIгун цолъула.

18 ХъахIбалъи рикIкIад гьабе! Цогидал мунагьал инсанасул черхалдаса къватIирехун ккарал рукIуна. ХъахIбаяв чиясин абуни, мунагь гьабула жиндирго черхги хIакъирлъизабун.

19 Аллагьасдасан нужее щвараб Илагьияб РухI жаниб чIолеб мукъадасаб рукълъун нужер черх букIин лъаларебищ нужеда? ЦIикIкIараб мухьги кьун росун ругелъул, нужго бетIергьанал чагIи гуро нуж. Аллагь кIодо гьавизе пайда босе нужерго чурхдуздаса!


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

**1 Коринфиязухъе 7**

1 Гьанже дица бицина нужеца дихъе кагътида хъван букIаралъул
хIакъалъулъ. ЧIужугIаданалда аскIове къачIого вукIинго лъикI
бихьинчиясе.

2 Амма пасалъи цIикIкIун бугелъул, щивав бихьинчиясул жиндирго
лъади йикIун лъикI, щияй чIужугIаданалъулги жиндирго рос вукIун
лъикI.

3 Росас лъади бусада жиндасаго рикIкIалъизайизе бегьуларо, лъадиялъ
росги бегьуларо.

4 Жиндирго черхалъул кверщел лъадиялъухъ гуро бугеб, росасухъ буго.
Гьединго жиндирго черхалъул кверщел росасухъ гуро бугеб,
лъадиялъухъ буго.

5 КIиялго разилъун, Аллагьасе гьари-дугIаялъе цодагьабго заманаялъ
гурони, цоцаздаса ратIалъуге. Цинги нахъеги цадахъ рукIа. Гьедин
хьвадани, илбисалда кIвеларо, чорхол гьава къинабизе кIолеб гьечIолъи
бихьун, нуж къосинаризе.

6 Гьаниб дица нужее амру гьабулеб гьечIо гьедин гурони бегьуларилан.
Нужее бигьалъи гьабулеб буго.

7 Гьайгьай, дие бокьилаан киналго гIадамал дун гIадин чIолелани. Амма
Аллагьас щивасе гьунар кьун буго: цоясе гьадинаб, цогидасе додинаб.

8 Къоролльун хутIарал бихьиназдаги руччабаздаги дица абилаан, дун
гIадин, ялгъузго рукIайилан.

9 Къоролльи хIехьезе кIолеб гьечIони, ригьин гьабизе ккела. Ригьнаде
руссинго лъикI, хIасраталъ рухIизегIан.

10 Ригьнада ругезени, дица гуреб, ТIадегIанас гьабулеб буго амру: лъади
росасдаса ятIалъизе бегьуларо.

11 Нагагь ятIалъани, ялгъузго йикIине ккела яги росгун рекъезе ккела.
Росасги лъади йиччан тезе бегьуларо.

12 Цогидаздани, ТIадегIанас гуреб, дица абулеб буго: диналъул вацасул
лъади иман лъечIей йигони, амма росасда цадахъ чIезе къабулльулейги
йигони, къватIие йитIуге гьей.

13 ЧIужугIаданалъул рос иман лъечIев вугони, гьелда цадахъ чIезеги
разилъулев вугони, ятIалъуге гьесдаса.

14 Иман лъечIев росасдаса Аллагь разилъула гьесул иман лъурай лъади
сабаблъун. Иман лъечIей лъадиялдасаги Аллагь разилъула гьелъул иман
лъурав рос сабаблъун. Гьедин букIунаребани, гьезул лъималги
мажусиязулго гIадинал рукIинаан. Гьедин бугелъул, гьел
лъималаздасаги Аллагь разилъула.

15 Иман лъечIев росасе яги лъадуе ратIалъизе бокьани, риччанте
ратIалъизе. Гьедин кколеб бугони, диналъул вацасда яги яцалда тIадаб
гьечIо жидерго ригьин цIунизе. Аллагьасни рекъон рукIайилан абулеб
буго.

16 Дуда щиб лъалеб, лъади, дурго рос хвасар гьавизе дуда кIоларевлъи?
Дуда щиб лъалеб, рос, дурго лъади хвасар гьайизе дуда кIоларейлъи?

17 Амма нужер щивав вукIине виччанте ТIадегIанас гьесие бихьизабураб
хIалалда, гьев хутIизе виччанте Аллагьас гьев жиндихъего ахIараб
куцалда. Гьединабго амру гьабула дица кинабго иман лъуразул
агьлуялъеги.

18 Сунат гьабурав вугони Аллагьас ахIун, гьеб балъго гьабизе ккеларо.
Сунат гьабичIев ахIун вугони, сунат гьабизеги ккеларо гьес.

19 Сунат гьабиги – рикIкIунаро, сунат гьабичIолъиги – рикIкIунаро,
Аллагьасул амруял тIуразари буго аслуги кьучIги!

20 Аллагьас кинавлъун инсан жиндихъего ахIаниги, гьединавлъун
хутIизе виччанте гьев.

21 Гьес ахIараб мехалъ мун лагълъун вукIарав ватани, гьелъулги пикру
гьабуге дуца. Амма тархъанлъизе рес бугони, гьелъие гIамал гьабе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

22 ТIадегIанас жиндихъего ахIарав лагъ ТIадегIанасда цеве эркенав
чилъун ккола, эркенго вукIаго ахIаравги МасихIил лагъ ккола.

23 Аллагьас цIикIкIараб мухьги кьун росун ругелъул, гIадамазул
лагъзаллъун ккезе чIоге!

24 Кинавлъун гьес жиндихъего ахIаниги, гьединавлъун хутIизе виччанте,
вацал, гьев Аллагьасда цеве!

25 Росасе инчIел ясазул рахъ цIехани, гьелъул рахъалъ ТIадегIанасдасан
бачIараб амру гьечIо дихъ. Амма дица дирго пикру бицина, Аллагьасул
баркаталдалъун дунги вугелъулха божизе бегьулев чи.

26 ЗахIматаб заман бугелъул, живго вугеб хIалалъ чIейго лъикI чиясе.

27 Лъади ячун йигищ – йиччан тоге. Ячун гьечIищ – гьей ялагьизе
лъугьунге.

28 Амма лъади ячинги мунагь гуро. ГIурай яс росасе инги мунагь гуро.
Амма ригьнаде руссиндал, гьаб дуниялалъул къварилъи-захIмалъи
рещтIина нужеде. Дие бокьилаан гьелдаса нуж цIунизе.

29 Дие бокьун буго, вацал, нужеда абизе, гьаб дуниялалъе заман
дагьлъун бугилан. Лъудби рачаралги хьвадизе ккела лъудбиго гьечIел
гIадин.

30 ГIодулел ругелги хьвадизе ккела гIодулелго гьечIел гIадин. Рохун
ругелги хьвадизе ккела рохунго гьечIел гIадин. Босаралги хьвадизе
ккела жидеца щибго босичIеб гIадин.

31 Дуниялалъул ишазде машгъуллъаралги хьвадизе ккела гьезде
машгъуллъунго гьечIел гIадин. Гьаб дуниял тIагIун инехъин бугелъулха!

32 Дие бокьун буго нуж сундулго ургъел гьечIого рукIине. Лъади гьечIев
чи ТIадегIанасе гьабулеб тIагIаталъул ургъалида вукIуна, ТIадегIанав
разилъи тIалаб гьабула гьес.

33 Лъади йигев чи дуниялалъул ургъалида вукIуна, лъади разилъи
тIалаб гьабула гьес.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

34 Гьедин кIийиде викьун вукIуна лъади ячарав чи. Росасе инчIей
чIужугIадан яги гIолохъанай яс ТIадегIанасе гьабулеб тIагIаталъул
ургъалида йикIуна, гьесда цебе черхги ракIги бацIцIадго цIунизе. Рос
вугей чIужугIадан дуниялалъул ургъалида йикIуна, рос разилъи тIалаб
гьабула гьелъ.

35 Дица гьеб кинабго абулеб буго нужее лъикIлъиялъе. Щибниги жо
нужее гьукъизе гуро дун кIалъалев вугев. Дие бокьун буго гьениб нужер
ишазулъ гIадлу-тадбир букIине ва сундего машгъуллъичIого нужеца
ТIадегIанасе хъулухъ гьабизе.

36 Лъицаниги рикIкIунеб бугони абурай яс ячинчIого тезе рекъараб
гьечIилан, гьелдехун бугеб хIасратги къезабизе кIолеб гьечIони,
биччанте гьес жиндирго рекIее бокьараб гьабизе. Гьей ячани гьев
мунагьалъукье кколаро.

37 Амма гьей ячине сунцаниги тIамулев гьечIони, ячинчIого тезе кьури
гьечIеб хIукмуги гьабун бугони, жиндирго хIасраталда квелъ базеги
кIолеб бугони, – гьеб лъикI ккела.

38 ХIасил: жиндирго абурай ячин лъикI буго, амма ячинчIого тани,
дагьабги лъикI.

39 Лъади ригьнада хутIула гьелъул рос чIаго вугевгIан заманалда. Рос
хвани, гьелъул ихтияр буго жиндиего бокьарав чиясе ине. Амма ГIисаде
иман лъурав чи вукIине ккела гьев.

40 Къороллъудаго чIани, гьей жеги талихIай йикIина. Гьединаб буго дир
пикру, Аллагьасул РухI щварав чи вугилан ккола дун.

## 1 Коринфиязухъе 8

1 Гьанже бицинин мажусиязул аллагьзабазе къурбаналъе хъурал жалазул
гьанал хIакъалъулъ. Нилъер киназулго гIелму-лъай бугилан битIун
абулеб буго нужеца. Амма гIелму-лъаялъ гIадамасул гIамал
кIодолъизабула. Рокьиялъ берцинго гIуцIула инсанасул гIумру.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

2 Жинда цо щибниги лъалилан ракIалде кколеб бугони, унго-унгояб
лъай гьесие щун букIунаро.

3 Амма Аллагь вокьулев чи Аллагьасда лъала.

4 Мажусиязул аллагьзабазе къурбаналъе хъурал жалазул рахъ босани:
нилъеда лъала гьезул аллагьзаби щибго гурел жал рукIин, цо гурони,
тIокIав батIияв Аллагь гьечIевлъиги.

5 Ракьалда рукIа, зобалазда рукIа гьел аллагьзабийилан абулел жал
ругилан телин (гьел цIакъ гIемер руго – «аллагьзабийилан» абулелги,
«бетIергьабийилан» абулелги).

6 Амма нилъер Эмен – Аллагь цохIо вуго, жинца кинабго бижарав ва
жиндиего гIоло нилъ рижарав. Нилъер цо бетIергьан вуго – ГIиса МасихI.
Гьесдалъун бижун буго кинабго, гьесдалъун нилъги чIаголъана.

7 Киназдаго гуребха гьеб лъалеб. Цо-цоял гьел гьересиаллагьзабазде
цIакъго ругьунлъун руго ва гьез гьанжегицин мажусиязухъа босараб гьан
кваналеб буго, дозие къурбанлъун гьебги рикIкIун. Мунагь
ккеладайилан щакдарулелги руго гьел, хIарамаб жоцин кваналеб
бугодай жидецаян.

8 Амма кваница нилъ Аллагьасде гIагар гьаруларо. Гьеб кваначIогойилан
камулеб жоги гьечIо нилъее, кванаилан щолеб жоги гьечIо.

9 Бегьулебилан рикIкIунебги бегьуларебилан рикIкIунебги кваналеб
букIин гьел иман загIипазе нухда хIетIе тункулеб гамачIлъун лъугьине
гурин.

10 Мунагь ккеладайилан щакдарулев чиясда вихьани гьединаб лъай
бугев мун мажусиязул мукъадасаб рокъов гIодовги чIун кваналев, духъ
валагьун, гьесги кванала гьезул къурбаналъул гьан.

11 Гьедин гьеб дур «гIелму-лъай» сабаблъун – гьев иман загIипав чи –
жиндие гIоло МасихI хвалде арав дур диналъул вац хвезеги бегьула.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

12 Дурго вацазе заралаб мунагь гьабун, щакдарулеб гьезул ракIги
лъукъун, МасихIиде дандечIун мунагь гьабулеб буго дуца.

13 Гьедин, дир вац къосиналъе сабаблъун квен лъугьунеб бугони, гьев
къосинавизегIан, киданиги гьан кIалдибе босичIого чIела дун!

## 1 Коринфиязухъе 9

1 Дун эркенав чи гурищ? Дун МасихIил чапар гурищ? Нилъер
ТIадегIанав ГIиса вихьарав чи гурищ? ТIадегIанасде нуж цолъи дир
хIаракатчилъиялъул хIасил гурищ?

2 Цогидазе дун чапар ватичIониги, нужее дун чапарлъидалха!
ТIадегIанасде цолъараб нужер гIумруялъ нугIлъи гьабула дун МасихIил
чапар вукIиналъе.

3 Гьеле гьедин, дунго ритIухъ гьавун, жаваб кьола дица дир ишазул цIех-
рех гьабизе бокьаразе.

4 Кваназеги гьекъезеги гIарац щвезе ихтияр гьечIебищ нижер?

5 Нижер ихтияр гьечIебищ, цогидал чапарзабаз гIадин, ТIадегIанав
ГIисал вацаз яги Пётрица гIадин, нилъер диналъул яцаздасан лъади
ячине ва гьейгун цадахъ сапаралде ине?

6 Яги гIицIго диеги Барнабаегийищ ихтияр гьечIеб бетIербахъиялъе
хIалтIичIого чIезе?

7 Мухьдахъ ккурав рагъухъан жиндирго гIарацги харж гьабун
вагъулевищ? Жиндирго цIибил квинчIого толебищ ахихъанас? Жиндирго
рохьдолъа гIачиязул рахь гьекъечIого толебищ вехьас?

8 ГIадамазул гIадатияб гIумру-яшавалдасан гьединал мисалал рачине
бегьи гуребги, гьелъулго хIакъалъулъ Къануналдаги буго.

9 Мусал Къануналда хъван бугелъулха: «Лал бокъунеб бугеб оцол
кIалалда таргьа баге», – ян. Аллагьас оцазул тIалаб-агъаз тIаде босун
абурал рагIабийищ гьел?

10 Гьес нилъер хIакъалъулъ гуребдай гьеб абун бугеб? Гьайгьай, нилъер
хIакъалъулъ абун буго. Векьарухъанас бекьула ва лал тIамулес лалги
тIамула хуриса бачIаралъул бутIа щвезе хьулалда.

11 Нужеда гьоркьоб Илагьияб РухIалъул хьон хьарал нижеца хьул-къасд
гьабулеб бугони, гьелдасан бижаралъул бутIа бетIербахъиялъе
щвелародайилан – цIикIкIараб мухьищха гьеб кколеб?

12 Цогидазул ихтияр батани нужедасан кумек тIалаб гьабизе, гьайгьай,
нижер жеги цIикIкIараб ихтияр буго гьелъие. Амма нижеца киданиги
пайда босичIо гьеб ихтияралдаса. Нижеца кинабго хIехьола МасихIил
хIакъалъулъ Рохалил хабаралъе сундулъго квалквал-квекIен гьечIого
хутIизе.

13 Нужеда лъаларебищ Мукъадасаб Рокъоб хъулухъ гьабулел чагIаз
гьенисан бетIербахъулеблъи? Къурбаналъул гьан лъолеб бакIалъул
тIалаб гьабулезеги гьеб къурбаналъул бутIа жидеего босизе ихтияр
букIин лъаларебищ?

14 Гьединго ТIадегIанасги бихьизабун буго Рохалил хабар лъазабулезги
гьелдасан бетIербахъеян.

15 Гьединаб цониги ихтияралдаса цониги нухалъ пайда босичIо дица.
Гьанжеги дица нужехъе гьеб тIалаб гьабун гуро хъвалеб бугеб. Дунго
чIухIизе бегьулелдаса махIрумлъизегIан хвезе бокьила.

16 Рохалил хабар лъазабулеб бугилан чIухIдаризе бегьуларо дун. Дица
тIубазабичIого гIолареб тIадкъай бугелъулха гьеб! Рохалил хабар
халкъалда лъазабичIони, балагь рещтIаги диде!

17 Дунго лъикIав лъугьун гьеб гьабулеб букIарабани, гьелъухъ мухьги
щвелаан дие. Дунго лъикIав лъугьун гуро, дида тIадкъан бугелъул
гьабулеб буго.

18 Щиб кириха дие щолеб бугеб? Дие щолеб кири ккола – дица щибго
мухь гьечIого Рохалил хабар лъазабулеб букIин ва гьелдалъун дие бугеб
ихтияралдаса пайда босулеб гьечIолъиги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

19 Дун эркенав чи вуго, лъилниги лагъ гуро, амма дун киназулго
лагълъун лъугьана, кигIан кIваниги цIикIкIун гьел дихъ гIенеккизе
бокьун.

20 ЖугьутIазда гьоркьов дун лъугьана жугьутIав гIадин, жугьутIал дихъ
гIенеккизе бокьун. Къанун цIунулезда гьоркьов дун хьвадана гьеб
Къанун цIунулев чи гIадин (Къануналъ дида тIад кверщел гьабулеб
гьечIониги), Къанун цIунулелалги дихъ гIенеккизе бокьун.

21 Къанун лъаларезда гьоркьов дун чIана Къанун лъаларевлъун, (амма
МасихIил кверщаликь вугев дида Аллагьасул къанун лъала), Къанун
лъаларел чагIиги дихъ гIенеккизе бокьун.

22 ЗагIипазе дун загIипавлъун лъугьана, загIипалги дихъ гIенеккизе
бокьун. Киназдаго гьоркьов дун гьезда релълъун лъугьана, щиб сабаб-
гIамал батунги гьезул цо-цоялгIаги хвасар гьаризе бокьун.

23 Гьеб кинабго дица гьабулеб буго Рохалил хабаралъе гIоло, гьелъул
баркаталъул бутIа насиблъизе бокьун.

24 Нужеда лъаларищ: къецазда киналго рекерухъаби рекерула, амма
бергьенлъиялъул шапакъат цоясе гурони щоларо. Нужги рекере гьеб
шапакъат щвезе бокьун.

25 Къецазул киналго гIахьалчагIаз гIемераб жоялдаса жалго махIрум
гьарула, речIалел тIугьдузул гор щвезе бокьун. Нилъецани гьеб гьабула
речIаларел тIугьдузул гор щвезе бокьун.

26 Гьедин дунги векерулев вугев ватани, мурадалде щвезе бокьун
векерулев вуго. Зарул рагъулъ дунги гIахьаллъулев вугев ватани, зарал
гьаваялде хьвагIизе гуро.

27 Кьабулеб-тункулебги хIехьон, квегъулеб буго дица черх, гьелда тIад
кверщелги гьабулеб буго, цогидалги къецазде ахIун, дунго гъоркь
хутIилевилан хIинкъун.

## 1 Коринфиязухъе 10

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

1 Дие бокьун буго, вацал, нужеда ракIалде щвезабизе: Мисриялдаса нахъе унеб мехалда нилъер киналго умумул накIкIул рагIдукь ккун рукIана, киназго ралъадги бахана.

2 Киналго гьел Мусада нахърилълъун накIкIуцаги ралъдацаги чурана.

3 Гьез киназго кванана цого-цо илагьияб квен,

4 цого-цо илагьияб гьекъелги гьекъана гьез. Илагьияб кьурулъан чвахун бачIараб лъим гьекъана гьез. Гьеб кьуру гьезда цадахъ букIана. МасихI ккола гьеб.

5 Амма гьезул гIемерисез Аллагь рази гьавичIо – гьезул жаназаби авлахъалда щущана.

6 Гьеб буго нилъее мисал – гьел гIадин нилъ квешлъиялда нахърилълъинчIого рукIине.

7 Гьезул цо-цояз гIадин аллагьалилан тарал жалазе лагълъи гьабуге нужеца. ТIухьдузда хъван бугелъулха: «ГIодор чIун кваназе-гьекъезе лъугьана халкъ, цинги аллагьилан тараб жоялъул хIурматалда пасатабщинабги хъубабщинабги гьабизе лъугьана».

8 Гьезул цо-цояз гIадин хъахIбалъи гьабиларин нилъеца. Гьез хъахIбалъи гьабуна – ва цохIо къоялъ гьезул къоло лъабазарго чи хвана.

9 Гьезул цо-цоял гIадин, БетIергьанасул хIалбихьизе лъугьинарин нилъ. Гьел хвана борхьаз хIанчIун.

10 Гьезул цо-цоял гIадин, Аллагьасде дандечIун, гъулгъудизе бегьуларо нилъ. Гьеб сабаблъун хвалил малаикас хвезаруна гьел.

11 Гьеб киналъулго хIакъалъулъ ТIухьдузда хъван буго нилъее гIакълу щвеялъе гIоло. Ахирзаманаялде гIагарлъулел ругелъулха нилъ.

12 Гьединлъидал, вахъун чIун вугилан ккарав гIодов ккезе гурин.

13 ГIадамазда гьоркьоб букIунеб гурони гIазаб-балагь рещтIинчIо нужеде. Аллагьас жиндирго къотIи хвезабуларо – хIехьезе кIолареб гIазаб-балагь

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

биччаларо гьес нужеде. ГIазаб-балагьалда цадахъго гьес нужее бихьизабила гьеб хIехьезе ресги.

14 Гьединлъидал, дир хириял, гьересиаллагьзабазе лагълъи гьабиялдаса рикIкIалъе.

15 ГIакъилал гIадамазда гIадин бицунеб буго дица нужеда. Нужецаго пикру гьабе дица бицаралъул.

16 ТIадегIанасул хIурматалда нилъ гIодор чIун сардилъ кванала ва, гьари-дугIа гьабун, щурминиса чагъирги гьекъола, – гьелъул магIна ккола МасихIица тIураб бидулъ нилъерги бутIа букIин. Кваналаго нилъеца чед бекиялъул магIна ккола МасихIил чорхолъги нилъер бутIа букIин.

17 Гьеб чед цо бугелъул, нилъ гIемер ругониги, цохIо черх лъугьуна. Нилъеца кинацаго цохIо чед цоцазе бикьун кваналелъулха!

18 Исраилил халкъалъухъ балагье: къурбаналъе хъураб жо кваналелщиназ жидерго бутIа лъолагури гьез гьабулеб тIагIаталъулъ.

19 Щиб абизе дие бокьун бугеб: гьересиаллагьзабазе гьабулеб къурбан магIнаяб жо бугиланищ? яги гьересиаллагь магIнаяб жо бугиланищ?

20 Гуро! Дие абизе бокьун буго: мажусиязул къурбан гьез Аллагьасе гуро гьабулеб, жиндузе гьабула. Дие бокьун гьечIо нужеца жиндузулгун гьоркьоблъи гьабизе.

21 Цин ТIадегIанасул щурминисан, цин жиндузул щурминисан гьекъезе бажариларо нужехъа. Цин ТIадегIанасул столалдасан, цин жиндузул столалдасан кваназеги бажариларо.

22 БетIергьанасул ццин бахъинейищ нужее бокьун бугеб? Гьесдаса къуваталищ нилъ ругел?

23 «Бокьарабщинаб гьабизе бегьула», – ян абула цо-цояз. Амма бокьарабщиналъул гуро пайда бугеб. «Бокьарабщинаб гьабизе бегьула». Амма бокьарабщиналъ гуро кумек гьабулеб.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

24 Биччанте щивав чи жиндиего пайдаялъе гуреб, гIагарда вугесе пайдаялъе хIалтIизе.

25 Нужеца базаралдаса гъан босе щибго цIехечIого ва хIинкъичIого кванай.

26 ТIухьдузда хъван бугелъулха: «Ракьги ракьалда бугебщинабги БетIергьанасулин».

27 Иман лъечIев чияс мун гьоболлъухъ ахIани, ине ракIалде ккани, дудаго цебе лъураб жо кванай щибго цIехечIого ва хIинкъичIого.

28 Мажусиязул къурбаналъул бугин гьеб квенилан дуда лъицаниги абуни, дуца гьеб кванаге, дуда гьеб абурав чи гIодове виччазавизе.

29 Гьеб кванaзе мун хIинкъиялъул гуро дица бицунеб бугеб, гьев хIинкъун вукIиналъулин. Цо лъицаниги гьикъани: «Цогидасул хIинкъи сабаблъун диего бокьараб гьабичIого тезе щай дица кколеб?

30 Аллагьасе реццги гьабун дица гьеб квани, лъица дида гIайиб чIвалеб, Аллагьасе рецц гьабун дун кванaнилан?"

31 Щиб гьабулел ругониги – кваналел ругониги, гьекъолел ругониги, – Аллагьасе рецц гьабичIого тоге.

32 ЖугьутIалги, грекалги, Аллагьасде иман лъуразул агьлуги къосинариларедухъ хьваде нуж.

33 Диего пайдаялъе гуреб, гьел хвасарлъизе гIологи гIемеразе пайдаялъе гIологи хIалтIулев дун гIадин хьваде.

## 1 Коринфиязухъе 11

1 Дица МасихIидасан мисал босулеб бугеб гIадин, дидасан нужецаги мисал босе.

2 Дица нуж реццула, дун нужеда киданиги кIочон толев гьечIелъул, дие щваралда рекъон нужеда дица малъарабги рехун толеб гьечIелъул.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

3 Амма дие бокьун буго нужеда бичIчIизе: щивав чиясул бетIергьан
МасихI вуго, лъадиялъул бетIергьан рос вуго, МасихIил бетIергьан
Аллагь вуго.

4 ДугIа гьабулеб яги иман лъуразул агьлуялда Аллагьасул амру
лъазабулеб мехалъ бихьинчияс тIагъур бахъичIони, жиндирго бетIер
инжит гьабула гьес.

5 ДугIа гьабулеб яги иман лъуразул агьлуялда Аллагьасул амру
лъазабулеб мехалъ чIужугIаданалъ кIаз тIаса бахъани, жиндирго бетIер
инжит гьабула гьелъ. БетIер кIкIварай гIадин йикIунелъулха гьей.

6 КIаз чIвазе бокьуларей чIужугIаданалъ бетIер къунцIизе ккела.
КъунцIараб яги кIкIвараб бетIергун хьвадизе гьей намуслъулей йигони,
биччанте гьелъ кIаз чIвазе.

7 Бихьинчияс тIагъур лъезе бегьуларо, Аллагьас кIодо гьавизе вижун
вугелъул гьев. ЧIужугIаданги йижун йиго бихьинчи кIодо гьавизе.

8 ЧIужугIаданалдасан вижичIелъулха бихьинчи, бихьинчиясдасан
чIужугIадан йижидал.

9 ЧIужугIаданалъе гIоло вижичIелъулха бихьинчи, бихьинчиясе гIоло
чIужугIадан йижидал.

10 Гьединлъидалин чIужугIаданалъ бетIералда кIаз чIвазе кколеб, гьей
росасул ихтияралда йикIин малаикзабазда лъазе.

11 Амма ТIадегIанасде цолъараб мехалда лъадиги росасул ихтияралда
йикIуна, росги лъадиялъул ихтияралда вукIуна.

12 ЧIужугIадан бихьинчиясдасан йижун йикIаниги, бихьинчи
чIужугIаданалъ гьавуна. Кинабгоги Аллагьасдасан буго!

13 Нужецаго пикру гьабе, чIужугIаданалда рекъараб бугищ бетIерги
гIицIго тун дугIа гьабизе?

14 Жибго тIабигIаталъги бихьизабулеб гьечIищ нужеда халатаб расалъ
бихьинчи суризавулев вукIин?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Халатаб расалъ чIужугIадан берцинлъизаюлей гьечIищ? БетIералда
чIвалеб кIаз гIадин буго гьелъие рас.

16 Гьелда дагIба базе бокьарав чиясда дица абила, нилъерги гьечIин
гьединаб гIадат, иман лъуразул жамагIатазулги гьечIин.

17 Гьанже гьабизехъин бугеб насихIаталъулъни дица нуж рецциларо:
нужер данделъиялъул зарал цIикIкIараб буго гьелъул пайдаялдаса.

18 Цо бугони, дида рагIана нужер агьлу данделъараб мехалда гьениб
дагIба-рагIи кколилан. Гьеб тIубанго гьереси гьабизеги кIвеларо.

19 Жидедаса Аллагь разилъаралал ратIа рахъизе лъазелъун нужеда
гьоркьоб рикьи ккезе кколелъулха.

20 Масала, гьенир данделъараб мехалда ТIадегIанасул хIурматалда гуро
нуж кваналел.

21 Цоясдаса цояв цеве ккезе тIалаб гьабун кваналел-гьекъолел руго нуж –
цояв вакъун хутIулев вуго, цогидав мехтулев вуго.

22 Кваназеги гьекъезеги нужер рукъ гьечIебищ? Аллагьасде иман
лъуразул агьлу инжит гьабизеги мискин-пакъир къварид гьавизегийищ
нуж данделъулел? Щибха дица абилеб? Нуж реццизейищ лъугьинев?
Лъугьинаро!

23 ТIадегIанасдасан лъана дида гьаб кинабго нужеда малъулеб
бугебщинаб. Досие хиянат гьабураб сордоялъ ТIадегIанав ГIисаца, цо
чедги кодобе босун,

24 тIаде дугIаги гьабун, гьебги бек-бекун абуна: «Гьаб буго нужее гIоло
къурбанлъулеб дир черх. Дунги ракIалде щун, нужецаги гьабе гьадин».

25 Кванан рахъараб мехалъ, додинго щурунги кодобе босун, гьес абуна:
«Гьаб буго дир би – ЦIияб КъотIи щулалъиялъе тIолеб би. Гьеб
щурминисан чагъир гьекъолеб мехалъ, дун ракIалде щва нужеда».


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

26 Гьединлъидал гьеб чед кваналебщинахъе ва гьеб щурминисан чагъир
гьекъолебщинахъе нужеца, Дов вачIинегIан, гIадамазда лъазабулеб буго
ТIадегIанасул хвалил хIакъалъулъ.

27 Гьедин, бегьулареб къагIидаялъ ТIадегIанасул чед кваналев ва гьесул
щурминисан чагъир гьекъолев чияс мунагь гьабулеб буго –
ТIадегIанасул черхги биги инжит гьабулеб буго.

28 Цин инсан жиндирго рекIелъе ваккизе ккола, мустахIикъав вугищали
лъазе. Цинги кваназе бегьула гьеб чед ва гьеб щурминисан чагъир
гьекъезеги бегьула.

29 ТIадегIанасул черх бичIчIичIого кваналев ва гьекъолев чияс жиндаго
тIаде тамихI цIалеб буго.

30 Гьединлъидалин нужеда гьоркьор загIипалги унтаралги гIемерлъун
ругел, цо-цоял холелги ругел.

31 Цин нилъ нилъерго рекIелъе раккани, Аллагьасул тамихI букIинаро
нилъее.

32 Аллагьас нилъее тамихIги гIадлуги гьабулеб буго, – цогидаб
гIаламалъе букIине бугеб жазаялдаса нилъ хвасарлъизе.

33 Гьединлъидал, вацал, нужер данделъи Аллагьасул тамихIлъун
лъугьинчIого букIине, кваназе киналго тIаде щвезегIан чIа. Вакъарав чи
рокъовго кванан вачIа. Цогидал амруял дица нужее кьела дунго гьениве
вачIараб мехалъ.

## 1 Коринфиязухъе 12

1 Илагьияб РухIалъ кьураб махщел-гьунаралъул рахъалъ абуни, дие
бокьун гьечIо, вацал, нужеда гьеб мекъи бичIчIизе.

2 Нужеда ракIалда бугищ, мажусиялльун рукIараб заманалда
аллагьзабийилан тарал, кIалъазе кIал гьечIел жалазе лагълъи гьабиялъ
нуж батIи-батIияб къагIидаялъ къосинарураб куц?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 Гьединлъидал дие бокьун буго нужеда бичIчIизе: инсанасулъ Аллагьасул РухI бугони, гьес абиларо ГIисае нагIана батагийилан. Жиндилъ Илагьияб РухI гьечIони, лъицаниги абиларо ГIиса ТIадегIанав вугилан!

4 Махщел-гьунар батIи-батIияб букIуна. Амма гьеб кинабго цохIо Илагьияб РухIалъ кьола.

5 Хъулухъ гьабиялъулги руго батIи-батIиял къагIидаби. Амма гьел киналго цохIо ТIадегIанасе руго.

6 ХIалтIи-ишги батIи-батIияб буго. Гьеб кинабго гьабизе киналго тIамулев Аллагь цохIо вуго.

7 Щивав инсанасулъе РухI хасаб къагIидаялъ рещтIуна киназего пайдаялъе.

8 Цоясе РухIалъ кьола гIакъилаб калам, цогидасе гьебго РухIалъ кьола гIелму-лъай малъизе махщел.

9 Гьебго РухIалъ цогидасулъе иман тIинкIула, цогидасе гьебго РухIалъ кьола унтарал сахлъизаризе гьунар;

10 цоясе кьола мугIжизат бихьизабизе къудрат, цогидасе – иман лъуразул агьлуялда Аллагьасул амру лъазабизе махщел; цоясе – РухIалдасан бугебги гьелдасан гьечIебги батIа гьабизе гьунар, цогидасе – батIи-батIиял мацIазда кIалъазе лъай, яги батIи-батIиял мацIазда бицунеб жо цогидазда бичIчIизабе бажари.

11 Гьеб кинабго гьабула цохIо РухIалъ, гьедин жиндиего бокьухъе щивав чиясе кьола гьелъ махщел-гьунар.

12 Мисалалъе босилин инсанасул черх. Черх цо буго, лугби гIемер руго. КигIан гIемер ругониги гьел лугбуздасан лъугьун буго цохIо черх. Гьединав вуго МасихIги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

13 ЦохIо РухIалдалъун киналго нилъ чурун рацIцIалъана, цого черхлъун
лъугьана – жугьутIалги, грекалги, лагъзалги, уздензабиги. Цого
РухIалдасан гьекъезаруна киналго.

14 Цо лагаялдасан гуро черх лъугьун бугеб, гIемераздасанин.

15 Масала, бохалъ жиб квер гурин ва гьаб черхалъул лагаги гурилан
абуниги, чорхол лагалъун хутIулагури гьеб.

16 Яги гIиналъ жиб бер гурин ва гьаб черхалъул лагаги гурилан абуни,
чорхол лагалъун хутIулагури гьеб.

17 ТIолабго черх цохIо бералдасан гIуцIараб букIарабани, гьелда кин
рагIилеб букIараб? ТIолабго черх гIиналдасан гIуцIараб букIарабани,
махI кин гьелда лъалеб букIараб?

18 Амма Аллагьас киналго лугби ургъунго цо чорхолъ рекъезарун руго ва
щибаб лагаялъе бакIги бихьизабун буго.

19 Кинабго цо лага бугони, черх букIинищха.

20 Гьединлъидал лугби гIемер руго, черх цо буго.

21 Бералъ квералда абизе рес гьечIо дие мун къваригIунарилан. Яги
бетIералъ бохдузда абизе рес гьечIо дие нуж къваригIунарилан.

22 Амма бищунго загIипалилан кколел лугби чорхое лъугьун ратула
бищунго къваригIунелллъун.

23 «ХIурмат гьабизе» кколарелилан рикIкIунел лугбузул гурищ нилъеца
цIикIкIун тIалаб гьабулеб? Берцинал лугбуздехун гьечIеб тIалаб-агъаз
гьабулагури нилъеца сураралилан кколел лугбузул. Аллагьас черх
гIуцIун буго къимат гьечIел лугбузул тIалаб-агъаз цIикIкIунеб
къагIидаялъ,

25 – чорхолъ дагIба-рагIи ккечIого букIине ва киналго лугбуз бащадго
цоцазул тIалаб-агъазги гьабизе.

26 Цо лага унтани, киналгоги унтула. Цо лага беццани, киналгоги
рохула.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

27 Нуж киналго МасихIил черх ккола. Нужер щивав чи гьеб чорхол лагаги бутIаги ккола.

28 Иман лъуразул агьлуялъе Аллагьас тIоцере чапарзаби тIамуна, кIиабизе – халкъалда Аллагьасул амру лъазабулел чагIи, лъабабизе – мугIалимзаби, цинги мугIжизат бихьизабулел чагIи, цинги гIадамал сахлъизарулел чагIи, кумекчагIи, бетIерлъи гьабулел чагIи, батIи-батIиял мацIазда кIалъалел чагIи ритIана.

29 Кинавго чи чапар вукIуневищ? Кинавго чиясухъа бажарулебищ Аллагьасул амру халкъалда лъазабизе? Кинавго чи мугIалим вукIуневищ? Кинавго чиясда кIолебищ мугIжизат бихьизабизе?

30 Кинавго чиясул букIунебищ унтарал сахлъизаризе гьунар? Кинавго чиясухъа бажарулебищ батIи-батIиял мацIазда кIалъазе? Кинавго чиясухъа бажарулебищ батIи-батIиял мацIазда цогидазда бичIчIизабизе?

31 Амма нужеца тIалаб гьабе бищунго лъикIаб махщел-гьунар щвезе. Гьанже дица нужеда бихьизабила гьелдасаги лъикIалде нуж рачунеб нух.

**1 Коринфиязухъе 13**

1 Киналго халкъазул, малаикзабазулгицин мацIалда кIалъазе лъалеб бугониги, дилъ рокьи гьечIони – дун ккола бухулеб къалиги пулеб зурмаги.

2 Аллагьасул киналго амруял дица халкъалда лъазарулел ругониги, кинабго бальгояб гIелму-лъай дилъ бугониги, мугIрул рилълъанхъизаризе кIолеб божи-иман бугониги, – дилъ рокьи гьечIони, дунги гьечIо.

3 Дица дир бугебщинаб боцIи-рикъзи мискинзабазе бикьаниги, дирго черх бухIизе кьуниги – дилъ рокьи гьечIони, щибго пайда гьечIо дие.

4 Рокьулъ сабру буго, гурхIел-рахIму буго, рокьулъ берчIегIерлъи гьечIо, рокьи беццаруларо, рокьи чIухIдаруларо,


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 рокьулъ тIасанккей гьечIо, жиндиего пайдаялда хадубги лъугьунаро,
рокьи ццидахунаро, гIайиб-гъвел гьелда кIочон тола,

6 квешабщиналдаса бохуларо гьеб, хIакъабщиналдаса бохула.

7 Рокьи кидаго тIасалъугьуна, кидаго божула, кидаго хьул-къасдалда
букIуна ва гьелъ щибго хIехьола.

8 Рокьи киданиги лъугIуларо. Аллагьасул амруял халкъалда лъазарулел
руго – гьеб лъугIила. БатIи-батIиял мацIазда кIалъалел руго – гьебги
тIагIина. ГIадамазулъ гIелму-лъай буго – гьебги лъугIила.

9 Нилъер гIелму-лъай камилаб гьечIелъулха, Аллагьасул амруял
ричIчIиги камилаб гьечIелъулха.

10 ТIубанго камиллъараб тIаде бачIараб мехалъ, камиллъичIебщинаб
тIагIина.

11 Лъимер вугеб мехалда дун лъимер гIадин гаргадулаан, лъимаца
гIадин пикру гьабулаан, лъимадул гIадинаб гIакълуги букIана дир.
КIудияв гIураб мехалъ, кинабго доб лъимадулаб дилъа лъугIана.

12 Гьанже нилъеда бихьулеб буго басрияб матIуялъусан гIадин. Доб
мехалда цебе лъун бихьила. Гьанже дида цо бутIа лъала, доб мехалда
тIубанго лъазе буго, Аллагьасда дун тIубанго лъалев вугев гIадин.

13 Гьанже нилъеда цадахъ хутIун буго божиги, хьулги, рокьиги. Гьеб
лъабалъулго бищунго тIадегIанаб ккола рокьи.

**1 Коринфиязухъе 14**

1 Рокьи нужелъ цIикIкIине хIаракат бахъе. Илагьияб РухIалъ кьолеб
махщел-гьунарги тIалаб гьабе, сундасаго цIикIкIун тIалаб гьабе
Аллагьасул амруял халкъалда лъазаризе бажари.

2 БатIи-батIиял мацIазда гаргадулев чи гIадамаздехун гуро кIалъалев,
Аллагьасдехунин. Илагьияб РухIалъул къудраталдалъун гьес балъголъи
рагьулеб мехалъги, лъиданиги вичIчIуларо гьев.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 Аллагьасул амруязул хIакъалъулъ бицунев чияс гIадамазе насихIат
гьабула, къвакIун чIезеги ракI бохизеги кумек гьабула.

4 БатIи-батIиял мацIазда кIалъаялъул пайда кIалъалесе букIуна,
Аллагьасул амруял халкъалда лъазариялъул пайда иман лъуразул
агьлуялъе букIуна.

5 Дие бокьилаан батIи-батIиял мацIазда нуж киналго кIалъазе, амма
дагьабги лъикI букIина Аллагьасул амруял халкъалда лъазаруни.
Аллагьасул амруял халкъалда лъазарулев чи батIи-батIиял мацIазда
кIалъазе лъалев чиясдаса тIадегIанав вуго. Иман лъуразул агьлуялъе
пайда букIуна гьел мацIазда бицунеб жо бичIчIизабизе бажарулев чи
гьезда гьоркьов вугони.

6 Масала, нужехъе вачIун дун батIи-батIиял мацIазда кIалъани, дидасан
кинаб пайда, вацал, нужее букIинеб? Аллагьасдасан амру нужеда
лъазабулеб гьечIони, цогIаги гIакълу-насихIатги дидасан щолеб
гьечIони, – щибго пайда букIинаро.

7 Мисалалъе росилин рухI гьечIел жал – щвантIихги чагурги. Гьаркьал
ратIа рахъизе лъаларедухъ щвантIих пулеб бугони яги чагур хъвалеб
бугони, гьезда бачунеб бакъан кин лъалеб?

8 Накъираялъул гьаракь магIна бичIчIулареб бугони, рагъде
хIадурлъизехъин рукIин кин лъалеб?

9 Гьединго, лъиданиги лъалареб рагIи бичIчIулареб мацIалда дуца
абулеб бугони, лъида мун вичIчIилев? Гьаваялда багъараб гьаракьлъун
хутIила дур калам.

10 Дуниялалда цIакъго гIемерал мацIал руго, амма магIна гьечIеб рагIи
цониги батуларо.

11 Дида мацI бичIчIулеб гьечIони, гьеб мацIалъул чи дие чияр чи вуго,
дунги гьесие чияр чи вуго.

12 Илагьияб РухIалдасан махщел-гьунар щвезе нужее бокьун батани,
иман лъуразул агьлуялъе пайдаяб махщел-гьунар цIикIкIинабе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

13 БатІи-батІиял мацІазда кІалъалев чияс гьаризе ккола гьеб бичІчІизабизе гьунарги кьейилан.

14 БичІчІулареб мацІалда дица дугІа гьабуни, – гьеб лъугьуна дилъ бугеб Илагьияб РухІалъ гьабулеб, амма дир гІакълу-пикру гІахьаллъичІеб дугІалъун.

15 Щибха дица гьабизе кколеб? РухІалъ малъухъеги гьарила дица Аллагьасда, дирго гІакълу-пикруялдалъунги гьарила. РухІалъ малъухъеги ахІила дица Аллагь вецарал туркаби, дирго гІакълу-пикруялдалъун бичІчІараб куцалъги ахІила.

16 Дуца Аллагьасе рецц РухІалъ малъухъе гьабулеб бугони, гьеб бичІчІизе гьунар гьечІев чияс дуда хадуб «Амин» абиларо. Дуца щиб бицунеб бугебали лъаларелъулха гьесда.

17 Дуца лъикІаб гІамал гьабуна, амма цогидазе гьелъул пайда бахинчІо.

18 Аллагьасе рецц, нужер киназдасаго лъикІ лъала дида батІи-батІиял мацІазда кІалъазе,

19 амма иман лъуразул данделъиялда дица гьезда бичІчІулеб щуго рагІи абун гьабураб насихІат лъикІ, бичІчІулареб мацІалда аза-азар рагІи абиялдаса.

20 Лъимадул гІадинаб гІакълу-пикругун хьвадуге, вацал. Кинида ругел лъималазгІанги квешлъиги гьабуге, кІудиял гІурал гІадамаз гІадин пикруги гьабе.

21 Къануналда хъван буго: «БатІи-батІиял мацІаздалъун ва гьезие чияраб каламалдалъун кІалъалел гІадамал тІамила дица гьеб халкъалда тІад, амма гьебмехалдаги гьел дихъ гІенеккиларо», – ян абулеб буго БетІергьанас.

22 Гьедин, Аллагьас батІи-батІиял мацІал жиндирго гІаламатлъун иман лъуразде гуро рещтІинарурал, иман лъечІездейин. Амма Аллагьасул амруял халкъалда лъазаризе гьунар – гьеб иман лъечІезе гуро, иман лъуразе гІаламат буго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 Масала, иман лъуразул тIолабго агьлуялъул данделъиялда щивав чи
бичIчIулареб мацIалда кIалъалев вугеб мехалъ, гьенире рачIани гьеб
гьунар жиделъ гьечIел яги жидеца иман лъечIел гIадамал, нуж
гIадаллъун ругилан абиларищ гьез?

24 Амма Аллагьасул амруял ричIчIизаризе киназдаго лъалеб бугони,
жинца иман лъечIев яги доб гьунар жиндилъ гьечIев чи нужер
данделъиялдеги вачIани, нужер щивав чиясда кIвела гьесул мунагьал
тIатинаризе. Гьебмехалда гьесда ракIалде ккела, киназго гьедин абулеб
бугелъул, Аллагьас жиндие суд гьабулеб бугилан.

25 Гьесул рекIелъ букIараб бальгоябщинаб къватIиб чIвайдал, гьев
накалда ккела, Аллагьасе сужда гьабила, Аллагь нужеда цадахъ вукIин
ритIухъ гьабила.

26 Гьеб киналъулго кинаб хIасилха, вацал, нилъеца гьабилеб? Нуж
данделъараб мехалъ, цоясул туркиги, цогидасул насихIатги, гьединго
Аллагьас загьир гьабурабги, батIи-батIиял мацIазда гьабулеб каламги,
гьеб бичIчIизабиги – щивасул гьеб кинабго букIине ккола иман лъуразул
агьлуялъе пайдаялъе.

27 БатIи-батIиял мацIазда кIалъазе бокьарал чагIи ругони, кIигояв,
бищун цIикIкIун лъабгояв, иргадал кIалъай, цогидас гьеб
бичIчIизабизеги.

28 БичIчIизабизе бажарулев чи гьечIони, батIияб мацIалъул чи
кIалъачIого вукIине ккела яги живго жиндаго ва Аллагьгун гаргадизе
ккела.

29 Данделъаразда Аллагьасул амруял лъазаризе кIигояв яги лъабгояв
лъугьа, цогидазин абуни, гьез бицараб борцине ккела.

30 Данделъиялда ругезул цоясе Аллагьас цо щибниги загьир гьабулеб
бугони, кIалъалев вугев вуцIцIун чIезе ккела.

31 Аллагьасул амруял данделъаразда лъазарун, тIолабго агьлуялъе
пайда букIунедухъ, иргадал кIалъазе бегьулелъулха нуж киналго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

32 Аллагьасул амруял халкъалда лъазарулев чи гIодове виччарав вукIине
ккола.

33 Аллагьасе бокьуларелъулха ахIи-хIурги гъалмагъирги. Гьесие бокьула
рекъа-решей. Аллагьасул халкъалъул киналго жамагIатазда руцIцIун
чIолел гIадин,

34 руччаби нужер данделъиялдаги руцIцIун чIезе ккола. КIалъазе изну
гьечIо гьезие. Къанунальги абулеб буго гьел мутIигIлъун чIезе ккелилан.

35 Щибниги жо лъазе бокьани, рокъоб жидерго росабазда гьикъеян абе.
Данделъиялда руччаби кIалъазе рекъараб гьечIо.

36 Нужеда ракIалдейищ кколеб Аллагьасул рагIи нужедасан бачIараб
бугилан? Яги гIицIго нужехъе бачIараб жойиланищ кколеб нужеда гьеб?

37 Аллагьасул амру халкъалда лъазабулев чилъун яги Илагьияб
РухIалдасан махщел-гьунар щварав чилъун живго рикIкIунев вугони,
гьес ритIухъ гьабизе ккела гьаб дица нужехъе хъвалеб бугеб жо
ТIадегIанасдасан бачIараб амру букIин.

38 Гьеб гIадахъ босуларев чи нужецаги гIадахъ восуге.

39 Гьединлъидал, вацал, Аллагьасул амруял халкъалда лъазаризе
махщел-гьунар тIалаб гьабе, батIи-батIиял мацIазда кIалъазеги гьукъуге.

40 Амма кинабго букIине ккола берцинго ва рекъа-решон.

## 1 Коринфиязухъе 15

1 Гьанже дица нужеда ракIалде щвезабулеб буго, вацал, нужеда дица
лъазабураб, нужецаги къабул гьабураб, нужер божи-иманалъул щулияб
кьучIлъунги бугеб Рохалил хабар.

2 Гьеб дица бихьизабураб нухдаса кьуричIого чIани, нуж хвасарлъула.
Гурони – нужер божи-иман гIадада ккола.

3 Сундасаго цебе дица нужеда бицана дицаги къабул гьабураб хабар:
Хириял ТIухьдузда хъван букIараб ритIухълъизе, МасихI хвана нилъер
мунагьазе гIоло.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

4 Гьев хабалъ лъуна. ТIухьдузда хъван букIараб ритIухълъизе,
лъабабилеб къоялъ хваралъуса вахъинавуна.

5 Пётрида вихьана гьев, цинги анцIила кIиявго чапарасдаги вихьана.

6 Цинги гьев цого заманалда вихьана щунусгоялдаса цIикIкIарав
вацасдаги, гьезул гIемерисел гьабсагIатги чIаго руго, цо-цоял хвана.

7 Цинги Якъубида вихьана, цинги киналго чапарзабаздаги вихьана.

8 Гьел киназдасаго хадув гьев дидаги вихьана, мех щвечIого гьабураб
лъимада гIадин.

9 Дун вуго бищунго гьитIинав чапар. Чапарлъун рикIкIине мустахIикъав
гьечIо дун, Аллагьасде иман лъуразул агьлуялъе дица гIазаб кьолеб
букIиндалха.

10 Амма Аллагьасул баркаталдалъун гьанже дун вуго гьав нужеда
вихьулев чи. ГIадада гуро Аллагьас диде баркат рещтIинабураб. Дол
чапарзабаздасаги цIикIкIун хIалтIана дун. Дун гуревха хIалтIарав, дилъ
бугеб Аллагьасул баркат хIалтIана.

11 Дол рукIаниги, дун вукIаниги батIалъи щиб, нижеца гьедин бицуна
Рохалил хабар, нужги гьелда божана.

12 Гьедин, МасихI хваралъуса вахъин нижеца лъазабидалги, нужер цо-
цоязда кин абизе кIолеб хварал чIаголъизаруларилан?

13 Хварал чIаголъизаруларел ратани, МасихIги хваралъуса вахъинавичIо.

14 МасихI хваралъуса вахъинавичIев ватани, нижеца бицараб Рохалил
хабарги гIадада ккана, нужер божи-имանги гIадада ккана.

15 Гьелда тIадеги, нижеца Аллагьасул хIакъалъулъ гьересинугIлъи
гьабураблъунги кколеб буго, – Аллагьас МасихI хваралъуса
вахъинавунилан абулеб мехалъ. Амма хварал чIаголъизаруларел ратани,
МасихIги гьес хваралъуса вахъинавичIо.

16 Хварал тIаде рахъинаруларел ратани, МасихIги хваралъуса
вахъинавичIо.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

17 МасихI хваралъуса вахъинавичIев ватани, нужер божи-иман гьодораб
жо буго, нужги церего гIадин нужерго мунагьазул кверщаликь руго.

18 Гьедин батани, дол МасихIида божун хваралги тIубанго хваралищ?

19 ГIицIго гьаб дуниялалъул чIаголъиялъулъ МасихIиде хьул лъун нилъ
хьвадулел ругони, бищунго гурхIизе ккарал чагIи руго нилъ.

20 ХIакъикъаталдаги МасихI хваралъуса вахъинавуна, – хваралъуса
рахъинаризе рукIиналде киназулго хьул лъеялъе гIоло.

21 Цо чи сабаблъун бачIана хвел, цо чи сабаблъун бачIана хваралъуса
рахъинариги.

22 Адамил наслу бугелъул киналго хвезе руго, МасихIил наслулъун
лъугьиндал, киналго хваралъуса рахъинаризе руго.

23 Киналго иргадал чIаголъила: бищун цеве МасихI, цинги гьев вачIараб
мехалъ – гьесул агьлуги.

24 Цинги дуниял ахирлъила. МасихIица къезарила тахида ругелги,
кверщел бугелги, хIакимзабилъун ругелги – киналго рухIал, цинги Эмен
– Аллагьасухъе кьела жиндирго парччахIлъи.

25 МасихIица парччахIлъи гьабила Аллагьас гьесул киналго тушбаби
гьесул малакь чIезаризегIан.

26 Бищунго ахиралда къезабулеб тушман ккола хвел.

27 ТIухьдузда хъван буго: «Аллагьас кинабго гьесул малакь лъуна».
«Киналъулго» бицунаго, гьайгьай, гьелда гьоркьове унаро гьеб кинабго
МасихIил малакь лъурав Аллагь.

28 Кинабго жиндир кверщаликье ккараб мехалъ, живго Васги вукIина
гьеб кинабго жиндир малакь лъурасул кверщаликь. Гьебмехалда
киналъулго кверщел Аллагьасухъ букIин бихьила.

29 Гьеб гьереси букIарабани, хваразе гIологи гIадамал лъадалъ ччун щай
рахъилел рукIарал? Хварал чIаголъуларел ратани, гьезие гIологи
гIадамал лъадалъ ччун щай рахъулел?

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

30 Щай нилъ кидаго хIинкъиялда гъоркь рукIине ккелел?

31 Щибаб къоялъ хвалил хIинкъи буго, вацал, дие. Нилъер ТIадегIанав
МасихI ГIисада цебе нужедаса бугеб чIухIиялхIагиййилан гьедизе кIвела
гьедин бугилан.

32 Эфесалда ругел гьал жанаваралгун гIадамазул къагIидаялъ
вагъиялдасан дие бугеб пайда щиб, дирго напсалъул пикруялда вугони?
Хварал чIаголъулел ратичIони, «рачIа кваназе-гьекъезе, метер нилъ хвезе
ругин».

33 Нужго гуккизе чIоге. Квешазда аскIоре къани, лъикIаб гIамалалдаса
ратIалъула.

34 КантIе, тIокIаб мунагьги гьабуге. Нужер цо-цоязда Аллагь лъаларо.
Дица гьеб абулеб буго нуж намуслъизе.

35 Амма цо лъицаниги гьикъизе бегьила хварал кин чIаголъулелилан.
Кинаб черхгун гьел тIаде рахъунелилан.

36 ГIабдал вуго гьев. Дуца ракьулъ мугь чIола, амма цин жибго хвечIони,
гьеб тIаде баккуларо.

37 Дуца ракьулъ чIолеб жо, ролъул букIа яги цогидалъул букIа, гIицIаб
мугь буго, гьелдасан лъугьунеб «черх» гуро гьеб.

38 Аллагьас кьола гьелъие жинцаго тIаса бищараб черх – хьодул щибаб
тайпаялъе батIи-батIияб.

39 Киналго чурхдул рельлъарал гьечIо: гIадамазул батIиял руго,
хIайваназул батIиял руго, хIанчIазул батIиял руго, ччугIбузул батIиял
руго.

40 Руго зобалазулал чурхдул, руго ракьалъулалги. Зобалазулал
чурхдузул жидерго берцинлъи буго, ракьалъулал чурхдузулги жидерго
берцинлъи буго.

41 Бакъул батIияб, моцIрол батIияб, цIвабзазул батIияб буго берцинлъи.
Щибаб цIваялъулгицин буго жиндирго берцинлъи.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

42 Гьелдаго рельлъун букIина хварал чIаголъизариги. Ракьулъе кколебщинаб хола, тIаде баккулебщиналъе хвел гьечIо.

43 Ракьулъе сурукъго уна, тIаде берцинго баккула. Ракьулъе загIипго уна, тIаде гучалда баккула.

44 Ракьулъе тIабигIияб черх уна, тIаде рухIалъ цIураб черх баккула. ТIабигIияб черхги букIуна, рухIалъ цIураб черхги букIуна.

45 ТIухьдузда хъван буго: «ТIоцевесев инсанасда – Адамида рухI лъуна». Ахирисев Адам – чIаголъи кьолеб РухIлъун лъугьана.

46 РухIалъ цIурабаб бачIунаро тIоцебе, тIабигIияб черх бугебаб бачIуна. Цинги бачIуна рухIалъ цIурабги.

47 ТIоцевесев Адам ракьул хIуралдасан вижана, ракьалдаса вачIана. КIиабилев Адам зобалаздаса вачIана.

48 Ракьалдасан ругелал ракьалдаса вачIарасда рельлъуна. Зобалаздасан ругелал зобалаздаса вачIарасда рельлъуна.

49 Ракьалдаса вачIарасул сипат-сурат нилъелъ бугеб гIадин, зобалаздаса вачIарасул сипат-суратги букIина нилъелъ.

50 Дица нужеда абулеб буго, вацал, черхалъеги биялъеги Аллагьасул парччахIлъи насиблъуларин, холебалъе холаребаб насиблъуларин.

51 Цо балъголъи рагьила нужее: киналго гуро нилъ холел, амма ахирзаманалда ссур пураб мехалъ, бер къапизегIан заман иналде, хиса-сверула нилъ. Ссур пула ва хварал тIаде рахъинарула. Хвел гьечIеллъун рахъина гьел тIаде. Нильги хиса-сверила.

53 Турулебаб туруларебдъун лъугьине ккола, холебабги холареблъун лъугьине ккола.

54 Турулебаб туруларебдъун лъугьараб мехалъ, холебабги холареблъун лъугьараб мехалъ ритIухълъила ТIухьдузда хъван бугеб гьадинаб калима: «Хвел къулчIана, къезабуна».

55 Хадубги: «Хвел, киб бугеб дур бергьенлъи! Хвел, киб бугеб дур хеч!”


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

56 Хвалил хеч ккола мунагь. Мунагьалъе къуват Къануналдасан щола.

57 Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIидалъун нилъ бергьинарулев
Аллагьасе рецц!

58 Гьеле гьедин, дир хириял вацал, къвакIун чIа нуж, къуркьуге нуж.
ТIадегIанасе гIоло тIадчIун хIалтIе. Нужеда лъан букIа: ТIадегIанасде
цолъун гьабураб нужер хIалтIи гIадада холаро.

**1 Коринфиязухъе 16**

1 Гьанже бицинин Иерусалималда бугеб иман лъуразул агьлуялъе гIарац
бакIариялъул хIакъалъулъ. Галатиялда бугеб иман лъуразул агьлуялда
дица малъухъе гьабе нужецаги.

2 Нужер щивав чияс гьатIан къоялъ батIаго лъун те нужее щваралда
рекъон лъикI бихьараб гIарац. Цинги дун вачIараб мехалъ гьеб бакIаризе
лъугьине ккеларо.

3 Дун гьениве щвейгун, гьеб нужер садакъа Иерусалималде щвезабизе
ритIила нужеца тIаса рищарал гIадамал ва гьезда цадахъ битIила гьел
нужер вакилзаби ругилан кагъатги.

4 Дунго гьениве ине ккани, дидаго цадахъ рачина гьелги.

5 Македониялдаса нужехъеги вачIина дун – Македониялдасан ине
ракIалда буго дида.

6 Цодагьаб мехалъ нужеда аскIов чIезеги бегьула, щиб лъалеб,
хаселалъго гьенив хутIизеги бегьула. Гьенисаги дица сапар бухьунеб
бугони, нужеца кумек гьабизе ккела дие.

7 Сапаралда вукIаго нужехъе ваккизе вачIине гурелъулха дие бокьун
бугеб, ТIадегIанав разилъани, лъикIаланго заманаялъ гьенив чIезе хиял
буго.

8 БачIин бакIариялъул байрам тIаде щвезегIан чIела дун Эфесалда.

9 Пайдаяб хIалтIуе кIудияб нуцIа рагьун буго дие, дандечIаралги
гIезегIан руго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

10 Тимофей гьениве вачӀараб мехалъ, гьениб гьесие хӀинкъи букӀунареб хӀал гьабе. Гьевги, дунго гӀадин, ТӀадегӀанасе гӀолоlъидалха хӀалтӀулев вугев.

11 ГӀамал кӀодого ралагьуге нуж гьесухъ. Аллагьас нух битӀизабегийилан гьарун тӀадвуссун витӀе. Дунги вацалги гьев вачӀиналъухъ ралагьун чӀун руго.

12 Нилъер вац Аполлосил хӀакъалъулъ бицани, дица гьесда цӀакъ гьарана вацалгун цадахъ нужехъе щвайилан, амма гьабсагӀат гьениве ине къасд гьечӀо гьесул. Рес ккараб мехалъ вачӀина гьев.

13 РорчӀи ккве, иман щулалъизабе, бахӀарчияллъун ва къуваталлъун рукӀа.

14 Нужеца гьабулебщинаб рокьигун гьабе.

15 Цоги гьари буго, вацал, нужеде: Стефанасил рукъалъул агьлу Ахаялда тӀоцере МасихӀида божарал чагӀи рукӀин лъалаха нужеда. Аллагьасул халкъалъе тӀубанго хъулухъалъе чӀарал чагӀи руго гьел.

16 Дица нужеда гьарила гьединал чагӀазухъги, гьезда цадахъ хӀалтӀулезухъги, хъулухъ гьабулезухъги гӀенеккейилан.

17 Дун цӀакъ вохун вуго Стефанасги, Фортунатги, Ахаикги гьанире рачӀиналдаса. Нуж дие камун рукӀин лъазе биччаларо гьез дида.

18 Нужер ракӀазе къвакӀи кьураб гӀадин, дир рекӀееги къвакӀи кьола гьез. Гьединал чагӀазул къимат гьабе!

19 Асиялда ругел иман лъуразул агьлуялъул салам буго нужеде. Аквилалгун Прискиллал ва гьезул рокъор данделъулел иман лъуразул агьлуялъулги буго нужеде ТӀадегӀанасул цӀар рехсараб, урхъараб салам.

20 Гьанир ругел киналгоги вацаз битӀулеб буго нужеде салам. Муъминал вацаз гӀадин, цоцазда баун, салам гьабе.

21 Гьаб дирго квералъ хъвалеб буго: Павелил салам буго нужеде.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

22 ТIадегIанав вокьуларесе нагIана батаги! «Марана-та!» – вачIа, нижер
ТIадегIанав!

23 ТIадегIанав ГIисал цIоб лъеги нужеда!

24 МасихI ГIисаде цолъарал нуж киналго рокьула дие.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# 2 Коринфиязухъе

## 2 Коринфиязухъе 1

1 МасихI ГIисал чапарлъун вукIине Аллагьас тIаса вищарав Павелил ва
диналъул вац Тимофейил салам буго Коринфалда ругел иман лъуразул
агьлуялде, гьединго тIолабго Ахаялда ругел иман лъуразул агьлуялдеги.

2 Нилъер Эмен – Аллагьасул ва ТIадегIанав ГIиса МасихIил баркатги
саламги лъеги нужеда.

3 Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIил Эмен – Аллагьасе рецц! Гьев
нилъеда кидаго гурхIула, гьес нилъер ракIбатизабула!

4 Кинаб къварилъи нилъеде бачIаниги, Аллагьас ракIбатизабула нилъер.
Гьес нилъееги къуват кьола, – жинца нилъер ракIбатизабулеб бугеб
гIадин, къварилъиялда ругезул нилъецаги ракIбатизабизе.

5 МасихIие букIараб гIадаб гIазаб-гIакъуба нилъее цIикIкIанагIан,
МасихIидалъун нилъер ракIбатизабиги цIикIкIуна.

6 Нижеца гIазаб-гIакъуба хIехьолеб буго нужер ракIбатизабизе ва нуж
хвасарлъизе гIоло. Нижер ракIбатизабурас нужерги ракIбатизабила.
Нижее бугеб гIадинаб гIазаб-гIакъуба нужецаги сабруялда хIехьани,
гьелъги нужер ракIбатизабила.

7 Нуж мекъи ккеларилан ракIчIун руго ниж. Нижее бугеб гIазаб-гIакъуба
нужееги бугеб батани, гьелъ нужер ракIбатизабилеблъи лъала нижеда.

8 Я, вацал, Асиялда нижее букIараб къварилъиялъул хIакъалъулъ
нужедаги лъазе бокьун буго. Баччизе кIвеялдаса араб хIалалде ккедал,
чIаго хутIиялдаса хьул къотIун букIана.

9 Къадаралде щвезехъин ругилан ккун, нижедаго божулел рукIинчIо,
хвараλъуса рахъинарулев Аллагьасде тIамун тун букIана.

10 Гьес хвасар гьаруна ниж гьеб гIасияб хвалдаса. Гьанжеги хвасар
гьарулел руго, ва хадурги хвасар гьарилилан хьулги буго.

11 Нужецаги гьари-дугIа гьабеха, нижеда тIадрекъон. Нилъер гьари-дугIа
цIикIкIани, Аллагьасги цIоб лъела, гIадамаз Аллагьасе гьабулеб реццги
цIикIкIина.

12 Ниж сундаса чIухIизе кколел? Гьаб дунниялалда ва хасго нужеда
хурхарал ишазулъ ниж хьвадулел руго Аллагьасдасан рещтIараб
ракIбацIцIалъигун ва муъминлъигун. Намус бацIцIадго абулеб буго
нижеца гьедин. ГIадамазул гIакъиллъиялъ малъун гуро ниж гьедин
хьвадулел ругел, Аллагьасул баркаталдалъунин.

13 Кагътидасан нужеца цIалулеб ва нужеда гьенисан бичIчIулеб жо
гурони, батIияб щибго ракIалде кколаро нижеда гьеб хъвалеб мехалъ.
Нижеца бицарабщиналъул цо-цо бутIа гурони нужеда гьанжелъагIан
бичIчIулеб букIинчIеб батани, гьанже гьеб нужеда тIубанго бичIчIилилан
хьул буго. Ниж нужедаса чIухIулел гIадин, нужги нижедаса чIухIила –
нилъер ТIадегIанав ГIиса цIидасан рещтIараб къоялъ.

15 Гьелда ракIги чIун, дица хIукму гьабун букIана цин нужехъе вачIинин,
ва гьеб дир сапаралъул нужее кIицIулго пайда букIинин.

16 Дида ракIалда букIана Македониялде унаго нужехъе щвезе, цинги
Македониялдаса нахъвуссунаго кIиабизеги нужехъе вачIине ва нужер
кумекалдалъун Ягьудиялде ине.

17 Гьедин къватIиве вахъине къачIалаго унго дир пикруйищха хисараб?
ГIадамазул гIакъиллъиялъ малъунищ дица хIукму гьабизе ккολеб? Дица
«уйилан» абуни, «гурилан» абураб магIнайищха гьелъул ккoлеб?

18 АллагьасхIаги, нижеца нужеда абичIо цин «уйилан», цинги «гурилан».

19 Жиндир хIакъалъулъ нижеца – дицаги, Сильваницаги, Тимофейицаги
– нужеда Рохалил хабар бицарав ГIиса МасихIица, ай Аллагьасул Васас,
киданиги абичIо цин «уйилан», цинги «гурилан». ГIицIго «у» букIана
гьесулъ.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

20 Аллагьас рагІи кьурабщиналъул рахъалъ гІицІго «у» гурищ гьесулъ
батараб. Гьединлъидалин, МасихІил цІар рехсон Аллагь кІодо гьавулаго,
нилъеца «амин» абулеб.

21 ГІиса МасихІиде цолъизарун нижги нужги къвакІизарулев Аллагьас
нилъ тІаса рищана, абадияб гІумруялъул гІаламатлъун Илагьияб РухІги
нилъер ракІазулъе рещтІинабуна.

23 АллагьасхІагийилан ва дирго гІумруялхІагийилан гьедулев вуго:
нужеца гьабуралда рекъараб рагІи нужеда хІунсизе бокьичІогойин дун
тІокІав Коринфалде вачІинчІев.

24 Нужер божи-иманалда тІад тарал хъаравулзаби гурелъулха ниж,
нужер рохелалъе квербакъулел чагІийин! Нужер божи-иманин абуни,
щулалъун буго.

## 2 Коринфиязухъе 2

1 Дица хІукму гьабуна, дун вачІунилан нужее квеш кколеб батани,
гьанже нужехъе вачІинчІого чІезе. Нуж пашманлъизаризе бокьун гьечІо
дие.

2 Нуж пашманлъизаруни, дица пашманлъизарураз гурони, лъица дун
вохизавилев?

3 Дица доб кагъат хъван букІана нужехъе вачІараб мехалъ, вохизавизе
кколез дун пашманлъизавизе бокьичІого. Дир ракІчІола, дун вохун
вугони, нуж киналго рохизе рукІиналда.

4 Доб кагъат хъвалеб мехалъ дун цІакъ пашманго вукІана: ракІги
къварилъун букІана, бераз магІуги тІолеб букІана. Нуж
пашманлъизаризе гуреб, нужеде бугеб дир рокьул гьарзалъи
бихьизабизейин дица доб кагъат хъван букІараб.

5 Дун пашманлъизавунилан нужеда ракІалде ккарав чияс дун гуро
пашманлъизавурав. Гьес цодагьалго пашманлъизаруна нуж киналго,
гьелъул хІакъалъулъ тІокІаб бицине бокьун гьечІо дие.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

6 Нужер гIемерисез гьабураб тамихIги гIела гьев чиясе.

7 Гьанже, тIасаги лъугьун, гьесул ракIбатизабизе ккела нужеца, – цIакъго
пашманлъун, тату хунгутIизе.

8 Гьединлъидал дица нужеда гьарулеб буго: гьевги нужее вокьулевлъи
бихьизабе гьесда.

9 Нужер хIалбихьизе ва сундулъго дие мутIигIал ругищалиги лъазе хъван
букIана дица доб кагъат.

10 Нуж тIасалъугьарасдаса дунги тIасалъугьуна. Дун тIасалъугьунев
вугони (тIасалъугьине рекъараб жоги бугони), МасихIги нугIлъун гьавун,
тIасалъугьуна дун – нужее пайдаялъе.

11 Дица гьедин гьабула, илбисалъ нилъго гуккунгутIизе, – гьелъул
къасдал лъаларел чагIи гурелъулха нилъ.

12 МасихIил хIакъалъулъ Рохалил хабар лъазабизе дун Троадаялде
вачIараб мехалъ, ТIадегIанас дие нуцIа рагьун батана.

13 Амма дир ракI гIодобе биччалеб букIинчIо дир диналъул вац Тит
гьенив ватичIелъул. Гьединлъидал, гьенир ругезе къолъикIги гьабун, дун
Македониялде ана.

14 МасихIил бергьенлъиялъул байрамалде ниж рачунев Аллагьасе рецц!
Аллагьас ниж ритIула, махI гьуинаб нахул кьеккен гьабулеб гIадин,
МасихIил хIакъалъулъ киса-кибего лъазабизе.

15 Хвасарлъулезеги холезеги ниж руго – МасихIица Аллагьасе
къурбанлъун кьеккен гьабулеб гьеб махI гьуинаб нах.

16 Холезе ниж руго – хвалил махI, хвасарлъулезе ниж руго –
чIаголъиялъул гьуинаб махI. Гьеб нижее бугеб тIадкъай тIубазабизе щал
ярагьунел?

17 Аллагьасул рагIабийилан гьерсалги рицун, цогидал гIемерисел гIадин
гIиси-бикъинаб дармиде машгъуллъуларелъулха ниж! Аллагьасул


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

чапарзаби ругелъул, Аллагьасда рагIулеб бугеб гIадин, МасихIидеги цолъун, ракIбацIцIадго бицуна нижеца Рохалил хабар.

## 2 Коринфиязухъе 3

1 Ниж щал чагIияли нужеда гьанжеги бихьизабизейищ ниж кIалъалел
ругел? Цогидазе гIадин, нижее хIажат бугебищ ниж рецщарал кагътал я
нужехъе хъвазе, я нужеца хъван рачIине?

2 Нуж руго – ниж рецщараб кагъат! Нижер ракIазулъ хъван буго гьеб,
киназдаго лъазе, киназго цIализе!

3 Щакъиялъ гуреб, хIакъав Аллагьас битIараб РухIалдалъун МасихIица
хъван, нижеца босун бачIараб кагъатлъун ругеллъи бихьизабуна нужеца.
ГанчIил къаназда гуреб, инсанасул рекIеда хъвараб кагъатин гьеб.

4 МасихIидалъун Аллагьасде кIудияб божи-иман бижун буго нижер
рекIелъ.

5 Сундуениги ярагьунел чагIи ниж ругилан абизесеб гьунар гьечIо
нижелъ, кинабго Аллагьасдасан щвараб буго.

6 Гьес лъугьинаруна ниж ЦIияб къотIиялъе хъулухъ гьабизе
ярагьунеллъун. ЦIияб къотIиялъул аслу-кьучI хIарпазулъ гуро бугеб,
РухIалъулъ буго. ХIарпалъ хвезарула, РухIалъ чIаголъизарула!

7 Къанун хъван букIана ганчIил къаназда. Аллагьас гьеб рещтIинабулеб
мехалъ илагьияб Нур гвангъана, гьеб дагьабго заманаялъ загьирлъун
букIаниги, Исраилил халкъалда кIвечIо гьеб Нуралъ гвангъизабураб
Мусал гьурмахъ ралагьизе. Хвалде рачунеб Къанунгун цадахъ рещтIараб
Нур гьединаб гвангъараб букIараб батани,

8 Илагьияб РухIалъ чIезабураб къотIиялъул Нур кигIан кутакабха
букIинеб?

9 ТамихIалде рачунеб Къанунгун цадахъ рещтIараб Нур гьединаб
гвангъараб букIараб батани, инсан ритIухъ гьавулеб РухIалъул Нур
кигIан кутакабха букIинеб?


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 Кидаялиго Къанунгун цадахъ рещтIараб Нур гьанже тIубанго тIагIун
буго, гьелдасаги гIемерго гвангъараб Нур хIакълъунго ракьалде рещтIун
бугелъул!

11 Дагьабго заманаялъе рещтIараб Нур гвангъун букIараб батани,
гьелдаса гIемерго цIикIкIун гвангъула абадияб Нур.

12 Гьеб киналдего хьул лъезе рес бугелъул, рагьун ва хIинкъичIого
кIалъала ниж.

13 Ссун унеб ва цебеса тIагIунеб Нур Исраилил халкъалда бихьичIого
букIине гьумер пардавалъ бахчарав Муса гIадин гурелха.

14 РакIбицалъун букIана гьезул. Жакъа къоялде щвезегIанги, НекIсияб
къотIиялъул ТIухьдул цIалулеб мехалъ, гьеб пардав букIуна гьезул
гьурмазда цебе. ВачIун МасихIицалъидал гьеб бахъун рехулеб.

15 Жакъа къоялде щвезегIанги, Мусал Къанун цIалулеб мехалъ, гьеб
пардавалъ бахчун букIуна гьезул ракIги.

16 Амма инсан БетIергьанасдехун вуссиндал, гьес бахъун рехула гьеб.

17 Гьаниб БетIергьан абураб рагIул магIна ккола Илагьияб РухI.
Аллагьасдасан бачIараб РухI бугеб бакIалда эркенлъиги букIуна!

18 Пардавалъ гьумер бахчичIого, матIуялъуре гIадин, ралагьула ниж
БетIергьанасул гвангъараб Нуралъухъ. Нижелъ гьеб Нур дагь-дагьккун
гвангъидал, нижги лъугьуна гьесул сипатлъун. Гьеб кинабгоги лъугьуна
жинда РухIилан абулев БетIергьанасдасан.

## 2 Коринфиязухъе 4

1 Гьединлъидалин, Аллагьасул цIоб лъун, Рохалил хабаралъе хъулухъ
гьабизе божун тарал нижеца рачел чучулареб.

2 Нижеца рехун тана гIадамазда рихьизе, рагIизе нечарал ишал, хIилла-
макруялдалъун щивниги гуккуларо, Аллагьасул рагIиялъул бакIалда
гьерсал рекъезаруларо. Рагьун киназего хIакъабщиналъул бицунаго, ниж


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

Аллагьасда цере чІола, ниж щалали ва кинал чагІияли халкъалда рихьизе.

3 Гьедин бугониги, нижеца бицунеб Рохалил хабар гІемерал гІадамазе, пардаваль гІадин, бахчун буго. Гьеб бахчун буго гІицІго хвалде унезе,

4 гьаб дуниялалъул кверщел кодоб бугеб илбисалъ ракІ бецлъизабуразе, – Аллагьасул суратлъун вугев МасихІил къудраталъул хІакъалъулъ Рохалил хабаралъул Нур гьезда бихьунгутІизе.

5 Нижерго хІакъалъулъ Рохалил хабар гурелъулха нижеца бицунеб бугеб, ГІиса МасихІ нилъер ТІадегІанав вугиланлъидалха. Нижни руго ГІиса МасихІие гІоло нужее хъулухъ гьабулел гІадамал.

6 НекІо бецІлъи бачахъизе канлъи бижарав Аллагьас гьеб канлъи нилъер рекІелъеги лъугьинабуна. ГІиса МасихІил гьурмалъ гвангъараб Илагьияб Нур нилъее загьирлъизелъун гьабуна гьес гьедин.

7 Хазина жаниб цІунарал гьадингоял щагІил рагІазда релълъун руго ниж. Нижелъ загьирлъараб цІакъго цІикІкІараб къудрат, нижедасан гуреб, Аллагьасдасан бугеблъи бихьуларищ гьелдасан?

8 Киналго нижеде тІаделъун руго, амма нижее рорчІизе бакІ хутІун буго. Ниж рес къотІун руго, амма хьул къотІун гьечІо.

9 Нижее гІадамаз гІазаб-гІакъуба кьолеб буго, амма Аллагьас ниж рехун тун гьечІо. Ниж гІодор ккезарун руго, амма къун гьечІо.

10 ГІисал хвел нижеца кидаго нижерго чорхолъ чІезабула, гьелдаго цадахъ нижер чорхолъ ГІисал гІумруги загьирлъизе.

11 ЧІаго ругебгІан мехалъ, ниж ГІисае гІоло хвезарулел руго. Нижер чурхдул хвалие мутІигІлъаниги, гьезулъ загьирлъула ГІисадалъун насиблъулеб абадияб гІумру.

12 Гьедин нижелъ хвел хІалтІулеб буго, нужелъин абуни, гІумру хІалтІулеб буго.

13 «Дун божана ва гьединлъидал дица бицана», – ян ТIухьдузда хъвараб
гIадинаб божи-иман кьураб РухI нижелъ бугелъул, ниж божун руго,
божун ругелъул бицунебги буго.

14 Нижеда лъала ТIадегIанав ГIиса хваралъуса вахъинавурас, ГIисада
цадахъ рахъинарун, нижги нужги Жиндаго цере чIезаризе рукIин.

15 Гьеб кинабго гьабулеб буго нужее гIоло, Аллагьасул баркат цIикIкIун
чиясда лъунагIан, гьез цIикIкIинабулеб бугелъул Аллагьасе гьабулеб
рецццги.

16 Гьединлъидалин ниж ракI гIодоб чIван рукIунарел. Нижер чорхол
чIаголъи дагь-дагькkун чIунтулеб бугониги, рухIияб чIаголъи щибаб
къоялъ цIилъулебго цIилъулеб буго.

17 Гьаб тIадагьаб, дагьаб заманаялъулаб гIазаб-гIакъубаялъ нижее
къачIалеб буго гьелда данде ккун кутакалда цIикIкIараб абадияб
нигIмат.

18 Беразда бихьулебаб гуреб, бихьуларебаб гIадахъ босулеб буго
нилъеца. Беразда бихьулебаб – тIаса унелъул, бихьуларебаб – абадияб
бугелъул!

## 2 Коринфиязухъе 5

1 Гьаб панадуниялалда нилъ чIолеб бакI биххараб мехалъ, Аллагьас
нилъее рукъ кьезе бугеблъи лъала нилъеда. Зобалазда бугеб инсанасул
квераз гьабичIеб абадияб рукъин гьеб.

2 Гьанир ругебгIан заманаялъ пашманго зигардула нилъ, нилъее бокьун
букIуна гьеб зобалазул рокъоре лъугьине.

3 Гьаб дуниялалда сундасаго махIрумлъаниги, рукъ гьечIого хутIиларо
нилъ гьенир.

4 Гьанир ругебгIан заманаялъ къварилъахъдула нилъ. Гьаб
панадуниялалда нилъер бугеб черхалдаса махIрумлъизе бокьиялъ


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

гуребха, зобалазда нилъер букIунеб черх щвезе бокьиялъин. Холеб черх холареб черхалъ хисун гIумру бергьина гьебмехалъ.

5 Илагьияб РухI аманатлъун нилъее кьурав Аллагьас гьелъиейин нилъ тIаса рищарал.

6 Гьединлъидал нилъ сункьаниги киданиги хIинкъулареллъун лъугьун руго. Нилъеда лъала, гьанир рокъор – нилъерго чорхолъ – ругебгIан заманаялъ, нилъ ТIадегIанасдаса рикIкIад рукIин.

7 Беразда бихьулелда рекъон гуреб, божулелда рекъонин нилъ хьвадулел ругел.

8 Сункьаниги киданиги хIинкъулареллъун лъугьун ругелъул, нилъее лъикIаб букIинаан, нилъерго чорхолъа къватIиреги лъугьун, ТIадегIанасда аскIоре гочине.

9 Гьединлъидалин нилъее бищунго бокьулеб – гьаб дуниялалда гьесдаса рикIкIад рукIаниги, ахираталда аскIор рукIаниги – ТIадегIанав нилъедаса разилъизе.

10 РухI чорхолъ букIаго щивав чияс гьабураб лъикIлъиялъухъ шапакъат щвезеги квешлъиялъухъ тамихI гьабизеги нилъ киналго МасихIил судалда цере чIезе ругелъулха.

11 Аллагьасукьа хIинкъи щиб жояли лъайдал, нижеца хIаракат бахъулеб буго цогидаздаги гьеб лъазабизе. Ниж щал чагIияли Аллагьасда лъала. Дида ракIалде ккола нужедаги кIвеларин ниж щалали лъаларин абизе.

12 Ниж щал чагIияли бихьизабизе гуро гьеб такрар гьабулеб бугеб. Жидерго рекIелъ бугеб бахчун, бералда бихьулебаб рихьдаего цебе рехизабун, жидеего рецц-бакъ гьабулел гIадамалги руго гьенир. Нижеца гьедин абулеб буго гьединал гIадамазе жаваб кьезе нужее бигьалъизе ва нижедаса чIухIизе нужее рес букIинеги.

13 Биччанте ниж гIантлъун ругилан абизе. Нижеца Аллагьасе хъулухъ гьабулеб бугелъулин гьез гьедин абулеб бугеб. ЦIодорго ругеб мехалъ гьабураб – гьеб нужее гIоло буго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

14 МасихIил рокьиялъул кверщаликь руго ниж. Нижеда бичIчIана
киназего гIоло цо Чи хваравлъи. Гьесда цадахъ киналгоги хун руго.

15 Гьев хвана киназего гIоло, цинги чIаго ругелаз гIумру жидеего гIоло
гьабичIого, – жидее гIоло хварасе ва хваралъуса вахъинавурасе гIоло
гьабизе.

16 Гьанжеялдаса хадуб нилъеца лъиениги къимат кьезе бегьуларо
гIадамазул гIакълу-пикруялдалъун. Цере нилъ МасихIихъги ралагьулел
рукIарал ратани гIадамазул бераздалъун, гьанже тIокIаб гьабулеб гьечIо
нилъеца гьедин.

17 МасихIиде цолъарав чи ккола цIидасан вижарав чи. Басрияб ана-хвана,
гьале цIияб тIаде гIунтIана.

18 МасихIидалъун нилъ Живгун рекъезарурав ва цогидалги нужеца
Живгун рекъезареян нилъее амру гьабурав Аллагьасдасан буго гьеб
кинабго.

19 Аллагьас МасихIидалъун Живгун рекъезабуна тIолабго гIалам, гьезул
мунагьалги рикIкIинчIо Гьес. ГIадамал рекъезареян амруги гьабуна Гьес
нилъее.

20 Ниж руго МасихIил вакилзаби ва Аллагьас нижер кIалдисан кIалъан
гIадамазде ахIулеб буго Жинде руссаян. МасихIил цIар рехсон гьарулеб
буго нижеца Аллагьгун рекъе нужилан.

21 Мунагьго гьечIевав нилъер мунагьалъе гIоло къурбанлъун гьавуна
Аллагьас, – гьесдалъун нилъеде Аллагьасдасан ритIухълъи
рещтIинабизе.

## 2 Коринфиязухъе 6

1 Аллагьасда цере хIалтIулаго нижеца нужеда гьарулеб буго: Аллагьас
нужеде рещтIараб баркат гIадада хвезе тогейилан.

2 Гьес абун бугелъул: «Болжал щвараб заманалда дур гьари-дугIа къабул
гьабуна Дица, мун хвасарлъизе хъван букIараб къоялъ дуе кумекги


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

гьабуна Дица», – ян. Гьале гьанже бачIун буго доб болжал щвараб заман, бачIун буго нилъ хвасарлъизе хъван букIараб къо!

3 Нижеца лъиениги квекIен гьабуларо, – Аллагьасе гьабулеб хъулухъалда лъиcaниги гIайиб чIвангутIизе.

4 Гьелъул гIаксалда, нижеца гьабулебщиналдалъун бихьизабула Аллагьасе хъулухъ гьабулеб букIин: кIудияб сабруялда хIехьола балагьал, къварилъаби, гIазабал,

5 тIилица рухи, туснахъалда тIами, питнаби, захIматаб хIалтIи, макьу тей, кIалкквей.

6 Нижелъ буго рацIцIалъи, лъай-гIакълу, сабру, ракIлъикIлъи, Илагьияб РухI, унго-унгояб рокьи,

7 хIакъаб рагIи ва Аллагьасдасан бачIараб къуват. Нижер кваранабги квегIабги хъатикь буго ритIухълъиялъул ярагъ.

8 Нижер хIурматги гьабула, ниж хIакъирги гьарула. Ниж какула, ниж реццула. Нижеца гуккулел ругилан абула, амма нижеда божизе бегьула.

9 Нижер цIар тIибитIун гьечIо, амма киназдаго ниж лъала. Ниж хванилан рикIкIуна, амма ниж чIаго рукIин бихьулеб гьечIищ! Суд гьабун ниж рухана, амма чIвазе кIвечIо.

10 Ниж къварид гьарула, амма ниж рохун рукIуна. Ниж мискинго руго, амма нижеца гIемерал гIадамал бечелъизарула. Нижер щибниги гьечIо, амма кинабгоги нижеда кодоб буго.

11 Нижер кIутIбуз, коринфиял, битIараб бицуна нужеда, нижер ракIалги нужее рагьарал руго.

12 Нижеца гуро нужедаса ракIалда бугебщинаб бахчулеб бугеб, нужецайин ракIалда бугебщинаб нижедаса бахчулеб бугеб.

13 Дирго лъималазда гIадин гьарулеб буго дица нужеда: нужецаги ракIал рагье нижее.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

14 Иман гьечIелгун цадахъ цо рукьалда рарал оцал гIадин рукIунге.
РитIухълъиги пасалъиги цоцазда бухьине кин бегьулеб? Канлъиги
бецIлъиги кин цадахъ букIунеб?

15 МасихIидаги илбисалдаги гьоркьоб маслихIат кин гьабулеб? Иман
лъуравги иман гьечIевги цоцазда кин релълъунев?

16 Мукъадасаб Рукъалдаги гьересиаллагьзабаздаги гьоркьоб кинаб
хурхен-рухьен букIунеб? Нилъ ругелъулха хIакъав Аллагьасул
Мукъадасаб Рукълъун. Илагьиял ТIухьдузда хъван бугелъул: «Дун
гьезухъе рещтIина, гьезда цадахъ вукIина, гьезул Аллагьлъун лъугьина,
ва гьелги дир халкълъун лъугьина, – ян абулеб буго БетIергьанас.

17 – Гьединлъидал гьезда гьоркьоса нахъе а, гьездаса батIаго чIа,
хIарамаб жоялдаги хъваге».

18 Цоги: «Дица нуж дихъего рачина, нужее эменлъи гьабила, нужги Дие
васаллъунги ясаллъунги рукIина, – ян абулеб буго Къудратав
БетIергьанас».

**2 Коринфиязухъе 7**

1 Нилъее гьедин рагIи кьун бугелъул, дир хириял, хIарамабщиналдаса
бацIцIад гьабилин нилъерго черхги рухIги! Аллагьасукьа хIинкъун, гьеб
рацIцIалъиги камиллъизабилин! Павел коринфияздаса рази вуго

2 Нужерго ракIал рагье нижее. Нужер цониги чиясе квешлъи гьабичIо
нижеца, цониги чиясул магIишат биххизабичIо, цонигиясдалъун нижгоги
бечелъичIо.

3 Нужеда гIайиб чIвазе гуро дица гьедин абулеб бугеб. Цебеги абун
букIана: нуж нижер ракIазулъ рукIина ниж хваниги-рахъаниги.

4 Дун нужеда цIакъ божун вугевха! Дун нужедаса цIакъ чIухIун вугевха!
Гьаб кинабго гIазаб-гIакъуба бугониги, дун цIакъ чIаголъиялда вуго!
ЦIун тIасан чвахулеб рохелги буго рекIелъ!


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Гьанире Македониялде рачIараб мехалъ, рахIат-хIалхьи толеб букIинчIо нижее. Кирехун руссаниги, балагь батулаан цебечIун, – къватIисан тIаделъиги, жаниб рекIелъ хIинкъиги.

6 Язихъал-пакъираздаги кверчIвалев Аллагьас кверчIвана нижеда, Титги гьаниве витIун.

7 Гьев вачIиналдаса гуребги, нужеца гьесда кверчIванилан бициндалги вохана. Гьес бицана, нуж диде ракIщун ругилан, дандеккунгутIи сабаблъун къварид ругилан, кIудияб гьира-шавкъалда нужеца дир рахъ кколебги бугилан. Дагьавги цIакъ вохана дун гьелдаса.

8 Дир кагътица нуж пашманлъизарун ратаниги, гьанже дир ракIбухIун гьечIо гьеб хъваялдаса. Доб мехалъ ракIбухIун букIараб батаниги, дида бихьана гьеб кагътица нуж цо дагьабго заманаялъгIаги пашманлъизаруралльи.

9 Амма гьанже гьелдаса вохун вуго. Нуж пашманлъиялдаса гуроха дун вохун вугев, гьелдалъун нуж кантIиялдасайин. Гьеб пашманлъи Аллагьасдасан бугелъул, нижедасан нужее щибго зарал-зиян ккун гьечIогури.

10 Аллагьасдасан бугеб пашманлъиялъ кантIизарула, хвасарлъизарула. Гьелдаса ракIбухIизеги кколаро. Амма гьаб дуниялалъул пашманлъиялъ хвалде рачуна.

11 Халгьабеха гьеб Аллагьасдасан бачIараб пашманлъиялъ нужелъ гьира-шавкъ бижизабураб куцалъухъ! Нужго рацIцIалъизе бахъараб хIаракаталъ, мунагь гьабурасдехун ццидал кутакалъ, гьелда хурхун букIараб ахIи-хIуралъ, дун вихьизе бугеб урхъиялъ, гIайиб ккарасе гьабураб тамихIалъ, – гьеб киналдалъунго нужеца бихьизабуна нуж гьеб ишалъулъ рацIцIадал рукIин.

12 Дица доб кагъат нужехъе хъван букIаниги, гьеб хъван букIинчIо жиндие зарал гьабурав чи яги жинца зарал гьабурав чи сабаблъун. Гьеб

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

хъван букIана Аллагьасда цебе нижедехун кинаб рокьи нужер бугебали нужедаго бичIчIизе.

13 Гьелъ нижер ракIбатизабуна. Гьелъ ракIбатизабун ниж ругеб мехалда, дагьабги ракIбатизабуна Титги нужедаса вохун вукIин лъайдал. Гьесул рекIелъа ургъел бачахъун буго нужеца киназго.

14 Дица нуж гьесие цIакъ рещун рукIана, гьеб сабаблъун нечезе ккечIо дун. Нижеца нужеда бицарабщинаб битIараб букIарабго гIадин, нуж рещун нижеца Титида бицун букIарабги битIараб батана.

15 Нужехъе жив вачIараб мехалда нужер букIараб хIинкъиги, сородиги, мукIурлъиги ракIалде щун, гьанже Титие жеги цIикIкIун рокьулел руго нуж.

16 Дун вохун вуго тIубанго нужеда божизе бегьулеб букIиналдаса.

## 2 Коринфиязухъе 8

1 Нижее бокьун буго, вацал, Македониялда ругел иман лъуразул агьлуялда Аллагьас баркат лъун бугеблъи нужеда лъазе.

2 ГIазаб-гIакъуба хIехьезе ккун хадуб гьарзаяб рохелги кутакаб мискинлъиги насиблъарал гьезулъ сахаватлъи цIикIкIана, цIадалдаса хадуб гIоразул, лъаразул лъим гIадин.

3 РакI разилъун гьез садакъаби кьуна (дир беразда бихьана гьеб) жидеда кIварабгIанги, хIатта гьелдаса цIикIкIунгицин.

4 Гьез кутакалда гьарулеб букIана нижеда Аллагьасе хирияб халкъалъе жидецаги кумек гьабизе биччайилан.

5 Нижеда ракIалдацин букIинчIо гьез гьедин абилилан. Гьез жидерго кверщел тIоцебе ТIадегIанасухъе кьуна, цинги Аллагьасул амруялдалъун нижехъеги кьуна.

6 Гьединлъидал нижеца Титида гьарулеб буго нужер гьениб гьес гьабизе байбихьараб баркатаб иш рагIалде бахъинабейилан.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Нужелъ кинабго гьарзалъун буго: божи-иманги, кIалзул пасихIлъиги, гIелму-лъайги, сундулъго хIаракатги, нижедехун нужер рокьиги. Гьеб баркатаб ишалъулъ щибго камун хутIугеги нуж.

8 Амру гуро дица гьабулеб бугеб. Цогидазул хIаракаталъулги бицун, дица халгьабулеб буго вацаздехун нужер рокьи унго-унгояб бугищали.

9 Нужеда лъала нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIидасан щолеб баркат. Бечедав вукIаниги, нужее гIоло мискинлъана гьев, – гьесул мискинлъи сабаблъун нуж бечелъизе.

10 Гьеб ишалъул рахъалъ дица нужее гьадинаб гIакълу кьела: гъоркьиса байбихьараб хIалтIи гьанже рагIалде бахъинабун лъикI нужеца. Гьеб тIоцебе байбихьарал чагIиги нуж руго, гьеб гьабизе тIоцебе бокьарал чагIиги нуж руго.

11 Доб мехалда букIараб гIадинаб гъира-шавкъалда, нужерго ресалда рекъон, рагIалде бахъинабе нужеца гьеб иш.

12 Садакъа кьезе ракIалда бугев чияс гьеб жиндир ресалда рекъон кьейилан абула Аллагьас, рес гьечIони, кьезе кколарила гьес гьеб.

13 Нужер гьодида бакIаб гьирги лъун, цогидазе бигьалъи гьабизе гуро дица гьедин абулеб бугеб. Ращалъи букIине кколин абизе бокьун буго дие.

14 Нужее гьанже щибго гьарзалъун бугеб мехалда, язихъ ругезе нужеца кумек гьабуни битIун букIинарищ? Нуж язихъго ругеб мехалда, гьезие гьарзалъи щвани, гьезги гьабила нужее кумек. Гьеле гьедин ращалъила нуж.

15 ТIухьдузда хъван бугелъул: «ГIемераб бакIарарасул щибго тIокIлъичIо, дагьаб бакIарарасе щибго камичIо», – ян.

16 Нужее кумек гьабизе гьединабго гъира-шавкъ Титил рекIелъе лъугьинабурав Аллагьасе рецц!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

17 Нижеца гъарараб гъабизе разилъи гуребги, гъесие жиндиегоги цIакъ бокьун буго нужехъе вачIине.

18 Гъесда цадахъ нижеца витIулев вуго Рохалил хабар тIибитIизабиялъул рахъалъ иман лъуразул киналго жамагIатазда гъоркьов машгъурав нижер цо диналъул вац.

19 Гъединго иман лъуразул жамагIатаз гъев вищун вуго, гъаб баркатаб иш тIубазабулаго, нижеда цадахъ кидаго сапаразда вукIине. ТIадегIанасул цIар-рецц цIикIкIинабизе ва нужее кумек гъабизе ниж хIадурал рукIин бихьизабизе тIаса вищарав чи вуго гъев.

20 Гъарзаго щолеб бугеб садакъа нижеда божун тезе бегьуларилан лъицаниги абизе бокьун гъечIо нижее.

21 ТIадегIанасда цебе гуребги, гIадамазда цебеги гIайиб чIвалаpедухъ рукIине бокьун буго.

22 Гъел кIияздаго цадахъ витIулев вуго нижер цоги вацги. БатIи-батIияб ахIвал-хIалалда чанцIулго хIалбихьун лъана нижеда вацазе кумек гъабизе гъира-шавкъалъул цIурав чи гъев вукIин. Гьанже гъесул нужеде божилъи цIикIкIун бугелъул, гъелдаго цадахъ цIикIкIун буго гъесул гъира-шавкъги.

23 Титил рахъалъ абуни, гъев вуго дир гъалмагъ ва нужее хIалтIулев чи. Цогидал вацалин абуни, гъел руго иман лъуразул жамагIатаз ритIарал чагIи, – МасихIил цIар-рецц цIикIкIинабулел чагIи.

24 ХIасил, иман лъуразул жамагIатазда бихьизабе нужее гъел чапарзаби рокьаралльи ва нижеца нуж гIадада рецнун рукIинчIеллъи.

## 2 Коринфиязухъе 9

1 Аллагьасул халкъалъе кумек гъабизе кколеблъи дица хъвачIониги бегьила.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Нужер гъира-шавкъ букIин лъайдал, македониязеги реццана дица нуж,
гъоркьисаялдаса нахъего Ахая кумекалъе хIадурго бугилан. Нужер гъеб
гъира-шавкъалъ квербакъана гъезул гIемерисезги чода цIал кьабизе.

3 Гъеб мехалъ нуж хIадурго рукIина, дица цебеги бицун букIана гъелъул
хIакъалъулъ. Гъеб ишалъулъ дица нуж реццун абурал рагIаби гIадада
ккечIого рукIинелъун ритIулел руго нужехъе гъал диналъул вацал.

4 Цинги, дида цадахъ македониял гъенире рачIараб мехалъ, нуж хIадурго
ратичIони, гъезда цере нуж сурарал гIечIого, нижги сурила, – ракIичIун
нужеда божун рукIиндалха.

5 Гъединлъидал дица хIукму гъабуна гьал вацазда гьаризе, дидаса цере
гъенире ун, нужеца рагIи кьун букIараб садакъа гъениб цебеккунго
бакIареян. Гъеб букIина хIалица бахъараб гуреб, ракI разилъун кьураб
садакъа.

6 КIочон тоге: лъедерго хьон хьарасе лъедерго бижула, ризго хьарасе
ризго бижула.

7 Щивас кьезе биччай гъесул ракIалъ къабул гъабураб къадаралда.
Бокьун гурони кьоге, кьун хадуб ракIбухIуге. РакI разилъун кьолев чи
вокьула Аллагьасе.

8 Аллагьасда кIола нужее кинабго гьарзалъуледухъ ва садакъаде кьезеги
тIокIлъуледухъ баркат рещтIинабизе.

9 ТIухьдузда хъван бугелъулха: «Мискиназе квергIатIидав вуго Аллагь,
гъесул гъеб лъикIлъи гIадамазда абадиялъ кIочон толаро», – ян.

10 Хуриб хьазе хьонги кваназе хинкI-чедги кьолес нужееги кьела
къваригIарабщинаб. Нужер лъикIлъиялъул хурги цIун бачIина.

11 Кинабго рахъалъ бечелъила нуж, нужер сахаватлъиги цIикIкIина.
Нижедасан нуж ругьунлъараб сахаватлъи сабаблъун гIемерал гIадамаз
Аллагьасе рецц гъабила.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

12 Аллагьасе хирияб халкъалъе пайдаги кьела нужер садакъаялъ,
гьелъухъ Аллагьасе гьабулеб рещцги цӀикӀкӀина, цӀад бан хадуб гӀоразул,
лъаразул лъим гӀадин.

13 Гьеб садакъаялъ бихьизабила нужер божи-иман щулалъун букӀин.
МасихӀил хӀакъалъулъ Рохалил хабаралъе, – нужеца иман лъураб
хабаралъе нужер мутӀигӀлъиялъухъги жидееги цогидазеги нужер
квергӀатӀилъиялъухъги Аллагьасе рецц гьабила гьез.

14 Нужги рехсон, ракӀ-ракӀалъго гьари-дугӀа гьабила гьез, нужелъ
Аллагьасул баркат цӀакъго цӀикӀкӀун букӀин лъан.

15 Бицун хӀалкӀоларебгӀан кӀудияб баркат нилъеде рещтӀинабулев
Аллагьасе рецц!

## 2 Коринфиязухъе 10

1 Нужеда аскӀов вугеб мехалъ хӀинкъа-къалев, рикӀкӀалъараб мехалъ
бахӀарчияв чийилан цо-цояз жиндир хӀакъалъулъ абулев дун – Павел –
вуго нужедехун кӀалъалев.

2 МасихӀил хӀеренлъиялъе ва лъикӀлъиялъе гӀоло гьарулеб буго нужеда,
гьениве вачӀараб мехалъ бахӀарчи вахъинавуге дир! Нужеда лъан букӀа:
дун гьединав бахӀарчияв вукӀуна гьал гӀадамазул къагӀидаялъ ниж
хьвадулел ругин абулездехун.

3 Гьаб дуниялалъул гӀадамал ниж ругониги, нижеца гьабулеб рагъ
гӀадамазул гӀадинаб гуро.

4 Гьеб рагъулъ ниж гӀадамазул гӀадинаб яргъидалъун гуро рагъулел, ниж
рагъула щулиял хъулбиги щущазарулеб гучаб яргъидалъун.
Аллагьасдасан щвана нижее гьеб.

5 Аллагь лъаялде дандечӀаразул чӀухӀи-пахрулъиялъул хъулбиги
щущазарула нижеца. Мекъаб-тӀекъаб пикру-къасдги асирлъуде босула ва
МасихӀие мутӀигӀаблъун лъугьинабула.

6 Нужер мутIигIлъи камиллъараб мехалъ, ниж хIадурго рукIина
мутIигIлъуларевщинасе тамихI гъабизе.

7 Нужерго берда цебе бугелъухъ ралагье! Цо лъилниги ракIчIун батани
жив МасихIил рахъ ккурав чи вугилан, гьес жиндаго гьикъейин абе
гьесдаса дагьищ нижеца МасихIил рахъ кколеб бугебилан.

8 Нужер гIумру хвезабизе гуреб, гьеб берцин гьабизе ТIадегIанас нижее
кьураб ихтияралъул рахъалъ рецц-бакъ дагьаб цIикIкIунеб бугеб
батаниги, дун гьелдаса расги намуслъуларо.

9 Гьадинал кагътал хъван, дица нуж гIицIго хIинкъизарулел ругилан
ракIалде ккоге.

10 Цо-цояз абулеб рагIула: «Кагътида хъвалеб жо кутакаб ва кьварараб
букIуна, амма живго вачIараб мехалъ кIалъан бажаруларо, кIалдиб
мацIги сах-саламат хIалтIуларо».

11 Гьединав чиясда лъан букIаян абе ниж гьенир гьечIеб мехалъ нижеца
кагътазда хъвалебщинаб гьенире рачIиндалги гьабулеблъи.

12 Жалго берцин рихьизе хьвадулел цо-цо чагIазда нижго ращалъизаризе
яги релълъинаризе гIураб бахIарчилъи гьечIо нижелъ! Жалго гIантал
ругелъул, гьез жалго рорцунел руго жидерго роценаздалъун, цоял
цоязда релълъинарулелги руго.

13 Нижеца нижго рецццила, роцадаса араб хIалалъ гуреб, нижерго роценги
цIунун. Гьеб роценги буго Аллагьас нижее бихьизабураб гIорхъи. Нужги
жанире рачуна гьеб гIурхъиялъ.

14 МасихIил хIакъалъулъ Рохалил хабарги босун тIоцере нужехъе щварал
чагIи нижлъидал, нужехъе рачIунаго гIорхъи бахине ккечIо нижеца.

15 Нижер гIорхъи бахун къватIибехун чияца гьабуралдалъун рецццаризеги
лъугьунаро ниж. Нижер хьул буго нужер божи-иман цIикIкIинилан ва
нижер хьонги хьан нужеца бекьараб хурги цIакъго гIатIилъилилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

16 Цинги ниж ина нужедасаги дорегIан ругел ракьазда Рохалил хабар
тIибитIизабизе, гьезул хурзабахъ цогидаз гьабураб хIалтIиялдалъунги
реццариларо.

17 ТIухьдузда хъван буго: «Веццаризе бокьарас БетIергьан веццe!»

18 Живго жинцаго тIадегIанлъизавурав чи муъминчилъун рикIкIунаро,
БетIергьанас тIадегIанлъизавурав рикIкIуна.

## 2 Коринфиязухъе 11

1 Дун цодагьав гIантмахIав вугониги, хIехьеха нужеца! ХIехьейилан
гьарулеб буго нужеда!

2 Рос-лъадуда гьоркьоб букIунеб гIадинаб гуреб, Аллагьасдасан бачIараб
щакдари буго дир рекIелъ нужедехун: дица нужер магьари лъуна
бихьинчияс квер хъвачIей бахIарай гIадин нуж цохIо вугев росасе –
МасихIие кьезе.

3 Амма дун хIинкъун вуго, хIилла-макруялдалъун борхьица ХIава
къосинаюрай гIадин, МасихIидехун ракIбацIцIалъиги ритIухълъиги
рехун теялдалъун нуж къосинилан.

4 Нужехъе вачIун цо лъицаниги бицунеб бугони нижеца жиндир
хIакъалъулъ бицун букIарав ГIиса гурев, гьез ГIисайилан абулев цогидав
чиясул хабар, нуж гьелда божула; нужеде рещтIараб РухI гуреб, цогидаб
рухIалдаги божула; нужеца иман лъураб гуреб, цогидаб Рохалил хабарги
бигьаго къабул гьабула.

5 «ЧIахIиял чапарзабийилан» рикIкIунел чагIаздаса дун сундалъунниги
къадарав гьечIилан ккола дида.

6 Бицине кIалзул гьунар кIудияб гьечIониги, гIелму-лъай гIезегIанго
цIикIкIараб буго дир. Кинабго рахъалдасан ва киналго ишазулъ
бихьизеги гьабуна гьеб нужеда.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Аллагьасдасан Рохалил хабар нужеда гьоркьоб тІибитІизабулеб мехалъ,
дунго хІакъир гьавун, нуж кІодо гьарун, нужехъа щибго босичІогойилан
гІайиб чІвазеги бегьула нужеца!

8 Иман лъуразул цогидал жамагІатал «талавур гьаруна» дица, нужее
кумекалъе гІарацги гьездаса тІалаб гьабун.

9 Нужер гьенив вугеб заманалда дие гІарац хІажалъаниги, нужер гьодиде
гьир бегизабичІо дица – дие хІажатабщинаб кьуна Македониялдаса
рачІарал вацаз. ГьанжелъагІанги дица нужедаса щибго тІалаб гьабичІо,
гьанжеялдаса хадубги гьабиларо.

10 Гьелдаса бугеб чІухІиги дир рекІелъа, – дилъ бугеб МасихІил
ритІухълъиялхІайилан гьедулев вуго дун нужее, – гьеб Ахаялъул
киналго бакІазда цониги чиясда бахъизе кІвеларо.

11 Щай? Дие нуж рокьуларелъулищ? Аллагьасда лъала гьеб.

12 Дица гьанжелъагІан гьабулеб букІарабщинаб гьанжеялдаса хадубги
гьабила, – жидецаги Аллагьасе хъулухъ нижеца гІадин гьабулеб бугилан
жалго реццизе бокьарал гІадамалги ругелъул. Амма гьедин жалго
реццизе нух кьеларо дица гьезие.

13 Гьел руго гьересичапарзаби, яхІ-намус гьечІел хІалтІухъаби. МасихІил
чапарзаби ругилан чІарал чагІи руго гьел.

14 Гьелда хІикмалъизе ккеларо! Нуралъул цІурав малаикасухъего хІала
илбисги.

15 РитІухълъиялъул хъулухъчагІи ругилан илбисалъул рагьтІателал
чІеялдаги хІикмалъизе ккелищ? Амма гьезул ишазда рекъараб тамихІги
ахирги хІакъаб буго гьезие!

16 Цоги нухалъ абулеб буго: лъицаниги рикІкІунге дун гІантмахІав
вугилан. Дун гІантмахІав ватаниги, дихъ гІенекке, дунго дицаго
цодагьав веццилин.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

17 Гьанже дица абизехьин бугеб рагIи ТIадегIанасдасан бачIараб гуро. Жидедаго ракIчIун гIабдалзабаз жалго рещулел гIадин, дунго веццизе лъугьун вуго.

18 Гьаб дуниялалъул ишаздаса чIухIун, гIемерисез жалго жидецаго рещулел гIадин, дицаги веццила дунго.

19 Гьединалго гIакъилал гIадамаллъидал нужги, гIабдалзаби нужеца рази-ракиго хIехьолел руго.

20 Нужеца хIехьолеб буго гьез нуж лагълъиялде ккезаруниги, гьез нуж талавур гьаруниги, гьез нужеда тIад кверщел гьабуниги, гьел нужедехун гIамалкIодого ругониги, гьез нужер гьурмалъ хьатал ралел ругониги.

21 Гьединал ишазе, гьезул гIадин, нижер гьунар рекъечIилан нечезейищха ниж кколел? Сундасаниги чIухIун живго веццизе кIолев чи цониги ватани, дидаги кIола гьелдаса чIухIун дунго веццизе. (ГIантмахIав чи гIадин кIалъалев вуго дун гьанив!)

22 ЖугьутIал рукIани щиб гьел? Дунги жугьутIав вуго. Исраилил наслу букIани щиб? Дунги гьебго наслуялъул вуго. Ибрагьимил зурият букIани щиб? Дунги гьеб зуриялталъул вуго.

23 МасихIие хъулухъищ гьез гьабулеб бугеб? БетIер сверарав чияс гIадин абила дица: гьез гьабуралдаса цIикIкIун гьабуна дица гьеб. ЦIикIкIун хIалтIизеги хIалтIана, туснахъаздеги цIикIкIун ккана, чан нухалъ дун вухаравалиги рикIкIун хIал кIвеларо, хвалил бадивеги чанцIулго валагьизе ккана.

24 ЖугьутIаздасан дие щуцIулниги насиблъана лъебералда ичI-ичI нухалъ гьодилъ цIал кьаби.

25 Румазги дун лъабцIулниги тIилица вухана, цо нухалъ ганчIица чIвалевги вукIана. Ралъад гьалаглъараб мехалъ гамидаги вукIана лъабго нухалъниги. ТIубараб сордо-къоялъ ралъдадаги хутIана.

26 ГIемерал сапараздаги вукIана дун. ГIорал-лъараздасан хIинкъи, хъачагъаздасан хIинкъи, дирго халкъалдасан хIинкъи, цогидал


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

халкъаздасан хІинкъи, шагьаразда букІунеб хІинкъи, гІадан-чи гьечІел бакІаздаги хІинкъи, ралъдадаги хІинкъи, гьересиго вацаздасанги хІинкъи...

27 ЗахІматаб хІалтІи, макьу гьечІел гІемерал сардал, ракъи-къеч, гІемераб заманаялъ ккураб кІал, квач ва хохораб ретІел...

28 ТІаде жоялъеги щибаб къоялъ дида тІаде бегун буго иман лъуразул тІолалго жамагІатазул тІалаб-агъазги.

29 Цо лъилниги тату хвани, гьесдаго цадахъ дирги тату холарищ? Цо щивниги къосинехъин вугони, – цІа рекІунарищ дида?

30 Дунго веццизе ккани, дирго загІиплъи беццила дица.

31 ТІадегІанав ГІисал Эмен – Аллагьасда (Жиндие рецц даимлъаясда) лъала дица гьереси бицунеб гьечІолъи.

32 Дамаскалда Арета парччахІасул сардарас шагьаралъул киналго кавабазухъ хъаравуллъи чІезабун букІана дун ккквезе,

33 амма дун шагьаралъул къадалъ бугеб картІинисан гьагьинивги лъун гъоркье виччана ва гьесдаса хвасарлъана.

## 2 Коринфиязухъе 12

1 Диего рецц-бакъ гьабизе кколеб буго – дие пайда гьечІониги, гьанже бицинин ТІадегІанасдасан рукІарал илгьамазулги церетІамиязулги.

2 Дида лъала МасихІиде цолъарав цо чи. Гьанжеялдаса анцІила ункъо соналъ цеве лъабабилеб зодове восун ун вукІана гьев. (Черхгун цадахъищ – дида лъаларо, гІицІго рухІищ – гьебги лъаларо, Аллагьасда лъала.)

3 Дида лъала гьев чи алжаналъуве вачун ун вукІаравлъи. (Черхгун цадахъищ – дида лъаларо, гІицІго рухІищ – гьебги лъаларо, Аллагьасда лъала.) Гьениб гьесда рагІана лъицаниги абичІел ва инсанас абизеги бегьуларел рагІаби.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Гъединав чиясда рекъараб буго живго веццизе, дида рекъараб гъечIо, дирго загIиплъи беццани гурони.

6 Дунго веццизе байбихьаниги, гIантмахIавлъун лъугьинаро дун, дица битIараб бицунелъул. Дир хIакъалъулъ рагIарабги дилъ бихьарабги гурони гIадамаз бицине бокьун гьечIелъул, диего рецц-бакъ гьабиларо дица.

7 Диеги илгьамал лъугьанилан дун цIакъго чIухIдарунгутIизе, Аллагьас дир чорхолъ къазабун буго гIазаб-гIакъубаялъул заз. Гьеб ккола илбисалъул чапар. ЧIухIдарунгутIизелъун дун вухизе изну кьун буго Аллагьас гьев чапарасе.

8 Дица лъабцIулго гьарана ТIадегIанасда, гьев тIаса восейилан.

9 Амма Гьес абуна: «Дидасан бугеб баркатги гIела дуе, загIиплъиялъулълъидал дир къуват камиллъулеб». Гъединлъидал дагьабги цIикIкIун беццила дица дирго загIиплъи, МасихIил къуват дилъго хутIизе.

10 МасихIие гIоло загIиплъизеги, инжит-хIакъир гьавизеги, захIмалъи баччизеги, хадурчIун дир рахIат хвезабулезул гIазаб-гIакъуба хIехьезеги рази вуго дун, – загIиплъараб мехалълъидалха дун къуватавлъун лъугьунев.

11 ГIантмахIав чияс гIадинал жал рицунел руго дица. Нужеца рицинаруна дида гьел. Нужедани лъазе кколаан дун кинав чи вугевали. Дунго щивго гурев чи вугониги, гьел «чIахIияв чапарзабаздаса» сундалъунниги къадарав гьечIо.

12 Нужее загьирлъун рукIана хIакъав чапар вукIин лъазабулел жал: сундулъго сабру, мугIжизатал, гIаламатал ва Аллагьасдасан рещтIараб къуватги.

13 ГIарац кьейилан нужер гьодиде гьир бегизабичIолъи гурони, иман лъуразул цогидал жамагIатазе гьабуралдаса батIияб мекъаб-тIекъаб жо

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

щиб дица нужее гьабураб? Гьеб рехсараб «гIайиб» кканин, тIасалъугьа дидаса!

14 Гьанже дида ракIалда буго лъабабизеги нужехъе вачIине. Гьебмехалдаги нужер гьодиде гьир бегизабиларо дица, нужераб гуро дие къваригIун бугеб, нужго къваригIун руго. Лъималаз гуро эбел-инсуе нахърател гьабизе кколеб, эбел-инсуца лъималазейин.

15 Дун рази вуго дир бугебщинабги нужее кьезе, дунгоги кьезе. ГьадигIан
цIакъ дие нуж рокьулеб мехалъ, нужее дун дагьго вокьизе бегьилищ?

16 Нужедаго лъалагури, щибниги гьарун дица нужеда захIмат баччизабичIолъи. Амма цо-цояз абизе бегьула сихIирго хIалтIун хIиллаялъ кверде росанин дица нужилан.

17 Дица нужехъе ритIаразул цоясдасангIаги щибниги щварабищ дир бетIербахъиялъе?

18 Дица Титида гьарана нужехъе айилан ва гьесда цадахъ цо вацги витIана. Титица бегьарабищ нужер кисинибе квер? Цого Илагьияб РухIалъ малъухъе гурищ дунги гьевги хьвадулел ругел? Цого галаби гурищ нижеца тIамулел ругел?

19 Гьаб кагъат цIалулаго нужеца пикру гьабун батила нужеда цере нижго
ритIухъ гьаризе лъугьунел ругин нижилан. Аллагьасда цере МасихIиде цолъун кIалъалел руго ниж. Нужер гIумру берцин гьабизе гIоло буго, дир хириял, гьеб кинабго.

20 Дун хIинкъун вуго, – нагагь дун гьениве вачIани, дида ратизе бокьараб
къагIидаялда нужги ратиларин, нужеда ватизе бокьараб къагIидаялда дунги ватиларин. Нужеда гьоркьоб дагIба-къец, щакдари, ццин, хъантIи, бугьтан, мацI, чIухIи-пахрулъи ва гъалмагъир батилин хIинкъун вуго.

21 Гьанжеги нужехъе вачIараб мехалъ нуж сабаблъун дир Аллагьас дун
гIодовегIанлъизе гьавилиланги хIинкъун вуго. Гьебмехалда нужер гIемерисезда хадуб (хваразда хадуб гIадин) магIу гьабизе ккела дица.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

Гьел рукӀина адаб гьечӀолъи, пасалъи, хъахӀбалъи гӀадинал мунагьал гьаруниги, жал кантӀичӀел, гьел рехун течӀел гӀадамал.

## 2 Коринфиязухъе 13

1 Лъабабилеб нухалдаги вачӀинехъин вуго дун нужехъе. ТӀухьдузда хъван
буго: «Лъилниги рагӀи ритӀухълъизе ккани, къваригӀуна кӀиго яги лъабго
чиясул нугӀлъи».

2 КӀиабилеб нухалъ вачӀараб мехалдаги лъазабун букӀана, гьанже
нужедаса рикӀкӀад вукӀаго нахъеги лъазабулеб буго, гьел мунагьал рехун
течӀезе ва киналго цогидазеги гьаб нухалда гурхӀел букӀине гьечӀилан.

3 Нужеца тӀалаб гьабулеб буго дун МасихӀил кӀалдисан кӀалъалев вукӀин
чӀезабейилан. МасихӀ нужее загӀипавлъун гуро загьирлъун вугев, нужеда
гъорлъ жиндирго къуват бихьизабулеб буго гьес.

4 ХӀакъикъаталдаги загӀипав вукӀана гьев хъанчида ван вугеб мехалъ,
амма Аллагьасул къудраталъ чӀаголъизавуна. Гьесде цолъарал нижги
загӀипал руго, амма Аллагьасул къудраталдалъун нужеда гъорлъ нижги
гьесда цадахъ чӀаго рукӀина.

5 Нужер иман щулалъун бугищали хӀалбихье. ГӀиса МасихӀ нужелъги
вукӀин бичӀчӀулеб гьечӀебищ нужеда? Гьеб бичӀчӀулеб батичӀони, Аллагь
разилъун гьечӀо нужедаса.

6 Нижедаса Аллагь разилъун вукӀин нужеда лъалилан хьул буго нижер.

7 Нижеца Аллагьасда гьарула нуж квешлъи гьабизе риччагейилан.
Нижедаса Аллагь разилъун вукӀин чӀезабизе гуребха нижеца гьеб
гьарулеб. Нужеца лъикӀлъи гьабуни гӀела нижее, нижедаса Аллагь
разилъун гьечӀилан нужеда ракӀалде кканиги.

8 ХӀакъабщиналде данде къеркьезе гуреб, гьелъие гӀоло къеркьезейин
нижелъ къуват бугеб.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

9 Ниж загIиплъун ругони, нужелъ къуват цIикIкIани, гьелдаса рохула
ниж. Нижеца Аллагьасда гьарулеб жого нуж лъикIаб рахъалде рачейилан
буго.

10 ГIумру хвезабизе гуреб, гьеб берцин гьабизе ТIадегIанас дие кьураб
ихтияралда рекъон, нужер гьениве вачIун кьварараб тамихI гьабизе
ккунгутIизейин гьанив вукIун хъвалеб бугеб дица гьадин.

11 Кагътил ахиралдаги – роха-хинлъун рукIа, вацал, битIараб нухде
русса, дица гьарарабги гьабе, цоцазулгун рагIи данде ккезабе, рекъа-
решон рукIа, – рекъелги рокьиги рещтIинабулев Аллагьас рехун теларо
нуж!

12 Иман лъуразул агьлуялъ гIадин цоцазда баун салам гьабе. Иман
лъуразул тIолабго агьлуялъулги салам буго нужеде.

13 ТIадегIанав ГIиса МасихIил цIобги Аллагьасдасан рокьиги даимго
хутIаги нужелъ. Илагьияб РухIалъ цолъизареги нуж.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# Галатиязухъе

## Галатиязухъе 1

1 ГІадамаз витІичІев, гІадамазул кумекалдалъунги витІичІев, живго ГІиса
МасихІица ва хваралъуса гьев вахъинавурав Эмен – Аллагьас витІарав
чапар Павелица ва цадахъ ругел киналго диналъул вацаз хъвалеб буго
гьаб кагъат Галатиялда ругел иман лъуразул жамагІатазде.

3 Нилъер Эмен – Аллагьасул ва ТІадегІанав ГІиса МасихІил баркатги
саламги лъеги нужеда.

4 Гьаб гІасияб гІасруялдаса нилъ хвасар гьаризе ва нилъер мунагьал
чуризе, Инсул амруялдалъун, ГІиса МасихІица живго рецІалие кьуна.

5 Нилъер Эмен – Аллагьасе абадул абадиялъго рецщги цІарги! Амин!

6 Дун хІикмалъун вуго МасихІил баркаталдалъун иман лъезе нуж ахІарав
Аллагь нужеца гьадигІан хехго рехун тедал. Нуж батІияб «рохалил
хабаралде» руссун руго,

7 хІакъикъаталда гьеб Рохалил хабар гуро. Цо-цо гІадамаз нуж ита-
таризе гьарулел руго, ва гьез хІаракат бахъулеб буго МасихІил
хІакъалъулъ Рохалил хабар мекъса сверизабизе.

8 Амма, нижеца лъазабураб гуреб, цогидаб «рохалил хабар» хІатта
нижеца яги зодисан рещтІарав малаикас нужеда гьеб лъазабун бугониги,
– абадиялъго нагІана батаги гьеб лъазабурасе.

9 Нижеца цебеги абун букІана, гьале дица нахъеги абулеб буго: нужеца
къабул гьабураб тун батІияб «рохалил хабар» нужеда лъазабурав чиясе
абадиялъго нагІана батаги!

10 Дидаса гІадамал разилъизе гуреб, Аллагь разилъизейин дица гьадин
абулеб бугеб. ГІадамазда дунго лъикІ вихьизеги гуро. Цебего гІадин,
гІадамазда лъикІ вихьизе жал дица гьарулел рукІаралани, дун МасихІил
лагълъун вукІинароан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Нужеда лъай, вацал, дица лъазабулеб бугеб Рохалил хабар гІадамаздасан бачІараб гуро.

12 Инсанасдасан гурелъулха дихъе гьеб щвараб, инсанас малъунги щвечІо дихъе гьеб. Дие гьеб ГІиса МасихІица загьир гьабуна.

13 Нужеда рагІанагури, жугьутІ диналда дун вукІараб мехалъ, дица гьарулел рукІарал жалазул хІакъалъулъ, – Аллагьасде иман лъуразул агьлуялъе гІасиго гІазаб-гІакъуба кьолаан ва гьеб щущахъ бихххизабулаан.

14 ЖугьутІ диналда вукІараб мехалъ дун цеве кколаан дир халкъалда гьоркьоса гІемерал гІелбащадаздаса. ЦІакъго-цІакъ цІунулел рукІиндалха дица дирго умумузул гІадатал!

15 Амма эбелалъул ургьивго дун тІаса вищарас ва жиндир баркаталдалъун жиндие хъулухъ гьабизе дун ахІарас

16 дие загьир гьавуна жиндирго Вас, гьесул хІакъалъулъ Рохалил хабар дица цогидал халкъазе бицинелъун. Гьебмехалда дица цониги инсанасулгун гІакълу дандбачІо.

17 Дидаса цере чапарзабилъун лъугьарал гІадамал рихьизе Иерусалималдеги инчІо дун. Дун ана гІарабиязул ракьалде, цинги Дамаск шагьаралде тІадвуссана.

18 Гьелдаса хадуб лъабго лъагІел сверидал, дун, Кефа вихьизе бокьун, Иерусалималде ана. Гьесда аскІоб дица анцІила щуго къо бана.

19 ТІадегІанав ГІисал вац Якъуб гурони, цогидал чапарзаби дида рихьичІо.

20 ХІакъал рагІаби руго гьал дица нужехъе хъвалел. Аллагьасда лъала дица гьереси бицунеб гьечІеблъи.

21 Цинги дун ана Сириялъул ва Киликиялъул ракьалде.

22 Гьеб заманалда дун жеги вихьун вукІинчІо МасихІиде иман лъуразул Ягьудиялда ругел жамагІатазда.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 ГIицIго цогидаз бицун лъалеб букIана гьезда цеве нилъеда дандечIун
вукIарав чияс гьанже тIибитIизабулеб бугин доб мехалда жинца щущахъ
биххизабизехъин букIараб дин.

24 Дие ккарабщинабги рагIун, гьез Аллагьасе рецц гьабулеб букIана.

**Галатиязухъе 2**

1 Цинги анцIилаункъо соналдасан Барнабада цадахъ нахъеги
Иерусалималде ана дун, Титги цадахъ вачана.

2 Аллагьас айилан лъазабидал, ана дун гьениве. БатIи-батIиял халкъазда
лъазабураб Рохалил хабар дица къо-асс бугелилан рикIкIунел гIадамазда
бицана, батIаго гьелгун дандчIван. ГIадада ккечIодай дир чодул кIанцIи,
пайда бахинадай гьанже кIанцIиялъулгиян абуна дица гьезда.

3 Дида цадахъ вукIарав Титцин, гьев грекав вукIаниги, сунат гьабизе
лъиცаниги тIамичIо гьенив.

4 Амма цо-цо «гьересиго вацал» дагьа-дагьалккун нижеда гъорлъе
рорчIулел рукIана, МасихI ГIисадасан щвараб нижер эркенлъи кинаб
бугебали жасуслъи гьабизе ва ниж лагъзаллъун ккезаризеги бокьун.

5 Рохалил хабаралъул хIакъаб магIна нужелъ хутIизелъун цо
лахIзаталъгицин мутIигIлъичIо ниж гьезие.

6 Амма къо-асс бугелилан рикIкIунел гьел гIадамаз, – дие батIалъи
гьечIо гьел щал рукIун ратаниги, гьурмахъ балагьун иш гьабуларелъулха
Аллагьас, – къо-асс бугелилан рикIкIунел гьел гIадамаз щибго тIаде
жубачIо дица лъазабулеб букIаралде.

7 Гьелъул гIаксалда, гьезда бихьана, жугьутIазда Рохалил хабар
лъазабизе Пётрие изну кьун букIарабго гIадин, цогидал халкъазда гьеб
лъазабизе Аллагьас диеги изну кьун букIин.

8 ЖугьутIазда Рохалил хабар бицунеб мехалда Пётрилъ букIараб РухI
дилъги букIиндалха цогидал халкъазда Рохалил хабар бицунеб букIараб
мехалда.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

9 Цинги дие щвараб баркатги лъан, дихъеги Барнабахъеги, нилъ цолъун
рукIинилан, квер бегъана иман лъуразул агълуялъул бутIруллъун
рикIкIунел рукIарал Якъубица, Кефаца ва Иоанница. ХIукму ккана ниж
цогидал халкъазухъе ине, гьел жугьутIазухъе ине.

10 Гьез цохIо жо гьарана нижеда, жидер мискинзаби кIочон тогеян, –
гьелъиени дица кидагоги хIаракат бахъула!

11 Амма Пётр Антиохиялде вачIараб мехалъ, гIадамазда цеве гьесда
дандечIун кIалъазе вахъана дун, гьениб гьес гьабидалха гIайиб чIвазе
ккараб иш.

12 Якъубица ритIарал гIадамал гьенире рачIиналде гьев кваналаан
мажусиязда гьоркьоса иман лъуразда цадахъ гIодовги чIун. Гьел рачIун
хадуса гьес байбихьана, жугьутIазда гьоркьоса иман лъураз жиндаго
гIайиб чIвалилан хIинкъун, дозда аскIоса ватIалъизе.

13 Гьесда цадахъ гьебго жо хIазе лъугьана цогидал жугьутIалги. ХIатта
Барнабагицин лъугьана гьезухъего хIазе!

14 Рохалил хабаралъул хIакъикъияб нухдаса гьел кьурулел рукIин
бихьидал, киналго ругеб бакIалда дица Кефада абуна: «ЖугьутIав
вугониги, мун цогидал халкъазул гIадамал гIадин хьвада-чIвадулев вуго.
Дуца цогидал халкъазул гIадамал щай тIамулел ругел жугьутIазухъего
хьвадизе?» – ян.

15 «Мунагьазул цIурал мажусияллъун» гурел, жугьутIаллъун рижун руго
ниж.

16 Амма нилъеда лъала Аллагьасда цеве инсан, Къанун цIуниялдалъун
гурев, цохIо ГIиса МасихIиде бугеб божи-иманалдалъун
ритIухълъулевлъи. Нилъеца ГIиса МасихIиде иман лъуна, – Къануналъ
малъухъе хьвадиялдалъун гуреб, МасихIиде иман лъеялдалъун
Аллагьасда цере ритIухълъизе бокьун. Къануналъ малъухъе
хьвадиялдалъун цониги инсан ритIухълъуларо.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

17 МасихIидеги цолъун, Аллагьасда цере ритIухълъизе нилъеца хIаракат бахъулеб бугониги, нилъ мунагьал гьарулел чагIилъун лъугьунел ругони, – МасихIги мунагьалъул рахъалда вугин абураб магIна кколебищ гьелъул? Гьайгьай, кколаро!

18 Дицаго биххизабунщинаб жо цIидасан гьабизе лъугьани, Мусал Кьанун хвезабурав такъсирчилъун лъугьинавила дица дунго.

19 Кьануналда рекъон дун хварав чи ккола. Кьануналъ дун чIвана Аллагьасе гIоло дица гIумру гьабизе. МасихIида цадахъ хъанчида варав чийин дунги.

20 Гьединлъидал дун тIокIалъ чIаго гьечIо, амма дилъ МасихI чIаго вуго. ГьабсагIат дир бугеб гIумру – гьеб буго Аллагьасул Васасде иман лъеялдалъун щвараб гIумру. Гьесие дун вокьана ва жиндирго гIумруги гьес дие кьуна.

21 Аллагьасул баркаталдаса дица инкар гьабуларо. Кьануналъ малъухъе хьвадиялдалъун Аллагьасда цеве ритIухълъизе инсанасда кIолеб бугони, МасихIил хвел гIададисеб буго!

**Галатиязухъе 3**

1 Вай, нуж гIакълу гьечIел галатиял! ГIажаибго хиса-сверана нуж. Нужер беразда цеве ГIиса МасихI хъанчида ван вихьарал гIадинал гIадамал гурищ нуж рукIарал.

2 Дир цо суалалъе жаваб кье нужеца: Кьануналъ малъарал жал гьариялдалъунищ нужее Илагьияб РухI щвараб, яги, Рохалил хабар рагIун, гьелда божиялдалъунищ?

3 ГьедигIанго гIантал гIадамалищха нуж? РухIалдасан байбихьарал нужеца мунагьаб напсалдалъун лъугIизабулебищ бугеб?

4 Нужеда тIаде ккараб хIалбихьиги хIехьараб къварилъиги гIададайищха ккараб? ГIадада ккезе бегьилищ гьеб!


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Къануналъ малъараб нужеца гьабидалищ, яги, Рохалил хабар рагIун, гьелда божидалищ – Аллагьас нужее Илагьияб РухI кьураб ва нужеда гIаламатал рихьизарурал?

6 Гьедин Ибрагьимги Аллагьасда божана, гьединлъидал гьес гьевги жиндие ритIухъав чилъун рикIкIана.

7 Нужеда лъан букIа: божи-иман къабул гьабурал гIадамал Ибрагьимил лъималлъун ккола.

8 Аллагьасда лъалаан гьезул божи-иманалдалъун халкъал ритIухъ гьаризе ругеблъи. Гьединлъидал, Ибрагьимида Рохалил хабарги бицун, ТIехьалда хъван букIана дудалъун киналго халкъазе баркат щвезе бугилан.

9 Гьедин иманалде рачIаразеги щола жиндирго божи-иманалдалъун Ибрагьимие щварабгIанасеб баркат.

10 Къанун цIуниялде мугъчIвай гьабулел гIадамал нагIанадулъ къан руго. ТIехьалда хъван бугелъулха: «Къануналъул тIехьалда хъван бугебщиналъул рахъ кколаресе ва гьеб кинабго кидаго тIубазабуларесе нагIана щола».

11 Гьелдасан бичIчIула Къанун цIуниялдалъун Аллагьасда цеве щивниги ритIухъавлъун рикIкIунаревлъи. Хъван буго: «ВацIцIадав инсан божи-иманалдалъун чIаго хутIила».

12 Божи-иманалдасан гуро Къанун бачIун бугеб. Хъван буго: «Къануналда жанир ругел Аллагьасул амруял тIуразариялдалъун инсан чIаго хутIила», – абун.

13 Къануналъул нагIанаялдаса нильги хвасар гьарун, нилъее гIоло гьеб жиндаго тIаде босана МасихIица. ТIехьалда хъван бугелъулха: «ГъотIода жаназа бан бугесулъ Аллагьасул нагIана буго».

14 Гьеб лъугьана Аллагьас Ибрагьимие рагIи кьун букIараб баркат МасихI ГIисадалъун халкъазе щвезе гIоло ва Аллагьас къотIи гьабун букIараб РухI божи-иманалдалъун нилъее щвезе гIоло.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

15 Гьале, вацал, нужее гӀадамазул гӀумруялдаса мисал. Цо пуланав чияс
хъвараб ва тасдикъ гьабураб васият хвезабизе яги хисизабизе лъилниги
ихтияр гьечӀо.

16 Гьединго Аллагьасги рагӀи кьун букӀана «Ибрагьимиеги гьесул
наслуялъул чиясеги». Гьес «наслуйилан» (гӀемерал чагӀийилан) абун
гьечӀо, «наслуялъул чийилан» (цохӀо чийилан) абун буго. Гьеле гьев чи
вуго МасихӀ.

17 Дица гьадин абила: цебего Аллагьас гьабун букӀараб къотӀи
хисизабуларо ва Аллагьас кьураб рагӀиги хисизабуларо гьелдаса
ункъусиялда лъеберго соналъ хадуб рещтӀараб Къануналъ.

18 Щай гурелъул Къануналдасан щвараб ирс – гьеб кколаро Аллагьас
рагӀи кьун букӀиндал щвараб ирслъун. Амма Ибрагьимиде Аллагьас
баркат рещтӀинабуна жинца кьураб рагӀуда рекъон.

19 Гьедин батани, Къанун щайха къваригӀун букӀараб? Такъсир
сабаблъун тӀаде жубан букӀана гьеб. Аллагьас рагӀи кьун букӀарав дов
Ибрагьимил наслуялъул чи вачӀинегӀан хӀалтӀизабизе рещтӀана гьеб.
Малаикзабазда кодоса щвана гьеб, гьоркьохъанлъун инсанги вукӀана.

20 Гьоркьохъан вукӀуна кӀиго ясда гьоркьов, амма Аллагь цохӀо вуго!

21 Щибха гьаниб кколеб бугеб – Аллагьас кьураб рагӀиялде
дандечӀунищха Къанун бугеб? Гьайгьай, гьечӀо! Камилаб гӀумру кьезе
кӀолеб Къанун щун букӀарабани, гьебмехалда хӀакъикъаталдаги
Къануналдалъун ритӀухълъилаан Аллагьасда цере.

22 ТӀухьдуз бицунеб буго тӀолабго гӀалам мунагьалъулъ къан бугин, –
ГӀиса МасихӀида божарасе кьелилан рагӀи кьун букӀарабги иман
лъуравщинав чиясе щвезе гӀоло.

23 Божи-иман рещтӀинегӀан ниж жанир тӀамун рукӀана, Къануналъ
хъаравуллъиги чӀезабун. Гьедин хутӀана божи-иман загьирлъизегӀан.

24 Цинги, МасихӀ вачӀинегӀан, Къануналъ къайимлъи гьабуна нижее, –
Аллагьасда цере божи-иманалдалъун ритӀухълъизе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

25 Божи-иман рещтIун хадуса ниж хутIичIо къайимлъи гъабулесул ихтияралда гъоркь.

26 МасихI ГIисаде бугеб божи-иманалдалъун Аллагьасул лъималлъун лъугьана нуж киналгоги.

27 МасихIидалъун лъадалъ ччун рахъана нуж, ва МасихI нужее цIияб ретIеллъунги лъугьана.

28 Гьанже тIокIалъ гьечIо я жугьутIал, яги грекал, я лагъзал, яги уздензаби, я бихьинал, яги руччаби – нуж киналго цолъана МасихI ГIисадалъун.

29 МасихIилаллъун лъугьун ругелъул, нуж ккола Ибрагьимил наслуялъул гIадамал ва Аллагьас кьураб рагIиялъул ирсилал.

## Галатиязухъе 4

1 Дица гьадин абила: гьитIинаб лъимер вугеб мехалда ирсилав лагъасда рельлъун вукIуна, жиндирго бечелъиялъул бетIергьан вугониги.

2 Инсуца цIараб болжалалде щвезегIан гьев вукIуна къайимзабазулги рукъалъул иш тIадкъаразулги кверщаликь.

3 Гьедин, лъималлъун ругеб заманалда нилъги рукIана дуниялалъул тIабигIиял къуватазул кверщаликь.

4 Амма, заман цIубараб мехалда, Аллагьас витIун вачIана чIужугIаданалъ
гьавурав жиндирго Вас. Къануналъул кверщаликь гьавуна гьев – 5
Къануналъул кверщаликь ругелал тархъан гьаризе ва нилъ гьесул
лъималлъун лъугьине.

6 Нилъ гьесул лъимал ругелъул, Аллагьас жиндирго Васасул РухI нилъер ракIазулъе рещтIинабуна, ва гьеб РухIалъ ахIулеб буго: «Абба! Я дир Эмен!» – абун.

7 Гьединлъидал тIокIалъ мун лагъ гуро, вас вуго! Вас вугелъул, Аллагьасул бугебщиналъул ирсилавлъунги лъугьун вуго мун.

8 Нужедайин абуни, доб мехалда Аллагь лъалев вукIинчIо, –
гьересиаллагьзабазе лагълъи гьабулел хутIун рукIана нуж.

9 Гьанже, Аллагь нужеда лъараб, битIун абуни, Аллагьасда нуж лъараб
заманалда, щайха нуж дол щибго гьабизе кIоларел ва пайда гьечIел
къуватазде нахъеги тIадруссунел, нахъеги ва нахъеги гьезул лагъзаллъун
лъугьунел?

10 Нужеца хириялльун рикIкIунел руго цо хасал къоял, моцIал,
лъагIалил заманаби ва лъагIелал.

11 Дун хIинкъун вуго нужее гIоло гьабщинаб захIмат баччи гIададацин
гуродай дир ккарабилан.

12 Дица нужеда цIакъ гьарулеб буго, вацал, дида релълъун лъугьаян,
нужеда релълъун дунги лъугьун вугелъулха. Нужеца дун сундалъунниги
къварид гьавичIо.

13 Цебе нужеда Рохалил хабар бицине рес рекъеялъе сабаблъун ккана
дир черх загIиплъун букIин. Нужеда гьеб лъала.

14 Дида бугеб хIалалъухъ балагьун щакдаризе кколел рукIаниги, нужеца
дун инжитго нахъчIвачIо. Нужеца дун къабул гьавуна Бичасул малаик
гIадин ва ГIиса МасихI гIадин.

15 Доб мехалда нужер ракIазулъ букIараб талихI-рохелалъул асар кибе
араб? Дица ракIчIун абила: бахъун берги кьелаан нужеца добмехалда
дие.

16 ХIакъабщинаб нужеда бицун хадуса, гьанже нужер тушманлъунищха
дун ккарав?

17 Гьал цогидал гIадамал рекIелъ квешал къасдалгун хурхун чIун руго
нужеда, нуж дидаса ратIа гьаризе ва нужги гьезда хурхун чIезе.

18 Гьедин (дун нужеда аскIов вугеб мехалъ гуребги) хурхун чIей лъикIаб
иш бугоан, лъикIал къасдалгун бугебани гьеб.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

19 Я дир лъимал, лъимер гъабизе хІара чІварай эбел гІадин лъугъун вуго нуж сабаблъун дун гъанжеги. Гьедин дун хутІила МасихІил сипат нужелъе лъугьинегІан.

20 Дие цІакъ бокьилаан гъанже нужеда цадахъ вукІине, батІияб къагІидаялъ нужгун кІалъазе. Дун нужеда хІинкъун вугелъулха!

21 Ле, нуж Къануналъул кверщаликь хутІизе бокьарал гІадамал! Къануналъ щиб бицунеб бугебали рагІарабищ нужеда?

22 Гьениб хъван буго: Ибрагьимил вукІана кІиго вас – лагъалъ гьавурав цо, узденалъ гьавурав – цогидав.

23 Лагъалъул вас гьавуна цогидалго гІадин, узденалъул вас гьавуна – Аллагьас рагІи кьун букІиндал.

24 Гьелъуль буго магІна гъваридаб гІаламат: гьей кІияйго чІужугІадан ккола Аллагьасул кІиго къотІи.

25 ГІарабустаналда бугеб Синай магІардасан бачІараб къотІиялъул гІаламатлъун ккола Гьажар. Лагълъун йикІаго гьаруна гьелъ лъимал. Гьединлъидал гьей рельлъуна гьанжесеб Иерусалималда, – гьебги гьелъул гІадамалги лагълъиялда руго.

26 Нилъее эбелльун кколеб Зобалазул Иерусалим эркенлъиялда буго.

27 ТІехьалда бугелъулха: «Йо, лъимер гьабуларей чІужугІадан, йохахинлъун йикІа мун. Лъимадул хІара чІван унти лъачІей мун йохун ахІдезе-чІчІичІчІидизе лъугьа. Рос вугелъулалдаса цІикІкІун руго рехун таралъул лъимал».

28 Нужни, вацал, ИсхІакъго гІадин, Аллагьас кьураб рагІиялда рекъон гьарурал лъимал руго.

29 Цогидалго гІадин эбелалъ гьавурав васас къварилъи гьабулеб букІана Аллагьас кьураб рагІиялда рекъон гьавурав васасе доб заманалда. Гьедин буго гьанжеги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

30 ТӀухьдуз щибха абулеб бугеб гьелъул хӀакъалъулъ? «Лагъги гьелъ гьавурав васги нахъе рачахъе, узденалъ гьавурав васасда цадахъ ирс щоларо лагъалъ гьавурав васасе».

31 Гьединлъидал, вацал, нилъ лагъалъул лъимал гуро, узденалъул лъимал руго!

**Галатиязухъе 5**

1 Эркенлъи щвезелъун тархъан гьаруна МасихӀица нилъ. Гьединлъидал гьеб эркенлъиги ккун чӀа, лагълъиялъул рукь нахъеги горбоде ккезе биччаге.

2 Гьале дица, Павелица, абулеб буго нужеда: нужеца гьанже сунат гьабуни, нужее МасихӀидасан щибго пайда букӀине гьечӀо.

3 Цоги нухалъ лъазабулеб буго дица: сунат гьабулевщинав чияс тӀолабго Къанун цӀунизе ккола.

4 Къанун цӀуниялдалъун Аллагьасда цере ритӀухълъизе бокьарал нуж МасихӀидаса ратӀалъана. Баркаталдасаги тӀуна нуж.

5 Нилъер хьул буго Аллагьасда цере ритӀухълъилилан. Божулел ругелъулин нилъ гьелъухъ ралагьун чӀолел.

6 МасихӀидехун цолъаразе амрулъун кколаро сунат гьаби ялъуни гьабичӀого тей. Амма гьезие амру ккола цоцазе рокьиялдалъун загьирлъулеб божи-иман.

7 Нужер чу лъикӀго бекерулеб букӀана, – хӀакъабщиналда божизе лъицаха нужее кcallквал гьабулеб бугеб?

8 Нуж жиндихъего ахӀарав Аллагьасдасан бачӀараб жо гуро нужер пикру хисизабизе гьез бахъулеб хӀаракат.

9 ГьитӀинаб ицица тӀубараб тӀимугъ кванала.

10 Амма дир ракӀчӀола, ТӀадегӀанав ГӀисадехунги цолъун, нужеца батӀияб пикру гьабиларилан. Нуж ита-таризе гьарулев чиясе, щив гьев вукӀаниги, Аллагьас суд гьабила.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

11 Дирго рахъалъ абуни, вацал, дица цебе гIадин малъулеб бугеб батани
сунат гьабизе кколилан, щиб сабаблъунха дие гьанжеги гIакъуба кьолеб
бугеб? Гьеб гьедин букIарабани, МасихI жинда тIад вигъараб хъанчил
хIакъалъулъ дир вагIзаялъ гьезул ццин бахъинабилароан.

12 Дие бокьилаан нуж итизе-таризе гьарулел ругел гьел гIадамал,
жидецаго жидерго лугбиги къотIун, гIайиблъизе!

13 Нуж руго, вацал, эркенго рукIине Аллагьас тIаса рищарал чагIи. Амма
гьеб эркенлъиялдаса нужеца пайда босуге нужерго напсалъул гьаваялда
нахърилълъине. Цоцазде бугеб рокьиги тIезе биччаге, вацал, цоцазул
лагъзаллъунги рукIа!

14 ТIолабго Къануналъул магIна буссун бугелъулха цохIо амруялде:
«Мунго дуего гIадин вокье дуде гIагарав чиги».

15 Нужго нужедаго хIанчIелел ва цоцаца кваналел ругони, цоцаца кванан
лъугIизе гурин нуж.

16 Гьале дица нужеда абулеб: нуж хьваде РухIалъ малъулеб бугеб
куцалда, напсалъул гьаваялда хадур инаро нуж гьебмехалда.

17 Напсалъе бокьула РухIалъе тушманабщинаб, РухIалъеги бокьула
напсалъе тушманабщинаб. РухIги напсги цоцалъ рагъулел ругелъул,
рекIее бокьараб гьабизе бажаруларо нужехъа.

18 РухIалъ малъараб гьабулеб бугони, Къануналъул кверщаликь
рукIунаро нуж.

19 Нилъеда лъала напсалъ гьабулебщинаб: хъахIбалъи, хъублъи,
пасалъи,

20 гьересиаллагьзабазе лагълъи гьаби, сихIручилъи, тушманлъи, дагIба-
къец, ракIквешлъи, ццидахин, чIухIун церекIанцIи, цоцазда гьоркьоб
рикьи ккезаби, рикьалаби гIуцIи,

21 жахIда, гьекъел-мехтел, пасатго лазат-кеп босизе данделъи ва гьезда
релълъаралги. Дица цебеги абун букIана ва гьанжеги лъазабулеб буго

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

нужеда: гъединал ишал гъарулел гIадамазе Аллагьасул ПарччахIлъи
насиблъуларо.

22 РухIалъ инсанасе босун бачIуна: рокьи, рохел, рекъел, сабру,
лъикIлъи, ракIлъикIлъи, божизе бегьи,

23 хIалимлъи, жиндаго квелъ базе бажари. Гьел сабаблъун лъиениги
тамихI гьабуларо.

24 МасихI ГIисаде цолъараз, жидерго мунагьаб напс хъанчида тIад
бигъараб гIадин, чорхол киналго лазаталги гьаваги къезаруна.

25 Нилъее гIумру РухIалъ кьун бугелъул, нилъ хьвадизе ккела РухIалъ
малъухъе.

26 РачIа нилъ рецц-бакъалда хадур лъугьинарин, цоцазул ракIхвезабун
къацандиларин ва нилъеца цоцаздехун жахIдаги гьабиларин.

**Галатиязухъе 6**

1 Я дир вацал, цо чияс кинаб бугониги мунагь гьабун букIин лъани,
РухIалъ малъухъе хьвадулел ругелъул нуж, хIалимго-хIеренго битIараб
нухде ваче нужеца гьев. Вореха, нужгоги къосине гурин.

2 Цоцазул раччи бачче нужеца ва гьедин МасихIил къанунги цIуне.

3 Цо лъиданиги ракIалде кколеб бугеб батани, щивго гурев жоги вукIаго,
жив щивнигийилан, гьес живго гуккулев вуго.

4 Щивав чияс хал гьабизе ккола жиндирго ишазул. Гьел ишал лъикIал
ругони, цогидазул ишазул пикруги гьабичIого, гьездаса разилъизе
бегьила гьев.

5 Щивас жиндирго гьир баччизе кколелъулха!

6 Аллагьасул рагIи тIалаб гьабулев вугев чияс жиндиего щвараб боцIи-
рикъзи бикьун кьезе ккола гьеб малъулев насихIатчиясеги.

7 Къосине чIоге нуж: лъиданиги кIоларо Аллагь гуккизе! Бекьараб
гурони хуриб бижуларо.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Напсалъе бокьулеб бекьарасе напсалъул хуриб хвел бижула; РухIалъе
бокьулеб бекьарасе РухIалъул хуриб абадияб гIумру бижула.

9 ЛъикIлъи гьабулаго нилъ ракI гIодоб чIван рукIинарин. ТIадчIун
хIалтIани, нилъер хуриб хIалухъен жиндир заманалда бижила.

10 Гьанже, рес букIаго, лъикIлъи гьабилин, хасго нилъерго диналъул
агьлуялъе.

11 Балагье дирго кверaлъ гьел рагIаби кигIан чIахIиял хIарпаздалъун
нужехъе хъван ругелали.

12 ГIадамазда жалго лъикI рихьизе бокьулез нуж сунат гьабизе тIамизе
хIаракат бахъулеб буго, МасихIил хъанчидалъун жидее гIазаб-гIакъуба
щунгутIизелъун.

13 Сунат гьабиялъул рахъ кколез жидецагоги тIубазабуларо Къануналъ
абулебщинаб. Гьезие бокьун буго нуж сунат гьабизе тIамизе, балагье
нужги напсалъе мутIигIлъулел ругилан чIухIдаризе гIоло.

14 Диени киданиги сундасаниги чIухIизе бокьиларо, нилъер ТIадегIанав
ГIиса МасихIил хъанчидаса гурони! Гьеб хъанчида тIад бигъун хвана дие
гIаламги гIаламалъе дунги.

15 Сунат гьабиялъулъ яги гьабунгутIиялъулъ гуро иш бугеб, цIияб
вижиялдалъун вижун вукIиналъулъин.

16 Гьеб амруялда рекъон хьвадулелщиназде рекъелги баркатги рещтIаги
ва Аллагьас тIаса бищараб тIолабго халкъалдеги рещтIаги.

17 Гьанжеялдаса нахъе лъицаниги кьоге дие гIакъуба, дир черхалда
ругелъулха ГIисада лъурал ругънал!

18 Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIил баркат лъеги, вацал, нужер
рухIазда. Амин!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

# Эфесиязухъе

## Эфесиязухъе 1

1 ГІиса МасихІил чапарлъун вукІине Аллагьас витІарав Павелил
рахъалдасан салам буго Эфесалда ругел диналъул вацазде – МасихІ
ГІисаде цолъун рацІцІалъаразде ва ритІухълъаразде.

2 Нилъер Эмен – Аллагьасул ва ТІадегІанав ГІиса МасихІил баркатги
саламги лъеги нужеда.

3 Нилъер ТІадегІанав ГІиса МасихІил Эмен – Аллагьасе рецц! МасихІиде
цолъарал нилъеда баркат лъун зобалаздасан лъикІабщинаб
рещтІинабуна гьес нилъеде.

4 Жеги дуниял бижилелдего тІаса рищана Аллагьас нилъ, МасихІиде
цолъун, жиндирго халкълъун лъугьине ва, рокьи рекІелъ цІунун, жинда
цере рацІцІадго ва гІайиб-хатІа кколаредухъ хьвадизе.

5 Аллагьасул къадар букІун буго ГІиса МасихІидалъун нилъ жиндирго
лъималлъун лъугьинаризе. ЛъикІлъи гьабизе бокьидалин Аллагьас
гьедин гьабураб!

6 Аллагьасе рецц – жиндиего вокьулев Васасдалъун гьес нилъеде
баркатги нурги рещтІинабидал!

7 Къурбанлъун лъугьун гІодобе тІураб МасихІил биялдалъун нилъги
гьесде цолъизарун, нилъее тархъанлъи насиб гьабуна ва нилъер
мунагьалги чурана. Аллагьас нилъее кьуна сундулъго гІакъиллъиги
лъайги, кІудияб баркатги гьарзаго рещтІинабуна.

9 Аллагьас нилъее загьир гьабуна МасихІидалъун тІубазабизе кколеб
букІараб жиндирго балъгояб мурад.

10 Зоб-ракьалда бижанщинаб МасихІиде цолъизабиялъул ва киналъулго
бетІерлъун гьев гьавиялъул мурад Аллагьас тІубазабула болжал щвараб
мехалда.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

11 МасихI сабаблъун Аллагьас нилъ тIаса рищана жиндирго халкълъун
рукIине. Жиндиего бокьухъе кинабго гьабулесул къадар букIана 12
гьесул къудраталъе рецц гьабулелллъун ниж лъугьине. ТIоцебе МасихIиде
хьул лъурал гIадамал ниж ругелъулха!

13 Нуж хвасарлъанилан Рохалил хабарлъун бугеб ритIухъаб рагIи
рагIараб мехалъин нуж МасихIиде цолъарал. МасихIиде иман лъедал,
нужедаги Илагьияб РухIалъул мугъру чIвана.

14 Аллагьас жиндирго халкъ тархъан гьабураб ва жиндие цIар-рецц
гIемерлъараб мехалда нилъееги ирс щвезе букIиналъул гIаламатлъун
буго гьеб Илагьияб РухI.

15 Гьединлъидал, ТIадегIанав ГIисаде нужеца иман лъунин рагIаралдаса
ва иман лъуразул агьлуялдего нужер рекIелъ рокьи букIинги лъаралдаса
хадуб,

16 дугIадулъ нужги рехсон, дица кидаго Аллагьасе рецц гьабула.

17 Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIил Эменлъун вугев къудратав
Аллагьас нужеде рещтIинабеги гIакъиллъи щвезабулеб ва балъгоябги
загьирлъулеб РухI. Гьелъ рачина нуж Аллагь лъаялде.

18 Аллагьас нужер рекIедаги канлъи бихьизабеги. Гьебмехалда бичIчIила
сунде хьул лъезе нуж гьес ахIулел ругелали, иман лъуразул агьлуялъе
гьесул илагьияб ирсги кигIан бечедаб бугебали.

19 Бицун хIалкIоларебгIан кIудияб гьесул къуват нилъелъ, жиндир
къудраталдалъун иман лъуразулъ, букIинги бичIчIила.

20 Гьебго къуваталъин Аллагьас ГIиса хваралъуса вахъинавурав ва
зобалазда жиндирго кваранаб рахъалда гIодов чIезавурав.

21 Тахида ругелги, кверщел бугелги, хIакимзабилъун ругелги,
ханзабилъун ругелги рухIаздаса тIадегIанлъизавуна Аллагьас гьев. Гьаб
дуниялалда ругелги, хадусеб дуниялалда рукIине ругелги киналго
цIараздаса тIадегIанаб кьуна гьесие цIарги.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

22 Кинабго гьесул хIатIикь лъуна Аллагьас. Кина-щиналдасаго кIодоги
гьавуна. Иман лъуразул агьлуялъул бетIерлъунги гьавуна.

23 МасихIил Черхлъун ккола гьеб агьлу. Кинабго камиллъизабулес
камиллъизабула гьебги.

## Эфесиязухъе 2

1 Такъсирги мунагьги сабаблъун хварал чагIийин нужги рукIарал.

2 Цебе нужеца гIумру гьабулеб букIана гьаб дуниялалъул гIадатазда ва
зоб-ракьалда гьоркьоб кверщел гьабулев ханасул амруялда рекъон.
Аллагьасе мутIигIлъулареб агьлуялда тIад гьабсагIатги кверщел
гьабулеб буго гьес.

3 Гьединал гурищ нилъ киналго рукIарал! Нилъерго гьаваялдаги квешал
къасдаздаги хадур ун, чорхоеги рекIееги бокьанщинаб гьабулаан
нилъеца. Гьеб тIабигIат сабаблъун, цогидазего гIадин, Аллагьасул ццин
бахъин насиблъун букIана нилъееги.

4 Амма Аллагь цIоб гIатIидав вуго! Нилъедехун бугеб кIудияб
рокьиялдалъунин 5 мунагь сабаблъун хун рукIарал нилъ МасихIида
цадахъ гьес чIаголъизарурал. Аллагьас баркат лъун хвасарлъана нилъ.

6 ГIиса МасихIидалъун нилъеде гьарзаго рещтIараб баркаталъул
кIодолъиги цIобалъул гIатIилъиги хадусел гIасрабазда загьир гьабизе
нилъ МасихI ГIисада цадахъ рахъинаруна ва зобалазда гьесда аскIор
гIодор чIезаруна.

8 Аллагьасул баркаталдалъун иман лъеялъ хвасар гьаруна нуж.
Нужедалъун гуро гьеб лъугьараб, Аллагьасул цIобалдалъунин.

9 Нужер ишазухъ щвараб шапакъат гурин гьеб, – гьелдаса чIухIуге
щивниги.

10 Аллагьасин нилъ, МасихI ГIисадеги цолъизарун, гьанже ругеллъун
лъугьинарурал, – цереккунго нилъее рихьизарун рукIарал лъикIал ишал
тIуразаризелъун.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 ХIасил, нужеда кIочон тоге нуж жугьутIаллъун рижун рукIинчIолъиги, чорхол лага къотIун сунат гьабуралилан абулез нужеда «сунат гьабичIелилан» цIар лъун букIараблъиги.

12 Доб мехалда нуж МасихIидаса рикIкIад рукIана. Исраилил халкъалъеги чияраллъун рукIана нуж. Гьеб халкъалъе Аллагьас гьарун рукIарал къотIабиги кьун букIараб рагIиги нужеда хъатIулароан. Гьаб дуниялалда нуж рукIана хьул лъезе бакIги гьечIел Аллагьги гьечIел гIадамал.

13 Цере Аллагьасдаса рикIкIад рукIарал нуж, гьанже МасихIиде цолъун, гIагарлъана, – нужедасан къурбанлъун хварав МасихIил би сабаблъун.

14 Гьес нилъ рекъезаруна, жугьутIалги жугьутIал гурелги цого халкълъун лъугьинабуна, нилъеда гьоркьоб букIараб тушманлъиялъул къедги биххизабуна.

15 КIиго халкъги ракълидалъун жиндилъго цолъизабун, цо цIияб халкъ лъугьинабизелъун Къануналъул рихьизариялги къагIидабиги риххизаруна гьес, – жиндирго черхги къурбанлъун гьабун.

16 Хъанчида ван хвеялдалъун цого чорхолъ кIиго халкъ Аллагьгун рекъезабуна гьес, хъанчида тIадго чIвана гьезул тушманлъиги.

17 ВачIун гьес ракълил рохел бицана Аллагьасдаса рикIкIалъун рукIарал нужедаги ва гьесде гIагарлъун рукIараздаги.

18 Гьединлъидал гьесдалъун цого РухIалъул цIурал нилъее (жугьутIазеги цогидал халкъазеги) рес щвана Инсухъе ине.

19 ХIасил, гьанже нуж чиярал гуро, апарагзабиги гуро. Иман лъуразул агьлуялда гъорлъ ихтияр бащадал гIадамал руго нужги ва Аллагьас жиндираллъунги гьарун руго.

20 Чапарзабазги аварагзабазги тIамураб кьучIалда тIад бараб миналъун руго нуж. КьочIол гамачIлъунги МасихI ГIиса вуго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 Гьелда тІад чІурканго балеб буго тІолабго мина. Гьелъул лъугьунеб
буго Аллагьасул мукъадасаб рукъ.

22 Аллагьасул РухI рещтIараб рукълъун рукIине, МасихIгун цолъун,
нужги лъугьун руго гьеб миналъун.

**Эфесиязухъе 3**

1 Гьединлъидалин нужее – цогидал халкъазул гIадамазе – гIоло дун,
Павел, лъугьун вугев ГIиса МасихIил туснахъавлъун.

2 Гьайгьай, нужеда рагIун батила нуж гIуцIа-къазе кигIан кIудияб
тIадкъай жиндирго цIобалдалъун Аллагьас дие кьурабали.

3 Гьес дие загьирлъизабуна жиндирго балъголъи. Гьелъул хIакъалъулъ
цебеги дица нужехъе къокъго хъван букIана.

4 Гьединлъидал гьаб кагъат цIалидал лъала нужеда МасихIил балъголъи
кин дида бичIчIулеб бугебали.

5 Цересел наслабазе загьирлъун букIинчIеб гьеб балъголъи гьанже
РухIалъ рагьана Аллагьасул мукъадасал чапарзабазеги аварагзабазеги.

6 Гьеб балъголъи буго цогидал халкъазул гIадамазе, жугьутIазего гIадин,
Аллагьасдасан ирс щвеялъулъ: гьелги жугьутIалги цого чорхол
лугбилъун лъугьана ва Аллагьас жугьутIазе кьун букIараб рагIи гьанже
МасихI ГIисадалъун Рохалил хабаралъе гIахьалаблъунги лъугьана.

7 Аллагьасул къудраталдалъун дие баркат щун, дун лъугьана гьеб
Рохалил хабар тIибитIизабизе.

8 Иман лъуразул тIолабго агьлуялда гьоркьоса бищунго пакъирав дида
баркат лъуна инсанасул гIакълу-лъай хадуб гIунтIулареб МасихIил
хазинаялъул хIакъалъулъ Рохалил хабар цогидал халкъазул
гIадамаздаги бицине

9 ва кинабго бижарав Аллагьасул балъгояб абадияб хIукму тIубараблъи
киназего загьирги гьабизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 Тахида ругелги кверщел бугелги зобалазул рухIазда гьанже иман
лъуразул агьлуялдалъун лъала батIи-батIияб куцалда загьирлъараб
Аллагьасул гIакъиллъи.

11 Жиндирго абадияб хIукму Аллагьас тIубазабуна нилъер ТIадегIанав
МасихI ГIисадалъун.

12 Гьевгун цолъун ва гьесде иманги лъун, хIинкъичIого ва ракIчIун
хьвадулел руго нилъ Аллагьасда цере.

13 Гьединлъидал дица нужеда гьарулеб буго, нуж сабаблъун дие гIазаб
кьолеб бугилан ракI гIодоб чIван рукIунгейилан. Гьеб гIазаб
сабаблъунин нуж бергьунел ругел.

14 ХIасил, Инсуда цеве накабазда чIун вуго дун.

15 Зоб-ракьалда ругелщиназе чIаголъи гьесул цIаралдасан бачIараб буго.

16 Дица гьесда гьарулеб буго жиндирго машгьураб хазинаялдасан нужее
РухIалдалъун къуват кьейилан, нужер ракI къвакIизабейилан,

17 иман лъеялдалъун МасихI нужер рекIелъе лъугьинавейилан. Рокьи
нужер кьибилллъунги кьучIлъунги лъугьаги.

18 Гьебмехалда, нужер гьунар гIела, киналго иман лъуразда гIадин,
нужеда МасихIил рокьи лъазе – гьелъул гIеблъиги, халалъиги,
борхалъиги, гъварилъиги лъазе.

19 Лъазего кIолареб бугониги, лъаги нужеда гьеб, – Аллагьасул
камиллъи нужелъеги лъугьине.

20 Жинда гьаризе нилъеда кIолелдасаги, хIатта нилъеда ракIалде
кколелдасаги гIемерго цIикIкIарабаб гьабизе нилъее къуват кьолев
Аллагьасе рецц!

21 ГIиса МасихIил ва гьесде иман лъуразул агьлуялъул абадияб-даимаб
рецц буго Аллагьасе!

**Эфесиязухъе 4**

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

1 ТIадегIанав сабаблъун жанив тIамурав дица нужеда гьарулеб буго Аллагьас нуж тIаса рищун рукIиналъе мустахIикъаб куцалда хьвадейилан.

2 ЧIухIи-пахрулъи чIвараллъун, гIодоре риччараллъун рукIа. Цояз цоял хIехьон, цоцазе рокьун, сабруялда хьваде.

3 Ракълил рахсица цоцаздехун рухьун, хIаракат бахъе РухIалъ кьураб цолъи нужелъго цIунизе.

4 ЦохIого Черхги, цохIого РухIги, Аллагьас нуж тIаса рищун ругелъул, цохIого хьулги,

5 цохIого ТIадегIанавги, цохIого божи-иманги, цохIого мунагьал чуриги,

6 киназулго Эмен – цохIого Аллагьги. Нилъ киназдасаго тIадегIанав вуго гьев, нилъер киналго ишазулъги вуго, нилъ киназулъгоги вуго.

7 Амма нилъее киназегоги щивасеги щун буго батIи-батIияб гьунар – МасихIица кьураб сайигъаталъул хасаб бутIа.

8 Гьединлъидал ТIухьдузда хъван буго: «Гьев тIадегIан вахана, гьес гIемерал асирал рачун рачIана, гIадамазе сайигъатал рикьана».

9 ТIадегIан вахарав ватани, гьелдаса цеве гьев ракьалъул бищунго гъваридалъуве лъугьун вукIун вуго.

10 Ракьалъул гъварилъуде лъугьун вукIаравав гурищ бищунго рорхатал зобалазде вахунев? Гьес гурищ гьаб дуниялалда кинабго камиллъизабизе бугеб?

11 Гьесин лъугьинарурал чапарзабилъун цоял, аварагзабилъун цоял, Рохалил хабар бицунелльун цоял, церехъабилъун яги насихIатчагIилъун цоял, –

12 Аллагьасе хъулухъ гьабизе ва МасихIил Черхлъун кколеб иман лъуразул агьлу мина гIадин щулалъизабизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

Institute for Bible Translation

13 Божи-иманалъулъ ва Аллагьасул вас якъинго лъаялъулъ ахирги цогояллъун лъугьина нилъ. ТIубанго балугъал гIадамаллъун лъугьина нилъ гьебмехалъ, МасихIил камиллъиги насиблъила нилъее.

14 Карачалаби гьелчезарулеб гьороца кинигин, диналъул батIи-батIияб чвахиялъ росун унел лъимал гIадинал гIадамаллъун рукIине бегьуларо гьанже нилъ. Гьел бигьаго гуккула хIилла-макруялъе махщел бугел гьерсихъабаз.

15 РекIелъ рокьигун битIараб бицани, нилъ кIудиял гIела, сундулъго МасихIиде гIагарлъила. Гьев вуго бетIер!

16 БетIералъин чорхол киналго лугби цолъизарулел. ЩукIдуз цоцаздехун щула гьарула гьел. Щибаб лагаялъулги букIуна жиндирго иш. Рокьиялъ гIуцIула ва кIудияб гIезабула черх.

17 Гьале дица нужеда абулеб ва ТIадегIанасул цIар рехсон лъазабулеб буго мекъаб-тIекъаб гурони гIакълу гьечIел мажусиял гIадин нуж хьвадугейилан!

18 Гьезул пикру-бичIчIи бецIлъун буго. Жидерго жагьиллъиги ракIбицалъиги сабаблъун, гьел рикIкIалъун руго Аллагьасде руссараб гIумруялдаса.

19 Сунцаго рекIее асар гьабулареллъун лъугьун, хIарамабщиналъ гIорцIулел гьечIо гьел, напс ккун чIезабулеб чIолохъжоги гьез бахъун рехун буго.

20 Амма гьедин хьвадизе гуро нужеда МасихIил хIакъалъулъ бицун букIараб.

21 ХIакълъунго нужеда гьев лъан вуго. Нужеда бициндалха гьесулъ кинабго хIакъабщинаб бугилан!

22 Мунагьаб напс гуккулел къасдаз пасалъизаврав цевегосев инсанасул гIадинаб гIамал гIодобе рехе нужеца.

23 Нужерго рухIги гIакълуги цIилъизабе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

24 Аллагьасул суратлъун вугев, хIакълъунго ритIухъав, вацIцIадав
цIидасан вижарав Инсанлъун лъугьине хIаракат бахъе.

25 Гьединлъидал, гьересиги рехун тун, щивас жиндаго аскIов вугесда
битIараб бице. Цо Чорхол лугбилъидалха нилъ!

26 Ццин гьалаглъараб мехалдагицин гьабуге нужеца мунагь. Нужер ццин
бахъун букIаго бакъ тIерхьунгеги!

27 Илбисалъе нуцIа къируге!

28 ЦIогьодулев вукIарав цIогьодуге, жиндирго кверал квалквадун
магIишат гьабизе лъугьа, язихъасеги кьезе рес букIине.

29 НасихIат гъорлъ бугеб ва гIенеккаразе сундулъго пайдаяб гурони,
цониги квешаб рагIи бачIунгеги нужер мацIалде.

30 Аллагьасдасан бачIараб Илагьияб РухI пашманлъизабуге, тIубанго
тархъанлъараб къоялъе гьелъул мугьрулъидал нужеда чIван бугеб.

31 Нужеца рехун те хIалуцин, ццидахин, гьалаглъи, ахIи-хIур, хьандей ва
цогидалги квешал хасиятал.

32 Цоцазда гьоркьор лъикI рукIа, хIеренго рукIа, цоцада тIасаги лъугьа,
МасихIие гIоло Аллагь нужеда тIасалъугьарав гIадин.

**Эфесиязухъе 5**

1 Аллагьасда рельлъине хIаракат бахъе, гьесие рокьулел лъималлъидал
нуж.

2 Нилъее гIоло къурбанлъун лъугьарав МасихIие нуж рокьарал гIадин,
цоцазе рокьун хьваде нужги. Аллагьасе кьураб махIгьуинаб ва лъикIаб
къурбанлъунин гьев лъугьарав.

3 ХъахIбалъи, пасалъи ва чияр боцIуде хьантIи гIадинал жалазул цIар
рехсезецин бегьуларо нужеца. Иман лъуразул агьлуялда гьеб рекъараб
гьечIо.

4 Хъубаб, гIантаб ва гIадан гIад-хочI гьавулеб хабар бицинеги рекъараб
гьечIо. Гьелде руссун рукIинчIого, Аллагьасе рецц гьабе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 ХъахIбалъи, ракI хъублъи ва хъантIи ккола гьересиаллагьзабазе
лагълъи гьабилъун. Гьединаб гIамал бугев цониги чиясе МасихIилги
Аллагьасулги ПарччахIлъиялъул бутIа щолареблъи лъай нужеда.

6 Гьерсица гуккизе чIоге. МутIигIлъуларезде Аллагьасул ццин
рещтIинабула гьелъ.

7 Гьезулгун гьоркьоблъи гьабуге нужеца.

8 Цере нуж бецIлъукь рукIана, гьанже ТIадегIанасде цолъун ругелъул,
нурлъун лъугьана. Нуралъ гвангъизарурал гIадамал гIадин хьваде.

9 Нуралъ бижизабураб буго лъикIаб гIамал-хасиятги, ритIухълъиги ва
хIакъабщинабги.

10 ТIадегIанасул рекIее щиб къабуллъулебали лъазе хIаракат бахъе.

11 БецIлъиялъул пайда гьечIел ишазулъ гIахьаллъуге. Гьел къватIир
чIвазаризейин нужеца кколел.

12 БецIлъуда балъгого гьарулел ишазул хIакъалъулъ бицинегицин
намуслъула.

13 Канлъи речIчIидал бихьула кинабго къватIиб чIвазабурабщинаб.
Канлъухъе бихьулебщинабги нурлъун лъугьуна.

14 Гьединлъидалин абулеб: «Кьижарав, ворчIа! Хваралъуса вахъа –
нуралъ гвангъизавила мун МасихIица!»

15 Нужерго гIамал-хасияталда хадуб халккве. ГIабдалзабазда рельлъун
хьвадичIого, гIакъилазда рельлъун хьваде.

16 Заманаялдаса пайда босизе хIаракат бахъе, гьалагал къоял ругин гьал.

17 Жагьилаллъун рукIунге, ТIадегIанасул амру бичIчIизе тIалаб гьабе.

18 Чогъроца мехтизе рукIунге, пасалъиялде рачуна гьелъ. Илагьияб
РухIалъ цIезаре нужго.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

19 Забуралдасан, туркабаздасан ва диниял кучӀдуздасан калимабаздалъун гаргаде цоцаздехун. РакӀ-ракӀалъго ахӀе нужеца ТӀадегӀанав веццарал кучӀдул.

20 Нилъер ТӀадегӀанав ГӀиса МасихӀил цӀарги рехсон, кидаго ва сундухъго Эмен – Аллагьасе шукру гьабе.

21 МасихӀил хӀурмат гьабун цоцазе мутӀигӀлъе.

22 ТӀадегӀанасего гӀадин, россабазеги мутӀигӀлъе лъудби.

23 Жиндирго черхлъун кколеб иман лъуразул агьлу хвасар гьабуравлъунги гьелъул бетӀерлъунги МасихӀ вугев гӀадин, росасги бетӀерлъи гьабула лъадуе.

24 Иман лъуразул агьлу МасихӀие мутӀигӀлъулеб гӀадин, лъадиги сундулъго росасе мутӀигӀлъе.

25 Лъадалъ ччун рахъунги ва рагӀудалъунги гьел рацӀцӀад гьаризе жинца рухӀ кьурал иман лъуразул агьлу МасихӀие бокьулеб гӀадин, росабазе лъудбиги рокьа.

27 МасихӀие бокьун буго гьеб иман лъуразул агьлу жинда цебе гьайбатго бихьизе, – тӀанкӀ гьечӀого, рукӀкӀел гьечӀого ва цогидаб сакъатги гьечӀого. БацӀцӀададбги гӀайиб-хатӀа гьечӀебги букӀине бокьун буго.

28 Гьединлъидал россабазе жидерго лъудбиги рокьизе ккола, жидерго черх гӀадин. Лъади йокьулесе живгоги вокьула.

29 Жиндирго черх рихарав инсан цониги вижичӀо. Гьес кваназе жо чӀезабула, чорхол тӀалаб-агъаз гьабула, иман лъуразул агьлуялъул МасихӀица тӀалаб-агъаз гьабулеб гӀадин.

30 Нилъги гьесул Черхалъул лугбилъун ругелъулха!

31 ТӀухьдузда хъван буго: «Гьединлъидал эбел-эменги рехун тун, бихьинчи чӀела жиндирго чӀужуялде вуссун, ва гьел кӀиялго цолъун, цого лъугьина».

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

32 Гьел рагӀабазулъ кӀудияб балъголъи буго, амма дида бичӀчӀулеб буго
МасихӀилги иман лъуразул агьлуялъулги хӀакъалъулъ бугин гьеб
калима.

33 Нужеда гьоркьоса щивав чиясеги лъади, живго гӀадин, йокьизе ккела.
Лъадуцаги росасул хӀурмат гьабизе ккела.

**Эфесиязухъе 6**

1 Лъималги, ТӀадегӀанасде цолъун, эбел-инсуе мутӀигӀлъун лъикӀ.

2 Аллагьасул амруязда гьоркьор руго тӀуразаруни шапакъат щолилан
рагӀи кьурал амруял. Гьезул тӀоцебесеб амру ккола: «Дурго эбел-инсул
адаб-хъатир гьабе.

3 Цинги мун лъикӀ вукӀина ва дур гӀумруги халалъила».

4 Умумузги лъимал къварид гьаруге. ТӀадегӀанасул амруялда рекъон
гӀезаре, гьезие тарбия кье ва лъикӀабщинаб малъе.

5 Лагъзалги хӀинкъа-къан мутӀигӀлъе жидерго бетӀергьабазе. МасихӀие
гьабулеб гӀадин, ракӀ-ракӀалъго хъулухъ гьабе гьезие.

6 ХӀелхӀелчагӀаз гӀадин, рихьдаего гьабуге хъулухъ, Аллагьасул амру
тӀубазабулел МасихӀил лагъзадерица гӀадин, ракӀ-ракӀалъго гьабе.

7 ГӀадамазе гуреб, ТӀадегӀанасе хъулухъ гьабулеб бугеб гӀадин, гьираялда
гьабе.

8 Лагъ вукӀа, узден вукӀа, лъикӀлъи гьабулев чиясе ТӀадегӀанасдасан
шапакъат щолеблъи кӀочон тоге.

9 Нужги, лагъзадерил бетӀергьаби, гьединго лъикӀ рукӀа нужерго
лагъзадеридехун. Гьел хӀинкъизаруге. Нужерги гьезулги зобалазда цохӀо
БетӀергьан вукӀин кӀочон тоге. Щивниги ватӀа гьавуларо гьес.

10 Кагътил ахиралдаги – ТӀадегӀанасде цолъун, гьесул къуват-
гучалдалъун нужго къвакӀизаре.

11 Аллагьасул къолден ретӀе, илбисалъул макруялдаса къунгутӀизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 ГIадамазда данде гурел, – тахида ругелги кверщел бугелги рухIазда дандейин нилъ рагъулел ругел. Зобалазда ругел хъубал жундуздаги гьаб бецIаб дуниялалъул кверщел кодоб бугездаги дандейин рагъулел ругел.

13 Гьедин бугелъул – Аллагьасул нухда рагъ гьабизе къваригIунебщинаб ретIе, чIегIераб къо чIедал гьезда дандечIезеги щибго хIехьезеги нужер къуват-гуч гIезе.

14 ХIакъабщиналъул рачелги борчун, ритIухълъиялъул къолденги ретIун, къвакIун чIа нуж!

15 Ракълил хIакъалъулъ рохалил хабар бицине къватIире рахъине нужерго хьиталги къачIай.

16 Цинги – божи-иманалъул хъалхъан хъатикь щулаго кквe! Гьелъ свинарила илбисалъ нужеда речIчIулел киналго цIа рекIарал чIорал.

17 Тархъанлъиялъул такъияги лъе, РухIалъул хвалченги хъатикь кквe. Гьеб ккола Аллагьасул рагIи.

18 Илагьияб РухIалъ цIезарун, киналго дугIаби гIемер гьаре ва кидагоги Аллагьасде гьардолел рукIа. ТIолабго иман лъуразул агьлуги рехсон, тIадчIун ва ракI-ракIалъго дугIабиги гьарун, рорчIуда чIа.

19 Дун рехсонги гьабе дугIа, Рохалил хабаралъул балъголъиялъул хIакъалъулъ хIинкъичIого бицине дица кIал ричIулебщинахъе гьелъие рекъарал рагIаби дие Аллагьасдасан щвагийилан.

20 Рахсаз вухь-вухьун вугониги, Рохалил хабаралъул чапар вуго дун. Дида тIадаб налъиги тIубазабун, хIинкъичIого гьеб бицине дие тавпикъ кьегийилан гьаре.

21 Дун кин вугевали ва щиб гьабулев вугевали нужеда Тихикица бицина. Гьев вуго дие хирияв диналъул вацги ТIадегIанасе хъулухъ гьабулев ритIухъав чиги.

22 Нижер ишазул бицине ва нужер ракIбатизабизе гIолойин дица гьав витIулев вугев.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 Эмен – Аллагьасдасан ва ТIадегIанав ГIиса МасихIидасан рещтIараб
рекъелги, рокьиги, божи-иманги хутIаги, вацал, нужелъ!

24 Аллагьасул баркат насиблъаги нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIиде
абадияб рокьи рекIелъ бугезе!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# Филиппиязухъе

## Филиппиязухъе 1

1 Филиппиялда ругел киналго МасихI ГIисаде цолъун иман лъуразде,
нужер агълуялъул бутIрузде ва церехъабазде салам буго МасихI ГIисае
хъулухъалъе чIарал Павелилги Тимофейилги.

2 Нилъер Эмен – Аллагьасулги ТIадегIанав ГIиса МасихIилги баркатги
саламги лъеги нужеда.

3 Нуж ракIалде щванщинахъе дица рецц гьабула дир хирияв Аллагьасе.

4 Нужеда киназдаго гурхIагиян Аллагьасда гьарулебщинахъе дир
рекIелъе рохел лъугьуна,

5 дун тIоцеве нужехъе вачIараб къоялдаса жакъалъизегIан Рохалил
хабаралъе гIоло гьабулеб хIаракатчилъиялъулъ нужги гIахьаллъидал.

6 Дир ракIчIола, нужелъе лъикIлъи лъугьинабизе байбихьарав Аллагьас
гьеб рагIа-ракьанде щвезабилин МасихI ГIиса вачIараб къоялде абун.

7 Нужер хIакъалъулъ гьединаб пикру букIинарищ дир, кидаго дир
рекIелъ нужеде рокьи бугелъул. Нужедаги дидаги Аллагьасул баркат
лъуна дун туснахъалъув вугеб мехалъги, Рохалил хабар тIибитIизабизе
къеркьон, гьеб битIараб букIин чIезабулеб мехалъги.

8 Аллагьасда лъала ГIиса МасихIил гIадинаб урхъиялдалъун дун нужехъ
киназухъго чIалгIун вугеб куц.

9 Дица Аллагьасда гьарула, бищунго лъикIаб тIаса бищизе нужеда лъазе,
МасихI вачIараб къоялде нуж, хъубаб тIанкI лъечIого, нухдаса таричIого
хутIизе нужер рекIелъ рокьи цIикIкIагийилан, гIакълуги цIубайгийилан,
цIодорлъиги камиллъагийилан.

11 Нужер рацIцIалъиялъул гъотIода пихъ гьарзаго бижила гьебмехалъ.
Гьедин ГIиса МасихIидалъун Аллагьасул кIодолъи загьирлъила ва
гIадамаз гьесие рецц гьабила.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

12 Балагьея, вацал, дир гьаб ахIвал-хIалалъ дагьабги цIикIкIун квербакъи
гьабуна Рохалил хабар тIибитIиялъе,

13 кIалгIаялъур ругел киналго рагъухъабаздаги ва цогидал хутIараздаги
бичIчIана дида рахсал МасихI сабаблъун ран ругеблъи.

14 Дун жанив тIами сабаблъун ккун, гIемерисел иман лъуразул тавакал
цIикIкIинабуна БетIергьанас, гьединлъидал гьезги расги хIинкъичIого
халкъалъухъе щвезабулеб буго Аллагьасул рагIи.

15 Гьедин бугониги, цо-цояз МасихIил хIакъалъулъ бицунеб буго жидерго
жахIдаялъги хIалхъублъиялъги тIамун, цогидаз абуни, бицунеб буго
лъикIлъи бокьун.

16 Гьеле гьез Рохалил хабар тIибитIизабулеб буго, рокьиялъ гьесизарун
ва Рохалил хабар цIунизе тIамурав чи дун вукIинги лъан.

17 Дозин абуни гьеб гьабулеб буго квешал къасдазги диде бугеб
жахIдаялъги гьесизарун – гьезда ракIалде кколеб буго туснахъалъуб дие
бугеб квешлъи гьелдалъун дагьабги цIикIкIинилан.

18 Биччанте! Рихьдае букIаниги, ракI-ракIалъ букIаниги батIалъи щиб,
гьединги гьадинги ГIисал хIакъалъулъ хабар тIибитIулеб бугелъул. Дун
гьелдаса вохун вуго ва вохизеги вуго.

19 Нужер гьари-дугIаялдалъунги ГIиса МасихIил РухIалъул
квербакъиялдалъунги дун хвасарлъизе вукIин лъала дида.

20 Къезе цIакъ бокьун гьечIо дие, къеларилан хьулги буго. Кидаго гIадин,
хасго гьанже сункьаниги хIинкъичIого дица дир тIолабго жан МасихI
кIодо гьавиялъе кьела – дун хваниги, чIаго хутIаниги.

21 Дир гIумру МасихIилъ буго, хвалилъги пайда буго дие!

22 Амма дун дуниялалда хутIани, дир хIаракатчилъиялъул хайирги буго.
Лъаларо гьеб кIиялъулго кинаб дие бокьилебали.

23 Дир ракI кIибикьун буго: гьаниса вахъун, МасихIида аскIове инеги
бокьун буго, гьеб гIемерго лъикI букIинилан ккун.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

24 Амма нужее цIакъ къваригIун вугелъул, дуниялалда хутIизеги кколев
вуго.

25 Нужее къваригIун вукIиналда ракIчIун бугелъул, дида лъала дун
нужеда киназдаго цадахъ хутIилевлъи, нуж тIоритIизеги иманалъ нуж
рохизаризеги.

26 Гьедин дун нужехъе тIадвуссараб мехалъ, нужее цоги гIилла букIина,
ГIиса МасихIидеги цолъун, дун сабаблъун ккун, чIухIизе.

27 Воре, МасихIил Рохалил хабаралъ малъухъе хьваде. Дие рагIизе
бокьилаан, дун гьенив вугониги гьечIониги, Рохалил хабаралда
божиялъе гIоло цо хIал ккун чIун цадахъго къеркьолел ругин нужилан.

28 Тушбабаздехун кидаго бахIарчилъи бихьизабе. Гьеб гьезие буго хвалде
иналъул гIаламат, нужее буго тархъанлъиялъул гIаламат.
Аллагьасдасанлъидал гьеб бачIунеб бугеб!

29 МасихIидалъун нужехъе рещтIун бугелъул, гьесде иман лъей гуребги,
гьеб сабаблъун нужее кьезе бугеб гIазаб-гIакъубаги.

30 Дир гIадинаб къеркьеялъулъ гIахьаллъизе руго нуж. Нужеда гьеб доб
мехалъ дилъ бихьана ва гьанже дилъ бугилан рагIулебги буго.

**Филиппиязухъе 2**

1 МасихIиде цолъиялъ нужелъе къвакIи лъугьинабулеб бугеб батани,
гьесул рокьиялъ нужер ракIбатизабулебги бугони, Илагьияб
РухIалдалъун нуж цолъунги ратани, нужер курмузулъ цоцаздехун
гурхIел-рахIмуги бижун батани,

2 дун гьелдаса цIакъ вохилаан. Гьединлъидал дие бокьилаан нужер цого
къасдги, цого рокьиги, цого рухIги букIине, нужеца цого пикрабиги
гьаризе.

3 Дун лъикIав-тIокIавилан цояв, дун жеги лъикIавилан цогидав
лъугьунге. Нужго гIодорегIан гьарун, цогидал нужедаса лъикIаллъун
рикIкIе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

4 ЦохIо дурго мунагьаб напсалъе гIоло квалквадичIого, цогидазе гIологи квалкваде.

5 МасихI ГIисалъ букIараб гIадинаб пикру букIа абе нужелъги.

6 Аллагьлъи жиндилъ бугониги, Аллагьасда ващалъизе хIаракат бахъичIо гьес.

7 Живго гьитIинлъизавуна, – лагъасул даражаялда чIана. Инсанасда релълъун вижарав ва инсанасул сурат жиндилъ лъугьарав

8 гьес живго гIодовегIанлъизавуна хвалиде гIунтIунгицин. Хъанчида вараб хвел босизеги мутIигIлъана гьев.

9 Гьединлъидал Аллагьас гьев тIадегIанлъизавуна, цогидазулалдаса тIадегIанаб кьуна гьесие цIарги.

10 ГIисал цIаралда цебе наку чIван сужда гьабила зодор ругезги, ракьалда ругезги ва гъоркьадуниялалда ругезги.

11 ГIиса МасихI ТIадегIанав вукIин чIезабун, щибаб мацIалда кIалъалез рецц гьабила нилъер Эмен – Аллагьасе.

12 Гьале, дир хириял, дун гьенив вугеб мехалъ нуж дие мукIурал рукIиндал, дун гьениса индалги дагьабги цIикIкIараб мукIурлъигун ва Аллагьасукьа хIинкъун хIалтIе нужго хвасарлъиялъе гIоло.

13 Жиндаго лъикI бихьухъе рижизарула Аллагьас нужелъ нужер къасдалги ишалги.

14 Гьаб мекъаб-тIекъаб наслуялда гьоркьоб нужеца абадияб гIумруялъул хIакъалъулъ хабар тIибитIизабулеб бугеб мехалда, зигардичIого ва дагIбадичIого тIуразаре нужер киналго ишал, бецIаб сардилъ цIваби гIадин, нужго кенчIезе, мунагь-хIакъ гьечIеллъунги, гIайиб-хатIа гьечIеллъунги, Аллагьасул рацIцIадал лъималлъунги нужго лъугьине.

16 Гьедин гьабуни, МасихI вачIараб къоялъ дун нужедаса чIухIила, векерун чIалде щвезе бахъараб дир хIаракат ва захIмат гIадада ккечIилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

17 Хирияб бакIалда лъураб хъабиниса чагъир гIадин, дир би нужер божи-
иман сабаблъун гIодобе тIолеб бугониги, дун вохун вуго, нуж киназдаго
цадахъ вохун вуго дун.

18 Нужги роха, дида цадахъ роха нужги!

19 Дир хьул буго ТIадегIанав ГIисал цIобалдалъун кватIичIого нужехъе
Тимофей витIизе, нужер рахъалъ гьесдасан цIияб хабарги лъан, дирги
ракI тирхизе.

20 ГьевгIан диргун хIал бащадав чи цониги гьечIо. РакI-ракIалъго нужер
киналго ишазе кумекалъе хIадурав чиги вуго гьев.

21 Цогидазин абуни, МасихI ГIисаесеб гуреб, жидеегосеб балагьула.

22 Нужеда лъала гьев кьучIав чи вугевлъи ва Рохалил хабаралъе гIоло
гьев дида цадахъ, инсуда цадахъ вас гIадин, хIалтIаравлъиги.

23 Гьединлъидал, дир иш кин ккелебали лъарабго, гьев нужехъе витIизе
хьул буго дир.

24 ТIадегIанас дир ракIчIезабулеб буго кватIичIого нужехъе вачIине
диеги рес ккелилан.

25 Цинги хIукму ккана гьанив дида цадахъ хIалтIарав ва къеркьарав
диналъул вац, дие хIажалъулеб хъулухъалъе нужеца витIун вачIун
вукIарав Эпафродит тIадвуссун нужехъе витIизе.

26 Кутакалда нужеде ракI щун вуго гьев, жив унтун вукIин нужеда лъан
бугилан цIакъ къваридгоги вуго.

27 ХIакъикъаталдаги хвалде ккун унтун вукIана Эпафродит, амма Аллагь
гьесда гурхIана, гьесда гуревги, дидаги гурхIана, – къварилъиялда
тIадеги къварилъи биччачIо Аллагьас диде.

28 Гьединлъидалин гьев тIадвуссун витIизе хIукму гьабизе дун
гIедегIарав: нахъеги гьев вихьун нужер рекIелъ рохелги цIикIкIина, дир
рекIел къварилъиги чучила.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

29 БетIергьанас витIарав чи гIадин рохун къабул гьаве нужеца гьев.
Гьединал гIадамазул хIурматги гьабе,

30 щайгурелъул МасихIил ишалъе гIоло рухI кьезе хIадурго хвалде
гIагарлъун вукIана гьев, дие хъулухъ гьабизе гьечIеб нужер рес бецIизе
бокьун.

**Филиппиязухъе 3**

1 Гьанже, вацал, ТIадегIанасде цолъун, рекIелъ рохел цIикIкIаги нужер.
Цого жо гIемер бицине диени захIмалъиларо, амма нужер рекIелъ гьеб
дагьабги щулалъизе бокьун буго.

2 Воре, гьел гьабзаздаса цIуне нужго, квешлъи гьабулездасаги цIуне,
инсанасул лага къотIун рехулездасаги цIуне!

3 Нилъецайин унго-унгояб сунат цIунулеб бугеб, – Илагьияб
РухIалдалъун Аллагьасе гIибадат гьабулеб бугелъул нилъеца, МасихI
ГIисадалъун нилъ чIухIунги ругелъул ва тIасан бихьулелъул хIакъалъулъ
гIадатазде мугъ чIвалебги гьечIелъул.

4 Гьел гIадатазде мугъ чIвазе лъиданиги ракIалде ккун батани,
цогидазеялдасаги цIикIкIун гьелъие ихтияр бугеб дир!

5 Микьабилеб къоялъ сунатги гьабураб дие, Исраилил халкъалъулги
вугев дун, Буняминил наслуялъулги вугев, жугьутIаздаса жугьутIавги
вугев. Къанунazул рахъ босани, фарисеязул мазгьабалъулги вукIарав
дун,

6 иман лъуразул агьлуялъе гIазаб-гIакъуба кьезе цIакъго хIаракатги
бахъулеб букIараб дица. Къанунал тIуразарурав чи Аллагьас
ритIухъавлъун рикIкIунев вукIаравани, гьеб рахъальги дун камиллъун
вукIана.

7 Амма дие тIокIлъи-хайирлъун букIарабщинаб зарал-зиянлъун
рикIкIуна дица гьанже, МасихIиде иман лъун хадуб.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Гьебали щиб гурин, хIатта кина-щинабгоцин зарал-зиянлъун рикIкIуна дица, дир ТIадегIанав МасихI ГIиса дидаго вичIчIун лъаялъул тIокIлъи-хайиралда данде ккуни. МасихI диего хайирлъизе ва гьесуллъун лъугьине бокьун, кинабго рехун тана дица, – рищни-къуллъун рикIкIуна дица гьеб кинабго.

9 Къануналда нахъвилълъун дие щвезе букIаралдалъун гуреб, гьесде иман лъеялдалъун рикIкIана Аллагьас дун жиндие ритIухъав чилъун. Инсанасул божи-иманалъухъ балагьун гьабула Аллагьас гьедин.

10 Дир цохIо мурад буго: МасихIги гьев хваралъуса вахъинавурав Аллагьги лъазе, МасихIил гIазаб-гIакъубаги диего гIахьал гьабизе, хвалилъги гьесда релълъине!

11 Дирги хьул бугелъулха хваралъуса вахъине!

12 Шапакъатги щун бугин ва тIубанго вацIцIалъунги вугин абизе бокьун гьечIо дие. Амма дун чIалде къавукъунев вуго, МасихI ГIиса дидаса бергьарав гIадин, бергьине бокьун.

13 Дие бергьенлъи щун бугилан абизе кIоларо, вацал, дида. Дица абила, нахъехун хутIарабги кIочене тун, дун цевехун къавукъунев вугин,

14 чIалде цеве кIанцIулев вугин, бергьенлъиялъул шапакъат щвезе бокьун бугин. МасихI ГIисадалъун дун Аллагьас зобалазде ахIулев вуго гьеб шапакъат босизе.

15 Гьединаб пикру букIине ккола киналго нилъер иман камиллъарал гIадамазул. Гьелдаса батIияб пикру нужер бугеб батани, Аллагьас бихьизабила нужеда кинаб пикру битIараб бугебали.

16 Амма гьанжелъагIан нилъее щварабги щулаго ккун хьвадизе ккола нилъ.

17 Дидасан мисал босе, вацал, ва нижедасан мисал босун хьвадулезухъги ралагье.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

18 ГIемерисел хьвадулел ругелъулха МасихIил хъанчил тушбаби гIадин.
Гьелъул хIакъалъулъ дица нужеда гIемер бицун букIана ва гIодилаго
гьанжеги бицунеб буго.

19 Гьезул ахир – жужахI буго, гьезул «аллагь» – чехь буго. Гьел чIухIулел
руго жидерго инжитлъиялдаса. Дуниялалъул гурони пикру гьабуларо
гьез.

20 Амма нилъер ватIан зобалазда буго. Нилъ хвасар гьарулев ТIадегIанав
ГIиса МасихI гьенисан вачIиналъухъ урхъун руго нилъ.

21 Гьес нилъер загIипаб ва хвалие мутIигIлъулеб черх хиса-сверизабила.
Киналдаго тIад кверщел гьабизе гьесие кьураб къудраталдалъун
МасихIица гьеб релълъинабила Аллагьас машгьурлъизабураб жиндирго
черхалда.

**Филиппиязухъе 4**

1 Гьанже, дир хириял ва урхъарал вацал, дир рохелги чIухIиги руго нуж.
ТIадегIанав ГIисал нухдаса кьуруге, хириял!

2 Эводиядаги гьарулеб буго дица, Синтихиядаги гьарулеб буго,
ТIадегIанасе гIоло, рагIи данде ккезабейилан, яцал гIадин рукIайилан.

3 Дида цадахъ цо рукьалда ван вукIарав чи вугелъул, дудаги гьарулеб
буго гьел рекъезаризе квербакъейилан. Клементица ва ГIумруялъул
ТIехьалда жал рехсон ругел цогидал гIадамазго гIадин, гьей кIиялъгоги
хIаракат бахъана дида цадахъ Рохалил хабар тIибитIизабизе.

4 ТIадегIанасде нуж цолъун рукIиналдаса роха кидаго! Цоги нухалъ
абулеб буго: роха нуж гьелдаса!

5 Нужер сабруяб хIеренлъи киналго гIадамазда лъазе биччанте.
ТIадегIанав нужеда аскIов вуго.

6 Сундулниги ургъел гьабуге. Аллагьасе рецц гьабун, нужеца гьаре, сунде
хIажалъи нужер рекIелъ бижун бугебали дугIадулъ загьир гьабун.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Аллагьасдасан рещтIунеб ва гIадамасул гIакълу хадуб гIунтIуларебгIан
тIадегIанаб хIалхьи-парахалъи лъугьина нужер ракIазулъе. МасихI
ГIисал нухдаса таруларедухъ цIунила гьелъ нужер ракIалги пикрабиги.

8 Ахиралдаги, вацал, нужер рекIелъ рукIине риччанте
хIакъабщиналъулги, къадруябщиналъулги, ритIухъабщиналъулги,
бацIцIадабщиналъулги, гьайбатабщиналъулги,
мустахIикъабщиналъулги, – кинабго лъикIабщиналъул ва беццизе
рекъарабщиналъул пикраби.

9 Дидасан нужго ругьунлъарабги, нужеда лъарабги, рагIарабги,
бихьарабги гьабе нужеца. Ракълиде рачунев Аллагь вукIина нужеда
цадахъ.

10 ГIемераб заманаялдасан нужеда нахъеги ракIалде щведал,
ТIадегIанасде цолъун, кутакалда вохана дун. Дие кумек гьабизе рес
ккечIолъи гурони, гьанжелъагIанги нужеда кIочон тун вукIинчIевлъи
лъала дида.

11 Сундениги хIажат вукIун гуро дица гьедин абулеб бугеб, – кинаб
ахIвал-хIалалде кканиги, гьелдаса ракI разилъизе ругьунлъун вуго дун.

12 Мискинлъиги бихьана дида, бечелъиги бихьана. ГIорцIиялдаги
ракъиялдаги ва гьарзалъиялдаги гьечIолъиялдаги гьорлъ ччун вахъарав
чи вуго дун.

13 Кинабго хIехьезе къуват кьуна ТIадегIанас дие.

14 Кин бугониги, гьаб къварилъиялда вугев дие нужеца кумек гьаби
лъикI ккана.

15 Нужеда – Филиппиялъул гIадамазда – лъикIго лъала, Македониялдаса
араб мехалъ, цохIо нужедасан гурони, иман лъуразул цогидаб
агьлуялдасан дие хайирги заралги букIинчIеблъи. Гьеб букIана Рохалил
хабар тIибитIизабизе байбихьараб заман.

16 Фессалоникаялда дун къваридго вугеб мехалдаги чанги кумек гьабуна
нужеца дие.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

17 Лъилниги сайигъат бокьун гуро гьадин абулеб бугеб, нужее гьелъул
кири щвезе бокьунин!

18 Нужеца Эпафродитихъ битІун бачІарабги кинабго щвана дихъе.
Гьанже кинабго гІунги тІокІ буго дир. Биччанте нужер рахъалдасан гьеб
букІине Аллагь разилъулеб къурбанлъун, махІ гьуинаб кьеккенлъун.

19 Жиндирго гьарзаяб хазинаялдасан къваригІанщинаб кьеги дир хирияв
Аллагьас нужее, гьелдалъун МасихІ ГІиса кІодолъи загьирлъизе.

20 Абадул абадиялъго рецц буго нилъер Эмен – Аллагьасе! Амин!

21 Салам бице МасихІ ГІисаде цолъун рацІцІалъарал киназдаго. Гьанир
дида аскІор ругел диналъул вацазул салам буго нужеде.

22 Нужеде салам буго киналго рацІцІалъаразул, хасго къайсарасул
кІалгІаялъур ругезул.

23 ТІадегІанав ГІиса МасихІил баркат лъеги нужер гІумруялда!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# Колоссиязухъе

## Колоссиязухъе 1

1 Аллагьасул амруялдалъун ГІиса МасихІил чапарлъун лъугьарав
Павелил ва нилъер диналъул вац Тимофейил рахъалдасан

2 салам буго Колосси шагьаралда ругел нижер божарал ва рацІцІадал
вацазде – МасихІиде цолъаразул агьлуялде. Нилъер Эмен – Аллагьасул
баркатги саламги лъеги нужеда.

3 ДугІадулъ нуж рехсолаго, нижеца кидаго рецц гьабула нилъер
ТІадегІанав ГІиса МасихІил Инсуе – Аллагьасе.

4 Нижеда рагІана МасихІ ГІисаде нужер божи-иман цІикІкІунеб бугилан
ва киналго иман лъуралги нужее рокьулел ругилан.

5 Зобалазда нужее цІунун бугелде лъураб хьулалъ бижизабураб буго гьеб
божи-иманги рокьиги. Гьеб хьул нужелъ бижана хІакъикъияб Рохалил
хабар нужеда рагІараб мехалъго.

6 ТІолабго дуниялалдаго тІибитІун бугеб гІадин нужехъеги щвана гьеб
Рохалил хабар, нужер гьенибги гьеб тІегьан буго, тІад пихъ бижун буго
Аллагьасул цІобалъул хІакъикъат лъаралдаса нахъе.

7 Гьеб нужеда малъана нилъер ишалъе хІалтІулев вугев ва нижее
вокьулев Эпафрасица. Нужее мунпагІаталъе гьес МасихІие ритІухъго
хъулухъ гьабулеб буго.

8 Илагьияб РухІалъ нужер рекІелъе лъугьинабураб рокьул хІакъалъулъги
бицана гьес нижеда.

9 Гьединлъидал нужер хІакъалъулъ гьеб рагІараб къоялдаса нахъего,
нужги рехсон, Аллагьасде гьари-дугІа гьоркьоса къотІизе толеб гьечІо
нижеца. Нижеца Аллагьасда гьарулеб буго гьесул щибаб амру сундулъ
бугебали тІубанго лъазелъун нужер бичІчІи-лъай цІикІкІагиян ва
рухІанияб гІелму камиллъагиян.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 ТIадегIанав ГIисадаса мисал босун, гьесие бокьулебщинабги гьабизе нужер ишазул гъотIода лъикIабщинабги барщизе ва Аллагьги цIикIкIун лъазе рес рекъагиян гьарулеб буго.

11 Аллагьасул къудраталдалъун рекIее къвакIи кьеги нужее. Гьебмехалъ нужеда кIвела киналъего сабру гьабизе ва хIехьезе. Гьелдаса разилъун

12 нужеца Инсуе – Аллагьасе рецц гьабила. Жиндирго Нуралъ гвангъизарурал ва рацIцIалъарал гIадамазе ирсалъе щолелъул бутIа кьезе мустахIикъаллъун рикIкIана нужги Аллагьас.

13 Аллагьас нуж бецIлъиялъул лагълъиялдаса тархъан гьаруна ва жиндиего вокьулев Васасул ПарччахIлъиялде рачана.

14 Гьев Васасдалъун нилъер мунагьалги чурунин Аллагьас нилъ тархъан гьарурал.

15 Гьев вуго вихьуларев Аллагьасул бихьизе бажарулеб сурат. Аллагьас бижарабщиналдаса тIадегIанавлъун тIоцеве гьавурав вуго гьев.

16 Гьев сабаблъун бижана кинабго зобалазда бугебги ва ракьалда бугебги, бихьулебги бихьуларебги, ай тахида ругел, кверщел бугел, хIакимзабилъун ругел, ханзабилъун ругел рухIалги. Гьесдалъун ва гьесие гIоло бижана Аллагьас кинабго.

17 Сундасаго цеве вукIана гьев, гьесдалъун цIунун буго киналъулго низамги.

18 Иман лъуразул агьлу черхлъун рикIкIани, гьелда тIад бетIерлъун вуго МасихI. Сундулго авал вуго гьев. Аллагьас жиндирго Вас хваралъуса тIоцеве вахъинавуна, сундулъго гьес тIоцебесеб бакI кквезе бокьун.

19 Аллагьасе бокьана жиндилъго бугебщинаб жиндирго Васасулъги букIине.

20 Аллагьасе бокьана гьесдалъун киналго жиндего цолъизаризе. Хъанчида ван гьев хвей сабаблъун зоб-ракьалда бугебщиналда гьоркьоб рекъел лъугьана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

21 Нуж Аллагьасдаса рикIкIад ругеб ва нужер квешал къасдалги ишалги
сабаблъун гьесул тушманзабилъун ругеб заманги букIана.

22 МасихI инсан вукIиндал ва инсан гIадин хведал, гьанже Аллагьас нуж
жиндего цолъизаруна ва нужергун рекъел гьабуна: рацIцIад гьарун,
мунагьал чурун ва гIайиб-хатIаялда тIасалъугьун нуж жиндаго цере
чIезаризе.

23 Гьедин букIина нужеда рагIараб Рохалил хабаралда хадубккунги нуж
кьуричIого божани, къвакIун чIани ва нужер хьулги къинчIони. Жиндие
хъулухъалъе дун – Павел – вукIараб гьеб Рохалил хабар дуниялалда
бижанщиналда лъазабуна.

24 Нужее пайда букIине гIоло дица гIазаб-гIакъуба баччулеб
букIиналдаса вохун вуго дун. Иман лъуразул агьлу – гьеб ккола
МасихIил черх. Гьеб черхалъе гIоло гIазаб-гIакъуба баччун буго дир
черхалъ, гьесул черхалъ баччизе ккараб гIазаб-гIакъубаялъул хутIараб цо
бутIа дидаго тIаде босун бугелъул.

25 Иман лъуразул агьлуялъе дица хъулухъ гьабулеб буго, Аллагьас
бихьизабухъе, гьелдалъун нужее Аллагьасул рагIи тIубанго загьирлъизе
бокьун.

26 Кидагоги киназдасагоги бахчун букIараб РагIи буго гьеб. Гьанже гьеб
РагIи Аллагьасда цере рацIцIалъарал гIадамазе загьирлъана.

27 Аллагьасе бокьана цогидал халкъазда гьоркьоса рацIцIалъарал
гIадамазе гьеб балъголъиялъул машгьурлъиги кIодолъиги загьир
гьабизе. Гьеб балъголъи ккола – нужелъ МасихI чIаго вукIин.
Гьединлъидал нужеца хьул гьабе нужго машгьурлъизе рукIиналде.

28 Нижеца МасихIил хIакъалъулъ хабар халкъалда гьоркьоб
тIибитIизабулеб буго, цIакъ цIодорго-гIакъилго гьел кантIизарулел руго,
гьезие насихIат гьабулеб буго, киналго камилаллъун ва МасихIгун
цолъараллъун Аллагьасда цере чIезе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

29 Гьелъие гIоло хIалтIулев вуго дун, ва дилъ багъулеб буго гьесдасан
щвараб гучаб къуват.

**Колоссиязухъе 2**

1 Нужееги, Лаодикеялда ругезеги, цогидал киданиги дир гьумер
бихьичIел иман лъуразеги гIоло дун кигIан кутакалда къеркьолев
вугевали нужеда лъазе бокьун буго дие.

2 Гьезул ракIал къвакIизе, цоцазе рокьун, цолъун рукIине,
хIакъабщиналъул гIелму тIубанго бичIчIизе, бичIчIун хадуб, гьелда
гьезул тIубанго ракIчIезеги бокьун буго дие. Гьеб мехалъ тIубанго
загьирлъула Аллагьасул балъголъи – МасихI!

3 ХIакълъунго МасихIилъин бугеб гIакълу-лъаялъул балъгояб хазина.

4 ЛъикIабилан кколеб хабар бицун, лъицаниги нуж гуккунгутIизе абулеб
буго дица гьадин.

5 Дун гьенив гьечIониги, дир ракI нуж киназдаго цадахъ буго. Дун вохун
вуго нужер гIадлу-тадбиралдасаги МасихIиде бугеб щулияб божи-
иманалдасаги.

6 МасихI ГIиса нужерго ТIадегIанавлъун рикIкIун вугелъул, сундулъго
гьесде цолъун хьваде.

7 МасихI ккола нужер минаялъул кьучIги ва нужер гъотIол кьибилги.
Нужеда малъараб къагIидаялъ божи-иман щулалъизабе, шукру гIемер
гьабе.

8 Вореха, гIадамазул философиялъги гьодорал рагIабазги гуккун,
лъицаниги нуж къосинаризе гурин. Гьеб кинабго МасихIидасан бачIараб
гуро, гьеб бачIун буго гIадамазул гIадатал цIуниялдасан ва тIабигIиял
къуватазе лагълъи гьабиялдасан.

9 Нужеда лъан букIа: МасихIил чорхолъ гIадамазе тIубанго загьирлъана
кинабго бичасулабщинаб.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 Гъесде цолъарал нужее щвана хIакъаб гIумру гъабизе рес. ХIакълъунго
гъесухъ буго дуниял-гIаламалъул хIакимзабилъун ругелги ханзабилъун
ругелги киналго рухIазул кверщел.

11 Гъевгун цолъиялдалъун нужги лъугьана сунат гъабурал чагIилъун.
Амма гIадамаз гъабулеб гIадинаб сунат гуребха гъеб. Нужер чорхолъ
ругел мунагьазул лагълъиялдаса МасихIица тархъан гьари лъугьана
нужее сунат гьабилъун.

12 Нуж лъадалъ ччун рахъи кколаан МасихIида цадахъ хабалъ рукъиги ва
гьесда цадахъ хваралъуса рахъинги. Гьев хваралъуса вахъинавурав
Аллагьасул хIалкIолъиялда божидалха нуж.

13 Хварал чагIи кколаан цере нуж, мунагьазул цIун рукIиндал ва нужее
сунат гьабун букIинчIелъул. Амма Аллагьас, мунагьалги чурун,
МасихIида цадахъ нилъ чIаголъизаруна.

14 Мусал къанун цIуничIолъиялдалъун нилъеда тIад букIараб тIолабго
налъиги Аллагьас тIаса рехана. МасихIил хъанчида тIад хвезабуна гьес
гьеб налъи.

15 ХIакимзабилъун ругелги ханзабилъун ругелги рухIазул кодоса ярагъ
бахъана гьес, халкъалда цереги суризаруна ва инжитго тIад малги чIана.

16 Гьединлъидал квана-гьекъеялда, моцI цIилъиялда ва шамат къоялда
хурхарал, гьединалго цогидалги киналалиго байрамазул къанун нужеца
хвезабулеб бугилан лъицаниги гIайиб чIвагеян абе.

17 Гьел киналго нилъее рихьизарун рукIарал къанунал кколаан хадуб
бачIине бугелъул рагIад. Амма хадув вачIарав МасихI рагIад гуро!

18 Рихьдаего гIодоре риччан чIолезги малаикзабазе лагълъи гьабулезги
нужеда гIайиб чIвагеян абе. Жидедаги хIикмат бихьанилан чIун, жидерго
инсанияб гIакълу-лъаялдаса чIухIун, гаргадулел чагIи руго гьел.

19 МасихIидаса ратIалъун руго гьел. Черхалда кверщел бетIералъ
гьабулеб гIадин, МасихIихъги буго киналъулго кверщел. ЩукIдуз лугби

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

цолъизарун, цо черх лъугъунеб гIадин, нилъ цолъизарун цого черх лъугьинабуна МасихIица, Аллагьасе бокьухъе кIудияб гIела гьеб.

20 МасихIида цадахъ хун, дуниялалъул кверщел кодосел рухIазул лагълъиялдаса тархъанлъарал нужеца щай гьабизе кколеб дуниялалда ругезулго гIадинаб гIумру?

21 «Квер хъваге», «кванаге», «кодобе босуге» гIадинал къанунал щай нужеца цIунизе кколел?

22 ГIадамаз ургъарал руго гьел амруги къанунги. Цо дагьаб мехалъ нилъеца пайда босулел, цинги тIагIун унел жалазда хурхарал руго гьел.

23 Кколарелъе лагълъи гьабизе тIамиги, рихьдаего гIодоре риччан чIейги, черх квегъиги гIакъилаб жойилан ккола гьезда. Амма нилъер чорхол гьаваялъ гьесизарулел мунагьазда данде рагъизе кумек гьабуларо гьелъ.

## Колоссиязухъе 3

1 МасихIида цадахъ чIаголъана нужги. Гьединлъидал Аллагьасул кваранаб рахъалда МасихI гIодов чIун вугел зобалазда бугелъулин нужеца пикру гьабизе кколеб.

2 Ракьалда бугелъул гьабичIого, зобалазда бугелъул гьабе пикру.

3 Гьаб дуниялалъе нуж хвана. МасихIил гIумру гIадин, нужер гIумруги гьаб дуниялалдаса босун, жиндилъго бахчана Аллагьас.

4 Амма МасихI дуниялалъе загьирлъизе вуго. Гьев вуго нужер гIумру – гьединлъидал гьев загьирлъаравго, гьесул машгьурлъи щвела нужееги.

5 Гьаб дуниялалъулалщинал жал: хьахIбалъи, хъублъи, чорхол гьава, квешал къасдал къинаре нужелъго ва гьересиаллагьлъун кколеб къарумлъиялъе лагълъиги гьабуге!

6 Аллагьасул ццин бахъине буго гьел гIамалал ккурал гIадамазда.

7 Гьел рехсарал гIамалаз нуж къосинарулел рукIараб заманаялда, нужги хьвадулаан гьездаго релълъун.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Амма гьанже нуж рикIкIалъизе ккола ццидадаса, гьалаглъиялдаса,
квешлъиялдаса; цоцаздасан какдезеги цоцазда квешал рагIаби абизеги
бегьуларо.

9 Цоцазе гьереси бицунге. Басрияб ретIел гIодобе рехулеб гIадин, гьанже
нужеца инкар гьабизе ккола цебе нужер букIараб гIумруялдасаги гIамал-
хасияталдасаги.

10 Нужее щвана цIияб ретIел – цIияб гIумру. Нуж Рижарасда
релълъинелъун ва Аллагь цIикIкIун лъазелъун буго гьеб нужер гIумру
цIилъулебго цIилъулеб.

11 Гьанже чиясул батIалъи гьечIо – грек вукIаниги, жугьутIав вукIаниги,
сунат гьабурав яги гьабичIев вукIаниги, апараг вукIаниги, скиф
вукIаниги, лагъ яги узден вукIаниги. Вуго цохIо МасихI! Гьев киназулъго
вуго, кинабголъунги вуго!

12 ГIаламалда гьоркьоса Аллагьас жиндиего бокьулеб агьлулъун
лъугьинабизе тIаса рищана нуж. Гьединлъидал нужее цIияб ретIеллъун
букIине биччанте гIадамаздехун бугеб гурхIел-рахIмуги, лъикIлъиги,
хIеренлъи-хIалимлъиги ва сабруги.

13 Нужеца цоцазда гьоркьоб сабру цIунизе ккола ва цоцазул гIайиб-
хатIаялда тIасалъугьинеги ккола – БетIергьан нужеда тIасалъугьана,
нужги цоцазда тIасалъугьа.

14 Бищунго аслияб жо – нуж цоцазе рокьизе ккола. Рокьи буго кинабгоги
цолъизабулеб ва камиллъизабулеб таж.

15 МасихIидалъун нужее щвараб рекъелалъ кверщел гьабизе биччай
нужер ракIазда. Аллагьас тIаса рищун нужее кьуна гьеб – гьедин цолъун,
цого черх гIадин лъугьана нуж. Аллагьасе рецц гьабе гьелъухъ!

16 МасихIил рагIул тIолабго хазинаги рекIелъ цIунун, малъе цоцазда ва
цоцазе гIакълаби кье, туркаби ва Аллагь веццарал назмаби ахIе, ракI-
ракIалъго БетIергьанасе рецц гьабе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

17 ТIадегIанав ГIиса МасихIил цIар рехсон гурони щибго гьабуге, щибго
абуге. Гьесул цIарги рехсон нилъер Эмен – Аллагьасе реццги гьабе.

18 Руччаби росабазе мутIигIлъе. Гьеб буго ТIадегIанав ГIисаде иман
лъуразул нух.

19 Росабазе лъудби рокье ва гьездехун хъачIлъуге.

20 Лъималаз эбел-инсул малъараб гьабе сундулъго, гьеб буго ТIадегIанав
ГIиса разилъулеб гIамал.

21 Эбел-инсуца лъимал къварид гьаруге, гьел пашманлъизе гурин.

22 Лагъзал сундулъго мукIурлъе гьаб ракьалда ругел жидерго
бетIергьабазе. Гьел ругеб бакIалда жалго лъикI рихьизе гуребги, гьел
гьечIеб бакIалдаги мукIурлъе кидаго, ракI-ракIалъго ва ТIадегIанасукьа
хIинкъун.

23 ГIадамазе гIоло гуреб, ТIадегIанав ГIисае гIоло гьабулеб бугеб гIадин
щибгоги ракI-ракIалъго тIубазабе.

24 ХIакъикъаталда нужеца лагълъи гьабулеб буго ТIадегIанав МасихIие.
Жиндирго халкъалъе цIунун бугеб хазинаялъул бутIа шапакъатлъун
кьела ТIадегIанас нужее нужер киналго ишазухъ. Гьеб лъай нужеда.

25 Нужеда лъай квешлъи гьабуразе тамихI букIине бугеблъи, – квешал
ишазухъ киналго гIадамазе тамихI цого къагIидаялъ гьабизе буго.

**Колоссиязухъе 4**

1 Ле, лагъзадерил бетIергьаби, нужеца нужерго лагъзадерида тIад
ритIухъаб къагIидаялъ кверщел гьабе гьел ратIа гьаричIого. Нужеда
кIочон тоге зобалазда нужерги БетIергьан вугевлъи.

2 РорчIуда чIа ва кидаго Аллагьасе рецц гьабун гьари-дугIаялда рукIа.

3 Нижги дугIадулъ рехсе. МасихIилъ бугеб балъголъиялъул бицине
нижер кIалаздаса кIулал ричIейилан гьаре Аллагьасда. Гьеб сабаблъунин
дун туснахъалъув вугев.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

4 Дида тIадаб куцалда гьеб баянго бичIчIизабизе дие рес ккагийилан
гьаре нужеца.

5 Нужерго заман гIадада хвеларедухъ гIакъилго-цIодорго гьоркьоблъи
гьабе иман лъечIезулгун.

6 ТIаде цIам щвараб кваница гIадин гIадамал рази гьарулеб ва баркат
бугеб букIине ккола нужер калам. Суал кьуравщинасе жаваб кьезеги
лъазе ккола.

7 Дир хIакъалъулъ нужеда бицина дир хирияв диналъул вац ва
ТIадегIанав ГIисал ишалъе хъулухъ гьабулев вугев Тихикица.

8 Гьединаб мурад букIунин дица гьев нужехъе витIарав. Гьес нижер
ахIвал-хIал нужеда бицина ва нужер ракIбатизабила.

9 Гьесда цадахъ вачIина нижее вокьулев ритIухъав вац Онесимги. Нужер
чи вуго гьев. Гьез бицина нужеда гьаниб ккарабщиналъул хIакъалъулъ.

10 Нужеде салам буго дида аскIов туснахъалъув вугев Аристархилги
Маркилги (гьев Марк ккола Барнабал вацгIал, гьесул хIакъалъулъ ругьел
битIун букIана нужехъе, гьениве вачIани, гьесие гьоболлъи гьабеян).

11 Юст абун тIокIцIар бугев ГIисалги буго нужеде салам. Аллагьасул
ПарччахIлъиялъе гIоло дида цадахъ хIалтIулел ругел дир кумекчагIазда
гьоркьор гьел гурони жугьутIал гьечIо. Кидаго дир рекIее бигьалъи
лъугьинабулел чагIи руго гьел.

12 МасихI ГIисае хъулухъ гьабулев чи нужерго Эпафрасилги буго нужеде
салам. Нужги рехсон, кидаго Аллагьасде кIудияб гьари-дугIаялда вуго
гьев. Нуж камиллъагиян ва Аллагь разилъулебщинабги нужехъа
лъугьагиян гьарулеб буго гьес.

13 Лаодикеялда ва Иераполалда ругел иман лъуразеги нужееги гIоло
гьев хIаракаталда хIалтIулев вукIиналъе нугIлъи гьабулеб буго дица.

14 Нужеде салам битIулеб буго Демасица ва нижер хирияв тохтир
Лукацаги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

15 Нижер салам бице Лаодикеялда ругел вацазда, гьединго Нимфада ва гьелъул рокъоб данделъулеб жамагІаталда.

16 Нужеца цІалун бахъараб мехалъ, гьаб кагъат битІе Лаодикеялда ругел вацазухъе, гьезги цІализе букІине. Доб Лаодикеялде битІараб кагъат нужехъе бачІинабе, нужецаги цІализе.

17 Архиппида абе ТІадегІанав ГІисал тІадкъай тІубазабизе кколилан.

18 Дица – Павелица – дирго квералъ хъвараб саламги битІулеб буго нужеде. Дида рахсал ран рукІин кІочон тоге. Баркат лъеги нужеда!


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

# 1 Фессалоникиязухъе

## 1 Фессалоникиязухъе 1

1 Нилъер Эмен – Аллагьасде ва ТIадегIанав ГIиса МасихIиде иман
лъуразул Фессалоникаялда бугеб агьлуялде Павелил, Силал ва
Тимофейил салам буго. Баркат лъеги нужеда!

2 Нужеде баркат рещтIаралъухъ Аллагьасе рецц гьабула нижеца кидаго,
нижерго дугIадулъ нужги рехсола.

3 Нилъер Эмен – Аллагьасе дугIа гьабулаго нижеда кIочон толаро божи-
иманалъ нуж захIмат баччизе тIамулел рукIинги, рекIелъ рокьигун
хIалтIулел рукIинги ва нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIиде хьул лъеялъ
нужелъ сабру бижун букIинги.

4 Нижер Рохалил хабар, рагIабаздалъун гуребги, Илагьияб РухIалъул
хIалкIолъиялдалъунги нужехъе щведал ва гьеб кинабго хIакъаб-кьучIаб
бугелъул, нижеда лъала, вацал, Аллагьасе нуж рокьулеллъиги гьес нуж
тIаса рищун рукIинги. Нужеда лъала нужее лъикIлъиялъе ниж гьенир
кин хIалтIаралали.

6 Нижедаса ва ТIадегIанасдаса мисал босун хьвадана нуж. ГIемер гIазаб-
гIакъуба бихьаниги, Илагьияб РухIалдаса рохун къабул гьабуна нужеца
нижер рагIи.

7 Нужгоги мисаллъун лъугьана Македониялда ва Ахаялда ругел киналго
иман лъуразе.

8 Македониялда ва Ахаялда гуребги, киса-кибего нужедасан тIибитIана
ТIадегIанасул хIакъалъулъ хабар, гьединго тIибитIана Аллагьасде нужер
иманалъул хIакъалъулъ хабарги. Гьединлъидал нужер рахъалъ
лъиданиги щибниги бицине кколаро нижеца.

9 ГIадамаз жидецаго бицуна нижеда гьениб нужеца нижее гьабураб
гьоболлъиялъулги, гьересиаллагьзабазул сураталги нахъе рехун, нуж
Бичасде руссиналъулги, ЧIагояв ва ХIакъав Аллагьасе гьабулеб нужер
гIибадаталъулги,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

10 хваралъуса вахъинавурав гьесул Вас, къиямасеб къоялъ Аллагьасул
цциналдаса нилъ хвасар гьарулев ГІиса вачІиналъухъ нуж ралагьун чІун
рукІиналъулги.

**1 Фессалоникиязухъе 2**

1 Нужедаго лъала, вацал, ниж гьенире рачІин гІадада ккечІеблъи.

2 Гьенире рачІиналде Филиппиялда нижее кьураб гІазабги гьабураб
инжитлъиги лъала нужеда, бугониги гьениб кутакаб дандечІейги
къинабун, нижеца иман лъурав Аллагьас нижер ракІал къвакІизаруна,
гьесдасан бачІараб Рохалил хабар нужееги бицине букІине.

3 Нижер рагІабазулъ я гьереси, я хъублъи, яги рекІкІ гьечІо.

4 Рохалил хабар тІибитІизабизе мустахІикъал гІадамаллъун Аллагьас
ниж рикІкІиндалин нижер рагІаби гьединал ругел. ГІадамал разилъи
гуреб, нижер ракІазул хІалбихьулев Аллагь разилъи буго нижер мурад.

5 Гьересияб рецц-бакъалъул рагІабигун рачІинчІо ниж гьенире, ва боцІи-
рикъзиялде хъантІиги бахчун букІинчІо нижер рагІабазулъ. Гьеб
нужедаги лъала, Аллагьги вуго гьелъие нугІлъун.

6 Нижеца гІадамаздаса рецц-бакъ тІалаб гьабичІо – я нужедаса, яги
цогидаздаса.

7 МасихІил чапарзаби ругилан нужер гьодиде гьир ккезабизе бегьилаан
нижеца. Амма каранда хахулеб лъимер бугей эбел гІадин, цІакъ хІеренго
хьвадана ниж нужеда гьоркьор.

8 Нуж нижее цІакъ рокьана! Рохалил хабар нужехъе кьей гуребги, нужее
гІоло рухІ кьезеги разилъилаан ниж. ГьедигІанги хиралъана нуж нижее.

9 Нужеда ракІалда батила гьениб нижеда бихьараб захІмат-гІакъуба:
нужер лъиданиги тІад раччун рукІинарилан, къаси-къад чІечІого
хІалтІана нижерго бетІербахъиялъе ва нужеда Илагьияб Рохалил хабарги
лъазабуна.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

10 Нужги Аллагьги нугIзаллъун руго иман лъурал нужедехун нижер букIараб ракIбацIцIалъиялъеги, ритIухълъиялъеги, гIайиб-хатIа ккезе биччачIолъиялъеги.

11 Гьединго нужеда лъала, нуж жиндирго ПарччахIлъиялъулги машгьурлъиялъулги бутIа босизе ахIарав Аллагь разилъиледухъ хьвадейилан, инсуца васасда гIадин, нужер щивасда нижеца бицараблъи, гьарараблъи, ракIгьесизабураблъи.

13 Нижеца кидаго Аллагьасе рецц гьабула, нижеца нужеда Аллагьасул рагIи бицараб мехалъ, гьелъухъ гIенеккун, нужеца гьеб инсанасулаблъун гуреб, Аллагьасулаблъун къабул гьабидал. Гьединаб бугизеги буго гьеб. Божи-иман букIиналъин Аллагьасул ишал нужелъ загьирлъулел.

14 Аллагьасде ва ГIиса МасихIиде иман лъуразул Ягьудиялда ругел жамагIатазе ккараб ккана, вацал, нужееги, Ягьудиялъул жугьутIаз гьезие кьураб гIадинаб гIазаб-гIакъуба кьуна нужееги нужерго халкъалъ.

15 ЖугьутIаз чIвана ТIадегIанав ГIисаги аварагзабиги, нижги гьез нахъе гъуна. Аллагьги гьез рази гьавуларо, киналго гIадамазда дандечIунги руго гьел!

16 Хвасарлъулеб хабар цогидал халкъазда бицине нижее квекIен гьабуна жугьутIаз. Гьелдалъун тIубанго камиллъана кидаго гьез гьарурал квешлъаби! Ахирги Аллагьасул ццин бахъин рещтIана гьезде.

17 Доб мехалъ нужедаса ратIалъизе ккедал, – нижго рикIкIалъаниги, ракIалда нужгун рукIиндал, – нуж рихьизе дагьабги цIикIкIун хIаракат бахъулеб букIана, вацал, нижеца.

18 Гьединлъидал нужехъе рачIине къачIан рукIана ниж, – дун Павелги чанцIулго къачIан вукIана, – амма илбисалъ квалквал гьабуна нижее.

19 Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихI вачIараб мехалъ, гьесда цебе, нуж гурони, щал нижее кколел нижер хьуллъунги, рохеллъунги ва рецц-бакъалъул тажлъунги?

20 Нуж руго нижер чIухIиги рохелги!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

**1 Фессалоникиязухъе 3**

1 Гьединлъидал, нужедаса ратІалъи хІехьезе кІвечІеб мехалъ, нижеца
хІукму гьабуна, нижгоги Афиниялда чІун,

2 нужехъе Тимофей витІизе. Гьев вуго, МасихІил хІакъалъулъ Рохалил
хабар нижеда цадахъ тІибитІизабун, Аллагьасе хъулухъ гьабурав нижер
вац. Гьев витІана нужер ракІбатизабизе, иман щулалъизабизе,

3 ва гьеб гІазаб-гІакъубаялдалъун нужер цонигияв къосунгутІизе. Нужеда
лъала гьеб гІазаб-гІакъуба Аллагьас нилъее бихьизабун букІин.

4 Ниж гьенир ругеб мехалъго нижеца нужеда абун букІинчІищ гьеб
гІазаб-гІакъуба гьечІого нилъ хутІиларилан? Гьедин ккараблъиги
бихьулеб буго нужеда.

5 Гьединлъидалин, ратІалъи хІехьезе кІвечІого, дица нужехъе Тимофей
витІарав, нужер иман щулаго бугищали лъазе. Илбисалъ нужги
къосинарун нижер кинабго хІаракат гІадада ккезе бегьилищ?!

6 Гьанже Тимофей тІадвуссун вачІана ва гьес лъикІаб хабар бачІана
нужер иманалъулги рокьиялъулги хІакъалъулъ. Гьес бицана,
лъикІалдалъун рехсон, ниж ракІалде щвезарулел ругин нужеца ва, нуж
рихьизе нижее бокьун бугеб гІадин, ниж рихьизе нужги урхъун ругилан.

7 Гьединлъидал, вацал, киналго балагьалги гІазаб-гІакъубаги хІехьон
ругел нижер ракІал гІодоре риччана, нужер иманалъул бициндал.

8 Нижер чІаголъи бараб буго кьуричІого нуж ТІадегІанасда божун
чІеялда.

9 Нужер рахъалъ нилъер Аллагьасе рецц гьабизе ккеларищ, гьесда
церелъидал нужеца ниж рохизарурал!

10 Къасиги-къадги ракІ-ракІалъ гьарула нижеца гьесда нужеда
берчІвазеги ва нужер иманалъулъ камурабги тІад лъезе рес ккезабеян.

11 Нужехъе рачІунеб нух нижее бацІцІад гьабеги нилъер Эмен – Аллагьас
ва нилъер ТІадегІанав ГІисаца.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 Нужеде бугеб нижер рокьиго гIадин, БетIергьанас цIикIкIинабеги ва гIемерлъизабеги цоцаздехунги цогидал киналго гIадамаздехунги нужер рокьи.

13 БетIергьанас нужер рекIее къвакIи кьеги, киналго вализабигун цадахъ ТIадегIанав ГIиса кIиабизеги вачIараб мехалда, нилъер Эмен – Аллагьасда цере рацIцIадаллъун ва муъминаллъун рукIине.

## 1 Фессалоникиязухъе 4

1 Ахиралдаги, вацал, нижедасан ругьунлъараб къагIидаялъ, гьанжелъизегIан хьвадаралго гIадин, гьанжеялдаса хадурги нуж Аллагь разилъиледухъ дагьалги лъикI хьвадейилан ТIадегIанав ГIисал цIаралдалъун гьарулеб буго нижеца нужеда.

2 Нужеда лъала ТIадегIанав ГIисал амруялдалъун нижеца нужеда малъарабщинаб:

3 Аллагьасе бокьун буго нуж рацIцIадго хьвадизе,

4 нужер щивав чияс чIужуялдехун ракIбацIцIалъиги намусги цIунизе,

5 Аллагь лъалареб халкъалъ гIадин, гьаваялда нахърилълъун, хъахIбалъи гьабунгутIизе.

6 Гьеб ишалъулъ диналъул вац гуккизе ва гьесие квешлъи гьабизе бегьуларо. Гьеб киналъухъго Аллагьас тамихI-жаза гьабула. Гьелъул хIакъалъулъ нижеца нужеда гьенибги бицун букIана ва гьеб тIубачIого бегьуларилан лъазабунги букIана.

7 Аллагьас нилъ тIаса рищана, хъублъиги рехун тун, рацIцIадго хьвадизе.

8 Гьедин хьвадиларилан чIарав чияс инсанасдасан бачIаралде гуро мугъ рехулеб бугеб, нужеде Илагьияб рухI рещтIинабурав Аллагьасдасан бачIаралдейин.

9 Нужерго диналъул вацал рокьейилан дица нужехъе хъвазе ккеларо, Аллагьас малъун нужеда лъалеб бугелъул нужго цоцазе рокьизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

10 ТIолабго Македониялда ругел вацал рокьулелъулха нужее. Дица
нужеда гьарулеб буго, вацал, дагьалги цIикIкIун цоцазе рокьейилан.

11 Цебеги нижеца нужеда лъазабун букIараб къагIидаялъ, нужерго ишги
гьабун, гIодоре риччан ва нужерго квералъ бетIербахъиги гьабун рукIине
хIаракат бахъе.

12 Гьебмехалъ цогидал гIадамазда гьоркьобги къадру-къимат борхила
нужер ва лъидениги кколареб магIишатги букIина.

13 Хваразул хIакъалъулъги нужеда бичIчIизабичIого гIеларо, хваралъуса
рахъиналде хьулго гьечIел цогидал гIадамалго гIадин, нужги
пашманлъунгутIизе.

14 ГIиса хвеялда ва хваралъуса вахъиналда нилъ божулел гIадин, нилъ
божула иманалда хварал гIадамал Аллагьас гьесда цадахъ жиндихъего
рачине рукIиналдаги.

15 Гьаб нижеца нужеда малъулеб буго ТIадегIанасул рагIуда рекъон:
ТIадегIанав вачIинегIан чIаго хутIаниги, хвараздаса цере ккеларо нилъ.

16 Аллагьасул буюрухъги рагIараб, кIудияв малаикас гьаракьги гьабураб
ва Илагьияб ссурги пураб мехалъ живго ТIадегIанав рещтIина. Ва
МасихIиде иман лъун хварал гIадамал тIоцере рахьина тIаде.

17 Цинги нилъ – чIаго хутIаралги гьезда цадахъ Аллагьас накIкIазда
аскIоре зобалазде ракIарила ТIадегIанасда дандчIвазе. Гьедин
абадиялъго нилъ ТIадегIанасда цадахъ рукIина.

18 Гьеле гьел рагIабаздалъун цоцазул ракIбатизабе нужеца.

## 1 Фессалоникиязухъе 5

1 Гьеб лъугьине бугеб заманаялъулги болжалалъулги хIакъалъулъ
нужехъе хъвазе ккеларо, вацал.

2 Нужедаго мухIканго лъалелъул ТIадегIанасул къо тохлъукьего –
сардилъ цIогьор гIадин бачIунеблъи.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

3 Ракълида ругин ва сундулго хIинкъиги гьечIин гIадамаз абулеб мехалъ,
чIужугIаданалда тохлъукье хIара чIвалеб гIадин, ракIалдаго гьечIого
хвела гьел, ва щивниги хвасарлъиларо.

4 Нужни, вацал, бецIлъуда гьечIелъул, цIогьор гIадин бачIинаро нужехъе
гьеб къо.

5 Нуралъ къалъ-къалъизарунги руго нуж киналго, къоялъ гвангъизарунги
руго. Нилъее я сордо гьечIо, я бецIлъи гьечIо.

6 Гьединлъидал, цогидал гIадамал гIадин, кьижиларо, рорчIуда рукIина,
ригьун рукIина нилъ.

7 Кьижулев чи сардилъин кьижулев, мехтулев чиги сардилъин мехтулев.

8 Амма къоялъ гвангъизарун ругелъул, иманалъулги рокьулги къолденги
ретIун, хвасарлъизе рукIиналде хьулалъул такъияги лъун, ригьун
рукIине риччанте нилъ!

9 Жиндирго ццин нилъеде рещтIине гурелъул Аллагьас нилъ тIаса
рищун ругел, нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIидалъун нилъ хвасар
гьаризелъидал.

10 Гьев нилъее гIоло хвана, жив вачIараб мехалъ хун ратаралги чIаго
ратаралги, жиндаго релълъун чIаго рукIине.

11 Гьединлъидал цоцазул ракIбатизабе ва цоцазе квербакъе. Нужеца
гьедин гьабулебги буго.

12 Нужер агьлуялъе имамлъи гьабун ва ТIадегIанасул рагIул вагIза-
насихIат гьабун захIмат баччулеб бугезул адаб тогейилан гьарула, вацал,
нужеда.

13 Гьез бахъулеб бугеб хIаракаталъухъ цIикIкIун рокьизе ккола нужее
гьел ва гьезул хIурмат-хъатирги гьабизе ккола. Нужедаго гьоркьор лъикI
рукIа!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

14 Нижеца нужеда гьарулеб буго, вацал: кIвахIалазда рагIи абе,
хIинкъаразул ракIбатизабе, загIипазда квер чIвай, киназдехунго
сабруялда рукIа.

15 Вореха, нужер цонигияс квешлъи квешлъиялдалъун бецIизе гурин.
Нужеца кидаго хIаракат бахъе цоцазеги цогидал гIадамазеги лъикIлъи
гьабизе.

16 Кидаго рази-ракиго рукIа.

17 Кидаго гьари-дугIаялда тIадчIа.

18 Сундулъго Аллагьасе рецц гьабе. Аллагьасе бокьун буго, гьел
амруялги тIуразарун, МасихI ГIисаде цолъараб гIумру нужеца гьабизе.

19 Илагьияб РухIалъул цIа свине биччаге.

20 Аллагьасул илгьамги нахъчIваге.

21 Киналъулго хIалбихье, лъикIабги ккун чIа.

22 Кинабгоги квешлъиялдаса цIуне нужго.

23 Нилъ ракълиде рачарав Аллагьас тIубанго рацIцIад гьареги нуж,
нужер тIолабго чIаголъи: рухIги, напсги, черхги – нилъер ТIадегIанав
ГIиса вачIиналде бацIцIадго букIине.

24 Нуж тIаса рищарав Аллагьас гьедин гьабизеги гьабила, гьев рагIи
холарев вугелъул.

25 Нижги дугIадулъ рехсе, вацал.

26 Киналго вацазда, ракI-ракIалъго баун, салам гьабе.

27 Аллагьасул амруялдалъун дица нужеда лъазабулеб буго гьаб кагъат
киналго вацазе цIалейилан.

28 Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIил баркат лъеги нужеда!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

# 2 Фессалоникиязухъе

## 2 Фессалоникиязухъе 1

1 Нилъер Эмен – Аллагьасде ва ТӀадегӀанав ГӀиса МасихӀиде иман
лъуразул Фессалоникаялда бугеб агьлуялде салам буго Павелил, Силал
ва Тимофейил рахъалдасан.

2 Нилъер Эмен – Аллагьасул ва ТӀадегӀанав ГӀиса МасихӀил салам ва
баркат лъеги нужеда.

3 Нужер иман щулалъулеб бугелъул ва нужер киназулго цоцазде рокьиги
цӀикӀкӀунеб бугелъул, нужги дугӀадулъ рехсон, нижеца кидаго Аллагьасе
рецц гьабула. Гьеблъидалха Аллагьасе рецц гьабизе мустахӀикъаб иш.

4 ЧӀухӀун бицуна нижеца иман лъуразул жамагӀатазда нужер
хӀакъалъулъ. Нужее бугеб кинабго гӀазаб-гӀакъубаги захӀмалъи-
къварилъиги сабру-иманалда хӀехьолеб бугилан рецц
ула.

5 Гьеб киналъго бицуна Аллагьасул суд ритӀухъаб букӀинилан.
Аллагьасул ПарччахӀлъиялде лъугьине мустахӀикълъила нуж, гьеб
сабаблъун нужее гӀазаб-гӀакъуба бугелъул.

6 Нужее гӀазабги гӀакъубаги кьолеб бугезе гӀазабги гӀакъубаги кьун,
Аллагьас рекъезабила гьеб.

7 Гьеб хӀехьезе ккарал нужее, нижеего гӀадин, Аллагьас рахӀатги
хӀалхьиги кьела. Гьеб гьедин ккела ТӀадегӀанав ГӀисаца зобалазда живго
Бичасул малаикзабигун цадахъ загьирлъизавураб мехалъ ва Аллагь
лъаларевщинасе ва нилъер ТӀадегӀанав ГӀисал хӀакъалъулъ Рохалил
хабаралъухъ гӀенеккичӀевщинасе гьалагаб цӀадудалъун тамихӀ гьабизе
гьев вачӀараб мехалъ.

9 Гьезие тамихӀги буго абадияб гӀумруялдаса махӀрумлъизари. Гьезда
ТӀадегӀанав вихьизе виччаларо, гьесул машгьурлъиги къудратги гьезда
бихьиларо.

10 Гьеб гьедин ккела ТӀадегӀанав вачӀараб къоялъ, жиндир рахъ ккураз
гьев машгьурлъизеги гьавураб ва киналго иман лъураз гьесие рецц
ги


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

гьабураб мехалъ. Нижеца бицаралда божидал, нужни гьезда гьоркьор
рукӀина.

11 Гьединлъидалин нижеца кидаго гьари-дугӀа гьабулеб, нилъер
Аллагьас нуж тӀаса рищун ругелъул, гьелъие мустахӀикъаллъун
гьарейилан, жиндирго хӀалкӀолъиялдалъун гьес нужер лъикӀалщинал
къасдал тӀуразарегийилан, нужерго ишаздалъун иман
камиллъизабегийилан.

12 Гьедин, нилъер Аллагьасулги ТӀадегӀанав МасихӀилги баркат щун,
нилъер ТӀадегӀанав ГӀисал цӀаралъул хӀурмат нужедалъун цӀикӀкӀина ва
гьесдалъун нужер хӀурматги цӀикӀкӀина.

## 2 Фессалоникиязухъе 2

1 ТӀадегӀанав ГӀиса МасихӀ вачӀине вукӀиналъул ва нилъ гьесда аскӀоре
данделъизе рукӀиналъул рахъ босани, дица нужеда гьарулеб буго, вацал,

2 лъилниги кашпу-караматалдалъун, яги вагӀза-насихӀаталдалъун, яги
нижеца битӀарабилан абулеб кагътидалъун гьениб нужехъе хабар щвани
ТӀадегӀанасул къо тӀаде гӀунтӀун бугилан, нуж рихха-хочуге ва гьедигӀан
бигьаго къосинеги къосунге.

3 Лъицаниги кингоги гуккизе чӀоге нуж. Гьеб къо тӀаде щвелалде
гӀадамал Аллагьасда данде питнаялъе рахъина. Ракьалде вачӀина
кӀудияб квешлъи гьабизе бугев ва хвалде иналъе хӀалтӀизе вугев чи.

4 Гьев чи дандечӀезе вуго гӀадамаз Аллагьлъун рикӀкӀунесдеги, гьез
тӀагӀат-гӀибадат гьабулебщиналдеги. Жив гьездасаги тӀадегӀанав вугилан
чӀела. ХӀатта Аллагьасул Мукъадасаб рокъов гӀодов чӀун, жив Аллагь
вугиланги лъазабила гьес.

5 Дун гьенив вугеб мехалъ гьеб киналъулго хӀакъалъулъ бицун
букӀанагури дица, нужеда ракӀалда гьечӀищ гьеб?

6 Гьанже нужеда лъала, гьев вачӀине мех щвезегӀан, сунца ккун чӀезавун
вугевали.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Бахча-хьван жиндирго иш гьанжего гьабулеб буго гьеб квешлъиялъ.
Амма гьеб ккун чIезабун бугев нухдаса нахъе вачинегIан, квешлъи
загьирлъиларо.

8 Гьеле гьебмехалъ загьирлъила дов кIудияб квешлъи гьабизе бугев чи.
ТIадегIанав ГIисаца тIаде пун иш лъугIизабила гьесул, ГIиса вачIиналъул
кIодолъиялъ хвезавила гьев.

9 ВачIун гьев чияс, илбисалъул къуваталдалъун, батIи-батIиял гьересиял
мугIжизаталги гIаламаталги рихьизарила.

10 БатIи-батIияб хIилла-рекIкIалдалъун гуккила жидедаго тIаде тамихI
цIалеб бугел гIадамал. Гьедин ккела жиндалъун хвасарлъизе рукIараб
хIакъабщинаб гьезие бокьуларелъул ва гьез гьебги нахъчIвалелъул.

11 Гьеб сабаблъунин Аллагьас гьезухъе битIулеб гьел къосинарулеб
къуват ва гьересиялда гьел божизарулел.

12 Гьедин хIакъабщиналдаги божичIого, квешабщиналдаса лазат-кеп
босаразе тамихI гьабила!

13 ТIадегIанасе рокьулел нуж сабаблъун ккун нижеца кидаго Аллагьасе
рецц гьабула, вацал, тIоцере хвасарлъулелллъун Аллагьас нуж тIаса
рищун ругелъул. Нуж хвасарлъила – Илагьияб РухIалъ нуж
рацIцIалъизаридал ва хIакъабщиналда божидал.

14 Аллагьас нуж тIаса рищана, нижеца бицараб Рохалил хабаралъухъ
гIенеккидал. ТIадегIанав ГIиса МасихIил машгьурлъи нужехъеги
щвезейин нуж тIаса рищарал.

15 Гьединлъидал, вацал, нуж къвакIун чIа ва вагIза-насихIатаздаги
кагътидаги нижеца малъараб хIакъабщинаб кьуричIого кквe.

16 ТIадегIанав ГIиса МасихIица ва жиндие нилъги рокьарав, къин гьечIеб
къвакIиги щулияб хьулги нилъее жиндирго баркатгун кьурав нилъер
Эмен – Аллагьасги

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

17 нужер ракӀал къвакӀизареги ва лъикӀал ишазулъги рагӀабазулъги
нужее квербакъаги.

## 2 Фессалоникиязухъе 3

1 Ахиралдаги, вацал, нужеца Аллагьасда гьаре ТӀадегӀанасул
хӀакъалъулъ хабар хехго тӀибитӀизабизеги, нужер гьенибго гӀадин,
машгьурлъуледухъ гьеб хабар гӀадамаз къабул гьабизеги нижее
квербакъеян.

2 Киналго гурелъул божулел ругел, – пасатал ва квешал гӀадамаздаса
ниж цӀунейиланги гьаре.

3 Кьураб рагӀи кколев Аллагьас нужер ракӀал къвакӀизарила ва
квешлъиялдаса цӀунила.

4 ТӀадегӀанас нижерги ракӀчӀезабулеб буго нижеца малъарабщинаб
нужеца гьабулеб букӀиналдаги хадубккун гьабизе букӀиналдаги.

5 Аллагьас нужер рекӀелъе лъугьинабеги жиндирго гӀадинаб рокьиги ва
МасихӀил гӀадинаб сабруги.

6 ТӀадегӀанав ГӀиса МасихӀил цӀаралдалъун нижеца нужеда лъазабулеб
буго, вацал, кӀвахӀалалщинал ва нижеца гьениб малъарабщинабги
босичӀел нужер агьлуялъул чагӀаздаса рикӀкӀад чӀайилан.

7 Нужедаго лъалелъул нижедаса мисал босун хьвадизе кколеблъи. Ниж
гьенир ругеб мехалъ нижер кӀвахӀаллъи бихьичӀогури нужеда.

8 Чияр хинкӀ-чедалде ккун рукӀинчӀо ниж гьенир, къаси-къад чӀечӀого
хӀалтӀана нужер лъиданиги раччун рукӀинарилан.

9 Нужеца хьихьейилан абизе ихтияр букӀаниги, ниж гьедин хьвадана,
нижедасан мисал босизе букӀине.

10 Ниж гьенир ругеб мехалъ нижеца абулаангури нужеда: хӀалтӀизе
бокьуларев чи кваначӀого чӀайилан.

11 Нижеда рагӀидалха гьенир ругин кӀвахӀалал ва кколарелъуре раккун
квалквал гьабулел цо-цо гӀадамал.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

12 ТIадегIанав ГIиса МасихIил вакиллъиялдалъун гьединал чагIазда
гIайибги чIван, нижеца лъазабулеб буго: нужерго квераль бетIербахъиги
гьабун, гIодоре риччан чIайилан.

13 Цинги, вацал, лъикIлъи гьабун свакаге нуж.

14 Гьаб кагътида нижеца хъваралъухъ гIенеккуларев чиясдеги кIвар
кьечIого тоге. Живго намуслъизе, гьесулгун гьоркьоблъи гьабуге.

15 Амма тушманлъи лъазабичIого, вацасе гIадин, бадибчIвай гьабе
гьесие.

16 Нилъ ракълиде рачарав ТIадегIанас ракълида таги нуж кидаго ва
сундулъго. Биччанте ТIадегIанав нужеда киназдаго цадахъ вукIине.

17 Дирго квераль хъвалеб буго: Павелил рахъалдасан салам буго нужеде.
Гьадин чанго рагIи хъвала дица щибаб кагътида, гьанибги хъвалеб буго.

18 Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIил баркат лъеги нужеда киназдаго!

# 1 Тимофейихъе

## 1 Тимофейихъе 1

1 Гьаб буго МасихI ГIисал чапар Павелил кагъат. Нилъ хвасар гьарурав
Аллагьасе ва нилъер хьул лъолев МасихI ГIисае бокьана дун чапарлъун
вукIине. Кагъат хъвалеб буго

2 божи-иманалдалъун унго-унголъунги дие васлъун лъугьарав
Тимофейиде. Эмен – Аллагьасдасан ва нилъер ТIадегIанав МасихI
ГIисадасан рекъел, баркат ва гурхIел насиблъаги дуе!

3 Дун Македониялде унаго дица дуда гьарана Эфесалда чIайилан ва
гIадамал къосинарулел насихIатал тIокIалъ гьаругейин абун цо-цо
чагIазда лъазабейилан,

4 рукIунарел-лъугьунарел жал рицунгейилан, анкьумумузул цIарал
рехсон заман инабугейилан. Гьеб сабаблъун гIемер дагIбаги ккола.
Аллагьас нилъее бихьизабураб ва иманги лъун нилъеца гьабулеб бугеб
ишалъе щибго пайда гьечIо гьелъул.

5 Нилъеца гьедин малъулеб буго, ракI-ракIалъулаб рокьиги, бацIцIадаб
намусги, унго-унгояб божи-иманги цIикIкIине бокьун.

6 Цо-цо чагIазулъ гьеб хутIун гьечIо. Гьел машгъуллъун руго гIадада ва
гIемер гаргадиялде.

7 Гьезие бокьун буго Мусал Къануналъул мугIалимзабилъун рукIине,
амма лъаларо жидеца бицунелъул хIакъикъат ва жидедагоги бичIчIуларо
гьедин ракIчIун гIадамазда лъазабулеб бугеб жоялъул магIна.

8 Нилъеда лъала Къанун лъикIаб жо букIин, битIун пайда босулеб
бугони.

9 Лъала къанунал ритIухъго хьвадулезе гIоло рахъулареблъиги. Гьел
рахъун руго квешал ва мутIигIлъуларел, пасатал ва мунагьазукьа
хIинкъуларел, Аллагь какулел ва Аллагьасдаса ратIалъарал, эбел-эмен
чIвалел гIадамазе; чIвадарухъабазе,


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 хъахIбаял гIадамазе цоцаздасан босадул лазат босулел бихьиназе, гIадамал рикъулезе, жидерго гьаги хвезабун, гьересиго нугIлъи гьабулезе ва битIараб нухдаса гьетIаралщиназе.

11 БитIараб нух ккола гьардарав Аллагьасул къудраталъул хIакъалъулъ диде божилъи гьабураб Рохалил хабаралъул нух.

12 Дие къуват кьурав нилъер ТIадегIанав МасихI ГIисае рецц! Гьес дун
божизе бегьулевлъун рикIкIана ва жиндие хъулухъ гьабизе тIадкъана
дида – 13 цебе кидаялиго жив какарасда, жив хIакъир гьавун, хадув
лъугьарасда ва жив къварид гьавурасда. Доб кинабго дица дирго
лъавукълъиялдалъун ва божунгутIиялдалъун гьабулеб букIиндал,
гурхIана дида Аллагь.

14 Нилъер ТIадегIанасул баркат гьарзалъана дие. МасихI ГIисаде цолъидал божи-иманги рокьиги цIикIкIана дир рекIелъ.

15 Гьале нилъеца тIубанго къабул гьаризе кколел хIакъал рагIаби: МасихI ГIиса дуниялалде вачIана мунагь-хIакъалъул агьлу хвасар гьабизе ва гьале дунги вуго гьезда гьоркьоса бищунго кIудияв мунагьчи.

16 Аллагьасе бокьана дида – бищунго цIикIкIун мунагьал гьарурав чиясда – МасихI ГIисаца цIоб лъезе. Бокьана гьесде иман лъун, цIияб гIумру насиблъаразе дун мисаллъун лъугьине. Гьединлъидалин Аллагь дида гурхIарав.

17 Даимаб реццги цIарги абадияв парччахIасе – холарев-унарев, вихьуларев ва цохIо вугев Аллагьасе! Амин.

18 Тимофей, дир вас, цо кидаялиго дур хIакъалъулъ Аллагьасдасан рещтIарал рагIабиги ракIалде щун, гьадинаб тIадкъай кьолеб буго дица дуе! Гьел рагIабиги гIадахъ росун вагъе, мун гIадинав чи вагъизе кколеб куцалъ,

19 божи-иманалъул ва намус бацIцIалъиялъул ярагъги борчун. Цо-цо гIадамаз гIодобе рехун буго гьеб ярагъ, ва гьезул божи-иманалъул гамаги ральдалъ гьанкъана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

20 Гьединазда гьоркьор руго Гьименейги Александрги, дица гьел рехана
илбисалъул ханлъиялде, Аллагь какулеб гІамал тезабизелъун.

## 1 Тимофейихъе 2

1 Гьеле гьедин, сундасаго цебе, дица гьарулеб буго: нужеца дугІадулъ
киналго рехсе, Аллагьасда гьаре гьезда тІасалъугьайилан, гьезде баркат
рещтІинабейилан. ДугІадулъ Аллагьасе реццги гьабе.

2 ДугІадулъ рехсе парччахІзабиги киналго хІакимзабиги. Гьедин гьабуни,
нилъер гІумру букІина гІодобе биччараб ва ракълилаб, муъминлъиги
цІикІкІараб, къадру-къимат борхараб.

3 Гьеб буго нилъ хвасар гьарулев Аллагьасда цебе лъикІаб ва гьев
разилъулеб иш,

4 гьесие бокьун бугелъулха киналго гІадамал хвасарлъизе ва
хІакъабщинаб лъаялде рачІине.

5 Аллагь цо вуго, Аллагьасул ва инсаниятальул гьоркьохъанги цо Инсан
вуго. Гьев ккола киназулго рецІалие живго кьурав МасихI ГІиса. Гьебги
ккола Аллагьас хъвараб заманалда загьирлъараб гІаламат!

7 Гьединлъидал Аллагьас дун витІана божи-иманалъул ва
хІакъабщиналъул хІакъалъулъ цогидал халкъазда бицине илчилъун,
чапарлъун ва насихІатчилъун. Дица гьереси бицунеб гьечІо, дица
битІараб бицунеб буго!

8 Дие бокьун буго бихьиназ кидаго ва кибго гьари-дугІаялъе кверал цере
кквезе рацІцІадал къасдалгун, рекІелъ ццин гьечІого ва дагІба-къец
гьечІого.

9 Риччанте руччаби гІадатго ретІа-къан рукІине, риччанте гьел
берцинлъизе бацІцІадаб намусалъги лъикІаб гІамалалъги. БотІрол рас
къачІаялъ, меседалъ ва жавгьар-якъуталъ, чІухІараб ратІлица гуро гьел
берцинлъизе ккола,


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 гьел берцинлъизе ккола Аллагьасе гIибадат гьабулел руччабазда
рекъолебщиналдалъун, ай лъикIал ишаздалъун.

11 Йиччанте чIужугIадан, юцIцIун чIун, тIубараб мутIигIлъигун, вагIза-
насихIаталъухъ гIенеккизе.

12 Дица чIужугIаданалъе изну кьоларо насихIат гьабизе. Гьедин
бихьиназда тIад кверщел гьабизе бегьуларо гьелъ. ЙицIцIун чIайилан
абе!

13 ТIоцеве Адам вижидалха, ХIава цинги йижана.

14 Адам гуро къосинавурав, чIужугIадан къосинаюна. Гьелъ Аллагьасул
амру тIубазабичIо.

15 Амма гьейги хвасарлъизе йиго лъимал гьаридал, гьайгьай, гьелъ
гIумру божи-имангун ва рокьигун, бацIцIадго ва цIодорго тIамулеб
бугони.

## 1 Тимофейихъе 3

1 Гьале кьучIаб калам: бетIерлъи гьабизе ният-къасд ккей цIакъ лъикIаб
иш буго.

2 Иман лъуразе бетIерлъи гьабизе ккола багьана-гIайиб чIвазе бакI
гьечIого гIумру гьабулев, цо нухалъ гурони чIужу ячинчIев, сабруяв,
цIодорав, гIадлу-тадбир бугев, гьалбал хирияв, насихIат гьабизе
бажарулев чияс.

3 Гьев вукIине бегьуларо гьекъолдухъан, вагъизе бокьулев чи. ВукIине
ккола хIеренав, питна гьабуларев, гIарцуда хадув лъугьунарев чи.

4 ВукIине ккола рукъалъул агьлуялъе гIадлу гьабизе кIолев,
гIинтIамулел ва сундулъго хIурмат-къадру бугел лъималазул эмен.

5 Жиндирго рукъалъул гIадамазе гIадлу гьабизе кIоларев чиясда
Аллагьасде иман лъуразул агьлуялъул тIалаб гьабизе кIвеладай?

6 Гьев вукIине бегьуларо цIидасан иман лъуразда гьоркьоса чи, – гьев
цIакъго чIухIила, ва илбисалъе гIадинаб гIазабги хIакълъила гьесие.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Нилъер агълуялда гъорлъ гъечIезда гьоркьобги лъикIаб цIар-рецц
букIине ккола гъесие гъабулеб, гъечIони – гIадамаз кIалухъ вахъила ва
илбисалъул къорикье ккела.

8 Гъесул кумекчагIиги рукIине ккола къадру-къимат бугел, кьураб рагIуе
хисуларел, чагъир гIемер гьекъоларел, хIарамаб бечелъиялда хадур
лъугьунарел,

9 цебе балъгояблъун букIун, гьанже нилъее загьирлъараб божи-
иманалдаса кьуруларел ва намус бацIцIадал гIадамал.

10 Гъезулги цебеккунго хIалбихьизе ккола, ва гъезул щибниги квешлъи
бихьичIони, хъулухъ гьабизе тезе бегьула.

11 Гъезул лъудбиги рукIине ккола адаб-хIурматалъе мустахIикъал, мацI
гьабуларел, гьекъолдуларел, сундулъго божилъи гьабизе бегьулел.

12 Гьел кумекчагIиги рукIине ккола цо нухалъ гурони чIужу ячинчIел ва
лъималазеги рукъалъул гIадамазеги гIадлу кьезе лъалел.

13 Жидеца хъулухъ лъикI гьабулеб бугилан гIадамазда гьоркьоб къимат
борхараз хIинкъичIого бицине бегьула МасихI ГIисаде бугеб божи-
иманалъул хIакъалъулъ.

14 КватIичIого духъе вачIине рес ккелилан дир хьул бугониги, хъвалел
руго дица гьал насихIатал,

15 нагагь дун вачIине кватIани, нужеда лъан букIине Аллагьас тIаса
бищараб агълуялда, ай абадияв-даимав Аллагьасде иман лъуразул
агълуялда гъоркьор кин хьвада-чIвадилелали. Гьеб ккола
хIакъабщиналъул хIубиги сангарги.

16 Лъилниги щаклъи ккезе бегьуларо нилъер божи-иманалъулъ кIудияб
балъголъи букIиналда. Дов вуго инсанасул чорхолъ Аллагьас жив загьир
гьавурав, Илагьияб РухIалъги жив ритIухъ гьавурав, Малаикзабаздаги
жив вихьарав, Халкъаздаги жиндир хIакъалъулъ лъазабурав,
Дуниялалдаги жинда божарав, Живги Аллагьасул къудраталдалъун
зобалазде восун арав.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

## 1 Тимофейихъе 4

1 Илагьияб РухIалъ якъинго бицунеб буго ахираб заманаялда цо-цо
гIадамал божи-иманалдаса руссинилан. Гьел руссина гьерсал рицунел
жундузде, гьел нахърилълъина шайтIабаз малъаралда.

2 Гьел къосинарила намусги яхIги хIатIикь мерхьарал, ххвелал гьаризе
гьунар бугел гьерсихъабаз.

3 Гьез лъудби рачине гьукъула, цо-цо нигIматал кваназе изну кьоларо –
хIакъабщиналда божулел ва гьеб лъалел гIадамаз баркала кьун кваназе
Аллагьас гьел нигIматал рижун ругониги.

4 Аллагьас бижанщинаб жо лъикIаб буго, баркала кьун кваналеб щибго
жо нахъчIвазе бегьуларо.

5 Гьеб хIалаллъизабула Аллагьасул каламалъги нилъер дугIаялъги.

6 Диналъул вацазда гьедин малъани, мун вукIина МасихI ГIисае хъулухъ
гьабулев лъикIав чилъун. Божи-иманалъул рагIабазулги мун
нахъвилълъарал лъикIал насихIатазулги дуе пайда бахун букIин
бихьила.

7 Мун рикIкIад чIа Аллагь рикIкIунарезул гьересиял ва херал руччабазул
гIадинал харбаздаса. Мунго ругьун гьаве хIакъаб муъминлъиялъе.

8 Черх къвакIизабиялъул пайда цо-цо мехалъ гурони букIунаро,
муъминлъиялъул пайдайин абуни кидаго букIуна. Гьелъул пайда
букIина дуниялалдаги ахираталдаги.

9 Гьел руго нилъеца къабул гьаризе кколел хIакъал рагIаби.

10 Гьелъие гIололъидал нилъ гьеж гурун хIалтIулел ругел, къеркьолел
ругел, абадияв-даимав Аллагьасде хьулги лъун. Гьес хвасар гьаруна
киналго гIадамал, хасго иман лъуралал.

11 Гьаб кинабго ракIалда чIезабун амру гьабе ва малъе гьезда.

12 ГIолохъанчи вугилан мунго гьез рикIкIинчIого тезе чIоге. Иман
лъуразе мун мисаллъун вукIа бицунеб рагIулъги, гIамал-

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

хасияталъулъги, рокьиялъулъги, божи-иманалъулъги, вацІцІалъиялъул рахъалъги.

13 Дун гъениве вачІинегІан ТІухьдул цІалиялде, вагІзабазде ва насихІатазде машгъуллъе.

14 Аллагьасдасан рещтІаралда рекъон, иман лъуразул агьлуялъул бутІруз, дугІаги гьабун, тІад кверги лъун тІамураб мехалъ, Аллагьасул амруялдалъун дуе насиблъараб гьунаралдаса пайда босичІого чІоге.

15 Гьеб кинабго тІадчІун ва ракІ-ракІалъго гьабе. Цинги киназдаго бихьила дур иш цебетІолеб букІин.

16 Дуца халкква дудаго хадубги дуца малъулелда хадубги. Гьеб ишалдаса кьурун гали тІамуге, гьелдалъун дуца мунгоги духъ гІенеккаралги хвасар гьарила.

## 1 Тимофейихъе 5

1 ГІумруялъ дудаса цІикІкІарав чиясе хъачІго бадибчІвай гьабуге, инсудехун гІадин кІалъан малъе гьесда. Дудаса гІолохъанал гІадамаздаги вацазда гІадин кІалъай.

2 ЦІикІкІарал руччабаздехун кІалъай эбелалдехун гІадин, гІолохъаназдехун кІалъай яцазда гІадин, намусги вацІцІалъиги цІунун.

3 ХІакъикъаталдаги кумекалде хІажатал къоролруччабазул тІалаб-агъаз гьабе.

4 Къоролалъул лъимал яги лъималазул лъимал ругони, риччанте гьел ругьунлъизе божи-иман лъидасаго цебе жидерго рукъалъул агьлуялда бихьизабизе, эбел-инсул ва кІудабазул тІалаб-агъаз гьабизе. Гьеб буго Аллагь разилъулеб гІамал.

5 Кумекалде хІажалъарай ва тІалаб гьабизе чи гьечІого хутІарай къоролалъ, цохІо Аллагьасде хьул лъун, къасиги къадги дугІа гьабун, гьесдасан кумек гьарула.

6 Амма жиндиего лазаталъе гIоло гIумру гъабулей йигей къоролай ккола
чIаго йикIаго хварай гIадан.

7 Гъаб кинабго тIубазабизе тIаме дуца гьел, гьезул гIумруялда гIайиб
чIвангутIизе.

8 ГIагарлъиялъул, хасго рукъалъул агьлуялъул тIалаб-агъаз гьабуларев
чи божи-иманалдаса ватIалъула ва иман лъечIездасаги квешлъула.

9 СияхIалде росе лъабкъого сонги барал, цо нухалъ гурони росасеги
инчIел, къоролзаби.

10 Гьел рукIине ккола лъикIал ишаздалъун машгьурлъарал, лъималазе
тарбия кьурал, гьалбал рокьулел, диналъул вацазул хIатIал хIурудаса
чурулел, къварилъи ккарасе кумекалъе ратарал ва лъикIалщинал ишал
жидеца гьарулел рукIарал руччаби.

11 ГIолохъанал къоролруччаби сияхIалде росуге. Жидерго гьава бергьун
МасихIидаса рикIкIалъараб мехалъ, росабазе ине бокьула гьезие,

12 ва гьезда тIаде ккола росасе инарилан букIараб къотIи хвеялъул
гIайиб.

13 Гьединго гьел ругьунлъула хIалтIичIого чIезе ва цо авалалдаса
цогидалде хьвадизе. КIвахIаллъарал гIечIого, гIадамазда нахъасан
гаргадизе ругьунлъула, чияр ишазде гьоркьоре лъугьуна, бицине
рекъечIебги бицуна.

14 Гьединлъидал дица гIолохъанал къоролруччабазе гIакълу кьолеб буго
росабазе айилан, лъимал гьарейилан, рукъалъул магIишаталде
руссайилан ва тушманзабаз квешаб цIар чIвазе рукIунгейилан.

15 Илбисалда нахърилълъун къосарал цо-цо къоролруччабиги
ругелъулха.

16 Диналъул яцалъул ругони къоролллъун хутIарал гIагарал руччаби,
биччанте гьезул тIалаб-агъаз гьелъ гьабизе. Иман лъуразул агьлуялъе
бигьалъила жалго цохIо хутIарал къоролруччабазе кумек гьабизе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

17 Иман лъуразул агьлуялъул ишал тӀуразарулезе, хасго вагӀза-
насихӀаталъе хӀалтӀулезе, кӀиго бутӀаялъ цӀикӀкӀун кьезе ккела мухь.

18 ТӀухьдузда хъван бугелъулха: «Лал бокъунеб бугеб оцол кӀалалда
таргьа баге» ва «ХӀалтӀухъан мухь кьезе мустахӀикъав вуго», – ян.

19 Иман лъуразул агьлуялъул бутӀрузда тӀасан бачӀараб гӀарза гӀадахъ
босуге, гьеб битӀараб букӀин кӀиго яги лъабго нугӀас чӀезабичӀони.

20 Мунагь гьабулел гӀадамалин абуни, тӀолабго агьлуялда цере къватӀир
чӀвазаре, гьелъухъ балагьун цогидалги хӀинкъизе.

21 Аллагьасда, МасихӀ ГӀисада ва тӀаса рищарал малаикзабазда цебе
дица дуда лъазабулеб буго гьал насихӀатазда рекъон хьвадейилан,
щивниги ватӀа гьавугейилан, лъиениги тӀокӀлъи гьабугейилан.

22 Щивниги хъулухъалъе вачине тӀад квер лъезе гӀедегӀуге. Цогидал
гӀадамаз мунагьалъукье кколеб иш гьабулеб бугони, мун гьелда гьоркьов
гӀахьаллъуге. Мунго вацӀцӀадго цӀуне.

23 Жибго лъим тӀокӀаб гьекъоге дуца, дагьа-дагьаб чагъир жубай, дур
чехь унтараб бугелъул ва гӀемерисеб мехалъ мун лъикӀ гьечӀого
вукӀунелъул.

24 Цо-цо чиясул мунагьал гьанжего рихьулел руго ва Аллагьасул судалде
гьесда цере-цере унел руго. Цогидаз жидерго мунагьал хадур
рехъерхъулел руго.

25 Гьединго лъикӀал ишалги: цоял гьанжего рихьулел руго, цогидал
рихьулел гьечӀо, амма кингоги гьел лъачӀого хутӀуларо.

### 1 Тимофейихъе 6

1 Лагълъиялъул кьили гьодида бугез кӀвараб хӀалалъ хӀурмат гьабизе
ккола жидерго бетӀергьабазул, – Аллагьги нилъер божи-иманги гӀадамаз
какунгутӀизе.

2 Лагъзадерил бетӀергьабаз иман лъун бугониги, жал диналъул вацал
ругилан лагъзадерица адаб рехизе бегьуларо. Дагьабги жигар бахъун


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

хъулухъ гъабизе биччанте, гъез хъулухъ гъабулеб бугелъул иман лъурал
ва Аллагъасе рокьулел гIадамазе. Гъаб кинабго малъизе ва гъезул
рекIелъе лъугьинабизе ккола дуца!

3 Цо лъицаниги гъересинасихIат гъабулеб бугони, нилъер ТIадегIанав
ГIиса МасихIил хIакъал рагIабаздаса, унго-унголъун Аллагъасе гIибадат
гъабиялдаса щивниги кьурулев вугони,

4 гъев ккола чIухIи-пахрулъиялъул цIурав ва щибго бичIчIуларев чи.
ЖахIдаги, кьалги, хьандейги, квешал щакдарабиги рижулеб дагIба-
рагIиялде ва рагIабазул магIна сабаблъун къацандиялде бугеб
хIасраталъ унти ккезабун букIуна гъединав чиясда.

5 Гьелдалъун бижула гIаданиб нах гъечIел ва хIакъабщинаб жидехъа
биларал гIадамазул нахъаса къотIи гъечIеб къец. Гъезда ккола божи-
иман бугин жалго бечелъиялъе баккараб ицц.

6 ХIакъикъаталда божи-иман кIудияб бечелъи буго гIицIго жидер бугеб
жоялда ракI разилъизе лъалел гIадамазе.

7 Нилъеца дуниялалде щибго босун бачIунарелъулха ва гъаниса щибго
цадахъ босизеги нилъеда кIоларелъул.

8 Квине квенги ретIине ретIелги бугони, гьелда разилъун рукIина!

9 Бечелъизе бокьарал гIадамал къосуна, гIемерал гIантал ва заралиял
къасдазул къорикье ккола. Гьел къасдаз гIадамал рехула гьел гъурулел
ва хвезарулел карачалабалъе.

10 Киналго квешлъабазул аслу-кьучI ккола гIарац бокьи. Руго гIадамал
гIарцуда хадур лъугьунаго божи-иманалъул нухдаса тарарал ва гIакъуба-
къварилъабазул чIораз рекIеда ругъун лъезе биччарал.

11 Амма мун, Аллагъасул лагъ, гьелдаса лъуте! Дуца тIалаб гьабе
ритIухълъи, унго-унгояб муъминлъи, божи-иман, рокьи, къуркьунгутIи,
хIеренлъи.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 Божи-иманалъе гIоло къеркье! ГIемерал нугIзабазда цебе дуца лъикIаб къагIидаялъ дурго божи-иманалъул бициндал, Аллагьас дуе насиблъизабуна абадияб гIумру. Гьеб шапакъаталдаса махIрумлъизе чIоге!

13 Щибаб жо бижарав Аллагьасе гIоло ва Понтий Пилатида цебе лъикIаб къагIидаялъ божи-иманалъул бицарав МасихI ГIисаеги гIоло гьарулеб буго дуда,

14 нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихI вачIинегIан ритIухъго ва гIайиб чIвазе бакI гьечIеб хIалалъ тIуразарейин Аллагьасул амруял абун.

15 ЦIараб болжалалда Аллагьас гьев загьир гьавила. ЦохIо вугев ХIакимас, парччахIзабазулги ПарччахIас, ханзабазулги Ханас – Гьардарав Аллагьас загьир гьавила.

16 ЦохIо гьесие хвел гьечIо, гьев вуго лъиданиги гIагарлъизе кIолареб Нуралъулъ. Гьев лъиданиги вихьичIо ва вихьизе ресги гьечIо. Абадияб реццги цIарги гьесие. Амин.

17 Гьаб дуниялалда бечедго ругезда лъазабе гIамал кIодолъугеян ва хехго тIаса унеб бечелъиялде хьул лъогейилан. Нилъ разилъизелъун къваригIанщинаб гьарзаго кьолев Аллагьасде хьул лъейилан абе.

18 ЛъикIлъи гьабизе тIаме гьел, риччанте лъикIал ишаздалъун бечелъизе. Риччанте квер биччарал рукIине, цогидазе кьезе кидаго хIадурал рукIине.

19 Гьедин бакIарейин абе жиндалъун унго-унгояб гIумру насиблъулеб ва букIинеселъул щулияб кьучIлъун кколеб хазина.

20 Дуде божилъи гьабун бугебщинаб цIуне, Тимофей, дуца. Аллагь рикIкIунарезул чIандахабаралдаса ва гIадамаз гьересиго «лъай» абун цIар лъуралда тIасан дагIбадиялдаса рикIкIалъе.

21 Гьеб лъай жиделъ бугилан чIун, цо-цо гIадамал божи-иманалъул нухдаса тарана. Аллагьасул баркат лъеги нужеда!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# 2 Тимофейихъе

## 2 Тимофейихъе 1

1 Аллагьасе бокьун МасихI ГIисал чапарлъун лъугьарав Аллагьас
гIаламалъе кьелин абун букIараб ва гьанже МасихI ГIисадалъун
загьирлъараб абадияб гIумруялъул хIакъалъулъ Хабар бицине витIарав
Павелил рахъалдасан

2 дие хирияв вас Тимофейиде. Эмен – Аллагьасдасан ва нилъер
ТIадегIанав МасихI ГIисадасан рекъел, баркат ва гурхIел насиблъаги дуе!

3 Къасиги къадги гьоркьоса кьотIичIого дир щибаб гьари-дугIаялъулъ
мун ракIалде щвараб мехалъ, дица рецц гьабула дир умумузго гIадин,
ракIбацIцIадго жиндие хъулухъ гьабулев Аллагьасе.

4 Дида ракIалда буго дур бадисан чвахараб магIу, ва дун урхъун вуго,
мунги вихьун, ракI-ракIалъго вохизе щвеялъухъ.

5 Дида ракIалде щола дур унго-унгояб божи-иман. Гьеб цебего тIинкIана
дур кIодо Лоидал ва дур эбел Эвникал рекIелъе. Дир ракIчIола дур
рекIелъги гьеб букIиналда.

6 Гьеле гьединлъидал дица дуда ракIалде щвезабулеб буго: дица тIад
квер лъун Аллагьасдасан дулъе лъугьараб махщел-гьунаралъул цIа
боркьизабе.

7 Аллагьас нилъее хIинкъун чIеялъул гуреб, къуваталъул, рокьул ва
цIодорлъиялъул рухIин кьун бугеб.

8 Мун рекIекълъуге нилъер ТIадегIанасул хIакъалъулъ нугIлъи гьабулеб
букIиналдасаги, гьесде иман лъей сабаблъун дун туснахъалда
вукIиналдасаги намуслъуге. Аллагьас дуеги сабру кьун бугелъул, дуцаги
хIехье Рохалил хабар сабаблъун дие бугеб гIадинаб гIазаб-гIакъуба.

9 ТIасаги рищун, гьес нилъ хвасар гьаруна ва рацIцIалъейилан
лъазабуна, нилъер ишазухъ балагьун гуреб, гьесие бокьидал ва нилъеда


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

гурхIидал. МасихI ГIисадалъун гъеб баркат нилъее Аллагьас кьун букIана дуниял бижилелдего.

10 Гьанже гьеб загьирлъана нилъ хвасар гьарурав МасихI ГIиса вачIиналдалъун. Гьес хвел хвезабуна ва Рохалил хабар рещтIарабго гIаламалъе абадияб гIумруги загьирлъизабуна.

11 Гьеб Рохалил хабар бицине чапарлъун, илчилъун ва мугIалимлъун витIана Аллагьас дун.

12 Гьеб сабаблъунин дица гьадинаб гIазаб-гIакъуба хIехьолеб бугеб. Амма дун гьелдаса рекIекълъуларо. Дида лъала лъида дун божаравали ва дир ракIчIола диде божилъи гьабураб жо гьес Къиямасеб къо чIезегIан цIунизе букIиналда.

13 Дица дуда малъарал хIакъал рагIаби кьуричIого ккве дуца. Риччанте гьел дуе мисаллъун рукIине. МасихI ГIисагун цолъун, божиги рокьиги цIуне.

14 Нилъелъ бугеб Илагьияб РухIалъул къуваталдалъун дуде божилъи гьабураб лъикIабщинабги цIуне.

15 Дуда лъала Асия вилаяталда киназго, гьездаго цадахъ Фигелицаги Гьермогеницаги, диде мугъ рехараблъи.

16 БетIергьанасул цIоб лъеги Онесифорил кинабго рукъалъул агьлуялда: чанги дир рекIее хIалхьи лъугьинабуна гьес ва дун туснахъалда вукIиналдасаги намуслъичIо.

17 Рималде вачIараб мехалъ, дун валагьизе хIаракат бахъана ахирги дун ватизегIан.

18 Къиямасеб къоялъ БетIергьан гурхIаги гьесда! Эфесалда гьес дие гьабунщинаб кумек лъидасаго лъикI лъала дуда.

## 2 Тимофейихъе 2

1 Аллагьасул баркаталъул къуват-гуч гьарзаго щвезе ккола, дир вас, дуе. Гьеб нилъее щола МасихI ГIисаде цолъиялдалъун.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 ЦIакъго гIемерал нугIзал ругеб бакIалда дидасан дуда рагIанщинаб жо дуца бице божизеги бегьулел, цогидазда малъизе махщелги бугел гIадамазда.

3 МасихI ГIисал ритIухъав рагъухъанас гIадин, гIазаб-гIакъуба хIехьезе хIадурго вукIа.

4 Чабхъеналда гIахьаллъарав рагъухъан магIишатиял ишазде машгъуллъуларо, жив бодулъе ахIарав цевехъан разилъизавизе хIаракат бахъула гьес.

5 Гугарухъанасеги бергьенлъиялъул гор щоларо, букIине кколеб къагIидаялъ гьев гугаричIони.

6 Гьединго гIетI тIун хIалтIарав хурухъанасеги тIоцебе щвезе ккола хуриса бачIаралъул бутIа.

7 Дир рагIабазул пикру гьабе дуца. Кинабго бичIчIизе кумек гьабила дуе ТIадегIанас.

8 Давудил наслуялъул вас ГIиса МасихI ракIалдаса ине виччаге. Гьев хваралъуса вахъиналъул бицунеб Рохалил хабар тIибитIизабулеб буго дица.

9 Гьеб сабаблъун гIазаб буго дие – такъсирчиясда кинигин, рахсал ран руго. Амма Аллагьасул каламалда рахсал разе кIоларо!

10 Гьединлъидал дица кинабго хIехьолеб буго тIаса рищаразе гIоло – МасихI ГIисаде цолъун, гьезие абадияб къудратги хвасарлъиги щвезе.

11 ЦIакъ ритIухъал рагIаби руго: Гьесда цадахъ нилъ хун ратани, Гьесда цадахъ чIагоги рукIина,

12 Нилъеца хIехьолеб бугони, Гьесда цадахъ парччахIлъиги гьабизе буго, Нилъеца Гьесдаса инкар гьабуни, Гьесги нилъедаса инкар гьабила,

13 Нилъеда божизе бегьичIониги, Гьесда божизе бегьула, Жинцаго жиндасаго инкар гьабизе кIоларелъул Гьесда.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

14 Гьездаги ракIалде щвезабе гьеб. Аллагьасда цебе кидаго кьварун
лъазабе гьезда гьодорал рагIабазул рахъалъ дагIба-къец гьабугейилан.
ГIенеккаразе гьелдасан, къосин гурони, пайда гьечIо.

15 Мун гIазаб-гIакъуба хIехьарав чи вугелъул, кIвараб хIалалъ хIаракат
бахъе Аллагь разилъизавизе. ЗахIматалдаса намуслъизе бакI гьечIев ва
хIакъаб рагIи гурони бицунарев хIалтIухъанлъун вукIа.

16 Иман гьечIел ва гьодорал харбал рикIкIад гьаре. Гьез гIадамал
Аллагьасдаса цIакъго рикIкIалъизарула.

17 ГьересинасихIатчагIазул рагIаби тIиритIула, чорхол цо лага хьордони,
цогидал лугбуздеги гьеб бахунеб гIадин. Гьединазда гьоркьор руго
Гименейги Филетги,

18 – гьел хIакъаб нухдаса тарун руго ва гьез абулеб буго гIалам гьанжего
хваралъуса бахъун бугилан, гьелдалъун цо-цоязул божи-иман
кIалагъоркье чIвалеб буго.

19 Амма Аллагьас тIамураб кьучI щулияб буго, кьуричIого чIун буго,
«Аллагьасда жиндиралго лъала» ва «БетIергьанасул цIар рехсаравщинав
чи квешлъиялдаса рикIкIалъе!» абурал рагIабазул мугьруги буго гьеб
кьучIалда.

20 Бечедаб рокъоб, гIарац-меседалъул гуребги, цIулал ва щагIил
цIарагIги букIуна. Гьезул цояздасан щибаб кьойил пайда босула,
цогидал тун рукIуна бертин-тоялъул къоялъ къватIире рахъизе.

21 Квешабщиналдаса вацIцIад чIарав чи релълъуна гьединаб, цо хирияб
къоялъе къачIан бугеб цIарагIалда. Гьеб бацIцIадго хутIула,
бетIергьанасе гьелдаса пайда бахуна ва лъикIалщинал ишазе ярагьуна.

22 ГIолохъанаб мехалда рекIелъе лъугьунел квешал къасдаздаса
рикIкIалъе. РакIбацIцIадго ТIадегIанасе тIагIат-гIибадат гьабулезда
цадахъ хIаракат бахъе ритIухълъи, божи-иман, рокьи ва рекъел нужелъго
хутIизе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 ГӀадалаб ва жагьилаб дагӀба-рагӀиялдаса рикӀкӀалъе, дуда лъала гьелъ
къалде рачунеблъи.

24 ТӀадегӀанасе хъулухъ гьабулев чиясда рекъараб гьечӀо гьелда гьоркьов
гӀахьаллъизе. Гьев вукӀине ккола киназдехунго ракӀлъикӀав, малъизе
бажарулев ва сабруяв чи.

25 Жинде дандечӀаразеги гьес хӀеренго-хӀалимго гьабизе ккола насихӀат.
Щиб лъалеб, жидеца гьабуралдаса рекӀекълъизе тӀамила Аллагьас гьел
ва хӀакъабщинаб лъаялде рачина.

26 Цинги гьел кантӀила, илбисалъул амруялъе мутӀигӀлъиялдалъун гьел
ккун рукӀараб къорикьа рорчӀила.

## 2 Тимофейихъе 3

1 Цоги дуда лъай, Къиямасеб къоялде гӀагарлъидал, захӀматаб заман
бачӀине букӀин.

2 ГӀадамазе цохӀо жалго рокьила, гӀарацги бокьила, жалго жидецаго
рецццила; гӀамал кӀодолъила, хъачӀал рагӀаби абила; эбел-инсухъ
гӀенеккиларо, баркала лъаларо, иман-диналдаса ратӀалъила.

3 Гьел рукӀина рекӀелъ рокьиги гурхӀелги гьечӀел, мацӀ гьабулел, пасатал,
гӀасиял, лъикӀлъи рихарал,

4 хиянат гьабулел, тӀасанккарал, чӀухӀарал чагӀи. Аллагь
разилъизавичӀого, жидерго чурхдул разилъизарила.

5 Рихьдаего Аллагьасда божулеллъун чӀела, хӀакъикъаталдайин абуни,
гьез божи-иман гӀадахъ босуларо. Гьединал гӀадамаздаса рикӀкӀад чӀа
мун.

6 Гьездаго рельлъарал руго гьанже цо-цо гӀадамал. Чияр рукъзабахъе
лъугьун, гьез жидеего мутӀигӀ гьарула мунагьазул гьир бакӀлъарал,
батӀи-батӀиял къасдаз къосинарурал, тохал руччаби.

7 Гьел руччаби кидаго цо щибалиго лъазабизейилан лъугьуна, амма
киданиги хӀакъабщиналда нахъгӀунтӀуларо.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Мусаде данде Яннесги Ямбресги чIарал гIадин, пасатаб пикруялъул
гъел гIадамалги хIакъабщиналде дандечIун руго. Гъодораб батана гьезул
божи-иман.

9 Амма гьезул иш битIун ккеларо. Дол кIиязулго гIантлъиго гIадин,
гьезул гIантлъиги къватIибе загьирлъила!

10 НасихIатал, хьвада-чIвади, цебе лъураб мурад, божи-иман, сабру,
рокьи ва къохIехьей, гьединго Антиохиялда, Икониялда ва Листраялда
дица хIехьезе ккараб хадурчIей ва гIазаб-гIакъуба – гьезул кинаб босун
хал гьабуниги, мун кидаго дида хьолбохъ вукIана. Гьеб кинабгоги гIазаб-
гIакъубаялдаса ТIадегIанас ворчIизавуна дун!

12 МасихI ГIисаде цолъун, бацIцIадго гIумру гьабизе бокьаралщиназеги
букIине буго гьединаб гIазаб-гIакъуба.

13 Амма квешлъиги хIилла-рекIкIги гьабулел гIадамал дагьабги
квешалде ина. Гьезги гуккулел руго – гьелги гуккулел руго.

14 Мунго чIа дудаго малъарабги тIубанго дур рекIеца къабул гьабурабги
ккун. Дуда лъала дур мугIалимзаби щалали.

15 Лъимерлъудасаго лъана дуда Хириял ТIухьдул. Гьел ТIухьдузул
гIакъиллъиялда кIола МасихI ГIисаде божи-иманалдалъун мун
хвасарлъулеб куц малъизе.

16 Киналго ТIухьдул – Аллагьасул калам буго. Гьез хIакъабщинаб
малъула, тIекъабщинаб къватIиб чIвазабула, гъалатI-хатIа битIизабула,
ритIухъаб гIумруялъул хIакъалъулъ насихIат гьабула. Сундуего пайда
буго гьезул.

17 Хириял ТIухьдуз Аллагьасе хъулухъ гьабулев чи камиллъизавула ва
лъикIал ишазе хIажалъулебщинабги гьесие насиблъизабула.

## 2 Тимофейихъе 4

1 Аллагьасда цебе ва чIагоязеги хваразеги суд гьабизе ПарччахIлъун
вачIунев МасихI ГIисада цебе дица кутакалда гьарулеб буго:

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

2 санагIалъи бугеб мехалъги, гъечIеб мехалъги, Аллагьасул рагIи гIадамазда лъазабизе хIаракат бахъе. Дуца гьел божизаре, гьезие бадибчIвай гьабе, рекIелъ сабругун малъе гьезда. Дарсал кьолаго, кидагоги сабру гьабичIого тоге.

3 Жидеда битIараб малъулел ругел хIехьезе кIвечIого, гIадамаз рагIизе хIасрат бугебщинаб рагIизелъун жидедаго сверухъе мугIалимзабазул тIубараб бо бакIарулеб заман бачIине буго.

4 ХIакъабщинаб рагIизе бокьичIого, маргъабазухъ гIенеккила гьел.

5 Амма сундулъго дур сабру букIине ккола. ГIазаб-гIакъуба хIехье. Рохалил хабар лъазабун, дурго иш гьабе, дурго хъулухъ тIубазабе.

6 Дир рахъалъ абуни, хирияб бакIалда лъураб хъабиниса чагъир лъугIулеб гIадин, лъугIун унел руго дир гIумруялъул къоял. Къокъине заман гIагарлъун буго.

7 Дун лъикIго гугарана, дун чIчIалде щвезегIан векерана, дица божи-иман цIунана.

8 Аллагь разилъизавидал, гьанже дие къачIан буго бергьенлъиялъул шапакъат. Къиямасеб къоялъ ТIадегIанас кьела дие гьеб. Гьев вуго ритIухъав судияв. ЦохIо дие гуребги, гьев вачIиналъухъ гIащикъго ралагьун чIун ругелщиназеги кьела гьес гьеб.

9 Дуца хIаракат бахъе хехго дихъе вачIине.

10 Гьаб дуниялалде рокьи цIикIкIун дун рехун тана Демасица ва Фессалоникаялде ана. Крескент Галатиялде ана, Тит Далматиялде ана.

11 Дида аскIов цохIо Лука хутIун вуго. Маркги цадахъ ваче дуца, дир хъулухъалъулъ гьес дие цIакъ кумек гьабула.

12 Тихик дица Эфесалде витIана.

13 Мун гьаниве вачIунаго, дуца босе Троадаялда Карпил бакIалда хутIараб дир гIаба, тIахьалги росе, хасго къухьдузда хъварал.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

14 Маххул устар Александрица гIемераб квешлъи гьабуна дие. Гьесул ишазда рекъон жаза гьабеги БетIергьанас гьесие!

15 Мунги гьесдаса цIунун чIа, нилъеца лъазабулеб бугеб Хабаралде цIакъ гIасиго дандечIун вугин гьев.

16 ТIоцебе дие суд гьабулеб букIараб мехалда, кумекалъе щивниги вачIинчIо, киназго дун рехун тун вуго. Гьезул гIайиблъун рикIкIунгеги гьеб!

17 Амма ТIадегIанав ГIиса дида цадахъ вукIана. Гьес дие къуват кьуна цогидал халкъаздаги Рохалил хабар тIубанго лъазабизе. ГьалбацIалъул гажаздаса хвасар гьавуна гьес дун.

18 ТIадегIанас дун кинабго квешлъиялдаса ворчIизавила ва щибго зарал ккечIого жиндирго Зобалазулаб ПарччахIлъиялде вачина. Гьесие абадияб рецц! Амин!

19 Салам бице Прискиллада ва Аквилада, гьединго Онесифорил тIолабго рукъалъул агьлуялда.

20 Эраст Коринфалда чIун вуго. Унтун вукIиндал, Трофим дица Милеталда тана.

21 Хасел тIаде щвелалде вачIине хIаракат бахъе. Дуде салам битIулеб буго Эвбулица, Пудица, Линица, Клавдияца ва киналго диналъул вацаз.

22 ТIадегIанас кидаго рехун тогеги мун! Аллагьасул цIоб лъеги нужеда!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# Титихъе

## Титихъе 1

1 Аллагьасул лагъ ва ГIиса МасихIил чапар Павелица хъвалеб буго. ТIаса
рищаразулъ божи-иман щулалъизабизе ва муъминлъиялде рачунеб
хIакъаб нух гьезда бихьизабизе витIун вукIана дун.

2 Гьеб нухдасан ун, нилъее абадияб гIумру насиблъиялде хьул буго.
Жеги замана бижилелдего Аллагьас къотIи гьабун букIана нилъ абадияб
гIумруялде рачине. Аллагьасул рагIи хвезе рес гьечIо!

3 Нилъ хвасар гьарулев Аллагьас, жинцаго болжал цIараб заманаялда
гьебги загьир гьабун, дида гьелъул бицине тIадкъана.

4 Божи-иманалъулъ дунгун цолъун, хIакълъунго дие васлъун лъугьарав
Тит, Эмен – Аллагьасул ва нилъ хвасар гьарурав МасихI ГIисал баркатги
гурхIелги рещтIаги дуде.

5 Дица мун Криталда тун вуго гьениб жеги лъугIичIого хутIун букIараб
иш лъикI гIуцIизе ва дица дуда лъазабун букIараб къагIидаялъ щибаб
шагьаралда иман лъуразул агьлуялъул бетIерги тIамизе.

6 Гьев вукIине ккола жинда гIайибги чIваларев, цохIо гурони лъадиги
ячинчIев чи, гьесул рукIине ккола пасалъиялъулги
мутIигIлъунгутIиялъулги рахъалъ кIалухъ рахъичIел муъминал лъимал.

7 Аллагьасул ишазул тIалаб гьабун тарав чи вугелъул, иман лъуразул
агьлуялъул бетIер вукIине ккола жинда гIайиб чIваларев, чIухIи-
пахрулъи гьечIев, ццин бахъунарев, гьекъезе бокьуларев, вагъизе
гIедегIуларев ва хъантIи гьечIев чи.

8 ВукIине ккола гьобол хирияв, лъикIлъи бокьулев, тIокIал жал
гьаруларев, ритIухъав, Аллагьасда цеве вацIцIадав ва жиндаго квелъ базе
кIолев чи.

9 Жинда малъараб ва божизе бегьулеб рагIудаса кьуризе бегьуларо гьев.
Гьес насихIат гьабизе кколелъул бацIцIадаб диналъул рахъалъ ва гьелда
дандечIаралги ритIизаризе кколелъул.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 ГІемер ругелъулха мутІигІлъуларел, чІанда бицунел ва гІадамал гуккулел чагІи, хасго жугьутІазул гІадатал цІунулезда гьоркьор.

11 Гьезул кІал къазе ккола. Жидерго инжитаб хьантІиялъ гьез тІубарал хъизанал, малъизе бегьуларебги малъун, руссине-сверизе гьарулел ругелъул.

12 Жидерго шагІирасги гьезул хІакъалъулъ гьадин абун буго: «Криталъул гІадамал – кидаго гьерсихъаби, ццидалал жанаварал, кІвахІалал чохьокал!”

13 ХІакъал рагІаби руго гьел. Гьединлъидал дуца гьезие бадибчІвай гьабе, нужер божи-иман загІиплъизе тогеян,

14 ягьудиязул маргьабаздаги божугеян ва хІакъикъат мекъи сверизабулезухъги гІенеккугеян.

15 Жалго рацІцІадазейин кинабгоги хІалалаб бугеб. Амма хъубазе ва божи-иман гьечІезе щибгоги хІарамаб буго. Гьезул гІакълу-пикруги яхІ-намусги хъублъун бугелъулха.

16 Жидеда Аллагь лъалилан чІаниги, жидерго ишаздалъун гьесдаса инкар гьабулеб буго гьез. Гьел руго нахъегІанал, мутІигІлъуларел ва щибниги лъикІлъи гьабизе жидехъа бажаруларел гІадамал.

**Титихъе 2**

1 БацІцІадаб диналда рекъон насихІат гьабе дуца.

2 Херал бихьинал рукІине ккола гІорхъи-рахъ цІунарал, цІодорал, тІокІал жал гьаруларел, божи-иманги, рокьиги ва сабруги бугел.

3 Гьединго херал руччаби рукІине ккола вализабазул гІадаб хьвада-чІвадиялъул, жидеца мацІги гьабуларел, чогърое лагълъиги гьабуларел ва лъикІабщинабги малъулел.

4 Жидерго росалги лъималги рокьейилан, тІокІал жалги гьаругейилан, рацІцІадгоги хьвадейилан, рукъалъул хІалтІиги гьабейилан, россабазе

мутIигIал лъикIал лъудбилъунги рукIайилан гIолохъанал руччабаздаги бичIчIизабизе ккола гьез, Аллагьасул калам гъоз какунгутIизелъун.

6 Гьединго гIолохъабаздаги малъе тIокIал жал гьаругейилан.

7 ЛъикIал ишаздалъун дуца сундулъго мисал бихьизабе, – мун вукIине
ккола къадру-къимат борхарав ва бацIцIадаб гIамал-хасияталъул
насихIатчилъун.

8 Каламги дур букIине ккола къучIаб ва тIад кIалъазе бакI гьечIеб,
нилъер хIакъалъулъ абизе квешаб рагIиги батичIого, нилъеда
дандечIаралал инжитлъулеб.

9 Лагъзадерида бичIчIизабе жидерго бетIергьабазе мутIигIлъизе ва гьел
рази гьаризе кколилан, гьезул рагIи къотIугейилан,

10 гьезие цIогь гьабугейилан ва сундулъго лъикIаб божилъи
бихьизабейиланги, – гьелдалъун лагъзадерица берцинлъизабила нилъ
хвасар гьарулев Аллагьасул малъи.

11 Киналго гIадамал хвасар гьаризе Аллагьасул баркат рещтIун
бугелъулха.

12 Гьелъ малъулеб буго, Аллагьасда божунгутIиги дуниял хиралъиги
нахъчIван, гьаб гIасруялда нилъ хьвадейин: ритIухълъиги цIунун,
Аллагьасукьаги хIинкъун ва тIокIал жалги гьаричIого.

13 Нилъ ралагьун чIун ругелъулха ТIадегIанав Аллагьасул ва нилъ хвасар
гьарурав МасихI ГIисал къудрат рещтIинилан хьул бугеб баркатаб къо
бачIиналъухъ.

14 Квешабщиналдаса хвасарги гьарун ва рацIцIалъизеги гьарун,
лъикIабщиналде гъира бугеб жиндирго хасаб халкълъун нилъ
лъугьинаризелъун живго рецIалие кьуна МасихIица.

15 Дур тIолабго ихтияралдаса пайдаги босун, гьеб кинабго бице,
бичIчIизабе ва къосунел ругелалги чIезаре. Гьез мунго рикIкIунгутIизе
биччаге.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

**Титихъе 3**

1 Гьезда кидаго ракIалде щвезабе хIакимзабазе мутIигIлъизе кколилан,
ракIалде щвезабе малъараб гьабейилан, лъикIабщинаб гьабизеги
хIадурго чIайилан,

2 лъилниги хIакъалъулъ квешаб рагIи абугейилан, дагIбадугейилан,
хIалимлъейилан, киналго гIадамаздехун хIеренлъейилан.

3 Цере нилъги рукIиндалха гIантал, Аллагьасде мутIигIлъуларел,
къосинарурал, нилъерго гьаваялъеги ва батIи-батIиял лазатазеги
лагълъи гьабулел, ццидалъги жахIдаялъулъги къарал чагIи; нилъее
гIадамалги рокьулароан, гIадамазе нилъги рокьулароан.

4 Амма нилъ хвасар гьарулев Аллагьасдасан лъикIлъиги ва инсан
хиралъиги загьирлъана.

5 Илагьияб РухIалдалъун цIидасан рижиги насиблъизабун ва цIияб
гIумруги кьун, гьес нилъ рацIцIалъизариялдалъун хвасар гьаруна,
нилъер ритIухъал ишазухъ балагьун гуреб, жиндирго гурхIелалдалъун.

6 Нилъ хвасар гьарурав ГIиса МасихIидалъун гьеб РухI Аллагьас нилъеде
гьарзаго чвахизабуна.

7 МасихIил баркаталдалъун нилъ Аллагьасда цере ритIухълъула,
гьелдалъун нилъее абадияб гIумру насиблъиялде хьулги цIикIкIинабуна.

8 ХIакъал рагIаби руго гьел. Ва дие бокьун буго мун хасго гьезда
тIадчIезе, Аллагьасде иман лъурал гIадамалги гьелдалъун лъикIал
ишазде руссине. ГIадамазе лъикIлъиги пайдаги кьола гьел ишаз.

9 Амма умумузул сияхIалда тIасан гIантаб дагIбаялдасаги ва
Къануналъул рахъалъ къацанди-бахIсаздасаги рикIкIад чIа. Гьезул я
пайда гуро, я хайир гуро.

10 Рикьи ккезабугейилан кIиго нухалъ лъазабуниги кантIичIев
чиясдасаги ватIалъун чIа,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 дуда лъалелъул гъединав чи къосун вукIин. Мунагьал
гIемерлъиялдалъун гьес жинцаго жиндиего хIукму къотIун буго.

12 Дица духъе Артема яги Тихик витIун вачIаравго, дида аскIове
Никополалде гIедегIе мун, гьениб хасел тIамизе хIукму гьабун бугин
дица.

13 Къанунчи Зенаги Аполлосги сапаралде ритIе ва нухда гьезие
къваригIунебщинабги кье.

14 ЛъикIал ишазде ругьунлъизе риччанте нилъер гIадамал, цогидазул
къварилъи бацIцIине ва жидерго ишазул гъотIода пихъги бижизе.

15 Гьанир дида аскIор ругелщиназулги салам буго дуде. Божи-иманги
цогоял нижги рокьулел гIадамазда салам бице. Нужеда киназдаго баркат
лъеги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# Филемонихъе

## Филемонихъе 1

1 МасихI ГIисаде иман лъеялдалъун туснахъалъув тIамурав Павелил ва
нилъер вац Тимофейил салам буго нижер хирияв кумекчи Филемониде,

2 нижер яц Апфияде, нилъер ишалъул къеркьохъан Архиппиде ва дур
рокъоб данделъулеб иман лъуразул агьлуялде.

3 Нилъер Эмен Аллагьасул ва ТIадегIанав ГIиса МасихIил баркатги
саламги лъеги нужеда.

4 Аллагьасе рецц гьабун, кидаго дица мун дирго дугIабазулъ рехсола.

5 ТIадегIанав ГIисаде дур божи-иманалъулги ва киналго иман лъуразде
бугеб рокьиялъулги хIакъалъулъ рагIана дида

6 МасихIиде цолъараб гIумруялъулъ нилъее гIемераб лъикIабщинаб
щвана. Гьеб дуда мухIканго бичIчIиялде мун нилъер божи-иман цо
букIиналъ вачагиян гьарула дица.

7 Дун вохана, вац, ва цIакъ разилъана ниж дуе рокьулел рукIинги иман
лъуразул дуца ракIбатизабулеб букIинги лъайдал.

8 МасихIил диналъул вац вугелъул, дуца тIубазабизе кколеб ишалъул
рахъалъ дуе амру гьабизеги ихтияр буго дир.

9 Амма дие мун вокьулелъул, дица – Павелица, МасихI ГIисал вакилас,
тIадежоялъеги гьанже гьесие гIоло туснахъалъув тIамурав чияс – дуда
гьарун толеб буго.

10 Дир васлъун кколев Онесимил рахъалъ гьарулеб буго дица дуда.
Рахсаз вухь-вухьун вугеб мехалъ дун гьесул эменлъун лъугьана.

11 Цебе гьесдаса дуе пайда букIинчIо, амма гьанже дуеги диеги пайда
буго гьесдаса.

12 Дица гьев тIадвуссун духъе витIулев вуго, гьесда хадуб дирго ракI
бахъун унеб бугониги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

13 Дун туснахъалъув вугевгІан заманаялъ, гьев гьанив тезе бокьун
букІана Рохалил хабар тІибитІизабиялъул ишалъулъ, мунги хисун, гьес
дие кумек гьабизе.

14 Амма дур изну гьечІого щибго гьабичІо дица, – зулмуялдалъун гуреб,
мунго разилъун, гьеб лъикІаб иш дуца гьабизе бокьун.

15 ТІубанго тІадвуссун духъе вачІинелъун ватила Онесим дагьабго
заманаялъ дудаса ватІалъун вукІарав.

16 Гьанже гьев гІадатияв лагъ гуро, лагъасдасаги гІемерго тІадегІанав чи
вуго, хасго дие ва дагьавги цІакъ дуеги вокьулев вац вуго. Лагълъун
вугони щиб гьев, ТІадегІанав МасихІида цеве дур вац вугелъул.

17 Цинги, дуца дун нужер агьлуялъул чилъун къабул гьавулев ватани,
дун гІадин къабул гьаве дуца гьевги.

18 Гьес мун сундалъунниги къварид гьавун ватани, яги гьесда налъи
бугеб батани, дида тІад хъвай гьеб.

19 Гьале дица – Павелица дирго квералъ хъвалеб буго: дица гьеб налъи
бецІила. Дур гІумругицин дие налъилъун бугиланги абиларо дица.

20 Мунги диналъул вац вугелъул, ТІадегІанасе гІоло гьеб гьари тІубазабе.
Гьедин, МасихІие гІоло, дир ракІ гІодобе биччазабе.

21 Мун дихъ гІенеккизе вукІиналда ракІчІун хъвалеб буго дица гьаб.
Дида лъала дица гьарараллдасаги цІикІкІун дуца гьабизе букІин.

22 Гьанже, вац, цо дие чІезе бакІги къачІай гьениб. Нужер гьари-дугІа
къабул гьабун, Аллагьас дун нужехъе тІадвуссинавизеги бегьула.

23 МасихІ ГІиса сабаблъун дида цадахъ туснахъалъув вугев Эпафрасил,

24 гьединго дир кумекчагІи Маркилги, Аристархилги, Демасилги,
Лукалги салам буго дуде.

25 ТІадегІанав МасихІ ГІисал баркат лъеги нужер рухІазда!


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

# ЖугьутIазухъе

## ЖугьутIазухъе 1

1 Цебе заманалда чанго нухалъ ва батIи-батIияб къагIидаялъ кIалъана
Аллагь нилъер умумуздехун жиндирго аварагзабиги ритIун.

2 Гъаб дуниялалъул ахир гIагарлъараб заманалдайин абуни, гьев
нилъедехун кIалъана жиндирго васги витIун. Васасе щвезе буго Аллагьас
бижанщинаб, гьесдалъун бижана дуниял-гIалам.

3 Васасулъ загьирлъула Аллагьасул Нур. ГIицIго гьев васасулъ буго
Аллагь гIадамазда вихьизавизе кIолеб сипат-сурат. Васасул къудратаб
рагIиялъ ккун буго тIолабго дуниял-гIалам. ГIадамазул мунагьалги
чуризарун, Къудратав Аллагьасул кваранаб рахъалда гIодов чIана гьев
зобалазда.

4 Малаикзабазулаздаса кигIан тIадегIанаб цIар Аллагьас гьесие кьураб
батаниги, гьебго даражаялда малаикзабаздаса тIадегIанлъизавуна гьес
жиндирго вас.

5 Цониги малаикасда абурабищ Аллагьас: «Мун дир Вас вуго. Жакъа дун
дур Эменлъун лъугьана», – ян? Цониги малаикасул хIакъалъулъ абичIо
Аллагьас: «Дун гьасул Эменлъун лъугьина, Гьавги дир Вaслъун
лъугьина», – ян.

6 Жиндирго тIоцеве гьавурав Вас ракьалде витIулеб мехалъ, гьес абуна:
«Аллагьасул киналго малаикзабаз гьасие сужда гьабизе буго», – ян.

7 Малаикзабазул хIакъалъулъ абун буго: «Аллагьас рижарал малаикзаби
гьурал гIадинал руго, гьесул рагьтIателалги цIадул мацIал гIадинал
руго».

8 Васасул хIакъалъулъ абун буго: «Абадул-абадиялъго букIина дур
парччахIлъи!» Цогиги: «РитIухъаб ханлъи гьабила, я БетIергьан, дуца
дурго халкъалъе.

9 РитIухълъи дуе хирияб буго, квешлъи дуе цIакъ рихараб буго.
Гьединлъидалин, я дир ПарччахI, дур Аллагьас мун тIаса вищарав,


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

парччахIлъун вукIинеги мустахIикълъарав. Дур гьалмагъзабазеялдаса цIикIкIараб рохелги хIурматги насиблъана дуе».

10 Цоги абун буго: «Дуца тIоцебе ракь бижана, я БетIергьан, Дуца зобалги рижана.

11 Гьел щущан ина, амма мун нахъе хутIила. РетIел-кун гIадин хохон ина гьел киналго.

12 ТIимугъ гIадин гура-сурун рехила дуца гьел, Гурде-тIажу гIадин, хис-хисила гьел, Амма мун киданиги хисиларо. Дуе ахир гьечIо».

13 Аллагьас цониги малаикасда киданиги абурабищ: «Дир кваранаб рахъалда гIодов вукIа, дица дур тушбаби дур хIатIал лъураб бакIалда цере чIезаризегIан»?

14 Малаикзаби щал кколел? Гьел руго Аллагьасе хъулухъалъе чIарал ва хвасарлъи ирсалъе щолезе кумек гьабизе гьес ритIулел рухIал.

**ЖугьутIазухъе 2**

1 Гьединлъидалин нилъеда рагIараб Аллагьасул калам щулаго кквезе кколеб, хIакъаб нухдаса нилъго тарунгутIизе.

2 Малаикзабиги ритIун нилъер умумузухъе Аллагьас рещтIинабураб рагIигицин щулияб букIана, гьелъие мукIурлъичIезе яги гьелъухъ гIенеккичIезе ритIухъаб тамихIги гьабуна.

3 Гьанже загьирлъараб цIакъго кIудияб хвасарлъиялде мугъ рехани, кинха нилъ хвасарлъилел? ТIадегIанас жинцаго тIоцебе лъазабуна нилъеда гьеб хвасарлъиялъул хIакъалъулъ, гьесухъ гIенеккаразги бихьизабуна гьеб хIакъаб букIин.

4 БатIи-батIиял мугIжизаталги гIаламаталги рихьизарун ва батIи-батIияб къагIидаялъ Илагьияб РухIги жиндиего бокьухъе гIадамазде рещтIинабун, Аллагьас жинцагоги нугIлъи гьабуна гьелъие.

5 Гьеб нилъеца бицунеб бугеб цIияб дуниялалъул кверщел малаикзабазухъе гуро Аллагьас кьураб.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

6 ТIухьдузда буго гьадин хъвараб бакI: «ГIадан щиб жо кколеб, я Аллагь,
дуца гьесул пикру гьабизе ккани? Инсанасул тIалаб щай дуца гьабулеб?

7 Малаикзабазулалдаса дагьабго гIодобегIанаб даража кьуна дуца
инсанасе, ЦIарги рещцги насиблъизабуна дуца гьесие,

8 Бижанщиналъул кверщелги кьуна гьесухъе». «Бижанщиналъул кверщел
кьунин» инсанасухъейилан абулеб буго, гьесул кверщаликь гьечIеб жо
щибниги хутIичIеблъиги бичIчIулеб буго. Бугониги – бижанщиналъул
кверщел гьанже инсанасухъ бихьулеб гьечIо нилъеда.

9 Амма нилъеда вихьулев вуго Аллагьасул рахIму-цIобалдалъун нилъ
киназего гIоло хвезе дагьабго заманаялъе «малаикзабазулалдаса
дагьабго гIодобегIанаб даража кьурав» ГIиса. Нилъеда бихьулеб буго,
жинца хIехьараб хвел сабаблъун, гьанже гьесие «цIарги рещцги
насиблъун букIин».

10 Кинабго сундуего ва жинцаго бижарав Аллагьас ГIиса гIазаб-
гIакъубаялдалъун камиллъизави ритIухълъараблъи бихьана нилъеда, –
гIемерал лъималазе гьесул цIар-рещцалъул бутIа щвана.
ГIисацалъидалин гьел хвасарлъиялде рачунел!

11 Гьеслъидал гIадамал рацIцIалъизарулел. Жинца гIадамал
рацIцIалъизарулевги ва жал рацIцIалъизарулелги ЦохIо вугесдасан
рачIарал руго. Гьединлъидалин ГIиса намуслъуларев гьел жиндир вацал
ругин абизе.

12 Гьес Аллагьасда абулеб буго: «Дица дирго вацазул жамагIаталда
жанив мун кIодо гьавила, гьезул данделъиялда рецц гьабила дица дуе».

13 Цоги гьес абулеб буго: «Гьесдейин дир хьул букIинеб». Цоги гьес
абулеб буго: «Гьале дунги дие Аллагьас кьурал лъималги».

14 Лъималилан гьес гIадамазда абулеб бугелъул, гьелго гIадинав гьанги
биги чорхолъ бугев инсанлъун лъугьана ГIисаги. Гьедин гьабуна
гIадамал хвезаризе кIолеб илбис жиндир хвалидалъун хвезабизе бокьун.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

15 Гьедин ГIисаца тархъан гьаруна гIумруялъго хваликьа хIинкъун
рукIарал гIадамал.

16 Малаикзабазе хIалае гуро гьев вахъунев. Гьев хIалае вахъуна Ибрагьим
аварагасул зуриялъе.

17 Гьедин ГIиса сундулъго жиндирго вацазда релълъине кколаан. Гьезда
гурхIулев ва ритIухъав бищунго кIудияв кашишлъун лъугьана ва,
гIадамазул мунагьал чурун, Аллагьасул амру тIубазабуна гьес.

18 Илбисалъ гьабураб хIалбихьиялъул гIакъуба жинцагоги хIехьедал,
гьанже ГIисада кIола гьелъ хIалбихьулеб бугезе кумек гьабизе.

## ЖугьутIазухъе 3

1 Дун гIадин Аллагьас тIаса рищарал дир вацал! Нилъер божи-иманалъе
чапарлъунги бищунго кIудияв кашишлъунги Аллагьас витIарав ГIисахъ
ралагье!

2 Аллагьасул минаялъе, Мусаго гIадин, жив тIаса вищарав Аллагьасе
ритIухъав вукIана гьев.

3 Жибго минаялдаса цIикIкIун машгьурлъула гьеб мина гьабурав чиясул
цIар. Гьедин Мусадаса гIемерго цIикIкIун машгьурлъана ГIиса.

4 Щибаб минаялъул вукIуна гьеб гьабурав чи. Аллагь вуго кинабгоги
гьабуравлъун.

5 Муса вукIана Аллагьасул минаялда хурхарабщиналъе хилиплъуларев
чи, гьес нугIлъи гьабулаан хадусеб заманалда Аллагьасул рагIи
рещтIине букIиналъе.

6 МасихI вуго Аллагьасул минаялда хурхарабщиналъул бетIерлъуда
тарав хилиплъуларев вас. Гьеб Аллагьасул мина ккола нилъ, – нилъер
хьул лъолелдаги нилъерго бахIарчилъиялдаги ракIчIей бугони.

7 Илагьияб РухIалъ абулеб буго: «Жакъа нужее Аллагьасул калам
цIалулеб бугони,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 нужерго ракIал рицалъизе риччаге. Доба гIицIаб авлахъалда,
дандечIун, Аллагьасул сабруялъул хIалбихьулеб букIараб къоялъ нужер
умумузулги ракIал рицалъун рукIана.

9 Доба гьез Дир хIалбихьана, Дун щивали хал гьабуна, кIикъого соналъ
Дица щиб гьабурабали бихьун букIаниги.

10 Гьединлъидал, гьеб наслуялда ццин бахъун, Дица абуна: Гьезул ракIал
васвасдулел руго, Дир нухдасан унел гьечIо гьел.

11 Ццин бахъун Дун гьедана гьезие рахIаталъе Дица кьезе бугеб ракьалде
гьел киданиги лъугьинарилан!"

12 Воре, вацал, лъицаниги рекIелъе лъугьине биччаге квешлъиги иман
гьечIолъиги, – чIагояв Аллагьасдаса ратIалъичIого хутIизе.

13 Нужер цонигияв мунагьалъ гуккунгутIизе ва нужер ракIал рицалъичIо
рукIине, жакъайилан абизе бегьулебгIан заманаялъ щибаб къойил
цоцазе насихIат гьабе.

14 МасихIилгун гIахьалаб ирс насиблъула нилъее киназего, доб тIоцебе
букIараб ракIчIей ахиралде щвезегIан щулалъизабуни.

15 ТIухьдузда хъван буго: «Жакъа нужеда рагIани Аллагьасул рагIи,
нужерго ракIал рицалъизе риччаге, – Аллагьасде дандечIун нужер
умумузул ракIал рицалъун рукIарал гIадин».

16 Щалха дол рукIарал, «Аллагьасул калам рагIаниги», «дандечIарал»
гIадамал? Мусаца Мисриялдаса къватIире рачарал чагIи гурищ!

17 КIикъого соналъ Аллагьасул ццин лъида бахъун букIараб? Мунагьал
гьаридал гIицIаб авлахъалда жидер рукьби хутIарал чагIазда гурищ!

18 «Гьезие рахIаталъе Дица кьезе бугеб ракьалде гьел киданиги
лъугьинарилан» Аллагь лъил рахъалъ гьедарав? МукIурлъуларезул
рахъалъ гурищ!

19 Гьеле нилъеда бихьулеб буго: иман гьечIолъи сабаблъун кIвечIо гьезда
доб жидее къотIи гьабун букIараб ракьалде рорчIизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

**ЖугьутIазухъе 4**

1 РахIат-хIалхьиялде нилъ рачинилан Аллагьас кьураб рагIи хвезе
гьечIелъул, рачIа хIаракат бахъилин гьеб нилъее къотIи гьабураб рахIат-
хIалхьиялде ворчIуларев чи нилъеда гьоркьов цониги хутIунгутIизе.

2 Дол цогидал гIадамаздаго гIадин, нилъедаги рагIана Рохалил хабар.
Амма гьеб хабар рагIунилан дозие пайда бахинчIо, гьеб рагIараб мехалъ
дол гьелда божичIелъул.

3 Гьелда божарал нилъее щвезе буго Аллагьас къотIи гьабураб рахIат-
хIалхьи. Гьадин абулеб буго гьес гьелъул хIакъалъулъ: «Ццин бахъун дун
гьедана, гьезие рахIат-хIалхьиялъе дица кьезе бугеб бакIалде гьел
киданиги лъугьинарилан!» Гьес гьедин абуна, дуниял бижараб ва гьеб
бижиялъул хIалтIи лъугIараб мехалдасаго жиндирго къадар киданиги
хисизабун букIинчIониги.

4 Цогидаб бакIалдаги хъван буго анкьабилеб къоялъул хIакъалъулъ
ТIухьдузда: «Анкьабилеб къоялъ жиндирго хIалтIи лъугIидал, Гьес
хIалхьи гьабуна».

5 Амма гьелъулго хIакъалъулъ гьес абулеб буго: «Гьезие рахIат-
хIалхьиялъе дица кьезе бугеб бакIалде гьел киданиги лъугьинаро!”

6 Гьанже цо-цоял гьеб рахIат-хIалхьиялъе кьураб бакIалде лъугьунел
рукIин хIакъаб буго, амма бищун цебе Рохалил хабар рагIарал дол
цогидал гIадамал гьенире лъугьинчIо, Аллагьасде гьел
мутIигIлъичIелъул.

7 Гьеб бихьулеб буго Аллагьас цIидасан цоги къо чIезабулеб
букIиналдасан. «Жакъасеб къойилан» лъун буго гьес гьелда цIар.
ГIемерал соназдасан Давудил кIалдир лъун, абун руго Аллагьас гьелъул
хIакъалъулъ нилъеца тIадехун рехсарал рагIаби: «Жакъа нужеда рагIани
Аллагьасул рагIи, нужерго ракIал рицалъизе риччаге».

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Нунил вас ЕшуагIица гьел рахIат-хIалхьи бугеб бакIалде рачун рукIаралани, Аллагьас гьелдаса хадуб цогиги къоялъул хIакъалъулъ бицен гьабилароан.

9 Гьединлъидал Аллагьасул халкъалъе къачIан буго шамат къоялъул рахIат-хIалхьи.

10 Аллагьас рахIат-хIалхьиялъе кьелилан къотIи гьабураб бакIалде лъугьуневщинав чияс, хIалтIи лъугIун хадуб хIалхьи гьабула, Аллагьас жиндирго хIалтIудаса хадуб хIалхьи гьабураб гIадин.

11 РачIа нилъецаги хIаракат бахъилин рахIат-хIалхьи бугеб бакIалде лъугьине, – дол гIадамазулго гIадинаб мутIигIлъунгутIиялъ къосинарунгутIизе.

12 Аллагьасул рагIулъ чIаголъиги буго, жигарчилъиги буго. КIибалаб ханжаралдасаги бегIераб буго гьеб. Напсги рухIги цоцаздаса батIалъулеб бакIалде, щукIдулги рукьбиги цолъулеб бакIалде щвезегIан, гъваридго гъорлъе къан уна гьеб. Аллагьасул рагIиялъ суд гьабула инсанасул рекIел къасдазе ва ниятазе.

13 Нилъеца жинда цебе жаваб кьезе кколев Аллагьасдаса бахчизе кIоларо гьес бижараб цониги жоялда. Кинабго гьесда цебе буго, гьесул берзукь буго.

14 РачIа нилъеца ГIисал хIакъалъулъ гьабулеб калам щулаго кквезин. Нилъер вугелъул Аллагьасул вас ГIиса – зобалазде восун арав бищунго кIудияв кашиш.

15 Нилъер загIиплъи бичIчIуларев бищунго кIудияв кашиш гуро гьев. Нилъецаго гIадин илбисалъул хIалбихьи хIехьезе ккана гьес, амма мунагь-хатIа лъугьинчIо гьесдасан.

16 Таваккалго гIагарлъилин баркат рещтIинабулев Аллагьасул тахалде, – хIажатаб мехалда гьес нилъеда баркатги цIобги лъезе.

**ЖугьутIазухъе 5**

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

1 Щивав бищунго кӀудияв кашиш гӀадамазда гьоркьоса вищула, Аллагьасда цеве гьезул вакиллъун вукӀине, гьезул мунагьал чуриялъе къурбаналги сайигъаталги гьаризе.

2 Инсан вугелъул, гьесулъ загӀиплъи камуларо, гьесда ричӀчӀула жагьилалги къосун ккаралги.

3 Гьединлъидал гьесда тӀадаб буго халкъалъул мунагьазе гӀоло гуребги, жиндирго мунагьазе гӀологи къурбан гьабизе.

4 Живго лъикӀав лъугьун бищунго кӀудияв кашишлъун вахъунаро щивниги, – Гьарун гӀадин, Аллагьас тӀаса вищарав чи гурони.

5 Гьединго живго лъикӀав лъугьун гуро МасихӀги бищунго кӀудияв кашишлъун вахъун машгьурлъарав. «Мун дир Вас вуго. Жакъа дун дур Эменлъун лъугьана», – ян гьесда абурав Аллагьасин гьев тарав.

6 Цогидаб бакӀалда гьес абулеб буго: «Мун вуго абадул-абадиялъего кашиш, Мелкиседекги кашишлъун вукӀарав гӀадин».

7 Гьаб ракьалда гӀумру гьабун вукӀараб мехалда, ГӀисаца дугӀаби гьаруна ва гьев гӀек-гӀекун гӀодана жив хвалдаса хвасар гьавизе кӀолев Аллагьасда цеве чӀун. Аллагьасе мутӀигӀав вукӀиндал, гьесул дугӀа къабул гьабуна.

8 Аллагьасул Вас вукӀаниги, гӀазаб-гӀакъуба хӀехьон, мутӀигӀлъизе ругьунлъана гьев.

9 Камиллъараб мехалда гьев лъугьана жиндихъ гӀенеккаразе насиблъулеб абадияб хвасарлъиялъул иццлъун.

10 Аллагьас гьев тӀамуна бищунго кӀудияв кашишлъун, Мелкиседекги кашишлъун вукӀарав гӀадин.

11 Гьелъул хӀакъалъулъ бицине жо гӀемер буго нижер, амма бичӀчӀизабизе захӀмалъила, бичӀчӀизе нуж хӀинцал ругелъул.

12 Гьанжени нужго рукӀине кколаан мугӀалимзабилъун, амма, цебего гӀадин, нужее къваригӀунев вуго Аллагьасул рагӀиялъул аслу-кьучӀ

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

цIидасан бичIчIизабулев чи. КъвакIараб квен кваназе кIолеб гьечIо нужеда, рахьги гьекъон чIолел руго.

13 Рахь гьекъон чIолев чи лъимералда релълъуна, битIарабги тIекъабги батIа гьабизе лъаларо гьесда.

14 КъвакIараб квен данде ккола балугълъи-камиллъи щваразе, бихьун-лъан лъикIабги квешабги батIа бахъизе кIолезе.

**ЖугьутIазухъе 6**

1 МасихIил хIакъалъулъ рагIул тIоцересел дарсалги нахъа тун, рачIа нилъ церехун инин балугълъи-камиллъи щваразул гIелмуялде. ЦIидасан кьучI тIамун щай нилъее? ЦIидасан бицинарин тавбуялъулги, хвалде рачунел ишал рехун теялъулги, Аллагьасда божиялъулги,

2 лъадалъ ччун рахъиялъулги, дугIаги гьабун тIад квер лъеялъулги, хваралъуса рахъиналъулги, Аллагьас абадиялъего гьабураб хIукмуялъулги.

3 Бичас биччани, нилъ церехун ина!

4 Божи-иманалдаса ратIалъун ругел чагIи тавбуялде рачине кIолелищ? Цере гьел рукIана Аллагьасул Нуралъулъ, гьезие щвана зобалазул сайигъат ва, цогидазего гIадин, Илагьияб РухIалдасан гьунарги щвана.

5 ХIалбихьун лъана гьезда Аллагьасул рагIиялъул лъикIлъи, лъана тIаде щвезе бугеб Аллагьасул ПарччахIлъиялъул къуват-гуч.

6 Кин гьел ритIун ккезарилел, божи-иманалдаса ратIалъун ругони? Гьез цIидасан хъанчида валев вуго, инжит-хIакъир гьавулев вуго Аллагьасул Вас!

7 Ризго рарал цIадазул регьел гьорлъ цIикIкIараб ракьалъ лъикIаб бачIин кьола хурухъабазе. Гьединаб ракьалда Аллагьасул баркат лъола.

8 Амма гьеб ракьалда заз-хъарахъ гурони бижулеб гьечIони, гьелдаса пайда бахунаро, Аллагьасул нагIана насиблъиялъул хIинкъи букIуна гьелъие. Ахирги цIа гъун бухIула гьединаб ракьалда бижарабщинаб.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

9 Амма нижеца гьедин абулеб бугониги, дир хириял вацал, нижер
ракIчIола нуж гьединал чагIи ратиларин, нужеда дагьабги цIикIкIараб
баркат лъелин ва гьелъ нужги хвасар гьарилин.

10 Аллагь ритIухъав вуго. Иман лъурал вацазул нужеца цебего гIадин
гьанжеги тIалаб гьабулеб буго. Гьеб жив вокьун нужеца гьабулеб бугеб
иш кIочон толаро Аллагьасда.

11 Нижее бокьун буго нужер щивав чиясул хIаракатги тавакалги
ахиралде щвезегIан чучлъунгутIизе, Аллагьасде лъураб хьулги тIубазе.

12 Нуж кIвахIаллъуге. Божи-иманги сабруги бугелъул, Аллагьас къотIи
гьабураб жо жидее щолел гIадамаздаса мисал босе.

13 Ибрагьим аварагасе къотIи гьабулеб мехалъ, цIар рехсон гьедизе
жиндаса тIадегIанав вукIунарелъул, жиндирго цIаралдалъун гьедана
Аллагь.

14 Гьес абуна: «Дица дуде баркат рещтIинабила! Дица дуе наслаби
кьела».

15 Цинги, сабру гьабун чIедал, Ибрагьимие щвана жиндие къотIи
гьабураб жо.

16 ГIадамал гьедула жидедаса гIемерго тIадегIанаб жо рехсон. Гьедин,
гьа гьедун лъугIизабула кинабгоги дагIба-къец.

17 Жиндир ният-къасдалдаса киданиги къуркьунгутIи-кьурунгутIи жидее
къотIи гьабурал гIадамазда бихьизабизе бокьараб мехалъ, жинцаго
кьураб рагIи щулалъизе гьаги гьедана Аллагьас.

18 Аллагьасул гьереси букIунарелъул, киданиги хисулареб кIиго жо буго
– кьураб рагIиги гьаги. Гьединлъидал кIанцIизе бакI Аллагьасда аскIоб
батарал нилъер ракIчIей цIикIкIана хьул лъураб щвезе букIиналда.

19 Гьеб хьул нилъер рекIее буго щулияб ва кьури гьечIеб хIубилъун.
Нилъер хьул лъолев ГIиса Мукъадасаб БакIалъул пардав бахун
жанивехун лъугьуна.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

20 Нилъее гIоло ГIиса нилъедаса цеве гъениве жаниве лъугъана ва
абадул-абадиялъего кашишлъунги лъугъана, Мелкицедекги кашишлъун
вукIарав гIадин.

**ЖугьутIазухъе 7**

1 Гьев Мелкицедек вукIана Салам улкаялъул парччахIлъунги ТIадегIанав
Аллагьасул кашишлъунги. Ункъо парччахIасда тIад бергьенлъиги босун,
рагъдаса тIадвуссун вачIунев вукIарав Ибрагьим аварагасда дандчIвай
гьабуна Мелкицедекица ва дуда баркат лъегиян абуна.

2 Цинги Ибрагьимица гьесие кьуна жиндир кинабго давлаялъул анцIил
бутIа. Цо бугони, Мелкицедек абураб цIаралъухъ балагьунги гьев ккола
«ритIухъав парччахI». КIиабизе бугони, гьев вукIана Салам улкаялъул
парччахI, ай «ракълил улкаялъул парччахI».

3 Гьесул я эмен вукIинчIо, я эбел йикIинчIо, я умумузул силсила гьечIо.
Гьесул гIумруялъул я авал гьечIо, я ахир гьечIо, – Аллагьасул васго
гIадин, гьевги ккола абадул-абадиялъего кашиш.

4 Бихьулищ кигIан тIадегIанав чи гьев вукIаравали! Нилъер
зурияталъулго эменлъун кколев машгьурав Ибрагьимица гьесие кьуна
рагъда жиндиего щвараб давлаялъул анцIил бутIа.

5 Кашишзабилъун лъугьунел Левийил наслуялъул гIадамазе
Кьануналъул амру буго халкъалъухъа, ай диналъул вацазухъа, анцIил
бутIа босеян, гьел вацал Ибрагьимил зурияталъул ругониги.

6 Дов Мелкицедек Левийил наслуялъул вукIинчIониги, гьес
Ибрагьимихъа (Аллагьас рагIи кьурав чиясухъа!) анцIил бутIа босана ва
дуда баркат лъегиян абуна.

7 ТIадегIанасдасан гIодовегIанасе баркат щолеблъиялда щаклъизе
бегьуларо.

8 АнцIил бутIа бакIарулел кашишзаби ккола холел-унел гIадамал, амма
анцIил бутIа босарав Мелкицедекил хIакъалъулъ ТIухьдузда хъван буго
гьев чIаго вугилан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

9 Абизе бегьула Ибрагьимица анцIил бутIа кьолеб мехалда, жиндир наслуялъ анцIил бутIа бакIарулев Левийица жинцагоги кьун батилин гьебилан.

10 Щайин абуни, дов Мелкицедек Ибрагьимида дандчIвараб мехалда жеги гьавун вукIинчIо Левий. Жиндир наслуялъул эмен Ибрагьимил чорхолъ вукIанин гьевилан абизе бегьула.

11 Къануналъ рихьизарурал ишал Исраилил халкъалда гьоркьор тIуразарулел кашишзаби рукIана Левийил наслуялъул гIадамал. Гьел кашишзабаздалъун камиллъи щолеб букIарабани, цогидав кашиш, ай Гьарунил наслуялъул гурев, Мелкицедек гIадинав кашиш къваригIинароан.

12 Кашишлъи хисулеб бугони, Къанунги хисизабизе ккола.

13 Нижеца бицунеб бугев ТIадегIанав ГIиса цогидаб наслуялъул – къурбан хъолеб бакIалде ун кашишлъи гьабичIел гIадамазул наслуялъул вукIана.

14 Нилъеда лъикI лъала нилъер ТIадегIанав ГIиса Ягьудал наслуялдаса вукIаравлъи. Кашишзабазул бицунаго, Мусаца гьеб наслу рехсон гьечIо.

15 Гьеб иш дагьабги баянлъула Мелкицедекида релълъарав цIияв кашиш вачIун вукIин нилъеда бичIчIулеб бугони.

16 Къануналда рекъон кашиш цо наслуялъул вукIине ккола, амма Къануналъ малъухъе гуро ГIиса кашишлъун тIамурав. Гьев кашишлъун тIамуна гьесулъ бугеб абадияб гIумруялъул къудраталдалъун.

17 Гьесул хIакъалъулъ абун буго: «Мун вуго абадул-абадиялъего кашиш, Мелкицедекги кашишлъун вукIарав гIадин».

18 Цо рахъ босани, Къануналъул цебе букIараб амру добегIан толеб буго гьеб загIипабги пайда гьечIебги бугелъул.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

19 Къануналъ щибниги камиллъизабичIелъулха! Цогидаб рахъ босани,
нилъее рес кколеб буго Аллагьасде гIагарлъизарулеб лъикIаб жоялде
хьул лъезе.

20 Гьа гьедичIого тIубачIо гьеб иш. Цере кашишзабилъун лъугьаразе гьеб
хъулухъ щвана гьаги гьедичIого,

21 амма ГIиса кашишлъун лъугьана, Аллагьас гьесда гьадин абураб
мехалда гьедараб гьаялдалъун: «БетIергьан гьедана, мун абадул-
абадиялъего кашиш вугилан. Жиндирго рагIи гьес хисизабуларо!”

22 Гьединлъидал ГIиса вуго гьесде щвезегIан букIараб КъотIиялдаса
лъикIаб КъотIи щвеялъе сабаблъун ккарав чи.

23 Цебе заманалдаги гIемер рукIана кашишзаби, – гьел холел-унел
рукIиналъ квалквал гьабулеб букIана Аллагьасе хъулухъалда хутIизе.

24 Амма ГIисаца гьоркьоса къотIизе толеб гьечIо жиндирго кашишлъи,
гьев абадиялъе чIаго вугелъул.

25 Гьедин бугелъул, гьесда кIола жинда нахърилълъун Аллагьасде
гIагарлъарал кидагоялъе хвасар гьаризе, – Аллагьасда цебе гьезие
шапагIат гьабизе кидаго чIагояв вуго гьев.

26 Гьеле гьединав бищунго кIудияв кашишин нилъее хIажалъун вукIарав:
вацIцIадав, мунагь-хатIа гьечIев, чIегIераб тIанкI лъечIев, мунагьазул
цIураздаса ватIа гьавурав ва зобалаздасаги тIадехун восун арав.

27 Цогидал бищунго кIудиял кашишзабазда релълъарав гьечIо гьев. Цин
жиндирго мунагьал чуризе, хадуб халкъалъул мунагьал чуризеги щибаб
къоялъ къурбан гьабизе кколаро гьес. Живго къурбанлъун лъугьун, гьес
гьеб тIубазабуна цохIо нухалъ ва кидагоялъе.

28 Мусал Къануналъ бищунго кIудиял кашишзабилъун тIамула камиллъи
щвечIел гIадамал, амма Къануналдаса хадуб гьаги гьедун, рагIиги кьун,
Аллагьас кашишлъун тIамуна абадул абадиялъего камилав кашишлъун
лъугьарав жиндирго Вас.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

**ЖугьутIазухъе 8**

1 Гьале нижее гьанже абизе бокьараб жо: Къудратав Аллагьасул тахалъул
кваранаб рахъалда зобалазда гIодов чIарав бищунго кIудияв кашиш вуго
нилъер.

2 Бищунго кIудияв кашишас гIадин, ГIисаца хъулухъ гьабулеб буго,
инсанас гуреб, БетIергьанас чIвараб унго-унгояб чадиралъуб бугеб
Мукъадасаб бакIалда.

3 Бищунго кIудияв кашиш тIамула Аллагьасе къурбаналги сайигъаталги
гьаризе. Нилъер бищунго кIудияв кашишасги гьединго цо щибниги жо
къурбанлъун гьабизе кколеб букIана.

4 Гьев ракьалда вукIаравани, кашишлъунцин вукIинароан. Ракьалда
ругелъул Къануналда рекъон Аллагьасе къурбанал гьарулел кашишзаби.

5 Гьез жаниб хъулухъ гьабулеб чадир ккола зобалазда бугеб мукъадасаб
чадиралъул рагIадлъунги суратлъунги. Гьединго ккана Мусалги: Мусаца
мукъадасаб чадир чIвазе кколеб букIараб мехалда, Аллагьас гьесда
абуна: «Доба магIарда дуда бихьизабун букIараб зобалазул чадиралъул
сураталда рекъон гьабе кинабго».

6 Гьале гьанже ГIисае щвана кашишлъиялъул хъулухъ, – цере рукIарал
кашишзабазулалдаса гIемерго тIадегIанаб. Гьединго тIадегIанаб буго
Аллагьасдаги гьесул халкъалдаги гьоркьоб ГIисадалъун лъугьараб
КъотIи. ЛъикIабщиналъе кьураб рагIул кьучIалда гьабураб бугелъул,
цIакъго лъикIаб КъотIи буго гьеб.

7 Доб тIоцебесеб къотIи камилаб букIарабани, кIиабизеги къотIи гьабизе
ккелароан.

8 ГIадамазда гIайиб чIвазе гIилла ккедал, Аллагьас гьадин абуна: «ТIаде
щолеб буго, – ян абулеб буго БетIергьанас, – Исраилил халкъалъулгун ва
Ягьудал халкъалъулгун дица цIияб къотIи гьабулеб заман.

9 Доб къоялъ, квер ккун рачун, Мисриялдаса къватIире лъугьинарулаго,
гьезул умумузулгун дица гьабун букIаралда релълъараб букIинаро гьеб


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

КъотIи. Гъабураб КъотIиялъе ритIухълъи цIуничIелъул, дица гьел рехун тана», – ян абулеб буго Аллагьас.

10 «Гьале дица Исраилил халкъалъулгун хадусеб заманалъе КъотIи гьабулеб буго, – ян абулеб буго БетIергьанас. Дица дирго амруял гьезул гIакълуялъулъе лъугьинарила. Гьезул ракIазда хъвала дица гьел. Дун вукIина гьезул Аллагьлъун, Гьел рукIина дир халкълъун.

11 Гьезул лъицаниги мадугьаласе гIакълу кьеларо Ва диналъул вацасдаги лъицаниги абиларо: „Дурго БетIергьан щивали лъазаве“, – ян. ГIисиназдаги чIахIияздаги – киназдаго дун лъазе вугелъул!

12 Гьезул мунагьаздаса дун тIасалъугьина, гьезул гъалатI-хатIаги тIокIаб ракIалде щвезабиларо».

13 ЦIияб КъотIиялъул бицунаго, Аллагьас доб тIоцебесеб КъотIи басралъизабулеб буго. Басралъарабщинабги херлъарабщинабги хехго хола, тIагIуна.

**ЖугьутIазухъе 9**

1 ТIоцебесеб КъотIиялда рихьизарун рукIана Аллагьасе хъулухъ гьабизе ккеялъул бицунел амруял ва гьеб хъулухъ гьабиялъе ракьалда гIадамаз бараб бакIги.

2 КъватIисебилан цIар лъураб чадирги чIван букIана. Чадиралъур рукIана чирахъги, столги, мукъадасаб чедги. Гьелда абулаан Мукъадасаб БакIилан.

3 КIиабилеб пардавалда нахъа букIана Бищунго Мукъадасаб БакIилан цIар лъураб чадир.

4 Гьениб жаниб букIана махIгьуинаб нахул кьеккен тIад гьабулеб меседил стол ва КъотIиялъул гъамас. Гьебги тIубанго меседалъ бацараб букIана. Гьансиниб букIана зобалаздасан рещтIараб нигIмат жаниб бугеб меседил гIорто, гъотIода тIад гIадин гIурччинаб тIамах бараб Гьарунил гIанса ва Аллагьасул амраби тIад хъвараб кIиго ганчIил къоноги.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

5 Гъансида тIад лъун рукIана Аллагьасул Нур гьениб букIиналъул
гIаламатлъун кколел куркьбал ругел жанаваразул суратал. ГIадамазул
мунагьал чуризе хьолеб къурбаналъул би тIаде чвахулеб бакIалда тIад
рукIана гьезул куркьбал. Амма гьеб киналъулго хIакъалъулъ гьаниб
мухIканго бицинчIониги гIела.

6 Гьедин гьабун букIана гьениб кинабго. Кашишзаби щибаб къоялъ
къватIисеб чадиралъуре лъугьуна жидедаго тIадал ишал тIуразаризе.

7 Амма цохIо бищунго кIудияв кашиш лъагIалида жаниб цо нухалъ
лъугьуна жанисеб чадиралъуве. Гьес гьенибе босула жиндирго мунагьал
чуризе ва жидерго жагьилльиялдалъун халкъалъ гьарурал мунагьал
чуризеги Аллагьасе къурбанлъун бугеб би.

8 Гьеб киналдалъунго Илагьияб РухIалъ нилъеда бихьизабулеб буго, гьеб
къватIисеб Чадир бугебгIан заманаялъ, Бищунго Мукъадасаб БакIалде
нилъее нуцIа къан букIин.

9 Гьале гьанже бугеб заманалъул рахъалъ гьабураб ишарайин гьеб.
Гьелъул магIнаги ккола Аллагьасе гьарурал сайигъатазги хIайванал
къурбаналъе хъвеялъги гьеб къурбан жинца гьабурав чиясул намус
бацIцIалъуларин ва гьев камиллъизавизе кIоларин абураб.

10 Гьеб буго кванаялда, гьекъеялда ва чвердон черх бацIцIад гьабиялда
хурхараб гIадат. Гьеб буго инсанасул рекIеда хъатIулареб амру. Аллагьас
гьеб амруги гьабуна цIияб тIаде кьезегIан заманаялъе.

11 МасихI вачIун вуго бищунго кIудияв кашишлъун, гьес босун бачIана
гьанже нилъехъе щвараб лъикIлъи. Гьес Аллагьасе хъулухъ гьабулеб
Чадир доб цебегосеб Чадиралдаса гIемерго тIадегIанаб ва камилаб буго.
ГIадамаз гьабураб гурелъул, гьаб дуниялалъулги гуро гьеб.

12 Чадиралъусан ун, нилъ киназего гIоло цохIо нухалъ Бищунго
Мукъадасаб БакIалде жаниве лъугьараб мехалда, гьес гьенибе босичIо
дугIбузул яги бусбузул би. Гьес гьенибе босана жиндирго би, гьелдалъун
абадиялъего гIадамазул мунагьал чуриги насиблъизабуна.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

13 Хъублъарал гIадамал дугIбузулги бусбузулги бидул тIирабаз ва бухIараб бачил рохъо тIаде щваялъ рацIцIалъулел ратани,

14 кигIан цIакъдай гьел рацIцIалъила МасихIил биялъ. Абадияб Илагьияб РухIалъ малъун, гьес живго кьуна Аллагьасе камилаб къурбанлъун. Гьесул биялъ бацIцIад гьабуна нилъер намус нилъ хвалде рачунеб квешлъиялдаса ва хIакъав Аллагьасе хъулухъ гьабизе нилъее ресги рекъезабуна.

15 МасихI вуго цIияб КъотIиялъе гьоркьохъан. Гьев сабаблъун Аллагьас жиндихъего ахIарал гIадамазе щвезе бегьула Аллагьас рагIи кьун букIараб абадияб ирс. Гьесул хвелалъ халкъ тархъанлъана тIоцебесеб КъотIиялъул заманалдаго гьез гьарун рукIарал мунагьаздаса.

16 Васияталъул бицунаго, гьеб гьабурав чи хун вукIин чIезабизе ккола.

17 Щайин абуни, васият цебе бахъизе бегьуларо гьеб хъварав чи чIаго вугевгIан заманаялъ, гIицIго гьев хун хадуб гурони васият тIубазабуларо.

18 Гьединлъидалин доб тIоцебесеб КъотIигицин биялдалъун тасдикъ гьабун букIараб.

19 Цин Мусаца халкъалъе цIалун, гьезда лъазаруна Къануналда рукIарал киналго амруял. Цинги гьес бусбузулги дугIбузулги би лъимгун жубазабуна ва багIараб квасулкуналъ бухьараб, махIгьуинаб хъархъил гIаркьелалъ Къануналъул тIехьалдеги тIолалго гIадамаздеги тIираби щвезаруна гьеб бидул.

20 Мусаца абуна: «Гьале нужеца тIубазабейилан Аллагьас амру гьабураб КъотIи щулалъизабулеб би».

21 Мусаца гьединго бидул тIираби щвезаруна КъотIиялъул Чадиралде ва Аллагьасе хъулухъ гьабиялъе хIалтIизарулел киналго тIагIелаздеги.

22 Къануналда рекъон, дагьал жал хутIизегIан, биялъ бацIцIалъула кинабгоги хъублъарабщинаб, би гIодобе тIечIони, мунагьаздасаги рацIцIалъуларо!


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 Гьедин рацIцIалъизаризе кколел рукIана зобалазда ругезул гIицIго
сипат-суратлъун кколел гьел жал. Амма зобалазда ругезе къваригIуна
гIемерго лъикIаб къурбан.

24 ГIадамаз гьабураб Мукъадасаб бакIалда жаниве гуро МасихI
лъугьарав. Гьебги буго унго-унгояб Мукъадасаб бакIалъул сипат-
суратлъун. Гьев лъугьана жалго зобалазда жаниве, доба Аллагьасда цебе
нилъее шапагIат тIалаб гьабизе.

25 Жиндирго гуреб биги босун щибаб соналъ лъугьуна бищунго кIудияв
кашиш Бищунго Мукъадасаб бакIалда жаниве. Амма МасихIица живго
цохIо нухалъ къурбанлъун гьавуна.

26 Гьедин букIинчIебани, гьаб дунијал бижаралдаса нахъего, живго
къурбанлъун гьавун, МасихIица чанги нухалъ хIехьезе ккелаан гIазаб-
гIакъуба. Гьанже, гьаб дуниял ахирлъулеб бугеб заманалда, гьев цохIо
нухалъ вачIана, киназего гIоло живго къурбанлъун гьавун, гьезул
мунагьал чуризе.

27 Кинавго чиясе къадар хъван буго цохIо нухалъ хвезе, гьелдаса хадуб
гьесие Аллагьас судги гьабула.

28 Гьединго МасихIицаги цохIо нухалъ къурбанлъун гьавуна живго,
гIемеразул мунагьал чуризелъун. ГIадамал мунагьаздаса рацIцIад
гьаризе гуро гьев кIиабизе вачIунев, жив вачIиналъухъ ралагьун чIарал
чагIи хвасар гьаризейин.

### ЖугьутIазухъе 10

1 Къанун – хIакъаб лъикIлъи гуро, гьеб ккола Аллагьасдасан бачIине
бугеб лъикIлъиялъул рагIад. Щибаб лъагIалидаса лъагIалиде, хисиго
гьечIого, цого тайпаялъул къурбанал гьарула Аллагьасе. Гьединал
къурбаназдалъун Къануналда кIвелищ Аллагьасухъе рачIунел гIадамал
камиллъизаризе?

2 Аллагьасе къурбанал гьарулел гIадамал хIакъикъаталдаги жидерго
мунагьаздаса рацIцIалъулелани, тIокIалъ гьезул рекIелъе лъугьинароан

жал мунагьалъукь ругилан абураб пикру. Гьебмехалда киналгIаги къурбаналги гьаричIого телаан.

3 Амма щибаб лъагIалидаса лъагIалиде къурбанал гьарула, гьелдалъун гIадамазда жидерго мунагьалги ракIалде щола.

4 Щайин абуни, бусбузулги дугIбузулги биялда кIоларо мунагьал чуризе.

5 Гьединлъидал, МасихI дуниялалде вачIине кколеб заманалда, гьес Аллагьасда абуна: «Дуе рокьуларо къурбаналги сайигъаталги. Дуца къачIана дие черхги.

6 Дуе бокьуларо къурбан гьабулеб бакIалда тIад хIайванал тIубанго рухIиги, мунагьаздаса рацIцIалъизелъун гьел хъвейги.

7 Хадуб дица абуна: „Гьале, БетIергьан, дун вачIун вуго, дир хIакъалъулъ ТIухьдузда хъван бугеб куцалда дур амру тIубазабизе“».

8 Цин гьес абуна: «Дуе рокьуларо къурбаналги сайигъаталги» ва «Дуе бокьуларо къурбан гьабулеб бакIалда тIад хIайванал тIубанго рухIиги, гьединго мунагьаздаса рацIцIалъизелъун гьел хъвейги». Гьес гьедин абуна гьел къурбаназул хIакъалъулъ Къануналда хъван бугониги.

9 Цинги абуна гьес: «Гьале, БетIергьан, дун вачIун вуго дур амру тIубазабизе». Гьедин цебехун абураб МасихIица добегIан толеб буго, кIиабизе абурабги гьелъул бакIалда лъолеб буго.

10 ГIиса МасихIица Аллагьасул амру тIубазабидал, нилъ киналго мунагьаздаса рацIцIалъана, киназего гIоло цохIо нухалъ гьес жиндирго черх къурбанлъун гьаби сабаблъун.

11 Щивав кашишас щибаб къоялъ Аллагьасе хъулухъ гьабула ва цоцазда релълъарал, амма жидедалъун мунагьал чуруларел къурбаналги гIемер гьарула.

12 МасихIицани цохIо нухалъ гьабуна абадиялъго мунагьал чуризе кIолеб къурбан, Аллагьасул кваранаб рахъалда гIодовги чIана.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

13 Гьев гьенив вукIуна Аллагьас «гьесул тушбаби гьесул хIатIал лъураб бакIалда цере чIезаризегIан».

14 Гьедин цохIо къурбаналдалъун гьес абадул-абадиялъего камиллъизаруна жинцаго мунагьаздаса рацIцIалъизарурал гIадамал.

15 Илагьияб РухIалъги нугIлъи гьабула гьелъие. Цин, гьелъ абулеб буго:

16 «Гьале бачIунеб заманалда дица гьезулгун гьабизе бугеб КъотIи, – ян абулеб буго БетIергьанас. – Дица дирго амруял гьезул гIакълуялъулъе лъугьинарила. Гьезул ракIазда хъвала дица гьел».

17 Цинги абулеб буго: «Гьезул мунагьги гъалатI-хатIаги тIокIаб ракIалде щвезабиларо».

18 Аллагь мунагьазда тIасалъугьунев вугони, гьездаса рацIцIалъизе гIоло гьарулел къурбанал тIокIалъ къваригIунаро.

19 Гьединлъидал, вацал, ГIисал би гIодобе тIей сабаблъун, махIги хIинкъичIого лъугьине бегьула нилъ Бищунго Мукъадасаб бакIалда жанире.

20 Гьелъул пардавалда гьоркьосан гьес нилъеда бихьизабуна абадияб гIумруялде рачунеб цIияб нух. Гьеб пардав ккола гьесул черх.

21 Аллагьасул минаялъуб хъулухъ гьабизе тIамурав чилъун гьединав бищунго кIудияв кашиш вугелъулин,

22 ракI-ракIалъулаб ва щулияб божи-имангун, намусалдаса хъубаб тIанкIги бацIцIад гьабун ва бацIцIадаб лъадаца чурхдулги чурун, нилъ Аллагьасде гIагарлъулел ругел.

23 Щулаго кквелин нилъеца гьеб нилъ божун ругеб хьул, – нилъее рагIи кьурав Аллагьасда божизе бегьулелъулха.

24 ХIаракат бахъилин цоцаздехун рекIелъ рокьи цIунизе ва цоцазе лъикIлъи гьабизе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

25 Цо-цояз рехун толеб гIадин, нилъеца рехун теларин цоцазда аскIоре
данделъулеб гIадат. ТIадегIанав вачIунеб Къо гIагарлъулеб букIин
бихьанагIан, цIикIкIун ракIбатизабилин цоцазул.

26 ХIакъабщинаб лъан хадубги бокьун-разилъун нилъеца мунагьал
гьаруни, гьел нилъеда тIаса ккезарулел къурбанал рукIунареблъи лъай.

27 Амма Аллагьасда дандечIаразе гIасияб тамихI букIине буго, гьел
кIкIунеб цIадул бухIиги цIикIкIараб буго.

28 Мусал Къанун цIуничIого такъсир гьабурав чи расги гурхIичIого
чIвала, кIиго яги лъабго чиясул нугIлъи бугони.

29 Аллагьасул вас гIад-хочI гьавурав чиясе кинаб тамихIдай букIина?
Жив мунагьалдаса вацIцIад гьавураб ва илагьияб КъотIи
щулалъизабураб бидул багьа учузлъизабурасе кинабдай букIина?
Илагьияб РухIалдасан бачIунеб баркат инжит-хIакъир гьабулесе
кинабдай букIина? Нужецаго пикру гьабе гьединал такъсиразухъ тамихI
кигIан цIикIкIараб букIинебали!

30 Нилъеда лъала Аллагьас гьадин абураблъи: «Дицайин къисас босулеб,
дир ишин гьеб рецIел боси», цогиги: «БетIергьанас жиндирго халкъалъе
суд гьабила».

31 ЦIакъ хIинкъизе ккараб иш буго хIакъав Аллагьасда цеве чIей!

32 Цебесеб заман ракIалде щвезабе: Аллагьасул Нур нужеда тIад
къалъарал къоязда гIемераб гIазаб-гIакъуба баччана нужеца.

33 Цо заман букIана нуж халкъалда цере рачун инжит-хIакъир гьарулеб.
Цоги заман букIана гьедин гIазабалда ругезул нужеца тIалаб гьабулеб.

34 Туснахъалда ругездаги гурхIана. Нужер боцIи-бечелъи бикъа-хъамулеб
мехалъги роха-хинлъун рукIана. Нужеда лъалеб букIиндалха кодоса
бахъизе кIолареб, цIакъго лъикIаб бечелъи нужер бугеблъи.

35 Гьединаб ракIчIеялдаса махIрумлъизе рукIунге, гьелдалъун нужее
кIудияб кири щола.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

36 Нужее сабру къваригIуна Аллагьасул амру тIубазабизе, нужеца сабру гьабе гьес кьураб рагIи тIубазегIанги.

37 ТIухьдузда хъван буго: «Цодагьабго заман индал вачIина дов вачIине кколев чи. Гьев кватIизе гьечIо.

38 Дие ритIухъавщинав чи, дида божун чIани, чIаго хутIила. Гьев нахъе къачIони, дун гьесдаса разилъила».

39 Нахъе къалел ва нухдаса тарулел чагIи гуро нилъ. Нилъер рекIелъ божи-иман буго, нилъ хвасарлъизеги руго.

**ЖугьутIазухъе 11**

1 Божи-иман ккола нилъеца хьул гьабулелда ракIчIей ва нилъеда бихьулареб жо хIакъаб букIин чIезабиги.

2 Цебе заманалдаги божи-иман бугел гIадамаздасайин Аллагь разилъулев вукIарав.

3 Божи-иманалдалъунин нилъеда бичIчIулеб гьаб дуниял Аллагьасул рагIудалъун бижараб букIин, гьедин бихьуларелдасан бихьулебаб лъугьун букIин.

4 Божи-иманалъин Гьабилида малъараб Аллагьасе кьезе Къабилилалдаса лъикIаб къурбан. Гьесулъ божи-иман букIиналъин ритIухъав чи вугилан Аллагь гьесдаса разилъарав, Аллагьас жинцаго къабул гьабуна гьесул къурбанги. Гьев хвана, амма божи-иманалдалъун гьес гьабураб иш гьанжеги нилъедехун кIалъалеб буго.

5 Божи-иман рекIелъ букIиндалин, хвел бихьизе биччачIого, Аллагьас Гьенох зобалазде восарав. Гьев тIагIанин, Аллагьас гьев жиндихъего вачанин, Аллагьас жиндихъего вачиналде, Аллагьасе бокьухъе тIамунин гьес гIумруйилан хъван буго.

6 Божи-иман гьечIони, лъиданиги кIоларо Аллагьасе бокьараб гьабизе. Аллагьасухъе вачIунев чи божизе ккола Аллагь вукIиналда ва жив валагьизе лъугьарасе гьесдасан шапакъат щолеблъиялда.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Божи-иман рекIелъ букIиндалин, жеги рихьизе рес гьечIел лъугьа-
бахъинал ккезе ругилан лъазабураб мехалъ, НухI авараг Аллагьасухъ
гIенеккарав ва жиндирго рукъалъул агьлу хвасарлъизе гама гьабураб.
НухIил божи-иманалдалъун загьирлъана дуниял-гIаламалъулго гIайиб,
живгойин абуни Аллагьасда цеве ритIухълъана. Божи-иманалдалъун
насиблъана гьесие гьеб.

8 Божи-иман рекIелъ букIиндалин, Ибрагьим Аллагьасе мутIигIлъарав,
гьесие ирсалъе щвезе ккoлеб ракьалде айилан ахIараб мехалда. Киве
унев вугевали лъачIониги, ана гьев.

9 Божи-иман рекIелъ букIунин гьес апараглъун яшав гьабураб, Аллагьас
жиндие кьезе къотIи гьабураб ракьалда. Гьесдаго цадахъ Аллагьас жидее
къотIи гьабурал ИсхIакъицаги Якъубицаги гIадин, чадразухъ чIун
гьабуна гьес гIумру.

10 Гьев балагьун чIун вукIана Аллагьас щулияб кьучIалда тIад къадал
гьарун жиндие абадияб шагьар кьезегIан.

11 Божи-иман рекIелъ букIиндалин, Ибрагьимие, цIакъго херлъун
вугониги, эменлъун вахъине рес ккараб. Саратги йикIана лъимер
гьабулеб гIужалдаса арай гIадан. Гьев божана Аллагьас кьураб рагIи
тIубазе букIиналда.

12 Гьедин хабалъе бох бортарав цохIо чиясдасан лъугьана цIакъ гIемерал
наслаби, – зодихъ цIваби рикIкIун бажаруларeб гIадин, ралъдал рагIалда
сали рикIкIун бажаруларeб гIадин, рикIкIун бажаруларел наслаби.

13 Гьел киналго гIадамал хвана Аллагьасде божи-имангун. Гьезие щун
букIинчIо Аллагьас къотIи гьабураб жо, амма рикIкIадасанго гIадин
бихьулеб букIана къотIи тIубазе бугеблъи ва гьелдаса рохулаан. Гьаб
дуниялалда гьез жалго рикIкIунаан апарагзабилъун ва къватIире гьурал
гIадамаллъун.

14 Гьедин жидерго рахъалъ абулеб бугони, гьелъул магIна ккола гьел
гIадамаз жидеего ватIан балагьулеб букIин.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

15 Жидеца рехун тараб улкаялъухъ урхъун гьел рукIаралани, доре
тIадруссине рес ккелаан гьезие.

16 Амма гьел урхъун рукIана зобалазда бугеб цIакъго лъикIаб
улкаялъухъ. Гьединлъидал Аллагь намуслъуларо жив гьезул Аллагь
вугилан абизе. Гьес гьезие шагьар бан буго.

17 Божи-иман рекIелъ букIиндалин, Аллагьас жиндир хIалбихьараб
мехалда, жиндирго вас ИсхIакъ Ибрагьимица къурбаналъе хъвезехъин
вукIарав. Ибрагьим вукIана Аллагьас жиндие къотIи гьабурав чи. Амма
цохIо вугев вас къурбаналъе хъвезе къачIан вукIана гьев.

18 Аллагьас гьесда абуна: «Дур наслу ИсхIакъидасан лъугьинейин бугеб».

19 Ибрагьим божун вукIана Аллагьасда хваралги чIаголъизаризе
кIолеблъиялда. Абизе бегьула, хIакъикъаталдаги хваралъуса вахъинавун
нахъе щванин гьесие жиндирго вас абун.

20 Божи-иман рекIелъ букIиндалин ИсхIакъица гьарараб хадубккун
заманалда Якъубидаги ГIисидаги баркат лъегийилан.

21 Божи-иман рекIелъ букIиндалин живго хвелалде Якъубица гьарараб
Юсупил кIиявго васасда баркат лъегиян. ГIонсоде ккун херлъун вугеб
мехалда Аллагьасе рецц гьабуна гьес.

22 Божи-иман рекIелъ букIиндалин живго хвелалде цебе Юсупица
бицараб Исраилил халкъ цо заманалдасан Мисриялдаса къватIибе
лъугьине бугилан. Цинги гьес бицун тана жиндир жаназаялда щиб
гьабилебалиги.

23 Божи-иман рекIелъ букIиндалин, гьавуралдаса лъабго моцI инегIан,
эбел-инсуца Муса вахчарав. ЦIакъго гьайбатав вас гьев вукIин бихьидал,
гьел хIинкъичIо пиргIавнасул амру тIубазабичIого тезе.

24 Божи-иман рекIелъ букIиндалин кIудияв гIураб мехалъ Мусае
бокьичIеб пиргIавнасул ясалъул вас вугин живилан абизе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

25 Гьесул рекIее къабуллъана, панадуниялалъул мунагь-хIакъ гIемераб рохелалдаса инкарги гьабун, Аллагьас тIаса бищараб халкъалда цадахъ гIазаб-гIакъуба хIехьезе.

26 Гьес рикIкIана Мисриялъул тIолабго хазинаялдасаги хирияб бугин Аллагьас витIизе вугев МасихIие гIоло гIазаб-гIакъуба хIехьей. Щайин абуни, гьесул рекIелъ букIана шапакъат щвеялде хьул.

27 Божи-иман рекIелъ букIиндалин, пиргIавнасул ццидадаса хIинкъичIого, Мусаца Мисри рехун тараб. Дов Вихьуларев жинда вихьулев вугев гIадин, къуркьизе-кьуризе бокьичIо гьесие.

28 Божи-иман рекIелъ букIиндалин гьес Пасхаялъул байрам чIезабураб ва щибаб рукъалъул рагьумахIуялда бидул гIужги гьабураб, – Исраилил халкъалъул хъизаназе тIоцере гьарурал васазул рухI хвалил малаикас бахъичIого букIине.

29 Божи-иман рекIелъ букIиндалин Исраилил халкъалда, бакъвараб нухдасан унел ругел гIадин, БагIараб ралъад бахине кIвараб. Мисриялъулалги лъугьана гьенисан инейилан, амма ралъдалъ гъанкъун хвана.

30 Божи-иманалъ риххизаруна Иерихоналъул щулиял къадал, исраилилал анкьго къоялъ гьеб шагьаралда сверун хьвадараб заманалда.

31 Божи-иман рекIелъ букIиндалин Рагьаб абулей хъахIба дол Аллагьасе мукIурлъичIезда цадахъ хвечIого хутIарай. Гьелъ лъикIаб гьоболлъи гьабуна балъго Иерихоналде рачIарал исраилилазе.

32 Дагьабги бицине ккелищ? Дир заман гIеларо Гидеонил, Баракил, Шамшунил, Ифтахил, Давудил, Шамуилил, киналго аварагзабазул хIакъалъулъ бицине.

33 Божи-иманалдалъун улкаби кверде росана гьез, ритIухъаб суд гьабуна, Аллагьас къотIи гьабурабги щвана, гъалбацIазул кIалдиса давла бахъана,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

34 гьалагал цIаял свинаруна, хвалчадул балалдаса хвасарлъана, загIипал
рукIаниги, къуваталлъун лъугьана; чияр улкабазул боял къезарун,
рагъда бахIарчилъи бихьизабуна.

35 Божи-иман рекIелъ букIиндалин хварал гIагарал чагIи руччабазухъе
нахъе щварал. ЛъикIаб гIумру бачIараб мехалъ чIаголъизе бокьун, цо-
цояз инкар гьабулаан эркенлъи-тархъанлъиялдаса, гIазаб-гIакъуба
хIехьон холаан гьел.

36 Цо-цоязе кутакаб къварилъи гьабулеб букIана, цIалаца рухулел
рукIана; цо-цоялин абуни, маххалги ран, гвандинир тIамулел рукIана.

37 ГанчIал речIчIунги чIвана гьел, хъухъадироялъ кIиййидеги хъухъана
гьел, хвалчаца бутIрулги къотIана гьезул. ТIохьолги цIакилги ратIлилъ
хьвадана гьел пакъирлъиги, къварилъиги, гIазаб-гIакъубаги хIехьезе
ккарал гIадамал.

38 ТIолабго дуниял-гIаламалдаса хириял гIадамал гIицIал авлахъаздаги
мугIруздаги тирулел хутIана, нохъазда ва ракьулъ рахъарал гвендазда
жанир рахчун.

39 Божи-иман гьезул рекIелъ букIиндал Аллагь разилъана гьел
киназдасаго. Амма жеги гьезие щвечIо Аллагьас къотIи гьабун букIараб
жо.

40 Щайин абуни, нилъее даража цIикIкIиналъе, Аллагьас хIукму гьабун
буго, – гьесие бокьун буго гIицIго нилъеда цадахъ гьел гIадамал
камиллъизе.

### ЖугьутIазухъе 12

1 Гьанже гьанир нугIзал накIкIалгIан гIемерлъун ругелъул, нухда
батарабщинаб гамачIги нахъе рехун, нилъеда хурхине лъугьанщинаб
мунагь-хатIаги батIалъизабун, сабруялда рекерилин, цебе бугеб манзил
лъугIизегIан.

2 Авалалдаса ахиралде щвезегIан нилъер божи-иманалъул аслу-
къучIлъун вугев ГIисахъ ралагьилин. Жиндие насиблъизе бугеб рохалие


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

гIоло, инжитлъи-хIакъирлъиги гIадахъ босичIого, хъанчида вараб хвел хIехьана гьес ва Аллагьасул кваранаб рахъалда гIодов чIана.

3 Мунагьал ругезул рахъалдасан гьединаб рокьукълъи хIехьарав гьесул гьабе нужеца пикру. Гьедин нужги загIиплъизе бегьуларо, къуркьизе бегьуларо.

4 Мунагьазда данде рагъулаго нуж жеги щвечIо нужерго би гIодобе тIолеб даражаялде.

5 Нужер ракIбатизабизе, лъималаздехун гIадин, Аллагьас нужеда абурал гьадинал рагIаби кIочон таралищ: «БетIергьанасул малъа-хъвай гIадахъ босичIого тоге, дир вас, гьес дуе гIадлу гьабулеб мехалъ пашманлъуге мун.

6 Жиндиего вокьулесейин Аллагьас гIадлу гьабулеб, вас гIадин къабул гьавурасдайин гьес кьабулеб».

7 Нужее гьабулеб гIазаб-гIакъуба нужеца, гIадлулъун рикIкIун, хIехье. Лъималаздехун гIадин валагьулев вуго Аллагь нужехъ. Инсуца гIадлу гьабичIев вас цониги вукIанадай?

8 Киналго васазе букIунеб гIадинаб гIадлу нужее гьабулеб гьечIони, гьелъул магIна буго васал кколарин, къватIулъа жал кколин абураб.

9 Умумуз нилъее гIадлу гьабуна, нилъеца гьезул адаб-хъатирги гьабуна. Абадияб гIумру насиблъизе гIоло, кигIан цIикIкIунха нилъ Аллагьасе, рухIазул бетIергьанасе, мутIигIал рукIине кколел!

10 Умумуз жидедаго лъикI бихьухъе дагьабго заманалда гIадлу гьабуна нилъее. Амма Аллагьас гIадлу гьабула нилъее лъикIлъиялъе, жиндир вацIцIалъиялъул бутIа нилъееги щвезе гIоло.

11 ГIадлуялъ цо дагьабго заманалда рохизе гуро гьарулел, пашманлъизейин, гьеб гIадлуялъ малъухъе хьвадаразе нахъа шапакъатлъун щола сах-саламалъиги ритIухъаб гIумруги.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 Нужер свакарал кверазулъе къуват бачIинабе ва сородулел бохдулги
щулаго чIезаре!

13 БитIараб нухдасан хьваде нуж, нужер рекъал бохдул къуркьунгутIизе.
Сахлъаги гьел!

14 Киналго гIадамалгун ракълида рукIине хIаракат бахъе. РацIцIадго
хьваде, вацIцIадго хьвадуларесда ТIадегIанав вихьуларевин.

15 Вореха Аллагьасул баркаталъул нухдаса къосине гурин нуж. Нужер
цонигияв лъугьине гурин гIемерав чиясе зарал гьабулеб загьрууяб ва
кьогIаб херлъун.

16 Нужер цонигияв лъугьине гурин ГIис гIадинав хъахIбаяб гIамал
бугевлъун яги божи-иман гьечIевлъун. КIудияв васлъун вижиялъул
даража гьес бичана цохIо нухалъ кванараб кванихъ.

17 Нужеда лъала цинги гьесие бокьун букIараблъи инсудасан баркат
щвезе, амма щвечIо. Бадиса магIу чвахулаго гIамал гьабуниги, гьеб
жиндихъаго ккараб гъалатI битIизабун бажаричIо гьесухъа.

18 Инсанасул беразда бихьулелде гуро нуж гIагарлъун ругел. Синай
магIарда букIараб цIаялдеги, бецIлъиялдеги, накIкIалдеги, гьалагаб
гьуриялдеги гуро гIагарлъун ругел.

19 Доб мехалда рагIулеб букIана ссуралъубе пулеб гIадинаб сас. Цинги
цо гьаракь бахъана – абулел рукIана тIокIаб жидеда рагIугегиян
гIадамал гьардезе лъугьарал рагIаби.

20 «ХIатта хIайвангицин гьаб магIарде бачIани, ганчIал речIчIун чIвазе
ккола», – ян абурал рагIаби рекIелъе риччазе кIолеб букIинчIо гьезда.

21 Мусацацин абуна: «Дун хIинкъун сородулев вуго!» – ян. ГьедигIанги
гIасияб лъугьа-бахъин букIана гьеб.

22 Амма нуж гIагарлъун руго Цион мегIералде, хIакъав Аллагьасул
шагьаралде, рикIкIун хIалкIоларел малаикзабазул руккелал байрамалде
дандеялъулеб зобалазулаб Иерусалималде,


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

23 Аллагьасе тIоцере гьарурал васаллъун ругел, жидер цIарал зобалазда
хъварал гIадамазул дандельиялде, киназего суд гьабулев Аллагьасде,
камиллъи щварал вализабазул рухIазде.

24 ГIагарлъун руго цIияб КъотIиялъул гьоркьохъанлъун лъугьарав
ГIисаде, ракьалде тIураб гьесул биялде. Гьабилил биялъалдасаги
цIикIкIараб баркат рещтIинабилин рагIи кьолеб буго гьелъ.

25 Воре, нужеца инкар гьабуге Аллагьасул рагIиялдалъун кIалъалев
чиясдаса. Дуниялалда гIадамал кантIизарулесухъ гIенеккизе инкар
гьабурал чагIазда хвасарлъизе кIвечIо. Зобалаздасан кIалъалесухъ
гIенеккичIони, нилъ хвасарлъизего хвасарлъиларо.

26 Доб мехалда гьесул гьаркьица ракь гьаргьадизабуна, гьанже гьес рагIи
кьуна: «Цоги нухалъ дица, ракь гуребги, зобги гьаргьадизабила», – ян.

27 Гьаргьадулареб жо нахъе хутIизелъун, гьаргьадулебаб, ай бижун
букIарабаб, тIубанго тIагIинин абураб магIна буго гьеб «цоги нухалъ»
абураб калимаялъул.

28 Аллагьасе рецц гьабилин гьаргьадулареб ПарччахIлъи нилъее щвезе
бугелъул. Гьев разияб нухдасан хьвадун, намусадго ва хIинкъадго
хъулухъ гьабилин нилъер Аллагьасе.

29 Кинабго бухIун-къвагъун рехулеб цIадуда релълъуна Аллагь!

**ЖугьутIазухъе 13**

1 Вацал гIадин цоцазе рокьулеб гIадат гIодобе рехуге нужеца.

2 Нухлулазе гьоболлъи гьабичIого тоге – жидедагоцин лъачIого цо-цояз
малаикзаби ратана рокъоре рачун.

3 Туснахъалда ругелги кIочон тоге, нужго гьезда цадахъ гьенир рукIарал
гIадин. Унта-щокълъиялъ гIазаб кьолеб бугелги кIочон тоге, нужго гьелъ
кIвекIулел ругел гIадин.

4 Киназго адаб гьабизе ккола ригьнал. Рос-лъадиги цоцазе хилиплъизе
бегьуларо. Саяхъаб ва хъахIбаяб умматалъе Аллагьас гьабила суд.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

5 ГIарцуде бугеб рокьиялъул лагъзаллъун лъугьине гурин, бугелда
разилъун чIа. Аллагьасги абун бугелъул: «Киданиги дица мун рехун
теларо ва гIодов ккезеги виччаларо».

6 Гьединлъидал нилъеца расги хIинкъичIого абизе бегьула: «БетIергьанас
дие квербакъула, Дун сундасаниги хIинкъуларо».

7 Нужеда Аллагьасул рагIи малъарал ва бетIерлъи гьабулел гIадамал
ракIалде щвезаре. Гьезул гIумруялъулги хвалилги пикру гьабе ва гьезул
божи-иманалдаса мисал босе.

8 Сонги, жакъаги, абадул-абадиялъги хиси гьечIев вуго ГIиса МасихI!

9 БатIи-батIиял чияр гIелмабаз нужго къосинаризе риччаге. Аллагьасул
баркаталдалъун нужер ракIал къвакIизаруни, лъикI букIина. Кванил
рахъалъ батIи-батIиял рихьизариял тIуразаризе малъулел ва лъиениги
пайда бахинчIел гIелмабаз ракIал къвакIизаруларо.

10 Нилъеца къурбаналъе къачIараб бакIалдаса гьан кванaзе бегьуларо
жугьутIазул къурбан хъолеб бакIалъул кашишзабазе.

11 Бищунго кIудияв кашишас би босун уна Бищунго Мукъадасаб бакIалде
– мунагьал чуризелъун гьеб Аллагьасе кьезе. Гьел хIайванaзул
къулагIаби росдадаса яги шагьаралдаса къватIирехун рухIула.

12 Гьединго ГIисаги хвана шагьаралдаса къватIивехун, жиндирго
биялдалъун гIадамазул мунагьал чуризе.

13 Гьединлъидал гьесда хадур къватIирехун рилълъинин нильги, гьес
хIехьараб инжитлъи-хIакъирлъиялъул бутIа щвезе!

14 Гьаб ракьалда гьечIо нилъ кидаго чIолеб шагьар. Нилъер хьул буго
зобалаздасан рещтIине бугеб шагьаралде рорчIилилан.

15 ГIисал цIар рехсон Аллагьасе рецц гьабилин, – гьеб буго нилъер
къурбан. Гьеб къурбан Аллагьасухъе щола щибаб нухалъ ГIисал цIар
рехсараб кIалдисан.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

16 Цоцазе лъикӀлъи гъабичӀого тоге, нужер бугебги цоцазе кье, – гъебги
Аллагь разилъулеб къурбанин кколеб.

17 Нужер жамагӀатазе бетӀерлъи гъабулезухъ гӀинтӀаме ва гъезие
мутӀигӀлъе, кидаго рорчӀуда чӀун нужер рухӀал цӀунула гъез ва Аллагьасе
гъабураб хъулухъалъул жавабги кьола. Биччанте гъез гъеб, угьдилаго-
зигардилаго гуреб (гъелъул нужее пайда гъечӀо), рохуца холаго гъабизе.

18 Нижги дугӀадулъ рехсе. Нижер ракӀчӀун буго нижер намус бацӀцӀад
букӀиналда. Кидагоги ритӀухъго хьвадизелъидал ниж къеркьолел ругел.

19 Дица кутакалда гъарулеб буго нужеда, Аллагьасда гъарейин хехгого
дун гъанжеги нужехъе витӀейилан.

20 Абадияб КъотӀиялъул биялдалъун нилъер ТӀадегӀанав ГӀиса МасихӀ,
гӀиял рехъеналъул кӀудияв вехь, хваралъуса вахъинавурав ва рекъел
рещтӀинабурав Аллагьас нужее

21 щвезабеги гъесул амру тӀубазе къваригӀунебщинаб лъикӀлъи. ГӀиса
МасихӀица квербакъаги нужее Аллагь разилъулебщинаб тӀубазабизе.
МасихӀие абадияб-даимаб рецц! Амин.

22 Дица нужеда гъарулеб буго, вацал, гъаб дир гӀемерго халалъичӀеб
кагътида хъвараб насихӀаталъухъ сабурго гӀенеккеян.

23 Нилъер вац Тимофей туснахъалдаса къватӀиве виччан вуго. Хехгого
гъаниве щвани, гъевги цадахъ вачина нужехъе вачӀунеб мехалъ.

24 Салам бице нужер жамагӀатазе бетӀерлъи гъабулезда ва тӀолабго
Аллагьасул халкъалда. Италиялдаса вацазулги буго нужеде салам.

25 Аллагьасул баркат лъеги нужеда киназдаго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

# Загьир гьарурал

## Загьир гьарурал 1

1 КватIичIого ккезе бугелъул хIакъалъулъ жиндирго лагъзадерида
лъазабизе Аллагьас ГIиса МасихIидалъун загьир гьарурал ишазул
бицунеб буго гьаб тIехьалда. Гьесги гьел ишал, малаикги витIун,
жиндирго лагъ Иоанниеги загьир гьаруна.

2 Иоанница нугIлъи гьабула жиндаго бихьанщиналъе – Аллагьасул
рагIиялъе ва МасихI ГIисаца загьир гьабурабщиналъеги.

3 Гьардарал гурелдай Аллагьасдасан рещтIараб гьеб калам рагIун
цIаларавги, гьелъухъ гIенеккаралги, жидеца гьеб каламалъул амруял
тIуразаруралги. Гьаб тIехьалда бицунеб бугебщинаб лъугьине заман
щолеб бугелъулха!

4 Асия улкаялда ругел иман лъуразул анкьабго жамагIаталде Иоаннил
рахъалдасан салам. Жив хIакъав, абадияв, даимав Аллагьасул, гьесул
тахалда цеве вугев анкьавго кIудияв малаикасул

5 ва ритIухъав нугIлъунги вугев, хваралъусаги тIоцеве вахъунев
дуниялалъулго ханзабазул парччахI ГIиса МасихIил баркатги саламги
лъеги нужеда. Гьесие нилъ рокьула, жиндирго биялдалъун нилъ гьес
нилъер мунагьаздаса рацIцIад гьаруна,

6 жиндирго Инсул – Аллагьасул кашишзабилъунги лъугьинарун, гьес
нилъ жиндирго парччахIлъиялде рачана. Абадул абадиялъ даимлъаги
гьесул хIалкIолъиги къудратги! Амин.

7 Гьале, накIкIаздаги рекIун, вачIунев вуго гьев. Киназдаго вихьила гьев,
гьесда хеч къазабураздагицин вихьила. Дуниялалъул киналго халкъал
гьесухъ гIодила. Гьедин букIина. Амин.

8 Дун Алипги Яги вугилан, Авалги Ахирги вугилан абулеб буго Жив
хIакъав, абадияв, даимав Аллагьас – Къудратав БетIергьанас.

9 Дун вуго, ГIисадехун цолъун, нужеда цадахъ гIазаб-гIакъуба хIехьезе
сабру бугев ва гьелдалъун Аллагьасул парччахIлъи насиблъизе бугев

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

нужер вац Иоанн. Аллагьасул рагIи тIибитIизабуралъухъ ва ГIиса МасихIие нугIлъи гьабуралъухъ тамихIалъе дун витIана Патмос абулеб чIинкIиллъиялде.

10 ТIадегIанасул къоялъ Илагьияб РухIалъ асар гьабуна дие – мугъзада нахъасан ахIулеб рагIана:

11 «Дуда бихьулеб бугеб жо тIанчазда хъвай ва иман лъуразул анкьабго жамагIаталде: Эфесалде, Смирнаялде, Пергамалде, Тиатираялде, Сардисалде, Филадельфиялде ва Лаодикеялде битIе».

12 Дун нахъехун вуссана, дида рагIулеб бугеб гьаракь лъилали лъазе. Нахъехун вуссиндал, дида бихьана анкьго меседил чирахъ.

13 Гьел чирахъазул бакьулъ вугоан ГIадамил Лъимада релълъарав чи. Гьесда тIад букIана хIатIазде щвараб гIаба ва карандасан борчун букIана меседил рачел.

14 Квас кинигин хъахIаб букIана гьесул ботIрол рас. Бералги цIалъун кенчIолел рукIана.

15 ЦIадаб биунеб бугеб мазгаралда релълъун рукIана хIатIал. Лъадал кIудияб чвахелоялъул гIадинаб букIана гьаракьги.

16 Гьесул кваранаб хъатикь букIана анкьго цIва. Гьесул кIалдиса къватIибе бачIунеб рагIиги релълъунаан кIибалаб ва рекIараб хвалченалда. Къалъул гIужалда бакъ гIадин гвангъун букIана гьесул гьумерги.

17 Хварав чи гIадин, гьесул хIатIазда цеве гIодов ккана дун, гьесда бер чIварабго. Кваранаб кверги дида тIад лъун, гьес абуна: «Мун хIинкъуге. Дун тIоцевесевги ахирисевги вуго.

18 Дун чIагояв вуго. Хун вукIарав дун гьале абадул абадиялъего чIаголъун вуго. Дихъ буго хвалилги хварал ругеб бакIалъулги кIул.

19 Дуда бихьизабурабщинаб – гьанже ккарабги ва хадуб ккезе бугебги – хъвай дуца.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

[20] Дир кваранаб хъатикь дуда бихьулеб анкьго цIваялъулги анкьго
меседил чирахъалъулги балъголъи гьадинаб буго: анкьго цIва ккола
иман лъуразул анкьабго жамагIаталда вугев чапар, анкьго чирахъги
ккола гьеб анкьабго жамагIат».

**Загьир гьарурал 2**

[1] Эфесалда ругел иман лъуразул агьлуялде витIарав чапарасухъе хъвай:
«Анкьго цIва кваранаб хъатикь ккурас, анкьго меседил чирахъалда
гьоркьосан хьвадулев вугес гьадин абулеб буго:

[2] Дида лъала дур ишалги, дур захIматаб хIалтIиги, дур сабруги. Дида
лъала нужедаго гьоркьоре квешал гIадамал дуца риччалареблъи. Дуца
хIалбихьана жал чапарзаби ругилан абулезул (гьел дир чапарзаби
гурелха!), ва дуда гьел гьерсихъаби ратана.

[3] Дуца сабру гьабула, дир цIар сабаблъун гIемераб къо хIехьана дуца,
амма гьелъ дур тату хвезабичIо.

[4] Цо бадибчIвайги бугебха дуе гьабизе. Доб цебе букIараб рокьи дур
рекIелъ хутIун гьечIо.

[5] Гьединлъидал ракIалде щвезабе гIодове вортизегIан мун кинаб
борхалъиялда вукIаравали. Тавбу гьабе дуца. Дол тIоцере гьарулел
рукIарал ишалги гьаре. Дуца гьедин гьабичIони, вачIун гьенивегун,
бугеб бакIалдаса добегIан хъурщизабила дица дур чирахъ, – дуца тавбу
гьабизегIан.

[6] Амма дулъ цо лъикIлъиги буго – дуе рокьуларо николаитазул ишал,
диеги гьел цIакъ рихарал руго.

[7] ГIундул ругезда рагIизе биччанте иман лъуразул жамагIатазда
Илагьияб РухIалъ щибилан абулеб бугебали. Бергьарасе дица
Аллагьасул алжаналъуб бугеб гъотIодаса пихъ кьела».

[8] Смирнаялда ругел иман лъуразул агьлуялде витIарав чапарасухъе
хъвай: «ТIоцевесес ва ахирисес, хун вукIун чIаголъарас гьадин абулеб
буго:


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

9 Дида лъала дуе бугеб гIакъуба-къварилъиги, дур мискинлъи-
язихълъиги, – хIакъикъаталда мун бечедав вугевха. Дида лъала
Аллагьасул халкъин жидедаго абулезул мацIги бугьтанги, – амма гьеб
Аллагьасул халкъ гуро, илбисалъул агьлу буго.

10 Дуца хIехьезе ккезе бугелдаса хIинкъуге мун. Гьале илбисалъ, нужер
хIалбихьизе, цо-цо чи туснахъалде рехила. АнцIго къоялъ букIина нужее
гьеб къварилъи. Холев вугониги, божи-иман рехун течIони, дуе
шапакъатлъун абадияб гIумру кьела дица.

11 ГIундул ругезда рагIизе биччанте иман лъуразул жамагIатазда
Илагьияб РухIалъ щибилан абулеб бугебали. Бергьарасе кIиабилеб
хвалица щибго зарал гьабиларо».

12 Пергамалда ругел иман лъуразул агьлуялде витIарав чапарасухъе
хъвай: «КIибалаб ва рекIараб хвалчен бугес гьадин абулеб буго:

13 Кинаб бакIалда мун вугевали лъала дида, илбисалъ жиндирго тах
лъураб бакIалда вуго мун. Амма дир цIар цIакъ лъикI цIунулеб буго
дуца. Нужер гьенив – илбисалъул чIей бугеб бакIалда – дие нугIлъи
гьабурав, дир цIакъго божарав чи Антипа чIвараб мехалдагицин, дида
божун, дидаса инкар гьабичIо дуца.

14 Дуе бадирчIваял гьаризе кколел ишалги ругелха. Дуца аскIоре
риччалел руго БилгIамил дин босарал гIадамал. Исраилил халкъ
къосинабизе бокьун, гьев БилгIамицайин Балакида малъун букIараб
гьересиаллагьзабазе гIоло къурбаналъе кьураб жо кваназе ва хъахIбалъи
гьабизе.

15 Дур гьенир руго николаитазул дин ккурал гIадамалги.

16 Гьединлъидал тавбу гьабе. Тавбу гьабичIони, кватIичIого дун духъе
вачIина ва дирго кIалзул хвалчаца вагъила гьелгун.

17 ГIундул ругезда рагIизе биччанте иман лъуразул жамагIатазда
Илагьияб РухIалъ щибилан абулеб бугебали. Бергьарасе балъгояб

нигІмат кьела дица, хъахІаб гамачІги кьела. Гьеб ганчІида хъван букІуна, жиндие щварав чиясда гурони, лъиданиги лъалареб цІияб цІар».

18 Тиатираялда ругел иман лъуразул агьлуялде витІарав чапарасухъе хъвай: «Аллагьасул Васас – цІа гІадин берал кенчІолел ругес ва цІадаб биунеб мазгаралда релълъарал хІатІал ругес – гьадин абулеб буго:

19 Дида лъала дур ишалги, рокьиги, божи-имангиги, тІагІат-гІибадатги, дур сабруги, дол тІоцере рукІараздаса дур ишал гьанже цІикІкІун ругеллъиги лъала.

20 Дуе бадибчІвай гьабизе жоги бугебха. Аллагьасул балъголъи загьир гьабизе лъалилан чІарай Иезабел абулей гІаданалъ дир лагъзал гуккизе риччалел руго дуца. ХъахІбалъи гьабизе ва гьересиаллагьзабазе къурбаналъе кьураб жо кваназе малъулеб буго гьелъ гьезда.

21 Тавбу гьабизе заман кьун букІана дица гьелъие. Амма гьелъие бокьичІо жиндирго хъублъи рехун тезе.

22 Балагьея, хъубал ишалги рехун тун, тавбу гьабизегІан, дица гьей унтул бусаде рехила, гьелда цадахъ къосун рукІараздеги балагь рещтІинабила.

23 Гьелъул лъималаздеги хвел тІаде тІамила дица. Гьебмехалда киналго жамагІатазда лъала тІул-ракІалда бугебщинабгицин бихьулев чи дун вукІин. Нужер щивасул ишазда рекъон кьела дицаги щивав чиясе.

24 Божи-имангун Тиатираялда хутІарал нужеца дозул дин босичІо ва илбисалъул балъголъийилан доз абулеб жоялъулги хІалбихьичІо. Нужер мугъзада цІияб гьир баччизабиларо дица.

25 Амма нужехъ бугебаб щулаго кkве, дун гьениве вачІинегІан.

26 Дие гІоло ахиралде щвезегІан захІмат баччун бергьарасе дица кьела халкъазда тІад кверщел.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

27 Инсухъа дие кверщел щвараб гІадин, гьесухъеги щвела, маххул тІилица цере къотІун, гьел рехъаде рачине ва, щагІил хъуби кинигин, гъуризе кверщел.

28 Ва дица гьесие кьела рогьалил цІва.

29 ГІундул ругезда рагІизе биччанте иман лъуразул жамагІатазда Илагьияб РухІалъ щибилан абулеб бугебали».

**Загьир гьарурал 3**

1 Сардисалда ругел иман лъуразул агьлуялде витІарав чапарасухъе хъвай: «Аллагьасул анкьго кІудияв малаик жинда аскІов вугес, жиндихъ анкьго цІваги бугес гьадин абулеб буго: Дида лъала дур ишал. Дур рахъалъ абулеб буго мун чІаго вугилан, амма хун вугевха мун.

2 Макьидаса вигьа ва дулъ хвечІого хутІараб, амма кватІичІого хвезе бугебщинаб щулалъизабе – дур ишал щвалде щвараллъун рихьулел гьечІо дир Аллагьасда.

3 ХІасил, духъе щварабги ва дуда рагІарабги ракІалде щвезабе, гьеб цІуне ва кантІе. Мун вигьинчІони, цІогьор гІадин вачІина дун, ва дуда лъазе гьечІо дун кида духъе вачІиневали.

4 Амма дур гьенив Сардисалда вуго ретІел хъублъизабичІев чанго чи, гьел дида цадахъ хъахІаб ратІлилъ хьвадизе руго, гьелъие мустахІикъал ругелъул.

5 Бергьаравги, гьелго гІадин, хъахІаб ратІлилъ вукІине вуго. ГІумруялъул тІехьалдаса гьесул цІарги киданиги хъвагІаларо дица. Гьесул цІар рехсела дирго Инсудаги гьесул малаикзабаздаги цебе.

6 ГІундул ругезда рагІизе биччанте иман лъуразул жамагІатазда Илагьияб РухІалъ щибилан абулеб бугебали».

7 Филадельфиялда ругел иман лъуразул агьлуялде витІарав чапарасухъе хъвай: «Жив вацІцІадас, Жив хІакъас, Давуд парччахІасул кІул кодоб


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

бугес (гьес ричӀараб лъиданиги рахазе кӀоларо, гьес рахараб лъиданиги ричӀизеги кӀоларо) гьадин абулеб буго:

8 Дида лъала дур ишал. Балагьея, дица дуда цебе нуцӀа рагьана, лъиданиги кӀоларо гьеб къазе. ЗагӀипав чи вукӀаниги, дир рагӀи цӀунана дуца ва дир цӀаралдаса инкарги гьабичӀо.

9 Балагьея, дица духье кьела илбисалъул агьлуялда гьоркьоса цо-цо чагӀи. Гьез абула жал ругин Аллагьасул халкъ, (амма гьел Аллагьасул халкъ гуро, гьерсихъаби руго). РачӀун дур хӀатӀазда цере накабазда чӀезе тӀамила дица гьел, ва гьебмехалда лъала гьезда мун дие вокьулевлъи.

10 Сабру гьабейилан бугеб дир амру дуца цӀунидал, дицаги цӀунила мун, – ракьалда ругезул хӀалбихьизе тӀолабго дуниялалде балагьалъул къо бачӀараб мехалъ.

11 Дун кватӀичӀого вачӀина. Дуе щвараб шапакъат вачӀун лъицаниги бахъичӀого хутӀизе, духъго бугеб щулаго ккве.

12 Бергьаравги дица гьавила дирго Аллагьасул кӀалгӀаялъул хӀубилъун. Гьев тӀокӀав киданиги гьениса къватӀиве лъугьинаро. Дица гьеб хӀобода хъвала дирго Аллагьасул цӀар, дирго Аллагьасул шагьаралъул – дир Аллагьасдасан зодисан рещтӀине бугеб цӀияб Иерусалималъул – цӀар ва дирго цӀияб цӀарги.

13 ГӀундул ругезда рагӀизе биччанте иман лъуразул жамагӀатазда Илагьияб РухӀалъ щибилан абулеб бугебали».

14 Лаодикеялда ругел иман лъуразул агьлуялде витӀарав чапарасухъе хъвай: «Жинда божизе бегьулес, РитӀухъав ва ХӀакъав нугӀас, Аллагьас бижанщиналъул аваллъун вугес гьадин абулеб буго:

15 Дида лъала дур ишал. Дулъ я бухӀи гуро, я цӀорой гуро. Дулъ бухӀиниги цӀоройниги букӀарабаниха!

16 Хинлъи гурони, дулъ я бухӀи, я цӀорой гьечӀелъул, дица мун дирго кӀалдиса къватӀиве тун рехила.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

17 Дуца абулеб буго мун бечедго вугин, цIакъго ресалда вугин ва
сундениги хIажалъунги гьечIин. Дуда бичIчIулеб гьечIо мун талихI
къосарав, хIакъирав, пакъирав, бецав ва гIицIав чи вукIин.

18 Дица дуе гIакълу кьела дихъа бичун босейин цIаялъ бацIцIад гьабураб
месед – мунго бечелъизе; дихъа бичун босейин хъахIаб ретIел – дурго
инжитаб гIицIлъи бахчизе; дихъа даруги бичун босейин – дурго бадиб
бахине. Гьебмехалда канлъи бихьила дуда.

19 Диего рокьулезда гIайибги чIвала дица, тамихIги гьабула.
Гьединлъидал дуца хIаракат бахъе ва тавбу гьабе.

20 Гьале нуцIихъе вачIун вуго дун, заруца бухулеб буго дица гьеб! Дир
гьаракь рагIун нуцIа рагьарасухъе гьоболлъухъ ина. Цинги цадахъ гIодор
чIун дунги гьевги квана-гьекъела!

21 Дун бергьиндал дир Инсуца дунги жиндирго тахида тIад гIодов
чIезавурав гIадин, дицаги бергьарав дидаго аскIов дирго тахида гIодов
чIезавила.

22 ГIундул ругезда рагIизе биччанте иман лъуразул жамагIатазда
Илагьияб РухIалъ щибилан абулеб бугебали».

**Загьир гьарурал 4**

1 Гьелдаса хадуб дун вала-гьалагьана. Гьале зобалазда буго рагьараб
нуцIа. Трубаялъул гIадаб кутакаб, доб дида кIалъалеб рагIараб
гьаракьалъ абуна: «Гьаниве тIаде ваха, дица дуда бихьизабила хадуб щиб
ккезе бугебали».

2 Илагьияб РухIалъ асар гьабун, гьебсагIатго дида цебе тIамуна гьадинаб
сурат. Гьале дида цере руго зобалазул тахги гьелда гIодов чIаравги.

3 ГIодов чIарасул гьумер гвангъун букIана яшмаялда ва сардисалда
релълъун, гьесул тахалда тIад чIун букIана изумрудалъулкьераб нур.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

4 Гьеб тахалда сверунги букIана жеги къоло ункъо тах. Тахазда гIодор
чIун рукIана къоло ункъо хIаким. Гьез ретIун букIана хъахIаб ретIел,
ботIрода букIана меседил таж.

5 Доб тахалдасан пири пирхулеб букIана, кутакал гьаркьалги гъугъадиги
рагIулеб букIана. Тахалда цебе рекIун букIана анкьго чирахъ –
Аллагьасул анкьго кIудияв малаик.

6 Гьелда цебе бацIцIадаб цIорол гIадинаб ралъад бугилан кколеб букIана.
Тахалъул ункъабго рахъалда букIана цереги нахъаги гIемерал берал
ругеб ункъо рухIчIаголъи.

7 ТIоцебесеб рухIчIаголъи гъалбацIалда релълъараб букIана. КIиабилеб –
оцода релълъараб букIана. Лъабабилелъул гьумер инсанасул гIадинаб
букIана. Ункъабилеб релълъун букIана боржун унеб цIудуда.

8 Гьеб ункъабго рухIчIаголъиялъул щибалда букIана анлъ-анлъ кваркьи;
жанисанги къватIисанги гьел куркьбаздаги рукIана берал. Къасиги-
къадги гьоркьоса къотIичIого гьез ахIулеб буго: «ВацIцIадав! БатIияв!
Къудратав! ХIалкIолев БетIергьан Аллагь! Жив хIакъав, абадияв ва
даимав!”

9 Тахида гIодов чIарасе, абадул абадиялъ чIагоясе гьел рухIчIаголъабаз
рецц гьабула, гьесул къудраталъул бицуна, гьев кIодо гьавула. Гьебго
заманалда

10 къоло ункъавго хIаким кIалагъоркье речIчIула тахида гIодов чIарасда
цере ва абадул абадиялъ чIагоясе сужда гьабула. Тахалда цере жидерго
тажалги лъун, гьез абула:

11 «Мун нижер БетIергьан Аллагь, кинабго жо дуца бижидал, кинабго дуе
бокьухъе бижун бугелъул, мун мустахIикъав вуго дуе рецц гьабизеги,
къудратав ва хIалкIояв вугилан абизеги».

**Загьир гьарурал 5**

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

1 Тахида гIодов чIарасдаса кваранидехун дида бихьана кIиябго рахъалда хъвай-хъвагIай бугеб гурараб халатаб кагъат, анкьго мугъру чIван бугоан гьелда.

2 Дида вихьана цо зорбаяв малаик, кIудияб гьаркьидалъун гьес ахIулеб букIана: «ТIад чIвараб анкьабго мугъруги тIезабун, гьаб кагъат рагьизе щив мустахIикъав вугев?”

3 Я зобалазда, я ракьалда, я ракьалда гъоркь вугев цонигиясда кIвечIо, гьеб кагъат рагьун, гьелда щиб хъван бугебали хал гьабизе.

4 Кагъат рагьун гьелда щиб хъван бугебали хал гьабизе мустахIикъав чи цониги ватичIелъул, дун гIемерав гIодана.

5 Цо хIакимас дида абуна: «ГIодуге мун. Балагье, Ягьудал наслуялъул Давудил кьибилалъул гъалбацI бергьана, гьединлъидал гьелда кIола, анкьабго мугъруги тIезабун, кагъат рагьизе».

6 Ункъабго рухIчIаголъиялъги хIакимзабазги сверун ккураб тахалда тIад бугоан хъун букIараб гIадинаб цо КьегIер. Гьелъул букIана анкьго лълъарги анкьго берги. Гьелъул магIнаги – Аллагьас тIолабго ракьалде витIарав анкьго кIудияв малаик.

7 БачIун КьагIрица доб кагъат босана тахида гIодов чIарасул кваранаб хъатикьа.

8 Доб ункъабго рухIчIаголъиги къоло ункъавго хIакимги гьеб КьагIрида цере кIалагъоркье ккана ва щивасда кодоб букIана арфаги кьеккен гьабулеб махIгьуинаб нахул цIураб меседил щурунги. (Гьелъул магIна – Аллагьасул халкъалъул дугIа.)

9 Гьез цIияб кечI ахIана: «Хъун букIиндал ва дурго бидухъ дуца щибаб наслуялъул, щибаб мацIалъул, щибаб халкъалъул ва щибаб миллаталъул гIадамал Аллагьасе ричун росидал, мун мустахIикъаб буго, босун гьеб кагътил мугъру тIезабизе.

10 Дуца гьел парччахIлъиялде рачана ва нилъер Аллагьасул кашишзабилъунги лъугьинаруна. Гьез ракьалда парччахIлъи гьабила».


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Дун валагьана ва дида рагІана тахалда сверухъ ва рухІчІаголъабаздаги
хІакимзабаздаги сверухъ ругел гІемерал малаикзабазул гьаркьал.
РикІкІун хІалкІоларелгІан гІемер рукІана гьел.

12 КІудияб гьаркьидалъун гьез ахІулеб букІана: «Хъун букІараб гьаб
КьегІер мустахІикъаб буго кверщелги, бечелъиги, гІакълуги, къудратги,
къадру-къиматги, реццги, баркатги насиблъизе!”

13 Зобалаздаги, ракьалдаги, ралъдадаги ва гьезда жанибги рухІ
бугебщиналъ ахІулеб рагІана дида: «Тахида гІодов чІарасе ва КьагІрие
абадул абадиялъго баркатги, къадру-къиматги, реццги, къудратги!”

14 Ункъабго рухІчІаголъиялъ «Амин» абуна. КІалагъоркье речІчІун,
хІакимзабаз сужда гьабуна.

**Загьир гьарурал 6**

1 Дида бихьана КьагІрица доб анкьабго мугьруялъул цояб тІезабулеб.
Доб ункъабго рухІчІаголъиялъул цоялъ, цевегІан къан валагьеян, зоб
гъугъалеб гІадинаб гьаракь гьабуна.

2 Дун валагьана. Гьале дида цебе буго хъахІаб чу. Гьелда рекІарасухъ
чІорбутІ буго. Гьесухъе таж кьун букІана ва, бергьиналда ракІчІарав чи
кинигин, вачІунев вукІана гьев бергьенлъи босизе.

3 КьагІрица кІиабилеб мугьру тІезабуна. КІиабилеб рухІчІаголъиялъги
абуна цевегІан къан валагьеян.

4 КъватІибе бачІана билбагІараб чу. Гьелда рекІарасе ихтияр кьун
букІана, гІадамал цоцаца чІвазаризелъун, гьаб ракьалдаса рекъел
лъугІизабизе. Гьесухъе кьун букІана кІудияб хвалчен.

5 КьагІрица лъабабилеб мугьру тІезабуна. Лъабабилеб рухІчІаголъиялъги
абуна цевегІан къан валагьеян. Дун валагьана. Гьале дида цебе буго
чІегІераб чу. Гьелда рекІарасда кодор цІадираби руго.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

6 Доб ункъабго рухIчIаголъабазда гьоркьосан цо гьаракь ратIана дида: «Ролъул цо сахIалъул багьа – цо динар, пурчIинадул лъабго сахIалъул багьаги – цо динар. Зайтуналъул гьутIбиги цIолбол гъабуги къотIуге».

7 КьагIрица ункъабилеб мугьру тIезабуна. Ункъабилеб рухIчIаголъиялъги абуна цевегIанги къан валагьеян.

8 Дун валагьана. Гьале дида цебе буго канчIгIурччинаб чу. Гьелда рекIарасда цIар буго Хвел. Гьелдаго хадуб цун бачIунеб буго ЖужахI. Хвалчадалъун, ракъудалъун, вабаалдалъун ва ракьалда ругел жанавараздалъунги гIадамал хвезаризе, гьаб тIолабго ракьалъул ункъил бутIаялда тIад кверщел кьун буго гьеб кIиялъего.

9 КьагIрица щуабилеб мугьру тIезабуна. Къурбан хъолеб бакIалда гьоркь дида рихьана Аллагьасул ратIи сабаблъун ва жидеца гьабураб нугIлъи сабаблъунги чIваразул рухIал.

10 Кутакаб гьаракьалдалъун гьез ахIулеб букIана: «ХIакъав ва Мукъадасав БетIергьан, кидалъагIанха гьаб ракьалда ругел гIадамал дуца тамихI гьабичIого ва нижер бидухъ къисас босичIого тун ругел?"

11 Гьезул щивасе кьун букIана хъахIаб ретIел ва гьезда абулебги букIана нуж цодагьаб мехалъ чIайин, – нужго гIадин чIвазе ругел нужер гьалмагъзабиги вацалги тIаде журан, гIураб къадар ккезегIан чIайин.

12 КьагIрица анлъабилеб мугьруги тIезабуна. Кутакалда ракь багъарана. Бакъги чIегIерлъана, чIегIераб сугъур гIадин; рещалъараб моцIги би гIадин багIарлъана.

13 Хасел тIаде щвезегIан гьотIодаго хутIарал инжирал кутакаб гьороца рортизарулел гIадин, цIвабиги ракьалде рортун рачIана.

14 Кагътил тIамач гIадин, зобалги сукIун ана. Киналго мугIрузги чIинкIиллъабазги жидерго бакI хисана.

15 Ракьалда ругел парччахIзаби, чIахIиял хIакимзаби, рагъул церехъаби, бечедал гIадамал, къо-асс бугел чагIи, киналго лагъзал ва уздензабиги мугIрузул нохъазда ва кьурабалъ рахчана.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

16 МугІруздаги кьурабаздаги абулеб букІана гьез, жидеда тІаде рортун
рачІун, жал рахчейин тахида чІарасул бераздасаги КьагІрил
ццидадасаги.

17 «Гьезул ццидал кІудияб къо тІаде щун буго! Лъида гьеб хІехьезе
кІолеб!»

**Загьир гьарурал 7**

1 Гьелдаса хадуб дида вихьана дуниялалъул ункъабго бокІнилъ чІарав
ункъо малаик. Я ракьалде, я ралъдаде, яги цониги гъветІ-хералде пуйзе
биччачІого, гьез ккун чІезабун букІана дуниялалъул ункъо гьури.

2 Цоги малаик вихьана дида бакъбаккул рахъалдасан ваккун вачІунев.
ХІакъав Аллагьасул мугьру букІана гьесухъ. Ракьалъеги ралъдаеги зарал
гьабизе изну кьурав ункъо малаикасде кутакаб гьаракьалдалъун ахІана
гьес:

3 «Нижеца нилъер Аллагьасул лагъзадерил надалда мугьру чІвазегІан, я
ракьалъе, я ралъдае, яги гъветІ-хералъе зарал гьабуге нужеца».

4 Дида рагІана Исраилил киналго наслабаздасан нусиялда кІикъоялда
ункъазарго чиясда мугьру чІван бугин абулеб:

5 Ягьудал наслуялдаса мугьру чІваразул анцІила кІиазарго чи вуго,
Рубенил наслуялдасаги – анцІила кІиазарго чи, Гадил наслуялдасаги –
анцІила кІиазарго чи,

6 Ашерил наслуялдасаги – анцІила кІиазарго чи, Нафталил
наслуялдасаги – анцІила кІиазарго чи, Менашил наслуялдасаги –
анцІила кІиазарго чи,

7 ШимгІонил наслуялдасаги – анцІила кІиазарго чи, Левийил
наслуялдасаги – анцІила кІиазарго чи, Иссахарил наслуялдасаги –
анцІила кІиазарго чи,

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Зебулонил наслуялдасаги – анцІила кІиазарго чи, Юсупил наслуялдасаги – анцІила кІиазарго чи ва Буняминил наслуялдасаги анцІила кІиазарго чи вуго мугъру чІваразда гъоркьов.

9 Нахъеги валагьана дун. Гьале щибаб миллаталъул, наслуялъул, халкъалъул ва мацІалъул гІадамаздасан лъугьараб, лъиданиги рикІкІун хІалкІолареб руккел чІун буго тахида ва КьагІрида цебе. Киназго ретІун руго хъахІал гІабаби ва хъатикь ккун руго чамасдакил гъотІол гІаркьалаби.

10 Кутакаб гьаракьалдалъун ахІулеб буго гьез: «Тахида гІодов чІарав нижер Аллагьасухъ ва КьагІрихъ буго хвасарлъи!"

11 Киналго малаикзаби чІун рукІана тахалдаги, хІакимзабаздаги ва доб ункъабго рухІчІаголъиялдаги сверухъ. Тахалда цере кІалагъоркье речІчІун, гьез Аллагьасе сужда гьабулеб букІана.

12 Абулебги букІана гьез: «Амин! Нижер Аллагьасухъ буго абадул абадиялъ баркатги, рецці, гІакъиллъиги, кІодолъиги, къадру-къиматги, къудратги, хІалкІолъиги! Амин!"

13 Дидехун вуссун цо хІакимас гьикъана: «Гьал хъахІал гІабаби ретІарал гІадамал щал кколел ва киса рачІарал чагІи гьел?"

14 Дица гьесда абуна: «Дуда лъалаха, бетІерчІахъад!» – ан. Гьес дида абуна: «Гьел рачІун руго кІудияб гІазаб-гІакъубаялдаса. КьагІрил биялъ чурун хадуб хъахІлъана гьезул гІабаби.

15 Гьединлъидалин гьел Аллагьасул тахалда цере ругел ва къасиги-къадги гьесул кІалгІаялъуб гьесие тІагІат-гІибадатги гьабулеб бугеб. Тахида чІарас жиндирго чодрокье рачина гьел.

16 Гьел тІокІал киданиги ракъиларо, къечеларо, бакъул бухІиги гьезие букІинаро, багІари-гьелегьинги гьезда хъваларо.

17 Тахил бакьулъ бугеб КьегІер гьезул вехьлъун лъугьунелъулха. Гьелъ рачина гьел маулхІаяталъул иццухъе, Аллагьас гьезул бадиса щибаб магІил гороги бацІцІина».

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

**Загьир гьарурал 8**

1 КьагIрица анкьабилеб мугьру тIезабуна. Бащдаб сагIат гIанасеб
заманалда зодиб сихIкъотIи лъугьана.

2 Дида вихьана Аллагьасда цеве чIарав анкьго малаик. Гьезул щивасухъе
пуйзе кьун букIана цо-цо ссур.

3 ВачIун къурбан хъолеб бакIалда цеве кьеккен гьабизе, меседил
щурунги хъатикь, ккун эхетана цоги малаик. ГIемераб махIгьуинаб нах
кьун букIана гьесухъе, – кинабго Аллагьасул халкъалъ дугIаги гьабун,
тахида цебе къурбан тIад хъолеб меседил къаниде тIун, кьеккен гьабизе.

4 Малаикас бачIараб гьеб нахул лъугьараб кIкIуй, Аллагьасул
халкъалъул дугIадул гьаракьгун цадахъ, гьев разилъизе зодибе ана.

5 Кьеккен гьабулеб щурунги кодобе босун, къурбан тIад хъолеб доб
къанидаса цIадул цIезабуна малаикас гьеб, цинги ракьалде хьвагIун
балагьизабуна. Гьебмехалда зобал гъугъадана, гьаркьал рахъана, пири
пирхана ва ракь багъарана.

6 Анкьго ссур кодоб бугев анкьавго малаик ссуралъубе пуйзе къачIан
чIана.

7 Ва тIоцевесев малаикас ссуралъубе пуна, ва горо-цIер бана, ва бигун
жубараб цIаги бачIана ракьалде. Ракьалъул лъабил бутIа бухIана гьелъ,
гъутIбузул лъабил бутIаги бухIана ва кинабго гIурччинхерги бухIана.

8 Ва кIиабилев малаикас ссуралъубе пуна, ва цIа рекIараб кIудияб мегIер
гIадаб жо ралъдалъе бортун бачIана. Ва ралъдал лъабил бутIа биялде
сверана.

9 Ва ралъдал рухIчIаголъабазул лъабил бутIа хвана, гумузул лъабил
бутIаги щущан ана.

10 Ва лъабабилев малаикас ссуралъубе пуна, ва зодисан бортун бачIана
цIа рекIараб сунтур гIадинаб кIудияб цIва. Гьеб тIаде бортана гIоразул
лъабил бутIаялде ва лъадал иццаздеги.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

11 Гьеб цІваялда цІар букІана «КьогІаб хер». Ва лъадал лъабил бутІа гьеб
хер гІадин кьогІлъана, ва кьогІаб лъим гьекъон гІемерав чи хвана.

12 Ва ункъабилев малаикас ссуралъубе пуна – гьаргьадулаго ссун ана
бакъул лъабил бутІа, ва моцІрол лъабил бутІа, ва цІвабзазул лъабил
бутІа – кинабго канлъул лъабил бутІа. Къоялъул лъабил бутІа бецІлъун
хутІана, гьединго сардил лъабил бутІаги бецІлъун хутІана.

13 Дун валагьана, ва дида рагІана зоб бакьулъан боржун унеб цо цІудуца
кутакаб гьаракьалдалъун гьадин ахІулеб: «Вай, вай, вай, жеги ссуралъубе
пуйчІев лъабго малаикас ссуралъубе пураб мехалда, гьаб ракьалда
ругезде бачІине бугеб балагьха!»

**Загьир гьарурал 9**

1 Ва щуабилев малаикас ссуралъубе пуна, ва дида бихьана цо цІва зодиса
ракьалде бортулеб. Гьелъухъе кьун букІана тІину гьечІеб кІкІалахъе нух
бугеб гъуялъул нуцІил кІул.

2 Ва гьеб цІваялъ ричІана нуцІа. Ва кІудияб корохъа гІадинаб кІкІуй
бачІана гъуялъуса къватІибе. Ва гьеб кІкІуялъ бакъги гьаваги
бецІлъизабуна.

3 Ва кІкІуялда гъорлъан ракьалде бачІана ракъул гарцІазул кІудияб бо.
Гьаб ракьалда ругел ичІкІалаз гІадин хечизе ихтияр кьун букІана гьезие.

4 Ва гьезда лъазабун букІана, Аллагьасул мугьру нададла гьечІел
гІадамазе гурони, я ракьалда бижараб харие, я кинаб букІаниги
гІурччинлъиялъе, я кинаб букІаниги гъотІое зарал гьабугеян.

5 Гьел гарцІазе ихтияр кьун букІана гьел гІадамал чІвачІого тун, щуго
моцІалъ гьезие гІазаб-гІакъуба гьабизе. ИчІкІалалъ хеч къазабидал
инсанасе лъугьунеб гІадинаб гІазаб-гІакъуба букІана гьеб.

6 Гьел къоязда гІадамал жидеего хвел балагьизе лъугьина, амма гьезда
гьеб батиларо. Хвезе бокьун рукІина гьел, амма хвел гьездаса лъутила.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Рагъуе къачIарал чуязда релълъун рукIана гьел гарцIал. Меседил
тажазда релълъарал жалги рукIана гьезул бутIрузда. Гьезул гьурмал
инсанасулалда релълъарал рукIана.

8 Руччабазул гIадинаб расги букIана гьезул, гъалбацIалъул гIадинал
гажалги рукIана.

9 Маххул гIадинал къолдабиги рукIана гьезда тIад, гьезул куркьбазул
гьаракьги релълъунаан рагъде гIедегIун унел гIемерал чолгьаказул
гьаракьалда.

10 ИчIкIалалъул гIадинаб рачIги букIана гарцIил, гьеб рачIалдасан хечги
къазабулаан гьелъ. Гьел жидерго рачIаз гIадамазе щуго моцIалъ зарал
гьабизе ихтияр кьун букIана гьезухъе.

11 Гьезул парччахIлъун букIана гьеб кIкIалалъул шайтIан; жугьутI
мацIалда гьелда цIар буго Абаддон, грек мацIалда – Аполлион («Хвел
босун бачIунеб»).

12 Цо балагь тIаса ана. Гьале гьелдаго хадуб цун бачIунеб буго жеги кIиго
балагь.

13 Ва анлъабилев малаикас ссуралъубе пуна, ва дида рагIана тахида цебе
къурбан тIад хьолеб меседил къанил ункъабго бокIнилъ рекъезабураб
ункъо лълъаралъул гьаракь.

14 Ссур кодоб ккурав анлъабилев малаикасда гьеб гьаракьалъ абулеб
букIана: «КIудияб Пурат гIурул рагIалда бухьун бугеб ункъо жен бичун
биччай».

15 Ва гIадамазул лъабил бутIа хвезабизе гьел риччалеб заман – сагIат,
къо, моцI ва лъагIел – тIаде щвезегIан чIезабун букIараб гьеб ункъабго
жен бичун биччана.

16 Ва дида бицана анцIазарго кIиго нухалъ анцIазарилъ кьабурабгIан
къадаралда рекIаралги ругин гьезул бодулъ.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

17 Гьедин балъголъи загьирлъун дида рихьана чуялги чуязда рекIарал рагъухъабиги. Гьезда рукIана цIабагIараб, бецIхъахIилаб ва чIабтIил гIадинаб тIогьилаб кьералъул къолдаби. ГъалбацIалъулазда релълъарал рукIана гьел чуязул бутIрул. Ва гьезул кIалдисан бурулеб букIана цIаги, кIкIуйги, чIабатIги.

18 Гьеб лъабабго балагь рещтIиналъ – гьезул кIалдисан бурулеб цIадуцаги, кIкIуйдуцаги, чIабтIицаги – гIадамазул лъабил бутIа гъурана.

19 Гьел чуязул къуват лъун букIана гьезул кIалдибги рачIалдаги, гьезул рачIалги рукIиндалха загьруял борхьал гIадинал. Гьез хIанчIиялдалъун кколаан гIадамазе зарал.

20 Жидеца гьабурабщиналда – жундузе гIибадат гьабиялда, ва меседил, гIарцул, мазгарул, ганчIил, цIулал гьарурал, жидеда я щибниги бихьуларел, я щибниги рагIуларел, я хьвадизе кIоларел гьересиаллагьзабазе гIибадат гьабиялда – рекIекълъичIо гьел балагьал рещтIиндал хвечIого хутIарал цогидал гIадамал, ва кингоги тавбу гьабичIо гьез.

21 Я жидеца гIадамал чIваялда, я сихIру гьабиялда, я хъахIбалъи гьабиялда, яги цIогь гьабиялда рекIекълъичIо гьел, тавбуги гьабичIо гьез.

### Загьир гьарурал 10

1 Цинги дида вихьана цогидав цIакъ кутакав малаик зобалаздасан рещтIунев; накIкIал рукIана гьесда тIад жемун, ботIрода тIад нурги чIун букIана, гьумер букIана бакъ гIадинаб, бохдул рукIана цIадул хIубал гIадинал.

2 Гьес рагьун хъатикь ккун букIана гьитIинабго тIехь. Кваранаб бох гьес ралъдада лъуна, квегIаб бох ракъдада лъуна.

3 ГъалбацIалъул гьулгьулиялда релълъараб кутакаб гьаракьалдалъун ахIдезе лъугьана гьев. Гьев ахIдолеб мехалда рагIана анкьго нухалда зоб гьугьараб гIадинаб гьаракь.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

4 Анкьго нухалда зоб гъугъараб гІадинаб гьаракь рагІидал, гьеб
хъвазейилан лъугьана дун. Амма зодисан ахІулеб рагІана: «Анкьго
нухалда зоб гъугъаялдалъун дуда бицараб жо балъго те, гьеб хъваге
дуца».

5 Ва ралъдадаги ракъдадаги чІун дида вихьарав малаикас жиндирго
кваранаб квер зодобехун битІана.

6 Жив абадияв-даимасул, зобалги гьениб бугебщинабги, ракьги гьениб
бугебщинабги, ралъадги гьениб бугебщинабги жинца бижарасул цІар
рехсон гьев гьедана кватІичІого лъугІизе бугилан.

7 Анкьабилев малаикги ссуралъубе пуйзе лъугьина. Гьеб къоялъ
лъугьина Аллагьас жиндирго лагъзадерида – аварагзабазда Рохалил
хабар бицун лъазабун букІараб балъгояб иш.

8 Зодисан дида рагІун букІараб гьаракь гьанжеги дидехун кІалъана:
«Ралъдадаги ракъдадаги чІарав малаикас рагьун хъатикь ккураб доб
тІехь босизе а», – ян.

9 Малаикасда аскІове ун, дица гьесда абуна гьеб гьитІинаб тІехь дихъе
кьейилан. Гьес дида абуна: «Босун кванай гьеб. Дур чохьониб гьеб
кьогІлъила, амма дур кІалдиб гьеб гьоцІогІанги гьуинаб букІина”

10 Малаикасда кодоса босун, кванана гьеб гьитІинаб тІехь. Дир кІалдиб
гьеб гьоцІогІанги гьуинаб букІана, амма чохьониб гьеб кьогІлъана.

11 Цинги дида абуна: «ГІемерал халкъазе, миллатазе, мацІазе ва
парччахІзабазе хадубккун щиб лъугьине бугебали нахъе-нахъеги бицине
ккезе буго дуца».

**Загьир гьарурал 11**

1 ГІансаялда релълъараб тІилги дихъе кьун, абуна: «Вахъа, дуца борце
Аллагьасул кІалгІаги къурбан хьолеб бакІги, чан чияс гьениб гІибадат
гьабурабалиги рикІкІе.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Аллагьасул кӀалгӀаялда сверун бугеб азбар дуца къватӀиб те, гьеб
борцунге, цогидал халкъазе кьун бугин гьеб. Гьез гьаб хирияб шагьар
кӀикъоялда кӀиго моцӀалъ мерхьина.

3 Дир кӀиго нугӀасе хӀалкӀолъи кьела дица, сугъуралъул ретӀелги ретӀун,
гьез азаралда кӀинусиялда лъабкъого къоялъ Аллагьасул рагӀи
халкъалда лъазабизе».

4 Гьел чагӀи ккола кӀиго зайтуналъул гъветӀлъунги ва зоб-ракьалъул
БетӀергьанасда цебе бугеб кӀиго чирахълъунги.

5 Гьезие зарал-зиян гьабизе ракӀалде ккарав чиясде гьезул кӀалдисан цӀа
бурун бачӀина ва гьеб цӀадуца рухӀила гьезул тушбаби. Гьеле гьедин
хвезе вуго гьезие зарал-зиян гьабизе ракӀалде кканщинав чи.

6 Гьев кӀиясдаго кӀвезе буго Аллагьасул рагӀи гьез халкъалда лъазабулеб
заманалда цӀад бачӀого букӀиналъе зобал къазе. Лъадада тӀадги ихтияр
кьун буго гьезухъе – гьеб биялде сверизабизе; гьединго ихтияр кьун буго
гьезие бокьанщинахъе ракьалда балагьалъул цӀал кьабизе.

7 Гьев кӀиявго нугӀас Аллагьасул рагӀи халкъалда лъазабун бахъараб
мехалда, тӀину гьечӀеб кӀкӀалахъан тӀаде бачӀунеб жанавар гьезда данде
багъила; гьелъ гьел къезарила ва чӀвала.

8 Содомлъунги Мисрилъунги лъугьараблъун рикӀкӀине бегьулеб гьеб
кӀудияб шагьаралъул къватӀазде рехун хутӀила гьезул жаназаби. Гьеб
шагьаралдайин гьезул ТӀадегӀанав хъанчида вигъун вукӀарав.

9 Лъабгогун бащдаб сордо-къоялъ гьезул жаназабазухъ ралагьун рукӀина
батӀи-батӀиял халкъазул, наслабазул, мацӀазул ва миллатазул цо-цо
гӀадамал, ва гьез гьел жаназаби хабалъ лъезе риччазе гьечӀо.

10 Ракьалда ругелал гьелдаса разилъила, гьез цоцазе рохел гьабила,
цоцазе сайигъатал ритӀила, щайгурелъул гьев кӀиявго аварагас ракьалда
ругелазе гӀазаб кьолеб букӀиндал.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

11 Лъабгогун бащдаб сордо-къо индал, Аллагьасдасан чIаголъиялъул рухI лъугьана гьев кIиясулъего. ТIаде рорхун рачIун, рахъун чIана гьел, ва гьезухъ ралагьун рукIаразул рекIелъе кутакаб хIинкъи лъугьана.

12 Зодосан кутакаб гьаракьалъ гьадин ахIулеб рагIана гьев кIиясдаго. «Гьанире тIаде раха!» Жидерго тушбабиги хадур ралагьун, накIкIуда гъорлъан зодире рачун ана гьел.

13 ГьебсагIатго кутакалда ракь багъарана. Шагьаралъул анцIил бутIа щущан ана, ракь багъариялдалъун хвана анкьазарго чи; чIаго хутIаразги, кутакалда хIинкъун, зобалазул Аллагьасе рецц гьабулеб букIана.

14 КIиабилеб балагь тIаса ана, гьале кватIичIого тIаде щолеб буго лъабабилеб балагь.

15 Ва анкьабилев малаикас ссуралъубе пуна; ва зобалазда кутакал гьаркьал рахъана, гьадин абулеб букIана гьез: «Нилъер БетIергьанас ва гьесул МасихIица дуниялалдаго парччахIлъи гьабулеб буго гьанже. МасихIица парччахIлъи гьабила абадул абадиялъго».

16 Ва Аллагьасда цеве жидерго тахазда гIодов чIарав къоло ункъавго хIакимас, кIалагъоркье речIчIун, Аллагьасе сужда гьабуна.

17 Гьез абулеб букIана: «ХIакъав, абадияв ва къудратав БетIергьан, дуе рецц, дуца дурго кIудияб хIалкIолъи бихьизабидал ва парччахIлъи гьабулеб бугелъул.

18 Халкъазул дуде ццин бахъиндал, дурги ццин гьалаглъана. Хваразеги суд гьабизе заман щун буго: дур лагъзадерие – аваргзабазе ва киналго дур цIаралъукьа хIинкъулезе – гIисиназеги чIахIиязеги – кириги хъвазе, ракьалде балагь бачIинабуразде балагьги рещтIинабизе».

19 Гьебмехалда зобалазда бугеб Аллагьасул кIалгIа загьирлъана ва гьениб жаниб бихьулеб букIана къотIиялъул гъамас. Ва пири пирхизе лъугьана, хъуй бахъана, зоб гъугьадана, ракь багъарана ва ракьалде гIемераб горо-цIер бана.

**Загьир гьарурал 12**

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

1 Ва зобалазда загьирлъана кIудияб гIаламат – бакъ тIад ретIарай, моцI хIатIикь бугей чIужугIадан. Гьелъул ботIрода букIана анцIила кIиго цIвайил таж.

2 Лъимаде йигей гьей, хIарачIваялъул унти захIмалъун, ахIдолей йикIана.

3 Цоги гIаламат загьирлъана зодиб. Гьале анкьго бетIерги бугеб, анцIго лълъарги бугеб цIакъго кIудияб багIараб аздагьо, гьелъул бутIрузда букIана анкьго таж.

4 РачI хьвагIун, гьелъ цIвабзазул лъабил бутIа зодиса ракьалде гъинабуна. Гьабурабго лъимер къулчIизе къачIан, лъимер гьабулей йигей гьей гIадамалда цебе чIана доб аздагьо.

5 Ва гьелъие гьавуна маххул тIилица киналго халкъал жинца рехъаде рачине ругев вас. Гьелъул гьеб лъимер Аллагьасухъе босун ана, гьесул тахида цебе лъезе.

6 Гьей гIаданги гIицIаб авлахъалде лъутун ана. Гьениб гьелъие къачIан букIараб бакIалда Аллагьас гьелъул тIалаб гьабила азаралда кIинусиялда лъабкъого къоялъ.

7 Ва зобалазда рагъ ккана – МикагIил ва гьесие мутIигIал малаикзаби аздагьоялда данде рагъулел рукIана, аздагьо ва гьелъие мутIигIал жундул дозда данде рагъулел рукIана.

8 Амма гьел бергьинчIо, зобалазда тIокIалъ бакIцин хутIичIо гьезие.

9 Ва Илбисиланги ШайтIаниланги цIар лъураб, жинца тIолабго дуниял къосинабулеб кIудияб аздагьо – некIсияб борохь ракьалде рехана ва гьелъие мутIигIал жундулги рехана гьелдаго цадахъ.

10 Дида рагIана зодиб цо кутакаб гьаракьалъ абулеб: «Гьанже бачIана нилъер Аллагьасдасан хвасарлъиги, ихтиярги, парччахIлъиги ва гьесул МасихIил ихтиярги, щайгурелъул иман лъуразде гIайиб гIунтIизабураб тушман зобалаздаса гIодобе рехун бугелъул; къасиги-къадги Аллагьасда цебе гьезде гIайиб гIунтIизабулаан гьелъ.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

11 Гьеб аздагьоялдаса гьел бергьана КьагIрил биялдалъунги ва жидерго нугIлъиялъул рагIудалъунги, щайгурелъул холел ругониги, гьел жидерго гIумруялда барахщинчIелъул.

12 Гьединлъидал, зобал ва зобалазда ругелщиналги, нужеца рохел гьабе! Амма, ракьги ралъадги, нужедени балагь бачIина, – жиндие дагьаб заман хутIун букIинги лъан, гIасиго ццин бахъун, илбис нужехъе рещтIун бугелъул».

13 Жиб ракьалде рехараблъи лъайдал, дов вас гьавурай чIужугIаданалда хадуб лъугьана гьеб.

14 КIудияб цIудул кIиго кваркьи кьун букIана гьей гIаданалъе, гIицIаб авлахъалда гьелъие къачIан букIараб ва аздагьоялъухъе щолареб бакIалде йоржине. Гьениб гьелъул тIалаб гьабила лъабго соналъги анлъго моцIалъги.

15 Аздагьоялъ жиндирго кIалдисан гьелда хадуб гIор гIадин лъим чвахизабуна, гьеб гIуруца гьей йосун инародайилан.

16 Амма ракьалъ гьелъие квербакъана; жиндирго кIал рагьун, ракьалъ жанибе къулчIана аздагьоялъ кIалдисан лагIун букIараб гIор.

17 Ва гьеб аздагьоялъул кутакалда ццин бахъана гьей чIужугIаданалда. Ва Аллагьасул амруялги тIуразарулел ва ГIисал хIакъалъулъ жидеца нугIлъиги гьабулел гIадамазда – дой гIаданалъул наслуялдасан хутIарал чагIазда – данде багъизе ана гьеб. Ва гьеб аздагьо ральдал рагIалда чIана.

**Загьир гьарурал 13**

1 Дида бихьана ральдалъа къватIибе лъугьун бачIунеб жанавар. Гьелъул букIана анцIго лълъарги анкьго бетIерги. Гьелъул лълъурдузда тIад букIана анцIго таж. БутIрузда хъван рукIана Аллагьасдехун гIасилъи бихьизабулел цIарал.

2 Гьеб дида бихьараб жанавар цIиркъалда релълъараб букIана; цидул гIадинал квачIалги рукIана гьелъул, гъалбацIалъул гIадинаб кIалги


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

букIана. Аздагьоялъ гьелъие кьун букIана жиндирго къуватги, жиндирго тахги ва бокьараб гьабизе ихтиярги.

3 Жанаваралъул цо бетIералда хвалил ругъун бугилан кколеб букIана, амма гьеб хвалил ругъун сахлъана. Ва тIолабго дуниял хIайранлъун букIана гьеб жанаваралъухъ балагьун.

4 ГIадамаз аздагьоялъе сужда гьабулеб букIана, гьелъ гьеб жанаваралъе хIалкIолъи кьедал. Жанаваралъе суждаги гьабун, гьез абулеб букIана: «Гьаб жанаваралда релълъараб щибниги гьечIогури ракьалда! Гьабгун вагъизе лъида кIолеб?"

5 Аллагьасда дандечIарал ва чIухIарал рагIаби абизе кIалги кьун букIана гьелъие ва кIикъоялда кIиго моцIалъ бокьараб гьабизе ихтиярги кьун букIана.

6 Аллагьасул цIарги, гьев чIараб бакIги ва зобалазда ругелалги инжит-хIакъир гьарун, гIасиял жал рицине кIал ричIана гьелъ.

7 Гьелъие хIалкIолъи кьун букIана Аллагьасул халкъалда данде багъизе ва гьел къезаризе. Киналго наслабазда, халкъазда, мацIазда ва миллатазда тIад хIалкIолъи кьун букIана гьелъие.

8 Хъун букIараб КьагIрихъ бугеб гIумруялъул тIехьалда дуниял бижараб мехалдаго жидер цIарал хъван рукIинчIел гIадамалги руго гьаб ракьалда. Гьез киназго сужда гьабила жанаваралъе.

9 ГIундул ругезда рагIизе биччанте:

10 «Асирлъуде ккезе хъван бугев чи асирлъуде ккечIого хутIуларо. Хвалчаца чIван хвезе хъван бугев чи хвалчаца чIван хвечIого хутIуларо». Аллагьасул халкъалъул сабруги божи-иманги букIине кколеблъи бичIчIулеб буго гьел рагIабаздасан.

11 Дида цоги жанавар бихьана ракьалдаса къватIибе лъугьун бачIунеб. КьагIрил гIадаб кIиго лълъар букIана гьелъул, амма аздагьо гIадин кIалъалеб букIана.

12 Доб тIоцебесеб жанаваралда аскIоб бугеб мехалъ, гьелъухъги букIана
долъулго гIадаб хIалкIолъи; тIолабго дуниялги дуниялалда тIад
ругелщиналги гьелъ тIамулел рукIана жиндир бетIералда букIараб
хвалил ругъун сахлъараб доб тIоцебесеб жанаваралъе сужда гьабизе.

13 Гьелъ чIахIиял ва хIикматал мугIжизатал рихьизаруна, гIадамазда
бихьун, зодисан ракьалде цIагицин бачIана.

14 Доб жанавар бугеб бакIалда мугIжизаталги рихьизарун, ракьалда
ругелщинал гуккулел рукIана. Гьелъ гьезие амру гьабулеб букIана,
хвалчадул ругъун лъуниги чIаго хутIараб тIоцебесеб жанаваралъул сурат
гьабеян.

15 Гьелъие хIалкIолъи кьун букIана тIоцебесеб жанаваралъул сураталда
рухI лъезабизе, хIатта гьелда кIал-мацI бижизабизегицин. ХIалкIолъи
кьун букIана гьеб сураталъе сужда гьабизе бокьичIел гIадамал
чIвазаризеги.

16 Киналго гIадамазул – гIисиназулги чIахIиязулги, бечедазулги
мискиназулги, уздензабазулги лагъзадерилги – кваранаб квералда яги
надалда гIуж лъезабуна гьелъ.

17 Жанаваралъул цIар яги гьелъул цIар бихьизабулеб тарих хъвараб гьеб
гIуж гьечIесе ихтияр букIунаро щибниги бичизе яги бичун босизе.

18 Гьеб бичIчIизе ккани, гIакълу къваригIуна. ГIакълу бугес, хIисаб
гьабун, балагье гьеб жанаваралъул цIар бихьизабулеб тарих, – гьеб
бугелъулха инсанасул цIаралъулги тарих. Гьелъул цIаралъул тарих –
666.

**Загьир гьарурал 14**

1 Дун валагьана – гьале Сион магIарда буго КьегIер ва гьелда цадахъ
вуго гьелъул цIарги ва гьелъул Инсул цIарги надалда хъварав нусиялда
кIикъоялдаункъазарго чи.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 КIудияб чвахелоялъул гIадинаб яги зоб гъугъалеб гIадинаб гьаракь
рагIана дида зодисан. Гьеб гьаракь релълъун букIана арфаби бачунезул
бакънازда.

3 Тахалда цебе, ункъабго рухIчIаголъиялдаги хIакимзабаздаги цебе цIияб
кечI ахIулеб буго гьел гIадамаз. Дуниялалъухъа ричун росарал гьел
нусиялда кIикъоялда ункъазарго чиясда гурони, цоги лъиданиги кIвечIо
гьеб кечI ахIизе ругьунлъизе.

4 Гьезул цонигияс чIужу ячинчIо. РацIцIадал ругелъулха гьел! Гьел руго,
кибехун гьеб аниги, доб КьагIрида хадур унел гIадамал. Гьел руго
цогидал гIадамазда гьоркьоса ричун росарал чагIи. Гьел руго
Аллагьасеги КьагIриеги назру гьабураб тIоцебесеб рижилъун лъугьарал
гIадамал.

5 Цониги гьереси инчIо гьезул кIалдиса къватIибе. Аллагьасул
рацIцIадал вализаби руго гьел.

6 Ва цоги малаик вихьана дида зоб бакьулъан воржун унев. Гьесухъ
букIана ракьалда бугебщинаб миллаталда, наслуялда, мацIалда ва
халкъалда бицине абадияб Рохалил хабар.

7 Кутакаб гьаракьалдалъун ахIана гьес: «Аллагьасукьа хIинкъа ва гьесие
рецц гьабе, гьес суд гьабулеб сагIат тIаде щун бугелъул! Зобги, ракьги,
ралъадги ва лъадал иццалги рижарасе сужда гьабе!”

8 Гьесдаго хадув цун вачIунев вукIана цоги малаик. Гьес ахIана: «Вавилон
шагьар щущан ана! Щущан ана жиндир гьалагаб хъахIбалъиялъул
чогърол лълъар тIолалго халкъазда гьекъезабураб кIудияб Вавилон!”

9 Гьездаго хадув цун вачIунев вукIана лъабабилев малаикги. КIудияб
гьаракьалдалъун гьес ахIана: «Жанаваралъе яги гьелъул суратаалъе сужда
гьабурасги ва надалда яги квералда гIуж бан бугесги

10 гьекъезе буго Аллагьасул тамихIалъул лълъар. Гьорлъе лъим жубачIеб
чагъирлъун гьелда жаниб букIина Аллагьасул ццин бахъин. Илагьиял

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

малаикзабаздаги КьагIридаги цебе, цIадулъеги чIабтIилъеги рехун,
гьезие гIазаб-гIакъуба гьабила.

11 Абадул абадиялъго эхеде унеб букIина гьезие бугеб гIазаб-
гIакъубаялъул кIкIуй. Жанаваралъе ва гьелъул сураталъе сужда
гьабуразе ва гьелъул цIаралъул гIуж лъуравщинасеги я къад, я къаси
рахIат-хIалхьи букIине гьечIо».

12 Аллагьасул халкъалъул сабру букIине кколеблъи бичIчIулеб буго гьел
рагIабаздасан. Аллагьасул халкъ ккола гьесул амруялги тIуразарулел ва
ГIисаде иманги лъурал гIадамал.

13 Зодисан гьадин ахIулеб гьаракь рагIана дида: «Хъвай: гьардарал
гурелдай гьанжеялдаса хадур холеб мехалдаги ТIадегIанасде иман
лъурал гIадамал». ХIакълъунго гьедин бугилан абулеб буго Илагьияб
РухIалъ. Жидерго захIматаб хIалтIудаса хадуб гьезие хIалхьи букIина, –
жидеца гьарурал гьунаразухъ шапакъат щвезе бугелъулха гьезие.

14 Дун валагьана – гьале хъахIаб накIкIул парча. Гьеб накIкIул парчаялда
тIад гIодов чIарав релълъун вукIана ГIадамил Лъимада. Гьесул
бетIералда тIад букIана меседил таж, хъатикь букIана рекIараб нилъ.

15 Аллагьасул кIалгIаялъуса къватIиве лъугьун вачIана цоги малаик.
НакIкIул парчаялда тIад вугесде кутакаб гьаракьалдалъун ахIана гьес:
«Босун дурго нилъ хьвагIе, лъилъаризе заман щун бугин ракьалда».

16 НакIкIул парчаялда тIад гIодов чIарас ракьалда тIасан нилъ хьвагIана
ва ракьалда бугебщинаб лъилъана.

17 Зобалазда бугеб Аллагьасул кIалгIаялъуса къватIиве лъугьун вачIана
цоги малаик. Гьесда кодобги букIана рекIараб нилъ.

18 Къурбан хъолеб бакIалдасахун вачIана цIадул кверщел бугев цоги
малаик, ва доб рекIараб нилъ кодоб ккун бугесде кутакаб
гьаракьалдалъун ахIана гьес: «Босун дурго нилъ хьвагIе, ракьалда
рижарал цIолбол хьопал къотIе, гьезда цIибил барщун бугин».


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

19 Малаикас ракьалда тIасан нилъ хьвагIана, ракьалда бугеб цIибил
къотIана ва Аллагьасул ццидал кIудияб чаналъубе бана.

20 Гьеб цIибил мерхьана шагьаралдаса къватIибехун. Ва гьеб чаналъуса
къватIибе чвахун бачIараб бидул цIуна лъабнусго километралда тIолабго
сверухълъи, чу тIерхьунеб гIадаб хIор лъугьана гьениб.

**Загьир гьарурал 15**

1 Цинги дида зодиб бихьана цоги цIакъго кIудияб ва хIикматаб гIаламат
– ахирисеб анкьго балагьги босун вачIунев вукIана анкьго малаик. Гьел
ахирисел рукIана, щайгурелъул гьелдалъун лъугIулеб букIиндал
Аллагьасул ццин бахъин.

2 Дида бихьана жаниб цIа рекIараб цIорол ралъадалда релълъараб бакI.
Жанавар алдаса, гьелъул сураталдаса ва гьелъул цIар бихьизабулеб
тарихалдасаги бергьарал гIадамал, Аллагьасе рецц гьабулел арфабиги
кодор ккун, гьеб цIорол ралъдада аскIор чIун рукIана.

3 Гьез ахIулеб букIана Аллагьасул лагъ Мусал кечI ва КьагIрил кечI:
«ХIалкIолъи кIудияв БетIергьан Аллагь, гIажаибал ва чIахIиял руго дур
ишал! Халкъазулго парччахI, гьел дур нухал ритIухъалги руго, хIакъалги
руго!

4 Я, БетIергьан, дур цIаралъукьа щив хIинкъуларев? Ва гьелъие рецц
гьабуларевги щив вугев? Мун гIадин вацIцIадав цогиги гьечIо. Ва дур
судалъул хIукмаби загьирлъидал, киналго халкъал рачIун, гьабила дуе
сужда!”

5 Цинги дун валагьана, ва дир беразе зодиб загьирлъана Аллагьасул
кIалгIа, гьелъул нуцIа рагьун бугоан. Аллагь жанив вукIиналъул
гIаламатлъун кколеб чадирги букIана гьениб.

6 Анкьго балагьги босун, гьеб кIалгIаялъуса къватIиве лъугьун вачIана
анкьго малаик. Гьезда букIана бацIцIадаб ва кенчIолеб ретIел,
карандасан борчун букIана меседил рачел.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

7 Цинги доб ункъабго рухIчIаголъиялъул цоялъ анкьавго малаикасухъе
кьуна абадияв-даимав Аллагьасул ццидал цIураб анкьго меседил щурун.

8 Аллагьасул къудраталъулги хIалкIолъиялъулги кIкIуйдул цIуна гьеб
кIалгIа. Анкьго малаикасухъ бугеб анкьго балагь лъугIизегIан,
лъиданиги кIвечIо гьеб кIалгIаялъуве лъугьине.

**Загьир гьарурал 16**

1 Дида рагIана гьеб кIалгIаялъусан кутакаб гьаракьалдалъун гьев
анкьавго малаикасда абулеб: «Инеги ун, нужеца ракьалде чвалхе гьеб
анкьабго щуруналъуб бугеб Аллагьасул ццин».

2 Ва инеги ун тIоцевесев малаикас жиндирго щурун ракьалде чвалхана.
Жанаваралъул гIуж бугел ва гьелъул сураталъе сужда гьабурал
гIадамазул чурхдузда лъугьана цIакъ захIматал ва ракI гьанцIулел
ругънал.

3 КIиабилев малаикас жиндирго щурун ралъдалъе чвалхана: чIварав
чиясул гIадинаб биялде сверана ралъад, ва гьениб бугеб кинабго
рухIчIаголъи хвана.

4 Лъабабилев малаикас жиндирго щурун гIораздеги лъадал иццаздеги
чвалхана: гьелги биялде сверана.

5 Ва лъадал малаикас абулеб рагIана дида: «Гьаб дур суд ритIухъаб буго,
абадияв-даимав вацIцIадав Аллагь!

6 Вализабазулги аваргзабазулги би гIодобе тIуралъухъ, дуца гьезда би
гьекъезабуна. ЦIакъ битIун ккана гьезие гьеб!”

7 Къурбан хъолеб бакIалда аскIосан абулеб рагIана дида: «БитIараб буго!
ЦIакъго ритIухъабги хIакъабги хIукму къотIана дуца, хIалкIолев
БетIергьан Аллагь!”

8 Ункъабилев малаикас жиндирго щурун бакъуде чвалхана. Ва гIадамал
цIадуца рухIизаризе ихтияр кьуна бакъуе.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

9 ГІасияб бухІи-гьелегьиналъул гІазабалъукь рукІана гІадамал. Ва гьез нагІана кьолеб букІана киналго гьел балагьал жинда кодор ругев Аллагьасул цІаралъе. Амма тавбу гьабичІо гьез, ва Аллагьасе рецц гьабизеги кантІичІо.

10 Щуабилев малаикас жиндирго щурун чвалхана жанаваралъул тахиде. БецІлъукье ккана гьелъул парччахІлъи, ва унти-гІазабалъул хІал цІикІкІиналъ, жидерго мацІал хІанчІулел рукІана гІадамаз.

11 Гьел жидеда тІаде щварал гІазабазухъги ва жидеда ругел ругъназухъги зобалазул Аллагьасе нагІана кьолеб букІана гьез, амма жидер ишаздаса рекІекълъичІо, тавбуги гьабичІо.

12 Анлъабилев малаикас жиндирго щурун Пурат абураб кІудияб гІурулъе чвалхана, ва гьеб гІурул лъим бакъвана, бакъбаккул рахъалдасан парччахІзабазе нухги рагьана.

13 Ва дида бихьана къуркъбузда рельлъараб лъабго хъубаб жен аздагьоялъул кІалдисанги, жанаваралъул кІалдисанги ва гьересиаварагасул кІалдисанги къватІибе лъугьун бачІунеб.

14 Гьел руго квешал жундул; гьез гІаламатал рихьизарула. Ва гьел ана тІолабго дуниялалъул парччахІзабазухъе, ХІалкІолев Аллагьасул кІудияб къоялъ цолъун, дандельун, гьел рагъде рахъинаризе.

15 ТІадегІанас абулеб буго: «Гьале дун цІогьор гІадин вачІунев вуго. Гьардарав гуревдай тІад ретІелги ретІухъе ворчІуда чІарав чи: гьев толохІочго хьвадизе ккеларо ва гІадамаздаса намуслъичІого хутІила».

16 Гьел жундуз парччахІзабазул боял данде ракІарана жугьутІазул мацІалда Гьармагеддон абулеб бакІалде.

17 Анкьабилев малаикас жиндирго щуруналъуб букІараб жо гьаваялде чвалхана. Ва Аллагьасул кІалгІаялъуб бугеб тахида аскІосан кутакаб гьаракьалдалъун: «ТІубана!» – ян абулеб рагІана дида.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

18 Ва пири пирхана, гьаркьал рахъана, зоб гъугъадана, кутакалда ракь
багъарана; ракьалда гІадамал рижаралдаса нахъе жеги киданиги
букІинчІеб къагІидаялъ багъарана ракь.

19 КІудияб шагьар Вавилон лъабго бутІаялде бихъун ана, ва цогидал
халкъазул шагьарал щущан тІатІала ккана. Гьедин Аллагьасда ракІалде
щвана кІудияб Вавилон: гьес гьелъие гьекъезе кьуна жиндирго ццидал
цІураб щурун.

20 Ва киналго чІинкІиллъаби лъутун ана, ва мугІрулги ратичІо.

21 Зодисан гІадамазда тІаде бана щибалъул бакІлъи кІикъоялда анцІго
килограмм бугеб горо. Гьеб балагьалъул гІасилъи бихьун, гІадамаз
Аллагьасде гІайиб гьабулеб букІана.

**Загьир гьарурал 17**

1 Анкьго щурун кодоб бугев анкьго малаикасдасан цояс, дида аскІовеги
вачІун абуна: «Вилълъа, дица дуда бихьизабила чІахІиял гІоразда тІад
гІодой чІарай кІудияй хъахІбаялъе судалъ къотІараб хІукму.

2 Дуниялалъул парччахІзабигун лъугьун хъахІбалъи гьабулеб букІана
гьелъ, ва гьеб жиндирго хъахІбалъиялъул чогъроца ракьалда
ругелщинал мехтизаруна гьелъ».

3 Илагьияб РухІалъ асар гьабидал, дида дунго вихьана малаикас гІицІаб
авлахъалде щвезавурав гІадин. Гьений ятана бецІбагІараб жанаваралда
тІад рекІарай чІужугІадан. Аллагьасде гІасилъи загьир гьабулел цІаразул
цІун букІана гьеб жанавар; анкьго бетІерги букІана гьелъул, анцІго
лълъарги букІана.

4 Гьей чІужугІаданалъ ретІун букІана бецІхъахІилабги бецІбагІарабги
ретІел; меседалъ, жавгьар-якъуталъ ва къиматаб маргъалалъ къачІа-
кІатІан йикІана гьей. Гьелда кодоб букІана гьелъул хъахІбаял ишазулги
хъублъиялъулги цІураб меседил щурун.

5 Гьелъул надалда хъван букІана балъгояб цІар – КІудияб Вавилон
шагьар – хъахІбабазулги дуниялалъулго хъублъидулги эбел абун.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

6 ГІисаде иман лъуразул – гьесие нугІлъи гьабуразул – биялъ мехтун йихьана гьей гІадан дида, ва гьей йихьарайго дун кутакалда хІикмалъана.

7 Ва малаикас абуна: «Щай мун хІикмалъарав? Гьай гІаданалъулги ва гьай тІад рекІараб анкьго бетІерги анцІго лълъарги бугеб жанаваралъулги балъголъи рагьила дица дуе.

8 Дуда бихьараб жанавар цебе чІаго букІана, гьанже гьечІо. Нахъеги тІину гьечІеб кІкІалахъа къватІибе бачІина гьеб ва жиндирго хвалде данде ина. Дуниял бижараб мехалдаго жидер цІарал гІумруялъул тІехьалда хъван рукІинчІел гьаб ракьалда ругелщинал гІадамал хІикмалъила гьеб жанавар бихьун, цин гьеб чІаго букІиндал, цинги хведал, хадуб цІидасан чІаголъидал.

9 Гьеб бичІчІизе лъай-гІакълу хІажалъула. Анкьабго бетІер ккола гьей чІужугІадан тІад чІараб анкьго гохІ.

10 Гьединго анкьго парччахІги ккола – гьезул щугояв хвана, цояв чІаго вуго ва цояв жеги вачІинчІо; вачІараб мехалдаги гьев гІемер заманалъ хутІиларо.

11 Дов анкьавго парччахІасда гьоркьоса цояв вугониги, микьабилев парччахІ ккола гьев. Хвалде данде ина гьевги.

12 Дуда бихьараб анцІабго лълъарги ккола жеги парччахІлъи щвечІев, амма жанаваралда цадахъ цо сагІаталъул болжалалда парччахІлъи щвезе бугев анцІго парччахІ.

13 Гьезул букІина цого мурад-къасд, ва жидерго къуватги къудратги гьез жанаваралъе кьела.

14 КьагІрида данде рагъизе руго гьел, амма КьегІер гьездаса бергьина, гьеб КьегІер бугелъул тІадегІаназулги ТІадегІанаб ва парччахІзабазулги ПарччахІ. Гьелда цадахъ рукІина ахІун рачІаралги, тІаса рищаралги, рекІелъ божи бугелги».

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Гьев малаикас дида абуна: «ХъахIба тIад чIун дуда рихьарал гIорал
ккола халкъалги, руккелалги, миллаталги, мацIалги.

16 Дуда бихьараб жанаваралдаги анцIабго лълъаралдаги гьей хъахIба
цIакъ рихине йиго: гьез гьей тIутIун яла, тIад ретIел гьечIого гIицIго
хутIизайила, гьелъул гьан кванала ва цIадаеги рехун юхIила.

17 Жиндирго хIукму билълъанхъизабиялъе Аллагьас гьел гIадамазул
рекIелъе лъугьинабуна киналго цолъун мурад тIубазабизе нигат. Гьезги
жидерго кверщел гьеб жанаваралъухъе кьуна, – Аллагьасул рагIаби
тIуразегIан заманалда.

18 Дуда йихьарай чIужугIаданги ккола дуниялалъул парччахIзабазда тIад
кверщел жиндихъ бугеб кIудияб шагьар».

## Загьир гьарурал 18

1 Гьелдаса хадуб дида вихьана зодисан рещтIунев цоги малаик. Гьесие
кьун буго кIудияб ихтияр, ва гьесдасан бачIараб нуралъ гвангъун букIана
ракь.

2 Кутакаб гьаракьалдалъун гьес ахIана: «Щущан ана, Вавилон шагьар
щущан ана, шайтIаби чIараб бакIлъун, хъубабщинаб жен, хъубабщинаб
ва рокьукъабщинаб хIинчI бахчулеб бакIлъун лъугьана гьеб.

3 Вавилоналъ жиндирго гьалагаб хъахIбалъиялъул чагъир тIолалго
халкъазда гьекъезабидал, дуниялалъулго парччахIзабазгун цадахъ гьелъ
хъахIбалъи гьабидал ва дуниялалъулго базаргаби гьелъул
гьарзалъиялдасан бечелъидал ккана гьеб гьедин».

4 Дида рагIана зодисан цогидаб гьаракьалъ абулеб: «Я, дир халкъ,
гьелъул мунагьазулъ гIахьаллъунгутIизе ва гьелъие гьабизе бугеб
тамихIалдасаги хвасарлъизе, гьениса къватIибе лъугьа мун.

5 Гьелъул мунагьазул гьиразул гохI зодибе гIунтIун бугелъул, гьелъул
квешлъабиги Аллагьасда ракIалде щун ругелъул!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

6 Гьелъ нужехъе къурабги, гьелъухъего нахъе кьун, бецIе, гьелъ
гьабунщинабги кIиго бутIаялде бахинабун бецIе. Гьелъ чогърол цIун
къураб лълъар, кIицIулго цIезабун, кье гьелъие.

7 Гьелъ жиндиего гьабулеб букIараб рецц-бакъалдаги тIалаб гьабулеб
букIараб хIарамаб гьарзалъиялдаги бащадаб гIазаб-гIакъубаги
къварилъиги рещтIинабе гьелда тIаде. Жий парччахI йигин, жий
къоролайги гурин, жинца чIегIерги баларин гьелда ракIалде ккедал,

8 цо къоялъ гьелде рещтIина балагьги, къварилъиги, ракъиги; гьелъие
суд гьабулев БетIергьан Аллагь къудратав вугелъул, цIадулъ гъанкъила
гьей!

9 Гьелда рекIараб цIадул кIкIуй бихьидал гIодила ва инагьдила гьелда
цадахъ хъахIбалъиялдаги хIарамаб гьарзалъиялдаги рукIарал
дуниялалъул парччахIзаби.

10 Гьелде рещтIараб гIазаб-гIакъубаялдаса хIинкъун, рикIкIадаги чIун:
„Вай, вай, Вавилон – кIудияб шагьар, щулияб шагьар, цохIо сагIаталда
жаниб тIубана дуе къотIараб хIукму“, – ян абила гьез.

11 Жидер къайи гьанже лъицаниги бичун босулеб гьечIелъул,
дуниялалъул базаргабиги гьелъухъ магIу гьабун гIодулел руго.

12 „Бичун унеб гьечIо меседилги гIарцулги къайи, жавгьар-якъут,
къиматаб маргъал, тIеренаб ххам, бецIбагIараб ххам, чиллайдул ххам,
канчIбагIараб ххам, махIгьуинаб цIул, магьидул гьарурал батIи-батIиял
тIагIелал, къвакIараб къиматаб цIулалги, мазгарулги, маххулги ва
мармаралъулги гьабураб къайи,

13 гъаран, пучч-пилпил, кьеккен гьабулеб нах, мазь, чагъир, нах, хханжу,
ролъ, чIегIербоцIи, гIи-цIцIани, чуял, гьакал, лагъзал, ай ричулел
гIадамал.

14 Дуда кодоса ана дур рекIее рокьулел рукIарал пихъал, хараблъана
кинабго беричабщинабги гвангъарабщинабги, гьеб киданиги духъе нахъе
щвезе гьечIо“.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

15 Гьебгощинаб къайи бича-хисулел рукІарал ва гьелдалъун бечелъарал дол базаргаби, гьелде рещтІараб гІазаб-гІакъубаялдасаги хІинкъун, рикІкІадегІан чІун гІодила.

16 „Вай, вай, кІудияб шагьар, тІеренаб дарай ретІараб, бецІбагІараб ва канчІбагІараб ххам ретІараб, меседалъ, жавгьар-якъуталъ, къиматаб маргъалалъ къачІараб шагьар!

17 ЦохІо сагІаталда жаниб хараблъана дур гьеб кІудияб бечелъи“, – абун магІу гьабила гьез. Киналго гумузул бетІергьабиги, киналго гумузда рекІун рукІаралги, ралъдахъабиги ва киналго ралъдадасан бетІербахъаралги рикІкІада чІун рукІана.

18 Гьелда рекІараб цІадул кІкІуй бихьун: „Гьададинаб кІудияб шагьар киданиги кибниги букІанадай!“ – абун ахІдана гьел.

19 БотІроде рахъуги бан, гІодилаго магІу гьабуна гьез: „Вай, вай, кІудияб шагьар! Дур гьарзалъиялдасан бечелъана ралъдада ругел киналго гумузул бетІергьаби, ва цохІо сагІаталда жаниб хараблъана мун“.

20 Гьалдаса роха нуж, зобал; роха, мализаби, чапарзаби, аварагзаби, – гьелъ нужее гьабун букІараб гІадинаб хІукму гьабунин Аллагьас гьелъиеги».

21 Цо къуватав малаикас кодобе босана кІудияб гьобо гІадинаб гьецІо ва, хьуризабун ралъдалъе гьебги рехун, гьес абуна: «Гьадин хьуризабун рехила кІудияб шагьар Вавилон. Ва тІокІаб букІинаро гьеб.

22 Вай, Вавилон, тІокІаб рагІиларо дуда арфа хъвалезулги, кочІохъабазулги, щвантІих-лалу пулезулги, зурмихъабазулги макънал. Цониги махщел-гьунаралъул устарги вукІинаро тІокІав дур, дур гьабазул сасги рагІиларо тІокІаб.

23 Дур чирахъазул канлъул кунчІиги чІваларо тІокІаб, бахІарасулги бахІаралъулги накъитги рагІиларо тІокІаб. Дур базаргаби гьаб ракьалда тІад къадруял чагІи рукІиндал ва дур сихІру-хІиллаялъ тІолалго халкъалги къосинарун рукІиндал, ккела гьеб гьедин.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

24 Гьеб шагьаралда тIад батана аварагзабазулги, вализабазулги ва гьаб ракьалда чIваралщиназулги бидул хIакъ».

**Загьир гьарурал 19**

1 Гьелдаса хадуб кIудияб руккелалъул гIадинаб гьаракьалдалъун зодисан ахIулеб рагIана дида: «Гьаллелуя! Нижер Аллагьасухъ буго хвасарлъиги, цIар-реццги, къудратги,

2 гьесул хIукму ритIухъабги хIакъабги бугелъул. ХъахIбалъиялдалъун гьаб ракь хъублъизабурай хъахIбаялъе гьес судги гьабидал! Ва Аллагьасул лагъзадерил бидухъ гьелдаса къисасги босидал!”

3 Цоги нухалъ ахIулеб рагIана: «Гьаллелуя! Гьелъул кIкIуй абадул абадиялъго эхеде ине буго!» – ян.

4 Къоло ункъавго хIакимасги ункъабго рухIчIаголъиялъги кIалагъоркье речIчIун сужда гьабуна тахида тIад гIодов чIарав Аллагьасе. Гьез абуна: «Амин! Гьаллелуя!» – ян.

5 Тах бугеб рахъалдасан цо гьаракьалъ ахIулеб рагIана: «Гьесул киналго лагъзадерица, гьесукьа хIинкъулелщиназ – гIисиназги чIахIиязги – рецц гьабе нилъер Аллагьасе!» – ян.

6 КIудияб руккелалъул гIадинаб яги кутакаб чвахелоялъул гIадинаб гьаракьалдалъун ахIулеб рагIана дида: «Гьаллелуя! Нилъер къудратав БетIергьан Аллагь парччахI вугелъул!

7 Нилъ роха-хинлъун разиго рукIина ва гьесие рецц гьабила, КьагIрил бертадул къо тIаде щун бугелъул ва гьесул бахIарайги къачIа-кIатIан йигелъул!”

8 Гвангъараб ва бацIцIадаб тIеренаб дарайдул ретIел кьун буго гьелъие. (Гьеб дарай ккола Аллагьасул халкъалъул ритIухъал ишал.)

9 Довго малаикас дида абуна: «Хъвай: гьардарал гурелдай гьеб КьагIрил берталъе ахIарал гIадамал», – ан. Цоги гьес абуна: «Гьаб буго Аллагьасул хIакъаб рагIи!» – ян.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

10 Гьесул хIатIазда цеве кIалагъоркье речIчIун, гьесие сужда гьабизехъин букIана дица. Гьес дида абуна: «Гьеб бегьуларебха! ГIисае нугIлъи гьабулел дур вацазулги дурги гьалмагъ вуго дун. Аллагьасе гьабе дуца сужда. ГIисае нугIлъи гьабиги Аллагьасул рагIудасан бачIараб бугебха!”

11 Зоб рагьун бачIун бихьана дида. Гьале хъахIаб чу; гьелда рекIун вуго РитIухъавиланги ХIакъавиланги жинде абулев, битIараб хIукмуги къотIулев, рагъдаги бергьунев чи.

12 ЦIадул мацIал гIадинал руго гьесул берал, гьесул ботIрода гIемерал тажалги руго, жиндаго гьесда гурони, лъиданиги лъалареб цIарги хъван буго гьесул надалда.

13 Гьесда буго бидулъ ччураб ретIел; гьесда цIарги – Аллагьасул рагIи.

14 ХъахIал чуяздаги рекIун, малаикзабазул боял рачIунел руго гьесда хадур. Гьезда тIад буго чIухIараб ва бацIцIадаб хъахIаб ретIел.

15 Гьесул кIалдиса къватIибе бачIунеб рагIиги рельлъуна халкъаздаса бергьине хьвагIулеб рекIараб хвалченалда. Гьес гьел маххул тIилица рехъаде рачине руго. Къудратав Аллагьасул ццидалги жазаялъулги чаналъуб чагъир гьабизе цIибил мерхьина гьес.

16 Гьесул ратIлидаги хьолбодаги: «ПарччахIзабазулги ПарччахI, тIадегIаназулги ТIадегIанав», – абун цIар хъван буго.

17 Дида вихьана бакъуда тIад чIарав малаик. Зоб бакьулъан роржун унел киналго хIанчIазде гьес ахIана: «Аллагьасул кIудияб кванде рачIа киналго цадахъ:

18 парччахIзабазулги, рагъул церехъабазулги, къо-асс бугезулги, чуязулги, гьезда рекIаразулги, киналго уздензабазулги лагъзадерилги – гIисиназулги чIахIиязулги гьан кванaзе!» – ян.

19 Дида рихьана дандельун, чода рекIарасдаги гьесул боялдаги данде рагъизе къачIан, жанаварги, дуниялалъул парччахIзабиги, гьезул боялги.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

20 Жанавар асирлъун ккуна, гьелдаго цадахъ ккуна, гьеб жанавар бугеб бакIалда гIаламатал рихьизарун, жинца гIадамал къосинарурав гьересиаварагги. Гьес къосинарулаан жанаваралъул гIуж лъурал ва гьелъул сураталъе сужда гьабурал гIадамал. Жанаварги гьересиаварагги чIагого рехана цIадулги чIабтIилги хIоринире.

21 Цогидал чIвана чода рекIарасул кIалдисан бачIараб хвалчаца. Ва киналго хIанчIаз гIорцIизегIан кванана гьезул гьан.

**Загьир гьарурал 20**

1 Дида вихьана зодисан рещтIунев цо малаик; гьесухъ букIана тIину гьечIеб кIкIалахъе бугеб нуцIил кIулги кIудияб рахасги.

2 Илбислъунги шайтIанлъунги кколеб298 аздагьо – некIсияб борохь, – кквезеги ккун, рахсида бухьана гьес, азарго соналъ гьелдаса борчIилареб куцалъ.

3 Азарго соналъ халкъал къосинаричIого теледухъ, нуцIаги рахан, гьелда мугьруги чIван, кIкIалахъе рехана малаикас гьеб. Цинги гьеб дагьабго заманаялъ рахсидаса бичун биччазе буго.

4 Дида рихьана тахбакIал, гьезда тIад гIодор чIун рукIана суд гьабизе тарал гIадамал. ГIисал хIакъалъулъ хабар тIибитIизабунилан ва Аллагьасул рагIи тIубазабунилан бутIрул къотIаразул рухIалги рихьана. Рихьана жанаваралъе ва гьелъул сураталъе сужда гьабичIел, жидер надалда яги кверда гIуж лъечIел гIадамалги. Гьел чIаголъун рукIана, ва гьез ГIисада цадахъ азарго соналъ парччахIлъи гьабулеб букIана.

5 Гьедин чIаголъана тIоцере гIадамал. Цогидал хварал чагIи гьеб азарго сон инегIан чIаголъичIо.

6 Гьардарал гурелдай гьел тIоцере чIаголъаразда гьорлъе ккарал гIадамал. КIиабилеб хвел гьезда хъваларо. Ва гьел лъугьина Аллагьасулги МасихIилги кашишзабилъун, ва гьесда цадахъ азарго соналъ парччахIлъи гьабила гьез.

7 Азарго сон индал, илбис туснахъалъуса къватIибе биччала.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

8 Дуниялалъул ункъабго рахъалде ун, халкъал къосинарила гьелъ,
гІажуж-мажужалъул боял данде ракІарун, рагъде рахъинарила. Ралъдал
рагІалда салигІанги гІемер рукІина гьел.

9 ТІолабго ракь цІун букІана гьел бояз, ва гьез сверун ккуна иман
лъуразул ордуги Аллагьасе хирияб шагьарги. Амма зодисан цІа бачІун
рухІана гьел.

10 Гьел къосинаруraб илбис рехана цІадулги чІабтІилги хІоринибе. Гьеб
хІоринир абадул абадиялъго къасиги-къадги гІазаб-гІакъубаялда гьелда
цадахъ рукІина жанаварги гьересиаваргги.

11 Гьебмехалда дида бихьана цІакъго кІудияб хъахІаб тах, вихьана гьелда
гІодов чІаравги. Гьесдаса лъутун ана зобги ракьги, ва гьезие чІезе бакІ
батичІо.

12 Ва дида рихьана хварал чагІи – гІисиналги чІахІиялги – тахида цере
чІун. Рагьун лъун тІахьалги рукІана. Цоги тІехьги букІана рагьун –
гІумруялъул тІехь буго гьеб. Гьел тІахьазда хъварал ишазухъ балагьун
гьабулеб букІана хваразе суд.

13 Ралъдацаги кьуна жиндихъго рукІарал хварал чагІи. Хвалицаги
хваразул улкаялъги кьуна жидехъго рукІарал хварал чагІи. Ва гьезул
ишазухъ балагьун, щивав чиясе судги гьабуна.

14 Цинги хвелги хваразул улкаги цІадул хІоринибе рехана. Гьеб цІадул
хІор ккола кІиабилеб хвел.

15 ГІумруялъул тІехьалда цІар хъван батичІел чагІи цІадул хІоринире
рехана.

**Загьир гьарурал 21**

1 Цинги дида бихьана цІияб зобги цІияб ракьги. Цевехун букІараб зобги
ракьги тІагІун буго, ралъадги гьечІо гьанже.


© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

2 Гъединго дида бихьана мукъадасаб шагьар – зодисан Аллагьас рещтIинабулеб цIияб Иерусалим. БахIарасда аскIое уней бахIарай кинигин къачIан букIана гьеб.

3 Кутакаб гьаракьалдалъун тахидасан абулеб рагIана дида: «Гьале гIадамазулалда аскIоб бугеб Аллагьасул чадир. Гьенив гьезда цадахъ вукIине вуго Аллагь. Гьел лъугьине руго гьесул халкълъун, ва живго гьев Аллагьги гьезда аскIов вукIине вуго.

4 Аллагьас гьезул бадиса магIил щибаб горо бацIцIина, ва хвелги тIокIаб букIинаро. Цебехун букIарабщинаб лъугIун-тIагIун индал, тIокIаб букIинаро я гIоди, я унти».

5 Тахида гIодов чIарас абуна: «Гьале дица кинабго цIидасан бижизабулеб буго», – ян. Цоги гьес дида абуна: «Хъвай – хIакъал ва ритIухъал рагIаби руго гьел».

6 Гьес дида абуна: «ТIубана! Дун вуго Алипги Яги, Авалги Ахирги; къечарасе дица чIобого кьела маулхIаяталъул иццухъа лъим».

7 Бергьарасе гьеб кинабго насиблъила. Дун гьесул Аллагьлъун вукIина, гьевги дие васлъун вукIина.

8 Амма хIинкъаралги, божи-иманалдаса руссаралги, инжитлъи-хIакъирлъи гьабуралги, чIвадарухъабиги, хъахIбабиги, сихIручагIиги, гьересиаллагьзабазе гIибадат гьабуралги, киналго гьерсихъабиги унеб бакI буго цIадулги чIабтIилги хIор. Гьеб ккола кIиабилеб хвел.

9 Ахирисеб анкьго балагьалъул цIураб анкьго щурун кодобе кьурав анкьго малаикасул цояс, аскIовеги вачIун, дида абуна: «Вилълъа, дуда дица йихьизайила КьагIрил лъадилъун лъугьине йигей бахIарай».

10 Илагьияб РухIалъ асар гьабун дида цебе чIана гьадинаб сурат. Гьале цо борхатаб магIарде вачун, малаикас дида бихьизабуна мукъадасаб шагьар – зодисан Аллагьас рещтIинабулеб Иерусалим.

11 Аллагьасул нур чIун букIана гьелда тIад; жавгьар-якъут гIадин ва бацIцIадаб яшма гIадин кенчIелеб букIана гьеб.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

12 Шагьаралда сверухъ букIана кIудияб ва борхатаб къед. АнцIила кIиго кавуги букIана гьеб къадалъ. Ва гьел кавабазухъ чIун анцIила кIиго малаикги вукIана. Кавабазда хъван букIана Исраилил васаздасан лъугьараб анцIила кIиго наслуялъул цIар.

13 Бакъбаккудасахун букIана лъабго каву, севералъул рахъалдасан – лъабго, къирбалалдасахун – лъабго ва бакътIерхьул рахъалдасан лъабго каву букIана.

14 Къадал кьучI щулалъизе гьабун букIана анцIила кIиго сангар, гьездаги хъван букIана КьагIрил анцIила кIиго чапарасул цIар.

15 Диргун накъит гьабулев вукIарасухъ букIана гьеб шагьарги, гьелъул кавабиги, къадалги рорцине меседил тIил.

16 ГIеблъиги халалъиги бащадаб, ункъбокIонаб шагьар буго гьеб. Доб тIилалъ борциндал, гьеб шагьаралъул халалъиялда гьесда батана кIиазарго километр; халалъиги, гIеблъиги, борхалъиги цого букIана.

17 Къадал борхалъиялда батана нусиялда кIикъоялда ункъо натI. Гьедин гIадамазулго гIадаб роцадалъун борцана малаикасги гьеб.

18 Къед гьабун бугоан яшмаялъул, шагьар букIана бацIцIадаб меседил гьабураб ва цIергIанги бацIцIадаб.

19 Къадалъ бакI-бакIалда кьочIое лъун рукIана батIи-батIиял хириял ганчIал: тIоцебесеб кьочIое – яшма, кIиабилелъе – сапфир, лъабабилелъе – халцедон, ункъабилелъе – изумруд,

20 щуабилелъе – сардоникс, анлъабилелъе – сердолик, анкьабилелъе – хризолит, микьабилелъе – берилл, ичIабилелъе – топаз, анцIабилелъе – хризопрас, анцIила цоабилелъе – гиацинт ва анцIила кIиабилеб кьочIое лъун букIана аметист.

21 АнцIила кIиябго каву – анцIила кIиго къиматаб маргъал. Щибаб каву гьабун букIана цохIо маргъалалъул. Шагьаралъул аслияб къватI букIана цIорода гьорлъан кинигин гьоркьосан канлъи бихьулеб бацIцIадаб меседил.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

22 ГIибадат гьабизе гIадамал данделъулеб бакI цониги бихьичIо дида гьениб. Гьеб тIолабго шагьар бугелъулха Живго Къудратав БетIергьан Аллагьги КьегIерги чIараб мукъадасаб рукъ!

23 Гьеб шагьаралъе канлъи кьезе я бакъ, я моцI хIажалъулеб букIинчIо. Аллагьасул нуралъул букIиндалха гьениб канлъи! Гьелъул чирахъ ккола КьегIер.

24 Гьеб канлъухъе хьвадизе руго халкъал; дуниялалъул парччахIзабазги жидерго бечелъи кьезе буго гьеб шагьаралъе.

25 Къад-къад гьелъул каваби киданиги къаларо, сардалги гьенир рукIинего рукIунаро.

26 Халкъазги гьеб шагьаралъе кьела жидерго бечелъиги къиматабщинабги.

27 Хъублъи киданиги лъугьине гьечIо гьенибе. Инжитабщинабги гьересиябщинабги жинца гьабулев чиги гьеб шагьаралда жаниве лъугьинаро. Лъугьина КьагIрихъ бугеб гIумруялъул тIехьалда жидер цIар хъванщинал.

**Загьир гьарурал 22**

1 Гьес дида бихьизабуна маулхIаяталъул лъадал гIор. БацIцIадаб цIер гIадаб гьеб гIор чвахун бачIунеб букIана Аллагьасулги КьагIрилги тахида цебесан.

2 Шагьаралъул къватI кIиийиде бикьизабун чвахулеб букIана гьеб. ГIумруялъул гъотIол – анцIила кIиго нухалъ жинца пихъ кьолеб ва щибаб моцIалъ тIад пихъги бижулеб гъотIол гIаркьалаби гIунтIун ругоан гIурул кIиябго рагIалалде. Гьеб гъотIол тIамахги халкъазе дару буго.

3 Гьеб шагьаралда тIокIаб киданиги хIарамаб жо букIинаро. Гьениб букIина Аллагьасулги КьагIрилги тах, ва жиндирго лагъзадерица гьесие хъулухъги гьабила.

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

4 Гьезда гьесул гьумер бихьила, ва гьезул надалдаги лъугьина гьесул цIаралъул гIуж.

5 Сордо гьениб тIокIаб киданиги букIине гьечIо; БетIергьан Аллагьас жиндирго нуралдалъун кьела гьезие канлъи, ва абадул абадиялъго парччахIлъиги гьабила гьез.

6 Гьес дида абуна: «Гьал рагIаби ритIухъал ва хIакъал руго. Илагьияб РухI аварагзабазухъе рещтIинабулев БетIергьан Аллагьас чапар витIана кватIичIого ккезе бугебщинаб жиндирго лагъзадерида бихьизабизе».

7 «Гьале кватIичIого тIаде щвела!» – ян абуна МасихIица. Гьардарав гуревдай хадубккун лъугьине бугебилан гьаб тIехьалда хъварал рагIаби рехун течIев чи.

8 Дида – Иоаннида – бихьана ва рагIана гьеб кинабго. Гьеб бихьараб ва рагIараб мехалда дун кIалагъоркье ккана дида гьеб бихьизабурав малаикасул хIатIазда цеве. Дица гьесие сужда гьабизехъин букIана.

9 Гьес дида абуна: «Гьеб бегьуларебха! Дурги, дур вацал – аварагзабазулги, гьаб тIехьалъул рагIаби рехун течIелщиназулги гьалмагъ вуго дун. ЦохIо Аллагьасе гьабе сужда».

10 Цинги гьес абуна: «Болжал тIаде щолеб бугебин, воре, хадубккун лъугьине бугелъул хIакъалъулъ гьаб тIехьалда ругел рагIаби рахчун тоге.

11 Квешав цевего гIадин квешлъи гьабулев вукIаян абе, хъубавги хъублъи гьабулев вукIаян абе, ритIухъавги ритIухъабщинаб гьабулев вукIаян абе ва вацIцIадавги цевего гIадин бацIцIадабщинаб гьабулев вукIаян абе.

12 Гьале дун кватIичIого тIаде щвела. Дихъ буго щивасул ишазда рекъон кьезе шапакъат.

13 Дун вуго Алипги Яги, ТIоцевесевги ТIарамагъадисевги, Авалги Ахирги!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.
Institute for Bible Translation

14 Гьардарал гурелдай гIумруялъул гъотIодаса пихъ кваназейилан ва шагьаралда жанире кавудухъан лъугьинейилан ретIел чурун бацIцIад гьабурал гIадамал.

15 КъватIирехун руго гьабиги, сихIручагIиги, хъахIбабиги, чIвадарухъабиги, гьересиаллагьзабазе гIибадат гьабулелщиналги, гьереси бокьулелщиналги, гьересиябщинаб жидеца гьабулелги.

16 Дица – ГIисаца – дирго чапар витIана нужехъе, – гьалъул хIакъалъулъ жамагIатазда лъазабейилан. Дун вуго Давудил кьибилги ва гьесул кьолбол васги. Дун вуго гвангъараб рогьалил цIва».

17 Илагьияб РухIальги бахIаральги абула: «ВачIа!» – ян. ВачIайилан абизе биччанте гьеб рагIарасги. Гьекъезе бокьарав вачIайилан абе, ва бокьанщинас маулхIаяталъул лъим чIобого босейилан абе.

18 Хадубккун лъугьине бугелъул хIакъалъулъ гьаб тIехьалда ругел рагIабазухъ гIенеккун ругезда лъазабун толеб буго – гьел рагIабазда тIаде лъицаниги щибниги жубани, гьесда тIаде Аллагьасги журала гьаб тIехьалда рехсарал балагьалги гIазабалги.

19 Хадубккун лъугьине бугелъул хIакъалъулъ гьаб тIехьалда ругел рагIабазда тIаса лъицаниги щибниги босани, Аллагьас гьесда тIасаги босила гIумруялъул гъветIалдаги мукъадасаб шагьаралдаги гьесул букIараб бутIа, – гьаб тIехьалда жиндир хIакъалъулъ рехсон бугеб бутIа.

20 Гьел рагIаби ритIухъ гьарулев МасихIица абулеб буго: «БитIараб буго. Дун хехго вачIина!» – ян. Амин! ВачIа, ТIадегIанав ГIиса!

21 Нилъер ТIадегIанав ГIиса МасихIил баркат лъеги киназдаго! Амин!

Институт перевода Библии, Москва
© 2008, Institute for Bible Translation, Russia.

# Esclarecimento

Trata-se de iniciativa particular, com os seguintes objetivos: (i) colaborar para divulgação dos diversos textos bíblicos disponíveis, e, (ii) facilitar o acesso a esses textos, inclusive por meio de download.

Todo esforço em tornar a Palavra de Deus acessível a todos, em quaisquer localidades e falantes das mais diversas línguas, precisa ser um objetivo de todos os que são guiados pelo Espírito Santo. Ele inspirou o profeta Jeremias a dizer "não ensinará jamais cada um ao seu próximo, nem cada um ao seu irmão, dizendo: Conhece ao SENHOR, porque todos me conhecerão, desde o menor até ao maior deles, diz o SENHOR" (Jer. 31:34).

Jesus, também, falou assim: "e será pregado este evangelho do reino por todo o mundo, para testemunho a todas as nações" (Mat. 24:14).

Muitas organizações foram constituídas com o propósito de fazer a Bíblia disponível nas diversas línguas. Não é uma tarefa simples. Anos de trabalho, dedicação e entrega são necessários para esta tão extraordinária missão.

O texto deste trabalho está disponível na internet, em páginas eletrônicas de organizações que produzem ou divulgam bíblias, sem acréscimos de notas ou comentários. Assim, reconhecendo e respeitando os direitos que possuem sobre seus trabalhos, incumbe a todos os que amam a Palavra de Deus, o esforço em contribuir para amplificar sua divulgação.

Se possível, faça download do texto, para que sejamos, também, guardiões da Bíblia, e, com isso, preservando-a para as futuras gerações.

Divulga a Palavra de Deus, ela mostra o Caminho e permite a todos, que se conheça Sua vontade, em todos os lugares e épocas.

Marcel da Glória Pereira

2022, Vitória/ES - Brasil

Capa: Pôr do sol sobre o mar. Trata-se de imagem disponibilizada na internet, dentre as que não informam haver restrição ao uso.